82.3(5Ў-6Қ)
Қ-59

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨЗБЕКСТАН ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕР
ИЛИМИЙ-ИЗЕРТЛЕЎ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

***Көп томлық***

57–66-томлар

НӨКИС «ИЛИМ» 2013

www.ziyouz.com kutubxonasi

ББК 82.3 (5Ў-6К)
К 59

Қарақалпақ халқының оғада бай руўхый кәдириятларының ажыралмас бир бөлеги есапланған халық аўызеки дөретпелери, соның ишинде халық дәстанлары, мыңлаған жыллар даўамында әўладтан-әўладқа, атадан-балаға өтип, ең қәдирли халық ғәзийнеси сыпатында изин жоғалтпай киятырған, тәрбиялық әҳмийети күшли бийбаҳа мийрас болып есапланады. Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейин усы ата мийрасларымыз қайта тикленип, бүгинги күнимиз, ертеңимиз, келешегимиз ушын, мәмлекетимиздиң, жәмийетимиздиң қәлиплесиўи, беккемлениўи ҳәм раўажланыўы ушын хызмет ететуғын қүдиретли күшке айланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Ҳүкиметиниң қоллап-қуўатлаўы менен басланған «Қарақалпақ фольклоры»ның 100 томлығын баспадан шығарыў жумыслары азат, еркин Ўатанымыздың руўхый күш-қүдиретин буннан былай да арттырыў, ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған руўхый қәдириятларымызға жаңаша нәзер таслап, олардың мол мүмкинҒшиликлеринен халқымыздың келешеги ушын пайдаланыў, миллий сана-сезимлеримизди байытып, миллийлигимизди тереңирек аңлаў, инсанларды, биринши нәўбетте, жас әўладты туўылып-өскен Ўатанға, халыққа садықлық руўхында тәрбиялаў жолындағы жаңа қәдем болып есапланады.

Нәзериңизге усынылып атырған усы басылымға «Едиге» дәстаны (*Ерполат жыраў*), «Мәспатша» (*Төре жыраў*), «Мәспатша» (*Қыяс жыраў*), «Мәспатша» (*Әбдимурат жыраў*), «Ғәрип ашық» (*Қазы Мәўлик*), «Өтеш батыр» (*Балтабай Юлдашев*), «Маликайы Зуҳрия», «Қарабек» (*Қурбанбай Саманбаев*), «Бекимбет бақының баязы» (*Рәмберген Хожамбергенов*), «Гүл — Сәниўар» (*Айтбай Балтабаев*) дәстанлары киргизилген. Дәстанлар қолжазба нусқалар тийкарында қайта таярланды, бурын баспа жүзин көрген вариантларда қалдырылып кеткен, өзгертилген текстлер қайта тикленди ҳәм өзгериссиз жиберилди.

Бул дәстанлардан халқымыздың аўызеки дөретпелерин жаңа дәўир көзқарасынан үйрениўди мақсет еткен алым ҳәм изертлеўшилер, оқытыўшы ҳәм талабалар, руўхый-мәдений мийрасларымыз бенен қызығыўшы кең жәмәәтшилик ўәкиллери пайдаланыўы мүмкин.

Бас редактор:
*профессор Н. Қ. Аимбетов*

Жуўаплы редакторлар:
*филология илимлериниң кандидаты А. И. Альниязов*
*филология илимлериниң кандидаты Ж. Хошниязов*

Бул көптомлық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Илим ҳәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў Комитетиниң ФА-А3-Г004-санлы Инновациялық гранты жәрдеминде баспадан шығарылды.

К 59 **Қарақалпақ фольклоры.** Т. 57-66 / Бас редактор Н.Қ.Аимбетов; Жуўаплы редакторлар: А.И.Альниязов, Ж.Хошниязов; ӨзИА Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илимий-изертлеў институты.— Нөкис: «Илим».— 2013.— 462 б.

ББК 82.3 (5Ў-6К)

ISBN 978-9943-374-18-8
© «Илим», 2013

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

**Алғы сөз** ........ 4

**«Едиге»** (***Ерполат жыраў Рәмберди улы***) ........ 9

**«Мәспатша»** (***Төре жыраў Бегман улы***) ........ 53

**«Мәспатша»** (***Қыяс жыраў Қайратдинов***) ........ 71

**«Мәспатша»** (***Әбдимурат жыраў Арзымбет улы***) ........ 161

**«Ғәрип ашық»** (***Қазы Мәўлик***) ........ 185

**«Өтеш батыр»** (***Балтабай Юлдашев***) ........ 303

**«Маликайы Зуҳрия»** (***араб имласынан көширген А.Идрисов***) ........ 373

**«Қарабек»** (***Қурбанбай Саменбетов***) ........ 401

**«Бекимбет бақының баязы»** (***Рәмберген Хожамбергенов***) ........ 413

**«Гүл—Сәниўар»** (***Айтбай Балтабаев***) ........ 443

**Түсиниклер** ........ 455

www.ziyouz.com kutubxonasi

*«Ҳәр қандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын оның тарийхынан, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлеринен, турмыслық қәдириятларынан бөлек ҳалда көз алдымызға келтирип болмайды. Бул бағдарда, әлбетте, мәнаўий мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер ең әҳмийетли факторлардың бири болып хызмет етеди».*

**ИСЛАМ КАРИМОВ**

*Халқымыздың атадан балаға өтип киятырған руўхый мийрасларын қәстерлеў, оларды мәңгилестириў мәселелери бүгинги күнде бизиң ҳәрбиримиздиң миннетли ўазыйпаларымыздың бирине айланып атырғанлығы тосыннан емес. Себеби, узақ, машақатлы әсирлер даўамында қолымызға киргизген миллий ғәрезсизлигимизди беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын ата-бабаларымыздың тарийхый турмыс қәлпин, басып өткен жолларын, үрп-әдетлери менен дәстүрлерин, дүньяға көзқарасларын, өзара қарым-қатнасларын тереңнен үйрениў арқалы ғана биз өзимизге тән мүнәсип туўры жол таңлаў имканиятына ийе боламыз. Қала берсе, бул ҳасыл мийрасларды ҳәзирги ҳәм келешек әўладларға саўға етиў мақсетинде бизиң әждатларымыздың руўхый жетискенликлерин улығлаў, оларды дүйым журтқа жәриялы етиў жуўапкершилиги өз алдына исleниўи зәрүр болған талапларды келтирип шығарады.*

*Усындай ийгиликли нийетлеримизди әмелге асырыў барысында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Ҳүкиметиниң қоллап-қуўатлаўында ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Илим ҳәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў Комитетиниң инновациялық грантлары жәрдеминде, сондай-ақ, көптомлықты баспадан шығарыўға жәрдем етип атырған кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкемлер менен фермер хожалықлары басшыларының қалыс хызметлери нәтийжесинде қарақалпақ халық дәстанларының 56 томын шығарыўға ерисилди. Ҳәзирги сизиң дыққатыңызға усынылып отырған гезектеги халық дүрданалары усы қарақалпақ халық дәстанларының даўамы болып есапланады. Биз буннан кейин де дәстанларды жәриялаў жумысларын даўам ете бериўимиз мүмкин. ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында еле жәрияланбаған көп вариантлы дәстанлардың бирнеше нусқалары («Қоблан», «Едиге», «Ғәрип ашық» ҳәм т.б.) сақлаўлы. Оларды жәриялаў имканиятларымызды ўақытша шеклеп турыўға туўра келеди, себеби биз қолжазбалар фондынан орын алған аз вариантлы дәстанларды толық ҳалында оқыўшылар қәўимине усыныўды мақул көрдик.*

*Бул басылымның өзине тән өзгешеликлериниң бири, бизиң миллий руўхый дүньямызға сиңисип кеткен «Едиге», «Мәспатша» дәстанларының бирнеше вариантларын бирынша толық ҳалында жәриялаўды дыққат-итибарға алғанымызда болып табылады. Сондай-ақ, «Ғәрип ашық» дәстанының кең көлемли ҳәм көркем варианты белгили шайыр, қыссахан Қазы Мәўлик тәрепинен қайта исленген нусқасы менен жиберилип атыр. Бул дәстанлар жеке миллий сыпатларға бай болып, халқымыздың тарийхый турмысынан, күнделикли кеширмелеринен, үрп-әдет, салт-дәстүрлеринен көп ғана қунлы мағлыўматлар бере алады. Басылымнан орын алған басқа дәстанлар бурын жәрияланбаған жеке-сийрек ушырасатуғын аз вариантлы эпикалық дөретпелерден ибарат.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

***«Едиге» дəстанының Ерполат жыраў варианты*** *ең дəслепки баспа жүзин көрген муқаддес китапларымыздың бири. Оны белгили фольклоршы алым Қ.Айымбетов 1929 ҳəм 1934-жылы Ерполат жыраўдан еки мəртебе жазып алған. Кейин усы вариант Москвада (1937-ж.) «Көркем əдебият» баспасында китап етип шығарылды. Ҳəзир дəстанның қолжазба нусқасы (инвентарь №1084) ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақланбақта. Бул нусқа 1990-жылы Қ.Байниязовтың таярлаўында қайта жарық көрди. Дəстанның бул варианты халықлық сөйлемлерге жүдə бай. Əсиресе, нақыл-мақаллар, ушырма сөзлер дəстанның мазмунлық ҳəм көркемлик жақтан жетилисиўине тийкар болған. Жыраўдың ата мийрас руўхый мүлкимизге садықлығы айқын сезилип турады.*

***«Мəспатша» дəстанының Төре жыраў варианты*** *Қаллы Айымбетов тəрепинен 1934-жылы жазып алынған. Ҳəзир усы варианттың кирилл имласындағы нусқасы ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында (Р-82а, инв. №37406) сақланбақта. Бул вариант бурын жəрияланбаған, мазмунлық жақтан «Мəспатша» дəстанының басқа вариантларына оғада жақын. Бирақ, атқарылыў, ўақыяларды байланыстырыў, қаҳарманлар образларын дөретиў өзгешеликлеринде идеялық турақлылық сақланған ҳалында жыраўдың жеке дөретиўшилик шеберликлери көзге тасланады. Профессор Қ.Айымбетов Төре жыраўдан алған мағлыўматлар тийкарында «Мəспатша» дəстанының екинши бөлими бар екенлигине дыққат аўдарған еди. Бирақ, жыраў дəстанды толықтырыўға үлгере алмай қалған. Солай да болса, дəстанның бар нусқасының өзи де миллий руўхый түсиниклеримизди байытыўға хызмет ете алады.*

***«Мəспатша» дəстанының Əбдимурат жыраў варианты*** *ең қысқа вариантлардың бири. Көлеми қолжазбада 87 бет. ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақлаўлы бул нусқаны (Р-82б, инв. № 73) тахтакөпирли Əбдимурат жыраўдан С.Мəўленов ҳəм Ш.Хожаниязовлар 1938-жылы жазып алып, «Əдебий альманах» басылымының 1939-жылғы 1-2 санларында жəриялайды. Дəстан көркемлик жақтан бирқатар өзгешеликлерге ийе. Дəстанның улыўма мазмунына тəн болған гейпара сюжетлер менен эпизодлар қысқартылып қалдырылған. Бирақ, тийкарғы сюжетлик желис, ўақыялардың избе-излиги, қаҳарманлардың образларына, көркемлигине, идеясына байланыслы жетерли мағлыўматлар орын алған. Дəстанның көркемлиги менен ўақыялардың баянланыўында атқарыўшының дөретиўшилик өнерге жеке қатнасы айырымланып турады.*

***«Мəспатша» дəстанының Қыяс жыраў жырлаған нусқасын*** *1956-жылы фольклоршы А.Кəримов жазып алып, 1958-жылы жеке китап етип шығарған. Бул вариант 1982-жылы «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының 10-томында басылып шықты.*

*Изертлеўшилердиң тастыйықлаўынша, дəстанның дөрелиўи XVII-XVIII əсирлерге туўры келип, ондағы ўақыялар Бухара қарақалпақларының арасында болып өткен. Дəстанда Бухара сорамындағы Кенегес елинде туўылып өскен Мəспатша исмли жигиттиң түсинде көрген ашығына қолы жетиўи ушын оны излеп жолға шығыўы ҳəм усы сапар даўамындағы басынан кеширген ўақыялар сəўлеленеди. Ўақыялар органикалық байланыста баянланған болып, онда халықтың бай дəстүрлери менен турмыс жағдайлары көркем сүўретленип берилген. Дəстан мазмуны өз жүрек ҳəмирине бойсынған жас жигиттиң барлық тосқынлықларды жеңип, қыйыншылық пенен болса да арзыў-нийетине, мурат-мақсетине жетиўи менен жуўмақланады. Баспаға жиберилип отырған бул нусқа ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында (Р-82в, инв.№18547) сақланбақта.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

***«Маликайы Зухрия» дəстаны*** *қыссаханлық жолы менен атқарылып келген дөретпелер қатарына киреди. Бул дəстанның усы басылымға жиберилип атырған араб имласындағы нусқасы (Р-317, № 98352) бурын жəрияланбаған, авторы яки атқарыўшысы туўралы мағлыўматлар жоқ. Қолжазбаны араб имласынан кирилл имласына илимий хызметкер А.Р.Идрисов көширип, баспаға таярлады. Қолжазбалар фондында бул нусқадан тысқары 1961-жылы А. Балтабаевтан Камал Əбибуллаев тəрепинен жазып алынған нусқа (Р-317, №77464) сақланбақта. Мазмуны жағынан лирикалық (ашықлық) руўхтағы дəстанлар қатарынан орын алады. Ондағы ўақыялардың баянланыў усыллары китабый-жазба дəстанларға тəн болған қос ашық-машықтың бир-бирине болған туйғы-сезимлерин тəриплеўден ибарат. Дəстан сюжетлеринде аўызеки шығармаларды дөретиў усылларының үлгилери, миллий үрп-əдет ҳəм салт-дəстүрлеримиз туўралы мағлыўматлар жийи пайдаланылған.*

***«Қарабек» дəстаны*** *1960-жылы атқарыўшы Қурбанбай Саменбетовтан профессор Қабыл Мақсетов тəрепинен жазып алынған. Бул халықлық дөретпе ӨзР ИА ҚБ китапханасының қолжазбалар фондында сақланбақта (Р-468, №176411). Бурын баспада жəрияланбаған жеке вариантлы дəстанлардың бири. Онда ертеклик сюжетлер басым орын ийелейди. Қаҳарманлардың мурат-мақсетлерин əмелге асырыў жолындағы қыйыншылықларға төтепки бериўи ғайрытəбийий күшлердиң жəрдеми менен əмелге асатуғын ертек-дəстанлар қатарынан орын алады. Ўақыялардың қызықлы, ықшам халықлық сөйлеў тилиниң үлгилери шебер ҳəм орынлы пайдаланылған.*

***«Ғəрип ашық» дəстаны*** *Шығыс халықларына кең тарқалған лиро-эпикалық дəстан саналады. Дəстанның қарақалпақша бирнеше версиялары бар. Соның ишинде ең көлемлиси ҳəм қарақалпақ қыссаханлары тəрепинен көп атқарылған версиясы көрнекли шайыр, халық ағартыўшысы Қазы Мəўлик тəрепинен толықтырылған нусқа болып табылады. Бул версияның жүзеге келиўи жөнинде Қазы Мəўликтиң (Мəўдит Бекмуҳаммед улы) өзи баласы Абдулла менен сəўбетинде «...жас жигит ўақтым еди. Гүрленге дайыларыма қыдырып бардым. Ҳəзирги өзиң билетуғын бөлем Мəтяқыптың аўылында жасайтуғын дайыларымда бир қыз бар екен, өзи талыбы-илим ҳəм хошхат, меннен еки жас шамасында үлкен екен. Жүдə ақыллы, ийбели бул қыз көп китапларды жыйнаған. Маған бул мақул келип, бул китапларды оқып миназараларға машғул болып, шамасы бир ай ҳəмсəўбет болып елге қайтпақшы болдым. Бул қыздың маған жақсы мүнəсибетте болғаны соншелли, китапларынан керегинше алыўыма руқсат етти. Əсиресе, «Ғəрип ашық» дəстанынының бирнеше түрли нусқасын əнжам еткен екен. Мен сол нусқалардан бирнешеўин сорап алдым. Əне, енди Шымбайға келип, өзимниң оқып жүрген нусқамды да қосып, бир жылдан кем ўақыт ишинде əнжамлап, бир китап етип сарраслап жазып шығардым. Енди бул китап Шымбай халқына тарқап, кəтиплер қолдан-қолға көширип жазып, Хожелиге, Қоңыратқа шекем барып жетти. Мине, қолымыздағы «Ғəрип ашық» — усы» деп мағлыўмат береди. Əлбетте, «Ғəрип ашық» дəстаны Орта Азияға «халық китаплары» сыпатында да кең тарқалған дəстанлардың бири.*

*1985-жылы жарыққа шыққан «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығында дəстанның Ə.Шамуратов, Ҳ.Абутов, Ж.Бабаниязов, Н.Қошекенов, Ə.Тарийхов тəрепинен айтылған нусқалар пайдаланылған. Бирақ Қазы Мəўлик варианты ҳəзирге шекем жəрияланбаған нусқалардың бири екенлиги белгили. Дəстан китабый тилде дөретилген болып, қыссаханлар арасында көп атқарылған. Сонлықтан онда Орта Азияға тарқалған «түрки» деп аталған жазба əдебий тилдиң элементлери басым. Дəстанның Қазы*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Мәўлик атқарған ҳәм қайта ислеп шыққан версиясы шайырдың баласы Абдулла Ҳәбибуллаевтың қолында сақланып келген еди. «Ғәрип ашық» дәстанының бул варианты илимий жәмийетшиликке бурыннан белгили. Усы нусқа шайырдың ақлығы Пайзулла Ҳәбибуллаев тәрепинен Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң фундаментал китапханасының қолжазбалар фондына 2012-жылы тапсырылды (Инв.№182154) ҳәм туңғыш мәрте жәрияланбақта.*

***«Гүл — Сәниўар» дәстаны** халық арасына қолжазба түринде тарқалып, көбинесе қыссаханлар тәрепинен атқарылып келген дөретпелердиң бири. Дәстан рәўийлер (нәсиятлаўшылар) тәрепинен баянланған халық рәўиятлары тийкарында жүзеге келген. Изертлеўши Т.Айтановтың мағлыўматларына қарағанда, дәстанның дәслепки жазба вариантларының бири XVIII әсирде жасаған қарақалпақ шайыры Шайдайы қәлемине тийисли болған. Шайдайы нусқасы бақсылар ҳәм қыссаханлар атқарыўында ғалабаласып, халық арасына белгили дәрежеде тарқалған. Дәстанның қолжазба түриндеги түпнусқасы Ийшанқала уламаларын қуўдалаў дәўиринде жоқ етилген.*

*«Гүл — Сәниўар» дәстанының баспаға жиберилип отырған бул нусқасы К.Әбийбуллаев тәрепинен Айтбай Балтабай улынан жазып алынған ҳәм ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында (Р-16, инв.№172908) сақланып келмекте. Буннан тысқары, дәстанның М.Сейдаметовтан жазып алынған көлеми киши нусқасы да бар (Р-312, №99426). Дәстанның баянланыўстилинде китабый тил элементлери айқын байқалып турады. Бул оның жазба түрде дөретилгенлигине ҳәм оның тил-стилиниң сақланыўында қыссаханлардың үлеси үлкен болғанлығына дәлил болады. Дәстан ўақыялары Сәниўар ҳәм оның ғайбана сүйген қызы Гүл ортасындағы ашықлық мүнәсибетлерине қурылған.*

***«Бекимбет бақының баязы»** деп аталған шығарма халық арасына аўызеки атқарыўшылар арқалы тарқалып келген дөретпелерден. Оны қыссаханлардан тысқары, фольклорлық үлгилерди яд билиўши ҳәм ҳәзиржуўап сөз ийелери саналған жуўабыйлар, нақылшылар, тымсалшылар ҳәм ертекшилер атқарып келген. Бул шығарма халық поэзиясының дәстүрий үлгиси болғанлықтан «баяз» деп аталғаны менен де, дәстан жанрының талапларына да жуўап беретуғын дөретпелер қатарына киреди. Сонлықтан оны жазып алыўшылар шығарма атамасына «дәстан» сөзин де тиркеген. Айтыўшылардың мағлыўмат бериўи бойынша, дәстанның дәслепки шығарыўшысы (авторы) Бекимбет бақы исми менен белгили халық дилўарларының бири болған. Ол өзиниң өмир тәжирийбесинен түйген ҳәм өз басынан кеширген ўақыяларды, ендиги алдында боласы ислерди де алдын ала болжап, усы шығарманы дөреткен. Оны өз изине аманат етип жазып қалдырады. Бекимбет бақы дүньядан өткеннен кейин жүз берген ҳәдийселер ҳақыйқатында да оның ойлағанындай болып шығады ҳәм бул шығарманы халық арасынан шыққан ертекши-нақылшы ядый адамлар, қатықулақ инсанлар көпшиликтиң алдында жасларға нәсият сыпатында айтып берип жүреди. Бул дөретпениң ертек варианты да бар болып, ол 20 томлық «Қарақалпақ фольклоры»ның 1-томында жәрияланған.*

*Дәстанның бул вариантын халық мийрасларын жыйнаўшы Рәм шайыр (Рәҳимберген Хожамберген улы) Шоманайлы Ережеп ертекшил деген қатықулақ қарияның айтқанынан ядлап алып хатқа түсирген ҳәм ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар қорына тапсырған (Р-384, инв.№ 169635).*

***«Өтеш батыр» дәстаны** деп аталған шығарма XIX әсир соңы — XX әсир басында болып өткен ўақыялар ҳаққында дөретилген. Дәстан қаҳарманлары да ҳақыйқатында*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*тарийхта болған тулғалар. Дәстанның бас қаҳарманы Өтеш батырдың заманласлары оны тәриплеп, халық қорғаўшысының көзи тирисинде-ақ қаншама аңызлар, қосықлар шығарады. Сол дөретпелер аўыздан-аўызға көшип, журтшылық арасына кеңнен тарқалып кетеди. Халық ишинен шыққан шайыртәбият адамлар оны тағы да толықтырып жырлап, байытып барған, оны дәстан ҳалына жеткерген. Өтеш батыр ҳаққында жырлаўшылардың бири қарақалпақ халқына Балтақ шайыр исми менен белгили болған сөз шебери.*

*Балтақ шайыр (Балтабай Юлдашев) өзи балалығында еситкен Өтеш батыр туўралы тарийхый гүрриңлер менен қосықларды ядлап, оған өзиниң дөреткен Қанлыкөл аймағының өтмиши жөниндеги ҳәдийселерди де қосып, жаңа нусқаны жүзеге шығарады, оның тарқатыўшысы да өзи болады. ӨзР ИА ҚБ илимий хызметкерлериниң сораўы бойынша Балтақ шайыр өзи атқарған «Өтеш батыр» дәстанын 1985-жылы Илимий китапхананың қолжазбалар фондына тапсырған (Р-495, инв.№176438).*

*Дәстанлардың гезектеги томларын баспаға таярлаўда Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илимий-изертлеў институтының илимий хызметкерлери: филология илимлериниң кандидатлары А.Альниязов, Ж.Хошниязов, П.Нәжимов, Қ.Бекбергенов, илимий хызметкерлер: А.Идрисов, Т.Қанаатов, А.Қалендерова, компьютер операторлары Б.Сейтбекова, З.Аманбаевалар қатнасты.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

57 - ТОМ



# ЕДИГЕ

*Ерполат жырау Рәмберди улы*
*Жазып алған: Қ.Айымбетов*
*(1934-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## I Бөлим

Баба Түкли Әзийз «Қубыр» деген әўлийеде денесине түк шығып жүретуғын еди. Сонда бир булақ суў бар еди. Сол булаққа үш кептер жыл он еки айда бир келетуғын еди. Ол кептер емес еди, пери еди. Бир күни сол перилер кептер болып келип, суўға шомылып атырғанда Түкли Әзийз олардың кийимлерин урлап алды.

Перилер:

— Бизиң кийимлеримизди бер,—деди.

— Яқшы, берейин. Әгер екеўиңниң кептер липасынызды берсем, биреўиңизди берип кетесиз бе маған? — деди.

Олар:

— Мақул — деди.

Сөйтип биреўин ҳаяллыққа алды.

Пери айтып еди:

— Мениң саған қоятуғын төрт шәртим бар, мине сол шәртлерди орынласаң, мен — сеники. Әгер ол шәртлерди орынламасаң, мен саған жоқпан.

Биринши — жүргенде өкшеме қарама.

Екинши — суўға түскенде үстиме кирме.

Үшинши — қолтығыма қол салма.

Төртинши — жума күни басымды жуўаман, сонда үстиме кирме, — деп еди.

Аяғына қарап көрсе, өкшеси жоқ екен. Қолтығына қол салып көрсе, қанаты бар екен. Суўға түскенде қарап көрсе, қарынларын ақтарып жуўып отыр екен. Жума күни басын жуўғанына қарап көрсе, геллесин қопарып алып, шашын алтын тарақ пенен тарап отыр екен.

Пери:

— Сен маған жоқ, мен саған жоқ. Ишимде алты айлық балаң бар. Сол баланды пәлен күни, пәлен деген дарақтың түбинен таўып ал, — деп ушып кете берди.

Сол заманда Туман хожа дегенниң шорысы periниң бала туўып атырғанын көрди. Пери шорыны көрип, даракқа қонды. Пери көзден ғайып болды. Бала көрмеген шоры мумдай ерип, баланы көтерип қолына алды, шорының емшеги ийди. Баланың аўзына салып еди, бала үш мәртебе сорыды, өзиниң туўған анасын еме алмай қалды. Шоры баланы Туман хожаның ҳаялына әкелип берди. Туман хожа: «Қартайғанда туўған балам» деп, жалғаннан атын қойдыраман деп Тоқтамыс ханның алдына барды. Туман хожаның душпанлары: «Бала бизики» деп жалғаннан даў салды. Екеўи де ханға барып арыз етти. Патша балаға нәзер етип қарап еди, баланың үстинде periниң кийгизген көйлегин көрди. Патша баланы қолына алды.

— Адамыйзаттың кийими ийне менен, periниң кийими қыял менен тигиледи. Ҳәр ким баланың көйлегиндей көйлек тигип әкелсе, бала соныки, болмаса, ғайып бала хандики, — деп баланы Тоқтамыстың өзи алды. Баланың атын Едиге қойды. Сөйтип, Едигениң атасы Түкли Әзийз, енеси пери еди.

Едиге он төрт жасына келди. Едиге жылқы бағатуғын еди. Жылқының пири әўўел Жылқышы ата, оннан кейингиси Едиге еди. Шаншыўлатқан жылқыны Едигениң мазары қылып айналдырмақ соннан қалып еди.

Сол жылқы бағып жүргенде арыз қылған кисиге дурыс төрелигин бериўши еди. Тоқтамыстын ҳаялына: — Едигени өлтирип бер, — деди. Ҳаял өзи туўмағанлығын қылып: — Яқшы, — деди. Бир табаққа бал, бир табаққа суўсыз қатық уйытып қоятуғын еди. Едиге жылқыдан келгенде беретуғын тамағы сол еди.

Бир күни бир табаққа үш мысқал зәҳәр салды, сөйтип уйытты да қойды. Едиге табақта зәҳәрдин барын билди. Белинде алмастан суў берген жәўҳар пышақ бар еди, пышақты салып балды тилип еди, пышақ зәҳәрди тартып алды, пышақ пенен қарып-қарып жиберди де ишти.

— Екиленши бундай етпе!

Ашыған екен шелегиң,

Қансыған екен шапшағың,

Пысықлап, тазалап уйытып қой қатығынды қайтып келгенимше, — деп үйден шығып кете берди.

Оннан соң ҳаял жылай берди.

Патша оған:

— Неге жыладың? — деди.

— Бағанағы Едигениң айтып кеткенин аңладың ба?

— Едиге не деди?

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Оны билмедиң бе? Табактың ишине пышақты салып, төрт кесе қылып бөлди. Бул алты айлық журтыңды қымыздай писемен дегени. «Шапшақ» деп үлкен қызыңды айтты. Кишкене қызың Тыныкей екеўин де сақлай бер деди. Бунысы екеўин де ҳаяллыққа аламан дегени, — деди.

— Ырас па? — деди патша.

Патша бул сөзге инанды. Алпыс еки ҳәмелдарына:

— Мен Едигеден кештим, Едигени өлтириңлер! — деди.

Едиге алпыс еки ҳәмелдардың жаманлық еткенин билди. Ноғайдан қостар таппай, журттан шығып кетти.

Едил менен Жайықтан,
Сарымай, Елек бойынан,
Нураның қара қумынан,
Тоқтамыстай патшаның,
Пайтақ қураған жери еди,
Қостар таппай Ноғайдан,
Шығып кетти Едиге.

— Жаман ушын жақсыға қылыш урып, ноғайдың ҳақ қанын мойныма жүклемей-ақ, басымды алып кетейин, — деп журттан шығып кетеди.

Едигениң ҳаялы — хожаның қызы Қарақаш:

— Я өлтирип кет, я мени алып кет, — деп жылаўынан услап жибермеди.

Оннан соң Едиге ҳаялына қарап:

— Ҳә, алғаным, қағып төсек салғаным, алты айлық ҳәмиле бойында қалып баратыр. Сени не қылып өлтирип кетейин, дилбарым, ай жарылқап күн туўса, ҳеш кимге ойласып, кеңеспе, перзентимниң атын Нураддин қой, — деп жүрип кетти.

Барарына жери жоқ, батарына көли жоқ, тәңирге тәўекел етип, жөней берди Едиге. Өткеннен-кеткеннен, кәрўаннан еситиўи бар еди, Сәтемирдиң журты бар деп, сол Сәтемирдиң журтына кете берди.

Ақтөбе деген жерге келип, толы журтын қыя алмай, шығарында шықса да, журтынан шығып кете алмай, «Атаның баласы бар, ағаның иниси бар, изимнен киси жиберер» деп үмит етип, төбеде жата берди.

Күнлерден бир күн Кенжембай, сегиз атлы, өзи менен тоғыз болып, Едигениң жатқан жерине келди. Кенжембай әлинде сазы болмаса да, тилинде сөзи, жырлай берди:

— Ат береди хан атаң,
Тон береди хан атаң,
Ханның атын минсеңе!
Ханның тонын кийсеңе!
Қайт, Едиге, қайтсаңа!
Байтал бөлип алсаңа!
Байтал байлап саўсаңа!
Пайтақ бөлип алсаңа!
Алтын тахқа минсеңе!
Патшалық дәўран сүрсеңе!
Ақ төбеден сен түсип,
Атаңа қуллық етсеңе!
Қайт, Едиге, қайтсаңа!
Оған кеўлиң толмаса,
Ханның еки қызының,
Қәлегенин алсаңа!
Қайт, Едиге, қайтсаңа!

Оннан соң Едиге турып ҳәр түги тебендей шаншылып, мына гәпти айтқанда қап-қара болды жүзи, жер көрмеди көзи, қатты ашыўы келди:

— Кисиниң тоны киршилди,
Кисиниң аты тершилди,
Киршил кийим киймеймен,
Сендейин залым менен,
Шәҳәрге қайтып бармайман.
Ханның айтар сөзи емес,
Еситер мениң гәп емес.
Кенжембай!
Қамшы тийер мойныңа,
Қан сорғалар қойныңа,
Мен төбеден түскен соң,
Шыдамассаң ойыныма,
Аманатқа қыянат,
Етегөрме, Кенжембай!
Айтып бар буны ханыңа,
Алты айлық ҳәмиле қалды,
Мениң бары-жоғымды,
Билдирмесин жалғызға.
Қанатлыға қақтырмай,
Тумсықлыға соқтырмай,
Атам таза сақласын,
Айтып бар буны ханыңа.
Өзим келмей өле қойса жалғызым,
Өлтирермен орнына,
Айтып бар буны ханыңа.

Оннан соң Кенжембай Едигениң ашыўының қатты келгенин билди. Кенжембай қайтып кетти. Едиге бууыршын атқа қамшы басып, Ноғайдан шығып жүре берди.

Аттың жалы жатқанда,
Туяқлары қатқанда,
Атқа салған тиллалы ер,
Ат қапталға батқанда,
Ат жиберип көлатқа,
Шыдай алмай ғайратқа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш ай он күн жол жүрип,
Жетип келди Едиге,
Сәтемирдей даңқлы патша,
Сорап жатқан елатқа.
Сәтемирдей патшаның,
Бийиктен салған қаласы,
Булжарланып көринди.
«Танымаған жерде бой сыйлы»,
Таўшанның туўған төбеси,
Ысық көринер көзине,
Ҳәр ким елинен айрылса,
Қандай арыслан болса да,
Жеккелик келер өзине.
Барарына жери жоқ,
Батарына көли жоқ,
Көрмеген ел еди,
Жүрмеген жолдың бәлентин-пәсин,
Ойлы-шуқырын биле алмай,
Қайлардан қайда барарын,
Есебин арыслан таба алмай,
Әне, турып Едиге,
Ат басындай сом жүрек,
Қанаға сыймай туўлады.
— Бул кеткеннен кетейин,
Аллатаала жол берсе,
Әўлийелер қол берсе,
Сол қалаға барайын,
Аталық, найып, қусбеги, метер,
Барып буларды көрейин,
Булардың иси болмаса,
Буннан арман өтейин,
Сәтемирдей патшаның,
Нәзерине барайын,
Халымды, жағдайымды,
Ханға баян етейин, — деп,

әне, патша «Хош келдиң, сапа келдиң» деп хүрмет етсе, атын бағып, отын жағып, ханның хызметинде болайын, патша мақул көрмесе, енди қайлардан қайда кетейин, арба айдап, мәскепши болып суў тасып, аўқатымды етейин, — деп, Едиге қалаға қарай сүрип жүре берди.

Дәрўазаға келеди,
Дәрўазаны бағып турған,
Мүритейлер менен сөйлесип,
Рухсат алып қалаға,
Ат ойнатып келеди.
Едигени көрген адам,
Болсаң гөрге атадан деп,
Ҳәмме ҳайран қалады.
Аталық отыр бир жерде,
Найып отыр бир жерде,
Дийўан отыр бир жерде,
Жүзи төмен талайы,
Ашақ көринди талайы,
Өте берди Едиге.
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы кең сарай,
Жетип барды Едиге,
Сәтемирдей патшаның,
Есигиндеги мәхреми,
«Есикке мийман келди», деп,
Ханға хабар береди.
Минген аттың, кийген тонның,
Ғайрасын көрип,
Сәтемирдей патшаға,
Барып хабар береди:
— Ақша аты бар астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Қундызлы соппас басында,
Жолдасы жоқ қасында,
Әйне он төрт жасында,
Рустем киби айбатлы,
Сүймурықтай сымбатлы,
Арбадан кең көкиреги,
Арыстан жуўан билеги,
Тепсингенде ер қорққан,
Дәрья қатып муз болған,
Лалаўласқан қалмақтың,
Тоқсанға шыққан кемпири,
Қорққанынан қыз болғандай,
Айбатлы мийман келип тур.
Асынғаны ердики,
Жамылғаны ердики,
Бәриси ердиң жарағы,
Келле кесип, қан төккендей,
Бәриси ердиң жарағы.

«Есикке сондай бир мийман келди» дегенди еситип, патшасы жағасы алтын, жеңи зер қәсийетли тонды жамылып, орнынан турып, бул дабылға шыдамай, есике шығып қарады. Едигени көрип, Едигениң айбаты, саўлаты баяғы айтып келгеннен жети есе зыят көринди Сәтемир ханнның көзине.

Едиге патшаға сәлем берди. Патша сәлемин әлик алды. Едигениң қасына патша келгенин билмей—ақ қалды. Оннан соң патша Едигеден жол болсын сорап, не дейди екен, қәне:

— Ҳаўа жаўсын, айдын көллер ҳөл болсын,
Жылдан-жылға кем дәўлетиң мол болсын,
Астында әреби ат, үстинде тоның,
Ақша ат минген уғлым, саған жол болсын.

Он төртиннен шалқып туўған айынды,
Көрип қуўанаман сениң бойынды,
Астында әреби ат қустан қанатлы,
Уғлым, баян еткил шыққан елинди.

Ақша жүзиң запырандай сарғайып,
Мудам ат үстинде ҳаққа қол жайып,
Алдында басшың жоқ, кейнинде қосшың,
Қайсы журттан шықтың бунша муңайып?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашылғанда таза бағдың гүлисең,
Халық еткиўши бир алланың қулысаң,
Астында әреби ат, үстинде тоның,
Елатында қандай шаның улысаң?

Айып көрме, сөйлеп турған қызыл тил,
Гәҳи айтқыл, гәҳи айтпа, өзиң бил,
Сәтемир хан сөзди ада етти,
Мийман өзиң бил,

*— деп патша сөзди ада қылып, оннан соң Едиге елин, халқын Сәтемирге баян етип, бир-еки* аўыз орсақы айтып турған қусайды:

— Едил менен Жайықтан,
Бөктергили адырдан,
Бөгенекли шуңгилден,
*Нураның қара қумынан,*
Ноғайдың толы журтынан,
Киятырман мен шығып.

Айрылған көлден сонаман,
Гәх тутасып, гәх жанаман,
Алты айлық ағыр журттан,
Қостар таппай келемен.

Атың болса, бағаман,
Отың болса, жағаман,

Сизге хызмет етпеге,
Мен күнликши боламан.

*Сен сыйласаң бир киси,*
Сыйламасаң, хан ата,
Қәдиримди мениң ким биледи,
Биз бир келген келгинди,
Тентиреген күнликши.

Талаўда қалды дүнья-мал,
Тасаддық болсын шийрин жан,
Гәҳ жарылқа, гәҳ қарға,
Ендигисин өзиң бил,
Журт ийеси атажан.

Әне, оннан соң Сәтемир Едигеге қарап гәплейди:

— Ашылған бағда гүлиң,
Бағда шәмен бүлбилиң,
Ат сораспақ сүннет екен,
Атыңды айтсаң қәйтеди,
Узақтан келген қулыным?!

Оннан соң Едиге турып:

— Атым Едиге, — дейди.

Оннан соң патша айтады:

— Едигени ат қағып, шаршап келген қусайды, пинҳамы жайда он бес күн бақ, он алтыншы күни мениң бәргаҳыма алып кел, алып барып, ўәзирлериме тапсыр, — дейди.

Әне, он бес күн жатты, ат ырғаңлап, ер тырнаңлап, жол азабы шығып, ел-халқы, толы журты ядына түсип еди гүңиренип, Сәтемирден жасаўыл жетип келди:

— Хан шақыртты, жүресиз, — деди.

«Хан шақырады» дегенде Едиге, ҳақыйқаты алла, нәзери уллы патша айбатынан, саўлатынан сескенип, тура берди жайынан. Сәтемирдей патшаның шақырғанлығының себеби, «Едигени сынайын, батыр ма екен, қорақақ па екен, ақыллы ма екен, ақмақ па екен. Алтын таҳқа мин деп ишарат етип көрейин. Ҳәмиримди тәрк етпей, алтын таҳқа минсе, ҳәр ис келер қолынан» деп сынамаққа шақырып еди сарайға.

Едиге жетип келди патшаға, сәлем берип, қол қаўсырып, нәзеринде турды. Оннан соң патша турып:

— Елге келген мийманды сыйламақлық орын, себеп пенен келген екенсең-ди, Едигежан, алтын таҳқа мин, — деп инам етти Сәтемирдей уллы хан.

Минейин десе, алтын тах миясар емес өзине, минбейин десе, мажазый уллы патшаның ҳәмири тәрк болатуғын болды. Ханның ҳәмири тәрк болмасын деп, Сәтемирдиң тахтына минип, отыра берди сыпмыйып. Едиге таҳқа минген соң патшаның көңли жай болды. Оннан соң Едиге турып:

— Ата, сөзинде жоқты хата, ҳәмиринди тәрк етпей, тахтыңа миндим. Енди ҳәмириң питти. Тах өзиңе қутлы болсын, — деп Едиге тахтан түсти.

Сәтемир таҳқа минди. Таҳқа минген соң патша ғамгүн болды.

— Едигежан, айып көрме, бир кәлийма саған айтатуғын сөзим бар — деди.

— Сиз патша, биз пуқара. Патша пуқараға арыз етпек қатты әбести. Сиз төменге түсиң, биз таҳқа минейик. Сиз арызыңызды айтсаңыз, биз дәлил таўып берейик, — деди Едиге.

Мақул сөзге ким қарсы, Сәтемир хан тахтан түсти, Едиге таҳқа минди. Оннан соң Сәтемир арызын айтып толғай берди:

— Қақпақлы Хожа көлинде,
Шылпықтың қара таўында,
Атса, мылтық өтпеген,
Шапса, қылыш кеспеген,
Алланың дады жетпесе,
Бендениң оғы өтпеген,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир душпаным бар еди.
Қаратийин Әлип баба,
Шаўып кетти қаламды,
Алып кетти шырқыратып,
Қыз да болса, улдан зыят,
Көрер едим Ақбилек атлы баламды.
Алыста болса, сорарым,
Жақында болса, барарым,

Барсам-келсем, базарым,
Қаратийин қолында,
Жылап кетти нашарым.

Буўған белге кәмарым,
Яр болғай қәдир қудайым,
Сол дүньяның кейнинен,
Барамысаң, мийманым?

Оннан соң Едиге ханға қарап бир-еки аўыз гәплеп турған қусайды:

— Ҳә, ата!
Күнликшиниң күни питпей,
Көнегин қолдан берер ме?
Баяры хызмет буйырса,
Бармайман деп айтпаға,
Ерк өзинде болар ма?

Ийиргенде жатаман,
Айдағанда өремен,

Қайлардан қайда буйырсаң,
Бармайман, деп айтпаға,
Келиспейди жағдайым,
Тәўекелши боламан.

Әжелим жетсе, өлермен,
Несийбем болса, келермен,
Тәңиримниң не салғанын,
Маңлайымнан көрермен.

Едигениң сөзи астарлы еди, Сәтемир мына сөзди еситип, билсе де, билмеген қусап:

— Едигениң атын алып кел, — деди.

Ақша атын әкелип қолына берди. Ақша атын ертлеп, жаў-жарағын бөктерди, «бисмилла» деп Ақша аттың үстине минди. Сонда Сәтемир турып Едигеге қарап толғайды:

— Ҳә, Едигежан!
Көрмеген елиң,
Жүрмеген жолың еди,
Бәлент-пәсин билмессең.
Қаратийин Әлип бабаның,
Келген изин көрсетип,
Қайтқан изин көрсетип,
Сени жолға салайын,
Изиме ер, Едигежан,
Жол силтеўин берейин.

Едиге турып толғады:

— Ҳә, хан ата!
Сизге жолға салмақлық,
Жол салығын алмақлық,
Орын емес бизлерге.

Алты ай атым шабарман,
Кешеги кеткен қызыңды,
Бир қыядан болмаса,
Бир шәҳәрден табарман.

Аллатаала жол берсе,
Отыз еки күнде келермен,
Отыз еки күнде келмесем,
Дәў қолында өлгеним.

Ыразы бол, хан ата,
Он бес күн берген дузыңа,
Журт сеники, жол бизики.
Хош аллияр айтысып,
Атлана берди Едиге.

Шарайнасы жалтырап,
Туўы, қасы қалтырап,
Буўыршын атқа қамшылап,
Шыға берди қаладан.

Қайтадан шығып из кести,
Бир тулпардың изи бар,
Белбеўликтен қазылған,
Қалаға келген изи бар,
Қайтып кеткен изи жоқ.

Сол излерден айрылмай,
Басқа жолға қайрылмай,
Қуўғыншы болды соңынан.
Алдында бир бөлек таўға,
Едиге барып минеди.
Мингени — Төктиң таўы еди,
Төк таўына минген соң,
Бестөбениң таўлары,
Булжарланып көринди,
Төк таўынан түсип,
Бестөбеге жетип келди Едиге.
Бестөбеге келген соң,
Қырық артыўда қырық қыя қарады.
Қаратийин арысланның,
Бийиктен салған қаласы,
Булжарланып көринди.
Дәўди көрмей Едиге,
Қаласын көрип, кәўип етти.
Бир көзине қан алып,
Бир көзине жас алып,
Алты айлық иште қалған баласын

www.ziyouz.com kutubxonasi

Едиге жалғыз қайғырып:
— Алдымда аға, кейнимде ини жоқ еди,
Алты айлық иште қалған баланың,
Ол басынан сыйпар,
Менде қостар жоқ еди, — деп,
Жетип келди қалаға.

Баяғы қуўған из қаланы бир мәртебе айланды. Қалаға келип қарады, адам түўе нәрсе жоқ. Дәрўазасын тартып, сыртынан гилтин салып, қапыны босқа таслап, жайлаўға көшип кетипти. Он жети ханның келлесин, он жети ханның сүўретин дәрўазаға шекип, жабанға көшип кетипти.

Едиге буны көрип, қублаға қарай жүрди. Таслақтан бир танап жерге қурылған жүз де тоқсан баслы орданың көшип кеткен журтын көрди Едиге.

— Пай, заңғардың журты бунда, қай тәрепке көшти екен? — деп дөгерекке қарады. Бүлбиллер сайрап, қумырылар жуғырласып, әнжир, алмасы писип, торсылдап жерге түскен бир уллы бағды көрди.

«Шаят бағында ма екен?» деп, батыр хабар алайын деп бағқа келди. Бағды аралап киятыр еди, қолында кепше, пешин белине салып, кепшени қолына алып, қарыққа суў ашқан, бағқа тәрбия еткен бир ғарры бағманды көрди. Бағман сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Бағман турып Едигеден жол болсын сорап бир сөз деди:

— Ашық оты лалазар,
Бизге болдың дуўшакер,
Хабарласпай, гәплеспей,
Қайдан келдиң, сен жандар?

Өзиң жас бир баласаң,
Жаныңды отқа саласаң,
Жуўап алмай бул бағды,
Қайғысыз неге аралайсаң?

Қанатлы қус болмаса,
Төрт туяқлы хайўан,
Еки аяқлы инсан,
Кире алмастай бағ еди.

Оннан соң Едиге турып бағманға қарап толғады:

— Ғодалақ арба жүрместей,
Қорғаўлымеди елиңиз?
Телеген арба жүрместей,
Тергеўлимеди елиңиз?
Ғәрип-қәсер келместей,
Қайырсыз, қадағанбеди бағыңыз?
Мүлик кимдики, бағ кимдики?
Тил кимдики, дин кимдики?
Хабарыңды бер! — деди.
Мен аспаннан тилесем,
Жерден берди қудайым,
Жерден тилегенди көктен берди,
Абырайым жабылды,
Излеген дәўдиң дәреги,
Бул жерден маған табылды,
Қаласын көрдим анда,
Журтын көрдим жолда,
Бағы бунда, өзи қайда? — деп,
Сорады дәўдиң дәрегин.

Сонда бағман сөйледи:

— Атса, мылтық өтпеген,
Шапса, қылыш кеспеген,
Қаратийин арысланның,
Билмедиң бе хабарын?
Сол Қаратийин бағы еди,
Төрт аяқлы ҳайўан,
Еки аяқлы инсан,
Кире алмайтуғын,
Бир қадаған бағ еди.
Айтып аўзын жумғанша,
Ескен шамал тынғанша,

Бағман турып сөйледи:

— Мына дәўдиң қылўасы,
Тезек тонса, қонар еди қалаға,
Тоң ерисе, кетер еди,
Мал жайында далаға,
Бүгин үш күн болды көшип кетти,
Ағар суўдың бойына,
Өзи малдың жайына,
Излегениң дәў болса,
Сол жерден таўып аласаң.

Едиге буны еситип, қуўанып, силтеўин алып жөней берди. Бир майдан жол жүрди, алдына қарап еди, желегин жерге сүйреткен, бир танап жерге қурылған жүз де тоқсан баслы орданы — буны көрди Едиге. Сол орданың алдында, ағар суўдың бойында, топ-топ қулын байлап, бийе саўған қулларды көрди Едиге. Қаратийин Әлип үйине келгенин сол ўақытта биледи. Аттан жерге түсип, шийрин жаннан кешип, Ақша атын дараққа тартып байлады. Жаў-жарағын бөктериўге байлап, қылышын қолына алып, отаўға қарап жүрди. «Қаратийин арысланның қайсындай ер екенин барып өзим көрейин», деп пиядалап жүрди. Жаз айы, есикти ҳәм түрип қойған екен, үйге дуўры барып қарады.

Өзи жаман айбатлы,
Қайнатқан темир сыпатлы,
Аяқлары маладай,
Қулақлары қалқандай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоллары бар жабадай,
Иреңине қарасаң,
Дуўры келген бөледей,
Басы төрде жатыр,
Аяғы есикке жетип атыр,
Уллылығы соншелли.
Дәўди көрип сескенди,
Қорққанлығы соншелли,
Гелleme-гелле қайтқан қошқардай,
Турған жерде шегинди,
Сөйтип және ойланды:
— Узын жолдың ушы өлим,
Қысқашықлы қысқа өлим,
Айланыш емес, төте өлим,
Кеште емес, ерте өлим,
Ҳаўлықпа кеўлим, ҳаўлықпа,
Шоршынба шийрин жаным, — деп
Тәселле берди өзине.
— Буйрықсыз тикен кирмес,
Бийәжел адам өлмес,
Тутқалы емес қара жер,
Алладан ҳүким болмаса,
Бул қара жер қозғалмас,
Ҳаўлықпа кеўлим, шоршынба жаным.

Буны айтып, көкирегин басып,
Қәдем урып отаўға,
Жүре берди Едиге.
Үйге дүзиў барады,
Босағаға асылып,
Нәзер етип қарады,
Көк шымылдық ишинде,
Қызыл шымылдық сыртында,
Тилладан жамы қолында,

Қәтире жамға таслап, жылап отырған бир қызды көрди.

Әне, Едиге: — Мынаў жылап отырған Сәтемирдиң қызы екен. Мынаў жатқан Қаратийин Әлип баба екен, — деп қыял қылды.

Қаратийин Әлип баба орнынан ыңыранып турды, есикке қарап еди, турған баланы көрди.

— Нетип жүрген баласаң? — деди.

Сонда Едиге турып:

— Аға! Атсызға ат, тонсызға тон, нансызға нан берип атыр, деген менен атыңды бағып, отыңды жағып, саўмал ишип хызмет етип жүриўге келген күнликшимен, — деди.

— Күнликши болсаң, бүйерде нең бар, бийе саўып атырған құллардың қасына бар. Жылқы қайтарып келерсең, қулын байлап берерсең, көптиң биреўи, солардың бири болып, саўмал ишип жүре берерсең, — деди.

Едиге мына сөзди еситип:

— Әжеп болады, — деп өрре турды орнынан.

Жылқының пири әўўел Жылқышы ата, оннан соң Едиге еди. Шаншыўлатқан жылқыны Едигениң мазары қылып айландырыў соннан қалып еди.

Едиге ашыўланып, жайылып атқан жылқыға қыйқыў салса, семизи, шаққаны көлден шығып, шабысып келер еди, арығы, майыбы көлден шыға алмай, турған жерде шырқырап қан сийип қалар еди. Жылқыға қәҳәриниң өткирлиги соншелли, көл бойына барып еллисин, қырқын бир желиде, қырқы бир сабаны толтырғанша, бир өзи сабаны толтырды.

Едиге Қаратийин Әлип бабаның қасына барып:

— Бул бийе саўмақ, мал бақмақ бир әзиз адамның иси деп ойлайман. Маған бир уллы хызмет буйырсаңыз, мен оны орынласам, қалай болар екен? — деди.

— Ақбилек! Мына бала хызметке қайым бала екен, буны басқадай көрме, дарақтағы жақсы саўмалдан бер, — деди.

«Дарақтағы саўмал» дегени жети жылғы ашыған арақтың қоры еди. Адам ишпек түўе, ығынан жүрип өткенде тири кетери я өлип қалары гүман еди. Тилладан жамды алып, Едигени ертип, Ақбилек жайынан турып жүре берди. Едигениң қәдди-бойына қарап, өлимге миясар көрмеди. Кейнине қарап еди, Қаратийин Әлип бабаның Едигеден қәўип етип, төмен қарап отырғанын көрди. Жолдағы таза саўмалдан бир жам таза қымызды алды. Дарақтағы саўмал сықыллы қылып, Едигеге берди. Едиге ишип қанып, Қаратийинниң қасына келди.

— Иштиң бе, бала? — деди.

— Иштим, ата, — деди.

«Иштим» деген соң Қаратийинниң етине қалтыратпа тийди. Арыстан қылған оғын, тоғыннан қылған жайын шақыр-шуқыр көтерип, мәгер жансыз болмасын деп жуўырып төбеге минди. Дөгерекке қарады. Адам жоқ. Байтеректиң түбинде бир қыллы көт ябыны көрди. Едиге минген әреби ат ҳаслы ҳайўан демесең, ақылы адамнан зыят, тулпар бойын жасырып, ябы болып тур еди. Едиге минген Ақша атты, Едигениң сары жайын көрди. Әне, қолын былғап Едигени шақырып толғады:

— Узақтан келген күнликши,
Алып кел сары жайыңды.
Мына таўдың үстинде,
Оқ атысып көрейик,
Тамаша етип жүрейик.

Едиге сары жайын көтерип,
Қасына барды жуўырып.
— Ал, күнликши!
Ол көринген дарақтың,
Бирисин байлап ат! — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Едиге:
— Жасы уллысыз, сиз бурын атың, — деди.
— Әжеп болар, бала, — деди Қаратийин Әлип баба.
Қаратийин Әлип баба бирисин байлап атты, атқан топтай «гүрп» етти. Жақыннан кеткен оқ ийттей қаңғып шығып кетти, көринген дарақтың биреўин қопарып, ар жағына атқан оғы шаң берди.
— Әне, күнликши, сен биреўин ат, — деди.
Едиге жайды қолға алып, бийе саўым отырды, оғын гириске толтырып, өткенлерди яд етип, бул ҳәм жайды тартты. Атқан оғы үш жүз алпыс қусты үркитип, ол көринген дарақтың бирисин қопарып, дәўдиң оғы түскен жерге бунын да оғы шаң берди. Оқтың түскен жерине екеўи теңнен жуўырды, барып оқты көрди: дәўдиң атқан оғының қара тасқа кирип кеткен изи бар. Едиге атқан оқтың кирмей қалған еки ели ғана гези бар.
Қаратийин Әлип баба атқан оқтан қәўип етип, бир жерге барып отырды.
— Күнликши! Мына атқан оғыңнан қәдигим бар, қәўпим зор. Мениң енем пери еди, «мениң әжелим кимнен?» деп енемнен сорап едим, соннан соң енем толғады:

— Атса, мылтық өтпейди,
Шапса, қылыш кеспейди,
Әўладымда, туқымымда болмаса,
Әўладым ким? — деп сорадым.
— Едил менен Жайықта,
Қумкент деген қалада,
Қубыры деген жерде,
Мениң сиңлим бар еди.
Туўған оның баласын,
Едиге жалғыз дер еди,
Әжелиң соннан, — деп еди.
— Едигениң не нышаны бар? — деп сорадым.
— Үстиңе душпан келгенде,
Оқ атысып көр, — деди.
Я үш ели, я еки ели кем келсе,
Едиге бөлең сол, — деди.
Кем келгениниң себеби,
Едигени туўғанда,
Анасының сүтин еме алмай қалды,
Шорының сүтин емди,
Сол себепли жети есе зыят келди.
Ананың сүтин емгенде,
Сениң атқан оғыңнан,
Жети есе шандан зыят,
Кетер, — деп еди,
Айтқан сөзи келип тур,
Едигемедиң сен? — деди.

Едиге ойланды: — Суўға сүйенбе, душпанға исенбе деген, буған айтпайын атымды, буны алдайын, — деди.
— Ол айтқан Едигең мен емес, мен талапкер күнликшимен, — деди.
— Ҳә, күнликши! Сен өлген менен жер толмас, өлмеген менен көбеймессең, бул жерге көринбе, кет! — деди.
Едиге:
— Әжеп болар, — деп атының жанына келди.
Атына минип, сай-сай менен буққышлап қаша берди. Бир сайға барды. Атын байлады тасаға. Едиге буққышлап тура берди сол жерде.
Әлип баба бир төбеге минип қыйғырып еди, жерге шыққан шөплер, таў-таслар гүңиренип саза берди сестине. Ол жылқыманға, түйешиге берген хабары еди. «Үстимизге душпан келди, көшейик» деген хабары еди. Жылқысын, түйесин жыйып алып, үйин бузып, қалаға көшип жөней берди.
Едиге дәўдиң көшкен журтына барып, Ақбилекти жоқлап толғай берди. Толғап жүрип бир қағазды таўып алды. Хатты оқып, моллашылықтың шарапаты бул жерде тийди. Ақбилек хат таслап кеткен екен. «Сеннен Қаратийин Әлип баба қәўип етеди, сәрсемби күни меннен хабар ал», — деп жазған екен.
Соннан соң Едиге жайынан турып, көштиң кейнинен жөней берди. Баяғы кеткен таслаққа үйди тиккен екен. Таўдың жырасына атты байлап, пиядалап отаўға жақынлап барды. Ақбилек Едигениң келгенинен хабардар екен. Майданға шығып, шөпшек тере-тере Едигеге келди. Келип:
— Мен дәўди уйқылата алмадым ғой, оның илажы не болар? — деди.
Едиге:
— Ендиги қапашылығыңды қой, ойнап-күлип, дәўдиң қасына бар. «Егер үстиңе келип, ата қойғанда, оқ қайериңнен өтеди?» деп сора. Саған айтпас, айттырмай қойма, ояғына бир шық, буяғына бир шық, аяғын қыс, «сыпайыны яқшы, сартты пан-пан, кулды қыял өлтиреди» деген, соннан соң анығын айтар. Анығын айтарында айтып, соңынан пушайман жер, соннан соң уйқылар, оннан соң жатпаға қайым болар, — деди.
Ақбилек қайтып Қаратийинниң қасына келди.
— Сизге мылтық, оқ кәр етпейди. Мәселен, ата қойғанда қайериңнен өтеди? — деди.
Әлип бабаң жақсы жуўап бермеди, бул сөзди қоймады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ақбилек, сен сорап коймадың ғой, айтайын. Я колтықтан, я жүректен ата қойғанда масақсыз қамыс оқ тиймей өтип кетеди, — деди.

Айтарын айтып, айтқанына пушайман етип жата кетти Әлип баба.

Әлип баба жатқан соң аяғын қысып, арқасын басты. Соннан соң Әлип бабаң «Ақбилек маған кеўлин берген екен» деп, ғәплет басып уйқылады. Дәў уйқылағаннан соң жабықты түрип, орамал алып Едигени шақырды. Оннан соң Едиге жетип келди. Жабықты түрип қарады. Уйқылап атырған бөлесин көрди. Бөлесин өлтирейин деп еди, Едигениң көзи қыймады. Ханның қызы:

— Я қолтықтан, я жүректен байлап ат, — деп қоймады.

Оннан соң Едиге ақылына жуўырып, телпегине кеңесип:

— Едил қайда, ел қайда,
Елге жетер күн қайда,
Жалаң аяқ сорлыға,
Тикенексиз жол қайда.
Душпаны зор бендеге,
Бундай қайым қол қайда?!
— Тезирек байлап ат, — деди,
— Атпасаң, неге келдиң? — деп,
Сары жайын қолға алды.
Ақ баслы ердиң тусы деп,
Тап жүректиң үсти деп,
Байлап атты Едиге.
Жақыннан келген серпи оқ,
Ийттей қаңсып шығып кетти,
Жүрегин қырқып оқ өтти,
Астындағы қара тасқа,
Пәрлигинен ғарқ болды.

Қаратийин арыслан:
— Әдира қалғыр қаланың,
Бүргеси неге шағады? — деп,
Аўдарылып түседи.
Аўдарылған ўақтында,
Душпанның атқанын билди,
Жан айбаты, өрре жайынан турды,
Майданға шығайын десе,
Үйдиң аўзын таба алмай,
Көзи жерди көрмеди.
— Әдира қалғыр үйим, — деп,
Сөгилсин сениң жүйиң, — деп,
Меннен қалып не боласаң,
Отқа жанғыр мүлким, — деп,
Үйди аўдарып таслады.
Узақтан қолын сермеди,
Едиге минген Ақша аттың,
Қуйрығынан услады,
Едигени ҳайран етти,
Усларында усласа да,
Мәдары болмай жүриўге,
Қаратийин Әлип баба қулап,
Жатып атып Едигеге,
Қарап турып жылай берди:
— Ҳә, күнликши!
Мени билмей өлтирдиң,
Қостарсыз деп жүрмедиң,
Қостарым бар, күнликши!
Ол Ноғайдың журтында,
Едиге деген бөлем бар,
Едиге өлгенимди еситсе,
Ағызар көзден қаныңды,
Едиге алар жаныңды,
Туқымқурт қылып қырар сени,
Байтақ жатқан жериңди,
Мени билмей өлтирдиң,
Жаным көзиме көринди,
Енди демим бөлинди,
Мен әрмансыз болайын,
Едигемедиң сен? — деди,
Ырасыңнан кел, — деди.

— Едиге болса қәйтер едиң?,
Шын Едиге мен, — деди.

— Әгер болсаң Едиге,
Қолыңды маған бер, — деди.
Едигедей жалғыздың,
Оң қолынан бир сүйди,
Шеп қолынан бир сүйди,
Маңлайынан жуп сүйди:
— Ҳә, Едиге, Едиге!
Еңбекли жалғыз, ер егиз,
Егиз един озалда,
Жалғыз қалдың Едиге,
Сен Ноғайда, мен бунда,
Сәтемирдей гүлли қыя,
Қыйсық ханға барғанша,
Өзиме дуўры келгенде,
Тоқтамыстай патшадан,
Зорлық көрип келдим десең,
Әдира қалғыр жылқымда,
Неше тулпар атым бар,
Гүз атлансақ,
Барар едик бәҳәрге.
Тоқтамыстай ханыңның,
Немене журты бар еди?
Айрандай атлап,
Қымыздай писип,
Тоқтамысты өлтирип,
Сени тахқа миндирип,
Мурадыма жетер-ем.
Қырғыздың Ала таўын аралап,
Аўзы түкли орысқа,
Дин билмеген шуршытқа,
Қара басың хан қылып,
Қайтарман деп жүр едим.
Мақсетиме жетпедим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Еки аяқлыда бөле татыў,
Төрт аяқлыда бота татыў»,
Мен апаның баласы,
Сен синлиниң баласы,
Ана сүтин емгенде,
Болар едик мийирман,
Шорының сүтин емип,
Мийримсиз болдың, Едигежан!
Сен де туўдың периден,
Мен де туўдым периден,
Қарғысым қара тасқа өтеди,
Сени қарғап нетейин,
Қарғамай ақ кетейин,
Инанбасаң сөзиме,
Белги салып кетейин,
Сен балалы боларсаң,
Балаң менен мәлеллесип,
Оң көзиң шықсын, Едиге!

Әлип бабаны өлтирип, дәрўазасын қулатып, қаласына кирди. Он жети ханды битирип, он жети ханның ғәзийнесин он жети өжиреге салған екен, он жети өжирениң аўзын пәшеклеп, Едигениң атына жазып қойған екен. Едиге сол ўақытта не болғанын билмеди. Жер жарылмады, Едиге кирмеди. Ыразы еди Едиге, әгер усы ўақта өле қойса, дуўры әжел келмеди. Өлтиргенлигине өкиниш етип, жер баўыры суўық, жерди тырнап, баўырын берип жатты.

Ақбилек келип Едигеге нәсият етти:

— Нәмәрт болма, сынған сынып, күйген күйип, өткен иске өкинсең, орнына келмейди. Қазаға ыразы болып, бәлеге сабыр ет, бунша қайғыланба, себеп меннен, әжел алладан болған шығар, — деди.

Едиге мына сөзге көкирегин басып, Қаратийинниң жети атасынан бери жыйнаған дүньясын түйеге артып, шорысын, қулын шуўлатып, Әлип бабаны өлтирип, ызғытып айдап қайта берди Едиге.

Сәтемирге отыз еки күнге ўәде берип кетип еди, отыз бир күни болып, енди бир күни қалғанда Сәтемир Едигениң алдына шықты. Едиге Сәтемир ханға келип сәлем берди. Өлтирген нышанасын көрсетти. Сәтемир Едигеге малы-мүлкин, жалғыз қызын инам қылды.

Едиге Сәтемирдиң қызын алып, патшалық дәўран сүрип, сол қалада жата берди.

## II бөлим

Ендиги гәпти баяғы алты айлық иште қалған баладан еситиң.

Әне, Едигениң алғаны, қағып төсек салғаны, тоғыз ай, тоғыз күн қурсақ көтерип, ай жарылқап, күн туўды, ат басындай ул туўды. Баланың атын Нураддин қойып, Тоқтамыс ханды сынамақ ушын еки адамды «сүйинши тилең патшадан» деп буйырды.

— Әгер патша сүйинши берсе, усында бола берейик, әгер сүйинши бермеси, орданы бузып, жар басына барып, жарты ылашықты қурып, сонда бола берейик, — деди.

— Жылқың семиз болғанда, асыранды улыңыз, жылқың арық болғанда, сатып алған қулыңыз. Кешеги елиңнен шығып кеткен қулыңнан алты айлық ҳәмиле қалған екен. Келиниңиз ул туўды, ақлық емей немене, — деп буны ханға билдирди.

Тоқтамыстай патшаның жер көрмеди көзи, қап-қара болды йүзи. Қатыўланып:

— Ҳә, ноғайлым! Бир сапарға сизлерди не қылайын өлтирип. Екиленши Едиге деп тилиңе бассаң, қырқаман тилиңди. Хабардар бол, ноғайлы! — деп пашшабын шақырып алып:

— Булардың инамын бер, — деди.

Пашшаплар түсинип, сүйинши тилеп барғанларды далаға алып шығып:

— Бизден емес, патшадан ҳүким болды саған, — деп қулақ-мурнын кесип, өзлерине жегизди. Қулақ-мурнын кескен соң, бет-аўызы тап-тақыр болып, геллеси ойран, бояў тийген келсаптай болып, қызыл қанға боялып, сүйинши тилеп келип, қулақ-мурнынан айырылып, Қарашаштың қасына келди. Қарашаш буны көрип, патшаның мақул көрмегенин билип, Едигеден қалған отаўды бузып, апарып жардың басына тикти. Баланы сақлап отыра берди.

Бала бес жасқа келди. Бес жасына шыққанда ананы-мынаны көрди, тийгенге тийип, тиймегенге кесек атып, он жасар, он еки жасар балалар көшеге ойнап шықса, асығын басып алып, зорлық етеди. Нураддинди көргенде Ноғайлының баллары қырғый көрген шымшықтай хәр тәрепке қашады. Сол ўақытта баланың жүрегинде сөзи бар, айтайын десе, айбатлы, әдалатлы улығынан қорқады. Айтпағаншелли мына гәп жүрегине сыймады. Енесине билдирмей, ханның отырған жайына қарай бала жуўырып жөней берди. Қараны қара демейди, бегин көзге илмейди. Сол ўақытта жети жасына кирип еди. Өлимин шыбын шелли көрмейди. Гөне тонды жамылып, ҳеш кимнен айбынбай, ханның отырған жайына барып, артын босағаға қойып, аяғын ишке киргизип, бала ханға қарап ғамгүн болып жылай берди.

Патша:

— Жетим бәтше! Менде патшалық барлықта кимнен зорлық көрдиң? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта бала толғай берди:
— Қырымнан ләшкер атланса,
Султан дейди ағасы,
Сөйлейтуғын шешеннин,
Тилинде болар шекери,
Жүретуғын арысланның,
Сексен жигит нөкери,
Қырық ешек пенен бир ғашырға,
Жүк болыпты күнинде,
Бир ҳаялдың мәккары.
Қайың менен тал болар,
Өзенли суўдың жағасы,
Қар менен булақтан,
Еситиўим: Едил-Жайық сағасы,
Едилге салған Ноғайдың,
Қайыңнан соққан кемеси,
Кеме деген немеси,
Батырларға жарасар,
Ақ гиреўке жебеси,
Патшаларға жарасар,
Бийиктен салған қаласы.
Жесир қатын, жетим ул,
Арыз етип келсе сарайға,
Есиктеги ким еди,
Қолында айбалтасы,
Гәпин тыңлар ағасы?!
Бай баласы байға усар,
Байлаўлы турған тайға усар,
Бий баласы бийге усар,
Бийик-бийик таўға усар,
Хан баласы ханға усар,
Уяда суңқар палапан,
Тымсалы оған мегзер.
Қул баласы қулға усар,
Қулағы кесик ийтке усар,
Ағай менен Тағайға,
Патшалықтың ықтыяры қалған соң,
Жесир қатын, жетим ул,
Булардың күни неге усар?
Журтты бузды Ағайың,
Елди бузды Тағайың,
Буннан хабарың бар, я жоқ,
Журт ийеси патшайым!
Кимлердиң болса ағасы,
Жаў жағының панасы,
Уллы майрам жыйында,
Тели менен тентектен,
Пүтин болар жағасы.
Кимлердиң болса атасы,
Перзентли болған күнинде,
Жетеди көкке төбеси,
Қудирети жетсе той берип,
Жасы үлкенге перзентин,
Атын оның қойдырып,
Атасы жоқ, қостарсыз,
Аты халыққа бегисиз,
Мүсәпирмен, хан ата,
Сорама мениң дәртимди,
Кешеги кеткен атамның,
Миңгени киси аты екен,
Саўғаны киси бийеси,
Жеккени киси түйеси,
Алты айлық ағыр журтынан,
Қостар таппай атамның,
Кесилип кетти жүйеси.
Баланың айтқан сөзине,
Тамамы турған ҳүкимдардың,
Бәри көзге жас алды,

Едигеден қалған бала екенин патша сол ўақытта билди.

— Хә, жалғызым! Едигеден қалған жетимим, сеннен хабар алмағаным меники қүстанышылық болған екен ғой. Бабам Шыңғыстан қалған түп түмен менен қуйылған тилла ләген саған саўғат болсын. Мәҳшер кипараты бола кеткей маған, — деп тилла ләгенди балаға инам етти.

Бул керсенниң турарлық саўдасы бабасы Шыңғыстың сораған журтының үштен бириси еди. Бала ләгенди сүйреп, сарайдан шығып жөней берди. Енеси баласын излеп жүрип, алдынан шығып ләгенди сүйреп келатырған жетимегин көрди. Баланы көрип қуўанды, ләгенди көрип қуўанды, бул маңлайға сыяр мүлк емес ғой, буны урлап алған шығар, деп енеси қыял қылды.

— Жалғызым! Қайдан алдың буны? — деди.

— Патшадан саўғатқа алдым, — деди.

— Балам, сөзиңе инанбайман. Бундай затты бабасы Шыңғыс, атасы Тоқтаўыл, солар берген жоқ еди, — деди.

— Жоқ, ене, инана бер. Жетим ул, жесир қатынның жәбирин айттым. Ағай, Тағайдың Ноғайға еткен қысыўметин билдирдим. Атамның қашып кетип, өзимниң жетим қалғанымды айттым. «Хә, жалғызым! «Мәҳшер маған кипараты бола кеткей», деп өзи инам етти, — деди.

Оннан соң гәптиң ырасын билди. «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» деген нақыл бар деп, баланың дал мойнынан қушақлап, көзиниң жасын моншақлап:

— Айланайын андызым,
Аспанда гәўҳар жулдызым,
Жети жасар ўағында,
Хан атаңның алдында,
Дәлил айтып патшаға,
Ләгенди алған жалғызым,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шыңғыстың дүньясының келгенининң алды болғай, улым, — деп, ырым етип, жалаўлап апарып, үйиниң оң жағына қойды.

Изинен еки жасаўыл келди. Хан шақырды деген соң Нураддин жасаўылдың алдына түсип жүре берди. Патшаның қарғарын, жарылқарын билмей, жетимек қамыстай қалтырап Тоқтамыстың алдына барды. Патшаға сәлем берди. Қорқып барып еди, ханның ирeңи дүзиў. Бала ханға шағынып:

— Ата, мени неге шақырдың? —деп толғады:

— Жерди, көкти халық әйлеген илайым,
Зар жыласам, төгилгей ме гүнайым,
Жасаўылға мени бунша қуўдырып,
Не жазығым болды сизге, патшайым?

Қазан урып, қызыл гүлим солды ма,
Қурысын жеккелигим есим алды ма,
Жасаўылға мени бунша қуўдырып,
Мен жалғызға өлим лазым болды ма?

Оннан соң патша:

— Балам! Шақырғанымның себеби, Ағай, Тағайдың қуллығын қайдан билесең? Мен буннан бийхабар едим, — деди.

— Ағайдың қуллығын жаўызлығынан, отырыс-турысынан аңлайман, — деди Нураддин.

— Қәне, балам, маған қуллығын айтып бер, — деди Тоқтамыс хан.

Сонда Нураддин ханға толғай берди:

— Мийман келсе сарайға,
Ағай менен Тағайға,
Қой семизин сойың деп,
Буларға хызмет етиң деп,
Ағай менен Тағайдың,
Ойлағаны пикирлик,
Арық малдан сояды,
Бабамнан қалған дүнья-малды,

Өз мүлкиндей көреди.
Қызғанады Ағайың,
Бақыллық етер Тағайың,
Ҳаслы-затын бизге айттырып нетесиз,
Ағай менен Тағайдың,
Шақырып алып ата-енесин,
Сорап көриң, патшайым!

Сол ўақытта патша Ағай, Тағайды шақырып алып:

— Сизлердиң аталарыңыз ким? — деп сорады жети жасар баланың сөзине ерип.

— Бизди халыққа билдирме, бизди қараңғы жайға апарып, мойнымызға жип салып өлтириңиз. Биз соған ыразымыз, — деди олар.

Патша:

— Шыңғысытың әўлады қулдан ўәзир қойса, журты қарап болады, деген тарийхта бар еди. Сениң қул екениңнен мен бийхабар едим, — деди.

— Хызмет етип, хызметтиң арқасында әреби атқа миндирдиң, бунда әрман қалған жоқ, хасыл тоннан кийдирдиң, қул демедиң, ақ сүйектен арыў сайлап сүйдирдиң, бунда әрман қалған жоқ. «Қул жыйса, хожасына» деген, тақсыр. Малымыз ҳәм, жанымыз ҳәм сизики, — деди олар.

Патша:

— Бул заңғар бирден өлмесин, күнбе-күн өлсин. Ноғайға еткен қысыўметине пушайман етип, ядына түссин, ендиги өмири зинданның түбинде өтсин, — деп Ағай, Тағайды зинданға салдырды. Ақсүйектен ўәзир қойды. Бир қой айдаған жесир қатын мың қой айдап, ноғай абаданшылық болды.

* * *

Ағай төрт жыл зинданда жатты. Әне, лекин хан дийўаны Қосназарға астыртын хат жиберди. — Мениң патшадан гүлли гүнайымды тилеп, мениң зинданнан шығыўымның илажын көрсин, — деп. Ағай, Тағайдың гүнайын патшадан сорады.

— Алты айлық журтымның дийўаны едиң, сениң сөзиң сынғанша, душпанның мойны сынсын. Бүгиннин таңласы, таңланың қыямети бар. Ақыреттен қорыққаннан жесир қатын, жетим ул, ақсақ-майып, солардың Ағай, Тағайдан көрген қысыўмети бар, мәхшерда солардың жуўабын берсең, Ағай, Тағайдың гүнайын өтейин, — деди патша.

Дийўанбеги:

— Әжеп, тақсыр! — деп қуллық етти.

— Бирин еки, екисин үш қылып алсын. Сол мусылманлардың көрген жәбири мойныңа болсын. Ал есе, гүнайын кештим. Ағай, Тағайды зинданнан шығарып алып келиң, — деди патша.

Жүйрик атлы, өткир қылышлы баҳадыр жигитлер зинданның басына барып, Ағай, Тағайдан сүйинши тилеп, көп инамын алып, зинданнан шығарды, келип патшаға көринис берди. Баяғы

www.ziyouz.com kutubxonasi

орнында турды. Енеғар, зинданда жатып, гәпти дуўрылап атыр екен, бурынғы еткен иси абырайлы еди. Оннан бес бетер Ноғайға қысыўмет қылды.

Сол ўақытта Нураддин он төрт жасына шықты, нардай күшине кирди. «Мақтаған жеткерер, шаққан өлтирер» деген. Баланы Ағай, Тағай ханға жаманлап, патшаға қол қаўсырып арыз етти:

— Тақсыр, тири түлки байладыңыз, жыланның уллысы да шағады, кишиси де шағады. Атасы Едиге не қылып еди, баласы да соны қылады, қыз-жаўанға мейил етеди. «Тоқтамысты өлтирип, орнына патша болсам» деп намаздың кейнинен аллаға салаўат етип, перилерден тилейди. Бир күни болмаса, бир күни дуўасы мүстажап болса, атасы Едиге бир тәрептен келсе, Ноғайлыны астын-үстин етер ме деген қәўпим бар, — деди.

Патша бул сөзге инанды.

— Нураддинди өлтириң! — деп алпыс еки ҳәмелдарға гүлли ықтыярын берди. Ойланып-кеңесип Нураддинди шақыртып былай деди:

— Едиге улы Нураддин,
Алла берсин мурадың.
Узақ журтта хызмет бар,
Барарсыз ба, шырағым?

Жаз болса ҳәўжирер таўда булағым,
Сен өлсең, ким болар ҳалдан сорарым,
Узақ журтта хызмет болды сизлерге,
Бул хызметке барарсыз ба, шырағым?

Ашылғай да он гүлиңниң бир гүлиң,
Саған келген душпанға келгей шум өлим,
Хан атаңның мына сөзин,
Нешик көрдиң, қулыным?
Нураддин ханға арыз етти,
Айтып сөзин қарж етти:

— Атам менен бизлердиң,
Сизлерге тарыдай жоқ қатамыз,
Қул тилине инанбай,
Өз туўрыңыздан хызмет буйырсаң,
Оннан да ары кетеди,
Қостарсыз жылай қалған ботаңыз.
Бийтлер тояр қаным жоқ,
Аяйтуғын жаным жоқ,
Дүньясы қурысын, нетейин,
Мен ҳәм садағаң кетейин,
Қул тилине инанбай,
Бизге хызмет буйырсаң,
Жанған отқа айдасаң да,
Мен тәўекел етейин.

Мына сөзди еситип:

— Көрмеген бақсым жоқ еди,
Көрмеген жыршым жоқ еди,
Соппаслы Сыпыра жыраўды,
Тири деген хабар бар,
Жалғызым, соған барасаң.
Алып келсең жыраўды,
Соннан кеңес сорайман,
Буны қалай көресең? —
Деп буйырды Тоқтамыс.

Сол ўақлары Нураддин,
Жеккелигин аңламай,
Жалғызлықты қайғырмай,
Өлерин бала байқамай,
Ханға қарап толғады:

— Ата! Сөзинде жоқты қата,
Минериме атым жоқ,
Кийериме тоным жоқ,
Ат-тонымды саз қылсаң,
Тәўекелши боламан.
Әжелим жетсе өлермен,
Несийбем болса, келермен,
Не салғанын ығбалымнан көрермен.

Патша баланың сөзин еситип, қорғасын яңлы балқып, баланың гәпи жети жүйесинен өтип, алпыс еки ҳәмелдарын шақырып, оларға қарап толғай берди:

— Алты айлық ағыр журтты,
Бир қәлемнен өткерген,
Қосназардай дийўанды,
Заманласым, теңлесим,
Байназардай қусбегим,
Кенегесте Керим бий,
Оймаўытта Өмир бий,
Нураддиндей баланың,
Кийимлерин сиз бериң.
Журт ийеси Ағай бий,
Ел ағасы Тағай бий,
Нураддиндей жалғызым,
Қашса қутылып кеткендей,
Қуўғанда қуўып жеткендей,
Жылқыдан әреби сайлап сиз бериң,
Кешиктирмей айтқанымды тез бериң.

Хан дийўаны Қосназар,
Қынабы жоқ бир қылыш,
Шоқпары менен екеўин,
Алып келди енеғар.
Хан мәҳреми Байназар,
Ашамай ер, кендир айыл,
Жип қуйысқан алып келди геллеғар.
Кенегесте Керим бий,
Жағасы пүтин, нешше жылғы,
Ширик тоннан әкелди.
Журт ийеси Тағайы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп жылқыға барады,
Жылқыларын үркитип,
Кейнине назар салады,
*Мойны таяқтай,*
Қурсағы суўқабақтай,
Жаллары бар бир қушақ,
Аяқлары топышақ,
Жылқыларға ере алмай,
Баратырған ябыға,
Ноқтаны услап салады,
Бири айдап, бири жетелеп,
Патшаның нәзерине алып барады.

*Нураддин патшаға қарап толғанды:*

— Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Ғәрип анам бар еди,
Мен анамды көрейин,
Жаслықта емген сүтимди,
Ырзаласып келейин, — деп,
Ханнан жуўап сорады.

Патша айтты:

— Барыўыңнан келиўиң жылдам болсын, әгер кешиксең, кейниңнен жасаўыл барып, азап берип жүрмесин, көрмесин көзим, тез келегөр, перзентим, — деди.

Нураддин үйине барып анасын көрип, қушақласып, бала ғамгүн болды.

Енеси турып:

— Балам, ғамгүн болма, жалғызым! «Даўагериң қазы болса, дадыңды алла берсин» деген. Мажазий патша хызметке буйырса, жолың болсын, жалғызым, — деди.

Анасы менен хошласып, ханның тилла сарайына қайтып келди Нураддин. Баяғы алып келген жаў-жарағын, шоқпарын алып, қылышын қайтып берди. Тәўирин кийип, жаманын таслап, сары ала атын ҳәм ертлеп, бала үстине минип алды. Еки көзи аланлап, дөгерекке қарай берди.

Ағай, Тағайдың иши күйип, сырты мәккарлық етип жалғызға қарап толғай берди:

— Ҳә, Нураддин,
Алла берсин, мурадын,
Узақ журтқа баратырсаң,
Атың арық, өзиң жас,
Шығарып жолға саларға,
Хошласып енди қаларға,
Жоқты сенде қарындас,
Узақ журтқа барасаң,
Партал болса қәйтеди,
Азық алсаң нетеди?

Нураддин буны еситип,
Қатты ашыўы келеди,
Ағай менен Тағайға,
Жалғыз көзин алартып,
Турып сөйлей береди:

— Ат басындай сом жүрек,
Бизден сизге сөз керек,
Ишиң күлип, сыртың жылап,
Етпе маған мәккарлық,
Жибер атты тезирек.
Араларман қыядаш,
Ўақтың толса ағызарман,
Көзиңнен енди қанлы яш,
Күйип турған жанымды,
Сен де енди күйдирме,
Жибер атты қызылбаш.
Азығы бар ма бөриниң,
Парталы бар ма бөриниң,
«Бөри азығы — ер азығы,
Жолда болар», бәдирек.
Көп ишинде қул дедим,
Буннан артық сендей қулға,
Өлим деген не керек?
Ағай менен Тағайдың,
Баланың айтқан сөзине,
Қатты ашыўы келеди,
Хан тамғалы сары аланың,
Саўрысына бести-онды урады,

Әне, Нураддин шығынып жүре береди, атасының устазы еди. Кәтте ҳәзирет, уллы пир, Тоқтамыстай патшадан тилер ме екен гүнамды деп мешитине барады. Жалғыздың гүлли гүнайын сорамады устазы, қала берди, муңайып Нураддин шығып жөней берди қаладан.

Саўырға қамшы тийген соң,
Алып қашты ябысы,
Үш күн өтти арадан,
Төртиленши күн болғанда,
Бала атын таныды,
Нураддин минген сары ала ат,
Едиге минген ақша аттың,
Бел баласы дер еди,
Ҳаслы-затын сорасаң,
Енеси желден дөреген,
Суў тулпардан болған,
Жел бийеден туўған,
Бууыршын еди ақша ат,
Ақша аттың бел баласы,
Хан тамғалы тулпар еди сары ала ат.

Баланың жолы болды, тулпар екенлигин билди, сары ала атты қамшылып Соппаслы Сыпыра жыраўдың елатын қыдырып жүре берди. Бир тама жол жүрди, Нураддин шөлден болдырды, өткенлерге

www.ziyouz.com kutubxonasi

сыйынып, кəлийма қайтарып жатты.

Ағзында бар алласы,
Қойнында бар қураны,
Басында бар сəллеси,
Ийнинде бар меллеси,
Өзи ҳақтың бендеси,
Хабардар еди ҳалынан,
Түкли Əзийз ғарры бабасы,
— Қорқпа, балам, қорқпа, — деп,
Ассыз жерде ас болсын,
Суўсыз жерде суў болсын, — деп,
Бир мүтире суў берди,

— Бала, атың жуўырсын,
Излеген елиң табылсын,
Жолың болсын, жалғызым, — деп,
Пəтия берди бабасы.
— Басыңа күнлер туўғанда,
Душпанлар изден қуўғанда,
Шөлдеги көрген баба деп,
Сен шақырсаң, мен таярман,
Камалыңнан қолларман, — деп,
Ғайып болды бабасы.

Əне, ол заманда сөз бенен, бул заманда саз бенен жеткерейик бул сөзди.

Азғана емес бул гүррин,
Үш ай, он күн жол жүрди,
Көк орайлы көк теңизге ушырады,
Мына көлди жағалап,
Бүкеңлеп жортып барады,
Ғарры бабаға ушырады,
Баба менен сөйлесип:
— Тил кимдики, журт кимдики,
Хабарыңды бер, — деди.

Дуўасы мустажап,
Ғарры баба бар еди.
Қыймылдап атқан ҳалы бар,
Тек шықпаған жаны бар,
Ирениң сондай көрсең де,
Таңлайында бүлбилдей,
Сайрап атқан тили бар,
Көрмеген журты жоқ еди,
Бабаның жайын сорасаң.

Оннан соң баба сөйледи:
— Жасы жетип қарыған,
Үш жүз алпыс жасаған,
Саўсап қалған сүйеги,
Ол иззетлеп саклаған,
Ҳəзирети Қыдырды жети мəртебе көрген,

Нураддин буны еситип,
Жетип келди қурыўлы турған отаўға,
Қырық отаўдың оң жағында,
Аланыйы отаўды көрди,
Соппаслы Сыпыра жыраўдың,
Үйине келгенин сол ўақта билди.

Нураддин турып қыял қылды:

— Атымды байлап барып қолынан алсам, «хан шақыртып еди, жүресиз» десем, айтқан гəпим қулағына жақса, жақпаса, балаларын шақырып алып, мени өлтиртип көмер, алты айлық ағыр журттан сүйегимди излеп ким келер. Жасаўылдың қылўасын қылып барайын, зəңгиге ширенип, қамшыны таўлап, «хан шақыртып атыр» деп ат үстинен хабарласып көрейин, — деди Нураддин.

— Азған, алласына жазған!
Хан шақыртты, жүресең!
Шаўып өтти армаған,
Ҳеш бир хабар болмады,

Қайтаўылдан Нураддин:
— Тоқтамыстай хан атам
Келсин деди сизлерди,
Хан шақыртты сизлерди, — деп,

Жабықты түрип қарады.
Жети көрпе төсенип,
Жети көрпе жамылып,
Жатыр еди қарт бабаң,
Артқы етеги басылып,
Душпанның бақты кесилип,
Өрре турды шубатылып,
Керегеге асылып,
— Сабыр бар ма, балам? — деп.

— Сабырыңды, жəбириңди билмеймен. Тоқтамыс патша сизди келсин деп атыр, — деди.

Баба айтты:

— Балаларымды шақыртып алайын, ойласайын, кеңесейин, соған дейин сабыр ет, — деди.

— Əжеп болады, ата, — деди Нураддин.

Бабаң балаларын шақырды барлық даўысы менен. Балалары шоршып: — Бунша неге қатты шақырдың? — деп жуўырып қасына келди.

— Ҳə, баба, үш жүз алпысқа шыққанда бунша қатты бақырдың, алладан ҳəмир болды ма, малакул мабуд алпыс еки тамырдың бəнтине шеңгел салып, паныйдан көшер болдың ба, не ушын қатты бақырдың?

— Ҳə, балаларым! «Түйе қартайса, көшегине ереди» деген. Сизлерди ойласыққа шақырдым.

— Баба, не ойласық бар еди?

— Тоқтамыс патша бизди ойласыққа шақыртыпты. Соған апарғандай ҳалыңыз, жағдайыңыз бар

www.ziyouz.com kutubxonasi

ма, балаларым? — деди.

Балалары айтты:

— Еси кеткен екенсиз, алты айлық жолға жаның туўе, сүйегиң бара ма? Бизлердиң айтқанымызды қылсаң, сары ала атты уқсатып ғана соямыз, келген баланы терең қазып көмемиз. Етин жеген ғарға Едилге хабар бере ме, баба? — деди.

Әне, баба мына сөзге шоршынып, балаларына қарап толғанып турған қусайды:

— Сары ала аты астында,
Шоқпары бар дәстинде,
Ердиң сести сықыллы,
Былай шаўып өткенде,
Жәбирайылмекен деп едим.
Қайтып шаўып өткенде,
Әзирайыл малакул мабуд,
Алпыс еки тамырдың бәнтине,
Шеңгел салып...
Паныйдан да тил қатпаға,
Көштимбекен деп едим.
Жабықты түрип қарады,
Еки көздиң шуғласы,
Отлы гүрси үстинде,
Жандымекен деп едим.
Емес екен, бала екен,
Жанбайтуғын шала екен,
Тийегөрме балама,
Шаппай, сүрмей майырар,
Жез қанатты қайырар,
Айтқанымды етпесең,
Душпанлық етсең,

Ҳәммеңди меннен айырар.

Бабаның балалары қолына қанжарларын алып, Нураддинди өлтирмекке қаст етип жүре берди. Нураддин де атын тартып байлап, шоқпарды қолына алып, бабаның балаларына пиядалап келе берди. Анаўсын анда урды, мынаўсын мында урды, отызын да өлимши қылып қулатты, суўынланған пишендей бәрин бир жерге үйди.

— Таныйсыз ба дәкеңди, Тоқтамыстай хан атама апарасыз ба атаңды? — деп үстинде бала тепсинди.

Бабаның балалары:

— Қурысын, жанымыз аман қалса болар, оннан талақ етейик, — деп астында жатып шуўлады.

Нураддин бабаның балаларын босатты. Балалары атасының қасына қайтып келди.

— Баба! Сен хабардар екенсең, бизлер бийхабар екенбиз. Я арбада, я атта, кебежеде отыра алмайсыз. Сизди қалай апарар екенбиз? —деди.

Баба:

— Дәрриў бир шана соқтырың, — деди.

Уллы шана соқтырып, жети көрпе төсенди, жети көрпе жамылып, қәсийетли жай бултты теңиздиң жағасына барып ушырып еди, күн суўытып, ағып атқан қара суў муз болды. Жигирмасы шана тартып, он баласы орнында қалды.

Баба Нураддинге айтты:

— Алты ай ўәде болсын, алты ай деген күни Тоқтамыстың дәргасында көр, — деди.

— Әжеп баба, әгер алты айда бармасаң, ететуғын исим баска, — деди.

— Әгер алты айда бармасам, ҳәр не қолыңнан келгенин қыл, — деди.

Сөйтип Нураддин жөней берди. Бабаның балаларынан көп саўғат алды. Кийимин, ат-жарағын, ат қурбышын сазлап байбәтше янлы болды. Әне, ғарры суўдан кетти, Нураддин қырдан елине қайта берди.

Ат жиберип көлатқа,
Шыдамай бала ғайратқа,
Үш ай, он күн жол жүрди,
Жетип келди қуптан ўақта,
Енеси ғәрийп жылап қалған елатқа.
Ақ үйине келеди,
Нураддинниң анасы,
Ғәрийп болған кәбасы,
Шашын жайып, бетин жыртып,
Нураддинди жоқлап,
Отыр еди енеси.
— Едилдиң қара суўлары,
Толықсырмекен тымықта,
Кешеги кеткен жалғызым,
Отырмысаң ана, — деп,
Айланармекен жуўықта.
Едилдиң қара суўына,
Көпир салмай, сай болмас,
Жалғызым келмей алдыма,
Мына кеўним жай болмас.
Жылқышы қустың баласы,
Жылғада болар уясы,
Жылға түбин суў алса,
Жылап шығар енеси.
Бир әрманым жалғаншыда,
Барсакелмес журтына,
Сазыўар болды-аў баласы,—деп,
Сәҳәр ўақта жылай берди анасы.

Мына сөзди еситип,
Ат үстинде толғай берди Нураддин:

— Бир кемликте бир кәмал,
Барды, ана, жылама!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир зауалға бир кәмал,
Болар, ана, жылама!
Кәмалы болғай кемликтиң,
Жалғызың аман келип тур,
Минген атым жуўырды,
Жер танабын қуўырды,

Абырайым жабылып,
Излеген йерим табылды,
Бала жолда өлсин деп,
Ат жарамай қалсын деп,
Етип еди жаманлық,
Тулпар екен сары ала ат.

Атты анасына берип, барғаны хаққында билдирмекке Нураддин көшени аралап кете берди.

— Агасын қуўдық, баласын Барсакелмеске буйырдық, — деп алпыс еки ҳәмелдар шарап ишип, мәс болып отырғанның үстине жетип барды Нураддин.

Хан диййўаны Қосназар:

— Ҳә, бала! Барып келдиң бе, бармай келдиң бе? — деди.

— Барып келдим, — деди.

— Қәне, барып келген болсаң, алып келген жыраўың қәне? — деди.

— Сексен күн дегенде көресең, — деди.

— Мәселемки, оған келмесе, қәйтер екенсең? — деди.

— Оған келмесе, қандай қысыўметте өлтирсе де ырзаман, — деди.

Оннан соң Тоқтамыс турып сөйледи:

— Бәс, ҳарам, Нураддин менен бәслестиңиз. Баламның ўәдели күни ол жетип келсе, сиз қәйтер екенсиз? — деди.

— Ўай, тақсыр, бизлерде қандай гәп болсын. Сол жыраў не десе, биз де соған қайыл, — деди.

Гәп сол жерде кесилди-қалды.

* * *

Әне, арадан ай өтти, күн өтти, айтқан күни де жақынлап қалды. Ертең өлтиремиз деген күни Тоқтамыс хан сәҳәр ўақытта майданға шықса, Едилдиң еки бойында есепсиз киятқан ләшкерди көрди. Байназар жыйыннан хабар алып, Соппаслы Сыпыра жыраўдың киятырғанын көрди, патшаға хабар берди. Тоқтамыс хан турып айтады:

— Бабамды көрген, атамды көрген ғарры еди. Отырысыма, турысыма тәнҳа етип күлмесин, жайды сыпырып, ҳасыл төсектен төсен, бабаң Шыңғыстың дәскесин тутып отырың—деди.

Шал ҳәўиз бойына қайықлы келди. Бабаны көрип, алтын тахтың оң жағынан жай берди. Ақшам таң атты, тилладан кәтти арызханаға қурды. Бабаны кәтке миндирди.

— Ҳә, баба! Сени алты айшылық жолдан шақыртып алдым, меники көп күстанышылық болған екен. Баба, енди қолыңа сазыңды алсаң, бес-алты аўыз гәплеп берсең, нәсият-гүрриңлерден айтсаң, — деди.

— Балам, белде мәдет, тилде қуўат жоқ. Үш жүз алпысқа шықтым. Бабаңда не гәп, не сөз болсын, бабаңның сөйлейтуғын қуўаты жоқ, — деди.

Оннан соң Тоқтамыс:

— Көрмесем де, бул бабаны дүньяпараз дейтуғын еди. Тиллаханадан тилла алып келип қойың, қызылдың мәслиги менен сөйлер, — деди.

Кенжембай ғәзийнеханаға барып, астына пул, үстине қызыл себелеп, бабаның алдына қойды.

Әне, баба қолына тилла сазын алып, тилине шийрин сөз алып, көргенин айтып, ханға қарап толғай берди:

— Тоқтамыстай хан балам,
Қайсы бирин айтайын,
Көргенимди тыңласаң,
Саған баян етейин.
Ҳә, атаңа нәлет Кенжембай!
Атаң қара киси еди,
Нан бергеннин қулы еди,
Енең жаман шоры еди,
Ас бергенниң күңи еди,
Шыңғыстан қалған ғәзийнеге,
Сен иркилмей барғандай,
Ата-бабаң ким еди?

Бай баласы байға усар,
Байламаған тайға усар,
Бий баласы бийге усар,
Бийик-бийик таўға усар,
Қул баласы қулға усар,
Ойлағаны пикирлик,
Қулағы кесик ийтке усар.
Тоқтамыстың дәўиринде,
Қулға бийлик тийген соң,
Жесир қатын, жетим ул,
Булардың күни неге усар?
Жаўын жабар себелеп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Астына қара пул салып,*
*Үстине қызыл себелеп,*
Кимди алдайсаң, бәдирек?!
*Әне, Тоқтамыстай хан балам!*
Ата-бабаң Шыңғыс хан,
Буны көрген ғаррыңман,
Булар өлип кеткен соң,
Тоқтаўылдай ўәлий хан,
Оны көрген ғаррыңман,
Көрмесем де сыртыңнан,
Тоқтаўылдай перзенти,
Тоқтамыстай хан балам!
Сени көрген ғаррыңман,
Аббазы хан, Тилла хан,
Буны көрген ғаррыңман,
Қыл жалаўдың шәҳринде,
Қаталы Қара хан,
Буны көрген ғаррыңман,
Өткен ердиң соңы еди,
Шын ўәлийдиң өзи еди,
Әмир Темир Көрегенди,
Буны көрген бабаңман.
Ҳайўанқала шәҳринде,
Ақсақ улы Сәтемир,
Буны көрген бабаңман.
Хантөбе деген жерлерде,
Жети патша жәм болды,
Жети патшаның алдында,
Шүрегейлик еткен ғаррыңман,
Жети ханның сарқытын,
Бир мәжилисте асадым,
Пәтиясы солардың,
Сол дуўаның бәрекетинен,
Үш жүз алпыс жасадым.
Бабамның сөзи жаман демесең,
Айтар еди бир гәпти.

— Ҳәр сөзиң дәртиме дәрман,
Айта бериң, ғарры, — деди.
— Шақыртыўға барған баланы,
Киргизегөрме қалаға,
Көрмесин көзим,
Шығарагөр далаға, — деди.

*Нураддиндей жалғызды,*
*Киргизбеди қалаға.*

*— Жатыр едим уйқылап,*
Дүбир-дүбир сес келди,
Жер қозғалып уйқыласам,
Уйқыма маза бермеди.
Мына келген дүбирден,
Қәдигим бар, қәўпим зор,
Жети дәрья толқысып,
Тасты ма екен деп едим.
Ақ жалаўдан туў алып,
Мүтиреден суў алып,
Суў ақырдың нышаны,
Румнан енди қәлийпе,
Қозғалды ма екен деп едим.
Қыямет-қайым қурылып,
Өлген адам тирилип,
Жети ашықтың тойында,
Пырақ дүлдүли,
Шабылды ма екен деп едим.
Сары ала аты астында,
Гөне тоны үстинде,
Аллалап шаўып келгенде,
Жәбирайыл ма екен деп едим,
Былай шаўып өткенде,
Әзирайыл ма екен деп едим,
Жабықты түрген ўақтында,
Мәремик деп сорғыўшы,
Сорады ма екен деп едим.
Қайларда, қайда көрген ғаррыңман,
Алсаң мәсләҳәтимди,
Кешеги барған баланы,
Алдап-суўлап қолыңа ал,
Ҳийлелик пенен басын ал,
Әгер басын алмасаң,
Басыңды алар бир күни,
Еки бирдей қызыңды,
Тар көшеде сыңсытып,
Олжа қылар бир күни,
Я таланды дүнья-мал,
Тасаддық болсын шийрин жан,
Гәҳи тыңла, гәҳи тыңлама,
Ендигисин өзиң бил, —деп,
Жан тәслим етти шул заман.

Оннан соң алпыс еки ҳәмелдар, отыз еки мөҳирдар екеў ара, үшеў ара болып: — Кешеги келген жыраў Нураддинди жаманлады. Енди Нураддинди патша өлтиреди, —деп жүр.

Олар ханға:

— Нураддинниң жаманлығын бурын биз айтқанда инанбас едиңиз. Бизлер түўе, алты айлық жолдағы шал жаманлығын айтты, — деди.

Бала буннан бийхабар еди.

Патша оларға:

— Сиз ақыллы екенсиз, мен бийхабар екенмен, — деп, алпыс еки ҳәмелдарға:

— Нураддинди өлтириң, — деп жуўап берди.

Биреўи шабайық, биреўи атайық деп атыр. Көптиң аўыз бириге ме. Биреўиниң айтқанын биреўи

www.ziyouz.com kutubxonasi

қылмай атыр. Ағай, Тағай келип ханға арыз етти:

— Тақсыр, кеңесим бар, — деди. — Тоқсан баслы отаўды тилла сарайдың даланына қурасыз, алпыс еки ҳәмелдарға зыяпат берсеңиз, Нураддинди шақырып алып, кәсадарлық қылып қойсаңыз, ярым ақшам ўақтында баланың үстине ҳасыл тонды жапсаңыз, киймеген тонын кийген соң көкиреги өсер, жүреги тасар, бизлер ҳәм қошемет берип, чай сарқыт деп арақ беремиз, оны ишер, бала теңселер, оннан соң қанжар алып өлтиремиз, — деди.

Тоқсан баслы орданы тилла сарайдың даланына қурды, жасаўыл жиберип Нураддинди шақыртып алды. Нураддин келген соң патша Нураддинге қарап толғап не дейди екен, қәне:

— Атадан жекке Нураддин,
Алла берсин мурадың,
Алпыс еки ҳәмелдарға,
Мен зыяпат беремен,
Соған бүгин кәсадар бол, шырағым.

Бала буны еситип,
Жалғызлықты ойламай,
Жеккелигин аңламай,
Өлерин бала байқамай,
— Әжеп болар, ата, — деп,
Теңселип кирди отаўға,
Чай дегенге чай берди,
Шарап дегенге шарап берип,
Ортада кәса жүритти.

Тоқтамыстай уллы хан:
— Жыраўды алып келгенде,
Жарқыратып үстиңе,
Сарпай жапқан жоқ едим,
Ол хызметиң, бул хызметиң бир болсын,
Бабаң Шыңғыстан қалған,
Мың тилла менен бина болған,
Жағасы алтын, жеңи зер,
Қәсийетли қара тон,
Сеники болсын, жалғызым, —деп,
Инам етти шул заман.

Қуллық етти Нураддин,
Оң ийнинен кийеди.
Тилладан кәмар буўған,
Хан дийўаны Қосназар:
— Нураддин!
Ханның бергени — қуданың бергени,
Кутлы болсын ҳасыл тон,
Таң атса қол үзинди беремиз,
Ҳәзирги инамның бары деп,
Шайдың сарқыты деп,
Ҳәр қайсысы бир кәса,
Арақты берди балаға.
Арағын, чайын не билсин,
Бала кәсаны алды,
Ишейин деп қолайланды,
Тәбияты алмады,
Саўданың барын билди,
«Иштим» деп қойны менен қонышына,
Билдирмейин қуя берди.
Аллатаала беглердиң,
Ғапыл көзин байлады,
Нураддин төкти,
Беглер буны көрмеди.
Едигениң Ноғайда,
Қырық еки досы бар еди,
Қырқы мал досы,
Екеўи қыяметлик жан досы,
Бириниң атын Аңғысын,
Бириниң атын Тыңғысын,
Қойып кетип еди Едиге.
Нураддинниң сыртынан,
Үш мезгил бағып,
Жүрер еди гүзетип,
Нураддинниң үйине,
Жетип барды екеўи,
«Перзентим» деп қышқырды,
Баладан хабар болмады.

Әне, Нураддинниң анасы жуўырып шақты далаға. Аңғысын, Тыңғысын — еки досын көрди. Перзентинен айрылып қалғанлығын билдирип толғай берди:

— Ашылмаған талайым,
Оң емес екен сапарың,
Шаппай-желмей майрылдым,
Жез қанаттан қайрылдым,
«Қырық күн баққан арықты,
Бир күн урындырған,
Өлтирер» деген нақыл бар,
Нураддиндей жалғыздан,
Жаңа ҳәзир айрылдым.
Ашылған бағда лаламды,
Бузды кеўил қаламды,
Ханнан келди қос жасаўыл,
Алып кетти Нураддиндей баламды.
Бул ўаққа ханға барғанды,
Бармаса жолда жүргенди,
Сизлер барып кейнинен,
Хабар алың баладан,
Тири болса Нураддин,
Ырзаласып қаларсыз,
Өлген болса Нураддин,
Көшелерге тасласа,
Гүржилерге буздырмай,
Сүйегин алып келиңиз.
Аядай жери қалса,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен сол жерден сүйейин,
Ақ жаўып, арыў кепинлеп,
Өз қолымнан қояйын.
Ноғайдан кеткен қара нар,
Келе кетсе бир күни,
Алты айлық иште қалған,
Балам қәне дегенде,
Мине балаң қәбири деп,
Көрсетпеге жақсы болар,
Үстине белги салайын.
Мына сөзди еситип,
Сарайға жуўырып келди.

Отаўға туўры барып сығалып қараса, отаўда кәсадар болып турған жетимегин көрди. Тыңғысын:

— Бала өлген жоқ екен, өлмесе де, өлим саўдасына кирискен екен, — деди.

«Чай сарқыты» деп арақты берип атыр. Бергенин бергендей ишип атыр, бир майданнан арақ қысқан соң канжар урып өлтирмеге хәммеси мәсләхәт етип атыр.

— Қәне, Нураддинге не қостарлығың бар? — деди Тыңғысын.

— Атасынан қалған бир-еки аўыз сөзим бар, буны айтаман да, қашаман, — деди Аңғысын.

— Сениң не қостарлығың бар?

— Мениң не қостарлығым болсын, кашса, қуўаман, деп ат таярлап қойған, солардың айылын, зәңги баўын қыяман, — деди.

— Ал есе, сен тезирек кес, мен тез айтайын, сөйтейик те, қашайық, — деди.

Аңғысын Нураддинге қарап не дейди екен:

— Едиге улы Нураддиң,
Алла берсин мурадың,
Тон кийдим деп қуўанба,
Әрманлы кеттиң, шырағым.
Ашылған бағда гүлим,
Бағда шәмен бүлбилим,
Тон кийдим, деп қуўанба,
Атадан жекке қулыным.
Атаңнан қалған жол еди,
Бурынғының нақылы:
Тойға барсаң, бурын бар,
Бурын бар да, бурын қайт,
Урыс болар соңғысы,
Урлық етсең, жекке ет,
Айғақ болар бириси,
Кешиў кешсең, бурын кеш,
Ылай болар изгиси.
Тон кийдим, деп қуўанба,
Шийрин жаның саў болса,
Шалдан шекпен жақсырақ,
Қара тонды кийгеннен,
Қара қанға боялып,
Әрманлы болып өлгеннен,
Арба айдап, қой бағып,
Ҳақлап жүрге жақсырақ.
Алпыс еки ҳәмелдар,
Ғарға тилли ақ қанжарды,
Тум-тусыңнан салғанда,
Үстиңдеги қара тон,
Қара қанға боялып,
Үлескенде, жалғызым,
Жетпей қалар соңлыққа.
Мениң атым Аңғысын,
Буның аты Тыңғысын,
Аңладың ба, жалғызым,
Мына гәптиң мәнисин?
Ақ сарайдан шығып қашты,
Еки бирдей байғусың,
«Өлесең» деген бир ҳаўаз,
Тал-тал келди қулаққа,
Дөгерекке қарады,
Жылтылдаған ақ қанжар,
Беглердиң жеңиниң ишинде,
Шығып-қайтып тур екен.

Қабыл болды тилеги,
Шөллегенде суў болған,
Йығлағанға пир болған,
Адасқанға жол болған,
Түкли Әзийз ғарры бабасы,
Нураддин үйге киргенде,
Пәри сайын аллалап,
Шаңарақта отыр еди бабасы.
— Асыла көр, улым, —деп,
Оң қанатын узайтты,
Жаныўлы турған шыраны,
Пеши менен қағады,
Шыра өшип, үй қараңғы болған соң,
Сол қанатқа асылып,
Тәўекел етип турады.
Пирден болды кәрамат,
Әўлийеден шарапат,
Нураддиндей жалғызға,
Душпанлардың қанжарын,
Тийгизбей тартып алады,
Бабасы сағыў-саламат.
— Жортқанда жолың болсын,
Жолдасың Қызыр болсын, — деп,
Пәтия берди бабасы,
Пәри сайын алла деп,
Қублаға қарап сарқып ушып,
Жөней берди атасы.
Нураддиндей жалғыздың,
Ҳаўлыққаны соншелли,
— Алып кел сары ала атты, — деп,
Сол енесин шақырды.
Нураддинниң анасы,
Сары ала атты жетелеп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўры жолды төтелеп,
Жетип келди енеси,
— Мине, балам, атың, — деп,
Кеселеп тартты алдына.
Нураддиннин қорққанлығы соншелли,
Жалғызлықтың дәртинен,
Жеккеликтиң жәбиринен,
Қурыған екен дәрманы.
Бир мәртебе умтылды,
Мине алмады атына,
Еки умтылды, мине алмады,
Үш умтылған ўақтында,
Биреў келди зар жылап,
Қолтығынан көтерди,
Биреў келди қуўдай сыңсып,
Қолынан тартып,
Дослықты бәржай келтирип,
Сары ала атқа миндирди,
Нураддин атқа минге соң,
«Атыңды айтқыл бизге», —деп
Ере берди изине.

Аңғысын турып сөйледи:

— Айтқанымды етпедиң,
Нәсиятымды тутпадың,
Жалғызым, неге көнбедиң?
Атаңнан қалған бул нақыл:
«Кешиў кешсең, бурын кеш,
Ылай болар изгиси,
Урлық етсең, жекке ет,
Айғақ болар бириси,
Тойға барсаң, бурын бар,
Бурын барсаң, орын бар,
Бурын бар да, бурын қайт»,
Атаң билер мәнисин,
Хан атаңа буны да айт.

Мына сөзди тәкирар етип,
Қаша берди Аңғысын,
Хош-аллияр айтысып,
Жөней берди Нураддин.

Әне, қыдырып жүрген жәллатлар Аңғысынды, Тыңғысынды тутып алды. Ханға айдап алып барды.

— Тақсыр, Нураддинниң зәңгисин басқан, қолтығынан көтерген мине усылар. Көрген көзимиз, тутқан өзлеримиз, — деди.

Ол заманның патшасы пуқараны, «қарашам» деп сөйлер еди, мәниси, не айтады, болар еди.

— Тақсыр, ырас айтады, сизден дәўлет тайды, бизден ығбал тайды ма деп отырман, — дейди.

— Хә, заңғар! Атамнан қалған дәўлет қус, тилла тажы турыпты. Мен алты айлық ағыр журтқа ҳүким сүрип атырман. Дәўлетим қалай таяды? — деди.

— Айтпақ бизден, еситпек сизден, — деди Аңғысын. — Төрт дәрўазаң бар еди, екеўи бекли болса, екеўи ашық. Ҳәр журттан кәрўан келгенде саўда қылатуғын еди, зәкаты иркилмей ғәзийнеге баратуғын еди, биле билсең дәўлетиң еди, патша! Бул ўақытта жетим-жесир жүре алмайды, кәрўан ҳәм қайғысыз кете алмайды. Әгер келе қойса, хан билип атыр ма деп, дүньяң сизге пай бермейди. Сизден дәўлет тайғанының бундайынша ма деп ойлайман. Бизден ығбал кетти дегенниң мәнисин айтайық: Нураддин қашты дегенде жатыр едик уйқыда, жаршылар өте берди жуўырып, қанжарды қолымызға алып майданға шықтық. Биз көшеде атқа мине алмайтуғын Нураддинди көрдик. Бизлер қамалап атырғанда усы еки жасаўыл келди. Нураддинге дады жетпей, бизлерди тутып алды. «Қашқан қутылды, турған тутылды». Бизлер зәрре жерде бийабырай болдық, патшайым. Әне, онсери басым, сийсери гөшим. Инансаң, қанжарымыз минекей, — деп алдына атып урды. «Сөз жүйесин тапса, мал ийесин табады» деген нақыл солардан қалып еди.

Оннан кейин патша төресин берди:

— Жәллатлар! Сизлердиң сөзиңиз игри, булардың сөзи дуғры, — деди.

Булардың ҳәр қайсысына бир кәса теңге берип, өлимнен қутқарып қоя берди.

## III Бөлим

Әне, Нураддин анасы менен хошласып, атасын қыдырып, Сәтемир ханның халқына тәңриге тәўекел етип жөней берди.

Үш ай он күн жол жүрип,
Аттың жалы жатқанда,
Қабақлары қатқанда,
Атқа салған ақ баслы ер,
Ат капталға батқанда,
Ат жиберип көлатқа,
Шыдамай жалғыз ғайратқа,
Келди бала жақынлап,
Сәтемирдей уллы патша,
Сорап жатқан елатқа.
Сәтемирдей патшаның,
Бийиктен салған қаласы,
Булжарланып көринди,
Кәтте бийик сәркабы,
Сәркапты көрип ойлады,
Ат басындай сом жүрек,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанаға сыймай туўлады.
Ақ емес, тарғыл емес,
Ала-қула демеге,
Төрт аяқлы мал емес,
«Мүсәпир болған енемнен
Ғайып болған атамның,
Қандай екен белгиси деп,
Сораўым екен», —дер еди,
«Атам елден кеткенде,
Мен енемниң қарнында,
Алты айлық иште қалған бала едим,
Атам мени көрген жоқ,
Мен атамды көргеним жоқ,
Қайсы сыпатынан танырман» деп,
Қайғыланды Нураддин.
«Мен қайғыны қояйын,
Аллатаала жол берсе,
Сәтемирдей патшаның,
Бәргасына барайын,
Малдан, қойдан, түйеден,
Жоқ қыдырған жоқшыман, деп
Хан алдында толғайын,
Сөзимди аңлап,
Гәпимди пәмлеп,
«Алты айлық иште қалған балам» деп,
Ким қостарлық етсе,
Соны атам дейин», деп,
Жөней берди Нураддин.

Белинде арқан, қолында балта, отынға шығып баратырған бир ғаррыны көрди. Бабадан жол болсын сорайын, деп жетип келди. Баба болса бир отыншы, Нураддин жолаўшы. Отыншының жолаўшы менен иси бола ма? Бизди қуда кеширгей, бабадан өзим-ақ сорайын, деди:

— Ҳә, баба! Журт кимдики, тил кимдики, дин кимдики? Хабарыңды бер, — деди.

Әне, бабаң турып толғанды:

— Жуп жығасы басында,
Қусбеги, метер қасында,
Алтын тахтың үстинде,
Сәтемирдей патша бар,
Оң жағында жайы бар,
Ханнан алар пайы бар,
Сәтемир ханның найыбы,
Ҳәм күйеўи Едиге деген,
Және бир киши ханы бар.
Нураддин турып ойлады,
Ат басындай сом жүрек,
Қанаға сыймай туўлады.

— Бир журтта еки патша болар ма, еки қошқардың геллеси бир қазанға сыяр ма? Бабадан бурын сөйлеп едим, меники айып болған екен. Едигениң баласы екенимди билди. Мениң атам Едиге усы қалада бар екен, душпаны зор болған соң, қайтып елге бара алмай, мениң бары-жоғымнан хабар ала алмай жүр екен, — деп кете берди жөнине.

Жетип келди қалаға. Әне, қалаға кирип, көшелерди аралап, ат шаптырып, палўан туттырып атырған бир уллы сейилди көрди.

Едиге патша жылма-жыл он еки күн сейил беретуғын еди.

«Алты айлық иште қалған баланың бары-жоғын билермен бе кәрўаннан», деп бериўши еди сейилди. Мына сейилди бергенине алты күн болған екен. Дарды қулатып, мерекени тарқатып, қайтпақлыққа алты күн қалған екен. Шөпте-шарда есеп бар, аламанның көплиги, бул жыйында есеп жоқ. Шығайын десе ортаға, ҳеш жерден жол таппады. Сары ала атты кеме қылып, ақ найзаны таянсам, ортаға шықпас па екенмен, деген жедел пайда болды.

Әне, өткенлерге сыйынып,
Зәңгиге ширенип,
Қарағай найза қолға алып,
Нураддин сүре таянып,
Қараны қара демеди,
Бегин көзге илмеди,
Өлимин шыбын шелли көрмеди,
Қайнап турған дүмшени,
Демлеп турған қазанын,
Курыўлы турған шадырын,
Бәрин бирден қулатып,
Байбәтшени жылатып,
Келе берди Нураддин.
Атаның баласы, ағаның иниси,
Басшы болған жигитлер,
Нураддинниң келисине қарады.
Сары ала аты астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Рустем киби айбатлы,
Сүймурықтай сымбатлы,
Арбадан кең көкиреги,
Саўаш болған күнинде,
Урыс еди бир қудадан тилеги.

Минген атын, жаў-жарағын көрип, аламанға қыйғырды:

— Елге келипти мийман, мийманды сыйламақлық орын. Азайы мөмин ҳарам, жол бериниз балаға, — деди.

Қур сөгилип айрылды,
Пирден болды кәрамат,
Әўлийеден шарапат,
Шыға келди ортаға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала сағыў-саламат.
Ортаға шығып, дөгерекке қарады,
Қундыз соппас басында,
Хызметкери қасында,

өзинин жасынын шамасы отыз, я жигирма сегиз, сол ҳалда бир жигитти көрди. Нураддин көрип еди, етине қалтыратпа тийди. Үлкен ханға бармай, усы кишкене ханға барып, арзымды айта қояйын, деди. Бунын балалығы, садалығы, атлы түўе, пияда бара алмайтуғын жерге атлы жөней берди.

Хан қасындағы ўәзирлер ханның есигинин алдына атлы киятырған бир гөдек баланы көрди. Түклери шаншылып, қатты ашыўы келип, Нураддиннин алдына шығып, кейип толғайды:

— Өзиң яш бир баласаң,
Жанынды отқа саласаң,
Адам өлип, қан төгилип турған жайға,
Атлы неге келесең?
Қараны қара демейсен,
Ханды көзге илмейсен,
Өлиминди, бийшара,
Шыбын шелли көрмейсен,
Алайын ба жанынды,
Ағызайын қанынды,
Көшеде жатқан гүржиге,
Таслатарман лашынды, —деп,
Ўашнам етти балаға.
Қарамады йүзине,
Ийбенбеди сөзиңе,
— Сенин менен исим жоқ,
Арыз етпеге бараман, — деп
Кете берди жөнине.
Ханға дуўры барады,
Қол қаўсырып ат үстинде,
Ханға сәлем береди.
Сәлемин әлик алады,
Нураддинге көз астынан,
Нәзер етип қарады,
Минген атын, кийген тонын,
Ноғайлыға мегзетип,
Жол болсын сорай береди:

— Қайсы бағдың гүлисен,
Қай шәменнин гүлзарысан,
Қай патшанын халқында,
Ким деген ниң улысаң?

Оннан соң Нураддин ҳақыйқат аллатаала мажазый уллы патшаның айбатынан қорқып, келеринде келсе де, жаны қалмай тур еди. Патшаға қарап арыз-аўҳалын айтып, бир-еки аўыз орсақы айтып толғап турған қусайды. Әўели арызын, соңынан жоғын айтып, қәне, не дейди екен:

— Айрылған көлинен жалғыз сонаман,
Ҳәр бир жерде мың тутасып жанаман,
Үш ай он күн болды елден шыққалы,
Жоқ қыдырған мен бир жоқшы баламан,
Алыстан жерим бар мәскеннен жырақ,
Жоғым ушын жапа шектим жол сорап,
Үш ай он күн болды елден шыққалы,
Дәўлетли халқына келдим жоғымды сорап.
Буўған беллериме тилла кәмарым,
Көпти ялғаншыда менин әрманым,
Жойылған жоғымның түрин айтайын,
Айып көрмен әдалатлы патшайым.

Оннан соң хан:
— Ак па, қара ма, ямаса сары ма, торы ма? Жойытқан жоғыңның түрин айт, —деп сорады.
Әне, Нураддин патшаға қарап:

— Едил менен Жайықтан,
Бөктергили адырдан,
Нураның қара қумынан,
Ноғайдың толы журтынан,
Жоқ қыдырып келемен.
Маң-ман басқан, маң басқан,
Төрт аяғын тең басқан,
Шуўдаларын шаң басқан,
Өркешлерин май басқан,
Қара нарым жойыттым,
Соны излеп келемен,
Көрген-билген бармысаң?
Адасып еди атасы,
Сорлы атасын көре алмай,
Бозлап қалды изинде,
Буўыршын жалғыз ботасы.
Мен жоқшыман, жоқшыман,
Жоқ қыдырған жоқшыман,
Ойыл менен Қыйылдан,
Қарғалы, Елек бойынан,
Қумкент деген қаладан,
Сары таўды жайлаған,
Кекире басын керт отлар,
Кетпен қуйрық қойымнан,
Мүйизлери шығыршық,
Қуйрықлары дигиршик,
Қойыма қасқыр шаптырмас,
Сүйинши айтып қыдырдым,
Дәреги маған таптырмас,
Қошантайым атасы,
Ай мүйизли қара қошқар жойылттым,
Буны излеп шығып ем,
Көрген адам бармысаң?
Шығынысып-адасып,
Кетип еди-аў атасы,
Қой жамырап келгенде,
Жеккешилик дәртинен,
Жалғызлықтың жәбиринен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сорлы анасын таба алмай,
Ҳәр саўлықты бир түртип,
Жалтаң болып маңырап жүр,
Ол қошантай баласы.

Сол ўақта Едиге мына сөзди еситип, шийрин екен ботасы, мийирман болар атасы, алты айлық иште қалған баласы екенин аңлады. — Едиге деп атасына келген екен жалғызым. Буннан барсам, «Нураддин бе едиң?» деп қушақлап сүйсем, қуўанып кете қала ма, я бийтақат бола қала ма, я болмаса душпаннан қысыўмет көрип келсе, атам аман екен деп, жүреги жарылып, өле қала ма, деп ҳасыл тонды жамылып, тура берди орнынан:

— Едил деген аўзыңнан,
Жайықты айтқан тилиңнен,
Ноғайды көрген көзиңнен,
Мендей атаң айлансын,
Жалғызым, айтып келген сөзиңнен.
Едил менен Жайықтан,
Нураның қара қумынан,
Ноғайдың толы журтынан,
Маң-маң басқан, маң басқан,
Төрт аяғын тең басқан,
Шуўдаларын шаң басқан,
Өркешлерин май басқан,
Қабырға узын, қарны кең,
Қара нарың жойылтсаң,
Жойылтқан жоғың мен, — деди.
Сорлы атанды көре алмай,
Бозлай қалған буўыршыным,
Ботам ба едиң сен? — деди.
Ойыл менен Қыйылдан,
Қарғалы, Елек бойынан,
Қумкент деген далада,
Сарытаўды жайлаған,
Кекире басын керт отлап,
Кетпен қуйрық қойыңнан,
Қойыңа қасқыр шаптырмас,
Тири болса, шырағым,
Дәреги-теги таптырмас,
Қошантайдың атасы,
Ақ мүйизли қара қошқар жойылтсаң,
Жойылтқан жоғың мен, — деди.
Жалғызлықтың дәртинен,
Жеккеликтиң жәбиринен,
Қой жамырап келгенде,
Сорлы атанды таба алмай,
Ҳәр саўлықты бир түртип,
Маңырап жүрген қошантайым сен бе едиң?
Мен қаршыға, сен лашын,
Бизлер қошқар, сен қозым,
Мен қара нар, сен бота,
Тири бенде көрисер,
Бозлашалы, жалғызым.
Ҳәм қуйрығым, қанатым,
Сен едиң мениң қуўатым,
Атың қойып кетип едим,
Аман-есен жүрмисең,
Мен кеткенде алты айлық,
Иште қалған перзентим?
Айнанайын андызым,
Аспанда гәўҳар жулдызым,
Тири бенде көрисер,
Аман ба едиң жалғызым?

Нураддиндей бул бала,
Мына гәпти еситип,
Аттан жерге таслайды.
Баласын жерге түсирмей,
Қушақлап алды Едиге.
Қолтығына қысып,
Баўырына басып,
Баласын ертип изине,
Жетип барды Едиге,
Мына дарды қулатып,
Мерекени тарқатып,
Әйне геўтим ўақтында,
Жетип барды сарайға.
Ақшамы менен жатады,
Мына таңлар атпады,
Шашырап күни шықпады,
Ыңырсыды жатты,
Қыйынлық пенен таң атты,
Едиге турып ойлады,
Ойлағаны бул еди:
— «Ийт тойған жерине,
Ер туўған жерине».
Ийт емеспен тойған жерде жүрмекке,
Кеўлим талўас етеди,
Киндик қаным тамған жерди,
Несийбем болса көрмекке.
Тағып тилла тумарды,
Алып шықты дәбилде,
Бағыўлы турған тулпарды.

Әне, ақша атты зәртең-зәбертең ертлеп, ат үстине минип, Нураддинге: — Жүр, — деп ишарат етти Едиге:

— Кемем қырға тийгенде,
Ғырлатып ескен, жалғызым,
Сағымым сайға тийгенде,
Сарлатып ескен, перзентим,
Жүр кетейик Ноғайға,
Атланагөр, жалғызым.
— Әжеп болар, ата, — деп,
Тура берди жайынан,
Едиге төре алдында,
Нураддини изинде,
Адамзатқа билдирмей,
Ҳайўанатқа сездирмей,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Он төрт жылғы қосласы,
Сәтемир ханның қызы еди,
Ақбилекке билдирмей,
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы кең сарайға,
Жетип келди Едиге,
Әйне сәҳәр ўақтында,
Келгенлигин билдирип:
— Ҳә, ата!
Күнликшиниң күни питпей,
Көнегин қолдан берер ме?
Баяры хызмет буйырса,
Бармайман деп айтпаға,
Ерк өзинде болар ма?
Күни питкен күнликши,
Көнегин сырттан сорайды,
Айып көрме, хан ата,
Киси есиги тоң тезек,
Еритпеге ер керек,
Бәҳәр болса, жаз болсын, деп
Он төрт жыл мени алдадың,
Ат салып сағыў-солымнан,
Он төрт жыл болды келгели,
Шығынып, ата, елимнен,
Не хызметке, не жумысқа,
Келип един Едиге деп,
Сорамадың өзимнен.
Жығынынды нетейин,
Жығынсыз-ақ кетейин,
Жалғызым келди халқымнан,
Мен кеткенде алты айлық,
Иште қалған перзентим,
Қыдырып келди кейнимнен.
Әне, хызметинди қылдым,
Он төрт жыл дузынды ишип едим,
Ыразы бол, хан ата,
Он төрт жыл берген дузыңа,
Керек емес бизлерге,
Ийелик ет, хан ата,
Ақбилек атлы қызыңа,
Журт сеники, жол меники,
Хош аллияр сизлерге,
Бизлер кеттик Ноғайға, —деп
Атлана берди Едиге.

Бир майдан жол жүрди. Бир сайға барды. Аттан жерге түсип, үстиндеги кийимин шешип, майданға шыққаннан соң ели-халқын, толы журтын сорап, баласына қарап не дейди екен, қәне:

— Алты ай жазлар аман ба,
Алты ай қыслар аман ба?
Душпан тилине инанған,
Табағынан жазғырған,
Тоқтамыстай хан атаң,
Бәргасында аман ба?
Әлипбеден үйретип,
Молла етип бизлерди,
Ол кәмалға келтирген,
Кәтте ҳәзирет уллы пир,
Хана-хана медресесинде,
Сол устазым аман ба?
Едил, Жайық аман ба?
Толы Ноғай аман ба?
Заманласым, қәдирданым,
Тең қурбылар аман ба?
Шаппай-желмей майрылған,
Жез қанаттан қайрылған,
Жаңа жеттим дегенде,
Жеткиншектен айрылған,
Мүсәпир енең аман ба?

— Аман, — деди Нураддин.

Мына сөзди еситип:
— Жалғызым! Кимлер дос,
Кимлер душпан?
Хабарың бар ма, Нураддин?
Айта алмады баласы,
Едиге және сөйледи:
— Сен Ноғайда, мен бунда,
Хабардар едим ҳалыңнан,
Сары ала атқа мине алмай,
Еки көзиң алаңлап,
Қызыл тилиң жалаңлап,
Ҳайран болып турғанда,
Зәңгиңди басқан ким еди?
Қолтығыңнан көтерип,
Сени атқа миндирип,
Хош аллияр айтысып,
Сәлемнеме сөзлерин,
Сен атаңды көрген соң,
Умыттың ба балам? — деп,
Сорай берди Едиге.

— Сары ала атқа мен минип,
Еки барып, үш қайттым,
Мүсәпир, атың ким?—дедим,
Маған жөнин айтпады,
Мен кейнинен қалмадым,
Қалмасымды ол аңлап,
Сонда айтқан сөз еди:

— Тойға барсаң, бурын бар,
Бурын барсаң, орын бар,
Бурын бар да, бурын қайт,
Атаң билер мәнисин,
Көре қойсаң хан атаңа,
Шырағым, барсаң буны да айт, — деп еди.

Едигениң көзи тынды, еси аўды. Аңғысын, Тыңғысын — қыяметлик досының хабарын еситип, түйедей шөгип, бир майдан жатты. Әне, жайынан турып, баласына қарап не дейди екен:

— Жалғызым! Кеше-күндиз бир алладан тилегим: аман-саў ноғайға барсақ, Тоқтамыс ханды



www.ziyouz.com kutubxonasi

өлтирсек, өлтирмесек, жарасық етип ел болсақ, ханнан қыраж пул алсақ, соған тәрезини қурсақ, еки досым еки пай, бизлер болсақ жекке пай. Бул ўақта досым жаяў, биз атлы. Ол ўақта досым атлы болса, бизлер жаяў. Досым менен бизлерди ялғаншы паный дүньяда жарылқар ма екен бир қудай, — деп, минагайы айтып атлана берди Едиге.

Сәтемирдей патшаға Едигениң хызметиниң өткенлиги соншелли, Сәтемир тоғыз жолдың дәрбентинде атын байлап, өзин жолға кесе таслап, ҳасыл тонды кесе жамылып жатыр еди. Сәтемир жатқанының үстине жетип келди Едиге. Сәтемир ханды көргенде жер көрмеди көзи, қап-қара болды жүзи. Сәтемир ханның үстине ат айдап келе берди Едигениң жалғыз өзи. Нураддин атасының қыялының бузық екенин билди. Атасына қарап бала толғай берди:

— Хан сыйлаған қалый болмас,
Хан қорлаған ер оңбас,
«Хан улы көпир болса,
Басып өтпе», —деген нақыл бар,
«Бир күн дузын ишкенге,
Қырық күн сәлем» — китап сөзи,
Ханды атқа бастырма,
Ханды атқа бастырсаң,
Сизлер, бизлер түўе,
Алты айлық ағыр журтқа,
Кәсапаты тийер, — деп.

Мына сөзди еситип,
Сәтемирдей ханларға,
Едиге толғай береди:

— Қәдиримди билмедиң,
Мени мийман демедиң,
Сәтемирдей сәттар хан,
Сәтемирдей қыйсық хан,
Қарқаралы геллеңди,
Қараша қурлы көрмеймен,
Сени патша демеймен,
Бастырып атқа нетейин,
Бастырмай-ақ кетейин,
Қандай гүнаң болса да,
Жалғызым, шуны өтейин.

Сәтемирдей уллы хан,
Мына сөзди еситип,
Өрре турды жайынан:
— Ай жарылқап, күн туўды,
Жалғыз қызым Ақбилек,
Нураддин атлы ул туўды.
Сәтемир патша қуўанып,
Пешин ўақта атланды,
Үшеўлери шубырып,
Қайта берди қалаға.

Сәтемир ханның қызы Ақбилек Нураддин келип, атасын ертип кетти деген хабарды еситип, жан ийнине от түсип, қырық кәниз қасында, келетыр еди жуўырып. Едиге буны көреди, Нураддинди қапталлап:

— Балам, туўғаннан салып па, туўмағаннан салып па, емшек сүтин бермесе, көңил сүтин берер. Алғаным, қағып төсек салғаным, Ақбилек атлы анаң сени көрмеге киятыр, жалғызым. Бир кеўил — мың кәба ананды қапа қылма. Көрисе бер, балам, — деп ишарат етти Едиге.

Ақбилектиң нийети: «Әгер Нураддин анам деп кәдем қойғандай болса, өзим ҳәр кәдемине бир кәнизекти тасаддық етип, үстине барайын, жалғызымды қушақлап, ҳәр бетинен сүйейин», —деп киятыр еди жуўырып.

Жаралы қуўдай сыңсып, жалғызға қарап толғай берди Ақбилек:

— Жуп саўлықта бир қозым,
Еки ортада тел қозым,
Олар анаң болғанда,
Мен де анаң боларман,
Көрисейик, жалғызым.
Асқар таўым, айбатым,
Айбатым аман бар ма едиң?
Алдым бийик, артым жар,
Айланарға жерим тар,
Он төрт жыл болды атаңның,
Усы журтқа келгели,
Сен болмасаң, жалғызым,
Излеп келер кимлер бар?
Нураддиндей баланы,
Қушақлады Ақбилек,
Қайта-қайта сүйеди,
«Ықласы менен жыласа,
Соқыр көзден жас шығар»,
Нураддинге Ақбилектиң,
Ықласының кеткени,
Қатып қалған емшеги,
Парлап ийе береди.
Емшеги парлап ийген соң,
Емизбеген болмас деп,
Қыял етти анасы,
Емшек сүтин ембесе,
Кеўил сүтин емгенниң,
Баяны болмас енеге:
— Ашылған бағымда гүлим,
Қабыл болды тилегим,
Әдира қалғыр емшегим,
Булақ болып ийип тур,
Сорлы анаңды емесең бе, шырағым?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нураддин турып сөйледи:
— Сағыйра емеспен, кәбийраман,
Ембеклик маған дурыс емес,
Қыйналмағыл, ана, — деп,
Айтып еди жағдайын,
Ақбилек сонда сөйледи:
— Быйыл ембесе баласы,
Жарын емер анасын,
Қысыр қалған танасы,
Ақ түймесин босатып,
Мәммелерин көрсетип,
Усына берди Ақбилек.

— Ана, бизди қудай кеширгей,
Емсем, еме қояйын, —деп,
Қыял етти баласы.
Ақбилекти емеди,
Нураддин сүтке тойған соң,
Сәтемир хан қуўанып,
— Ақлық көрдим, ай көрдим, — деп,
Дүнья-малды тәрк етип,
Қырық күнге дейин той берди.

## IV Бөлим

Патша тойын тарқатып,
«Едигениң кегин алайын,
Өшлиден өшим алайын,
Тоқтамыстың үстине,
Жығын жыйып барайын», деп,
Дийўан молласын шақырды,
Сырлатып хатты жаздырды,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Ат шаўып бәлент-пәсине,
Қайыл қалың патшалықтың исине,
Түтинге бир киси айдап,
Жөней берди Сәтемир хан,
Тоқтамыс ханның үстине.
Ақ жалаўдан туў алды,
Тобы-топханасы менен,
Жығын жыйып,
Шыға берди Сәтемир хан,
Тоқтамыс ханның үстине.
Шөпте-шарда есап бар,
Бул жыйында есап жоқ,
Аламанның көплиги,
Айдын-айдын көллердиң,
Балығын алды туўлатып,
Бөлек-бөлек суўлардың,
Суўын ишип баратыр,
Алды қонған жерлерге,
Кейни келип қонып атыр,
Дағларды тутып,
Қара курттай қыймылдасып,
Аламан көшип баратыр.
Тоқтамыстың халқы менен,
Сәтемирдиң журты,
Жортар атлы кисиге,
Үш ай он күнлик жол еди.
Шөллегенде суў болып,
Адасқанда жол болып,
Арығын жолда қалдырмай,
Ақсақ атты майырмай,
Ол заманда сөз бенен,
Бул заманда саз бенен,
Жеткереди бул сөзди.
Үш ай он күн жол жүрип,
Бедеўдиң жалын тарады,
Ләшкерлер күнге жарады,
Аламанның алды келип,
Едилдиң қара суўына,
Пешин ўақта қулады.
Аламанның көплиги,
Шөллеп келген аламан,
Едилден келип суў ишти,
Ығы қарыс қайтты,
Өри дизден тасты.
Аппақ шатыр, ақ шатыр,
Ақ шатырда хан жатыр,
Урыс жайда мың кисиге барабар,
Таймастай ҳеш палўан,
— Душпаның қай тәрепте Едиге? —деп,
— Силтеўин берсең бизлерге,
Биз тәмбисин берейик, —деп,
Ат ойнатып киятыр.

Келип туўын тикти. Бәргасын қурып, аламан жата берсин. Едиге Ноғайдың толы журтына келгенлигин билдирип, Сәтемир ханға арзын айтып толғай берди:

— Хан үстине хан келсе,
Бул да ханның мийнети,
Хан үстине ел келсе,
Бул да ханның дәўлети,
Хан қәдирин хан биледи,
Жаў қәдирин жаў биледи,
Еллестирмек елшиден,
Жаўластырмақ жаўшыдан,
Рухсат берсең бизлерге,
Биз атлансақ Ноғайға,
Келгенлигимизди билдирсек,
Тоқтамыстай ханларға,
Ғапыл қалып жүрмесин,
Арық атын бақтырсын,
Семиз атын таплатып,
Кетик тобын куйдырып,
Бузық топларды дүзетип,
Урыс майданға шық,—деп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Барып хабар етейин, —деп,
Патшадан жуўап сорады.
Сәтемир турып сөйледи:
— Бара қойсаң, жалғызым,
Досың менен душпанға,
Сен көрсетпе өзиңди,
Жанажан достың бир жайдан,
Шыға келсе алдыңнан,
Пинҳамы сақла сөзиңди, — деп,
Жуўап берди Сәтемир,
Баласы менен қосылып,
Тал жипектей есилип,
Атлана берди Ноғайға.
Ендиги гәпти Тоқтамыстан еситиң.
Тоқтамыстай уллы хан,
Күнлерден бир күн түс көрди,
Бир әжайып ис көрди,
Мына көрген түсинен,
Қәдиги бар, қәўпи бар,
Тоқтамыс қатты сескенди,
Алпыс еки ҳәмелдар,
Отыз еки мөҳирдар,
Жетип келди сәлемге,
Ақша жүзи сарғайып.
Отыр еди муңайып,
Тилладан кәмар буўған,
Алты айлық ағыр журтты,
Бир қәлемнен өткерген,
Хан дийўаны Қосназар:
— Жерди, көкти халық әйлеген илайым,
Алла ашқай ҳәр бендениң талайын,
Не себептен ақша жүзиң сарғайды,
Не йерлериң аўырды,
Журт ийеси, патшайым?

Патша:
— Ҳеш жерим аўырған жоқ, усы көрген түсимди Туман хожа болғанда жорыр еди, —деп соның жоқлығын ўаз етти.
— Туман хожа несийе емес, ҳәзир бар, — деди.
— Бар, шақырып кел, — деди.
Шақырып алып келди.
Хожа ханға сәлем берип, нәзеринде турады:
— Тақсыр, не гәп, не жумыс? — деп сорады,
Оннан соң Тоқтамыс хан:
— Хожа, мен түс көрдим, — деди. — Түсимнен қәдигим бар, қәўпим зор. Сол түсимди айтсам, тәпсийрин баян етсеңиз, — деди.
— Әжеп, — деди.
Патша көрген түсиниң тәпсийрин айтып хожаға қарап толғай берди:

— Аяқ баўлы ғуббасы,
Ғуббаның түби моншақлы,
Қаршығаны қолға алып,
Шығып едим шикарға,
Алдымнан қашты ор қоян,
Қаршығаны атып ем,
Енди аттым дегенде,
Сырлап келди бир сұңқар,
Қаршығамды қайтарып,
Қашырған мениң аўымды,
Қағып алды ол жәниўар,
Ақша жүзим сарғайып,
Әўелги аўды алдырып,
Қала бердим муңайып,
Бул қалай болды, хожамыз?
Оннан да арман қусладым,
Қабағы жаман жайылған,
Киндиклери тартылған,
Топ бөриге ушырадым.
Омыраўы еки гез,
Узыны бар сегиз гез,
Қуданың шери бир аш жолбарыс,
Дәрбентти алды да турды,
Өткермеди өзимди,
Сарғайтты ақша мәгзимди,
Аяғына бас урып,
— Сен қуданың шери едиң,
Мен инсанның ханы едим, — деп,
Марапатлап жолбарыстан,
Буннан ҳәм аман қутылдым.
Оннан бери келип ем,
Есиктиң алды шалшық суў,
Шалшық суўға ат салдым,
Салған жерден шалшығы,
Жибермеди атымды,
Сарғайтты ақша жүзимди,
Өлдим-талдым дегенде,
Суўдан шықтым, қутылдым.
Үйге барып, той берип,
Толы журтты жыйнадым,
Палўан табақ болсын деп,
Уша менен жамбасты,
Салып тилла ләгенге,
Мен ортаға шығардым.
Баяғы көрген ақ сұңқар,
Сырлап келди ол жәниўар,
Уша менен жамбасты,
Қағып алды қолымнан,
Үркпеди менен кәллаға р.
Есиктиң алды байтерек,
Бели жуўан, түби берик,
Байтерегим жығылды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жапырағы төгилди,
Байлаўлы турған қара қус,
Үркип шықты аспанға,
Далбай алып шақырдым,
Шақырыққа келмеди,
Ғайып болды, ол кетти,
Қалай болар, хожам? — деди.

Хожа турып сөйледи:

— Түсиң әжеп түс екен,
Ноғайдан кеткен жалғызың,
Соған қайым ис екен,
Қоғалы көл, қуўлы көлди,
Қуўсыз болар деппедиң?
Шағалалы шалқар көлди,
Шаңсыз болар деппедиң?
Едиге жалғыз саў болса,
Сап-саў турған басыңды,
Ғаўғасыз болар деппедиң?
Ол ығбалың болмасын,
Алдыңнан қашқан ор қоян,
Бабаңнан қалған дәўлетиң,
Ана келген ақ суңқар,
Едигениң ығбалы,
Ығбалыңды қайтарып,
Дәўлетиңди алғаны.
Сениң көрген көп бөриң,
Сәтемир ханның ләшкери,
Дәрбентти алған жолбарыс,
Сәтемир ханның дәл өзи.
Хан қәдирин хан билип,
Сыйласық берип сизлерге,
Үстинен жолды бергени,
Досы менен душпанға,
Ол сиясат болсын деп,
Сәтемирдей ханды ертип,
Едигениң келгени.
Сениң көрген суўларың,
Тынық болса, ол қайғы,
Қайғы демей, не дейин,
Мусылманның көз жасы.
Атты тутқан балшықлар,
Ноғайдың қаны болмасын,
Хақтан тутып сизди,
Ал, жибермей турғаны.
Түсиңде көрген уллы той,
Өңиңде ғаўға болғаны.
Уша деген Қаныкей,
Жамбас деген Тыныкей,
Еки бирдей перзентиң,
Ана келген ақ суңқар,
Едигениң дәл өзи,
Көз алдында қызларыңды,
Олжа қылып алғаны.
Бәйтерек деген — өзиң,
Жапырақ деген — алпыс еки ҳәмелдар,
Үркип шыққан қара қус —
Шийриндей шыбын жаныңыз,
Шул жаныңның кеткени,
Едигедей жалғызым,
Журтқа ийе болғаны,
Аяйтуғын жаным жоқ,
Бийтлер тояр қаным жоқ,
Басқа айтар гәпим жоқ.

Патшаның қәҳәри келди, хожаны зинданға салды.
Ендиги гәпти Едигеден еситиң.

Қызарып күнлер батқанда,
Елдиң кейни жатқанда,
Адамзатқа билдирмей,
Ҳайўанатқа сездирмей,
Жетип келди қалаға.
Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Тар көшени аралап,
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы кең сарай,
Кең сарайға келеди,
Келгенлигин билдирип,
Тоқтамыстай патшаға,
«Хабарлас» деп Едиге,
Есикте толғай береди:
— Жылқың семиз болғанда,
Асыранды улыңыз,
Жылқың арық болғанда,
Сатып алған қулыңыз,
Келди бүгин айланып,
Өлимдар еки улыңыз.
Тоқтамыстай уллы хан,
Мына сөзди еситип,
Ҳаўлығып турды орнынан,
«Жатқанның үстине турған,
Келмесин», деген нақыл бар.
Қара тыслы ҳасыл тонның,
Жағасын жерге сүйретип,
Етегинен жамылып,
Өрре турды орнынан.
— Алғаным!
Қағып төсек салғаным,
Едиге келди есикке,
От жаға көр, дилбарым,
Буўған белге кәмарым,
Аядымекен қудайым,
Ата деген даўысын,
Едигеге мегзеттим,
Тур-ҳа жайыңнан, дилбарым,
Қарашаш!
Ғайыбым келди, есик аш.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоқтамыстың хаялы,
Сыңсып турды орнынан:
— Ашылмаған маңлайым,
Оң емес екен талайым,
Қутылдым ба деп жүр едим,
Қутқармады-аў қудайым.
Мына келген балаңнан,
Қәдигим бар, қәўпим зор,
Едигежаным келди деп,
Ҳаўлыға берме, патшайым.
Көшершилик болғанда,
Қатардағы нарға күш,
Жаўгершилик болғанда,
Оң жақтағы қызға күш.
Қаныкей менен Тыныкей,
Еки бирдей перзентим,
Тал шыбықтай буратылып,
Жетилип еди жаңада.
Алды толы мал менен,
Кейни толы шаң менен,
Апарып қутлы жайына,
Қондыраман ба деп жүр едим.
Арық малды асырасаң,
Аўзы-мурның май етер,
Буралқыны сақласаң,
Қара бағрың қан етер.
Өзиңнен туўмай, ул болмас,
Сатып алмай, қул болмас,
Туўмағанлық еткени,
Бийжай ўақта келип тур,
Шыға көрме далаға,
Қарқаралы келлеңди,
Едиге қағып алмасын,
Жуп жығалы басыңды,
Жулып алып Едиге,
Алтын таққа минбеге,
Жедел етип келип тур,
Шыға көрме далаға.

Әне, Тоқтамыс «Едигежаным келди» деп ҳаўлығып турды орнынан, шығайын деп далаға баратыр еди Тоқтамыс, мына сөзди еситип, ҳаялдың тили менен иркилди-қалды. Есикти жамылып:

— Едиге, аттан түс. Туўмаса да, туўғандай анаң еди. Қарашаш даўысыңды еситип, жылап отыр ақ үйде, жалғызым, аттан түс, — деди.

— Ананың кеўли жай болсын,
Қолынан дуз ишип кет.

Толғай берди Едиге:
— Кек алғандай гийне жоқ,
Өш алғандай өкпе жоқ,
Алты ай ағыр журтыңнан,
Шырқыратып қуўаладың,
Бунда да сизге өкпем жоқ.

Ақша жүзим сарғайып,
Өткенлерге қол жайып,
Қостар таппай Ноғайдан,
Шықтым ата, муңайып,
Бунда да сизге өкпем жоқ.

Саған өкпем бар еди:
Алты айлық иште қалған перзентим,
Келиниңиз ул туўғанда,
Сүйинши тилеп барғанда,
Қулақ-мурнын кесип,
Өзине жегизгендей, ата,
Не қылып едим сизлерге?!

Жылап барды Нураддин,
Шыдамадым сөзине,
Сәтемирдей патшаның,
Аяғына бас урып,
Ертип келдим үстиңе.

Сәтемирдей хан келди,
Таймастай палўан келди,
Ағыр ләшкер қол келди,
Ғапыл қалма, хан ата,
Арығыңды баға бер,
Семизиңди таплатып,
Қарағай найза саплатып,
Сен урысқа шыға бер.

Ақ дузыңды ишермиз,
Еки бирдей қызыңды,
Тар көшеде сыңсытып,
Арыў қылып қушармыз, — деп,
Атлана берди Едиге.

Тоқтамыстай патшаға,
Мына таңлар атпады,
Шашырап күнлер шықпады,
Ыңырсыды, жатты,
Қыйынлық пенен таң атты,
Алпыс еки ҳәмелдар,
Ҳәммелерин шақыртып,
Тоқтамыс хан ўаз етти:

— Ноғайға қылыш урмаға,
Келле кесип, қан төккендей,
Ҳалың бар ма, беглерим?
Болмаса жарасық етип,
Хош мулақкат сөзиң бар ма, туўғаным?
Едиге келди деген соң,
Берекети қашты Ноғайдың,
Әрўағы ушты Ноғайдың,
Едигениң салдары,
Толы журтты басты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оннан соң хан дийўаны Қосназар патшадан бир кәлийма сөз сорады:
— Едигениң жақсы пейили бар ма еди?—деди.
— Өзинен бир жас уллыға: — Биз турайық, әзийзим, сиз билерсиз, — дер еди, өзинен бир жас кишиге: — Сиз турыңыз, биз билермиз, — дер еди.
— Ал есе, устазы ким? — деди,
— Кәтте ҳәзирет устазы еди, — деди.
Шақырып алды, кеңес етти, Ноғайдағы уламаларды жыйды.
Ырас кәраматлы ийшаннан жети жүз ийшан жәм болды. Әне, шағаладай ақ сәлле, Сәтемирдиң жатқан шадырына барды. Келген уламаларды көрди, ҳәммеси қол усласып аяқ үстинде турғанын көрип, тенине қалтыратпа тийди. Келген уламаларға шығып патша көринис берди. Уламаларға патша қол қаўсырып сәлеминде турды. Қол көтерип Сәтемирдиң ҳаққына дуўа қылды. Сол дуўаның шарапатынан мумдай ерип, қорғасындай балқып, уламалардың қасына келип, жол болсын сорап не дейди екен, кәне:

— Таза тарлан талпынады уяда,
Ҳеш мусылман сарғаймасын қыяда,
Басында ақ сәлле, үстинде мәлле,
Не хызметке келдиң пайыў-пияда?

Бул басымда тилла жыға тажым бар,
Бир алладан бес ўақ намаз қарзым бар,
Басында ақ сәлле, үстинде мәлле,
Тезирек сөйле, бизге қандай арзың бар?

Оң жағыңнан шалқып туўған айыңды,
Көрип қуўанаман қәдди-бойыңды,
Қол қаўсырып келдиң мениң алдыма,
Баян еткил бизге келген жөниңди.

Уламалар турып патшаға қарап, келген жумысын айтып, бир-еки гәплеп турған қусайды:

— Көрип сизди қаўсыраман қолымды,
Раўа көрмеспен мына өлимди,
Айып көрме, журт ийеси султаным,
Айтайын сизлерге келген жөнимди.

Жесир қатын, жетим ул,
Ақсақ, майып, мүсәпир,
Қорқып отыр Ноғайым.
Мусылманды мусылман қырмақлық,
Парыздан, қарыздан, сүннеттен, ўажыптан емес,
Ғайры дин болмаға миясар емес,
Едиге менен Тоқтамысты,
Жарастырып ел қылсақ,
Ўажыбаты ийман, сиз себепкер боларсыз,
Журт ийеси патшайым,
Буны қалай көресиз?

Сәтемир хан гәпледи:
— Хош келдиңиз, сапа келдиңиз. Бизлерде ҳеш гәп жоқ. Бизлер айдаса, жүремиз, ийирсе, жатамыз. Едиге қайда буйырса, биз сонда барамыз. Тоқтамыстай ханыңа ҳеш бир гийнем жоқ еди, Едигениң кеўли ушын жығын жыйып келгенбиз. Өз перзентиң еди, Едигеге барыңыз, соннан тилек етиңиз. Едиге берсе тилегиңди, мен ҳәм бердим. Уламалар, Едигежанды көриңиз, — деди.
Уламалар жайынан турып, Едигениң жатқан жайына қарап, қол усласып жүре берди. Едиге шадырда жатыр еди. Уламаларды ертип баслап киятырған устазын көрди. Устазын көрип турып, тақат ете алмай, қол қаўсырып қуллық етип, устазына сәлем берди. Устазын сыйлап, «Хош келдиңиз» деп, Едиге қой семизин сойдырып, келген уламаларға тоғыз түрли тағам тартып қондырып хызмет етти. Ақшам жатты, таң атты. Таң намазын оқып, Едиге устазының алдына барып, қол қаўсырып ўаз етти:
— Кеше келдиң, мийман болдың. Енди сораспаслық — сүннет. Устазым, енди не жумысқа келдиң? — деди.

— Ел ишинде молланың,
Қол көтерген хожаның,
Тоқтамыстай патшаның,
Не күстаныlығы болса,
Гүлли гүнайын тилеп келдик, — деди.

«Тилек» деген ўақтында Едиге не болғанын билмеди, устазына қарап толғай берди:

— Қайсы бирин айтайын,
Ҳәр мәниге тартайын,
Алты айлық ағыр журтта,
Табағымнан жазғырып,
Тоқтамыс мени қуўғанда,
Пирим, онда қайда едиң?

Өзимди айтып нетейин,
Алты айлық иште қалған жалғызым,
Он төртине шыққанда,
Жасы жетип қарыған,
Үш жүз алпыс жасаған,
Ақлығы менен шаўлығы,
Саўсап қалған сүйегин,
Ол иззетлеп сақлаған,
Барсакелмес журтына,
Алып кел, деп жалғызымды қуўғанда,
Пирим, онда қайда едиң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алты айлық жоллардан,
Тоқтамыстай ханлардан,
Тилер ме екен дегенде,
Пирим, онда қайда един?

Тилек деген бул болса,
Бул тилегиң берилмес,
Кеклиден кегимди алмай,
Мениң кеўлим жай болмас.

Ноғайдан келген улықлар өз жибине өзи гүрмелди-қалды. Баяғы еткен ислери сол ўақытта ядына келди. Төмен қарап, жер шуқылап, ҳәммеси қапа болды. Устазының қапа болғанын Едиге билип, жаны қалмай, қатты қорқып:

— Перзентим жалғыз, мен жалғыз, бәддуўа ете көрме бизлерге. Енди мына сөзимди айтып бар Тоқтамыстай ханыңа. Үш ай, он күннен соң урыс майданына шықсын. Айтып бар буны ханыңа, — деди.

Уламалар қайтып, Едигениң сөзин патшаға айтып, патшаның да ўақты хош болды.

## V Бөлим

Арық атын бақтырды, семиз атын таплатып, майып атын емлетип, үш ай он күннен соң бул ҳәм урыс майданына шықты.

Ол да атланды қаладан,
Бул да атланды қаладан,
Баярынан азат шыққан,
Қул да атланды қаладан,
Тай минген де қалмады,
Бийе минген қалмады,
Пияда жүрген мәрдикардың,
Есеби-саны болмады,
Жығын айдап, топты сүйретип,
Ғурыж етип Тоқтамыс хан атланды.

Сәтемирдиң жығынының оң жақ тәрепине туўын тикти. Досқа-душпанға сиясат болсын деп, қара топты көширди. Тоқтамыстың тобының сестин еситип, Сәтемирдиң жан ийнине от түсти.

Сәтемирден бир елши,
Ат ойнатып жетип келди,
Тоқтамыстай патшаға:
— Ҳа, Тоқтамыс, Тоқтамыс!
Хабарласпай, гәплеспей,
Неге аттың тобыңды?
Жуўапсыз атпа тобыңды,
Билдирме бунша көбиңди,
Қалаң түўе даланда,
Ғайданлы көлиң алысар,
Жылатарман баланды,
Атпа қара тобыңды.
Буны айтып, келген елши,
Қайта берди изине.

Ол заманның урысы усы заманның гүреси тақылетте болады екен.

Сәтемирден бир палўан,
Тоқтамыстан бир палўан,
Шыға берди ат ойнатып.
Сәтемирден Таймас,
Тоқтамыстан Байназар,
Ол да найза қолға алды,
Бир-бирине найза урды,
Найзасы кәр етпеди,
Ақ саўыттан өтпеди,
Ол тенине жетпеди.
Қармақ болып қайысты,
Найзаны жерге таслады,
Еки арыслан ат үстинде,
Жағасына қол салысып,
Ат үстинде айқасты,
Айғырдайын таласты,
Буўрадайын шайқасты,
Қошқардайын дүгисти,
Қораздайын жулысты,
Текедейин тирести,
Батыр екен Байназар,
Палўан еди енеғар,
Таймасты ғунан қойдай өңгерип,
Тоқтамыстай патшаға саўғатқа,
Алып қайтты Байназар.
— Атты шаптым мен таўға,
Урарман қылышты жаўларға,
Алып келдим Таймасты,
Патшайым, сизге саўғатқа.
Патша турып ҳүким етти:

— Таймастың жан жеринен тесиң, көкирегиң кесиң, өкпе-жүрегин суўырып алып, суўық суўға басың, — деди.

Таймасты өлтирип, Байназар кешке дейин урыс етти. Таймасқа тәкәббил отыз сегиз батырды өлтирип, қайтып қосына түсти.

Әне, Едиге бул ҳәдийсени көрип, ақша атты зәртең-зәбертең, мүстәҳкем, теңбе-тең ертлеп, урысқа шықты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўли өскен Байназар,
Шығып еди урысқа,
Сәтемирдей патшадан,
Жуўап алып кетейин деп,
Жетип келди Едиге.
Қаршығадай қылқыйып,
Алғыр қустай қунтыйып,
Едигеден бурын келип,
Жуўап сорап турып еди Нураддин.
— Жалғыз туўған Нураддин,
Алла берсин мурадың,
Хан атаңның алдында,
Ақ найзаға сүйенип,
Не қылып турсаң зүрядым?
— Кеклиден кегимди алайын,
Өшлиден өшимди алайын,
Ата, жуўап берсеңе,
Тамашамды көрсеңе.
Едиге турып сөйледи:

— Жаў көргениң жоқ еди,
Жалғызым, маған жуўап берсеңе,
Бизлер устаз, сен шәкирт,
Бул урыстың тәлимин,
Жалғызым, меннен көрсеңе.

Атасының ҳәмирин тәрк етпеди баласы,
Едиге атын қамшылап,
Шыға берди урысқа,
Кеўли өскен Байназар,
Шығып еди урысқа,
Едигеден қорыққанлығы соншелли,
«Бүгин қәсте болдым», деп,
Бақырып қашты Байназар.
Сол ўақытта болды урыс,
Урыста жоқ ҳеш бир турыс,
Айдарҳадай дем шекеди,
Қолындағы кескир қылыш,
Билегинде жарқырайды,
Испаҳаны кескир қылыш,
Рустемнен кейин емес,
Едигениң урысы,
Силтегенде онын, бесин,
Туйдырмай кести қылыш.
Қара лашын ушар болса,
Ушса дағның басын гөзлер,
Ғош жигит кирсе саўашқа,
Бесин шаншып, оның гөзлер.
Әжеллини өлтирди,
Мийнетлини бүлдирди,
Шыңғыстан қалған қара туў,
Қара туўға ат қойып,
Қара туўын қулатып,
Ноғайды басқы етти.
Қайнап турған дүмшеге,
Демлеп турған қазанға,
Таслап қашты қарамай,
Қолда найза тап алды,
Айралық дәрти жаманды,
Басқы таўып Ноғайлы,
Тоқтамыстың қаласына,
Қашып барып қамалды.

«Қашқан жаўға қатын ер», мәрт изинен қуўмады. «Қорқпасаң, сыбырлармысаң», деген. Тоқтамыс қорқып, атаның баласы, ағаның инисине араға елши салды.

— Едиге мал-мүлкимди алсын, алтын тахқа минсин, енди мусылманға қылыш урғанын қойсын, — деди.

Сәтемир Едигени шақырып алып:

— Балам, енди Тоқтамыс өкиниш етип тур. Алтын тахқа минсин, дәўранды сүрсин деп атыр, — деп еди:

— Ўай, ата, бүгин тағын берсе, ертең дәўлет қусын ушырса, өзиниң басына қонады. Бүгин берсе, ертең қайтып алады, — деди.

Дәўлет қусын алып ушырды, Тоқтамыстың басына қонды. Дәўлети басында екенин патша сол ўақытта билди.

Оннан соң Едиге:

— Тоқтамыс тилегимди берсе, Едилдиң арғы жүзин босатып берсин. Қусымды салайын, атымды шабайын, аяғымның жеткен жерине дейин гезип, қайғысыз дәўран сүрейин, — деди.

Тоқтамыс буны еситип, дийўан молласын шақырды, дәриўқатты шақырды.

— Дийўан молла, жазагөр, әгер қай жерде суў болса, Едигежанға инам етип берегөр.

Дийўан жазбақ пенен, Едиге айтпақ пенен.

Екиленши тилегени:

— Ноғайда еки достым бар, солар жатып жегендей дүнья-қыраж мәмлекет пул берсин. Он төрт жыл болды қалғаны, мениң Қарашаш атлы ҳаялымды өзиниң қызын қалай узатса, сондай қылып мениң қолыма әкелип берсин, — деди.

— Әжеп, — деди.

Алды толы мал менен, кейин толы шаң менен, айдарлы қул, тулымлы күң менен узатып қолына берди. Едилдиң арғы жүзин Едигеге берди. Тоқтамыс орнында қалды.

Әне, ўажыбаты ийман, Сәтемир екеўин еллестирип, жығынын алып, елине қайтып кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## VI Бөлим

Булар кете берсин. Едигеде бәле жоқ. Тоқтамыста бәле бар. Едигеге барған қутылды, Тоқтамыста қалған жүз мың бәлеге тутылды. Бәлесиз жерди ким жек көрсин. Едигениң сораған жағына бай да өтти, жарлы да өтти. Тоқтамыстың сораған журтының еки есеси Едигениң журтына өтип кетти. Оннан соң алпыс еки ҳәмелдар:

— Буннан патшалық болмас, журтты я Едиге сорасын, я Тоқтамыс сорасын, — деди.

Кескир қылыш, жүйрик атлы баҳадыр жигитлерди Едигениң қол астына өткерип, мал қуўдыртып алды. Бир болған әдет еки болады, озбыршылықты еки сапар етти. Едигениң ҳасла кеўлине келмеди.

Тоқтамыс тахта отырып, журтты қорқытып, елди үркитип жүргенлиги Сәтемир ханның саўлаты екен ғой. Енди «Едилден өтиң, Едигениң қаласын шабың», деп Тоқтамыс ҳүким етти.

Едилден өтип Ноғайлы,
Едигениң журтын шапты,
Қашқанлары Едигеге,
Шабылғанын билдирип,
Едигеге арыз етти.
Оннан соң Едиге,
Мына сөзди еситип,
Шыдай алмай қысыўметке,
Сол бойынша атланды,
Атланып турып толғады:

— Ешки әжелине асықса,
Шопанның сүйеўли турған,
Таяғына сүйкенеди,
Ақылсыз ақмақ атам,
Қайлардан қайда қашса қутылар.

Ат ойнатып Едилден,
Өте берди Едиге,
Буўыршын атты қамшылап,
Жарылған муздай гүңиренип,
Жолбарыстай ыңыранып,
Тоқтамыстың дәрўазасына,
Дуўры барды Едиге.
Дәрўазаға пәнже урды,
Дәрўазасын қопарып,
Аспанға атып жиберди,
Нураддинди шақырып:

— Асқар таўым — айбатым,
Жалғызым, дәрриў келсеңе,
Кеклиден кегиң алсаңа,
Өшлиден өшиң алсаңа.
— Әжеп болар, ата, — деп,
Шарайнасы жалтырап,
Туўлы қасы қалтырап,
Жетип келди Нураддин,
Атадан алып жуўапты,
Жекке өзи ат ойнатып келеди,
Тоқтамыстың шәҳәрине.
Ноғайға қылыш урады,
Әжеллисин өлтирди,
Мийнетлисин бүлдирди,
Кенегесте Керим бийди,
Керилип шанышты Нураддин,
Оймаўытта Өмир бийди,
Өкиртип шанышты Нураддин,
Аланғасар Байназарды,
Бақыртып шанышты Нураддин,
Журт ийеси Ағайды,
Ел ағасы Тағайды,
Бақыртып шанышты Нураддин.
Тилладан кәмар буўған,
Қос-қос пышақ асынған,
Қосназардай дийўанды,
Жиплер салып мойнына,
Дәрўазаға апарып:
— Соппаслы жыраўға кеткенде,
Бизге берген жарағын,
Усындай ма еди, дийўан? — деп,
— Жарақ бундай болады, — деп
Майдалап шанышты Нураддин.
Тоқтамыстай уллы хан,
Жүз адам менен қосылып,
Қысыўметке шыдамай,
Шыға берди есиктен,
Қаныкей менен Тыныкей,
— Сизлер кеттиң, биз қалдық, — деп,
Қала берди зар жылап.
Сол ўақытта Едиге,
Тоқтамыстың еригине,
Ат ойнатып келеди,
Дәўир кимниң дәўири,
Едиге ханның дәўири,
Заман кимниң заманы,
Едиге ханның заманы,
Қалаға жар урдырды,
Далаға жар урдырды,
Едиге тахқа минип, патша болды.
Тоқтамыстай уллы хан,
Жүз адам менен шығынып,
Баратыр еди ериктен,
Қуўып жетти Нураддин,
Ханның ағызайын қанын,
Алайын деп жанын,
Келип еди қас етип,
Сонда турып ойланды:
— Мен атамнан сорайын,
«Өлтир» деп рухсат берсе,
Патшаға қылыш урайын,
Нәзери қатты киси еди,
Ханды өлтирер болар ма? — деп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атам кейип жүре ме? — деп,
Қайтып кетти Нураддин,
Атасының алдына,
Қоңыраўлы найза қолға алып,
Жетип барды Нураддин,
Болған енди ислерди,
Айтып еди атасына,
Атасы турып сөйледи:

— Қолың менен байлағанды,
Исиң менен шешетуғын болыпсаң.

Ендиги қалған ислерди,
Нураддинге тапсырды,
Нураддин минген сары ала аттың,
Туў сыртынан шығады,
Қуйрығын сыйпап,
Зигирликке тақап,
Дужырып кесип алады.
— Сол аттың қуйрығы,
Жетиккенше қуў, — деди,
Хан қасында жүз киси,
Ҳәммелери сум киси,
Зәҳәрдиң азы да бир, көби де бир,
Еринбестен қуўа бер.
Болып едим ўәлийден,
Бәддуўамды ала көрме, жалғызым,
Қарғысым қара тастан өтеди,
Хабардар бол, Нураддин,
Әгер биреўин тири әкелсең,
Нәлетлеме айтарман,
Атланагөр, жалғызым.
— Әжеп болар, ата, — деп,
Тоқтамыс ханды қуўмаға,
Жуўап алды Нураддин.
Патшалығын билдирип,
Ханның қызы Қаныкейди,
Едиге патша алдырып,
— Бизлерге олжа болдың, — деп
Ақ некесин қыйдырып,
Патшаның қызын алады,
Кишкене қызы Тыныкейди,
Нураддин мойнын қушақлап,
Ҳәр көзинен бир сүйип,
— Сен меники болдың, — деп
Тоқтамыстың кейнинен,
Қуўып жөней береди.
Ендиги гәпти Тоқтамыс ханнан еситиң.
Патша минген көк дөнен,
Өкире берип киснеди,

Тоқтамыс атқа сөйледи:
— Ҳә, көк дөнен, көк дөнен,
Азнай берме, көк дөнен,
Күн-түн қашсаң, тынарсаң,
Қалтырай берме, әдил баш.
Едиге улы Нураддин,
Қуўып жетсе соңымнан,
Ақ найзада тынарсаң,
Ессиз ҳасыл сүйегим,
Ғарға менен қузғынға,
Саўғалар болып қаларсаң.
Ел журтынан айрылып,
Жүре берди Тоқтамыс,
Ноғайын, көлин, шөлин жоқлап,
Шыға берди қаладан,
— Атам күйеў болған жер,
Енем келин болған жер,
Ийилип сәлем берген жер,
Сазандайын тиркесип,
Сап азамат өскен жер,
Киндик қаным тамған жер,
Китап алып қолыма,
Мектепке ойнап барған жер,
Сен не болдың меннен соң,
Мен не болдым сеннен соң,
Жарлы менен байы тең,
Ешкиси менен қойы тең,
Малым сеннен айрылдым,
Сен де меннен айрылдың, — деп,
Ноғайын жоқлай береди:
— Басыңды шапсам, шапшағым,
Түбинди шапсам, тоғайым,
Телеген арба, гүпшегим,
Ноғайым сеннен айрылдым.
... басын шапсам,
Пуқараның азығы,
Түбинди шапсам,
Мал байлаған қазығым, — деп,
Буны жоқлай береди.
Уша берди қузғын қус,
Қызқышлайды қызғыш қус,
Қанатың қуст а, мойның бос,
Атып салсам, жатарсаң,
Буннан да өтти Тоқтамыс.
Аштан тойған жалшымас,
Патша болып Едиге,
Жақсы менен жаманның,
Қәдирини биле алмас,
Қандай патша болса да,
Мендей төре бере алмас.

Әне, Нураддин сары ала атты қамшылап, Тоқтамыс ханды қуўып, нешше ай, нешше күнлер жол жүрип, қуўып жетип кейнинен, жеткенин жеткендей өлтирип, ақ найзаға шапқат етип киятыр. Күнлерден бир күн есапласа, еки жүзин өлтирипти.

Хан қасында Кенжембай,
Кеткен екен енеғар,

Басқа жолға қайрылмай,
Еки аттың изинен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нураддин жалғыз айрылмай,
Қуўып кете береди.
Минген аты болдырып,
Тоқтамыс ханнан айрылып,
Қалған екен Кенжембай,
Узақтан көп қарады,
Қанатлы құстай киятқан,
Бир тулпарды көреди,
Не қыларын биле алмай,
Нураддинге жалынып,
Бир қасықтай қанын сорап,
Толғай берди Кенжембай:
— Қайыңнан садақ бууыпсаң,
Қашқан жаўды қуўыпсаң,
Жолың болсын, мырза улым,
Туғырға қонған суңқардай,
Сары ала аттың үстинде,
Отырыпсаң, мырза улым.
Ашылған бағда қызыл гүл,
Хызметинде бизлер қул,
Гәҳи өлтир, гәҳи өлтирме,
Улым, енди өзиң бил.

Нураддин мына сөзди еситип, «Кенжембайды өлтирмеген менен атамның не зейнине келер дейсең», деп:

— Ҳә, Кенжембай! Сен өлген менен, жер толмас, өлтирмеген менен көбеймессең, бәтшағар. Сени өлтирип нетейин, өлтирмей-ақ кетейин. Тоқтамыс ханға қандай хызмет қылып едиң, атама да сондай хызмет қылып жүре бер. Өзимнен бир мәртебе айланып, өзиңди тасаддық ет, — деди.

Жаны қурғыр татлы, көзди ашып-жумғанша, он еки мәртебе Нураддинди айланып өзин тасаддық етти. Нураддиннен жуўап алып қайта берди Кенжембай.

Арық атын жетелеп,
Тоқтамыстың журтына,
Қайтып келди бир күни,
Ханға дуўры барады,
Үйине де қайрылмай,
Дуўры барып, сәлем берди.
Кенжембайды көргенде,
Не болғанын билмеди,

— Кенжембай! Басымнан мийнет арылдымекен, деп едим, еле арылған жоқ екен, — деп, алтын тахтың үстинде қыйналады Едиге. Шабайын деп Кенжембайды, қылышына қол қойды. Едиге патша ойланды:

— Жалғыз баланың қылығы жаўдан жаман, - деген, азат етип жиберген екен, жалғызым. Кенжембайды өлтирсем, кеўлине келип жүре ме деп, Кенжембайға айтты:

— Жайыңнан шық. Әгер еки адам менен сөйлескениңди көрсем, гөшиңди гүржиге тарттыраман, — деди.

Арадан нешше күн өтти. Кенжембай хан қашқан бир жүз тоқсан баслы ордаға келип, жылап отырған Тыныкейди көрип, қосылып жылай берди:

— Ҳа, қарағым!
Атаң еди Тоқтамыс,
Атсыз едим, ат берди,
Тонсыз едим, тон берди,
Ҳасыл тоннан кийдирди,
Әреби атлар миндирди,
Ол күнлер енди бизге жоқ,
Жылай берме, нашарым.

— Мениң айтқанымды етсең, өзиңе тәкәббил қызлардан ертип, ертең ханға сәлемге жетсең, патшалығына қутлы болсын айтсаң, апаңды алған жездең еди, қайтысын боска қайтпай, дақыл етсең. Сондағы айтатуғын сөзиң: «Бир уяда еки палапан ғаз едик. Биримизди аттың, биримизди ата алмадың. Я оқты түўестиң бе, болмаса қартайдың ба?» деп қарқылдап күл де, қайта бер, — деди.

— Әжеп, — деп ҳасыл ҳасыл тонлардан кийинип, өзине тәкәббил қызлардан ертип жаўлығын қыя жамылып, көргеннин есин алып, Едиге патшаға сәлемге барды. Оннан соң Едиге:

— Хош келдиң, сапа келдиң, — деп мүрипәт етти.

Енди ханның қызы Тыныкей жуўап алып қайтатуғын болды. «Келип-кетип жүре бер», деп Едиге қызға жуўап берип жиберди. Тыныкей жуўап алып, орнынан турып дақыл етти:

— Ҳә, жезде! Бир уяда еки палапан ғаз едик. Биримизди аттың, биримизди ата алмадың. Я оқты түўестиң бе, я болмаса қартайдың ба? — деп Тыныкей мыйығын тартып күлип, шыға берди отаўдан.

Сол ўақлары Едигениң,
Жер көрмеди көзи,
Қап-қара болды жүзи,
Мына сөзге шыдамай,
Патша жайдан турады,
Ол сарайдан шығармай,
Тутып алып Тыныкейди,
Пинҳам жайға апарып,
Кеўлине келгенин қылады.

Мына сөз халыққа әшкара болды. Оннан соң Кенжембай қой баққан қойшы, мал баққан падашыға барып:

— Жақында Едиге ханның тойы бар. Еки аўыз қосық айтсаңыз, ат-тон, сарпай беретуғын орны

www.ziyouz.com kutubxonasi

бар, — деди.

Қойшылар айтты:

— Аға, аты да сеники, тоны да сеники. Қойдың кейнинен қутылсақ болар. Сонда қандай қосық айтамыз? — деди.

— Сондағы айтатуғын қосығың:

— Едиге хандай болмаңыз,
Келининди алмаңыз,
Таңла ҳаққа шерменде болып жүрмеңиз.
Қойшылар буны айтып, жүре берди қой бағып.

Ендиги гәпти Нураддиннен еситиң.

Нешше ай, нешше күнлер жүрип, Тоқтамыс ханды қуўып баратыр еди, шыға келди бир қойшының үстине.

Көк аты бар астында,
Көк шапаны үстинде,
Жуп жығасы басында,
Нураддин турып сорады:
— Бу йерден патша өтти ме?

Қойшы турып сөйледи:
—Мен қусбеги болмайман,
Көргенимнен танбайман,
Көк атлы, көк шапанлы,
Мен патшанды билмеймен.

Усы жерде бир булақ бар, сол булақта бир адам бүгин үш күн болды, пайда болды, тәрет алады, тынбай намаз оқый береди. Мен сол адамды көрдим, — деди.

Нураддин силтеўин алып, айтқан жерге келип қарады. Атын қасына байлап, песин намазын оқып турған Тоқтамыс ханды көреди. Патша намазын оқып болған соң, қарсы алдына шығып, патшаға сәлем берип нәзеринде турады.

— Ата! Кеклиден кегимди алдым, өшлиден өшимди алдым. Енди айтқанымды етсең, атқа минип, биз бенен қайтасаң. Барып тахтыңа минип, журтыңа ийе боласаң, — деди.

— Уғлым! Хан қайтып қалаға бармайды. Ол журт бизге ҳарамға айланды.

Оннан соң Нураддин:

— Ата! Сөзинде жоқты қата. Атам айтып еди: «Әгер патша қайтса, өлтирме, балам, алып кел. Айтқанынды етпесе, таслап кетпе, геллесин алып кел» деп еди, — дейди.

— Әжеп, уғлым! Өлимге ыразыман. Еки рәкәт намаз оқыйын. Соған дейин тур, — дейди.

Еки рәкәт намаз оқыды. Кәлийма қайтарып, ийманын айтып, ҳаққа мойнын усынып турды.

Нураддин туў сыртына шығып, қылышын суўырып алып патшаға силтеди.

Тоқтамыстың геллеси,
Жерге түсти аллалап,
Тоқтамыстай патшада,
Тарыдай гүна жоқ еди,
Шуғыллардың тили менен,
Болып жүрген саўда еди.
Гүнасы жоғын буннан бил,

Қан орнына сүт ақты,
Тоқтамыстың геллесин,
Ақ найзаға қыстырып:
— Қулдан ўәзир қоясыз ба?
Қул тилине нанасыз ба? — деп,
Геллени жоқары көтерди,
Қудайтаала шул геллеге тил берди:

— Ҳә, балам! Қулдан ўәзир қойсақ ҳәм, қул тилине нансақ ҳәм, геўде төменде қалды, геллем еле де сеннен жоқары, уғлым, — деди. Геллениң тили байланды.

Геллени қоржынға салып, Көкше атын жетелеп, қайта берди Нураддин. Тоқтамыс ханды өлтирип, нешше ай, нешше күнлер жол жүрип, жетип келди Ноғайға.

Қой баққан қойшы, түйе баққан сәрўанлар жыйылысып, қосық айтып отырғанын көреди. Айтқан қосығына Нураддин қулағын салса, еситетуғын гәп емес еди. Кенжембайдың араға отты таслағанын сол ўақытта жалғыз билди.

— Атам ақыл, мен ақмақ екенмен. Атам хабардар, мен бийхабар екенмен. Кенжембайды бийкар қайтарған екенмен. Кенжембай келген екен, араға отты салған екен, — деп Нураддин тура берди сол жерде.

Жүйрик атлы, өткир қылышлы жигитлерди жолға шығарып қойып еди, «Нураддинжан киятыр, деп сүйинши сорасаң, қой инам беремен», —деп.

Әне, Нураддинниң келгенлигин ханға билдирип көп инам, көп ғулам патшадан сүйинши алды.

«Жалғызым киятырған болса, алдына шықпасам болмас», деп алпыс еки ҳәмелдар менен Нураддинге шыға берди.

Нураддин атасын узақтан көрип:

— Ҳә, ата! Сениң етер исиң бе? Мениң көрер түсим бе? Азған, алласына жазған. Бунда халыққа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

таңла ҳаққа болыпсаң енди шерменде. Бул ислердиң неден болғанын кимнен көремиз? — деп гәплей берди шул заман.

Нураддин атасына өкпелеп:

— Журтың ҳәм өзиндики, елиң ҳәм өзиндики, басымды алып кетпесем болмас, — деп ашыў менен сары ала атқа қамшы тартты Нураддин.

Ол қуданың қүдирети,
*Қолындағы қамшының,*
Бүлдиргиси үзилип,
Шығып кетти қолынан,
Едигениң оң көзине жетеди.
*Ағып түсти оң көзи,*
Қаратийин Әлип бабаның,
Сол ўақта келди қарғысы.

Әне, Едиге көзин ашып, түйедей шөгип, жыландай таўланып толғанды.

— Туўмай кеткир, туўдырдым,
Атың Нураддин қойдырдым,
Белиңе жеңил болсын, деп,
Қайыңнан садақ буўдырдым,
Көкирегиң өскин болсын, деп,
Қашқан жаўды қуўдырдым,
Уллыдан жесин тойды, деп,
Тоқтамыс ханды, жалғызым,
Гүнасыз ханды өлтирттим,
Ата деген мен болсам,
Урып көзимди шығардың,
Ақыретке не жүзиң менен барарсаң?

Әне, Нураддин мына сөзди еситип: — Атасының урып көзин шығарған Нураддин төре атанғанша, журттан шығып кетейин, еситпесин қулағым, бул журтты талақ етейин, — деп қасына қырық жигитти ертип, журттан шығып кете берди Нураддин.

## VII бөлим

Әне, сол кеткеннен кетти. Нешше ай, нешше күнлер жол жүрип, Пәрең патшаның журтына келди. Пәрең патшаның күнде бир қыз, бир қой жеп турған мусаллат айдарҳасы бар еди. — Сол айдәрҳаны ким өлтирсе, жалғыз қызымды беремен, — деп патша ўәде қылып еди.

Нураддин сол журтқа барып еди. Сол күни патшаның қызының нәўбети еди. Қызын байлап қойып еди. Нураддин сол күни жылап отырған нашардың көзи жасына рәҳими келип, сол айдарҳаның алдына шығып, қылышын кесе тутты. Айдарҳа адамзатты көрип, демин шекип еди, Нураддин тақат ете алмай, айдарҳаның аўзынан кирип, қуйрығынан шықты. Айдарҳаны өлтирип, патшаның қызын босатып жибере берди. Қыз ҳәм үйине келди.

Патша:

— Неге келдиң, қызым? — деп сорады.

Қыз:

— Сондай бир жигит келип айдарҳаны өлтирди, — деди.

Патша инанбай, адам жиберип барлатты. Тең бөлинип атырған айдарҳаны көрди. «Өлтирген екен», —деп патшаға келип хабар берди.

Патша бәледен қутылғанына той-тамаша қылып, баяғы жигит Нураддинди таптырып алып қызын берди. Қасындағы қырық жигитти ҳәм үйлендирди. Сөйтип, Пәрең журтында жети жыл дәўран сүрди.

Ендиги гәпти Едигеден еситиң:

Шийрин екен ботасы,
Мийирман екен атасы,
Жан ишинде шийрини,
Нураддиннен айырылып,
Жез қанаттан қайрылып,
Алтын тахтың үстинде,
Отыра берди атасы.
Өткен менен кеткеннен,
Сорайды жалғызының дәрегин,
Ҳеш жерден дәрек болмады,
Я өлисин, я тирисин,
Ҳеш бир адам билмеди.
— Мына көзим шықпақтан,
Мына көзим шықса да,
Жер сыйпалап қалсам да,
Жалғызыма айтпаўым екен,
Қатты қапа сөзимди, — деп,

Нураддин ядына түскен ўақытында не айтқанын билмеди, халқына бере алмай отыр еди төресин. Нураддин ядына түспеген ўақытта дуўры берди төресин.

Сөйтип, қайғы-ҳәсирет пенен алты жыл өтип, жетиленши жылда Едигениң дәўиринде бир кемпирдиң үш баласы бар еди, үшеўи де белгили ғана шор еди. Кемпир, үш бала, төртеўиниң ортасында бир ешкиси бар еди. Аўызбирлиги соншелли, ешкини гезек салып бағар еди. Төртеўи шеги түскен күнине қайыл болып, төртеўи ешкиниң төрт сатанын бөлип алып, пайласып алып қойып еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнлерден бир күн кемпир айтады:

— Балаларым! Бийкардан тәнирим безер. Қуры жата бермейик. Ноғайлының қырманына барып, қорығын алайық, аққула дермиз, үсир дермиз, ҳақы дермиз. Сөйтип қыс напақаны сол қырманнан табармыз, — деп балларына нәсият етти.

— Әжеп, апа, — деп, ылашығын бузып, төртеўи бөлип арқалап, ешкини гезекпе-гезек жетелеп, буўдай қырманның басына келди. Қырманның қорығын алып, сақшы болып отыра берди.

Ана қостан мына қосқа кирип, жем жеп, ун жеп үйренген ешкиге бир күни балаларының ашыўы келип, таяқты таслап еди, ешкиниң аяғы сынды, ол аяқ кемпирдиң пайына тийген аяғы еди. Ол-пул менен таңғышлап, аўзына келгенин айтып, балаларын қарғап, сөйтип қойып еди. Сол күни кемпирдиң гезек күни еди. Сол күни ешки бир қосқа кирди, аяғын түтинликке басып, аяғына орап қойған шүберекке от тийди. Ешки маңырап майданға шықты. Майданға шығып, шүберек алысып, ешкиниң жүнине тийгеннен соң, турсын ба, қай жерде томпайған қырман болса сүйкенип, ҳәммесине от берди. Қырманның ийелери келип кемпирди, балларын байлап Едиге ханға алып барды, патшаға арыз салды:

— Қырманның қорығын алып еди, қырманға от берип, бала-шаға сабаннан қуры қалды. Қырманды өртеди, тақсыр, — деди.

Патша кемпирдиң балаларынан сорады:

— Булар не айтады? — деди.

— Тақсыр, ырас айтады, — деди. Қырманның қорығын алғанымыз да ырас, от тийгени ҳәм ырас. Төртеўимиздиң ортамызда бир ешкимиз бар еди. Төрт аяғын пайласып қойып едик. Кемпирдиң пайына тийген аяғы еди. Сол аяғы таяқ таслағанда сынып еди, ол-пул менен таңғышлап қойып еди. Сол күни кемпирдиң ҳәм гезекли күни еди. Сол күни қырманға от тийди. Кемпирдиң пайына тийген аяғы ҳәм гезекли күни. Бул қырманның төлеўин кимге салсаң, соған сал, патшайым. Бизлердиң көргенимиз сол, — деди.

Оннан соң Едиге турып:

— Өзи кемпирдиң гезекли күни болса, ҳәм пайына тийген аяғы болса, әлбетте, буны кемпир төлейди дә, буны кемпир төлемей, еренлер төлей ме? Мама! Булардың төлеўин сиз бересиз, — деди.

Кемпир мына сөзди еситип, жан ийнине от түсип:

— Тақсыр! Жети күн мәўлет бер, — деди.

— Мама, жети күн емес, он төрт күн мәўлет болсын, — деди.

Кемпир мына сөзди еситип,
Шыға берди сарайдан,
Майданға шығып ойланды:
— Мына енди буўдайға,
Не жазып едим қудайға,
Шашымды жулып бергенде,
Басымды кесип бергенде,
Мына буўдай төлеўи,
Оның менен питер ме?
Бүйтип азап көргенше,
Жасаўылдың алдында,
Ол айдаўда жүргенше,
Ағып турған Едилге,
Кетип өлген жақсы, — деп,
Жөней берди зар жылап,
Жуўырып келди Едилге.

Өзин суўға атайын деп қолайласа, шийрин жан татлы, өзин суўға аталмай, Едилди жағалап, нешше мезгил жол жүрди. Кемпирдиң деми қысып, болдырып, кийимин шешип алып, топыраққа толтырып, қуйрығын жарға қойып, аяғын суўға салып, турған жерден шүмпе батып кетейин деп, отыр еди зар жылап.

Сары ала ат астында,
Алғыр қусы қолында,
Қырық жигити қасында,
Шыға келди бир жигит.

Тоғайдан қырға шығып, Едилден ат суўғарып болып қараса, аяғын суўға салып, кетип өлейин деп отырған бир кемпирди көрди. Баяғы сары ала атлы жигит қырық жигиттен айырылып, кемпирдиң жанына келди:

— Ҳә, мама! Өз жаныңа қаст етип, өзиңди суўға атып, кетип өлейин деп отырсаң. Патшаң зулым болды ма, балаларың харамы болып туўды ма? Кимнен көрдиң қорлықты? Кимлерден көрдиң зорлықты? Хабарыңды бер, — деди.

Кемпир турып сөйледи:

— Жолаўшы болсаң, жолға түс,
Өткинши болсаң, өте бер,
Мен бир сондай сорлыман,
Сорама, балам, дәртимди.

— Ҳә, мама! Гәпиңниң мәнисин айт, — деди.

Соннан соң кемпир сөйледи:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Едигедей ханымыз,
Тамамы қырман төлеўин,
Салды мениң мойныма,
Бүйтип азап көргенше,
Атып суўға өзимди,
Өлейин деп отырман, — деди.

— Мама, иймансыз өлме, өзинди суўға урма, — деди.
Кемпир:

— Әжеп, жигит, — деди.
— Ғайыптан келген сен жигит,
Мен бир сондай сорлыман,
Кеңесиң болса, бер жигит.

Баяғы жигит сөйледи:

— Едиге ханға барсаң,
Қайтадан арыз салсаң,
Сынық аяқ, өли аяқ,
Сүйреп барған саў аяқ,
Мына сөзди айтып патшаға,
Қуллық етип турасаң.

— Әжеп болар, балам, — деп жуўырып шыға келди. Қайғысыз ғәрийип уйқылап атырған балаларына тур-турлап, үлкенин теўип, ортаншысын шымшып, үшеўин ҳәм оятып алды.
— Ҳә, балаларым! Бизден бир сөз хата қалған екен. Едиге ханға барайық, қайтадан арыз салайық, — деди.
Балалары кемпирге айтты:
— Кеше болғанда Едиге маясын да берген жоқ, — деди.
Кемпир балаларына жалынып-жалбарынып Едиге ханға келди.
Патша:
— Қырманның ийелери мәмиле еткендей қәрежет таптың ба? — деди.
— Тақсыр ханым! Арзым бар: бийт тояр қаным жоқ, аяйтуғын жаным жоқ, таўып келген пулым жоқ. Бир кәлийма сөз қалған, соны сизге айтпаға келдим.
— Айта бер, мама, — деди.
— Айтатуғын сөзим:
— Сынық аяқ, өли аяқ,
Сүйреп барған саў аяқ,
Ендигисин өзиң билиң,
Журт ийеси патшайым.
Бул сөзди айтып кемпир ҳәм тура берди. Едиге патша мына сөзди еситип, ҳуўышы бастан кетип, көзи тынып, еси аўып алтын тахтың үстинде түйедей шөгип жатты. Бир майдан жатып, патша кәддине келип, дийўан молласын шақыртып, хат жаздырып, қырманның ийелерин шақырып алды. Баршасын қатар қойып: көбине көбирек, ортасына орта, аяғына азырақ ғәзийнеден шығарып, пулды қырманның ийелериниң алдына қойды.
— Адам қартайғанда дуўасы мүштарап, ендигиси, кемиси кемпирдиң дуўасы менен жетисер, — деди.
Патша кәтқудашылық етти.
Қырманның ийелери:
— Тақсыр! Қырманның түтини шыққанда үмитти үзип едик буўдайдан, — деди.
Ҳәммеси кемпирдиң пәтиясын алды. Кемпир қарыздан қалас болды. Кемпирди бир пинҳамы жайға апарып:
— Мама, буны саған ким айтты? — деди.
— Тақсыр, өзимниң тапқан ақылым, өзим айттым, — деди.
— Жоқ, мама, мына айтып келген сөзиң мениң жети жылғы ғайыбым Нураддинжанның төреси бул, — деди.

— Ашылған бағда гүлим,
Болар ма қабыл тилегим,
Ел шетине келген екен,
Жети жылғы ғайыбым.

— Мама! Ырасынды айта бер, — деди.Кемпир оннан соң ырасын айтты:

— Қырық жигити қасында,
Алғыр қусы қолында,
Ат суўғарды Едилден,
Қырық жигиттен айрылып,
Келе берди бермаған,
Сары ала атлы бир жигит,
Соның айтқан төреси, — деди.

Әне, Едиге Нураддин ядынан шыққан ўақытта төресин әдил беретуғын еди. Ол кемпирге берген төреси жети жылғы ғайыбы Нураддин ядына түсип отырғанда берген төреси еди.
Едиге кемпирге қарап:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳә, мама! Мениң ғайыбым ел шетине келген екен. Мениң айтқанымды етсең, сол Нураддинжанымның қос-қоланы, иргеси қай жерде екенин барып көрсең, — деди. — Әгер қолыңнан келсе, көширип алып келсең, — деди.

Кемпир:

— Әжеп болар, — деди.

Кемпирге көп ғулам берди, ҳәм бууйдайдың карызынан кутылып, ҳәм патшадан инам алып, кемпир жигирма бес жасар қәддине келди. Таяғын қолына алып, пешин белине шалып, Едилди жағалап, нешше мезгил жол жүрип, бир қайырға шыға келди. Қайырға шығып қараса, жигирмасы оңында, жигирмасы шебинде қурыўлы турған қырық отаўды көрди.

Қырық отаўдың ишинде.
Аланыя бир отаў,
Шаңарағы дәндәннан,
Уўығы бар гүмистен,
Босағасын борлатып,
Керегесин сырлатқан,
Жарасықлы болсын деп,
Үйине тутқан шийлерин,
Илем-билем менен,
Рәң йыраң етип,
Айтқастырып оратқан,
Отаўды көрди бул кемпир.

«Гүлшели бала сүймеген жақсы» деген, босқа бармайын, шөпшекти терип, басы-аяғын бирдей етип, бир дәсте отын қолтығына қысып отаўға келди.

Отаўға кирип қараса, тоты қустай таранған, ақ қуўдайын сыланып, орамалды қыя шалып, көргенниң есин алып, мысалы хүри-ғымрандай болып отырған бир нашарды көрди. Ол нашар тилладан есикке сүйенип отыр екен. Кемпир кирип барғанда, нашар жайынан турды. Ийилип мамаға сәлем берди.

— Ҳә, мама! Шайтанбысаң, жинбисең? Қайлардан келдиң, бул жерде ел бар ма? Хабарынды бер. Мен ҳаўлығып турман, — деди.

Кемпир:

— Балам, ҳаўлықпа, елди-журтты көрмей, өзлериң қайдан келдиң? — деди.

— Мен ырасымды айтсам, биз Пәрең журтынан келдик, мама, — деди. — Мен Пәрең патшасының қызыман. Атамның бир душпаны бар еди, сол душпанды ким өлтирсе, соған қызымды беремен деп, атам соған ўәде қылған екен. Қырық жигит ғайыптан келип, атамның душпанын өлтирди. Соннан соң атам мени усы жигитке берди. Жыл болды, елиме қайтаман деп, атамнан жуўап сорады. Соннан соң қасындағы қырық жигитин ҳәм үйлендирип, қырқына қырық отаў тигип, ал есе, «Хош келдиң, балам» деп, сол жигитке мени тапсырып, алды толы мал менен, кейни толы шаң менен, айдарлы қул, тулымлы гүң берди. Дүнья қыражы, пул менен жуўап берип, жолға шығырып салды. Көше-көше, қона-қона, жақында усы жерге келдик, мама, — деди.

— Бул жигиттиң аты ким? — деди кемпир.

— Атын Нураддин дейди, — деди.

— Нураддин деген ким, қай миллет? — деди.

— Билмеймен, — деди.

Кемпир:

— Сиз билмесениз, биз билемиз. Бул Нураддин деген Едиге патшаның баласы, пәлектиң гәрдиши, қуданың құдирети менен қолдан шығып кетип еди. Атасы Едиге патша баласы кеткеннен соң, шийрин екен бота, мийирман болар ата, перзенти ядына түсип, өткен-кеткеннен сорайды дәрегин. Ҳеш жерде дәрек таппай, алтын тахтың үстинде отыр еди гүңиренип. Жақында себеп болып Нураддинди көрдим. «Нураддинжан келген екен» деп патшадан сүйинши инам алдым. Едиге патша соннан соң мени жиберди. — Нураддинжанның қос-қолаңының, иргесиниң қай жерде екенин көрип кел, — деп жиберип еди. — Қолыңнан келсе, көширип алып кел, — деди. Балам, мен соған келип едим, — деди.

Оннан соң нашар турып:

— Ҳә мама! Бул жигиттиң баўыры қара тастан ҳәм қаттырақ. Буған қослас болғаныма жети жыл болды. Я елим, я халқым, ата-енем деп усы ўақытқа дейин аўзына алған емес. Ол айтқаның болмас, кеўлине жақпас. Әгер қырық мың ләшкердиң айтқанын етпес. Атасы менен мәлеллесип кеткен болса, изиңе ермес, — деди.

Оннан соң кемпир турып:

— Бесиктеги перзент ул ма, қыз ба? — деди.

— Мама, ул, — деди.

— Ул болса, айтатуғын сөзим бар. Нураддин қайда кетти? Құс салып кетти ме, қашан келеди? — деди.

— Кешке, мезгилге келеди, — деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Балам, қорықпа, ҳаўлықпа. Сол Нураддин келген ўақытта баланы шымшы, бала шырқырып жылар. «Баланы неге жылатасаң?» дер. Бала ашыўы — жан ашыўы, үйге жуўырып кирер. «Ҳә, жылағанда не қылады? Бунша шоршынасаң көз алдында жылап атырған балаға. «Атаңа не қылсаң, алдына сол келер» деген. Сен ҳәм биреўдиң усындай әдиўлеп сүйген перзенти, елиңнен, журтыңнан, ата-енеңнен хабар алмай, минекей, сениң жүрисиң. Бул ҳәм сендей болып кететуғын болса, бундай бала керек емес» деп атып ур, — деди.

— Әжеп, мама, — деди.

Кемпир буны айтып, отаўдан шығып, және бир үйге кирип отыр еди, әне сол ўақытта,

Қус төреси қуў еди,
Қуладин қустың қулы еди,
Қуладинди қайтарып,
Қуў илдирип жүр еди,
Қәлпелиги соншелли,
Қуладинин қашырып,
Жаўатуғын булттай болып,
Жетип келди Нураддин.

Келип аттан түсти, кемпирдиң айтқанын қылып, баланы ҳаял шымшып, бурап алып еди, бала шырқырап келип жылады.

— Ҳә, атаңа нәлет! Баланы бунша неге жылаттың? — деп үйге жуўырып кирди.

— Ҳә, жылағанда жаны шықты ма?! Көз алдында жылап атқан балаға шоршынып, бунша жаның ашыйды. «Атаңа не қылсаң, алдыңа сол келер» деген. Сен ҳәм усындай биреўдиң әдиўлеп сүйген перзенти. Елиңнен, халқыңнан айырылып, ата-енеңнен хабар алмай, минекей, сениң жүрисиң. Бул ҳәм сендей болатуғын болса, бундай бала керек емес, ертерек өлгени абзал, — деп атып урды баланы.

Нураддин мына сөзди еситип,
Испиҳан өткир қылышты,
Суўырып алды қынаптан,
Қабына сыймай жүреги,
Қайтармекен қәҳрим деп,
Шыға берди далаға.
Урды тасқа қылышты,
Қара тасты қақ бөлди,
Қәҳри келип Нураддинниң,
Қайтып кирди отаўға.

Отаўда солқылдап жылай берди. Қырық жигит Нураддинниң жылап отырған сестин еситип, жуўырып қасына келди.

— Нураддиндей төремиз,
Буны кимнен көремиз,
Ес-ақылыңнан айрылып,
Бунша неге жылайсаң?
Жылағаныңнаң мәнисин айт,
Нураддиндей төремиз, — деп,
Қырық жигит турып сорады.

Нураддин жайынан турып:
— Қәўендерим, ғамқорым,
Жолдасым едиң қырық жигит,
Мен жыламай, қәйтейин,
Жылағанның мәнисин,
Сизлерге баян етейин.
Шийрин екен бота,
Мийирман екен ата,
Көз алдымда жылаған,
Балаға жаным шоршынып,
Ашынаман, қырық жигит,
Ата-енемнен айрылып,
Жети жыл болды кеткеним,
Атам мендей «перзентим» деп,
Ети кетип, сүйегине,
Тақалғанды бул ўаққа,
Хабар келди атамнан,
Дәрриў көшкил, қырық жигит.

Елге зар болып жүрген қырық жигит мына сөзди еситип, ўақты шәндан хош болып, үйлерин жығып, түйеге артып, Едиге ханның журтына көше берди. Нураддин қырық жигитти шақырып алып:

— Бул журтта жақсы да бар, жаман да бар. Ким билип, ким билмесин. «Атасының урып көзин шығарған Нураддин» деген сөзди қулағым еситпесин, ақшам көшиң, күндиз жатың. Ақшам ишинде қалаға барың. Күндиз жүре көрмең, — деди.

Ақшам көшип, күндиз жатып, нешше күнлер жол жүрип, ярым ақша болғанда қаланың алдында Қаражылға деген сайға әкелип үйлерин тиге берди. Булардың көшип келгенин ҳеш бир адам билмеди.

Нураддин турып еки адамды Кенжембайға буйырды:

— Кенжембайдың үйине барың, тири болса келсин, өзиниң жаққан оты еди, өзи келип өширсин. Әгер Кенжембай өлген болса, гөрин ашып, сүйегин өртеп, самалға тартып келиң, — деп еки адамды буйырды.

Булар көшеме-көше аралап, Кенжембайдың жайына келди.

— Кенжембай! — деп қышқырды, жатып үйде сес берди. — Нураддин төремиз келди, сизди шақырып атыр, соған жүресиз, — деди.

Кенжембай мына сөзди еситип, баяғы еткен ислери сол ўақытта ядына түсип, өлмесе де өлимши болып, силеси қатты да қалды. Силеси қатып жатқан Кенжембайды көрди. Кенжембай жайынан

www.ziyouz.com kutubxonasi

турмады. Биреўи аяғынан, биреўи басынан көтерип, Нураддинниң алдына алып барды. Нураддин қынаптан қылышты суўырып алып, Кенжембайдай шүрегөйдиң заманасын қуўырды.

— Ҳә, Кенжембай! Жүз адамның ишинде жиберип едим азат етип өзинди. Жақсылықты билмедиң.

Бир кесеге зәҳәрди қуйды да:

—Я буған қайылмысаң? Болмаса өзиңниң жаққан отың еди, өзиң өширип, атама биймәлел етип қосамысаң? — деди.

Кенжембай турып:

— Қырқылмаса тилим, шығып кетпесе жаным, қамырдан қыл суўырғандай етип, атаң менен, ийшалла, көристиремен, улым, — деди.

Ҳасыл таўардан алдырып, көктен тонды тиктирди. Кенжембай үстине кийип:

— Нураддинжан, артыма шығып, тонның ишине кирип көр, — деди.

Кенжембайдың арқасында отыратуғын Нураддин бе, десе де, атасының урып көзин шығарған Нураддин төре деп, биреў болмаса биреў айтып сала ма деп, Кенжембайдың сыртында пошшадай болып отырды.

— Нураддинжан, Кенжембайдың артында отырдым деп кеўлиңе келмесин. Атаңның қарғысы қара тастан өтеди. Көз ашыўы менен қарғап жүре ме, әўели меннен өтсин, оннан соң саған жетсин, деп жасырып қойыппан, — деди.

Нураддинниң баласы, Едигениң ақлығын көтерип, патшаның арыз сорап отырған жерине бара берди.

— Ҳә, жалғызым! Азанғы ашыўына барып, атаңның бәддуўасын алмайық. Чайын ишип, жазылысып болғаннан соң, барайық, — деп есикке келип, бир майдан турды.

Чайын ишип жазылысып болғаннан соң қолында айбалтасы бар жасаўыл басы шығып:

— Арзашы болсаң кел, — деп хабар берди.

Әне, Кенжембай баланы қушақлап, Едиге ханға бара берди. Сәлем берип қуллық етип, нәзеринде турып еди. Едиге патша Нураддинди алып келгенин сол ўақытта билди. Едиге сөйледи:

— Ҳә, жалғызым!
Қара суўға қан қуйсаң,
Суўды қайдан ишерсең?
Қара арғымақ қатырсаң,
Атты қайдан минерсең?
Ғаўданлы жерге от қойсаң,
Отты қайдан отларсаң?
Ата деген мен едим.
Урып көзимди шығардың,
Ақыретте қудайыма,
Не деп жуўап бересең?

Сол ўақлары Кенжембай Нураддин болып сөйледи:

— Қара суўға қан қуйсаң,
Суў тынығын ишермен.
Қара арғымақ қатырсаң,
Арғымақ таңлап минермен,
Ғаўданлы жерге от қойсаң,
Оттың ушын шаларман.
Урып көзин шығарды деген
Жаман атты көтерсем,
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Ибрайым қалийл салған Кәбаға
Хәжиреў болып барарман,
Кәбаны үш мәртебе айланып,
Бәршаларды халық еткен,
Гүлли мениң гүнайымды,
Бир алладан тилермен.
Белиңнен мәдет кеткенде,
Мәдарың еди Нураддин,
Дизиңнен қуўат кеткенде,
Қуўат болар Нураддин,
Қайт, Едиге, қайтсаңа!
Жалғызымның гүнасын,
Едиге патша, кешсеңе!
Қара көзден нур тайса,
Ғарға адым жер мың болғанда,
Көзиң еди Нураддин,
Қайт Едиге, қайтсаңа!
Қатты ғабай сөйлерге,
Сөзиң еди Нураддин,
Алладан ҳәмир болғанда,
Басыңа күнлер туўғанда,
Қамыстың басын буўғанда,
Қостарың еди Нураддин.
Едигедей патшайым!
Тилегимди берсеңе,
Жалғызымның гүнайын кешсеңе!
Алдым бийик, артым жар,
Айланарға жерим тар,
Еки көзиң шамшырақ,
Бири шықса, бири бар,
Алты айлық ағыр журтта,
Нураддиннен басқа сүйенерге,
Жалғыздан басқа кимиң бар?

Патша турып сөйледи:

— Таўып айттың сөзинди,
Сарғайттың ақша мәгзимди,
Жалғызым, қарғап нетейин,
Қарғысым қара тасқа,
Мақсетиме жетейин,
Етип жүрген исинди,
Тыңла мына сөзимди,
Саған баян етейин:

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қус төреси қуў еди,
Қуладин қустың қулы еди,
Қуладинди қайтарып,
Қуў илдирдиң жалғызым,
Бул гүнанды қәйтейин?
Қасындағы қырық жигит,
Бәршеси де қул еди,
Ақ сүйектен арыў сайлап сүйдирдин,
Бул гүнанды қәйтейин?
Ийтке берсең асыңды,
Ийтлер тартар лашыңды,
Қуллар кесер басыңды,
Қасындағы қырық жигит,
Бәршесиде қул жигит,
Қул кесер деп ойлайман,
Жалғызым, сениң басыңды.
Туўып едим периден,
Болып едим ўәлийден,
Қарғысым қара тастан өтеди,
Сени қарғап нетейин,
Қарғамай-ақ кетейин,
Қарғысым қара тасқа,
Мына көзим шықпастан,
Мына көзим шықса да,
Жер сыйпалап қалсам да,
Қандай гүнаң болса да,
Ақлығым ушын өтейин.

Өзиниң туўған анасы,
Хожаның қызы Қарашаш,
Туўмаса да туўғандай,
Емшек сүтин бермесе,
Көңил сүтин бергендей,
Туўмаса да туўғандай,
Сәтемир ханның қызы,
Анасы еди Ақбилек,
Едигениң досты еди,
Аңғысын менен Тыңғысын,
Төртеўлери қосылып,
Белбеўин мойнына салып,
«Қарғамағай жалғызды» деп,
Барып үйден сығалап,
Шийге асылып тур еди,
«Гүнанды өттим» дегенде,
Шуўлап кирди отаўға.
Ана, ата, енеси менен көрисип,
Қозылы қойдай маңырасып,
Жаралы қуўдай сыңсысып,
Жалғызы менен көристи,
Сәтемир қызы Ақбилек.
Молла еди жетилген,
Алып келди китапты,
Едиге ханға көтерип.
Ол китаптың хабары:
«Ол он еки мүшениң,
Биреўи кемис болса да,
Патшалыққа жарамайды»,
Деген сөзди Едиге,
Ол китаптан көреди.
Сол ўақлары Едиге,
Нураддиндей жалғызды,
Алтын тахқа миндирип,
Қалаға жарды урады,
Дәўир кимниң дәўири,
Нураддин ханны дәўири,
Заман кимниң заманы,
Нураддин ханның заманы,
Қалаға жарды урдырды,
Далаға жарды урдырды,
Кемликтиң қәмалы бар,
Қәмалға жетип Едиге,
Жалғызды тахқа миндирип,
Сөз әда, гәплер тамам,
Болды дейди бул жерде.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

58 - ТОМ



# МӘСПАТША

*Төре жыраў Бегман улы*
*Жазып алған: Қ.Айымбетов*
*(1934-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы өткен әйямда,пайғамбар кәдим заманында,ҳаслы кенегес ўәлаятында,әне,Әбдикәримбай дегеннниң уғлы Мәспатша деген дүньяға келди.

Әне,Әбдикәримбай мешит-медресе салдырып,нийет етип,улын мектепке берди.Жети жыл мектепте оқыды,дәристи тамам қылды.Әне,жигит болып кәмалға келди.Кенегес ўәлаятында өзине ылайық яр таппай,алты ай қырық күн жол жүрип,Шыршық дәрьясының бойына барды.

Шыршық дәрьясының бойында алты ағайинли бай бар екен.Ол алты ағайинли байдың жасүлкени Лапақбай деген екен.

Лапақбайдың хан айттырса бермеген,қараны көзге илмеген Айпарша атлы қызы бар екен.Әне, султаны Мәспатша араға бир сөз салды,әне,Айпарша қызды айттырып ғана алды.Нешше ай,нешше күн күйеўлеп келип жүрди.Әне,арадан нешше ай,нешше күн өткенде Лапақбай қызын узатар болды. Қырық нар менен,мысқал мың тиллалықтан зер билен,әне,султаны Мәспатша узатып алар болды. Сол ўақытта Мәспатша қайнатасына арыз етти:

— Әй,хан ата,мениң халқым узақ,әскерлерим ҳәм жырақ,сениң малы-мүлкинди мениң журтыма асырмағым ғазабы маған қыйынырақ.Қызыңа жүйирик тәўир ат миндирсең,қарыў-жарақ қосындырсаң, әне,Айпарша қызынды мениң кейниме ертсең,— деди.

Әне, «әжеп болады» дейип, Қатаған деген халқына барды. Әне, малыў-дүньяны үш бөлди, бир бөлимин жүйрик Сандал ат деген ат бар еди,бир бөлимин Сандал атқа берип,Сандал атыны сатып алды.Айпарша қызға тиккен отаўдың алдына жетелей барды.

Мақпалдан салды ерликти,саханаттан терликти,зәртең-зәбертең,әне,султаным,әне,мустаккам атыны қолынан йерлеп алды.Әне,Айпаршаға қарыў-жарақ қосындырды.Көтерип Сандал аттың белине миндирди.Әне,султаны Мәспатша күйеўдиң кейнине ертти.Сол ўақытта ата-енеси ботадай бозлап,бөлинген қойдай жамырап,Айпарша қызының кейнинен қала алмай ере берди.Сол ўақытта ата-енелерине қарап зар жылап,«қала берсең болмай ма» деп не дейди екен:

— Бәҳәр болмай бағдан гүллер терилер,
Өлмегенлер ақыр заман көрилер,
Жыласпай қал,еки бирдей ғаррылар,
Сен жыласаң,нашардың кеўли бузылар.

Алма көзли нар бедеўлер сүрилер,
Тыйық тиймей жаным теннен үзилер,
Йығласпай қал,еки бирдей ғаррылар,
Сен йығласаң,нашарман,кеўлим бузылар.

Қарқарам бар шул басымда шоқтан шоқ,
Сүрдим дәўран тама елде аздан көп,
Жыласпай қал,еки бирдей сорлылар,
Ҳаслым нашар,бир кеткен соң келмек жоқ.

Сол гәплерди еситеди енеси,көкирегине сыймай жаны тенеси,жуўыра барды Айпаршаның алдына, таслай берди еки қолын мойнына:

— Айпарша қыз един,сенсең қырағым,
Сен кеткен соң ким болар ҳалдан сорарым,
Улдай көрген перзентимнен айрылып,
Бүгин сөнер болды мениң шырағым.

Жылаў менен көзде жасым көл болып,
Қызым кетип,жигербентим қум болып,
Улдай көрген перзентимнен айрылдым,
Ақ таўларым қалар болды көл болып.

Халық әйлеген бергей мениң тилегим,
Ақ найзаға палўан көрдим билегин,
Биле-билсең,баламды алған баламсаң,
Арзымды есит,қызымды алған күйеўим.

Айрылмайын қолда дүнья-малымнан,
Қызым кетип,от шықпай ма тенимнен,
Биле-билсең,баламды алған баламсаң,
Хабардар болагөр ғәрип ҳалынан.

Мен қарап жылайман жолдың төзине,
Ата-енең қалар йығлап изинде,
Көргенимше күнлер жақсы,перзентим,
Мен қайылман жаратқан ҳақтың өзине,—

деп ата-енеси йығласып дуўа-пәтиясын берди. Сол ўақытта султаны Мәспатша жуўап алып, Айпарша қызды узатып,ата-енесин йығлатып,султаны Мәспатша алдында,Айпарша қыз кейнинде, Кенегес журтына жолға рәўана болып кетип баратырған жери шул.

Тақты маржан сәдепти,
Қыздың бағры кәбапты,
Ата билен енеси,
Йығласып берди жуўапты.
Ата билен енеден,
Белли жуўап алады,
Атларын жолға салады,
Ата билен енеден,
Тама халықтан айрылып,
Айпарша атлы шул нашар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки көзи кейнинде,
Жолда йығлап барады.
Шаппай аты майрылып,
Жез қанаттан қайрылып,
Айпарша жылап барады,
Ел-елаттан айрылып.
Айпарша атлы шул нашар,
Астына минген Сандалды,
Қайырып жолға салады,
«Шүў» деп қамшы урады,
Астындағы Сандал ат,
Ҳаўлыққаны майданда,
Тер қыстағы болады,
Қуйрығын сыртқа салады,
Ат желкесин гүзеди,
Жибер деп суўлық сүзеди,
Полат дойнақ қызады,
Қулақларын қайшылап,
Сағырдан аққан терлери,
Қара жерге тамады.
Ат дүзелип шабады,
Қәтептей аўзын ашады,
Омыраўдан көбик шашады,
Бас бермейди Сандал ат,
Айпарша атлы шул қызды,
Таўға алып қашады.
Айпарша қыздың көрки еди,
Атқа нашар берк еди,
Сүре алмады дәўирди,
Айпарша көрди жәбирди,
Ат жылаўын көп тартып,
Айпарша атлы шул қыздың,
Нәзик қолы аўырды.

Әне,шул ўақытта Айпарша қыз султаны Мәспатшаның қасына барды,Мәспатшаға қарап:

— Үш күн болды,бизиң Сандал ҳаўлықты,
Дәрбент жолға телмирип бедеў қарайды,
Бизиң аттың ҳаўлыққаны басылғай,
Келгил,төрем,ат шабысып көрейик.

Жер мен көкти халық әйлеген бирубар,
Ата-енем қалды жылап интизар,
Арзымды есит,жигербендим,султаным,
Жамалыңның айтатуғын арзы бар.

Ылғал көрмей ат қуйрығын тарайды,
Ата-енем кейнимде йығлайды,
Үш күн болды,бизиң Сандал ҳаўлықты,
Дәрбент жолға ол телмирип қарайды.

Бәҳәр болмай бағдан гүллер термедим,
Елатыңа барып дәўран сүрмедим,
Дәрбент жолға телмирип бедеў қарайды,
Дәрбент жолда нениң барын билмедим.

Ылғал дүзип ат қуйрығын өрейик,
Елге барсақ қосылып дәўран сүрейик,
Бизиң аттың ҳаўлыққаны басылғай,
Келгил,төрем,ат шабысып көрейик,

Әне,Мәспатша Айпарша қыздың шул сөзини еситип, қәҳәри келди.

— Ҳа,енеғардың қызы,атаң ҳәм жилли,енең ҳәм сырры еди,сениң солардан туўыпсаң,сен ҳәм бес бетерирек жилли,жети қумның ийрими ўәде болсын,саған берген мениң тайлығым болсын. Жети қумнан асып,меннен жуўап,қаш,— деди.

Әне,Айпарша қыз бул сөзди еситип,Мәспатшадан жуўап алып,алдында қашты,Мәспатша кейнинен қуўып,екиси шөлде қуўып-қашып баратыр.

Әжел майын ишеди,
Кепин тонын пишеди,
Ярынан алды жуўапты,
Айпарша қыз қашады.
Шөлде қуўдаласады,
Мәртликке белин буўады,
Бедеўге күнлер туўады,
Алдында қашқан ярының,
Мәспатша атлы шул ерди,
Шул кейнинен қуўады.
Батыр минген Мәнжүн ат,
Алды аяғын кереди,
Артқы аяғын тиреди,
Атқа тумар тағады,
Жулдыз киби ағады,
Жылдырым сыпат шабады,
Ол төбе менен бул төбе,
Қаршыға яңлы қанатлы,
Ғарғадай қайып қонады,
Алдында қашқан ярына,
Жақынласып барады,
Қуўып жетип кейнинен,
Шаўғылап изинен келеди,
Жаўлар сөйтип шаншар деп,
Айпарша атлы шул қыздың,
Жегдесинен шаншады,
Жегдесин алып қашады.
Айпарша атлы шул қыздың,
Белли қәҳәри келеди,
Қайырады бедеўди,
Сандалды жолға салады,
Алдында қашқан ярының,
Кейнинен қуўып барады,
Батыр минген Мәнжүнге,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нашар минген Сандал ат,
Қуйрыққа басын урады,
Зәңгилесип барады,
Зәңгилесип барғанда,
Журт ийеси төрем деп,
Ойын бундай болар деп,
Кәмарға қолын урады,

Мәспатша атлы төрени,
Айпарша атлы шул нашар,
Аўдарып аттан алады.
Гә аўдарып қыз алса,
Гә аўдарып мәрт алып,
Мухамметтиң шөлинде,
Таласып ойнап барады.

Әне,бул еккиси ҳәм ойнап кете берсин,ендиги гәпти-сөзди кимнен еситиң,әне,қалмақтың ханы Бабахан Айпарша қыздың жети жасынан бери аятына ашық еди.

Лапақбайдың қызы,айтқызса бермес назы,еки жигит бас қосса аўзында сөзи,кенегес ели атынан Әбдикәримбай дегенниң уғлы султаны Мәспатша деген келип Айпарша қызды узатып алыпты, деген хабарын еситип,Дәрбент деген табан жол,сығарған атқа жаман жол,Дәрбентке барып,оңына қала салдырып, шебине қала салдырып, Дәрбентке ҳәм бадалға толтырып, қалмақлардың буққы мергенлери бағып жатыр еди. Әне, сол күни қалмақтың майрамы еди. Мәспатша менен Айпарша қыз,әне,Дәрбенттен ат ойнатып өтип кетти. Қалмақлар буннан бийхабар қалды. Бабахан патшаның ҳайярый, мәккарый бир бабасы бар еди, шул бабаның жүйрик байталы бар астында, қанжары бар дәстинде, шул бабаның жасыны сорасаңызлар, жасы ҳәм бабаның жетпис бес жасында, шул баба ҳәм жүр еди Айпарша қыздың қастында. Шул баба байталдың белине минди,қалмақлының Дәрбент жолына барды, еки бедеўдиң Дәрбенттен өтип кеткен изин көрди. Әне, Мәспатша менен Айпарша қыздың өтип кеткенлигин көрип, Бабахан патшаның бәргасына барып Бабахан патшаға қарап, «ашығың өтти үстиңнен» деп, әне, көриң, не айтады екен:

— Таланда қалсын дүнья-мал,
Сизден қурбан шийрин жан,
Ашығың өтти үстиңнен,
Тезирек атлан Бабахан.

Қурылып ақлы шатырлар,
Өтипти қайсар батырлар,
Ашығың өтти үстиңнен,
Тезирек атлан кәпырлар.

Ат сүринген гүлли даш,
Ақмағай көзден селли яш,
Ашығың өтти үстиңнен,
Тезирек атлан, қызыл баш.

Қыз тағып маржан садапты,
Хызметте бағрым кәбапты,
Өзлериңиз бармасаңыз,
Бериңиз бабаңа жуўапты.

Әне,баба сол жуўапты айтты. Қалмақтың қараўылханасын Бадалғы таў деп ат берер еди. Әне,баба байталға бир мәўрит қамшы басты,байталы секирип кетти. Барып Бадалғы таўдың үстине түсти. Баба дүрминши баба еди,қолына дүрмин алды,алдына-кейнине серлеп қараса,сол алдында үш мезгиллик жолларда таласып ойнап баратырған Мәспатша менен Айпарша қызды көрди. Баба байталды жолға бурып алды,пәтлирек етип бир мәўрит қамшы басты.Әне,бабаның минген байталы таў үстине қонды. Әне,бабаның байталы Шағыртаў дегенниң үстине түсти.Және баба қолына дүрмин алды,және баба алдына-кейнине серлеп қараса, енди үш мезгиллик жолда кейнинде киятырған Мәспатша менен Айпаршаны көрди. Баба алдына түсип кеткен еди. Баба қыял ойлады: өтетуғын жол екен, белгили мәсканлы жер екен,деп баба байталдан түсти,байталын жетелеп,алдында қараўыл болып жүре берди.

Ендиги гәпти Айпарша қыздан еситиң. Әне, Айпарша қыз сол ақшам нашарлық етип қалғып киятыр еди, Айпарша қыз көзин ашып қараса, ол таў менен бул таўға ат қойып, Шағыртаўға қарап телмирип бақып келатқан ярын көрди. Айпарша қыял ойлайды: ўа дарийх, әжел дарийх, ҳаслым бендемен,нашарлық етип киятыр екенмен,султаны Мәспатша ярымның душпаны көп екен,қәўипли-қәтерли жери бар екен, — деп, әне, Мәспатшаға қарап:

— Жылаў менен ақлым мениң болды лал,
Қара шөлде таланбағай дүнья-мал,
Арзымды есит, жигербендим султаным,
Жамалыңның айтатуғын арзы бар.

Сен келесең узақ жолдан ат қойып,
Өтер өмирим Патпа пирге қол жайып,
Жекке жаным, нийерғанаң аўырды,
Ақша жүзиң кемлик пенен сарғайып?

Сүре алмадың өз халқыңда дәўирди,
Ҳаслым нашар, жолда көрдим жәбирди,
Ақша жүзиң кемлик пенен сарғайып,
Жекке жаным, нийерлериң аўырды?

Ылғал көрмей ат қуйрығын тарайсаң,
Паны болсаң, саўаш күнге жарайсаң,
Сол алдыңда әжеп қара көрдиң бе?
Шағыр таўға тигилесең қарайсаң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ылғал күни ат қуйрығын өрейин,
Елге барсаң,қосылып дәўран сүрейин,
Қара көрген жерге нусқа,сәўер ярым,
Сен көрген қараны мен хәм көрейин.

Әне,Мәспатша Айпаршаның бул сөзин еситип,Айпаршаға не жуўап айтады:

— Бедеўлер шомылды таза терлерге,
Яд етип сыйынған кәмил пирлерге,
Кәпыр қашты,бизлер қуўдық,Айпарша,
Жаңа келдик душпан өткен жерлерге.

Бәҳәр болмай бағдан гүллер терилген,
Наданлықтан абырай қолдан берилген,
Сен бизлерден қырағы болсаң,Айпарша,
Нелер болар Шағырлы таўда көринген?

Ат шапқанда бәлент таўлар пәсмекен,
Шул көринген душпанмекен,досмекен,
Шағыртаўда елеслейди бир қара,
Адамзат па,яки қара қуспекен?

Ат шаптырмас бәлент таўдың қыяғы,
Тас қақса,төгилер бедеў дойнағы,
Сен бизлерден қырағы болсаң,Айпарша,
Неге мегзер шул қараның сыяғы?

Батырлықтан көтеремен дабылды,
Бир яр ушын көрип жүрмен жәбирди,
Сен бизлерден қырағы болсаң,Айпарша,
Сол қарадан тезирек бергил хабарды.

Әне,сол ўақытта Айпарша Мәспатшадан сол сөзди еситип,Шағыртаўға қарап,алдында көринген қараны танырмекен,танымаспекен деп,Мәспатшаға қарап не жуўап айтады:

— Ашылмаған бәҳәр бағда гүлинде,
Ҳәр ким султан дейди туўған елинде,
Абырай барда қайт кейниңе,султаным,
Соннан аман бара алмайсаң елиңе.

Жүк көтерген қатеренде нарлықты,
Қалмақ заңғар етер пейил тарлықты,
Абырай барда қайт кейниңе,султаным,
Жолдан шығың абырайың барлықта.

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Себил екен сендей мәрттиң қаласы,
Шул наймыттың сақаллары ақ екен,
Басында бар екен гөне сәллеси,
Шул көринген қалмақтың хайяр бабасы,
Үш мезгиллик жол екен,төрем,арасы.

Сол ўақытта Мәспатша бул сөзди еситип,Мәспатша Айпарша қызға күйеўлеп кетип жүретуғын еди,Дәрбентке келип кәпырлар менен урыс салып,кәпырларды Мәспатша қырғын қылып өтер еди. Мәспатшаның ерлиги сондай,белли душпаным бар дейип қайын атасына,қайын енесине,өзиниң қарындас қайинлерине айтатуғын еди,әне,Мәспатшаның қәҳәри келип:

— Енеғардың қызы,бул қалмақларға келип саған күйеўлеп келип-кетип жүргенде,қалмақларды қырғын қылып өтип жүргенде,сен маған ақыл берген,кеңес берген сен енеғармедиң,— дейип,аттың жылаўын бурды,Шағыртаўға жақын барды.

Ат шабылды жолдың майдан басына,
Көрген қайыл қалар қәдди-бәстине,
Шул бабаның изи бар да,өзи жоқ,
Шаўып шықты Шағыртаўдың үстине.

Қарқаралы шул басында шоқтан шоқ,
Елатында дәўран сүрди аздан көп,
Шаўып шықты Шағыртаўдың үстине,
Шул бабаның изи бар да,өзи жоқ.

Әне, шул бабаның изин қуўалап, ат қойып кетип баратырса, басында сәлле, ийнинде мәлле, сақалы ағарған ғарры баба қублаға қарап тәсписин санап отырғанын көрди. Ат ойнатып бабаның алдына барды,тәңир сәлемин берди,баба хәм Мәспатшаның сәлемин әлик алды. Баба Мәспатшаны көрип,шашырап турып,Мәспатшаның алдына барды. Мәспатшаны алдап-арбап,Мәспатшаға қарап «пириңмен» деп жалғанлық пенен не деп айтар екен:

— Қол қаўсырып бердиң бизге бир сәлем,
Тақатым көрмесем жоқты мәдарым,
Биздей бабаң жамалыңнан айналсын,
Аманбысаң,екки бирдей жан балам.

Күннен күнге болған бетер бул дәртим,
Сениң ушын артты жапа-мийнетим,
Биздей бабаң жамалыңнан айналсын,
Аманбысаң,екки бирдей перзентим.

Мен нәйлермен жолдың алыс-жырағын,
Жети жылда көрдим быйыл дерегин,
Биздей бабаң жамалыңнан айналсын,
Аманбысаң,екки бирдей шырағым,

Бүлбил ушып,қарға қонған гүлинди,
Енди сөйлетермен шешен тилимди,
Аттан түсип неге алмай турсаң қолымнан,
Танымадың мендей уллы ғаррыңды,
Сағыныппең мәгер туўған елинди? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, сол ўақытта Мәспатша секирип аттан түсип зияратласты. Айпарша қыз Мәспатшаның наданлығын билди, Мәспатшаға қарап бармағын тислеп, «әй, султаным, бул сениң пириң емес» деп не жуўап айтпақшы:

— Ашылмаған бәхәр бағдың лаласы,
Себил екен қалмақлардың қаласы,
Абырай барда тезирек атлан, султаным,
Пириң емес, бул қалмақтың бабасы.

Бедеў минип ара шөлде желгенди,
Қартайғанда қыз ышқыдан өлгенди,
Абырай барда тезирек атлан, султаным,
Ҳайяр бабаң изден қуўып келгенди.

Қәдир алла дерсең шул күн тилегим,
Ақ найзаға палўан көрдим билегиң,
Абырай барда тезирек атлан, султаным,
Пирим десең, таўда қалар сүйериң.

Мен қарап жылайман жолдың түзине,
Пирим десең, салар сепкил жүзиңе,
Пирим десең қалағойың изинде,
Тигилгей бетине қара жүзине.

Бабаның реңки-бойына қарап Мәспатша қыял ойлайды: «тиллери шийрин баба екен, итимал қалмақтың бабасы шығар» дейип, Мәспатша аттың жылаўын бурды. Сол ўақытта баба шәпиклик етип, аттың танабын алды, жети қабатлап мойнына салды. Мәспатшаға қарап:

— Бул енеғардың қызының жүзиниң қызылы болмаса, бойының узыны болмаса, көп бир зәҳәр екен. Қалмақ болсам буны неден билермен? — деп, Мәспатшаға қарап және баба не жуўап айтады:

— Диниң ҳақдур, Мухамметтиң динисең,
Ҳаслың пәкдур, бир қуданың қулысаң,
Қалмақ болсам буны қайдан билермен?
Әбдикәрим байдың жалғыз улысаң.

Жағаң селлер болды көздиң жасына,
Қайыл болдың ҳақтың еткен исине,
Қалмақ болсам буны неден билермен?
Уғлым, кирдиң быйыл он төрт жасына.

Узақ жолдан бедеўинди шаппадың,
Батыр болып халқыңа дабыл қақпадың,
Алты ай сергиздан боп ноғай халқыңа,
Өз бойыңа ылайық яр таппадың.

Миндиргенмен Мәнжүн аттың белине,
Тез-ақ дуўшар қылдым нәмәрт қолына,
Алты ай қырық күн жылаўында жуўырып,
Баслап бардым көп Таманың елине.

Тилладан питилген гүмис сазысаң,
Айттырғанда опа бермеген ўазысаң,
Қалмақ болсам буны неден билермен?
Лапақбайдың улдай көрген Айпарша атлы қызысаң.

Сүре алмадың өз халқыңда дәуирди,
Қалмақ десе мен көрермен жәбирди,
Қалмақ болсам буны неден билермен?
Жети жаста қаста болып аўырдың.

Узақ жолдан бедеўимди шапқанман,
Айпарша деп жанымды отқа жаққанман,
Үш ай қәсте болып, қызым, аўырдың,
Өзим барып үш жанлық пен қаққанман.

Келмей думан бул басымда жаўды қар,
Хан қәдеси мен болыппан пәнтқумар,
Пирмен дейип бизлер ялған сөйлесек,
Пир ялған сөйлесе, урар бирубар.

Баба сол қызға жети жасынан бери ашық екен. Лапақбай дегенге барып ҳәкиммен, тәбиппен деп келип, Айпарша қыздың тамамы беденлерин жалаңашлап көрип, бабаның алдап кеткени ырас еди. Баба сол гәпти айтқанда Айпарша қыз ойланып турса, бабаның айтқан сөзиниң бәри ырас, Айпарша «егер сол баба пир болса» деп қыял етип, бабаның алдына барып:

— Жаздық, жаңылдық, әй, баба, қолыңды бер, — деди.

Сол ўақта баба турып:

— Әй, енеғардың қызы, қарамадың өзиме, инанбадың сөзиме, пириңмен деп айтқанда сөгип един-аў көзиме, — деп өкпелеңкиреди. Былай қарап турды, және баба турып сөйлейди:

— Әй, перзентлерим, сизлердиң екеўиниң ҳәм пириңмен, сизлердиң ондай ойыныңды мен көтермесем, сизлер мениң ойынымды көтермесең, меннен пир болмас, — деп, баба былай қарап турып қолынан алды. Баба менен зияратласты. Сол ўақта баба турып сөйлейди:

— Бул жолдың игриси ҳәм көп, дурысы ҳәм көп, бул дағыстанда бабаңның табанлары тиймеген жери жоқ, бабаңа жолдың силтеўин бер, бабаң жол басласа, — деди.

Сол ўақытта Мәспатша турып сөйледи:

— Бизлер елден шыққалы көп күнлер, көп айлар өтти, бизлер ел сағынып киятырмыз, баба. Бул жолдың төтесин баслай бер, баба.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баба «әжеп болыр» деп алдына түсип,жол баслайды.Таң атқаннан күн батқанша дуўры баслайды, күн батқаннан таң атқанша игри баслайды.Әне,баба таўларға,дәрелерге,дағыстанда жайылып атқан көп бир қуланның үстине баслап барды.Мәспатша қуланларды көрди,Мәспатшаға қуланның ҳәсери урды,Мәспатша қуланды қуўып кетти.Мәспатша узап кеткен соң баба ат қойып Айпарша қыздың қасына барды.Бийғапыл Айпарша қыздың баба барып мойнына қол салды,ҳәр жүзинен жуп дана поса алды.Шул ўақытта Айпарша қыздың қәҳәри келди:

— Ат сүринген шул майданда көлли даш,
Әрман билен ақты көзден селли яш,
Пирмен дейип айтып един бизлерге,
Тарт қолыңды,дин билмеген қызыл баш.

Бәҳәр болмай бағдан гия бөртер ме,
Әреби атлар қамшы тиймей жортар ма,
Пирмен дийип озал айттың бизлерге,
Пир адам ҳәм сондай исти етер ме?

Сол гәпти Айпарша қыздан еситип,қашса қутылатуғынын биледи,қуўса жететуғынын биледи, баба танап ярым оқ жетпестей жерде жүре берди.

Ендиги гәпти Мәспатшадан еситиң.Дағыстанлықта Мәспатша қуланға жете алмасын билип, дағдың арасында қалған Айпарша қыз ядына түсти.Ат қойып Айпарша қыздың кейнинен барды. Сол ўақытта Айпарша қыз Мәспатшаны көрип,жүзлери қубарып,көзлери аларып Мәспатшаға қарап не жуўап айтады:

— Мен қарап жылайман жолдың гезине,
Пирим дейип ере бердиң изине,
Сол пиринди тезиректен өлтириң,
Сен кеткен соң қол узатты өзиме.

Қәдир алла бергил шул күн тилегим,
Ақ шайзаға палўан көрдим билегиң,
Шап пиринди тезирек,бегим,өлтириң,
Пириң қурсын,қалсын таўда сүйеги.

Шаўып келип әрман билен шайлайды,
Ғазап етсе тартып қолың байлайды,
Шап пиринди тезирек,бегим,өлтириң.
Сен кеткенде қол узатып ойнайды.

Жағам селлер болды көзим жасына,
Қайыл болдым ҳақтың еткен исине,
Шап пиринди тезирек,бегим,өлтириң.
Ғарға-қузғын қонсын таўда лашына.

Әне,сол ўақытта Мәспатша еситип қәҳәри келди,испиҳан қылышын қынабынан суўырды,сол бабаны шаппаға мейил болды.Сол ўақытта баба қашпақты ҳәм,қорқпақты билмеди.Шақақ урып күле берди баба.

Әне,сол ўақытта Мәспатшаның қәҳәри келди:

— Әй,енеғар баба,мен ғой сени шаўып өлтириўге киятырман,неге күлесең? — деди.

Сол ўақытта баба турып:

— Мен сениң садалығыңа күлемен,— деди.

Сол ўақытта Мәспатша:

— Садалығым неде,баба? — деди.

Баба турып:

— Сен сада болмасаң,пирден алғыс алмаған оңа ма,қарғыс алған оңа ма,шапқан менен пирге өте ме,енеғардың улы,бизге өлим бар ма? — дейди баба.

Бабадан сол сөзлерди еситип,Мәспатшаның ашыўлары тарқап,кеўиллери босанып,испиҳаны қылышын қайтып қынабына урды,аттың жылаўын бурды.Бул ўақытта баба Мәспатшаның қайтып кетерин билди.Баба аттың танабын алды,жети қабат қабатлап мойнына салды.— Бул енеғардың қызының жүзиниң қызылы болмаса,бойының узыны болмаса,алып киятырған ярың бийҳәя заңғар екен,— деп,және «пириңмен» дейип,Мәспатшаға қарап баба не дейди:

— Жол билмесең,соран бизден жуўапты,
Кәбаға барғанлар табар саўапты,
Бириң улым,бирим сен де қызымсаң,
Қызым дейип етип едим таўапты.

Ашылғанды бағ ишинде қызыл гүл,
Хызметкер бабаңыз тайын сизге қул,
Қызым дейип ақ жүзиннен өпкенмен,
Надан улым,ендигисин өзиң бил.

*Сол ўақытта Мәспатша сол гәпти еситип,* «егер сол баба пир болса,мен оған тыйық урсам, дуўаймент боларман ба,ата-енемди көре алмай қаламан ба,сол бабаны өлтирип кеткеннен,бабаның дағыстанда тири қалғаны абыройлы шығар» деп аттың жылаўын бурды.Баба Мәспатшаның қайрылып турмасын билди.Ол баба қатты дуўахан баба екен,жерден бир қысым топырақты алды,бир дуўаны оқыды,аспанға атты,жер жүзи қуба тартып,думан болды.Әне,Мәспатша дағыстанлықта адасты.Ара

www.ziyouz.com kutubxonasi

жети күн толғанда, әне, сол бабаның үстине түсти. Мәспатша қараса, баба тәсписин санап, бүгилип отырғанын көрди. Сол ўақытта уллы пир екенлигин ҳәм билди. Мәспатша «жаздық-жаңылдық, күп ырайдан қайттық», деп қайтадан қолынан алды. Баба алдына түсип жол баслады. Таң ҳәм атар болды, күн ҳәм шығар болды. Дағларға, дәрелерге ат қойып баратыр, думанның алды жақтылық, кейни қараңғылық болып баратыр. Күн-түнниң танап шерек, танап ярым узайып қашатуғын бәлеге ушырап баратыр.

Думанлар серпилди алмана ушты,
Жер жүзине жақтылық түсти,
Мәспатша алдына серлеп қараса,
Өтип кеткен кәпырдың үстинен түсти.

Сол ўақытта Мәспатша бабаның ҳақыйқат қалмақтың бабасы екенлигин билди.

Әне, сол бабаны шақырып, «зәрре еглен жол баслаған сәрдар пир, лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан, пир болсаң мәдет берер ўағың» деп Мәспатша шақырып не дейди:

— Бәҳәр болмай бағдан гия бөртер ме,
Әреби атлар қамшы урмай жортар ма,
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан,
Зәрре еглен жол баслаған уллы пир,
Перзентлерин жаўға таслап кетер ме?
Ата-енем сизге тапсырды аманат,
Аманатқа пир етер ме қыянат?
Зәрре еглен жол баслаған сәрдар пир,
Алайын қолыңнан әйлеп зиярат.

Әне сол ўақытта қайрылып баба сөйлейди:

— Ат шабарсаң жолдың майдан өрине,
Майданда қатырсаң бедеў терине,
Қалмақ пири өлмей сени қоллай ма?
Сыйына бер, уғлым, өзиң пириңе.

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Себил екен сендей мәрттиң қаласы,
Сыйына бер, уғлым, өзиң пириңе,
Пириң енди бул қалмақтың бабасы.

Узақ жолдан бедеўимди шапқанман,
Айпарша деп жанды отқа жаққанман,
Енди өлсем ыразыман жаныма,
Айпаршаның ақ жүзинен өпкенмен.
Әне, сол ўақытта баба ,
Сол жуўапты бир айтып,
Айланып баба қашады,
Байталға қамшы басады,
Шөлде қуўаласады,
Ашылмаған гүл-ғунша,
Ат шабылды өлгенше,
Жеталмай қалды Мәспатша,
Жығынға араласады,
Көзди ашып жумғанша,
Ескен шамал тынғанша.
Наймыт өлгир шул баба,
Хан әлгине барады,
Ыңыранып сөйлей береди:

— Таланға қойсам дүнья-мал,
Бир тасаддық шийрин жан,
Ашығың келди үстиңе,
Тезирек атлан, Бабахан.
Ат қуйрығын түйдирме,
Бек саўытын кийдирме,
Он бес күн ҳәлек болыппан,
Наймыт өлгир кәпырлар,
Мийнетимди күйдирме.

Әне, баба сол жуўапты айтқанда Мәспатша көпке илаж ете алмай, ярын таслап кете алмай, таўды жағалай қашып кетип баратыр. Кәпырлардың кеўилли жигитлери Мәспатшаны урып қайтып, тийип қайтып, шанышпаққа ҳәм мейил урып баратыр. Сол ўақытта Айпарша қыз Мәспатшаның қалмақтың алдында қашып баратырғанлығын билип, Мәспатшаға қарап, «жаў алдында қаша берме, наданым» деп не жуўап айтады:

— Ат шаппадық қула майдан таўларға,
Шәмен байлап ойнамадық бағларда,
Жаў алдында қаша берме, наданым,
Батыр халқы қашамекен жаўлардан.

Дал мойныңа тақсам маржан сәдепти,
Душпанларға мен берейин әдепти,
Жаў алдында қаша берме, наданым,
Нашарыңа берсең бойма жуўапты.

Қара шашым дәл төбеме жыярман,
Атам берген саўытымды кийермен,
Өзиң қорқсаң, қалағой төрем, таўларда,
Алла салса, бундай жаўға тийермен.

Әне, Айпарша қыздан бул сөзди еситип, Мәспатша:

— Әй, енеғардың қызы, мен бул қалмақлардан қорқып киятырман ба, баратуғын панаң жоқ, барып киреғоятуғын қалаң жоқ, сениң басыңды теберимге қойыўдың есабын таппай келатырман, енеғардың қызы. Маған берген көмегиң ҳәм бул болсын, сол көринген таўдың қарнына барып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

басынды паналап турсаң, енеғардың қызы. Сөйтип мениң ерлигимди, шерлигимди, батырлығымды билсең бойма, — деди.

Сол ўақытта Айпарша турып сөйледи.

— Әй, төрем, буннан кетерсең, белли ғайратыңды етерсең, қалмақты хәм қырарсаң, аман-саў елге барарсаң. Сениң хәм елиңде жар-жора жигитлериң барды, соған гүррин етип айтарсаң: «әй, жигитлер, Айпарша қатынды узатып алып келатқанда бир бабаның гәпине исенип изине хәм ердим, Айпарша қатынды бир таўдың қарына тығып таслап, урысты хәм салдым, қалмақты хәм қырдым, қылышым, ғайратым менен аман саў елге келдим» деп айтарсаң, — деди. — Отыратуғын қатын нәмәртиң менен емес, енеғардың уғлы, бул қалмаққа келип хәм жүрген сенди, баҳадыр кеўилли жигитлерди қырып хәм болғансаңды. Ендиги ақсағы-майыбы, соқыры, гөри-жери қалғанды. Ендиги қалғаныңды мендей ярыңа саўғаға бергенде не қылады, төрем, зая болатуғын ба еди, бегим? — деди.

Сол ўақытта Мәспатшаның қәҳәри келди, «адамның жүз душпаны бар дейди, бири буның қойныңдағы зайыбы деп еди. Бул енеғардың қызына жуўап берейин, аты жүрмей ортада қалса, ҳақтағала дин мусылманға куўат берсе, бул қалмақтан Айпарша қызды айырып алмақ қолымнан келер» деп, Айпаршаға жуўап береди.

Әне, Айпарша Мәспатшадан жуўап алып, сонша турған қалмақларға ат қойып, Мәспатша қалып, Айпарша қыз урыс етип баратыр.

Атқа жапты сақаланған маўытты,
Ер қәлпеси хазирети Даўытты,
Айпаршаны нашар дейип ким айтар,
Талап етип кийип атыр ақлы саўытты.
Қара шашын дал төбеге жыяды,
Атасы берген ақ саўытты
Оң ийнинен кийеди,
Нашарлығын билдирмей,
Алла деп жаўға тийеди.
Дым билмеген қалмаққа,
Араласып барады,
Алла деп найза урады,
Ағдарып ташлап барады,
Алдын қырса кәпырдың,
Кейни ғуўлап толады,
Дәс те бермей турады.
Белге буўған потасы,
Сөздиң жоқты қатасы,
Урыс қызған ўағында,
Кеселеп шықты алдынан,
Сол шөллердиң ишинде,
Поса алған атасы,
Айпаршаны таныйды,
Қалмаққа шаўқым береди:

— Қурылсын ақлы шатырлар,
Өлипти қайсар батыр ер,
Мәспатша яры өлипти,
Айпарша атлы сәўдигим,
Ашық екен өзиме,
Өзимди излеп келипти.
Қашма, қашма, кәпырлар,
Үстине кийген тонларын,
Шул яшылдан тышлапты,
Ер ишинде арғымағы кишнепти,
Нашарлығын соннан билиң қалмақлар,
Ақ найзасын шеп қолына услапты.
Алыстан қашқан қалмақлар,
Әсте барып аңлады,
Қулағын салып тыңлайды,
Алла деген даўысынан,
Нашарлығын аңлайды.
Ким екеўи тосылып,
Ким екеўи қосылып,
Қызды ортаға алады,
Айпарша атлы бул нашар,
Белли ортада қалады,
Өлерин нашар биледи,
Айпарша турып жылады:

— Көзимниң жасы илайым,
Алла ашқай талайым,
Нашарлығым билдирмей,
Бул ислерди баслап ем,
Бәршени жаратқан билсең қудайым,
Ҳаққа дадым жетирегөр Жабрайыл,
Таўда қалған Мәспатшадан хабар бер, —
Дейип енди жылай берди ол нашар.

Мәспатша атлы сол төре,
Кейнинен қарап тур еди,
Ортада барын көреди,
Бағдың гүлиң термен деп,
Сүйегиң жаўға бермен деп,
Дуўлатып атлар салады,
Дин билмеген қалмаққа,
Араласып қалады.
Алла деп найза урады,
Аўдарып таслап барады,
Қызды мәрттиң билеги,
Жанға келди дереги,
Рустеми дәстаннан артық,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәрттиң еткен урысы.
Кәпырға найза урғанда,
Белинде жарқырайды,
Испахандай қылышы.
Урыс қылған ўағында,
Ат ойнатып шығады,
Мәспатша атлы төрениң,
Айпарша атлы биййбиси,
Бири оңнан, бири шеп,
Дуўлатып атлар салады,
Дин билмеген қалмаққа,
Алла деп найза урады,
Аўдарып таслап барады.
Дәли күши тасады,
Анық қамшы басады,
Төртин қойып қалмақтың,
Бесинен шаншады,
Найза тийген жарадарлар,
Майданда ўайўайласады,
Жети туўын Айпарша,
Он төрт туўын шаншады.
Жасыл туўын жайратты,
Қызыл туўын қыйратты,
Дин билмеген қалмақлардың,
Лашынан бедеў ойнатты.
Сәҳәр ўақта жылатты,
Таң атарда шуўлатты,
Коймай қырды биййзатты.
Қышқырды көплеп аманды,
Салды ақырзаманды,
Басқы тапты майданда,
«әл аман, мен аман» деп,
Қаласына қамалды.
Күн намазшам болғанда,
Мылтықтың жолы байланды,
Мәспатша билен Айпарша,
Сол кейнине айланды.
Дәрбент деген табан жол,
Ғарғағанға жаман жол,
Сол дәрбентке барғанда,
Қалмақтың буққан мергени,
Он беси оңында,
Он беси шебинде,
Буққы таслап жатады.

Мәспатша аман өтеди,
Қызға нәўбет жетеди,
Тап жүректиң басы деп,
Жан шығардың тусы деп,
Қызды байлап атады.
Атқан оғы өтеди,
Астына минген Сандал ат,
Қостарлық қылды жәнўар,
Сол алдына жығылса,
Жалы менен сүйеди,
Сол кейнине жығылса,
Қуйрығы менен сүйеди.
Ер мийнети күйеди,
Аўзынан аққан қанлары,
Атлардың жалын жабады,
Оның сестин еситип,
Мәспатша атлы шул төре,
Сол кейинге қарады,
Жарадар қызды көреди,
Бағдың гүлин термен деп,
Өзиң өлсен, нашарым,
Сүйегиң жаўға бермем деп,
Қайрылып атты қояды,
Жарадар қызды өңгерип,
Ат қосарға бир алып,
Шөлде қашып барады.
Қулан басына күн туўса,
Қодығына қарамас,
Ат басына күн туўса,
Аўызлығы менен суў ишер,
Ер басына күн туўса,
Етиги менен суў кешер.
Тебенгиге тер қатып,
Тепсине билмей барады,
Атлар шапты майданда,
Жүректен ағыр жарадар,
Айпарша атлы сол нашар,
Дем алалмай баратыр.
Ат шомылды терлерге,
Сыйынды кәмбил пирлерге,
Жарадар қызды өңгерип,
Ат қосарға бир алып,
Мәспатша қашып шығыпты,
Алатаў деген жерлерге.

Әне, дағларға, дәрелерге ат қойып кетип баратырса, хәр сайға ағып турған бир булақты көрди. Булақтың оңына уллы бир шынар шығып, уллы бир шынар шебине шығып, саясы бир танап жерге түсип турғанлығын көрди.

Мәспатша қыял ойлайды: «я шилтенлердиң жайы болғай, я шықпас жанға себеп болғай, ярымды бес-алты күн бағып жатайын, ярым өлсе, үрейлери хош болсын, ақ жуўып, арыў кепинлеп, жыназа оқып, қолымнан қойып кетейин» деп, жабыўын тийине таслап, көпшигин басына дастық етип, Айпарша қызды жатқызып, булақтың басында олар уйқыға кетти. Айпарша қыз көзин ашып қараса, булақтың басында қос шынардың саясында уйқылап атқан ярын көрип, жылжып қасына барып, басын шайқап оятты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй,төрем,қалмақ заңғар бизди атты,атқан жерден оқ өтти.Мен бир ғәрип нашарыңман,тилим болса таңлайыма қатты,кеўлиңе ағыр алып жүрмен,бул ағып турған булақтан маған бир кәса суў алып берсеңиз нетти,— деди.

Сол ўақытта Мәспатша сол сөзди еситип,жатқан жерден шашырап турып,Айпарша қыздың алдына жақын барды.

— Айпарша ярым,пушты панайым,саған бир кәса суў алып берген менен мийриңиз қанып жүре ме,қанбай жүре ме,дилдарым,саған күни менен мәскепшидей суў тасып жүрейин бе,— деп,Айпарша қыздың еки қолын бир қолы менен,еки аяғын бир қолы менен услап,Айпарша қыздың басын булаққа батырып-батырып алды.

Айпарша қыз суў жутты,оппықты,шен мезгил өз қәддине келди.Мәспатшаға қарап өкпелеңкиреп не жуўап айтады:

— Саўыт кийип әрман билен шайлар ма?
Жарадардың мунша жанын қыйнар ма?
Батыр аңқаў,ерлер надан болмаса,
Жарадарды суўсыз сарсаң әйлер ме?

Ат шаптырмас бәлент тағда гүзар жол,
Душпан көрсе,қайрылады еки қол,
Батыр болған бундай надан туўар ма,
Жаралыны суўық суўға басар ма?

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Себил екен сендей мәрттиң қаласы,
Жараң бар деп қыйнай берме,султаным,
Жара емес,бул абырай жарасы.

Мени көргенлердиң болар ақлы лал,
Мен өлгенде таланырлар дүнья-мал,
Қыяметлик пириң келер ўақ болды,
Турың төрем,бедеўлерден хабар ал.

Ат шабарсаң жолдың майдан дүзинен,
Мен өлгенде гәўҳар кетер жүзиңнен,
Турғыл төрем,бедеўлерден хабар ал,
Қыяметлик пириң келер изиңнен.

Әне,сол ўақытта Мәспатша қыял ойлайды: ҳаял деген наймыт болады,ҳаялдың айтқаны келди,мениң түнеўги айтқаным келмеди ме деп табалап,изимнен қалмас,бабаның келетуғын ўағы болды,бедеўлерден хабар алып келмесем болмас,— деп атларына жақын барды.Баяғы бабасы,байталы бар астында,қанжары бар дәстинде,баба ҳәм келип тур екен Мәспатшаның шынарға қыстырып қойған сарыжай-садағаның қастында.

Мәспатша бабаны көрип, «әй, баба, қуўып жетип өлтирмесем, я кейниңнен қуўып өзим өлмесем, пирим маған душпаным болсын» деп дағыстанлықта шәрт етип, әне, сол бабаның кейнинен қуўып баратыр.

Уллы күшли тасады,
Байталға қамшы басады,
Мәспатша атқа мингенше,
Айланып баба қашады.
Бир түн өтти арадан,
Еки күн өтип болады,
Үш күнниң өзи болғанда,
Изин алып қуўады.
Төрт күн өтти арадан,
Жеталмай ылғал урады,
Бир жети күн толғанда,
Қуўып жетип кейнинен,
Алла деп найза урады.
Енди шаныштым дегенде,
Көзден ғайып болады.
Шаппай аты майрылып,
Жез қанаттан қайрылып,
Ғайып болды көзинен,
Жете алмай Мәспатша,
Және қалды айрылып.

Әне,бабаға жете алмасын билди.Кейнинен қараса,көринип турған ала таўларды көрди,жети күннен бери баба ала таўларды айналып қашып жүр екен.Жети күннен бери таўды айландырып қуўып жүре берген екен.Әне,бабаға жете алмасын билип,таўды жағалап қайтып Бозбулаққа барса,Бозбулақ,қос шынар қулазып шөлде турғанлығын көрди.Айпарша яры жоқ,Сандал аты ҳәм жоқ.Қалмақтың ханы Бабахан Оразай Көзеги деген менен қырық мың жылқы менен келип,Айпарша қызды бенде етип,Сандал атты олжа етип алып кеткен екен.Қалмақтың излерин көрди,сол ўақытта Мәспатша ярынан айрылып,«нашар деп мен ярымның айтқанын неге тутпадым,әй,баба,сени озалдан өлтирип,неге жолға рәўан болмадым» деп астындағы Мәнжүн атқа қарап не жуўап айтып турыпты:

— Мен оқыйман,пешананда барды хат,
Ярымнан айрылып болдым биймурат,
Мени жетир жарадардың кейнинен,
Көзлериңнен айналайын әреби ат.

Жағам селлер болды көзимнен жасым,
Яр жолына қойсам султаны басым,
Мени жетир жарадардың кейнинен,
Бир қостарлық етиң,хайўан жолдасым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атланғанман мен қаланың шебинен,
Қалмақ қорқар бедеўлердиң деминен,
Мен ырза болайын берген оты-жемиме,
Көзгенеңнен айналайын, Мәнжүн ат,
Мени жеткер жарадардың кейнинен.

Сол жуўапты бир айтып,
Аттың басын жолға бурады,
«Шүў» деп қамшы урады,
Жолға рәўан болады,
Астына минген әреби ат,
Гә ушып гә қонады.
Бәҳәр болмай бағдан гүллер терилди,
Наданлықтан абырай қолдан берилди,
Намазлыгер болғанында қараса,
Дин билмеген қалмақлардың қаласы,
Сол алдында ыршалары көринди.

Күн батқанша Мәспатша,
Қайтып саўаш қурады,
Жайға тартты гиристи,
Хош көрер ме бул исти,
Дин билмеген қалмаққа,
Үш мәртебе ат қойды,
Табалмады Мәспатша,
Айпарша атлы бийбишти.
Қалқанға жаўлар тағады,
Жанын отқа жағады,
Дин билмеген қалмақтың,
Көплигин соннан билиңлер,
Көплиги менен азлығы,
Азлық пенен көплиги,
Ақшамғы болған урыстан,
Ертең сәске ўақтында,
Зорға хабар табады.

Әне, Бабахан патша Мәспатшаның кетпесин билди, бәлент таўлардың үстине шығып, шатырларын қурды. «Жәллат»лап қышқырды, үш жүз алпыс жәллат «кимниң күни питти, кимниң қазасы жетти, журт ийеси Бабахан патша бизлердиң көбимизди гүнакар етти», деп патшаның алдына жақын барды. Патша турып сөйледи:

— Әй, жәллатлар, Айпарша қыздың қол аяғын таңыңлар, бәлент таўлардың үстине шығарып буғазынан шалыңлар. Жаны шықпастан бурын өкпе-жүрегин суўырып алып, суўық суўға басыңлар. Жаў басылып, душпан елине қайтсын, — деди.

— Әжеп болар, — деп, Айпарша қыздың қол-аяғын таңды, бәлент таўдың үстине шығарып, Айпарша қызды шалмаға майыл болдылар. Сол ўақытта Айпарша қыз ялғаншы дүньядан өтерин билип, шар тәрепке қарап жылап отырса, султаны Мәспатша ярының барып турғанлығын көрди. Сол ўақытта гә жәллатларға қарап, гә Мәспатшаға қарап сөйледи. Мәртим менен ыразыласып қалайын, зәрре еглен, жигербентим, деп Айпарша қыз не дейди:

— Жылаў менен ишим мениң болды зар,
Мен нашардың хақтан басқа кими бар,
Мәртим менен ыразыласып қалайын,
Зәрре еглен, жигербентим жәллатлар.

Қазан урып өмирим гүли солмасын,
Мендей нашар ялғаншыға келмесин,
Улы-қызың барды, залым жәллатлар,
Хеш кайсы бизиңдейин бенде болмасын.

Ат шабарсаң жолдың майдан дүзине,
Сепкил түсер болды ақша жүзиме,
Шейит болар болдым кәпыр қолында,
Төрем, өлсем, ыразы бол өзиме,
Мен ҳәм ыразы болайын сениң өзиңе.

Бәҳәр болмай бағдан гүллер термедим,
Елатыңа барып дәўран сүрмедим,
Әрман болды, сол исине бийдад болдым,
Қайын ағам, қайын журтым көрмедим.

Беллерге байлаған зерли потама,
Қалмақлардан көрген жәбир-жапама,
Соннан барсаң бизден дуўайы сәлем де,
Көрмесе де ырза болсын өзиме,
Меҳрибаным, туўған қайын атама.

Ашылмаған бәҳәр бағда лалама,
Қалмақ ойран салды имарат қалама,
Соннан барсаң бизден дуўайы сәлем де,
Меҳрибаным, туўған қайын енеме.

Жағам селлер болды көздиң жасына,
Қайыл болдым ҳақтың еткен исине,
Соннан барсаң бизден дуўайы сәлем айт,
Қайын ағам, қайын енем, қайын журтыма.

Ашылмаған бәҳәр бағда гүлимде,
Ҳәр ким султан дейди туўған елинде,
Шейит өлер болдым кәпыр қолында,
Қосылармыз тағы да мәхшер күнинде,
Табысқаймыз бир қуданың алдында.

Әне, бул сөзди айтқанда, Мәспатша қыял ойлайды: бул заңғар қалмаққа Алла де пәт салсам, өзим бармасымнан бурын Мәспатшаға кереги солмеди деп Айпарша ярымды шалса, наҳақ қаны мойныма қалса, усы қалмақтың маған етип турған бир түрли ҳийлеси шығар деп, бес-алты күн таўдың арасында мәскан етсем деп, ат қойып Мәспатша кейнине қайтты. Әне, қалмақлар дүрминге қарап тур еди. «Жаў

www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтты,душпан басылды,Айпарша қыздың жаны болса,алып келиң» деп ханнан жаршы жарлап келе берди. Әне, жәллатлар Айпарша қыздың қол аяғын шешип, бәргасына алып барды. Айпарша қызды бенде етип, Сандал атты олжа етип, Бабахан өзинин шәҳәрине карап жолға рәўана болды.

Дәрбент деген табан жол, ғарғағанға жаман жол, дәрбентке барғанда Айпарша қыз өзи бенде болған соң, ғәриптиң өзинде ықтыяры бар ма, Айпарша қыздың жүзине тутып бараткан алқаплары жылжып жерге түсти. Бабахан патша Айпарша кыздын аятын көрген емес еди, Айпарша қыздың аятына қараса:

Ақ маңлай бадам қабақлы,
Пистедей жупқа додақлы,
Шашбаўы сулыў шашақлы,
Узын бойлы, кең кушақлы,
Қылығы билен күлдирген,
Назы билен сүйдирген,
Ҳәр ышқыпаз жигитти,
Ышқы менен күйдирген,
Ақ кийиктиң таңындай,
Мойны алманың сабағындай,

Әне, Айпарша қыздың аятын көрип, ат қойып Айпарша қызға жақын барды. Патша ат үстинен Айпарша қыздың мойнына қол узатты.

Сол ўақытта Айпарша қыздың мойнына патшаның қолы тийип кеткен ўақтында тап шеңгел сүйреген менен бабабар болды. Айпарша қыздың қәҳәри келди, Бабаханның қолын қағып жиберди.

Және Айпарша қыз өзине-өзи тәселле берип: «ҳәй, заңғар Айпарша, өзиң бенде болып келатып, бир жserved журттың патшасының қолын қаққандай бул не үлкенлик, бул не үстемшилик, пәкизе қыз болсаң, патшаға таўып сен сөз айтпағың керек» деп Бабаханның алдына жақын барды. Әне, Бабахан патшаға қарап, Бабаханды алдап-арбап, нешше жерлерден тымсал келтирип, арзым бар деп, Бабаханға арыз етип не жуўап айтып турыпты:

— Сениң ушын талаўға қойсам дүнья-мал,
Патшасынан болсын сизден шийрин жан,
Жамалыңның айтатуғын арзы бар,
Арзымды есит тахт үстинде Бабахан.

Мусылманның ҳаслын сорсаң қыятты,
Өзиңниң дәўлетиң журттан зыятты,
Көл қутандай жол үстинде ойнайсаң,
Билесиз бе, патшалыққа уятты.

Он төртимде толса паймана нардай күш,
Шейит өлсем, бизлерге таярды бейиш,
Көл қутандай жол үстинде ойнарсыз,
Билесиз бе, патшалыққа айып ис.

Ертеден сарғайып таңлар атқанын,
Билмедиң бе мени мийнет шатқанын,
Нашар тири өлмей қолға түсер ме,
Билмейсиз бе буққы мерген атқанын?

Бедеў минип ара шөлде желмей ме?
Аман болса Мәспатша ярым келмей ме?
Жол үстинде қол узатып ойнайсаң,
Сол жарадар мендей нашар өлмей ме?

Иззетлеп миндириң бедеў белине,
Бенде дейип отлар салма тениме,
Ырас кеўлиң бизде болса, Бабахан,
Иззетлеп апарың себил шәҳриңе.
Узақ жолдан бедеў атлар шаптырып,
Куйген жанды бунша отқа жақтырып,
Иззетлеп апарың себил қалаңа,
Ҳәким таўып, жара жанын бақтырып.

Кийген сарпай қуп жарасқан бойымды,
Перийзатқа мегзер етип ем бойымды,
Иззетлеп апарып себил қалаңа,
Шул халқыңа бериң қырық күн тойынды.

Ылғаллы күн ат қуйрығын түйдирип,
Мәс әйлеп жигитке сарпай кийдирип,
Сол жарадан беденим сап тапқан соң,
Сол халқыңа берип қырық күн тойынды,
Бизди алың мусылманша ҳадал неке қыйдырып.

Бабахан патша бул сөзди еситип, қыял ойлайды: бул енеғардың қызының айтқан сөзи, маған айтқан ўәжлеры меннен жети есе зыят екен. Жети жасымнан Айпаршаға ашық едим, Айпаршаға жолда көрсеткен азабым-ақыретлерим патшалыққа, маған айып ис екен деп, Айпарша қызды бедеўдиң белине миндирип, иззетлеп бир неше майдан жол жүрип, қаласына алып барды.

Қалаға жар урдырды: «ҳәким болсаң, тәўип болсаң, Айпарша қыздың бедениндеги жараларды жазсаң, бир қалқан тилла беремен, бас-аяқ сарпай беремен, уллы бир қалаға ҳәким етемен»,— деп. Қаладағы ҳәкимлер, уллы тәўиплер, уллы дәригерлер жыйылып келип, Айпарша қыздың тамамы бедениндеги жараларға дәри салды. Арадан қырық күн өтти. Ҳақтан болып инабат, өним берген истанат, әўлийеден кәрамат, Айпарша қыздың бедениндеги жаралары арадан қырық күн өткенде шыпа тапты саламат. Әне, Бабахан патша тамамы халқын жыйды, қырық күн тамам той етти, арадан сексен

www.ziyouz.com kutubxonasi

күн өтти.Айпаршанын Мәспатша яры келмеди,Айпарша қыздан хабар ҳәм алмады.Мәспатшаның келмесин билди,Айпарша қыз отырған жеринен турып,ҳасыл тонларын кийип,шашларын түйип,жүзлери мәлек-мәлек болып саллана түсип,мәрдана басып қыздың бойына,кәдди-кәўметине мүнәсип алтын-гүмистен болған тамамы дүзеўлерин мойнына асып,Айпарша қыз отаўдан шықты.Отаўдан шығып қараса,қалмақтың жигитлери бөлек-бөлек,шок-шок,топ-топ,көп-көп,ҳәр жерде ылақ ойнап жүрген жигитлерин көрди.

Айпарша қыял ойлайды: — Бул қалмақтың дәстүри мусырманның дәстүринше болса,бул қалмақ және маған қолын узатса,мениң нәзик беденлерим кәпырға зая болса,ертең Мәспатша келеғойса, қаланы шаўып алса,я Мәспатша таўдың арасында жүрип өлип қалса.Бабаханға барайын,және бир арыз етип көрейин,арзым питсе ҳәм,питпесе ҳәм,— деп патшаның алдына барды.Алдында карсы турып Бабаханға карап Айпарша не жууап айтады:

— Жер мен көкти халық әйлеген бирубар,
Елатымды бир көрмеге болдым зар,
Арзымды есит тахт үстинде султаным,
Менин сизге айтатуғын арзым бар.

Кийген сарпай қуп жарасқан бойымды,
Перийзатқа мегзетип ем мойымды,
Арзымды есит тахт үстинде Бабахан,
Сол халқына бергил қырық күн тойынды.

Кийген сарпай ҳәм жарасқан бул бойым,
Несип болды,сизге толар қойыным,
Сендей патша биздей айым алғанда,
Болмаймекен тойларының ойыны.

Оң қолыма салған тилла жүзигим,
Мен жойғайман бул кеўлимниң бузығы,
Сендей патша биздей айым алғанда,
Болмаймекен тойларының қызығы.

Әне,сол ўақытта Бабахан бул сөзди еситип,Айпаршаға қарап:

— Хәй,Айпарша ярым, сабырыў-қарарым, пушты-панайым, тойымда ат шабылып атыр, гүрес тутылып атыр,бақсы айтылып атыр,бул тойдың не кемиси бар,Айпарша ярым? — деди.

Әне,сол ўақытта Айпарша турып және сөйледи:

— Әй,Бабахан патша,мусылман дәстүринде сениңдей уллы патша қыз алғанда,қырық күн даўам той етер еди,тойынын кейнинен жигитлерине ылақ берер еди,ылақтың тамашасы менен елине қайтар еди.Сол күни тойын ада етер еди,соннан соң патшаның мениңдей яры кескир қылыш,пәреңи мылтық,шарайна,дуўлыға — тамамы жарақларын асынар еди.Оннан соң жүйрик аттың белине минер еди,оннан соң қусбегиниң қызы,метердиң қызы,диййўанбегиниң қызы,сондай ҳәмелдарлардың қызынан қырық қызды ҳәм жәм етер еди.Жаў қуралы бес курал,тамамы салапатларын қосынар еди. Оннан соң қырық қызға бас болып мениңдей патшаның яры көшеге шығар еди.Көшеде жүрип ойын етер еди,гә патшаның яры қашар еди,гә қызлар қашар еди,қуўып жетеғойса,қызлардың орамалларынан,жегделеринен шаншар еди.Қызып кетеғойса,ылақ ойнаған жигитлерге араласар еди,мусылман дәстүринде ширели ойын сол болар еди,патша,— деди.

Сол ўақытта Бабахан турып сөйледи:

— Әй,Айпарша ярым,егер кеўлиңдегидей ат болса,кеўлиңдегидей қарыў-жарақ болса,өзиңдей меккемирек тақымкеш қырық қыз болса,сол ойыннан сәл-пәл аңлатармысаң,Айпарша ярым? — деди.

*Сол ўақытта Айпарша:*

— Әй,Бабахан патша,өзиңиз ғой ақылсыз патша екенсиз,мусылман дәстүринде қырық қызға сәркарда болып ойын ететуғын,ойын баслайтуғын өзим еди,сениңдей патшаға тийип ташқынлығым келип турғанда бир ойын етейин,ели-халықтың,тамамы журттың ҳәммеси ҳайран қалсын,— деди.

— Әжеп болар,— деди Бабахан.«Жәллат» деп қышқырды,үш жүз алпыс жәллаты келди.Бабахан турып:

— Әй,жәллатлар,Айпарша қыздың кеўлиндегидей ат,кеўлиндегидей жарақ берин,Айпаршаның айтқан сөзин кешиктирмей тезирек орынлаң,— деди.

Жәллатлар «әжеп болар» деп майданға шықты.Майданға шығып мәсләҳәт қурды.Адам қараңғыда жол жүрип адасса,алдындағы адам адасқанын билмейди,кейниндеги еки адам биледи деген.Патшаның ақылдан сасқанын билди,бир ашамай ерди қондырып,жип қуйысқанын тартып,урса жортпайтуғын бир ябыны келтирди.Айпарша ябының рәңги-ройына қарап,өзи қошшап,аяқлары топышақ,қуйрық жалы бир қушақ,кекиллери мурнынан артқан,жердиң танабын тартқан,шығырдан шығарып арбаға қосып,бир бийдәўлет дийханның қолына түсип,жазлай ырысын қуртқан,ыссылы-суўықлы,жүниниң жартысы кеткен қуршаңқы ябыны көрди.Өзи бенде болған соң,бул ябыға минбеймен деп айтарының есабын таппай, ғарғып ябының белине минди.Қаланы айналып келди, ябы әззетине жарамасын



www.ziyouz.com kutubxonasi

билди.Бабаханның алдына барып,әне,Бабахан патшаға қарап,«берген ябың әззетиме жарамас» деп, Бабахан патшадан Сандал атын,қарыў-жарақларын сорап не жуўап айтады:

— Сениң ушын талаўда қойсам дүнья-мал,
Биз тасаддық патшалықтан шийрин жан,
Жамалыңның айтатуғын арзы бар,
Арзымды есит тахт үстинде Бабахан.

Кимлер екен бул қаланың найыбы,
Арбашы екен берген аттың айыбы,
Бул сықыллы арбашыға минер ме,
Сендей ханның сайлап алған айымы?

Жайға тартсам жетти қатлам гиристи,
Ҳақ бирубар хош көрер ме бул исти,
Бул сықыллы арбашыға минер ме,
Сендей ханның сайлап алған бийбиши?

Қалмақ,билдим сениң ҳаслы-затыңды,
Оқып көрдим пешананда хатыңды,
Қызлар менен өзим ойнап келейин,
Өзиме бер жолдасым Сандал атымды.

Азап пенен байламайман қолыңды,
Адасып қалыппан келген жолымды,
Қызлар менен өзим ойнап келейин,
Өзиме бергил олжа тонымды.

Мәспатша ярымды көзде карарым,
Бир жаратқан болғай ҳалдан сорарым,
Қызлар менен өзим ойнап келейин,
Өзиме бер кескир олжа жарағым.

Бедеў минип ара шөлде желмей ме,
Берген ябың шаң кейинде қалмай ма,
Берген ябың шаң кейинде қалғанда,
Сендей патша намыс пенен өлмей ме?

Әне,сол ўақытта Бабахан патша Айпарша қыздан бул сөзди еситип,алпыс еки әмелдар,отыз еки мөҳирдар,тамамы ўәзири-ағзамларын шақырып алды.

— Ўәзири-ағзамлар,дузым тутсын енеғар,хәммеңиз де заңғарлар,Айпарша ярымның ябы қәдирин не билсин,оның илимин не билсин,буғып кете ме,урып жығып кете ме,ярымның аўзына торпақты тығып кете ме, мениңдей уллы патшаны еки халықтың арасында шерменде ете ме, бурыннан Айпаршаңыздың ойынын аңласып қалған, сынасып қалған Сандал атын, қарыў-жарақларын таяр етиң,— деди.

Әне,«әжеп болар» деп Айпарша қыздың қарыў-жарағын,Сандал атын тезирек таяр етти.Айпарша қыз Сандал атын көрип, ағайын-туўғаны, ата-енелери, Мәспатша яры ядына түсип, Сандал аттың мойнынан қушақлап жылап тур еди.

Ендиги гәпти кимнен еситиң,баяғы бабадан еситиңлер.Сол бабаны Бабахан патша уллы қалаға ҳәким етип қойып еди, Бабаханның тойына келмей, өкпелеп, гийне қылып жатыр еди. Баба қыял ойлайды: «Бабахан патша мениң өкпелеп жатқанымды билмес. Бабаханға барайын,тойына қутлы болсын айтайын,аты болса минейин,сарпайы болса кийейин»,деп баба қаласынан шықты.

Бабаханның бәргасына барса,Сандал атқа минейин деп турған Айпарша қызды көрди,бабаның Айпарша қыздың ерлигинен,шерлигинен хабары бар еди.Бабахан патшаға қарап,әне,баба не дейди:

— Талаўда қойсам дүнья-мал,
Сизден қурбан шийрин жан,
Айпарша минди Сандалды,
Қазасы жеткен Бабахан.

Қурылсын ақлы шатырлар,
Айпарша қыз батыр ер,
Айпарша минди Сандалды,
Иймаңың айтқыл,кәпырлар.

Айпарша саўаш шайлайды,
Тартып қолыңды байлайды,
Айпарша минди Сандалды,
Ҳаўа ойынды ойнайды.

Көшеде жатқан лашыңды,
Гүржилер тартып ойнайды,
Еситиң бәрше қалмақлар,
Бәриңди ҳайран әйлейди.

Баба сол жуўапты айтқанда, Бабахан турып сөйлейди:

— Айпарша қыздың менде кеўли бар.Айпарша қызды қырық алты күн ҳәкимлер бақты,Айпарша қыздың бир өзи жатты,егер қашатуғын болғанда,сонда қашып кетер еди.Айпарша қыздың менде шын кеўли бар ғой, баба! Нешше жылдан бери күтип едим, айтқаның менен болдым, бил, арзың меннен питпейди,бул қаладан шығып кет,көзиме көринбей жоқ бола ғой,баба,— деди.

Сол ўақытта баба турып сөйлейди:

— Әй, Бабахан патша, сениң бул қолыңнан қашқан қутылар, турған тутылар, қашқанға рахмет, турғанға нәлет, өзиңниң басыңа жаўа бергей түрли мийнет, — деп баба геўишин қолына алады, сәллесин ала салып, ортасынан бир бүклеп қойнына тықты. Дәрўазаға қарамастан қаланың бир

www.ziyouz.com kutubxonasi

шетине асырылып түсип,өзининң қаласына қарап баба жите қалды.

Әне, баба кеткен соң Айпарша қыз Сандал аттың белине минди, қаланы бир мәўрит айланып келди. Қалмақтың каласының көбиреги қырық гез, ғарғалығы қырық гез, сексен гез қаласы бар еди. Сол қаладан аттың өте алмасын билип, атына берип турған хошемети сол еди. Қаладан сайгелегирек жерине барып, Сандал атының мойнынан қушақлап, «мен тартаман сексен гез, қала үстине ырғырмысаң, атам берген Сандал ат», деп Айпарша қыз зар жылап, әўел қудаға, қала берсе пирге истанат сорап не жуўап айтады:

— Мен оқыйман пешанаңда барды хат,
Бул қалада қалар болдық биймурат,
Мен тартаман сексен гез қала үстине,
Ырғырмысаң,атам берген Сандал ат?

Жағам селлер болды көзимнен жасым,
Бенде болып жүрмен муңлы бул басым,
Мен тартаман сексен гез қала үстине,
Ырғырмысаң,атам берген жолдасым?

Қәдир Алла сенсең менин панайым,
Алла ашқай мен нашардың талайын,
Атым менен бир тиллесип қалайын,
Бәршени жаратқан билсең худайым,
Ҳаққа дадым жетирегөр Жәбирайыл.

Ҳақтан пәрман болды,Жәбрайыл келди,
Ҳайўанның тилинен мөхирди алды,
Шүкир әйле жаратқан ҳақтың исине,
Шул күннен мөхриканы көтерилип,
Ҳайўанатқа тили-зибанлар берди,
Адам киби атлар турып сөйледи:

— Жағаң селлер болды көзиңнен яшың,
Бенде болып жүрсең муңлы бул башың,
Дос-душпанға йиғлап сырың алдырма,
Сен жылама,нашар,муңлы жолдасым,

Кийген сарпай қуп ярашқан бойыңды,
Перийзатқа мегзетип ем мойыңды,
Қызармекен себил полат туяғым,
Мен қызғанша ойнай бериң ойыңды.

Саўыт кийип әрман билен шайларсаң,
Ҳақ ҳәмирине шекип белди байларсаң,
Қызғанлығын билеғойсаң,Айпарша,
Шул қалаға бир тәўекел әйлерсең.

Бәҳәр болмай бағда гүллер ашылғай,
Аман барып,халқыма дузым шашылғай,
Шул қалаға мени тутқан ўағында,
Ура бериң баш демейин көзиме,
Ҳаслым хайўан,шаят жаным ашығай.

Асылмағыл сулыў қара жалыма,
Қыстаў жайда от сала бер жаныма,
Шул қалаға мени тутқан ўағында,
Жүз қамшы урғыл санап саныма.

Жылаў билен көзде яшым илайым,
Ҳақтан зибан берди бизден Жәбирайыл,
Сол қалаға мени тутқан ўағында,
Сен бир қорқып тартып жүрме жылаўым.

Узақта халқың бар,мәсканың жырақ,
Мәспатша жүргенди жолыңа қарап,
Сизлер бенде,бизлер олжа болғаннан,
Жығылып оннан да өлген жақсырақ.

Әне,сол жуўапты айтып аттың тили байланды.

Әне, Айпарша қыз аты менен сырласты. Ханның бәргасына барды, баяғы айтқан қусбегиниң қызы,метердиң қызы,инақтың қызы,мырзабасының қызы және дийўанбегиниң қызы,соныңдай ҳәмелдарлардың қызларынан қырық қызды жәм етип қойғанын көрди. Айпарша қыз қайтадан Сандал аттың белинен жерге түсти.

Сандал аттың арқа-мойнын сыйпалап,тилладан ер салды.жуптан айылды шалды,зәртең-зәбертең мустаҳқам атыны тилладан ерлеп алды. Қублаға басын қаратып,ат ағзысын болар деп дәл белине минди. Әне,қырық қызға бас болып,патшадан жаўап алып,көше менен Айпаршаның ойын етип баратырған жери.

Тақты маржан-садапты,
Қыздың бағры кәбапты,
Алли ярым,ярым деп,
Бабахан берди жуўапты,
Бабахандай патшадан,
Айпарша алды жуўапты.
Атын жолға салады,
Қырық қыз қуўды кейнинен,
Мәртликке белин буўады,
Бедеўге күнлер туўады,
Қалмақтың енди қызлары,
Лалаўласып қуўады.
Ат дизгинин дүзеди,
Жибер деп суўлық үзеди,
Полат тойнақ қызады,
Ат қызғанын биледи,
Бизден нәўбет өтти деп,
Сенлерге нәўбет жетти деп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейиндеги қызларға,
Айпарша атлы сол нашар,
Бир ишарат етеди.
Қалмақтың енди қызлары,
Айланып сонда қашады,
Айпарша қуўды кейинен,
Қуўып жетип кейинен,
Жолдас болған қызларға,
Алла деп найза урады,
Аўдарып таслап барады,
Белли кеўли тасады,
Атқа қамшы басады,
Қуўып жетип кейинен,
Жолдас болған қызлардың,
Төртин қойып майданда,
Бестен сайлап шаншады,
Найза тийген жарадарлар,
Көшеде ўайўайласады.
Бағдың гүлин солдырды,
Жолдас болған қызлардың,
Бирин қоймай Айпарша,
Көшеде шаншып өлтирди.
Қыз ойнаса қызықты,
Ақыр тойы бузықты,
Хан отырған шатырдың,
Арқа баўын үзипти,
Мәртликке белин байлайды,
Хан отырған шатырды,
Түйектей етип айдайды.
Талаўда қойсам дүнья-мал,
Тасаддық дейди шийрин жан,
Ярдың ойны қызық деп,
Шатырдан шықты Бабахан.
Бабахандай ханларды,
Зәңгиликке алады,
Пийрим Патпа пирим деп,
Кәмарға қолын урады,
Бабахандай ханларды,
Атқа өңгерип алады.
Хан отырған шал көше,
Беглер салған тар көше,
Бабаханды өңгерип,
Айпарша қашып барады.

Бедеўлер шомылды таза терлерге,
Яд етип сыйынған кәмбил пирлерге,
Айпарша қашып желеди,
Аты менен бир сырласқан жерлерге.
Қыз атланды сол қаланың шебинен,
Қалмақ қорқар бедеўлердин деминен,
Нашар қорқып жылаўымды тартар деп,
Кем-кем бәсип шегинеди кейнине.

Сандал аттың ырғымасын биледи,
Айпарша турып жылады:
— Көзимниң жасы илайым,
Алла ашқай талайым,
Нашарлығым билен бир ис басладым,
Бәршени жаратқан билсең қудайым,
Ҳаққа дадым жеткерегөр Жәбирайыл.

Айпарша жылап турғанда,
Қабыл болып көз жасы,
Жети ғайып еренлер,
Қыз қасына барады.
Саўыт кийип әрман билен шайланды,
Ҳақ ҳәмирине шекип белди байлады,
Келди дейди ғайыплардың бириси,
Нашардың ҳаққына дуўа әйледи.

Сол ўақлары Сандал ат,
Ғарғалыққа қарайды,
Ат гүңиренип киснейди,
Қорқып жылаўды тартар деп,
Жез суўлықты тартар деп,
Мәккем етип тислейди.
Жәбирайыл периште,
Ат жылаўын алады,
Ҳақтан болып шәпағат,
Пирлерден болып кәрамат,
Бабаханды өңгерип,
Атты ырғытып өтеди,
Сол қаладан Айпарша,
Нашар сағыў саламат.
Бир күн өтти арадан,
Еки күн жүзи толады,
Бабаханды өңгерип,
Айпарша қашып барады,
Арадан үш күн өткенде,
Қалмақтың ханы Бабахан,
Алдында сөйлеп барады:

— Ашылған бул бәҳәр бағда лалаға,
Сен сыйындың бүгин кәдир аллаға,
Үш күннен бери қанбай жүрме ойының?
Назлы ярым, кел қайтайық қалаға.

Жағам селлер болды көзде жасыма,
Қабыл болды ҳақтың еткен исине,
Жаслығымда түйе майын жағып ем,
Сол себепли ақ енди,
Сақал-муртым, шашыма,
Ғарры деп ғапылда қалма, Айпарша,
Быйыл келдим жигирма бес жасыма.
Кемлик пенен нардай белим бүгилди,
Ат шапқанда қанлы жас көзден төгилди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслығымда арақ-шарап көп ишип,
Сол себепли дәндан тисим төгилди.
Ата дедиң, мениң кеўлим бузылды,
Кәбап болып тенде жаным езилди,
Ойның қурсын, шықты жаным, Айпарша,
Жибересең бе? Мениң мойным үзилди.

Айпарша Бабаханның бул сөзин еситип, ары келди. Бабаханды қол ушына көтерип айландырыңқырап, қара тасқа бир урды. Бабаханды өлтирди, мәнисине келтирди.

Айпарша қыял ойлайды: — Буннан ярыма барсам, «Бабаханды өлтирдим» десем, исенбес мениң сөзиме, қарамас мениң жүзиме. Әлбетте, ишанар еди, Бабаханның бир ғана белгисин апарып көрсете ғойсам көзине, — деп, Бабаханның тилладан инаят болған жуп жығасын алды. «Отырғанда алып қашып келдиң» деп исенбей жүре ме деп, бир қулағын кесип алды. Сөйтип жолға рәўана болды. Әне, нешше мезгил жол жүрди, қалмақтың дәрбентине барды. Дәрбентке барып қараса, ар жағынан султаны Мәспатша ярын излеп шыққан екен. Дәрбентке келди, Айпарша ярын көрди:

— Ярым, саўғат — деди.

— Сениң саўғаңыз болсын,— деп, Бабаханның тилладан инаят болған жуп жығасын, кесип алған мүшесин Мәспатшаның алдына атып урды. Соларды көрип Мәспатшаның ўақты шәндан хош болды. Және яры менен қосылып және үш күн жол жүрди. Арадан үш күн өткен соң Мәспатша кейнине караса, буўдақ-буўдақ шаң шықты. Шаң кейнине қараса, баяғы баба, баяғы байталы бар астында, қанжары бар дәстинде, баба жақынлап келе алмайды, узақтан шаўқымды салып: «Ҳәй, Айпарша шырағым, маңлайы қара пириңмен, мийнети күйген пириңмен, Бабаханды өңгерип қаладан атыңды ырғытқанда ҳәм барман, елатыңа апараман, кейниме ер» деп, нешше жерден тымсал келтирип, Айпаршаға қарап турып баба сөзин баслады:

— Қалмақ сени атқанда,
Жарадан болып жатқанда,
Яратқанды яд етип,
Үш мәртебе арыз етип,
Гүнайың сорап алып ем,
Шықпас жанға, Айпарша,
Себеплер мен болып ем.
Бедениң саат тапқанда,
Қалмақтан ат сорағанда,
Ҳәййар баба келгенде,
«Берме атты» дегенде,
Ат бергизген мен,— деди,
Ыраспа еди сол,— деди.
Ат мойнынан қушақлап,
Пирим дейип жыладың,
Астындағы бедеўге,
Зибан берген мен,— деди,
Ыраспа еди сол,— деди.
Қырық қыз бенен ойнадың,
Хан шатырын бузғанда,
Бабахандай ханларды,
Өңгере алмай турғанда,
Аяғынан көтерип,
Өңгерип берген мен,— деди,
Ыраспа еди сол,— деди.
Бабаханды өңгерип,
Сол қалаға барғанда,
Астындағы Сандал ат,
Ырғый алмай турғанда,
Ат жылаўын мен алып,
Ат қарғытқан мен,— деди,
Пириң едим мен,— деди,
Елатыңа апараман,
Кел кейниме ер,— деди.
Мәспатша атлы сол төре,
Сол бабаны көреди,
Сол бабаның кейнинен,
Дуўлатып атлар салады,
Дәли кеўли тасады,
Бедеўге қамшы басады,
Алдында баба қашады,
Мәспатша қуўды кейнинен,
Шөлде қуўдаласады.
Мәртликке бел буўады,
Бедеўге күн туўады,
Мәнжүн аты болдырса,
Сандал ат пенен қуўады,
Сандал аты болдырса,
Мәнжүн билен қуўады,
Бабаға күнлер туўады.
Өз-өзинен урынды,
Астына минген байталы,
Қара тасқа сүринди,
Нардай беги бүгилди,
Селли яш көзден төгилди,
Астына минген байталы,
Тойнағынан тас қағып,
Муғаллақ атып жығылды.
Бағдың гүлин термеди,
Бабаға абырой бермеди,
Айдаса байтал турмады,
Турмасын баба биледи,
Байталынан түседи,
Шийрин жаннан кешеди,
Пиядалап қашады.
Мәспатша атлы сол төре,
Қуўып жетип кейнинен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байталын шаўып өлтирди,
Қыяметли сол пирин,
Тирилей тутып алады,
Еки аяғын қыз тутты,
Еки қолын мәрт тутты,
Атын жолға салады,

Бағдың гүлин солдырды,
Мәртликлерин билдирди,
Қыяметлик сол пирин,
Тартысыў менен өлтирди,
Ҳәр мүшесин бабаның,
Мезгиллик жолда қалдырды,

Әне, бабаны ҳәм өлтирди, Бабаханды ҳәм өлтирди. Айпарша менен қосылып нешше ай, нешше күн жол жүрип, кенегес елатына барып, той-тамашаларын берип, мурады ҳасыл болып турған жери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

59 - ТОМ



# МӘСПАТША

*Қыяс жыраў Қайратдинов*
*Жазып алған: А.Кәримов*
*(1956-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

# I БАП

Ерте әййем заманда, ол заманның қәдиминде, дин мусылман орамында, Бухар деген журтында, Булынғыр дәрья бойында, Сәрсебиз деген сайында, қарақалпақ халқында, кенегес деген руўда, қолы жеткен ҳәр жақтан, аллаға қылығы жаққан, тоғыз түлик мал баққан, аш-арықтан кеўлин тапқан, талабы алдына шапқан, сақыйлықтан аты шыққан Әбдикерим бай деген дүньяға келди. Төрт түлиги сай болды. Жасы қырыққа келгенше бийперзент болды. Перзент дәркар болды, жүзлери гүлдей солды. Аҳ шекти, көзинен қанлы жас төкти.

— Жасым қырыққа жетти, қызықлы мәҳәлим өтти. Ўақтым питип, әжел жетсе, тоғыз түлик малыма, сонша мал-мүлкиме, әшияма кимлер ийе болады?! — деп өзинен-өзи ойланып, қатты нала шекти. Аты шыққан ерди жыйып, аш-арыққа ас берип, қариялардан дуўа алып, өткенлерди ядқа салып, сәмен жорғаның белине минип, жорғасын сүрип, Булынғырсайды жағалап, төрт түлик малын аралап, кеўлиндеги әрманын айтып, көллерди жаңғыртып, Әбдикәрим бай бир нәрсе айтып баратыр:

— Халық әйлеген, бериўинде жоқ минин,
Алдымда ағам жоқ, кейнимде иним,
Қызықлы мәҳәлим өтти, не болар күним,
Ийесиз көп малдан маған не пайда?

Басыма түсип тур қайғы қуяшы,
Соңы бузық бийперзенттиң уясы,
Пада-пада малдан маған пайда жоқ,
Перзент екен адамзаттың мийўасы.

Қыял етсем, ҳеш гүмансыз өтемен,
Паяны жоқ, бәрин таслап кетемен,
Байқас етсем, алды-артымда нышан жоқ,
Ийеси жоқ малды жыйнап нетемен?

Байқас етсем, алды-артым нышансыз,
Маңлайға мал питти есапсыз-сансыз,
Халық әйлеген, ийесин бер малымның
Қыял етсем, бул мал маған паянсыз.

Қатар-қатар дал бедеўлер ойнаса,
Қазанларым толы майға қайнаса,
Алты түлик сансыз малдан не пайда,
Кейининде ийе болар қалмаса?

Дүньяға келгенлер даңқын тарататар,
Қыял етсем, ўақтым жақын киятыр,
Алла бизден бир тырнағын аяды,
Малларым ийесиз қалып баратыр.

Аямастан бердиң бизге ығбал-бак,
Перзентсизден кеўлим жара, жүрек дақ,
Малы-мүлким ўайран болып баратыр,
Халық әйлеген, мен тилеймен бир тырнақ

Бир қудайым нәзер салғай бул ҳалға,
Жети ғайып, мақсет-мурадым қолла,
Малларым ийесиз қалып баратыр,
Бер қудайым, ийе болар бир тулға.

Ат суўғардым бәлент таўдың қағынан,
Қырық жыл дәўран еттим ығбал-бағымнан,
Малларымның ийесин бер, қудайым,
Сақлағайсаң бийперзентлик дағынан.

Қаст еткеннен ар-намысын алғандай,
Сөзлер айтса, еситкенлер нанғандай,
Саадатлы бир ул бергил, қудайым,
Мүлки-әшияма ийе болғандай.

Жигирмада қонды басыма дәўлет,
Қолым жетти, қурдым салтанат-саўлат,
Алты түлик малым бәри жолыңа,
Бергейсең қудайым, саадатлы перзент.

Әне, сол нийеттиң үстинде бай бели бүгилип, көзде жасы төгилип, дағыстанда кетип баратырса, саҳрада жети жаста жаслары бар, түри басқа, ақ таяғы астында, бәлент таўлардың пәстинде, бири қашып, бир қуўып ылақ ойнап жүрген еки баланы көрди. Жол үстинде бай қапталынан өтип баратырса, балалар жуўырысып алдына келди.

— Ҳә, ата, балаңа ат сатып алмайсаң ба? — деп байдың алдына келип жабырласып турды.

— Ҳә, атыңыздың баҳасы не турады? — деди бай.

— Жети пул, ата, — деди.

Әне, байдың ўақты хош болып, ат үстинде турып, бала басына жети пулдан берип, бир атын алып, жөнине кете берди. Кеште малларын бақлап, падашы, жылқыманларын таклап, жумысын бәржайлап, Әбдикәрим бай үйине барды. Ыңырсыды жатты, ярым ақшам ўақтында байдың көзи уйқыға кетти. Ҳалал тилектиң қабыл ўақты, бир әжайып түс көрди. Түсинде не көрди? Кешеги ат берген жети жас баллар жәм болды, алдына келди.

— Ҳә, баба, сен бир тырнақтың дағынан халық еткенге көп налыш еттиң, жети ғайып деп себил болдың, бир тырнақ деп алты түлик малыңды бағыш еттиң, жети ғайып деген биз едик, налышыңа шыдамадық. Бизиң жарылқаў, қарғаў қолымыздан келмейди, хабар бериў қолымыздан келетуғын

www.ziyouz.com kutubxonasi

еди. Сениң мүтәжинди айтып, қудайдың алдына үш мәртебе бардық. Сен ушын жыладық, саған жалғаншыда перзент жазылмаған екен. Мақсетинди сорадық. Қудайтаала сениң көз жасынды қабыл етти, бизлерге шәпәәт етти:

— Халық үстинен асы бар,
Қыйын жерлерде досы бар,
Душпаннан алар өши бар,
Онға татыр күши бар,
Бир өзиниң басында,
Қырық адамның ақылы бар,
Жетеғойса шағына,
Арысландай күши бар,
Бир мың жылға өшпестей,
Отыз еки жасы бар,
Бермек болды қудайым,
Биз еситтик, шәрти бар.
Нәзер салды уллы патша,
Айтқан сөзлер саған жақса,
Хабар тауып, толып-таспа,
Ул берди деп асып-саспа,
Қырық баланың орнын тутар,
Атын қойғайсаң Мәспатша.
Он алтыға шығағойса,
Даңқы түсер хәр бир жаққа,
Нардай толар күш-ғайратқа,
Балаң минер Мәнжүн атқа,
Душпанларың сескенип,
Жетисер жигер саўлатқа,
Қолың жетер хәр тәрепке,
Жетисесең сен мұратқа.
Даңқынды жаяр дүньяға,
Дабылың қалар өшпес соңға,
Қабыл болды көз жасың,
Айналды талабың оңға,
Жалған шықпас сөзлерим,
Бир өзи татыр мың қулға,
Жасың қырыққа жеткенше,
Мүтәж едиң бир улға,
Қыяметте жығылмас,
Берди қудай бир тулға.
Қораң сениң толы еди,
Алты түлик көп малға,
Сонша малың кеўлиңе,
Керек емес бир пулға,
Бир перзент деп зар жылап,
Жалтаң едиң оң-солға,
Қабыл болды тилегиң,
Ушырадың кең-молға,
Перзентиң жоқ, малың көп,
Ишиң толы еди әрманға,
Мустажап болды тилегиң,
Бийдайық қонды қолыңа,
Жети ғайып жолында,
Мақсетиңди берди алла.
Отыз еки жасы бар,
Өшпестей соңға даңқы бар,
Бир бала берди қудайың.

Жети ғайып сени қоллап,
Қырық балаға барабар,
Саўлатына мийриң қанар,
Жалғыз деп сен налыма,
Саған перзент жоқ екен,
Қарасқан едим ҳалыңа,
Қармалап, қаңғып жүр едиң,
Салған бир саррас жолыңа,
Сергиздан болсаң сексен жыл
Табылмастай пулыңа,
Толы халқың қуўанар,
Мәспатшадай улыңа,
Саҳадатлы балаң менен,
Басың тең болар ханға.
Белиңе кирди күш-қуўат,
Шаршап-талып, қапа болма,
Бул сөзлерди айтқанның,
Ким екенин сен аңла,
Ишиң билсин бул сырды,
Сездирмегил бир жанға.
Кудайы ата жети мал,
Ғәрип пенен қәсерге,
Ҳалал болсын жыйған малың,
Зәкатын ҳәм қалдырма,
Пәнди мениң нәсиятым,
Дүнья-малға сен қызба,
Үйинде болса бир наның,
Мийман келсе аяма,
Аштан өлер болсаң да,
Кисиниң ҳақыны алма.
Бир мүсәпир ғәрипти,
Сыртынан сайыўшы болма,
Маңлай терлетип талап ет,
Шубҳалы асқа жолама.
Жәҳил болма, жан баба,
Айтқан сөзди қуп тыңла,
Мүтәж болса бир адам,
Ҳәргиз сөзин сындырма,
Қатты сөйлеп биреўге,
Нәсиятым, үстем болма,
Ғәриплерге ыза берме,
Жолда жатыр екен деп,
Ийесиз мүлклерден алма,
Кемис болса қарап тур,
Қоңсы-қобаға зулым болма,
Пасықтың сөзине инанып,
Достың кеўлин қалдырма,
Көрмеген жерде тек отыр,
Душпанға сырың алдырма,
Ашық жатыр екен деп,
Кисиниң төсегин баспа,
Ырысқынды ҳақтан тиле,
Ҳарамды жеп дуўа қылма,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қымбат баҳаңды пәслетип,
Қәдир билмеске сөз салма.
Қулағына илмейди,
Жаманға нәсият айтпа,
Алыс жерге сапар тартсаң,
Жаманларға жолдас болма.
Айыпсыз адам болмайды,
Өз айыбыңа жыла,
Бир сынаған ақмаққа,
Екиншиден буйым салма,
Көзин көрип шынтлама,
Шуғылдың сөзине инанба,
Билгенлерден жөн сора,
Нәкәслардың тилин алма,
Жақсыларға басыңды қос,
Заманнан тысқары болма.
Жумысың шықса биймезгил,
Жалғыз өзиң қәдем қойма,

Жеркенишли сүйретилип,
Сүймеген жерге сүйкенип.
Шақырмай хеш жерге барма,
Ықлас пенен атың тутып,
Ўақтында жолыңды күтип,
Шақырса қалыўшы болма.
Ўәде қылсаң бир мәрт менен,
Өлмесең, ләбизден тайма,
Кешеги айтқан ўәдеңди,
Ертеңине сен шайма.
Азамат сайлап яр-дос тут,
Нәмәрт пенен хәмдам болма,
Нәсият тутқан ерлерди,
Ядыңда тут анда-санда,
Айтып болдым сөзимди,
Гә тыңлама, гә тыңла.
Сол сөзлерди айтты да,
Ғайып болды жети бала.

Әне, сол сөзи байдың қулағына орнады. Бай шоршып оянды. Оянса, түси екен, төсегинде жатыр, еситкен сөзлер ядында тур. Әбдикәрим бай не болғанын билмеди. Шоршып орнынан турды, кийиктей мойнын бурды, қудайға шүкирлик қылды. Қуўанышы қойнына сыймай, отырып парахаты, турып тақаты болмай, көрген аўҳалын хешкимге айтпай, жети мал сүйинши айтып, қуўаныштың жолын молайтып, Қорасанға қой, әўлийеге ат айтып, ели-халқы, ғәрип-қәсерин жыйнатып, бөлингенине қарамай, хешким ҳалын сорамай, он қара сойды аямай. Он семизди сойдырып, қуўандырып елатын, аш-арығын тойдырып, ел қуўантып пәтия алды, өткенлерди ядқа салды. Халықтың кеўлине жетти, қолдан келсе қайыр етти, шынты менен тилек етти. Қарашаш алғаны менен кемли-кемли күн ышқылы дәўран етти. Ҳадал жеп, алғанына жума ақшамы нийет етти. Улықпанның ҳадал, көкиректиң дүзиў, кәраматтың күшли, динниң абат, көз жастың қабыл, тилектиң туўры заманы, кешикпей-ақ Қарашаштың бойына хәмиле питти. Қуўанышлы күнлер жетти, жерик асының ўақты жетти. Қарашаш дүньяда тахам қапылғандай, жолбарыстың жүрегине жериди.

— Кеўлим болды аққан булақ,
Әрманым сол, кеўлимде дақ,
Жолбарыстың жүрегин бир тислесем,
Еки дүньяда әрманым жоқ.
Айтар саған арызды,
Қостарына сол парызды,
Жерик асын таўып бермек,
Мойныңызға қарызды.

Сыйыңды нағыз пирине,
Жеткерди байды жерине,
Жерик асты таўып бермек,
Парыз екен ерине.
Тапты баба үлкен даўды,
Ойлап көрсең, тилсиз жаўды,
Енди баба белин буўып,
Басларына күнлер туўды.
Сәмен атын минип баба,
Садақты белге байлады,
Шығып майданлық сахраға,
Әтирапқа көзин салды.

Азаннан кешке из қуўды,
Маңлай тери бетин жуўды,
Көрмеген жерден жол салды,
Қыя шөлде ҳарып талды,
«Туўмай кеткир, терис туў» деп,
Баслары бәлеге қалды.
Қопалақлар, дағы-дашлар,
Жандар бармаған сахралар,
Суў ақпаған гөне арналар,
Аралап сергиздан болды.
Қус ушалмаған түнекти,
Сахрадағы гүзар жолды,
Уллы әўлийелерди күтти,
Қайдағы тоғайлы көлди,
Қумлы майдан, қыя шөлди,
Аралап сергизден болды.
Адам бармас, жоллар алыс,
Аллаға жеткенди налыс,
Бир жети күн өткенде,
Сасыққөл деген ултанда,
Көрди қопалақ қамыс.

«Қолы келген жигиттиң абырайын Алла жабады, душпанларың сыртыңнан түрли жаманат тағады, талап етип излеген бәле ағашты табады» деген сөз бар бурыннан. Нешшени әжел жерге тықты, табылмайды оннан мықлы. Абайсыз киятырса, сары қамыстың ишинде қарсылап жатқан аш шердиң баба үстинен шықты. Көзи түсти, бабаның зәрре жаны қалмады, қашарға тесик болмады. Перзенти

www.ziyouz.com kutubxonasi

қурысын, жалмады, шырпынып жатқан аш жолбарыс, атпаға өзин оңлады. Таррашлады қуйрығын, солқылдатып буйрегин, питкерер болды бай бабаң, қуданың әзел буйрығын. Табырайтып табанын, тикирейтип түклерин, жапырып еки қулағын, шабайын деп оқлады, бермей байдың ҳамалын, тарылтар болды заманын. Денеге күшин топлады, байға өзин атыўға ыңыранып жолбарыс окланды. Жаны қалмай байыныз, жипектен нәзик торқады, батырлыққа шорқады, жаратқан деп зар жылап, қалтырап қатты қорқады. Ататуғын ҳал қайда, қашатуғын жол қайда, айы жаман алынып, қатты қорқып қамынып, жатқан шерге жалынып, бай мынаны айтады:

— Қандым сениң бойларыңа,
Есим кетти ойларыңа,
Жүзлер тай келмес сойларыңа,
Айға шап, арысланым, айға шап!

Түриң шубар, билегиң ақ,
Мен жолыңда турыппан тақ,
Саған мениң зыяным жоқ,
Айға шап, арысланым, айға шап.

Қырық адамға тай бир өзиң,
Гәўҳардай жайнаған көзиң,
Өлиге мегзейди жүзиң,
Айға шап арысланым, айға шап.

Сенсең инсанлардың шери,
Барлық мақлуқаттың ери,
Тай келмес инсанның бәри,
Айға шап, арысланым, айға шап.

Бар мақлуқаттың ханысаң,
Мыңнан асқан султанысаң,
Сен шерлердиң арысланысаң,
Айға шап, арысланым, айға шап.

Маған шапсаң бир жемлик,
Айды алсаң мың жемлик,
Тәўекел етиң бир ерлик,
Айды алсаң әдил теңлик,
Айбынба шерим, айға шап.

Бир атың — шер, бири — арыслан,
Алыс емес, жуўық аспан,
Шер емессең оннан қорықсаң,
Айбынба шерим, айға шап.

Қырыққа тай келеди басың
Таў теңселтер дигирдашың,
Бул дүньяда жоқ баҳайың,
Айға шап, арысланым, айға шап.

Сының сулыў, төсиң ала,
Пешенеңди берген алла,
Ғурыжлан, жоқары қара,
Айбынба, шерим, айға шап.

Асқар таўдай бар турпатың,
Арыслан шер сениң атың,
Әлийге мегзер саўлатың
Айға шап, арысланым, айға шап.

Дүнья жарасығы сенсең,
Қорқып саспас, батыр шерсең,
Айды алсаң, асқан ерсең,
Айбынба, шерим, айға шап.

Қошеметти еситип,
Шердиң қаны қайнады,
Көзлери оттай жайнады,
Жарылған муздай гүңиренип,
Жақсы сөзге семирип,
Шырпынып жайдан турады.
Шыннан жолбарыс берилди,
Жолбарыстың денеси,
Қорғасын янлы ерийди,
Қуйрығын сабап таррашлап,
Айға қарап керилди.
Шығыннан шыққан сақыйды,
Жолбарыстың жүреги,
Тасқан суўдай шалқыйды,
Жақсы сөзге семирип,
Жолбарыстың денеси,
Қорғасындай балқыйды.
Бай ҳәмелин асырды,
Қошеметлеп, енеғар,
Шердиң кеўлин тастырды,
Ақыл-естен айрылып,
Шериң айға шапшыйды.
Әжел қурық шатылды,
Шырпынып жерге асылды.
Шамырқанып, шатланып,
Шериң айға атылды.
Отыз гезден айналып,
Әжелге туўры сайланып,
Туўры жолға қолайланып,
Таслақ жерге ала шер,
Тас төбеден шаншылды.
Түскен жери таслақ жерди,
Шын деп шуғыл сөзге ерди,
Мойын омыртқасы гүрт етип,
Табжылмастан жан берди.

Жолбарыс байдан утылды, белли әжелге тутылды. Бай өлимнен қутылды. Орнынан өрре турды, әсте-әсте жүрди. Жолбарыстың қасына келди, барлап көрди, атпады да, шаппады да, ҳийле менен баплады. Әсте барып аңлады, қулағын салып тыңлады, жолбарыстан сезик таппады. Бекитип қудай атыпты, шериң көлбеп жатыпты, мойын омыртқасы сынып, ҳадалдан сеспей қатыпты. Баба жүрегин

www.ziyouz.com kutubxonasi

басты, қасына жақын барды, қолайлы жерин алды. Төсинен пышақты салды, келистирип қақ жарды, жолбарыстың жүрегин суўырып алды. Жүректиң түбинде оралып питкен түгин көрип, байдың зәрреси ушты. Ҳасыл пиллаға орап, бай қойнына салды. Баба атқа минип, көмик тапқан кисидей қуўанып, аўылына қарап ат салды. Аўылына барды. Алғаны — Қарашаштың қолына тапсырды. Қарыздан қутылып, ғарры демин алды. Байдың қылған ғайратына көргенлер ҳайран қалды. Қарашаш ўақты хош болды, қапа кеўли йош болды, мақсетин орынлаған соң, ғаррысы менен бурынғыдан да дос болды. Орнынан ушып турды. Берди қудай ығбал бақты, тум-тусына тумар тақты, ғаррысына қасын қақты, ошаққа отты жақты, жүрекке исти қақты, шоққа басты, жыйырылды ма, жыйырылмады ма, ояқ-буяғын дағлап, шери таркап шағлап, болып жүдә ынтық шертип, түртип, қызара бөртип, шығарды қайғылы дәртти, көрдиңлер ме сондай мәртти?! Өлгейлиден қумартты, қаны менен жулып тартты, тарқатты ойлаған шәртти. Пәсең тартты жүреги, питти ислеген дедиги, жерик асына тойып, терлеп-тепшип, мақсет-мурадына жетти.

Қуўанышқа иши толды, жүдә кеўли жай болды, жерик асы басылып, қостарына ырза болды. Қарашаш жүкли болды, халыққа машқул болды. Күнлерден күн, айлардан ай өтти, тоғыз ай, тоғыз күн арадан өтти. Қабырғасы қампайды, қурсақлары томпайды, Қарашаштың арт бети әтшөк яңлы шоңқайды. Сәрсенби күни сәҳәрде бай қатыны толғатты. Аршадан бақан көмдирип, тилладан жүўен кердирди. Ақ жарылқап күн туўды, ат басындай ул туўды. Киндигин сайлап кестирди, сылап бойларын өстирди, суў орнына пал иштирди, мақпалдан жөргек кестирди, паршадан қаўыз пиштирди. Ай соқтырып алтыннан, қапталана қыстырды, ели-халқын жыйдырды, топарлап мал сойдырды. Тоғыз күн тамам той берди. Қарияларды жыйнатып, қосақлап мал байлатып, атын Мәспатша қойдырды.

Бир жасына шықты, апыл-тапыл жүрди, балалық қызығын көрди. Бес жасына келди, Мәспатшаның тили шықты. Тутып мектепке берди, он жыл медреседе оқып, тәлим алды, саўатхан мүдәрис болды. Жақсы-жаман, жақын-алыс, кимниң ким екенин билди, он бес жасына толды, Мәспатша атағына ийе болды. Ким душпан, ким дос, аңлады. Атасы Әбдикәрим бай баласының пикирин, қыялын байқады. Малын алты бөлип, бир бөлимин бағышлап, атасы мәлим, аты шыққан Мәнжүн деген тулпарды сатып алып, тәблесине байлады. Усталарды жыйдырып, бедеўдиң ер-турманын сайлады. Нийет пенен буйыртып, қарыў-жарағын да тақлады. Баласының бойларын көрип, сыртынан бақлап, түрли парызын орынлап, еки қолы жағасында, баба мурадына жетти.

## II БАП

Әне, Мәспатша он алты жасына толды, мәўжирип жигит болды, мурнына самал енди, кимниң ким екенин билди. Адамгершилик шағына жетти. Жақсы-жаманды айырып, жақсының қәдирин билди. Ашықлықты зейни илди. Сер салды қыйыр-қыяға, қызықпады мал-дүньяға, қәдирдан шыққан уяға. Толтырды он жети жасты, жигер күши тасты, қылығы ҳәддинен асты. Мен дегенге дуўшарласты, күннен-күнге алға басты, айбатлы менен қушақласты. Көргенлерди сусы басты, душпанды айбаты басты. Көзи түскен жырақ қашты, арысландай толып тасты, қаст еткенге салды дәсти. Аш-арыққа көп қарасты, сақыйлығы ҳәдден асты, жетим-жесир қуўанысты, халқын жыйнап, төкти асты. Минди бала Мәнжүн атты, салды елге сиясатты, менмен болған қатты састы, ҳалласлаған кеўли шадлы, көтерди Мәспатша атты. Әйне он жети жасына жетти, даңқы жети журтқа жетти. Саўлаты бар мыңға татыр, қарсы болсаң, мың дүнья тар, қылатуғын талабы — найза услап, садақ атар, қаст еткен жерден қан алар. Илаҳийдан келген батыр, сыны мегзеген Салсалға, дүнья зиндан қаст болғанға, он жетиге жасы толып, жетти батырлық кемалға. Он жети жасын толтырды, Мәнжүн атын желдирди, сыны-сәнин келтирди. Батырлығын билдирди, дос болғанды күлдирди, қарсы болсаң, бүлдирди, қаст еткенин өлтирди, жанған отын сөндирди, ҳәмирине көндирди, өнбеген даўды өндирди, сиясатын дөндирди. Әреби атқа жем берди, ашты байға теңгерди, ели- халқын меңгерди, қарағай найза өңгерди.

Он сегиз жасына толды, есерлик басына урды, нар киби күшине толды, таныды оң менен солды. Жигитлик қумары тутты, ярдың ышқына түсти, басқа жумысты умытты, жақсы қыздың жолына түсти. Мәнжүн аттың белине минди, сулыў қыз деп күйип-жанды. Аттың жалын таратпай, мен-мен деген сулыўды жүзлерине қаратпай, сергиздан болды Мәспатша, өз журтынан ылайық сүйгендей бир қыз жаратпай. Сол ҳалда Мәспатша ҳайран болып ҳәсиретте, бир сулыўдың дәртинен иши толып көп дәртке, басын қосалмай бир мәртке, дәўирлеп тасып-толыўға, ықлас берип күни-түни ярға ҳәмдам болыўға, кеше-күндиз тилеги, қушқандай бир сулыўға, майданларда бедеў шаппай, кеше-күндиз таҳам татпай, алты руў қарақалпақтан бойына ылайық қыз таппай жатыр еди отаўда.

Сәрсенби күни сәҳәрде бир тамаша түс көрди. Мәнжүн аты астында, қоңыраўлы найза дәстинде, көрмеген журт шөл-қыяда, бәлент-бийик дағыстанда дәрьядай йошып кетип баратырған екен. Ҳасыл паршаға кийинген, әрманда иши күйинген, гәўҳарлы илгеклер жайлы-жайында илинген, мен-мен деген жигитлер дийдарына берилген, нар текедей керилген, астына сандал ат минген,

www.ziyouz.com kutubxonasi

жүзлери айдай, қаслары жайдай, пешенеси ҳимайдай, бели сым менен тартқандай, көзлери гәўҳар жаққандай, мыңнан таңлап баққандай, келбетине қарасаң, шебер уста соққандай, ақ маңлайлы, бадам қабақ, алма көзли, жупқа додақ, беденлери сүттен ақ, ер жигитлерге ылайық, астында бар әреби ат, ақлыңды алар ышқы саўлат, он бес жаста бир перийзат дағыстанда дуўшар келди. Сәлемлести, қол алысты. Ҳәмдам болды, бирге жүрди. Жолдас болды, бир-бирине кеўли толды. Ышқылы жерге қол салып, жүзлеринен поса алып, сулыў қыздан мийри қанды. Сулыў қыздың бийнесин қосық пенен баянлайман:

*— Байлар салған томағалы ҳимайдай,*
Бийҳуш болар көрген, жағымлы майдай,
Перийзатты көрип, ақлын алдырды,
Қоллары пилтедей, жүзлери айдай.

Жүзине ылайық жипектей шашы,
Ақ маңлай, қара көз, қыйылған қасы,
Түсинде әжайып сулыў қыз көрди,
Тай келгендей бир мың қызға баҳасы.

Көзи түскен өлгейлиден қумардай,
Сийнелери таза ашылған әнардай,
Көзиң түссе, ериксиз тартар өзине,
Қәдди-бойы таўға шыққан шынардай.

Көзиң түссе қаста кеўилиң тасар,
Шуўла берип көзлеринен нур шашар,
Нәзер салса, айтпай билер сырыңды,
Бир қыз көрди бойларына миясар.

Батырлардай дағы-дашларды шолған,
Келбетин көргенниң кеўили толған,
Бир әжайып арыў көрди Мәспатша,
Көрген жан сол дейип дәрбәдер болған.

Мойны толы ҳинжи-маржан тағынған,
Түрин көрген инкар болып сағынған,
Бадам қабақ, оймақ аўыз қыз көрди,
Жолдас болған өмир бойы бағынған.

Астына минипти сары ала жорға,
Қырмызы қулағы, алтын жуп сырға,
Толған айдай бир қыз көрди Мәспатша,
Он сегиз жыл өмирине болды ырза.

Жаныңды ериткен сөйлеген сөзи,
Бийдайық сын-сынлы, жуқа нур жүзли,
Бейиштиң бағынан дуўры келгендей,
Кеўилиң табар майдай жипек минезли.

Перийзаттың назы ишин жандырды,
Ышқы жалыны жанын отқа салдырды,
Мийри қанып сулыў қызға Мәспатша,
Бийҳуш болып, ақыл-есин алдырды.

*Ашық болып келбетине қарады,*
Ҳуўшын жойтып, бийықтыяр болады,
Түсиндеги ушырасқан сулыўдың,
Ҳаслы заты ким екенин сорады.

— Алдымда шайылжып, тасып толарсаң,
Ўайран қылып, ақыл-ҳуўшым аларсаң,
Қула дүзде ылайықлы қосылдық,
Баян әйле, ҳаслың ким боларсаң?

Турған жерим биз көрмеген майдан, шет,
Кеўлимде бар мениң қызықлы мақсет,
Қыя шөлде ылайықлы қосылдық,
Заманласым, мақсетиңди баян ет.

Ашықлықтан жүрегиме түсти дақ,
Ақыл болсаң, қыял менен шешип тап,
Мәспатшаға баян етти перийзат,
Аты-затын, мақсетлерин баянлап.

— Не түрли әрманлар ишимде жатыр,
Яр ышқынан өмирим өтип баратыр,
Ашық болдым, шийрин жаным жолында,
Түсиме енип ғайыбана бир батыр.

Ақты көзлеримнен әрманлы жасым,
Излеп таппай сол деп, қурбанды басым,
Атымды сорасаң — Айпарша сулыў,
Табалмаған қудай қосқан қосағым.

Ашылды бағымда ышқы әнарым,
Сүйгеним табылмай, кетти мәдарым,
Ашықпан сыртынан, сергиздан болдым,
Еситкели Мәспатшаның хабарын.

Қырық жыл бойы гезип өтти Жаҳанша,
Гезип мақсет тапқан Ҳәзирети Муўса,
Түсиме енип таң қалғандай бир батыр,
Жолында сергиздан болды Айпарша.

Шын ашықтың ақ жүзинде барды қал,
Яр ышқынан ақыл-ҳуўшым болды лал,
Қыял етсем, қудай қосқан қосағын,
Ашық болсаң, бизди излеп таўып ал.

*Әне, батыр шоршып оянса, төсегинде жатыр. Оңы ма, түси ме, не екенин биле алмай, ҳайран болып атыр.* Мийри қанбай оңында, әрманы асып баратыр. Қыял етип қараса, айтқан мақсет-ойдағы, түсинде көрген сулыўдың дийдарына тоймады. Ғайбана ашық болып, қанасына сыймады.

Жәннеттен қызық қойыны,
Алма яңғақтай мойыны,
Ядынан шықпай сол қыздың,
Отыз еки жилўа ойыны,

Тал шыбықтай таўланған,
Көрип қыздың бойыны,
Ашық болды қан жутып,
Жиберип мақсет-ойыны.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бойына сондай мүнәсип,
Жигер күши суўдай тасып,
Ғайыбана қан жутып,
Өлгейлиден болды ашық.
Дийдарын бир көре алмай,
Заўқы-сапа сүре алмай,
Кеўилинде болды сарсық.
Ышқы дағы жанға батты,
Ҳәсиретинен қанлар жутты,
Бир мысқалы мың тиллалық,
Мәнжүн атқа зерди артты.
Қарыў-жарағын сайланып,
Жол жүриўге қолайланып,
Минди батыр әреби атын,
Түсинде көрген ашығын,
Излемекке Мәспатша,
Елинен шығып жол тартты.
Ҳәр жерлерге салды хабар,
Сол қызға болып интизар,
Бармаған руў қалмады,
Бир көрмеге болып қардар.
Талқанлады таўдың қарын,
Тартып сол қыздың зарпын,
Ақтарып жаҳанның бәрин,
Сергиздан болды алты ай,
Табалмай қыздың хабарын.
Дүнья-малын етти талан,
Бир яр ушын бағры гирян,
Үш урыўдың орамынан,
Излеп қылды тас-талқан,
Таппады «көрдик» деген бир жан.
Узаққа бедеў шаппады,
Батырға сапар жақпады,
Кенегес пенен маңғыттан,
Қытай менен қыпшақтан,
Отыз еки уран қоңырттан,
Алты руў қарақалпақтан,
Он мың үйли өзбектен,
Алты санлы алаштан,
Түсинде көрген сулыўдың,
Ҳеш дерегин таппады.
Өзи батыр және палўан,
Ашықлық солардан қалған,
Сүйген ярын таба алмай,
Дүньяны қылды тас-талқан.
Жети ай болды сергиздан,
Гезип өтти нешше дағдан,
Асты Памир, Тяньшаннан,
Жамур, Кашмир, Дамашықтан,
Сегиз ай гезип барды дейди,
Шәҳәрине Гөйистаннан.
Сегиз айда жетти дейди,
Дәрбентеги қара суўдан,
Шынмашын менен Қытайдан,
Ҳадийса деген жайлаўдан,
Гөйистан деген санаўдан,
Есап етсе, жети айдан,
Ағып турған тынық дәрья,
Қарсы алдынан болды пайда.

Батыр дәрьядан өте алмай, ойлы-шуқырын биле алмай, тынық суўды жағалай баратырса, дәрьяның қайырында пайғамбар жасына толған, ғаррылық халына барған, сақалы буўрыл болған, меллеси бар үстинде, гөне сәлле басында, ақ сақаллы, сары тисли, адам менен жоқдур иси, сыны келген сары киси, өзи ғарры, өзи суўпы, жағада серппе қурығы, баба талтайып турып хақандоз бенен суў атып, жер суўғарып турған бир мүсәпир бабаны көрди. Мәспатша бабаға жақын келип, сәлемин берди. Бабадан жердиң атын, лақабын, даңқын сорап, бир зат айтып турған қусайды:

— Әзелди бузады пәлектиң шарқы,
Сөзлериң ысықдур, жүзлериң жарқын,
Ғарры баба, бир сөзим бар, сорайман,
Мәканыңыз қандай патшаның халқы?

Бул тынық суў қайсы дәрья тарамы?
Қайсы халық, қайсы диниң ураны?
Танысайық, жериңизден хабар бер,
Турған жериң қайсы ханның сорамы?

Суў тиймеген шөлистанлық, сахра,
Ким дейтуғын елиңиздиң сәрдары,
Сөзлериме жуўап бериң, бабажан,
Бул үлкелер қайсы ханға пуқара?

Адастым, қараңғы алдым ҳәм артым,
Тымсал етип тыңла сөзимниң парқын,
Бир-биреўден жөн сораспақ миннетти,
Не дейди, жан баба, жериңнин даңқын?

Мына сөзди еситип баба жуўап береди:

— Күн шығарың ойлы-бәлент көп аспа,
Аржағын билмеймен, душпан ба, дос па,
Жерлеримниң атын меннен сорасаң,
Турған жериң сениң Дәрбенти Ақса.

Жерлеримниң көп жерлери дағыстан,
Түриңе қарасам, келген алыстан,
Жерлеримниң атын меннен сорасаң,
Қубла бетим халыққа мәлим Гөйистан.

Таўларымның көпти бәленти-пәсти,
Бизде бардур нешше жаўлардың қасты,
Арқам — Шуршыт, батысымыз — Қалмақ,
Қубла бетим — Тахтаханның қол асты.

Дәрьямның лақабы дейдилер Қармақ,
Қыйындур залымның елине бармақ,
Инсанларын меннен, балам, сорасаң,
Бир жағым Қытайдур, бир жағым Қалмақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазында сыраны, қысында жуты,
Тауында көп нарды жутар бүркити,
Лақабын сорасаң Гәуир дейдилер,
Арқа бетим есабы жоқ Шуршытты.

Арқа бети қус ушалмас шөл-далаң,
Жантасқанға қайтпай салады талан,
Балам, сениң турған жериң шегара,
Қалмақтың патшасы дейди Бабахан.

Қубла бетим дин мусылман орамы,
Бул қара суў қарлы булақ тарамы,
Жеримниң лақабы дейди Гүржистан,
Мәканымыз Тахтаханның сорамы.

Нәсиятым, арқа бетке сер салма,
Айтып болдым, балам, жолыңнан қалма,
Бизиң елат Тахтаханға пуқара,
Руўымыз қыпшақ, арғын ҳәм тама.

Әне, бабаның сөзин еситип, жериниң ҳәддин, ойлы-шуқыр, бәлент-пәстин, қайсы дин екенин батыр билип алды. Туўған жерлер қалды алыста, туўры менен шалыста, ғарры бабадан еситип, жер ҳәдди менен танысты. Батыр ҳайран болады, бабаға кеўли толады, излеп жүрген ярының дәрегин бул жерден табады. Жән-жағына қарады, хабар таўып Айпаршадан, бабаға батыр жалынып, мурат-мақсетин сорады:

— Әрман етип ат кекилин тарайман,
Тилла садағымды белге орайман,
Көргенсиз деп айып көрме, жан ата,
Мақсетли әрманым сизден сорайман.

Интизарман, тарттым бир ярдың зарын,
Себил болдым, бастым таўлардың қарын,
Жети ай болды мен елимнен шыққалы,
Ҳеш елаттан табалмадым хабарын.

Биз боламыз пухараның сәрдары,
Бизлерге ылайық қай елде барын,
Бир яр ушын биз адасқан сергиздан,
Айтың, баба, сулыў қыздың хабарын.

Лалазар ашылған бағда әнарлар,
Себеп пенен болдым саған дуўшакер,
Билсеңиз хабарын айтың, бабажан,
Бизге ылайық бир сулыў қыз қайда бар?

Қыял етсем, сиз дуўагөй қарыя,
Жигит бағынғандай жүзлери барна,
Көрсең-билсең айтың, баба, хабарын,
Елатында бизге ылайық қыз бар ма?

Таң қалғандай жүзин көрген халайық,
Билеғойсаң, екеўмиз дос болайық,
Сулыў қыздың хабарын айт, жан баба,
Халқында қыз болса бизге ылайық.

Мәспатшаның қапа кеўлин етип шад,
Түп бабасын, туўған жерин атма-ат,
Бес-алты аўыз ғарры баба сөйледи,
Бир сулыўдың ата-анасын баянлап:

— Балам, мақсетиңиз болса сәўер яр,
Қайыр-сақаўатсыз өзи, пейли тар,
Жанқур таў, Қуланлы атаўды жайлаған,
Елимизде халықтан асқан бир бай бар.

Мәнзили жырақдур аўылдан қыя,
Өзинен басқаға түсирмес сая,
Перзенти жоқ, алты түлик мал баққан,
Қайыры жоқ бир атақлы сырқыя.

Руўы тамадур, аты Лабақбай,
Байлығында оған келмес ҳешким тай,
Алты улға турарлық жалғыз қызы бар,
Сулыўлықта Зилийхаға сайма-сай.

Көрген жигит жолларында өлгендей,
Сәўбет қурған шийрин жанын бергендей,
Хан, патшаға жүз қараға бермеген,
Жәннеттиң бағынан туўры келгендей.

Мен-мен деген сәрдарларға ермеген,
Адамзатқа ықтыярын бермеген,
Атасы Лабақбай, жалғыз қызы бар,
Хан менен патшаны көзге илмеген.

Он жигиттен артық, тек аты нашар,
Тек сыртынан көрген жигит бир жасар,
Лақабын сорасаң — Айпарша сулыў,
Қәдди-бойы батырларға миясар.

Аңлап турман, саған арнап пишкендей,
Бетин сүйген қанар ҳимай ишкендей,
Даңқы мәлим халыққа жалғыз қызы бар,
Яр болғанлар шийрин жаннан кешкендей.

Дүньяда айрықша ушқыр бийдайық,
Сулыўлық бийнеси ҳәммеге пайық,
Атасы Лабақбай, руўы тама,
Бир қызы бар батырларға ылайық.

Кисиниң көзине көринбес онша,
Жолына мал берсең көп болмас қанша,
Жүзин көрсең мысал он төртлик айдай,
Жасы он бесинде, аты — Айпарша.

Бул сөзди еситип бабадан,
Гөйистан деген майданнан,
Хабарын тапты ярының,
Қол серппеши бабадан.
Жайды алла дабылды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бедеўи алға шабылды,
Тахтаханның халқынан,
Түсинде көрген сулыўдын,
Ҳақыйқат дереги табылды.
Дин мусылман орамынан,
Сыйынып ығбал-бағынан,
Дерегин тапты ярының,
Тахтаханның сорамынан.

Ашылды бағдың гүлзары,
Көрди қалмақтың гүзарын,
Тахтаханның халқынан,
Табылды мақсет-муралы.
Билмейди бети-сулғанын,
Халыққа мәлим сәрдарын,
Гөйистан деген майданнан,
Тапты дәрегин қардардың.

Тигинен атланып барсам, төгилер мениң абырайым деп хәр қыялды ойлады, кеўилин дәртлер жайлады, көкирегиниң әрманы қазан киби қайнады. Атқа тумар тақпады, мәлимлеп дабыл қақпады, сыр бермеген жерлерге туўры барып түсиўдиң есабын батыр таппады. Хабар айтқан бабаға «барып кел» деп жалынып, Мәспатша мынаны айтады яғлы-бәҳәрли:

Мәспатша:
— Сизди, бизди халық әйлеген қуда бир,
Биз бир балаң яр жолында талапкер,
Әўел қуда, қалды сизге сыйындым,
Сол қызынды, баба, бизге алып бер.

Ҳақ нийетти ортамызға салайық,
Несип болса дийдарына қанайық,
Айпаршаны, баба, маған алып бер,
Сизиң менен айрылмас дос болайық.

Баба:
— Қайсы журттан келдиң мениң қасыма,
Мен тай келе алмаспан сениң дадына,
Ҳақ жолында жүрген мен бир суўпыман,
Шайтанның ўасўасын салма басыма.

Балам, аўып, бизиң ушын кеппедиң,
Түрли жоллар силтесем де кетпедиң,
Шайтанның ўасўасын салма ядыма,
Балам, мени қыз ағасы деппедиң?

Мәспатша:
— Биз себепли көп нәтийже табарсаң,
Ада болмас көп саўаплар аларсаң,
Еки ашықты себеп болып сен қоссаң,
Зәрре бағыш, сен ийманлы боларсаң.

Билмей турман, ата, жырақ, қашық па,
Сөзинди еситип кеўлим сарсықты,
Усы быйыл тарың питер, жан ата,
Ғайрат салып қоссаң еки ашықты.

Баба:
— Қолынан келгенлер данқын таратар,
Айпарша қыз деген ашыўлы батыр,
Маған, балам, зыяңынды тийдирме,
Тары егистин ўақты өтип баратыр.

Перзентим, басымды бәлеге шатпа,
Тары егистин изи тақалған ўақта,
Қыз айттырып жүре алмаспан, жан балам,
Жарамаспан саған кәтқудалыққа.

Мәспатша:
— Достың жаман болса ҳалдан сорамас,
Нан берген достының кеўлини алмас,
Себеп пенен дуўшар келдиң, жан баба,
Сиз болдыңыз бунша неге жарамас?

Әдетиңиз усымеди жасыңнан?
Жақсы-жаман өткен жоқ па тусыңнан?
Ийни келсе не қылмайды адамзат,
Жигитшилик өтпеди ме басыңнан?

Баба:
— Әдил болсаң аўҳалыма нәзер сал,
Нәрестем көп, берерге жоқ бизде нан,
Буны таслап, қыз айттырып мен кетсем,
Жас балларға қайдан өнер ырысқал.

Төгилди суў серпип маңлай терлерим
Жоқшылықтан көпдур әрман-шерлерим,
Қыз айттырып жүре алмаспан, жан балам,
Таптан шығып баратыр ғой жерлерим.

Мәспатша:
— Айпаршаға шын ашықпан, мен қардар,
Керек болса алтын-гүмис менде бар,
Сеннен жақсы бизге яр-дос табылмас,
Ҳәр елдиң аўына қайым қусы бар.

Белгили, турақлы мәнзил ханамсаң,
Сыйынарға пирим, жигер-санамсаң,
Өмирине жетер дүнья беремен,
Қызға қоссаң, қыяметлик атамсаң.

Баба:
— Тилимди алсаң, Тама елине барың,
Басыңды қос, таўып алып сәрдарын,
Балларымның ырысқалына кес қылма,
Тийдирме, жан балам, бизге зыяның.

Ойлап турсам, алдым бийик, артым жар,
Күн-түн демей умтыламан, ўақтым тар,
Балларымның ырысқына кес қылма,
Есапласаң, жети күнлик егис бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәспатша:
— Ақыл айтсаң, нәсиятыңды алайын.
Не мүтәжиң болса, тайын қылайын,
Айпаршаға хабарымды айтып кел,
Тарыңды егип, хызметиңди қылайын.

Жолдас қылсаң, кейиниңе еремен,
Өндирген өз атамдайын көремен,
Егисим өтти деп хеш қапа болма,
Өмириңе жетер дүнья беремен.

Баба:
— Қолдан келсе, кеўилиңди алайын,
Болмады, жолыңда ғайрат салайын,
Сен қарассаң балларымның ҳалына,
Лабақбайың өлтирсе де барайын.

Талабым дийқанман, белим бар қолда,
Қырсыққан талабым айналғай оңға,
Қарассаң сен балларымның ҳалына,
Мен өлейин Айпаршаның жолында.

Аңсат қылсаң мениң қыйын ҳалымды,
Тезирек бер, жан балам, дүнья-малыңды,
Сен айтқаның ырас болса, шырағым,
Жолыңда сарп еттим ғарры жанымды.

Әне, Ғарғабай суўпы, «алтын көрсе периште жолдан шығады» деген, әўел ашыўланса да, ақыбети жубанды, жақсы сөзди еситип, баба қатты қуўанды, төрт аяқлап қашқан суўпы тез барсам деп ҳаўаланды. Дүньяның еситип хабарын, тез барсам деп ищи жанды. Жаным сениң жолыңа деп, шаққанласып қолайланды. Тыңлап бунын аҳыў-зарын, билип ярдың жолы тарын, суўпы жүдә ҳаўаланды, еситип алтынның хабарын. Қол серипппени тартып урып, мелле шапанның тазасын кийип, сәллени ғыррықлап орап, сақалларын тарап, аўлағында айнаға қарап, ҳасаны қолына алып, атшабар баладай сазланды, жуўырып шықты таярланып. Мәспатша бабаның қуўанғанын билип, ғарқылдап күлип, бабаға кеўли толып, ықласына ырза болып, бир хәмиян қолына қызыл берди.

— Ал, ғаррым, қыяметлик атамсаң, сыйынар жигер-санамсаң, Айпаршаға мени қоссаң, белгили мәнзил ханамсаң, қыйын-қыстаў жерлерде талмай шабар жорғамсаң. Мына берген қызылдан керегиңше алғайсаң, сырын билген елатың, мен белгили қанатың, ғайратыңды салғайсаң. Тартынбастан жан баба, байдың үйине барғайсаң. Дабылымды-даңқымды түсиндирип жайларсаң. Дүньяға қызса қорықпа, жетпейди деп тарықпа, келген жерде тилиң тартпа, ғазабы болса, қайтпа, хәр сүўретте мениң атымды баянла, — деп бабаны жолға салды. Мәспатша күнлик шапанын кийип, өзин хешкимге таныппай, Мәнжүн атын селеўге бағып, бойын тасалап, суўпының қосында бола берди.

Суўпы сол кеткеннен кетти. Узақ, қыйыр шөл еди, Лабақбайдың аўылы үш мезгиллик жол еди. Жанқур деген таўында, Қуланлы деген атаўда, тама деген көп руўда, Лабақбай деген сонда еди. Тәўекел етип суўпы-ийшан алдына қарай дөнеди. Суўпы пайыў-пияда еки күн жоллар жүреди. Намазлыгер ўағында, әйне мезгил шағында сол аўылға жетеди. Узын бойлы, сүлиңгир, жылтыр қара көзи үңгир, Лабақбай деген бәтшағар, асып кеткен жүдә қыңыр, төрт түлиги сай еди, кереги тайын, кеўли жай еди. Боз ордада шалжаңлап Лабақбайың жатыр еди. Суўпы-ийшан кирип барды, сәлем берди. Сәлемин бунын алмады, аңықлап нәзер салмады, усынса, қолын бермеди, қайдан жүрсең демеди, мийман деп көзге илмеди. Суўпы жапсарда отыра берди. Бир қанша ўақ өткенде байдың қатыны жол болсын сорады.

— Усы әтирапта, Қармақтың бойында дийқаншылық етип, майданда шаңға аўнап, геўдем қуўрап бозда жатырған мүсәпир ғарры едим, «жарлының бир тойғаны шала байығаны» деген, байдың үйине барып, қонақ асы жеп, қарнымды салып бир тойып қайтайын деп келип едим, — деди. Оны еситип байдың қатыны қатлама писирип, бир табақ қатық пенен суўпының алдына қойды. Суўпы жеп тамағы тойды.

Алты ағайинли бай еди. Суўпы-ийшан байға мақсетли гәпин айталмай, ол кейнине қайталмай, кәдди бойы қалтырап, жән-жағына жалтаңлап, айбатынан баталмай, әрман-шерин тарқата алмай, бай гәпине қулақ салмай, *аўнаў менен таң атты.* Суўпы қайғының зарын тартып азанда турды. Хеш кимниң иси болмады. Арман-берман жүрди, гә шықты, гә кирди. Әйне сәске ўағында суўпы ийттен қор болып қайтты, кеўилдиң дәртин молайтты. Шығып үйлен жол тартты, танап ярым жерге барды. Суўпы турып ойланды. — Ат кекилин тарайын, буннан тегин қайтпайын, ийни келип турыпты, мен тилимди тартпайын, Мәспатшадай батырға бул сырымды айтпайын. «Жаўдан жаралы қайт» деген, бул заңғарға жарасқандай бир ылайық дәлил айтайын. «Бас кеспек бар, тил кеспек жоқ» деген, жанымды алмас, бир тыма сабыр, бул азабы ядтан қалмас, я қорлығын, я зорлығын, я ерлигин көрип қайтайын, — деп, зығырданы қайнап, суўпының денесин ашыў жайлап, тәўекелге белди байлап, бәлент төбениң басына шығып, танап ярым жерде турып, байдың үйине қарап сүрен салып, суўпы бир зат айтып турған усайды:

— Әтирапың қуба тал,
Тутымыңды мен көрип,
Ақылым болды мениң лал,
Кимлигимди айтайын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзлериме қулақ сал.
Келип едим себеп пенен,
Қармақ деген жеримнен,
Жатысыңды мен көрип,
Сескендим, бай, түриңнен.

Кеўлимдеги мақсетим,
Айталмадым тилимнен,
Келип едим алыстан,
Көрейин деп өзиңди.

Сөйлеспедиң жөн сорап,
Төмен салдың жүзимди,
Аман-есенлик сораспай,
Тыңламадың сөзимди.

Атымның басын тартайын,
Әсте-әсте мен қайтайын,
Айталмай кеткен сөзим бар,
Тыңла Лабақбай, айтайын.

Сәлем берсем, алмадың,
Туўрылап нәзер салмадың,
«Келе қалдың ғарры» деп,
Ҳал-жайымнан сорамадың.

Атың тутып келип ем,
Бизди меҳман алмадың,
Келип едим бир мақсетте,
Қалдырмадың бир жақсы ат,
Гәплеспедиң, сөйлеспедиң,
Тамақ берместен қақсаттың.

Алты түлик малың бар,
Керегиңниң бәри таяр,
Қудам едиң, билмедиң,
Қонақ асы бермедиң,
Еттиң, заңғар, пейли тар.

Оң жағыңнан туўып ай,
Төрт түлигиң сайма-сай,
Аштан-аш мени қайтардың,
Жолыма бир ылақ соймай.

Майданда бедеў желип ем,
Жақсыларға көп ерип ем,
Қатлама менен жибердиң,
Сениң менен қуда болып,
Етке тоймаға келип ем.

Келип тур екен заманың,
Көрдим иргеңниң қамалын,
Жақсы-жаман сөз билен,
Сөйлеспеге келип едим.

Тарттың, заңғар, танабың,
Мақсетимди сорасаң,
Қуда болмаға келип ем,
Қатлама менен қайтардың,
Танымадың адамың.

Келип едим сарайыңа,
Батыр келди панайыңа,
Дус келдиң сен тең-тайыңа,
Қардар таўып келип едим,
Айпаршадай нашарыңа.

Қуўып салдың, енеғар,
Қарамастан ҳал-жайыма,
Нийет пен келдим қасыңа,
Қабағыңды бир ашпай,
Саўда түсти басыңа,
Қуда болып сиз бенен,
Бас жемеге келип ем,
Қатлама бердиң асыма.

Жолыма ылақ соймадың,
Себеп пенен өзиң тоймадың,
Қуда болмаға келип ем,
Алдыма гәлле қоймадың.

Майданда жатқан аўшы едим,
Қус көтерген аўшы едим,
Айпарша айым қызыңа,
Мәспатшадай батырдан,
Қаст етип келген жаўшы едим.

Қайраўда жекке ғазыңа,
Күн тиймеген сәр назыңа,
Қорққанымнан айта алмадым,
Жаўшы болып келип едим,
Айпарша атлы қызыңа.

Журт ийесидур Тахтахан,
Қысымынан халық шуўлаған,
Қардар екен қызыңызға,
Түп-тийкарын сорасаң,
Келим едим Мәспатшадан.

Ат шаптым майдан дүз билен,
Бағрың ерийди сөз билен,
Айпарша айым қызыңды,
Көрмеге анықлап көз билен.
Ойлансаңыз, қудаң едим,
«Не жумыста келдиң?» деп,
Гәплеспедиң биз билен.

Сол сөзлерди бир айтып,
Айланып суўпы қашады,
Адымын керип басады,
Майданда қайнап йошады,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтарында айтса да,
Қатты қорқып сасады.
Адыр-адыр таўлардан,
Арданлай берип қашады,
Гүдир-гүдир қумлардан.
Гүдиренлейди, басады.
Кесе-кесе жап келсе,
Кешип өтип қашады,
Әне-мине дегенше,
Нешше қырлардан асады.

Суўпының айтқан сөзлерин,
Еситеди Лабақбай,
Ары келип арланып,
Қайысты беллери жайдай,
Көкиреги долы байыңның,
Суўпы-ийшанның сөзлери,
Жанына батты найзадай,
Еситип шыдап туралмай,
Қубартты ақша жүзлерин,
Ар-намысқа шыдамай,
Жас қаплады көзлерин,
Ары келип арланып,
Ирке алмады өзлерин,
Қатты батты сөзи жанға,
Басқандай бетине тамға,
Сүйегинен өтеди,
Иши толы әрманға,
Ырғып турып орнынан,
Жуўырып шықты майданға.
Баян етсем байдың түрин,
Ала көзли, қылыш мурын,
Жарлы көрсе, қарар қырын,
Панайына жантаспайды,
Билген адам оның сырын,
Көкиреги қара таўдай,
Қылған ислери бийорын.
Өтти басынан бәхәри,
Буршақ янлы тырсылдап,
Шығып тәнинен зәхәри,
Жаўған булттай қурсанып,
Келди байдың қәхәри,
Ғарғабайдай суўпыға,
Етти жаман пейли тары.
«Қылар болды мени датқа,
Қалар болдым жаманатқа,
Болыппан мен елге датқа».
Айтқан сөзи суўпының,
Батты жаман жанына.
Қанасына сыялмай,
Қатты тойды қанына,
Ашыўланып арланып,
Иши толып әрманға,
Шамырқанып, шатнайып,
Минди Лабақбай атына,
Бузаў тилли қамшысын,

Алады бай қолына,
Ат салады бай баба,
Ғарғабайдың соңына.
Терең жылға, терең сай,
Бул жаҳанда тапылмас,
Қыңырлыққа ҳеш ким тай,
Суўпы-ийшанның кейнинен,
Ат салады аянбай.
Арт бетинен қарасаң,
Кескен гүжим теректей,
Қарсы алдына қарасаң,
Тислери мысал гүректей,
Бетлериниң қарасы,
Толған айда түнектей,
Турпатына қарасаң,
Тоғыз жасар түлектей,
Буўырқанып баратыр,
Мысал жараған үлектей.
Суўпы-ийшанның соқлығы,
Жети қырды асырды,
Қатламаның тоқлығы,
Албырап қашып баратыр,
Ҳәр төбеге соқлығып,
Лабақбайдың дәстинен,
Қыйын болар қутылыўы.
Турды шамал оңынан,
Қамшылап аттың қоңынан,
Ат салып сағыў-солынан,
Жети қырды асқанда,
Қуўып жетти Лабақбай,
Суўпы-ийшанның соңынан.
Жолы шатақ, көп қамысты,
Атлардың басы қағысты,
«Төктиң, заңғар, ар-намысты»
Еки ғарры дуўшарласып,
Қыя шөлде шатасты,
Қарсыласып, жағаласты,
Қуўып аты менен басты,
Ғарғабайға қамшы басты.
Ийшан тутар жарлықты,
Етти пейли тарлықты,
Қылды жөнсиз зорлықты,
Лабақбайдай бәтшағар,
Суўпыға берди қорлықты.

— Алайын ба басыңды!
Ағызып қанлы жасыңды,
Гүржи менен көпегиме,
Тарттырайын ба дашыңды? — деп
Зулымлығын асырды,
Ғайратын қатаң тастырды,
Өкшесин атқа бастырып,
Суўпы-ийшанды айдады,
Саўда салып басына,
Үйине қуўып барады,
Жөнсиз урып, азаплап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айландырып сабады.
Суўпыға қарап сөйледи:
— Есигиме барасаң,
Ойлап турсам, енеғар,
Ишиме от жағасаң,
Тойып шығып үйимнен,
Жүзиме неге бағасаң?
Қаңғырып жүрген дийўана,
Кимге жаманат тағасаң?
Айбатымнан сескенбей,
Қандай сөзлер айтасаң?
Инабатлы сен адамдай,
Сөз айтасаң инанғандай,
Маған жамбас урасаң,
Аты шыққан сен палўандай,
Көрсет, заңғар, ҳалың қандай?

Арқаланып ҳақлап жүрип,
Ат тағасаң тири жандай,
Бетиң шыдап не деп келдиң?
Қора-қора малың бардай,
Қатар достым сен болдың ба,
Адам қурып сен қалғандай?
Сөз айтасаң жүдә мықлы,
Еситкенлер таң қалғандай.
Қылайын ба сени жуда,
Етейин бе жаннан ада,
Сен болдың ба теңим мениң,
Адам қапылып дүньяда?
Кимлерди ермек қыласаң,
Арқаланған сен дийўана?
Малларыңның саны қанша?
Баян етиң «бизиң қуда».

Лабақбайдай жаўыз саяқ қаст еткенди қоймайды аяп, аўзын көрсеңиз жайықтай, гүнде аяқ, түнек түсли, қоллары бүркит бармақ, тандырбас, үңгир көзли, мурны шоқмардай, бир қойды тири жейди писирмей-ақ. Мойнын көрсең көнектей, исик қабақ, қаслары бир тутам, кирпиги мысал таяқ. Улы жоқ, таң қалғандай бир қызы бар, дәўлети асып кеткен, малға бай-ақ. Сипетин айтып болдым Лабақбайдың, байғустың пешенеси усындай-ақ. Сол ўақытта байдың ҳаялы илаҳида ақыллы дана еди, байға қарап:

— Ҳаў, жарылқағаным-аў!
Сөзимди тыңла, қулақ салып,
Сор ғаррым, мынаў исиң қатаң айып,
Сөзим тыңла берман қарап.

Жасыңның көби кетип, қалды азы,
Кемалына келди ғой жалғыз қызың,
Анаў-мынаў сөзлерге қулақ салма,
«Қуда болсам» дегенниң көтер назын.

Жығылмасын бедеўиң музға тайып,
Себеп пенен келген шығар дузың тартып,
Дурыс емес бул ислер сизге ылайық,
Атың сорап келгенде, басып сабап,
Кетпей ме толы журтқа тәрийпиң жайып.

Қызы бар кемпир-ғарры гереӊ болар,
Себеп таўып түрли адам дуўшар болар,
Қыз айттырып келгенди сабай берсең,
Айпаршаның кеўили дәртке толар.

Қысылғаннан көзиме терлер толар,
Үйиңе жақсы-жаман адам қонар,
Қулақ сал, билгенимди мен айтайын,
Қызы бардың қулағы гереӊ болар.

Ғаррыжан, суўпы-ийшанға жақсы сөз айт,
Қызыңның абырайының жолын молайт,
Суўпының сөзин тыңлап, көңилин ал,
Жақпаса кетеди ғой, малды көп айт.

Қымызды ким ишпейди,
Қыз ержетсе ким айттырмас,
Қызы барға ҳеш адам жол таптырмас,
Қуда болсам дегенди айып көрме,
Қызы ержеткен адамға сөзлер батпас.

Қыз ушын келген болса айып көрме,
Бийорын урып-сөгип азап берме,
Жақтырмасаң көп айтып, малдан қашыр,
Мийманның зейнине тийип жүрме.

Нақыл бар — «Иши өткенниң арты билер»,
Қызы ержеткен үйлерге ҳәр ким келер,
Ғаррым-аў, мынаў исиң қатаң айып,
Еситкен халайықтың бәри күлер.

Қыз алып, қыз бериспек уллы жолдур,
Келгенди тексерме сен, көңлиңди өлтир,
Қайыл болса, қуда бол, қорениш көрме,
Көп айтып, үш жүз туўар малға көндир.

Мына сөзди еситип, Лабақбай ҳаялына қарап:

— Ҳа, заңғардың баласы, шашың узын, ақылың келте қатын, нәсиятлап қайтарасаң мениң пәтим, билесең бе суўпының ҳаслы-затын, сен билмейсең сөз мәнисин, жөги суўпының мени ермек қылып, аяғыма жип тағып ойнап жүрген мәккарын. Қарсы шаппа алдыма, жаҳанда адам қапылып, теңим мениң усы қусаған болды ма? Әлпи мынаў, түри мынаў, усыдан да қара өнер ме, соған да адам көнер ме, аўзымды ҳәлек қылып, кеўлин аламан деп, мендей адам сөйлер ме, — дейди. Сонда байдың ҳаялы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳаў, шабазым, өйдеме, өзиңнен басқаны кем деме, утылар сөзди сөйлеме. Ким екенин билесең, неси барын сезесең? «Өзиңди ер билсең, басқаны шер бил», «адам адамнан кем болмайды, тек сыбағасы артық болады», «тартынбай келген адамның бир нышанасы болады». Атыңды атап келген адамды сен өзиңнен зор бил. «Минар урлаған, минар ғурлы жер қазады», «ғарры малдың сырты қотыр, майы мазалы», «ешектиң ети ҳарам, күши тазады», деген, сыр-сипетин билмеген адамды бай ма, бек пе, жарлы ма, хан ба, қәйеринен танып болады? Сыртын қорениш көрме, байқас етип қарасам, тили узын, данаға мегзетемен көзин, кеўили батыр, жүзи қызыл, сен ақмақ болма, байға мегзетемен түрин. Тилимди ал, сыйла, қонақ асын бер, парызыңды орынлап сыйла өзин, қарызыңнан қутылып, тыңлап қара сөзин, — деди.

Сонда бай айтады:

— «Сөзин тыңла» дей бересең, ол бир көтергенинше алтын арқалап жүрген деппедин, себеп пенен тамағын бир тойғызбақтыдағы, арқалап жүргени күнлик шапаны менен онсери ярым басалай тақандыдағы, — дейди бай.

Сонда суўпы турып байға:

— Бай аға, асқынлай бермең, арқалап жүргеним қызыл болса, не қылар едиңиз? — деди.

Сонда ладан бай:

— Сеннен қызыл түўе, бир тойғандай зат табылса, қызымды мутқа бердим, қалған өмиримди жолыңда жумсап, қулың болдым, — деди.

Сонда суўпы орнынан ушып турып:

— Қолыңды бер, — деди.

Бай қолын берди. Сонда суўпы айтты:

— Айтқан сөзиңде турдың ба? — деди.

— Турдым, — деди Лабақбай.

Суўпы турып:

— Үстем болғанлар утылсын, ўәдеден тайғанды қудай урсын, қайталағанның пири душпаны болсын, — деп, қалтада бир түмен қызылы бар еди, суўпы-ийшан оны байдың алдына төкти. Оны көрип Лабақбай ләбин тислеп, геллесин шайқап, жамбасқа бир урды. Дәлилден жеңилип, айтқан шәртке тутылып, суўпыдан утылып, ортаға белли шәрт қойып, ақыл-хуўшын жойып, суўпыдан нәтийже табыларын билип, басқа алағаданы қойып, суўпыға еркин берди. Суўпыға тәңир сәлем берип:

— Жаздым-жаңылдым, таяқ силтеп, тил тийгиздим. Еткен жаҳыллығымды кешириң, суўпы-ийшан, — деп, ырайдан қайтып, құшақласып қол алысты.

Бозордаға киргизип, меҳман алып, мал сойып, алдына гелле қойып:

— Ырайдан қайттым, айтқан сөзлериңе инандым, сениң менен биринши қыяметлик дос болдым, ықтыярымды бердим. Қолдан келсе, сениң менен куда болдым. Суўпы-ийшан, өкпе-гийнени тасла, мазалы сөзиң болса, басла, улың сениң неше жаста, аўыл қайда, ел қайда, мәкан еттиң қайсы жайда? Қандай себеп пенен болдың бул жерде пайда? — деп Лабақбай отырып турды.

Суўпы байдың оңғарылғанын билип, мыйығын тартып күлип, өзиниң ким екенин, қайда өскен мәканын, Мәспатшаның баянын Лабақбайға баянлап, сөздиң туўрысынан келип, суўпы-ийшан бир сөз айтып турғаны:

— Қыйлы қал жоқ кеўилимде, ойымда,
Күш-ғайратым кемис жигер сойымда,
Дин мусылман, руўымыз арғынды,
Аўылымыз Гөйистан деген жайында.

Туўған жерим Ақса Дәрбент деген жай,
Жеримиздиң байлығы мол қарағай,
Мәканым Гөйистан, руўым қурақ,
Атымды сорасаң — суўпы Ғарғабай.

Өзим суўпы, өлгейлиден жарлы едим,
Қатарда орным жоқ, намыс-арлы едим,
Үш ай шабыс, әйне егис ўағында,
Кең салада тары егип жүр едим.

Темир көк тулпарын минген астына,
Ақлымды алдырдым пешанасына,
Жатыр едим бозда шаңға былғанып,
Таң қалғандай бир бала келди қасыма.

Сәлем берип, маған туўры қарады,
Пешанасын көрсең, жаныңды алады,
Мени көрип атасындай тербетип,
Атыңызды, қызыңызды сорады.

Қәҳәр етсе, бир жүз жигитке татыр,
Саўлатын көргенди ериксиз қаратар,
Атыңды сорап, Бухарадан келипти,
Көрген адам таң қалғандай бир батыр.

Қаст еткен жеринен алғандай арды,
Ҳаслы-заты кенегестиң сәрдары,
Бухарадан сизди сорап келипти,
Анық сөзи — Айпаршаның қардары.

Быйыл келген әйне он сегиз жасқа,
Ғайрат-күши тоқтар емес таў-таста,
Бухарадан сизди сорап келипти,
Атын айтсам сол батырдың — Мәспатша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашыклықтан дағы-дашларды шолған,
Әйне быйыл ғайрат-күшине толған,
Атың сорап Бухарадан келипти,
Ҳаслы-заты кенегестиң палўаны.

Туўған жерин сорсаң — уллы Бухарды,
Қызыңның жолында көп интизарды,
Егленбе бай, пәтия той баслай бер,
Пешанасы Әлийден де жоқары.

Сорадым, сиз-бизге жоқдур зыяны,
Ырас сөздиң айтып болдым баяны,
Дүнья десең, серке тулып қызылы бар,
Сизди-бизди ата етиў қыялы.

Сыйлап отыр шаңлағына келе алмай,
Ийбе саклап, салтанатын салалмай,
Бизди ата тутып, сизге буйырды,
Әрманы көп Айпаршанды көре алмай.

Шығанлардан асып шыққан бир ерди,
Қолыма бир түмен қызылын берди,
Ғайыбана ашық ата қылыўға,
«Қуда түсип, алып бер» деп жиберди.

Ортадан қатнасық жоллар салайық,
Айпаршаңа батыр жүдә ылайық,
Дүнья десең не мақсетиң табылар,
Ырза болсаң, достым, қуда болайық.

Теңлеспеге келгеним жоқ мен даўға,
Енсе тон жамылып алтынлы жаға,
Мақул десең, қалыңды көп айта бер,
Утылдым деп қапа болма, бай аға.

Ат кекилин бештен таллап өресең,
Хожайынсаң, өз үйиңе төресең,
Қарыйдармыз, зарымыз бар, зорым жоқ,
Ерди көрип, ырза болсаң, бересең,
Наырза болсаңыз, өзиң билесең.

Бай суўпыдан бул сөзди еситип, еткен ислер ядынан шығып, гә қуўанды, гә суўалды, суўпыдан нәтийже табыларын билди. Лабақбайдың алты иниси бар еди. Лабақбай алдына алты инисин шақыртып алды.

— Қыз баланың атаға хәргиз болмас паяны, шағына жеткен ўағында тиймей зыяны, жалғыз қызым ержетип, Бухар менен Қоқанға түсипти оның хабары. Тыңласам сөздиң тымсалы, Бухар деген журтынан Айпаршаның жолында келген усаған бир батыр. Мына суўпы жаўшысы, алдындағы сәрдары, Айпаршадай сиңлиңниң Мәспатша деген қардары. Кеңесиң болса айта бериң, туўысқаным қарағым.

Сонда Қарабай деген иниси ақыл дана жигит еди:

— Қызыңның қатары болса, адам айбынғандай күши болса, ел тойғандай малы болса, халық атын билген, иркилмей апаратуғын журты болса, Бухарадан усы журтқа атыңды атап, нийет пенен келген болса, жүдә бер, аға, — деди.

Бул сөз байға қамшы болды. Инисине:

— Айнала жағым таў еди, шуршыт пенен қалмақ маған белгили жаў еди. Жалғыз қызым туўралы басым улы-шуў даў еди. Сүйенерге улым жоқ, малдан мениң көңилим тоқ, белли қостарым жоқ, «аты шыққан биреўге қоссам көзим тириде», деп нийетимниң саўы еди. Жақсы-жаман ат салып, мазамды алып баратыр. Суўпының сөзин тыңласам, қызымның нағыз қатары, душпан сескенгендей батыр дейди. «Теңи келсе тегин бер» деген сөз бар бурыннан, қудай айдап келгенди, «жарлы болсаң бийге ер, жекке болсаң төреге ер, ерге басың теңелер» деген сөз бар бурыннан. «Батырға дәркар жаў-жарақ, халықтан асқан уллы дарақ, әлемге түсер саясы, ер жигитке бас қоссаң, хәр жерде тийер пайдасы» деген сөз бар бурыннан. Сол батырды қолыма алсам, малы-мүлктиң ықтыярын берсем, не десе изине ерсем, енди қалған азғана өмиримди сол батырды саялап, күнимди көрсем, қызымның арқасында азғана күн дәўран сүрсем қалай болар еди? — дейди.

Сонда иниси Қарабай ағасына қарап нәсият айтып, беш-алты аўыз ўарсақы айтқан екен:

— Бул ислердиң соңын аўыр ойлайық,
Ол сөзиңди еситпесин халайық,
Қызың еле кемалына келген жоқ,
Ол ислер болмайды сизге ылайық.

Сөзлериңнен хеш нәтийже табылмас,
Үйде саклап абырайың жабылмас,
Бизден емес, бурынғыдан қалған жол,
Жийен, күйеў, күнде сыйла, ел болмас.

Ер жигитке қуда берсе, қыйын ба,
Қызыңның хеш ўақытта миннетин алма,
Саған айтар нәсиятым, жан аға,
Кеўил берип сен күйеўге сыйынба.

Аңлап сөйле, аға, сениң аўзың бос,
Күйеў деген ўақтынша бир кеўил хош,
Халықтан асқан батыр дейип сыйынба,
Арың арлап, күйеў болмас саған дос.

Халықтан асқан батыр деп сен қуўанба,
Қызыңа сүйенип, бөлеге қалма,
«Қыздың үйи қыннан тар» ғой, ағажан,
Күйеўге сен кеўил берип жубанба.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўил қойма, аға, ҳәргиз ол иске,
Жолап жүрме ондай миннетли күшке,
Сен ояғын ойламайсан, жан аға,
Қызың жасырақ, жаңа шықты он беске.

Сен жәнжелди тилеп алма басыңа,
Зәҳәр салма ишетуғын асыңа,
Аўыр ойла ол жумыстың сағасын,
Қызың толысқанша әйне жасына.

Жоқ нәрсени ҳеш қыялда, ойдағы,
Көп миннетти сатып алып қайдағы,
Бир саяқтың сөгисин сатып алғанша,
Топар-топар көп маллары пайдалы.

Адам арнап үйге шақырып алайық,
Өзиң көрип, гәпин тыңлап қарайық,
Алыс жолдан арнап келген мийманды,
Жолына мал сойып, мийман қылайық.

Ортамызға алып, көрейик ҳалын,
Билгендей адам ба жолының тарын,
Қызыңызды көрип кеўили жаратса,
Қайыл болса, алсақ бойма көп малын.

Шақырып алып, қонақ асы берейик,
Келген ердиң сын-сымбатын көрейик,
Қызымызда шыннан ықласы болса,
Пәтия берип, иркпей соған берейик.

Бул нәсиятты Лабақбайға баянлады:

— Жыйна, аға, ақыл-ести,
Қызыңды ҳеш ким көрген жоқ,
Көрмей, билмей қуда болып,
Ол исиң қалай келисти?
Ойлап турсам, жаман, аға,
Бул ис қатты надурысты,
Беремен деп ўәде қашып,
Таўып жүрме қатты күшти.

Болсын ислериң биймәлел,
Адам арнап жолына,
Сол мийманды шақырып ал,
Жай-жағдайын сөйлесип,
Болған исти алдына сал.

Қурысын, аңла, дүнья — боқ,
Болмасын келген жансыз оқ,
Хабарласпай, ўәде қылма,
Қызыңның жасы толған жоқ.

Басыңа келген дәўлетти,
Үлкен салтанат-саўлатты,
Қызыңды мийман жаратса,
Үш жыл сора мәўлетти.

Сөзиң тыңлап, қулақ салса,
Кеўилиң ашып, бала болса,
Душпаныңа қарсы турса,
Қызыңды соған бағышла,
Үш жыл жағдайыңа қараса,
Қуда бол, қызыңды бағышла.

Сөзиңе қулақ салмаса,
Айтқан сөзиңди алмаса,
Оннан нәтийже шықпас,
Жағар саған ғәраматты,
Айтар саған нәсиятым,
Берип жибер руқсатты, — деди.

Әне, сол сөз байға мақул түсти. Бир жигитти суўпының қасына қосып, елине қайтарды. Суўпы барып Мәспатшаға сөзин жайлап, изине ертти.

Лабақбайдың аўылына келди. Қарабайдың үйине Мәспатшаны мийман алды. Батырдың пешанасын көрип, журт қайыл қалды. Айпаршаны алдында қойып, хызмет еттирип, бир ақшам мийман қылды. Мәспатша Айпаршаға көзи түсип, түсинде көрген ашығын оңында көрип, қустай қаўып, еки ашық бир-бирине аўып, Мәспатша жойтқан жоғын таўып, батыр тәнинен ықтыяр кетип, бийҳуш болып, Айпаршаның жеңгесине:

— Сен бе бизиң жеңге деп, бизде көпдур теңге деп, бизден сизге көримлик деп, Қаршыға деген жеңгесине бир қысым қус қанатлы алтын берди. Оның батырға кеўили толып, ҳәмме ыразы болды.

Лабақбай Мәспатшаның бойын көрип, ўақты шәндан хош болып, «усы бийнели жигитти мениң есигиме дуўшар қылған өзиңнен, қызымнан садағаң болайын» деп кемпирин үш айналып, маңлайынан таўап қылды. Азанда Мәспатша атасына көринис берип, рухсат алып кейнине қайтты.

Әне, Лабақбай Мәспатшаға шыны менен кеўил берип, жүрек-бағры ерип, саўлатына берилип, қызына жүдә раўа көрип, байдың кеўили телезип, Ғарғабайды шақырып алып ойласық салып, Лабақбай бир сөз айтып турыпты:

— Патша болған қурады дар,
Кетпесин қолдан намыс-ар,
Қустаныдығым кешириң,
Еттим саған пейли тар.

Көзимнен ақты қызыл қан,
Қабыл болды тилегим,
Көрдим сеннен бир нышан,
Азғана бир әрманым бар,
Қулағың салың, суўпы-ийшан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўанып тасып-толайық,
Ортаға сөзлер салайық,
Миясар көрсе халық еткен,
Сиз бенен қуда болайық.

Улым жоқ орнымда турақ,
Өшпегей бизден шамшырақ,
Әрманымды сорасаң,
Жетилмеген, қыз жасырақ.

Қызымды жолына арнасам,
Жай-жағдай бизден сорасаң,
Он сегиз жасқа толғанша,
Асықпай балаң қараса.

Дүньяның жүзин шолайын,
Көрип баламның қызығын,
Дийдарына тояйын,
Қызымның жасы толған жоқ,
Табалмай турман қолайын.

Еки ярым жыл қарасаң,
Суўпы-ийшан, ырза болайын,
Еки ярым жыл толған соң,
Қызым он сегизге келген соң,
Салтанат пенен узатайын.

Хабар алсаң ҳал-жайымнан,
Зыят көрейин жанымнан,
Еки ярым жыл толған соң,
Отаўын сайлап қызымның,
Енши берейин көп малымнан.

Барды бир неше атаўым,
Кетсин тарқап шер-татаўым,
Ўәдели күн өткенше,
Керек жарағын сайлап мен,
Тиктирейин ақ отаўын.

Солдур ойлаған мурадым,
Билмеймен туўры, мәлелин,
Қуда болдым сениң менен,
Усы, суўпы-ийшан, айтарым.

Жалғыз қызым — ҳал-дәрманым,
Не болар, билмеймен, пәрманым,
Қабыл алсаң бу сөзимди,
Қалмас еди бир әрманым.

Бул сөзди суўпы еситип, байға қарап:

— Сөзлериң дурыс, нашардан перзент болмайды, шағына жеткен ўағында есик қарап турмайды. Бийпаян дос болмайды. Оған қатнап жүрмеге Мәспатшаның ели шалғай, қатнап жүриў болмайды. «Қатнап жүр» деп оған айтыўға мениң аўзым бармайды. Гүдер үзсе қызыңнан, байласа да турмайды. Кетеғойса қолымнан, айналып сирә келмейди. Саған айтар нәсиятым, қайтармаңыз ығбал бақты. Ойла, қатарынды таптың, берди қуда салтанатты, қызынды бағып отырғаның жақсы емес, жаман атты. «Өлимнен басқаның ертеси жақсы», «кетеси нашардың кеткени жақсы». Нашар жақсы ат бермейди. Кеўлиңизге келмесин, ол сөзлериң уятты. Керегиңизди алып, ертерек узатқаныңыз жақсы. Сизиң сөзиңиз сынбасын, жыл ярым қарасын. Салсаңыз сөзиме қулақ, Мәспатшаның ели жырақ, қалың мал қәденди алып, жыл ярымынан қызынды узат. Үш жыл бойы баққаның болар қатты уят. Мақул десең, бай баба, сол сөз болсын иттипақ. Ол сөзлерим жақпаса, берeғойың рухсат, — дейди Ғарғабай суўпы.

Сол сөз ҳәммеге де мақул болды. Еки жақ соған ырза болады. Жигирма бес жорға, елли сыйыр, алпыс жағалы сарпай, үш жүз қойға питим болды, нан сындырысты, пәтия оқыды. Өз қарағанын жыйдырып, мал семизин сойдырып, жасаўлы табақ қойдырып, суўпы менен Лабақбай қол алысып, қушақласып қуда болды. Суўпы ғаррыға рухсат қылды. Тарқасты.

Ғарғабай суўпы аўылына барды. Мәспатшаға көрген-билгенин баян етти. Мәспатша айтқан ўәдеден қайта алмай, суўпының сөзин қабыл алды. Суўпыға ықтыярын берди. Мәспатша ләбизинен қайталмай, Айпаршаға жантаса алмай, ҳеш жумысқа жип таға алмай, ҳайраны шығып тур еди.

## III БАП

Ендиги сөз Айпаршадан болады.

Айпарша жанға сыр билдирмей, аңғысын аңлап, гәптиң соңын барлап, яр дәртинен қан жутып, зар болып, жанына жантаса алмай, ағаларынан бата алмай, ярына қәдди-бойын бир жазып көрсете алмай, сыр айтысып гәплесе алмай, қайғы менен күн-түн жатпай, жүрегине ас батпай, таң атса кеш болмай, кеш болса таң атпай, қупыяда бир қосарға айтыўға ылайықлы қостар таппай, өлгейлиден болып ашық, еки арасы қашық, болған жоқ еле жарасық, бир-биреўин көре алмай, еки ашықтың кеўиллери болды сарсық.

Айпарша көзиниң астынан қарап жүр еди. Атасының бир ярым жыл мәўлет сорап қуда болғанын қыз билди. Мақсет-мурады болып, ушып-ушып қуўанып, ўақтын хошлап жубанып, Айпарша турып ойланды: — Бир ярым жыл толғанша маған қарап жүре ме, барарына жери жоқ, белгили бир орны

www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ, меннен басқа қостары жоқ, бир ярым жыл толғанша мениң жолыма қарап жүре ме? Бир кеткен соң елине, қолға қайтып түсе ме? Ярымның басына сүргин түскен екен, қостар таппай бүлген екен. Ел айырып, журт айырып мениң ушын келген екен. Усындай жерде жәрдемим тиймесе, қостар болып не дәртине жарайман? Мен қайғыны қояйын, ашығымның жолында жанымды қурбан қылайын. Сыр шашпастай дос табайын, ярыма жасырын хат жоллайын, хат арқалы шақырып алайын, жасырын қатнасық қылып, кеўилин алайын, керек затын жасырып берип, ҳалынан хабардар болайын, бир ярым жыл толғанша өзим қәўендер болайын, керегин жасырын қатнатып, қолдан келсе, өз елимде бағайын, өз елине қайтармайын. Өз елине қайтарып, кейнинен қарап қалмайын, — деп, кеўлиндеги әрманын, ашықлығын, мақсет-мурадын айтып Айпарша хат жазып, Қаршыға жеңгесин шақырып алып, хатты Мәспатшаға жоллады.

Қаршыға жоқ қыдырған жоқшы болып, күн ярым күн дүзде қонып, Ғарғабай суўпының аўылына келип, Мәспатшаны таўып алып, қыздың хатын тапсырып қайтты.

Мәспатша сәлем хатты оқыды, қулақ салың, досларым, не депти Айпарша хатында:

— Ақ жүзлеримде барды қал,
Қулақ сал, ярым, сөзге инан,
Айпаршадан сизге сәлем,
Сөзлерим тыңла, қулақ сал.

Излеп келипсең узақ жолдан,
Қәўендермен, келсе қолдан,
Ашығыңнан көп-көп сәлем,
Сөз сорасаң бизиң ҳалдан.

Жүре алмадым жолым тардан,
Атам қайыл болды зордан,
Айпаршадан көп-көп сәлем,
Қайғы шекпең дүнья-малдан.

Толғаным жоқ мен жасыма,
Жеккелик бар бул басымда,
Кешиктим деп ҳеш ойлама,
Сыйына бер арқа берип,
Айпаршадай жолдасыңа.

Қызыл жүзлериң солмасын,
Ишиңе дәртлер толмасын,
Керегиңди тайынлайман,
Жолларыңда шын ықласым.

Басымда мениң қалың қар,
Бир көрмеге биз интизар,
Кеўилиңе мәлел алма,
Жолыңда турыппан таяр.

Биз деп келсең, ўәдеңде тур,
Ықлас пенен мойныңды бур,
Сәлем хатты алағойсаң,
Қупыяда қәдемиңди ур.

Айпаршаға кеўлиң толса,
Мениң кеўлим — ярым болса,
Сен өлтирсең ыразыман,
Сениң менен жупты болсам.

Бирге жүрсем, ярың болсам,
Ышқылы қардарым сен болсаң,
Халық еткенге ыразыман,
Сениң менен бирге өлсем.

Мен қумарман дийдарыңа,
Қансам сениң жамалыңа,
Мақсет-мурадың орынлап,
Жеткерермен кемалыңа.

Душпаныңды мунайтайын,
Дәртлериңди молайтайын,
Қулақ салың бул сөзиме,
Ишки сырымды айтайын.

Қубла бетте бир бийик тал,
Келмесе кеўлиңе мәлал,
Серсемби күни сәҳәрде,
Сол жайлардан бир хабар ал.

Иркилдим деп қайғы жеме,
Шуғылдың сөзине ерме,
Керегиңди жеткеремен,
Өз елиңе қайтып жүрме.

Саялы нәрўан байтерек,
Аўылдан қублада ерек,
Сәрсемби күни сәҳәр ўақта,
Сол мәканға тайын болың,
Бизлер болсақ саған керек.

Жолларыңда болдым сайыл,
Бедеўге тарт беккем айыл,
Шының менен ашық болсаң,
Силтеген жерлерден табыл.

Мына сөзди еситип,
Мәспатша жайдан турады,
Кеўли тасып батырдың,
Әтирапты шолады,
Хатын көрип ярының,
Қол алысқандай болады,
Дәртке толған кеўлине,
Шадланып нағыш қонады.
Қумарланып шадланып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзлери гүлдей жайнады,
Айтқан сөзи Айпаршаның,
Кеўлине жүдә унады,
Кеўлиндеги табылып,
Бүлбилдей тили сайрады.
Яр дийдарын көрмеге,
Қатты хәўес болады,
Жән-жағына жалтаңлап,
Ҳәр қыялды ойлады,
Жүрегининң әрманы,
Қазанлы астай қайнады,
Денесине жайғаспай,
Ханаға батыр сыймады,
Алдыма қурған аў ма деп,
Батыр қатты ойлады,
Душпанлар қурған тор ма деп,
Аўыр ойлап барлады,
Ойласыўға адам жоқ,
Жән-жағына қарады.

— Мен қайғыны қояйын,
Қарсыласқан душпанды,
Қазық қылып қағайын,
Қарсылық еткен душпанның,
Еки көзин ояйын,
Айпаршадай сулыўдың,
Силтеген жерине барайын,
Исенимли ярымның,
Сөзине қулақ салайын.
Ат кекилин өрейин,
Несип болса, ярымның,
Ақ дийдарын көрейин,
Таза ашылған бағынан,
Ышқылы гүл терейин,
Ырас болса айтқаны,
Бир ғайратын көрейин,
Ашықлығы шын болса,
Анықлап кеўил берейин,
Силтеген жолдан жүрейин,
Хат жоллаған сәўер ярдың,
Ашықлығын билейин.
Минген атым шабылды,
Көктен тилеген тилегим,
Өз ярымнан табылды,
Салыпты бизге шәпәәт,
Абырайым жабылды.

Ҳәўес болып көрмеге,
Аш бүркиттей шабынды,
Жигитлик қумары тутып,
Дәртлеринен қанлар жутып,
Қайтпақшы еди елине,
Барлығын батыр умытып,
Оқып көрип қағазын,
Айпаршаға кеўили питти,
Ярдан жыллы сөз таўып,
Мурад-мақсети питти.
Силтеген жерге бармаға,
Сәрсемби ақшамын күтти,
Ўәде берген жерлерин,
Кеўилге батыр яд етти,
Ярдан жәрдем сөз таўып,
Кеўилин батыр шад етти.
Ат мойнына тумар тақты,
Сөзлери қулаққа жақты,
Шадланып, хош болып ўақты,
Қайтпақшы болған Мәспатша,
Ярдан белли хабар тапты.
Сылап-сылап Мәнжүн атты,
Бедегеден берликлеп,
Ушығадан терлик жапты,
Қуйысқанын келтертип,
Үзеңгисин узайтты.
Саўаш ерин салады,
Айылды шалып бек тартты,
Яр дийдарын көрмеге,
Кеўилден дәртин молайтты,
Ашық болып Айпаршаға,
Кем-кем батыр қумартты,
Талап етип яр жолына,
Минди батыр әреби атты.
Кесип бәлент таўдың қарын,
Ядқа тутып сәўер ярын,
Алды тастай қараңғы,
Билмей батыр не боларын,
Жолланады Мәспатша,
Алып таўлардың панайын,
Тәўекел батыр жолланды,
Излеп Лабақбай елатын.
Қармақтың бойын жағалап,
Ат ойнатты бәлент дағдан,
Қалың тоғайды аралап,
Инсан сезбейтуғын жайдан,
Еспе қумды ақтарып,
Кешти нешше терең сайдан,
Мәнжүн атын хәўирлетип,
Самаллатты сахрадан,
Қарсақ, кийик жортпаған,
Жылға-сала, кең майданнан,
Жасырынып батыр киятыр,
Яр жолында бағры гирян.
Адамға өзин танытпай,
Өтти талай көп руўдан,
Түсип ярының ышқына,
Айналып талай бурыўдан,
Бойын жазып көрине алмай,
Баратыр шетлеп тоғайдан,
Айпаршаның дерегин,
Тапқайман мен қолайдан.
Жүре алмай бир туўры жолдан,
«Ашықтың пири Зилийха,
Хабар алың бизиң ҳалдан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айпаршаның дәртлеринен,
Жуда қылма ели-журттан,
Көзим көрип, мийрим қанғай,
Айпаршадай сулыў қыздан»,
Мәнжүн атқа ғазап етип,
Сегбир тартты неше майдан.
— Бир яр ушын елден безип
Келип едим алыс жолдан,
Өмиримше ярым қылмак,
Айпаршаны келсе қолдан,
Көрмеген журт, жат еллерде,
Мен шерменде болмағайман.

Яр ушын атқа мингели,
Өтти он еки ай арадан,
Күн ярым күн сегбир етти,
Яр жолында боп сергиздан.
Намазшамның ўағында,
Өтти Қуланлы сайдан,
Әйне қуптан шағында,
Силтеў берген байтерекке,
Жетти батыр зордан-зордан,
Әйне қуптан болғанда,
Тайын болды Мәспатша,
Қағаздағы айтылған,
Силтеў берген мәкан жайға.

Әне, Мәспатша тымсал менен Айпаршаның силтеўи бойынша, Лабақбайдың аўылының алдында, Қопалы деген сайында, қарағанның көзи шалған, саясы әлемди алған, уллы нәрўан қуба талдың түбине келип атынан түсти, Айпаршаны күтип, еки жүзли қанжарын қонышына салып, жән-жаққа көзлерин таслап тура берди.

* * *

Енди сөз Айпаршадан. Айпарша ярына хат жоллаған күни Қарабайдың ҳаялы Қаршыға женгесин аўлаққа алып, әрманын айтып жалынып, мынаны айтқан еди:

— Айналайын, женгежан,
Акылым болды мениң лал,
Сүйген ярды көре алмай,
Жүрек баўырым болды қан,
Маған сирә пайда жоқ,
Дүньяның бул малынан,
Ярым жатыр қула дүзде,
Хабар алар адам жоқ,
Онық арзыў-ҳалынан,
Сырымды саған айтайын,
Жасырын соған көрсетсең,
Зыят көрейин жанымнан.
Атама етпей гүнәкар,
Ойласам, жүрер жолым тар,
Саған айтар арзым сол,
Адамзатқа сездирмей,
Мени сәўер ярыма,
Қылсаң бойма дуўшакер.
Себеп пенен болған дуўшар,
Кетпесин қолдан намыс-ар,
Салғаным, жеңге, ядыңа,
Бир яр жатыр қула дүзде,
Жолыма қарап интизар.
Жеңгежан, маған берсең қол,
Айып көрме сырымды,
Ата-бабадан қалған жол,
Ярыма мени бир көрсет,
Керек болса дүнья-мал.
Жанлы жанға сездирме,
Женгежан, саған айтар сол,
Бийкешиңниң тилегин ал,
Яр жолына көп дүнья-мал,
Адам сезип жүрмесин,
Әтирапыңа көп нәзер сал.
Не десең қайыл болайын,
Сәрсемби күни сәҳәрде,
Айтқан жериме алып бар,
Салғаным соны ядыңа,
Зейин ет мениң дадыма,
Сеннен басқа достым жоқ,
Ярыма мени бир көрсет,
Жеткеремен мақсетиңе.
Жеңге, ертеден алдын ал,
Бул сөзлерди ядыңа сал,
Не десең, саған сыйындым,
Байтеректиң түбине,
Ярыма берген ўәдем бар.

Мына сөзди еситип,
Қаршығадай жеңгеси,
Ушып-ушып қуўанып,
Айпаршаға не деди:

— Ойлама сен мени жәҳил,
Етпеймен сөзинди дақыл,
Шының менен сыйынсаң,
Алайын сөзинди қабыл.
Айтқан сөзиң шыннан ырас,
Ата-анаң белгили қас,
Олар сени ҳеш аямас,
Атаң менен ағаңның,
Баўыры қатты қара тас.
Анығын айтса, бийкешим,
Ағаларың белгили қас,
Бул елаттан ашығыңа,
Жаны ашыр табылмас дос,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шырағым, маған сыйынсаң,
Сырынды мен етпеймен паш.
Жәрдемимди аямайман,
Сүйгениңе басынды қос,
Қолдан келсе ойнап-күлиң,
Бирге жүрип қайна да йош,
Тилимди алсаң бийкешим,
Ҳеш ўақтынды өткерме бос,
Алдыңда басшы болайын,
Ўәде берген жериң болса,
Ертерек күт, алдыннан тос.
Ер деп маған сыйынасаң,
Қолыма сени алайын,
Бар ғайратымды салайын,
Маған хызмет буйырсаң,
Силтеген жериңе барайын,
Мақсетиңди орынлап,
Жолыңда пидә болайын.
Нәзер салғай уллы патша,
Қолдан келсе, бийкешим,
Болайын алдыңда басшы,
Ядыңа соны салайын,
Атаңызға көп мал жақсы,
Оннан саған пайда жоқ,
Ярдың кеўилин алған жақсы,
Алдын алып болар истиң,
Ерте қосылғаның жақсы,
Саған зыян келтирмейди,
Ярының келбети жүдә жақсы,
Ярдың кеўли ем болады,
Тәниң соған бағышлы,
Жеңгеңизге сыйынсаң,
Билген нәсиятым усы.
Сыйынсаң мен қол-қанатым,
Өзиме үлкен салтанатым,
Кеўлимдеги мақсет-мурат,
Айналайын, бийкешжаным,
Жеңгеңе түсир шапаат,
Адамға сездирмесликке,
Қәсем етип айтайын шәрт.

Әне, сол ўәде менен Мәспатша келетуғын күни песиннен төменирек, намазлыгерден жоқарырақ Қаршыға жеңгеси менен Айпарша ойласып, күтинип атыр. Кеўиллери халласлап, басларын жуўып, шашларын таллап, қәддин дүзеп айнаға қарап, бурымларын бурап, тулымларын таллап, тислерине тишўан жағып, жилўа менен қасын қағып, пәрең орамалын орап, ара берип өзине, сүрме жағып көзине, сүймурық қустай сыланып, мойны толы ҳинжи тағып, қыялланып, лалы-жәўҳардан кийинип, тоғыздан қәде түйинип, батырға дәркарын жыйынып, ярдың орамалын сайлап, шын кеўилден қумарланып, мақсет пенен қолайланып, жүзлери гүл-гүл жанып, кеўиллери таўдай тасып, таўыстай таранып, сымдай беллери буралып, жүзлери айға шоласып, көргенлердиң ақылын алып, тиллә тажы басында, әйне он бес жасында, сырын айтпай яр-досына, жеңгесин алып қасына, әйне жатыр ўағында ярына жолланып, қаршығадай қыя бағып, яр дәрдинен бағры жанып, полаттай балқып, толған айдай шалқып, басарына еринип, нар текедей керилип, ярына шыннан берилип, сарышадай тутым тутып, мәрдана басып, саллана көшип, киятыр пинҳамы күлип, Мәспатша жолларын күтип, аш бүркиттей ынтығып, жатарда шыққан Айпарша сәҳәр ўақта зорға жетти. Дуўшарласты еки ашық, аяқларын ғаз-ғаз басып, бир-бирине мүнәсип, көзлеринен гәўҳар шашып, ашығының алдына барды, мине, жақынласып.

Айпарша батырдың қарасын көрип, тигинен бармаға ийбе саклап, он адымдай жерде турып, сыртынан бақлап, ҳасыл дүр менен Мәспатшаның жүзине шуўла берди, Мәспатшаның жүзин анықлап көрди. Саўлатын батырға танытып, наз бенен ийилип, икрам менен турды. Айпаршаға мүрәжәт салып, ашықлық кеўил билдирип, Мәспатша қызға бир сөз айтып турған усайды:

— Ашық етпе сен араңды,
Сени излеп Айпарша,
Талқан еттим сай-саланды,
Он еки ай болып сергиздан,
Көрдим бе бүгин қаранды.

Көрип шадландым бойынды,
Сайлаған жигер-сойынды,
Ғайыбана шын ашығым,
Келиң берман, танысайық,
Көрсет тамаша ойыныңды.

Сергизданға салдың басым,
Ашық болдым жамалыңа,
Талқан еттим таўдың тасын,
Айпаршажан, бери келиң,
Көрсетиң маған ықласың.

Алып ем сәлем хатыңды,
Туттым ядқа атынды,
Жолыңда болдым сергиздан,
Көриў ушын ғайратынды,
Шәпәәт етсең не болды.

Шыннан кеўлиңди бергениң,
Келди излеп алдыңа,
Алатаўда бир жүргениң,
Келиң берман, танысайық,
Түсимде бирге жүргеним.

Жанымды алды жамалың,
Еситип айтқан сөзиңди,
Жолларыңа, Айпарша,
Пидә қылдым өзимди,
Алдыма кел Айпарша.

Көрсет айдай жүзинди,
Қасыма келсең не болды.

Көрсет айдай жамалынды,
Қуп келискен кәмалынды,
Ақ билегинди сал мойныма,
Шығар иштен әрманымды,
Қасыма келсең не болды.

Қардан да аппақ етиңнен,
Көрген жанның еси кеткен,
Алдыма кел, Айпарша,
Бир поса бер ақ бетиңнен,
Рухсат етсең не болды.

Келдим узақтан сайланып,
Дәртлериңнен күйип-жанып,
Әнарыңнан бир туттырсаң,
Дөгерегимде айланып,
Айпарша, келсең не болды.

Сегиз бурым тулымың тал-тал,
Жүзиң жарқын, ноқат қал-қал,
Шекер-шийрин ләбинде пал,
Сорғызсаң, ярым, не болды.

Көрдим атақлы елинди,
Таңландым көрип белинди,
Арнап келдим узақ жолдан,
Тергиз бағыңнан гүлинди,
Қолым салып мойнына,
Сорсам шийрин тилинди.

Қолым салсам ақ мойнына,
Алсаң ышқылы қойнына,
Қансам тамаша ойынына,
Рухсат еткен не болды.

Мына сөзи батырдың
Айпаршадай арыўға,
Май ишкендей жағады,
Туралмады теңселип,
Бийықтыяр болады,
Ҳасыл дүрди қолға алып,
Жүзине жақты салады,
Қарсыласып еки ашық,
Дийдарға мийири қанады,
Мәспатшаға Айпарша,
Жаўтаңлатып көзлерин,
Қыймырып қасын қағады,
Ашықлық сулыў сөз айтып,
Ярдың кеўилин алады:

— Ашық едим дийдарына,
Дәртлериңнен қанлар жутып,
Жолың тостым удайына,
Сизиң менен бизди қосқан,
Мен ырзаман қудайыма.

Жолларында пидә болдым,
Бойың көрип тасып-толдым,
Бағышладым жамалымды,
Сен өлтирсең ырза болдым.

Ашық болдым он бес жаста,
Ара берди өзиме,
Қардар болдым сыртыңнан,
Лақабына, сөзиңе,
Сен келер деп қуўанып,
Қәлем урдым жүзиме,
Таярландым жолыңда,
Сүрме жақтым көзиме.

Бағышладым жолыңа,
Айдан арыў жүзимди,
Аманатын сиз алың,
Ашылды бағда әнарың,
Гәўҳарым сенсең, панаҳым,
Қабыл алдым сөзинди,
Қутлы болғай жолыңа,
Айдай болған кемалым.

Енди жоқдур әрманым,
Жүзлеримде ноқат қалым,
Бағышладым жолыңа,
Қосылдым ба, сәўер яр,
Алың ләбимниң палын.

Сеннен, меннен жоқдур әрман,
Кеўлинде шер қалмасын,
Сен не қылсаң, мен ырзаман,
Ашық едим озалдан.

Билдирмедим яр-досыма,
Өзим излеп бармаға,
Толғаным жоқ жасыма,
Көрдим айдай жүзинди,
Ақ билегим өмирлик,
Дастық болғай басыңа.

Отыз еки жилўа наз бенен,
Келди батырдың қасына,
Туўрылап нәзер салады,
Еки ашықтың саўлаты,
Ай менен күндей болады,
Икрам менен сәлемлести,
Көзи көзге түскен соң,
Еки ашықтың кеўили,
Май менен оттай алысты,
Еки ашық сол жерде,
Ҳәўеслик пенен табысты,
Руҳияннан алма алысты,
Туўрылап нәзер салысты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз буралып турады,
Нешше айғы интизардың,
Мойнына қоллар салады.
Ауға қапқан суңқардай,
Қайырып мойнын бурады,
Айдай болған жүзлеринен,
Шийрин поса алады,
Еки ашық қосылып,
Бийықтыяр болады.
Он бес айлық интизарлар,
Биринен-бири қанады,
Усылайынша табысады,
Басқаларын айтып болмас,
Сондай тамаша болады.

Әне, сол жерде еки ашық қосылды, тал жипектей есилди. Жүзлеринен поса алысып, биринен-бири қанды. Мәртлик пенен танысты, батырдың кеўили тасты, кереги қолына түсти, бирине-бирининң кеўили питти, шийрин жаннан кешти. Таң алдында Мәспатша атына минди. Айпарша ярына «қайтайық» деп, атты алдына кесе тартып, Мәспатша қызға бир сөз айтты:

— Табылмады кеўлиме алған ойдағым,
Талқан қылып өз журтыма сыймадым,
Сениң айдай жамалыңды көргели,
Ишим жанып, сени көзим қыймады.

Шын ашықпан еситкели лаланды,
Жети айлық жол талқан еттим араңды,
Он бес айдан талапкермен жолыңда,
Соннан бери көрдим бүгин қараңды.

Ашылған әнарда гүл янлы солдым,
Он бес ай жолыңда сергиздан болдым,
Жағымлы жамалын түсиме кирип,
Сени излеп Бухар таўынан келдим.

Өз журтымның арыўына сер салмай,
Көринген саўлатың ядымнан қалмай,
Он бес ай толғаны елден шыққалы,
Себил болдым, дийдарыңды көре алмай.

Излеп алты журтқа хабарың салдым,
Дерегиңди таба алмай жанымды алдым,
Қарыйдарым, көрдим сениң қараңды,
Кереги жоқ бизге көп дүнья-малдың.

Жамалыңды көрип жеттим муратқа,
Мақсетке жетистим, ярым, мин атқа,
Ҳеш затыңның бизге жоқдур кереги,
Шын ашығым, жүр қайтайық елатқа.

Ярыңа сөз айтып ирикпесең анша,
Бир ярым жыл, ойлап көрсе, ол қанша?!
Бир-биреўге абырайлы қосылдық,
Жүр қайтайық, назлы ярым Айпарша.

Мына сөзди еситип,
Айпарша сонда не дейди:

— Бир-биреўдиң жолын тостық,
Интизар боп гезип-постық,
Мақсетимиз орынланды,
Сизиң менен басты қостық.
Кеткен жоқ ҳешкимде арың,
Тилегиңде сүйген ярың,
Сабыр етиң азғана күн,
Тайынлайман не дәркарың.
Сенсең қымбатлы достым,
Ийгилик истиң болмас кеши,
Бизиң менен басты қостың,
Ўәде бузған дурыс болмас,
Ата-анам кеўли жай болсын,
Айтқаныма қулақ салсаң,
Бузбаң атамның ўәдесин.
Бул дүньяның соңы паный,
Өткенлер емести қалый,
Ата тилин алмағанның,
Болмайды сирә айтқаны.
Айтқан сөзи болмайды,
Қылған иси оңбайды,
Сөзи сынса атаның,
Тилеги қабыл болмайды.
Өзинен-өзи табады,
Нарыйза болса атасы,
Оқтан бетер қатады,
Ҳеш нәтийже табылмас,
Нийет еткен сапары.
Өтпейди ҳеш жерге дады,
Зая кетер оның пәти,
Ата қарғысын алғанның,
Халық ишинде шықпас аты.
Айтқан сөзимниң тазасы,
Болмас ҳеш жерде мазасы,
Басына қыйын ис түсип,
Таўсылмайды азасы,
Өмири узақ болмайды,
Атаның сынса сазасы,
Деген сөз бар бурыннан.
Ойлан, еллериң қашықта,
Айтыўыңа қарасам,
Жети айлық майдан ашықта,
Ойланып көр, Мәспатша,
Кемли күн оған асықпа.
Азғана күн қарайық,
Сөзлерден тымсал алайық,
Алты ай өтсин арадан,
Атам менен анамның,
Рухсатын сорайық,
Қолдан келе билгенше,
Пәтиясын алайық,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурал, көмек, күш сорап,
Алдымызға салайық,
Салтанатлы сын менен,
Елиңе сапар тартайық,
Ойланып көр, Мәспатша,
Ийгилик истиң кеши жоқ,
Сол болар сизге ылайық.
Алғыс алған ҳарымас,
Бийсабыр бенде мандымас,
Бурынғыдан сөз қалған,
Асығыслықта кеткен қыз,
Ерге барып жалшымас.
Айтқан сөзлердиң тымсалы,
Жақсының болмайды жаты,
Ярым, алты ай асықпа,
Ғаррыларыңды зар жылатып,
Тийип жүрмесин апаты.
Керегиңди таярлайын,
Өзим қәўендер болайын,
Сизге айтар билгеним сол,
Сөзимди аўыр алмасаң,
Ярыңның тилегин алың.

Айпаршаның бул сөзи Мәспатшаның жети жүйресинен өтти. Дәлилден батыр утылды. Ярының айтқанына қайыл болды. Абырайын төкпей, ярына рухсат етти. Келген изи менен Мәспатша Мәнжүн атын ойнатып қайтты. Ғарғабай суўпының аўылына барып адамға көринбей, көбинесе тоғай менен таўды жайлап, Айпарша менен жасырын қатнасып, ярдың ышқына түсип, бир жыл дәўран етти. «Жақсы менен бир күн, жаман менен мың күн» деген, бир жылғы өмири бир ай шелли болмады. Арадан жыл ярым өтти.

Бир күни Мәспатшаның қулағына бир суўық хабар тийди. Не сөз десең, бул еллерге сыбай Қытай, Қалмақ, Шуршыт деген бир қатар ел болады екен. Қалмақ журтының патшасы Бабахан дер екен. Ол өлгейлиден Айпаршаға ашық болады. Бабахан Айпаршаға жаўшы жибереди. Лабақбай бермей, сиясат етип қайтарады. Жаўшылары халық арасынан гәп табады, Мәспатшаның хабарын еситеди. Гәп мийзамын байқас етип қараса — анық, Бабаханның жаўшылары ханға айтып барады. «Мусылман ўәлаятынан, Бухар деген журттан Мәспатша деген баҳадыр Айпаршаны узатып әкетеди» деген сөзлерди айтады. «Кететуғын күнин маған билдир, жолын тосып, Айпаршаны басып алып қаламыз» деп Бабахан патша аўылдың арасына жансыз қойыптымыш деген сөз Мәспатшаның қулағына тийеди.

«Ерден ердиң қәўпи бар» деген, ол сөзди еситип Мәспатша сескенип, қайтпаққа жүрексинип, сырын ҳеш кимге сездирмей және бир жыл жүреди. Алғәрез, сол жерде арадан еки ярым жыл өтти. Ғарғабай суўпы Лабақбай менен қуда болғаннан бери Мәспатшаның алтынын арқалап, қалама-қала гезип, ҳасыл ўәжлерге аўмастырып, керек малларын алып, айтысқан қалың мал, қәде-қәўметиниң барлығын да бир жыл өтпей-ақ Лабақбайға берип қутылып еди. Өзи де үлкен бай болған еди. Алғәрез, ўәде жыл ярым еди, үш жыл арадан кешти. Айпаршаны Лабақбай узатпақтың ғамын жеди. Сораған ўәдесинен де бир ярым жыл өтти. Қарғабай суўпыны шақырып алып, қызына есик аштырып, артық-кемин алысып, ырзаласып тарқасты. Мәспатшаға алтын жағалы сарпай жаўып, кеўли сондай аўып, ақ отаў сайлап, жети нарға жүк артып, аўмасын деп бек тартып, қасына жети қосшы берип, Бухар журтына Айпаршаны узатпақшы болды. Мәспатша сыр билдирмей жүр еди, болмады. Ол сырын атасына айтты:

— Ата, мениң журтым алыс, жерим жырақ, жети айлық жерде. Бул әшиянды елатыма жеткермегим қатты қыйынырақ. Алдыма басшым, кейнимде қосшым жоқ, маған керек жүйрик пырақ. Алдымда қандай бәле бары мәлимсиз. Кеўлимде бар ҳәр түрли дағ, қызыңызға керек қашса қутқарғандай, қуўса жеткендей бир қаназат жүйрик ат, қарсыласса шанышқандай, қарасын көрсе атқандай, қаңғымай оқ өтпестей ақ саўыт, найза, кескир қылыш, жаў-жарақ. Сол айтқанды питкерсеңиз, елиме жетпегим сонда да нәгүманырақ.

Лабақбай буны еситип, қызынан алған жүз қараны сарп етип, журтына сораў салып, аты шыққан Сары ала Сандал деген тулпарды сатып алып, жүз қараға жаў-жарақ алып, Сандал атты сазлап, бек саўытты артына бөктерип, Айпаршаны Сандалға мингизип, қарағай найзасын өңгерип, азаматқа теңгерип, салтанатын келтирип, қызын Мәспатшаға ертип Лабақбай, Ғарғабай — еки ғарры балларын гүзарға салып, улы-қызына ақ пәтиясын берип, хош аллияр айтысып, бир сөз айтып турыпты:

— Халық әйлеген бергей мениң тилегим,
Ақ найзаға питкей, балам, билегиң,
Қызымды алдың сен, балам, Мәспатша,
Сөзимди есит қызымды алған күйеўим.

Несип айдап бизиң менен дус болдың,
Себеп пенен бир-биреўге ес болдың,
Ойлансаңыз бир баламсаң, Мәспатша,
Биле-билсең, бизлерге сиз бас болдың.

Бәҳәрде ашылған бағда лаламсаң,
Кеўил хошым, балам, жигер санамсаң,
Ядыңа алып келмекте бол, жан балам,
Қызымды алдың, сен исенген улымсаң.

Ҳаққа қуллық еттим, қолым қаўсырдым,
Ал қалқанды бөктергиге жапсырдым,
Үйимниң жарасығы жалғыз қызымды,
Тәўекел, жан балам, саған тапсырдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәхәрде ашылған бағда лаламды,
Бийперзентпен, себил қалған қаламды,
Әўел қуда, перзентимди тапсырдым,
Жолларда жылатпа нашар баламды.

Наз бедеўлер жуўыра алмас тоғынан,
Қудайым сақлағай жалын-шоғынан,
Перзентимди, балам, саған тапсырдым,
Хабардар болагөр арзыў-ҳалынан.

Айпаршаға қарай сөйлейди:

— Сен един көзимде өткир қырағым,
Енди кимлер болар ҳалдан сорағым,
Бул дүньяда атаң сеннен айрылды,
Қыз да болсаң улдай көрген шырағым.

Мүлкимниң ийеси сенсең сәрдарым,
Рәўшаным-жақтым, шалқып жанарым,
Бул дүньяда атаң сеннен айрылды,
Көзимниң рәўшаны, пушты панаҳым.

Бәхәрде жайылар байдың түйеси,
Бийперзенттиң қайнар баста мийеси,
Бул дүньяда атаң сеннен айрылды,
Қыз болсаң да ақ үйимниң ийеси.

Әрман менен көзден ақтылар жасым,
Достым жылап, үстем болар душманым,
Сеннен басқа улым да жоқ, қызым жоқ,
Өле кетсем, изде қалар нышаным.

Бәхәрде ашылар бағымда лалам,
Буннан былай ўайран болар бул қалам,
Бул дүньяда атаң сеннен айрылды,
Өнип-өсип узақ жаса, жан балам.

Денемде дәрман жоқ, өшерлер үним,
Буннан былай қалай болар бул күним?!
Бул дүньяда атаң сеннен айрылды,
Өмир жасың узақ болғай, қулыным.

Ойлап турсам, жез қанаттан қайрылдым,
Сорлы атаңның заманасы тарылды,
Өнип-өсип узақ жаса, қулыным,
Бул дүньяда атаң сеннен айрылды.

Ойлап турсам, бурынғыдан қалған жол,
Өнип-өсип, қайнап йошып, тасып-тол,
Ядыңа алып, келмекте бол, балларым,
Көрискенше күнлер жақсы, аман бол.

Жүк тартады қатарында қара нар,
Нышаным жоқ, кеўлимде көп әрманлар,
Ядыңа алып, келмекте бол балларым,
Еки бирдей шамшырағым, аллияр.

Иш-тысыма толды бүгин жалын-шоқ,
Әрман-шерге иш сарайым дәртке тоқ,
Ядыңа алып өзиң излеп келмесең,
Сорлы атаңа енди сени көрмек жоқ.

Ат шабады батыр жигит қыяда,
Еки ашық бир-биринен зыяда,
Ыразы бол атаңыздан өлгенше, —
Деп Лабақбай зар жылап берди пәтия.

Атқа тақты сәдапты,
Жүрек бағры кәбапты,
Еки бирдей перзентине,
Лабақбай берди жуўапты.

Өткенлерди етип яд,
Шын кеўилден ықтықат,
Еки ғарры тең турып,
Берди дейди рухсат.

Еки бирдей шын ашық,
Бир-бирине мүнәсип,
Жүреклери таўдай тасып,
Жолға түсти сол мәҳәл,
Бир-бирине қарасып.

Кемпир менен ғаррының,
Рухсатын алады,
Атларды жолға салады,
Ата журтым Бухар деп,
Бир тәўекел қылады.
Саўыты жетпей дизине,
Тәселле берип өз-өзине,
Жолға түсти Мәспатша,
Ярын ертип изине.
Минди аттың белине,
Ҳәўес болды бир көрмеге,
Туўып өскен жерине,
Талап етти атланып,
Бухар атлы елине.
Көзлерин салмай артына,
Ашығына қосылып,
Жетти батыр шәртине,
Ылғал етти Мәспатша,
Туўып өскен журтына.
Аттың жалын өреди,
Мақсетин алла береди,
Ярын ертип изине,
Тынбастан сегбир урады,
Ашырқаса әреби ат,
Таўлардан жуўсан тереди.
Аттың басын тарады,
Мийнети мәрттиң артады,
Ярын ерип Мәспатша,
Бухарға жоллар тартады,
Атларға тумар тағады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки ашық жарысып,
Майданда атлар шабады,
Бес күн тынбай жол жүрип,
Шегарадан шығады.
Ат шомылып терлерге,
Сыйынып кәмбил пирлерге,
Бәс бармекен, халайық,
Қайтпай шапқан ерлерге,
Алты күн тамам жол жүрип,
Шықты қыя шөллерге.
Сегбир салып шыбын жанға,
Қус ушпас қыя майданда,
Жетиленши күнинде,
Шықты дейди батырлар,
Жапалақ ушпас жапанға.
Қанатынан қайрылып,
Ишине әрман, шер толып,
Қалғанын билип елатынын,
Айпарша жылап баратыр,
Ата-анасынан айрылып:

— Көзимнин жасын булайын,
Өзин ашқыл, қудайым,
Ығбалымның жанарын,
Мүшкилимди аңсат ет,
Нашар еткен қудайым.
Сергизданға түсти басым,
Ҳаслы нашар дигри-дашым,
Мүшкилимди ансат етиң,
Бийбипатма, жолымды ашың!

Бахтын алла ашады,
Кеўли дәрьядай тасады,
Ўақтын хошлап Айпаршаның,
Сандал аты астында,
Ҳаўлығып алып қашады,
Мәспатшадай ярына,
Айпарша сөзлер қатады:

— Мен жылайман, әрманым көп, ишим зар,
Ойлап көрсем, алдымызда жолым тар,
Қулақ салың ашығынның сөзине,
Айтатуғын бес-алты аўыз сөзим бар.

Кейўанылар жамылады жаўлықты,
Нәзер салсам, алды-артым таўлықты,
Соңғы жағы қайыр болғай, Мәспатша,
Үш күн болды, бизиң бедеў ҳаўлықты.

Ҳаўлығып төгеди омыраўдан терди,
Аңламайман, неден үркип, не көрди,
Ақыбети, ярым, жақсылық болғай,
Үш күн болды, Сандал атым сескенди.

Қәҳәрленип қуйрық-жалын тарайды,
Нени көрип, нени сезип аңлайды?

Үш күн болды, Сандал атым ҳаўлықты,
Дәрбент жолға телмеңлейди, қарайды,

Зыя-зулпым бестен таллап өргеймен,
Сениң менен бирге дәўран сүргеймен,
Үш күн болды, Сандал атым ҳаўлықты,
Алдымызда нелер барын билмеймен.

Аттың жалын бестен таллап өрейик,
Несип болса, қосылып дәўран сүрейик,
Бизиң аттың ҳаўлыққаны басылсын,
Келгил ярым, ат сынасып көрейик.

Аралап ақтардың таўлардың қарын,
Билмеймен алдымда не бәле барын,
Келиң төрем, ат сынасып көрейик,
Қайсысы тулпарын, қайсысы зорын.

Ығбалым бәҳәрде гүлдей ашылғай,
Дуз-несийбем өз елиңе шашылғай,
Дәрбент жолда нелер барын билмеймен,
Арнап шыққан сапарымыз оң болғай.

Сол сөзлерди бир айтып,
Дәли кеўили тасады,
Ашықлар қайнап йошады,
Мәспатша қуўды изинен,
Айпаршадай ашығы,
Ол алдында қашады,
Қуўып жетип Мәспатша,
Жегдесин түйреп шаншады.
Айпарша қуўды кейнинен,
Мәспатшадай төреси,
Ол алдында қашады,
Қуўып жетип Айпарша,
Кәмарға қолын салады,
Мәспатшадай төресин,
Аўдарып аттан алады.
Қыял етип қарасам,
Айпарша басым келеди,
Гә аўдарып мәрт алса,
Гә аўдарып қыз алып,
Еки бирдей шын ашық,
Қорған деген шөллерде,
Тартысып ойнап барады,
Атланғалы еки ашық,
Он күн тамам болады.
Ат шомылды терлерге,
Бәс бармекен, халайық,
Шығаннан шыққан ерлерге,
Талқан етип таўларды,
Он күн жузи толғанда,
Келди дейди ашықлар,
Дәрбент деген жерлерге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## IV БАП

Енди сөзди қалмақтан еситиң. Қалмақтың патшасы Бабахан деген Айпаршаға жети жылдан бери өлгейлиден ашық. Айттырса, бермейди, патшалығын көзге илмейди, айбатынан сескенбейди, Лабақбай «бул ким?» демейди. Иши жанып Бабахан не қыларын билмейди. Лабақбайға тисин қайрап, көзиниң астынан қарап, қолайын таппай жүр еди. «Мәспатша, әлбетте Бухарға қайтса усы жолдан өтеди, өзи жалғыз атлы саяқ, тентиреген жалаң аяқ, қолынан не келеди» деп, Айпаршаны басып алып қалмақ мақсетте дәрбентке барып, жолдың оңынан-солынан қорған қазып, он мың аламан менен күни-түни аңлытып қойған еди. Сол күни қалмақтың байрам күни екен. Мәспатшаның қайсы күни өтетуғыны нәмәлим, сол күни арқайын болып, аламанлар тарқап кеткен екен.

Еки ашық дәрбентке жатар ўақта келди. Адам жоқ. Дәрбент жолдан булар өтти де кетти. Жандар сезбестен қалды. Қалмақ халқының Шәрдене деген атлы бабасы бар еди. Шәўкер байталы астында, сәллеси бар басында, ақ қылқасы үстинде, өзи жетпис бес жасында, үшкирли хаса дәстинде, өлгейлиден өзи ҳәм ашық Айпаршаның қастында, таяр еди мудамы он мың мергенниң қасында. Сол баба Дәрбент жолға ақшам қараўыл, күндиз шындаўыл еди. Әйне сәске ўағында шәўкер байталын ойнатып, ишин ғыж-ғыж қайнатып дәрбентке келди. Ат үстинен нәзер салып қарады. Таўдан төмен осылған, баўыры қулаш созылған, от орнындай қазылған, арқайын өтип кеткен еки тулпардың изин көрди. Ашығының өтип кеткенин билди, есинен танып, күйип-писип жанды. Байталдың басын бурып, ҳасасын қолына алды. Шәўкер байталын сабалап Бабаханның алдына келип, майданда шаўқым салды. Ярының өтип кеткенин баянлап, патшаға қарап сүрен салды:

— Бәлент таўларда барды пәс,
Әрманда ақты көзден жас,
Тахтында болсаң Бабахан,
Шығың, биз бенен хабарлас.

Ат шаптым майдан-дүз бенен,
Көрейин анықлап көз бенен,
Бәргада болсаң Бабахан,
Хабарлас тезирек биз бенен.

Кетти қолымнан намыс-ар,
Мен болып турман бийқарар,
Шығың майданға, Бабахан,
Айтажақ асығыс сөзим бар.

Жолбасшы бизлер сәрдарың,
Толды ишиме әрманым,
Айтажақ сизге сөзим сол,
Үстиңнен өтти қардарың.

Сескенди тенде шийрин жан,
Жатыр еди уйқыда,
Сескенип турды Бабахан,
Суўық сөзге шыдамай,
Жуўырап шықты бәргадан.
Патшаға қарап не деди:

— Таланда қалды дүнья-мал,
Ақылым болды мениң лал,
Айтатуғын сөз мынаў,
Бабаның сөзине қулақ сал.

Көзимнен ақты қызыл қан,
Тасаддық жолында шийрин жан,
Қардарың өтип кетипти,
Тезден атлан, Бабахан.

Атлар сүринген қыядаш,
Ақты көзимнен қанлы яш,
Ашығың өтип кетипти,
Атланың тезден ҳәмме баш.

Ат шапқан майдан тақырлар,
Қурылсын ақ шатырлар,
Айпарша өтип кетипти,
Атланың даңқлы батырлар.

Ханнан улапа алғанлар,
Сол деп таламан болғанлар,
Айпарша өтип кетипти,
Атланың тезден палўанлар.

Өз күшине исенгенлер,
Мен-мен деген батыр шерлер,
Айпарша өтип кетипти,
Атлан, ханға хызметкерлер.

Қыз тақты тилла сәдапты,
Жолында бағрым кәбапты,
Қорқсаң, барлығың қалыңлар,
Бабаңа бериң жуўапты.

Бул сөзлерди еситип, Бабаханның жети жүйесинен өтти, денесинен ықтыяр кетти, ләбин тислеп пушайман етти. Қатты қәҳәри келип:

— Бар-ҳә, баба! Рәҳәти де, мийнети де сеники. Айпаршаны қолыңа түсирсең, Айпарша өзиндики, — деди.

Патша ғаррыға рухсат етти. Қуўанышы қойнына сыймай, ханнан баба ықырарын алып, Шәўкер байталға заўалын салып, жолға рәўан болды. Байталға ҳасаны бир басты, Бадалғы төбе дегенниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

басына түсти. Сер салып қарады, алды-артына нәзер салды. Алдында үш мезгиллик жолда бирин-бири тартысып ойнап баратырған еки ашықты елес-елес көзи шалды. Төбеден түсти, байталды олардың изине салды, жолдың төтесин алды, қыя майдан далада гә ушты, гә қонды. Шәукер байталы Шағыр таў дегенниң басына түсти. Серлеп алдына қарады. Кейнинде үш мезгиллик жолда бирин-бири тартып ойнап киятырған еки ашықты көрди. Кейнинде қалғанын билди, иси оңғарылғанын зейини илди, қуўанып ғарқылдап күлди. Ырас өтетуғын белли мәнзилханасына түсип, жолдың оң жағында қырық адым шетке шығып, басын бүк басқан, түбин сағал ашқан ғарры сексеўилдиң түбинде паналап, байталдан түсип байлап, түрли сумлықларды ойлап, иши ғыж-ғыж қайнап, жән-жағын аңлап тура берди.

* * *

Еки ашық он бес күн сегбир тартты, кем-кем Айпаршаның мийнети артты. Ат қағып, оны жаман ҳарытты. Айпарша таң алдында таң уйқыға шыдамай, Мәспатша ярына ере алмай, ат үстинде көзи илинип кетти. Бир мәхәлде шоршып оянса, күн шығардың алды екен. Аңлап қараса, Мәспатша алдында танап ярым жерде әсте басып аңлап, қулақ салып тыңлап, ол таўдың, бул таўдың басына қарап, қәўип етип киятырғанын көрди. Айпарша қуйқасы түршигип, «ярымның алдында душпаны бармекен, бул неге тың-тыңлап киятыр» деп, атқа қамшы басып, ярының изинен жетип, Мәспатшаның аўҳалын сорап бир зат айтып тур:

— Мойның созып әтирапты барлайсаң,
Қәўип етип, жән-жағыңды тыңлайсаң,
Қара көрген жерден нусқа бер, жаным,
Нени сезип, қандай нәрсе аңлайсаң?

Мен билмеймен бәлент-пәстин бул жердиң,
Хабарын таптың ба өзиңдей ердиң,
Қара көрген жерден нусқа бер, ярым,
Таңланасаң, алдыңызда не көрдиң?

Қурбаны болғайман мен Мәнжүн аттың,
Жарасығы болғай бул салтанаттың,
Қара көрген жерден нусқа бер, ярым,
Сен қандай нәрсениң сезигин таптың?

Несип айдап сениң изиңе ердим,
Мойныңды созып, қарсы алдыңа серледиң,
Шағыр таўға мойның созып тыңлайсаң,
Нелер аңлап, нелер көрип сескендиң?

Өз елиңде сүре алмадың дәўирди,
Халық әйлеген бузбағай да кеўилди,
Ақша жүзиң запырандай сарғайып,
Шын ашығым, қандай жериң аўырды?

Елатым деп сапар тарттың атланып,
Ярыңа қосылып кеўлиң шадланып,
Әрманыңды сүйгениңе айта бер,
Не себептен ақша жүзиң сарғайып?

Мен сырын билмеймен көрмеген жанның,
Ярыңа билдирсең ишиңде дәртиң,
Не себептен ақша жүзиң сарғайды,
Ашығым, сен нелердиң зарын тарттың?

Ат кекилин бештен таллап тарайсаң,
Жалғыз өзиң не дәртлерге жарайсаң?
Қара көрген жерден нусқа бер, ярым,
Шағыр таўға телмеңлейсең, қарайсаң?

Зыя-зулпым бештен таллап өрейин,
Даўа болса, мен жанымды берейин,
Қара көрген жерден нусқа бер, ярым,
Сен көрген қараны мен де көрейин.

Ярының сөзин еситип, сынамақ ушын Мәспатша бир нәрсе айтады:

— Бедеў шомылыпты таза терлерге,
Ишим толып қайғы-әрман, шерлерге,
Қалмақ қашып, бизлер қуўып, Айпарша,
Келдик жаңа ойын салар жерлерге.

Ат кекили бештен таллап өрилди,
Қыял етсем, Мәнжүн атым сүринди,
Пери екенин, қус екенин билмедим,
Шағыр таўда жалғыз қара көринди.

Сағымланған еки таўдың арасы,
Аңламадым, кимде екен шарасы,
Пери екенин, қус екенин билмеймен,
Шағыр таўда елпеңлейди бир нәрсениң қарасы.

Еки ашықпыз шын кеўилден берилген,
Қуланбекен таўдың гиясын терген,
Сен бизлерден сорар болсаң, Айпарша,
Неге мегзер Шағыр таўда көринген?

Қубарып көринген таўда таспекен,
Қастың тиккен душпан ба, я доспекен,
Сен бизлерден қырағы болсаң, Айпарша,
Болжап қара, я бир қара қуспекен?

Узақ емес, жақын қалды арасы,
Ҳарытып тур Мәнжүн аттың жорғасы,
Сен бизлерден қырағы болсаң, Айпарша,
Неге мегзер сол нәрсениң қарасы?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат шаптырмас бәлент таўдың қыясы,
Даш қағып сөгилер бедеў дойнағы,
Сен бизлерден қырағы болсаң, Айпарша,
Неге мегзер сол қараның сыяғы?

Шапсам бедеўимнен шығар қара тер,
Сулыўлықтан атқа шыққан сен бир ер,
Сен бизлерден қырағы болсаң, Айпарша,
Байқап қарап, сөзлериме жуўап бер.

Әне, Мәспатша ол нәрсениң ким екенин, не қыялда жүргенинен хабардар еди. Қыз қорқар деп билдирмей киятыр еди. Таныр ма екен, танымас па екен деп, ярын сынаған еди. Айпарша ол нәрсениң не екенинен хабар берип, Мәспатшаға қарап не жуўап айтып киятыр екен:

— Сақлағай бир қудай сени аманда,
Қалмақлар салмағай басқа думанды,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Елге аман жетпеклигиң гүманды.

Минген един Мәнжүн аттың белине,
Нашар дейип инанбайсаң тилиме,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Аман-есен жете алмассаң елиңе.

Узақ қалды туўған елим артымда,
Хәр нәрселер түсти мениң ядыма,
Абырай барда жолдан қашың, Мәспатша,
Буннан аман жете алмассаң халқыңа.

Қылар болды залым елиме датқа,
Пәлек ўайран салды кеўилде шадқа,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Бул барыстан жете алмайсыз мұратқа.

Дийдарың түспейди яр менен дosқа,
Сиз, биз болар болдық соңғыға дәстан,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Айтпады деп ғапыл қалма, Мәспатша.

Ара шөлде бедеў атым желикти,
Ашықлық дағынан күйип-өлипти,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Ҳайяр баба изден қуўып келипти.

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Себил болар сендей ердиң қаласы,
Тилимди алсаң, жолдан шығып қашайық,
Сол көринген қалмақтың ҳайяр бабасы.

Онда Мәспатша ярдың тилин алмай, батыр аңқаў, ер гөдек, сөзине қулақ салмады, ярдың айтқан сөзине кеўили мунның бармады.

— Ҳаслың сени қатынды, бетиңе дақ салып, шығарайын ба отынды? Суўық хабар таўып, қайтарасаң пәтимди, қатынның сөзин тыңлаған қатын, болмайды оның анты. Кеўлимди тартып жерледиң, қара жер менен теңледиң, мени жасатып жүрген сенбедиң?! — деп, бир қамшы тартты. Жүзлерин қубартты, бедеўди айдап жолға салды. Ат шапты майдан пәстине, ким шыдар мәрттиң дәстине, ярынан жекке айрылып, шаўып шықты Мәспатша Шағыр таўдың үстине. Төрт тәрепке қарады, бедеўдиң жалын тарады. Жолдың оң жағында қырық адымдай жерде, сексеўилдиң тасасында, басында сәлле, үстинде мәлле, сәждесинде ҳаса, бир мөҳмин сайыл баба қублаға қарай берип намаз оқып тур. Ат қойып қасына жетип барды. Бабаның келбетин ғайрыресим көрип, таңланып турды батыр. Сол ўақта баба орнынан ырғып турып, батырдың бейимин алып, алдап-арбап, пириң едим деп, шайырлық пенен бир сөз айтып турған усайды:

— Молла болған сақлар қураны-кәлам,
Сениң ушын ишке сыймайды налам,
Таўды гезген пириң сеннен айлансын,
Аманбысаң еки бирдей жан балам.

Ишиме сыймайды қайғылы дәртим,
Қартайғанда артты, балам, мийнетим,
Дағды гезген пириң сеннен айлансын,
Аманбысаң еки бирдей перзентим.

Мен жүриппен алып жолдың жырағын,
Жылай-жылай ушты көзден қырағым,
Дағды гезген пириң сеннен айлансын,
Аманбысаң еки бирдей шырағым.

Бәҳәрде ашылғай бағында гүлиң,
Саған келген маған келгей сум өлим,
Дағды гезген пириң сеннен айлансын,
Аманбысаң еки бирдей қулыным.

Үйрек ойнап, ғазлар жүзген көлимнен,
Қартайып айрылдым жүрген жолымнан,
Дағды гезген пириң сеннен айлансын,
Аттан түсип неге алмадың қолымнан?

Туўған жериң уллы Бухар елиди,
Жүдә сағыныпсаң туўған жериңди,
Аттан түсип неге алмайсаң қолымнан?
Танымайсаң мендей улығ пириңди.

Ҳәр бир жерде жәрдем берген мен саған,
Аттан түсип таўап ете бер маған,
Қыйын жерде қоллайтуғын пириңмен,
Ойлап көрсең, хәр бир жерде қоллаған.

Шарапатым менен шыққан балам сен,
Жылаўыңды мен қоллаған әзелден,
Аттан түсип маған таўап ете бер,
Қыйын жерде қоллайтуғын пириңмен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзди еситип, Мәспатша наданлық қылды. Бабаның сөзине ерип кетти. Оның сөзи жети жүйесинен өтти. Аттан аўнап түсип, тәңир сәлем берип, бабаға зыярат қылып, маңлайынан таўап етти. Саққа жүгинип, шынты менен табынып, әдебин тутып үңилип, аяғына бас урып, қолынан алғанын билмей қалды Мәспатша. Сол ўақта Айпарша қыз алыста турып, Мәспатшаның алданғанын билип, қолынан алғанын көрип, ат қойып қасына жақын келип, Бабаның жәдигөй екенин билип, ләбин тислеп күйип, мың пушайман етип:

— Сениң пириң емес еди, бул қалмақтың пири еди, — деп, ярына тәселле айтып, «тезден атлан» деп, Айпарша бир зат айтып турған усайды:

— Бенделиктен ақылым болды мениң лал,
Қапалыкта таркатқанман дүнья-мал,
Инанбайсаң ярың айтқан сөзине,
Надан ярым, сөзлериме қулақ сал.

Таланда қалмағай бул дүнья-малым,
Сениң ушын пидә болғай бул жаным,
Пирим дейип ала берме қолынан,
Абырай барда тез атланың, султаным.

Атланғанман Тама деген елимнен,
Сегбир тарттым қыя майдан шөлинен,
Абырай барда тез атланың Мәспатша,
Пирим деп сен алагөрме қолынан.

Алданып турыпсаң шыннан берилип,
Азғырған сөзине бабаның ерип,
Пирим деп сен алма оның  қолынан,
Сениң пириң емес, қалмақтың пири.

Минип бедеў дағыстанда желгенди,
Қартайғанда қыз ышқынан өлгенди,
Абырай барда тез атланың, қашайық,
Ҳайяр баба изден қуўып келгенди.

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Себил қалар сендей ердиң қаласы,
Абырай барда атлан, тезирек қашайық,
Пириң емес, қалмақтың ол бабасы.

Қәдир алла бергей мениң тилегим,
Ақ найзаға палўан еди билегим,
Абырай барда атлан, тезирек қашайық
Инансаңыз, таўда қалар сүйегиң.

Нәзер сал ертерек жолдың жүзине,
Сепкил салар Айпаршаңның жүзине,
Абырай барда кашсақ бой ма, султаным,
Мен түспейин пириңиздиң көзине.

Қулақ салсаң, ертерек қаш, айтарым,
Аңлап турман жүрер жолымның тарын,
Абырай барда туўры жолға мени сал,
Пәндим-пәндим, тез атланып қашайық.

Мәспатша қыял етти. Өзи мийирман, сөзге шебер, ләблери жуқа, тиллери шешен, қалмақ болса, қалмақ шығар. Гәпке уста, өзи шайыр, ашыўланса ҳәр гәп табар, не де болса усы бабадан жырақ жүрген жақсы болар, бул усағанларға айланып жүрип, бәлеге гириптар боларман деп, тулпарға ырғып минип, атты жолға салды. Сонда баба Мәспатшадан айырылатуғынын сөзсиз билди. Шәпиклик қылып орнынан ушып турды. Батырдын жылаўынан тутты. Еки ашықтың басынан өткен рәҳәти менен, өскен жерин, өмирбаянын бирим-бирим айтып турғаны:

— Байталымды шаптым қыядан, даштан,
Көзлерим қур қалмас аққан бул жастан,
Бул сөзиме қулағың сал, балларым,
Айтайын нәслиңди әўелден-бастан.

Диним бәрҳақ — Муҳаммеддур динимиз,
Исим ҳақдур, бир құданың қулымыз,
Қалмақ болсам буны қайдан билемен,
Кенегесте Әбдикәрим байдың улысаң.

Ишлерине қайғы әрман толғанды,
Қырық жасында атаң гүлдей солғанды,
Алты түлик малын қудайы айтып,
Қырық жасында атаң тилеп алғанды.

Атаңыз келгенде әйне қырық жасқа,
Ҳеш нышан көрмеген бир сеннен басқа,
Илаҳийдан сениң хабарың келип,
Ғайыплар атыңды қойды Мәспатша.

Анаңның бойына сен ҳәмле болдың,
Ўақтың питти, пәний дүньяға келдиң,
Үш жасыңда атаң берди мектепке,
Он бир жыл мектепте, балам, оқыдың.

Узақ жолға бедеў атлар шаппадың,
Ат мойнына тилла тумар тақпадың,
Қалмақ болсам, буны қайдан билемен,
Өз елиңнен ылайық қыз таппадың.

Бедеўиңди шаптың дағдан ҳәм даштан,
Бес жыл бойы сен болғансаң сергиздан,
Он жетиңде Айпарша енди түсиңе,
Қалмақ болсам, буны қайдан билемен.

Айпаршаға  қарап сөйлей береди:
— Гәўҳардан питилген тилла сазысаң,
Излегенде таптырмаған назысаң,
Қалмақ болсам, буны қайдан танырман,
Көп Тамада Лабақбайдың қызысаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алыстан көринген ол таўдың тасы,
Өскен жериң Тахтаханның қол асты,
Қалмақ болсам буны қайдан таны рман,
Атың сениң айым туўған Айпарша.

Өз халқында сүре алмадың дәўирди,
Нашарлықтан жолда көрдиң жәбирди,
Қалмақ болсам буны қайдан танырман,
Үш жасында қаста болып аўырдың.

Узақ жолдан байталымды шапқанман,
Айпарша деп жанды отқа жаққанман,
Үш жасында сен аўырып жатқанда,
Өзим барып жанлық пенен қаққанман.

Келмей думан басларымнан жаўды қар,
Қалмақ десең, мен боларман пәнтқумар,
Пириңмен деп саған ялған сөз айтсам,
Бир ялған сөйлесем урар бириўбар.

Анда Мәспатша бабаның сөзин еситип жаны қалмады. Атасының қырық жасында бийперзент болғаны ырас, кудайдан тилеп алғаны ырас, инанбасына болмады. Атасы Әбдикәрим бай екени ырас, әкеси малларын қудайы айтып, нала шеккени ырас, жалған жери қалмады. Бухарда туўғаны ырас, он бир жыл оқығаны ырас, елинен қыз таппағаны ырас, жигирма бирге шыққаны ырас, Айпаршаны таппай жети ай сергиздан болғаны ырас, ялған сөзин таппады.

Айпаршаның әкеси Лабақбай екени ырас, Қулан таўында туўылғаны ырас, Айпаршаның үш жасында қатты аўырғаны ырас, Шәрдене баба деген барып, үш жанлық пенен қаққаны ырас, перзентим деп лепес еткени де ырас, ялған жери табылмады. Айпаршаның жаны қалмады. Қарап турып және болмады, айтарға дәлил таппады. Дәлилден жеңилип, «ырас-ақ пирим екенсең-ә» деп жүрек баўыры ерип кетип, аттан аўнап түсип, бабаның аяғына бас урып, зыярат қылып, қол қаўсырып, алдында тикке турып: — Бир ис етип қәте қылдым, жаздым-жаңылдым, жәҳиллик қылдым, еткен жәҳиллигимди қайтып алдым, ырайдан қайттым, сөзиңе инандым, пирим екенсең, атыңды тутып сыйындым, гүнайым болса кешириң, баба» — деп қол қаўсырып турды.

Айпаршаның сөзин еситип баба:

— Ҳә, атаңа нәлет, қарамадың жүзиме, исенбедиң сөзиме, «пириңмен» деп жалындым, сөктиң мениң жүзиме. Пириң сени тапсын, ығбалы алдына шапсын, ықласым тутсын, ҳәр жерде ғәремет жуқсын, мени сөктиң, бийҳая, жүзлериңе жантақ шықсын, — деп қолын бермей терис қарап турды.

— Үлкен әўлийе кеширимли болады, кеширмегенде кәпир болады, перзенттиң таўдай гүнасы болса да, ата өтемек сүннет болады. Анаў-мынаў нәрсени гийне қылып тура бергенде меннен пир, сеннен перзент болмас, жолда иркилип тура берип те болмас, бул жолдың игриси де көп, туўрысы да көп, пириңиз қайсысына басласын, балларым? — деди

Айпарша:

— Билсеңиз, туўры жолды баслаң, — деди.

— Әжеп болар, — деп, баба еки перзентин изине ертип жолға рәўана болды. Қалың тоғайды қақ жарып, жолсыз қыялап тартып, бәлент таўларды ақтарып үш мезгил жол жүрди. Шөли-биябанда кетип баратырса, бир булақтың бойында есепсиз кийик-қуланды көрди. Мәспатшаның есерлик басына урды, мойнын созып қарап турды. Кийик-қуланды қуўып кетти. Айпарша аўлақ қалды. Бабаның ышқы тамырлары ҳаллас урды. Билдирмей баба Айпаршаның қасына келди. Ғапыллықта қыздың мойнына қол салды, қайырып бетин бурып, әнарына қол урды, Айпаршаның ҳәр жүзинен жуптан-жуптан поса алды. Бабаның мийири қанды. Сол ўақта Айпарша қыз бабаның қолын қағып жиберип, қәҳәрленип бир зат айтып тур:

— Бәлент таўларда барды пәс,
Ақты көзлерден қанлы жас,
Пириңмен дедиң озалдан,
Бул неткениң қызыл бас?

Ул туўмас ерден қыялсыз,
Түриң, жүзиң, бетиң қансыз,
Пириңмен дедиң озалда,
Тарт қолыңды, иймансыз.

Жолдың дәрбентин алыпсаң,
Билдим сырың, нағыз душпан,
Тарт қолыңды, терис қайтқан,
Пириңмен деп-ең озалдан.

Биймәҳәл гия өсер ме,
Бул ислер удайы кетер ме,
Тарт қолыңды, бийийман,
Пир болған мундай етер ме?

Дуўшарластық қыйын жайда,
Етермен сени майда-майда,
Тарт қолыңды, бийийман,
Әдепки айтқан сөзлер қайда?

Ат шапқан таўдың қыяғы,
Сүринди аттың туяғы,
Пириңмен дедиң озалда,
Тарт қолыңды, дозақы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтқан сөзлериң шықты ялған,
Дүнья болды бизге зиндан,
Пир болған сондай етер ме?
Тарт қолыңды, бийийман.

Ат басындай сом жүрек,
Бизден саған сөз керек,
Әдепки айтқан сөз қайда?
Тарт қолыңды, бәдирек.

Аңламай қолайым алдың,
Көрдим ушын қыйлы-қалдың,
Жаның барда тезден жоғал,
Кеўлиме түрли дәрт салдың.

Ўәде қайда бурын айтқан?
Ялған сөйлеп жанын сатқан,
Күппә-күндиз не қылғаның?
Тез жоғалың, терис қайтқан.

Кескир семсер бардур қолда,
Дуўшар келдиң пирли жолда,
Көринер жериң қалған жоқ,
Тезден жоғал, турма бунда.

Сол сөзди айтып Айпарша кейнине қараса, Мәспатша ат қойып изинен жетти. Сонда баба көринерге бети шыдамай, қуйрығын қысқан уры ийттей, әллеқандай заман болады деп, танап ярым озып кетти. Ат қойып Мәспатша қыздың қасына келди. Сол ўақта Айпарша Мәспатшаға қарап, ләбин тислеп, геллесин шайқап, бабаның дәртинен зар-зар жылап, «тезден өлтир бабаны» деп бир зат айтып турғаны:

— Алар болдым душпанлардан табаны,
Баба дәртлериме дәртлер жамады,
*Әўел баста айтпадым ба қалмақ деп,*
Тилимди ал, тезден өлтир бабаны.

Тарыққанда сыйынарсаң аллаңа,
Ғапыллықта ўайран салар қалаңа,
Тилимди ал, тезден өлтир бабаны,
Сазыўар әйлейди түрли бәлеге.

Мен қарап жыладым сениң изиңе,
Ғарры баба сепкил салды жүзиме,
Шап пириңди, бегим, тезден өлтириң,
Сен кеткенде қол салды ғой өзиме.

Қәдир алла берермекен тилегиң,
Ақ найзаға палўан еди билегиң,
Шап пириңди, бегим, тезирек өлтириң,
Қәпелимде таўда қалмасын сүйегиң.

Пирлер жазған пешенемде барды хат,
Түп бабамды биледи деп атма-ат,
Бул дүньяда сеннен ырза болайын,
Тилимди ал, пириңизди тезден шап.

Рәҳим етпес көзден аққан жасыңа,
Түрли саўда салар сениң басыңа,
Тилимди ал, бабаны тез өлтириң,
Сыйынсаңыз, ғарға қонар лашыңа.

Саўыт кийип әрман менен шайлайды,
Ғазап етсе, тартып қолыңды байлайды,
Шап пириңди, бегим, тезден өлтириң,
Сен кеткенде қоллар салып ойнайды.

Қазан урып бағда гүлин солдырың,
Найза урып жүрек-бағрын тилдириң,
Сен кеткенде қоллар салды өзиме,
Нәсиятым, сол бабаны өлтириң.

Бул сөзди еситип Мәспатшаның ашшы түги дуўлады, қуйқа түги жуўлады, ат басындай жүреги сарайында туўлады. Мийи айланып, шекеси ғуўлады, көзи оттай жайнады, жүрегиниң әрманы қазан киби қайнады. Бабаға тәп берип жуўырды.

Сол ўағында баба ғарқылдап күлди.

— Мен сени өлтирейин деп киятырман, бул дүньяда жанынан қорқпайтуғын нәрсе болмайды. Өлимниң алдында турсаң, сен неге күлесең? — деди Мәспатша.

Баба айтты:

— Сениң ладанлығыңа, балалығыңа күлемен. Мен пир болсам, маған өлим бар ма? Ҳаялдың мәккарлығына инанып, кеўлиң барып, ырасың менен уялмай жуўырып киятырғаныңа күлемен, балам, — деди.

Бул сөзди еситип Мәспатша қәҳәри қайтып қалды. Қылышын қынабына салды. Сол ўақытта баба Мәспатшаның ырас надан екенин билип алды. Баба жүрегин басты. Қуўанғанынан кеўли өсип, шайырлық пенен Мәспатшаның кеўилин алып бир зат айтып тур:

— Астыма минип ем, балам, Шәўкер тай,
Перзентим деп себил болғанман удай,
Ишки сырым, балам, саған айтайын,
Қулақ салың, кеўилиңиз болсын жай.

Аталарым тапсырып еди аманат,
Аманатқа пир етпейди қыянат,
Биреўиң улымсаң, биреўиң қызым,
Перзентим деп етип едим зыярат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойлансаң, Айпарша, жасыңнан бақтым,
Үш жасында қызым деген ат тақтым,
Атаң менен артық-кемим жоқ еди,
Қызым дейип қумарымды тарқаттым.

Атаңыздан сораң туўры жуўапты,
Перзентини сүйгенлер табар саўапты,
Биреўиң улымсаң, биреўиң қызым,
Перзентим деп етип едим таўапты.

Сенлер ушын жанды пидалар еттим,
Сағынғаннан көзде жасымды төктим,
Пир болғанға айыппекен сондай ис,
Қызым дейип ҳәр бетинен бир өптим.

Ат мойнына тақтым тилладан сәдеп,
Тилегиңе мен жыладым алла деп,
Пир болғанға айыппекен сондай ис,
Қызым дейип бир сүйип ем әдиўлеп.

Бәҳәрде ашылар бағда қызыл гүл,
Хызметкерин, тах өлгенше бизлер қул,
Қызым дейип ҳәр бетиңнен бир өптим,
Ендигисин, надан улым, өзиң бил.

Мәспатшаның жети жүйесинен өтти, уялып қысынып кетти. Батырды еритип жиберди.

— Бәрекелле, жигит Ҳәзирети Әлийдиң оғына өзи ушырайды деген-ә, батыр аңқаў, ер гөдек деген, сөзи мынаў, өзи мынаў, түри мынаў, дос болғанда не келеди қолынан, душпан болғанда да не келеди қолынан, меники бийәдеплик болған екен, бул бабаға қылыш урсам, қайтып елиме бара алмаспан, ата-анамды көре алмаспан, мийрине қана алмаспан, қайтып қатарға қосыла алмаспан. Бар, қаныңды кештим, баба, не қылсаң да, — деди.

Сол ўақта батырдың анық надан екенин баба билип алды. Сыр-сыпатын аңлады. Сөзлерине инанды, ҳәмирине көндирди, айтқанына турғызды. Бул дуўахан баба еди. Қәҳәрленсе тынық күнлерди жаўдырар еди. Рәҳим етсе жаўған күнлерди тындырар еди. Жерден бир қысым топырақты алып, топыраққа дем салды, ҳаўаға атты. Күнниң жүзи қубартып, әлемди қараңғылық басты. Баба перзентлерин изине ертип, күндиз туўры жолды баслайды, ақшам қыйсық жолды баслайды, перзентлерине бас болып үш күн таўда адасты. Бир күни қыял етсе, алды жарық, кейни қараңғылыққа баслайды, думан ашылады. Байқап қараса, баба қублаға қарап сүре жүгинип, тәспи оқып отырғанын көрди. Мәспатша нағыз пирим екен-аў деп, бабаға сыйынып, қайтадан зыярат қылды. Оннан соң баба қайтадан инандырып, туўрылап жол баслады. Алды жарық, кейни қараңғылыққа баслады, кем-кем он адым, жигирма адым араны ашпаға баслады. Батырлар аңламай қалды. Баба өйтти, бүйтти, айтқанына көндирди, мийлерин айландырды. Дағы-дашларды аралап, арадан он күн өткенде Дәрбент таўына жол тосып жатырған Бабахан патшаның есапсыз көп әскерининң тап ортасынан түсирди.

Сол ўақта баба алдында қашып баратыр, Мәспатша изиннен қуўып баратыр. Қалмақтың әскерлери кейнинен қуўып, атып баратыр. Мылтықтың сестин еситип, Мәспатша не деп баратыр:

— Айтқанларың сирә шықпас ядымнан,
Хабар алар ўақтың келди ҳалымнан,
Қайда кеттиң жол баслаған уллы пир?
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан.

Ай қараңғы болса батыр көрген жер,
Басқа зулым түсти, балаң қайғы жер,
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан,
Қайда кеттиң жол баслаған сәрдар пир?

Жаңа билдим жүрер жолымның тарын,
Қалдырмай бастырдың таўлардың қарын,
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан,
Қайда кеттиң жол баслаған сәрдарым?

Басшы болдың бизиң менен жол баслап,
Пириңмен деп мудамы кеўлимди хошлап,
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан,
Қайда кеттиң бизди жаўларға таслап?

Мәртликтен байладым ғуббалы пота,
Жаҳыллықтан саған иследим қата,
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан,
Қаяқтасаң ўәде берген жан ата?

Үйрек ойнап, ғазлар жүзген көлимди,
Мәдет әйле, ашың жүрер жолымды,
Лалаўласқан қалмақ шықты алдымнан,
Пир болсаңыз, қоллар күниң бүгинди.

Ўақты болмай таўға гия питер ме,
Бабаның кәдири бизге өтер ме,
Ўәде қайда, бизге айтқан шәрт қайда?
Пир болған ҳәм сондай исти етер ме?
Перзентлерин жаўға таслап кетер ме?

Ўәде берген един көрмеген жайда,
Түрли қыйлы-қалың бармеди ойда,
Ҳә, жан баба, қоллар ўағыңыз келди,
Шағыр таўда айтқан шәртиңиз қайда?

Мына сөзди еситип,
Айналып қашады,
Баба сөйлей береди:

— Ашылмаған бәҳәр бағың лаласы,
Сендейлердиң себил болар қаласы,
Билсең, сыйына бер өзиң пириңе,
Пириң емес, биз қалмақтың бабасы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше күн төгилди маңлайдың тери,
Әрмансыз тарқағай кеўлимниң шери,
Билсең, сыйына бер өзиң пириңе,
Ҳаслымыз бизлер қалмақтың пири.

Минген бедеў дағыстанда желмей ме,
Ладан болған бийәжелден өлмей ме,
Билсең, сыйына бер өзиң пириңе,
Қалмақ пири өлмей сени қоллар ма?

Бул майданда шолақ байтал шапқанман,
Адам билмес көп ҳийлелер тапқанман,
Енди өлсем ыразыман жаныма,
Айпаршаның ақ бетинен өпкенмен.

Есим кетип жүзиндеги қалына,
Айпарша деп егеў салдым жаныма,
Батыр болсаң, кете бериң жол таўып,
Ҳийлем асып, зорға түстиң қолыма.

Сол сөзлерди бир айтып,
Айналып баба қашады,
Туўры жолды қолайлап,
Байталға қамшы басады.
Ашылар болды гүл ғумша,
Шапты байталын өлгенше,
Ескен шамал тынғанша.
Дәрьядай гүўлеп тасады,
Бабаң қайнап йошады,
Әне-мине дегенше,
Жығынға араласады,
Хан отырған шатырға,
Баба жақынласады,
Майданнан сүрен салады,
Ыңыранып сөйлей береди:

— Бәлент дағларда барды пәс,
Әрманда ақты көзден жас,
Қардарың келди үстиңе,
Бабахан патша, хабарлас.

Талан болды жыйған мал,
Тасаддық еттим ғарры жан,
Қардарың келди үстиңе,
Атланың енди, Бабахан.

Таўларында көп қайың,
Айпаршаңды еттим тайын,
Қардарың келди үстиңе,
Атланың енди, патшайым.

Кетпесин душпанда арың,
Көриң қыздың қос әнарын,
Келди үстиңе ашығың,
Тезирек атланың, сәрдарым.

Аштым кеңнен гүзар жолың,
Ярды қушып тасып-толың,
Алып келдим ашығыңды,
Шық майданға, ийе болың.

Тутың бабаңның атын,
Атландырың барлық халқын,
Алың сүйген ашығыңды,
Күйдирме пирдиң ғайратын.

Ат қуйрығын түйдирмең,
Бек саўытын кийдирмең,
Атлансаң бой ма, Бабахан,
Мийнетимди күйдирмең.

Қалмақтың сенсең ханы,
Абайлаң, шықпасын жаны,
Айналасын қурсап алып,
Тутып алың Айпаршаны, — дейди.

Бабахан патша Айпаршаны тутып алалмай, мақсетин тарқаталмай, мойнына қоллар салалмай, белгили яр қылалмай, пәнт жеп, халыққа көрине алмай, жанға нәзер салалмай, сарайынан шығалмай, иши дәртке толып, туталмай қалғаны әрман болып, Айпаршаның дәртинен қан жутып, ишкыста болып жатыр еди. Мына сөзди еситип патша майданға жуўырысы менен шықты. Ҳәмелдарларын шақырып, аш жолбарыстай ақырып, «Айпаршаны тутың!» деп буйрық берди халқына.

Мәспатша менен Айпарша қолдан келгенинше таўды паналап қашып баратыр, буққыда жатқан қалмақтың көп әскери кейнинен қуўып баратыр. «Көп қорқытар, терең батырар» деген, көптиң айдынына баталмай, душпанға ҳийле еталмай, ярын таслап кеталмай, Айпаршаға қарамай арасын үзиңкиреп Мәспатша қашып баратыр, қалмақтың небир палўанлары изинен тартынбай қуўып баратыр.

Сол ўақта Айпарша сескенип, «бул қашыўымыздан, әлбетте, душпанның мына қуўысы болса, гүман жоқ, өлемиз. Жаўға бенде боламыз. Бул нешик ҳал болды? Нәмәрттиң қасында мәрт жолдас болса, нәмәрт жигит батыр болады деп еситиўим бар еди. Ярыма нәсият айтсам, сөзиме қулақ салса, ҳаслы мәрт болса қайырылып жаўға ат салар. Нәмәрт болса, абырайды қолдан берер. Бунын изине ермейин, тегинликте жаўға қолға түспейин, бас ғамымды етейин, қара шашымды түйейин, қара қустай сыланып, қабағымды үйейин, атам берген ақ саўытты оң ийнимнен кийейин, қарсыласып ат қойып, жаўға өзим тийейин, тири қолға түскеннен, әрмансыз ғана өлейин» деп Айпарша қыял етти. Ярына қарап сүренлеп, Айпарша не жуўап айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳеш бәле жоқ, аллатала жол ашса,
Душпан үстем болар алдында қашса,
Ярыңыздан бес-алты аўыз сөз есит,
Қашагөрме, қайрыл берман, Мәспатша.

Ат шабыстық қыя майданда таўларда,
Шәмен байлап ойнап едик бағларда,
Қашагөрме, жаўлар үстем болмасын,
Батыр жигит қашамекен жаўларда.

Ат шабады батыр жигитлер таўда,
Гелле алған батыр берерлер саўға,
Бундай жерде туўры қашып болмайды,
Сырынды алдырма кейнинде жаўға.

Буққышлайсаң өз бойынды жасырып,
Сыр билдирип, периштенди қашырып,
Жаў алдында қашагөрме, Мәспатша,
Изден қуўған жаўдың кеўлин өсирип,

Талқанладың ат ойнатып таўларды,
Көрген жоқпең бундай қыйын ғаўларды,
Жөн алдыңа қашагөрме, Мәспатша,
Изиңе ертип сан мың жығын жаўларды.

Пирлер жазған пешенемде барды хат,
Жалғыз жан бар бир қудайға аманат,
Баталмасаң бир жерде тур паналап,
Айпарша ярыңа бериң рухсат.

Ат мойнына тақтым тилла сәдепти,
Мәспатша деп жүрек бағрым кәбапты,
Баталмасаң бир жерде тур паналап,
Айпарша ярыңа бериң жуўапты.

Өмир болса дүнья жүзин шалайын,
Мына қалмақ алар болды қолайым,
Қорқақ болсаң бир жерде тур паналап,
Душпанларға өзим атты салайын.

Қара шашым бестен таллап түйейин,
Атам берген ақ саўытты кийейин,
Қорқақ болсаң, турың таўды паналап,
Тәўекел, қалмаққа өзим тийейин.

Ойлансаңыз, атың шыққан сен бир ер,
Бундай жерде нәмәрт жигит қайғы жер,
Батыр болсаң, қайнап йошар күнинди.
Қорқақ болсаң, ярыңызға жуўап бер.

Айпаршаның бул сөзи Мәспатшаның жети жүйесинен өтти, етин қырқып сүйегине жетти. Қәҳәри келип, өзин-өзи зорға тутты.

— Па, заңғардың баласы, тийимли жерден уттың, жақсы дәлилге туттың, мен жаўдан сасып қашып баратырғаным жоқ, себеп болмасын жансыз оқ, паналағандай пана, киргендей бир гөне қала, басым жайғасқандай бир жыра, саўытымды кийип алып, оқ тайынлағандай керек бир азғантай пурса. Саўытымды кийе алмай, илгегимди иле алмай, ат қуйрығын түйе алмай қашып киятырман. Ҳаялшылық етпе, бир пана таўып, ақ саўытымды кийип алайын, кейнимнен қалма, мен бир сазланайын, кәраматымды оннан соң көр, — деди.

Сонда Айпарша:

— Керек емес жағдайың, батырлығың я қорқақлығың белгили болатуғын ўағың келди. Ҳәзир ҳалың мәлим болды. Мен қалмаққа тийермен, жаўды жеңермен, елиңе қайтармыз. Аман-саў бармыз. Мени келиншек етип үйиңниң оң жағына киргизерсең, шымылдықты қурарсаң, ели-халқың жыйналып, уллы тойды берерсең. Қыз-келиншек, жас жигит, қатар-қурбыларың жай-жағдайынды сорар, «Айпаршаны излеп ҳәлек болдым, кескир қылышымның күши менен, найзамның ушы менен, қалмақтың батыр палўанларын өлтирип, айбатымның зоры менен, жүдә батырлығым менен халқыма жеткердим» деп мақтанып бад урарсаң. Сонда қатар-қурбыларың «Айпарша, сол ырас па?» деп меннен сораса, «Ырас» деп гәпинди жөнлейтуғын мен емес. Батыр болсаң, қашпай қалмаққа ат қой. Қолыңнан келсе ар-намысынды жаўға жиберме. Айпаршанды айырып ал, баталмасаң, нәмәртлигинди мойныңа ал, Айпаршаға рухсат бер. Мен жаўға ат салайын, тамашама қара да тур, — деди.

Сонда Мәспатша: — Бул заңғар қустай тилеп тур ғой, усыны бир дәс сынап көрейин, — деп, Айпаршаға жуўап берди. Өзи бир таўдың панайында сазланып турды. Сол ўақта Бабаханның он мың әскери Ақсай дегенниң бойында қаплап, Айпаршаны тири тутпақтың ғамында тум-тустан ат қойды.

Қолаң шашын тас төбеге түйеди,
Аш бүркиттей қабақларын үйеди,
Айпаршаны нашар дейип ким айтар,
Бадана көз ақ саўытты кийеди.
Болар исти биледи,
Жеккеликтиң сарсаңы,
Жүрек баўырын тиледи,
Найзасын алып қолына,
Садағын белге иледи.

Халық әйлеген қолла деп,
Қалар болдым жолда деп,
Исимди мениң оңла деп,
Айпаршадай сулыў қыз,
Атқа ғарғып минеди.
Қанына белли тояды,
Қайғыны қағып жояды,
Есабы жоқ жығынға,
Йошланып атты қояды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нашарман деп айбынбай,
Қаймығып, қорқып, тайсалмай,
Ат кекилин тарады,
Бар ғайратын салады,
Есабы жоқ қалмаққа,
Араласып барады.
Таўдай болып турады,
Қурт ойынын қурады,
Қарсыласқан қалмаққа,
Керилип семсер урады.
Кийгени ылғый қарады,
Қурт ойынын салады,
Қарсыласқан нешшесин,
Аўдарып таслап барады.
Тармақлы мылтық әлўанын,
Менменсиген сәрдарын,
Қарсыласқан палўанын,
Қайырмай басын кеседи,
Қыздың кеўили тасады,
Бедеўи қайнап йошады,
Қалмақлар ғаўлап басады,
Туттырмайды Сандал ат,
Алып-алып қашады,
Қашып жүрип Айпарша,
Сайлап-сайлап шаншады.
Айпаршаны мергенлер,
Атпаға көзи қыймады,
Атпаса қыз туттырмады,
Ақылынан сасады,
Тум-тусынан қамады,
Дәслер бермей турады,
Айпаршаны туталмай,
Есабы жоқ көп қалмақ,
Апыр-топыр болады,
Қашып жүрип қалмаққа,
Керилип найза урады.
Әйне песин ўағында,
Қалмақлар басқы табады,
Айпарша үстем болады,
Байлаған белге потасы,
Шектирген жәбир-жапасы,
Киселеп шықты алдынан,
Шөлистанда дос болған,
Поса берген атасы.
Айпаршаны таныйды,
Иши оттай жанады,
Баба шаўқым салады:

— Ат шапқан майдан тақырлар,
Қурылсын ақ шатырлар,
Айпаршажанның тап өзи,
Қашагөрмең, батырлар.

Аттың жалын тараңлар,
Нәзер салып қараңлар,
Айпаршаның өзи екен,
Қашагөрмең, яранлар.

Алға қарап умтылың,
Жүзин көрип йошланың,
Айпаршаның тап өзи,
Қашагөрмең, досларым.

Сүринген бедеў гүлли даш,
Сергизданман жолында,
Көзимнен ақты қанлы жас,
Айпаршаның тап өзи,
Ғошшақларым, гүўлеп бас.

Алдын баслаған сәрдарлар,
Қумар көзге қардарлар,
Айпаршаның өзи екен,
Ғайрат сал, тутың палўанлар,

Арғымағы киснепти,
Үстиндеги липасын,
Қара менен тыслапты,
Нашарлығын соннан бил,
Қолында бар ақ найза,
Шеп жағынан услапты.

Найзасы қаннан тап алды,
Батыр қасынан жай алды,
Қаша бермең Мәспатша деп,
Сары ат минген ол ҳаялды.

Алдап келтирдим узақ жолдан,
Тири тутың келсе қолдан,
Айпаршаның өзи екен,
Мәспатша деп ҳеш тартынбаң.

Минген бедеўлериң шабар,
Кеўилим қашан қарар табар,
Бул жағында көринбейди,
Мәспатшасы өлген шығар.

Мына сөзди еситип,
Тартынып турған көп қалмақ,
Әсте басып аңлады,
Қулағын салып тыңлады,
Сыңсылаған сестинен,
Қыз екенин аңлады.
Қайтадан жетти қалмақлар,
Ҳаўлықпады, қорқпады,
Айпаршаны айланып,
Он сегиз қатар қурсады.
Қыз ортада қалады,
Басына күнлер туўады,
Айпарша басқы табады,
Өлерин нашар аңлады,
Яратқан деп жылады,
Көзде жасын булады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Халық әйлеген қудайым,
Ашылмады талайым,
Нашарлығымды ойламай,
Өлеримди байқамай,
Бул ислерди басладым,
Өзиң қолла, қудайым.
Қаяқтасаң, Мәспатша?
Қоллағай сени Жәбирайыл,
Бийпатма бергейсең қол,
Гәҳи оңымнан, гәҳи сол,
Мәспатшаға қуўат бер,
Ҳүммет еткен я Расул.

Сол ўағында Мәспатша,
Алдына серлеп қарады,
Айпаршадай ярыны,
Енди ортада көреди,
Өлерин батыр биледи,
Шашырап жайдан турады,
Садағын белге иледи,
Қублаға басын қаратып,
Жалына қол тийгизбей,
Зәңгиге батыр ширенип,
Мәнжүн атқа минеди.
Ат кекилин өремен деп,
Өзим өлмей, Айпарша,
Сени жаўға бермеймен деп,
Жолында мен қурбан деп,
Минип аттың белине,
Пай тигип батыр геллесин,
Айпаршаның жолына,
Жаўларға атты қояды,
Көргенниң кеўли толады,
Мәспатшаны көргенде,
Есабы жоқ көп қалмақ,
Қус урған қара торғайдай,
Апыр-топыр болады.
Оқ өтпейди гөзлеп атса,
Шыдамайды буғып жатса,
Қалмақ пенен қарсыласып,
Саўаш қурды Мәспатша.
Басқы тапты көп аламан,
Ат ойнатты мәрт палўан,
Қалмақ пенен қарсыласып,
Саўаш етти бул палўан.
Урыс болды шәпиресте,
Шақыр-шуқыр қылыш сести,
Қалмақ пенен қарсыласты,
Қырғын болды майданда.
Көргенлер естен танғандай,
Еситкенлер таң қалғандай,
Қалмақ пенен қарсы турып,
Саўаш етти инанғандай.
Кимди алмаған ялғаншы,
Қарсыласты кейин қайтпай,
Намазлыгер болғанша,

Қатты асықты Мәспатша,
Айырып ярын алғанша.
Уллы дүпенлер атылды,
Көрмеген ерлерге шатылды,
Мылтықтан шыққан түтинге,
Ай менен күнлер тутылды,
Намазшамның ўағында,
Басқы тапты көп қалмақ,
Мәспатшадан утылды.
Бағлардың гүлин шайлады,
Қолында қылыш жайнады,
Намазшамның ўағында,
Тақ келе алмай күшине,
Есабы жоқ көп қалмақ,
Серпилип кейин қайтады.
Жайға тақты гиристи,
Таўыса алмады бул исти,
Нешше мың жаннан кешти,
Намазшамның ўағында,
Айырып алды қалмақтан,
Айпарша атлы бийбишти.
Жүзлери гүл-гүл жанады,
Қалмаққа ўайран салады,
Намазшамның ўағында,
Айпарша атлы ярыны,
Айырып жаўдан алады.
Саўыт кийип сайланды,
Намазшамның ўағында,
Мылтықтың жолы байланды,
Әйне қуптан ўағында,
Ярын ертип Мәспатша,
Ол кейнине айланды.
Мәнжүн аты желеди,
Ерлерден асқан ер еди,
Әйне жатар ўағында,
Ярын ертип Мәспатша,
Дәрбент жолға келеди.
Дәрбент деген табан жол,
Ғарғағанға жаман жол,
Мәспатша атын тутады,
Батыр аман өтеди,
Қарап турың, халайық,
Қызға нәўбет жетеди.
Айпарша атын тутқанда,
Отыз мерген буққыда,
Он беси еди оңында,
Он беси еди солында,
Буққы таслап жатады,
Тап қолтықтың тусы деп,
Жан шығарың усы деп,
Ендиги керегиң сол деп,
Айпаршадай сулыўды,
Мергенлер байлап атады,
Сом жүректен төменирек,
Қабырғаны қақ жарып,
Зеңбирек оғы өтеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саўытлары сөтилди,
Туўры оққа тутылды,
Бели жайдай бүгилди,
Көзинен жасы төгилди,
Қабырғасы сөгилди,
Аўзынан қанлар төгилди,
Ықтыяр кетип өзинен,
Ат үстинен жығылды.
Жәрдем берип Сандал ат,
Айпаршаны жықпады,
Жалы менен сүйеди,
Кейнине қарап жығылды,
Бөктериўи менен сүйеди,
Айпаршадай сулыўдан,
Шықпай турып тәннен жан,
Адамнан ақыл жәниўар,
Алып қашты ортадан.
Сол ўақтында Мәспатша,
Артына мойнын бурады,
Ярына көзин салады,
Қатты шапқан ўақтында,
Айпарша естен танады.
Оқ тийгенин Айпаршаға,
Мәспатша анық биледи,
Ол кейнине айналды,
Өлимге өзин сайлады,
Ярына қатаң қыйналып,
Урысқа және сайланды.
Атты қойып Мәспатша,
Айпаршаға келеди,
Жарадар қызды өңгерип,
Ат қосарға алады,
Бедеўди жолға салады,
Еки атты сабалап,
Жолға рәўан болады,
Тебиңгиге тер қатып,
Тепсине алмай барады,
Айпарша аўыр жаралы,
Дем алалмай барады.
Қулан басына күн туўса,
Қодығына қарамас,
Ер басына күн туўса,
Етиги менен суў кешер,
Ат басына күн туўса,
Аўызлығы менен суў ишер,
Деген сөз бар бурыннан,
Жарадар қызды өңгерип,
Сандал аты қосарда,
Мәспатша қашып барады.
Күни-түни жол жүрди,
Қыйынға өзин көндирди,
Сағым менен өндирди,
Жарадар қызды өңгерип,
Өз басына теңгерип,
Қалмақты жеңип меңгерип,
Үш күн жоллар жүреди.
Ат шомылып терлерге,
Бәс бармекен, халайық,
Сондай ис қылған ерлерге,
Мәнжүн аты болдырды,
Атлар шаўып өрлерге,
Үш күн жүзи толғанда,
Шашырап күн шыққанда,
Жарадар қызды өңгерип,
Келди дейди Мәспатша,
Алатаў деген жерлерге.

Мәспатша Алатаўды аралап кетип баратырса, бир булақ гүмистей жалтырап ағып атыр жети тәрепке тарап. Мәспатша оны көрип: — Бул булақ болмағай, өткенлердиң мәканы болғай. Бир бәледен қутылдым, енди алдымды қудайым ашқай, усы жерде бир майдан демимди алайын, атларымды суўлайын, ярымның ҳалынан хабар алайын. Ярым өлген болса, усы булақтың бойына ақ жаўып, арыў кепинлеп, өз қолымнан қойып, жалғыз өзим-ақ елиме қайтайын, — деп қыял етти. Атынан түсти, саўытларын шешти, Айпаршаны бир шынардың саясына жатқарды, бедеўлерди алысыраққа — шынарлардан саясына қаңтарды, сарыжайын бир шынарға қыстырды, өзи ҳәм барып шынардың саясына бойын таслады. Нешше күн сегбир етип, нешше күн уйқыламай, ат қаққан батыр бирден силеси қатты. Күн шыққанда жатып еди, келеси таңның алдына дейин жатты.

Бир мәҳәли Айпарша шоршып оянса, оқтың тийген зарпы менен иши қызып, шөллеп атыр екен. Тынлайы кеўип, өлер ҳалатқа келген екен. Мойнын созып жән-жаққа қараса, Мәспатша қаннан хабарсыз парлап уйқылап жатырғанын көрди. Айпарша еңбеклеп ярының қасына барды, басын шайқап оятты.

— Ярым, турың жайдан, жатқаның қула майдан, айығың уйқыдан, хабар алың ҳалдан, көрген сүргиниң шықты ма ядтан, шығып едиң қандай жайдан?! Қалмақ бизди атты, қос қабырғадан оқ өтти, бизди айрылмас бәлеге шатты, тилим таңлайыма қатты, жаныма батты. Айтқанымды аўыр көрмесең, ағып турған булақтан бир кеса суў берсең нетти.

Еситип буны Мәспатша жайынан ырғып турды, жуўырып қасына келди.

— Айпарша ярым, жоқдур сабыр қарарым, сенсең мениң гәўҳарым, нешше жыллар тарттым зарың. Аман елге барсам, сениң менен дәўран сүрсем, тақ үстинде отырсам да, сенде болсын ықтыярым. Керегиң бир кеса суў болса, мийрин қанып жүре ме, қанбай жүре ме, нешше күн ат қаққан ярың баладай кесалап суў тасып жүре ме. Тасаддық сеннен бир жаным, ҳәжетиң бир кеса суў болса,

www.ziyouz.com kutubxonasi

мейлинше ишип, мейлинше қаның, — деп, еки қолын бир қолына, еки аяғын бир қолына услап қызды көтерип, ағып турған булаққа батырып-батырып алды. Сол ўақта Айпарша суўға мантығып, кәҳәрленип зар жылап, наданлығын мойнына қойып, бир зат айтып турған усайды:

— Ессиз ашықлығым көзим қыймайды,
Ғайрат күшиң таўда-таста турмайды,
Батыр аңқаў, ярым жүдә надансаң,
Ҳәр бир исиң ҳеш бир ныркқа сыймайды.

Жарақ асып, белге садақ буўар ма,
Залым қалмақ қастын тигип қуўар ма,
Қылған исиң ҳеш бир ныркқа сыймайды,
*Адам улы сондай надан туўар ма?*

Ақылым бар, бир айыбым нашарман,
Шуғылдың сөзине инанып тасар ма,
Аңқаў ярым, сондай надан болмасаң,
Жаралыны суўық суўға басар ма?

Кийип саўыт әрман менен шайлар ма,
Шуғылдың сөзине ерип нанар ма,
Ярым сени надан демей не деймен,
Жаралыны суўда сарсаң әйлер ме?

Мәкан алыс қалды, еллериң қайда,
Буннан былай жанның сөзине инанба,
Тири болсам, буннан былай тилегим,
Пәнди-нәсиятым, жолынды аңла.

Мен жылайман әрман менен зар-зар,
Себеп пенен болып едим дуўшакер,
Буннан былай мениң айтқан тилим ал,
Ақ сийнемде мерген атқан жарам бар.

*Әрман менен қызыл жүзлерим солды,*
Достым жылап, душпанларым шад болды,
Абырай барда атланбақтың ғамын қыл,
Қыяметлик пириң келер ўақ болды.

Мени көргенлердиң болар ақылы лал,
Батыр өлсе, талан болар дүнья-мал,
Қыяметлик пириң келер ўақ болды,
*Турғыл ярым, бедеўлерден хабар ал.*

Мен қарап жыладым жолдың дүзинен,
Әрман менен қан ақпасын көзимнен,
Нәсиятым, тур жайыңнан, тез атлан,
Залым қалмақ қуўып келмесин изиңнен.

Мәспатша қыял етти: — Енеғардың баласы, мақул сөзлер айтады, ойлап көрсем, тап кеўлимдеги ойдағы. Ҳаял дегеннинң бир айтқаны келмесе, бир айтқаны келер. Егер айтқаны келе ғойса, бағана айпадым ба деп изимнен сирә қалмас. Қулақ қойып салсаң ес, шынында айтқаны ырас, мениң бул жатқаным болмас, жаў-жарағымды тақлап, бедеўлерди суўлап, тезден атланбағанда болмас, — деп шашырап жайдан турып, Мәспатша жуўырып бир төбениң басына шықты. Жән-жағына қараса, Шәрдене баба жасырынып келип, шынарға қыстырып қойған сарыжайдың гирисин кесип, жаңа қашпаға қолайланған екен. Мәспатша көзи түсип, қатты қәҳәри келип, түклери тебендей шаншылып, қайрылыўға пурсат жоқ, Мәнжүнге қарғып минип, ақ найзаны қолға алып, «сени өлтирмесем, я өзим өлмесем, достым душпаным болсын» деп бабаны қуўады.

Мәнжүн атты оңғарып,
Бабаны сонда қуўады,
Басына күнлер туўады,
Қуўған жери бабаның,
Қырғыздың Алатаўы еди,
Байталдың изин алады,
Керилип қамшы салады,
Атына қамшы басады,
Бабаның қылған ислери,
Қатты әрман болады.
Мәспатшадай батырдың,
Иши дәртке толады,
Ғамгүн толып ишине,
Сарғайып батыр солады.
Астына минген бедеўи,
Қулаққа терлер алады,
Елес-елес алдында,
Бабаны көзи шалады,
Енеғардың бабасы,
Жеткермей қашып барады.
Ат қулақтан тер алды,
Секиргенде майданда,
Танап ярым жол алды,
Сол бабаның кейнинен,
Қәҳәр менен ат салды.
Шамал турып оңынан,
Қамшылап оңлы-солынан,
Мәспатша қуўып баратыр,
Сол бабаның соңынан.
Талқан етип таўы-тасын,
Билдирип белгили қасын,
Енеғардың бабасы,
Ашып кеткен арасын.
Намазлыгер ўағында,
Аныклап көрди қарасын.
Қарасын оның көрген соң,
Мәрттиң кеўли тасады,
Атына қамшы басады,
Астындағы Мәнжүн ат,
Омыраўдан көбик шашады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жер танабын қуўырып,
Сол бабаның кейнинен,
Танап ярым барады.
Әйне күнлер батқанда,
Найза салым қалады,
Дәли кеўили тасады,
Батыр қайнап йошады,
Намазшамның ўағында,
Қуўып жетип бабаны,
Қәҳәрленип шаншады.
Қанатынан қайрылып,
Туяғынан майрылып,
Аңлай-аңлай қараса,
Шаныштым деген бабадан,
Тағы қалды айрылып.
Атқа тумар тақпады,
Мәртке сапар жақпады,
Ҳайран болды Мәспатша,
Шәрдененин өлигин,
Ҳеш бир жерден таппады.
Душпанның өшин алалмай,
Мәрт қумарын тарқатпай,
Ҳайран болды Мәспатша,
Услап алып бабаны,
Буўынба-буўын шабалмай,
Жән-жағына қарады,
Шаптым деген бабаны,
Ҳеш жерлерден табалмай.

Мәспатша бабаны табалмай ҳайран қалды, иши оттай жанды. Бабадан және айырылып қалды. Биймезгил болып, майданда қалды. Сол жерде бир заман дем алды. Ерте тура таң атты. Намаз ўақта батыр бир төбениң басына шығып, жән-жағына көз салды. Айпарша қалған Алатаў булдыр-булдыр көринип, зорға көзи шалды. Яры ядына түсип, қайтаўыллап кейинге ат салды. Шам мезгили яры қалған булаққа келди. Хабар алса, Айпарша яры жоқ, Сандал аты да жоқ, жаў-жарағы да жоқ. Бабахан патша ләшкери менен келип, Айпаршаны бенде етип, Сандал атты олжа етип алып кеткенине күн ярым күн болған екен. Шәрдене баба батырды аўлаққа шығармақ ушын ҳийле менен Алатаўды айналып, алдында қашқан екен. Мәспатша бабадан утылып, дәртинен қан жутып, пушайман етип:
— Әдепте ярымнын сөзин неге алмадым, бабаны өлтир деп жалынғанда неге айтқанын қылмадым, Шағыр таўдың үстинде бабаны майдалап шаўып, жолыма неге рәўан болмадым, — деп, саўытын ишинен кийип, садағын белине илип, Мәнжүн атқа қайтып минип, қарағай найза өңгерип, әреби атқа жем берип, бедеўдиң басын оңғарып, қайырып жолға салып, қалмақтың сүрдеўин алып, жолға раўана болып, атына қошемет урып, Бабаханның кейнинен қуўып баратыр:

— Мен оқыған пешенемде барды хат,
Ярымнан айрылып, болдым биймурат,
Жеткерегөр жарадардын кейнинен,
Бир қостарлық етиң бизге, Мәнжүн ат.

Әрман менен ишим толы дәртим бар,
Ярымнан айрылып, болдым пәнтқумар,
Тезден жеткер жарадардың кейнинен,
Бир садықлық етиң бизге, жәниўар.

Әрман менен ағар болды көз жасым,
Қалдырмай мен бастым таўлардың тасын,
Тезден жеткер жарадардың кейининен,
Бир яқшылық етиң, Мәнжүн жәниўарым.

Жүрегимде кетер болды әрманлар,
Жалғыз едим, неге жетер пәрманлар,
Тезден жеткер жарадардың кейнинен,
Бир пәрўаз ет бизиң ушын жәниўар.

Ғапыллықта қайтты тасқынлы пәтим,
Залым қалмақ бузды кеўлимниң шадын,
Тезден жеткер жарадардың кейнинен,
Бир алып уш ҳәмдам атым, қанатым.

Сол сөзлерди айтқанда
Қошеметке шыдамай,
Астына минген Мәнжүн ат,
Ҳаслы ҳайўан демесең,
Артқы аяғын тиреди,
Алғы аяғын кереди,
Қуйрықларын таррашлап,
Майданда ойнай береди.
Питкерди мәрттиң буйрығын,
Қайтпай дойнақ урады,
Мәрттиң минген жүйриги,
Қуба үйректей қалқады,
Сарыбас қуўдай сарқады,
Шери мәрттиң тарқады,
Орпаң жерде ойнады,
Қумлы жерден ырғыды.
Танабын шөлдиң тартады,
Ушқан қустай елеслеп,
Гә бир жерде жортады,
Қысыр жылан курсақлы,
Нағыз алмас туяғы,
Сақтыяннан қабақлы,
Қайшыланған кулақлы,
Кеўилин алып батырдың,
Қайтпай урды дойнақты.
Табаны тасқа тақылдап,
Езиўлиги сылтылдап,
Қуўысқаны шырпылдап,
Шоқлықтан аққан қара тер,
Тебингиге тырсылдап,
Ҳазар бермей батырға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аққан суўдай жылыслап,
Алдына қарап тыңланып,
Алғыр қустай жалтаңлап,
Жол силемин алады,
Оқ жыландай ысырылып,
Майданда сегбир қылады.
Арқадан жаўған қардайын,
Бөлек-бөлек қалады,
Қаршығадай қайқайып,
Гә ушып, гә қонады,
Тасқан суўдай елеслеп,
Танабын тартып келеплеп,
Гәўҳардай көзи жанады,
Қос қулағын қайшылап,
Тас төбеге алады.
Сегбир тартып майданда,
Үш күн жоллар жүреди,
Таза терге шомылып,
Шарап болып ағады.
Қаныққаған бүркиттей,
Қаны ишине тартылды.
Мийнети мәрттиң артады,
Керип басқан қара тас,
Зеңбиректей атылды,
Басқан изи майданда,
Ошақ орны қазылды,
Қаны ишине тартылып,
Омыраўы жазылды.
Сегбир тартып Мәспатша,
Майданда жүрип барады,
Ылғал урып күн-түни,
Ақша жүзи солады,
Жаны төзбей Айпаршаға,
Асығып жүрип барады,
Атланғалы Мәспатша,
Бес күн жүзи толады,
Мойнын созып майданда,
Алдына серлеп қарады.
Ат кекили өрилди,
Бағдан гүллер терилди,
Әйне песин ўағында,
Қалмақлардың тозаңы,
Елес-елес көринди.
Ат шапқан шөлдиң майданы,
Жети күн өтти арадан,
Мәрт сергиздан болғалы,
Нәзер салып қараса,
Булдыр-булдыр көринди,
Қалмақлардың тозаңы.
Ат шаўып жолдың түзинен,
Ықтыяр кетип өзинен,
Тоғыз күн жүзи толғанда,
Әйне күнлер батқанда,
Қуўып жетти Мәспатша,
Қалмақлардың изинен.
Аттың жалы өрилди,
Қатты жедел берилди,
Адамзатқа сездирмей,
Буққы таслап жүреди,
Намазшамның ўағында,
Көп жығынға киреди.
Ҳийлеси мәрттиң асады,
Кеўили қайнап йошады,
Әйне қуптан ўағында,
Жығынға араласады.
Бек саўытын кийеди,
Жаў-жарағын сайланып,
Күшин белге жыйнады,
Ат бүркиттей шырпынып,
Қабағын батыр үйеди,
Әйне жатар ўағында,
Есабы жоқ қалмақтың,
Бир шетинен тийеди.
Ат шапқан жоллар қыяды,
Ашыўланып-арланып,
Батыр қанға тояды,
Әйне жатар ўағында,
Есабы жоқ жығынға,
Мәспатша атлар қояды.
Ай жағынан тийеди,
Айқай-сүрен салады.
Күн жағынан тийеди,
Күнде сүрен салады,
Мәспатшаның наласы,
Дағы-дашқа толады,
Есабы жоқ жығынға,
Жалғыз өзи Мәспатша,
Мың кисидей болады,
Ғапыл жатқан көп қалмақ,
Бир бөлеге қалады.
Есабы жоқ көп жығын,
Дәслер бермей турады,
Оңнан-солдан Мәспатша,
Керилип найза урады,
Алдын қырса қалмақтың,
Арты ғаўлап басады,
Артын қырдым дегенде,
Алды нурлап толады.
Қылышқа қанлар қатылды,
Нешшеге әжел шатылды,
Қалмақлардың геллеси,
Салғам киби атылды.
Ат баўырынан қан болды,
Әжептәўир шаң болды,
Елге душпан келди деп,
Толы журтқа дан болды.
Майданлар өликке толды,
Қурт ойыны қурылды.
Қайғылы сазлар урылды,
Дойнағына қан тийип,
Тулпар бийжай урынды,
Исфиҳаны қылыштан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Есапсыз қалмақ қырылды.
Жайға тағып гиристи,
Оңаралмай бул исти,
Таң атқанша ат салып.
Табалмады ҳеш жерден,
Айпарша атлы бийбишти.
Атқа тумар тақпады,
Мәртке сапар жақпады,
Таң атқанша ат салып,
Айпарша атлы бийбишти.
Ҳеш бир жерден таппады,
Әйне сәске ўағында,
Таң атқанша ат салып,
Зорға тыныш табады.

Ат баўырынан қан болды, зәңгиликтен сел болды, не бир таўдың қары мысал дәрья-сел болды, сол Айпарша себеп болды.

Бабахан патша сол ўақта «жәллад!» деп қышқырды. «Дат!» деп үш жүз жәллад алдына тайын болды.

— Айпаршаның көзин байлаң, сийнелерин дағлаң, қолын артына бәнт етиң, бәлент төбеге шығарың, Айпаршаны шалың, өкпе-жүрегин суўырып алың, суўық суўға басың, урыс басылсын, кереги Айпарша болса, өлтириң де тының, — деди.

Жәлладлар ҳәмирин қоллап, Айпаршаны бәлент төбеге шығарып, қолын бәнтлеп, еки көзин байлап, соймаға қолайлады. Айпарша өлетуғынына көзи жетти. Сонда ол жәлладларға қарап арзыў-аўҳалын айтып жылап турған усайды:

— Қазан урып бийўақ гүлим солмасын,
Мендей нашар ялғаншыға келмесин,
Зәрре еглен, қурсап турған пашшаплар,
Ҳеш бир адам мендей муңлы болмасын.

Кең жаҳанлар болды бүгин бизге тар,
Ата-анамды бир көрмеге болдым зар,
Ҳешбир адам мендей муңлы болмасын,
Улы-қызың барды сениң, пашшаплар.

Қара шашым бештен таллап тарайын,
Арзыма қулақ сал, ырза болайын,
Көзимди аш, қурсап турған пашшаплар,
Ярым менен ырзаласып қалайын.

Әрман менен қара шашым өрейин,
Тәғдиримди қудайымнан көрейин,
Көзимди аш, қоршап турған пашшаплар,
Ярым менен ырзаласып өлейин.

Рәҳим әйледи көзинде жасты,
Нашардың сөзине ақылдан састы,
Қабыл етти Айпаршаның тилегин,
Жәллад Айпаршаның көзини ашты.

Әрманы көп, қазанлы астай қайнады,
Өлимге усынды, өзин сайлады,
Ҳеш бир жерден Мәспатшаны көре алмай,
Ғайыбана ырзаласып сөйледи.

— Ўақтым толды, таярландым мен оққа,
Әрман менен өлер болдым қалмақта,
Бул дүньяда ярың сеннен айрылды,
Ярыңызға ырза болың Мәспатша.

Ўақты болса, қус ушады уядан,
Батырлар туўады ҳасыл анадан,
Еки дүнья ярыңыздан ырза бол,
Жаў қолында өтер болдым дүньядан.

Әрман менен көзим салдым изиңе,
Ҳеш ким қулақ салмай айтқан сөзиме,
Өтер болдым бүгин пәний дүньядан,
Төрем, ыразы бол мениң өзиме.

Қалмақ алар болды мениң жанымды,
Тыңламады айтқан мынаў зарымды,
Саған айтар пәнди-пәнди зарым сол,
Алғайсаң қалмақтан нәҳақ қанымды.

Белиме байлаған зерли пота ма,
Баян әйле шеккен жәбри-жапама,
Меннен дуўай көп-көп сәлем айтагөр,
Дуўай сәлем қайын ене, қайын атама.

Ашылмаған бәҳәр бағда лалама,
Душпан ўайран салды мурат қалама,
Аман қайтсаң меннен дуўай көп сәлем,
Бийкешлер, абысын, қайын енеме,

Шалқып ат шаппадым таўдың сыртына,
Келин болып түсе алмадым журтыңа,
Көрмесек те ыразы болсын бизлерге,
Қатар кәйним, өз теңлесиң, достыңа.

Үйрек қонып, ғазлар жүзген көлимде,
Нашар султан дейди туўған елинде,
Бул дүньяда әрман менен айрылдық,
Енди қосылғаймыз маҳшер күнинде.

Мәспатша ярының бул сөзин еситип, Айпаршаның өлетуғынына көзи жетти. Жеккелик келип, өзинен ықтыяр кетип, ярдан гүдер үзип, Мәспатша турып ойланды: — Болса-болмаса да ярым өлетуғын болды. Айпарша өлсе мен мың жеринен ғайрат салып урысқанымның не дәркары болды? Қалмақтың маған салып турған ашыў-ҳийлеси болмасын, урысты тоқтатсам, тәўекел, қорққан болып

www.ziyouz.com kutubxonasi

арасынан шығып қашсам, қарам шөгип узап кетсем, қашқанымды қалмақ көрсе, Айпаршаның өлмеўине себеп болмаспан ба, — деп урысты тоқтатып, аттың басын бурып, ортадан шығып қашты.

Сол ўақытта Бабахан серлеп, жоқарыдан Мәспатшаның изинен қараса, қарасы шөгип, елес-елес қашып баратырғанын көрди. Хан ўақты хош болып, қашқанын билип, жәлладларды шақырып:

— Айпаршаны өлтирмең, алдыма алып келиң! — деген ҳәмир етти.

Жәлладлар Айпаршаның қол-аяғын босатып, төбеден түсирип, төрт жүз қалмақ Айпаршаны ортаға алып айдап киятыр еди.

Айпаршаның жүзинде жети қат нықабы бар еди. Ғапыллықта баўы үзилип, түсип кетти. Сол ўақта булттан ай арылған яңлы жүзи әлемге шуғла берди. Бабахан буны көрип, ақылын алдырды. Айпарша қыз болғанда нешик қыз, ақ маңлай, бадам қабақлы, пистеден жупқа додақлы, көргенлердиң иши дағлы, орта бойлы, кең қушақлы, жәҳанда атақлы өзи, жети ықлымда бир өзи, жанды алған қара көзи, шийрин сөзли, бийдай рең, арыў жүзли, еритер қылығы-назы. Басарына еринген, нар текедей керилген, шашлары өрилген, жүзин көрген жигитлер дийдарына берилген, жутқан асы тамағынан көринген. Өңиринде лалы илгек жайлы-жайда илинген, жүзлери мәлек-мәлек, ҳасыл ҳинжилер тағылған, жегдесин қыя жамылған, ҳасыл паршаға малынған, иши оттай қамылған, бир гәплескен жигитлер шынты менен бенде болған. Байларда жорға, қулағында гәўҳар сырға, нәканда болмаса, ондай қыз келген емес бул жаҳанға. Патша менен ханларға, ылайықдур сәўер ярға, жүзин көргенлер Айпаршаның, өзин иркип турды зорға. Ўақты хош болып Бабахан, өмирине болды ырза, ашықлығын билдирген, көргенди ерксиз күлдирген, көзи түскен жигитлерди ерксиз тартып бүлдирген. Көзиң түссе көзине, он еки ағзаң ийдирген, қылығы менен сүйдирген, қайраўдағы жекке ғаз, мерекеге жүдә саз, жуқа жүзли сәрўиназ, жетик молла билимпаз. Бармақлары пилтедей, шынар келбет, тырнағы жез, еки аўыз сөйлескенге үш ай тоқсан болар жаз, бурын ўақта болмаса, бул мәҳәлде келгени аз. Әрманы жоқ салғанлар көз, арыў жүзли әнар гүмбез, көрсең әрман қалмайды ҳеш. Жүзи түскен болар бийҳуш, сизге айтқан тәрип емес, мына беш күн дүньяға бундай қызлар келген емес. Сол бийнеде қыз екен.

Дийдарын көрип Бабахан, ақылы лал болып, жорғаның басын бурып, ат үстинен ынтығып, қыз мойнына қол салды. Айпарша ханның қолын қағып жиберип, мәккарлығын асырып, ханның кеўилин тастырып, дәлиллеп бир сөз айтып турған усайды:

— Бендeликтен ақылым болды мениң лал,
Яр ышқынан талан болды дүнья-мал,
Бир-еки аўыз сөзимиз бар, айтайық,
Журт ийеси, сөзлериме қулақ сал.

Ғапыллықта бизди мергенлер атты,
Қудайым айрылмас бәлеге шатты,
Бир-еки аўыз сөзимиз бар, айтайық,
Сөзиме қулақ сал, Бабахан патша.

Мен жылайман, әрманым көп зар-зар,
Болғаным жоқ өз журтыма гүнакар,
Реҳим етиң, журт ийеси патшайым,
Ақ сийнемде мерген атқан жарам бар.

Жүзим көрип әрман менен шайлайсаң,
Ғазап етсең, тартып қолым байлайсаң,
Қыял етсем, адамзатқа туўры емес,
Жол үстинде қоллар салып ойнайсаң.

Көрди оны сапта турған халайық,
Исиңизди көпшиликке салайық,
Бала яңлы жол үстинде ойнайсаң,
Дурыс болмас патшалыққа ылайық.

Қарақалпақтың бир урыўы қыятты,
Ойлансаңыз, даңқын журттан зыятты,
Көпшиликте қол урасаң бизлерге,
Ойлап көриң, патшалыққа уятты.

Орынсыз көп жәнжел, салдыңыз урыс,
Болмайды урыста көп қарап турыс,
Майып болып түсип турман қолыңа,
Еткен исиң, патша, сениң надурыс.

Қәтелессем, тақсыр, тилим тартайын,
Рухсат ет, мен елиме қайтайын,
Жаралы боп түсип турман қолыңа,
Тыңласаңыз, сизге соны айтайын.

Дузың тартып түсип турман қолыңа,
Мерген атып жара түсти тәниме,
Менде анық кеўлиң болса, Бабахан,
Ҳүрметлеп алып бар бизди елиңе.

Шыдамадым оқтың ашшы зәҳрине,
Өзиң патша, ким тоқтамас қәҳрине,
Менде анық кеўилиң болса, Бабахан,
Ҳүрметлеп апарың бизди шәҳәрине.

Узақ жолға бедеў атлар шаптырың,
Қыз алдым деп, елге дабыл қақтырың,
Ҳиззетлеп апарың бизди шәҳәриңе,
Тәўиплерге бул жарамды бақтырың.

Ҳасыл менен кийиндириң бойымды,
Перийзатқа мегзет жигер-сойымды,
Сол жарадан денем саат тапқан соң,
Бер халқыңа уллы байрам-тойыңды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саўаш күни ат қуйрығын түйдирип,
Шадлантып ийниме сарпай кийдирип,
Тойың ада болғаннан соң, Бабахан,
Алың бизди ҳадал неке қыйдырып.

Бабахан Айпаршаның дәлилинен утылып, сөзи кеўлине қонып:

— Ха, заңғардың қызы, гәпинди таўып айттың, тийимли жерден муңайттың, мен пәсиме қайттым, түсиндим, бизики қәте, ақылың ақылымнан жети есе зыят екен, жол үстинде қол урған қатаң уят екен. «Ҳәр ким Айпаршаға үстемлик гүррин урса, «бендесең» деп сөз қылса, панайынан адам жүрсе, өзи өлимдар, малы талан», — деп аламанға жар шектирди.

Айпаршаны ҳасылға орап, ҳал-жайын сорап, жақсы атқа миндирип, басына сая қурып, қырық адам ортаға алып, пашшаплар алдын ашып, паррашлар жол сыйырып, мәскаплар суў бүркип, жасаўыллар пош-пошлап, ҳиззет-ҳүрмет пенен Бабахан патша жол баслап, Айпаршаны қаласына алып барды. Қалаға жар шектирди:

— Мениң сорамағымда атақлы тәўип болсаң, нәзеркәрда болсаң, китапхан-құшнаш болсаң, ҳәким болсаң, мениң алдыма кел. Айпарша ярымды бақсаң, жарасынан жақсы қылсаң, неше түрли инам менен, ҳәр қайсыңа бир журттың ҳәкимлигин беремен, — деп халқына дағазалады.

Сол хабарды еситип, жетер жерден уллы тәўиплер келди. Ойласық салып, тәўиплер ерекке ақ отаў сазлап, Айпаршаны отаўда қырық күн бақты, түрли дәрилер жақты. Арадан қырық күн өткенде Айпарша кеселинен сағат тапты. Бабахан қуўанып, «Айпарша кеселинен айықты» деп шадланып, қапа кеўилин хошлап, халқына пөплик шашып, уллы той баслады. Елин толық жыйдырды, топарлап маллар сойдырды, мен-мен деген ерине дара табақ қойдырды.

Қырық биринши күни Айпарша кеселинен айығып, майданға шығып турса, қалмақтың жас жигитлери шоқ-шоқ, топ-топ ылақ ойнап жүргенин көрди. Айпаршаның басына күн туўды. — Өз жибиме шатылдым, шылбырға беккем оралдым, бул қалмақ, әлбетте, өзимниң ўәдем бойынша мени алыў ушын той берип атыр. Тойы ада болған соң, айтқан ўәдең қайда деп дәлилге тутып, некемди қыйып, маған қол урар. Бул заңғар маған қол урса, бетиме жара салса, өлдим не, Мәспатша келди не, өлди не, Айпарша зая болса? Тәўекел, мен қарап қалмайын, патшаға барайын, Айпарша атым қурымаса, бир мәккарлық қылайын, патшаны алдайын, инанғандай бир дәлил айтайын. Сандал атымды, қарыў-жарағымды сорайын. Ел-елатым, ярым ушын және бир қарыў салайын. Сөзим тыңланбаса, айтқанымда орынланбаса, қазаға ыразы, әзелге қайыл болайын, — деп, түрли сумлықты ойлап, кеўиллерин дәрт жайлап, зығырданы қайнап, өтирикке бел байлап, жайынан турып шаширап, таўыстай таранып, көргенлердиң ақлын алып, патшаның жанын жағып, үйден шығып қыя бағып, жилўа менен қасын қағып, таўланып саллана басып, мәрдана көшип, сийнесинде лалы илгек бойларына жарасып, патшаның бәргасына келди. Сарайдың қапысын ашып, патшаға сәлем берди. Патшаға кеўили жарасып, көрген бийхуш болып қарасып, патшаның ақылын алдырды. Айпарша жән-жағына қараса, жыйын қуралып атыр, сазенделер түрли сазлар урып атыр. Сол ўақта Айпарша патшаға қарап не жуўап айтқаны:

— Қалай болды, ханым, бизиң ҳалымыз,
Әрман менен талан болды малымыз,
Ашығыңның бир-еки аўыз арзы бар,
Қулақ салып тыңла буны, ханымыз,

Алыстан көринген таўлардың тасы,
Әрман менен өтти он сегиз жасым,
Сендей патша мендей сулыў қыз алса,
Болмаймекен түрли ойын-тамаша?

Шатыраш кийсем, қуп жарасқан бойыма,
Ҳешким тай келмейди ақыл-ойыма,
Айпаршаның сөзлерине қулақ сал,
Себеп пенен түсип едим қолыңа.

Оң қолыма салған тилла жүзигим,
Кимге айтарман бул кеўлимниң бузығын,
Сендей патша мендей барна қыз алса,
Болмаймекен түрли ойын-қызығың?

Таза сарпай қуп жарасқан бойымды,
Қарап турсам, қызығы жоқ тойыңды,
Сендей патша мендей жақсы қыз алса,
Болмаймекен түрли қызық ойыны?

Дәўиринде, ханым, өсип-жайнайын,
Дәрдим кетип, қазанлы астай қайнайын,
Айпаршаға руқсат ет, ханымыз
Өз тойымда өзим ойын ойнайын, — деди.

Бабахан патша:

— Ха, Айпарша ярым, сенсең сабырыў-қарарым, шын кеўлимнен қардарым, тақ үстине отырсам да, сенде болсын ықтыярым. Тойда гүрес, ойын, масқарапаз, сазенделер, гөйенделер, баламаншы — түрли ойын қурылып атыр. Ярым, тойымның не кемиси қалып атыр? — деди.

Сонда Айпарша:

— Бизиң дәстүримизде сендей патша мендей қыз алса, уллы той береди. Тойында жас жигитлер еки жарын ылақ ойнайды. Сендей патшаның яры жақсы ат минип, қарыў-жарақ асынып, ярын изине ертип бир тәреп болып, патшаның қызынан, қусбегиниң қызынан, өзине тай келетуғын қызлардың

www.ziyouz.com kutubxonasi

қырық қыз қасына бас қосып, бир жарын болып, патша ортада турып ярының алдында ойын етер еди. Ойын қызған ўақтында шабандоз жигитлерге де араласар еди. Көрген ҳайран қалады. Дүньяда жақсы ойынымыз сол болар еди. Елатымда сол ойынның устасы едим. Енди сеннен мениң тилегим, маған жүйрик ат берсең, өзиме тай келгендей қасыма қырық қыз берсең, өз тойымда өзим халқыңа ойын көрсетсем, саған бир ырза болар едим, саған тәнимди бағышлар едим, — дейди.

Бул сөзди патша еситип, ҳәмелдарларын шақырды.

— Айпаршаға бир жақсы ат, қырық қыз тайын етиң, — деди.

Ҳәмелдарлар бул сөзди еситип жаны қалмады. «Алдыңғының адасқанын артындағы биледи» деген, ханның адасқаның билди. Жақсы ат бермеге қорқып, туяқлары топыршақ, қуйрығы бир қушақ, кекили мурнынан артқан, он урғанда бир жортқан, бел тамыры тартқан, бийдәўлеттиң қолына түскен, шығырға қосқан, ыссылы-суўықтан барлық жүни түскен, жантасқанлар таслап қашқан бир ябыны Айпаршаның алдына тайын етти. Айпарша ябының белине минип, қаланы бир айланып келди. Ябы дәртине жарамасын билип, патшаның алдына келип бир зат айтып тур:

— Ақылым болды мениң лал,
Олжа болғай жыйған мал,
Айтатуғын арзым бар,
Бабахан патша, қулақ сал.

Билмеймен елиңниң жайын,
Күйеў келсе, қызлар тайын,
Әрманымды айтайын,
Қулақ ассаң, патшайым.

Бизлер бир жүрген ғайыбы,
Кимлер басшы, кимлер қосшы,
Ким дейтуғын, патшайым,
Қаланың белли найыбы?
Арбашыға минер ме,
Сайлап алған айымың?

Жайларға тақтым гиристи,
Оң қылғай баслаған исти,
Арбашыға минер ме,
Айпарша атлы бийбишиң?

Кеше-күндиз аҳыў-зарың,
Сенсең мениң мәдеткерим,
Арбашыға мингизер ме,
Айпаршадай сәўер ярың?

Минген бедеўлер желмей ме?
Шаңның астында қалмай ма?
Шаңның астында мен қалсам,
Дос-душпаның күлмей ме?
*Байқас етип карасам*,
Намыстан патша өлмей ме?

Пешенемде барды хатым,
Тыңла мениң пәриядым,
Кеўилиң болса анық менде,
Келтирип бер Сандал атым.

Сенсең көзимде қырағым,
Ким болар ҳалдан сорарым,
Кеўилиң болса анық менде,
Келтир кескир жаў-жарағым.

Булбул сайрағай гүлимде,
Миясар көргеймен өлимди,
Кеўилиң болса анық менде,
Келтир ҳасыл тонымды.

Кийгеним ҳасыл маўытты,
Устаның пири Даўытты,
Кеўилиң болса анық менде,
Келтир тилла саўытымды.

Онда Бабахан патша қәҳәри келип:

— Алпыс еки ҳәмелдар, отыз еки мөҳирдир, дузым тутсын, енеғар! Қыздың қәдирин не билесиз, заңғар! Көшеде үркип кете ме, бир жерде жығып кете ме, халық алдында ярымның абырайын төгип жүре ме, қандай ақырзаман болса да, нешше жылғы жолдасы, сырласы, ойын ойнап, илим алған өзиниң Сандалын, қарыў-жарағын, бек саўытын, тоны-липасын тезден келтир, заңғар! — деди. — Қырық қызын жанына тайын етиң, атын минсин, тонын кийсин, өз кәддине келсин, қандай екен көрейик, халқыма бир тамаша берсин, — деди.

Ҳәмелдарлар ашыў менен айтқанынан тоғыз есе зыят етти, Сандал атын, жаў-жарағын Айпаршаның алдына тайын етти.

Айпарша Сандал атын көрип, қуўанышы қойнына сыймады. Истиң оңға айналғанын билди. Ат мойнынан қушақлап, көзде жасы моншақлап, борбослаў жерге аўнатып, жаўырынларын сыйпалап, саўаш ерин салады. Үзеңгисин узайтып, қуйысқанын келтертип, беккем ертлеп алады. Жаў қуралы бес қуралды қурсап белге орады, бадана көзли саўытты Айпарша кийип алады, беллигин белге шалады. Қублаға басын қаратып, атқа минип алады. Атқа минген ўағында баяғы шөлистанда жолдас болған, жүзлеринен поса алған, бул ислерге себеп болған Шәрдене баба алдында тайын болды. Айпаршаға көзи түсип, зәрре жаны қалмады. Күйип-жанып, Бабаханға қарап Шәрдене баба бир зат айтып тур:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Үстине мен келдим қайым,
Алыңды, билсеңиз, айың,
Айпарша минипти Сандалын,
Әжел жеткенди, патшайым.

Таланда қалды ма дүнья-мал,
Әрманда шықты ма тәннен жан,
Айпарша минипти Сандалын,
Әжелиң жетти, Бабахан.

Алатуғын болды арын,
Анлайсаң ба жолың тарын,
Айпарша минипти Сандалын,
Ийманыңды айта бер,
Әжелиң жетти, сәрдарым.

Қыйын болыпты ҳалыңыз,
Айтқаныма инаныңыз,
Айпарша минсе Сандалын,
Әжелиң жетти ханымыз.

Қалыпты елиң ғауғада,
Салыпсаң басыңды саўдаға,
Әжелиң жақын келипти,
Дәўран өтипти Айпаршаға.

Атлар сүринген қыядаш,
Ақпасын көзден қанлы яш,
Айпарша минипти Сандалын,
Нәсиятым, патша, шығып қаш.

Сөзимниң жоқдур гүманы,
Айрылмас бастан думаның,
Айпарша минсе Сандалын,
Динге мүңгир қалмақлар,
Тезирек келтир ийманың.

Қурылсын ақ шатырлар,
Айпарша қатты батырлар,
Пәнди мениң нәсиятым,
Тезден шығып қашыңлар.

Жақынлапты аламатлар,
Басыңа туўар қыяметлер,
Айпарша минди Сандалын,
Ертеден қашың қалмақлар.

Қурылар белли ақырзаман,
Қалмасын кеўлиңде әрман,
Айпарша минсе Сандалын,
Биреўиң қалмайсыз аман.

Айпарша бедеўин шайлайды,
Ҳаўа ойынды ойнайды,
Айпарша минсе Сандалын,
Көшеде қалған лашыңды,
Гүржилер тартып ойнайды.

Қарыўы тасып қайнайды,
Шәҳәриңди тинтип жайлайды,
Айпарша минсе Сандалын,
Еситпедим демеңлер,
Бәриңди ҳайран әйлейди.

Бабаның тилин алыңлар,
Ериңди көрип таныңлар,
Айтып болдым сөзимди,
Еситпедим демеңлер,
Тум-тусқа, қалмақ, тараңлар,
Ғайратын қатаң асырар,
Қанларың суўдай шашылар,
Бас ғамыңды етиңлер,
Менменсиген батырлар.

Әне, Шәрдене баба Айпаршаның Бабаханды меншиклеп кеткенинен баслап, мени Бабахан шақырып алмады, себеп болған сен един, Айпаршаны аласаң ба деп ялған мирәт салмады, қыз қолына түскен соң бурынғыдай болмады, кеўилимди алмады, деп Бабаханға өкпелеп, үйинен шықпай жатыр еди. Сол күни патша Айпаршаны алмақшы болып, той берип атырғанын еситип, сиясатынан қорқып, «кел, бизики болмас, «ийт өкпелейди, ийеси билмейди» деген, патша билмеди, патшаның хызметкери болғаны — ийти болғаны, мениң тиришилигим, әлбетте, хан менен. Енди өкпелескеннен нәтийже шықпас, тойына барып, кутлы болсын айтып, ўазыйпамнан қутылайын» деп, Бабаханның алдына келип, кеўлиндегисин қалдырмай айтқаны да сол еди.

Әне, патша бабаның сөзин еситип, қатты ашыўы келип:

— Ҳа, баба, он жети жасымда атамның тахты маған қалып еди, басыма бахыт қонды, патша деген ат көтердим. Сен журтымның уламасы екенсең, сени пир билдим, алдыма туттым, ақыл сорадым. Айпаршаның қолға түсиўине себеп болдың, соны миллет етип, өзим алмадым деп, жер тиреп жатырсаң. Сол саған ылайық па? Нешше жылдан бери айтқаныңа көндим, сениң айтқаның менен болдым. Бир өзиңди нешше жыл бир шәҳәрге ҳәким етип қойдым. Арадан отыз жыл өтти. Маған салғырт төлединң бе? Он бес күн хызмет еттим деп, сонша миллет қыласаң? Қырық күн болды, Айпарша мениң қараўымда, бир отаўда жатыр. Ким сақлап отыр? Атқа минип қаланы айналып келип атыр, ким услап отыр? «Тенимди бағышладым» деп, ықырар келтирип атыр, ким қорқытып отыр? Тойында тамаша қыламан деп кеўилимди шадлап атыр, некемди қый деп қыстап атыр, өзиме шыннан ашық. Өзим алмадым деп, меннен қызғанып, мақсетиң — араға от таслап, араз қылмақ ушын сөз таўып атырсаң. Уялмай аўзың барып, соны айтып отырсаң. Ярым болса, ойын қуражақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Араға суўық хабар салма, жаман сөзди ядыңа алма, бул жерде сандалап турма! Жолыңнан қалма, көзиме көринбе, жоқ бол! — деди.

Сонда Шәрдене баба:

— Қыз ойнаса қызықты, ақыры оның бузықты, қашқан қутылар, турған тутылар. Инанбадың сөзиме, ықласым урар. Әсте қашқан нәмәрт, қатты қашқан жомарт, патша, саған жаўа бергей мийнет. Бул жерге келип жүрген атама нәлет! — деп, геўишин қолына алып, сәллесин қойнына салып, ханнан кеўили қалып, Шәрдене баба қаладан шығып қашпақ пенен болды.

Ол кете берсин. Айпарша Сандалдың басын бурып, бәлент көше, пәс көшелерди аралап, шар тәрепке көз салып, он сегиз дәрўазадан хабар алып, жасқа таўып өте алмай, қаладан шыға алмасын билип, айналып жүр. Қаланың арқасы Уллытаў еди. Таўға жақынлап, астындағы Сандалдан кеңес сорап, Айпарша бес-алты аўыз ўарсақы айтып тур:

— Мен оқыған пешенемде барды хат,
Ярым менен мен қурғайман салтанат,
Тартсам сени мына таўдың басына,
Ырғырмысаң, атам берген Сандал ат?

Жағамнан сел болды көзде бул жасым,
Ярымнан айрылып, қаңғырды басым,
Сени тартсам мына таўдың басына,
Ырғырмысаң, атам берген жолдасым?

Мойныңызда сулыў қара жалың бар,
Нәзер салғай халық әйлеген бирубар,
Сени тарсам мына таўдың басына,
Ырғырмысаң, көзгенеңнен жәниўар?

Нәзер салсаң мениң муңлы дадыма,
Бир қарассаң мениң арзыў-ҳалыма,
Тартсам сени мына таўдың басына,
Таслап кетпе душпанлардың қолына.

Жылаў менен көзде жасым буладым,
Ҳаслым нашар, кешир, көпдур гүнайым,
Атым менен бир сырласып қалар ем,
Зибан бергил Сандалыма, Жәбирайыл.

Белиме байладым кашмирли пота,
Мәртимнен айрылып, көп шектим жапа.
Сандалыма зибан берер күниңди,
Бир зибан бергейсең, жылкышы ата.

Жылқышы ата, биз ғәрипке нәзер сал,
Рәҳим әйлеп, ата-баба қолыңа ал,
Жол табалмай ҳайран болып турыппан,
Ғайыпқа бас болған, я Шийхы Жалал.

Әне, сонда Айпарша нала етип жылап турса, Сандал аты қуйрығын таррашлап, қулағын тигип, аўзын ашып керилип, гүлдир-гүлдир киснеди. Таңлайдан мөри көтерилип, тил пайда болды. Айпаршаға кеңес берип, сөз қайтарып не деп тур:

— Бәҳәрде ашылар таўда гүл-ғумша,
Сен жыладың елатыңды көргенше,
Мен айтайын сөзлериңе жуўапты,
Жылай берме, шын жолдасым Айпарша.

Сен ете бер Сандалыңа таўапты,
Жақсы ҳадал ислер мудам саўапты,
Қапа болма, жолдасым сен, Айпарша,
Мен айтайын сөзлериңе жуўапты.

Тенеңе сыймайды толып бардасың,
Жол таппай қаңғырып турыпты басың,
Мен айтайын, сөзлериме қулақ сал,
Жуўабымды тыңла мениң жолдасым.

Сени көргенлердиң болар ақлы лал,
Жарасықлы ақ жүзиңде барды қал,
Сол таўларға қарай басымды босла,
Саўырсымнан қырық қамшыны санап ал.

Ат шабылар жолдың майдан пәстине,
Ғапыллықта түстиң душпан дәстине,
Сениң ушын бир тәўекел қылайын,
Аямай айдаңыз тастың үстине.

Ат шаптырмас таўдың бәлент қыяғы,
Лабақбайдың сенсең жалғыз зүрияды,
Сәскеден соң айда таўдың үстине,
Қыза кеткей мениң полат туяғым.

Батырдың қолында барды зулхандер,
Мен боларман ҳалыңыздан қәўендер,
Сениң ушын бир тәўекел қылайын,
Душпанда жибермей ҳәргиз намыс-ар.

Реҳимим келип тур сениң налаңа,
Себепкер боларман кеўли-қанаңа,
Сол қалаға мени туткан ўағында,
Қырық қамшыны аямай ур саныма.

Кеўилимди әрман менен шайлайын,
Ҳақ жолына белди тартып байлайын,
Сәскеден соң айда тастың үстине,
Сениң ушын бир тәўекел әйлейин.

Еллерим узақдур, мәнзилим жырақ,
Мәспатша жүргенди жолларға қарап,
Тириликте сени жаўға бергеннен,
Тасларға сүринип өлген жақсырақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзди айтты да, аттың таңлайдан мөри батты. Айпарша оны еситип шад болды. Аман қутыларын билди. Денесине ғайраты сыймай, тасқынлап кетти. Сандалдың аяғына бас урып, маңлайынан таўап етти. Адамға сездирмей, ат ойнатып Бабахан патшаның қасына жетти. Бир-биринен зияда, өскен янлы бир уяда, атқа минип қатар турып, қырық қыз алдына болды пайда. Барлығы тегис бир жаста, дәрдинен нешшелер қаста, ойынға ҳаўаста, «Айпарша қыз, ойыныңды басла!» деп турған қызларды көрди.

Сол ўағында Айпарша,
Жедел берип Сандал атқа,
Жеткер алла бир муратқа,
Еситкен соң хошеметти,
Сандал кирди күш-ғайратқа.
Әзиз кеўили тасады,
Суўлықты беккем басады,
Қатар турған қызларға,
«Қуўың» дейди, қашады.
Саўыт кийип шайлады,
Көргенди ҳайран әйледи,
Көшеде ойын ойнады,
Аттың жалын тарады,
Тулпары күнге жарады,
Сапта турған халайық,
Саўлатына қарады.
Астындағы Сандал ат,
Ҳаўлығып жайды қос қанат,
Айпарша қашып, қызлар қуўып,
Жығында қурды салтанат.
Ҳаўлыққаны бедеўдиң,
Тер қыстаўы болады,
Қулаққа терлер алады,
Ғурыжланып бедеў ат,
Қуйрығын сыртқа салады.
Гәўҳардай көзи жайнады,
Сағрысы тасып қайнады,
Омыраўдан қара тер,
Жумалап жерге тамады.
Әйне сәске ўағында,
Ат жуплығын дүзеди,
Әйне түстиң алдында,
«Жибер!» деп суўлық сүзеди,
Дәли кеўили тасады,
Бедеў қайнап йошады,
Жоны анық қызған соң,
Күш бермей алып қашады.
Ат мойнына тумар тақты,
Анық жоны қызған соң,
Алдына қарап ылақты,
Сол ўағында Айпарша,
Ат қызғанын аңлады,
Кейниндеги қызларға,
«Қашың!» дейип хабарлады.
Қасындағы қырық қызлар
Ҳәмирине көнеди,
Артына қарап дөнеди,
Аттың басын оңғарып,
Қызлар қашып жөнеди.
Сол ўағында Айпарша,
Қайырады Сандалды,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Аттың жалын тарады,
Араласып барады,
Ат үстинен қызларға,
Керилип найза урады,
Қойға тийген қасқырдай,
Аўдарып таслап барады,
Қызларға күнлер туўады.
Алла бахтын ашады,
Айпарша қайнап йошады,
Жеткен жерде қызларды,
Сайлап-сайлап шаншады,
Найза тийген бул қызлар,
Көшеде ўай-ўайласады.
Бағларда гүллер солдырды,
Пайманасын толтырды,
Мәртлигин нашар билдирди,
Ойнайман деп қызлардың,
Бәршесин қоймай өлтирди.
Жумыры питкен билеги,
Саўаш екен Айпаршаның
Кеше-күндиз тилеги,
Ат басындай туўлады,
Сарайында жүреги.
Қыз ойнаса қызықты,
Ақыры түби бузықты,
Бабахан жатқан шатырдың,
Ат қойып баўын үзипти.
Саўыт кийип шайлады,
Көргенди ҳайран әйледи,
Хан отырған шатырды,
Түйектей етип айдады.
— Таланда қойсам дүнья-мал,
Тасаддық болсын шийрин жан,
Ярдың ойыны қызды, — деп,
Шатырдан шықты Бабахан,
— Бирге ойнайық, ярым, — деп,
Зәңгиликке келеди.
Қаҳәрленип Айпарша,
Кәмарға қолын салады,
Бабахандай патшаны,
Атқа өңгерип алады,
Бәлент көше, пәс көше,
Бек отырған тар көше,
Аралап шаўып барады,
Жән-жаққа серлеп қарады.
Ат шомылып терлерге,
Яд етип кәмбил пирлерге,
Бәс бармекен, халайық,
Ат оздырған шерлерге,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келди дейди Айпарша,
Ат пенен ўәде қылған жерлерге.
Дәўраны бастан өтеди,
Бедеўге терлер қатады,
Бабаханды тапжылтпай,
Еки қолын шатады,
Аттың айтқан шәрти бар деп,
Қалаға атты тартады.
— Шықтым ба күнниң шебине,
Шыдамай аттың демине,
Нашарлық етип Айпарша,
Жылаўымды тартып жүрер, — деп,
Астындағы Сандал ат,
Шегинеди кейнине.
Жипектен нәзик торқады,
Аттың басын тартады,
Иркилгенге Сандал ат,
Айпарша қатты қорқады.
Айпарша турып жылады,
Саўыт кийип шайлады,
Астындағы Сандал ат,
Гәўҳардай көзи жайнады,
Жылқышы ата бабасы,
Ол ғайыптан келеди,
Ким жылаўдан алады,
Ким зәңгиден тутады,
Сандал аттың саўрысына,
Керилип пәнже урады.
Сол ўағында Сандал ат
Артқы аяғын тиреди,
Алдынғысын кереди,
Қос қулағын қайшылап,
Алдына қарап дөнеди.
Полаттан суўлық шайнады,
Сағрысы тасып қайнады,
Көзлери оттай жайнады,
Сексен гезли қаладан
Ырғыўға өзин тайлады,
Алдын аңлап барлады,
Сексен гезли қаладан,
Ырғыўға өзин оңлады.
Сай-сүйеги қызады,
Қуўдай мойнын созады,
Алдына қарап талпынып,
«Жибер!» деп суўлық сүзеди,
Қыздың кеўили толады,
Қос қанатын қомлады,
Ырғыйын деп оңлады,
Қыз еңбегин күйдирмей,
Артқы аяғын тийдирмей,
Сол қаланың басына,
Ғарғадай барып қонады.
Көрсеттилер кәрамат,
Салып қызға шарапат,
Сандалдан болып инаят,
Қаршығадай қайқайып,
Бабаханды өңгерип,
Басын мыңға теңгерип,
Жәрдемлесип Сандалы,
Шықты дейди Айпарша,
Қаладан сағыў-саламат.

Айпарша қаладан шығып, Бабаханды өңгерип, қалмақларды етип талқан, белге байлап тилла қалқан, қаладан шықты сол заман. Барлық ғайратын салды, Айпарша өшин алды қалмақтан. Жетти қыз сондай ҳалға, жүрегин басып түсти дейди гүзар жолға. Таўда-таста турмас пәти, не болар патшаның ҳалы? Бедеўди жолға салады, жолға рәўан болады. Бабаханды өңгерип, жолларда қашып барады. Кеўли өсип жайнады, нешшени ҳайран әйледи, Бабахандай патшаны жолларда сарсаң әйледи. Көргенниң ақылын алады, еситкен ҳайран болады. Үш мезгил жоллар жүреди, шыдай алмай сегбирге Бабахан естен танады. Қызыл жүзин солдырды, қайғыға ишин толтырды, көп сегбирге шыдамай Бабахан патша болдырды. Түрли қыял ойлады, ханды ҳайран әйледи, көп сегбирге шыдамай, патшаның тили байланды. Айы жаман алынып, атын айтып табынып, сүйген ярына жалынып, Бабахан сонда сөйледи:

— Сен атланып жоллар астың бир қанша,
Жәбир берме, назлы ярым, сен онша,
Үш күн ойнап, қанбады ма ойының?
Қайтсаң бой ма, назлы ярым Айпарша.

Көзлериме кең жаҳанлар болды тар,
Питпеди ме бизден кеткен намыс -ар?
Ойнайман деп мени жаман қыйнадың,
Ойының қанса, қайтсаң бой ма, назлы яр.

Тириликте ҳәрким жайына жүрсин,
Ҳәр ким яры менен ойнасын, күлсин,
Көзлериме шыбын жаным көринди,
Айпаршажан, салған ойының қурысын.

Тарыққанда сыйынарсаң аллаңа,
Ойнайман деп қойдың түрли бәлаға,
Көзлериме шыбын жаным көринди,
Абырай барда тез қайтайық қалаға.

Себил қалар болды бизден ақ шатыр,
Бул еткен қысымың қырық жылға татыр,
Назлы ярым, мени жеткер қалаға,
Геўдемнен шыбын жан шығып баратыр.

Таза сарпай қуп жарасқан бойының,
Маған нәсип болды жәннет қойының,
Айпаршажан, аман жеткер қалаға,
Әрман менен үзилди ғой мойыным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемлик пенен нардай белим бүгилди,
Тақымында қол, қабырғам сөгилди,
Қарыды деп ғапыл қалма, Айпарша,
Қартаймай-ақ дәндән тисим төгилди.

Нешше жыллар қайғы шектим қастында,
Зәҳәр салдың мудамы ишкен асыма,
Қарыды деп ғапыл қалма, Айпарша,
Жаслығымда түйе майын көп жағып,
Ақлар енди сақал-муртым, шашыма.

Нешше жыллар ашық болдым өзиңе,
Гәп басы сен болдың мениң сөзимде,
Қартайды деп ғапыл қалма, Айпарша,
Дәртлериңнен сениң ҳимая иштим,
Нурым кетип, солғын түсти жүзиме.

Ата дедиң, пүткил кеўлим бузылды,
Кәбап болды, жанды баўырым, езилди,
Ойының қурысын, мени жерге таслаңыз,
Шықты жаным, сегиз көзим үзилди.

Әне, Айпарша патшаның сөзине қәҳәрленип, ишлерин әрман қаплап, патшаның аяқ-қолын топлап, еки аяғын бир қолына, еки қолын бир қолына беккем тутып, патшаны өлимге қолайлап, ақылын алып, басынан үш мәртебе айландырып, таўдың қара тасына тартып урды. Бабахан патша мың пара болды. Ақша жүзин солдырды, пайманасын толтырды, Бабаханды өлтирди, мәнисине келтирди.

Патшаның шықты жаны, кетти иштен әрманы. Айпаршаның келди басына дәўраны. Аттың басын оңғарып, жолға рәўана болды. Танап ярым жерге барып, Айпарша ойланды, қайтып изине айланды. — Бул кеткеннен кетсем, жолларды сегбир етсем, Мәспатша ярыма жетсем, ярым усы бойда бар шығар, мени таслап кетпес, сыртымнан хабардар шығар, мениң етип жүрген ғайратымнан хабары бар шығар, кешикпей алдымнан шығар. Мен қалмақтың ханын өлтирип киятырман десем, инанбас сөзиме, қарамас жүзиме, патша менен қырық күн дос болдың деп, кеўлине гийне алар, бул заңғардың бир нышанасын алып барып көрсетсем көзине, ўақты хош болып, сонда инанар сөзиме, — деп, ат үстинде турып, патшаның келе бойына нәзер салды. Патшаның басындағы алтын жығаға көзи түсти. Соны алып барайын деп қыял етти. «Хай, заңғар, хаслың қатын, отырған жерден алып қашқансаңды, болмаса өзи менен дос болып, келисип алғансаң» деп кеўлине гүман келер» деп, патшаның басын кесип алды, найзаға илдирип, ийнине салды. Аттың басын оңғарып, жолға рәўана болды. Салқын менен жол жүрди, үш кеше-күндиз жүрди. Уллы сәскеде Сарытаў деген жерге келди.

Бир өзи қалмақтың айдынына баталмай, душпанға ҳийле еталмай, ярын таслап жалғыз кеталмай, «жалғыз өзим елиме бос барғаннан өлгеним жақсы» деп, Мәнжүнди қырық күн жуўсанға бағып, өзине келип: — Қалмақтың қаласына барайын, көрингеннен жөн сорайын, ярым Айпаршаның өли-тирисинен я қалмаққа тийгенинен, не болғанын билейин, ярым тири болса, жолында және бир дәс бахтымды сынап көрейин. Дүньясы қурысын, бәри өз жайына турсын. Айпаршадан айрылып әрманда өткеним қурысын, душпанның қолында я өлип қайтайын, я ярымды алып қайтайын, — деп, Мәспатша қалаға қарап киятыр екен. Сарытаўдың үстинде еки ашық бир-бирине дус болды. Атларынан бойын таслап, бирин-бири қушақлап, көзде жасы моншақлап, айра түскенниң ҳаллары мәлим, бир саат жыласып қол алысып, саў-саламат сорасып, еки ашық бирин-бири табысты. Ҳәўеслик пенен қосылып, кеўиллери хош болды.

## V БАП

Әне, еки ашық атларының белине минип, «шүкир, душпанды сапладық» деп, ярын изине ертип, «я, ата журтым Бухар» деп, Мәспатша, Айпарша қосылып жолға рәўана болды. Күн ярым күн жол асты. Бир мәҳәл Айпарша кейнине қараса, артында буўлақ-буўдақ шаң шықты. Шаңның астына қараса, бул ислерге бас болған, шөлистанда жолдас болған, жүзлеринен поса алған, силтеп «туўры» жолға салған Шәрдене баба артынан және таяр болды. Патшаны қыз өңгерип, қаладан шығып кеткенинен хабардар еди. Нешше рет алдап, қолға түсирмекке себеп болған өзим еди, және бир дәс алдап көрейин. Бабахан өлди, қолға түссе, енди өзимдики болмас па екен деп, Шәўкер байталын минип, қыздың кейнинен талап етип еди. Танап ярым жақын келди. Байталдың басын кейин бурып, қашпаға таяр турып, еки батырды алдап, баба не жуўап айтып тур:

— Болды бетер бул дәртим,
Артпағай жаңа мийнетим,
Бабаның айтар сөзи бар,
Қулағың салың, перзентим.

Ашылды бағларда гүлим,
Сайрағай бағда бүлбүлим,
Бабаның айтар сөзи бар,
Қулағыңды салың, қулыным.

Атымның басын тартайын,
Дослығымды молайтайын,
Қулақ салсаң, перзентлерим,
Жақсылығымды айтайын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

итлерим, күлдирейин,
ңынды бүлдирейин,
салсаң, шыракларым,
ғымды билдирейин.

нт жолға барғанда,
ақлар қамап алғанда,
ошадай жалғызым,
тада қалғанда,
дим сениң жаныңнан,
дар едим ҳалыңнан,
нды ашқан мен еди.
куптан ўағында,
ент жолға келгенде,
л атың иркилди,
лген жерде оқ тийди,
р жерге келгенде,
рдар едим ҳалыңнан.
ы урдым атыңа,
р салдым дадыңа,
пай атыңнан сүйеп,
п едим жолыңа,
спа, балам, сол? — деди.
нан аман куткардым,
сөзиме кулақ сал,
дан аман куткарып,
арған едим жыраққа,
ден кызым өлер деп,
ап бардым булаққа,
с па, балам, сол? — дейди.
мақлар сени атқанда,
булақта жатқанда,
ыңа жара батқанда,
ардар едим ҳалыңнан,
айыма барғанман,
ғайратым салғанман,
лық етип алдында,
айың тилеп алғанман,
ин шықпас жаныңа,
епкер мен болғанман.
ахан олжа қылғанда,
отаўға киргизип,
иплер қырық күн баққанда,
шелер қаслық еткенде,
сы турып соларға,
н мийирман болғанман,
с па, балам, сол? — дейди.
рық күн өтип арадан,
аң сағат питкенде,
елиңнен айығып,
йданға аман шыққанда,
аханның алдына,
нды сорап барғанда,
елдарлар жәм болып,
нды бермей турғанда,
бергизген бабаңман,

Ырас па, балам, сол? — дейди.
Миндиң Сандал атыңа,
Жетип мақсет -мурадыңа,
Журт таң қалып саўлатыңа,
Қырық қыз салып алдыңа,
Сен ойынға шыққанда,
Қурт ойынын салғанда,
Қолыңдағы найзаңды,
Нықлап басқан бабаңман,
Ырас па, балам сол? — дейди.
Қызыл жүзин солдырып,
Пайманасын толтырып,
Жолдас қызларың өлтирип,
Халықтың кеўлин тындырып,
Басыңа бахыт қондырып,
Қалмақтың отын сөндирип,
Досларыңды күлдирип,
Сандал атыңды дөндирип,
Бабаханға келгениң,
Ырас па, балам, сол? — дейди.
Минген атың қара жал,
Тасаддық еттиң шийрин жан,
Тайын болып алдыңа,
Шатырдан шығып Бабахан,
Қолайыңды сен алдың,
Кәмарына қол салдың,
Көтере алмай сен талдың,
Әзиз келип турғанда,
Хабардар едим ҳалыңнан,
Көмеклесип қасыңда,
Бабаханды алдыңа,
Өңгерип берген бабаңман,
Ырас па, балам, сол? — дейди.
Бабаханды өңгерип,
Сиясатың дөндирип,
Атыңның басын меңгерип,
Бәлент көше, пәс көше,
Бек отырған тар көше,
Аралап сен ат қойып,
Сол таўларға келгенде,
Сандал атың иркилди,
Ырас па, балам, сол? — дейди.
Ата-бабаң яд етип,
Сол таўларға ат қойдың,
Кейин қарап бурғанда,
Сен қырық қамшы урғанда,
Жәрдем таппай Сандал ат,
Көтере алмай турғанда,
Хабардар едим қасыңда,
Жылаўыңнан алғанман,
Алдыңда басшы болғанман,
Жумысыңды меңгердим,
Қаладан аман өткердим,
Мурадыңа жеткердим,
Ырас па, балам, сол? — дейди.
Сыйына бер пирине,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдында мен баслайын,
Мақсетке алған жериңе,
Изиме ер, перзентлерим,
Апарайын елиңе,
Сыртыңыздан, шырағым,
Көзде жасым сел, — дейди,
Баян еттим ҳалымды,
Айтар сөзим сол, — дейди,
Исене бер, шырақларым,
Кәраматым мол, — дейди,
Апарайын елиңе,
Кел, соңыма ер! — дейди,
Өзим басшы болайын,
Сол кейнимнен жүр, — дейди.

Еситип сөзин Айпарша,
Зығырданы қайнады,
Денесин ашыў жайлады,
Сол бабаның үстине,
Сандал атын айдады.
Сол ўағында қуў баба,
Түрин бузық көреди,
Айналып баба қашады,
Байталға қамшы басады,
Астындағы Шәўкери,
Қәдемди керип басады.
Таўдың қыя тасына.
Ашылған бағда гүл-ғумша,
Байталын шапты өлгенше,
Ескен самал тынғанша,
Басына күнлер туўады,
Ашыў түги жуўлады,
Мәспатша менен Айпарша,
Сол бабаны қуўады,
Бедеўден аққан терлери,
Жердиң бетин жуўады,
Мәнжүн аты болдырса,
Сандал ат пенен қуўады,
Сандал аты болдырса,
Мәнжүн ат пенен қуўады,
Бабаңыздың басына,
Ақырзаман туўады.
Аттың жалын тарады,
Енеғардың байталы,
Жеткермей қашып барады,
Сегбир тартып еки ашық,
Кейнинен қуўып барады,
Сол бабаны қуўғалы,
Күн ярым күн толады.
Күн ярым күн болғанда,
Топырағы басты бабаның,
Терине батып жуўылды,
Тили аўзына тығылды,
Өз-өзинен урынды,
Қанлы жас көзден төгилди,
Астындағы байталы,

Жерге қарап үңилди,
Өлерин билип сор баба,
Байталынан түңилди,
Астындағы байталы,
Қара тасқа сүринди,
Дәрманы кетип бойынан,
Муғаллақ атып жығылды.
Айдаса байтал жүрмеди,
Көзи жерди көрмеди,
Не қыларын билмеди,
Байталынан түседи,
Пиядалап қашады,
Қуўып жетип Айпарша,
Бабаны тутып алады,
Мурат-мақсети болады,
Мойнына арқан салады,
Сандал атқа сүйретип,
Мәспатшадай ярының,
Алдына алып келеди.
Қәҳәрленип Мәспатша,
Семсерди қолға алады,
Алдындағы бабаны,
Шаппаға қайым болады,
Сол ўақлары Айпарша
Турып сөйлей береди:

— Талан болмағай малым,
Тасаддық болсын бир жаным,
Көрейик бабаның ҳалын,
Қәҳәрленбең султаным!

Миниң аттың белине,
Бедеўдиң жалын шайлайық,
Ҳақтың қылған исине,
Белди беккем байлайық.

Еки аяғын сиз тутың,
Еки қолын биз тутып,
Атаңа нәлет бабаны,
Ылақ етип ойнайық.

Еки аяғын мәрт тутты,
Еки қолын қыз тутты,
Тақымына басады,
Батырлар қайнап йошады,
Қыяметлик ол «пирин»,
Ылақ етип тартады,
Таслақ жерге келгенде,
Сандал баслап барады,
Қумлық жерге келгенде,
Мәнжүн баслап барады,
Сол бабаны тартысып,
Үш күн тамам шабады,
Үш күн жүзи толғанда,
Әйне песин болғанда,
Қумардан батыр шығады.
Бағының гүлин солдырды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайғыға кеўлин толтырды,
Мурат-мақсетин болдырды,
Қыяметлик ол «пирин»,
Тартысыў менен өлтирди,
Ҳәр мүшесин бабаның
Мезгилик жолда қалдырды.

Шәрдене бабаны өлтирди, мәнисине келтирди, бедеў атын желдирди, бурыннан берген азабын сол күн алдына келтирди. «Алды-артын тақладым, душпанды қуртып сапладым, енди тынышланлым, арқайын болдым» деп, атлардың басын бурып, жолға салып, «я, ата журтым Бухар» деп, ярын изине ертип, Мәспатша жолға рәўана болады. Таўды-тасларды ақтарып, жети күн жол жүрди. Кетип баратырса, Алатаўдың арасында бир булақ гүмистей жарқырап, ҳәр сайға бурқырап ағып атыр тум-тусқа тарап. Оны көрип Мәспатша ҳайран болып, жол табалмай, булақты жағалап, үш мезгил жол жүрди. Бир бағы-бостанның үстинен шықты. Аңлап қараса, әнжир, алмалар писип, томпылдап жерге түсип, жағымлы самал есип, бүлбиллер сайрап, қумырылар нама шегип, паттақ қуслары ҳаўаз етип, көргенлердиң еси кетип турған бағы-бостанды көрип, Мәспатша қыял етти. — Бул бағ болмағай, жақсылардың мәканы болғай, себеп пенен дус келдим, буны басып өтпейин, усы бағда ярым менен он бес күн сәўбет етейин, нешше күн сегбир қағып, шаршағанымды шығарып, өзиме келип, соннан берги жәбиримди бир шығарайын. Жақсылардың мәканына бир жақсы мақсет етейин, он бес күннен кейин елиме сапар етейин, — деп, жигитлик қумары тутып, өткен күнди умытып, атларынан түсип ер-турманын сыйырып алып, бағдың төрине айдап салып, бир шынардың түбине төсек салып, Айпарша менен екеўи бир-бирине мийири қанып, шырмалып жүзлеринен поса алып, дүньядан пәрўайысыз еки ашық дәўран етти.

Арадан он бес күн өткенде Айпарша жатып бир әжайып түс көреди, шоршып оянса, намаз ўақты екен. Зәрре жаны қалмай ушып орнынан турып, уйқылап атырған Мәспатшаның басын шайқап, зар-зар жылап, түсин баянлап турған усайды:

— Таланда қалмағай бул дүнья-малым,
Бир тасаддық болсын сеннен бул жаным,
Жатып едим, әжептәўир түс көрдим,
Абырай барда тур жайыңнан, султаным.

Айырылмас думанлар көринди бастан,
Қурған көзим көр болмады бул жастан,
Жатыр едим, әжептәўир түс көрдим,
Абырай барда тур жайыңнан, Мәспатша.

Халық әйлеген көргей көзде жасымды,
Дәрдесер қылмағай ғәрип басымды,
Абырай барда тур жайыңнан, Мәспатша,
Жаман көрдим аўҳалыңды түсимде.

Қазан урып өмирим гүли солмасын,
Қазаң жетип, сол пайманаң толмасын,
Мени таслап, өз басыңның ғамын қыл,
Сендей қайсар жаўда шейит болмасын.

Бир-биреўге ҳәўес болдық нешше жыл,
Ақыбети өтпегеймиз бизлер тул,
Жаў көрсеңиз, мени таслап кете бер,
Аман елге жетпекликтиң ғамын қыл.

Көргенди қайырар жүзиң нағышы,
Еки дүнья тәним саған бағышлы,
«Қара жерге жылан кирсин» — нақыл бар,
Яры қурысын, төрем, тирилик жақсы.

Буннан былай бедеў атың шабылмас,
Бәршеси табылар, жаның табылмас,
Тилимди алсаң, мени таслап кете бер,
Тири жүрсең саған нашар қапылмас.

Кийип саўыт, әрман менен шайлайын,
Яр жолында белим тартып байлайын,
Ярыңыздың сөзлерине қулақ сал,
Түсимниң тәрипин баян әйлейин.

Атландым ба жаман күнниң шебине,
Қорқынышта от түсип тур тениме,
Түсимниң тәрипин баян етейин,
Қырық мың атлы қалмақ келди кейниңе.

Қалмақ келип тум-тусымнан қамады,
Жалынсам да налысымды алмады,
Қарсыластым барлық күшимди салып,
Қутылыўға ҳеш бир илаж болмады.

Қарасам, сарғайып таңлар атыпты,
Алла сени бир қайсарға шатыпты,
Көрген түсим ол шайтаный болғай,
Ала атлы бир қалмақ сени атыпты,
Жети жыл сүйегиң таўда жатыпты.

Мени услап, тартып қолым байлады,
Азап берди, сийнелерим дағлады,
Қырық мың атлы қалмақ келип кейнимнен,
Өз елине бенде қылып айдады.

Мен жыладым көзде жасым көл болып,
Артым басқан қара шашлар жүн болып,
Көрген түсим ол шайтаный болмаса,
Тағы түстим қалмақларға тул болып.

Ашылмаған бағда бәҳәр лалаға,
Қашсам да қоймады қалың панаға,
Бенде болып ат алдында айдалып,
Тағы бардым баяғы барған қалаға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара шашым бештен таллап өриппен,
Адамзаттың көрмегенин көриппен,
Бенде болып қалмақлардың қолында,
Жети жыл көшеде тезек териппен.

Әне, Мәспатша суўық сөзди еситип, секирип орнынан турды.

— «Түс түлкиниң боғы» деген бар. Барлық жаўды өлтирдим, енди бизге қарсыласар кимлер бар? Ҳаслың қатын, аспанды қарыс алып келип, қылма жүрер жолымды тар. «Мени таслап кет» дейсең, сеннен басқа кимим бар? «Түсимде жаман ис көрдим» деп, қылажақпысаң изиңе зар, «Ийттиң ийеси болса, бөриниң қудайы бар», қарсылассам душпанға, мыңға татыр күшим бар. Көп сөзди қой, тезден бедеўди алып кел, атлан да изиме ер! — деди.

Тезден атларын қуўып келип, булаққа басып, бедегеден белликлеп, ушығадан терликлеп, саўаш ерин салады, еки жерден айыллап, беккем ертлеп алады. Ат қуйрығын түйеди, барлық күш қуралын жыйып, ақ саўытты кийип, жаў қуралы бес қуралды беллерине шалып, қублаға басын қаратып, атқа қарғып минди. Ярын изине ертип, ата журтым деп Мәспатша рәўана болады. Ат қояды Мәспатша, Дәрбент жолға келеди, узақтан мойнын созып, Дәрбент жолға қарады. Бухарға кетип баратырған есапсыз қалмақтың әскерин көрди. Көплиги соншелли, таслақлар дизден қазылып қалыпты. Батыр сескенип, жолға жантаспай, таў-тасларды аралап, яры менен үш күн жол жүреди. Және бир таўдың жырасынан жолға сер салып қараса, жолға сыймайды, айтып ада болмайды, Бухарға баратырған есапсыз әскерди және көреди. Мәспатша ҳайран болады. Сол жерде Мәспатша және үш күн иркилди. Көплиги соншелли, әскер өтип болмады.

Мәспатша қыял етти: — Бул қалмақлар мениң елиме барса, ийесиз жатқан елимди шаўып алса, атамды, енемди бенде етип, қалмақ айдап қайтса. Еңкейген ғарры, еңбеклеген жас, жесир-жетим, ғәрип-қәсер көп еди журтымда. Олар маған «туўмай кеткир туўылды, белине садақ буўынды, өз журтында қыз қурығандай, басқа журтқа кетти. Жатқан жыланның қуйрығын басып, өзи менен кетпей, бизиң басымызға жетти, журтымызды ўайран етти» деп, әлбетте, маған ғарғыс келеди. Өйтип жүргеннен қалмақтың қолында өлген жақсы. Халқымның қанына қалмайын, қолдан келсе, бул қалмақты елиме апармайын, ата-анамның кеўилине дәрт салмайын, не болсам өзим болайын, қалмаққа тәўекел ат салайын, жеңсем жеңгеним, жеңилсем өлермен. Қолдан келсе, абырайлы болып, елиме оннан соң барайын. Күшим жетпесе, әжелим қалмақтан болса, усы жерде жоқ болайын, — деп Айпаршаны бир таўдың панайына қойып, батырлық салтанатын тутып, тулпарға тажна шегип, есабы жоқ қалмаққа Мәспатша атты қояды.

— Ол Бухардың бир базары Ордазы,
Сәҳәр ўақта шығар бүлбил ҳаўазы,
Өлип халқым ушын шейит өлейин,
Өлсем кетсем, халқым болсын ыразы.

Елимиздиң бир базары Бухарды,
Зулым қалмақ етти пейили тарды,
Өлсем халқым ушын бунда өлейин,
Жаўдан қашпақ ол бизге намыс-арды.

Узақты жолларым, мәнзилим жырақ,
Ата-анам жүргенди келгей деп жылап,
Бул жаўларды елге алып барғаннан,
Жаўлардың қолында өлген жақсырақ.

Буғып жүрип дәлил таўып жалғаннан,
Арасынан қашып, қорқып қалғаннан,
Өлсем халқым ушын шейит өлейин,
Ярды берип, елге қуры барғаннан.

Ата-анама жүдә жаным ашыйды,
Буғып қалыў ол адамның насыды,
Тириликте елди жаўға бергеннен,
Ел жолында майданда өлген жақсыды.

Бул сөзлерди бир айтып,
Аттың басын оңғарып,
Қалмаққа атлар қояды,
Араласып барады,
Есабы жоқ қалмақтың
Жартысын бөлип алады.
Исфиханы сарыжай,
Шегими катты полаттай,
Тартып атқан мәртлерге,
Мың кисиге болар тай,
Қолына батыр алады,
Бир оғын алып суўырып,
Орап изге шалады,
Баўыры полаттан қатты,
Душпанға дуўрылап тутты,
Қос табанлап Мәспатша,
Кейнине қарап жай тартты.
Ат шапқан жоллар қазылды,
Баўыры жаман жазылды,
Мәрт күшине шыдамай,
Бабаның қыйған жеринен,
Мәспатшаның сарыжайы,
Үш жеринен үзилди.
Ат мойнына тумар тақты,
Ашпай алла ықбал бақты,
Есабы жоқ қалмақлар,
Тум-тусынан хабар тапты.
Қалмақлар қоршап алады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәрт ортада калады,
Белин беккем буўады,
Қазаға ыразы болады,
Қашайын десе жол таппай,
Урысарға жарақ жок,

Мәспатшадай батырдың,
Басына күнлер туўады,
Көзиниң жасын булады,
Шар тәрепке телмирип,
Мәспатша сонда қарады.

Баяғы абайсыз жатқан жерде сарыжайдың гирисин баба қыйғанлықтан, ол үш жеринен үзилди, аўдың ортасында қалды. Мәспатша басқы тапты. Қалмақлар қамап алды.

Айпарша таўдың жырасынан қарап тур еди. Ярының сарыжайына бир ис болғанын билип, Мәспатшаға жаңа қосылған күнинде Айпарша буның надан екенинен хабары бар еди. Бул ислердиң онын ойлап, қыйын-қыстаўда дәркар болар деп, сиңирден гирис шыйратып, батырға билдирмей асырып алып жүрген еди. Сол Айпаршаның ядына түсип, ярының ядына салып, Айпарша бир зат йтып турған кусайды:

— Әрман менен талан болғанды малым,
Бәр нәрсе бар еди саған биймәлим,
Инанбайсаң мениң айтқан сөзиме,
Хаўлықпаңыз, берман қара, султаным.

Айрылмастай думан түсти басыңа,
Паналарға таппай турыпсаң таса,
Инанбайсаң хәр ўақ айтқан сөзиме,
Хаўлықпағыл, берман қара, Мәспатша.

Қашарға жол таппай турсаң ойланып,
Қалар болды мениң бағым байланып,
Хаўлықпағыл, берман қара, Мәспатша.
Шар тәрепиң қалмақ алды айланып.

Буннан бир жыл бурын сәтем алғанман,
Бабаханның ислерине қанғанман,
Батыр жигит ол душпансыз болмас деп,
Көпшигине гирис есип салғанман.

Оннан бери әйне бир жыл өткенди,
Сыртымыздан бәрҳа мени күткенди,
Түрин көрип бир жыл бурын күтиндим,
Тул отаўда сен күйеўлеп жатқанда.

Бизге душпан еди қалмақ көп жылдан,
Бул дүньяда болармекен кеўлим жәм,
Қыйын жерде болып жүрер дәркар деп,
Көпшигине гирис есип салып ем.

Бәхәрде ашылар бағларда әнар,
Кең дүнья көринди бүгин саған тар,
Хаўлықпағыл, берман қара, Мәспатша,
Көпшигинде таллап ескен гирис бар.

Залым душпан ақылымды алар деп,
Қыйын жерде бир нәзерин салар деп,
Көпшигине гирис есип салып ем,
Қыйынлықта ерге дәркар болар деп.

Мениң айтқан сөзлериме қулақ сал,
Кеўилимде кетер болды қыйлы қал,
Хаўлықпағыл, берман қара, Мәспатша,

Сол гиристи сарыжайға тағып ал.
Қыямет сүргини басыма түсти,
Пиримиз хош көрген бе бул исти,
Сен жайыңа гирис тағып алғанша,
Қалмақ пенен мен салайын урысты.

Сол сөзлерди бир айтып,
Айпарша атлар қояды,
Есабы жоқ көп қалмақ,
Апыр-топыр болады.
Мәспатша барып қорғанға,
Жайына гирис тағады,
Мәспатша яры келгенше,
Айпарша урыс салады,
Найзасын алып қолына,
Мәспатша атлар қояды.
Бағының гүлин шайлады,
Қолында қылыш жайнады,
Көргенди хайран әйледи,
Еки батыр қосылып,
Есабы жоқ қалмақты,
Қойдай етип айдады.
Жайға тақты гиристи,
Тастырды жигер ғурыжды,
Қарсыласқан нешшеге,
Аямай тартты қылышты,
Оңғарылғай бул иси,
Қамап турған қалмақ пенен,
Қайтпай салды урысты,
Еки батыр қайнап йошты.
Қара лашын ушар болса,
Қара таўдың басын гөзлер,
Мәрт жигит кирсе урысқа,
Бесин шаншып, онын гөзлер.
Мухаллас ақылдан сасар,
«Ур!» дегенде нәмәрт қашар,
Мәрт шаншар майдан ишинде.
Қайтпай алға жүристи,
Рустемнен де кейин емес,
Мәрттиң қайтпай турысы,
Әлийден де жоқарыды,
Батырлардың жигер-күши,
Бестен, оннан кеседилер,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Исфиҳан жаўҳар қылышы,
Бир-биринен тасқынлаған,
Ашықлардың кеўил йошы,
Урыс салды еки ашық,
Бир яратқан алла досы,
Салғам янлы атылдылар,
Өлген ғәнимлердиң басы.
Нешше мыңдай адам өлди,
Қанға боялдылар лашы.
Қылыш сести шақыр-шуқыр,
Адым урып алға қарап,
Айбатынан Айпаршаның,
Қашты тум-тусына тарап,
Қырғынды майдан ишинде.
Күн тутылып болды думан,
Болды белли ақырзаман,
Қылышынан қырмызы қан,
Төгилди майдан ишинде.
Қанға боялды кең майдан,
Майданды етип тас-талқан,
Қырғынды майдан ишинде.
Өли болған ишер ҳимай,
Қырғын болды үш күн удай,
Жүреги тасқын, кеўили бай,
Ат салды майдан ишинде.
Урыс болды нешше әлўан,
Қаза тапты сан мың палўан,
Аўзы үлкен уллы дүпен,
Атылды майдан ишинде.
Ертеде өткен Салсалдай,
Инсан келмес күшине тай,
Кеўили болмай бир дем жай,
Ат шапты майдан ишинде.
Күл-талқан болды майданлар,
Нешше ерлер кешти жанлар,
Ҳайран болып бул қалмақлар,
Ат шапты майдан ишинде.
Ат мойнына тумар тақты,
Мәртлер ақылынан састы,
Майданда атлар ойнатты,
Талқанлап майдан ишинде.
Қызыл қанлар суўдай ақты,
Нешше адам қырғын тапты.
Мәспатшаның сүргининен,
Ат баўырынан қанлар ақты.
Күн тутылып думан болды.
Белли ақырзаман болды,
Топалаңнан жаман болды,
Батырлардың әтирапы,
Тум-тусынан қамал болды.
Ат баўырынан қан болды,
Зәңгиликтен сел болды,
Адамзаттың өлигинен,
Тас көпир янлы жол болды.
Қалған қалмақлар ойланып,
Басын қосып топарланып,
Қамап алып тумлы-тустан,
Алды қалмақлар айналып.
Нешшениң ақылын алады,
Кейнине қулақ салады,
Қалмақлардың көплиги,
Арадан үш күн өткенде,
Қылыштан қалған қалмақлар,
Серпилип кейин қайтады.

Аламанның көплиги, ат болып дабыл қақпады, батырға сапар жақпады. Арадан үш күн өткенде алдындағы басшылары зордан хабар табады. Хабар таўып, қалмақлар кейнине айналып жетти. Тум-тустан атлар шапты. Батырларға қастын тикти. Алды-артын қурсап алды. Батырлар ортада қалды. Қалмақлар таўды қопарды, айландырып тас қала салды. Ақырзаман болды. Көргенлер ҳайран қалды. Майданға шыға алмай, бир-бирине бата алмай, ортада еки батыр тас қорғанды ойып алды. Әтирапқа көзин салып, бирим-бирим қараўыл турып, жети күн еки ашық гезекпе-гезек уйқылап алды. Тоғыз күн арадан өткенде Мәспатша азық-аўқатты ада етти. Батырға бата алмай, қалмақлар қурсап жата берди. Оныншы күни Мәспатша сәҳәр ўақтында жатса уйқысы келмей, отырып парахаты болмай, қуйқасы жуўлап, етине қалтыратпа тийип, өзинен-өзи ҳаўлығып, тәселле берип, «узын жастың ушы өлим, қыймылдаған жанларға ақыры келер бир өлим, ҳаўлықпа кеўлим, негизинде бул жатысым болмас» деп, ыңыранып жайдан турады. Әйне таңның алдында Мәнжүн атына минип, исфиҳаны қылышын қолына алып, бедеў атын ойнатып, полаттан суўлық шайнатып, сом жүрегин қайнатып, Мәспатша тас қорғаннан шығып, тасқаланың аўзына қарап аш жолбарыстай ыңыранып, сом темирге қурсанып, тасқаланың аўзына қарап мынаны айтып турған усайды:

— Қурылсын ақлы шатырлар,
Келди қайсар батыр ер,
Сизиң менен танысайық,
Келиң данқлы қайсарлар.

*Кетпесин душпанда арың,*
Келди излеген қандарың,
Ашың жолымды тезден,
Келиң қалмақтың сәрдары.

Көрсет бизге, ойының қанша?
Бар ма түрли дәрдиң басқа?
Аш дәрўазаңды, қалмақлар,
Келди қандарың Мәспатша.

Ат ойнатқан бәлент дағлар,
Саўаш көрсем кеўлим хағлар,
Келди қандарың Мәспатша,
Келиң мында, бас болғанлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизге туўры хабарласың,
Тезден мынаў жолды ашың,
Бизиң менен қарсылассаң,
Геўдеңизден кетер басың.

Хабарлас бизге жолбасшың,
Бизиң менен қарсылассаң,
Көзиңнен ағар қанлы жасың,
Ерегиссең, келлеғар,
Көшелерде қалар лашың,
Керек болса шийрин жан,
Алдымнан мениң аўлақ қашың.

Сол сөзлерди бир айтып,
Аттың жалын тарады,
Нәзер етип Мәспатша,
Дәрўазаға қарады.

Шын ашықлар бағдан гия тереди,
Көп қалмақлар лалаўласып ереди,
Бир қалмақтың лалаўлаған сестине,
Таўлар гүмбирлеп саза береди.

Ат ойнатып жолдың майдан-пәстине,
Таң қалғандай ала бедеў астында,
Таўлар гүмбирлесип саза береди,
Лалаўлаған бир қалмақтың сестине.

Еситип оны Мәспатша,
Аңлай-аңлай қараса,
Бойлары бар минардай,
Қоллары бар шынардай,
Геўдесине қарасаң,
Алпыс жаслы әнардай,
Аяқлары маладай,
Пәнжелери дәндандай,
Қыял етип қарасаң,
Қулағы бар қалқандай,
Маңлайына қарасаң,
Алатаўдың диңиндей,
Мурынына қарасаң,
Көгершинниң ининдей,
Көкирегиниң жүнлери,
Мәлши қойдың жүниндей,
Аўзын көрсең урадай,
Көзлериниң уясы,
Таўлардағы жырадай,
Сақалының бийнеси,
Шуқырға питкен сорадай,
Айбатына қарасаң,
Сапар айдың ишинде,
Туўры келген бәледей,
Бир қалмақ киятыр.
Көзине көринди айбаты,
Мәспатша сонда қараса,
Түсинде көрген ала атлы,
Анық көрди Мәспатша,
Қашайын десе болмады,
Қарап турыў болмады,
Айпарша айтқан сөзи бар,
Қәдди бойы қалтырап,
Қанасына сыймайды,
Жүреги тасқын, кеўли бай,
Төрт түлиги сайма-сай,
Тартып атқан ерлерге,
Шегими қатты полаттай,
Исфиҳаны сарыжай,
Мәрт қолына алады,
Бир оғын алып суўырып,
Орап изге шалады.
Қалмақы ердиң қасы деп,
Тап жүректен басы деп,
Жан шығарың усы деп,
Қоса өкпениң тусы деп,
Жигер күшин пәрманлап,
Бөктергиге бой таслап,
Туўры нийетти баслап,
Жүреги тасып, ҳалласлап,
Күшин салып табанлап,
Дәўди байлап атады.
Қарап турса Мәспатша,
Мысалы таўға тийгендей,
Жоқса тасқа тийгендей,
Мәрттиң атқан оқлары,
Сес берип изге қайтады.
Оқ өтпесин биледи,
Күшин зейни иледи,
Әрманлығы батырдың,
Жүрек-бағрын тиледи.
Қарағай найза қалтырап,
Жеккелик келип албырап,
Дуўлығасы жалтырап,
Ыңыранып батыр жуўырды.
Дәл қасына барады,
Керилип найза урады,
Тастан қатты денеси,
Адам батып болар ма,
Заңғардың пешанасына?
Шақ келе алмай найзасы,
Билегиниң күшине,
Тасқа тийген секилли,
Тап уңғыдан сынады.
Бизден себил қалдың деп,
Оны атып таслады,
Ақ балдақтан услады,
Қынапқа салса қылт еткен,
Суўырып алса жылт еткен,
Қәҳәрленсе тас кескен,
Қарқаралы бас кескен,
Сегиз батпан ақ алмас,
Силтеген жерде жан қалмас,
Қолына батыр алады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шабалмасам маған шәрт,
Кеспей қалсаң шәрт деп,
Дәўге семсер урады.
Мысал тасқа тийгендей,
Ҳәр жеринен кетилди,
Бизден себил қалдың деп,
Оны да атып таслады.
Батырдан нәўбет өтеди,
Қарап турың, досларым,
Дәўге нәўбет жетеди,
Батырға қарап не деди:

— Оттай көзиң жайнайсаң,
Өзинди бизге тайлайсаң,
Бунша айбат шегесең,
Мени ким деп билесең?
Ҳәй, қурымсақ, қурымсақ,
Шығыннан шыққан ер деди,
Мингеним Алагер деди,
Ҳәддиң болса, қурымсақ,
Беррегирек кел деди.
Мениң ойыным көр деди,
Қарсы турып алыссақ,
Боларсаң қара жер деди.
Тилимди алсаң, бәтшағар,
Қара геллең бар саўға,
Кел, еркинди бер деди,
Айпарша атлы ярыңды,
Өз қолыңнан бер деди.
Сен өлген менен жер толмас,
Пешше қурлы қаның болмас,
Өмиринше қасымда,
Кеседар бол да жүр деди.
Алалмассаң намыс-ар,
Ойласаң, саған дүнья тар,
Жаў-жарағың тасла да,
Түс алдыма, бәтшағар.

Мәспатша сонда сөйледи:

— Ат басындай сом жүрек,
Меннен саған сөз керек,
Лап урасаң соншама,
Аңлап сөйле, бәдирек!
Ойлама сөзимди гүман,
Басыңнан айрылмас думан,
Аңлап сөз айт, бәдирек!
Мениң менен алыссаң,
Боларсаң жер менен жексен,
Болар саған дүнья зиндан,
Өзиңнен басқаны кем деме,
Бийорын сөзлер сөйлеме,
Айбат шекпе, бәтшағар!
Өлим сениң қолыңда ма?
Елим жырақ, жолым алыс,
Мен алдыңа келдим қалыс,
Бунша неге бад урасаң,
Ҳәддиң болса, кел алыс!

Қалмақ сонда не дейди:

— Сөзлеримде жоқ ялған,
Жолыңда мен интизарман,
Айпаршаға қарыйдарман,
Өлмеймен деп қылма гүман,
Қәҳәриме мине қойсам,
Саған туўар ақырзаман,
Ыңыранып амутты урсам,
Боларсаң жер менен жексен.
Ҳаслы-затым сорасаң,
Алатаўды жайлаған,
Он сегиз мың әскердиң,
Барлығына бас болған,
Алаңғасар палўанман.
Таныймысаң ағаңды,
Қыламысаң тобаңды,
Көрсет, заңғар, налаңды,
Шақыр аллатааланды,
Ҳәддиң болса берман кел,
Мен көрейин шамаңды, — деп,
Батырлардың пири Салсал,
Тийген жериң қылар дал-дал,
Он бес батпан гүржи паррал,
Дәў қолына алады.
Көк желкениң тусы деп,
Әлилилла ўәлий деп,
Мәспатшадай батырға,
Ыңыранып амуд урады.
Қайрыла берип қаймыға,
Мәспатша қалқан тутады,
Қалқанға амуд тийгенде,
Жылдырым киби от шықты,
Таў гүмбирлеп сес берди,
Бендеден қорқпай жүр еди,
Мәспатшадай батырдың,
Шийрин жаны сескенди.
Қәҳәр менен умтылды,
Денеси оттай жайнады,
Бар ғайратын салады,
Қолындағы амутын,
Мәспатша жулып алады,
Дәл төбениң үсти деп,
Қайырып дәўге урады.
Дәў де қалқан тутады,
Қалқанға амуд тийгенде,
Дәўдиң бели бүгилди,
Қолындағы қалқаны,
Төрт парра болып бөлинди,
Сай-сайынан сөгилди,
Мыйықлары шашылып,
Бәри жерге төгилди.
Бир-бирине урады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарсыласып турады,
Екеўиниң ғайраты,
Тең келеди де турады,
Ала алмай бир-бирин,
Ҳайран болып турады.
Жаў-жарақты таслады,
Тазадан өнер баслады,
Бир-бирине ат қойып,
Жағадан беккем услады,
Еки батыр қарсыласып,
Ат үстинен алысты,
Жағаға қоллар салысты,
Атлардың басы қағысты,
Мәртлик пенен таныстьі,
Атлардың бели майысты.
Ат шаўып таўдың пәстине,
Таўлар саза береди,
Ыңыранған сестине,
Қара жерлер солқылдап,
Еки батыр күшине,
Қайтпай ғайрат салады,
Қолдан келсе бир-бирин,
Өлтириўдиң кастында,
Астындағы бедеўлер,
Дизесинен ғарқ болады,
Қара тастың үстине.
Жығалмады бир-бирин,
Еслеринен танады,
Ақылы ҳайран болады,
Атлардан жерге түседи,
Саўытларын шешеди,
Бирин-бири өлтириўге,
Жанларынан кешеди.

Бирин-бири қорқытып,
Кейин-кейин шегинип,
Айбат шегип жуўырды,
Бир-бирине батырлар,
Аш жолбарыстай пәнже урды,
Бир-бирине ҳәмел қурды,
Еки батыр айқасты,
Қара буўрадай ғайзасты,
Аш жолбарыстай шайқасты,
Қарсыласып, жағаласып,
Айбат шегип қушақласты.
Кейин-кейин шегинип,
Қошқар киби тасласты,
Аш жолбарыстай ыңыранып,
Жарылған муздай гүңиренип,
Батырлар жанбас урысты,
Кәр етпеди бир-бирине.
Таўдай болып урады,
Усылайынша батырлар,
Үш күн гүрес салады,
Буны көрген қалмақлар,
Айбатына баталмай,
Тум-тусына тарады,
Екеўиниң гүресине,
Тәсийин қалып турады.
Бирин-бири ала алмай,
Шерин олар тарқаталмай,
Ҳайран болып турады,
Екеўиниң ғайраты,
Тең келеди турады,
Бирин-бири алалмай,
Еки батыр жарасып,
Изли-излине қайтады.

Әне батырлар әўел атысып, кейин шабысып, кейнинен айқасып, жығыса алмай, ҳайран болып, шамаларын сынап көрип, өзинен-өзи тарқасты. Ала атлы қалмақ:

— Ал, жора бир-биримиздиң шамамызды көрдик, ҳалымызды билдик, ҳарыдық. Енди үш күн дем алайық, төртинши күни азанда ҳәр ким бар күшин жыйып, усы жерге келип, қайтадан гүрес салайық, оннан соң не болсақ болайық, — деп, қосына қайтады. Мәспатша тас қорғанына бул да қайтты. Мәспатша қорғанына барып, дәўдиң сиясатынан қатты қорқты. Адамға билдирмей, куптан ўақта атына минип, қурал-күшин жыйып, Айпаршаны изине ертип, ата журтым Бухар деп жолға рәўана болды.

Ала атлы қалмақты ким деп сорасаң, таўларды еткен тас-талқан, Бабахан гүзарда қойған, Алатаўды жайлаған, лақабы оның Ала атлы, атын сорасаң Алаңғасар Қарабет деген екен. Айпарша Бабаханды өлтирген соң, халқы орнына қусбеги Оразалы деген инисин хан көтерген еди. Хан Алаңғасар дәўге хат жоллайды. Хатта Мәспатшаның хабарын, Бабаханды өлтиргенин, журттың ўайран болғанын билдиреди. Мәспатшаның кейнинен қуўыўды, қолдан келсе, Айпаршаны қолға түсириўди өтинеди. Сол хабарды алып, Алаңғасар әскери менен Мәспатшаның изинен қуўып баратырғандағы ушырасқаны екен.

Алаңғасар Қарабет қосына барып үш күн демин алып, уйқысын қандырып, төртиленши күни сәскеде атына жем берип, амутты кесе өңгерип, қалқанын белине байлап, Мәспатшаға таярланып, гүрес жайына келди, песинге дейин қарады. Мәспатша келмеди. Дәў асығып, «бул не тапты екен» деп әсте басып аңлап, қулағын салып тыңлап, тас қорғанға барып қараса, Мәспатша жоқ. От орнындай қазылған еки бедеўдиң изин көрди, қашып кеткенин билди. Ҳайран болып турса, бес жүз атлы менен Оразалы патша бул да келди. Ала атлы қапа болып, өзиниң әскерин қоя берип, ханнан төрт жүз атлы қосшы алып, Мәспатшаның кейнинен қуўмаға майыл болады.

Ақылы ҳайран болады,
Иши дәртке толады,

Мәспатшаның кейнинен,
Қуўмаға майыл болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәлент таўлары пәс болып,
Күлмейди ўақты хош болып,
Мәспатшаны қуўмаға,
Атланды дейди Ала атлы,
Ләшкерлерге бас болып.
Атқа тақты сәдапты,
Айпаршаның жолында,
Жүрек-баўыры кәбапты,
Сол ўақытта Ала атлы,
Патшадан алып жуўапты.
Толтырып садақ буўады,
Кеўилин қызға бурады,
Мәспатшаны қуўады,
Таў-тасларда турмас пәти,
Жаўды басқан салтанаты,
Мәспатшаның кейнинен,
Сапар етти ала атлы.
Бедеўди жолға салады,
Изин қуўып Мәспатшаның,
Ала атлы сегбир қылады,
Талқан етип таўларды,
Ҳәр жерге жетер пәрманы,
Денесине сыймайды,
Көкирегинде әрманы.
Басына күнлер туўады,
Ала аттың терлери,
Жердиң бетин жуўады,
Күн ярым күн қуўса да,
Жете алмай ҳайран болады.
Үш күн тамам қуўады,
Жете алмай ҳайран болады,
Төрт күни жүзи толғанда,
Төрт жүз атлы қалмақтың,
Үш жүзи қалды болдырып,
Жүзи жолдас болады,
Бес күн жүзи толғанда,
Жүз атлы қалмақтан
Еллиси жолдас болады,
Алтыланшы күнинде,
Тәнхә өзи қуўады,
Аты шапқан таўдың қыяғы,
Тасқа тийсе қызады.
Ала атының аяғы.
*Тас төбеге алыпты,*
Қайшылап еки қулағын,
*Аттың жоны қызған соң,*
Пәрманлап урды туяғын,
Тартты жерлердиң танабын,
Алдына қарап елеслеп,
Тартты майдан алабын,
Оқ жыландай жылыслап,
Керип таслап қәдемин,
Ылғал етти жәниўар,
Айпаршаның жолында,
Сарп етип тәнинде жанын,
Ҳайран болып ала атлы,
Табалмай излеп қандарын.
Ат жуплығын дүзеди,
Жетиленши күнинде,
Сай сүйеги қызады,
Туяғы тийген тасларды,
Талқан етип бузады,
Керип таслап аяғын,
Қуўдай мойнын созады,
Тыныш таппай аяғы,
Тебингиси тозады,
Көрине ме қарасы деп,
Жән-жаққа мойнын созады,
Суўлыққа таслап урынып,
Жибер деп суўлық сүзеди,
Ушқан қуслардан озады.
Сегизинши күнинде,
Керип баўырын жазады,
Гөне терден айығып,
Шықты терлер тазадан,
Жай тасындай жайнады,
Гәўҳардай көзи жайнады,
Тулпар екен дәў аты,
Жилўа таслап ойнады.
Ылғал етип майданда,
Сегиз күн сегбир қылады,
Шашырап күнлер шығады,
Аттың жалын тарады,
Ала аты күнге жарады,
Алдына дәў қараса,
Бағының гүли солыпты,
Болмас ислер болыпты,
Узақ сегбирге шыдамай,
Мәспатшаға ере алмай,
Сандал аты болдырып,
Айпаршадай айымы,
Адасып таўда қалыпты.
Ат шаўып таўдың пәстине,
Шыдамай жолдың дәстине,
Оянады Айпарша,
Ала атлы қалмақтың,
Лалаўлаған сестине.
Қалыпты белли сарсаңға,
*Мәспатшаға ере алмай,*
Қалған екен майданда,
Ала атлы қалмақ сестине,
Оянады Айпарша.
Жән-жақтан серлеп қараса,
*Бийиклиги ғаў екен,*
Адамның белли жаўы екен,
Адасқан жери Айпаршаның,
Тарналы деген таў екен.
Қара шашын тарайды,
Көзиниң жасын булайды,
Жол таба алмай Айпарша,
Таўға қарап жылайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бәрхакдур туўры динимиз,
Қалдым жолды таба алмай,
Жолға сал Юсип-Зилийха.
Гуманды басымның саўы,
Қалмады қалмақтың жаўы,
Жол таппай сенде адастым,
Жолға сал Тарналы таўы.
Ақ жүзлеримде барды кал,
Қалды таланда дүнья-мал,
Әрман менен мен адастым,
Патпа пиримиз жолға сал.
Ғарға бар ма, зағлар бар ма,
Атың халыққа мәлим Тарна,
Айпарша сенде адасты,
Сизлерден бийик таў бар ма.

Сол сөзлерди бир айтып,
Налыс қылды Айпарша.
Байлаған белге потасы,
Қолламады Айпаршаны,
Сыйынған ата-бабасы.
Бәлент-бийик таўдың тасы,
Айра түсти жолдасы,
Жылай берди Айпарша,
Қабыл болмай көз жасы.
Жылап турса таўларда,
Келди қасына Ала атлы,
Қайрылмады Айпаршаға,
Өте берди лалаўлап,
Мәспатшаны қуўады,
Сол ўақтында Мәспатша,
Тоғыз күн сегбир қылады,
Атларға терлер қатады,
Майданда ылғал етеди,
Мезгилли жеген от-жем жоқ,
Он қамшыны урғанда,
Астындағы Мәнжүн ат,
Омыраўын көтерип,
Зорға-зорға жортады.
Нардай бели бүгилди,
Қанлы жас көзден төгилди,
Мезгилли жеген от-жем жоқ,
Көтере алмай омыраўын,
Қыяқ тастың үстине,
Пардақ таслап жығылды.
Өте алмай Тарнаның таўын,
Керип жаза алмай омыраўын,
Мезгилли жеген от-жем жоқ,
Алға басып жүре алмай,
Омыраўын көтере алмай,
Дәрманы қурып денеден,
Ҳайран болды Мәспатша,
Орнынан аты тура алмай.
Мурат-мақсети болмады,
Кейнинен душпан қалмады,
Дәрманы кетип жонынан,
Ат жайынан тура алмады.
Тура алмасын биледи,
Ақылы ҳайран болады,
Аттың жалын тарады,
Ақ найзаға сүйенип,
Шар тәрепке қарады.

Мәспатша аттың тура алмасын билди, жүзлери гүлдей солды. Жүреги суўлады, ат басындай сом жүрек сарайында туўлады. Енеғардың қалмағы, өлгенше буны аўлады. Мәспатша атты қоя берип, бәлент таўдың үстине жуўырып шығып, жән-жаққа қарады. Ала атлы қалмақ жақын келген екен. Оны көрип, сарыжайын қолына алып, бир таўдың басына жуўырып шықты. Ала атлы қалмақ қасына келе алмады, сарыжайын қолға алып, ол да бир таўдың басына жуўырып шықты. Екеўи бир-бирине оқ атты, бир-бирине кәр етпеди.

Бир мәҳәл Мәспатшаның қолына оқ илинбеди. Байқас етип қараса, оғы таўсылған екен. Мәспатша атарға оқ табалмай, қашарға жол табалмай, басына күн туўды. Ол турып қыял етти: — Бул қалмақ сырымды алса, оғымның таўсылғанын билсе, әлбетте, маған үстем болады, болса-болмаса да өлемен, денемде жан барында саўытларымды шешсем, жалаң аяқ, тақыяшаң, көйлекшең болып алсам, қылышты қолыма алсам, дәўдиң кейнине түссем, кейнинен жетсем, жағасынан алсам, жамбас салсам, я өлтирсем, я өлсем, — деген жедел пайда болады. Сол links ислерди бәржайлап, қылышын қолына алып, хақ деп дәўдиң кейнине түсти.

Ала атлы қалмақ ҳийлепаз адам еди, таўды айналып келип қашты. Бир күн қуўды, жете алмады. Мәспатша ҳарыды, аяғын тасқа алдырды, өзи де болдырды. Он еки күн тамақ ишпеген адамда дәрман болсын ба, өзи де аштан өлер болды. Мәрттиң ядына нан түсип еди, шалқасынан жығылғанын билмей-ақ қалды. Белден мәдет, дизден қуўат кетти. Батыр орнынан тура алмады.

Ала атлы қалмақ Мәспатшаның жығылғанын көрди. Садағында жети оғы бар екен, Мәспатшаның жети тәрепинен байлап атты. Мәспатшаның жети жеринен оқ өтти. Ала атлы қалмақ қасына бармаға қорқты, өзи турып қыял етти: — Бул заңғар менен жети күн атыстым, оғым өтпейди, шапсам, қылышым кеспейди, үш күн айқасып күшим жетпейди. Буның қасына барсам, ол жорта жатырған болса, орнынан ырғып турса, жағамнан алса, хақ деп жамбас салса, өзим ҳарып турғанда ығбалы меннен зор болса, белимнен тарақы алып, таўға урса, ҳалым қыйын болар, әрман менен ишим толар, жети оқ анық тийген болса, өзи-ақ өлип қалар. Маған кереги Айпарша ғой, оны алып ертерек

www.ziyouz.com kutubxonasi

кеткеним жақсы болар, — дейди. Жанына жантаспай, Мәнжүн аттың қасына келип, атты орнына турғызып, жаў-жарағын бөктергиге бәнт етип, ат қосарға алып, келген изи менен қайта берди.

Тарналының таўында жол таппай, бәлент таўдың басына минип, Айпарша жән-жаққа көз салып қарап турса, көз ушында елеслеп киятырған Ала атлы қалмақты көрди. Қосардағы Мәнжүн атты таныды. Мәспатшаның өлгенин билип, Айпарша зар жылап, атқа қарап бир зат айтып тур:

*— Мен оқыған пешенемде барды хат,*
*Ярымнан айрылып болдым биймурат,*
*Үстиндеги ийең қайда тасладың,*
Бүгин бизден айрылдың ба, Мәнжүн ат?

Кимлер келип ким кетпеген бул жайға,
Ҳеш опа бермедиң сен пәний дүнья,
Айналайын көзгенеңнен Мәнжүн ат,
Өмирлик жолдасым, ийеңиз қайда?

Нешше жыллар алдымда жол басладың,
Ақыбети қумар көзим жасладың,
Тилиң болса сөйле-сөйле, жәниўар,
Үстинде ийенди қайда тасладың?

Мойныңызда сулыў қара жалың бар,
Нашар едим, аямады бирубар,
Ийеңиздиң қалған жерден хабар бер,
Тилиң болса сөйле-сөйле, жәниўар.

Залым қалмақ бизге қәҳәрин салды.
Ғапыллықта бизиң оңайды алды,
Тилиң болса сөйле-сөйле, жәниўар,
Қостарым Мәспатша қай жерде қалды?

Аға-иниси жоқ арын алмаққа,
Ҳаслым нашар, елин излеп бармаққа,
Өлген болса жан қостарым Мәспатша,
Бенде болып қалар болдым қалмақта.

Жылай-жылай еки көзим гөр болып,
Арқам жапқан қара шашлар жүн болып,
*Үстинде ийенди қайда тасладың?*
*Қалар болдым қалмақларда тул болып.*

Сен едиң көзимниң гәўхар қырағым,
Енди кимлер болар ҳалдан сорарым,
Өлген болса жан қостарым Мәспатша,
Бүгин сөнди мениң жанған шырағым.

Қарсы душпанлардан арын алмады,
Аман-есен өз елине бармады,
Ықласымнан өнип, өзимнен туўып,
От жағар кейнинде нышан қалмады.

Атасының ар-намысын алғандай,
Достына-душпанға нәзер салғандай,
Ықласымнан өнип, өзимнен туўып,
Сонғылыққа атына ийе болғандай.

Ат ойнатып таўдың майдан-тасына,
Залым қалмақ қайғы салды басына,
Сол таўларда жылап турса Айпарша,
Елли атлы қалмақ келди қасына.

Қалмақ келип тартып қолын байлады,
Азап берип сийнелерин дағлады,
Көрген түси келип бүгин алдына,
Кейинине бенде етип айдады.

Бедеў шомылыпты таза терлерге,
Ишин толып қайғы-әрман шерлерге,
Айпаршаны алдына салып айдап,
Келди дейди патша қалған жерлерге.

## VI БАП

Ат шомылып терлерге,
Жеткерип ерди жерине,
Ырза болмай Айпарша,
Сыйынған кәмбил пирлерге,
Әрман менен айырылып,
Мәспатшадай еринен,
Гүдер үзип сәўер ярдан,
Мийри қанып көп қайғыдан,
Себепсиз шықпай шийрин жан,
Иши толы қайғы әрман,
Келди дейди Айпарша,
Оразалы патша қалған жерлерге.

Қалмақ Айпаршаны бенде етип алып келди. Патша ўақты хош болды. Ала атлыға ырза болды. Мәспатшадан өшин алды. Үш күн байрам берди. Ақылгөйлерин жыйнады, мәсләҳәт салды. Оразалы патша турып

— «Аға өлсе, жеңге мураз, аты өлсе, саўыты мураз» деген, ағамнан қалған жеңгем еди, Айпаршаны өзим аламан, — деди.

Онда Ала атлы:

— Ўәй, заңғардың баласы, есиктен келе сала төр меники дейсен, мийнетин ким көрсе, рәҳәтин сол көреди. Мәспатша менен нешше күн атыстым, нешше күн гүрестим, нешше күн қуўдым, ақырында

www.ziyouz.com kutubxonasi

өлтирдим. Билегимниң зорынан, қылышымның күшинен Айпарша бул жерге келип тур, әлбетте, Айпаршаны мен аламан, — деди.

Еки жақ тартыс болып, әскерлерин бөлип алып, үш күн урыс салды. Адам өлди, қан төгилди, бийгүна гелле кесилди, өз-өзи қырғын болды. Сол ўақта еки жақтың ақылгөйи жәм болып, хан менен дәўди ортаға алып былай деди:

— Ҳа, енеғардың уллары, бәриң қалмақтың әўлады, бир қурымсақтың қатыны ушын бунша урыс салдың, сонша жаныңды қырып алдың, сонша қанның бәри екеўиңиздиң мойынына қалды. Әўели, Мәспатша жети жыл соңына түсти, ақырында өлди. Екинши, Бабахан өлгенше ашық болды, оның да басына жетти. Үшинши, Шәрдене бабаның да басына жетти, соларға не опа көрсетти? Қайсыңызға опа берер дейсең, тилимди алсаңыз, буған ҳеш қайсысыңыз кеўил қоспаң. Еки қолын байлап, сийнелерин дағлап, пияда ат алдында айдап қалмақтың елине апарың, қолына уллы шуўал бериң, аштан өлместей, өзек талмастай тамақ берилсин, нанның күйиги, жарманың суйығы — тамағы сол болсын. Изине адам салып, ел ишине айдап жибериң. Күнде нәўбети менен бир үйге тезек төгилсин. Өлсе бир өлип қалар, өмири азап пенен өтсин, — деди.

Сол сөз ҳәммеге мақул түсти. Айпаршаның қолларын бәнтлеп, Сандал атты, Мәнжүн атты қуралы менен олжа етип, патша бас болып қаласына айдап қайтты. Аланғасар Қарабет әскерин ертип, Алатаўға ол да қайтты. Оразалы патша журтына барып, қаласына Айпаршаны айдап жиберип, соңынан баклаўшы қойды. Қаласына жар салды: «Айпаршадан ҳәрким бир қап тезегинди талап ет, оған ҳәрким мийирманлық етсең, жантассаң, аяп, жақсы тамақ берсең, өзиң өлимдар, малын талан. Тамағына жарманың суйығын, нанның күйигин бер», деди.

Әне, Айпарша күни менен тезек терип, кеште бир үйден жарып-жарымас тамақ жеп, алғәрез, усы ҳалда тоғыз ай арадан өтти.

Еки ашық Еренлер бағында он бес күн дәўран сүргенде Айпаршаның бойына ҳәмиле пайда болған еди. Туўар ўақты болды, саатлы ўақты толды. Айпарша тезек терип жүрип толғатты, Айпаршаға қайғы болды. «Ул туўсам, ериме мегзер еди, қыз туўсам, өзиме мегзер еди, туўғанымды қалмақ сезсе, тұқымымды жая ма, мени аяп қояма, балларымды қолымнан алса, көз алдымда шалса, бурынғы дәртим дәрт пе, тоғыз есе дәрт жамалады» деп жылады. Кешке жақын толғақ қатты қыстап, таўдың арасына барып туўайын, ғарға-қузғын жемесин деп, Айпарша ылағып баратырса, уллы жатар ўағында бир таўдың геўеги дус келди. Сол жерге кирип толғатты, ай менен күндей бир ул туўды, кейнинен бир қыз туўды. Жанға сездирмей, аўзына тас басып, кешке келип емизип жүре берди. Бир күни, белли жеген тамақ жоқ, емизейин десе, емшектен сүт шықпайды, балалар аштан өлер болды. Айпарша балларының өлерин билип, таўдың геўегинде әрманын айтып жылап отыр:

— Ашыққа жарасқан талма бойларым,
Себил қалды кийген ҳасыл тонларым,
Жыласаң да емшегимде нәрсе жоқ,
Көзде жасым қабыл болғай, балларым.

Табалмадым туўры жолдың жырағын,
Қайлардан табарман атаң дәрегин,
Жыласам да емшегимде нәрсе жоқ,
Көз жасыңыз қабыл болғай, шырағым.

Халық еткен жаўдырғай саған рәҳметин,
Келермекен қайтып кеткен дәўлетим,
Жылаған менен бул емшекте нәрсе жоқ,
Көз жасыңыз қабыл болғай, перзентим.

Атаң өлип, енең қалды бунда тул,
Бири оңға турар зәкатлы пулдың,
Жылаған менен емшегимде нәрсе жоқ,
Көз жасыңыз қабыл болғай, қулыным.

Шадлы хабар табылмай тур атаңнан,
Өлгенинше қәўендериң, панаңман,
Жыласаң да саған берер сүтим жоқ,
Халық әйлеген хабар алғай ҳалымнан.

Жүрегимде қалды түрли әрманым,
Басыма айналып келгей дәўраным,
Жыласаң да сизге берер сүтим жоқ,
Көз жасыңыз қабыл болғай, дәрманым.

Баян етсем, Айпаршаның ўаспыны,
Ядқа алып жылар сүйген достыны,
Қабыл болып нәрестениң көз жасы,
Бийбипатпа берди ҳәр түрли жақты.

Тени балқып, кеўлин қуўаныш жайлап,
Қорғасындай балқып тени қайнады,
Қабыл болды нәрестениң көз жасы,
Жетимниң ҳаққына дуўа әйледи.

Кеўили әрманлы, жүреги дағлы,
Гүнасыз муңлының ашылды бахты,
Қабыл болып жетимлердиң көз жасы,
Айпаршаның төси булақ боп ақты.

Қара шашын бестен таллап түйеди,
Ашылады ҳәмме ағза жүйеси,
Қабыл болып нәрестениң көз жасы,
Еки емшеги булақ болып ийеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғайыбана бир тәрептен күш келди,
Мәртликке ылайық буўынды белди,
Қабыл болып нәрестениң көз жасы,
Ғайыптан Айпаршаға толы сүт келди.

Нешше жыллар қыйынлыққа көндирди,
Қапа кеўлин қуўанышқа толтырды,
Қатып қалған денесине сүт енип,
Қуўаныш пенен балларын тойдырды.

Нешше жыллар мәкан еткен дүзинен,
Қыйынлықта сепкил басқан жүзинен,
Қуўаныш пенен балаларын тойдырып,
Қайғы кетти Айпаршаның өзинен.

Әне, Айпарша балаларын емизип, кеўлин жәмлеп, балаларды қорғанға таслап, күнде кеште бир емизип, адамға сездирмей, балларды үш жасына келтирди. Бир күни Айпарша балларына келсе, баллар жоқ, шығып кетипти. Әтирапты қыдырып жүрсе, еки бала майданда бирин-бири тас пенен урып, қызыл қан болып, екеўи еки жерде шаршап уйқылап қалған екен. Балаларды арқалап апарып жатқызды. Аўзына тас басып кетти. Ертеңине барса, балалар тасты ылақтырып шығып кетипти. Ол күни адам көтере алмастай нәҳән тасты басты. Ертеңине келсе, оны оннан да арыға таслап кетипти. «Буны сақлаў қыйын болған екен» деп, қайғыда зар жылап, кешке бир қап тезегин арқалап, Айпарша бир үйге кирип барса, сары қарын кейўаны болған, көргенниң кеўли толған, шашларына ақ енген, бир сыны келген ҳаял орнынан өрре турып, Айпаршаның мойнынан қушақлап, Айпаршаға қарап бир зат айтып тур:

*— Қабыл болар шын бенденин көз жасы,*
Мен жылайман дийдарыңды көргенше,
Мендей апаң жамалыңнан айналсын,
Аманбысаң, жаным сиңлим Айпарша.

Шырағым, кеўлинди қуўаныш жайласын,
Душпанлардың зығырданы қайнасын,
Аманбысаң, жаным сиңлим Айпарша,
Мендей апаң жамалыңнан айналсын.

Дийдарыңды шынтлап көрдим мен бүгин,
Арамызға суўық салмағай шуғыл,
Мендей апаң жамалыңнан айналсын,
Аманбысаң, қаналасым, жан сиңлим.

Шапқан бедеў айрылмай ма шоғынан,
Кеўлим ўайран қостарсыздың дағынан,
Аманбасаң, жаным сиңлим Айпарша,
Ким қәўендер сениң ашыў-тоғыңнан.

Бенде болып түсип едим Тамадан,
Түр-түсиңди мен аңлайман шамадан,
Аманбысаң, жаным сиңлим Айпарша,
Ғайыбана сыртыңнан биз мийирман.

Гүмистен питилген тилла саз едим,
Өз елимде мерекеге саз едим,
Ҳаслымды, сиңлим, мен саған айтайын,
Қуланлыда көп Таманың қызы едим.

Қазан урып солған бағым гүлине,
Зулым душпан ўайран салды денеме,
Атамның лақабы Разыбек-тама,
Бенде болып түстим қалмақ елине.

Әрманым көп бенделиктиң дағынан,
Залым қалмақ қара салды бағыма,
Аманбысаң, жаным сиңлим Айпарша,
Өлгенимше хабардарман ҳалыңнан.

Айпаршаның қуўанышы қойнына сыймады. Шықпас жанға далалат табылды, абырайы жабылды, жылап жүрген Айпаршаға белли қостар табылды. Иси раўаж табылып, минген аты шабылды. Апасына сырын айтып шағынды. Басын ийип зар жылап, апасына жалынды.

-Апа, қай жыллары келип едиң?

Сонда апасы:

— Қуланлы таўында Разыбек тама дегенниң қызы Қаракөз дейтуғын мен едим. Отарда мал бағып отырған жеримнен қалмақтың жалатайы олжа етип әкелип, бир қалмақтың ат сейисине сатқан еди. Мениң ерим Мәспатшаның урысында өлип еди. Еримнен болған, өзимнен туўған жигирма бес жасар, жигирма үш жасар еки балам бар. Ҳәзир бир балам усы қалада дәрўазаман, бир балам патшаның ғәзийнешиси, — деди.

Айпарша ишинен қуўанып:

— «Жолы болар жигиттиң, жеңгеси шығар алдынан» дегендей, сапарым оңынан болар, шын апам шықтың, жасырын бир сырым бар, кисиге айтпай жүрген, — деди.

— Айт, шырағым.

— Мәспатшадан қалған еки балам бар, апа, таўдың арасында сақлап, ҳәзир төрт жасына қарады. Аяғы, тили шықты. Сақламақ қыйынырақ болып тур. Мийирманшылық етип, қатарға қосып берсең, апа, — деп жылады.

— Болады, алып кел, — деди ҳаял.

Уллы жатар ўағында Айпарша таўға барып, еки баланы алып келди. Апасы балалардың тамағын

www.ziyouz.com kutubxonasi

тойдырып, жасырып жайға салып, сыртынан қулып урды.

Азанда Айпарша талабына кетти. Сол күни қалмақтың базары еди. Шынмашын шәҳәринен есапсыз саўдагер қалаға толды. Базар қызған ўақытта дағы-дашлар гүмбирлеп саза берди. Майданда өскен адамның балалар сестин еситип, жүреги ҳәўлирип үркип, қапыларды жулып таслап, екеўи көшеге шықты. Көшедеги қалмақтың балаларын услап алып, бирин-бирине урып өлтире берди. Көшеде жүрген пашшаплар буны көрип, еки баланы услап алып, улды Мәспатшаға, қызды Айпаршаға мегзетип, ханның алдына алып келди. Балаларды қаралап бир зат айтып тур:

— Таўларында қалың питкен қубатал,
Мәрт жигиттиң минген аты қаражал,
Бесалты аўыз сөзимиз бар, айтайық,
Пашшабыңның бул сөзине қулақ сал.

Аўзынан түскендей сөйлеген сөзи,
Жүзлери алмадай, наркистей көзи,
Туттым шәҳәриңизде еки жас бала,
Нәзер салсам, Мәспатшаның дәл өзи.

Таўына жарасқан қатара қайың,
Ержетсе алады халқыңның айын,
Айтатуғын қорқынышлы сөзим бар,
Қулақ салың, әдалатлы патшайым.

Баянласам сөзлеримниң тәкбирин,
Жүзге тай келгендей оның ҳәр бири,
Туттым шәҳәриңизден еки жас бала,
Мәспатшаға мегзетемен рәңин.

Тура айбат шекти мениң өзиме,
Көзиң түссе, таң қаларсаң көзине,
Көргенимди, тақсыр, баян етейин,
Аныклап қулақ сал айтқан сөзиме.

Ат шаптырмас таўдың бәлент қыяғы,
Ялған емес, Мәспатшаның туяғы,
Туттым шәҳәриңизден еки жас бала,
Айпаршаға мегзер қыздың сыяғы.

Базар күни бағда ашылған лаласын,
Қалмақ бузған оның мурат қаласын,
Шыққыр көзим егер шыққан болмаса,
Көрдим Мәспатшаның еки баласын.

Саўғаға тилесең, бермес жаныңды,
Талқан қылар сениң дүнья-малыңды,
Жетимеклер шәҳәринде ержетсе,
Алмай қоймас атасының қаныны.

Аңлап турман көрип әрманлы дәртин,
Қыял етсем, және артқан мийнетин,
Шыққыр көзим егер шыққан болмаса,
Нағыз Мәспатшаның еки перзенти.

Айтқан сөзлериме қулақ салыңыз,
Қыял етсем, қыйын, тақсыр, ҳалыңыз,
Егер айтқан сөзге инанбасаңыз,
Шақырып алып туўры нәзер салыңыз.

Патша қулақ салды, бул сөз жанын алды. «Туўры сөз жансызға жан береди» деген. Пашшаплардың сөзин қабыл алды, патша есинен танды. «Тезден көзиме көрсетпей асың!» деп, жәлладларға буйрық берди.

— Мәспатшаның атын еситпесин қулағым, тезден дарға асып жоқ қылың, ҳеш жерге шығарман сөзин, — деди.

Бул сөзди еситип жәлладлар еки баланың мойнына шынжыр салып, жанын отқа жағып, қалың жығынды қақ айырып, балаларды айдап, дар түбине алып барып, дарға тартайын деп атыр.

Қаракөз мама кешқурын майданға шығып, балаларға тамақ бермекши болып, жайына нәзер салса, бузылып атыр. Мама қыял етти: «Ақшам Айпарша менен танысқанымды қалмақтың жансызлары сезген екен-аў. Хан жасаўыл жиберип, жайды бузып, балаларды дарға асқан екен, болмас ис болған екен, баллар қолдан кеткен екен. Султан сүйегин қорламас, қолдан келгенше бар ғайратымды салайын, балаларымды өлтирсе, сүйегин алып қайтайын» деп мама жуўырысы менен патшаның сарайына барды. Дардың түбинде есапсыз жығынды көрди. Жақынлап барса, дардың түбинде балалардан не деп дыбыс шығып атыр:

— Рейим етпей көзден аққан жасыма,
Пәлек зәҳәр салды ишер асыма,
Әрман болды, көкирегиме дәрт болды,
Ата-анам жоқ жуўырып келер қасыма,

Қанлы шынжыр түсти бүгин мойныма,
Залым қалмақ ўайран салды ойыныма,
Жуўырып келер я атам жоқ, анам жоқ,
Әрман менен шын пайманам толдыма ма?

Ат шабылған жолдың майдан пәстине,
Аңламастан түстим душпан дәстине,
Әрман менен өтер болдым дүньядан,
Тайынландым қанлы дардың астына.

Қайда кеттиң атам менен сорлы анам,
Қанлы дарға қайымланды сор балаң,
Әрманым көп, ата-анамды көрмедим,
Әрман менен толар болды пайманам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир көре алмай болар болдық биз ада,
Жолларында қурбан едик, биз пидә,
Әрман болды, жүрегимде дәрт болды,
Балларыңнан болар болдыңыз жуда.

Үйрек ойнап, ғаз жүзбеди көлимде,
Қалмақ қалай тапты бизге өлимди,
Қайда кеттиң мийирманым, жан анам,
Өлер болдым залым душпан қолында.

Ашылмаған бәхәр бағда лаламды,
Залым душпан бузар болды қаламды,
Әрман менен өтер болдым дүньядан,
Бир көре алмай қалдым ғәрип анамды.

Ержетпедим, бир шағыма жетпедим,
Он бес пенен он алтыдан өтпедим,
Әрман менен өтер болдым дүньядан,
Таўда қалған жан анама жетпедим.

Туўып едим нағыз ата-анадан,
Батырлар ат шабар мәнзил қыядан,
Сорлы анамның дийдарын бир көре алмай,
Әрман менен өтер болдым дүньядан.

Шығар болды бүгин тәннен дәрманлар,
Кемалға келгели көрмей бир жандар,
Ата-анама бир күн хызмет қыла алмай,
Көкирегимде кетти түрли әрманлар.

Алыс пенен жақынымды билалмай,
Душпанға, достыма нәзер салалмай,
Әрман менен өтер болдым дүньядан,
Ата-анама бир күн хызмет қылалмай.

Айтқан сөзин мама турып тыңлады,
Перзенти ушын жанын пидә қылады,
Балалардың даўысын еситип мама,
Ғәрип мама ортаға өзин урады.

Еситеди мама айтқан сөзини,
Қанлы жасы жуўа берди көзини,
Балалардың айтқан сөзин тыңлады,
Урды мама дар түбине өзини.

— Кеше -күндиз мен жылайман зар-зар,
Кимлер болар ҳалымыздан кәўендер,
Не себептен мойныңа арқан саласаң?
Босат шынжырыңды, залым пашшаплар.

Атадан ул туўар деппең қыялсыз,
Мениң балам шәҳәриңе зыянсыз,
Не себепли мойныңа арқан саласаң?
Шынжырыңды босат, залым-иймансыз.

Ойласаңыз, пәний дүнья жалғандай,
Еситкенде айтқан сөзлер инанғандай,
Жетимниң мойнына арқан салыпсаң,
Ханыңның мүлкине талан салғандай.

Ханыңызға дүзиў пикири-санам,
Зорлығыңды көрип, бузылды қанам,
Жетимниң мойнына арқан салыпсаң,
Ҳаслы-затын сорасаң өзимниң балам.

Жәлладларға мама ойқан салады,
Дабылын еситкен қайыл қалады,
Жетимлердиң қолларынан жетелеп,
Патшаның алдына алып барады.

— Патша-ханым, қулақ салың сөзиме,
Шыдамайман зорлығыңа, ойыныңа,
Баламның мойнынан арқанды босат,
Балам ушын өлтир мени орнына.

Қулақ салың толы журттың ағасы,
Ҳаслы қалмақ, түби тийкар сағасы,
Баламның мойынынан арқаныңды босат,
Бул балларды туўған өзим — анасы.

Бул шашымды әрман менен тарайман,
Өлтирсеңиз, мен әрманда жылайман,
Балам сениң қандай толыңды төкти,
Мен гүнайын дәлил менен сорайман.

Әне, Оразалы:

— Ҳа, мама, гәпиңди түсиндирип айт! -деди.

Сонда мама:

— Қуллық, ҳәмириңизге ырза болдық, биз сизге пуқарамыз, басында ерки жоқ бахтықарамыз, айтқаныңа турамыз, жөнсиз болса, мойнымызға аламыз. Бизлер жақын жеңгең боламыз, қыял етсең, қашық емес арамыз, исенген туўымыз, сенсең панамыз. Мениң ерим ағаңыз Бабахан патшаның иниси ҳәм ат сейиси еди. Кисим Мәспатшаның урысында өлди. Қырық жасымда тул қалдым. Бойымда үш айлық ҳәмиле қалды. Күним питип егиз — бир ул, бир қыз туўған едим. Атасына усап шоқ болды. Жесир ҳалыма балларды сақламақ мүшкил болды. Төрттен беске қарады. Патшалыққа керек болар деп таза сақлап отыр едим, көшеге ойнап шығыпты. Еки бала менен төбелесте пашшапларың зорлық етип, жала жаўып, апарып дарға асайын деп атыр. Сол ушын алдыңа келип турман, — деди.

Мақул сөзге не қарыў, патша турып:

— Ҳа, мама, «Мәспатшадан қалған баллар» деген сөз бенен апарып ас деген өзим еди. Ол өз

www.ziyouz.com kutubxonasi

нәсилимизден болса, сен туўған болсаң, сөзлериң анық болса, патшалыққа таптырмайтуғын бала, ол балаларды таза сақла. Өз баламыз болатуғын болса, оны дүньяға келтиргениңизге мың рахмет, оның азық-аўқаты, кийим-кеншеги патшалықтан болсын, күнде жүз баланы өлтирсе де қан-қуны сораўсыз болсын, -деп патша қуўанып, қолына жарлық хат берди. Хан хатты мамаға услатты. Мама балларды өлимнен қутқарып алып, қолларынан жетелеп алып қайтты. Патшалықтан кийим кийдирип, нан жеп, кеўилин өсирип сақлап отыра берди мама. Усы ҳалда бес жыл өтти, балалар он жасына шықты.

* * *

Бухарада Әбдикәрим бай баласы Мәспатшаның жолына тоғыз жыл қарады. Мәспатшадан хабар болмады. Бай қыял етти: — Баламнан ҳеш хабар болмады, мәгар өлген шығар, тири адамнан тоғыз жылға дейин бир хабар болса керек, — деп, Әбдикәрим бай ел-халқын жыйнап, кеўилин түрли дәрт жайлап, жолына топарлы мал байлап, жақсы нийетти баслап, тири болса — тойы, өлсе — садақасы деп, қырық жан сойдырып тарқатты. Ақылгөй, кәтқуда уламаларын шақырып, кеўлиндеги әрманын баянлап, зар-зар жылап, «жанымды пидә етейин, тәўекел, жалғызымды излеп кетейин, жалғыздың жолына жанды сапар етейин, халқымнан сораў-саят салып, дерегин сорастырайын» деп, халықтан рухсат сорап, Әбдикәрим бай бир зат айтып турған усайды:

— Ишимди күйдирди бир отлы жалын,
Мениң арзыў-ҳалым хәммеге мәлим,
Айтайын, досларым, ишки сырымды,
Айтқан сөзлериме қулағың салың.

Мәспатша улымдур, қуйрық-қанатым,
Қартайғанда неге жетер ғайратым,
Ишки сырым сизге баян етейин,
Арзымды есит, ағайиним-елатым.

Яранларым, еситиңлер бул зарым,
Әрман менен сынды еки қанатым,
Өлген болса жалғыз улым Мәспатша,
Ийесиз қалғанды төрт түлик малым.

Қартайғанда қыйнап шыбын жанымды,
Сенлерге айтайын арзыў-ҳалымды,
Өлген болса жалғыз улым Мәспатша,
Үлесиңиз себил дүнья-малымды.

Қартайғанда қанатымнан қайрылдым,
Бир жуўырмай туяғымнан майрылдым,
Жасым жетип әйне өлер шағымда,
Жер таянып жалғызымнан айрылдым.

Ялғаншыда бир қосылып туралмай,
Айбатында шалқып дәўран сүралмай,
Жалғыздан айрылып, жерлер таяндым,
Мийрим қанып бир дийдарын көралмай.

Ойлап турсам, елим қалды султансыз,
Лалазар бағларым қалды мийўасыз,
Өлген болса жалғыз улым Мәспатша,
Малы-әшиям орны қалды нышансыз.

Ойлай-ойлай басым болды мийесиз,
Шешилмеди түйиниминң шийеси,
Өлген болса жалғыз улым Мәспатша,
Алты түлик малым қалды ийесиз.

Қурысын, дүньяны талақ етейин,
Жолында жанымды пидә етейин,
Үлесиңлер менин дүнья-малымды,
Тәўекел, баламды излеп кетейин.

Сонда елатындағы кәтқудалар мәсләҳәт етип, халқында аты шыққан батыр, палўан жигитлеринен қырық жигит таўып, Әбдикәрим байдың қасына қосты. Бай қырық жигитке бас болып, жалғызын излеп жолға рәўан болды. Мәспатшаны излеп кетип баратыр.

Атқа тақты садапты,
Жүрек-бағры кәбапты,
Ели-халқы жыйналып,
Ғаррыға берди жуўапты.
Батырлар гезер қыяда,
Ҳасыллар өсер уяда,
Ели- халқы жыйналып,
Байға берди пәтия.
Мәртликке белин байлады,
Өлимге өзин тайлады,
Жалғызым деп зар жылап,
Бир тәўекел әйледи.
Атларды жолға салады,
Ғаррылық ақылын алады,
Қырық жигитке бас болып,
Бир тәўекел қылады.
Баўыры қара тас болып,
Көзи толы жас болып,
Тәўекел етип жол тартты,
Қырық жигитке бас болып.
Сапар етти бай баба,
Минип қара жорғаға,
Қақтырып бедеўге таға,
Қырық жигитке бас болып,
Сапар етти майданда.
Ойласам, бул дүнья паный,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Талақ етип дүньяны,
Сапар етти бай баба,
Қыдырмақ болып Мәспатшаны.
— Мен дүньяны нетейин,
Бәршесин талақ етейин,
Жалғызым кеткен жерлерге,
Еңбеклесем де жетейин.
Жүрек бағрын дағ етип,
Көздиң жасын сел етип,
Сапар тартып баратыр,
Мәспатша деп яд етип.
Ат шомылып терлерге,
Иши толы бабаның,
Қайғылы әрман-шерлерге,
Он бес күн сегбир тартады,
Ада болмас шөллерде.
Қазанлы астай қайнатып,
Қолында қылыш жайнатып,
Бедеў атты ойнатып,
Күни-түни сегбир қағып,
Таўдан кийик қулан атып,
Сегбир етти жигирма күн,
Шаршаған жерлерде жатып.
Жалғызым деп етти талап,
Жүрек-баўыры болды кәбап,
Шөллерде кетип баратыр,
Жалғызым деп зар жылап.
Аттың жалын өреди,
Аш болғанда бедеў атлар,
Таўлардан селеў тереди,
Сегбир тартып майданда,
Отыз күн жоллар жүреди.
Салып өзлерин сарсаңға,
Ғазап етип ғарры жанға,
Отыз күн сегбир тартады,
Қус ушпас қыя майданда.
Бедеўлер жүдеп арыпты,
Шөллерде қатып зорықты,
Дерек таппай жалғыздан,
Отыз күн сегбир тартыпты.
Жүрек-баўыры болып қан,
Себепсиз шықпай тәнде жан,
Ҳайран болып баратыр,
Дерек таппай жалғыздан.
Ашылмай бағда лаласын,
Талқанлап мәнзил-қаласын,
*Сораў салып баратыр,*
Ҳеш жерден таппай баласын.
Қара көзлерин жаслады,
Бендеден қорқып саспады,
Жалғызым деп зар жылап,
Қыйын жоллардан баслады.
Отыз бес күн жол жүрип,
Жети таўдан асады,
Гөйистан менен Арғында,
Сарысуў менен Қарғында,
Асқар таўдан асып өтти,
Отыз алты күн толғанда.
Қарағай найза өңгерди,
Жумысын баба меңгерди,
Таўлардан атын желдирди,
Дерек таппай жалғыздан,
Қырық күн қылды сегбирди.
Ат шаўып таўдың пәстине,
Ким шыдар мәрттиң дәстине,
Қырық күн жүзи толғанда,
Әйне песин болғанда,
Шықты дейди бай баба ,
Сарытаўдың үстине.
Аттың жалын тарады,
Дерек таппай жалғыздан,
Кемислик тартып жылады,
Бәлент таўдың үстинде,
Төрт тәрепке қарады.
Атқа қумар тақпады,
Ғаррыға сапар жақпады,
Сорасқандай жөн-жосақ,
Жанлы жандар таппады.
Ақылы ҳайран болады,
Бай жүрерге гүзар жоқ,
*Қайғыларға кеўли тоқ,*
Сарғайып ғарры солады,
Мойнын созып қараса,
Бәлент таўдың баўырында,
Қайнап аққан бир булақ,
Алдынан пайда болады.

Әбдикәрим бай адамлары менен булақтың бойында жата берди. Булақтан ат суўлап, талып барған адамлар бир күн мийман болды. Әйне песинде атланайын деп турса, таўлардан асып бир үйир жылқы булақта пайда болды. Әбдикәрим бай ҳайран болып қарап турса, қурдай көзи қызарған, қуўдай басы ағарған, ғаррылық ҳалына барған, ўақты жақын келген, ғарры байталдың белине минген, қурығын ийнине салған, арқанын белине шалған ақ сақаллы баба жылқының кейнинен пайда болды. Еки ғарры бир-бирине жақынласып тәңир сәлем берди. Жылқышы ғарры бабадан жол болсын сорап, бир нәрсе айтып тур:

— Уламалар сақлар қураны-кәлам,
Көрмедим дүньяда сениңдей адам,
Қартайғанда қырық жигитке бас болып,
Ғарры баба, бердик тәңири сәлем.
Өз кеўлиңе болдың қырыққа басма-бас,
Мәҳәлинен өткен сизиң, бизиң жас,
Қартайғанда қырық жигитке бас болып,
Жолың болсын, қайда жүрдиң сақаллас?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолларына жарақ алып тақланып,
Әреби атқа минип жолға шақланып,
Ғарры баба, сапарыңыз оң болсын,
Қайда жүрдиң картайғанда атланып?

Әрман менен қара бағрың даш болып,
Ҳарып-шаршап атың, өзиң аш болып,
Жаның қыйнап қайда жүрдиң, сақаллас,
Картайғанда қырық жигитке бас болып?

Жалтаңлайсаң бәлент таўдың дағында,
Бүлбүллер сайрасар жәннет бағында,
Картайғанда бунша жаныңды қыйнап,
Жасың жетип әйне өлер шағында.

Атланыпсаң жигитлериңди жыйнап,
Қыял менен түрли мақсетти ойлап,
Барар жериң баян етиң, сақаллас,
Қайда жүрдиң ғарры жаныңды қыйнап?

Бул мәканлар нешше батыр жүрген жер,
Қартайғанда адам улы қайғы жер,
Картайғанда қырық жигитке бас болып,
Бул ҳалыңда неге болдың талапкер?

Ат кекилин әрман менен тарайсаң,
Жетпис бесте не мүшкилге жарайсаң?
Жоқшымысаң, дәртлимисең? Хабар бер,
Мойның созып ҳәр таўларға қарайсаң.

Мусылман билермен ҳаслы-затыңды,
Қуўғыншыға мегзетемен пәтиңди,
Картайғанда сапар тартып шығыпсаң,
Айтып кетиң, ким дийдилер атыңды?

Мақсетиң табылып, кеўлиң шад болсын,
Ҳәр ким жаман болса, жүзлери солсын,
Жол сораспақ бурынғыдан қалған жол,
Айып көрме, ғарры баба, жол болсын.

Сонда жылқышының сөзине Әбдикәрим бай арланып, тереңнен қатты ойланып, кеўлин әрманлар дағлап, ғәрип кеўлин шағлап, ғаррыдан баласын сорап, зар жылап бир зат айтып тур:

— Кисиниң қолында кеткенди арым,
Талқан еттим жат еллердиң гүзарын,
Ҳаслымды мен саған баян етейин,
Бизди сорсаң, Бухараның сәрдары.

Ашылмаған бағда гүлдей соламыз,
Ҳайранлық дағынан бизлер жанамыз,
Ҳаслымыз биз дин мусылман халқынан,
Жоқ қыдырған биз бир жоқшы боламыз.

Картайғанда ақлы-ҳуўшым болды лал,
Қапалықтан тарқатқанман дүнья-мал,
Әрманымды сизге баян етейин,
Сөзлеримди қуп тыңлаңыз, қулақ сал.

Дос болсаңыз, тыңла мениң бул зарым,
Жалғызым жойылып, кетти мәдарым,
Усы быйыл тоғыз жылдың толғаны,
Әрманда қашырдым алғыр сунқарым.

Жалғыз еди алданшығым, саўлатым,
Пәлек ўайран етти кеўилдиң шадын,
Усы быйыл тоғыз жылдың толғаны,
Жалғызым жойылып, сынды қанатым.

Қартайғанда толып-тасып жүралмай,
Душпаннан мақсетли өшим алалмай,
Тоғыз жыл толғаны, жалғызды жойттым,
Сергизданман бир дийдарын көралмай.

Астында бар еди Мәнжун көк ақша,
Быйыл толды әйне отыз бир жасқа,
Жалғызымның атын саған айтайын,
Бухарада султан туўған Мәспатша.

Еситтиң бе дағазаны жеринде,
Таўлы-таслы, я шөлинде, көлинде,
Көрсең-билсең хабар айтың, жылқышы,
Ондай бала келген жоқ па елиңе?

Өз алдына батыр дөреткен алла,
Яр жолында ой-пикири ҳәм сана,
Көрсең-билсең хабарын айт, жылқышы,
Келген жоқ па сол бийнеде бир бала?

Белине байлаған зерли потасы,
Жаман өтти жалғызымның жапасы,
Лақабымды сорсаң — Әбдикәрим бай,
Ғайып болған Мәспатшаның атасы.

Туўған жери Қуланлының сайы еди,
Алты түлик малға кеўли жай еди,
Жылқышының атын ким деп сорасаң
Шын қудасы Лабақбайдың өзи еди.

Лабақбай еситип байдың сөзини,
Қанлы жасы жуўа берди көзини,
Қыяметлик қудасын ол таныйды,
Қара жерге таслай берди өзини.

Саўаш болса, батыр атар кәмбил жай,
Сизди бизге дуўшар етти бир қудай,
Қыяметлик қудасын ол таныйды,
Қол қаўсырып сәлем берди Лабақбай.

*Хабар сорап бир-бириниң ҳалынан,*
Кереги табылды гүзар жолынан,
Аттан түсип еки қуда сол жерде,
Қушақласып алыстылар қолынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қайрауға байлаған жекке ғазымды,
Отырғанда сыр бермеген назымды,
Әйне жети жылда Мәспатша келди,
Алып еди Айпарша атлы қызымды.

Қос найзаға жумыры екен билеги,
Кеше-күндиз сауаш екен тилеги,
Мәспатшаға берип едим қызымды,
Сениң балаң болып еди күйеўим.

Нәсиятласам, айтқанымды қылмады,
Дүнья-малға ҳасла нәзер салмады,
Қызыма бағышлап ақ отаў сазлап,
Басшы-қосшы, қырық нар берсем, алмады,

Мәспатшажан айтқанына көндирди,
Алдында болажақ исти билдирди,
Қабыл еттим балларымның тилегин,
Айпаршаны Сандал атқа миндирдим.

Бөктергиге саўыт, қалқанды арттым,
Айпаршаның жаў-жарағын сайлаттым,
Балаңызға Айпаршаны бағышлап,
Жети жыл болды, перзентлерди узаттым.

Айпаршамды ертип едим артына,
Талап етип Алатаўдың сыртына,
Әйне быйыл жети жылдың толғаны,
Мәспатшажан кетип еди журтына.

Минип алып Мәнжүн аттың белине,
Жалғызымды ертип едим кейнине,
Усы быйыл жети жылдың толғаны,
Мәспатшажан кетип еди елине.

Қазан урып бағда гүли солғаны,
Әжел жетип, пайманасы толғаны,
Усы күнге шекем балаң бармаса,
Перзентлерим жаўдан шейит болғаны.

*Еки қуда сол жерде танысып, саў-саламат сорасып, Лабақбай қудасын аўылына ертип барып, мийман алып, атларын байлатып, төрлерден төсек сайлатты. Қой семизин сойдырды, алдына гелле қойдырды. Бир ақшам мийман алып, бала-шағасы менен танысып, Лабақбай басынан өткен ислерди қудасына баянлап:*

— Мәспатшаға Айпаршаны узаттым, еки жыл елимде болды. Қызымды узатарда ақ пәтия берип, жолға жолға салдым. Жаў-жарақ берип узаттым. Жүз қараға қызыма Сандал ат алып берип, қызыма миндирип жибердим. Қызымнан айырылып сергиздан болып, ҳәзим жоқ. Малға кеўлим тоқ, перзентсизликтиң дәртинен ҳәзим жоқ. Жети жылдан бери өзимди-өзим жубатып, таўдың арасында жылқы бағып жүрген ҳалым бар. Перзентимнен айырылып, тек шықпаған жаным бар. Болмас servicesислер болғанды, елиңе балаң бармаса, еки бирдей шырағыма бир қәтердиң болғаны, залым Бабахан ҳайранлық салғаны, бизлерге дүнья зиндан болғаны. Бабахан әзелден маған қас еди, — деп, Лабақбай жылап, тәғдирге ыразы болды. Қудасына еңсе тон жаўып, қолынан атландырып, өзи алдына жол баслап, Шынмашынның гүзарына салып, жылап булар зар-зар, перзентлерин көре алмай, қол алысып айырылысты еки қуда.

Лабақбай изине қайтты. Әбдикәрим тәңирге тәўекел қылып, қырық жигитке бас болып, жети күн жол жүрди. Қалмақтың бәндирги таўына барды. Таўдың басына шығып, төрт тәрепке қарады. Есабы жоқ, шаң басып қалған өлимтиктиң сүлдерин көрди. Әбдикәрим баласының өлигин излеп, ҳәр сүйекти аўдарып жылап жүрген усайды:

— Ашылмаған бағда бәҳәр лалам деп,
Сен кеткен соң себил қалды қалам деп,
Ҳәр сүйекти бир қушақлап жылап жүр,
Әрман менен дүзде қалған балам деп.

Ашылмаған бәҳәр бағында гүлим,
Кимлерден жетискен сизлерге зулым,
Ҳәр сүйектен бир қушақлап жылап жүр,
Әрман менен дүзде қалған қулыным.

Шапқан бедеўлерден шығар қара тер,
Саған қастын тиккен екен қандай ер,
Өликлерди талқан етип излеп жүр,
Жалғызымның ат ойнатқан жери, деп.

Қыйналса бедеўден шығар қара тер,
Жан атаңа болғаның жоқ гүнакар,
Бир көрмеге зар боп атаңыз келди,
Қайдасаң жалғызым, маған саза бер.

Минип бедеў дағыстанда желгенди,
Адамзаттың көрмегенин көргенди,
Қайдасаң жан балам, маған саза бер,
Сорлы болған атаң излеп келгенди.

Астыңа минип ең сайлап Мәнжүн ат,
Пешененде бар еди ғой бир дыққат,
Бар болсаң, жалғызым, маған саза бер,
Даўысыңды еситип, қылайын мурат.

Аралап көп жүрди баба қармады,
Әжел жетип сорлы атаң өлмеди,
Бир күн тинтти соншa жатқан сүйекти,
Ҳеш бир жерде ҳасла дерек болмады.

Жаз айында шалқып туўған жалғызым,
Халық ишинде жарасықлы қундызым,
Сорлы атаң бир көрмеге зар болды,
Қаяқтасаң Мәспатша атлы жалғызым?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Узақ жолға бедеў атлар шаппады,
Әбдикәрим байға сапар жақпады,
Азаннан кешкеше сергиздан болып,
Перзентининң сүйегин ҳеш таппады.

Әне, Әбдикәрим бай қыял етти: — Ықлас пенен атын айтып шақырсам да, нышан табылмады. Балам бул жайда жоқ шығар, балам усы дүньяда тири екен, бир жерде басын паналап жүрген шығар. Тәўекел, усы қырық жигитти таўдың бир жырасына таслайын, ҳасыл кийимлерди таслап, басыма гүла кийип, ийниме жәнде асайын, қолға ҳаса алып, темирден геўиш кийип, ала қоржын салайын, белгили қәлендер болып, қалмақтың қаласына барайын. Ҳақлайын, еки адам бас қосса, қулағымды қойып тыңлайын. Бул заманда адамлар жақсыдан гәп урады. Бир жерден болмаса бир жерден баламнын өлисин, я тирисин табарман, — деп, дийўана кийимлерин кийип, қолына ҳаса алып, қырық жигитти таслап, Әбдикәрим бай жолға рәўана болды.

Сол кеткеннен кетти, ертеңине песинде қалмақтың қаласына жетти. Қалаға кирип, бәлент көше, пәс көшелерди аралап, жалғызының дәртинен есик қоймай барып, ҳүў-ҳақ деп кетип баратырса, алдынан бир қап тезек арқалаған, кейнинде еки баласы бар ҳаялдың кетип баратырғанын көреди. Балалардың түрин көрип, көзине оттай басылды. Кейнинде танап ярым жерде ғарры бара берди. Ҳаял бир сәрҳаўыздың бойында иркилди. Әнардың саясында бир бөлек қалмақтың кәнизи тандырға нан жаўып атырғанын көрди. Буларға жақын келип, ҳаял бир тислем нан сорап, бир сөз айтып тур:

— Жаратыпты бизди ҳақ,
Сүймеген бенде болар тақ,
Нан сораған қәлендермен,
Қәўендер, қостар бизде жоқ.

Көлден айрылған сонаман,
Гә тутасып, гә жанаман,
Дийўанаға қайыр қылың,
Мен мүсәпир дийўанаман.

Шаппай желмей майрылған,
Жез қанатынан қайрылған,
Мен мүсәпир дийўанаман,
Қостары өлип, тул қалған.

Аты сүринип майрылған,
Қос қанатынан қайрылған,
Мүсәпир бизлер дийўана,
Жалғыз қостардан айрылған.

Басыма түскен бул servislер,
Қалды бурынғы жүрислер,
Дийўанаға қайыр қылың,
Тандыр басында бийбишлер.

Душпан жүзлерим солдырған,
Қайғы-ҳәсиретке қандырған,
Мен мүсәпир дийўанаман,
Ҳақ бағына қара шалған.

Әреби атлар жолды гөзлер,
Шешен жигит әдил сөзлер,
Дийўанаға қайыр қылың,
Тандыр басында кәнизлер.

Бүлбилим ушқан гүлимнен,
Қарар таппай жан-тәнимнен,
Мүсәпирмен, дийўанаман,
Бул пәлектен шәддесинен.

Сонда Әбдикәрим бай нашардың сөзин еситип, сөз мысалынан, сулыўлық нышанасынан, изиндеги балаларды Мәспатшаға мегзетип, аяғын ғаз-ғаз басып барды жанына жақынласып. Ҳаслын сорап көрейин, тили қайсы журттан, дини қайсы журттан хабар берер екен деп , Айпаршаның ҳаслын сорап Әбдикәрим бай не жуўап айтады:

— Кеўлиң ашық лалазар,
Себеп пен болдым дуўшар,
Көзиме ысық көриндиң,
Қайсы журттансаң, нашар?

Байланған аққан булағың,
Жоқ па белгили турағың?
Ҳаслыңды сен айтқыл, балам,
Жүзиңде бар қайғы дағың.

Бузылдым айтқан сөзиңе,
Еки балаң бар изиңде,
Қайсы журттан келдиң, нашар?
Кемликтиң дағы жүзиңде.

Көзиңниң жасын булайсаң,
Түрли мақсетлер ойлайсаң,
Ҳаслыңды мен еситейин,
Әрман етип көп жылайсаң.

Топты бузады аттың зоры,
Жүзиңде Патпаның нуры,
Кейниңде бар еки бала,
Қайсы журттан келдиң, муңлы?

Ашылмаған бағда лалаң,
Татаў басқан жигер-санаң,
Қайсы журттан келип едиң,
Ким дейтуғын ата-анаң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр шәҳәрде мәдде қурған,
*Мен бир сайыл жоқ қыдырған,*
Айып көрме, нашар балам,
Сеннен нышан аңлап турман.

Ат шаптың жолдың дүзинде,
Бир нышана бар жүзинде,
Елиң қайда, журтың қайда?
Айып етпе, айт өзиме.

Бул шәҳәр бизге қадаған,
Жолларында жаным қурбан,
Айтып кет, балам, атыңды,
Атаң болсын мың садаған.

*Көрдим пешенеңде хатын,*
*Аңлайман кеўлиңниң дағын,*
Жас басыңнан қайыр сорап,
Не себеп байланды бағың?

Әлийге мегзер айбатың,
Таўда-таста турмас пәтиң,
Ҳаслыңыз қайсы журттан?
Батырға мегзейди сымбатың.

Жылайсаң ҳаққа зар-зар,
Патшаға мегзер түриң бар,
Ишки сырың айтың бизге,
Не себеп болдың гүнакар?

Айпаршаға бул сөз өтип баратыр. Сөзинен тымсал етип, бурылып түрине қарады. Аяғына шарық бүрген, көрингенге алғыс берген, үйме-үй кирген, аўыл қоймай тентиреп, ала қоржын салып, ҳақлап жүрген бир ғарры дийўана. Айпарша қатты қәҳәри келип, бунның менен иси болмай кете берди жөнине. Қәлендер Айпарша қайда барса, бул да қыйсайып сонда пайда болады, изинен қалмайды. Бир мезгилде бир шетке шықты, қәлендер жуўырып изинен жетти. Сол ўақытта Айпаршаның қатты ашыўы келип, изимнен неге қалмайсаң деп, ғаррының зейнине тийип, бир зат айтып тур:

— Қайда барсам сен дарыйсаң,
Неге сөз айтып жанасаң?
Не исиң бар мениң менен?
Қай журттан келген қарыйсаң?

Дәўран өткен бул басымнан,
Бенде болғанман жасымнан,
Не исиң бар, кет жөниңе,
Сандаламай кет қасымнан.

Мәлел саларсаң арама,
Жүзиме туўры қарама,
Кет аўлаққа, тезден жоғал,
Әтирапыма ҳеш жолама.

Табылғай дәртиме даўа,
Болмағайман мен бийнаўа,
Қасымда иркилип турма,
Кет аўлаққа сен дийўана.

Себеп недур? Пәрўанасаң,
Ишиңнен күйип жанасаң,
Жумысың болса, айт иркилмей,
Қайдан келген дийўанасаң?

Қутылғайман мен гүмансыз,
Қалмағай кейним нышансыз,
Жумысыңды айт та, жоғал,
Қайсы журттан келген жансыз?

Сақалыңда көпдур ағын,
Көңлиңде бар түрли дағың,
Жумысыңды айт та, жоғал,
Аўлақ жүргил, сен дозақы.

Белим нәзик, бойым талма,
Кеўлиңдеги дәртиң сол ма?
Изимнен неге қалмайсаң?
Айпаршадан дәмең бар ма?

Айтқыл мақсетли сөзиңди,
Оярман еки көзиңди,
Бул жерде иркилип турма,
Жоқ қыларман өзиңди.

Айтқан сөзлерим жаныса,
Еситсең, билсең, танысаң,
Ҳаслымды сорай берсең,
Атым-муңлы Айпарша.

Жоқдур қорғанарға таса,
Жолдасымнан айрылып,
Аққан көзлеримниң жасы,
Ҳаслымды сорай берсең,
Еримниң атын сорасаң,
Елатына жете алмай,
Әрманда өлген Мәспатша.

Еситип ғарры бул сөзин,
Жаслар жуўды көзини,
Өлген хабарын еситип,
Қара жерге таслады өзин.

Жағасы сел болды көзде жасына,
Айпарша қайғыны салды басына,
Өлимниң хабары суўық бендеге,
Әбдикәрим таслай берди лашыны.

Әрман менен ақша жүзи солады,
Қуўанышлы кеўли дәртке толады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлимниң хабары суўық бендеге,
Оқ тийгенде турған жерден қулады.

Әжел шарабын ишеди,
Кепин тонын пишеди,
Жалғызым деп зар жылап,
Таўсылмас қайғы түседи.
Нардай бели бүгилди,
Қабырғасы сөгилди,
Жер тербентип зарланып,
Жер баўырлап жығылды.
Ақша жүзин солдырды,
Ишин дәртке толтырды,
Жан балам деп зар жылап,
Көздиң жасын булады,
Иштен дебдиў шығарып,
Қулыным деп жылады,
Өзин-өзи ирке алмай,
Ақ теректей қулады,

— Байлаған белиме потам,
Мен кеширдим, болса қатаң,
Сергиздан болдым табалмай,
Излеп келип сорлы атаң.
Бул дүньядан кетипсең,
Әрман менен, жан балам.
Аман елге бармадың,
Аныклап нәзер салмадым,
Қызығыңды бир көрип,
Дийдарыңа тоймадым,
Салтанатың мен көрип,
Мийиримиңе қанбадым,
Өнип-өсип алдымда,
Қызығыңды көрмедим.
Қатарыңа қосылып,
Көз алдымда жүрмедиң,
Бир көрмеге зар болып,
Не екениң билмедим,
Әрманы көп жалғызым,
Көз алдында өлмедим,
Алдында сорлы атаң өлип,
Өз қолың менен қоймадың,
Мақсетиме жетпедим,
Буйырмады ма топырағың,
Кеўлимде кетти әрманым,
Енди не болар пәрманым?!
Қайда қалғаныңды билмей,
Тислеўли кетти бармағым.
Бир көрмеге зар болып,
Тоғыз ай тамам изледим,
Суўық хабарың еситип,
Боз ингендей бозладым,
Балам, сеннен айрылып,
Қәлендер болып хақладым,
Шырынжа түскен пәлектей,
Тамырымнан қуўрадым,

Себил болдым жолыңда,
Жабайы ийттей жаўрадым,
Ҳақ жаратқан бар болсаң,
Әўелин бердиң исимниң,
Соңынан неге алдадың?
Жалғызымнан айырып,
Бунша неге қорладың? — деп,
Баба жылай береди.

Сол ўақлары Айпарша,
Қулағын салып тыңлады,
Ақыллылық пенен аңлады,
Шынасанда перийзат,
Гәп мийзамын барлады,
Нағыз атасы екенин,
Көз жасынан байқады,
Бабаның муңлы сестине,
Қаланың иши жаңлады.
Атасы екенин аңлап,
Жуўырып барып қасына,
Жағалары сел болды,
Көзден аққан жасына,
Айпарша жылай береди,
Нәсият айтып атасына,
Аяғына бас урып,
Айналып игри-дашына,
Нәсият айтып сөйлейди,
Атасына Айпарша:

— Айналайын атажан,
Мен аңладым түриңнен,
Жылай берме қыйналып,
Турың ата, орныңнан.
«Орнында бар оңалар»,
Деген сөз бар бурыннан,
Атажан, сестиң шығарма,
Душпан аңлап сырыңды,
Қалдырмасын жолыңнан,
Жырақ болың, жан ата,
Қалмақлардың торынан,
Қәлендермен, жан ата,
Қалмақ еткен зулымнан,
Мынаў еки нышаның,
Излеп келген балаңнан,
Мен Айпарша келиниң,
Тоғыз жылдың тулыман,
Тоғыз жылдың толғаны,
Айра түстим қулыныңнан.
Шығара көрме сестиңди,
Қолдан келсе, қашайық,
Қалмақлардың журтынан,
Шеккен жәбир жапасы,
Кешир сөздиң қәтесин,
Өлген болса балаңыз,
Кейининде бар ботасы,
Көзиңниң жасын булама,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзинди бүйтип алдырма,
Айтатуғын нәсиятым,
Қайғыланып қыйналма,
Айы жеткен айда өлер,
Өлим ушын жылама,
Күни жеткен күнде өлер,
Күни жеткен қала ма?
Ойлап турсам, жан ата,
Бул ис ойға сыя ма?
Айы, күни питкенди,
Питпегенде өле ме?
Ойланып көр, жан ата,
Айтқан сөзим қәте ме?
Ата, белинди бек байла,
*Өлим ушын жылама,*
Тезирек турың, жан ата,
Қалмақ сезсе бул исти,
Бизди бүйтип қоя ма?
Ақылың болса, алайын,
Сөзиңе қулақ салайын,
Не десең, қайыл болайын,
Нәсият болса аяма.
Бедеўдиң жолын шайлайық,
Ҳақтың еткен исине,
Белди тартып байлайық,
Ақылынды айта бер,
Қалмақлардың журтынан,
Кетпекликти ойлайық.

Әне, бул сөзди еситип, байдың белине пота бууылғандай болды. Жылағанын қойды, тәғдирге ыразы болды. Келини менен танысып, балаларын жумбарлап сүйип, денеде бауыры күйип мың-мың ыразы болды. Сағыў-саламат сорасып, келининен ўақыяны толық еситип, бар күшин жыйып, балларын көрип мәдат пайда болды. Баба ғурыжға минди. Айпаршаның бенде ҳалын еситип, ғарры қапа болып:

— Сени бүйтип тезек тергизип қойғаннан я өлейин, я қалайын, дийдарынды көрдим, ақлығымды сүйдим, елимнен ертип келген қырық палўаным бар, қырық мың жығынға тай. Бәндирги таўында қалды. Мен соған қайтаман. Ертең кешке бас болып қалмақтың қаласына ат саламан, я аламан, я өлемен, сен де қолыңнан келген жәрдемиң болса, тайынлана бер, балам, — деди. Гәпти соған түйип Әбдикәрим бай таўға қайтты.

Бул сөзди еситип, Айпарша қатты қуўанып, жедел пайда болып, кешке дос болған апасының үйине келди. Апасы Айпаршаның жүзине қарап, қуўанышын байқап, бир зат айтып тур:

— Кемалы кейнинде болар кемликтин,
Нелер сезип, қандай хабар еситтиң?
Күндегиден жүзиң жыллы көринди,
Айпаршажан, неге айналып кешиктиң?

Шықпай атып минген атың сүринди,
Кеўилиң шад, апаңызға билинди,
Бурынғыдай емес, қарасам түриң,
Айпаршажан, жүзиң жыллы көринди.

Көп еди, шырағым, ууайым-қайғың,
Аңлап турман, бир нәрсеге жубандың,
Күндегиден бүгин аяғың жеңил,
Айпаршажан, не еситип қуўандың?

Жақсылық-жаманлық қудадан көриң,
Айтқан сөзлеримниң жуўабын бериң,
Кеўлиңде қуўаныш, аяғың жеңил,
Бурынғыдан өзге көринди түриң.

Жасырында бедеў атың желди ме?
Сениң жүрген аўҳалынды билди ме?
Не себептен бүгин аяғың жеңил?
Мәспатша ярыңнан хабар келди ме?

Сейис болған мерекеде ат шабар,
Ықлас еткен бенде мақсетин табар,
Айпаршажан, бүгин аяғың жеңил,
Мәспатшадан еситтиң бе бир хабар?

Бир неше жыл шектиң жесирдиң зарын,
Кетпегей душпанда намыс ҳәм арың,
Күндегиден жүзиң жыллы көринди,
Жүзинде көринди қуўаныш хабары.

Алыстан көринер таўлардың дашы,
Ҳал-жағдай сораспас адамның насы,
Күндегиден бүгин аяғың жеңил,
Тиримекен жан қостарың Мәспатша?

Әрман менен қара шашым тарайман,
Мен жолыңда тилеклеспен, жылайман,
Күндегиден бүгин аяғың жеңил,
Айпаршажан, не еситтиң, сорайман?

Кеўлимде жоқдур мениң гийне, кир
Халықтан асып шыққан сизлер ер,
Қолдан келсе мен де жәрдем беремен,
Апаңызға көргениңнен хабар бер.

Бул сөзди еситип, Айпарша апасының сөзине кеўили хош болып, қуўанғанынан тасып-толып, апасы менен бурынғыдан да дос болды. Кеўлин асырмай, өзин гизнеп тартынбай, еситкен-көргенин жасырмай, кеўилин жәмлеп, батырлыққа өзин тайлап, тәўекелге бел байлап, жүзлери гүл-гүл жайнап, апасын жәрдемге қолайлап, шайырлық пенен сөз байлап, еситкен қуўанышын баянлап, апасынан жәрдем сорап, Айпарша бир сөз айтып тур:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қостарыма жабысқанды жансыз оқ,
Сездиң, апа, шүкир, бүгин кеўлим тоқ,
Қуўанышымды саған баян етейин,
Сеннен басқа сүйенерге қостар жоқ.

Силтесем қылышым өтерлер тастан,
Болар болдық бизлер соңғыға дәстан,
Қулақ салсаң сиңлиңиздиң сөзине,
Көргенди айтайын жасырмай бастан.

Бир неше жыл ақты көзден қызыл қан,
Себеп болдың, шықпай қалды тенде жан,
Көргенимди, апа, баян етейин,
Бизге жоқдур сизден басқа мийирман.

Балларым бағалмай сергиздан болдым,
Аңғарына салдың кең гүзар жолдын,
Әрман менен өтип едим дүньядан,
Шықпас жанымызға себепкер болдың.

Жаўлы күни паналарға панамсаң,
Ойласарым, жигер-туўым, санамсаң,
Туўған ата-енемизден сая жоқ,
Буннан былай туўған ғәрип анамсаң.

Жоқдур, апа, сөзлеримниң ялғаны,
Жалғызын сағынып ҳайран болғаны,
Излеп кепти бүгин мени қайнатам,
Қасында бар атақлы қырық палўаны.

Дәрти көпдур, иши толы қапасты,
Жаман өткен жалғызының жапасы,
Кенегес елинен қырық батыр ертип,
Излеп кепти Мәспатшаның атасы.

Батыр ерлер қурады екен ақ шатыр,
Айтыўы — ҳәр бири бир мыңға татыр,
Ертип кепти Мәспатшаның атасы,
Бизди излеп келди, апа, қырық батыр.

Қабыл болғай бизге берген пәтиян,
Бизлерден тиймегей досларға зыян,
Қалаңызға келди бүгин қырық батыр,
Алдында келипти баслап қайнатам.

Себеп болып бизге жоллар баслап ең,
Ата-бабаң ырза болар ерлериң,
Бүгин кеште қалаңызға ат салар,
Тийгиз, апа, қолдан келсе жәрдемин.

Көп жайлаған өзиң басшы болған жер,
Ғәрип сиңлиң ат-жарақтан қайғы жер,
Жақсылығын зая кетпес, жан апа,
Сандал менен Мәнжүн атты алып бер.

Бул сөзди еситип мама қыял етти.

— Жарайды, талабың оңға айналған екен, исиң алға басқан екен, кеткен дәўлетиң қайтып келген екен, дәўлетиң тасқан екен, жәрдем табылар, — деп кемпир ғарқылдап күлди.

Кемпирдиң Арман, Қараман деген еки улы бар еди. Атасының кәри — өмир бойы Бабаханның ат сейиси еди. Арманның кәри — Оразалы патшаның ат сейиси еди. Қараманың кәри — патшаның ғазнашысы еди. Ақшам қараўыл, күндиз шындаўыл еди. Кемпир еки баласын ҳәм шақырып алды.

— Балларым, шын перзентим болсаң, саған айтар сөз мынаў: сапары оңға басласа, апаң Айпарша бүгин елине сапар тартады. Атасы қырық батыр менен келипти. Бүгин кеште қалмақтың қаласына ат салады. Я өледи, я өлтиреди. Сениң туўысқаншылығың сол болсын, Мәспатшадан түскен Мәнжүн ат ҳәм Сандал атын, барлық қарыў-жарағын, бек саўытын адамға сездирмей қуптанда Айпаршаға тапсырмақтын ғамын ет, — деди. Балаларын қайыл қылды.

Әне, сол күни Айпарша ғамланып, еки баласына түсиндирип, Қаракөз апасы менен ырзаласып, Айпарша бир сөз айтып тур:

— Қыйынлық күнимде қолыңды бердиң,
Бәлки ата-анамнан зыят дуз бердиң,
Еки дүнья шын ықласым жолыңа,
Себеп болып мақсетиме жеткердиң.

Кешиксем, қайғырып жолымды тостың,
Не бир жерде әжел шарабын иштиң,
Хызметиң мойнымда кетип баратыр,
Апажан, сиңлиңди қатарға қостың.

Буннан былай шалқып, толқып-тасарсаң,
Дәўраның өркенлеп, узақ жасарсаң,
Кеўил алған қалый болмас ҳәр жерде,
Қатарыңнан озып алға басарсаң.

Жақсы адам зая болмас ҳәр заман,
Тири болсам, жолында тақ турарман,
Жақсылығың зая кетпес, апажан,
Бул дүньяда сени ырза қыларман.

Шақаларың өсип мудам ен жайғай,
Аман-есен елатыңа дуз тартқай,
Бул дүньяда, апа, сеннен ырзаман,
Меннен хызметиңнин қарыўы қайтқай.

Залым қалмақ сепкил салды жүзиме,
Ҳәр түрли жақсылық қылдың өзиме,
Меннен жақсылығың қарыўы қайтқай,
Ыразы бол, апа, берген дузыңа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәҳәтиң көриң бала-шағаңның,
Жарығын түсирдиң бизге бәҳәрдин,
Меннен жақсылықтың қарыўы қайтқай,
Бүгин бизди жақтылыққа шығардың.

Жарық еттиң қараңғымды, кешимди,
Себеп боп оңғардың қыйын исимди,
Енди қайтып көрискенше хош болың,
Та өлгенше, ғәрип анам, хош енди.

*Бул сөзди еситип мама Айпаршаға рухсат қылды.* Хошласып, Айпарша кешқурын еки баласын ертип, қаланың шығар аўзына тайын болды. Атасын тосып турды. Әйне қуптанда Әбдикәрим бай қырық жигитке бас болып, Айпаршаның үстине тайын болды. Сол жерде атасын иркип, жатар ўақтында өзи Арманнан еки атты, барлық сүлли-сатты алып қайтыўға жол тартты. Адамға сездирмей, Айпарша атасының турған жерине қайтты. Сандал атты минип, Мәнжүнди қосарына алып, қырық батырдың қасына тайын болды. Атынан түсип, жаў-жарағын баласына асындырып, Мәспатшаның саўытын кийдирип, баласы Әдилшаны қолынан атқа миндирди. Өзиниң жаў-жарағын қызына кийдирип, Сандалға миндирди. Атасы Әбдикәримди алдына салып, қырық батырды кейнине ертип, әйне жатарда қалмақтың қаласынан шығып, жолға рәўана болды. Әйне таңның алдында қалмақлар хабар тапты.

Оразалы патшасы,
Сескенип жайдан турады,
Тум-тустан сүрен салады,
Сәржығасы дирилдеп,
Қаны қашып зирилдеп,
Нар буўрадай гүркиреп,
Әскерлерге ақырды,
Қәҳәрин салып лап урды,
Жәлладларын шақырды,
Ат шаптырды далаға,
Жар урдырды қалаға,
«Қалаға жаў келди!» деп,
Аласат урды араға.
Ат ойнатты қалмақлар,
Тыныш жатқан пуқараға,
Қозғалаң салды патшасы,
Қатын менен балаға.
Шийрин жанын қыйнатты,
Сахраларға ат шапты,
Тум-тусқа атлар ойнатты,
Тыныш жатқан елатын,
Сескендирип оятты.
Минди беглер әреби атты,
Салды елге сиясатты,
Әйне таңның алдында,
Мен-мен деген ерине,
Қарсыласқан шерине,
Он еки тобын сүйретти,
Қарсыласқанын қыйратты,
Таң атқанша қаладан,
Сан мың әскер жыйнатты,
Жасыл туўын жайнатты,
Қурды патша салтанатты,
Аўыр иске айдатты,
Қара туўын көтерип,
Қос сырнайын тарттырды,
Күш-ғайратын топлады,
Бул әскердиң саны жоқ,
Ақ әлем де, көк әлем,
Жердиң жүзин жайнатты.
Таң сарғайып атқанда,
Айпаршаның изинен,
Әскерине бас болып,
Оразалы жол тартты.
Дәрти сыймай ишине,
Қарсылығын молайтты,
Екеў ара бекаўыл,
Төртеў ара қараўыл,
Он аўара жасаўыл,
Ғазап етип айдатты.
Қыстаўлықтың тезинен,
Ат шапты жолдың дүзинен,
Кетип гәўҳары жүзинен,
Саўытлар жетпей тизинен,
Әрманы шықпай ишинен,
Сәҳәрде қуўған көп әскер,
Келер песин ўағында,
Тақыртаў деген жерлерде,
Айпаршадай бийбиштиң,
Қуўып жетти изинен.

*Әне, Айпарша атасына қарап, кейниндеги жаўлардың қарасын көрип:*

— Ал, ата, киятырған жаўларды көрдиңиз бе? Сизлер сасқалақлап, қалмаққа сыр алдырарсыз, я абайсызда қолға түсип, жаўларға бенде боларсыз. Сизлер урыс тәлимин билмейсиз, қолдан келгенше өзлериңизди-өзлериңиз бағып, тасаланып, сыртымнан қарап турың, мен бундай жаўға талай түсип көрдим, түрли ҳәмелин аңлайман. Екинши, «ерден туўған ер болады» деген бар, алды менен улым, қызымды бир дәс сынап көремен. Батырлығына, жүреклилигине, қорқақлығына сын беремен. Тайғақлап қорқса, қара шашымды түйемен, ақ саўытты кийемен. Сандал атым, жаў-жарағым қолыма түсти, бул жаўлардың биразына тай келемен. Жаўға ат қоярман. Мен ат қойғанда, қапталдан сизлер де бар ғайратыңызды шығара бериң, — деди. Атасын ҳәм қырық жигитти жасырып, қызы менен улына ғыжақ берип:

— Балалаларым, атаңыздың геллесин алған, нешше жыл мени сарсаңға салған жаўлар киятыр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атаңыздың қанын алатуғын күнициз келди. Ғайратыңыз болса, көрсетиң. Ғайратыңызды көрип, бир шеримди тарқатайын, — деп, улы-қызын қайтадан сазлап, атларға миндирип, бек саўытын кийдирип, илгегин беккем илдирип, Мәспатшаның қылышын баласының қолына берип, балларын қайрап бир сөз айтып тур:

— Ананңның басына саўдалар салған,
Ҳәсиреттиң дағына бизди қандырған,
Атаңның сүйегин таўда қалдырған,
Есабы жоқ сансыз қалмақ киятыр.

Нешше жыллар зулымына көндирген,
Гүң орнына маған тезек тердирген,
Атаңызды Пәрлитаўда қалдырған,
Кейнинизде қандарларың киятыр.

Қашқанымда қуўып атқа қақтырған,
Гүнасыз жанымды отқа жақтырған,
Пәрлитаўда атаңызды аттырған,
Оразалы патша баслап киятыр.

Мақпал, парша пишиўши ем түңликке,
Ушығадан тутыўшы едим туўырлықты,
Сол анаңды жаратпаған гүңликке,
Есабы жоқ сансыз қалмақ киятыр.

Азаплап мойныма шынжыр байлаған,
Пиядалап он күн урып айдаған,
Атаңызды Пәрлитаўда жайлаған,
Тоққыз жәллат, алпыс мөрдар киятыр.

Ҳадал перзент болсаң, тилимди алың,
Ғурыжланып жаўға қарсы ат салың,
Сыртыңыздан мен хабардар болайын,
Перзент болсаң, алың атаңның қанын.

Қалмақтан әрманлы арыңыз өнсин,
Жигит болсаң, жүзиң жоқары болсын,
Перзентлерим, қайнап-йошар күниңди,
Атаңның руўхы ыразы болсын.

Қалмақлар шөгирди қара нарымды,
Шығарыңлар иштен кеги-зарымды,
Атаңның руўхы ыразы болсын,
Душпанлардан алып бериң арымды.

Жигит болсаң қарсы жаўлардан тайма,
Бийперзенттиң өткен өмири зая,
Атаң ушын ғайрат салар күниңди,
Бар ғайратың атаң ушын аянба.

Сол сөзлерди айтқанда,
Айтып аўзын жумғанша,
Есабы жоқ қалмақлар,
Тум-тустан қурсап алады,
«Тутың» деп шаўқым салады.
Ашылмаған лалаға,
Сыйынып кәмбил панаға,
Ғыжалат берди Айпарша.
Еки бирдей балаға.
Атлар шапқан бәлент таўға,
Гелле алған берер саўға,
Ғыжалатқа шыдамай,
Еки бала ат қояды,
Есабы жоқ бул жаўға.
Халық еткен қылма қалый деп,
Хабар алғай ҳалымнан,
Мәспатшадай атам деп,
Еки бала ат қойды,
Әрманда шыққан атамның,
Бийгүна аққан қаны деп,
Душпан жүзи толсын деп,
Атам менен анамның
Қысыўмети өнсин деп,
Ат қояды қалмаққа,
Атам өлсе руўхы,
Бизге ыразы болсын деп.
Соны айтқан ўағында,
Балалардың қаны қайнады,
Ақыл-естен айырылып,
Көзлери оттай жайнады,
Тәселле берип өзине,
Туўына атлар айдады.
Тәўекелге бел байлап,
Қарсыласқан қалмаққа,
Керилип қылыш тартады,
Есабы жоқ көп қалмақ,
Апыр-топыр болады,
Сол ўағында Айпарша,
Ғайратын көрип балалардың,
Жүдә ыразы болады.

— Ашылғай бағымда гүлим,
Сайрағай бағда бүлбилим,
Буўынлары қатпаған,
Тоғыз жасар балларға,
Ғыжалат бердим, кәйтейин,
Кесилмеди бул тилим.

Ашылмаған лалама,
Сыйындым кәмбил панама,
Қаўырсыны қатпаған
Ғыжалат бердим, кәйтейин,
Еки бирдей жас балама.

Көз жасымды көр қудайым,
Ашқай баламның талайын,
Тоғыз жасар балларыма,
Ғыжалат бердим, кәйтейин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Я, өткенлер Рустеми Зал,
Батырлар пири Салсал,
Ғыжалат бердим балларға,
Ҳалынан болғыл хабардар.

Сол сөзлерди айтқанда,
Басқы тапты аламан,
Ат ойнатты еки палўан,
Кескир қылыш қолларында,
Саўаш етти жас уғлан.
Бағлардың гүлин шайлады,
Көргенди ҳайран әйледи,
Мәртликке белин байлады,
Нешшениң жанын қыйнады,
Мен-мен деген ерлерин,
Қойдай етип айдады.
Таўдай болып турады,
Қарсыласқан нешшениң
Салғамдай мойнын бурады,
Қайтпай семсер урады.
Бәлент таўдың басы ғаўдан,
Батыр жигит қайтпай жаўдан,
Жас балаардың кеўли өскен,
Нешше бийик ушан таўдан.
Нешше адам кешти жаннан,
Кимлер хабар алар ҳалдан,
Ат сүринип қызыл қаннан,
Сүринди майдан ишинде.
Урыс болды нешше әлўан,
Қаза болды нешше палўан,
Бес буяқтан, он буяқтан,
Топылды майдан ишинде.
Қылыш сести шақур-шуқыр,
Әдалатлы иште дық бар,
Жан атам деп етип талап,
Ат шапты майдан ишинде.
Қолларында кескир әсбап,
Ар жолында етип талап,
Жаңа өспирим жигер-саўлат,
Топылды майдан ишинде.
Астындағы әреби атлар,
Сақлаўлы ишинде дықлар,
Әдалатлы ғош жигитлер,
Ат шапты майдан ишинде.
Ерден қалған ғошшақлар,
Кем-кем тасып ғурыжланар,
Өршелесип қорқып-саспай,
Ат шапты майдан ишинде.
Жанлады таўдың таслары,
Урыс тәлимин алған,
Астында әреби атлары,
Бестен, оннан кеседилер
Исфиҳаны қылышлары.
Қайтпай алға қарыў салды,
Батырдан қалған жаслары,
Салғам яңлы атылдылар,
Өлген адамның баслары.
Нешше дүркин адам өлди,
Қанға боялып лашлары,
Силтесе әлемди алып,
Көрип жайған қулашлары.
Тақтылар маржан садапты,
Нешшениң бағры кәбапты,
Қаны шығып қарсыласып,
Қалмақларға ат ойнатып,
Кем-кем жүреклерин басып,
Арттырды илим-әдепти.
Кеўлине кем-кем тамаша,
Кем-кем өтлесип саўашта,
Жүреклерин баса-баса,
Аттылар майдан ишинде.
Қыямет-қайым қурылды,
Нешше мың қалмақ қырылды,
Самал есип, әптап болып,
Исрапыл сүргин үрилди.
Геўде айырылып бастан,
Таў теңселип наласынан,
Қурт ойыны қурылды,
Әдилшаның урысынан,
Шақ келе алмай дадынан,
Сескенип мәрттиң пәтинен,
Айбатына тақ келе алмай,
Бурылды майдан ишинде.
Жүрексинип нешше батыр,
Тайсалып кейин бурылды,
Урысынан Әдилшаның,
Неше мың қалмақ қырылды.
Астындағы әреби атлар
Қанға тайып сүринди,
Нешшелер болып шалажан,
Майданлар өликке толды.
Ат баўырынан қан болды,
Әжептәўир шаң болды,
Таўдың жыра сайлары
Зәңгиликтен сел болды.
Тамашаға нешшесин,
Ат алдына өңгерди,
Арадан үш күн өткенде,
Жүрегин басып Әдилша,
Қалмақтың күшин меңгерди.
Қалғаны болды улы-шуў,
Нәзер етип қарасаң,
Таўдың жыра сайларынан
Аққан қанлар мысал суў,
Ортасында тур еди,
Метер тутқан қара туў.
Сол ўақлары болғанда
Айпарша атлы бийбишлер,
Сыртынан бағып тур еди,
Орнынан турып аҳ урды,
Қырық батырды шақырды.
Қырық батыр минди атына,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким шыдар мәрттиң дадына,
Әбдикәрим бас болып,
Жәмлесип келди қасына.
Туўын керип жаяды,
Адамзаттың қанынан,
Дағы-дашлар боялды,
Қырық батырға бас болып,
Айпарша атлы бул сулыў,
Туўына атлар қояды.
Атлар шапты бәлент тауға,
Түсти басларына ғаўға,
Ат қояды Айпарша,
Ханлар турған қара туўға.
Бузылды кеўил қаласы,
Ишине сыймай наласы,
Туў түбинде тур еди,
Оразалы патшасы.
Гүўлеп атлар қойғанда,
Ақылынан сасады,
Тум-тусынан ат қойып,
Оразалы патшаның,
Туўын түйреп шаншады,
Қыйынлық жерде жан татлы,
Оразалы патшасы,
Туўын жығып қашады.
Алдында патша қашқан соң,
Басқаларға не турыс,
Қылыштан қалған қалмақлар,
Барлығы гүўлеп қашады.
Қашқан ерге қатын жаў,
Қырық жигити кейнинде,
Айпарша басып қуўады,
Тулпарының терлери,
Жердиң бетин жуўады,
Патшасының басына,
Ақырзаман туўады,
Айпарша атлы батырың,
Мәртликке белин буўады.
Қуўған жери Айпаршаның,
Қыяқлы деген тау еди,
Ашты кем-кем арасын,
Мингенлери қарады,
Жеткен жерде нешшеге
Керилип найза урады,
Ҳәр жерде екеўин,
Гә бир жерде бесеўин,
Түйреп шаншып барады,
Қойға тийген қасқырдай,
Аударып таслап барады.
Дәли кеўили тасады,
Не бир күшли қалмаққа,
Нықлап найза басады,
Қарсыласып қарағанның,
Қанын суўдай шашады,
Шала тийген нешшеси,
Майданда лалаўласады.

Шетлеп қашқан биразын,
Ылақтай алып қашады,
Топарласып нешшеси,
Қайтпай қушақласады.
Қырық батырдың сүрени,
Дағы-дашқа шоласады.
Топарға атлар қойғанда,
Бөлинген қойдай шуўласады,
Ҳарып-талып жығылғанын,
Аты менен басады,
Дәўраны жетип басына,
Күшке-күшлер уласады,
Сол қуўыўдан Айпарша
Күн ярым күн жол асады,
Еки күн жүзи толғанда,
Қалмақты қуўып Айпарша,
Қалаға жақынласады.
Қалаға жақын келгенде,
Алдындағы жолбасшысын,
Туў көтерген сәркардасын,
Бәрин қырып тауысады,
Қалаға жақын барғанда,
Есабы жоқ қалмақты,
Туқымкурт етип тауысады,
Оразалы патшаның,
Жалғыз өзи қалады.
Еки күн удай ат шаўып,
Қызыл жүзин солдырды,
Дәртке кеўлин толтырды,
Көп сегбирге шыдамай,
Минген аты болдырды,
Өзинен-өзи урынды,
Қалаға жақын келгенде,
Торпағы басты патшаның,
Астындағы бедеўи,
Қара тасқа сүринди,
Ерки кетип өзинен,
Дәрманы кетип дизинен,
Оразалы патшасы,
Муғаллақ атып жығылды.
Қуўып жетип Айпарша,
Қәҳәр менен барады,
Ат үстинде патшаға,
Керилип найза урады,
Әдилшаға сөйледи:

— Аллаға жеттиналысым,
Қабыл болды көз жасым,
Атаңды өлтирген усы,
Кес, балам, патшаның басын.
Келди басыма дәўраным,
Бундай келмес қолайға,
Қалмасын иште әрманым,
Басыма жеткен усы еди,
Ал, балам, атаңның қанын.
Қорқыныш алма ойыңа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарама оңлы-солыңа,
Кес патшаның басын, — деп,
Айта берди Айпарша.

Еситип оны Әдилша,
Қылышты қолға алады,
Белли жәллад болады,
Оразалы патшаны,
Қарқыратып шалады.
Геллесин кесип патшаның,
Ақ найзаға илдирди,
Сол ийнине салады,
Қырық батырға бас болып,
Айпарша бас боп алдында,
Қаласына киреди.
Басын көрип патшаның,
Қалмақлар шуўлай береди,
Бәлент көше, пәс көше,
Бек отырған тар көше,
Аралап булар келеди,
Оразалы патшаның,
Бәргасына жетеди.
Көргенниң зәрресин алады,
Қалмақлардың шәҳәринде,
Салтанатын салады,
Айпаршадай сулыў қыз,
Қарамандай жийенин,
Алдына шақырып алады,
Әреби атқа миндирип,
Алдына басшы қылады.
Алдына түсип Қараман,
Көшелерин аралатты,
Қалада атлар ойнатты,
Душпанларын жайлатты,
Нешшениң сорын қайнатты,
Тыныш жатқан шәҳәрине
Көрсеттилер аламатты,
Нешше жыллар қорлағанға
Көрсетти сонда бәламатты,
Қыйын күнде сыйлағанға,
Берди Айпарша саламатты.
Зулымларын таўып алып,
Қурды оған қыяметти,
Қараманға таптырып,
Бутханасына оқ атты,
Мен-мен деген азадасын,
Күн тиймеген шазадасын,
Өз-өзине байлатты,
Бул ислерге бас болғанның,
Ордаларын қулатты,
Қарсы турып оқ атқанын,
Тар көшеде жылатты.
Ат ойнатты қалада,
Бәленти-пәс, ой-салада,
Қашып қалған бирли-жарым,
Қалған болса арада,
Таўып алып сондайды,
Ат алдында айдатты.
Ҳайранлық дағы жаманды,
Бермеди ҳешбир ҳамалды,
Қалмақлардың басына,
Қурды ақырзаманды,
Ат көтермес бийлердиң,
Басына салды думанды,
Айпаршаның дәстинен,
Қутылары гүманды,
Дүнья-малын таратып,
Бутханасын қулатты.
Күн көрмеген қызлары,
Дарыды ма тәжжал деп,
Терезеден қарады,
Дуўагөйи, қариялары,
Мама менен ғаррылары,
Мойнына пота салады,
Алдына шығып жалынып,
— Айналайын Айпарша,
Тахт сеники, — деп жылады.
Олардан нәўбет өтеди,
Ықтыяр қолдан кетеди,
Қарап турың халайық,
Қарамандай балаға,
Енди нәўбет жетеди.
Болмас исти болдырды,
Пайманасын толтырды,
Оразалы патшаның,
Ол орнына, досларым,
Қараманды отырғызды.
Сол баяғы апасының,
Ол хызметин, досларым,
Алдына, мине, келтирди.
Ишинен шықты әрманы,
Жетилди қуўат-дәрманы,
Келди және айналып,
Айпаршаның дәўраны.
Айпаршадай арыўын,
Қалмақтың елин жыйдырды,
Қалаға жарлар урдырды,
Қараман атлы жийенин,
Ақ кийизге салады,
Тумлы-тустан көтерип,
Ал, ортаға алады.
Айландырып көшени,
Оразалы патшаның,
Бәргасына келеди.
Сарайына киргизди,
Патшасының орнына,
Алтын тахтқа миндирди,
Жыға шаншып басына,
Ийнине ҳасыл кийдирди,
Қалмақларды жыйдырып,
Басларын буған ийдирди,
Ҳәмирине көндирди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдында жол үйретип,
Әдил төре бердирди,
Қарияларын шақырып,
Шәриятына сыйдырды,
Қарамандай жийенине,
Шадлы дәўран сүргизди,
Тоғыз жылғы асыраған,
Хызметлерин тийгизди.
Залымлардың бурынғы,
Жанған отын сөндирди,
Нешше жылғы күйикли,
Азабын сол күни өндирди,
Қалмақлардың жаў-жарағын,
Бәрин қоймай сындырды,
Халқының кеўилин тындырды,
Апасының хызметин,
Сол күн алдына келтирди,
Мурадына жеткерди.
Қалаға жар салдырды,
Далаға жар урдырды,
Қараманның ханлығын,
Толы қалмаққа инандырды.
Ылайықлы достынан,
Хызметкерлер таптырды,
Қарамандай жийенин,
Азада қылып бақтырды,
Атларға тумар тақтырды,
Қалмақтың қәўипли қуралын,
Бәрин отқа жақтырды.
Қараманның атына,
Арнап теңге тақтырды,
Жети жылғы хызметиниң,
Нәтийжесин таптырды,
Ели-халқын қуўантып,
Қаласында шадлантты.
Дәўран кимнин дәўраны,
Қараманның дәўраны,
Кетти қайғы-әрманы,
Тум-тусқа жазылды хат,
Хәр жерлерге шабылды ат,
Айпарша атлы перийзат,
Қарамандай жийенин,
Алтын тахтқа мингизип,
Кеўлин етти жүдә шад.
— Буннан былай, шырағым,
Душпанларың болды мат, — деп,
Қайтпақшы болып елине,
Айпаршадай бул арыў,
Қарамандай патшадан
Алды дейди рухсат.

## VII БАП

Аттың басын оңғарып,
Айпарша жолға салады,
Қайнатасын бас қылып,
Қырық жигити кейнинде,
Еки бала алдында,
Ата журтым Бухар деп,
Айпаршадай арыўың,
Жолға рәўан болады.
Астына түсти әреби ат,
Хаслы хайўан демесең,
Ақылы адамнан зыят,
Қайтқанын билип елине,
Еки бирдей бедеў ат,
Керип таслап дойнақты,
Майданда қурды салтанатты.
Еки бирдей бедеў ат,
Аяғын керип басалмай,
Баўырын керип жазалмай,
Қумарланып шабалмай,
Қалмақлардың торында,
Қор болған екен хәмдам ат.
Қутылған соң душпаннан,
Таслады керип аяқты,
Тум-тусынан буркыратып,
Ашты көбик булақты,
Тас төбеге қайшылап,
Алыпты еки қулақты,
Күш бермей бедеўлер,
Алдына қарай ылақты,
Туўған жерин сағынып,
Күн ярым күн сегбир қақты,
Гәўхардай көзлери жайнап,
Майданның танабын тартты,
Бедеўлерди ойнатып,
Полаттан суўлық шайнатып,
Тоғыз күн тынбай жол тартты.
Тулпарлар жайып қос қанат,
Майданда қурып салтанат,
Еки бала изинде,
Қайнатасы алдында,
Мәспатша қалған таўына,
Келди дейди саламат.

Әне, арадан жети жыл өткенде улы-қызын изине ертип, Айпарша, Мәспатша қалған таўға келди саламат. Қайын атасы қырық жигитке бас болып, Мәспатшаға оқ тийип қалған Пәрлитаў деген жерге келди. Яры қалған шынарды көрип, көзине ысық көринип, мысал ярының өзин көргендей болды Айпарша. Көзде жасы көл болып, жигер бағры қум болып, сөйлей алмай гүң болып, жән-жағына сер салып, қапаланып-қамығып, жайдай бели қайысып, нәзик бели майысып, бир нышанын көре алмай, яры қалған жеринен ақ сүйегин таба алмай, еки баласына қарап:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Балаларым, мынаў атаңның дүньядан өткен жери еди. Атаңнан дәрек табалмай, ҳайран болып турман. Атаңыздың руўҳы сизлерге ыразы болсын, бир нәрсе айтпайсыз ба? — деди Айпарша.

Сонда улы-қызы атасының саялаған шынарына сүйенип, атасын сорап, ҳәр ҳайўанларды шақырып, Мәспатшаны сорап, бир сөз айтып турған усайды:

— Ғайып болған атам бизге дус болғай,
Бизди көрип ғәрип кеўли хош болғай,
Айбатым — атамды *жоқлап жылайын,*
Өлген болса руўҳы бизге хош болғай.

Ғәрип атам, бир көрмеге зармысаң?
Ҳеш нәрсеге дадың жетпес қормысаң?
Улың менен қызың келди басыңа,
Ғәрип атам, бул әтирапта бармысаң?

Түрли қыял аўҳалыма енип тур,
Орның көрип оны еки ағзам ерип тур,
Ғәрип атам, бул дүньяда бармысаң?
Иште кеткен әрманлылар келип тур.

Жасым жетпей азыўлыға таланып,
Дийдарыңа ҳәўес болып зарланып
Ғәрип атам, бул дүньяда бармысаң?
Ҳәмийлелер келди бүгин айланып.

Не түрли қыямет түсти басыма,
Зәҳәр-заққым түсти ишкен асыма,
Бар болсаң руўҳың, бизден хабар ал,
Перзентлериң келди бүгин басыңа.

Ар-намыс жибермес душпанда ерлер,
Атама әжел оқ тийген бул жерлер,
Айтың бизге жан атамның хабарын,
Таў жайлаған ҳәр түр инсаны шерлер.

Адамзат бармаған майдан, үлкелер,
Бул әтирапқа сизден өзге ким келер,
Көрсен-билсең жан атамнан хабар бер,
Таў жайлаған қарсақ, сағал, түлкилер.

Баябанда таўдың мийўасын терген,
Атамыздың қалған жерлерин көрген,
*Көрсең-билсең,* атамыздан хабар бер,
Таўда мәкан еткен қарсақ, себенлер.

Басыңнан әрманлы өткен дәўирлер,
Сизден басқа жоқдур оған қәўендер,
Көрсең-билсең, атамыздан бер хабар,
Пәрлитаўда мәкан еткен бөрилер.

Жаўын жаўса сарлап аққан даралар,
Сизге таныс шөли-майдан, саҳралар,
Көрсең атамыздың айтың хабарын,
Саҳраны жайлаған ғырыс ҳәм марлар.

Мақул көрсе, уўлы-зәҳәр жайғанлар,
Дағыстанның ҳәр түр аўын алғанлар,
Көрсең-билсең атамыздан хабар бер,
Таўда мәкан еткен шери, қабланлар.

Қайнап питкен Алатаўдың әнары,
Тири болсаң, жанар болды панары,
Әдилшаңыз көрмей ҳайранлар болды,
Жан атамның саялаған шынары.

Сүйегин табалмай соқтық ҳәр жарға,
Дәртлериңнен ишлерим толды зарға,
Әдилшаңыз таппай ҳайранлар болды.
Руўҳың болғай, ата, бизге ыразы.

Бир көрмеге интизарды балларың,
Ғәрип атам, қандай екен ҳалларың?
Өлген болсаң, перзентиңе ырза бол,
Қалмақлардан алдық, ата, қанларың.

Сол сөзлерди бир айтып, еки бирдей баласы көзиниң жасын булады, орнын көрип атасының өксип-өксип жылады. Дәртке толып кеўили, Айпарша қапа болады, Әбдикәрим атасы ақлығына жүдә кеўли толады. Қушақлап сүйип балларын, жүдә ыразы болады. Табылмас па сүйеги деп, тум-тусына қарады. Шаўып шығып бәлент таўға, жән-жаққа көз салады. Жанлы-жандар сирә жоқ, ушып жүрген ғарға жоқ, булардың көзи талады, жалтаң болып тум-тусқа, ақша жүзи солады. Дағыдашын ақтарып, әтирапты шолады, ҳәр тәрепке бөлинип, ат ойнатып қарады, әрмансыз болсын атам деп, таўларды гезип жайлады. Бедеўлерин желдирди, жүзлерин гүлдей солдырды, жыра-сайларға ат салып, сергиздан болып қыдырды. Бир күн тамам болғанда Айпаршаның алдынан есабы жоқ шубырған, таў-тасларды буздырған есапсыз қуланның сүрдеўин көрди. Изин қуўып булардың, ярым мезгил жол жүрди. Әйне түстиң алдында, бәлент таўдың баўрында баратырса Айпарша, астындағы Сандал ат алдына қарап таңланады, бир нәрсени аңлады, қос қулағын қайшылап, алдына серлеп қарады, жер тепсинип жүрмеди. Айпарша серлеп қараса, ҳеш нәрсени көрмеди. Байқап сер салса, бәлент таўдың баўырында, бир түп сексеўилдиң түбинде елес-елес түтин шығып атырған, жер менен жексен жер төлеге көзи түсти. Айпарша гә қуўанды, гә суўалды. Бир тәрептен из қуўып еки баласы төлениң арғы тәрепинен тайын болды. Бир тәрепинен қырық жигитке бас болып, атасы — бул да тайын болды. Еки бала төлени аңлады, төледе бир нәрсениң барын билди, балалық етип, еки бала төлеге ат қойды. Балалар жақын келгенде төледен балларға қарап оқ атылды. Бул ҳақыйқат қалдық

www.ziyouz.com kutubxonasi

душпанымыз екен деп, буған қарап еки бала оқ атты. Сол ўақта заққы болған Айпарша жүреги суўлап, Мәспатша екенин сезиңкиреп, абайсызда балларды атып алар деп, балларды шақырып, жантаспа деп, тәўекел, Мәспатша болса, танытпақ ушын, балларға «қаш» деп сүрен салып тур:

— Душпан болып сизге зыян тиймесин,
Ғапыллықта иши-баўырың күймесин,
Шырақларым, жолай көрмең, аўлақ қаш,
Бир күйикли услап алып жүрмесин.

Аўлақ қашың, әтирапына жантаспа,
Сырын, түрин көрмей, алдыңа баспа,
Жөн сорасып, ким екенин билейик,
Атаң ба, аўшы ма, душпан ба, дос па?

Қалған еди қызыл қанға боялып,
Бара бермең әтирапына таялып,
Берман келиң, қарсыласып оқ атпай,
Атаң болып, қалып жүрмең уялып.

Душпан шығып, қолайыңды алмасын,
Бир оққа тапсырып, мийири қанбасын,
Берман келиң, қарсыласып оқ атпаң,
Таўда қалған мийирманың болмасын.

Ғапыллықта ақша жүзлериң солар,
Әрман менен лашың шөллерде қалар,
Хабарласып, ким екенин билейик,
Атаң болса, қатты улықлар болар.

Ерден туўған бала шынықкан ерди,
Балалығы басым оны жаў билди,
Қумарланып қосқа қарап оқ атып,
Ат айдап кем-кемнен жантаса берди.

Урысқа шынықкан кеўили шағлап,
Атасының дәрти жүрегин дағлап,
Қулақ салмай Айпаршаның сөзине,
Оқты қуйып бара берди жақынлап.

Айпарша тур қатты қорқып қалтырап,
Оқ атылған сайын жүреги суўлап,
Қосқа қарап сүрен салды Айпарша,
Ол баллардың ҳаслы-затын баянлап.

Ғайыбана шақырады «төрем» деп,
«Сөзиме қулақ сал, даўыс бериң!» деп,
Балалардың ҳаслын ядына салып,
Айпарша бақырды қосқа сүренлеп:

— Дерек таппай Мәспатшадай батырдан,
Залым қалмақ айы-күнин батырған,
Атым мениң — қарап болған Айпарша,
Ким боласаң қыя шөлде жатырған?

Не тосып жатырсаң, әтирапың жол ма?
Абайсызда өлип, әрманлы болма,
Атып турған — иште кеткен балларың,
Атып салып, жүрегине шер салма.

Инанбасаң аңла, түрине қара,
Дәртиңнен тоғыз жыл ишлерим жара,
Балаларыңды атып, шерменде болма,
Атысқаның — еки бирдей нышаның.

Дос болсаң тоқтаңыз, зәрре сабыр ет,
Ғапыллықта болып жүрме қарабет,
Душпан болсаң, атың мени, ырзаман,
Ким де болсаң келиң, түриңди көрсет.

Таный ғойса мақсетиме жеткеним,
Бул дүньяда мақсетимниң питкени,
Ким де болсаң тезден басыңды көтер,
Басқа болсаң мен әрманда өткеним.

Бул қостағы Мәспатша еди. Айпаршаны даўысынан таныды. Ақыл менен аныҡлап, қыял менен ойлап, аман айналып келгенин кеўли таныды. Мәспатша оқ атыўды тоқтатты. Айпаршаның даўысы ақыл-есин алды. Сығалап мойнын созып қарады. Балалардың түр-сыпатын өзине усатып, мумдай ерип, қорғасындай балқыды. Бойын көтерип, Айпаршаға жүзин салды. Айпарша ярын танып, жаны барына қуўанып талып түсти. Мәспатша буннан тоғыз жыл бурын усы таўда Алаңғасар дәўдиң оғы жети жеринен тийип, жарадар болып қалып еди, үстине жаўын жаўып, барлық кесели саўалып еди. Дизеден жоқарырақ, жуўан саннан төменирек оқ тийип, жуўан жилик шорта сынған, сол жерден түсип қалған. Пайманасы толмаған, еки аяктан айырылып, жансар, жүре алмастай мешел болған. Шықпас жанға себеп болып, тоты қуслар буны көрип, ҳалынан хабардар болған. Ҳәремниң бағы деген жерден тотылар түрли кеселге даўа болатуғын мийўаларды тынбай тасып, Мәспатшаны мийўа менен төрт жыл баққан. Тоты қуслардың жәрдеми менен көбинесе шыпа тапқан. Төрт жылда Мәспатша ярым шақырым, бир шақырым жерге жүретуғын ҳалға келген. Туўры ағаштан оқ етип, ийри ағаштан жай етип, таўдың жыраларынан гезе дүзетип, әўел қоян, кейин кеклик атып, аўқатын көрген. Бес жылға қарай кийик-қуланды да ататуғын ҳалға келген. Бара-бара шөлден аўқат қыйын болған соң, кийик-қуланның сүрдеўи менен жылыса-жылыса бурқып аққан тас булақтың үстинен шыққан. Сол булақтың әтирапына қыста қорғанар төле қазып, жазда сексеўилден қос қылып, булаққа келген кийик, қуланды аўлап, булақтан суў ишип отырады екен. Бара-бара буннан аңлар үркип қашпайтуғын ҳалға келген. Ҳеш мақлуққа зыян етпейди. Қолдан келсе, ҳайўанларды қорғайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жабайы аңлар менен бас қосып, үйренисип кеткен екен. Узаққа жүрер аяқ жоқ, адам дарыйтуғын жер емес, ҳайўанлардың жәрдеми менен жан сақлап, бастан үш жылды өткерген екен.

Айпарша талып түскен соң Әбдикәрим бай оның сөзинен тымсал алып, ат қойып төлеге жақын келди. Есикте турып зарланып,

Байлаған белге потасы,
Қатты өткен жанына,
Перзентиниң жапасы,
Айпаршадай келиннен,
Сөз мәнисин аңлайды,
Әбдикәрим атасы.
Дәрманы кетип дизинен,
Бир нышана аңлайды,
Айпаршадай келиннин,
Барлап айтқан сөзинен.
Мәртликке белин байлады,
Кеўлин дәртлер жайлады,
Айпаршаның сөзинен,
Бир нышана аңлады.
Ақтарып мәнзил жырағын,
Ишинде бар толы дағы,
Жалғызым деп зар жылап,
Жай таппай кеўил пырағы,
Сергиздан болып неше ай,
Жалғызының дерегин,
Ҳеш бир жерден көре алмай,
Көзи жаслы ғәрибим,
Өзин тартып туралмай,

— Ат кекилин тарайын,
Мен қайғыны қояйын,
Жалғызымның жолында,
Өлсем шейит болайын,
Жақсы сөйлеп жақынлап,
Қосына жақын барайын,
Еки аяқлы жан болса,
Жалғызымның дерегин,
Өз аўзымнан сорайын,
Келтирмей тилге өлтирсе,
Жалғызымның жолында,
Мен де шейит болайын.
Ат шаўып таўдың дашына,
Қурбан болғай тенде жаным,
Жалғызымның жолында.

Жатырғанның қостағы,
Қарамай душпан-досына,
Әбдикәрим байыңыз,
Иркилместен ат қойып,
Жетип барды қосына.

—Гүзар жолдан ҳәр ким өтер,
Аўҳалым күн-күннен бетер,
Душпанбысаң, я доспысаң?
Кимсең? Басыңды көтер.

Ишим толы әрманлы шер,
Таўларда жатқан қандай есер,
Жолаўшыман, жол сорайман,
Шық майданға, көринис бер.

Жоқдур бизде бузық қыял,
Душпан болсаң, тийдир зыян,
Бир көрмеге интизарман,
Жатқан жериң қула майдан.

Биз бир жүрген дәрти артқан,
Сизлер кимсиз жәбир тартқан,
Мен бир жоқшы жоқ қыдырған,
Кимсең қарсыласып оқ атқан?

Душпан болсаң, келдим қайым,
Атар болсаң, турман тайын,
Ким де болсаң, шық майданға,
Сорасайық ҳалы-жайың.

Биз бир жоқшы саҳра гезген,
Қайғы дәрьясына жүзген,
Ким де болсаң, шық майданға,
Жай-жағдай еситиң бизден.

Зыянсызбан, бизден қашпаң,
Хабар сорайман бир достан,
Жоқ қыдырған мен жоқшыман,
Хабарласың шығып қостан.

Бул сөзди еситип, иште Мәспатша тыңлады, атасы екенин даўысынан аңлады, көринбей сығалап түр-түсин барлады. Атасын таныды, балларды танымады. Орнынан турып, өзин-өзи ирке алмай, қанасына сыймай, еки қолын қаўсырып, «жан ата!» деп аҳ урып қостан шықты Мәспатша. Атасына көринис берди. Иши толып налаға, атасын жазбай таныды, қол қаўсырып жуўырып барды алдына:

Байлаған белге потасы,
Көп шеккен жәбир жапасы,
Баласын сонда таныды,
Әбдикәрим атасы.
Ат жылаўын бослады,
Ықтыяр кетип өзинен,
Қара көзин жаслады,

Таныған соң перзентин,
Атынан жерге таслады.
Нардай бели бүгилди,
Қанлы жас көзден төгилди,
Қабырғасы сөгилди,
Ақыл-есин алдырып,
Жерге атасы жығылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзи толып жасына,
Жер теңселди наласына,
Ақыл-есин алдырып,
Көзи түсти баласына.
Жуўырып барды Мәспатша,
Атасының қасына,
Перзентини қушақлап,
Көзде жасы моншақлап,
Баба жылай береди,
«Жалғызым» деп зар жылап.
Бауырына басады,
Маңлайынан таўап қылады,
Сағынышлы перзентине,
Мийри қанбай барады.
Қушақлайды, сүйеди,
Қорғасын янлы балқыйды,
Мумдай бауыры ерийди,
Оңым ба, я түсим бе деп,
Лал болып баба турады.
Нәзер салып қарады,
Баласының ийиси,
Мурнын жарып барады,
Перзент деген жаман дәрт,
Қулыным деп жылады:

— Алып едим толы журттың алғысын,
Дүнья-мал тарқаттым, балам, сен ушын,
Қартайғанда атаң болды сергиздан,
Бул дүньяда тиримедиң жалғызым?

Неше жыллар батыл болды булағым,
Ҳәсиретиңнен герең болды қулағым,
Дийдарыңнан мендей атаң айналсын,
Жалғаншыда тиримедиң туяғым?

Қысларға айналды жағымлы жазым,
Арзан болды қәдир билмеске назым,
Дийдарыңнан мендей атаң айналсын,
Тиримедиң жалғыз туўған нышаным?

Себил болып сорлы атаңның келиси,
Ермек қылды толы журттың телиси,
Дийдарыңнан мендей атаң айналсын,
Тиримедиң боз ордамның белгиси?

Бир неше жыл зая болды саўлатым,
Сорлы атаңның батыл болды көлаты,
Дийдарыңнан мендей атаң айналсын,
Бул дүньяда тиримедиң қанатым?

Ашылды ма қазан урған бул гүлим,
Қайтып туўды батыл болған ай-күним,
Дийдарыңнан мендей атаң айналсын,
Тиримедиң жалғыз туўған қулыным?

Шығып едим сум әжелге тайланып,
Жети журтқа сораў салдым қорланып,
Дийдарыңды көрер күнлер бар ма, — деп,
Жылай берди баласынан айланып.

Неше адам ермек қылды сөзимди,
Ҳәсиретиңнен жас қаплады көзимди,
Көрдим сени, өлсем бүгин ырзаман,
Тирикликте көрдим, балам, жүзинди.

Ат мойнына тақтым тиллалы сәдап,
Дәртиңнен бағырым болдылар кәбап,
Дийдарыңды бүгин көрдим, ырзаман,
Үш айналып, маңлайдан еттилер таўап.

Тутты бала атасының әдебин,
Жылап тарқаттылар тәнде әламын,
Таў басында бир-бири мен танысып,
Атасына берди тәңир сәлемин.

Қуўанышта қапа кеўлин хошлады,
Сағынышлы бир-бирине қарасты,
Тоғыз жылда саў-саламат қосылып,
Қол алысып, аман-түўел сорасты.

Бедеўлери астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Ҳәўес болып аҳ урып,
Атасының қасында,
Айпарша арыў алдында,
Еки бала кейнинде,
Ат қойып келди қосына.
Қан болып көздиң қарасы,
Кеўлинде әрман-жарасы,
Жер тербентип наласы,
Ат қойып келди Айпарша,
Қасында еки баласы.
Ат үстинен бойын таслап,
Қушақласты, жыласты,
Бөлинген қойдай маңырасты,
Улы-шуў болып жамырасты,
Бәлент таўдың баўырында,
Жаралы қуўдай сыңсысты,
Балларын танып Мәспатша,
Ботадай болып бозласты.
Аттың жалын тарады,
Балларға нәўбет қарады,
Мәспатша нәзер салады,
Жас балларды танымай,
Ким екенин сорады.
Ким екенин билдирип,
Әдилша жуўап береди.

— Ашылмаған бағда лалаң,
Шын жүрегиң, жигер-санаң,
Көре алмай кеткен дийдарың,
Иште кеткен бизлер балаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байлаған белиңе потаң,
*Кеширгей қудайым қатам,*
Көралмай қалғаным әрманлы,
Еки бирдей биз балаң.

Қалмақ басқа сүргин салған,
Сорлы анам бенде болған,
Қублагәҳим, меҳрийбаным,
Атам сиз бе таўда қалған?

Қалмақлар байлаған бағың,
Жүрегиме түсти дағың,
Көралмай қалған дийдарым,
Сиз бе мениң меҳрибаным?

Тилегинде шектим нала,
Әрман болып кеўилимде,
Жүрек-баўрым жүз мың пара,
Қублагәҳим, сәрўарым,
Тиримедиңиз дүньяда?

Нешик болды, ата, ҳалың,
Жетилди қуўат-пәрманың,
Қалмақлардан алдым өшиң,
Шығарың иштен әрманың.

Шын қуўатың, биз күшинди,
Қарыў жайлап иш-тысынды,
Ата, бизден ыразы болың,
Алдым душпаннан өшинди.

Нешше жыллар айра түстим,
Соңы болғай қай бир истиң,
Перзентиңнен ыразы бол,
Қандарыңның басын кестим.

Қарыў-күшинди аңладым,
Мақсет-мурадың сақладым,
Гүнайым өт, қублагәҳим,
Душпанды қоймай сапладым.

Шығар, ата, әрман-дәртиң,
Орынладым перзентлик шәртим,
Енди өлсем ыразыман,
Қосылдым ба, жигербентим?!

Мына сөзди еситип,
Мәспатшадай атасы,
Баласын услап алады,
Баўырына басады,
Өзин иркип алалмай,
Өксип-өксип жылады.

— Көзимниң нуры, қарағым,
Жанды ма өшкен шырағым,
Иште кеткен ҳәмилем,
Жигербентим пырағым,
Атанды излеп келдиң бе,
*Қолымнан шанышқан дарағым?*
Кемалыңа келдиң бе,
Жүрек-баўырым қарағым?
Қәўендерим аз еди,
Табылды тутқа-турағым,
Қолыма қайтып түстиң бе,
Жойылып кеткен жарағым?
Жигирма бестиң шағында,
Қырғыздың Алатаўында,
Еренлердиң бағында,
Жақсының шарапатынан,
Бина болған шырағым,
Көллерге питкен қурағым,
Жоқ екен ҳаққа гүнайым,
Дийдарынды көрдим бүгин.
Атаңа түсти зимистан,
Тек геўдеде шықпады жан,
Қабыл екен тилегим,
Көрдим бүгин бир нышан.
Ҳаққа жетти налышым,
Қабыл екен көзде жасым,
Балам, сеннен ыразыман
Кестиң бе душпанның басын?
Талқанлап жығып қамалын,
Перзентим, саған ырзаман,
Алдың ба атаңның қанын?
Алтыннан жүзик гәўҳарым,
Түсти ме бизге бәҳәриң,
Балам, сеннен ыразыман,
Ўайранладың ба қолыңнан,
Оразалының шәҳәрин?
Жанған отын сөндирдиң бе?
Перзентлерим узақ жаса,
Атаңа еткен қысымын,
Өз алдына келтирдиң бе?
Душпанның гүли солды ма?
Тилегим қабыл болды ма?
Халық еткен нәзер салды ма?
Иште кеткен нышанлар,
Айналып аман келдиң бе?
Ашылды бағда анарым,
Жанды гәўҳар панарым,
Таўда қалған атаңман,
Келдиң бе қыран суңқарым?

Соны айтып болғанда,
Айпаршаға қарады,
Көзине оттай басылып,
Яр ақылын алады,
Гөне дәртлер қозғалып,
Көздиң жасын булады,
Кеўил бөлип Мәспатшаға,
Айпарша сонда жылады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қудайым кәлеп қосқаным,
Көргенде кеўилим тасқаным,
Бирден кеўилим тоқтамай,
Мудам жолыңды тосқаным,
Жарасығым салтанатым,
Боз ордамда бостаным,
Көрмегели жүзиңди,
Бираз ўақ өтти арадан,
Дүньяда тири бармедиң,
Қуда қосқан қостарым?
Қайларда жаның сақладың?
Басыңа ислер түскели,
Қәлендер болдым жолыңда,
Душпанның сусы басқалы,
Нелерден таптың қостарым?
Тенде жаның бар ма еди,
Қара нарым, арысланым?
Келди бүгин айналып,
Әрманда жаўға түскениң,
Бираз ўақ өтти арадан,
Зәхәрлерди ишкели,
Тоғыз жылдың болғаны,
Кепин тонымды пишкели,
Қолыма алып жанымды,
Умыт болды, иншалла,
Қыйынлық ислер түскени,
Дәстан болар кейинге,
Сениң менен бизлердиң,
Сансыз дәрья кешкеним,
Абырайлы қосылдым,
Өмир гүлиң пискени.
Қатарында нармекен,
Саў-саламат қосылдым.
Қудайым бизге ярмекен,
Мынаў ғана дүньяда.
Сиз бенен биздей бармекен?
Қуда қосқан қосағым,
Ҳүрейиң бе, өзиң бе?
Гейденде жаның бармеди?
Өз кеўлиңе шермедиң?
Ерлерден асқан ермедиң?
Күни-түни яд етип,
Сен уйқыма кирмедиң,
Не кеўлиң қалды ярыңнан,
Түсиме аян бермедиң?
Қудай қосқан қосағым,
Өлди деп мен жүр едим,
Жалғаншыда тиримедиң,
Ҳүрейиң бе, өзиң бе?
Туўып өскен жериңди,
Бир әрманым сол еди,
Көре алмадым елиңди.
Өлди деп мен жүр едим,
Енди өлсем ыразыман,
Көрдим бүгин түриңди.

Қарқарам мениң шоқтан-шоқ,
Жүзиңди көрдим, кеўлим тоқ,
Қостым бүгин перзентиңди,
Енди өлсем әрманым жоқ.

Сонда турып Мәспатша:

— Нешше жыллар тарттым зарың,
Көргенде мийирим қанарым,
Тириликте қосылдым ба,
Шын сүйгеним, назлы ярым.

Кеўилимде көпдур дағым,
Қазан урған гүлзарым,
Бул дүньяда қосылдым ба,
Сүйген ярым, қарыйдарым.

Ықлас-кеўлимди бергеним,
Қызықлы дәўран сүргеним,
Аман-есен қосылдым ба,
Қопалы сайда жүргеним.

Сениң ушын ҳақ нийетим,
Ядтан кетпес бул зийнетиң,
Көрдим бүгин дийдарыңды,
Келистирдиң ақыбетин.

Өшип еди мениң үним,
Қайтып туўды ай-күним,
Бул дүньядан кетип едим,
Қосылдым ба, шын сәўдигим.

Бул жайларды кимлер табар,
Бизден кимлер алар хабар,
Сен болмасаң Айпаршажан,
Излеп келер кимлерим бар?

Сеннен питти шын мурадым,
Келтирдиң кеткен кеўил шадым,
Айпаршажан, қосылдым ба?
Енди өлсем мен ырзаман.

Умытпай көп жылға шекем,
Келдиң бе, мүсәпир әкем?
Саламат қосылдық бүгин,
Тири ғайып жақсы екен.

Неше жыллар заманасы тар болды.
Бир-бириниң излерине зар болды,
Бул дүньяда тири ғайып жақсы екен,
Балларына саў-саламат қосылды.

Не түрли саўдаға түсип баслары,
Зая өтти әрманда нешше жаслары,
Бир-бирине саў-саламат қосылды,
Тири ғайып жақсы екен, дослары.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаққа жетти Мәспатшаның наласы,
Не саўдаға салды пәлек гәрдиши,
Саў-саламат балларына қосылды,
Ойласаң, жигитлер, тирилик жақсы.

Нешше жыллар иши толы жарақат,
Пәлек салды басларына бәлемат,
Атасы, баласы, Айпарша яры,
Сол күни қосылыпты сағыў-саламат.

Алыстан көринер таўдың дарасы,
Питпес бул дүньяда кеўил жарасы,
Ойланың яранлар, ярдың жақсысы,
Буған түсти Айпаршаның саясы.

Молла болған сақлар ҳақтың кәламын,
Жылап тарқаттылар тәнде әламын,
Атасы, баласы, яры қосылып,
Бир-бирине берди тәңир сәлемин.

Бир-биреўин көрип кеўили тасты,
Сағынышлы бир-бирине қарасты,
Қосылды ғәриплер сағыў-саламат,
Қол алысып саў-саламат сорасты.

Атасы, баласы, қызы, Мәспатша тоғыз жыл айра түсип, Айпаршаның ғайраты менен саў-саламат қосылды. Көзлеринен жас алды, көкиреклерин басты. Саў-саламат табысты, болған ислерди бир күн жатып айтысты. Оннан кейин Айпарша Мәспатшаның либасын шешти, бир төбеге үйди, от берди. Ярын шомылдырып, арыўлап, шашларын алдырып, муртларын қағып, ҳасыл қамқа кийдирди, басына қундыз кийдирди, әдиўлеп алтын кәмар буўдырды, көргенниң кеўлин толтырды, тум-тустан көтерип Мәнжүн атқа миндирди. Иштен шықты әрманы, Мәспатшаның сонда кирди дәрманы. Жетилип қуўат-пәрманы, аттың басын бурады, айдап жолға салады, қапа кеўили хош болып, атасы бас болып, ата журтына қарай рәўана болады. Ғалаба минип атына, ҳешким шыдамай пәтине, жетип мақсет-мурадына, ел сағынған ерлериң тоғыз жылда айналып қайтыпты аман журтына.

Минип бедеўдиң белине,
Жеткерип қалмақты жерине,
Атлар шомылып терине,
Балларын ертип кейнине,
Қайтты дейди Мәспатша,
Туўып өскен елине.
Уллы Бухар журтына,
Аттың басын қаратты,
Перзентин ертип кейнине,
Әбдикәрим бас болып,
Елатына жол тартты.
Майданда бедеў желеди,
Қуўанысып пақырлар,
Алдына қарай дөнеди.
Шынмашынның шәҳәри,
Жети айшылық жол еди,
Сағынғаны соншелли,
Қырық күн жоллар жүреди,
*Қырық күн жүзи толғанда*,
Сәрсебиз атлы таўына,
Саў-саламат келеди.
Нешше айланып бурыўдан,
*Әрман қалмай жүриўден*,
Айра түсип нешше жыл,
Саў-саламат келеди,
Кенегес Маңғыт елине.
Аман келип елине,
Ақ жарылқап күн туўды,
Оң жағынан ай туўды,
Кеўли күтә жай болды,
Баласы келип елине,
Төрт түлиги сай болды.
Қапа кеўилин хошлады,
Халқына пөплик шашады,
Дүнья-малын бослады,
Уллы тойлар баслады.
Тоқсан отаў қурдырды,
Төрт қырлап ошақ ойдырды,
Маллардан семиз сойдырды,
Кенегес-маңғыт халқыны,
Толығы менен жыйдырды.
Төрлерден төсек сайлатты,
Баласының жолына,
Барын дарқан әйлетти,
Халқының кеўлин жайлатты,
Кәтқуда менен бийинин,
Кеўиллерин жайлатты,
Ҳалқаны кеңнен қурады,
Масқарапаз ойнатты,
Шабандозлар жыйнатып,
Халқына ылақ ойнатты,
Алтын қабақ аттырды.
Ашылған бағда лалады,
Серсебиз атлы салада
Тоғыз күн болды тамаша,
Гүзар деген қалада.
*Байлығын бәлент асырды*,
Не бир қарсы душпанларын,
Ақылынан састырды,
Жыйналған көп халайыққа,
Орамал-теңге шаштырды,
Тоғыз күн халық жыйнатып,
Кеўиллерин шад қылды,
Жасуллысын жыйнатып,
Ҳасыл сарпай жаптырды.
Ели-халқын тойлатты,
Аттың жалын таратты,
Мәспатшаның жолына,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алты түлик малының,
Бәршесин қоймай жаратты,
Қурды мурат-салтанатты,
Ада болды той-тамаша,
Он еки күнде тарқатты.
Ерекке отаў қурады,
Босағасын борлатты,
Керегесин сырлатты,
Уўықлары дәнданнан,
Табалдырық, маңлайша,
Сом алтыннан қуйдырды,
Ергенегин отаўдың
Лалы тастан ойдырды,
Сыртына тутқан шийлерин
Зербарақ пенен сырлатты,
Көргенди ерксиз қаратты,
Айпаршаның отаўын
Сол сыпатта сайлады.
Ҳайран қалды, досларым,
Айпаршаны көргенлер,
Ҳайран болып турады.
Мәспатшаның тәрийпин,
Сол жерде тамам қылайық.
Айпарша менен Мәспатша,
Бозордаға киреди,
Туўырлығын түреди,
Қара шашын тарады,
Аман келип елине,
Жәбири умыт болады.
Нешше жыл өткен өмирине,
Жүз мың ыразы болады,
Еки ашық қосылып,
«Уҳ» деп демин алады,
Қулақ салсаң, яранлар,
Мәспатшадай бул дәстан,
Сол жерде тамам болады.

* * *

Мереке-мейлис ықласы,
Халықтан ҳүрмет тапқан басы,
Заманның шебер жорғасы,
Үй-жайы жоқ, жалғыз басы,
Жаста өлген ата-анасы,
Қанғыў менен пақырдың
Өткен екен қырық жасы,
Тоқманғыт деген урыўда,
Мәмбетнияз өз аты.
Мәканы жоқ турыўға,
Халықты гезип көз салған,
Сулыў менен арыўға,
Ҳеш бир жаннан қорықпаған,
Тилге келсе қарыўға,
Ел гезип сулыў таңлаған,
Арнап дәстан жазыўға.
Бармаған жери қалмаған,
Айналыш, төте, бурыўда,
Талқан етип аралап,
Қазақ пенен қарақалпақ,
Өзбек, татар руўдан,
Халық ишинен айрықша,
Айпаршадай сулыўдың,
Тапқан екен хабарын,
Арнап дәстан жазыўға.
Қарақалпақ халқында,
Тоқманғыт деген урыўда,
Мәспатшадай дәстанды,
Мәмбетнияз торлаған,
Сол заманнан бермаған,
Мәспатшадай бул дәстан,
Халық аўзында тараған,
Түп-тийкарын сорасаң,
Мәмбетнияздан қалған.
Оннан берман сорасаң,
Жуўап пенен тақмаққа,
Жеңилмеген адамнан,
Заманында даңқлы болып,
Инам алған патшадан.
Халық ишинде сөйлесе,
Сөзлеринен пал тамар,
Халық аўзынан сорасам,
Жырлаған жерде күн жаўар,
Ҳаўазына, сазына
Еситкенниң еси аўар,
Қарақалпақ халқында,
Майлыбалта Қыпшақ руўдан,
Өтипти жыраў Айтуўар.
Мәспатшаның дәстанын,
Халық аўзынан сол алған,
Айтуўар жыраў атанып,
Алпыс алты жыл жырлаған.
Оннан берман сорасаң,
Арқа жағы — Тербенбес,
Қубла шети — Шорахан,
Күн шығары — Жаңадәрья,
Күнбатары — Кесе етек,
Ортасы соған қараған,
Мәспатшаны баянлап,
Халқын аўзына қаратқан,
Күнде жыйын, күнде той,
Атын атап соратқан,
Қазаяқлы-қытайдан,
Өтипти Палеке жыраў,
Мәспатшаның дәстанын,
Айтуўардан сол алған.
Аты аталған жерлерге,
Палеке жыраў атанып,
Қарақалпақ халқына,
Елиў бес жыл тараткан.
Оннан берман сорасаң,
Ерлерден асқан жүдә ер,
Өзи лаққы, жуўапкер,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаст еткен жерден қан алған,
Утылып қайтпас, жүдә өр,
Аты мәлим, сөзи сыр,
Жалған болса сөзлерим
Халық аўзынан сорап көр,
Кепе деген руўда,
Палекениң шәкирти,
Өтипти жыраў Арзы гөр,
Мәспатшадай дәстанды,
Қырық бес жыл халыққа таратқан.
Оннан берман сорасаң,
Шәкирт қалған олардан,
Шериўши, қылқалы руўдан,
Дилим жыраў, Бекимбет,
Әбдирейим, Әбдимурат,
Бағаналы қыпшақта,
Қабыл жыраў, Бегмурат,
Арзыдан алып дәстанды,
Алтаўы халыққа таратқан.
Оннан берман сорасаң,
Майлыбалта-қыпшақтан,
Көп соқыр деген қышлақтан,
Жыраўшылық өнерди,
Талап еткен жаслықтан,
Шәкирт болып Қабыл жыраўға,
Мәспатшаны ядлаған,
Тәлим алған солардан,
Алып таслап қәтесин,
Сөздиң жубын байлаған,
Аўылма-аўыл аралап,
Қарақалпақтың еллерин.
Еркин жүрип жайлаған,
Қарақалпаққа исми даң,
Отыз еки жыл жырлаған,
Түп-тийкарын сорасаң
Қыястан алынды бул дәстан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

60 - ТОМ



# МӘСПАТША

*Әбдимурат жыраў Арзымбет улы*

*Жазып алғанлар: С.Мәўленов, Ш.Хожаниязов*

*(1938-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы әййем заманында, Хорезм ўәлаятында, қарақалпақ елинде, қарақалпақтың кенегес руўынан Әбдикәрим байдың улы Султан Мәспатша дүньяға келипти. Жети жасына келгенде атасы мектепке берди. Жети жыл мектепте оқып, дәрисин тамам етти. Нардай күшине толды. Мәнжүн атының белине минди.

Узақ жолға бедеў атын шапты, батыр болып елине дабыл қақты. Алты ай зары-гирияң болып, кенегес елинен өз бойына ылайықлы қыз таппады. Оннан соң елинен шығып бес ай төрт күн жол жүрди. Ширшық дәрьясының бойына келди. Сол дәрьяның бойында жер суўғарып жүрген бир бабаны көрип, айбатынан қорқып, сәлем берип, бир сөз айтып турғаны:

— Ҳаўа жаўса, айдан көллер хөл болсын,
Жылдан-жылға аз дәўлетиң мол болсын,
Астында ғыйратың, белде кәмарың,
Мәнжүн атлы балам, саған жол болсын.

Сен минипсең Мәнжүн аттың белине,
Үйрек ушып, ғазлар қонған көлине,
Сапарыңды баян әйле, жан балам,
Сен барасаң қандай шаның елине?

Бийопа ағызба маңлай териңди,
Мен табайын кеўлиңдеги кириңди,
Мәнжүн атты минип сапар жүрипсең,
Маған баян әйле барар жериңди.

Атлар минип бәлент таўдан желесең,
Биреўдиң ашылған қызыл гүлисең,
Мәнжүн атлы балам, саған жол болсын,
Қайда сапарың бар, қайдан келесең?

Пешенеңде болса жазылған хатың,
Қайда туўып өскен, балам, елатың?
Бир-биреўден ат сораспақ сүннетти,
Қай руў, қайсы зат ҳаслы-затың?

Хеш бенде табалмас сениң миниңди,
Көп душпаның солдырмағай гүлиңди,
Бул майданда жол сораған бабаңа,
Жан балам, айтагөр келген жөниңди.

Мәспатша:
— Адамның рәўиши дейди дүнья-мал,
Жигитликте болды мениң ақлым лал,
Жол сорасаң, сапарымды айтайын,
Балаңның сөзине, ата, қулақ сал.

Қыя шөлде бедеўимди шаппадым,
Шапқанда бар еди тарқар сол дағым,
Алты ай излеп кенегестей елимнен,
Өз бойыма ылайық қыз таппадым.

Кейинимде қалды сонша халайық,
Несип болса екеўимиз дос болайық,
Ашықлық дәртинен шықтым елимнен,
Елинде қыз бар ма бизге ылайық?

Қара таўдың қабатында қар бар ма?
Жигитликте намыс билен ар бар ма?
Қыз қыдырып алыс жолдан келемен,
Сол елинде бизге ылайық яр барма?

Ашылған қызыл гүл қайерде барын,
Ата, қуп тыңлайгөр балаңның зарын,
Сол елиңде бизге ылайық қыз болса,
Иркилместен бизге бергил хабарын.

Баба:
— Талап етип шықсаң ашылған гүлге,
Сол себепли шықсаң, жан балам, елге,
Излегениң бизиң елден табылмас,
Ондай сөзди салма бизиң кеўилге.

Артыңызда қалса сонша халайық,
Бизиң елде сизиң елге ылайық,
Излегениң бизиң елден табылмас,
Табылса да, айтыў емес ылайық.

Жалғызбысаң, елден шыққан көрмедиң,
Ҳә демей: «сулыў қыз таўып бер» дедиң,
Иркилместен тез жолыңда түсе бер,
Балам, мени қыз ағасы деппедиң.

Атлар шаўып келдиң мениң қасыма,
Ақлың болса өзиң ойлап, ет шама,
«Сулыў қыз бар ма?» деп меннен сорайсаң,
Көзи шыққыр балам, қара басты ма?

Батыр болып найза алыпсаң қолыңа,
Қыз ағасы деп келмесин ойыңа,
Излегениң бизиң елден табылмас,
Иркилместен жүре бериң жолыңа.

Мәспатша:
— Бабам, қулақ қойып турсам сөзиңе,
Нәзериң түспесин бир келген изиңе,
Сулыў қыз бар жерин тезден айтып бер,
Қой ашыўды, суўпылығың өзиңе.

Усы жолға түспеппедиң жасыңнан,
Иркилмейин тез кетейин қасыңнан,
Жол сорасам, келди маған ашыўың,
Жигитшилик өткен жоқ па басыңнан?

Қарамадың маңлайдағы териме,
Ағыўланып жеткердиң ғой жериме,
Бирден «көзи шыққыр» дейип қарғадың,
Менменлик өзиңе пайда бере ме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қылыш урып алайын ба жанынды?
Сол майданда төгейин бе қанынды?
Қыя шөлде әрман менен өлтирип,
Патшалық етермен дүнья-малынды.

Сол майданда шығармастан үнинди,
Ашыўлансаң, мен оярман көзинди,
Қызы сулыў жерден бергил хабарды,
Ашыўланбай айтқыл, ата, жөнинди.

Буны еситип, ғаррының бетинен қаны қашты, қорыққанынан састы, еки көзи аларып, пешин аяққа басты, қыз бар жерин айтып, кеўилин ашты.

— Қорқытып қанымды қашырдың, ақылдан састырдың, ырайымнан қайттым, қызы бар жерди айтайын, — деп бир-бир баян әйлеп, бир сөзди айтты:

— Көп таманың елинде, төрт түлик мал айдаған, Ақдәрьяны жайлаған бир бай бар еди. Сол байдың алты баласы бар, алты баланың ең уллысы Лабақбай деген бар. Оның хан айттырса бермеген, қараны көзге илмеген, сөз айттың сирә демеген, он бестен он алтыға келген Айпарша деген қызы бар деп еситтим, балам, саған бир жараса сол жарар, — деди.

Онда Мәспатша турып:

— Ҳәй, ата, сол қызды айттырып келесиз бе? — деди.

Ғарры айтты:

— Шырағым балам-аў! Егистиң ўақыты өтип баратыр. Тамақ деген үлкен жаў, мен де усы жаптың бойына келип, жылда кимниң аты, арбасын алып, ҳалыма ылайық дийханшылық қыламан. Жылда еки тақыя жүўери шашаман, мениң сондай аўқатым бар, бала-шағамды зорға асырап отырған ҳалым бар. Буны таслап кетсем, бала-шағам аш қалады. Кеўилди хошлап, басымды бослап, қыз айттырып жүре берсем, тур бөгет жығып кетер, суў оқпанға кетер, сөйтип еткен мийнетлерим зая болар, балам, — деди.

Мәспатша ғаррыны арбап бир сөз айтты:

— Аманлықта дүнья жүзин шолайын,
Айтар сөздиң енди таптым қолайын,
Айпаршаны айттырып кел, жан баба,
Тур бөгетке өзим беккем болайын.

— Балам, ғарры бабанды мунша қыйнай бердиң ғой, барсам барып келейин, — деп, ғарры жолға рәўана болды.

Бул кетистен кетти, байдың үйине жетти, байдың үйине барып:

— Мына арқадағы Бозжаптың бойында жаңа аўнап жатыр едим, бозда жатып өлетуғын болдым, байдың үйине барайын, сәлем берип қайтайын, деп келдим, — деди.

Онда Лабақбай қатынына қарап:

— Себеп пенен келген шығар, тамаққа тойғызып жибер, күнде келип атырған жоқ ғой, — деди.

Қатыны орнынан турып қазанның басына барды, қазанға майды қуйып, жуптан тоққыз қатлама писирип, бир табақ қатық пенен алдына қойды. Ғарры қатламаға тойып алды.

— Шырағым, мен қайтайын, жатқан жерим де узақ еди, қосыма барып жетейин, — деди.

Байдан жуўап алып, қайтып баратырып, туўра айтыўдың есабын таппай, Лабақбайдың Байтөбе деген төбеси бар еди, соған минип, Лабақбайдың үйине қарап айтып турғаны:

— Таўларда болар тарғыл тас,
Ағарлар көзден селли жас,
Қызыңа келген жаўшыман,
Лабақбай келип хабарлас.

Аў аўлаған аўшыман,
Таў жайлаған таўшыман,
Лабақбай келип хабарлас,
Қызыңа келген жаўшыман.

Сенлер темир, мен көмир,
Еритпеге келгенмен,
Қулыны өлген бийени,
Телитпеге келгенмен,
Еки «ғәрип» саўдасын,
Жөнлетпеге келгенмен,
Сениң менен қуда боп,
Атаңа нәлет Лабақбай,
Бас жемеге келгенмен.

Бул сөзди еситип, Лабақбай:

— Мына атаңа нәлет бизиң Айпаршаны айта ма? Тамаққа тоймай жүрген жаман, қатламаға тойып, аўзына келгенин айтып турғанына қара! Буны жоқ қылып келейин, — деп кейнинен қуўды.

Ғарры қаша берди, Лабақбай қуўа берди. Ғарры қашып бир қырлардан асқанда, Лабақбайға көринбей кетти. Лабақбай жете алмай изине қайтты. Енди оны биротола атлы қуўайын деп, ақбаслы ерди ертлеп атты минип атырғанда ҳаялы:

— «Қызды ким айтпайды, қымызды ким ишпейди» деген, қызды бар да айттырады, жоқ та айттырады, — деди.

Бул байға мақул түсти ҳәм де тағы ҳаялы:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Оны қалың малдан қашыр, күши келсе алсын, күши келмесе қалсын, — деди. Бул сөз де байға мақул түсти. Үйине кирип отырғанда, ғарры бағанағы сөзди тағы айтып тур еди. Оннан соң бай далаға шығып, ғаррыға айтты:

— Мениң қызымды алар болсаң, мың қара бас қой, мың қара бас түйе, мың қара бас бийе, мың қара бас сыйыр бересең, — деди.

Ғарры:

— Жақсы, әжеп болады, усы сөзди бағана-ақ айтып, ырайыңнан қайтсаңшы, мал болмақтан желге берсең де, Айпаршаны айттырып келетуғын едим, — деп ғарры изине қайтты.

Баяғы жерге келсе, Мәспатша уйқылап қалыпты. Бөгет бузып, суў кетипти. Мәспатшаны оятып, аўҳалды түсиндирип айтады.

Мәспатшаның үйинен алып келген бир қап зерин арқалап, ғарры питисиўге тағы кетти. Жолда қапты ашып, зерден қойнына, қонышына тығып сыйғанын алды. Байдың үйине жетти:

— Лабақбай, малыңды ал, — деп даладан дабыл етти.

Онда Лабақбай «бул заңғар демниң арасында айдап келгени ме» деп, далаға шығып қапты көрип, қатты қаҳәри келип, өлтириўге талап етти.

— Мениң аўзыма ушық тары әкелип, қалың мал есабында питисейин деп келгениң бе? Бул қандай нәрсе? — деп қозғалып айтқанда, ҳаялы:

— Оның не екенин билесең бе? Зер ме, алтын ба? Услап көр, — деди.

Услап көрсе, зер екен. Оны көрген соң айтқан лебизи бойынша қуда болды, алтын-гүмиске үйи толды. Малды сойды, тамақты алдына қойды, молла шақырып некесин қыйдырды, бастан ўазыйпа кеширип, қол пәтия оқып, ғарры баяғы жерге қайтты, көрген-билгенин Мәспатшаға айтты.

Мәспатша бирнешше ўақытқа шейин билдирмей күйеўлеп келип турды. Еки ашық қосылып, күшигендей шыңқылдап, ақжекендей былқылдап, ай киби жарқылдап жүре берди. Бир күнлери Айпарша Мәспатша жатқан қостан үйине қайтқысы келип, Мәспатшадан жуўап сорап, мына сөзлерди айтты:

— Жарқыраған етигиңниң ултаны,
Кеўилге ойлама атаман аны,
Жуўап бергил, үй жағыма қайтайын,
Кенегестиң Мәспатша атлы султаны.

Не қылсам да бирге жолдан жүремен,
Изиңизге қайнақайын еремен,
Кеўилге аўыр алмай, бергил жуўапты,
Кенегестиң султаны сен, мәс төрем.

Бәҳәр бағда өсер жайнап гүл ғунша,
— Бул сөзиңе кеўлим питти Айпарша, —

Ярының бул сөзин еситип турып,
Баслай берди бул сөзлерин Мәспатша:

— Бәҳәр болса бағдан гүлди теремиз,
Саўаш көрмей ат кекилин өремиз,
Кеўилиңди қатты қойып жүре бер,
Денсаўлықта нешше дәўран сүрермиз.

— Жел сөз бенен көтермейин өзимди,
Төмен етпес мениң ҳасыл жүзимди,
Қысқаша қысқартып айттым өзиңе,
Дәўран сүрер жан қосағым, сөзимди, —

деп айтып Айпарша үйине қайтты.

Бир күни бай қызын узатар болды, Мәспатша қәйин атасына арыз етти:

— Қәйината! Маған мал-дүнья, ҳешнәрсе керек емес, кенегестиң еллери узақ, бул берген мал-дүньяңды Айпарша менен бизге алып барыў қыйынырақ, қызыңа бир жақсы жүйрик ат мингизсең, сонда алып кетермен, — деди.

Сол гәпти еситип Айпаршаның атасы Қатаған халыққа барды. «Сандал ат деген бир ат бер» деди. Көп дүнья менен бул атты сатып алды. Сандал атқа Айпаршаны миндирип, еркек кийим кийдирип, қарыў-жарақ асындырып, бай қызын узатар болды. Әне, Айпарша жолға шықты, ата-анасы изинен ерип, «қал» десе де қалмайды, тиллерин сирә алмайды, ботадай бозлап кейнинен қалмаған соң, Айпарша ата-анасына қарап, «Қалағойың еки бирдей қариялар» деп бир сөз айтққаны:

— Бәҳәр күни бағдан гүллер терилер,
Өлмегенлер ақыр бир күн көрилер,
Жыламайын берип қалың пәтия,
Жылай бермең еки бирдей ғаррылар.

Алма көзли нар бедеўлер сүзилер,
Сизлер десе тәнде жаным үзилер,
Жылай бермең еки бирдей бийперзент,
Жыласаңыз, мениң кеўлим бузылар.

Қарқарам бар бул басымда шоқтан-шоқ,
Тама елде сүрдим дәўран аздан көп,
Жылай бермең еки бирдей бийперзент,
Ҳаслым нашар, бир кеткен соң көрмек жоқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол сөзлерди еситеди ийеси,
Көкирегине сыймай жаны, денеси,
Жүрип келди Айпаршаның қасына,
Таслай берди еки қолын мойнына:

— Айпаршажан, един көзде қарағым,
Сен кеткен соң ким болар халдан сорағым,
Улдай көрген Айпаршамнан айырылып,
Сөнди бүгин енди жанған шырағым.

Бахтым ашылып, болармекен тилегим,
Ақ найзаға палўан көрдим билегиң,

Қызымды алған сен де балам Мәспатша,
Арзымды есит, ер сымбатлы күйеўим.

Шаппай, желмей қанатымнан қайрылдым,
Урпағымнан, қанатымнан айырылдым,
Ойымның барлығы жалғыз Айпарша,
Улдай көрген жалғыз қыздан айырылдым.

Бүлбил ушын қарға қонған гүлимнен,
Қартайғанда айырылдым жүрген жолымнан,
Биле билсең, сен де мениң бир балам,
Хабардар бол жалғызымның ҳалынан.

Мәспатша, Айпаршаға ата-енеси жуўап берип жөнелтти. Булар Бәҳәр ўәлаятынан Кенегес елатына жолға рәўана болды.

Тақты Маржан сәдепти,
Қыздың бағры кәбапты,
Атасы менен енеси,
Берип қалды жуўапты.
Шаппай аты майрылып,
Жез қанаттан қайырылып,
Айпарша шөлде жылайды,
Ел-елаттан айырылып.
Сандалды жолға салады,
Далада кеўли тасады,

Қайнап кеўли йошады,
Айпарша минген сандал ат,
Айпаршадай сулыўды,
Өксип алып қашады.
Сүре алмайды дәўирди,
Айпарша көрди жәбирди,
Ат жылаўын көп тартып,
Айпаршадай ҳасылдың,
Нәзик қолы аўырды.

Сол ўақытта Айпарша Мәспатшаға қарап:

— Үш күн болды, дәрбент жолға келмей, бизиң бедеў ҳаўлықты. Қәне, төрем, ат сынасып көрейик, бизиң тулпардың ҳаўлыққаны басылғай — деп айтқаны:

— Бул жолларда болды мениң ақлым лал,
Ата-енем бир көрмеге болды зар,
Арзымды есит, кенегестиң султаны,
Алғаныңның сизге айтар арзы бар.

Саўаш көрмей ат кекилин өрейик,
Елатыңа барып дәўран сүрейик,

Бизиң аттың ҳаўлыққаны басылғай,
Қәне, төрем, ат сынасып көрейик.

Он төртимде бағда гүлим ашылғай,
Аман барып, елге жүзим шашылғай,
Келиң төрем, ат салысып көрели,
Бизиң аттың ҳаўлыққаны басылғай.

Сол ўақытта Мәспатша менен Айпарша майданда ат шабысады. Алдында Айпарша, кейнинде Мәспатша қуўады.

Әжел майын ишеди,
Кепин тонын пишеди,
Айпарша қашты алдында,
Мәрт кейнинен түседи.
Қуўып жетип кейнинен,
Жаўлар бүйтип келер деп,
Айпаршадай сулыўдың,
Жегдесинен шаншады,
Жегдесин алып қашады,
Мәспатша қашты алдында,
Айпарша қуўды кейнинен,

Қуўып жетип Айпарша,
Кәмарға қолын созады,
Мәспатшадай төресин,
Аўдарып аттан алады.
Гә аўдарып қыз алса,
Гә аўдарып мәрт алып,
Муҳаббеттиң шөлинде,
Айқасып ойнай береди.
Дәрбент деген табан жол,
Қараған жаман жол,
Сол дәрбентке келеди.

Қалмақтың ханы Бабахан Айпарша қызға ашық екен. Дәрбент жолдың тум-тусына әскер жиберип, мергенлер менен Мәспатшаны күтип жатыр екен.

Сол күни қалмақлардың байрам күни екен. Сол ўақытта Мәспатша, Айпарша өтти де кетти.

Қалмақлардың хайяр бабасы бар еди. Ақшам қараўыл еди, күндизги күни даўыл еди. Бабаның астында бир байталы, дәстинде қанжар пышағы бар. Өзи ҳәм алпыс бес жасында еди, бул да Айпаршаға ашық еди. Баба байталдың қасына келди, шамай ерди белине сайлады. Айыл, қуйысқанды

www.ziyouz.com kutubxonasi

беккем етип таңып ертлеп алды, байталдың белине минип, ат қойып, Дәрбент жолға кетти. Ошақ орнындай қазылып қалған еки бедеўдиң изин көрди. Айпарша менен Мәспатшаның өтип кеткенлигин билип, ат қойып Бабахан патшаның алдына келип сөйлей берди:

— Таланда қойсам дүнья-мал,
Тассадық болсын ғәрип ҳал,
Үстиңнен өтти ашығың,
Тезирек атлан, Бабахан.

Бедеўлер минген гүлли тас,
Ақты көзден селли жас,
Ашығың өтти үстиңнен,
Атланың тезирек, қызылбас.

Қыз таққан тилла сәдепти,
Яр ушын бағрым кәбапты,
Өзлериң бармасаң, қал, қалмақ,
Атаңа бериң жуўапты.

Сол ўақытта Бабахан патша бабаға жуўап берди, байталға бир қамшы басты, қалмақтың Қараўылтөбе деген төбеси бар еди, бир урған қамшының зарпынан Қараўылтөбениң үстине түсти. Қолына дүрмин алып, баба алдына, кейнине көз таслап қарап еди, алдында үш мезгиллик жолда баратқан Мәспатша менен Айпаршаны көрди. Және байталға бир қамшы басты, гә ушты дә, гә қонды. Шығыраўыз дегенниң үстине қонып, және кейнине, алдына дурмин алып қарап еди, кейнинде төрт мезгиллик жолда келатқан Айпарша менен Мәспатшаны көрди.

Өтетуғын жол екен, мезгилли-мәканлы деп, байталдың үстинде қараўыл болып тура берди.

Сол күни Айпарша қыз аттың үстинде қалғып киятыр еди, шоршып оянып еди, таң жаңа ғана атқан екен. Мәспатшаның да сезикленип, ол таўдың үстине қарап келатырғанын көрди. Онда Айпарша: — Шағыр таўға телмиреп сен қарайсаң, — деп бир сөз айтқаны:

— Сен келерсең узақ жолдан ат қойып,
Өтер өмирим жат журтларда хор болып,
Бекежаным, нейерлериң аўырды?
Өз халқында сүралмадың дәўирди.

Мунша белли көрдиң кимнен жәбирди?
Ақша жүзиң кемлик пенен сарғайды,
Бекежаным, нейерлериң аўырыйды?
Өз елинде сүре алмадың дәўирди.

Саўаш көрмей ат кекилин тарарсаң,
Саўаш күни мүшкил күнге жарарсаң,
Қара көрген жерге нусқа бер, ярым,
Шағыр таўға телмиресең, қарайсаң.

Қара шашым бестен таллап өрейин,
Ҳалым келсе, мен изиңе ерейин,
Қара көрген жерге нусқа бер, ярым,
Сен көрген қараны мен де көрейин.

Сол ўақытта Мәспатша Айпаршаға қарап бир сөз айтты:

— Бедеўиң шомылып таза терлерге,
Яд етип сыйынып кәмбил пирлерге,
Қалмақ қашып, бизлер қуўып, Айпарша,
Жаңа келдиң лалаўласқан жерлерге.

Ат шапқанда бәлент таўлар пәсмекен,
Сол көринген душпанмекен, досмекен,
Сен бизлерден қырағы болсаң, Айпарша,
Адамзат па яки ушқан қуспекен?

Ат шаптырмас таўдың бәлент қыяғы,
Бизлер жүрген дин мусылман туяғы,
Сен бизлерден қырағы болсаң, Айпарша,
Неге мегзер сол қараның сыяғы.

Сол ўақытта Мәспатша Айпаршаға қарап, танырмекен, танымаспекен, деп айтқанда, Мәспатшаға қарап Айпарша бир сөз айтып турғаны:

— Ойлай берсем бул сөзлерим гүманды,
Қалмақлар айырмас бастан думанды,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Муннан елге барар киси гүманды.

Сен минерсең Мәнжүн атты белине,
Зулым душпан отлар салар денеме,
Абырай барда, ел ийеси, жолдан шық,
Муннан аман баралмассыз елиңе.

Ашылмаған бәҳәр бағда лаласы,
Себил екен сендей ердиң қаласы,
Сол көринген қалмақтың хайяр бабасы,
Үш мезгиллик жолды, төрем, арасы.
Басында бар екен тоғыз сәллеси,
Биле-билсең, қалмақтың хайяр бабасы.

Ат шабылар жолдың майдан пәсине,
Көрген қайыл болар оның қәддине,
Сол бабаның изи жатыр, өзи жоқ,
Шаўып шықты Шағыртаўдың үстине.

Мәспатша таўдың үстине шығып, «бул баба жин бе, шайтан ба» деди, көз таслап қарап турса, бир ойдың ишинде ақсақаллы, басында сәлле, ийнинде мәлле, қолында ҳаса, қублаға қарап отырған бабаны көреди, ат қойып бабаның қасына келеди. Мәспатша менен Айпаршаны көрип, Мәспатшаға қарап баба айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Күннен күнге болған бетер бул дәртим,
Қалмақтың журтында артқан мийнетим,
Жылап турған бабаң сеннен айналсын,
Аманбысаң, еки бирдей перзентим.

Мен келермен алып жолдың жырағын,
Тау үстинде таптым сениң дәрегиң,
Тауды гезген бабаң сеннен айналсын,
Аманбысаң еки бирдей шырағым.

Бүлбил ушып ғарға қонған гүлимнен,
Қартайған соң айрылдым жүрген жолымнан,
Неге танымайсаң мендей пиринди,
Аттан түсип неге алмайсаң қолымнан?

Сол гәпти айтқаннан соң Мәспатша атынан түсип, пирим екен деп зиярат етти. Сол ўақытта Айпарша ләбини тислеп, пушайман етип:

— Ҳәй, бегим, сениң пириң емес, қалмақтың ҳайяр бабасы ғой! — деп, Мәспатшаға қарап Айпарша бир сөз айтып турды:

— Ашылмаған бәҳәр гүлдиң лаласы,
Қабыл емес сендей ердиң тобасы,
Абырай барда тез атланың, султаным,
Пириң емес, қалмақтың ҳайяр бабасы.

Минген бедеў ара шөлде желгендей,
Қартайғанда қыз ышқынан өлгендей,
Абырай барда тез атланың, султаным,
Ҳайяр баба изден қуўып келгендей.

Бахтым ашылып, болармекен тилегим,
Ақ найзаға палўан көрдим билегим,
Абырай барда тез атланың, султаным,
Пирим десең, қалар таўда сүйегиң.

Мен қарап жылайын жолдың дүзине,
Пирим десең, салар сепкил жүзиңе,
Абырай барда тез атланың бул жерден,
Нәлет айтып бундай пирдиң өзине.

Сол ўақытта Мәспатшаға қарап баба:

— Алып келатырған ярың усы ма? Жүзиниң қызылы болмаса, бир бийҳая, атаңа нәлет екен, — деди.

Сол гәпти еситип, Мәспатша ырғып Мәнжүн аттың үстине минди. Бул бабаның тиллери шийрин екен, ләблери жүббе екен, егер қалмақ болса, қалмақ шығар деп, аттың үстине минип кетермен болды.

Баба Мәспатшаның кетерин билип, шайырлық етип, атының жылаўынан алды, Мәспатша менен Айпаршаның көргенлерин, шеккен жәбирлерин баянлап бир сөз айтты:

— Бедеў ушар барған қыядан, тастан,
Бул көзим көр қалмас аққан бул жастан,
Бул сөзиме қулағың сал, жан балам,
Айтайын нәсилинди жасырмай бастан.

Диниң хақдур, Мухамметтиң динисең,
Исиң пәкдур, бир қуданың қулысаң,
Қалмақ болсам сени қайдан билемен,
Кенегес елде Әбдикәрим байдың улысаң.

Жағам сел болғанды көздиң жасына,
Қайыл болдым ҳақтың еткен исине,
Қалмақ болсам, сени неге билемен?
Жети жаста мектепте, балам, оқыдың,
Быйыл келдиң әйне он төрт жасыңа.

Узақ жолда бедеў атың шаппадың,
Батыр болып халқыңа дабыл қақпадың,
Алты ай сергиздан болып Маңғыт халқынан,
Өз бойыңа ылайық қыз таппадың.

Гүмистен питилген тиллә сазысаң,
Айтысқанда ўаҳ бермеген назысаң,
Қалмақ болсам, буны неге билемен?
Лабақбайдың көптамада Айпарша
атлы қызысаң.

Өз халқында сүралмадың дәўирди,
Ҳаслың нашар, жастан көрдиң жәбирди,
Қалмақ болсам, сени қайдан билемен,
Үш жаста үш ай қәсте болып аўырдың.

Узақ жолдан байталымды шапқанман,
Айпарша деп жанымды отқа жаққанман,
Қалмақ болсам, муны неден билемен,
Өзим барып үш жанлықтың өкпеси
менен қаққанман.

Келмей думан бул басыма жәдигер,
Қалмақ десең, мен боламан пәнтқумар,
Пирмен, әгер саған жалған сөйлесем,
Пир жалған сөйлесе урар пири бар.

Айпаршаның үш жасында аўырғанлығы ырас еди, баба үш жанлықты жаралап, терисине түсирип жазғаны да ырас еди. Бабаның зейнине тийдим бе деп жаны қалмай қорқып, дәрҳал атынан түсип:

— Ҳәй, баба, жаздым, жанылдым, тәўбе еттим, ырайымнан қайттым, қолыңды бер, — деди.

Баба Айпаршаға:

— Әўелден қарамадың жүзиме, исенбедиң сөзиме, пириңмен деп айтқанда неге илмедиң көзиңе, жүзиңе жантақ шықсын, атаңа нәлет бийҳая, — деп терис қарады, оннан соң:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, перзентлерим, сизлер ойнаған дегишпени бизлер көтермесек, бизиң ойнаған дегишпени сизлер көтермесеңиз, сизлерден перзент болмас. Бул жолдың туўрасы бар, қыясы бар, пириңиз жолды қайда басласын, — дейди.

Мәспатша турып:

— Билсең, туўрасын басла, баба, — деди.

Баба сәркерде болып жол баслайды, күн батқаннан таң атқанға қыйсық жолға баслайды. Бир күни таўларда жүрген көп кийик пенен қуланға көзи түсти. Ҳеш нәрседен хабарсыз Мәспатша кийик, қуланды қуўып кетти. Баба Мәспатшаның кеткенин билип, қыздың аўлақ, жекке қалғанын көрип, ат шаўып Айпаршаның қасына келди, Айпаршаның мойнынан алып, бетинен жуп посадан алды, сол ўақытта бабаға қарап Айпарша:

— Бәҳәр болмай гия таўға питер ме,
Әреби атлар қамшы урмай желер ме,
«Пириңмен» деп айтып едиң әўелде,
Пир болған усындай исти етер ме?

Бедеў жүрген таўлардағы гүлли тас,
Әрман менен ақты көзден селли жас,
«Пириңмен» деп айтып едиң әўелде,
Қолыңды тарт, дин билмеген қызылбас.

Сол ўақытта баба қашса қутыларын, алдаса инанарын билип, оқ жетпейтуғын жерде турды. Мәспатша Айпаршаның қалғанын билип кийикти таслап, Айпаршаның қасына келди, Айпарша сонда Мәспатшаға қарап бир сөз айтты:

Ладанлықта кеттиң кийик изинде,
Кәпир баба себил салды жүзиме,
Шап оныңды бегим, тезирек өлтириң,
Сен кеткен соң қол узатты өзиме.

Алдаўлықта жүрек баўрым дағлайды,
Қыял өтсе қалмақ қолың байлайды,
Шап «пириңди», бегим, тезирек өлтириң,
Сен кеткен соң қол узатып ойнайды.

Сол ўақытта Мәспатшаның қәҳәри келип, қынаптан қылышты суўырып алып өлтирмекши болды. Баба Мәспатшаға жақынлап, ғарқылдап күлди. Сонда Мәспатша айтады:

— Сени мен өлтирейин деп киятырман, сен неге күлесең? — дейди.

Сонда баба айтады:

— Сениң ладанлығыңа күлемен, — дейди.

Мәспатшаның қәҳәри қайтты, қылышты қынапқа салды, баба Мәспатшаның ладан, гөдеклигин билип, Мәспатшаға қарап бир сөзди айтып турғаны:

— Атаң бизге тапсырды сизди аманат,
Аманатқа пир етер ме қыянат,
Бириң улымсаң да, бириң қызымсаң,
Қызым дейип етип едим зиярат.

Жол билмесең, бизден сора жуўапты,
Кәәбаға барғанлар етер саўапты,
Бириң улымсаң да, бириң қызымсаң,
Қызым дейип етип едим таўапты.

Ашылмаған бәҳәр бағда қызыл гүл,
Хызметкермен та өлгенше, өзиң бил,
Бириң улымсаң да, бириң қызымсаң,
Қызым деп-ақ ҳәр бетинен бир сүйдим,
Кейингисин, ладан улым, өзиң бил.

Сол ўақытта Мәспатша:

«Бул бабаға таяқ урсам қайтып елге бармаспан, ата-ене дийдарын көралмаспан, бир баба дос болғанда не, қас болғанда не» деп жолға рәўана болды.

Баба Мәспатша қарап, байталдың белине минип, ақшам қыйсық жолға баслады, күндиз туўра жолға баслады, үш күнде сап тартып жатырған Бабаханның үстине түсирди. Жатқан Бабаханның ләшкерин көрип, танап тартым жерде баба қашып баратыр. Мәспатша бабаның кейнинен қуўып, бир жуўап айтып турыпты:

— Қыстанғанда шығар аттан қара тер,
Пир болсаңыз, етпегейсиз гүнакер,
Лалаўласқан жаўлар шықты алдымнан,
Егленегөр жол баслаған сәрдар пир.

Бәҳәр болса шөлде гия бөрте ме,
Әреп атлар қамшы урсам жорта ма,
Зәрре еглен, жол баслаған сәрдар пир,
Пир болғанлар сондай исти етер ме?

Бүлбил ушқан ғарға қонған гүлимди,
Бүгин сөйлетермен шешен тилимди,
Зәрре еглен, жол баслаған сәрдар пир,
Пир болсаңыз, қоллар күниң бүгинди.

Сол ўақлары ойланып баба сөйледи:
— Минген бедеў ара шөлде желмей ме,
Сендей ладан жаў қолында өлмей ме,
Уғлым, исене бер өзиң пириңе,
Ҳайяр баба өлмей сени қоллар ма.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Себил екен сендей ердиң қаласы,
Уғлым, исене бер өзиң пириңе,
Пириң емес, биз қалмақтың бабасы.

Байталымды ара шөлге шапқанман,
Адам билмес көп ҳийлени тапқанман,
Енди өлсем ыразыман жаныма,
Айпаршаның ақ бетинен өпкенмен.
Сол гәплерди бир айтып,
Айналып баба қашады,
Байталға қамшы басады,
Ескен самал тынғанша,
Айтып аўзын жумғанша,
Жыйынға араласады,
Хан отырған шатырға,
Баба шаўып келеди,
Ыңыранып сөйлей береди:

— Таланда қойсам дүнья-мал,
Биз таппадық шийрин жан,
Ашығың келди үстиңе,
Атланың тезирек, Бабахан.

Бедеў минген қыя тас,
Ақты көзимнен селли жас,
Ашығың келди үстиңе,
Атланың тезирек, қызылбас.

Ат қуйрығын түйдирме,
Мәрт еңбегин күйдирме,
Он бес күн ҳәлек болыппан,
Тезирек атлан, Бабахан,
Еңбегимди күйдирме.

Сол ўақытта Мәспатша қалмақтың әскерин көрип, атын жолға салып, Айпарша екеўи жолға қашпақ пенен болды. Қалмақтың батыр, бахадыр жигитлери Мәспатшаның кейнинен қуўып жақынлап келди, сол ўақытта Айпарша турып қыял етеди: мәрт жигиттиң қасында мәрт жолдасы болса, кейнинен жаўлар келгенде ол жигитке күш-қуўат берсең, оның ашыўына тийесең, оның ашыўына тийсең, кейнине айналып жаўға ат қояды, дейтуғын еди. Буны сынап көрейин, қорқақлық қылса, қара шашымды түйейин, саўытымды кийейин, Мәспатшаны таўдың бир жерине таслап, өзим-ақ жаўға тийейин деп, Мәспатшаға қарап турғаны:

— Атты шаптым қыя майдан таўларда,
Шәмен байлап ойнамадық бағларда,
Жаў алдында қашагөрме, ладаным,
Батыр халқы қашамекен жаўлардан.

Минген бедеўимди таўдан асырып,
Сен келген соң қалмақларға бас урып,
Жаў алдында сасагөрме ладаным,
Изден келген душпан кеўлин өсирип.

Қара шашым тал төбеме түйермен,
Атам берген саўытымды кийермен,
Өзиң қорқсаң, қалағойың таўларда,
Ғайратланып мундай жаўға тийермен.

Сол ўақытта Мәспатша Айпаршаға қарап бир сөз айтты:

— Мен жаўдан қорқып ямаса нәмәрт болып келатырғаным жоқ, паналағандай пана, киргендей қала таба алмай киятырман. Сен бир таўды паналап тур, мен жаўға ат салайын, буннан соң мениң нәмәртлигимди, батырлығымды көрип бил, — деди.

Айпарша сол ўақытта Мәспатшаға қарап:

— Сен муннан жаўға барсаң, қалмақларды қырасаң. Аман-саў елге барғанда, қыз бенен келиншек ғаўлап үйге толғанда, яр-дос жигитлериң ҳармасынға келгенде ерлик етип гүрриң етерсең. «Айпарша сулыўды узатып алып қаштым, гез келген жаўларды қырдым, қылыш ғайратым менен алып келдим» дерсең. «Қәне, Мәспатшаның айтқаны дурыс па, қәте ме?» деп сорар. Сол ўақытта «ырас» дейтуғын нашарың мен емес, сен жылда қалмақтың үстинен өтесең, ишиндеги ерин, батырын өлтирип өтесең, ендиги қалған шопанды-шоррықты саўғаға бизге бергенде не қылады, — деди.

Сол ўақытта «бул қыз батырмекен» деп, Айпаршаға жуўап берди.

Айпарша минип Сандалға,
Қара шашын дал төбеге түйеди,
Атасы берген саўытын,
Оң ийнинен кийеди,
Нашарлығын билдирмей,
Даўыслап жаўға тийеди.
Араласып барады,
Дым билмеген душпанға,
Даўыслап найза салады,
Алдын қырдым дегенде,
Кейни ғаўлап толады,
Кейнин қырдым дегенде,
Алды ғаўлап толады,
Дин билмеген қалмақлар,
Айпаршадай нашарға,
Дәсти бермей туўлады.
Жаўлар басқы тапқанда,
Байлаған белге потасы,
Жоқдур сөздиң қатасы,
Кеселеп шықты алдынан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол шөллердиң ишинде,
Дос болған ҳайяр бабасы.
Қалмаққа шаўқым салады:
— Қурылсын ақ шатырлар,
Айпарша қыз, батырлар,
Ашық екен өзиме,
Мәспатшасы өлипти,
Айпарша излеп келипти,
Қашагөрмең қалмақлар,
Үстине кийген саўытын,
Жасыл менен тыслапты,
Астындағы арғымағы киснепти,
Әсте қашың қалмақлар,
Нашарлығын соннан бил,
Қолындағы найзасын,
Шеп жағынан услапты.
Үркер келип тәрезиге таялар,
Хызметкерлер хан қасынан жай алар,
Атларынды тарта шабың қалмақлар,
Сары ат минген Сандал атлы ол нашар.

Сол гәплерди айтқанда,
Алдындағы қалмақлар,
Аттың басын оңлайды,
Қулағын салып тыңлайды,
Сингирлеген сестинен,
Қыз екенин аңлайды,
Беси келип оңынан,
Оны келип солынан,
Айпаршадай ер қызды,
Ортаға қалмақ алады,
Он еки қатар қурмады.
Өлерин қыз биледи,
Айпарша турып жылайды,
Ашқай деп мениң бағымды,
Тәселле берип өзине,
Нашарлығын билдирмей:
«Мен ортаға түсиппен,
Дүзде қалған ярыма,
Жеткизегөр хал жайым».
Қарап турса Мәспатша,
Енди ортада көреди,
Бағдан гүллер теремен деп,
Өзим өлмей, ярымның,
Сүйегин жаўға бермеймен, деп,
Ортаға атты қояды,
Айпаршадай ярыны,
Жаўдан айырып алады.
Жаўға тартты гиристи,
Күн батар ўақ болғанда,
Айпарша менен Мәспатша,
Ерегискен жаў менен,
Қайтпай салды урысты.
Әйне қуптан болғанда,
Мылтықтың жолы байланды,
Айпарша менен Мәспатша,
Қайтып изге айналды.
Дәрбент деген табан жол,
Қарғанға жаман жол,
Дәрбент жолға келеди,
Мәспатша атын тутады,
Батыр аман өтеди,
Айпарша атын тутқанда,
Отыз мерген буққышлап,
Он бес мерген оңынан,
Он төрт мерген солынан,
Буққы таслап жатады,
Ақбаслы ердиң қасы деп,
Тап жүректиң басы деп,
Айпаршадай сулыўды,
Мергенлер байлап атады.
Айпаршадай сулыўдан,
Зеңберлери өтеди,
Алдына қарап жығылса,
Жалы менен сүйеди,
Сол артына жығылса,
Бөктериўи сүйеди,
Қостарлық етти сандал ат,
Алып қашты ортадан.
Сыртта тутып Мәспатша,
Теппенниң сестин алады,
Сол кейнине қарады,
Жарадар қызды көреди,
Атты қойып Мәспатша,
Қыз жанына барады,
Жарадар қызды өңгерип,
Ат қосарға бир алып,
Жолларда қашып барады.
«Ат басына күн tуўса,
Суўлығы менен суў ишер,
Ер басына күн туўса,
Етиги менен суў кешер».
Тебингиден тер тартып,
Тебисин билмей барады,
Жүрегиндеги аўыр жарадан,
Дем алалмай барады,
Ат шомылып терине,
Сыйынып кәмбил пирине,
Жарадар қызды өңгерип,
Келди дейди Мәспатша,
Сарыдағ деген жерлерге.

Таўларды, жыраларды аралап кетип баратырса, гүмистей жалтырап таўлардан ағып атырған суўды көреди. Анда Мәспатша қыял етеди: — Бул булақ шилтенлердиң мәканжайы болмағай, басында жатайын, дем алып, үш күн мәкан етейин, үш күнниң ишинде Айпарша ярым өлеғойса, ақ жуўып, арыў кепинлеп қояйын, — деди. Атынан түсип булақтың басына барды, Айпаршаны шынардың астына апарып жатқарды, өзи де бир шынардың астына жатты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айпарша сәҳәр ўақтында шоршып оянып еди, уйқылап атқан Мәспатша султанды көрди, жылысып қасына келди:

— Ҳәй, төрем, түргел жайыңнан. Қалмақлар бизди атты, атқан жерден оқ өтти. Бир ғәрип нашарың едим, айтқан сөзимди хызмет демесең, мына ағып турған суўдан бир кесе суў алып берсең нетти, — деди.

Сол ўақытта Айпаршаға қарап:

— Ҳәй, Айпарша ярым, сеннен аяр жаным жоқ, таўдың үстинде отырсам да мениң ықтыярым сенде болсын, бир кесе суўға мийриң қанар дейсең бе, күни менен ат қағып келген ярым, — деп, еки қолы бир қолы менен, еки аяғын бир қолы менен услап, булаққа басын батырып-батырып алды. Айпарша ғәрип суў ишип қанған соң Мәспатшаға қарап, «жарадарды суўдан сарсаң әйлеме» деп бир аўыз сөз айтты:

— Саўыт кийип әрман менен шайлар ма,
Жарадардың мунша жанын қыйнар ма,
Батыр аңқаў, ерлер ладан болмаса,
Жарадарды суўдан сарман әйлер ме.

Ат шабылар сол майданда гүзар жол,
Душпан көрсе қаўсырылар еки қол,
Жарадарды суўдан сарсаң әйлер ме,
Айыпсынбас, алып қымбат ғайыптан.

Мен қарадым жер менен жол дүзине,
Нашарлықтан сепкил түсти жүзиме,
Турғыл төрем, бедеўлерден хабар ал,
Қыяметлик пириң келер изиңнен.

Бизди көргенлердиң болар ақлы лал,
Мен өлгенде таланбай ма дүнья-мал,
Қыяметлик пириң келер ўақ болды,
Турғыл төрем, бедеўлерден хабар ал.

Сол ўақытта Мәспатша қарап: «ҳаял дегенниң өзи бир найып тә, бир айтқаны келер», деп атларға жақынлап келсе, баяғы Шардәне бабасының байталы бар. Сол ўақытта бабаның келгенин билди. Ҳәм Мәспатшаны көрип шынардың қасында асып қойған Мәспатшаның сары жайының гирисин ярым белинен кесип, қашпақ пенен болды. Мәспатша да атың белине минип, «жетип сени өлтиремен, ямаса өзим өлемен» деп, бабаны қуўа берди.

Әжел майын ишеди,
Кепин тонын пишеди,
Баба қашты алдында,
Мәрт кейнинен түседи,
Бир күн жатып қуўады,
Қарасын көрмей қалады,
Еки күн жатып қуўады,
Жете алмай ҳайран болады.
Үш күнниң жүзи болғанда,
Алдындағы бабаның,

Гәҳи изин көреди,
Гәҳи өзин көреди,
Төрт күнниң жүзи толғанда,
Танап жарым барады,
Бес күн жүзи болғанда,
Найза салым қалады,
Алты күн жүзи толғанда,
Алдыңдағы сум баба,
Көзинен ғайып болады,
Мәспатша ҳайран қалады.

Бул баба жин бе, шайтан ба, деп кейнине қарады. Айпарша жатқан шынарды көреди, ат қойып шынарға келсе, Айпарша яры ҳәм жоқ, Сандал аты ҳәм жоқ. Мәспатша турып ҳайран болды. Бабаны қуўып кеткен күни Айпаршаға патша он сәккиз мың әскери менен келип, бенде етип, Сандал атын олжа етип алып кеткенине еки күн болған екен.

Мәспатша пушайман жеди, әўелден ярымның айтқан тилин неге алмадым, бабаны өлтирип неге жолыма рәўана болмадым, деп Мәнжүн атының белине минип, кеткен Айпаршаның кейнинен қуўмаққа мейил болып атына айтып турғаны:

— Мен оқыған пешанамда барды хат,
Ярымнан айырылып болдым биймурат,
Бизди жеткер жарадардың кейнинен,
Бир қостарлық етиң бизге, Мәнжүн ат.

Сел болып көзимнен ақты бул жасым,
Ярымнан айырылып еңирер бул басым,

Бизди жеткер жарадардың кейнинен,
Бир қостарлық етиң, ҳайўан жолдасым.

Атланғанман сол қаланың шебинен,
Жаўлар қорқар бедеў аттың деминен,
Бир қостарлық етиң бизге, бедеў ат,
Бизди жеткер жарадардың кейнинен.

Сол гәплерди айтқанда Мәспатша минген Мәнжүн ат алдыңғы аяғын көреди, артқы аяғын тиреди, гәҳ ушып, гәҳ қонып, майданда ғарғадай ғайып барады. Қуўдай мойны созылып, ат дүзелип шабады.

Жай тасындай жайнайды,
Суўлықты бедеў шайнайды,

Он төрт жасар қыз киби,
Жилўа таслап ойнайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат қуйрығын тарады,
Мәнжүн ат күнге жарады,
Жаў бар ма деп Мәспатша,
Сол алдына қарады.

Бағда гүллер терилди,
Абырай қолдан берилди,
Сол қалмақтың қаласы,
Байдақ-шанжақ көринди.
Келатырған Мәспатша,
Күнниң батқан ўақтында,
Буққы таслап жүреди,
Әйне қуптан болғанда,
Қойған тиген бөридей,
Бир шетинен тийеди.

Ай жағына шығады,
Қармаққа сүргин салады,
Жайға тақты гиристи,
Таң атқанша Мәспатша,
Қалмақ пен салды урысты,

Таң атқанша урысып,
Табалмады Мәспатша,
Айпарша атлы бийкешти,
Қалмаққа ойран салады,
Жанын отқа жағады,
Кешеги болған урыстан,
Ертеңине сәскеде,
Зорға тыныш табады.

Сол ўақытта Бабахан патша урысты билип, «Жәллат!» деп бақырды. Үш жүз алпыс пашшап тайяр болды. Пашшапларға:

— Айпарша қыздың еки қолын беккем етип байлаң, бәлент төбениң үстине шығарып Айпарша қызды қурбанлық қылып шалың, өкпе-жүрегин алың, душпанның жүреги басылсын, кереги Айпарша болса, өлтириң де тының, — деп ҳәмир етти.

Сол ўақытта Айпаршаның еки қолын байлап бәлент төбениң үстине шығарды. Айпарша қыз сонда дүньядан өтерин билип, пашшапларға қарап айтты:

— Жыламақтан болар мениң ишим зар,
Ата-енем бир көрмеге болды зар,
Айпаршаның айтар енди сөзи бар,
Қулағың сал жаным енди, пашшаплар.

Минген бедеў ара шөлде желмесин,
Мендей нашар жалғаншыға келмесин,
Улы-қызың барды сениң, пашшаплар,
Ҳешқайсысы мендей бенде болмасын.

Қара шашым бестен таллап өрейин,
Ҳақ салғанын маңлайымнан көрейин,
Зәрре еглең, жаным аға, пашшаплар,
Мәртим менен ырзаласып өлейин.

Мен қарап жылаған жолдың дүзине,
Қалмақ заңғар сепкил салды жүзиме,
Шейит өлер болдым қалмақ қолында,
Төрем, ыразы болса мениң өзиме.
Мен ыразы болайын сениң өзиңе.

Белиме байлаған зерли пота ма,
Қалмақлардан шеккен жәбри-жапа ма,
Муннан барсаң менен дуўай сәлем де,
Көрмесе де ырза болсын өзиме,
Қайын енем менен туўған қайын атама.

Ашылмаған бәҳәр таўда лала ма,
Қалмақ ойран салған мурат қала ма,
Муннан барсаң меннен дуўай сәлем де,
Көрмесе де ырза болсын өзиме,
Қайын атам, қайнаға, туўған енеме.

Атланғанман сол қаланың сыртына,
Келин болып түсе алмадым кенегестиң журтына,
Муннан барсаң меннен дуўай көп сәлем,
Өзиң теңлес жора, теңқур досыңа.

Бүлбил ушып ғарға қонған гүлинде,
Нашар султан дейди туўған елинде,
Көрискенше күнлер жақсы, төре, аллаяр,
Енди көрисели мәҳшер күнинде.

Сол ўақытта Мәспатша турып қыял етти: Урысымды қойсам, бир тасты паналап турсам, Айпарша қыздың шыққан жанына себеп болмаспан ба, деп таўды паналап турды. Бабахан патша қолына дүрмин алып қарап еди, Мәспатшаның қайтқанын көрип, «Айпаршаның көкирегинде жаны болса алып келсин» деп аламанға жар урды. Сол ўақтында Айпаршаның оңынан мың пияда, солынан мың пияда алып, артына сондай төрт мың ләшкер көпшиликтен айдап өтти. Айпаршаның жүзинде жети нықабы бар еди, жылжып жерге түсип кетип еди, булттан ай шыққан киби болды. Пүткил қалмақлар Айпаршаның аты-ҳаўазасын еситип жүрсе де, қыздың реңки-ройларын көрген емес еди, қыздың реңки ақ маңлай, бадам қабақлы, писteден жупқа додақлы, узын бойлы, кең қушақлы. Бабахан сол қызды көрип ақылынан, есинен айырылып, жорғаның жүриси менен барып қыздың бойына қол урды, патшаның қолы қыздың мойнына шеңгел сүйреп өткен менен барабар болды. Айпаршаның ашыўы келип, патшаның қолын ийнинин үстинен қағып жиберди, және: атаңның үйине арқа берип отырмедиң, патшаның қолын қаққандай менде не бар, деп өзине-өзи тәселле береди. Айпарша патшаға қарап бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Таланда қойсам дүнья-мал,
Бир тасаддық шийрин жан,
Айпарша айтар сөзи бар,
Арзымды есит, Бабахан,

Саўыт кийип әрман менен шайлайсаң,
Ғазап етсең, тартып қолым байлайсаң,
Сиз билесиз, патшалықта уятты,
Қул-қутандай қол узатып ойнайсаң.

Сорасаң, журтыңның жартысы қыятты,
Өзиңнин дәўлетиң журттан зыятты,
Балашалап қоллар салып ойнайсаң,
Билесең бе патшалыққа уятты.

Ертеден сарғайып таңның атқанын,
Билмейсен бе мени мийнет шатқанын,
Нашар өзи өлмей қолға түсер ме,
Және билдим жоқлығын, мерген атқанын.

Минген бедеў ара шөлде желмей ме,
Мендей нашар бул жарадан өлмей ме,
Қул-қутандай қоллар салып ойнайсаң,
Аман болса Мәспатша ярым келмей ме.

Сен минерсең наз бедеўдиң белине,
Кәпыр қалмақлыны басып тилиңе,
Мени алар болсаң енди, Бабахан,
Иззетлеп алып бар себил елиңе.

Узақ жолда бедеў атты шаптырдың,
Қыз келди деп елиңе дабыл қақтырдың,
Иззетлеп алып бар себил қалаңа,
Тәўип таўып жараларым бақтырғыл.

Жаңа сарпай жарасқан ол бойымды,
Перийзатқа мегзетемен, сойымды,
Сол жарадар беденим тәўир болған соң,
Алты айлық елатыңды жыйдырып,
Бересең халыққа қырық күн тойыңды.

Саўаш көрмей ат қуйрығын түйдирип,
Мәс әйлеп, ийниме сарпай кийдирип,
Сол жарадан беденим тәўир болған соң,
Бер халыққа мениң ушын тойымды,
Бизди алың ҳадал неке қыйдырып.

Қыздың сол гәпин еситип, «меннен жети есе ақылы зыят екен» деп, аламан әскерине:
— Ҳәркимлер Айпарша қызды бенде десе, ҳәрким үстемлик етсе, өзи өлимде, малы-дүньясы таланда, — деп патша жар урғызды, Айпаршаны аттың белине мингизип, ҳүрметлеп қаласына алып келди. Қаласына келип:
— Тәўип болсаң, дуўахан болсаң, Айпарша ярымды бақсаң, жарасы тәўир болса, сол тәўипти көп дүнья менен бир қалаға ҳәким етемен, — деп жар урдырды.
Ҳәр жерден тәўип келип, ерекше отаўды тигип, Айпаршаны қырық күн бақты. Айпаршаның қырық күнде жарасы тәўир болды. Бир күни Айпарша майданға шықса, қалмақтың жас жигитлериниң ылақ ойнап жүргенин көрди. Айпарша қыял етти: патшасының тойы ада болған соң патша мени зорлық етип алар, ақ бетиме айдай жара салар. Патшаға барайын, барып көрейин, деп отырған жайынан турды, аршаға барып қол урды, зербап кийимлерди кийип, саллана басып, мәрдана күлип, қыз патшаның алдына барды. Патшаға арыз етип Айпаршаның бир сөз айтып турғаны:

— Жыламақтан болар мениң ишим зар,
Ҳаслым нашар, ҳақтан өзге кимим бар,
Арзымды есит пайтақтың султаны,
Айпаршаның сизге айтар сөзи бар.

Жаңа сарпай ҳәм жарасқан мойыным,
Саған исенип, қызығы жоқ тойыңның,
Сендей патша биздей айымды алғанда,
Болмаймекен қулларыңның ойыны.

Оң қолыма салған тилла жүзигим,
Мен жыларман сол кеўлимниң бузығын,
Сендей әкем биздей қызды алғанда,
Болмаймекен тойларыңның қызығы.

Сол ўақытта Бабахан Айпаршаға қарап:
— Қәне, Айпарша ярым, бул тойыңда ат шабылып атыр, гүрес ҳәм тутылып атыр, сазенде ойнап, саз шалынып, жыраў-бақсылар айтылып атыр, тойымның не кемиси бар еди?
Сонда Айпарша:
— Бизиң елде сениңдей патша мениңдей бир қызды алғанда елатына той берер еди, тойдың кейнинен шапқыр жигитлерге ылақ береди. Минекей, пәкизе жақсы қызлар жақсы атқа минип, қарыў-жарақ алып, инақтың қызы, диўанбегинтиң қызы, жасаўылбасының қызы, гилең ҳәмелдарлардың қызынан қырық қызды атқа миндирип, мениңдей қыз бенен патшаның жанында ойын өтетуғын еди. Ырас ойын қызып келген ўақытта ылақ ойнаған жигитлерге араласатуғын еди, бизиң тамаша ойын сол болатуғын еди.
Қыздың сол гәпин еситип, патша ҳәмелдарларды шақырып алып:
— Мениң Айпарша ярыма қарыў-жарақ пенен ат әкелип мингиз, — деди.
Ҳәмелдар, беклер мәсләҳәт пенен:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қараңғыда киси адаса қойса, алдынғыдағы адам адасқанын билмейди, кейниндеги адам адасқанын биледи, деген бурынғыдан қалған сөз бар, патшамыз ақылынан айырылып, терис қайтып, патшаны қудай урған екен, — деп, мәсләҳәт пенен туяқлары топышақ, қуйрық жалы бир қушақ қазақы ябыны жарақсыз алып келди. Қыз ябының үстине минди, ҳәжетине жарамасын билди, ябының үстинде патшаға қарап бир сөз айтады:

— Ким болса да бул қаланың найыбы,
Арбашы ябы екен бунық айыбы,
Сендей патша биздей айымды алғанда,
Бул секилли арбашы атқа минер ме,
Сендей ханның сайлап алған айымы.

Жайға тақтым жети қатлам гиристи,
Пәрўардигар көрермекен бул исти,
Сол секилли арбашы атқа минер ме,
Сендей ханның сайлап алған бийбиши.

Минген бедеў ара шөлде келмей ме,
Берген ябың шаң астында қалмай ма,
Берген ябың ара шөлде қалғанда,
Сендей патша намыс пенен өлмей ме.

Мен оқыған пешанаңда хатыңды,
Қулақ сал, қуп тыңла бул пәриядымды,
Анық менде кеўлиң болса, Бабахан,
Әкелип бер мениң сандал атымды.

Мәспатша еримдур, көзде қырағым,
Ким болар ҳалымнан мениң сорағым,
Анық кеўлиң болса менде, Бабахан,
Әкелип бер өзимниң кескир жарағым.

Бүлбил ушып, ғарға қонған гүлиме,
Адаспай тапқайман келген жолымды,
Анық кеўлиң болса менде, Бабахан,
Әкелип бергиз атым менен тонымды.

Сол гәпти айтқанда, бийлерине қарап:

— Өзи арбашы ябы, көшеден үркип кеткенде ярым Айпаршаны жығып кете ме, аўзына топырақ тийип кете ме, халыққа-журтқа қарағысыз мени рәўа, шерменде ете ме, қыздың қарыў-жарағын алып келип бериң, — деди.

Қыз Сандал атты минип, қарыў-жарақларын қолына алып, патшаның алдында турды.

Ендиги хабарды бабадан еситиң. Баба: патша мени тойға шақырып алмады, барасаң ба, бармайсаң ба? деп жалған болса да мирәт салмады, деп патша той бергеннен берли жатыр еди. Баба орнынан турып: мен буннан барайын, «ийт өкпелер, ийеси билмес» деген, мен қалай айтқан менен патшаның хызметкери едим, патшаның тойына қутлы болсын айтайын, ат болса минейин, сарпай болса кийейин деп, байтал минип алдына келди. Алдына келип турса, Сандалдағы Айпаршаға көзи түсти, Айпаршаның ерлигинен хабардар еди, Бабахан патшаға бир сөз айтты:

— Талаўда қойсам дүнья-мал,
Бир тасаддық шийрин жан,
Айпарша минди ме Сандалын,
Әжели жеткен Бабахан.

Қурылсын ақ шатырлар,
Айпарша қыз батыр ер,
Айпарша минди ме Сандалды,
Ийманыңызды айтың кәпырлар.
Айпарша бедеў сайлады,
Бедеўи суўлық шайнайды,
Көшеде қалған лашыңды,
Гүржилер тартып ойнайды.
Еситиңлер қалмақлар,
Ақырында Айпарша,
Бәриңди хайран әйлейди.

Сол ўақытта патша бабаға қарап:

— Әй, баба, астына бир арбашы ябыны бердим, сонда қашып кетер еди, сонда да кеткен жоқ, биле билсең, Айпаршаның анық кеўли бар менде, — деди. — Бул арзың меннен питпейди, сөз қулаққа кирмейди, көзиме көринбе, кет, Айпарша ҳасла кетпейди, — деди.

Сол гәпти еситип, баба: қашқанға рахмет, қалғанға мийнет бар деп, шақырған Бабаханның атасына мың нәлет деп қашып, қаласына кетти. Бабахан патша аталық-бийдиң қызынан қырық қыз әнжам етти. Айпарша қырық қызды таслап, бәлент бир таўдың басына шығып кетти. Айпарша бенде болғалы ҳеш нәрсе көрген жоқ еди, қалмақтың қаласының бийиклиги сексен гез еди, сегиз дәрўазасы бар еди, сонда дәрўазаны көмдирип, тастай қамал етип қойып еди. Оннан соң Айпарша ҳеш илаж таппады, атына қарап, ырғымасаң болмас деп, бир сөз айтып турыпты:

— Мен оқыған пешанамда барды хат,
Қалмақ заңғар етер болды биймурат,
Мен өтермен сексен гез қала үстинен,
Ырғырмысаң атам берген Сандал ат.

Жасымнан сел болды көзде бул жасым,
Ярымнан айырылып, қаңғырды басым,
Мен ушарман сексен гез қала үстинен,
Ырғырмысаң, хайўан бедеў жолдасым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақтан нийет етип Жәбирайыл келди,
Ҳайўанның тилинен мөрини алды,
Қабыл болып Айпаршаның тобасы,
Ҳайўан атқа тил-зибанлар берди,
Адам киби ат оқыранып сөйлейди:

— Қалмақ елде зар еңиреди бул басым,
Мен айтайын бул сөзиңе жуўапты,
Қулағың сал нашар муңлы жолдасым.

Он төртинде бағдың гүли ашылғай,
Елатыңа барып дузың шашылғай,
Не жерде шаба бер таўдың үстине,
Асылмағыл сулыў қара жалыма,
Сол қалаға мени тартқан ўағында,
Жүз қамшы санап урғыл санымa,
Мәспатша жүргенди келгей деп жылап,
Сенлер бенде, бизлер азат болғаннан,
Урыға олжа боп өлген жақсырақ, —

деп аттың тил-зибаны байланды. Сол гәпти еситип Айпарша қырық қыздың қасына келди, қырық қыз бенен көшеде ойынға шығып баратыр, қырық қыз қашты, Айпарша қуўды, бир мезгилде Айпарша Сандалды қайырып жолға салды, алдындағы қызларға араласып барады.

Найза менен урады,
Аўдарып таслап барады,
Бағдың гүлин солдырды,
Беси қалды бир жерде,
Оны қалды бир жерде,
Қызларға қырғын салады,
Мәртлигин нашар билдирди,
Ойнайман деп қызлардың,
Бәрисин бирдей өлтирди,
Саўаш етип сол қыздың,
Барлығын да өлтирди.
Бир қудайдан тилеги,
Ат басындай туўлайды,
Айпарша қыздың жүреги.
Қыз ойнаса қызықты,
Ақыр түби бузықты,
Атты қойып Айпарша,
Бабахан отырған шатырдың,
Бара баўын үзипти.
«Барың қыздың үйине» деп,
Далаға шықты Бабахан.
Айпаршадай сол нашар,
Хан қасына келеди,
Кәмарға қолын салады,
Бабахандай патшаны,
Өңгерип атқа алады,
Беглер турған тар көше,
Тар көшени аралап,
Бабахандай патшаны,
Өңгерип қашып барады.

Бедеўди шомылтыпты таза терлерге,
Бабаханды өңгерип келди дейди Айпарша,
Аты менен бирге сырласқан жерлерге,
Бабаханды өңгерип, қалаға атты тартады,
Жәбирайыл жылаўын сүйреп, бедеў ыргыйды.

Қыз еңбегин күйдирмей,
Қара қасқа Сандал ат,
Төрт туяғын тийдирмей,
Ырғып өтти қаладан,
Бабаханды өңгерип,
Үш күн тамам жүрди,
Бабахан турып сөйлейди:

— Ашылған бағда лалаға,
Сыйынып аллатаалаға,
Үш күннен бери, Айпарша,
Қанған жоқ па ойының,
Жүр қайтайық қалаға.

Жаңа сарпай жарасқан ҳәм бойыңа,
Назлы ярым, кел қайтайық қалаға,
Үш күннен бери қанған жоқ па ойының,
Атты шаптың таўдан, жайдан қыяға.

Рәҳим әйле көзден аққан жасыма,
Жаслығымда түйе майын жағып ем,
Сол себепли ақлар енди шашыма,
Ғарры дейип ғапыл қалма Айпарша,
Жаңа келдим жигирма бес жасыма,

Ата десең мениң кеўлим бузылар,
Таяқ тийсе тәнде жаным үзилер,
Ойының қурсын, тезирек жибер Айпарша,
Шықты жаным, мениң мойным үзилер.

Сол ўақытта Айпарша айландырып тастың үстине урды. Бабаханның сүйеклери парра-парра болып, жулдыздай пытырап кетти. Бабахан жалғаншы дүньядан өтти. Айпарша турып қыял етти: егер муннан кетсем, ярым Мәспатшаға жетсем, Бабахан патшаны өлтирдим десем, инанбас мениң сөзиме, қарамас ҳәргиз жүзиме. Егер Бабаханның бир белгисин көрсете қойсам, инанар еди, деп аттан түсип қарап турса, патшаның алтыннан жығасын көрди. Буны алып барсам, отырған жерде алып қаштың деп инанбас деп, қайтадан патшаның гейдесин алып тағы да жети күн жүрди. Жети күннен соң баяғы булақтың басына барды. Қырық күннен берли атты бағып, кенегес елине бир өзим қайтқаннан, Айпаршаны алып қайтайын, болмаса қалмақтың қолында өлип қайтайын, деп киятырған Мәспатша қыздың алдынан шығады. Солманда Айпарша менен қосылысып, тал жипектей есилип, кенегес елатына қарай жолға рәўана болды. Бул мәҳәлде артына қараса, байталы астында,

www.ziyouz.com kutubxonasi

анжары дәстинде, баяғы ҳайяр баба қуўып жетти, танап жарым жақын келип, Айпарша менен Мәспатшаға қарап бир сөз айтады:

— Болды бетер бул дәртим,
Артпағай жапа-мийнетим,
Бабаң келди қасыңа,
Арзымды есит перзентим.
Қалмақ сени атқанда,
Жарадар болып жатқанда,
Белбеўиңнен көтерип,
Мәспатшаның алдына,
Өңгерип берген бабаңман.

Оннан берман сорасаң,
Тәўиплер қырық күн баққанда,
Бедениңдеги жараңыз,
Сағатлы күни питкенде,
Бабаханның бийлери,
«Берме атын» дегенде,
Бергизген атаң мен едим,
Таныйсаң ба, перзентим?

Оннан берман сорасаң,
Қалмақтың қырық қызы менен,
Сен де ойнап шыққанда,
Қуўып жетип кейининен,
Қызларға найза урғанда,
Қолындағы найзаны,
Баққан бабаң мен едим.

Жолдас қызың өлтирип,
Бабахан қурған шатырға,
Атты қуўып келгенде,
Бабахандай патшаның,
Кәмарына қол салғанда,
Көтере алмай турғанда,
Аяғынан көтерип,
Өңгерип берген бабаңман.

Бабаханды өңгерип,
Сол қалаға келгенде,
Астындағы бедеўиң,
Ырғый алмай турғанда,
ЖылаҒўыңнан алғанман,
Бир дәскерлик қылғанман,
Қаладан атың өткердим,
Мурадыңа жетирдим,
Кел, соңыма ер, деймен,
Апарайын елиңе,
Перзентим, берман жүр, — деди.
Сол сөзлерди айтады,
Баба айланып қашады,
Байталға қамшы басады,
Мәспатша қуўды кейининен,
Жете алмай да барады,
Айпарша қуўды кейининен,
Жете алмайды, жылайды,
Сандал аты болдырса,
Мәнжүн менен қуўады,
Мәнжүн аты болдырса,
Сандал менен қуўады.
Турпаты басым бабаның,
Өз-өзинен урынды,
Нардай бели бүгилди,
Қанлы жас көзден төгилди,
Бабаның минген байталы,
Қара тастың үстинде,
Муғаллақ атып жығылды.
Айдаса байтал жүрмеди,
Қыйнаса да турмады.
Байталынан түседи,
Пиядалап қашады,
Бағының гүлип солдырды,
Қыз зорлығын билдирди,
Қуўып жетип кейининен,
«Күйдирген байтал сен бе» деп,
Байталын шаўып өлтирди.
Сол бабаны қуўады,
Ат шылбырын алады,
Мойнына шылбыр салады,
Сандал атқа сүйретип,
Айпаршадай сулыў қыз,
Бабаны алып келеди.
Сол бабаны көргеннен,
Қынаптан қылыш суўырылды,
Алдындағы бабаға,
Қылыш алып жуўырды.

Айпарша турып сөйледи:

— Бедеўдиң жалын сайлайық,
Ҳақ ҳәмирине, султаным,
Буўып белди байлайық,
Өлтиргенше бабаның,
Жалғыз жанын қыйнайық,
Берман келгил, султаным,
Қыяметлик пиринди,
Ылақ қылып ойнайық.
Сол гәплерди айтқанда,
Еки қолын қыз тутты,
Еки аяғын мәрт тутты,
Тақымына басады,
Қыяметлик пирини,
Тартып ойнап қашады.
Бағының гүлин солдырды,
Ойын менен кеўлин толтырды,
Муҳаббаттың шөлинде,
Бабаның хәр мүшесин,
Мезгиллик жолда қалдырды.

Бабаны өлтирип, мәнисине келтирип, Айпарша менен Мәспатша таўларды-тасларды аралап

www.ziyouz.com kutubxonasi

баратыр еди, гүмистей жалтырап бир булақтың ағып турғанлығын көрди, ол булақтың аяқ тәрепинде бир бағ бинят болып турғанына көзи түсти. Ол бағдың қасына барып, сол биябанда турған баққа ҳайран қалды. Мәспатша: бағ болмағай, шилтенлердиң мәканжайы болғай, усы бағдың ишинде бес-он күн жатып дем алайын, оннан соң кенегес елине қайтайын деп, аттан түсти. Атты жалаңашлап, айдап жиберип, Айпарша менен екеўи ҳаўыздың бойына барды, екеўи он бес күн сәўбет қурды, арадан он бес күн өткенде Айпарша жатып түс көрди, көрген түсинен сескенди, ырғып орнынан турды. Таң атыпты, өз-өзинен қапа болып, Мәспатша ярын оятып, көрген түсин бирим-бирим баян етти:

— Ат шаппадық қыя майдан таўларда,
Шәмен байлап ойнамадық бағларда,
Жатып едим сәҳәр ўақта түс көрдим,
Он бес күнлик сәўбет қурдық бағларда.

Айналғанман сол қаланың шебинен,
Қалмақ қорқар бедеў аттың деминен,
Жатыр едим сәҳәр ўақта, түс көрдим,
Қырық мың атлы қалмақ келер кейниңнен.

Ертеден сарғайып таңлар атқанды,
Қайтадан басыма мийнет шатқанды,
Қырық мың атлы қалмақ келип кейниңнен,
Ала атлы ер қалмақ сени атқанды,
Жети жыл сүйегиң таўда жатқанды.

Жыламақтан көзде жасым сел болып,
Мен жыларман жигерлерим қум болып,
Бенде болып түстим қалмақ елине,
Мен жыладым еки көзим гөр болып.

Сол гәпти еситип Мәспатша атларды услап келди, атлардың тум-тусын қасып, арқа-мойнын сыйпалап, тилла ерди салады, айылын жуптан буўады, бедеўди беккемлеп ертлеп алады, ат үстине минеди, Айпарша менен Мәспатша қалмақтың дәрбент жолына қарай тартады. Жол бойында есабы жоқ, саны жоқ қалмақтың изин көреди. Үш күн жол жүреди, арғы басына Мәспатша шығып билмейди. Мәспатша турып: усынша қалмақтың ерлери мениң елатыма барса, азғана кенегес елатымды шаўып алса, ер болдым не, қара жер менен тең болдым не, усы жерде қалмақ пенен урыс етейин, я өлип ямаса қалмақты динге ендирип қайтайын, деп таўдың ишинен еки ат, еки адам жайғасқандай бир туратуғын жай таўып алды. Мәспатша ҳәм Айпарша гезек-гезек қалмақ пенен атысып, қалмақтың бир жағы таўдан қала салды. Бир күн Мәспатшаның нәўбети еди, ортаға шығып атайын десе, сары жайдың гириси баяғы бабаның кескен жеринен үзилип, ортада қалды, қалмақлар Мәспатшаны төрт мың қатар қоршап алды. Айпарша Мәспатшаның ортада қалғанлығын көрип, Сандал атының белине минип, қоршап турған қалмақты бузып, Мәспатшаның жанына келди:

— Бәҳәр күни бағым гүли шайланып,
Қалмасын менин бир бахтым байланып,
Көпшигинде сымнан ескен гирис бар,
Толайым кәпыр алды, төрем, айланып.

Қара шашым бестен таллап өргенмен,
Бул истиң боларын елде билгенмен,
Сен Тамада үш ай күйеўлеп жатқанда,
Көпшигиңе гирис есип салғанман.

Мен тағайын сол жағыма гиристи,
Алла оңғарса бир шешейин бир исти,
Қосқа барып, төрем батыр, демиңди ал,
Қалмақ пенен мен етейин урысты.

Сол гәплерди бир айтып,
Аллалап атты қояды,
Дин билмеген қалмақ пенен,
Айпарша урыс салады.

Қосқа барып Мәспатша,
Жайға кирип тағы да,
Ортада қалды ярым деп,
Мәнжүн атқа бир минип,
Бул да келди урысқа.
Үш күн урыс қылады,
Қалмақ салған қаланың,
Дәрўазасы алдына,
Айпарша менен Мәспатша,
Екеўи де жақын келеди.
Ат шабылар жолдың майдан пәсине,
Көрген қыял қылар қәдди-бәстине,
Таўлар гүмбирлесип, жерлер ләрзем береди,
Лалаўлаған бир қалмақтың сестине.

Бир жигит көринди Рүстем сыпатлы,
Көзине көринди арыслан айбатлы,
Сол алдына Мәспатша серлеп қараса,
Айпарша түсинде көргендей екен.

Сол қалмақтың бет алдына қарайды, бойларын көрсе, мунардай, қолларын көрсе, шынардай, аўызларын қараса, таўдан шыққан жардай. Ат ҳалына қараса, сапар айының ишинде туўры келген бәледей бир батыр айбатлы қалмақ пайда болды. Бул ким десеңиз, қырғыздың Алатаўындағы он сегиз мың ләшкерлерге бас болып жатқан Алаңғасар қара бетли дәў деп ат беретуғын еди. Бабахан өлген соң оның иниси Оразалы хан болды. Оразалы ша бул дәўди мусылман ойлайтуғын еди. «Кенегес елатынан Әбдикәрим байдың улы Мәспатша деген батыр ғош жигит келип Бабахан патшамызды өлтирипти. Айпаршаны қолымыздан алып кетти, сол себепли ағайиншилик пенен сорасамыз, үстимизге келген

www.ziyouz.com kutubxonasi

душпанды қайтарып берсеңиз екен» деп хат жиберген соң, он сегиз мың әскери менен патшаның үстине келген күни ҳәм сол екен. Сол дәўди көрип Мәспатша қорқады, кейнине қайтып қорғанға барды, атларды қайтадан ертлеп, Айпарша менен Мәспатша қашты. Ертеңине Мәспатша келер деп ала атлы қалмақ сәскеге дейин күтти, келмеди, ала аттың белине минип Мәспатшаның атының изиниң изин қуўып, Мәспатша жатқан қорғанға келсе, ошақ орнындай қазылып, қашып кеткен еки аттың изин көрди. Ҳаўлыққан түр менен ала атлы қалмақ Оразалы патшаның алдына келип, патшадан төрт жүз әскер алып, Мәспатша менен Айпаршаның кейнинен қуўмаққа мақул етти.

Ат шапқандай бәлент таўлар пәс болып,
Бир күлмейди дәўдиң ўақыты хош болып,
Патшасынан алды бул дәў жуўапты,
Төрт жүз атлы ләшкерине бас болып.
Бир күн жатып қуўады,
Жеталмады кейнинен,
Үш күнниң жүзи толғанда,
Төрт жүз атлы әскердиң,
Үш жүз атлысы болдырып,
Жүзи қалды болғаны.
Төрт күнниң жүзи толғанда,
Жүз қалмақтың елиўи,
Тағы қалды болдырып,
Еллиси жолдас болады.
Бес күнниң жүзи толғанда,
Елли атлы қалмақлар,
Бул ҳәм қалды болдырып,
Дин билмеген қалмақ дәў,
Жалғыз өзи қуўады.
Ат шапқан таўдың қыясы,
Таўға тийсе қызады,
Ала аттың туяғы,
Ат қуйрығын дүзеди,
Полат дойнақ қызады,
Тулпар еди ала ат,
Күш бермеди дәўге де,
Жибер деп суўлық шайнайды,
Жети күн жүзи толғанда,
Айпарша атлы сол нашар,
Таўда қалып жүр еди,
Мәспатшадай төреден,
Адасып таўда қалады,
Атлы бир қалмақтың,
Атлар шапқан сестине,
Оянады Айпарша.
Көзин ашып қараса,
Адасқан жери нашардың,
Нәҳән бийик таў еди,
Таўға қарай жылай береди:

— Аман да, гүман да басымның саўы,
Кейнимнен қалмады қалмақтың жаўы,
Қысқа аяқлы муңлы жолда адасты,
Муңлыны жолға сал, қырғыздың таўы.

Ғарға бар ма бул жерлерде, зағ бар ма?
Гүл тергендей келер гөне бағ бар ма?
Қысқа аяқлы муңлы жолда адасты,
Өлместей бир бәлент-бәлент таў бар ма?

Сол жуўапты айтқанда,
Ала атлы қалмақ келеди,
Адасып жүрген Айпарша,
Оны қалмақ көреди.
Айпаршаға қарамай,
Мәспатша изин алады,
Кейнинен қуўып келеди,
Мәспатша минген Мәнжүн ат,
Атларға терлер қатады,
Күн-күннен ылғал артады,
Мезгилли жеген пишен жоқ,
Мәспатша минген Мәнжүн ат,
Омыраўын көтерип,
Зорға ғана жортады.
Нардай боп бели бүгилди,
Қанлы жас көзден төгилди,
Мәспатша минген Мәнжүн ат,
Қара тастың үстинде,
Муғаллақ атып жығылды.
Айдаса аты жүрмейди,
Қыйнаса да турмайды,
Ат үстинен түседи,
Төбеге шығып қараса,
Киятырған ат қойып,
Ала атлы дәўди көреди.

Мәспатшаны көргеннен ала атлы қалмақ бир төбениң үстине шықты, Мәспатша бир төбениң үстине шықты, екеўи жети күн бир-биреўине оқ атты, олар бир-бирине кәр етпеди. Мәспатша атайын деп кисесин қараса, атыўға оқ таппай қалады. Мәспатша қыял етеди: саўытымды шешсем, шийрин жанымнан кешсем, қылышымды қолыма алып, қыя таўдың кейнине түссем, изинен жетсем, жағасынан алсам, «ҳаў» деп жамбасты салсам, я өлсем, я өлтирсем, деп қыял етеди. Мәспатша жалаңашланып, тақыяшаң дәўдиң кейнине түсти, дәў айланып қашты, үш күн қуўды. Аяғын тасқа алдырды, жүре алмай болдырды, қублаға қарап Мәспатша ийманын айтып жығылды. Ала атлы қалмақ кисесин қараса, буның ҳам оғынан жети оғы қалған екен, Мәспатшаның жети жағынан шығып атты, жети жерден оқ өтти, ала атлы қалмақ қыял етти: бул жаўызды шама менен жети күн


www.ziyouz.com kutubxonasi

аттым, атсам оғым өтпейди, айқассам күшим жетпейди, егер жанына барсам, еле ҳийлелик пенен жатқан болса, орнынан турса, жағамнан алса, жамбасты салар, өзим өлип, сүйегим таўда қалар, деп кейин қайтады. Мәспатшаның Мәнжүн атын жетеклеп Айпаршаға жақын келеди. Айпарша киятқан Мәнжүн атты көрип, жылап-еңиреп бозлайды:

— Мен оқыған пешенемде барды хат,
Ийеңнен айырылып, болдың биймурат,
Үстиңнен ериңди қайда тасладың,
Көзиңнен мен айланайын Мәнжүн ат?

Минген бедеў ара шөлде желмейди,
Аман-есен мәртим елге бармайды,
Мәртимниң кемалынан болған,
От жағар кейнинде нашар болмады,

Мәртим еди мениң көзде қырағым,
Бул жатқан болсаң ҳалдан шырағым,
Мәртимниң кемалынан болып, өзимнен туўып,
От жағар кейниңде нашар қалмады,

Атты, шейит болды майданшасына,
Залым қалмақ қайғы салды басыма,
Жылап турды сол шөллерде Айпарша,
Елли атлы қалмақ келди қасына.

Айпаршаның тартып қолын байлады,
Азап берип сийнелерин дағлады,
Жылап турған Айпаршадай ғәрипке,
Қамшы урды дин билмеген қалмақлар.
Соң пияда ат алдына айдады.

Бедеў шомылыпты таза жерлерге,
Алла деп сыйынып кәмбил пирлерге,
Айпаршаны бенде қылып бир айдай,
Енди келди патша қалған жерлерге.

Айпарша бенде болып Оразалы патшаның елине келди, қалмақ шадыман болып, үш күн той берди. Оразалы патша айтады:

— Мениң ағам Бабаханнан қалған жеңгем Айпаршаны өзим аламан, — деди.

Ала атлы қалмақ:

— Есиктен келип төр меники деме, Мәспатшаны өлтирип, ҳәр түрли машақат шегип алып келдим. Айпаршаны мен аламан, — дейди.

Екеўи еки жолды бөлип алды, Айпаршаның үстинде екеўи адаўат, урыс қылатуғын болды. Еки жақтан кәтқуда шығып, ала атлы дәў менен патшаны шақырып ортаға алды:

— Ал, Оразалы патша, Мәспатша маңғытта нешше жыл күйеўлеп келип жүрди, онда Айпарша не қайыр тийгизди? Бабахан патшаға жети жыл урыс етип, көп әскеринен айрылып, бул ҳәм Айпаршаның жолында еди. Шәрдәне баба қаланың ийшаны еди, ол да жолында өлди, оған не қайыр берди? Айпаршаны қалаға алып барайық, астың суйығын берейик нанның күйигин берейик аштан өлместей, өзеги талмастай, күнде азап берейик, қолына уллы қап берейик, күнде бир үйдиң нәўбети менен қалмақтың тезегин терсин, атсақ, өлер де қалар, күнде бир үй Айпаршаны бенде қылсын, — деди.

Сол гәп патшаға да мақул түсип, Айпаршаны бенде етип, Сандал атты олжа етип, Оразалы патша *Айпаршаны қаласына алып барды*, қолына бир уллы қап таўып берди, күнде бир үйдиң нәўбети менен қалмақлардың тезегин терди. Айпарша сорлы бенде болып, тезегин терип жүре берди. Баяғы Мәспатшаның бағда он бес күн сәўбет етип жатқанда Айпаршаның бойында алты айлық ҳәмиле пайда болып қалып, Айпарша тезек терип жүрип жылайды: — Егер ул туўағойсам султан Мәспатшаға мегзер еди, қыз туўағойсам өзиме мегзер еди, туўағойсам балаларымды қалмақлар қоя ма, тұқымымды жая ма, балаларымды өлтирсе, баяғы дәрт-дәрт емес, бес есе дәрт қосылады, — деп жылайды. Бир күни Айпаршаның айы-күни толды, туўар ўақты жақынлады. Айпаршаны қуптан ўақтында толғақ қысты, туўғанымды ҳешким көрмесин деп, балаларым ғарға-қузғынға дүзде жем болса деп, қуптан ўақтында таўға өрмелеп кетти. Қудайтааланың қүдирети менен, пирлердиң кәраматы менен таў қақ айырылып, Айпаршаға жол берди, сол айырылған таўдың ишине кирип, Айпарша сәҳәр ўақтында алтын айдарлы ул туўды. Кейнинен намаз ўақтында бир қыз туўды. Жети ҳаял ғайыптан ҳәзир болды. Ул менен қызды емшегинен аўызландырып күн шыққанда Айпаршаның көзинен ғайып болды. Айпарша ғәрип көшеге барды, күни менен тезегин терди, ақшам ишинде қалмаққа көринбей балаларын емизип, үш жыл бенде болып жүрди. Айпаршаның балалары үш жасына келди. Айпаршаның жеген наны жоқ, ишкен тамағы жоқ, емшегинен сүт шықпай, балалар аштан өлер болды. Қуптан ўақты Айпарша қорғанға келип, ул менен қызды алдына алып, жылап-еңиреп бозлайды:

— Ашылмаған бәҳәр бағда лалалар,
Атаң өлип, себил қалған балалар,
Жылаған менен тас емшегим иймейди,
Жылайгөрме, тири жетим балалар.

Мен нәйлермен алыс жолдың жырағын,
Мен қайдан табарман атаң дерегин,
Жылаған менен тас емшегим имейди,
Жылайгөрме, тири жетим балалар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жағасы сел болды көздиң жасына,
Қайыл болды ҳақтың еткен исине,
Айпаршаның қабыл болды көз жасы.

Сауыт кийип әрман менен шайлады,
Көргенлердиң ақылын ҳайран әйледи.
Қабыл болып Айпаршаның көз жасы,
Нашардың ҳақына дуўа әйледи.

Қара шашын тал төбеге түйеди,
Бенделиктен иши жанып күйеди,
Айпаршаның қабыл болды көз жасы,
Еки бирдей емшеги булақ болып ийеди.

Ат шабылып жолдың майдан дүзинен,
Айпаршаның қайғы кетти жүзинен,
Емшектен сүтке балаларын тойдырып.

Айпарша қалмақтың қаласына келди, күни менен тезегин терди, сол күни бир үйдиң нәўбети еди, Айпарша намазшамда кирип келди.

Бир ақ шашлы ғарры мама жуўырып Айпаршаның қасына келди, қолын мойнына салып, Айпаршаға қарап бир сөз сөйледи:

— Ашылған ба бәҳәр бағда гүл-ғунша,
Мен жыларман дийдарыңды көргенше,
Мендей ҳаял жалыңнан айналсын,
Минип бедеў ара шөлде шайлансын,
Қас болған душпанның қолы байлансын,
Аманбысаң, жаным сиңлим Айпарша,
Мендей апаң көзгенеңнен айналсын.
Гүмистен питилген тилла сазымнан,

Отырғанда сыр бермеген назыман,
Мен ҳаслымды саған баян әйлесем,
Дин мусылман, мен де тама қызыман.

Бүлбил ушып ғарға қонған гүлиме,
Кәпыр қалмақ отлар салды тәниме,
Дин мусылман, мен де тама қызыман,
Бенде болып түстим қалмақ елине.

Сол ўақытта Айпарша мама менен танысты:

— Сениң атаң Лабақ пенен мениң атам Разбек таманың бас байлары еди, атамның үлкен ҳаялы менен отарда жүргенде он еки жасар қыз едим. Олар үйди шаўып, қалмақлар олжа қылып мени алып келди, мени бир ат бағыўшысына берди. Мениң ерим Мәспатшаның урысында өлди, еримнен бир ул қалды, атасының орнына хан атларын бағады, мен соған ап боламан.

— Сен тамадан болатуғын болсаң, Мәспатшадан болған еки бала бар, соларды сақлап бересең бе? — деди Айпарша.

— Сақлап берейин, сиңлим, — деди мама.

Айпарша таўға барып балаларын жетеклеп маманың жайына келди, балларды тойдырды, таза кийим кийдирип, еки баланы жайға салды. Ертеңине таң атты, мама менен хошласып тезегин термеге кетти.

Ертеңине патша қаласының базары еди. Шынмашын шәҳәринен көп-көп кәрўан саўдегерлер келген екен, келип қалаға толды. Базар қызып келген ўақытта адамның сестине таўлар жаңлап саза берди. Адамлардың сестин еситпеген жетимлер жайдың ишинде өз-өзинен қорықты. Маманың жети қат жайын бузып, балалар майданға шығып кетти. Көшеде жүрген ханның пашшаплары ҳаўлығып жүрген еки баланы көрди, улды Мәспатшаға мегзетти, қызды Айпаршаға мегзетти, Оразалы патшасына келип арыз етти:

— Күннен күнге бетер болған бул дәртим,
Қалмақтың шәҳәринде арткан мийнетим,
Пашшаплардың айтар сизге арзы бар,
Мәспатшаның көрдим еки перзентин.

Ашылмаған бәҳәр бағдың лаласы,
Қалмақ бузғанмекен қырман қаласын,
Пашшаплардың айтар сизге арызы бар,
Көрдик мусылманның еки баласын.

Бала күшейтти ашықлықтың дәртини,
Ашыўланса бузар қалың пәтини,

Пашшаплардың сизге айтар арзы бар,
Реңкине көзди салсаң улының,
Мәспатшаға мезгеттим оның сыяғын.

Ат шаптырмас таўдың бәлент қыяғы,
Бизлер көрсек, мусылманның туяғы,
Шекилине мегзер қыздың қарасаң,
Айпаршаға мегзеттим қыздың сыяғын,

Саўғаға берместен ийгилик жайынды,
Келсе таларлар дүнья-малыңды,
Жетимеклер сол шәҳәринде ер жетсе,
Алмаспекен сеннен намыс-арыны.

Сол ўақытлары патша жәллатларға ҳәмир етти:

— Жетимди тутып атыңлар, мойнына аркан салыңлар, дар түбине алып келип асыңлар, — деди.

Жетимлерди көшеден услап алды, дар түбине алып келип, соймаққа қарады.

Ендиги гүрриңди баяғы мамадан еситиң. Мама жуўырып майданға шықса, жети қат жайының бузылып жатқанын көрди. Мама келип жылады: ақшамғы Айпарша менен танысқанлығымды

www.ziyouz.com kutubxonasi

патшаның адамлары билген екен, жайымды бузып, балаларымды алып кетип қалған екен. Султан өз сүйегин қорламас деген, өз бауырым, өз перзентим еди, балалардың сүйегин алып кайтайын, деп ханның жайына жақынлап келсе, жыйналып турған көп адамды көреди. Мама жақынлап келсе, жылап турған еки перзентти көрди:

— Бүлбил ушып ғарға қонған гүлимди,
Хәрким султан дейди қонған елинди,
Әрман болды, бул сийнемде дәрт болды,
Шейит өлер болдым қалмақ қолында.

Ашылмаған бәхәр бағда лаламды,
Қалмақ бузған екен себил қаламды,
Әрман болды, бул сийнемде дәрт болды,
Бир көре алмай қалдым ғәрип анамды.

Минип бедеў ара шөлде желмедим,
Душманлардан ар-намысым алмадым,
Әрман болды, бул сийнеме дәрт болды,
Ақ сүт берген жан анамды көрмедим,
Ақ сүтине бир ырзалық бермедим.

Жылап турған жетимди мама көреди,
Жетим ушын жанын пида қылады,
Жылап урды сап ортаға өзини,
Дарға асылды: «бала мениң балам деп»
Дарға асылып усылай айтып сөзини:

— Жыламақтан болар мениң ишим зар,
Бир алладан өзге мениң кимим бар,
Жетимниң мойнына арқан салыпсаң,
Арқан баўды жибер, залым жәллатлар.

Атадан ул туўар деппен қыясыз,
Балам болмас шәхәрине зыянсыз,
Жетимниң мойнына арқан илипсең,
Арқанынды жаздыр, залым иймансыз.

Ойламаңыз паны дүнья жалғандай,
Еситкенге айтқан гәплер жалғандай,
Жетимниң мойнына арқан салыпсаң,
Жетимимди қыз қойнынан алғандай,
Ханның мүлклерине талаў салғандай.

Жәллаттың қолынан арқанды алады,
Жетимлердиң ол қолынан жетеклеп,
Патшаның алдына мама барады:

— Әдил ийеси, есит балам, сөзимди,
Балам ушын ойың еки көзимди,
Жетимниң мойнына арқан салыпсаң,
Балам ушын өлтир мениң өзимди.

Минген бедеў ара шөлде желмесин,
Мендей нашар жалғаншыға келмесин,
Улы, қызың барды сениң, Ораз-ай,
Ҳешқайсысы мендей бенде болмасын.

Қара шашым бестен таллап тарайман,
Қартайыппан, не күнлерге жарайман,
Не гүнайы болса еки жетимниң,
Гүнайыны патшам сизден сорайман.

Сол ўақытта патша мамаға қарап:
— Әй, мама, гәпинди түсиндирип айт, — деди.
Сонда мама былай дейди:
— Қалмақтың ханы Бабаханның ўақтында мен журтыңа бенде болып түстим. Сениң ағаң Бабахан мени бир ат бағатуғын сейиске берди, мениң ерим Мәспатша дегенниң урысында өлди, мен еримнен жесир қалдым. Бойымда алты айлық ҳәмиле пайда болып қалып еди, бир ул менен бир қыз туўып едим, таза сақлап қойып едим, сениң пашшапларың жайымды бузып, алып кетип, асайын деп атқан гүнайын сорап турман, — деди.

Сонда патша турып:
— Әй, мама, Мәспатшадан болған, Айпаршадан туўған деген менен ас деп едим, егер сеннен туўса, бизиң ҳаслымыздан болса, балаларың патшалыққа керек садық төре болар. Мама, балалардың кийген кийими, жеген наны патшалықтан болсын, балаларың қалаға дарқан болсын, күнде қалмақтың балаларынан жүз бала өлтирсе де гүнасыз болсын, — деди.

Балаларды жетеклеп үйине келди. Балалар қалаға көшеге шығады, күни менен қалмақтың балалары менен ойынды салады, әўел ойын, соңында урысты қылады, кимниң қулағы, мурны, түссе де жулып алады, күнде отыз бала, қырық бала ханға арызға келеди, лекин ханның айтқан сөзи бар, арзы питпей қайтады.

Ал endиги сөзди султан Мәспатшаның әкеси Әбдикәрим байдан еситиңиз.

Әбдикәрим улы Мәспатшаға жети жылға дейин қарады. Жети жылға дейин улы бармады. Мәгер улым жети жылға дейин тири болса, келер еди, өлген шығар сирә деп, Мәспатшаның жети күнге дейин ас-абатын берди. Ас-абатын берип, Мәспатшаны жоқлап, ел-халқына айтып турғаны:

— Мәспатшадай улым, қуйрық-қанатым,
Қартайғанда неге жетер ғайратым,
Жалғыз улым өлген болса Мәспатша,
Ийесиз дүньяны жыйнап нетейин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үлесиңиз мениң дүнья-малымды,
Еситиңиз аға-иним, елатым,
Ушқыр едим, қанатымнан қайрылдым,
Жүйрик едим, туяғымның майрылдым,
Тахтларым қалды султансыз,
Бағым қалды мийўасыз,
Елим қалды ийесиз,
Жалғыз улым, қарағым,
Мәспатшадан айрылдым,
Ийесиз дүньяны жыйнап нетейин.

Сол гәпти еситип, елаттың кәтқуда, бийлери Әбдикәрим байдың қасына ҳаслы батыр жигиттен жаў-жарағы менен қырық жигит жыйнап қасына қосты. Қырық жигитке сәркарда болып елинен шықты. Елатынан жартысы кейнинде қалды. Әбдикәрим бай он күн удайына жол жүрди, он күн ортадан өткенде, намазшам ўақыты болғанда бир булаққа дуўшар келди. Әбдикәрим бай қырық жигит пенен бүгин дем алып, булақтың басында жатты. Азан менен таң атқаннан кейин жылқы булаққа келип суў ише берди, Әбдикәрим бай бул кимнин жылқысы деп түске дейин анықлап турды. Песин мәҳәл болғанда болғанда жасы алпысқа келген, сақалы буўрыл болған бир ғарры жылқының кейнинен келе берди. Жылқышы булаққа келсе, қырық жигити бар, өзи жетпис жасында, бир ақ сақаллы бабаны көрди, байталын шапқылап қасына келди. Жылқышы Әбдикәрим байға қарап бир сөз айтқаны:

— Атланыпсаң бәлент қумның дағында,
Бүлбиллер сайрасын жәннет бағында,
Қартайғанда қырық жигитке бас болып,
Жасың өтип сен қартайған шағында.

Атадан ул туўар деме қыялсыз,
Мен боламан сапарыңа зыянсыз,
Қартайғанда қырық жигитке бас болып,
Айт келатқан жөниңди сен, ийманеыз.

Мусылман билемен ҳаслы затыңды,
Оқып көрсем пешанаңда хатыңды,
Қартайғанда қырық жигитке бас болып,
Бизге баян әйле ҳаслы затыңды.

Әбдикәрим бай ҳәм турып сөйледи:

— Ашылмаған бәҳәр бағда гүл ғунша,
Мен жыларман перзентимди көргенше,
Бул гәпимди саған баян әйлейин,
Бул сөзиме қулағың сал жылқышы.

Бүлбил ушып ғарға қонған гүлиме,
Балам кетип, от түсип тур тәниме,
Көрсең-билсең, жылқышы, тезден хабар бер,
Мениң балам келди ме екен елиңе.

Беллерге байланған белли потасы,
Маған өтти перзентимниң жапасы,
Көрсең-билсең бизге тезирек хабар бер,
Бизлер, билсең, Мәспатшаның атасы.

Жылқышы еситти байдың сөзини,
Қанлы жас жуўа берди еки көзини,
— Сениң балаң келип еди қалмаққа,
Алып еди мениң жалғыз қызымды,
Болып еди сениң балаң күйеўим.

Қазан урмай мен гүлимниң солғаны,
Кеткенине жети жылдың толғаны,
Жети жылға дейин улың бармаса,
Перзентимниң жаўдан шейит болғаны,
Еки журттың бирдей ойран болғаны.

Қәдир алла сол басыма ярмекен,
Перзентлерим бир көрмеге зармекен,
Сен улыңнан, мен қызымнан айырылдым,
Сениң менен мендей болған бармекен.

Жылап тарқаттылар иштен әлемин,
Қыяметлик қудасы менен танысып,
Бир-бирине берди булар сәлемин.

Қудасы менен танысып-сорасып өз ҳалына келди.

— Ал, Әбдикәрим бай, қызым кеткели мийўасыз бағды гезип не бар, перзентсиз үйдиң не ҳәзи бар, — деп жылқышы бағып жүрген жылқысын таслап, Әбдикәрим байдың жылаўынан алып қалмаққа қарай жүретуғын дәрбент жолға түсти. Жол менен Әбдикәрим бай келатырса, урыс еткен жол дегенге келди, өлип атқан сансыз өликлерди көрди.

Ашылмаған бәҳәр бағда лалам деп,
Сен кеткенсоң себил қалған қалам деп,
Ҳәр сүйекти бир қушақлап жылайды,
Әрман менен шейит өлген балам деп.

Узақ жолда бедеў атты шаппады,
Әбдикәрим байға сапар жақпады,
Ҳәр сүйекти бирим-бирим көрсе де,
Баласының хеш сүйегин таппады.

Әбдикәрим бай қырық жигиттиң шақырып алды.

— Лабақбайды шақырып алып байдан кеңес сора, жаўгершиликте батырдан кеңес сора, мениң балам бул жолда өлген емес шығар. Мениң баламды қалмақ тутып алғанды, қаласына барғанды, сарсаң кесек пенен урғанды, балам өлип, сүйеги қалмақтың шәҳәринде қалғанды. Сенлер атларыңның басында қалың, мен еки жеңимди кесип қалмақтың елине қәлендер болып барайын, еки киси

www.ziyouz.com kutubxonasi

гәплессе, қулағымды салайын, перзентимниң я өли хабарын, я тири хабарын билип келейин, — деп Әбдикәрим бай хақлап, қаласына келди.

Әлқысса, ендиги хабарды Айпаршадан еситиң.

Айпарша көшеде тезек терип жүрсе, еки баласы танып, апасының изинен ерди. Айпарша ғәрип жылайды, «қалмақлар бүйтип жүргенди көреғойса, услап алып алдымда шалса, дәртиме бир дәрт емес, бес есе дәрт қосылар» деп жылайды. Айпарша жылап баратырса, қалмақтың кәнизлеринин нан жаўып турғанын көрди. Сол кәнизлерге барайын, нан сорап алайын деп, тандырға барып кәнизлерге қарап бир сөз айтты:

— Жаратыпты бизди ҳақ,
Өлмеген бенде болар ҳақ,
Нан сораған қәлендермен,
Нан бериң, ҳешбир қосым жоқ.
Шаппай аттан майырылған,
Жез қанатынан қайырылған,

Мен қәлендер дийўанаман,
Елатынан айырылған.
Әжеп болды бул ислер,
Қалыпты бурынғы жүрислер,
Дийўанаға қайыр қыл,
Нан жаўып турған бийбишлер.

Анда Әбдикәрим бай көшеме-көше ҳақлап келатыр еди, бир жылаған нашардын даўысы қулағына тал-тал келди, жуўырып қасына келди, сөйлеген сөзин мусылманға мегзетип, жетимниң қасында «бул қандай ис?» деп Әбдикәрим байдың бир сөз айтып турғаны:

— Узақта көринген таўлардың зоры,
Жүзинде бар екен патшаның нуры,
Жетимниң кейнинде жылап-еңирейсең,
На арзың бар, не хызметиң, сен шоры?

Жыламақта көзде жасың бозлайсаң,
Әўлийе көргенде қәйтип түнейсең,
Не арзың, не хызметиң бар, сора нашар,
Не себеп кәнизден нанды тилейсең?

Оқып көрдим пешанаңда хатыңды,
Жеткере алмай отырсаң ба дәртиңди?
Бул еллерде нетип жүрген шорысаң?
Бизге баян әйле ҳаслы затыңды.

Деген ўақта Айпарша сөйлейди:
— Дәўир өтти он бесимде басымнан,
Мийнет-жәбир шектим ғайры жасымнан,
Сандаламай кет аўлаққа бул жерден, алжыған,
Кесириң тийер, тез жөнегил қасымнан.

Қалмақ елден қутылмағың гүмансыз,
Кетпейсең қасымнан, нағылған жансыз,
Бүйте берме, тезирек жөнел қасымнан,
Сақалың ағарған нәлет, иймансыз.

Бәҳәр болса ашылар бағда гүл ғунша,
Сорасаң өзимниң атым Айпарша,
Кисим еди кенегестиң султаны,
Атын сорсаң — шейит өлген Мәспатша, —

деп бир-бир баян етип, зар зар жылағанын көрип, Әбдикәрим бай келини екенин танып, пешинен асылып жылай береди. Анда Әбдикәрим бай өзин танытып, келини менен қушақласып-жыласып, еки баласының бетинен алма гезек сүйип:

— Ал, келиним, еки бала қалыпты, Мәспатшаны қудай алыпты. Мәспатшаҗаным өли емес, тиридей, бала саў болса, — деп бетинен сүйип, — ал келиним ертең келемен, сенлер қорқпаң. Қалмаққа оқ атаман, қалаға найза, балта саламан, — дейди.

Анда Айпарша турып айтты:

— Әй, ата, балаң саған қусап гөдек болып туўған екен, оны қой, қалмақтың қаласы қырық сегиз гезлик жеринен қулыплы, дәрўазалы тас қала да болса, өзим шығайын, — деп атасы менен хошласып кетти. Баяғы бабаның үйине барды. Анда мама буның жүзине қарап бир сөз айтты:

— Бәҳәр болса бағда гүлим гүл ғумша,
Айналайын, жаным сиңлим Айпарша,
Қарағанда жүзиң жыллы көринди,
Тиримекен жан қосағың Мәспатша?

Әўел ўақта минген атың сүринди,
Айтқыл, сиңлим, жан апаңа жоғыңды,

Бурынғыдай емес қарасам саған,
Айпаршажан, жүзиң жыллы көринди.

— Сөзимниң жоқ, жаным апа, қәтеси,
Мойнына қыстырған зерли потасы,
Кеңес елинен қырық ләшкер менен,
Излеп кепти Мәспатшаның жетпис жасар атасы,

—дегенде ўақытлары хош болды. Сонда Айпарша:

— Әй, апа, мениң атым менен Мәспатшаның атын алып берсең, мен қаладан кетсем, — деп бир-бир баян етти.

Сол маманың баласы қаланың ат сейиси еди, «әжеп болар» деп, балаға мама кетти:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, перзентим, мынаў Айпарша апаң, мынаў еки бөлең. Сеннен тилерим: еки атты алып келип қашырып жибер, балам. Әбдикәрим бай қырық ләшкер менен келип атқан қусайды, — деди.

— Әжеп, мама, — деп дәрҳал таяр етти. Атларына жаў-жарағы менен минип кетти. Сандал атына Айпарша қызы менен минди, Мәспатшаның Мәнжүн атына баласы минди. Мама хошласып, алла деп жыласып, дәрўазаға келди. Дәрўазадағы бағманлардың бәрин өлтирип, дәрўазадан шығып бәдер кетти. Айпаршаның бул қылған иси патшаға жетти, қырық мың ләшкер менен изинен қуўды. Бир мәҳәл артына қараса, қуўып келатырған әскерди көрди. Сол ўақытта Айпаршаның баласына бир сөз айтып турғаны:

— Алмас душпан келген менен жанымды,
Алғыл, балам, намыс пенен арынды,
Шейит өлген жан атаңның кебинен,
Алғыл, балам, қалмақлардан арынды.
Нәмәртлердиң иши толған дәрт болар,
Ағайини туўмағандай жат болар,
Атасына тартып бала ер болса,
Қайтпайтуғын жаўдан батыр мәрт болар.

Баҳадырлар саўаш күни шабылар,
Душпан қуўып кейнимизден келеди,
Бурынғыдан қалған нақыл сөзлер бар,
Болар бала бес жасынан беллиди.

Анда бала шыдап туралмай,
Қамап келген қалмақтың,
Бир шетинен тийеди,
Атасының саўытын,
Он ийнинен кийеди,
Алдын қырдым дегенде,
Кейни ғаўлап толады,
Бир далалық шөлинде,
Бир ҳәдийсе болады,
Аллалап пайза салады,
Алдын қырдым дегенде,
Кейни лыққа толады,
Яр бол жалғыз балаға деп,
Айпарша турып жылады.
Урыс болды бир сумлық,
Бас кесилди ыраşта,
Қырық мың ләшкер қулады,
Муҳаммет майдан ишинде.
Яратқан жаппар ийе-ди,
Қырық жигити қасында,
Әбдикәрим аллалап,
Бул да жаўға тийеди,
Бар қарыўын салады,
Көп қалмақтың ишинен,
Баланы айырып алады,
Перзентлерин жетелеп,
Айпаршаның қасына,
Бабасы алып барады.

— Ал, перзентлерим, сенлер урысты қойың, сен түўе қалмақты Ҳәзирет Әлий де таўысқан емес, қой, — деп, баланы жетелеп аман-есен қосылды. Айпарша, Әбдикәрим, еки бала, қырық жигит пенен баяғы Мәспатша қалған булаққа келип, еки баланың атасын жоқлап, ҳәр қайсысы ҳәр шынарды қушақлап, көзиниң жасы моншақлап, қара баўырын пышақлап, бир-бир баян әйлеп, зар жылап турған жери:

— Қаршығадай қанатымнан қайырылдым,
Жүргиш едим, туяғымнан майырылдым,
Жан атамның тәрбиясын көрмедим,
Мәспатша атлы жан атамнан айрылдым.

Қыя шөлге Мәнжүн атын шабарман,
Көрмейин, билмейин нени қоярман,
Атамлардың паналаған шынары,
Қайдан излеп жан атамды табарман?

Алма менен әнжир-әнжир әнарлар,
Атам сайран етип ойнаған бағлар,
Жан атамды көрсең бергил хабарды,
Атам жатқан себил қалған шынарлар,
Ҳәзирети Даўыттың мынаў дағлары,
Алма, әнжир-әнар бағлары, —

деп ул-қызы жылап турғанда Айпарша булаққа бетин жуўайын деп барса, бир-бир тамған қанды көреди. Бул не қан деп из кесип жүрсе, жалаң аяқ бир адамның изин көреди. Мәспатшаның тири екенлигин билди, арманырақ жүрсе, кийиктиң етиниң ояғын-буяғын бир қалап, кәбап етип жеп отырған ярыны таныды. Баяғы ала атлы қалмақ атып, жарадар қылып кеткеннен кейин усылай аўқат етип жүрген екен. Оны көрип, балаларына, аталарына хабар берип, ҳәммелери қуўанып, ҳақ дейип жыласып, Сандалға қызды миндирип, Мәнжүнге баланы миндирип, «әкелериңне ийилип тәғзим бериң» деп еки баланы жиберип сыртынан қарап турды. Балалары алла деп ат қойды. Жақынлаған жерде бир адам көрмеген Мәспатша балаларын танымай, сары жайын алып атпаға машқул болды. Анда Айпарша Мәспатшаға қарап «атагөрме» деп бир-бир баян әйлеп турғаны:

— Пешананда оқып көргил хатынды,
Мусылманға мегзет ҳаслы-затынды,
Таныйсаң ба, танымайсаң ба, султаным,
Минип жүрген Мәнжүн атлы атынды?
Бәҳәрде бағда гүлим гүл ғунша,
Есит сөзди, айналайын Мәспатша,
Билесең бе, билмейсең бе, ашығым,
Таныйсаң ба? Келип турған — Айпарша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосыларман деген бар ма ойымда,
Гүна жоқты, султанзада, мойнымда,
Биле билсең, булар сениң зүрриядың,
Кетип еди айырылғанда бойымда.

Ҳақ кеширген еткен жәбир-жапанды,
Шилтенлер бергейсең пәтиянды,
Таныйсаң ба жетписте бар жаслары,
Излеп келген кенегестеги атаңды.

Деген ўақта көзи көрип ботасы,
Бала дейип еңирей берди атасы,
Ағам дейип бала сөзин баслады,
Таўдан танып жерге өзин таслайды,
Түсирместен Мәспатшадай атасы,
Жүгирип барып баласыны услайды.

Ботадай бозлап, малдай мөңиреп, жылқыдай киснеп, Айпарша, Мәспатша, улы-қызы, атасы — барлығы жыласып, қырық жигит ҳәммеси қосылып тәңир сәлемин берип, ат кекилин өрип, ауылды-елди сорасып, ҳәммеси қосылып-есилисип мәс болып қалды. Мәспатша сауытларын кийип, қабағын үйип, баласы менен екеўи Оразалы патшаның қаласына барып урыс салды. Жети күнде шәҳәрди алып, мешит-медиресе салды. Баяғы кемпирдиң атсейис баласын сол шәҳәрге патша етип, мешит-медиресе бина етип, қудаға шүкир етип, алды-арты толған мал-мүлкин қырық қулға айдатып, Айпарша менен атасына келип, бир неше күн ҳәммеси жол жүрип кенегес елине барды. Ел-халқы, енеси менен көрисип-жыласып, жети ай жети күн той берип, қойы жоққа қой берип, жери жоққа жер берип, Айпарша менен Мәспатша мақсет-мурадына жетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

61 - ТОМ



# ҒӘРИП АШЫҚ

Қазы Мәўлик (Мәўдит Бекмухаммед улы)
(1927-жыл)
Араб имласынан көширген: А.Ҳәбибуллаев

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәўийлер андағ рәўийат қылурларким, Бағдад йуртының Ҳәсен шаҳ исмли падшаҳы бар эрди. Әдилликте Нәўшырўаны әдилдек өз йуртыға ҳүкимранлық қылур эрди. Әмма өмирининң йаш орталарығачә пәрзентсизликнинң дағыдын көп рәнжи-меҳнәтлер чекәр эрди. Күнлердин бир күн Абадан исмли зайыбыны йаныға чарлап:

— Әй, ханым! Маңа бу падшаҳлықдын не пайда, биз еккимиз Мәккейи Минәўўәреге барып ҳаж таўабыны қылсақ, қалған өмиримизни Аллатағаланың йолында чын ықласымыз билен өткизсек, шайад Аллатағала бизлернинң тилегимизни мустажаб қылып перзент ата қылса, — деди.

Анда бул сөз Абаданға ҳәм макул түшти. Бу мәсләҳәт билән Ҳәсен шаҳ падшалықны тәрк етип, орныға Әдил шаҳны отырғызып, зайыбы Абадан билән қол ушлашып йолға раўана болдылар ўә ҳақның йолында бир нешә мәнзил-мәрайылларны тай қылып, хәр түрли машаққатларны башларыйдын өткизип, ақыр Мәккейи Минәўўереге дақыл болып, Бәйтулланы зийарат қылдылар. Бәндейи мусылманчылық шәртин бәжа келтирип, хаж таўабыны қылып, өз йуртыға қайтар болдылар ўә йолға түшип көп ўәлайатлардын өтип, шөл-бийабанлардын ашып, бир шәҳәрге келдилер. Йол екки тәрепке айрылды. Ол ҳалда Ҳәсен шаҳ Абаданға қарап:

— Мен падшаҳлықны тәрк етип бу йолға түштим, энди өз йуртымызға бармай, башқа бир дийарға барып истиқамәт қылып, Алланың зикри-сәнасы бирлә күн кечирсек нечук болур? — деди.

Абадан ҳәм бул сөзге разылық берди. Әлғәрез, өз йуртыға йүрмей, башқа йолға түшип, аз турып, көп йүрип, ақыры Дийарбәкир деген йуртқа дақыл болдылар. Бул йуртның падшаҳыға шаҳ Аббас дер эрдилер. Ҳәсен шаҳ Абадан билән белли бир йерде истиқамәт қыла билмей, ахыр шаҳ Аббасның ҳузурыға келип, қол қаўшурып салам берип турдылар. Падшаҳ саўал қылды:

— Не қылып йүрген адамсыз ўә қайдын келип, қайда барурсыз?

Ҳәсен Шаҳ айтады:

— Әй, Шаҳым, бизлер узақ жайлардын келген мүсәпирмиз. Сизнинң ўәлайатыңызның бир шетидә өз ҳалымызға истиқамәт етсек деп, сизнинң лутфы-кәрамыңыздын ҳимайат истеп келдик, — деди.

Анда Шаҳ:

— Мен сизлернинң түр-сипәтиңизге ўә тил-зибаныңызға бақсам, гезенде-мусапырға ухшамассызлар. Әгәр сиз растыныздын келип, маңа туғры ҳаслы-затыңызны байан етмесеңизлер, сизлерге сийасат қылурман, — деп растын сөзлемекке мәжбүр қылды.

Анда Ҳәсен шаҳ ҳаслы Бағдадий эркәнлиги, пәрзентсизликнинң дағыдын падшалықны тәрк етип, Мәккейи-Минәўўәреге барып Бәйтуллаға ҳаж таўабын бәжа келтирип, өз йуртыны ҳәм тәрк етип, мунда дақыл болғанын бәтамамы байан қылды. Ол ҳалда шаҳ Аббас орныдан турып, тахтыдын түшип:

— Андағ болса, билдимки, сиз Бағдад падшаҳлығыны тәрк етип зайыбы билән ҳаж таўабын етмекке кетгән шол Ҳәсен шаҳ эркәнсиз, — деп иззет ўә икрамлар билән кучақлашып көришип ҳал-аўҳал сорашты ўә айтты:

— Сиз мунча алийҳиммет эркәнсиз, әмма мен ҳәм пәрзентсизликнинң дағыдын көп ҳижран шекермен, лекин сизге ухшап журъәт ете алмадым, кел енди, сизни өз орнымға падшалыққа тәклийп қылурман, — деди.

Анда Ҳәсен шаҳ:

— Әй, падшаҳы әлам, маңа ўәлайатыңызның бир пәрағат йеринде истиқамәт қылып, зайыбым билән худаға таат-ибадат қылып отурсам бәсдур, — деди.

Алғәрез, шаҳ Аббас Ҳәсен шаҳны өз ыхтийарыға қоймай өзийге баш ўәзийр етип тайынлады. Еккилери әдиллик билән юрт сорадылар. Бир күни шаҳ Аббас Ҳәсен ўәзийрни ҳузуўрыға алдырып:

— Әй, ўәзийр, еккимиз ҳәм перзентсизликнинң дағыдын ҳижран бәласыға гирипдардурмыз, мунының не илажы бартурур? — деди.

Анда ўәзийр:

— Бизлер әўлийа-әнбийаларны зийарат қылып түнеп йатсақ, шайад тилеклеримиз қабыл болғай, — деди.

Бу сөз макул түшип, еккилери әўлийа-әнбийаларны зийарат қылып, ахыр биринде түнеп йаттылар. Нагәҳ таң сәҳәр шағында ўәзийрнинң түшиге айан болдыким, әўлийа-пирлер келип, падшаҳ билән ўәзийрнинң қойынларыға анадын туғма йалаңач екки нәрестени салып: сизлернинң тилеклериңиз қабыл болып, хәр бириңе бир перзент ата қылдық, — деп ғайып болдылар.

Ол ҳалда ўәзийр сачырап ойғанды ўә падшаны ойғатып көрген ўақыйасын байан етти. Анда падшаҳ:

— Әй, ўәзийр, мен ҳәм ошбу ўақыйаны көрип йатыр эрдим, әмма сен ойғатып йибәрдиң, — деди.

Алғәрез, еккиси бул көрген түшимизнинң тәғбири раст ҳаққаный болғай деп үйлериге келип қарар тапдылар ўә қудаға йүз мың шүкирлер қылып, анча малларны хәйрия қылдылар. Қуданың әмири

www.ziyouz.com kutubxonasi

бирлә арадын көп ўақыт өтмей падшаҳның ҳәм, ўәзийрининң ҳәм зайыпалары ҳәмиледар болдылар. Бир күни ўәзийр падшаға қарап:

— Әй, Шаҳым, зайыпаларымыз ҳәмиледар турурлар. Әгер Аллатаала еккимизге ҳәм оғул берсе не болур? — деди.

Анда падшаҳ:

— Бири аға, бири ини болур.

Ўәзийр:

— Әгер еккимизге ҳәм қыз берсе не болур?

Падшаҳ:

— Бири апа, бири сиңли болур.

Ўәзийр:

— Әгерде биримизге оғул, биримизге қыз берсе не болур?

Падшаҳ:

— Андағ болса, еккилерини жупты қылып, қуда болурмыз, — деп әҳди-пайман қылдылар.

Әмма ўәзийр айтты:

— Әй, Шаҳым, бул әҳди-пайманымызны не билән дәлиллермиз? — деди.

Падшаҳ айтты:

— Андағ болса, әҳиднама йазармыз, — деп хат битиб, мөҳир басып, әҳиднаманың бирини Ҳәсен ўәзирге берди. «Ҳәр ким әгер мундын қайтса, худайның ләғнети аңа болсын» деп әҳд қылып тарқады.

Әлқысса, бу тарийқа билән күнлерден бир күн падшахның зағыйпасы қыз туғды. Той-тамаша қылып, қызына Шаҳсәнем деп ат қойды. Әмма, Ҳәсен ўәзийрниң хатыны бир уғыл туғды. Бул ҳәм той-тамаша қылып, уғлына Ғәриб деп ат қойды. Әрсе, арадан нешше ўақытлар өтип, мектеп йашыға толып, мектепте оқымақ болдылар. Бир-бирләрийдин мектепханаға кешикселер бийтақат-бийарам болар едилер. Ғәриб бир күни уйқыда еди. Нәгаҳ ҳәзирети Шаҳымардан келип Шаҳсәнем бирлә Ғәрибни гүмбез ҳузурыға элтип, ҳәр бириге қырық пийала шарап берип, ҳәр қайсысыға бир хат питиб бердилер. «Әй, балам, сизлер ашықы-ҳаққаныйсызлар», деп бир-бирине никаҳ етип, пәтийҳа берип, «алдыңызны алла ашсын», деп ғайып болды. Ғәриб ойанса, түши екен. Намаз ўақты болыпты. Турып тәҳәрет таза қылып, еккиси ҳәм үйлеринде намазларын оқып, мектепханаға раўана болдылар.

Енди хабарны шаҳ Аббас билән Шаҳсәнемниң анасы Ханымнан ешитиң. Ошбу кечә Ханым Аббасқа айтты:

— Әй, Шаҳым, қызымыз Шаҳсәнемжан кәмалға келипдур, аны кимге берурмиз? — деди.

Анда Шаҳ:

— Әй, Ханым, бизлер Ҳәсен ўәзийр бирлә хат питиб, мөҳир басып, әҳд қылған едик, ўәзийр әрсе дүнйадын өтти, енди бу ишниң мәсләҳәтини өзиң билурсен, — деди.

Анда Ханым:

— Сиз көп ўақыйаларны билерсиз, өзиңиздек падшаҳларның қызыны өз йетимиге бергенини хеш көргенмисиз, бу иш бизниң ҳаслы-нәсабымызға дағ келтирмес ме, шу еди ме сизиң мақсудыңыз?

Ўә йәне айтты:

— Шаҳсәнем Ғәриб бирлә мектепханада ышқы-муҳәббетке гириптар болып, ҳәр түрли ойынлар қылурлар емиш, деген тағна сөзлер қулағымызды қәўмәтке келтирди — деди.

Бу сөзге падшаҳ дәрғәзеб болып:

— Андағ болса, қызымызны Ғәрибке бермесмиз, сен ҳәм Шаҳсәнемни бу күннен башлап мектепханаға йибермегил — деп мәҳкем тапшырды.

Эрсе Шаҳсәнем ерте билән турып мектепке кетмек болды. Анасы:

— Әй, Шаҳсәнемжан, қайда барурсаң? — деди.

Шаҳсәнем:

— Мектепке барурман, — деди.

Анасы:

— Шаҳсәнемжан, енди сениң мектеп ўақтың өтиптурур, башқа ҳөнер бирлә машғул болмағын керекдур, — деп, мектепханаға йибермеди.

Эрсе Шаҳсәнемниң дийдеси гирйан, сийнеси бирйан, ақлы хайран болып, анасыға йалбарып бир сөз айтты:

— Ешит мениң арзым, ҳүрметли ана,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә,
Ақ сүтиң еммишәм мен қана-қана,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә.

Қатарда йүк шекмегенни нар деме,
Шөлде лашын қалдырғанны шер деме,
Намысын тутмаған ерни ер деме,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолымда пийала қанымға толсын,
Ышқында гүл йүзим сарғарып солсын,
Күйип-йанып үстиханым күл болсын,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә.

Бармағымда йүзик тилла қашлыдур,
Ишимде от йанар, көзим йашлыдур,
Рәҳим әйле анажан, қара сашлыдур,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә.

Бир маңа йетипсиз әўлийа түнеп,
Мени ҳәлак етип, өлтирме қыйнап,
Имтихан әйлейип, ышқымны сынап,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә.

Кеше-күндиз йалбарурман Ҳәбийбә,
Сырым айтма дәрдим билмес тәбийбә,
Шаҳсәнем дер: мен кетермен Ғәрийбә,
Ана, мен дәртлини йандырма бойлә.

Әмма, анасы Шаҳсәнемниң сөзине баўәр қылмады. Шаҳсәнем зар-зар йығлап, арамы-қарары қалмай, анасыға қарап йәне бир ғәззел айтты:

— Зулмың билән қапа пәлек,
Бизни йардан айра салдың,
Отқа йақып Ибраҳимдек,
Жәпа билән нара салдың.

Буздырып өмирим ғыштыны,
Гездирип жаҳан гәштини,
Сындырып муҳаббет киштини,
Бизни бу хунхора салдың.

Жапа билән пурҳун етип,
Көзде йашым жәйҳун етип,
Бизни Ләйли-Мәжнүн етип,
Қызықлы базара салдың.

Яр узақ кешти ҳалымыз,
Пәлек бузды ықбалымыз,
Мүнәжжим ашты палымыз,
Бизни бахты қара салдың.

Шаҳсәнем дер, болдым гәда,
Ғәрибиме жаным пида,
Мен нәйлейин қәдир қуда,
Ғәрибимдин айра салдың.

Сәнем истәр өз рәпийғын,
Ҳәр ким билмес ышқ тарийхын,
Маңа урып ғәзеп тыйғын,
Йүрекиме йара салдың.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етип айтты:

— Мен айралық ҳижринде мунша йығлап бийқарару бийарам болубман. Ғәриб ҳәм мен йаңлы күйерму йа күймесму, — деп бармағыны тишлеб, анша йығлаб көп бийтақат болып, сабру-қарары қалмай, «анам рухсат бермесе ҳәм мектепке барып болған ўақийаны Ғәрибке айтмасам ҳәлак болурман» деп, «Ғәрибжан ҳәм не ўахийа барын билмей ўәдеге ўапа етмеди деп мендин көңли суўышур» деп мектебке рәўана болды. Әмма, Ғәриб ҳәм ертеден турып мектепке барып эрди. Шаҳсәнем қашан келур деп йеки көзи төрт болып йолға қарап телмирип олтурды. Шаҳсәнемдин ҳеш намыў-нышан болмады. Ол ҳалда Ғәрибниң тақаты кетип, «ўа, дарыйғ, йарымға не ўақыйҳа болды» деп зар-зар ағлап бир сөз айтты:

— Қалмады тәнде дәрманым,
Неге egленди, келмеди,
Ышқ отына күйди жаным,
Неге егленди, келмеди.

Келермен деп ўәде етти,
Келер мүддетийдин өтти,
Ертедин чашгәҳге йетти,
Неге егленди, келмеди.

Бу дәрт, билмен, не дәрт болды,
Янды йүрәким, пәрд болды,
Көзим йолында төрт болды,
Неге егленди, келмеди.

Я биреўдиң пәндин алды,
Я бир ғайры билән болды,
Я бир йаўыз жерде қалды,
Неге егленди, келмеди.

Дәртли қул истер тәбийбин,
Ҳеш кимсе тапмай ҳәбийбин,
Сәнем йығлатып Ғәрийбин,
Неге егленди, келмеди.

Әлқысса, ошбу ҳалда Шаҳсәнем ҳәм ҳәзир болып, Ғәрибниң бу наласын ешитиб, ишкери кирмекдиң илажын таппай, мектепхананың есигинде турып бу муҳаммести оқыды:

— Булбили бийчарасен, гул ышқыда пәрйад қыл,
Ашықый сәркәште болсаң, уйқыны бәрбад қыл,
Тынмайын шаму-сәҳәрлер дад илә бийдад қыл,
Бир имарат әйләбан ышқ үйини абад қыл,
Жан моллам, бир заман шул йарымны азат қыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр киши мундағ бәлалар бирлә болса бийшумар,
Қалмағай жанында анын зәрре йанлығ ықтыйар,
Титрәшур симабдек бу тәнде жаным бийқарар,
Ярымыз мектепте болса, биз бу йерде интизар,
Жан моллам, бир заман шул йарымны азат қыл.

Қоймады өз ҳалыма бу чархы кәж дәўран мени,
Ҳижр дәштиде қуйындек қылды сәргәрдан мени,
Жаным алмай қоймады бу дәрди бийдәрман мени,
Ышқ апаты қылыбдур бийсәриў саман мени,
Жан моллам, бир заман шул йарымны азат қыл.

Билмедим ҳижран шәбинде суд илә нуқсанымны,
Тыйғы бийдары пәлек йерге ағызды қанымды,
Титрешур көкте мәлеклер ешитип әпғанымды,
Жан шықмасдын бурын келтир, көрейин йарымны,
Жан моллам, бир заман шул йарымны азат қыл.

Бир муғаллим сен заманый шәҳр ичинде бакәрәм,
Дәргаҳыңға йүз қойып йарым ўисалын истәрәм,
Шәккер орныға маңа тирйәк ичирди дәрди ғам,
Телмурип мисли гәдадек йарын истер Шахсәнем,
Жан моллам, бир заман шул йарымны азат қыл.

Әлқысса, Шаҳсәнемнин бу пәрйадыны ешитиб, молласы мухтәбәр болып пикир қылдыкым: буларды мурадына йеткерейин деп, мектеп уғланларын азат қылып айтты:

— Әй, Ғәриб, сен сабағыңны не ушын билмессең?

Анда Ғәриб қапалық билән дем урмады.

Анда молла айтты:

— Әй, Ғәриб, сен менин саўалымға не ушын жаўап бермессең? — деп қәҳәрленип мектепханаға салып, ешикни мәҳкем қылды.

Анда Ғәриб айтты:

— Бурын эшитур эрдим, «қуда урғанны пайғамбар ҳасасы билән түртер» деп. Шул сөз раст екен, мен йарымның ышқында йығлап отырсам, бу қапалық онын үстиге минди, — деп йығлап отырды.

Ол халда молла Шаҳсәнемге ишарат қылды. Эрсә Шаҳсәнемжан мектепханаға кирди. Ғәриб йығлап отурур. Шаҳсәнем Ғәрибни бу ҳалда көрип, ата-анасының сөзин бир-бир байан қылып, Ғәриб билән Шаҳсәнем пәлекдин шикайат қылып бир сөз айттылар.

Шаҳсәнем:
— Қулақ салып ешит Сәнемниң арзыны,
Сиздин, биздин дәўран өтти, Ғәрибим,
Бизге салды жудалықның жәбирини,
Айралыққа нәўбет йетти Ғәрибим.

Ғәриб:
— Жуда түштим дейиб ғамлы болмағыл,
Менменликнин ақыр заўалы бардур,
Айралық дәртинен гүлдек солмағыл,
Бу кемликнин ақыр кәмалы бардур.

Шаҳсәнем:
— Қайдағы кәмалдур, қайдағы ўисал,
Йығлап өтсек керек анша маҳы-сал,
Хош бол, хатирыңға әйлеме мәлал,
Шум ракийблар әмди туйды Ғәрибим.

Ғәриб:
— Бир тағна сөз билән нешик қашарсаң,
Ашық болсаң күйип-йанып өшерсең,
Өз айбыңны өзиң нешик ашарсаң,
Сабыр әйле, соңында ўисалы бардур.

Шаҳсәнем:
— Сабыр билән питмес сенин бу ишиң,
Тәғбири терис болур бул көрген түшиң,
Эмди ғам-қайғыға қалур бу башың,
Келген дәўлет қушы ушты, Ғәрибим.

Ғәриб:
— Ашық болмас көп ҳунаба йутмаса,
Машуқ болмас бағрын пара етмесе.
Әгер пийрлер бизге йалған айтмаса,
Бизге бир ашылған ығбалы бардур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаҳсәнем:
— Сизни, бизни йеткермесе ўйсала,
Йүз дөндирип кетме бойлә қыйала,
Бизлерни йеткерип бақып кәмала,
Пәлек сырымызны ашты, Ғәрибим.

Ғәриб:
— Қайғыны көп шексең меҳнәтиң артар,
Ялғандур бу сөзлер, тәғдийра тартар,
Айралықтың тыйғы бағрымны йыртар,
Ҳәр кишиниң йүз мың қыйалы бардур.

Шаҳсәнем:
— Сәнем айтар, мениң сөзим йетмесең,
Өзге елге барып ўатан тутмасаң,
Мени бир кешеде алып кетмесең,
Пышақ үстиханға тийди, Ғәрибим.

Ғәриб:
— Ғәриб айтар, бу сөзлерни демегил,
Йүрәкиме йүз мың дәртни қоймағыл,
Айра түштим дейиб қайғы йемегил,
Әзелде бир қысмет болаҗы бардур.

Әлқысса, бу сауалы-жаўабны айтышып болғандын соң Шаҳсәнем:
— Әй, Ғәрибим, мендин ўәде қылған посаларыңны алғыл, — деди.
Анда Ғәриб:
— Әй, достым, ол әҳди мәжазый эрди, имди әҳди ҳақыйқатқа айланды. Ҳәзир әлиндин шарап иштик, енди поса алмақ раўа емес. Қуда мияссар йетсе, айшы-ишретимиз бәхабардур, — деп Шаҳсәнемге тәселле берип, еккиси ўәделешип үйлериге бардылар. Анасы Ғәрибни көрди. Хатири пәрийшан, көңли мисли шийшедек сынған, реңки тақыйр тапмыш, тәни күлпетте, жаны мәҳнетте, көп рәнжи әлам қайғыда. Анасы уғлыны бу ҳалда көрип, ҳалыны сорап, анасы билән Ғәриб бир-бирлериге еккиси сауал-жаўап айтышғаны:

Анасы:
— Көңлиң сениң шийше киби сынықдур,
Уғлым, не себепдин мәлул болурсаң?
Мениң бағрым қанлар йута қаныпдур,
Уғлым, не себепдин мәлул болурсаң?

Ғәриб:
— Каабам, бу күн ести айралық жели,
Ғам шекмейин көңлим нешик шад олсын,
Ашылмайын бу күн бағымның гүли,
Қазан урды, көңлим нешик шад олсын.

Анасы:
— Сени көрип мениң шадлығым қашты,
Бағым ишре қонған бүлбилим ушты,
Башыңа не ғаўға, не ҳәсирет түшти?
Ялғызым, не себеп мәлул болурсаң?

Ғәриб:
— Мектеп ишре мениң келмеди йарым,
Көңлим ренжип, кетти сабрыў-қарарым,
Анажан, аңлағыл бу аҳыў-зарым,
Көңилде әлам бар, нешик шад олсын.

Анасы:
— Сениң ренжигениң көрмесин көзим,
Сенсең мениң айым, кеше-күндизим,
Мәдарым, қуўатым, уғлым-йалғызым,
Қозым, не себептен мәлул болурсаң?

Ғәриб:
— Анажан, рәҳим етип сорасаң ҳалым,
Көңлим мың қайғыда, йоқдур мәжалым,
Ҳижранда бүкилмиш бу қәдди далым,
Көңилде қайғы бар, нешик шад олсын.

Анасы:
— Уғлым, нешик ҳалың қарап болупдур,
Ҳалың көрип бағрым кәбаб болупдур,
Көп қайғы мәҳнетте бийтап болупдур,
Уғлым, не себептин мәлул болурсаң?

Ғәриб:
— Ғам-қайғы ҳәсиретте йүрип, күлмедим,
Көңлимде сабрым йоқ, ләрзандур тәним,
Мектеп ишре келмес болды Шаҳсәнем,
Айра түштим, көңлим нешик шад олсын.

Анасы:
— Ғам шекмегил башың ашаға салып,
Ғамгүн болсаң кетер дәртиң қозғалып,
Хошҳал болғыл, берем йарыңны алып,
Уғлым, не себептиң мәлул болурсаң?

Ғәриб:
— Ғам шегермен, қызыл гүлим солыпдур,
Шаҳы Аббас мәсләҳәтлер қылыпдур,
Шаҳсәнемни бизге бермес болыпдур,
Емди нетиб мениң көңлим шад олсын.

Анасы:
— Шаҳ әйлеген болса бу мәсләҳәтни,
Сизлерге қылалмас дағы-пурқатны
Бардур Шаҳ тилийдин мөҳирли хаты,
Алып берурмен, нечун мәлул болурсаң?

Ғәриб:
— Мен йығларам қара бағрым дағлатып,
Ярым билән айралықны чағлатып,
Сәнем келмес болып кетти йығлатып,
Енди неге мениң көңлим шад олсын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анасы:
— Абадан дер, сениң ишиң етермен,
Емди егленменем, шахқа кетермен,
Бермес болса берген хатын тутарман,
Уғлым, не себепдин мәлул болурсан?

Ғәриб:
— Ғәриб айтур: андын башқа ишим йоқ,
Ҳәмдемим Сәнемим, теңим-душым йоқ,
Сәнемни көрмесем зәрре хошым йоқ,
Көңлимде раҳат йоқ, нешик шад олсын.

Әлқысса, бу сөзни айтышып болғандын соң анасы:

— Әй, Ғәрибжан, ғамгүн болма, йарыңни алып берурмен, — деп шаҳға йүриш қылды. Шахның бәргаҳыға барып айтты:

— Әй, Шаҳ! Ўәдеге ўопа бар ма?

Анда падшаҳ айтты:

— Не ўәде турур?

Анда Ғәрибниң анасы:

— Әй, Шаҳым, Шаҳсәнемни Ғәрибке бермек ушын ўәде қылған эркәнсиз, емди еккисин қошмақ керек, кәмалға келипдурлар, — деди.

Анда Шаҳ:

— Ўәде қылғаным йоқтурур, — деди.

Ол ҳалда Ғәрибниң анасы бахшийда етип тилиндин мөҳир басып берген хатны чықарып берди. Эрсә падшах даркәҳәр болып Ғәрибниң анасын қуўлатты. Әмма Ҳасен ўәзирниң шәҳәрниң ташқарысыда бир бағы бар эрди. Ол бағ зыйада, хош ҳаўа, мунаққаш лағлы ўә жәўаҳирдин бинйад болған эрди. Булар ол бағда қарар қылды. Әмма Ғәрибниң бир неше хеш-әқрабалары анасының алдыға келип:

— Әй, бийбим, Ғәриб сизниң алдыңызда турса, шаҳ Аббас муны өлтирер, Ғәрибни бизлерге қошып йибериң, алып кетәли, — деди.

Анасыға ҳәм бу сөз мақул болып, ыразы болды. Олар Ғәрибни бир узақ шөлге алып барып падабанлыққа салды.

Әмма, Ғәриб бийшара бир нешше ўақыт падабанлыққа машғул болып, бир шопан бирлә дост болды. Әмма, күнлерден бир күн падабан болғаныны ҳисап қылса, беш йыл болыпдур. Әмма, Шаҳсәнемни йад қылып зар-зар йығлап, ошбу шопан жорасының йаныға келип:

— Әй, жора, Дийабәкирде йарым бар эрди, мен бу падабанлықдын қутыла билмедим, бу паданың игәси малыны мендин алмады. Мен қутылып йарымның сорағына барсам, — деди.

Анда шопан:

— Бу паданы күнде бир-еккисини бийабанға ташлап кетсең, паданы сендин алур, —деди.

Анда Ғәрибке бу сөз мақул болып, Шаҳсәнемге йетә билмедим деп зар-зар йығлап бир сөз айтты:

— Беш йыл болды, айра түштим йарымдын,
Илажым йоқ, йарға бара билмедим,
Ҳешким келип хабар алмас ҳалымдын,
Илажым йоқ, йарға бара билмедим.

Аты Шаҳсәнемжан, сөзи мазалы,
Сөзлегенде шийрин тили сәналы,
Бармақлары буғын-буғын қыналы,
Илажым йоқ, йарға бара билмедим.

Беш йыл болды, мен келмишем бул йана,
Сәнемни көрмегим болды гүмана,
Пырақыңдын қан йығладым замана,
Илажым йоқ, йарға бара билмедим.

Беш йылдур, сийнемде көпдур әрманым,
Шығар болды енди тәнимдин жаным,
Кеше-күндиз сенсең пикирим, қыялым,
Илажым йоқ, йарға бара билмедим.

Ғәриб айтар, тилимдедур сәнаҳым,
Разыдурман ҳәрне қылса қудайым,
Сәнемжандур ҳәрне мениң хошгәҳим,
Илажым йоқ, йарға бара билмедим.

Әлқысса, Ғәриб ҳәр күнде пададан бир мал, екки мал ташлап келип эрди, ўә бир неше күндин соң мал игәси келип көрдиким, малының йарымы йоқ болыпдур. Көңлине келди, бу малны йахшы бақмайдур деп Ғәрибни қуўып йиберди. Ғәриб йолға түшип, қудайтаалаға йүз мың қәтере шүкир етип, «Әй бар худайа, йарымға сөзим йеткер» деп бир сөз айтты:

— Бир йаратқан қәдир куда,
Өзиң еткер йарға бизни,
Тилимдедур зикру-сәна,
Өзиң йеткер йара бизни.

Ҳақның йолында рәҳбәрлер,
Хызыр Ильяс, йа пайғамбер,
Бахаққы Шилтен сәрўәрлер,
Өзиң йеткер йара бизни.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзде йашым ағар сөйлән,
Қысмет бизге болды бөйлән,
Бахақ әўўел Шахымәрдан,
Өзиң йеткер йара бизни.

Кәпирлерге оғын атан,
Жәзийрада ўатан тутан,
Бахақ Кутуб илә Шилтен,
Өзиң йеткер йара бизни.

Ғәриб дер, недур гүнахым,
Тилимде бардур сәнахым,
Әўел ахыр бир кудайым,
Өзиң йеткер йара бизни.

Әлқысса, Ғәриб Дийарбәкир ўәлайатыға келди. Шахсәнемни излеп мектепханаға барды, Шахсәнемни тапмады. Ақыры балалардын сорады. Алар айтты:

— Шах Аббас Шахыдәриз деген жайда көшки салдырып, қырық кәнизеги билән Шахсәнемни анда қойыпдур.

Ғәриб Шахсәнемни излеп ол көшкке барыўды ықтийар қылды. Әмма, Ғәриб йолда қуррандоз кемпирге душ келип, қурра салдырды. Қуррандоз:

— Иншалла, Шахсәнем сеники турур — деди.

Ғәриб хошўақыт болып, қуррандоз кемпирге қарап бир сөз айтты:

— Мамажан, йолдын адашдым,
Мени бу күн йолға салғыл,
Ләйли дейип йолға түштим,
Мәжнүн киби шөлге салғыл.

Яр ушын тынмай йанаман,
Гәх туташып, гәх сөнемен,
Бир жекке қалған сонаман,
Мурғызарлы көлге салғыл.

Нәйлейин әшретниң шағын,
Гүлшан ет бүлбилниң бағын,
Ақ сийнеме салды дағын,
Тәр ашылған гүлге салғыл.

Кеңеш бер адашқан кулға,
Қошылмадым йарым билә,
Кәрўаным кетти шөл билә,
Мени бир мәнзилге салғыл.

Ғәриб дийерлер атымны,
Изхар етейин затымны,
Ешит мениң пәрйадымны,
Мени йарым билә салғыл.

Әлқысса, бу сөздин соң қуррандоз ене қурра салып айтты:

— Әй, Ғәриб, сен барып Шахсәнемниң бағындағы бабаға йетим болсаң керек. Ол бағбан билән шәмен бағлап, Шахсәнемге барсаң керек. Андын соң Шахсәнем ол шәменни танып, шарбаққа келип сениң билән мурад хасыл қылса керек.

Анда Ғәриб бу сөзни қабыл қылып, үйиге келип, анасына көрген ўә ешиткенлерин бир-бир байан қылып, анасыдын рухсат алып, Шахсәнемниң Шахыдәриз деген йердеги бағына тәреп рәўана болып, нәгах Шахсәнемниң шарбағына йетишти. Шарбақның ишине кирди. Көрсе, бир бағбан баба гүллерни сәйир қылып йүрер. Анда баба айтты:

— Әй, уғлым, бу баққа куш кирсе қанаты күйер, кулан кирсе туйақы күйер, нешик жандын тойған кишисең, не қарадың, бу ерге келдиң?

Анда Ғәриб айтты:

— Мен бир йетим бәшшемен, белгили барар йерим йокдур. Уғылсызға уғыл болурман.

Бағбан:

— Андағ болса, маңа уғыл болғыл, — деди.

Эрсе Ғәриб бийшара қабыл қылды. Бағбан Ғәрибни үйигә алып барды. Хатыныға айтты:

— Әй, кемпир, саңа бир уғыл тапып келдим.

Кемпир бу сөзни ешитип йеридин сачырап турып, қатты-кутты нанларны Ғәрибниң алдыға қойды. Ғәриб хәм бу нанларны суўық суўға салып, өлмесдек нәхар қылды. Эрсә, Ғәриб йелип-йүкириб ниҳалларға пәрўаз қылмақ билән бола берди. Бир күни үйге келди, көрсе, атасы үйде йоқтурур. Аналығыдан сорды:

— Атам қайда? — деп.

Аналығы айтты:

— Бәхәр болып, гүллер ашылыпдур. Атаң Шахсәнемжанға шәмен бағлап алып барур, — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Мен барып гүллерни тамаша қылсам не болур эркән? — деди.

Анда аналығы:

— Барсаң бар, мен хәм сениң билән барурман, — деп йеккиси бағқа барды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

АналыҒы бағбанға:

— Ғәрибжанға ҳәм гүл бергил, шәмен бағласын, — деди.

Баба қабыл қылмай урышып йиберди. Танда эртә бирлә Ғәриб өзи тәнха бағқа кирип көрди, гүллер ашылыпдур. Ғәриб ертеден бир неше шәмен гүллерни бағлады. Әмма бир шәменнин ишине өз кәсби-ҳалын бир ғәзел йетиб хат йазып, қошып бағлады. Ол ҳалда бағбан кирип келди. Ғәрибке көзи түшти. Ғәриб шәменни ташлап қашты. Бағбан келип көрдиким, өзиден йахшырақ шәмен бағлапдур. Әмма, бағманның көзи уйқыға майыл ерди. Сәрасийма болып шәмен бағламаққа машғул болды. Бир неше шәмен бағлап, Ғәрибниң шәменлери биләнқошып Шаҳсәнемниң хызметиге алып барды. Шаҳсәнем көрди: бир неше шәменлер бағманның шәменидин йахшырақ көринур. Шаҳсәнем айтты:

— Бу шәменни ким бағлады?

— Өзим бағладым.

Шаҳсәнем:

— Ыраст айтғыл, — деди.

Йәне баба:

— Өзим бағладым, — деди.

Алғәрез, үш мәртебе сорады, «өзим бағладым» деди. Шаҳсәнем бабаны растыны айтмаслыққа қоймады. Баба айтты:

— Әй, Мәлийка, растымны айтсам, бир йетим бәшшә сақлап ердим, шуның бағлаған шәменидур, — деди.

Шаҳсәнем:

— Енди шундағ етип алып келгил, — деди.

Баба тағзым-иба қылып турып кетти. Шаҳсәнем бир шәменни ашып көрди. Ол шәменниң ишинде бир хат битилип турур. Шаҳсәнем хайраны-сәрасийма болып ол хатны алып оқыды, бу мазмунда турур:

— Қулақ салып ешит мениң арзымны,
Заман-заман бетер болдым дәрдиндин,
Нала шектим пырақында ҳижриндин,
Қанлар йығлап өтер болдым дәрдиндин.

Бағманыңа хызмет, мәҳнет етермен,
Билмен, мақсуўдыма қачан йетермен,
Бу дәрд илә башым алып кетермен,
Өзге елге кетер болдым дәрдиндин.

Ғәрибликте хеш ким келмес қашыма,
Рәҳим әйлемес көздин аққан йашыма,
Әжел йастығыны қойып башыма,
Биймар болуб йатар болдым дәрдиндин.

Шәмен бағлап нама йазып йибердим,
Сени деп дүнйадын йүзим дөндирдим.
Раҳат шырағыны урып сындырдым,
Бийғаналық етер болдым дәрдиндин.

Киши билмес мениң ҳаслы затымны,
Сендин өзге хешким билмес дадымны,
Ғәриб қул қойдылар мениң атымны,
Сана дадым айтар болдым дәрдиндин.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу ғәззелни оқып бийтақаты-бийарам болып, ҳасби-ҳалыға бир сөз айтты:

— Бәҳәр болды, гүл ачылды,
Мениң гүлим ашылмасму,
Бүлбүлдин пыған сачылды,
Мендин пыған сачылмасму.

Хабарым йоқ бәҳәр болды,
Шәменлер лалазар болды,
Ғәрибимдин хабар болды,
Кәрам йолы ачылмасму.

Дәўлетлиден дәўлет кетти,
Рақыбларға нәўбет жетти,
Әжел сақыйсы мәй тутты,
Кепин тоным пишилмесму.

Шырағым бийғубар болды,
*Гүл теграсын зағлар алды,*
Гөззал йарым ғайры болды,
Енди шарап ишилмесму.

Шаҳсәнем дер, өмирим гүли,
*Келди мухаббетлик йолы,*
Ашылды бағларның гүли,
Мениң гүлим ашылмасму.

Әлқысса, Шаҳсәнем бул сөзди айтып йығлап олтурыб эрди. Ақша Шаҳсәнемниң үстине йетип келди. Көрсе, Шаҳсәнемниң көзинде йаш, бағрында таш, кеўлинде йардың дағы, қолында жипек орамалы, көзи нәмли, жаны ситемли, мың қайғылы-ғамлы олтурыптур. Анда Ақша айттыким:

— Әй, Сәнемжан, не ушын йығлаб олтурсен? Сырыңды маңа байан қылғыл, — деди.

Анда Шаҳсәнем Ақшаға ҳалы-зарыны бир-бир байан қылып, зар-зар йығлап, бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Акша, саңа сыры-ҳалым сөзлейин,
Ярдын гүли келди, өзи келмеди,
Башымдын кешкенин байан әйлейин,
Ярдын гүли келди, өзи келмеди.

Қапа пәлек бизди қылмай хәмхана,
Өзи келмей, гүли келди ғайбана,
Мениң ушын жетим болыб бағбана,
Ярдын гүли келди, өзи келмеди.

Пәлек ишрет ниҳалымны қайырды,
Гәзеп билән мени йардан айырды,
Билмен, йарым тәңри кимге буйырды,
Ярдың гүли келди, өзи келмеди.

Ҳижринде йүреким йара болыпдур,
Яқам чәк болубан пара болыпдур,
Билмен, неден бахтым қара болыпдур,
Ярдың гүли келди, өзи келмеди.

Мениң йарым Хәсен ўәзийр уғлыдур,
Муҳаббетлер бир-биреўге бағлыдур,
Атамның жәбиринен бағрым дағлыдур,
Ярдың гүли келди, өзи келмеди.

Шаҳсәнем дийерлер мениң атыма,
Яратқан бирубар, жетгил дадыма,
Бир аҳ урсам пәлек йанар отыма,
Ярдың гүли келди, өзи келмеди.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзди тамам қылып, шәмендеги жазылған сөзлерди Ақшаға байан қылды. Анда Акша:

— Әй, Шаҳсәнемжан, бу сөзди ҳешким билмесин, Хожа бағманды мунда алдырып, йолларны қадаған йеттирмек керек. Ғәрибден бөйле хабар болған болса, бағқа сәйирге шығып бир хабар алмақ керек, — деди.

Бул сөз Шаҳсәнемге мақул түшиб, дәрҳал кәнизлериниң бирини йиберип Хожа бағманны ҳүзирине алдырып:

— Әй, баба! Бу күн бағ әтирапыны қадаған етип, бағ ишлерин әресте қылғыл. Кәнизлер бирлен ерте турып бағқа сәйирге барурмыз, — деди.

Баба «Әжеп болур» деп келип, бағ әтирапларыны қадаған етип, бағларды әресте етип қойды. Ғәриб бийшара бу ишлерден хабардар болып, хошўақыт, қуррам шад болып, «йарым бағ сәйлине келур» деб бир сөз айтты:

— Бағ игәсы бағын қадаған етмиш,
Мениң йарым бағ сейлине келадур,
Гүллерниң шахына бүлбиллер қонмыш,
Шаҳсәнем қыз бағ сейлине келадур.

Енди көңил қойма қайғу-қулпәтә,
Гүлсәнемжан бағ сейлине келадур.

Нәркис көзиң ашып қыя бақмағыл,
Сәрўи шәмшад турып көкке шықмағыл,
Дағы ҳижран бу күн бағрым йақмағыл,
Шаҳсәнемжан бағ сейлине келадур.

Сәнәўбар бойыны көрип йығлама,
Тоты, көп өзиңни сөзә шағлама,
Сәрўи сүмбил сачың дара бағлама,
Мениң ярым бағ сейлине келадур.

Сәнәўбар баш игип келгил хызметә,
Кәж болып ығбалым бу күн қылўәтә,

Ғәриб дийер, бу күн бағбанлық етиб,
Айралықдың тыйғы бағрыны тилиб,
Ашығының бағда турғанын билип,
Мениң йарым бағ сейлине келадур.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзин тамам етип, өзи гүллердиң арасына пинҳан болып йатты. Нәгаҳ Шаҳсәнемжан кәнизлер билән қәдем мүбәреклерин бир-бир басып, бәнд хәйкеллерин гәрденине асыб, көңли хош уруб, дәрьядек ташыб, секирип бәленди-пәслерден ашып, аҳуўлар йаңлы қыя-қыялар бақып, көргенниң иши-баўырыны йақып, бағ ишине кирип, сәйри-сапаға машғул болып, кәнизлер ҳәр қайсысы бир тәрепке кетдилер. Нәгаҳ Ғәрибиң пинҳан болып йатқан ерине қаршы йүрди. Ғәриб өзин билдирмей гүл арасынан қашып шығып бағдың ортасындағы ҳаўызға өзин ташлады, «нәгаҳ кәнизлер билсе, бизлердиң сырымыз паш болур» деп пәҳим етти. Шул ҳалда Шәҳсәнемниң көзи Ғәрибке түшиб, ҳаўызға қараб йүгирди. Ғәриб Шаҳсәнемнен уялып, либасын қолыға алып, ҳаўыздан чықыб қашып бағның бир узақ йерига барыб, сәрўи ағашының үстине йашырынып олтурды. Шаҳсәнемжан бағ ишиниң ол йан, бул йанын ақтарып Ғәрибден хәм дәрек тапмай, «ўа, дарийғ, шунқар кушымны тапып эрдим, йәне қачырдым» деп өз хәсби-ҳалына бақып бир сөз айтты:

— Ушырдым шуңқар қушымны,
Ҳеш бир йерде турары йоқ,
Ўа хәсирета мәҳўешимни
Тапмағанша қарары йоқ.

Қашты бул дәўлеттиң қушы,
Ақтарарман йазы-қышы,
Дәрегин билмес ҳеч киши,
Бир мәнзилде турары йоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен истермен йарым келсе,
Келип ғамлы көңлим алса,
Шум рақиблер хабар берсе,
Еккимизни койары йоқ.

Бизә бәрше адам йағы,
Кимге айтай көңил дағы,
Қазанлар урсын бул бағы,
Бу суҳбеттиң бәрары йоқ.

Сәнем билмес сағы солын,
Ғубар алды жүрер жолын,
Бирле тутсам йарым колын,
Бу көнлимниң ғубары йоқ.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзлерин айтып өз ҳалына йығлап олтурып эрди. Бағның бир тәрепинен Ақша жетип келип:

— Әй, Шаҳсәнемжан, неге ағларсең? — деди.

Анда Шаҳсәнем:

— Неге ағламайын, йарымды тапып эрдим, хәзир кашырдым, — деб бийсабрыў-бийқарар болып, Ақшаға қарап халы-ауҳалын байан кылыб бир сөз айтты:

— Келгил Ақша, бийғам башым,
Ғамхана болды, нәйлейин,
Енди бу күн ашна йарым,
Бийгана болды, нәйлейин?

Мен келдим оны сорағлап,
Йүрекимни отка дағлап,
Ол қашты меннен йырағлап,
Пинҳана болды, нәйлейин.

Мен келдим йарға инанып,
Ол қашты ўәдеден тонып,
Мениң бағрым отка йанып,
Бирйана болды, нәйлейин?

Яңылдым айтар сөзимни,
Зағпәр еттим гүл йүзимни,
Яша толдурдым көзимни,
Гирйана болдым, нәйлейин.?

Шаҳсәнем дер, сийнем йара,
Сыйындым сыдқы иле пийрә,
Ярның көнли өзге йерә,
Әйана болды, нәйлейин?

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзден соң бийсабрыў-бийқарар болды. Анда Ақша:

— Бийсабыр болма, бағларды сәйир етәли. Шайад бир йерден дәрек тапғаймыз, — деп, ол йанбул йанны гезип, Ғәрибниң шығып олтурған сәрўи йағачына йақын келип турдылар. Әмма Ғәриб дарахт үстидә йар мухаббатыны сынаб олтуруб эрди. Ошбу муҳаббатлы ықласыны Шахсәнемде көрип, Ғәриб Шахсәнемге карап бир сөз айтты:

— Садаған болайын гүл йүзли йарым,
Аманда болғайсаң та мен келгенше,
Қәдди-қәмат, ләби шәкәр нигарым,
Бакарман йолыңа та мен өлгенше.

Ғамзаң оғы тийди, төкти қанымны,
Шум рақиблер туйса бузар шанымны,
Алладан разыман алса қанымны,
Сендин қалып башқа билән болғунша.

Көзлерим тойғанша көрсем йүзиңни,
Перий мисли бәшәр дерлер өзиңни,
Мәжнүн болыб гезип дағу-дүзиңни,
Йүрсем керек тәнде жаным қалғунша.

Ҳайран болып, йарым, болма бийқарар,
Мен ҳәм сениң йүзиң көрмек интизар,
Мен уйалып қаштым, болғыл хабардар,
Сабыр әйлегил либасларым кийгенше.

Ғәриб йығлар ошбу дарахт үстинде,
Шум рақиблер айралықнын қастында,
Ышқ шарабы бардур йарым дәстинде,
Нуш әйлерем таки қанып тойғанша.

Әлқысса, Ғәриб бул сөзди айтыб тамам етти. Шаҳсәнем билдиким, Ғәриб уйалып қашқан екен деп, узағырақ барып турды. Андын соң Ғәриб сәрўидин түшип, либасларын кийип турды. Шул ҳалда Шаҳсәнем билән Ақша еккиләри таўыс қушдек жилўа қылып, ҳумайундек шевә қылып, қырмызы инжә орамал башларыға салып, сәллана-мәстана айақларын имә-ишарат билән басып келе бердилер. Анда Ғәриб буларның бу тарийқа келишин көрип, еккилерин тәрип қылып Ғәриб бир сөз айтты:

— Көрдим, екки перий келур,
Әжеп сәллана-сәллана,
Ашығының көңлин алур,
Келур сәллана-сәллана.

Он төрт кешелик ай киби,
Ҳүсни дәўлетли бай киби,
Тумағалы химай киби,
Келер сәллана-сәллана.

Екки пәрий ҳәмдам болыб,
Бир-биридән нусқа алыб,
Қыйа бақыб қолын салыб,
Келер сәллана-сәллана.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бири гүлдур, бири ғунша,
Ҳеш қайсы йокдур Сәнемшә,
Тамашалар айтып Ақша,
Келер сәллана-сәллана.

Ғәриб ашық дер атыны,
Тәңри берсин мурадыны,
Бизге салыб ышқ отыны,
Келер сәллана-сәллана.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткенше Шаҳсәнемниң көзинде йаш, бағрында таш, йақынлаб йетип келди. Анда Ғәриб Шаҳсәнемге хошемет берип, йәне бир сөз деди:

— Боз думанлы дағлар ашыб,
Сәнем аҳыў-марал келди,
Ышқының дәрйасына түшиб,
Сәнем аҳыў-марал келди.

Таланды өмирим, таланды,
От тутақып, бағрым йанды,
Бақшаны төрт-беш айланды,
Сәнем аҳыў-марал келди.

Қалы бардур ҳәр йүзинде,
Көрген адам болар бенде,
Жамалы йокдур ҳеш кимде,
Сәнем аҳыў-марал келди.

Үстине кийгени ала,
Бири кетен, бири лала,
Ақ қолларын сала-сала,
Сәнем аҳыў-марал келди.

Қәдемлери баш үстине,
Курбанәм чәшми-бәстине,
Мүриўбет әйлеп достына,
Сәнем аҳыў-марал келди.

Ғәриб ашық демес йалған,
Өмиримизге салма талан,
Сәрўи ағашқа кел долан,
Сәнем аҳыў-марал келди.

Әлқысса, бу сөз үстинде Ғәрибниң қашына Ақша билән еккиси йетип келди. Анда Ғәриб Шаҳсәнемге карап йәне бир-еки кәлийма сөз айтты:

— Бағын ишрә бағбан болсам,
Терсем таза гүллериңни,
Аллам сизни хоп йаратмыш,
Кушсам нәзик беллериңни.

Мени сорсаң, ошбу ерде,
Сырыңны айтма нәмәртке,
Ақ йүзиңе тутма пәрде,
Сорсам шийрин тиллериңни.

Гүл йүзиң мисли лаладур,
Бақышың жаным аладур,
Өлик тәнге жан саладур
Қымырлатсаң ләблериңни.

Ғәриб ашық болды пақыр,
Гүналарың бардур кәсир,
Тилим лалыў, жисмим әсир,
Көрип йүзде қалларыңны.

Сәба шығып зулпың тара,
Рәкип йүзи болсын қара,
Йүрәким болды сәд пара,
Салыб көргил қолларыңны.

Әлқысса, Ғәриб бул сөзни тамам еткеннен соң Шаҳсәнем бирле Ғәриб кушақлашыб көришиб, ҳал-аўҳал сорашыб, ышқы пәшек киби шырмалашыб, бир-бириниң мойынларыға қол салысып муҳаббат посаларыны алышыб, Шаҳсәнемниң көңлин йахшы сөзлер билән алыб, Ғәриб йәне бир сөз айтты:

— Сизни, бизни рақиб қойса уисала,
Сайран етсем сениң билән, сәўдигим,
Шүкүр енди, гүлиң етмиш кәмала,
Бағбан болсам таза гүлә, сәўдигим.

Курбан олам қашларыңа, көзиңә,
Сачларыңа, қәўмәтиңә, йүзиңә,
Садақа болсун шийрин жаным сөзиңә,
Қандыр ләбиңдеги балға, сәўдигим.

Жәбириңе төзерем, жапа әйлеме,
Ғайры билән әҳди-ўапа әйлеме,
Мени мундан артық қапа әйлеме,
Келер болсаң туғры йола, сәўдигим.

Қашың меҳрабына башым қоймышам,
Чәшми-бәстиң көрип жанға тоймышам,
Қақнус киби ышқы отына күймишем,
Кел эмди, рәҳим әйле кулға, сәўдигим.

Шум рақиблар қоймас сапа сүрмеге,
Келмишем алдыңа башым бермеге,
Ләблериңни шәкәр балын сормаға,
Мунтәзирмен елден-елге, сәўдигим.

Ашық болғанлардың йанар йүреки,
Аш қойныңны, сал бойныма биләгиң,
Мустажабдур қыз-уғланның тилеги,
Тилегиңни ҳақдын тиле, сәўдигим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашық емес йар жәбридин ар еткен,
Ҳақ өзидур йокдын бизни бар еткен,
Ғәриб ашық айралықта зар өткен,
Қол йеткерсем нәзик белге, сәўдигим.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып тамам етип, Шахсәнем билән ўақты хошлық етиб олтурды. Буларны бу ҳалда көриб Ақша айтты:

— Шахсәнемжан, сен йарыңны тапыб мурадыңға йеттиң, әмма мен пәлекниң гәрдиши билән Әзберхожа исмли йарымдын жуда түштим, — деб, көңли бузылып зар-зар ағлап Ақша бир сөз айтты:

— Қапа пәлекниң жәбридин,
Йүрекимде дағлар қалды,
Бүлбил айрылды гүлидин,
Бинафшалы бағлар қалды.

Яр билән сұхбет еткеним,
Қәдимдеги шағлар қалды.

Асан етсин ҳақ мүшкилим,
Йырақға түшди мәнзилим,
Ушырдым шәйда бүлбилим,
Гүл ишинде зағлар қалды.

Йандым айралық ҳижридин,
Көзим гирйан йар дәрдидин,
Шарқы пәлек дад әлидин,
Гүл-ғуншалы бағлар қалды.

Қәлбимде қалды ўатаным,
Гумандур енди кетерим,
Гүлниҳал дер, йанды жаным,
Пәлек бузды үстиханым,
Әзберхожа меҳрибаным,
Йүрегимде дағлар қалды.

Әлқысса, Ақша бул сөзни тамам етти. Анда Шахсәнем Ақшаны ғамгүн көрип:

— Әй, Ақша апа, сен бойлә ғамгүн болмағыл, өткен ашықларның бәршеси айралық дәрдини шеккендур, — деп Ақшаға нәсийҳат берип Шахсәнем бир сөз айтты:

— Кел, екеўимиз гәшт етели бул бағa,
Бүлбил көрсин гүлдиң тамашысыны,
Ләбни ләбке қойып додақ-додаға,
Тиллер көрсин балның тамашасыны.

Кудайым хәркимә салды бир саўда,
Жаҳан базарында күнде йүз ғаўға,
Он еки йыл гезди теңизде Узра,
Ўамық көрсин Узра тамашасыны.

Кудайым йаратты жәннети ризўан,
Жәннет ишре түрли нығмет пәраўан,
Яр ушын гездилер Мәжнүн сәргәрдан,
Ләйли көрсин Мәжнүн тамашасыны.

Тахир бек алты ай дәрйада акды,
Ҳижр отына жанып, сүйегин йакды,
Ақырында әжел танабын такды,
Зуҳре көрсин Тахир тамашасыны.

Ышқ оты әйлейдур хәркимни бәрбад,
Айралықта етер дад илә бийдад,
Бийсүтин дағларны көп қазды Фарҳад,
Шийрин көрсин Фарҳад тамашасыны.

Еки ашық бир-биригә жәм болуб,
Сийнелери дағлы, көзи нәм болуб,
Ғәрибниң ашығы Шахсәнем болуб,
Ақша көрсин Сәнем тамашасыны.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам йетиб бир нешше ай, бир нешше күн халықдын пинҳаны заўқы-сапалар сүрди. Буларның ҳал-аўҳалы ақыры ел арасында мәшҳүр болып, Шах Аббас ханға йетер болды. Бир күн Шахсәнем душманлардан ўәҳим етиб, нәгаҳ атамға билдирсе, Ғәрибни ҳузурына алдырыб бу ищдин хабардар етер деб: — Әй, Ғәриб, ағыр алмасаң, саңа бир-еки ағыз сөзим бартурур, — деб, зар-зар чун-әбри нәўбәҳәр йығлаб Шахсәнем бир сөз айтты:

— Тоты йаңлы, шәкер сөзли, гүл йарым,
Башың алып кетгил өзге йерлерә,
Қатты алма бу сөзимни, нигарым,
Бир нешше күн барғыл өзге йерлерә.

Ләйли ушын Мәжнүн хунаба йутды,
Мәжнүндек баш алыб кетгил шөллерә.

Ракиблер сөзидин өлер укшадым,
Емди сендин айра болар укшадым,
Ҳижр отыға йаныб күйер укшадым,
Сығынагәр кәраматлы пирлерә.

Яратғанға пәрйадымыз йетмәди,
Тағна сөзлер қулағымдын кетмәди,
Қан йығласам хәргиз қабул етмәди,
Мәстан гезиб йүргил өзге йерлердә.

Душманларның сөзи жанымдын өтти,
Пәлек айралықның шәрабын тутты,
Шахсәнем дер, пириң мәдедкәр болсын,
Қәўендериң сениң бирубар болсын,
Рақыбларға йақты жаҳан тар болсын,
Йад етиб йүргейсен өзге йерлерә.

Әлқысса, Шахсәнемдин бу сөзини ешитиб, Ғәриб бийшара қысметке ыразы болып, Шахсәнем

www.ziyouz.com kutubxonasi

билән хошлашып, зар-зар ағлаб үйине келди. Анасына:

— Әй, апа, душманлар Шәҳсәнем билән екеўимизни дәўран сүрмеге қоймады, эмди мен башымны алып кетермен, — деди.

Анда Ғәрибниң анасы нәйлаж болып, Ғәрибке рухсат берип, зар-зар ағлаб, өзге йуртға барма, өз йуртың Бағдадқа барғыл деп, Ғәрибке қараб бир сөз айтты:

— Мундын кетсең башың алып,
Бағдада бар, Бағдада бар,
Дәрйа киби ташып-толып,
Бағдада бар, Бағдада бар.

Мунда сениң көп қаҳышың,
Бийҳуўда төкме көз йашың,
Көп анда қәўми-ғардашың,
Бағдада бар, Бағдада бар.

Гүл ғуншасыдек солмағыл,
Ләҳзе бу йерде турмағыл,
Залым қолында өлмегил,
Бағдада бар, Бағдада бар.

Барсаң атаңның жайына,
Башыңны ур дәргаҳына,
Барыб йолықғыл Шаҳына,
Бағдада бар, Бағдада бар.

Барсаң қарындашлар келур,
Иззети-икрамлар қылур,
Бәрше сениң қәдриң билур,
Бағдада бар, Бағдада бар.

Мунда саңа көп қыйлы-қал,
Көңлиңе келтирме мәлал,
Муңлық анаңның пәндин ал,
Бағдада бар, Бағдада бар.

Әлқысса, Ғәрибниң анасы бу сөзлерни тамам еткендин соң «Бағдадта мениң кимим бар?» деп Ғәриб бир сөз айтты:

— Мундын барур болсам йүкирип-йелип,
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?
Ҳижран тыйғы билән бағрымны тилип,
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?

Бу күн Шахсәнемдин үмит үзермен,
Айралық дәрдине нешик төзермен,
Эмди нешик йат еллерде гезермен,
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?

Мен кетермен Дийабәкир елидин,
Келер дейип үмит етиңиз мендин,
Бу күн айра түшдим йарым Сәнемдин,
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?

Айралық отына өртенер жаным,
Күйибан күл болды бу үстиханым,
Йоқдур мениң белли мәнзил-мәканым,
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?

Анда мениң ата-анам болмаса,
Гезер едим, көңлимде ғам болмаса,
Мен нәйлейин, анда Сәнем болмаса
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?

Ғәриб айтар, йоқдур сабры-қарарым,
Белли бир үлкеде болмас турарым,
Сәнем еди мунда сәўикли йарым,
Бағдад үлкесинде мениң кимим бар?

Әлқысса, Ғәриб бу сөзин тамам еткендин соң анасы.

— Әй, балам, аман-есен Бағдад йуртына барсаң, өз йуртыңдур. Анда қәўми-қардаш, хеш-әқрабаларың бар. Барсаң, йолыңда кеше-күндиз интизар болып отырғанлар бар, — деп, анасы йәне бир сөз айтты:

— Аман-есен барсаң Бағдад елине,
Интизарың көпдур Бағдад елинде,
Сағ болсаң келурсен бир күни йәне,
Гирипдарың көпдур Бағдад елинде.

Бәрше халайыққа болып әшкара,
Нәсийҳатым саңа айтай бир пара,
Гезерсең кәшт етиб бағы-гүлзара,
Гүлизарың көпдур Бағдад елинде.

Ол Бағдад елигә өзиңни элтсәң,
Қәўми-ғардашыңа барып қошылсаң,
Қаста-биймар болыб нәгаҳ йықылсаң,
Мәдәткарың көпдур Бағдад елинде.

Бағдад үлкесинде дәўран сүрерсең,
Бағы-шарбағыңны барып көрерсең,
Беглер билән анда ҳәмра йүрерсең,
Эҳтибарың көпдур Бағдад елинде.

Нәйлесин бу Ғәриб муңлуғ Абадан,
Ҳәмийше сақласын йаратқан субҳан,
Ҳәр саба-ҳәр саба оқырсаң қуран,
Үмидўарың көпдур Бағдад елинде.

Әлқысса, Ғәриб анасыдын бу сөзни ешитип, анасы билән хошлашып, қайдасаң Бағдад йурты деб йолға раўана болды. Бир неше мәнзил йол йүриб, нәгаҳ сәҳәр шағында бир бабаға йолықты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анда Ғәриб бабаға «Сиз ким болурсыз?» деп бир сөз айтты:

— Сиз бу айралық дағында,
Әй, бабажан, ким болурсыз?
Ушырап сәҳәрнин шағында,
Тур, бабажан, ким болурсыз?

Барарман шәҳри Бағдада,
Йүрермен пайыў-пийада,
Йолықтыңыз бул арада,
Кел, бабажан, ким болурсыз?

Қутқарың бул дәрди-ғамдын,
Айрылып мен ата-анамдын,
Жуда түштим Шаҳсәнемдин,
Бил, бабажан, ким болурсыз?

Айтайын разу дилимни,
Асан әйле мүшкилимни,
Йықылдым, тутың қолымны,
Ал, бабажан, ким болурсыз?

Өзиңни әйле әшкара,
Йүрек-бағрым болды йара,
Атымдур Ғәриб бийшара,
Сиз, бабажан, ким болурсыз?

Әлқысса, бу сөзни тамам еткендин соң Баба Ғәрибке қараб «мен Қызыр әлейҳиссалам болурмен» деп бир сөз айтты:

— Ҳақ китабын қолға алған,
Ўасылый қуран болурмен,
Қуранның мәнисин билген,
Мен өзим мәрдан болурмен.

Кимсе көрсе табар иззет,
Ҳәмийше болур бадәўлет,
Кимсеге болурмен қыммат,
Кимсеге арзан болурмен.

Кимсе мурад етер ҳасыл,
Кимсе билмей қалар ғапыл,
Кимсеге болурмен жәҳил,
Кимсеге ийшан болурмен.

Бу күн сен көрипсен мунда,
Йүрибмен гезип ҳәр анда,
Шилтенлернин арасында,
Мен өзим султан болурмен.

Гәҳи гөдек, гәҳи дәрўиш,
Мени көрген көрмес каҳыш,
Гәҳи адам, гәҳи ушар қуш,
Күнде мың әлўан болурмен.

Бу шөллерде дем урарсен,
Ғам йеме, дәўран сүрерсен,
Еки йыл анда болурсен,
Саңа қәдирдан болурмен.

Ҳәр ким шегер аҳыў-зары,
Йығылғанның мәдәткары,
Бир қуданың қазнадары,
Мен Қызыр Ийшан болурмен.

Әлқысса, Ғәриб Қызыр әлейҳиссаламдын бу сөзни йешитип, ағлай берди. Анда Қызыр баба Ғәрибке йердин бир гийаҳ алып берди. Ғәриб «бу гийаҳның қәсийети не болур?» деп бир сөз айтты:

— Йерден алып бердиң маған бир гийаҳ,
Баба, мунынң қәсийети не болур?
Мен бу ишиңизге түшмедим ҳасла,
Баба, мунынң қәсийети не болур?

Мен бу ишиңизге болурмен ҳайран,
Қорқармен, пайдаму йа маңа зийан,
Я дәрдмидур, билмен, йа маңа дәрмен,
Баба, мунынң қәсийети не болур?

Я мениң дәрдиме даўа болурму?
Я бир қәсийетли гийаҳ болурму?
Я мениң билгеним гүнаҳ болурму?
Баба, мунынң қәсийети не болур?

Мунынң қәсийетин анлап билейин,
Сөзиңизни мен ҳәм қабыл қылайын,
Не десеңиз, анынң билән болайын,
Баба, мунынң қәсийети не болур?

Дәртли болған истеп шығар тәбибке,
Айтың мунынң қәсийетин Ғәрибке,
Йоқса бердиңиз ме бизге несийбе,
Баба мунынң қәсийети не болур?

Әлқысса, Қызыр баба бу гийаҳның қәсийетин Ғәрибке байан қылып бир сөз айтты:

— Өзинде сақлағыл меҳиргийаны,
Қәдем басқан йериң лалазар болур,
Тилинден коймағыл зикри алланы,
Барған йериң саңа гириптар болур.

Ҳәр ким бу гийаны өзинде тутса,
Кутылур башына ҳәр бәла йетсе,
Ҳәр ким сениң ҳаўазыңды ешитсе,
Йүзиң көрмек ушын интизар болур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул гийаны мудам әлиңе алсаң,
Кешелерде ҳақны йадыңа салсаң,
Бир жайда отырып йүзиңе шалсаң,
Көрген адам саған қарыйдар болур.

Ҳәр ким сени көрсе болур меҳрибан,
Мудам аңа болсам дейур жанажан,
Ҳаўазын ешиткен шегерлер пыған,
Тәбийаты мудам бийқарар алур.

Ҳәр йерде өзиңе йахшы ат әйле,
Өткенлерниң руўхыны шад әйле,
Қызыр бабам дейип мени йад әйле,
Башыңа иш түссе мәдәдкар әйле.

Әлқысса, Қызыр әлейҳиссалам бу сөзни тамам етип, ол меҳригийаны бир орамалға салып берди. Ғәриб орамалды қолыға алып йүзиге сүртип еди, йүзи он төрт кешелик ай йаңлы болды. Йәне Қызыр әлейҳиссалам Ғәрибке айтты:

— Ҳәр йерде йүрсең, йүзиңе перде шегип йүргил, йоқса йүзиңни көрген адам гирипдар болып, ғаўғаға қалурсан, — деб көздин ғайып болды.

Андын соң, қайда сен Бағдад йурты деб, йолға раўана болды, бир нешше күн йол йүриб Бағдад шәҳрине келди. Пәс көше, рас көше билән йүриб, Бағдад падшаҳының бәргаҳыға барып салам бериб турды. Анда Бағдад патшасы Ғәрибдин саўал қылды:

— Әй, уғлым! Қайдын келип, қайда барурсен? Не мақсет билән бу бәргаҳға келдиң? — деди.

Анда Ғәриб падшаҳға жуўап берип бир сөз айтты:

— Әйа, Шаҳым, сизге байан әйлесем,
Сорсаңыз, мен Дийарбәкирден келдим,
Бир-бир пинҳам сөзим байан әйлейин,
Сорсаңыз, мен Дийарбәкирден келдим.

Айтай Шаҳым сизге бу дәрди-ғамдын,
Башымызға түшген дәрди-әлемдин,
Нешше күндур, жуда түшдим Сәнемдин,
Арзым будур, Дийарбәкирден келдим.

Игәм йеткермеди мени мурада,
Ҳәсирет билән шықтым пайыў-пийада,
Бир сөз билән қашып келдим Бағдада,
Сорсаңыз, мен Дийарбәкирден келдим.

Арзым будур: Шаҳ Аббасның қолыйдын,
Келибдурмен Дийарбәкир елийдин,
Сизә Шаҳым, мен айтайын тилимдин,
Сорсаңыз, мен Дийарбәкирден келдим.

Сәнем атлы ярдын болып бийнесип,
Мүсәпир йерлерге келдим аҳ тартып,
Атам Ҳәсен ўәзир, атымдур Ғәриб,
Сорсаңыз, мен Дийарбәкирден келдим.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң падшаҳның ақлы ҳайран болып, айтты:

— Әй, йахшы йигит! Нешик мәҳнетке саташдың, бу нешик йүзиңе перде туттың? — деб Ғәрибке қарап падшаҳ бир сөз айтты:

— Нешик уғлансен адашған,
Қайдадур мәканың сениң?
Айралық отына түшкен,
Қайдадур мәканың сениң?

Йүзиңизге тутыпсан перде,
Айтғыл арзыңны бу йерде,
Қалыпдурсен нешик дәрде,
Қайдадур мәканың сениң?

Нешик адамға учрашдың,
Рәнжи-меҳнәтке саташдың,
Нешик юртдын айра түштиң,
Қайдадур мәканың сениң?

Сенде бар яхшы нышана,
Имди барурсен қай йана,
Арзыңны айт, ғайыбана,
Қайдадур мәканың сениң?

Өзиңе йахшы ат етип,
Ғамгүн көнлиңни шад етип,
Әдил шаҳға сен дад етиб,
Қайдадур мәканың сениң?

Әдил шаҳны етип ҳайран,
Өзиңниң халың пәрийшан,
Айтқыл арзыңны, әй жанан,
Қайдадур мәканың сениң?

Әлқысса, Әдил шаҳ сөзни тамам еткендин соң Ғәриб айтты:

— Әй, шаҳы әлам, дәўлетиңиз бәрқарар болсын, мен бир жәбриў-жапаға саташқан бийнаўамен, өзим Дийабәкирден болурмен, ҳаслым Бағдадлық болур, — деб бир сөз айтты:

— Ешит арзым, әйа, шаҳым,
Мен ҳәм Бағдадый болурмен,
Дийабәкирдедур жайым,
Мен ҳәм Бағдадый болурмен.

Йүрекимде ғам үзре ғам,
Муңдын кетмиш ата-анам,
Ешит арзым, саҳыб кәрам,
Мен ҳәм Бағдадлы болурмен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуда йеткерсе мурада,
Йалған сөз йоқ бул арада,
Йәне келмишәм Бағдада,
Мен ҳәм Бағдадлы болурмен.

Йәне чекмиш мени нәсиб,
Келибмен мунда сарғарыб,
Әйа, шаҳым, атым Ғәриб,
Мен ҳәм Бағдадлы болурмен.

Әлқысса, Ғәриб бул сөзни тамам еткендин соң Әдил шаҳ айтты:

— Әй, уғлым, хош келипсең, әзиз меҳманым екенсең, сениң ҳаслың Бағдад йуртыдын болса, қарындашларың буртурур. Бағдадта кимлердин болурсан? Қайда болса да киши буйырып таптырып берейин, —деб Әдил шаҳ бир сөз айтты:

— Маңа сырны байан әйле,
Балам, кимлерден болурсен?
Йәне бир-бир байан әйле,
Балам, кимлерден болурсен?

Сораған әйлей қарындашын,
Балам, кимлерден болурсен?

Маңа ҳаслың еткил байан,
Сораған әйлейин ҳәр қайан,
Хош келипсен, әзиз меҳман,
Балам, кимлерден болурсен?

Байан әйле ҳаслы-затын,
Сен өзиң кимниң әўлады?
Әгер сен болсаң Бағдадый,
Балам, кимлерден болурсен?

Хош келипсең бул араға,
Налышың йеткей қудаға,
Байан әйле Әдил шаҳға,
Балам, кимлерден болурсен?

Мунда әзиз болур башың,
Көзиңнен төкмегил йашың,

Әлқысса, Әдил шаҳ бул саўалны айтқандын кейин Ғәриб айтты:

— Әй, шаҳым, ўә султаны бәкәрам, атамның аты Ҳәсеншах турур, мундын бурын ошбу Бағдад ўәлайатында падшаҳ эркән, көңлине ханайы Кәәбаның зийараты түшип, Бәйтуллаға кеткен эркән, Бәйтулланы зийарат қылып, андын соң Дийарбәкирге барып Шаҳ Аббасқа ўәзир болубтурур, — деб Әдил шаҳға қараб бир сөз айтты:

— Әй, шаҳым, сырым байан әйлесем,
Сорсаңыз, мен Ҳәсеншаҳнын уғлыман,
Сөзим көпдур бир-бир айан әйлесем,
Сорсаңыз, мен Ҳәсеншаҳнын уғлыман.

Атам-анам ол Кәәбаны ҳаж етмиш,
Алар бу үлкеден баш алып кетмиш,
Андын сонра шаҳлық, бил, сизге етмиш,
Сорсаңыз, мен Ҳәсеншахнын уғлыман.

Атам қылмыш эркән Кәәба зийарат,
Қуданың йолында әйлеп ибадат,
Андын қалмыш бу мүлк сизге аманат,
Сорсаңыз, мен Ҳәсеншаҳнын уғлыман.

Мен ҳәм Ҳәсеншаҳтан қалған нышаны,
Билип болмас, шаҳым, судий, зийаны,
Андын сизге қалмыш көшки әйўаны,
Сорсаныз, мен Ҳәсеншаҳның уғлыман.

Дүнйада ашылсын бенденин бахты,
Қуда йаратмасын ҳәргиз бәдбақты,
Бу олтурған тахтың атамнын тахты,
Сорсаңыз, мен Ҳәсеншахнын уғлыман.

Мириўбет әйлеңиз мендек Ғәрибе,
Дәртли болған истеп шығар тәбибе,
Емди билмен, нешик болур нәсийбе,
Сорсаңыз, мен Ҳәсеншаҳның уғлыман.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни бир-бир байан еткендин соң падшаҳ айтты:

— Атаң шаҳ Аббасныӊ ўәзири болса, эмди билдим, Дийарбәкирдин шыққан эркенсен, мундағы хеш-әқрабаларыңны истеп шықтыңызму йа бир перийзадның интизары болып шарқы пәлекдин башыңа ситем етишдиму? — деб падшаҳ бир сөз айтты:

— Атаң болса шаҳ Аббастың ўәзийри,
Не себебдин шықтың Дийарбәкирдин?
Я мәгәр болдыңму ышқының әсийри,
Не себепдин шықтың Дийарбәкирдиң?

Ол йуртдын шықғаның себеп не болды?
Сөзлегил, шаҳ Аббас не ҳала салды?
Сендин өзге Ҳәсен Шаҳдын ким қалды?
Не себепдин Дийарбәкирден шықтың?

Бир-бир байан әйле өткен ишиңни,
Шаҳ Аббас буздыму көңил хошыңны?
Я истеп шықтыңму қәўми-хешиңни,
Не себепдин Дийарбәкирдин шықтың?

Бир пәрийниң интизары болдыңму?
Йәки бир иш себебкәри болдыңму?
Йа өзиңни ышқ отына салдыңму?
Не себепдин Дийарбәкирдин шықтың?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әдил шаҳ дер, ақлың болмасын хайран,
Бағдад үлкесинде сен бизә меҳман,
Йәне ҳәм Бағдадда сүрерсең дәўран,
Не себепдин Дийарбәкирдин шықтың?

Әлқысса, Әдил шаҳ бу сөзни тамам еткендин соң Ғәриб айтты:

— Әй, Шаҳы әлам, мен Дийарбәкирдин келдим, ҳаслым Бағдадий турур, атам Шаҳ Аббас ўәзири эрди. Шаҳ Аббасның Шаҳсәнем атлы қызы бар эрди. Хошрәйлик бабында ҳеш бир пәрийзад аңа бәрабар бола билмес эрди. Оны маңа дамад қылып қойып эрди. Бир күн Ҳәсен ўәзир атам дарилпанадын рәҳләт қылды. Андын кейин шаҳ Аббас маңа Сәнемни бермес болды. Мени ҳижран отыға ташлаб, рузғарымны қара қылды. Аның тыйғы ышқы бағрымны йара қылды. Шул себепдин Дийарбәкирдин шығып мунда келдим, — деб зар-зар ағлаб бир сөз айтты:

— Арзымны айтайын әзиз султаным,
Бир себепдин Дийарбәкирдин шықтым,
Бағдад үлкесидур ҳаслы мәканым,
Шул себепдин Дийарбәкирдин шықтым.

Атам шаҳ Аббасның ўәзири эрди,
Аты Сәнем, йүзи гүлизар эрди,
Кеше-күндиз көңлим бийқарар эрди,
Шул себепдин Дийарбәкирдин шықтым.

Әйа, Шаҳым, йарым Шаҳсәнем эрди,
Сәўибән шаҳ Аббас Сәнемни берди,
Йәне қайтып мендин йүзин үгирди,
Шул себепдин Дийарбәкирдин шықтым.

Қалмады башымда қәдимги дәўлет,
Шаҳ Аббас етмеди ҳәргиз мириўбет,
Бу күн мунда келдим тартыбан меҳнәт,
Шул себепдин Дийарбәкирдин шықтым.

Атам өлди, өзим болдым бийшара,
Мениң пинҳам сөзим болды әшкара,
Шаҳ айтты: «Ғәрибни асыңлар дара»,
Шул себепдин Дийарбәкирдин шықтым.

Әлқысса, Ғәриб бул сөзлерни байан йеткендин соң Әдил шаҳ айтты:

— Әй, балам, көп ғамгүн болмағыл, сениң көңлиңни шад етермен. Шаҳ Аббас саңа ситем қылып, Шаҳсәнем деген қызын бермесе, мениң Ҳилалай пәрий деген қызым бартурур. Шаҳсәнем қыз оның әлиге суў ҳәм қуйа алмас, саңа шул қызымды берермен. Шаҳ Аббас сениң қәдириңни билсин, — деп, Ғәрибниң көңлини хош йетмек болып, Әдил шаҳ бир сөз айтты:

— Балам, көп болмағыл мәлул,
Ғамгүн көңлин шад етермен,
Ошбу сөзим қылғыл қабыл,
Қайғыдын азат етермен.

Шаҳ Аббас қылса ситемни,
Бермес болса Шаҳсәнемни,
Саңа келген дәрди-ғамны,
Башыңдын азат етермен.

Йығламағыл көп аҳ урып,
Хызметиңде қол қаўшырып,
Тажы-тахтымны тапшырып,
Тилимдин исбат етермен.

Мудамы хызметиңде мен,
Тапылур бир зулпы сүмен,
Йолыңда мен йүз мың түмен,
Ошбу күн ҳайрат етермен.

Ешит Әдил шаҳның сөзин,
Ол Ҳәсеншаҳның йалғызын,
Шаҳ Аббас бермесе қызын,
Өзимге дамад етермен.

Әлқысса, Әдил шаҳ бул сөзни тамам еткендин соң тахдын түшиб Ғәриб билән қушақлашып көришип қолыдын тутыб Ғәрибжанны Әдил шаҳ ҳәремханасыға алып барды. Анда Ғәрибжанның тахт үстинде олтурған бир ҳайалға көзи түшди.

Ол Ғәрибниң атасы Ҳәсен ўәзир билән туўысқан нашар еди. Әдил шаҳның зайыбы эрди. Анда Әдил шаҳ айтты:

— Бул уғлан нешикдур саңа алып келдим, — деди.

Анда Әдил шаҳның зайыбы айтты:

— Бул нешик йүзине пәрде чекмишдир, пәрдени йүзидин айырсын, мубәрек жамалыны көрейик, — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Мен йүзимдин пәрдени алсам, жумлайы-жаҳан өртенур, — деп бир сөз айтты:

— Әйа, шаҳым, ешит мендин жаўабы,
Йүзим ашсам жумлайы жаҳан өртенур,
Йүзимдин көтермем ҳәргиз нықабы,
Ҳәмме йүзим көрген заман өртенур.

Бир нигаҳ әйлесе башдын айаға,
Көрип мени ҳәмме қалурлар даға,
Әгәр сайран етип кирсем бу баға,
Мени көргеш бағы-бостан өртенур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзләйиб ағзымдан дүрлерни сашсам,
Не йақшылар билән башымны қошсам,
Әгәр мен йүзимдин пәрдени ашсам,
Туташыб йер билән асман өртенур.

Йүзимге бақа алмас қайрылып хәр ким,
Ышқ отына жанып күйди сүйеким,
Мени көриб йақын келалмас хеш ким,
Мениң дәрдим көрсе дәрман өртенур.

Хешким көрип билмес мениң бу ҳалым,
Мудам Шаҳсәнемдур пикри-қыйалым,
Ғәриб айтур, көрмеңизлер жамалым,
Жамалыма ошбу жаҳан өртенур.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң Ғәрибниң ыхтыйарына қоймай йүзиндеги пәрдени алыб ташлады, падшаҳның хәремханасындағы қызы-жаўанлар Ғәрибниң ҳүсни-жамалын көриб, бийсабру-бийқарар болдылар. Хусусан Әдил шахның хатыны Айпара бийшара көрген заман бийхуш болуб йықылды. Андын соң падшаҳ хәм, өзгелер көрип себил-сәргәрдан болмасын деп, Ғәрибниң нықабын қайтадын йүзине шекип қойдылар. Бир неше саатдын кейин Айпара бийшара хуўшына келип, Әдил шахға қарап «бу меҳманың Ҳәсен шаҳға ухшар» деп бир сөз айтты:

— Қайдан келди мәҳитабан гүл йүзли,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳға меңзейур,
Лашындек бақышлы ҳимайун йүзли,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳға меңзейур.

Ақлым хайран болды жамалын көрип,
Сөз сораңыз муның билән отырып,
Мениң бу жаныма меҳрин ендирип,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳга меңзейур.

Ҳәсен шаҳдын, Абадандын туўғандек,
Алар өлип, бир йадгары қалғандек,
Гөя бир алманы екки бөлгендек,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳға меңзейур.

Он беш йылдур Ҳәсен шахның кетгели,
Барып Бәйтулланы таўап еткели,
Сырдашым йоқтурур сырым айтғалы,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳға меңзейур.

Ҳәсен шаҳ ағамдур, ол шаҳсуўарым,
Атамдын, анамдын бир йадыгарым,
Нешше йылдур мениң ол интизарым,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳға меңзейур.

Қайдан келип маған меҳрин ендирди,
Жандын өтип эрди айралық дәрди,
Қайта башдын Айпараны йандырды,
Бу меҳманың Ҳәсен шаҳға меңзейур.

Әлқысса, Айпара бийшара бу сөзлерни тамам еткендин соң Әдил шаҳға айтты:
— Бу меҳман уғланны таныдыңызму, кимлер турур? — деди.
Анда падшаҳ айтты:
— Сөзни өзидин сорағыл, саңа ҳаслы-нәслин байан етер, — деди.
Анда Айпара бийшара Ғәрибке қарап:
— Әй, жигергөшәм, мениң йанымны йақма, тез маңа өзиңни билдир, мениң көңлим қарар тапсын, — деди.
Анда Айпара халасына қарап Ғәриб бир сөз айтты:

— Мени сорсаң, Дийарбәкирдин йуртыдын,
Бу шәҳри Бағдада келген Ғәрибмен,
Қанлар йығлаб айралықның дәрдидин,
Бу шәҳри Бағдада келген Ғәрибмен.

Йалғыз қайда барай, қайсы дийара?
Бүлбилдек йетмейин гүли-гүлзара,
Йуртыдын айрылған мен бир бийшара,
Бу шәҳри Бағдада келген Ғәрибмен.

Лажирем қалмышам ақлы ҳайрандын,
Шаму сәҳәрлерде зары-гирйандын,
Не сорарсыз мендек бийханымандын,
Мен нәйлейин, ханаўайран Ғәрибмен.

Бу дүнйада бир қайғысыз йүрмеген,
Сәнем билән айшы дәўран сүрмеген,
Меҳнәт шекип хәргиз рәҳәт көрмеген,
Түгенмес ҳәсиретте қалған Ғәрибмен.

Елим Дийарбәкир, мен өзим Ғәриб,
Мүсәпир йерлерде реңким сарғарып,
Қайда меҳнәт мени табар ақтарып,
Йүрек-бағры пара болған Ғәрибмен.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин сон Айпара бийшара ҳайран болып, Ғәрибниң бу сөзлери билән ким екенин билмеди ўә йәне айтты:
— Әй, көзимниң рәўшаны, сен маңа өзиңни йақшы мағлум әйле, мен бу сөзиң билән ким эркәниңни билмедим, — деди. Анда Ғәриб Айпараға қарап йәне бир сөз айтты:

— Ҳаслымны байан етсем,
Бийшара Ғәрибдурмен,
Сырымны айан етсем,
Бийшара Ғәрибдурмен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳижран ғамыда қалған,
Ғам билә йүзи солған,
Бағдада бу күн келген,
Бийшара Ғәрибдурмен.

Мен болмышам әптада,
Бу дәрд илә ғам бада,
Кимге барайын дада,
Бийшара Ғәрибдурмен.

Ашылмады ығбалым,
Ғам болды қәдди далым,
Билмен, не кешер ҳалым,
Бийшара Ғәрибдурмен.

Атымға Ғәриб дерлер,
Түшди маңа мүшкиллер,
Қайда барайын еллер,
Бийшара Ғәрийбдурмен.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етиб эрди. Айпара бийшара Ғәрибниң ойлә Ғәрибмен, бойлә Ғәрибмен деген сөзидин ҳеш нимә пәҳим ете билмей:

— Әй, меҳман уғыл, маңа ҳаслы-затыңны дурыслап түшиндир, — деб, Ғәрибке қараб Айпара бийшара бир сөз айтты:

— Бу сөзлерни деме маңа сен мунша,
Дуғры сөзлеп, ҳаслы-затың байан ет,
Сендин үмит үзмен таки өлгенше,
Мағлум әйлеп, ҳаслы-затың байан ет.

Он беш йылдур, маңа айралық дәрди,
Ҳижран оты мениң жаным йандырды,
Мәгер сени маңа аллайым берди,
Бир-бир маңа ҳаслы-затың байан ет.

Ҳәсен шаҳға мегзер қәдди-кәмалың,
Абаданға меңзер ҳүсни-жамалың,
Жанымды өртеди қашы-ҳилалың,
Емди маңа ҳаслы-затың байан ет.

Мәгер Ҳәсен шаҳның сенсең пәрзенди,
Жандын әзиз көрген бир жигербәнди,
Сендин мениң жаным тапты ҳүрсанди,
Растын сөзлеп ҳаслы-затың байан ет.

Ағам Ҳәсен шаҳдур, атым Айпара,
Сен ҳәм айтғыл маңа, әй маҳыпара,
Хош келибсен уғлан ошбу дийара,
Сөзле балам, ҳаслы-затың байан ет.

Әлқысса, Айпара бийшара бу сөзлерни байан еткендин соң Ғәриб айтты:

— Мен Сизге ҳаслы-затымны байан етсем, ҳаслым Бағдаддын болурмен, өзим Ҳәсен шаҳның уғлы болурмен. Дийарбәкирде Шаҳсәнем деген йарым бартурур, ҳәр заман қыйалымға түшсе бийсабыр-бийқарар болурмен. Атам Ҳәсен шаҳ өлди, бир жалғыз Гүлжамал исмли қыз туўғаным бар. Анамның аты Абадан, өзимниң атым Ғәриб, — деб Айпара апасына өзин аныклап айтып түшиндирип бир сөз айтты:

— Ҳәсен ўәзир уғлы, ҳаслым Бағдадлы,
Емди сизге бир-бир байан әйлесем,
Сәнем эрди анда көңил хошгәҳим,
Тана билмен аҳу-әпған әйлесем.

Ағам дейип қалды йалғыз нашарым,
Нешик болсын мениң сабрыў-қарарым,
Гүман болды мениң анда барарым,
Емди мунда мәнзил-мәкан әйлесем.

Маңа Дийарбәкир йетишмек қыйал,
Ҳәсен ўәзир өлди, қалды мүлки-мал,
Йалғыз сиңлим йығлаб қалды Гүлжамал,
Бара билмен арзуў-әрман әйлесем.

Атам айтып ерди: қозым, шырағым,
Бағы мурад ерди шул мениң бағым,
Мен алардын ешитмишдур қулағым,
Мен ҳәм барып анда сайран әйлесем.

Ҳәсен ўәзир, Абаданның уғлымен,
Та өлгенше сийнелери дағлымен,
Шаҳсәнемниң ўәдесине бағлымен,
Йәне көрмекликим байан әйлесем.

Ғәриб дер, Бағдада түшти гүзарым,
Билмен, не йерлерде қалыр мазарым,
Күн-күндин артадур шеккен азарым,
Бир нешше күн мунда мәкан әйлесем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң Айпара ағасының уғлы эркәнини билип, қайтадын ҳал-аўҳал сорашып, Ғәрибке көп меҳрибанлық қылып, үстине шаҳана либаслар кийдириб, гөйа ағасы Ҳәсен шаҳны көргендек болды. Андын кейин Әдил шаҳ Ғәрибке Ҳәсен шаҳның қалған Бағы-мурад деген өзиниң бағыны берди.

Ғәриб ҳәр жума күни йүзинен нықабын алып, падшаҳға саламға барур эрди. Башқа күнлерде йүзидин нықабын алмас эрди. Шул тарийқа биләән арадан бир йыл өтди. Әмма Әдил шаҳның бир қызы бар эрди. Зийада саҳибжамал, ҳүсни бәркамал, қәдди нәўниҳал, йүзиниң шуғласыйдын көз хирә, күн тийрә болур эрди. Кирпиклери мужган, ләблери хандан, көзлери мәстан, шийрин зибан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

мүрчәмийан, мәҳитабан, бир апатыжан, әл йанақ, бадам қабақ, йупқа додақ, пәлек йулдызының мехри-әфтары, жаҳан қызларының маҳы-әнўары, тебренип йүргени мисли жәйран.

Мүбәрек атларын Ҳилалай пәрий дер эрдилер. Шул қызны падшаҳ Ғәрибжанға мүнәсип көрип йүрәр эрди. Бир нешше қыз-жаўанлар Ғәрибжанны Ҳилалай пәрийге тәғрипу-таўсиф қылдылар. Анда Ҳилалай пәрий айтты:

— Ол өзи Ғәриб мүсәпир бенде болса, не ушын аны маңа тәрийп етерсизлер? Ҳәр ким оны маңа мүнәсип көрип сөз айтса, ағзыға қорғашын қуйдырурмен, — деди.

Андын соң хешким дем урмады. Әмма Ҳилалай пәрийниң хызметинде шийрин сөз, гүл йүзли Дәстегүл исмли бир кәнийзи бар эрди. Бир күн шул кәнийз Әдил шахның хәремханасына барды. Анда ҳәремниң қыз-жаўанлары ҳәмде падшаҳнын катыны, Ҳилалай пәрийни Ғәрибге мүнәсип көриб сөзлешип олтурған эркенлер. Дәстегүл бу сөзни аңлап, майданға шығып, Ҳилалай пәрийниң ҳузуўрына келди, ўә йәне айтты:

— Әй, Ҳилалайжан, мен ҳәремханаға барып бир сөз ешитиб келдим. Атаңыз, жанан-мәрданлар сизни Ғәрибге мүнәсип көрип сөз етурлар. Бул нешик әпсанадур? Дийарбәкирдин қашып келген болса, сизни нешик аңа лайық көрмишлер? — деб Дәстегүл қыз ешиткен хабарларын Ҳилалай пәрийге айтып бир сөз айтты:

— Әйа, Ханым, бу күн бир сөз ешиттим,
Ол Ғәрибни сизге лайық көрмишлер,
Не сөз барын аңлап бир кеше йаттым,
Нәтаўанны сизге лайық көрмишлер.

Үш йыл болды келген шәҳри Бағдада,
Башы йалаң, айақлары пийада,
Меҳман болып түшген Бағы-мурада,
Шул меҳманың сизге лайық көрмишлер.

Бу үлкеде нешше азадалар бар,
Йәне ҳәм бир нешше бегзадалар бар,
Ол Дийарбәкирден келген хорыў-зар,
Сәргәрданны сизге лайық көрмишлер,

Бир айыбы болмаса оның йүзинде,
Не себебдин пәрде тутмыш йүзине,
Қанлар ағар емиш еки көзинде,
Бағры қанны сизге лайық көрмишлер.

Дәстегүл дер, әйа, әй, маҳыпара,
Пинҳам сөзлер болды енди әшкара,
Атаңыз-анаңыз берсе, не шара?
Билмен, нешик жанны лайық көрмишлер.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзни тамам еткендин соң Ҳилалай пәрий айтты:

— Әй, Дәстегүл, ата-анам халық-халайық бизге лайық көрген болсалар, әлбетте бир қәсийети бартурур. Әгер шул айтқан сөзлериң раст болсалар, Бағы-муратға барып, ол Дийарбәкирдин келген шахзаданы барып көриб, ҳал-аҳўалын билип, ҳәр не көрген-билгениңни тез маңа айтып келгил, — деп Ҳилалай бир сөз айтты:

— Дәстегүл, Бағы-мурада барып мениң йарымны көр,
Сол Дийарбәкирдин келген хоры-зарымны көр,
Бизге лайық болсалар ол маҳытабан талъаты,
Соң йәне келгил, мениң бу налайы-зарымны көр.

Яхшы бақғыл йүзигә, турғыл қашында бир заман,
Арада дәлдал болуб, ҳәрне йоқу-барымны көр,
Хақ тағала башыма қондырса дәўлет қушыны,
Яхшылық бирлә қолымға түшсе шуңқарымны көр.

Гәр мүнәсип болса ол, жанымны қурбан әйлесем,
Кеше күндиз йолыйда бу зулпи-зуннарымны көр,
Мен Ҳилалайға мүнәсип болса аның сүўрети,
Йолыда сарп әйлермен дүнйайы-бисйарымны көр.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу сөзни тамам еткендин соң Дәстегүл айтты:

— Әй, Бийбижан, сабыр әйле, ҳәр күн майданға шығып көринмәс, мәгәр жума күни йүзидин нықабын алыб падшаға саламға барур эмиш, бәрше халайық йолында олтурур эмиш. Шунда биз ҳәм халайық арасында олтуруб көрермиз, — деб сабыр әйледи.

Нәгаҳ жума күни болды. Дәстегүл қыз Ғәрибни көрмек ушын йолға раўана болды. Барса, йолның үстинде зәнан-мәрдан, қыз-жаўан, ҳәмме тамашаға шығып олтурур. Дәстегүл олардын сорады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сизлер бу йерде не ушын олтурубсыз, — деб.

Анда олар айтты:

— Дийарбәкирдин келген Шахзаданы көрурмиз, хәзир падшахға саламға барур, алдыға шығып олтурурмыз, — деди.

Эрсе Дәстегүл хәм шул йерде олтурды. Бир замандын соң Ғәриб хәм үстине шахана либас кийип, астына бир арғымақ ат минип, адамларның алдыдын жилўа бериб өте берди. Анда бәрше халайық Ғәрибниң хүсни-жамалын көриб биййхуш болдылар. Хусусан Дәстегүлниң ақлы хайран, бағры бирйан болуб, биййхуш болуб йықылды. Замандын соң хуўшына келиб, орныдан турыб Хилалай пәрийниң алдына келди. Хилалай пәрий Дәстегүлдин хабар сорады. Анда Дәстегүл Ғәрибниң хүсни-жамалын, қулқы-тәбийатын бир-бир байан етиб бир сөз айтты:

— Нәгахан мен көрдим анының жамалын,
Қайсы бир ўаспыны байан әйлейин,
Қуда билур көнлиндеги қыйалын,
Қайсы бир ўаспыны байан әйлейин.

Лағлы гәўхар кәкилиниң хәр тары,
Йолында олтурур көп интизары,
Ақлы-хуўшым алды қәдди-рәптары,
Қайсы бир ўаспыны байан әйлейин.

Жамалын көрмекке әләм гириптар,
Олтурарлар йолға қарап интизар,
Мен хәм көрип аны болдым биййқарар,
Қайсы бир ўаспыны байан әйлейин.

Белиге бағлабдур зәррин кәмарны,
Башыға саншыбдур тажы-гәўхарны,
Биййбижаным, мендин сорсаң хабарны,
Қайсы бир ўаспыны байан әйлейин.

Йүзин көрген заман есимдин кеттим,
Мәст болып топырақға булғаныб йатдым,
Биййхуш болып айтар сөзим унуттым,
Қайсы бир ўаспыны бәйан әйлейин.

Өткен ермиш әўўел Юсуби Кәнъан,
Андын соңра мәгер болғай Ғәрибжан,
Қашы-көзи дөнер анының мың әлўан,
Қайсы бир ўаспыны бәйан әйлейин.

Дәстегүл дер, әйа, Хилалай пәрий,
Аты Ғәриб, хусны әхлиниң сәрўери,
Айтып ада болмас анының дәптери,
Қайсы бир ўаспыны бәйан әйлейин.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзни тамам еткендин соң Хилалай пәрий Ғәрибниң жамалын көрмей ғайыбана тәрипин ешитиб гириптар болуб айтты:

— Әй, Дәстегүл, енди мениң жаныма бир таза от салдың, анының хүсни-жамалын өз көзим билән көрип, сөзин өз қулағым билән ешитмесем, сабры-қарарым болмас, мениң ақлы-хуўшымны алдың, — деп Хилалай пәрий Дәстегүлге қарап бир сөз айтты:

— Ақлы-хуўшым алдың келип Дәстегүл,
Бу күн тәнде шийрин жанға от салдың,
Енди қарар етип турмағым мүшкил,
Әзиз жисмим натаўана от салдың.

Анының билә бир дем олтыруб-турмай,
Хызметинде кеше-күндиз йүгирмей,
Тақатым йоқ енди жамалын көрмей,
Бу жаныма ғайыбана от салдың.

Та көрмесем аны тапман қарары,
Ашықларның болмас намысы-ары,
Отқа йансын бағы-бағшамның бары,
Әй, Дәстегүл, бу мәкана от салдың.

Мен өзим бармасам йар отағына,
Та көзим түшмесе әл йанағына,
Бүлбилдек қонмасам гүл путағына,
Мен нашарға ғайыбана от салдың.

Бәршелердин хызметинни өткердиң,
Бул хабарны келиб бизә йеткердиң,
Хилалай пәрийге бир от келтирдиң,
Бу жан билән үстихана от салдың.

Әлқысса, Хилалай пәрий бийсабырыў-бийқарар болып, бу сөзни тамам еткендин соң, Дәстегүл айтты:

— Әй, биййбим сабыр әйлеңиз. Қуда кәлесе, тез көрип, мурадыңызға йетерсиз, мунша бийқарар болмаңыз, — деп Дәстегүл Хилалай пәрийге қараб бир сөз айтты:

— Сабыр әйлегил, мақсудыңға йетерсең,
Ғамгүн болма биййбижаным, сабыр әйле,
Мурадыңға йетиб дәўран сүрерсен,
Тез көрерсең биййбижаным, сабыр әйле.

Кеше-күндиз сенсең мениң сырдашым,
Хәкипайың болсын бу әзиз башым,
Сендин өзге йоқдур қәўми-ғардашым,
Ғамгүн болма биййбижаным, сабыр әйле.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сабыр әйлеген киши наүмит қалмас,
Бийсабыр қыстанып хәргиз йол алмас,
Кимге куда берсе, хеш ада болмас,
Мен кәмийне, сен султаным, сабыр әйле.

Билсең, сабыр — кудайымның бир аты,
Саңа түшти бу күн ашықлық оты,
Аўызың бүлбилдур, тиллериң тоты,
Шийрин мақал, хош зибаным, сабыр әйле.

Йетмиш үш йыл сабыр әйледи ол Әйюб,
Кудайым әйледи өзийге мәхбуб,
Сабыр әйлесең сен хәм табарсаң матлуб,
Нәсийхатдур, әйа, ханым, сабыр әйле.

Хошламушдур бу күн ата-анаңыз,
Бул арада зәрре йокдур хатаңыз,
Бу кун йа сабада болур неканыз,
Дәстегүл дер, бийбижаным, сабыр әйле.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзлерни айтып тамам еткендин соң Ҳилалай пәрий айтты:

— Әй, Дәстегүл, менде хеш ықтыйар қалмаса, нешик сабыр етермен? Сен Ғәрибжанға барып, оның көңлинде не қыйалының барын билип тез хабар келтирмесең болмас, — деб Ҳилалай пәрий Дәстегүлге карап бир сөз айтты:

— Мундын өзге йокдур мениң хызметим,
Бар Дәстегүл өзиң Бағы-мурада,
Көрмегенше йоқтур сабры-тақатым,
Бар Дәстегүл өзиң Бағы-мурада.

Мен көрейин анын хүсни-жамалын,
Билип кел көңлинде пикри-қыйалын,
Нечук эркән аның қәдди-кәмалын,
Бар Дәстегүл өзиң Бағы-мурада.

Көрмейин мен аны, болдым гириптар,
Емди мендин кетти гүлли ықтыйар,

Тез келтиргил хабар зинхары-зинхар,
Бар Дәстегүл өзиң Бағы-мурада.

Яхшы хызметкерим сенсең Дәстегүл,
Намыс билән арым сенсең Дәстегүл,
Сөзде эхтибарым сенсең Дәстегүл,
Бар Дәстегүл өзиң Бағы-мурада.

Бүлбилниң хәўазы ғунша гүлдедур,
Гүлниң заўқы билән йүз қыйалдадур,
Ҳилалайниң еки көзи йолдадур,
Бар Дәстегүл өзиң Бағы-мурада.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу сөзлерни Дәстегүлге айтқандын соң Дәстегүл айтты:

— Мен бу күн Бағы-мурада,
Барайын, бийбим, барайын,
Йүр десеңиз шул арада,
Йүрейин, бийбим, йүрейин.

Бол десеңиз аңа бенде,
Хеш ықтыйар йоқтур менде,
Тур десеңиз хызметинде,
Турайын, бийбим, турайын.

Мен хызметинде субҳи-шам,
Қол қаўшырып әдеп-икрам,

Йүр десениз мен йүрейин,
Йүрейин, бийбим, йүрейин.

Сөзимде йокдур қыйлы-қал,
Анда бардур йүз мың қыйал,
Сор десеңиз андын саўал,
Сорайын, бийбим, сорайын.

Дәстегүл дер, әйа, ханым,
Хеш ғам жеме мехрибаным,
Бер десеңиз, аңа жаным,
Берейин, бийбим, берейин.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзни айтып дәрҳал Бағы-муратқа қарап йолға раўана болды. Ол Бағы-мурат деген Ғәрибниң жатқан мәканы ерди. Дәстегүл Бағы-муратқа барып әдеп-икрам билен Ғәрибке сәлем берип турды. Анда Ғәриб Дәстегүлге қарап «сен нетип йүрген нашарсаң? Бу йерге не деп келдиң?» деп бир сөз айтты:

— Айтғыл сөзиң, әй, нашар,
Бул жайа не деп келдиң?
Сен әйле маңа изҳар,
Бул жайа не деп келдиң?

Сен бийхуўда келмессең,
Хеш кимдин уйалмассаң,
Йа сөзни дей алмассаң,
Бу жайа не деп келдиң?

Йа йолдан адаштыңму?
Йа отқа туташдыңму?

Саўдаға саташдыңму?
Бу жайа не деп келдиң?

Мәстанамусен, билмән,
Әпсанамусен, билмән,
Дийўанамысен сен, билмән,
Бу жайа не деп келдиң?

Атымға Ғәриб дерлер,
Түшти маңа мүшкиллер,
Тағна әйлемесин еллер,
Бу жайа не деп келдиң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, бу сөзден соң Ғәриб Дәстегүлге қарап:

— Әй, нашар, бу йерге не хызметке келдиң, не ишиң бар? — деди.

Анда Дәстегүл кәниз:

— Әй, Ғәрибжан, сениң хүсни-мәлахәтин, қәдди-қәўметиңниң ўаспын ешитип, гүлниң ышқында бүлбилдей, шамның ышқында пәрўана йаңлығ өзимни отқа урмаға келдим, — деп өзиниң дәрти қозғалып, Ғәрибке бақып, Дәстегүл кәниз бир сөз айтты:

— Әйа, дилбар, мени сорсаң,
Сениң зарың болып келдим,
Келипмен, енди өлтирсең,
Қарыйдарың болып келдим.

Сениң гөйинде сәргәрдан,
Қабыл етсең, әйа, султан,
Қудайым әйлесе пәрман,
Үмийдўарың болып келдим.

Не келмишдур қыйалыңға,
Йетермәнму ўисалыңға,
Сениң хүсни-жамалыңға,
Гирипдарың болып келдим.

Ешит арзым, әйа, жаным,
Бу күн болсаң мехрийбаным,
Қойныңға кирмек әрманым,
Ўападарың болып келдим.

Келибмен, бир гәдадурмен,
Ғәриби бийнаўадурмен,
Не иш қылсаң рийзадурмен,
Ҳасыў-харың болып келдим.

Келибдур Дәстегүл нашар,
Мениң сеннен үмитим бар,
Сырымны әйлесем изҳар,
Сениң йарың болып келдим.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзни байан еткендин соң Ғәрибниң қәхри келип:

— Әй, нашар, сен бийҳўўда сөзледиң, бийақыл надан екенсең, өз ўақтыхошлығыңны деп йүрген гезенде екенсең, бойлә көп сөзлемеге өз ылайығыңны ақтарғыл, хәр ким теңи билән болса йахшыдур, — деп Дәстегүлге қарап бир сөз айтты:

— Көп сөзлединң, әй, бийәдеп,
Барғыл, йолыңдын қалмағыл,
Өз ылайығыңны қыл талап,
Барғыл, йолыңдын қалмағыл.

Билмен, кимниң ғырнағы сен,
Барғыл, йолыңдын қалмағыл.

Кетгил, көзимдин бол йырақ,
Шықма бәлентә, йүр ашақ,
Айна алып шәклиңге бақ,
Барғыл, йолыңдын қалмағыл.

Бар, өзге елге сал сорағ,
Шуңқара қурдыңму тузағ,
Бүлбилге хеш йеткейму зағ,
Барғыл, йолыңдын қалмағыл.

Сийнемге салма дағы сен,
Гәшт етме бу шарбағы сен,

Мен бир Ғәрибий бийнаўа,
Дәртимге хеш тапман даўа,
Көп сөзлединң, әй, бийҳайа,
Барғыл, йолыңдын қалмағыл.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтқандын соң Дәстегүл айтқан сөзиге пушайман болып:

— Әй, Ғәрибжан, мен сени сынамақ ушын айтып әрдим, мен хатаға кеткен эркәнмен. Сизге ғайыбана гириптар болып Әдил шаҳның қызы Ҳилалай пәрий йибәрди, — деп Дәстегүл бир сөз айтты:

— Ешитгил Дәстегүл енди,
Мениң бир интизарым бар,
Кеше-күндиз пырақында,
Не сабырыў, не қарарым бар.

Мен хәм тынмай Сәнем дермен,
Тәнимде та мәдарым бар.

Сәхәрлер йад етиб йығлап,
Йақасын чак етиб хәр дем,
Йүрек-бағры кәбаб болған,
Мениң бир йадыгарым бар.

Ки үш йылдур, жудадурман,
Нетәй, нәйлей, Сәнемжандын,
Кетермен ол ўападара,
Көрермен деп қумарым бар.

Шах Аббасның қызы дерлер,
Ешитсең ахы-зарымны,

Ғәриб бийшараның ҳалын,
Барып айтғыл Ҳилалайға,
Үмийдин үзсин ол мендин,
Сәнем атлығ нигарым бар.

Әлқысса, Ғәриб бул сөзлерни айтқандын соң Дәстегүл Ғәрибниң көңлин майыл етмек болып, Ҳилалай пәрийниң тәрийпин қылыб, лалы-ләбидин дүри-бийбаҳаларны төгип бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, Ғәрибжан, Ҳилалайның жамалын,
Көрсең, кешер эрдиң Сәнем йарындын,
Шәҳли-шекер аның ләбинде балын,
Сорсаң, кешер эрдин Сәнем йарындын.

Дана-дана қаллар әл йанақында,
Бүлбил сайрар гүл ашылған шағында,
Сайран йетсең Ҳилалайның бағында,
Йүрсең, кешер эрдиң Сәнем йарындын.

*Барып қушсаң аның нәзик белини,*
Сорсаң эрди шәҳли-шәккер ләбини,
Сайран этиб аның таза гүлини,
Терсең, кешер эрдиң Сәнем йарындын.

Ақыл эрсең тегме аның зеҳнине,
Ғәриб, қолың салғыл аның бойнына,
Ғәрибжаным, Ҳилалайның қойныға,
Кирсең, кешер эрдиң Сәнем йарындын.

Әлқысса, Дәстегүл бу жуўапларны айтқандын соң Ғәриб айтты:

— Әй, Дәстегүл, сениң бу сөзлериң билән мен Ҳилалайның йаныға бара билмесмән, әгер мени қоймасаңызлар, мен Бағдад йуртында турмасмен, бар, Ҳилалай пәрийге айтғыл, — деп Дәстегүлге қараб бир сөз айтты:

— Мен бу сөз билән, Дәстегүл,
Барманам, ҳәргиз барманам,
Маңа бу иш лазым демегил,
Барманам, ҳәргиз барманам.

Ҳәмме бир қудаға бенде,
Ҳәрким гезер өз йуртында,
Енди мен Бағдад елинде,
Турманам, ҳәргиз турманам.

Барманам аның бағына,
Баш қойманам айағына,
Ҳилалайның қушағына,
Кирменем, ҳәргиз кирменем.

Қуданың санасы тилде,
Кеше-күндиз көзим йолда,
Мен баш көтериб бу елде,
Йүрменем, ҳәргиз йүрменем.

Ғәриб ашық билмес өзи,
Билселер айтурған сөзин,
Сәнемдин өзгениң йүзин,
Көрменем, ҳәргиз көрменем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни тамам еткендин соң Дәстегүл айтты:

— Әй, Ғәрибжан, ҳәр не ҳәм болса йахшы сөзлер билән барғаның йахшыдур. Әгер бармасаң, сийасат билән барурсаң, — деп бир сөз айтты:

— Әй, Ғәрибжан, мунша сөзлер демегил,
Барғаның йахшыдур ишарат билән,
Мениң бу сөзлерим йалған билмегил,
Бармасаң, барурсен сийасат билән.

Бағы сапа аның мәнзил-мәканы,
Тамам зәрепшандур көшки-әйўаны,
Болсаң Ҳилалайның әзийз меҳманы,
Сыйлар йүз мың әлўан зыйапат билән.

Ҳәли йахшы сөзлер билән бармасаң,
Мениң ошбу сөзлеримни қылмасаң,
Мениң билән бирге ҳәмра йүрмесең,
Барарсаң бир нешше әламат билән.

Келурлер үстиңе бир нешше қызлар,
Ҳәр кайсысы билген сөзини сөзлер,
Келтирур бир нешше сәҳибтәмизлер,
Қоймайын элтерлер рәўийат билән.

Дәстегүл дер, субут әйлемес бу жаўап,
Кәнизлери бардур аның бийҳисап,
Сүдрәп айақындан берурлер азап,
Йеткезурлер йүз мың ҳақарат билән.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзин тамам еткендин соң Ғәриб айтты:

— Әй, Дәстегүл, мениң Дийарбәкирде көңил берген йарым бартурур. Мал-мүлким, таж-тахтым аныкитурур. Мен қуданың тағдийри билән мунда келдим. Эмди мени қоймасаңыз, өзге дийарға кетермен, өзге йарға көңил берип, өз йарымдын өзим кеше билмесмен, — деп Дәстегүлге қарап бир сөз айтты:

— Әй, Дәстегүл, маңа мунша сөзлерсең,
Мен бул саўдаларға түшә билмәнем,
Сәнем атлы гүл йарымдын айрылып,
Өз йарымдын өзим кеше билмәнем.

Мен Бағдад елинде, Шаҳсәнем анда,
Башым йолындадур йүрсем ҳәр қанда,
Расулиге үмметмен, қудаға бенде,
Өз ҳәддимдин өзим аша билмәнем.

Дийарбәкирдедур көңил муҳтажым,
Малы-мүлким анда, тахт илә тажым,
Игәм қошған болса, йоқдур илажым,
Қуда тағдиридин қаша билмәнем.

Үш йыл йығлаб йүриб өтти аўҳалым,
Бу үлкеде кимге айтайын дадым,
Сәнемжан ешитмес мениң пәрйадым,
Емди бу үлкеде тура билмәнем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң көзим аның интизарыдур,
Бәнд әйлеген зулпларының тарыдур,
Шахсәнем Ғәрибниң сәўер йарыдур,
Өзге йара башым қоша билмәнем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтып тамам еткендин соң Дәстегүл айтты:

— Әй, Ғәриб, сен мунша Шахсәнем деп күйип-йанып айтурсан, аны тәрип әйлегил, мен Ҳилалайны тәрип әйлейин, Шахсәнемниң артык йери бармукән, — деди.

Анда Ғәриб, «әжеп болур» деп, Шахсәнемни тәрип етип, соңра Дәстегүл Ҳилалай пәрийни тәрип етип бир сөз айттылар:

Ғәриб:
— Аның ўаспын саңа байан әйлейин,
Бу ҳүсни ләтапат Шахсәнемдедур,
Қайсы бирин айтып айан әйлейин,
Ҳәм йахшы саҳаўат Шахсәнемдедур.

Дәстегүл:
— Ғәрибжаным, мунша сөзлер дийерсең,
Шахсәнем деп көп өртенип күйерсең,
Әгер көрсең аңа мехриң қойарсаң,
Маҳытабан йүзлер Ҳилалайдадур.

Дәстегүл:
— Ғәрибжан, мен хәм бир сөз дийәйин,
Шийрин-шәкәр сөзлер Ҳилалайдадур,
Мен хәм саңа билгенимни сөзлейин,
Түрпе аҳыў көзлер Ҳилалайдадур.

Ғәриб:
— Әй, Дәстегүл, саўда түшер бу сәрге,
Келибдурсен, ықтыйар ет кетерге,
Бийтәхәрет басмас айағын йерге,
Мудамы тәхәрет Шахсәнемдедур.

Ғәриб:
— Дәстегүл, мен айтай башдын-айағын,
Алма зәнәхданын, сиймин сақақын,
Гәҳи көзин қымыр, гәҳи қапағын,
Бул има-ишарат Шахсәнемдедур.

Дәстегүл:
— Ғәрибжаным, барсаң ол бағы сапа,
Қулағыңа келур мың түрли сәда,
Дугаҳы, сегаҳы шекерлер наўа,
Йүз мын әлўан сазлар Ҳилалайдадур.

Дәстегүл:
— Ғәрибжаным, мен ҳәм айтсам ишарәт,
Муншама лап урмақ сизге не ҳәжет,
Пәҳим әйлесең күнде бардур шарапат,
Көп сахибтәмизлер Ҳилалайдадур.

Ғәриб:
— Ғәриб айтар, ансыз жанны нетейин,
Эмди Дийарбәкир йолын тутайын,
Қуда руўзы қылса аңа йетейин,
Бу жаныма рәҳәт Шахсәнемдедур.

Ғәриб:
— Дәстегүл, бу сөзге қалурсаң ҳайран,
Кеше-күндиз тилер қудадан ийман,
Сәҳәрлерде турыб йад етер қурьан,
Мудамы тилаўат Шахсәнемдедур.

Дәстегүл:
— Дәстегүл дер, барсаң алтын-гүмишлер,
Әлўан-әлўан, түрлик-түрлик йемишлер,
Бағында бүлбүллер ҳәм тоты қушлар,
Йүз мың турна-ғазлар Ҳилалайдадур.

Әлқысса, Ғәриб билән Дәстегүл бу саўал-жаўабларны айтышыб болғандын кейин Дәстегүл Ғәрибниң йанындын шығып Ҳилалай пәрийниң қашына келди. Анда Ҳилалай пәрий айтты:

— Маңа нимә хошхабар келтирдиң? Ғәрибжан не деген болса, маңа бирин-бирин байан әйле, тез көнлим қарар тапсын, — деди.

Анда Дәстегүл Ғәриб билән айтушған сөзлерни бир-бир байан етип, Ҳилалай пәрийге қарап бир сөз айтты:

— Әйа, ханым, бул сөзлерге қулақ сал,
Мен Ҳилалай дедим, ол Сәнем деди,
Мениң сөзлеримде йоқтур қыйлы-қал,
Мен Ҳилалай дедим, ол Сәнем деди.

Ғәрибжанның йүз қыйалы бар екен,
Көрдим, аның анша ҳалы бар екен,
Сәнем атлы сәўер йары бар екен,
Мен Ҳилалай дедим, ол Сәнем деди.

Қоймасаңыз, кетермен дер баш алып,
Мойнын бурып көзлериге йаш алыб,
Ура берди сийнесиге даш алып,
Мен Ҳилалай дедим, ол Сәнем деди.

Ҳайран қалдым аның ықтықатына,
Әўелден йанмышдур ышқның отына,
Сәнем атлы йары түшиб йадына,
Мен Ҳилалай дедим, ол Сәнем деди.

Келтире алмадым аның өзини,
Барып көрдим маҳытабан йүзини,
Ешитиңиз Дәстегүлниң сөзини,
Мен Ҳилалай дедим, ол Сәнем деди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзлерни тамам еткендин соң Ҳилалай пәрий бийтақату-бийәрам болып, ашуптаҳал, мәжнүн мысал, дийўана қыйал, ақлы ҳайран, бағры бирйан, көзлери гирйан болып айтты:

— Әй, Дәстегүл, та өзим барып ҳал-аўҳал сорашып келмесем болмас. Сен бул хызметни питкере билмедиң, — деп, көзлерийдин қәтрә-қәтрә йаш төгип, Дәстегүлге қараб бир сөз айтты:

— Ҳеш ким бул хызметни питкере билмес,
Та өзим бармасам йар мәканына,
Менин максуўдыма йеткере билмес,
Та өзим бармасам йар мәканына.

Башын койып йатған турғанша болмас,
Турған айақ басып йүргенше болмас,
Ешитген көз билән көргенше болмас,
Та өзим бармасам йар мәканына.

Яхшы билән йаман таңла сайланур,
Өзин билген бул дүнйадын шайланур,
Билсең, кимдин кимниң башы айланур,
Та өзим бармасам йар мәканына.

Таки қан йутарман бағы сәнада,
Күн-күндин хәсиретим болды зыйада,
Машаққатлар шегип пайыў-пийада,
Та өзим бармасам йар мәканына.

Емди мениң бармай турмағым мүшкил,
Ҳилалай дер, ҳаққа әйлеп тәўеккел,
Не илаж әйлесин йалғыз Дәстегүл,
Та өзим бармасам йар мәканына.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу сөзни айтып, йаныға қырық кәнизин алып, Дәстегүлни баш қылып қәдем мубарәклерин бир-бир басып, йүз мың наз қарашма билән Ғәрибжанны көрмек ушын интизару мәжнун сынар, дийўанаўар болып йолға раўана болдылар. Дәстегүл билән Ҳилалай пәрий Бағы-мураднын дәрўазасына барып турдылар. Андын соң Дәстегүл Ғәрибниң йаныға барып Ҳилалай пәрийниң келгенин Гәрибке билдирип бир сөз айтты:

— Ғәрибжаным, енди сениң йанына,
Төзе билсең, уғлан, Ҳилалай келди,
Әўелде деб эрдим сениң шаныңа,
Төзе билсең, уғлан, Ҳилалай келди.

Жаның қурбан етсең шийрин тилине,
Қырқ кәнизин алып сағы-солына,
Әлипдек қәўмети, нәзик белине,
Төзе билсең, уғлан, Ҳилалай келди.

Ҳәр көзлери аҳыў киби бақылған,
Гәрдениге тилла ҳәйкел тақылған,
Сийнесине ышқның оты йақылған,
Төзе билсең, уғлан, Ҳилалай келди.

Тилла жыға, лағлы-маржан башында,
Көп кәнизлер бардур аның қашында,
Бир нәўниҳал әйне он төрт йашында,
Төзе билсең, уғлан, Ҳилалай келди.

Инанбасаң Дәстегүлниң сөзине,
Көзиң түшер аның гүлдек йүзине,
Емди не айтурсан аның өзине,
Төзе билсең, уғлан, Ҳилалай келди.

Әлқысса, Дәстегүл бу сөзни тамам еткендин соң Ғәрибжан хеш дем урмай йерге бақып турды. Андын соң Дәстегүл Ҳилалай пәрийниң йаныға барып:

— Әй, бийбижаным, Ғәрибниң өзи ҳәзир тәнҳа олтурубдур, барсаңыз әйне ўақтыдур, — деди.

Анда Ҳилалай пәрий айтты:

— Мен үстине кирип барсам бийәдеплик болур. Сен барып мениң сөзимни Ғәрибжанға айтқыл, андын соң аның ҳәр не айтқан сөзин маңа айтқыл, — деди.

Анда Дәстегүл «әжеп болур» деп Ғәрибке кетмекши болды. Шул ўақытта Ҳилалай пәрий айтты:

— Биз Ғәрибжанның ешики алдына келдик, бизни көрмек ушын ташқары шықсын, — деп бир сөз айтты, Дәстегүл ҳәм Ғәрибке барып айтып, Ғәриб ҳәм жаўап қайтарып айтышғанлары:

Ҳилалай пәрий:
— Бар Дәстегүл, келдим астанасыға,
Бизни көрмек ушын шықсын Ғәрибим,
Тамашалар қылып дәрўазасыға,
Бизни көрмек ушын шықсын Ғәрибим.

Ғәриб:
— Бар Дәстегүл, жеткер мениң сөзимни,
Мен шықманам, қайта берсин ол пәрий,
Сәнемдин өзгеге салман көзимни,
Мен барманам, қайта берсин ол пәрий.

Дәстегүл:
— Ғәрибжаным, Ҳилалай қыз интизар,
Шық ташқары, келди Ҳилалай пәрий,
Сениң ушын тәнде жаны бийқарар,
Шық ташқары, келди Ҳилалай пәрий.

Дәстегүл Ҳилалайға айтур:
— Ғәриб айттым ҳәр не айтқаныңызны,
Бийбижаным, «барман» деди Ғәрибиң,
Жеткердим мен аңа пәйғамыңызны,
Бийбижаным, «барман» деди Ғәрибиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳилалай пәрий Дәстегүлге айтур:
— Ғайыбана қалдым бу аҳыў-зара,
Бир мириўбет қылсын мен бийқарара,
Тәрәҳҳум әйлесин мендек нашара,
Бизни көрмек ушын шықсын Ғәрибим.

Дәстегүл Ғәрибке айтур:
— Ғәрибжан, бир гүли рәғна келибдур,
Ешикке қәмәти Зийба келибдур,
Сени деб ашықыў-шайда келибдур,
Шығып көрсин деди Ҳилалай пәрий.

Ғәриб Дәстегүлге айтур:
— Мени деп болмасын ашықыў-шайда,
Бу бийқарарлықдын йоқ аңа пайда,
Бу арада ҳәжет эрмес тәўеллле,
Мен шықманам, аңа қайтсын ол пәрий.

Дәстегүл Ҳилалай пәрийге айтур:
— Әйа, жаным, хызметинде йүкирдим,
Қайта-қайта аның йанығa бардым,
Сениң ушын айағына баш урдым,
Қайта берсин, барман, — деди Ғәрибиң.

Ҳилалай пәрий Дәстегүлге айтур:
— Ешикине зары-гирйан келипмен,
Тилим лалыў, ақлы-ҳайран келипмен,
Интизарәм бағры бирйан келипмен,
Бизни көрмек ушын шықсын Ғәрибим.

Дәстегүл Ғәрибке айтур:
— Ғәрибжаным, карыйдарың келибдур,
Көзи йолда, интизарың келибдур,
Та өлгүнше үмийдўарың келибдур,
Шық ташқары, келди Ҳилалай пәрий.

Ғәриб Дәстегүлге айтур:
— Әй, Дәстегүл, көп сөйлемек не қәжет,
Ақлың болса, болур бул сөз ишарат,
Бул ишиң ақыры болур қабаҳәт,
Мен шықманам, аңа қайтсын ол пәрий.

Дәстегүл Ҳилалайға айтур:
— Әйа, жаным, мундын үмит үзерсен,
Илажың йоқ, бу отларға төзерсен,
Келсин дейип мунша нама йазарсен,
Қайта берсин, барман, — деди Ғәрибиң.

Ҳилалай Дәстегүлге айтур:
— Ҳилалай дер, шықмас болса бу заман,
Бу ишиң ақыры болур пушайман,
Истығпар әйлермен, болмасын туғйан,
Бизни көрмек ушын шықсын Ғәрибим.

Дәстегүл Ғәрибке айтур:
— Дәстегүл дер, Ғәриб, бармасаң болмас,
Шығып аның йүзин көрмесең болмас,
Қуда не қәлесе көрмесең болмас,
Шығып көрсин деди Ҳилалай пәрий.

Ғәриб Дәстегүлге айтур:
— Ғәриб айтур, қуда қылса пәрманы,
Йоқдур бендесиниң зәрре дәрманы,
Ол турмасын мунда саат заманы,
Мен шықманам, аңа қайтсын ол пәрий.

Әлқысса, бу саўал-жуўаплар арадан кешкендин соң Ҳилалай пәрийниң өзи тақат қыла билмей Ғәрибниң үстине йетип келди. Ғәрибте Хожа Қызыр алейҳиссаламның берген меҳиргийасы бар еди. Дәрҳал оны йүзиге сүртип олтурды. Әрсе Ҳилалай пәрий Ғәрибни көрген заман тыйғы ышқы сийнеде жай болып, бағрына от туташты. Шул ўақытта Ҳилалай пәрий Ғәрибжанның әптапдек йүзине бақып, ақлы-ҳуўшдын айрылыб, зар-зар ағлап Ғәрибке карап бир сөз айтты:

— Дийарбәкирде тура алмай,
Бағдада меҳман сенмусен?
Ғайыбана йүзиң көрмей,
Ақлымны алған сенмусен?

Мениң аҳыў-пығанымны,
Күйдириб үстиханымны,
Бу жисми натаўанымны,
Отлара салған сенмусен?

Келипсен шәҳри Бағдада,
Йетерсен мақсет-мурада,
Ешиттим сизни Шаҳзада,
Ол шаҳы жаўан сенмусен?

Сени дерлер маңа ашық,
Мен болыпмен саңа машық,
Қашың йайдур, кирпигиң оқ,
Ғамзеси пәйкан сенмусен?

Мениң атым тәскин алса,
Душманларым ғамдын өлсе,
Қуда бизге руўзы қылса,
Ол саҳыб дәўран сенмусен?

Көрсеңиз бизниң мәканны,
Сәйир етсең бағы-бостанны,
Ҳилалай қызның меҳманы,
Болған Ғәрибжан сенмусен?

Әлқысса, Ҳилалай пәрийниң бул сөзлерини Ғәрибжан ешитиб айтты:
— Әй, пәрийзат, мениң Дийарбәкирде Шаҳ Аббас қызы Шаҳсәнем деген йарым бартурур, оның

www.ziyouz.com kutubxonasi

хижри-пырақында өртенип, Сәмендер йаңлы өзимни отға урғанман. Үш йыл болды, анын ўаслына йете алмай әндәлиби-бийнаўа болдым. Ол пәрийдин өзге йүзге хәргиз нәзер салмасман. Енди мени мундын бетер бәлаға гирипдар әйлеме, мениң өз дәртим өзиме көптурур, анын хижран оты үстиханымны күйдириб күл етмишдур, — деп, Ҳилалайға қарап бир сөз айтты:

— Үш йыл болды, Сәнем ушын қәлендер,
Йәне отқа салма, Ҳилалай пәрий,
Ышқ отына йанып болдым Сәмендер,
Йәне отқа салма, Ҳилалай пәрий.

Сәнемдин өзгеге түшмесин көзим
Тәнимде жаным бар, бир эрур сөзим,
Ҳәр пәрийге сарғармасын гүл йүзим,
Йәне отқа салма, Ҳилалай пәрий.

Йықылыпмен, тутмаңызлар қолымны,
Адашыпман, көрсетмеңиз йолымны,
*Хижран ели суўырмышдур күлимни,*
Йәне отқа салма, Ҳилалай пәрий.

Сийнем үзре дағлар қойғаным йетер,
Үш йыл болды, жандын тойғаным йетер,
Сәнемниң отына күйгеним йетер,
Йәне отқа салма, Ҳилалай пәрий.

Пәлекниң гәрдиши маңа бақмайын,
Ғәриб айтур, өз йанымны йақмайын,
Сәнемниң аташы мендин шықмайын,
Йәне отқа салма, Ҳилалай пәрий.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни тамам еткендин соң Ҳилалай пәрий:

— Әй, Ғәрибжаным, әзиз меҳманым, қашы-кәманым, ләби-ханданым, шәккер-әпшаным, сен мени мунша аташы ышқыңа өртемегил, Шахсәнем болмаса сәўер йарың мен болайын, мени андын кем көрме, — деп, Ғәрибке қараб бир сөз айтты:

— Ғәрибжаным, ғам йемегил,
Сәнем йарың мен болайын,
Мунша Шаҳсәнем демегил,
Сәўер йарың мен болайын.

Шаҳсәнем Дийарбәкирде,
Анын ушын қалма дәрде,
Өлгенше болсаң бу йерде,
Сәнем йарың мен болайын.

Ғәрибжан, қылғыл бу сөзи,
Мен хәм бир падшаҳның қызы,
Емди қабыл әйле бизи,
Сәнем йарың мен болайын.

Бир-биреўге қол салышыб,
Ойнаб күлиб доланышыб,
Кеше-күндиз шырмалашыб.
Сәўер йарын мен болайын.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу сөзлерни айтқандын соң Ғәрибжан айтты:

— Әй, Ҳилалай пәрий, сен мунша сөзлерни айтурсен, бир йашда йүз көрмей, екки йашда отырышмай, үш йашда хабарлашмай, беш йашда қушақлашмай, етти йашда қошылышмай, сендин Шаҳсәнем болурму? Мени көргениң йаңа, дәрҳал Шаҳсәнем бола биләжақсан, ақлыңдын адаштыңму? — деп бир сөз айтты:

— Көп сөзледиң ақлың шашып,
Сендин Шаҳсәнем болурму?
Мәгәр келибсен адашыб,
Сендин Шаҳсәнем болырму?

Бир йашында йүз көришмей,
Тең олтырып, тең турышмай,
Еки йашда хабарлашмай,
Сендин Шаҳсәнем болырму?

Үш йашында ойнап-күлмей,
Бир биреўге хәмдам болмай,
Төрт йашында қәдир билмей,
Сендин Шаҳсәнем болырму?

Беш йашында қол салышмай,
Ләблердин поса алышмай,
Алты йашда қошылышмай,
Сендин Шаҳсәнем болырму?

Етти йашда бағ гезмейин,
Бир мектепте хат йазмайын,
Ғәрибдин үмид үзмейин,
Сендин Шаҳсәнем болырму?

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтқандын кейин Ҳилалай пәрийниң қәҳри келиб, сендин Шаҳсәнем болырму деб, Шаҳсәнем кимдин артық эркән деб, ғәзебнак болды, йәне өзине тәселле бериб айтты:

— Әй, Ғәрибжан, хәли хәм болса Шаҳсәнем деген сөзиңди қойғыл, әгер қоймасаң, сени йаман қылурмен. Сениң мақсетиң дүнйа болса, дүнйа берейин, әгер көшки әлўан, тахты сарай болса, ол хәм менде бартурур, әгер шаҳла көзлик пәрийзат керек болса, алдыңда турубмен, мени бойлә бийқарар йетмегил, — деп сийнеси шақ, дийдеси ғәмнак, бағры кәбаб, ҳалы қарап болып, көзидин қәтре-қәтре йаш төгип Ғәрибке қараб бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бағдад үлкесинде дәўран сүрәли,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди,
Жан барынша ойнап-күлип йүрели,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди.

Бу дүнйада саңа мал керек болса,
Йүзде дана-дана кал керек болса,
Ләбде шәҳли-шекер бал керек болса,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди.

Мунда саңа бағы-бостан керексе,
Гүл йүзлери маҳытабан керексе,
Йәки саңа кәсри-әйўан керексе,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди.

Саңа болсын мениң жаным тасаддық,
Әзийз жисмим натаўаным тасаддық,
Малы-мүлким, ханы-малым тасаддық,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди.

Дийарбәкир барсаң рәсўа болурсен,
Мунда йүрсең тили гөйа болурсен,
Бағдад үлкесинде падшаҳ болурсен,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди.

Таза бакшам гүлу-зары болурсен,
Бәршениң дәртине дәри болурсен,
Ҳилалай пәрийниң йары болурсен,
Ғәрибжаным, Шаҳсәнемдин кеш енди.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу сөзлерни тамам еткендин соң Ғәриб айтты:

— Әй, Ҳилалай пәрий, сениң бу сөзлериң билән Шаҳсәнемдин кеше билмесмен, тәнимде жаным бар, Сәнемниң ўәдесине бағлыман, сениң бу сөзлериңни қабыл қылмасмен, — деп бир сөз айтты:

— Тәнде бу жаным барынша,
Шаҳсәнемдин кешерменму,
Башым йолында өлгенше,
Шаҳсәнемдин кешерменму.

Та әзирайыл келмегенше,
Тәнде жаным алмағанша,
Жәсет бийкар қалмағанша,
Шаҳсәнемдин кешерменму.

Ләҳәт ишре қоймағанша,
Гүл йүзлерим солмағанша,
Көзге топырақ толмағанша,
Шаҳсәнемдин кешерменму.

Ишғал урыб айағымға,
Өртениб дәрди-дағымға,
Сени алыб қушағымға,
Шаҳсәнемдин кешерменму.

Ғәриб ашық йаныб-күйип,
Сийнесиге дағлар қойып,
Сендек бийҳайаны дейип,
Шаҳсәнемдин кешерменму.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтып тамам етип еди, анда Ғәрибниң «сендек бийҳайаны дейип Шаҳсәнемдин кешерменму» деген сөзи Ҳилалай пәрийге ағыр келип, Ғәрибниң башқа сөзлерини кеширсе де, шул сөзин кешире билмей, әне, «Шаҳсәнемдин кешмесең» деб дәркәҳәр болып кәнизлерге буйырды:

—Ғәрибни тайаққа йатқызыңлар, —деб.

Анда қырық кәниз ҳәр қайсысы қырық қамшыдан урып еди, Ғәрибнин бүтин йери қалмай, мурынларыдан қан раўан болып ҳуўшыдын кетип йықылды. Бираз ўақыттан соң ҳуўшына келип еди, кәнизлерниң ишинде Дәстегүлге көзи түшли. Шул ўақытта Ғәриб жандын үмит үзип Дәстегүлге қараб зар-зар ағлаб бир сөз айтты:

— Бу үлкеде, әй, Дәстегүл,
Мен өлгенде сен йығлағыл,
Болды мениң ҳалым мүшкүл,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Әгер маңа йетсе қаза,
Руўҳым мениң болса сәда,
Ҳеш ким маңа тутмас аза,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Бу дүнйадан болсам хата,
Бийшара деб қылғыл дуўа,
Йоқдур менде ата-ана,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Мениң ушын йаныпп-күйип,
Бир бийшара бийкәс дейип,
Қара мойы сачың йайыб,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Солса бу өмримниң гүли,
Маңа тийсе хазан жели,
Йоқдур менде апа-сиңли,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Бу үлкеде йалғыз башым,
Ҳешким алмас дигри дашым,
Йоқдур мениң қарындашым,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мени өлтирсе бу залым,
Нешик кешкей мениң ҳалым,
Йокдур мунда Гүлжамалым,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Бүгин болса ҳалым қарап,
Айралықдын бағрым кәбап,
Ғәриб айтур, көрдим азап,
Мен өлгенде сен йығлағыл.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтып ағлап, Дәстегүлге йалбарып, көзлеридин қәтре-қәтре йаш төгип турды. Анда Дәстегүл айтты:

— Әй, Ғәриб, әўелде айттым саңа шул ишлер болур деп, сен бәўәр етмедиң. Ҳәли ҳәм болса тәўбе қылып Ҳилалайның айағына йығылғыл, сениң гүнаҳыңны өтсе керек, — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Ҳәр иш қылса ҳәм, Шаҳсәнемдин кешиб Ҳилалайны демесмен, — деди.

Анда Ҳилалай пәрийниң кәҳәри келип, бурынғыдан да зийада болып, кәнизлерге буйырды. Ғәрибни айағыдан сүйреп урдылар, үш мәртебе ҳуўшыдан кетиб йықылды. Баз, ҳуўшына келип көзин ашып көрсе, Ҳилалай пәрийниң көзлери жәллад йаңлы қызарып гүлгүн болыпты. Шул ўақытта Ғәрибниң жаны көзине көринип, жаныдан ўәҳм етиб, Ҳилалай пәрийни тәрип етиб бир сөз айтты:

— Қашың шәмшири урды, жанны шапты,
Көзиң капирмудур, ийманны шапты,
Хату-ҳалыңға бисмилла йазылмыш,
О барып гәрдени шайтанны шапты.

Бир оқың өтибан шәҳри Емендин,
Бириси барыбан Балқанны шапты,
Нешше оқың өтип Мазәндәрандын,
Нешшеси бағ илә бостанны шапты.

Қашың шәмшири өткеш бир нәпесте,
Саўатны йыртыбан қалқанны шапты,
Нешшеси өтти ол Балхы, Бадахшан,
Нешшеси Түрки, Хиндистанны шапты.

Жәмалың барқ урып йерниң йүзигә,
Аның ҳәр шуғласы асманны шапты,
Ғәриб бийшара ишмей дәўир айағын,
Ушатды касайы дәўранны шапты.

Әлқысса, Ғәриб бийшара бу сөзлерни айтып еди, аның билән ҳәм Ҳилалай пәрийниң кәҳри тәскин тапмады. Андын соң Ғәриб Ҳилалай пәрийниң кәҳрин қайтармақ болып, қайтадан Ҳилалай пәрийни тәрип қылып Ғәрибжан бир мухаммес айтты:

— Әй, Ҳилалай, дүнйада ҳеш көрмедим сендек пәрий,
Мен сени түшимде көрдим, етти йашымдан бери,
Нешше бир көздин өтирдим, ер йүзинде хублярий,
Гәшт йетибан бу жаҳанны сайҳал урдым ҳәр йери,
Мен бу дүнйаны гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Емди сизге айтайын, әй, нәзәнин саҳибжамал,
Ләблериңдин зийре-зийре төкилур бал үзре бал,
Бу жаҳан бағында йоқтур камәтиңдек нәўниҳал,
Юсибий-шанымудурсең тоты шийрин маҳал,
Ошбу дүнйаны гезип ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Гәшт етиб ҳәр йан йүкирип, нешше саҳраларны гезип,
Киштиўан бирлә йүриб бир нешше дәрйаны гезип,
Бир йаны Гурлән ўә Ургенжи, Хийўаны гезип,
Шаржаўий ҳәм Қаракөл, шәҳри Нәбараны гезип,
Йақты әламны гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Көп ўәлайатны гезип, бардым Иракы, Испиҳан,
Андын өзге ҳәм таҳи бардым йәне Әзербайжан,
Курты, Гүржистанны гездим, ҳәм йәне Мазендәран,
Шәҳри Булғардын өтип бардым йәне шәҳри Хазан,
Мен бу дүнйаны гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Нешше күнлер мен йүрип Ираны-Туранда гезип,
Нешше тағлардын ашып, Кәҳи Балқанны гезип,
Ҳәм Самарқанд үлкеси, Ақша Шибирғанны гезип,
Бир нешше күн гәшт етиб шәҳри Шәбистанны гезип,
Мен бу дүнйаны гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шынмашындын бери гездим, хәм Қытайы, хәм Хотан,
Гүлли Түркстанны гездим, хәм йәне шәҳри Қоқан,
Пайкәнду, Ташкәнди, Әндижану, Мәрғулан,
Мәшрабы дийўанадек гездим Нәманганы, Әндижан,
Ошбу дүнйаны гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Шөлде Мәжнүндек гезип, сәҳралара урдым қәдем,
Барса келмес йол билән бардым йәне бағы Әрем,
Бир заман шад болмадым, шектим мудамы дәрт-әлам,
Растын десем, қолларыңға суў қуйалмас Шаҳсәнем,
Ошбу дүнйада гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Басра шәҳрини гезип бардым йәне Шаму-Шәрип,
Көп ўәлайатларны гездим нешше күнлер сарғарып,
Ақыры көп өртенип Бағдада келдим мен Ғәриб,
Шукрилилла, ошбу күн болды маңа ўаслың нәсиб,
Мен бу дүнйаны гезип, ҳеш көрмедим сендек пәрий.

Әлқысса, Ғәриб бу мухаммесни айтыб тамам еткендин соң Ҳилалай пәрийниң кәҳри кетип, Ғәрибниң йанына келип, мурынларының қаныны өз қолы бирлә йуўып, башыдын пәрўана йаңлы айланып, кәнизлерге бәрдар-бәрдар көтертип Ғәрибни Ҳилалай пәрийниң Бағы-сапа деген бағына алыб бардылар. Андын соң Ҳилалай пәрий Ғәрибке қарап:

— Ҳәр не мениң еткен жәбру-жапаларымны кеширгил, саңа көп азаплар бердим, — деб Ғәрибке үзүр айтып Ҳилалай пәрий бир мухаммес айтты:

— Ғәрибжаным, саңа емди бу күн қылған жапаларны,
Саңа жәбру-ситәм әйлеп нешше қылған хаталарны,
Хаталар орныға қойсаң бу күн бизге аталарны,
Гүнаҳымны кеширгил сен, мениңдек бийнаўаларны,
Әгер ақыл эрсең, ал пийри кәмилдин дуўаларны.

Хатадын болды бу ишлер, мудам көпдур пушайманлар,
Аны көп йадыңа алма, ғәнийметдур бу дәўранлар,
Башыңдын йүз мың айлансын, саңа қурбан болсун жанлар,
Көңилни шад-қоррам қыл, йәне қылма пәрийшанлар,
Қудайым йеткерур ақыр көңилде мүддәаларны.

Қуда йеткерди эмди, сен бу күн болдың бизге меҳман,
Киши меҳмана етмек керекдур жаныны қурбан,
Ки өлтирсең рийзадурман сениң алдыңда йоқ әрман,
......................................ишре сен хусн елине султан,
Кел эмди, шад-қуррам қыл мениңдек бийнаўаларны.

Мениң ўайрана көңлимни, кел енди, сен имарат қыл,
Йаманлық әйлесе ҳәр ким, аңа сен йахшы әдет қыл,
Ки адам көңлидур Кәәба, аны ҳәр дем зийарат қыл,
Қудадын ҳәр не келсе, сен аңа сабру-қанаат қыл,
Ешиттиңму қанаат нешше қылған әўлийаларны.

Ҳилалайның, Ғәрибжаным, әзиз меҳманы болдың сен,
Әзиз меҳманыдын артық жисминиң жаны болдың сен,
Шикәсте дәрдиниң енди бу күн дәрманы болдың сен,
Көңил мүлкини алдың, тахтымның султаны болдың сен,
Көрибмусең ышкында мениңдек дады ҳалларны.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу мухаммесни тамам еткендин соң Ғәрибке көп үзүрлер айтып көңлин алды. Анда Ғәриб хәм Ҳилалай пәрийге «сендин өзге йар, жаным йоқдур. Енди мен хәм саңа меҳримни қойдым» деп көңлини хошлап, башындағы аўҳалларын Ҳилалай пәрийге бир-бир байан

www.ziyouz.com kutubxonasi

әйлеп Ғәрибжан бир сөз айтты:

— Ҳилалай, ғам йеме, сендин бөлек йашырын зибаным йоқ,
Бу паны дүнйада ҳеш сендин өзге йары жаным йоқ.
Маңа меҳриңни қойдың, сыдқы ықласың билән өлтир,
Мен билдим, жаҳанда сендин өзге меҳрибаным йоқ.
Ҳәмме қәўми-қарындашым, атамның үлкеси Бағдад,
Дийарбәкир елинде ҳәргиз мениң мәнзил-мәканым йоқ.
Саңа айтай, әйа, ханым, ешит сыры ниҳанымны,
Шаҳ Аббас әлкине түшсем өлермен, ҳеш гүманым йоқ.
Ғәриб бийшара айтыбдур көңилде ҳәр не барыны,
Ки сендин йашырын ҳәргиз мениң сыры-ниҳаным йоқ.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтқандын соң Ҳилалай пәрийниң көңли қарар тапты, еккилери бир-бириден ҳал-аўҳал сорашып, ғамгүн көңил шад болды. Ҳилалай пәрий айтты:

— Әй, Ғәрибжан, Дийарбәкир барсам, шаҳ Аббас душман дерсең ўә мени өлтурур дерсең, ҳәргиз маңа аман бермес дерсең, енди билдим, сениң ҳәр не айтқан сөзиң раст эркән. Емди мениң көңлим саңа ышаныбтурур, — деп Ҳилалай пәрий Ғәрибжанға қарап бир сөз айтты:

— Дийабәкир барсам өлермен дерсең,
Ғәрибжаным, бул сөзиңе инандым,
Ғуншадек ашылмай солармен дерсең,
Ғәрибжаным, бул сөзиңе инандым.

Дийарбәкирде йоқ мәканым дерсең,
Шаҳ Аббас ҳеш бермес аманым дерсең,
Өлермен, ҳеш йоқтур гүманым дерсең,
Ғәрибжаным, бул сөзиңе инандым.

Шаҳ Аббас хан маңа душмандур дерсең,
Көрсе, тирикликим гүмандур дерсең,
Мүсапырлық йурты йамандур дерсең,
Ғәрибжаным, бул сөзиңе инандым.

Бағдада түшибдур нәсийбем дерсең,
Мени жандын артық ҳәбийбим дерсең,
Дәртимниң дәрманы, тәбийбим дерсең,
Ғәрибжаным, бул сөзиңе инандым.

Дийарбәкирде йоқ қыйалым дерсең,
Барсам нешик кешер бу ҳалым дерсең
Анам, сиңлим, бир Гулжамалым дерсең,
Ғәрибжаным, бул сөзиңе инандым.

Әлқысса, Ҳилалай пәрий бу сөзлерни айтып, Ғәрибдин көңли чунан хош болды. Кәнизлер бәршеси мәсләҳәт қылып, Ҳилалай пәрийни Ғәрибке никаҳ етиб қошмақның әнжамына түшдилер. Андын соң Дәстегүл кәниз Ҳилалай пәрийниң атасы Әдил Шаҳға барып, еки жананның ҳал-йағдайын бир неше зийба сөзлер билән биймәлел айтып, той етмектин рухсатын сорап бир-бир байан етип, Әдил шахға қараб Дәстегүл бир сөз айтты:

— Әйа, шаҳым, бу сөзлерге қулақ сал,
Бүлбил келди Ҳилалайның бағына,
Мың әлўан тил билән сайрабан хошҳал,
Пәрўаз етип қонды гүл бутағына.

Әйа, шаҳым, сырым байан әйлесем,
Ҳәр не барын бир-бир байан әйлесем,
Емди сизге билгенимни сөзлесем,
Қулақ салың сөзим баш-айағына.

Йа барсаңыз, йа хош жаўап берсеңиз,
Сәйран етип тамашалар көрсеңиз,
Ҳилалайның сиз бағына барсаңыз,
Ҳеш азар түшмесин гүл йапрағына.

Гүл ышқында бүлбил мың әлўан сөзлер,
Арзыў-әрман билән бир-бирин гөзлер,
Тамашаға шығып бир нешше қызлар,
Зийа зулпын төгип әл йанағына.

Қуданың тәғдири, та әзел күнде,
Ҳилалай Ғәрибке болыпдур бәнде,
Кеше-күндиз аның хызметлеринде,
Дәстегүл баш қоймыш из топырағына.

Әлқысса, Дәстегүл бу жаўабларны айтқандын кейин Әдил шаҳ гәп мазмуныға түшинип, Дәстегүлге қараб айтты:

— Әй, Дәстегүл, барғыл, оларның ҳәр не мақсуды болса, жуўап бердим, — деб екки жапакешниң мақсуд жаўабын берип, Дәстегүл кәнизни хошўақ қуррам қылып Әдил шах бир сөз айтты:

— Ғәриб билән бу күн Ҳилалай пәрий,
Ҳәр не иш қылсалар ижазат бердим,
Бар Дәстегүл, айтғыл ошбу сөзлерни,
Ҳәр не иш қылсалар ижазат бердим.

Аларға еткизгил бизден саламы,
Әзелде йазылған қудрет кәламы,
Алланың тәғдирин бузмақ бола ма,
Ҳәр не иш қылсалар ижазат бердим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Молла, муфтий билән диййуан келсинлер,
Ғәзийнеден малы-дүнйа алсынлар,
Ҳилалайны Ғәрибжанға берсинлер,
Ҳәр не иш қылсалар ижазат бердим.

Тилладан қурсынлар көшки әйўанын,
Әресте қылсынлар сапалы жайын,
Қазы-ийшан келиб қыйсын никаҳын,
Ҳәр не иш қылсалар ижазат бердим.

Әдил шаҳ дер, алар болсунлар хурсәнд,
Ғәрибжаным болсын маңа жигербент,
Ҳилалай перзентим, ол ҳәм бир перзент,
Ҳәр не иш қылсалар ижазат бердим.

Әлқысса, Әдил шаҳ бу сөзни айтып тойға рухсат берди. Дәстегүл ҳәм хош ўақты куррам болып Ҳилалай пәрийнин йанығa келди. Атасының тойға рухсат бергенин бир-бир байан етиб, «тойыңыз мүбарек болсын» деб, Дәстегүл кәниз Ҳилалай пәрийге қарап бир сөз айтты:

— Ғәрибниң ашылды бахты,
Мүбарек болсын тойыңыз,
Қурыңлар тилладан тахты,
Мүбарек болсын тойыңыз.

Енди өтти көп жапаңыз,
Бу күн я саба некаңыз,
Жаўабын берди атаңыз,
Мүбарек болсын тойыңыз.

Ешитти аҳы-зарыңны,
Бер имди йоқу-барыңны,
Алғыл қушақға йарыңны,
Мүбарек болсын тойыңыз.

Атаңыз рухсат дедилер,
Душманың йығлаб қалдылар,
Сизни Ғәрибке бердилер,
Мүбарек болсын тойыңыз.

Айралықға бел бағлама,
Йүрек-бағрыңны дағлама,
Дәстегүл дер, ҳеш ағлама,
Мүбарек болсын тойыңыз.

Әлқысса, Дәстегүл бу жаўабларны айтқандын кейин, әмир-умәралар жәм болып, йетти кеше-күндиз той-тамаша етип, қазыйны келтирип, Ҳилалай пәрийдин ўәкил ықтыйар соратыб, Ғәрибке никаҳы мусылманшылық билән бердилер. Рузғарлары шырағы билән йақты болып, ҳижран бәласидин қутылышып, бир неше күн заўқы-сапалар сүрди. Бир күн Әдил шаҳ Ғәрибни ҳүзүрине алдырып:

— Әй, Ғәриб, сен ҳәм мениң бир перзентим болдың, чунки менде уғыл перзент йоқтурур, йашым етмишке келиб қарыдым. Емди бу тахтқа өзиң игәлик ет, ҳәмде өз атаңның орнытурур, — деб Ғәрибни тахтқа миндирип, Бағдад йуртына падшаҳ болды. Халайыққа әдиллик қылып бир йылны өткерди. Әмма кеше-күндиз Шаҳсәнемниң пырақында халықдын пинҳамы зар-гирийан болур эрди. Ҳилалай пәрий билән ҳәм заўқы-сапа сүрмеге көңли майыл болмай, күн-күндин ҳалы өзге болур эрди. Бир күн Дийарбәкирдин бир неше саўдагерлер келип, йүклерин питкерип қайтмақшы болды. Ғәриб падшаҳлықны тәрк етип, үстине қәлендер либасын кийип, Ҳилалай пәрийни Бағдад йуртына ташлап, өзи саўдагерлер билән қошылып бир кешеде Дийарбәкир йуртына қараб йолға раўана болды. Бир нешше күн мәнзил-мәрайылларны тай қылып, Дийарбәкир топырағына йетишди. Саўдагерлердин айрылып, көшелеп барып бир үйге меҳман болды. Ол бир кемпирниң үйи эрди. Анда Ғәриб айтты:

— Әй, ана, Дәйарбәкирде не сөзлер бартурур? — деди.

Кемпир айтты:

— Әй, меҳман уғлым, шаҳ Аббас ханның қызы Шаҳсәнемжанның бир қулы йақында қашып кетипдур. Шаҳсәнемжан кәнизлери билән базарға келип, бир қул алмақшытурур. Ҳәр ким қул туғмасы бар болса, ертең базарға елтерлер, — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Маңа туғма либасын кийдирип башыма ишкәндәсини тартып, бир әбеший қул суўретинде етиб базарға элтип Шаҳсәнемге сатғыл, баҳамны сораса — мың динар дегил. «Мунық нимә ҳөнери бар?» десе, «сазенде-гөйендетурур» дегил. Шаҳсәнем сазенде-гөйендени йахшы көрур, сен мени сатып, асан аўҳал кешир, мениң ҳаққыма дуўайы-қайыр қылып пәтийҳанны берсең болур, — деди.

Кемпирниң тәме қазаны жошып кетип, мың динарның хабарыны ешитип, Ғәрибниң айтқанындын ҳәр артығырақ қылып, ерте билән турып Ғәрибни алып базарға келип турды. Нәгаҳ Шаҳсәнемжан әсас дәбдебе билән йанына Ақшаны ҳәмраҳ қылып, келип кемпирниң қулыға қарыйдар болды. Анда Шаҳсәнем айтты:

— Йахшы-йахшы қулларның баҳасы еллик динар, алтмыш динардын ашмайдур. Мунық нимә ҳөнери бар? — деди.

Кемпир айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мунын ҳөнери көп, әгер саз етип, сөз айтса, бүлбил ушып кета билмәйдур, —деди.
Анда Шаҳсәнем айтты:
— Бир-еки ағыз сөз айтсын, ешитейин, — деди.
Шул ўақытта Ғәриб әлиндеги тайағын саз етип, Шаҳсәнемге қарап бир сөз айтты:

— Қулақ салып ешит мениң арзымны,
Алур болсаң қул жайына ал, Сәнем,
Киши билмес мениң ҳаслы-нәслимни,
Алур болсаң қул жайына ал, Сәнем.

Бу беш күнлик өтер дүнйайы паны,
Шығар болды тәндин бу мискин жаны,
Гәўҳаршунас болсаң гәўҳарны таны,
Алур болсаң қул жайыны ал, Сәнем.

Ашықны күйдирер шийрин тиллериң,
Жаным алур йар ҳилалы қолларын,
Пәрўа қылсам бағың ишре гүллериң,
Алур болсаң қул жайына ал, Сәнем.

Ашық болсаң бу мәнини пәҳим әйле,
Гириптару жәмалыңман, рәҳим әйле,
Рақиблар сөзидин бу күн ўәҳим әйле,
Алур болсаң қул жайына ал, Сәнем.

Рақиблар әлидин пинҳам қыл мени,
Бу күн қул эрурмен, алмаң кел мени,
Ғәриб айтур, шын ашықмен, бил мени,
Алур болсаң қул жайына ал, Сәнем.

Әлқысса, Ғәриб бийшара бу ғәззелни айтып тамам қылды. Шаҳсәнем бу сөзлердин Ғәрибниң не дегенин пәҳим етмей, мәжнүн ҳал болып:
— Әй, мама, қулың йәне бир бәйит айтсын, — деди.
Анда Ғәриб йәне әлине тайағын алып, Шаҳсәнемге қараб бир сөз айтты:

— Йүзи гүлдек, шәмшад бойлы нигарым,
Бу сөзим пәхмине йетсен не болды,
Бу күн бәрше адам йағы нигарым,
Рақиблардын ҳазар етсең не болды.

Жамалынны көрсем дейип гезермен,
Ышқы дәрйасына бойлап йүзермен,
Бу күн шийрин жандын үмит үзермен,
Қыйа бағып қарап өтсең не болды.

Ашық дәўран сүрер ўисал шағында,
Бүлбиллер сайрашур шәмен бағында
Мен йүрибмен айралықнын дағында,
Сәнемжан, муҳаммет қылсаң не болды.

Мениң ҳалым бу күн бойлә болупдур,
Шар әтирапыма адам толубдур,
Йол азабын шегип ренким солыпдур,
Мени сатып алып кетсең не болды.

Ғәриб ашық айтар, сөзим битирдим,
Сени көриб қыйалымды йитирдим,
Азат эрдим, бәнде болыб саттырдым,
Қарыйдарсен, сатып алсаң не болды.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам йеткендин соң тақыйық Ғәриб эркенин пәҳим қылып, дәрҳал кемпирге мың динар бериб Ғәрибни алды. Кемпир тиллаларны нақлап алыб, бай болып, хошўақыт-қуррам үйине келди.
Енди сөзни Шаҳсәнемдин ешитин. Ғәрибни элтиб бир пинҳам жайда қойып, Ақша билән кеңеш қылды. Анда Ақша айтты:
— Ғәрибни Йасмуқ мамаға тапшырайық, әўел ҳәм сени йашлықдын тәрбият қылған анантурур, бир илажын табар, саңа аның дослығы зийада турур, — деди.
Бу сөз Шаҳсәнемге мақул түшип, еккиси Ғәрибни алыб Йасмуқ мамаға келтирди.
— Әй мама, Ғәрибни саңа тапшырдым, сени қудаға, әмма мен атамдын бағымны тилеп алып келгенше йахшы тәрбийат етип сақлағыл, — деб тәўүекел қылып, Йасмуқ мамаға қарап бир сөз айтты:

— Мамажан, кетерем атам йанына,
Арзы-халым, Ғәрибжанны ынжытма,
Еки ашық кошулмақның шанына,
Ўәсийетим, Ғәрибжанны ынжытма.

Мен саңа тапшурдым өзим келгенше,
Барып шаҳ Аббасдын бағым алғанша,
Ҳешкимге билдирмей, мама, өлгенше,
Ўәсийетим, Ғәрибжанны ынжытма.

Таза сақлап, йедир нану-немеки,
Жанымны ренжитур қайғу емеки,
Бу ренжисе, қайғы алур йурәки,
Арзы-ҳалым, Ғәрибжанны ынжытма.

Көр, не жапа шекти Ғәриб деп Сәнем,
Бәдейи-ышқында сәргәрдан менем,
Ясмуқ мама, сен ҳәм мениң бир анам,
Ўәсийетим, Ғәрибжанны ынжытма.

Шаҳсәнем дер, ҳәр сөзине садықдур,
Бай кишилер Ғәриблерә азықдур,
Рақиб жәбри билән көңлим бузукдур,
Мамажаным, Ғәрибжанны ынжытма.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етип Ғәрибни Ясмуқ мамаға тапшырып, Ақша билән еккиси жайына келиб әрам алды. Та кеш болды. Шаҳсәнемниң көңлине Ғәрибниң аташы-ышқы шуғла урып, бийсабру-бийқарар болып шыдай билмей Ақшаға айтты:

— Не болур, ертегеше Ғәрибни Ясмуқ мамадан тилеп алыб келсең, бийтақат болып турурмен, әндек көңлим қарар тапсын, — деди.

Анда Ақша айтты:

— Айны етек билән йапып болмас, кәнизлерге изҳар қылғыл, нәгаҳ бириниң көңлине келип, душманлық етмесин, —деди.

Андын соң Шаҳсәнемжан кәнизлерни жәм қылып, әндек ҳалын байан қылып, нашарлықдын арзы-ҳалын айтып зар-зар ағлап Шаҳсәнемжан бир сөз айтты:

— Бу дүнйадан йүз үгирмей,
Қайғым әда болурмукән,
Гөззал йарның йүзин көрмей,
Өлсем раўа бoлармекен.

Көр ким мәламат гәрдини,
Сөзин деме нәмәрдини,
Әй йаранлар, ышқ дәрдини,
Ўаслы даўа болурмукән.

Мен истермен йарым келсе,
Келиб ғамлы көңлим алса,
Бир күнимди атам билсе,
Сизлер гүўа болурмукән.

Пырақ отына күймеге,
Сийнесине дағ қоймаға,
Ҳәр кимсеге сыр айтмаға,
Бизден иба болурмукән.

Яр дәртине бойун сунмақ,
Раҳат бериб меҳнат алмақ,
Шаҳсәнем дер, ашық болмақ,
Мундын зийат болурмукән.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтып Ғәрибниң келгенин кәнизлерге бир аз ўақыт байан етип түшиндирди. Анда кәнизлер айтты:

— Әжеб болубдур, алып келиң, бизлер ҳәм көрейлик, — дедилер.

Эрсе Ақша Шаҳсәнемниң әмри билә Ясмуқ маманың алдыға барып, Ғәрибни тилеп алмаға Ғәрибниң йаныға барып, сени Шаҳсәнемжан шақырадур, мениң билән бирге йүргил деп, бир сөз айтты:

— Мен Шаҳсәнемниң елшиси,
Йүргил мениң билә бу күн,
Ашылды бағның ғумшасы,
Бағбан болғыл гүлә бу күн.

Ҳеш киши бойың көрмесин,
Бақғыл сағдын сола бу күн.

Рақиб йүзи болсын қара,
Душманның бағры йүз пара,
Гәр истесең ўисал йара,
Түшәгөргил йола бу күн.

Тәңри ешитсин дадыңны,
Йар билсин әхтиқадыңны,
Ҳақ йеткурсин мурадыңны,
Йетагөр мәнзилә бу күн,

Өлмесин достлар, өлмесин,
Рақиблар ҳәргиз күлмесин,

Бойлә йақма йүрәкиңни,
Сал мойнына биләгиңни,
Гүлниҳал дер, тиләгиңни,
Бир алладан тилә бу күн.

Әлқысса, Ақша бу сөзни тамам етип, Ғәрибни өзи билән ҳәмраҳ етип алып келди. Шаҳсәнем Ақшадан көп миннетдар болып, Ғәрибни кәнизлерниң арасына алып келип, Ғәрибке қарап хошамет айтып бир сөз айтты:

— Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсен,
Қутлы болсын мәнзил-мәкан, Ғәрибим,
Көңлим хошы шоқ мәрҳаба келипсен,
Ғанийметдур ошбу заман, Ғәрибим.

Саңа пәйўестедур жану-жаҳаным,
Сенсең тажы-сәрим, руўҳы-раўаным,
Саңа қурбан болсын бу шийрин жаным,
Йолында пидадур бу жан, Ғәрибим.

Ўәҳим етме Шаҳсәнем ғайры болур деп,
Башқа йарны йәне хошлап алур деп,
Мен илгери өлсем Сәнем қалур деп,
Келтирме көнлиңе гүман, Ғәрибим.

Қорқынышым — бу сырны ғәнимлер туйар,
Туйса сени қызыл қаныңа бойар,
Маңа ада болмас ҳижранлар қойар,
Бу заман ғәниймет дәўран, Ғәрибим.

Шаҳсәнем дер, йоқу-барым сениндур,
Йаўыз күним, намус-арым сениндур,
Көңлимдеги қоша нарым сениндур,
Сийнем саңа тахты-раўан, Ғәрибим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам йетип айтты:

— Әй, Ақша апа, бизниң ишимизниң ақыбети нешик болур? — деди.

Анда Ақша айтты:

— Әй, Шахсәнем, ғам йемегил, мен барып атаңдын шул бағны сизге қасри-маишатхана етиб алып берейин, Ғәрибни аңа алыб барып заўқы етерсең, — деп, Ақша шаҳ Аббаз ханға барды.

Шаҳ:

— Қызым Шаҳсәнемжан нешикдур, ўақты хошму? — деди.

Ақша айтты:

— Әй, Шаҳы әлам, қызыңыз зийада дилтәң болубдур, мени сизге йибәрди, шу бағны мениң ушын бина еттирип эрди, хәли нәмәҳрем бийгана адамлар ишинде сәйир етермиш, атам меҳрибанлық қылып шул бағны маңа берселер, хеш ўақыт ғайры адамлар кирип-шықмаслар, — деди.

Падшаҳ Ақшаның бу сөзини мақул көрип, бағның ықтыйарыны Шаҳсәнемге берди. Ақша тағзым иба келтирип, падшаҳның алдындын шығып Шаҳсәнемниң ҳузурына келип, атасының бағны бергенин байан қылды. Андын соң Шаҳсәнем шады-қоррам болып Ғәрибни ертип бағқа алып барып, айшы-ишратға машғул болдылар. Булар бағның ишигә кирип сәйир етиб гәҳа әждарҳа киби бир-бириге шоланышып, ўә гәҳи ышқы пәшек киби беллеридин қол өткерип шырмалышып, гәҳи мәўиж урып аққан дәрйа киби жошып, гәҳи араларыға нақылыйат сөзлердин айтышып, гәҳи шөл бийабандағы жәйран мысалыдек қыйа бақышып, гәҳи ашықлар битгән китаблардын оқышып, гәҳ өпишип, гәҳ қушышып, гәҳа таўыс қушдек безенип бир-биригә жилўабазлық әйлеп, гәҳа йашыл баш сона көрген қаршыға йаңлы (дөниб) бәлент пәрўазлық әйлеп, гәҳа бир-бириге қыйа бақышып сөзлеп, тоты қуш йаңлы қасри назлық әйлеп, сәрўи тамаша етип, алма, әнжир, әнар, ғоз, писте, йүзим, кәлегенлеридин йеб, бағның шар әтирапын гезип, хәр ким бир тәрепке кетдилер. Әмма Шаҳсәнемниң Саўшы исмли бир кәнизи бар эрди, ол кәниз Ғәрипке ашық эрди. Нәгаҳ бир пинҳамырақ жайда Ғәрибниң алдыдан шығып, мойнына қол салып, Ғәрибниң гүлдек йүзидин бир поса алды. Ғәрибниң қәҳәри келип, ол кәниз бийшараға бир қамшы урды. Анда ол кәниз айтты:

— Әй, Ғәриб, сан маңа рәҳимиң келмей бу ишни қылдың, сениң бу қылған ишиңге көре мен ҳәм бир көрсетмесем болмас, — деп қамшының ашшығы тарқамастан бурын бағдан шығып, шаҳ Аббасқа қараб бәдер кетти. Ўә йәне бу ишдин бир кәнизниң хабары бар эрди, келип Шаҳсәнемге байан қылды. Шаҳсәнем бу сөзни ешитиб, жаныға от түшип, «ўә, дәрийғ, бу иш йаман болған эркән» деб Ғәрибниң йаныға келип, зар-зар ағлаб бир сөз айтты:

— Ғәриб, сениң бу ишиндин,
Душман болды жаҳан маңа,
Бу күн мениң қайыр ишимни,
Сен әйледиң зийан маңа.

Мени пышақсыз өлтирдиң,
Гәҳ йығлатып, гәҳ күлдирдиң,
Таза гүллерим солдырдың,
Ести бады хазан маңа.

Кәниз барыб Шаҳа йана,
Сырым әйлейдур бәйана,
Рәқибге болды баҳана,
Әйлегейлер гүман маңа.

Еткен ишиң болды ғәлет,
Баша келди бойлә қулпет,
Ғәриб, енди не мәсләҳәт,
Болды ақырзаман маңа.

Сәнем айтур, әй, меҳрибан,
Қайғулы болды шийрин жан,
Киши келур ҳәмин заман,
Зиндан болды жаҳан маңа.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтып тамам еткендин соң Ғәриб:

— Әй, Шаҳсәнем, хәр иш тағдырға тартур, — деб, Шаҳсәнемге көңил бериб бир сөз айтты:

— Атаң билди дейиб қайғы йемегил,
Бизә бир йазылан бардур, Сәнемжан,
Маңа бойлә ашшығ сөзлер демегил,
*Ашықларның иши зардур, Сәнемжан.*

Атаң билсе бизди ақыр нетерлер,
Пәрман йетсе тутып алып кетерлер,
Сизни қойып, бизни шәҳийд етерлер,
Бир баша бир өлим бардур, Сәнемжан.

Бүлбил пыған әйлеп кетмес гүлиндин,
Пәрўа қылман жаным алсалар тәндин,
Сәд пара қылсалар дөнменәм сендин,
Ашықларға дөнмек ардур, Сәнемжан.

Көңлим әсийр олмыш көксиң назына,
Мойным бағланыпдур зулпың тарына,
Мың йола баш урсам атаң дарына,
Хеш бәўер әйлемес, зардур Сәнемжан.

Ғәриб айтур, дәўран бизгә йүрмесе,
Пәлек бизге ишрәт раўа көрмесе,
Атаң сени ақыр маңа бермесе,
Йаратқан бирубар бардур, Сәнемжан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, бу сөз бу ерде турсын, енди сөзни Саўшы кәнизден ешитиң. Саўшы кәниз Шах Аббасның бәргахына барып салам берип турды. Патшах Саўшы кәниздин сорады:

— Не сөзиң бар? — деп.

Анда ол:

— Әй, Шахы әлам! Шахсәнемжанның бағында бир бийгана йигит бартурур, хәр ўақыт келип көринедур, — деди. — Сизге мәлим етмеге келдим, — деди. — Шахсәнемжанға айта билмесмен, — деди.

Ол ўақытта падшах дәрғәзеп болып жәлладларға буйырды:

— Барың, қолын арқасына бағлаб, йүз мың азап билән мениң бәргахыма алып келин, ол бәднамны дарға шектирип, халайыққа әшкара еттириб азап билән өлтирсем керек, — деп буйырды.

Бу йерде Шахсәнем Ақша билән мәсләхат етип, Саўшы кәниздин қәўипке түшип, Ясмуқ маманың йаныға барып айтты:

— Әй, мама, бизлерниң ишимизни Саўшы кәниз деген бәднам атамға билдирмек ушын кетипдур, бизлер сизгә келдик, бир пикир кылсаңыз, — деди.

Мама қурра салып көрип:

— Ғәрибни бир пинхам жайға салыб йашырмақ керек, —деди.

Дәрхал Ғәрибни бир пинхан жайға салыб йашырдылар. Шул пурсат падшахның йасаўыллары чусти-чак келип, Шахсәнемниң бағыны хәрчанд ақтарып, Ғәрибдин хеш нам-нышан тапмай падшахға барып:

— Ол айткан адамдын хеш нышан тапмадық, — деди.

Падшах мүнәжжимлерге буйырды. Мүнәжжимлер пал салып көрип:

— Әй, Шахы әлам, ол адамны бир жайға пинхам етиб қойыбтурлар, — деди.

Падшах дәрғәзеп болып, йәне йасаўыл буйырды, олар хәм келип, бағ-бақшаларны ўә гүллерни ўә хәр түрлик миййўалы ағашларны бир-бир ақтарып, булар хәм дәрек тапмай бардылар. Андын соң падшах «сарай иши биййбисигә түхмет қылғай» деп Саўшы кәнизни өлтиртти, йәне «сизлер йалғаншы эркәнсизлер» деб мүнәжжимлерни хәм өлтиртти. Бу йерде Ақша билән Шахсәнем ўәхим етип, йәне йасаўыл келип ақтарып Ғәрибни таўып алып йүрмесин деп, Ғәрибни бир сандуққа салып, хаўызның астында бир зиндан бар эрди, анда йашырып қойдылар. Бу тарийқа билән арадан бир неше ўақыт өтти. Бир күн Шахсәнем айтты:

— Әй, Ақша апа, Ғәрибни барып алып келгил, мениң көнлимниң әрамы-қарары қалмады, йүзини бир көрип әрам алайын, шайад көңлим зәрре тәскин болурмукән, — деп зар-зар ағлаб Ақшаға қарап Шахсәнем бир сөз айтты:

— Ақша, бу күн тәндин жаным,
Шықмас бурын жанны келтур,
Мысыр елинде Юсуп киби,
Ол бәнди зинданны келтур.

Бизниң билән ўәде етән,
Рахат берип, мехнәт алан,
Жапа тыйғын жана салан,
Қара бағры қанны келтур.

Қәсте халыны сорайын,
Кәсе-кәсе мәй берейин,
Тойғунша йүзин көрейин,
Барып Ғәрибжанны келтур.

Өтти бу күн йар пырағы,
Қапапәлек қойды дағы,
Бир ағыз сөзниң сорағы,
Шул дағы-хижранны келтур.

Шахсәнем дер, кара бахтым,
Күйип күл болды бу рахтым,
Йақын келди өлер ўақтым,
Дәрдиме дәрманны келтир.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ақша барып Ғәрибни хаўызның ишиндеги зиндандын шығарып, Шахсәнемниң хузурына келтирди. Шахсәнем Ғәрибке қараб айтты:

— Ғәриб, зинданда йатдың, нешикдурсен? — деди.

Анда Ғәриб өз халына мәлул болып ағлады. Шахсәнемжан Ғәрибниң ағлағанына халы пәрийшан болып, көзиниң йашын румалы билән сыпырып, Ғәрибниң көңлин алып тәселле берип, Шахсәнемжан Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

— Ашық болып рәнжи мехнәт көрмесе,
Аның ашықлығы әхтибар болмас,
Йар алдында көзде йашын төкмесе,
Аның сыры елге әшкара болмас.

Күйип-йанып көп хунаба йуттырма,
Ақылыңны шашырып пәхмиң йитирме,
Кел, көңлиңе, йарым, қайғу келтирме,
Замана хәмийше бойлә тар болмас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айра түшдим дейип болма ҳәсиретте,
Иншаалла, сағмен, болма құлпәтте,
Көтергил башыңны, болғыл сұҳбетте,
Ышқ гүлиниң дигрисинде хор болмас.

Пәрўанадек өзиң отқа салмайын,
Мансурдейин Анәл хақ деп өлмейин,
Исмайылдек өзин қурбан етмейин,
Ашықмен дегени эхтибар болмас.

Шаҳсәнем дер, йеме кайғу-ҳижраны,
Ышқ дәрдиниң ҳәргиз болмас дәрманы,
Бир күн тәңри етсе әжел пәрманы,
Бу дүнйа хеш кимге ўападар болмас.

Әлқысса, бу сөз мунда турсын емди. Сөзни шаҳ Аббасдын ешитиң.

Шаҳ пәрманыға көп мәламатлар болды деп, Абдулла деген ўәзирин қырық атлы нөкер билән буйырды:

— Сен барып Шаҳсәнемниң көшкисиниң, бағы-шарбағының әтирапында пасбанлық қылып жүргил, — деп. Абдулла ўәзир ҳәм қырық атлы нөкер билән қараўыл болып йүрер эрди. Күнлерде бир күн нөкерлеридин бири бағның рахнасыдын қарап эрди, сарҳаўызның сайасында бир йигит Шаҳсәнем билән заўқы-шаўқ қылып олтурубтурур. Ол бу сырны келип Абдулла ўәзирге байан қылды. Абдулла ўәзирниң өзи келип көрип эрди, ўақыйа раст эркән. Шаҳсәнемни ҳузурына шақырып алып айттыким:

— Әй, Шаҳсәнем, бу нешик иштурур сен қылыпсан, атаң хун нахақ етип мүнәжжимлерни өлтирди ўә бир кәнизни ҳәм өлтирди, ол бийшараларның сөзи раст эркән, эмди не иш қылмақ керек? — деди.

Анда Шаҳсәнәм Абдулла ўәзирге йалбарып бир сөз айтты:

— Маңа түшген бу ышқ бәршеге түшер,
Тегмегил йарымға алла ышқына,
Қыстасаң йарымның, бил, ақлы шашар,
Тегмегил йарымға, алла ышқына.

Бизни алып барсаң атам йаныға,
Атам қалур ашқыларның қаныға,
Сен қалурсен мәламатлық кәнига,
Тегмегил йарымға, алла ышқына.

Мүштипәрмен, зарым мениң тилимде,
Ҳәр не қылсаң ықтыйарым қолында,
Гириптар етмегил душман әлинде,
Тегмегил йарымға, алла ышқына.

Шаҳсәнем дер, берей дүнйа зәрини,
Төгей ғәзийнеде ҳәр не барыны,
Сен пинҳам ет ашықларның сырыны,
Тегмегил йарымға, алла ышқына.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам етип, ҳал-аўҳалын айтып өтиниш қылып Абдулла ўәзирге қырық мың тилла зер берди. Абдулла ўәзирниң көңлине рәҳим түшип айтты:

— Эмди мундын буйан әўелгидек әшкар қылмаң, бирмунша ишиңиз пинҳәмырақ болсын. Шаҳға хеш аўҳалыңызны билдирмесмен, — деп, нөкерлерин алып шады-қуррам болып шәҳәрге қайтты.

Абдулла ўәзир кеткендин соң Шаҳсәнемниң көңлине ўәҳим түшип айтты:

— Әй, Ғәрипжан, бизлерниң сырымыз халыққа әшкара болды, набада рақыблар ғапыллыкта тутып, бир зәлел йеткермесин, өлмеген көришур, ҳарымаған өтишур, ҳәр нешик сағ болғанын йақшыдур, — деп, бир неше мүлайым сөзлерни айтып зар-зар ағлап Шаҳсәнем қыз бир сөз айтты:

— Ғәрипжан, йе өз ғамыңны,
Душман кәр етмесдин бурын,
Ғәниймет көр бу дәмиңни,
Шаҳ пәрман етмесдин бурын.

Ертең маҳасыллар келур,
Шар тәрепиң қамап алур,
Сени йаўыз күнә салур,
Қашагәр тутмасдын бурын.

Бир өзге йерде тут ўатан,
Асан эрмес бойлә йатан,
Рақиблардың тәғнасыдан,
Әшкар етмесдин бурын.

Қутылагәр мундын қашып,
Көзде йашың ҳәр йан сачып,
Бир әждарҳа ағзын ашып,
Дәм шегип тутмасдын бурын.

Шахсәнем дер, рәқиб ели,
Шар тәрепдин истер ўәли,
Башпана ет, өмириң гүли,
Сарғайып солмасдын бурын.

Әлкысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ғәрипжан Шаҳсәнемге қарап, мундын та өлгенше башға йерге кетмегим йоқдур, — деп сөз айтты:

— Маңа мундын кетмек олмас,
Атаң тутып алмағунша,
Башға ўатан тутмақ олмас,
Тутып бәндә салмағунша.

Эмди Сәнемжан барында,
Мен болыпман саңа бәндә,
Пара-пара эшикинде,
Кетә билмен қылмағунша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен гезерсең гүлгүн кийип,
Қал үстине қаллар қойып,
Қақнус киби йар-йар дейип,
Күйип-йанып алмағунша.

Алып жапаңны бу йана,
Йүрек-бағрым толды қана,
Мисли Юсупдек зиндана,
Атаң тутып салмағунша.

Баш қойып атаң дарына,
Жан берип зулпың тарына,
Қазайы қурбан йерине,
Кетмен енди шалмағунша.

Маңа түшмиш ҳижран шәби,
Кәж болды бахтым кәўкәби,
Тутып атаң Мансур киби,
Дара асып қоймағунша.

Йоқдур мениң кетер йерим,
Шаҳсәнем, ешит дилбәрим,
Нәсиминдей сойып терим,
Саман тығып қоймағунша.

Ғәрип дийер, ақыр мақсет,
Әжел келсе, бермес пурсат,
Ҳәли набуд болмай сүҳбет,
Кетерим йоқ өлмегунше.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып тамам еткендин соң Шаҳсәнем билди: Ғәрипжан өлмеге ыразы, кетмеге ыразы эрмес. Шаҳсәнем Ақшаға айтты:

— Әй, апа, муңа көңли қалғудек бир сөз айтмасам, ҳәргиз кетмес, — деп, Ғәрипке қарап Шаҳсәнем қыз йәне бир сөз айтты:

— Эмди сүҳбет ўақты өтти,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда,
Айралықның ўақты йетти,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

Нәмә көрдим сениң ўаслың,
Барабар йоқ екен ҳаслың,
Бир гүл эрдиң, өтти паслың,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

Сен барында күлә билмен,
Бул не дәртдур, билә билмен,
Сениң ушын өлә билмен,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

Сен бир гүлниң қырманысен,
Не дәртимниң дәрманысен,
Өзиң келген әрмәнисен,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

Мунда турсаң, ғәним туйар,
Туйса, қылдек жаның қыйар,
Ықтыйар ет өзге дийар,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

Турсаң, рәқиб хайран етер,
Бу ўатандын әлиң көтер,
Кет дегенде ийт ҳәм кетер,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

эмди бу ўатандын,
Шийрин жаным шығар тәндин,
Шаҳсәнем дер, кештим сендин,
Кет Ғәриб, турмағыл мунда.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзлерни айтып тамам еткендин соң Ғәрибниң жаныға от түшип, айралық оты үстиханыға йанышып, орныдын сачрап турып, сиймабдек титреп жаны ләрзана түшип:

— Әй, Шаҳсәнем, бу сөзни қайсы көнлиң билән айттың? Емди мундын кетсем ҳасла келмесмен, ўә йүзиңни ҳәм көрмесмен, — деп, Шаҳсәнемдин қатты көңли қалып, зар-зар йығлап, Ғәриб бир сөз айтты:

— Көшә-көш әйледи көңил кәрўаны,
Көшкенде егленем, емди келменем,
Сендин ғайры елде сүрип дәўраны,
Сүргенде егленем, бәлки келменем.

Ғәриблерниң болмас бағы мәканы,
Истемеслер ғәрибликте гәданы,
Қызыл гүлниң тегресинде тикәни,
Тергенде егленем, бәлки келменем.

Сендин кештим, мен ҳәм ләҳзе турманам,
Сениң билән үлпәт болып йүрмәнәм,
Емди сени қойдым, йүзиң көрмәнәм,
Ҳәр қанда егленем, ҳәргиз келменем.

Бур нә эрди? Ағуў қоштың ашыма,
Рәҳим келмей көздин аққан йашыма,
Әжел йастуғыны қойып башыма,
Йатқанда егленем, бәлки келменем.

Билмәйин өзимни салдым бу дәрде,
Йолдаш болдым сениң киби нәмәрде,
Емди мундын кетиб гезип ҳәр йерде,
Йүргенде егленем, бәлки келменем.

Сен билмедиң ашықлықның йолыны,
Солдырыпсен муҳаббатның гүлини,
Сендин ғайры бир дилбарның қолыны,
Тутқанда егленем, бәлки келменем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Емди кетем, турман ошбу йерлерде,
Сәйир әйлейип гезиб узақ йолларда,
Мәжнүн киби йүрип дағы-шөллерде,
Гезгенде егленем, бәлки келменем.

Хорасан йуртында ақша базылар,
Анда молла болса, мунда қазылар,
Әзелде йазылған бизә йазылар,
Йазанда егленем, бәлки келменем.

Йеккеликте йаўыз келсе бу баша,
Бизден салам болсын қәўми-ғардаша,
Қылыш алып бир күн кирсем саўаша,
Қырғанда егленем, бәлки келменем.

Көңлим имаратын сен қарап еттиң,
Билмеслик әйлейип нәмәртлик еттиң,
Сен бир бийғанаға мени мегзеттиң,
Ҳәр қанда егленем, бәлки келменем,

Ғәриб айтур, буздың мениң шанымны,
Отқа йақтың гәўҳарымны, кәнимни,
Игәсине берип шийрин жанымны,
Өлгенде егленем, бәлки келменем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзин тамам етип, Шаҳсәнемниң йүзине бақмай қатты аччығланып, орныдан турып, Диярбәкирдин шығып, Шырўаншымаққа қарап йолға раўана болды. Бир нешше мәнзил-мәрайылларны тай қылып, гәҳ ҳуўшында болса, гәҳ ҳуўшыдан айрылып, Мәжнүндек бийарам ўә бийқарар болып, айралық отыға өртенип, Шаҳсәнемдин шикайат қылып, йоллар үзре Ғәриб бир сөз айтты:

— Тилин аччығ әйлеп, бағрым йаралап,
Нәмәрт болып қуўалады йар мени,
Мен излерем дағы-дүзни аралап,
Қуўалады екки сөзли йар мени.

Ашық кетсе, машық андын қалармў,
Ашықыны ғам-қайғуға салармў,
Шын ашықның иши шундақ болармў,
Йалған ашық қуўалады йар мени.

Шын ашықсаң, бийўапаны көрмегил,
Бийўапа бағының гүлин термегил,
Ҳасла бийўапаға көңил бермегил,
Қуўалады ол бийўапа йар мени.

Жандын қорққан ышқның лапыны урмас,
Ашықман деп ышқының дүканын қурмас,
Йалған ашық ҳасла ўәдеде турмас,
Нәмәрт болып қуўалады йар мени.

Ешитменем бийўапаның сөзини,
Йарым демен Шаҳ Аббасның қызыны,
Терис әўрилсин, көрмем аның йүзини,
Ол руйисийаҳ қуўалады йар мени.

Бу дүнйадын бийзар жан илә таним,
Тәнде жан бар, бийўапаны деменем,
Руйисийах шәрменде болып Шаҳсәнем,
Қуўалады ол бийўапа йар мени.

Ғәриб дер, от түшмиш жаны-тәниме,
Көнлим нәхош, көзим толыпдур нәмге,
Мунша мәхнет, мунша дәрди-әлемге,
Қойды бу күн ол бийўапа йар мени.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам йетип, нешше марайыл йүрип қайғулы-ғамлы, жаны әламлы, көзи нәмли, дәрди мехнәт ситемли болып, ғуншалықта гүл киби солып, Ләйлиниң ышқында йүрген Мәжнүнсуўар болып, Шырўан-Шымаққа дақыл болды. Ғәриб Шымақ падшаҳына барып салам берип турды. Анда падшаҳ Ғәрибдин саўал қылды: қайсы йуртның адамы болурсаң? деп. Анда Ғәриб падшаға жаўап берип бир сөз айтты:

— Әй, Султаным, Дийарбәкир йуртыдын,
Ҳижр отына йана-йана келурмен,
Сәнем бирлә айралықның дәрдидин,
Пәрўанадек күйе-күйе келурмен.

Мен нәйлейин, өз елатым йат болды,
Бир сөз билә жигер-бағрым от болды,
Кеше-күндиз ишим аҳыў-дат болды,
Қулақ салың, бу ҳижрана келурмен.

Қайғу-хәсирет ғаз ушырды көлимдин,
Бүлбилим сайрамас болды гүлимдин,
Себеп шулдур, айра тушдим элимдин,
Мәжнун киби сәргәрдана келурмен.

Жәбир әйлейип мени ғайры шағлады,
Мәгәр өзге билән көңил бағлады,
Төхмет әйлеп мени йарым қуўлады,
Айра түшип мен бу йана келурмен.

Ғәриб дерлер, Шаҳым, қулның атына,
Ҳәсен ўәзир дерлер ҳаслы затына,
Күйип-йанып айралықның отына,
Пәрўаз етип йана-йана келурмен.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң падшаҳ Ғәрибке айтты:

— Бар, көңлиң қәлеген йерде сәйир ет, саңа хешким дақыл етмес, — деп хошамет айтып жуўап берди. Ғәриб көңли қәлеген йерде гезип йүре берди.

Имди сөзин Шаҳсәнемдин ешитиң. Ғәриб кеткендин соң Шаҳсәнем бийтақаты-бийқарар болып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

көңли ғам-қайғуға толып, Ғәрибни қуўалағаныға көптин-көп пушайман болып, йүз рәнжи-машаққат билән арадан қырық күн өтти, гөйаки Шаҳсәнем өлмеге йақын етти. Ғәрибни бир көрмеге зар болып, жисимлери сиймабдек титиреп, зар-зар чун әбри-нәўбәҳәр йығлап, Ақшаға қарап Шырўаншымаққа барсаң нешик болур деп, бир сөз айтты:

— Садағаң болайын Гүлниҳал апа,
Ол Шырўан-Шымаққа барсаң не болды,
Йар ушын шегиппен көп жәбри-жапа,
Бир ғәриб ҳалымды сорсаң не болды.

Йар пәрўаз әйледи Шырўан-Шымаққа,
Қойды ада болмас бу дәрди-дағқа,
Зағу-заған қонар болды шарбаққа,
Бағбаныма хабар берсең не болды.

Сендин өзге ҳәмдемим йоқ, кишим йоқ,
Үлпетим, мәҳремим, теңим-душым йоқ,
Йығламакдын ғайры өзге ишим йоқ,
Маңа бир мәсләҳәт берсең не болды.

Апа, мундын Шымақ-Шырўана барып,
Сен бармасаң болмас аны ақтарып,
Мениң ушын сәўер йарға йалбарып,
Сәўер йарым алып келсең не болды.

Ҳәр күним болыпдур бир айдан бетер,
Кеше-күндиз йығлап ўақытым өтер,
Ғамдын халас етсең, жан апа, нетер,
Мениң ушын барып келсең не болды.

Айралықта өлер ўақтым йетишти,
Йарның қайғу-ғамы йадыма түшти,
Йар йүришген йоллар көзимдин ушты,
Йарымны келтирип берсең не болды.

Шаҳсәнем дер, ҳалым зәбун болурмен,
Жапа тыйғы билән бағрым тилурмен,
Тирикдурмен, ол келмесе, өлурмен,
Тәнде жаным алып келсең не болды.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етти, андын соң Ақша бийшара Шаҳсәнемниң ҳалыны пәрийшан көрип, тақат қыла билмей, үстине мәрдана либас кийип, ҳажысыпат болып, белигә қәлемдан, жүзгир асып ўә тап дуўахан болып, Шырўан-Шымаққа раўана болды. Йолдағы умаралаларға тумар йазып, дуўа берип, бу тарийқа билән бир нешше мәнзил йол йүрип Шырўан-Шымаққа дақыл болды. Нәгәҳ Ғәриб падшаҳның хызметиндин келур эрди. Ақша Ғәрибниң алдынан дуўшар келди. Ақшаны бу ҳалда көрип йанығa барып ҳал-аўҳал сорап, Ғәриб бир сөз айтып, Ақша жаўап бергәни:

Ғәриб:
— Башыңа дөнейин сениң Гүлниҳал,
Не себепдин түштиң бойлә йоллара,
Шаҳсәнемниң аўҳалындын, ҳалындын,
Сөзле, қурбан олам шийрин тиллерә.

Ақша:
— Сениң ушын Дийарбәкир йуртыдын,
Белим бағлап түштим бойлә йоллара,
Сәнем көп йығлады сениң дәртиндин,
Көз йашы қошылды абы-селлерә.

Ғәриб:
— Қайда барып, қайанлардын келурсен?
Не хабар келтирдиң, нәмә билурсен?
Сен бу йолда нәмә ишлеп йүрурсен?
Сөзле, қурбан олам шийрин тиллерә.

Ақша:
— Узақ йолдын сени дейип келмишем,
Бир дәртли дилбарның ҳалын билмишем,
Ол сәўер йарындын пәйам алмышам,
Белим бағлап түштим бойлә йоллара.

Ғәриб:
— Ол бийўапа мени йырақ әйледи,
Сийнемниң үстинде раўақ әйледи,
Йарым йүрер йолым узақ әйледи.
Сөзле, қурбан олам шийрин тиллерә.

Ақша:
— Бийшара, әжиздур, йеталмас өзи,
Бағры бирйан эрур, нәмлидур көзи,
Қант илә шәкәрдин шийриндур сөзи,
Дийдеси гирйандур йүзде қаллара.

Ғәриб:
— Бир күни йешитиб рәқибдин сөзи,
Йүзин терис үгирди Шаҳаббас қызы,
Шығарып Бәкирдин қуўдырды бизди,
Дәрбедер әйледи елдин-еллерә.

Ақша:
— Не сөз келип кешер ашық тилине,
Бәўар әйлеп түшме пырқат әлине,
Қалдырмайын зағу-заған гүлине,
Барып бағбан олғул таза гүллерә.

Ғәриб:
— Ақша, ҳәргиз барман бойлә нәмәрдә,
Ол мени салғандур түгенмес дәрде,
Йәне мени қоймас болса бу йерде,
Баш алып кетерем елдин-еллерә.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақша:
— *Неге мунша ашшығланып дийерсиз,*
Сен кеткенсоң бағың қалды игәсиз,
Бир сөз билән мунша ғамлар ийерсиз,
Йүргил, бағбан болғыл таза гүллерә.

Ғәриб:
— Көңил қушы пәрўаз етип ушмасын,
Ашық болған бир ықрардын көшмесин,
Сәнемниң йүзине йүзим түшмесин,
Гәшт етип кетерем елдин-еллерә.

Ақша:
— Сени қуўлаб йиберген соң жайындын,
Сәнем бийқарардур аҳы-ўайындын,
Кел Ғәрибим, қайтқыл енди райындын,
Бир мируўәт әйле ғамлы гүллерә.

Ғәриб:
— Емди барман ол мәнзили-мәкана,
Отлар салды көңлим ишре дукана,
*Қоймаса йүрмеге мунда мәстана,*
*Бир бүлбилем, қонам өзге гүллерә.*

Ақша:
— Қайда барсаң, бирге алып бар мени,
Та алып кетмейин кетменем сени,
Сәнем сенсиз күйер жан илә тәни,
Емди сен салурсен йаўыз ҳаллара.

Ғәриб:
— Ғәриб айтур, етмес сениң дадыңа,
Бу сөзлерни деме көңил шадыңа,
Мени кетер дейип салма йадыңа,
Ўақып йетме көңлиңни қыйлы-қаллара.

Ақша:
— Гүлниҳал дер, мениң билә кетмесең,
Мен нашарәм, мурадымны йетмесең,
Бу деген сөзимни қабыл йетмесең,
Мен ҳәм кетмес болдым қайтып еллерә.

Әлқысса, бу саўал-жуўапларни айтышып болғанларыдын соң Ақша айтты:
— Әй, Ғәрибжан, сен мениң билә кетмесең, мен ҳәм Дийарбәкирге кетмесмен, әмма ашық болған машуғының сөзин гийне тутмақ дәркар емес, лекин Шаҳсәнемжан сениң айағыңға урған тикенни пешанасыға алғусы келур. Ғәрез сениң жаныңа бир зәлел-зәҳмет етмесун деп қуўлады. Ҳәрне болса да сағлық йақшыдур, бул ўақытта Сәнемниң тириклиги гүманадур, — деп, Шаҳсәнемниң арзы-ҳалыны қайтадан бир-бир байан қылып, Ақша билән Ғәриб йәне бир саўалы-жуўап айтдылар:

Ақша:
— Тақат қыла билмей мени йиберди,
Шаҳсәнемжан айтур, келсин Ғәрибим,
Дәрди пырақ илә күнин кеширди,
Шаҳсенемжан айтур, келсин Ғәрибим.

Ғәриб:
— Ақша, маңа бөйлә сөзлер демегил,
Яр мени сәўмесе, неге барайын?
Мен барманам, ғам-қайғулар йемегил,
Яр мени сәўмесе, неге барайын?

Ақша:
— Салам деп йиберди ол гөззал сәрўер,
Әлипдек қәўмети сәрўи-сәнеўбер,
Аҳ урса ағзындын шығар түтинлер,
Шаҳсәнемжан айтур, келсин Ғәрибим.

Ғәриб:
— Сәнемжанның бизә өткендур дәрди,
Емди мен йад етмен андағ нәмәрди,
Келсин десе неге қуўып йиберди,
Ол мени сәўмесе, неге барайын?

Ақша:
— Салам деп йиберди ол гөззал хасы,
Көз йашыны әйлеп муҳид дәрйасы,
Сенсизин көринмес паны дүнйасы,
Шаҳсәнемжан айтур, келсин Ғәрибим.

Ғәриб:
— Шаҳсәнем билмеди етер ишини,
Бийхуда ақтурур көзи йашыны,
Йәне барсам, башлар қәдим ишини,
Бийўапаны излеп неге барайын?

Ақша:
— Салам деб жиберди Сәнем йолдашың,
Аның көз йашыдын қутылмас башың,
Йоқса өлсе керек Сәнем сырдашың,
Шаҳсәнемжан айтур, келсин Ғәрибим.

Ғәриб:
— Өзи келсе келсин, өзим барманам,
Әгер келсе, бул ўатанда турманам,
Мәгәр турсам, аның йүзин көрменем,
Бийрәҳимни излеп неге барайын?

Ақша:
— Ақша айтур, алып кетермен бирге,
Мен изиндин қалман, барсаң ҳәр йерге,
Тәўбе қылды саңа аччығ сөз дерге,
Шаҳсәнемжан айтур, келсин Ғәрибим.

Ғәриб:
— Йүрип гездим жумлә йерниң йүзини,
Хижр илә өткердим йазыў-қышымны,
Ғәриб айтур, көрмес эрдим йүзини,
Сениң ушын енди барсам-барайын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, бу саўал-жаўапларны айтышыб тамам еткендин соң Ғәрибниң көнли майыл болып, Шырўан-Шымак патшасыдан барып рухсат алды. Падшаҳ рухсат берип, Ғәрибке бир қалқан зәр берди. Ғәриб бу зәр маңа керек емес деп бир сөз айтты:

— Мен нәйләйин дүнйа-малың,
Ҳәмханам мәним андадур,
Бир емсем ләбинде балын,
Абы-хәйўаным андадур.

Йүз әлўан сүймуруғ пәрли,
Ғәзийнеси толы зәрли,
Бели мурассиғ кәмарлы,
Мурчәмийаным андадур.

Сеўибмен ақ йүзде қалын,
Сорсам ләбиндеги балын,
Истәмен дүнйаның малын,
Гәнжи ниҳаным андадур.

Ғамзе билән оғын атан,
Ашықлықның зәхрин йутан,
Тәшнелерге шәраб тутан,
Қызықлы дүканым андадур.

Ғәриб дийер, бу матлубым,
Сөзле тилим, еки ләбим,
Пийрим, таатым, мәзҳәбим,
Диним, ийманым андадур.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып, падшаҳ алдыдын шығып, Ақша билән қошылып Дийарбәкирге раўана болдылар. Бир нешше мәнзил йол йүрип, бир ҳаўыз хош сапа йерге келди. Ол ўақыт Ақшаның көнлине бир сөз макул түшип, Ғәрибке бир сөз айтты:

— Көп жапалар шегип мунда келипмиз,
Заўқы-сапа еткендейин йерлерә,
Еки ашық бир-бириге қошылып,
Мурад ҳасыл қылғандайын йерлерә.

Мен келурмен бир пәрийге ухшайып,
Мениң көнлим келур саңа ышанып,
Үстиндеги шекмениңни төшенип,
Қушақлашып йатқыдайын йерлерә.

Дәли көнлим пәрўаз йетер бир гүлә,
Гүл ашылды, пыған түшти бүлбилә,
Ҳақ йеткерди тарқы-әжеп мәнзилә,
Мурадыңға йеткидейин йерлерә.

Мениң ышқым пәрўаз етер қозғалып,
Намысым тәрк етип саңа йүзленип,
Саўсар билә сүмбил киби шырмалып,
Махсудына йеткидейин йерлерә.

Гүлниҳал дер, бир-биреўге қарашып,
Бағда ышқы пәшек йанлы шырмашып,
Жәми дилжәм ҳасыл етип, бел шешип,
Қошылышып йатқыдайын йерлерә.

Әлқысса, Ақша бул сөзни тамам етип эрди. Анда Ғәриб айтты:

— Әй, Ақша, сен мени Сәнем шақырды деп келур эрдиң, эмди билдим, мени Шаҳсәнем шақырған йоқ эркән, өзиңниң тилегиң эркән, емди бул йуртта турып болмас, — деп Ақшаға қарап бир неше сөзлер айтты:

— Емди бармас болдым Сәнем йаныға,
Дәли көнлиң өзге қыйала түшти,
Хазан йели урды бағның гүлини,
Бүлбил қыйал әйлеп бу дәма түшти.

Сениң бу сөзиндин бир питне артар,
Лийкин хәр ким өз нанына күл тартар,
Дер эрдим, бул Ақша не ушын йортар,
Эмди билдим, бөйлә қыйала түшти.

Сәнем ықлас етип йиберди сизи,
Сен хәм өзиң ушын излейип бизи,
Ҳарам эркән саңа Сәнемниң тузы,
Сениң көнлиң өзге қыйала түшти.

Таңла бармасмусен Сәнем йанына,
Не себепдин отлар салдың жанына,
Йол башлайып бузықлықның шанына,
Қошылмағың емди махала түшти.

Сен билмедиң игри недур, туғрыны,
Қанжар шектиң ашық-машық бағрыны,
Пейлиң азып, кеттиң нәпсиң уғрына,
Суд ишлериң емди зийана түшти.

Ғәриб айтур, Дийарбәкир кетменем,
Қәсем берем, емди қәдем атманам,
Өлгенше Сәнемниң атын тутманам,
Муҳаббат кәмалы заўала түшти.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни тамам қылып эрди. Анда Ақша айтты:

— Әй, Ғәрибжан, мен сени сынамақ ушын бу сөзлерни айтып эрдим. Эмди билдим, шын ашық эркәнсен, бәрәкәлла, сендин Сәнемниң өлсе хәм әрўағы разы болур, ашық болса сениң йаңлы болсын, мен сениң көнлиңниң ҳақлығына инандым, эмди көнлиңе хеш қыйлы-қал келтирмегил, — деп Ақша Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кел Ғәриб, қайт бу райындын,
Жанындын хәзер әйлеме,
Мениң дақыл сөзим ушын,
Сәнемдин гүзер әйлеме.

Солдырма муҳаббат гүлин,
Естирме айралық йелин,
Йар барышған узақ йолын,
Бойлә мухтасер әйлеме.

Кел, инандырам өзимни,
Хақ қара қылсын йүзимни,
Мениң бу хәзил сөзимни,
Растлыққа бәўер әйлеме.

Өтирме бу сөз қыйалын,
Мойнымға алдым обалым,
Шикәсте Сәнемниң халын,
Мундын хәм бетер әйлеме.

Сенсен Сәнем меҳрибаны,
Йоқдур Сәнемниң зийаны,
Бармасаң ынжылар халы,
Қәўип илә хәзар әйлеме.

Саңа айтай мениң өзим,
Раст деме бу айтқан сөзим,
Йокса қара болсын йүзим,
Имди көп әзбәр әйлеме.

Кетме дуғры йолдын танып,
Ақшаның сөзин растсынып,
Хәзил сөзиме инанып,
Қайыр ишни шәр әйлеме.

Әлқысса, Ақша бу сөзлерни айтып, айланып-йалбарып, Ғәрибниң көңлин еритип, Ғәриб райдан қайтып Ақша билән қошылып Дийарбәкир йуртына раўана болды. Бир нешше күнлер йол йүриб Дийарбәкирге йетишди. Шахсәнемнин шарбағына кирди. Ақша Ғәрибден илгери Шахсәнемниң ҳузурына кетти. Шахсәнем көрип сачырап йеридин турып Ақшаның башыдан үргилип:

— Қәне мениң Ғәриб йарым? — деди.

Анда Ақша айтты:

— Ғәриб шарбаққа келип қалды, — деп, Шахсәнемни ертип Ғәрибнин үстине келдилер. Шахсәнем Ғәрибни көрип шады-қуррам болып Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

— Башыңа дөнейин гүл йүзли йарым,
Хош келдин Ғәрибим, сапа келипсен,
Пида болсын саңа бу жисми-жаным,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсен.

Ашық болған кәҳр етер ме достына,
Көз тигипсең жан алмақның қастына,
Қойған қәдемлериң дийдем үстине,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсеӊ.

Нешше қалдым сенин аху-ўайыңа,
Пәрўаз етип йете алмадым жайыңа,
Жан пида әйледим хакипайыңа,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсеӊ.

Ашық болған билер машық разыны,
Көтермес ме хәр не деген сөзини,
Аның ушын ынжытарму өзини,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсеӊ.

Ашықлықның жәйхун сипет бәхри бар,
Гәхи ўақыт ғәзеп, гәхи қәхри бар,
Гәхи шәхди болса, гәхи зәхри бар,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсен.

Мен қуўладым апат йетер деп жана,
Сен кеттиң бу сөзни әйлеп бахана,
Сен кеткен соң отлар түшти бу жана,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсен.

Сәнем айтар, сенсиз йеккедур башым,
Пырақында ағар көзимдин йашым,
Хәм бу дүнйа, хәм ақырет йолдашым,
Хош келдин Ғәрибим, сапа келипсеӊ.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам етип, Ғәриб билән көришип, хал-аўхал сорашып:

— Әй, Ғәрибжан, бу баға нешик ҳисабын тапып кирдиң? Рақиблар көптин-көп эрди, деди.

Анда Ғәриб Шахсәнемге қарап, бир неше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Енип келдим, бағқа кирдим,
Не бағ туйды, не бағбанын,
Сәйир етип гүллериң тердим,
Не бағ туйды, не бағбаның.

Бағың ишре баллар ақты,
Сәнемжан хәйкелин тақты,
Келдим мунда сәхәр ўақты,
Не бағ туйды, на бағбаның.

Бағың ишре кирдим, йүрдим,
Қызыл гүллериңни тердим,
Шәкәр ләбиң балын сордым,
Не бағ туйды, не бағбаның.

Қайғы-ғамдын эмди өтсек,
Бу күн сәда сүхбет қурсақ,
Гүлзар ишре кирсек, йатсақ,
Не бағ туйды, не бағбаның.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шийрин-шекердек тиллериң,
Нағма шеккен бүлбиллериң,
Сәйир еттим бағы гүллерин,
Не бағ туйды, не бағбанын.

Сәҳәр шағы бүлбил өтти,
Йанды йүрекимге йетти,
Ғәриб ашық йолын тутты,
Не бағ туйды, не бағбанын.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етти. Анда Шаҳсәнемжан ҳәм Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

— Бағбан бағны куртты деп,
Мен сени бағбан етермен,
Тазадан бағбан болды деп,
Мен сени бағбан етермен.

Ғамлы көңлимни хошлатып,
Бағбан қуўып, бағ бошатып,
Ҳәр йан йүрип йол башлатып,
Мен сени бағбан етермен.

Сени мен мунда еглетип,
Ғамлы көңлимни шад етип,
Таза шәменлер бағлатып,
Мен сени бағбан етермен.

Көңлим хошдур сени көрип,
Мурад қылсам бирге йүрип,
Хызметте йелиб-йүкирип,
Мен сени бағбан етермен.

Хаўазың мегзер бүлбилә,
Қайтадын түштим бу йола,
Бақшадағы таза гүлә,
Мен сени бағбан етермен.

Сәйир етип бағы гүлзары,
Ашықның йоқ намыс-ары,
Шаҳсәнемниң сәўер йары,
Мен сени бағбан етермен.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етти. Бири гүл, бири бүлбил, бири сүмбил мисли сәрўи сәнәбардек гөйа дүри-гәўҳардек ўисалы шәб шырағын зулмәт пырақыға йақыб ышқ дәрйасы мәўиж урып ақып, бир-бириге қасры жан етмек ушын ғамзе билән қашларын қағып заўқы-сапалар сүрди. Бул ўақыт Шаҳсәнемниң көңлине гүман келди. Ақша бирлә Ғәриб Шырўан-Шымақтын бирге келди. Нешик тәшне болған адамның қашында суў болса, ишмейин қарар етер деп қыйал қылып олтурған эрди. Шул ўақытта Ақша буларның мурадқа йетип заўқы-сапа етип мәст болып йүргенлерин көрип, мунық ҳәм Әзберхожа йары йадына түшип, мендин башқа ашықлар мурадыға йеттилер, мен мәйус болдым деп, зар-зар ағлап Ақша бир сөз айтты:

— Ләйли билән Мәжнүн өтти дүнйадын,
Алардын ат қалды, мендин қалмады,
Шийрин билән Фәрхад өтти дүнйадын,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Ҳәр кимсе муҳаббат шарабын ишти,
Йар йолында олар жанындын кешти,
Ўамық Узыра дейип йарыны қушты,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Ҳәр кимсениң ышқын қылды зийада,
Йар-йар дейип гездим паны дүнйада,
Ол Юсуп-Зуләйха йетти мурада,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Зүҳра-Таҳир йүрди дәрйада ақып,
Ҳижр отына жаны-сүнәгин йақып,
Йеттилер мурада дәрйадын чықып,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Бәдийғның жамалын ол анда көрип,
Сейфул мәлак гезди теңизде йүзип,
Кеттилер жанындын үмитин үзип,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Ҳижраннның отыға өртенип-күйип,
Ышқ қанжары билән сийнесин ойып,
Сәнеўбар өртенди мудам Гүл дейип,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Бир нешше ашықлар йар ушын өлди,
Бир нешшелер көңил сүйгениң алды,
Ҳәр кимниң өзине лайық ат қалды,
Алардын ат қалды, мендин қалмады.

Сизлер Сәнем билә Ғәриб болурсыз,
Бу дүнйадын ат көтерип өтерсиз,
Араңызда Гүлниҳални нетерсиз?
Сизлердин ат қалды, мендин қалмады.

Әлқысса, Ақша бу сөзлерни айтып көз йашы ақа башлады. Ғәриб Ақшаға қарап, ҳалы өзге болғанын билип, көңлини хош етмек ушын Ғәриб бир сөз айтты:

— Сөзле Ақша, саңа қурбан болайын,
Жаным алды қара көзлериң сениң,
Саңа келген дәртни сатып алайын,
Қаным төкти қара көзлерин сениң.

Көзим чәшмесинде ғарқылдап йүзер,
Яшыл башлы сона ғазларың сениң.

Ашық болған жандын үмитин үзер,
Кешелер ойғанып, наўҳалар дүзер,

Гөззаллар ишинде сенсең отаға,
Кел екеўимиз гәшт йетәли бу бағаға,
Дүнйаның мәҳбубы сендин садаға,
Мың қызға тегмесму назларың сениң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Йарға ашық болған ҳижранлар шегер,
Көзлериндин тынмай қанлы йаш төгер,
Көңлимниң қаласы болмаға нөкер,
Қымбат баҳа дүрдек сөзлериң сениң.

Неге ҳәсирет шегип әпған йетерсең,
Сабыр әйлесең достың әлин турарсаң,
Ақыр бир күн мурадыңа йетерсең,
Бойлә йаш төкмесун көзлериң сениң.

Тәғдир иши бардур ғамгүн олмағыл,
Өз өзиңни йаўыз ҳала салмағыл,
Пырақ дәрйасына ғарқ боп қалмағыл,
Ҳижранда солмасын йүзлериң сениң.

Ғәриб ашық гүл йүзиңниң зарыдур,
Көргенлер айтадур, кимниң йарыдур,
Йол йүрүрсен, көзлеримге дәридур,
Айақыңдын шыққан тозларың сениң.

Әлқысса, Ғәриб ошбу сөзни тамам еткен ҳалда Шаҳсәнемжан Ғәрибниң үстине йетип келди. Көрсе, Ақша ағлап олтурубтурур, буларны көрип ҳайран болып турды. Анда Ғәриб Шаҳсәнемге бир кәса шарап тутты. Шаҳсәнем Ғәрибниң кәсасын алмай, шарабын ишмей, «мен нәмәртниң әлиндин шәраб ишмен» деп йыландек толғанып, тамам әндамы қәҳри-ғәзеп тоныға шулғанып, мысалы отдек тутанып, Шаҳсәнемниң көңлине бурын ҳәм гүман болып турған ҳалда Ғәрибниң Ақшаға бу айтқан сөзлери муўапық түшип, Шаҳсәнемниң Ғәрибдин қатты көңли қалып, тағна қылып, неше кинаялы көзлер билән Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

— Неше ўақытлар йүрдим сени йар дейип,
Өзге йарың бар екенин билмедим,
Муның мендин башқа кими бар дейип,
Башқа йарың бар екенин билмедим.

Бу сөзлериң мени қойды өлимә,
Бүлбил ушып, зағлар қонды гүлимә,
Кәкилимни шырмап един белиме,
Шағатуғын мар екениң билмедим.

Бердиң қызыл гүлни ҳижран бадына,
Кимсе йетер мен ғәрибниң дадына,
Йар-йар дейип йанар эрдим отыңа,
Ғайры билән йар екениң билмедим.

Бу сөзлериң ағыў қошты ашыма,
Рәҳмиң келмей көзден аққан йашыма,
Қызыл гүл деп санчыб эрдиң башыма,
Қурығ тикен хар екениң билмедим.

Ҳижринде ақызып көзде йашымны,
Зәҳәрбәнд әйлediң балыў-ашымны,
Сәни мәрт деп қошып эрдим башымны,
Нәмәртлигиң бар екенин билмедим.

Нәмәртлик әйлейип йүрек дағларсаң,
Себеп не, ғайрыға көңил бағларсаң?
Ақша апам ағласа, сен ҳәм ағларсаң,
Бир-биреўге зар екениң билмедим.

Емди сеннен терис үгирдим йүзим,
Сениң нәмәртлигиң көрип тур көзим,
Ақшаға ҳарамдур йедирген тузым,
Сенде көңли бар екенин билмедим.

Шаҳсәнем дер, хабар алмадың мендин,
Шийрин жаным шығар ғам билә тәндин,
Белли бу күн үздим үмитим сендин,
Ақша билән йар екениң билмедим.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етти. Ғәриб Шаҳсәнемдин бу сөзни ешитип тәниге титиреме пайда болып:

— Сен ҳәр ўақыт мениң жаныма шул сөзиң билән от йақарсаң, тилиң зәҳри әждарҳадын бетер дөҳмет ететуғын адам белли дөҳмет етер, жаныма мунша азар берерсең, — деп Шаҳсәнемге қарап Ғәриб бир сөз айтты:

— Маңа бойлә йаўыз дөҳмет қылғунша,
Қылур болсаң белли дөҳмет қыл, Сәнем,
Күнде йүз мың сорып жаным алғунша,
Алур болсаң белли жаным ал, Сәнем.

Сениң бойлә қылық-пейлиң билибмен,
Сени дейип нечун әўел келибмен,
Жанымдын кешибмен, емди өлибмен,
Мени десең, сен ҳәм бу күн өл, Сәнем.

Күнде йүз мың дөндирурсен йүзиңни,
Ҳәр бир қыйалларға ташлап өзиңни,
Маңа айтғыл бу күн туғры сөзиңни,
Болур болсаң мениң билен бол, Сәнем.

Йүз мың қыйал билән от йақып жана,
Мени қуўмақ ушын тапмай баҳана,
Егленмей кетермен Ҳәлепшырўана,
Қалур болсаң ғайры билән қал, Сәнем.

Көңлиң қараңғыдур, қыйалың йаман,
Маңа ағыў ишрурсен ҳәр заман,
Түрли қыйал әйлеп етерсең гүман,
Көрдим қам қыйалың қыйлы қал, Сәнем.

Йүз дөндирдим, емди кирмен қойныңа,
Қайрылып бақманам ҳәргиз ойныңа,
Тақыйық қыйлы-қалым сениң мойныңа,
Емди қайрылманам, мунда қал Сәнем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб ашық арзын деди бир пара,
Күним кешти саңа күнде йалбара,
Юсуп киби өзим салдым базара,
Қарыйдарсаң, сатып алсаң ал, Сәнем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып, сачырап орныдан турып силкинип кетер болды. Шул ҳалда Шаҳсәнемниң ҳалы өзге болып, айралық ништәри көңил ханасын йыртып, айткан сөзигә пушайман болып, бир кеткенде еки йылда келтирип, бу сапар кетсе етти йылда ҳәм келтире билмесмен деп, намыс-арны қойып, Ғәрибниң йетегине йапышыб:

— Әй, Ғәрибжан, мен дақыл етип эрдим, бу сапар гүнаҳымны кеширгил, сениң көңлиңде ҳеш қыйлы ҳал йоқ эркән, эмди билдим, саңа тақыйық инандым, сен мени мунша қапашылыққа қойма, — деп Ғәрибке үзир айтып, Шаҳсәнемжан бир сөз айтты, Ғәриб ҳәм Шаҳсәнемге жаўап қайтарып бир сөз айтты:

Шаҳсәнем:
— Кел Ғәриб, қайт бу райындын,
Инандым, емди инандым,
Ким қуўды сени жайындын,
Инандым, енди инандым.

Ғәриб:
— Сениң туғры қарарың йоқ,
Инанман, ҳәргиз инанман,
Бир сөзинде турарың йоқ,
Инанман, емди инанман.

Шаҳсәнем:
— Өмиримиз ақыры йетти,
Арадан көп хыжыл өтти,
Көңлимниң ғубары кетти,
Инандым, емди инандым.

Ғәриб:
— Сен мени йәне қуўарсен,
Жапамны зайығ йетерсен,
Ҳайрымны шерге сатарсан,
Инанман, ҳәргиз инанман.

Шаҳсәнем:
— Кетер болсаң Ҳәлепшырўан,
Мени йетерсең натаўан,
Садақа болсын бу шийрин жан,
Инандым, емди инандым.

Ғәриб:
Сениң сөзиң ада болмас,
Өлгенде бу пейлиң қалмас,
Емди мунда турмақ олмас,
Инанман, ҳәргиз инанман.

Шаҳсәнем:
— Көңлимни зәңгарын ашқыл,
Ләбимниң шәрбетин ишкил,
Бу нәўбет гүнаҳым кешгил,
Инандым, емди инандым.

Ғәриб:
— Башларсаң қәдим ишиңни,
Келтирип ғәзеп қушыңны,
Көрерсең көңил хошыңны,
Инанман, ҳәргиз инанман.

Шаҳсәнем:
— Сәнем айтур, қутқар ахдын,
Йүз үгирдим қыблағәҳдын,
Бийзар болайын қудадын,
Инандым, тақыйық инандым.

Ғәриб:
— Ғәриб дер, Шаҳ Аббас қызы,
Емди демегил бу сөзи,
Бойлә күйдирмегил бизи,
Инандым, емди инандым.

Әлқысса, бу саўалы-жаўабларны тамам еткендин соң Ғәриб айтты:

— Әй, Шаҳсәнемжан, саңа ҳәргиз инанмас эрдим. Мунда лекин қуданы ортаға салдын, емди райымдын қайттым, — деп, еккиси йарашып қайтадан айшы-ишретке мәшғул болдылар. Бәнага ҳисаб этсә, Ғәрибниң келгениге алты ай болыпдур. Нәгаҳ рақиблар Ғәрибниң келгенин хабар тапып, ел арасында сөз бола башлады. Бир күн Шаҳсәнем айтты:

— Әй, Ғәрибжан, бизлер ел ағзына түшген уқшадық, бир күн ўақтымыз хош болса, йәне бир күн көңлимиз қаласы ўәйран болур. Көңлиңе мәлал келтирмесең, еккимиз Ҳәлепшырўанға кетсек болур эркән, — деп, ҳал-аўҳал айтып, Шаҳсәнемжан Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

— Кел Ғәрибим, йәне бир сөз дийейин,
Йәне ҳәм көңлиңе мәлал келтирме,
Баш алыбан қапапәлек әлиндин,
Турмайын кетәли, сен ар келтирме.

Мунда турсаң қоймас рақиблар сени,
Зағлар қонар келип таза гүлшәни,
Кеткил йат еллергә алыбан мени,
Бу йерде сүхбетиң бәрар келтирме.

Алты ай болыптур мунда йатғалы,
Мени билән айшы-ишрәт этгәли,
Киши билмес бурын келгил, кетәли,
Бу йат үлкелерде мыдар келтирме.

Кел емди кетәли Ҳәлепшырўана,
Нәўбет йетмес бурын бады хазана,
Азм йетәли тутмас бурын бир йана
Турып рақиблара хабар келтирме.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Билинтурмегәли қаўмы-ғардаша,
Мунда турмағалы, кетәли даша,
Тутса рақиб ғаўға түшер бу баша,
Зәрре йерде жапа-азар келтирме.

Сәнем дер, кетәли бир йат елләрә,
Алла мусапырның мурадын берә,
Ҳәр не қысметини несипдин көрә,
Қайғы йеб көңлиңе азар келтиүрме.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни айтып, Ғәриб билән қошылып Ҳәлепшырўанға кетер болдылар. Ол ўақытта Ақшаның Әзберхожа йадына түшип, көңли қорғашун киби ерип:

— Сизлер Ҳәлепшырўанға барсаңыз, бизиң сөзимиз батул қалмасын, Әзберхожа йарыма салам дегейсизлер, — деп, Ақша Шахсәнемге қарап бир сөз айтты:

— Мундын кетсеңизлер Ҳәлепшырўана,
Мениң арзы-ҳалым байан дегейсиз,
Әзберхожа атлы ол шийрин жана,
Мениң бу сөзимни әйан дегейсиз.

Шар тәрепке бақып көңил хошым йоқ,
Мудамы көңлимде әрман дегейсиз.

Ол барып тутупдур Ҳәлепдин ўатан,
Йадыдын шығыпдур ўәделер етән,
Ансыз маңа ағыў бу ишкен-йеген,
Зәҳри қатыл, көзи гирйан дегейсиз.

Мени истеп йарым мунда келмесе,
Ғәриб болғанлара ҳәмдем болмаса,
Шикәсте халымдын хабар алмаса,
Қылған ўәделери йалған дегейсиз.

Мен мунда йеккелик жәбрин шекермен,
Пәлакәтның падшасына нөкермен,
Көзимдин қан йаш орныға төкермен,
Артыбтур деҥ, аҳы-пыған дегейсиз.

Сен мундын кетерсеҥ көрген мәнзилә,
Ҳәмнишин болурсен Әзбержан билә,
Ҳалым байан әйле хош зибан билә,
Урды ғунша гүлин хазан дегейсиз.

Бу Дийарбакирде теңим-душым йоқ,
Ғам йесем дәрдимни айтар кишим йоқ,

Гүлниҳал дер, әжеп дәрде қалыбмен,
Өз башыма өзим саўда салыбмен,
Жамалыңа турпә муштақ болубмен,
Йегленмейин саат заман дегейсиз.

Әлқысса, Гүлниҳал бу сөзни тамам еткендин соң Шахсәнем айтты:

— Әй, Ақша апа, бизлер Ҳәлепшырўанға кетсек, мәбада рақиблар туйса, йолда биймәҳәл ўақытта башымызға саўда салмасын, бизлерни киши билмесниң пикирин етип, атамға барып қырық күн шикар етмеге мүҳлет алып келгил, — деп Шахсәнем бир сөз айтты:

— Апажан, бир ҳийле тәдбир әйлейип,
Бизлердин хабардар болмасаң болмас,
Шум рақибни билмес пикирин әйлейип,
Бу ишни бир пикирин қылмасаң болмас.

Шебер бол бу иште, бийҳуда йүрме,
Барып бир жаўабын алмасаң болмас.

Бир ҳийле етмесеҥ мундын кетменем,
Бу шәрт илә азмы сапар йетменем,
Қырық күн шикар әйлер дейип Шахсәнем,
Арз етмеге шахға бармасаң болмас.

Ақша апа, пәҳим ет, аңла бу сөздин,
Хабарыңны бизге билдиргил тездин,
Қырық күн рақиб хабар алмасын биздин,
Бу ишниң тәдбирин қылмасаң болмас.

Тайар етип кетмекликниң әсбабын,
Көзле, апа, бу ишлерниң әнжамын,
Қырық күн шикар етмек ушын жаўабын,
Арз етип атамдын алмасаң болмас.

Рәҳим әйле бу сөзни, олтурма бойлә,
Бизлерге бу ишниң тәдбирин әйле,
Әжеп мақул эрур етсең бу ҳийле,
Апа, бу ҳийлени етмесең болмас.

Бар атама, арз ет, ләхзе олтурма,
Бу иш тәдбиридин башқа гәп урма,

Шахсәнем дер, емди мундан кетермиз,
Көзлеп Ҳәлепшырўан әзмин етермиз,
Қырық күнде мақсетли йерге йетермиз,
Бу иш тәдарикин етмесең болмас.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ақша чусти-чак йердин турып, Шах Аббазның хузурына барып:

— Шахы сәрўара жаҳанпәрўәр, қәтри әттар, дәрйайы муқаттар, Шахсәнемжан дилтән болубтурур, қәпеске түшкен қуш йаңлы бийдымағ болыптурур, қырық күн сәйири сәхра шикар етмек арзыўсына түшипдур, сиздин рухсат болса, — деп падшахқа қарап Ақша бир сөз айтты:

— Әй, Шахым, Сәнемжан дилтәнлик билән,
Сәйир сәхра шикар қыйал етупдур,
Дил шикәсте болып дәрди-ғам билән,
Өзин-өзи әжеп бийҳал етипдур.

Бағдын чықыб сәйри сәхра етмесе,
Сәхра чықыб тамашаға кетмесе,
Сәнемниң бу айткан арзы битмесе.
Ғамгүнликдин ишин әхмал етибдур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ошбу өткен бойлә маҳы салымны,
Ҳәр не көнлимдеги қыйлы қалымны,
Атамға байан ет ошбу ҳалымны,
Деп Сәнемжан бизге пәрман етибдур.

Бизди буйырдылар арз етип қыстап,
Өзи ғам йастуғын башыға йастап,
Шул себеп көнлининң хошыны истеп,
Сәнем азмы шикар қыйал етибдур.

Ғам бәхринде Сәнемжанның йүрәки,
Шул себепдин шикар олды кереги,
Шикарда йүрмеге қырық күн тилеги,
Атамға арз ет деп байан етибдур.

Сиздин әгәр барса бу арзы битип,
Сәнем хош ҳал олур шикара кетип,
Сизге келип ошбу саат арз етип,
Сәнемнинң көнлини хошҳал етибдур.

Әй, Шаҳым, сорсаңыз мендин сауалы,
Сәнемнинң қозғалур йоқдур мәжалы,
Тақыйқын сөзлесем Сәнемнинң ҳалы,
Өлмек мәсләҳәтин қарар етибдур.

*Шикар етсе табар дәрдиге шара,*
Йоқса Шаҳсәнемжан болар әўара,
Йелиб бу күн йортып Ақша бийшара,
Сәнемнинң хызметин бәржай етибдур.

Әлқысса, Ақша бу сөзни тамам етип, екки қолын әлипләм етип турды. Анда шаҳ Аббас хан Шаҳсәнем қызының арзы-аўҳалын Ақшадан сорап, қырық күни болмаса еллик күн, бәлки йүз күн рухсат бердим деп, Ақшаға қарап бир сөз айтты:

— Ақша, барып айтғыл сөзим,
Жаўаб, шикар етсун Сәнем,
Ҳәм қашы-көзим, йалғузым,
Жаўаб, шикар етсун Сәнем.

Мен бердим тилек сөзини,
Хошўақыт әйлесун өзини,
Сарғайтмасун гүл йүзини,
Жаўап, шикар етсун Сәнем.

Шикар әйлесин ҳәўесдин,
Көрсин өтип бәлент, пәсин,
Бүлбилдик ушып қәпесдин,
Ҳәр йан нәзер етсин Сәнем.

Турса болур халы зәбун,
Көзде йашы ағар жайҳун,
Қырық күн болмаса елли күн,
Йоқса йүз күн йүрсин Сәнем.

Айт Сәнемге бу сөзлери,
Азат әйледим сизлери,
Сәйир етип дағы-дүзлери,
Тириликде көрсун Сәнем.

Ақша, бар бу сөзни айтып,
Сәнемнинң көнлин жай етип,
Шикар әйлеп мунда қайтып,
Сәйир әйлейип йүрсин Сәнем.

Барғыл әгленмей заманы,
Болсун шикара раўаны,
Көрип йахшыны, йаманы,
Көнлини хош етсин Сәнем.

Шаҳ Аббас дер, бердим жаўап,
Сәнемжан болмасын бийтап,
Мен әйлемен қәҳру-ғәзеп,
Жаўап, шикар етсин Сәнем.

Әлқысса, Шаҳсәнемге атасының жаўап бергенин ешитип, Ақша хошўақыт куррам болып келип Шаҳсәнемге бир-бир байан етти. Анда Шаҳсәнем билә Ғәриб кетмек тәтәрригин қылып, йолға түшер болды. Ол ҳалда Ақша бийшара буларның кетерин билип, мен мунда йекке қалар болдым деп, Шаҳсәнем билә хошласып бир сөз айтты:

— Сизлер кетип, мунда қалар ман йекке,
Хош аллайар, сағ көргеймиз, Сәнемжан,
Дәрманы йоқ бу дәрт түшди йүрекке,
Хош аллайар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Сизлер кетип, жапа түшер бу жана,
Ғам шегермен, күним ақырзамана,
Бу бағларың енди дөнди зиндана,
Хош аллийар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Айралық ништери бағрымны йыртар,
Бизге ғамның шаҳы ләшкерин тартар,
Күнде йүз мың түрли питнемиз артар,
Хош аллийар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Сизлер кетип, қалам ошбу арада,
Қылдыңызлар Ҳәлепшырўан ирада,
Ақыр йетишгеймиз мақсет-мурада,
Хош аллайар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Мурада еткейсиз Ғәриб-Шаҳсәнем,
Кеше-күндиз йығлап дуўада мен ҳәм,
Куруғ сүўрет қалды бир куруғ тәним,
Хош аллайар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Емди жаным кетип, тәним бош қалды,
Көнлим ғамғин, көзлеримде йаш қалды,
Башы йоқ, жаны йоқ куруғ лаш қалды,
Хош аллайар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Сизлер кетип*, мунда сарғарар йүзим,
*Мубталада қалдым* йакка бир өзим,
Телмурер зар болып бу екки көзим,
Хош аллайар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Зар ағларам айтып ошбу сөзлерни,
Аманат тапшурдым ҳаққа сизлерни,
Йибериңлер мунда йарым Әзберни,
Биз хәм йара қошулғаймыз, Сәнемжан.

Сизлердин айрылып сарғартып йүзин,
Қайғы-ғам сағына салып бир өзин,
Унутмаңлар Ақша апаңның сөзин,
Хош аллайар, сағ көргеймиз Сәнемжан.

Әлқысса, Ақша бу сөзни тамам еткендин соң Шаҳсәнемжан йолға йүрмек болып, кәнизлери билән Ақшаға қарап хошлашып, Шаҳсәнем бир сөз айтты:

— Хош қалыңыз, әй, кәнизлер,
Кеттик аллайар-аллайар,
Әзми сапар әйлеп бизлер,
Кеттик аллайар-аллайар.

Бәрше сағ-есен болғаймыз,
Рақиблардын қутулғаймыз,
Аман есен қошулғаймыз,
Қалың аллайар-аллайар.

Бизлер йолға түштик раўан,
Кетмес деп әйлемең гүман,
Әзм әйледик Ҳәлепшырўан,
Бәршең аллайар-аллайар.

Рақиблар қоймады мунда,
Жапа көрсетти хәр күнде,
Кәнизлерим қалың мунда,
Сизлер аллайар-аллайар,

Кетермиз йол йүрип хәр йан,
Жудалықта көзлер гирйан,
Мәнзилгәҳим көшки әйўан,
Сизлер аллайар-аллайар.

Бағы бостан билән гүллер,
Бағда хош нағма бүлбиллер,
Қарындашым, бәрше еллер,
Кеттик аллайар-аллайар.

Ҳәлепшырўан кеттик бизлер,
Көргенше хош қалың сизлер,
Сырдашларым, әй, кәнизлер.
Қалың аллайар-аллайар.

Шаҳсәнем дер аҳы-зарын,
Ғәриб айтадур хабарын,
Әзберхожа сәўер йарың,
Келур, аллайар-аллайар.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам етип, кәнизлер билән хошласып, Ғәриб билән қошылып йолға түшип раўана болды, бир нешше мәнзил-мәрайылларны тай қылып, шады-қоррам болып, мисли бүлбил гүлге қошулған йаңлы болып, көңил махсудлериндеги ишни ишлеп, мәрдана үш күн йол йүрди. Бир неше мәнзилгәҳлардын өтип бир әжеп жайларға йетти. Нәгаҳ Сәнемжанның гүлдек айақлары отқа күйген йаңлы болып қабарып, айақ басмаға мәжалы болмай, мисли пәрең қағаз киби бәденлери тағаййур болып, қызыл гүл киби йүзлери солып, лағлы бадахшан киби ләблери йарылып, әптап киби көзлери хийре болып, мәнәнд көзгүдек бәденлери тийре болып, тәшнеликдин тиллери сөзлерге келмей, хәр нешик жәҳд етсе хәм йүре билмей, бәлки олтурған йеридин тура билмей, Сәнемниң жаны ҳәлекке йетишти. Шул ҳалда Ғәрибниң таб-тақаты қалмай, Шаҳсәнем билән саўалы-жаўап айтышып, Ғәриб бир сөз айтты:

Ғәриб:
— Кеше-күндиз бу пырақның дәрдидин,
Мен деп себил болдың, йарым Сәнемжан,
Жуда түшип ўатаныңдын, елиңдин,
Мен деп себил болдың, йарым Сәнемжан.
Йолым қарап екки көзиң төрт болып,
Мен деп себил болдың, ярым Сәнемжан.

Шаҳсәнем:
— Мен бахтықараға сен хәм йар болып,
Мени дейип себил болма, Ғәрибжан,
Кеше-күндиз мәламатқа йар болып,
Мени дейип себил болма, Ғәрибжан.

Шаҳсәнем:
— Қуданың ҳүкмине ҳеш шара йетмес,
Ашық болған машуқыны унутмас,
Жапа тартмай ашық мурада йетмес,
Мени дейип себил болма, Ғәрибжан.

Ғәриб:
— Ышқ отына күйди жаным парт болып,
Кәҳрәбадек рухсарымыз зәрд болып,

Ғәриб:
— Мәлул болма хәр тәрепке қараўлап,
Гүллериң тер шады-қоррам аралап,
Тыйғы ҳижран билән бағрың йаралаб,
Мен деп себил болдың, йарым Сәнемжан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаҳсәнем:
— Мурада етмедиң ләҳзе отырып,
Пәлек башымызға саўда келтирип,
Йүрек-бағрын қызыл қана толтырып,
Мени дейип себил болма, Ғәрибжан.

Ғәриб:
— Ғәриб айтур, меҳнәтлер бар арада,
Ҳақ өзи әйлесин дайым зийада,
Йолға түшип йүрип пайыў-пийада,
Мен деп себил болдың, йарым Сәнемжан.

Шаҳсәнем:
— Шаҳсәнем дер, көздин қанлы йаш төгип,
Еренлер қолыдан шарабын ишип,
Нашар синлиң билән анаңдын кешип,
Мени дейип себил болма, Ғәрибжан.

Әлқысса, бу саўалы-жуўабларны айтышып болғандын кейин Ғәриб бийшара не илаж етерин билмей, дигри-дашыға бақып, Ғәриб дәшти-бийабанда қалып, Ғәриб ҳәм өзин унутты, әмма Ғәриб өзидин хабардар болып қараса, Шаҳсәнемниң ҳалы өзге болыпдур. Ол ҳалда Ғәрибжан аллаға йалбарып, әўлийелердин мәдет тилеп, зар-зар ағлап бир мухаллес айтты:

— Әй, қәдири зулжалал, рәҳим әйлегил бизлерге,
Хазан йели есибдур гүл сипәтли йүзлерге,
Бир рәҳбәрсиз йүзлендик ошбу дағы-дүзлерге,
Гирйан болып зар ағлап қан толыпдур көзлерге,
Йарым ҳалы әйандур, йоқдур ҳалы сөзлерге.

Жаббар игәм рәҳим әйлеп, бизлерни зар ағлатма,
Жапа тыйғын шалдырып йүрек-бағрым дағлатма,
Ғам миршәбин душ етип, еки қолым бағлатма,
Әйле бу ғамдын халас, бийшараны йығлатма,
Рәҳим рахман, йа кәрим, рәҳим әйлегил бизлерге.

Бу ғамлардын халас ет, йа Қәдири Зулжалал,
Йүрә билмей Сәнемжан болыбтурур биймәжал,
Қозғалмаға қуўат йоқ, Сәнем болып тур бийҳал,
Сәнемжанға қуўат бар, рәҳим әйлегил бизлерге.

Бу ғамлардың халас йет, қылма бизлерни ҳайран,
Зар ағларман өзиңге, болды көзлерим гирйан,
Мәдет тилеп өзиндин, телмирурмен ҳәр қайан,
Алымдурсен кудайым, ҳалым өзиңе әйан,
Ҳалы келмес Сәнемниң, йоқ мәжалы сөзлерге.

Ҳалы зәбун Сәнемниң өлмекликке йетипдур,
Гүлдек йүзи сарғарып, көздин нуры кетипдур,
Тебренерге ҳалы йоқ, йарым иши питипдур,
Ғам ништери бағрыдын ошбу саат өтипдур,
Лал болыпдур зибаны, тили йоқдур сөзлерге.

Лағлы йаңлы ләблери тиккә-тиккә йарылды,
Тақыйр болмыш көзлери, кең жаҳаным тарылды,
Ҳалын көрип Сәнемниң, йүреклерим йарылды,
Ҳалым зәбун турапдек ғам лайына қарылды,
Раҳман игам, йа кәриим, рәҳим әйлегил бизлерге.

Зары ҳәйран йығлайып бу дәшт ара бу Ғәриб,
Бийҳал болды Шаҳсәнем гүлдек йүзи сарғарып,
Зар ағлармен худайым, бир өзиңе йалбарып,
Шад әйлегил бизлерни, ғам дәстидин йол берип,
Қәҳр әйлеме йа Қаҳҳар, рәҳим әйлегил бизлерге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Ғәриб бу ғәззелни айтып зар-зар ағлап, йатқан Шахсәнемни арқалап анша йүрдиким, Ғәриб ҳәм эсидин кетип йықылды. Еккиси ҳәм бийҳуш болып йаттылар, бир аз пурсатдын сон әптаптың ыссығы кетип, бир суўық шамал ести. Алланың өзи рәҳим әйлеп, бийҳал болған бенделерге қуўат пайда болып, еккилери олтурыб бир-бирининң халын сорап анша олтурдылар. Анда Ғәриб айтты:

— Әй, Шахсәнемжан, бу йүришдин еккимиз ҳәм ҳәлак болурмыз. Өзим ҳәр не болсам болайын, әмма сен ел-йуртыңдан айрылып намус-арыңны йерге төкме, сен шул йердин Дийарбәкирге қайтқыл, мен Шырўанға кетейин, өлмеген қошулур, ҳарымаған етишур, ҳәр не өлмеген йахшыдур. Иншаалла, сағ болсақ ақыр бир күн қошулурмыз, — деди.

Бу сөз еккилерине ҳәм мақул түшип, Шахсәнем нәйлаж разы болып, Ғәрибке жаўап берип, еккилери бир йағлы-бәҳәр айтушдылар.

Шахсәнем:
— Мундын әзм әйлесең Ҳәлепшырўана,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең,
Сени тапшырмышам қәдир аллаға,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ғәриб:
— Қәдир алла айралыққа салмаса,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келурмен,
Әжел йетип, шум пайманам толмаса,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келурмен,

Шахсәнем:
— Сендин қалып, солды бағымның гүли,
Мәгәр бизге ести айралық йели,
Гүлимдин ушырдым шайда бүлбили,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ғәриб:
— Мени кетти дейип шытма қашыңны,
Қумар ала көздин төкме йашыңны,
Бир алла оңғарсын сениң ишиңни,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келурмен.

Шахсәнем:
— Мундын кетер болсаң дағлар думандур,
Жамалың көрмесем арзыў-әрмандур,
Бу күн айралықта ақырзамандур,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ғәриб:
— Мени кетти дейип күйип отырма,
Қызыл йүзиң сарғартыбан солдырма,
Достың билсин, душманларға билдирме,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келермен.

Шахсәнем:
— Мундын кетсең, бир-биреўден жудадур,
Ҳәмменинң ғамхоры қәдир кудадур,
Ким бизә зулм етсе жәбри аңадур,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ғәриб:
— Мени кетти дейип ҳайран болмағыл,
Кеше-күндиз йығлап налан болмағыл,
Өзиң ғамға салып ўайран болмағыл,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келермен.

Шахсәнем:
— Мундын кетер болсаң, изиң излейин,
Кесип-кесип қара бағрым тузлайын,
Етти йылның ўәдесини көзлейин,
Бар Ғәрибим, сағлық билан келгейсең.

Ғәриб:
— Мени кетти дейип мунша ағлама,
Қумар ала көзге ғубар бағлама,
Йолым узақ, енди мени еглеме,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келермен.

Шахсәнем:
— Ғәрибжан, айтайын саңа бу ҳал бар,
Ким саңа жәбир етсе, сен аңа йалбар,
Көңлиң қайғы-ғамда, йүзмың қыйал бар,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ғәриб:
— Мен кетермен, қалма йаўыз ҳаллара,
Өзиңни уғратма қыйлы қаллара,
Ҳәр кимге тағна болып бақма йоллара,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келермен.

Шахсәнем:
— Йол билә барадур йарымның изи,
Бал билә шәкәрдин шийриндур сөзи,
Йолында гәдадур Шаҳ Аббас қызы,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ғәриб:
— Үйден шығып дал гәрдениң талдырма,
Аҳ урубан қызыл йүзиң солдырма,
Ғәриб дер, көз йашың билән өлтирме,
Йығлама Сәнемжан, кетсем келармен.

Шахсәнем:
— Шахсәнем дер, ишим аҳы-зар болсын,
Рәқиблара йақты жахан тар болсын,
Қайда болсаң Шаҳымәрдан йар болсын,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Әлқысса, Шаҳсәнем бирлә Ғәриб бу саўал-жаўапларны айтышып, ағлашып олтурдылар. Әмма йанларында бир төбе көринди, атына Найзаҳал төбе дер эрдилер. Еккилери шул төбе үстиге шығып, Ғәриб Шаҳсәнем билә хошласып йолға раўана болды. Ғәрибниң қарасы үзилгенше Шаҳсәнем зар-зар ағлаб көзлеп қалды. Күн кеш болды Шаҳсәнем шул кеше Найзаҳал төбе башында йатты. Ерте билән турып шар тәрепке қараса, тоғайлар сайрашып турған эркән, ол ҳалда Шаҳсәнемжан аллатаалаға йалбарып, пийри-устадларға сығынып, зар-зар чун абру-нәўбәҳәр йығлап бир сөз айтты:

— Кәраматлы қәдир қудай,
Ярымны саңа тапшурдым,
Көкте гезген көкше торғай,
Ярымны саңа тапшурдым.

Мен болмадым аңа ҳәмдам,
Йүрекимни басты йүз ғам,
Атамыз Ҳәзирети Адам,
Ярымны саңа тапшурдым.

Түшти башымға бу саўда,
Тур тағында гезген Муўса,
Я пийрим Юсуп-Зуләйҳа,
Ярымны саңа тапшурдым.

Бу дәрдиме әйле дәрман,
Тәбийблерниң пири Луқман,
Даўыт уғлы әй Сулайман,
Ярымны саңа тапшурдым.

Ярның айра түшти йолы,
Билә билмен сағу-солы,
Я пийрим хәзирети Әлий,
Ярымны саңа тапшурдым.

Ўамық Узраны әйлеп йад,
Нахд ғамдын қылды пәрйад,
Ләйли-Мәжнүн, Шийрин-Фарҳад,
Ярымны саңа тапшурдым.

Қәддим болды ғамдин тута,
Тилек әйлермен көз тута,
Баҳаўатдин палўан ата,
Ярымны саңа тапшурдым.

Йетме ғамғийн әйле сүрдуд,
Хошўақытлық әйле мәўжуд,
Зәката келген Исмаҳмуд,
Ярымны саңа тапшурдым.

Солды ашықлықның гүли,
Ушты Сәнемниң бүлбили,
Әўлийалар жумлә ўәлий,
Ярымны саңа тапшурдым.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтып зар-зар ағлап олтурыб эрди. Нәгаҳ Шаҳ Аббас ҳәм шул күн ўәзирлери билән шикарға шығып эрди. Шаҳ Аббас шикарда қушын қашырды, күн думан болды. Патша ләшкердин жуда тушип, гүзери Найзаҳал төбениң үстиндин түшти. Сәнемниң олтурған йериге йақынлап келип қалды. Нәгаҳ Шаҳсәнем әтирапына қараса, атасы Шаҳ Аббас йақынлап келибдур. Анда Шаҳсәнем не илаж етерин билмей, атам көрсе нәме жаўап берурмен деп, қудайтаалаға минажат қылып, мени атамның көзидин пинҳан қылғыл деп, Шаҳсәнем бир сөз айтты:

— Қәдир алла, дәргаҳыңа сығындым,
Мен нешик бу йерде ҳижаб әйлейин,
Қанатым йоқ ушып кетсем сәмаға,
Сәўер қулларыңа жаўаб әйлейин.

Пинҳан сақла, атам көрмесин мени,
Маңа ендир бу күн маҳбуб түсини,
Жилўа билән йақай атам жаныны,
Күйдирип дийдесин, пириб әйлейин.

Йүзиме келтиргил Ўамықның йүзин,
Тилиме келтиргил Узраның сөзин,
Көзиме келтиргил Ләйлиниң көзин,
Көргенниң бағрыны кәбаб әйлейин.

Атамдын сақлағыл пинҳам йүзимни,
Хийрә болуб билдирмейин өзимни,
Ғамзе билән сөзлей ҳәр бир сөзимни,
Ешитсе әламны қарап әйлейин.

Шаҳсәнем дер, мен бу йерде зар олдым,
Ҳуўшымны умыттым, бийқарар олдым,
Шаҳ Аббасқа бу күн мен дуўшар олдым,
Билдирмейин нешик жаўап әйлейин.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам еткунше Шаҳ Аббасның көзи Шаҳсәнемге түшти. Аллатааланың қүдирети билә Шаҳ Аббасның көзигә өзге бир пәрийзад сүўретинде көринди. Қыйал етти, пәрийму йа бәшәрму, йәки жәннетдин шыққан ҳүрму деп байсабру-бийқарар болып атдын бийҳуш болып йықылды. Шаҳсәнем атасының бийҳуш болып йықылғанын билип, көктен тилегенимни йерден берди деп хошўақыт-қуррам болып, атасының атын минип йолға түшип раўана болды. Бир аз йол йүрип өзиниң шарбағына келди. Шу ҳалда Ақша Шаҳсәнемни көрип, ҳал-аўҳал сорап, Ғәрибни нәйлединң деп, Ақша бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен саңа дийейин, гүл йүзли Сәнем,
Бирге кеткен Ғәрибжанны нәйлелдиң?
Не саўдалар түшти анын башыға?
Ғамда қалған натаўанны нәйледиң?

Не ўәж илә пәлек шарқын қайырды?
Не себепдур тәңри сендин айырды?
Неше ўақытлар сениң билә бир йүрди,
Сөзле, халы пәрийшанны нәйледиң?

Нешик көңлиң болды андын қалмаға?
Нешик тақат қылдың жуда болмаға?
Не себепдур йолың айра салмаға?
Таза ашылған гүлистанны нәйледиң?

Гүлниҳал дер, нешик қысмет йазылды,
Не себепдин қылған әхдиң бузылды?
Нешик болып андын қолың үзилди?
Бахтықара сәргәрданны нәйледиң?

Әлқысса, Шаҳсәнем Ақшаға көрген аўҳалларыны бир-бир байан қылып, Ақшаға қарап бир сөз айтты:

— Ғәриб билә бирге кеттим ол йана,
Әўелде сүҳбетим бәрар әйледи,
Шығып раўан болдық Ҳәлепшырўана,
Пәлек бизге қасты-гүзар әйледи.

Екеў дәм саз болдық йолға әхд әйлеп,
Жанны қошып шәккер билә шәхд әйлеп,
Үш күн йүрдик йолға кирип жәхд әйлеп,
Пәлекни көр, нешик мәдар әйледи.

Әгер өлсем болмас эрди сорағым,
Сендин өзгелерге демен бу дағым,
Үш күндин соң йарамады айағым,
Басай десем, жаным азар әйледи.

Йүрейин деп жәхд әйледим, зар қылдым,
Жаным азар тапты, өзим хар болдым,
Ақыр шағы ҳалдын кетип йықылдым,
Пәлек ғамны бизге тайар әйледи.

Жәбри-ситем йетип жана билинди,
Йүзим тақыйр болуб, көңлим бөлинди,
Зибаным лал болуб, ләбим тилинди,
Билмен, Ғәриб нешик қарар әйледи.

Ғәриб өзин пәрўанадек етерди,
Нешиксең деп ҳәр дем қолым тутарды,
Ақыр шыдай билмей мени көтерди,
Накды жанын маңа нисар әйледи.

ада болмас пәлек қабасын,
Бизлерге иширди ҳижран шарабын,
Сәнем дийер, ақыр бердим жаўабын,
Йар мәканын өзге дийар әйледи.

Әлқысса, Шаҳсәнем билә Ақша бу сөз үстинде турсын, емди Шаҳ Аббасдын сөз ешитиң. Шаҳ Аббас ол пәрийни Найзаҳал төбе үстинде көрип хуўшыдан кетип та намазлигерше йатты. Ўәзир, аталықлар падшаҳны излеп Найзаҳал төбениң йанындан тапдылар. Падшаҳның баш ушында олтурдылар. Нәгаҳ падшаҳ өзиге келип көзин ашып мәхремлерин көрди. Анда ўәзирлер сорады:
— Әй, Шаҳым не ўақыйаға ушырадыңыз? — деп.
Анда падшаҳ көрген аўҳалын бир-бир байан қылып, ўәзирлерге қарап бир сөз айтты:

— Әй, йаранлар, Дийарбәкир йуртыдын,
Ақлым алды ала көзли бир пәрий,
Емди өлсем керек аның дәртидин,
Қаным төкти қара көзли бир пәрий.

Ғамгүнликтин сайрар бүлбил бағында,
Сәҳәрлер йығлармен йар сорағында,
Шәршемби күн саат чәшгаҳ шағында,
Ақлым алды ала көзли бир пәрий.

Сүўрети қыйалы кетмес көзимдин,
Аның ушын қалдым сөзлер сөзимдин,
Я биреўдин көрмем, көрем өзимдин,
Ақлым алды ала көзли бир пәрий.

Бир пәрийдур, таўыс киби таранмыш,
Қашы кәман, кирпик оқы гезенмиш,
Көрген ашықларның бағры езилмиш,
Қаным төкти қара көзли бир пәрий.

Емди излеп тапа билменем аны,
Тилла шанә билән тарар зулпыны,
Шул пәрийни көрип тутсам әлкини,
Жаным алды жәллад көзли бир пәрий.

Ҳүрлер онша болмас жәннет ишинде,
Көргеш мени қойды ҳәсирет ишинде,
Тағзым берди йүз мың миннет ишинде,
Ақлым алды ала көзли бир пәрий.

Шаҳ Аббас дер, ансыз жанны нетейин,
Емди ашықлықның йолын тутайын,
Өлгенше шул йарны сорағ йетейин,
Ақлым алды ала көзли бир пәрий.

Әлқысса, падшаҳ бу сөзни тамам етти. Бир ақыллы ўәзири бар эрди. Ол айтты:
— Әй, Шаҳы әлам! Дәўлетиңиз бәрқарар болсын, ол сизге көринген пәрий эрмәс, аллаталаның сизге көрсеткен ҳикметидур, аның ушынким, Ҳәсен ўәзирниң уғлы Ғәрибке Шаҳсәнемни бермек

www.ziyouz.com kutubxonasi

болып өз тилиңизден хат йазып мөхр басып берген эркәнсиз, ол ўәденизге ўапа йетмей Ғәрибни мәҳрум йетип қуўып йибердиңиз, ҳалә не йерде йүргени мағлум емес. Аллатала Ғәрибниң көз йашы туғрысында сизге көрсеткен құдирети турур, — деди.

Анда падшаҳ айтты:

— Андағ болса, Ғәрибни табың, Сәнемге қошмақ керек, ышқ отының дәрди қатты йаман болур эркән, — деп ўәзирлерге қарап Шаҳ Аббас йәне бир сөз айтты:

— Жошайың-жошайын, қайнап жошайын,
Ышқның оты йаман екен, жанларым,
Сәнем қайда? Ғәрибине қошайын,
Ышқның оты йаман екен, жанларым.

Қақба пәлек бизге салды бу ғамны,
Көңлим ғамға толды, шектим әламны,
Ғәрибке тапшурың емди Сәнемни,
Ышқның оты йаман екен, жанларым.

Нечун бийҳуш болған ўақда өлмедим,
Көргеч аны қан йығладым, күлмедим,
Өз башыма түшмегунше билмедим,
Ышқның оты йаман екен, жанларым.

Көңлим бийҳал, ҳалым өзге болубдур,
Көңлим ишре ышқының дәрди толубдур,
Зағлар киби екки йүзим солубдур,
Ышқның оты йаман екен, жанларым.

Барың, молла билән муфтий келтириң,
Ўәзир ўәкил шаҳид болуб олтурың,
Ашықларны мурадыға йеткериң,
Ышқның оты йаман екен, жанларым.

Шаҳ Аббас дер, маңа етмең мәләмат,
Жан керек, тутарман емди саламат,
Қалмасын мойнымда қарзы қыйамат,
Ышқның оты йаман екен, жанларым.

Әлқысса, падшаҳ бу сөзни айтып, ўәзирлери билән қошылып қалаға келди. Ғәрибниң анасына киши йиберди, Ғәрибни тапсын деп. Эрсе Ғәрибниң анасы Шаҳ Аббасның ҳузурына келди. Анда падшаҳ айтты:

— Уғлына киши йибергил, әўел ышқ оты өз башымға түшмәгүнше нешик эркәнин билмедим. Емди зәҳметин шегип болдым, — деп бир неше йерлердин тымсал келтирип Ғәрибниң анасына қарап шаҳ Аббас бир сөз айтты:

— Йурт қәдирини шаҳлар билмес,
Башқа йуртқа ашмағунша,
Яхшы йарның қәдирин билмес,
Бир йамана душмағунша.

Ышқ болмай сийне чак болмас,
Ашық болмай ҳәлак болмас,
Ышқ дәрдидин пәк болмас,
Ышқ отыға йанмағунча.

Сындырма мөҳмин сазасын,
Оқың беш ўақытның қазасын,
Бег билмес инам мазасын,
Хатам болуб йошмағунча.

Ышқ ҳәлек әйледи жаны,
Йегленмес саат заманы,
Билалмас судий-зийаны,
Уйқудын ойғанмағунча.

Мениң арзым йара етмес,
Яр болмаса күним өтмес,
Киши нәмәртни пәҳим етмес,
Мәртке башын қошмағунча.

Шаҳ Аббас дийер, күлмедим,
Әўелдин Мәжнүн болмадым,
Ашықлық қәдирини билмедим,
Өз башымға түшмегунше.

Әлқысса, Шаҳ Аббас бу сөзни тамам етип, Ғәрибниң анасына айтты:

— Уғлыңны тапыб келтур, мен Шаҳсәнемни берейин, — деди.

Анда Ғәрибниң анасы айтты:

— Сен падшаҳ болсаң, екки сөзлемек мийасар емес эрди, еткен әҳдидин қайтып Ғәрибни қуўдырдың, уғлумға өлим қәўпи түшип, сениң қәҳри-ғәзебиндин қорқып башыны алып йурттын шығып кетти, уғлымның пырақында көзимдин йаш орныға қан ағып олтурыбмен, қайсы йуртта йүргенин билмесем, нешик тапып келурмен, — деп жаўап берди.

Падшаҳ еткен ишиге пушайман болуб олтурды.

Енди сөзни Ғәрибниң ешитиң. Ғәрип Найзаҳал төбениң үстинде Шаҳсәнем билән хошлашып йолға түшип, бир неше күнлер йол йүрип Ҳәлепшырўанға келди. Анша йар-досларын көрди. Ҳеш бир йерден хошамет сөз болмады. Ақыр бир ҳалы йерге барып олтуруб йығлаб айттыким: мениң белли ҳөнер, кәсби-кәрим йоқ, олтурурға сабру-қарарым йоқ деп, мусапырлық саўдасы башына түшип, зар-зар чун абру-нәўбәҳәр йығлаб, Ғәриб бийшара бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Каба пәлек мени салдың бул дәрде,
Мен нәйлейин, бир ҳөнерим болмаса,
Йат үлкеде өлип кетсем бир йерде,
Ушай десем балу-пәрим болмаса.

Мениң мунда турсам көңил хошым йоқ,
Ғардашым, ҳәмдемим, теңим-душым йоқ,
Белли йазым, баҳарым йоқ, қышым йоқ,
Мүшкилдурур қылур кәрим болмаса.

Йәки қарж йетерге сийму-зәрим йоқ,
Йа ағрыб кетмеге дәрдисарым йоқ,
Йа бир белли мәкан, барур йерим йоқ,
Мен йоқны нәйлейин, барым болмаса.

Кәсиб-ҳөнерим йоқ, алсам қолыма,
Жандын кешип, разы болдым өлимә,
Бүлбил йаңлы сәйран йетсем гүлиме,
Шаҳсәнемдек сәўер йарым болмаса.

Айралық отына төзе билменем,
Күйиб, йардын үмит үзә билменем,
Етти йыл бу йерде гезә билменем,
Йетер қаржым сийму-зәрим болмаса.

Хошлықдын қайғуға әйледим гүзер,
Бир саат шад болалмадым әлҳәзер,
Йа болмаса гезип болсам дәрбәдер,
Кашки, мениң намус-арым болмаса.

Ғәриб айтур, ҳижран билән таландым,
Бисмил болдым, өз қаныма буландым,
Гөззал йарның ҳәм сөзине инандым,
Барып мәскан тутар йерим болмаса.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзлерни айтып, көчәлерде гезиб йүрур эрди. Нәгаҳ Бабанийаз деген қаразбан бабаға душ келди. Ғәрибдин сорады:

— Әй, йигит, қайдын келип ўә қайда барурсен? Не ҳөнер ўә не кәсби-кәриң бар? — деди.

Анда Ғәриб башындын өткенлерин бир-бир байан қылып Бабанийаз қаразбанға қарап бир сөз айтты:

— Дийарбәкирдиң йуртыдын,
Ҳәлепшырўана келмишем,
Каҳба пәлекниң әлидин,
Мәй ишип қана келмишем.

Йығыб пәләкәт ләшкерин,
Қуруб айралық мәҳшерин,
Йазмаға көңил дәптерин,
Улуғ дийўана келмишем.

Ун йетмес йарның соңына,
Қошула билмен жәмғына,
Йанып аташның шамғына,
Күнде йүз йана келмишем.

Бүлбил болуб бир гүл ушын,
Жапа шегип бийдил ушын,
Сачы сийа сүмбил ушын,
Аҳу-пығана келмишем.

Ышқ қанжары тегди жана,
Сөз болдым йақшы-йамана,
Бақмайын сууды-зийана,
Мен бул мәкана келмишем.

Мәжнун киби шөлде гезип,
Сайыл болуб йолда гезип,
Айра түшип йолда гезип,
Сырры ниҳана келмишем.

Сыр билинди ҳаму-ҳаса,
Ара әйлейип Шаҳ Аббаса,
Хошўақ күним дөнди йаса,
Қәҳри кәрхана келмишем.

Тушибдур мунда көзлерим,
Болмас йуртымны излерим,
Йар йолында қойып сәрим,
Жаным қурбана келмишем.

Бу айралық жандын суччи,
Бәданды урды қылычы,
Ақтарып қәдирим билиўчи,
Бир қәдирдана келмишем.

Барму мендек ақлы кетән,
Бу дүнйаны талақ йетән,
Ғәриб юртта тутуб ўатан,
Мен бу мәкана келмишем.

Ғәриб айрылып Сәнемдин,
Қол чекип ата-анамдын,
Кутулмадым дәрди-ғамдын,
Излеп ғамхана келмишем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етти. Анда Бабанийаз қаразбан бу сөзлердин Ғәрибниң шын ашық екенин билип мунық ҳәм дәрти қозғалып, бизниң билә ҳәмүлпет эркенсең деп, Ғәрибке қарап Бабанийаз қаразбан бир сөз айтты:

— Кел, екеўимиз бул жапаны тартармыз,
Йетмес әлим, бу ықырарым сөзлейин,
Аҳ урубан бу жаҳанны өртермиз,
Сен болурсаң ғамгүзарым, сөзлейин.

Тегди пычақ, үстихана етушди,
Бағрым йанып қара қана етушди,
Бир пәрий ҳәсирети жапа йетушди,
Көңлимдеги ҳәр не барым сөзлейин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атам эрди шәҳри Бағдад мулуки,
Хублар билән әйлер эрдим сулики,
Мен болмышам ол йахшыларға күлки,
Сыры пинҳән бу әсрарым сөзлейин.

Ашық болдым бир гүржиниң қызына,
Кетти көнлим аның ала көзине,
Жәҳд әйлеп йете алмадым өзине,
Ҳәр не барым ыхтыйарым сөзлейин.

Кел Ғәрибжан, бизден сорсаң хабарны,
Мен билә алмадым хайр илә шәрни,
Ақыр бу йолларға салдым гүзерни,
Мунда түшдим ҳәр не барым сөзлейин.

Кел, йара етмеген биз ҳәм Ғәрибмиз,
Дәрди-мәҳнет, жапа шегип йүрибмиз,
Бирге үлпет ҳәмдам болуб еккимиз,
Ҳәмра болуб бу әсрарым сөзлейин.

Атым ашық Нийаз, қалдым бу дәрдә,
Қызыл йүзим дөнди қәҳрабы зәрдә,
Шул қызның ышқында түшдим бу дәрдә,
Мусапырлық бу дийарым сөзлейин.

Әлқысса, Бабанийаз бу сөзни тамам йетип, кәстеге тәбийб келгендек, дәртке дәрман табылғандек, тәшнеге суў йолуққандек бир-биригә мунис хәмдемликке еришип Ғәрибни элтиб күлбеханасыға келди. Бир неше ўақыт анда болды. Нәгаҳ бир пара адамлар Бабанийаз қаразбанға айтты:

— Бу йигитни үйинде сақлап нәме қылурсаң, оның ушынким, бизлер көрермиз, мунша ўақытлардын бери үйинде болып кеше-күндиз ҳасла бир пул пайда билән иши йоқтурур. Бу йигитниң саңа зийандын өзге иши болмас, — дедилер.

Анди Ғәрибниң көнли шикәсте болып, адамларға қарап бир сөз айтты:

— Сәррап болып зәр қәдирин билмесе,
Ғаўўас жандын кешмей қанны бегенмес,
Йигит болып мерекени көрмесе,
Йурт сораған беги-ханны бегенмес.

Пиръаунның мәскени қыйалы дағлар,
Ашықның мәскени бостаны бағлар,
Сәҳраларда гезген пәҳимсиз зағлар,
Бүлбил болып гүлистанны бегенмес.

Мүрийд болып пийрдин дуға алмаса,
Бу дүнйадын әл көтерип өтмесе,
Сөзлегенде сөзниң паркын билмесе,
Мәжлис ишре суханданны бегенмес.

Ашық болып өзин отқа салғанлар,
Бәрналы дилбарға ҳәмдам болғанлар,
Ҳәр шәҳәрдин нусқа алып йүргенлер.
Мәнзил тутып бир мәканны бегенмес.

Ышқ отына күйер ашықның жаны,
Халық билмеслер бойлә сыры-пинҳанны,
Ашық болған билмес судый-зийанны,
Дүнйа-малын, бу жаҳанны бегенмес.

Халықлар, не ишиң бар йақшы-йамана,
Отлар салдыңызлар бу шийрин жана,
Өзга дәрт бир йана, бу дәрт бир йана,
Шопанны көр, Ғәрибжанны бегенмес.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып эрди, ол адамлар Ғәрибниң бу сөзине ҳайран болып, дәм ура билмей, ҳәр қайсы бир йанға таркап кетдилер. Әлғәрез, Бабанийаз билән екки хәмраҳ ҳәмсуҳбет болдылар. Бир неше күн Ғәрибке пәрўәриш қылды. Бир күн Бабанийаз айтты:

— Әй, уғлым, сен емди Шаҳсәнем деп аҳ урғаныңны қойғыл, бул үлкелердин қәлеген қызыңны алып берейин, сен бойлә бийқарар болмағыл, — деди.

Анда Ғәрибке бу сөз мәлал келип, Бабанийазға қарап бир сөз айтты:

— Келибмен Ҳалепшырўана,
Мен бу мәканны нәйлейин,
Кетермен Дийарбәкирге,
Бағы-бостанны нәйлейин.

Йардын айрылман өлгунше,
Әзрайыл жаным алғунша,
Йар билән әҳдим толғунша,
Йахшы-йаманны нәйлейин.

Истемен ғайры дилбарны,
Тәңри көрсетсе мәҳшерни,
Керекмес дүнйаның зәри,
Бәзми-дәўранны нәйлейин.

Шаҳсәнем қыз маңа ҳәмдәм,
Керек емесрдур өзге мәҳрем,
Көнлим мениң болмас ғәрем,
Шады-шадыманны нәйлейин.

Дийарбәкир мениң елим,
Ашылур бағ ишре гүлим,
Анда сайрайур бүлбилим,
Йүз мың әлўанны нәйлейин.

Нағмасы он мың әлўандур,
Мениң йарым Сәнемжандур,
Жандын әзиз меҳрибандур,
Мен меҳрибанны нәйлейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Ғәриб ашық шегер қайғы,*
Жаным Сәнемжанға бағлы,
Гүл дегресин алды зағы,
Мен бу зағанны нәйлейин.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етти. Бабанийаз қаразбан анладыким, бу Ғәриб ашықы-ҳаққаний эркән. Муңа нәсийҳат кәр қылмас деб, Ғәрибке айтты:

— Сен емди бийкар олтурма, бир кәсип қылғаның йақшыдур, — деп бир сәмен йабыны қаразға қошып берди.

Әмма Ғәриб ол йабы билән мунис болып, кеше-күндиз қараз хайдамақ билән болды. Бир күн Ғәрибниң көңлине келди: бу жәниуәрның йолы кеше-күндиз йүрсе ҳәм ада болмас. Бир басқан йеридин қайта-қайта басып йүрер, бу жәниуәр қыйал ететурғандур: кеше-күндиз йүрурмен, әлбетте, көп йерлерге кеткендурмен деп, мениң ишим ҳәм бу йабының ишине уқшаш болды деп, өзине тымсал етип, қаразға қошқан йабысына қарап Ғәриб бир сөз айтты:

— Сәмен йабы бу күн мениң ҳәмдемим,
Мәгар сениң ада болмас йолың бар,
Сәнем Бәкирдедур, мениң ҳәмраҳым,
Мен қорқарман, айралық бар, өлим бар.

Ышқ йолында саттым қардаш-туўғаным,
Сәнем ҳәмсуҳбетим, жаны-жананым,
Мениң анда Дийарбәкир мәканым,
Бара билмен, руўым бар, елим бар.

Бир сөз дерем айралықның шанына,
Арзым йетмес дийўанына, ханына,
Бүлбил болып бара билмен йанына,
Әлим йетмес, бир берк йерде гүлим бар.

Йоқдур, сәмен йабы, ғардаш-әмекиң,
Тилиң йоқдур зәрре сөзни демегиң,
Кеше-күндиз қайғың — саман йемегиң,
Йол йүрерсең, қара ташдын йүкиң бар.

Сәмен йабы өлсең болмас сорағың,
Йүрсең әда болмас йақын-йырағың,
Қашан бәнт үйинде йанар шырағың?
Мүшкилиң бар, хижраның бар, шөлиң бар.

Ғәрибниң ҳәмдеми сен сәмен йабы,
Мен болмышам ышқ елиниң харабы,
Мен ишмишәм айралықдын шарабы,
Уәҳим әйлермен, ақыр бир күн өлим бар.

Әлқысса, сөз көп, бу йүриш билә арадан беш йыл өтти. Кеше-күндиз Шаҳсәнемни тилиндин қоймай зар-зар ағлар эрди. Күндин күнге ҳалы өзге болды. Бир күн өзине өзи тәселле берип айтты: батман қайғудан онсери пайда йоқ деген сөз бар емди. Сәнем деп ах урсам, өзим ҳәлак болурман, емди Сәнем деп ҳәргиз атын тутмайын деп, зар-зар чун әбри нәўбәҳәр йығлап, Ғәриб бир сөз айтты:

— Сәнем, Сәнем дейип өмирим өтирдим,
Емди Сәнем дерге ҳалым қалмады,
Қолымдағы шунқарымны қашырдым,
Тараж болды, мүлки-малым қалмады.

Айтсам ада болмас қайғу-әндийше,
Йаратқан әмридин түштим бу ишке,
Йар-йар дейип өмрим өтти ҳәмийше,
Дост бағында таза гүлим қалмады.

Емди күймес болдым йарның дәрдидин,
Сәнем дейип кештим атам йуртыдын,
Кеше-күндиз йығламақны жәбридин,
Қәдем раст етмеге ҳалым қалмады.

Қысметим не болды, йаратқан раҳман,
Башымдын айрылмас бу ғамлы думан,
Бәршениң көзине көриндик йаман,
Дөнди қарындашым, елим қалмады.

Күйе-күйе бағрым күйип күл болды,
Бизге йардын нәсийбемиз шул болды,
Ҳәр бир күним айдур, айым йыл болды.
Ақлым сашты, айым, йылым қалмады.

Ғәриб айтур, не сағда, не солдамен,
Мени ҳәргиз киши билмес ҳалдамен,
Кеше-күндиз Мәжнүн киби шөлдемен,
Ушты йашыл башым, көлим қалмады.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып тамам етип, Сәнем деп көңлине келтирсе ҳәм, тилигә келтирмей бир күн-еки күн йүрди, қайта ҳалы бурынғыдан да бетер болды. Ақыр бир күн Сәнемни түшимде көрсем ҳәм көңлим әрам табар эрди деген қыйал билә йатып эрди, түшинде ҳәм көрмеди. Анда Ғәриб айтты: Алдына таам келсе ашыққандын айағы йа тайағы тегип ашы төгилур деген сөз бар эрди, мен бийшараға түшимде ҳәм дийдары мийасар болмады. Шаҳсәнем деп атын айтып йүргеним ҳәм ғәниймет эрди, атын айтмай ишим ғам-ғуссаға толды, не ҳәм болса атын йад етип йүрейин деп, пәлекдин шикайат қылып Ғәриб бир сөз айтты:

— Шәрти бар маңа қаҳба пәлектиң,
Бу күн мени сәўер йардын айырды,
Тәңриге йетмеди мәгер тилегим,
Сәнем атлы зулпытардын айырды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб болғанларның барму сорағы,
Күйдирди-йандырды йарың пырағы,
Бир йандын қайғусы, бир йандын дағы,
Бир йандын руўдын, елден айырды.

Дәрди мәҳнет ғамда өлер ухшадым,
Мусапыр йерлерде қалар ухшадым,
Бир таза гүл эрдим, солар ухшадым.

Бахарлы-бақшалы нардын айырды.
Түкәнмес саўдаға түшти бу башым,
Йарсыз өтер болды йаз илә қышым,
Селлер киби ақты көзимдин йашым,
Тәңри мени хош рәптардын айырды.

Ҳеш бир кимсе дәстгир болмас бу ишде,
Көңлим ғамда қалдым бойлә тәшўште,
Ҳеш болмаса көре билмедим түште,
Нәсийп болмай ол дийдардын айырды.

Ғәриб айтур, имди дөнмен сөзимдин,
Йар йолында қанлар ақты көзимдин,
Мен билмесмен хабарым йоқ өзимдин,
Бу ышқ мени намус-ардын айырды.

Әлқысса, бу сөзни тамам етип, Шаҳсәнем деп йығламақ билән олтурсын, емди сөзни Шаҳсәнемдин ешитин.

Шаҳсәнем Ғәриб кеткендин соң тыйғы айралық бағрыны тилип, ҳижран оты жаныға йетип сиймабдек титиреп, қамыщдек қалтырап, суўсызлықтын ажыз болған аҳуўлардек болуб арадан беш йылны өткерди. Бир күн өзигә өзи көңил берип айтты:

— Мунша қайғудын зәрре пайда йоқтурур. Ғәриб-Ғәриб деп өзимни мунша бәлаға салмайын, емди мундын кейин Ғәрибниң ҳәргиз атын тутмайын, тилимге келтирмейин, — деп Шаҳсәнем ҳәм зар-зар чун әбри-нәўбәҳәр йығлап бир сөз айтты:

— Ғәриб-Ғәриб дейип өмрим өтирдим,
Ғәриб атын тутмас болдым мен емди,
Жан шәҳриге бу күн талан өткердим,
Себепкәрим демес болдым мен емди.

Күнде ҳәмдем маңа қайғы-ғам болды,
Әлип қәддим эгди, өмирим кәм болды,
Йығламақдын йақаларым нәм болды,
Үмидўарым дәмес болдым мен емди.

Сазасыдур ҳәр ким йара инансын,
Көрмесин, көзлери қана булансын,
Қорғаны йықылсын, малы талансын,
Қарыйдарым демес болдым мен емди.

Ҳәмдемим мунисим қайғыдур, ғамдур,
Бизге бащдын ғамны берген игәмдур,
Он төрт йащдын бери болған ҳәмдемдур,
Намус-арым демес болдым мен емди.

Кеше-күндиз Ғәриб йадым етибмен,
Ҳижран шегип ғам-қайғуға батыбмен,
Ҳалым қарап, өлмекликке йетибмен,
Ғамгүзарым демес болдым мен емди.

Йолында телмирди екки көзлерим,
Кәҳрабадек солды гүлдей йүзлерим,
Кеше-күндиз «Ғәриб» айтған сөзлерим,
Емди йарым демес болдым мен емди.

Шаҳсәнем дер, елге болдым әшкара,
Йар-йар дейип күним кешти бир пара,
Өзиң кетип, мени қылдың аўара,
Аҳы-зарым демес болдым мен емди.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзлерни айтып йығлар эрди. Әгер йарымны түшимде көрсем ҳәм көңлим әрам алур эрди, деген қыйал билә бир аз йатып уйқылады. Бир аз пурсаттан кейин уйқыдан ойғанды. Ғәрибни түшинде ҳәм көре билмей, ҳалы бурынғыдан өзге болып, табы-тақаты қалмай, бийсабыр-бийқарар болып, зар-зар ағлаб Шаҳсәнем йәне бир сөз айтты:

— Ғамдын қутылмаған қайғылы башым,
Қайта бащдын ғам отыға йар болдым,
Ғәриб эрди кеше-күндиз йолдашым,
Емди йүзин бир көрмеге зар болдым.

Йарым кетип, бәлаларға болдым йар,
Йар ышқында йығлайурмен зары-зар,
Қайғу-ғам демине болдым гириптар,
Өз ғамымға өзим себепкер болдым.

Бир несип йетмеди мүшки бойыдын,
Жаным шығар болды көчә-күйиндин,
Ише алмадым йарның ўисал мәйиндин,
Емди йүреклерим бәдқумар болдым.

Сабрым кетти ҳижран күним пәрд болып,
Йарымны қуўлады тамам йурт болып,
Қарай-қарай екки көзим төрт болып,
Мәҳнетниң йолында қалып хор болдым.

Маңа ғам тапылур ҳәр бир ишимде,
Йар келмесе өлем бу йүришимде,
Ҳеш болмаса көрә билмен түшимде,
Ақлы-ҳуўшым кетип, бийқарар болдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Етти йыл ўәдесин йығлап өтирсем,
Несип болып, өзим йара йетирсем,
Көңлим суўыр эрди түшимде көрсем,
Көрмек хәўес әйлеп интизар болдым.

Шахсәнем дер, саңа заўқы-сапа йок,
Йарың узак түшти, зәрре ўапа йок,
Ашык болсаң сапа ҳәм йок, ўапа йок,
Түшиб ышқ әлкине гириптар болдым.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни айтып йығлап, хижр отыға бағрын дағлап олтурыб эрди. Шул халда Ақша бийшара йетип келди. Көрсе, Шахсәнем йығлап олтурубтурур. Анда Ақша айтты:

— Әй, Шахсәнемжан, бу қайғулардан зәрре пайда йокдур. Сабақлы ийне сааты билән болур, хәр нәрсениң ўақты-сааты бар, бу қайғу-хәсирет билән өзиңни хәлек қылурсен, хошўақытлық ешиги жәбир билән ашылур, йүриң, бағқа сәйирге баралы, шайад көңлиң ашылғай, — деп Ақша Шахсәнемге қарап бир сөз айтты:

— Гүллер ашылыпдур пасло баҳарда,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы,
Бәнапша түшипдур бағда кәнарда,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Сәнәўбер шегипдур көкке бойыны,
Сумбил таркатыпдур мүшки бойыны,
Бүлбил гүлде хәр күн қылмыш ойыны,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Нәркес көзин ашып бақмыш жаҳана,
Отлар ҳәм түшипдур зағы-зағана,
Нәўбет йокдур бу күн болды хазана,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Бәхәр әййамлары түшмиш араға,
Гүл дейип түшипдур бүлбил сараға,
Қызыл-йашыл дөнип ағыў-қараға,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Чәшми раўан хәр тәрепке сачылур,
Бу күн шадлық келип, ғамлар қашылур,
Бағны сәйир әйлесең, көңлиң ашылур,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Қумыры тәбәссумде, бүлбил пығанда,
Тоты тәкәллумде, шийрин зибанда,
Мундағ тамаша йок ошбу жаҳанда,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Гүлниҳал дер, жаным саңа қурбандур,
Дүнйаның мақсети беш күн дәрўандур,
Лалазарлық бағ ишинде турғандур,
Кел Сәнемжан, бағa сәйре баралы.

Әлқысса, Шахсәнем әжеп болур деп, Ақша билән қошылып қырқ кәнизини йанына алып, бағ сәйрине раўана болдылар. Бағларны сәйир йетип, ол йан, бул йан гездилер, андын өтип Туны дәрйасының йақасына бардылар. Көрсе, Туны дәрйа мәўиж урып ағып турғанын көрип, «бу дәрйа не ушын мәўиж урар, мәгер Ғәрибжанны көргенмикен йәки шул дәрйаға түшип өткенмикен» деп, Туны дәрйаға қарап зар-зар ағлап, Шахсәнем бир сөз айтты:

— Не себепдин мәўиж урарсен қайнайып,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?
Ақармусен йарым көрип ойнайып,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?

Тақатым йок мениң йарсыз болмаға,
Жапа тыйғын шийрин жана салмаға,
Келдим сендин бир хабарын алмаға,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?

Мениң мунда йокдур йарсыз қарарым,
Хеш ким билән йокдур сүхбет бәрарым,
Тириклигим, айшым, хошым, мәдарым,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?

Мениң йарым кетти Хәлепшыраўана,
Эхтимад йетмеди әхди-пәймана,
Сендин саўал сордым әйлеп бахана,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?

Алты айлық узақ йердин йол ашып,
Мениң ушын хижр отына туташып,
Йар өтти ме йокса суўына түшип,
Туны дәрйа, сандин Ғәриб өттиму?

Йүрген күнлер өтти күлип-ойнайып,
Айралықта йүрдим жанны қыйнайып,
Мәўиж урып ағыпсен мунша қайнайып,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?

Сәнем дер, пыраққа тапмадым хийле,
Тәңри ушын бизге туғрысын сөйле,
Йар сендин өтмесе, ақмассаң бойлә,
Туны дәрйа, сендин Ғәриб өттиму?

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам йетти. Дәрйадын хеш сада шықмады. Анда Шахсәнем айтты:

— Мениң йарым шул дәрйаның ишиндетурур, дәрйаның суўы не себепдин мунша мәўиж урып қайнар, йарым ишинде болмаса, бу тарийқа мәўиж урмас эрди. Емди өзимни дәрйаға ташлап йарымға қошулурман, — деп өзин дәрйаға ташлар болды. Ол ўақытта Ақша Шахсәнемни ушлап тәселле берип:

— Ашық болған дәрйаға ташлап бийәжел өлерму? Сабыр қылғыл, — деп Шахсәнемге нәсийҳат

www.ziyouz.com kutubxonasi

берип, Акша биймшара бир сөз айтты:

— Айралык дегениң тәңри кысмети,
Недин бойның бурып мәлул болурсен?
Тоққыз йылдур, мән хәм шекип мәхнәти,
Недин бойның бурып мәлул болурсен?

Айралык дәрдидин аглап, күлмедим,
Кызыл гүлдек ашылмадым, солмадым
Айралыкны хәргиз йадка салмадым,
Нечун мойның бурып мәлул болурсен?

Кумыры деген бир әжайып куш болур,
Пәрин тартсаң келур түби бош болур,
Өлмеген кул бир-бириге душ болур,
Нечун бойның бурып мәлул болурсен?

Узақ йолға йүрген хийлә йүришур,
Несип болса бир-биреўге барышур,
Сабыр әйлесе ақыр бир күн көришур,
Нечун мойның бурып мәлул болурсен?

Хәр ким ашық болса аның әхди бар,
Ғам чекиб әйлеме жаныңа жәбир,
Хошўақтлық ешигин ачадур сабыр,
Нечун бойның бурып мәлул болурсен?

Маңа Акша дерлер, атым Гүлнихал,
Сәнемжан, көп мәлул болма биймахал,
Хақның буйрығына сабыр еткен абзал,
Неге бойның бурып мәлул болурсен?

Әлқысса, Акша бу нәсийхатларны айтып көңил берип, Шахсәнем билән бирге қайтдылар. Нәгах буларның алдыдын Эмерли елиниң қырық қызы йолықтылар. Хәр ўақыт ол қызлар келгенде Шахсәнем хеш сөзлемес эрди. Аларның ишинде Айжамал исмли бир қыз бар эрди, ол айтты:

— Әй, Сәнемжан, бизлер билән не себепдин сөзлешмессен, сениң билән ашықлық сөзин сөзлешип хәмдем болмаққа келдик. Зәр қәдирин зәргер билур деген, әлбетте, ашықсан, ышқ зәхметин көп билурсен, мен башымдын өткен сәргузәштлеримни байан қылайын, сен қулақ сал, — деп Айжамал қыз Шахсәнемге қарап бир мухаммес айтты:

— Әй, Сәнем, мажрух олубмен йардын айрылғалы,
Бүлбили шорыйдамен гүлзардын айрылғалы,
Бар ләтапат гүлшәни бийқарардын айрылғалы,
Тотый шийрин сухан ғуфтардын айрылғалы,
Хулқы хош, гүл йүзли, мәхўеш йардын айрылғалы.

Болмағай хеш иш кудадын бийсебеп, әй, Шахсәнем,
Тәңри кылды ол нигарымға ғәзеп, әй, Шахсәнем,
Тынмайын кан йығласам, демең әжеп, әй, Шахсәнем,
Хәўизи кәўсер сахиби мухтардын айрылғалы.

Мәхнет әййамында дайым тынмай ағар көзде йашым,
Душмана кәр етмеди хәр күнде қылған қарғышым,
Титретур әрзун-сама дәрди-ғамдын налышым,
Халымны шәрх етмеге йоқдур йанымда бир кишим,
Йеккемен бир ўақыфый әсрардын айрылғалы.

Тынмайын қан йығларам хәр йан йүрип йерге бақып,
Ағларам хәр кешелер бағрым езип суўдек ақып,
Бир йанымдын тағнайы әғйар жанымны йақып,
Қозы гөшти бирлә ағыў берди йарымға рақип,
Қалмады тақат маңа дилдардын айрылғалы.

Бахтымны көрдим қара, хәр йерде аштым кәсби-хал,
Нәўшеликте гүл едим, бадыхазан берди мәлал,
Йетмеди мақсуўдә, тәңри өмирине берди заўал,
Нәйлесин өз халыны алдыңда йығлап Айжамал,
Айбек атлы ол гүли бийқарардын айрылғалы.

Әлқысса, Айжамал қыз бу сөзни тамам етип айтты:

— Әй, Шахсәнемжан, мениң йарыма душманлар қазы гөштине ағыў салып берип өлтирди, емди аның дийдары қыйаметке қалды. Сениң йарың тири болса, ақыр бир күн дийдарыңа мийассар болур,

www.ziyouz.com kutubxonasi

сен мунда зар-әнкар болмағыл, — деп көп пәнди-нәсийҳат қылды.

Анда Шаҳсәнемжан, тири айралық өлимдин йаман болур эркән деп, Айжамал қызға қарап Шаҳсәнемжан бир мухаммес айтты:

— Тири айралық өлимдин бетер эркән, Айжамал,
Ҳәр бир күниң бир йылға йетер эркән, Айжамал,
Дәрди-қулпет көңлиңни тутар эркән, Айжамал,
Күнде жаның шықмаға қәтер эркән, Айжамал,
Ғам әждары дем шегип йутар эркән, Айжамал.

Өлгени йахшы эркән, ақыр көңлиң суўынур,
Тирик болса, айралық ғам көнлинде жа болур,
Не жанында рәҳәт бар, не көзинде хаб олур,
Қара бағрың қан болуб, аҳыў көзде аб олур,
Күнде йүз «аҳ» жаныңдын өтер эркән, Айжамал.

Йарым тирик йүргәнмиш, күнде келмей өлтирур,
Ғам ләшкерин көңлиме күнде йүз мың толтурур,
Анда ўә ғам отына көңлим иширe йолтурур,
Күнде йүз мың өлермен, мениң ҳалым шултурур,
Кимсе мендек ғам шекип йатар эркән, Айжамал.

Сен бир өлгенни айтсаң, күнде өлер Шаҳсәнем,
Айралық тыйғы бирлән бағрын тилер Шаҳсәнем,
Мәламатның ғаўғасын башға салар Шаҳсәнем,
Истедигиң сәўер йар, қашан келур Шаҳсәнем,
Сәўер йарым қайсы ўақ йетер эркән, Айжамал.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзини тамам етти. Анда Айжамал қыз айтты:

— Әй, Шаҳсәнем анша көп бийқарар болмағыл, иншаалла мурадыңға йетурсен, — деп көңил берип, қызлар өз мәканыға кеттилер. Шаҳсәнем ҳәм көшкине келип қарар тапты. Алғәрез, бу рәўиште арадын йетти йыл өтти. Бир күн Шаҳсәнем йатып түшинде Ғәрибни көрди. Ҳайт күни эрди. Ақшаны сәйирге йибәрди, «бар, шайад биреўдин хабар тапып келгейсең» деп. Нәгаҳ бир бөлек түйе кәрўан саўдагерлер Ақшаның алдыдын өтип кәрўансарайға түше бердилер. Келип Шаҳсәнемге хабар берди. Шаҳсәнем Ақшаны буйырып кәрўанлардың бир-еки йашуллыларын ҳузурына алдырып хабар сорап, Шаҳсәнем бир сөз айтты:

— Етти йылдур, шуңқарымны қашырдым,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?
Қайғу-ҳәсирет билен өмирим кечирдим,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Кишиниң сәўдиги шөйлә болурму?
Әўел алып, ақыр көздин салырму?
Йарын бәйлә ағлатыбан қойарму?
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Йарымның саўдасы түшти башыма,
Бир сырдаш тапалмадым келсе қашыма,
Әзел күнде йазылғанды башыма,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Мениң йарым ғошақларның биридур,
Шаҳымәрдан шул йарымның пийридур,
Ғәриб йарым Ҳәлепшырўан йүрибдур,
Көрген барму билген, барму йаранлар?

Пәлек мени бүгин талан йетмишди,
Қайғы-ҳижран отларына түшмишди,
Көз алдымдын йарым сәҳра кетмишди,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Игәсиз қылыпдур алтын-гүмишлер,
Шарбағымда кишмиш, түрли емишлер,
Йарымның атыны Ғәриб демишлер,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Бир киши сөзлемес көңил хошыма,
Қайғу-мехнәт йакка түшти башыма,
Ҳәр кешеде йарым кирди түшиме,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Ҳәр бир адам байан қетсин көргенин
Мен билмен не қерде дәўран сүргенин,
Ҳәр ким билсе айтсын көрген-билгенин,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Етти йыллар пәлек мени күйдириб,
Ҳижран шамалыға күлим суўырыб,
Аны мендин, мени андын айырыб,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айралықның зәҳрин бизге берибдур,
Ол ҳәм бизден айра түшиб йүрибдур,
Шаҳсәнем сәўдиги ашық Ғәрибдур,
Көрген барму, билген барму, йаранлар?

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам йетти. Анда саўдагерлер айтты:

— Бизлер Ҳәлепшырўан йуртыдын келдик. Әмма Ҳәлепшырўан йуртында бир мүсәпир ғәриб адам өлди. Ол сизниң айтқан адамыңызму йа өзге бир адам болурму, бизлер билмесмиз, — деп жаўап бердилер.

Шаҳсәнемжан оларға бир аз наҳар йедирип қайтарды. Әмма Шаҳсәнемниң кәнизлериниң арасында Тансуқ исмли бир қыз бар эрди. Ол келип айтты:

— Әй, Шаҳсәнемжан, мениң ағам Ғәрибниң өлгенин өз көзи билән көрип келипдур, — деди.

Ол ўақытта Шаҳсәнемниң жаныға от түшип, зар-зар ағлап, тақат қыла билмей Ғәрибниң анасыға барып, ешиткен хабарын бир-бир байан йетип бир сөз айтты:

— Йығла, ана, уғлың тайын өлипдур,
Сүйенишиңдин, мәдарыңдын айрылдың,
Бир кәрўан хабарын билип келипдур,
Тәр ашылған гүлзарыңдын айрылдың.

Әшкара болубдур душманға, доса,
Қулақ салғыл сыры-пинҳан ықласа,
Йахшылық күнлериң дөнипдур йаса,
Ол қызықлы базарыңдын айрылдың.

Етти йыл ол гезди Ҳәлепшырўанда,
Мени қойды қайғы билән ҳижранда,
Ол Юсуп Кәнъандур болған зинданда,
Мысыр елинде Кәнъаныңдың айрылдың.

Хазанда солубдур ашылған гүлиң,
Бағыңдың ушубдур шайда бүлбилиң,
Тизиң бүгилибдур, мертилип белиң,
Күш-қуўатың, мәдарыңдын айрылдың.

Ҳижринде күйибан қанлар ағларам,
Кесип-кесип қара бағрым дағларам,
Дийдарыны мәҳшер күни йоқларам,
Мен йарымдын, сен уғлыңдын айрылдың.

Мени зар ағлатқан йарның пырақы,
Дүнйадын өтибдур қалмайын бағы,
Йүзиңниң шуғласы, көзиңниң ағы,
Йүрек йағы мәдарыңдын айрылдың.

Шаҳсәнем дер, менде қалды көп әрман,
Айтсам ада болмас бағрымдур бирйан,
Өлгенини тақыйд қылды бир кәрўан,
Йурт игәси Султаныңдын айрылдың.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ғәрибниң анасы зар-зар ағлап, жаҳан әлам көзине қараңғы болуб, пәлекдин шәк-шикайат қылып бир сөз айтты:

— Мәҳнет әййамыңдын, пәлек әлиндин,
Қара бағрым қана дөнди, нәйлейин,
Ықырары йоқ Шаҳ Аббасның жәбридин,
Гулшәним хазана дөнди, нәйлейин.

Өмирим ақырында берди туз етип,
Ҳижран бәласыны маңа күзетип,
Уғлым өлмес бурын тирик узатып,
Суд ишим зийана дөнди, нәйлейин.

Ҳешбир гийнем йоқдур, Шаҳсәнем, сендин,
Әжел келип жаным шығар бу тәндин,
Ели-халқым йүзин дөндирди мендин,
Йақшылар йамана дөнди, нәйлейин.

Шаҳ Аббас әўелде не ўәде етти?
Ўәде йеткен ўәзир дүнйадын өтти,
Бу сөзлер уғлымның башына етти,
Мәнзили Шырўана дөнди, нәйлейин.

Абадан дер, айтсам, түкенмес дағым,
Ғам йолы қурытты салған шарбағым,
Уғлым өлген болса, сөнди шырағым,
Баҳарым хазана дөнди, нәйлейин.

Әлқысса, Ғәрибниң анасы бу сөзни айтып тамам етти. Анда сиңлиси Гүлжамал бийшараның халы қарап, бағры кәбап болып, Ғәриб ағасын йоқлап бир сөз айтты:

— Кеше-күндиз ағлап күним өтирдим,
Көз йашым мегземиш дәрйа селине,
Етти йылдур шунқарымны қашырдым,
Ғәриб түшти Ҳәлепшырўан елине.

Ағам дейип хеш тәрепе бақмадым,
Жығамны санчмадым, ҳәйкел тақмадым,
Мәжнун болып башым алып шықмадым,
Ләйли сорағына, ҳижран шөлине.

Дост-душман ишинде қызыл йүзим йоқ,
Ағам йоқ, иним йоқ, сөзлер сөзим йоқ,
Ҳижран билән йығлайдурмен, көзим йоқ,
Излеп шықсам Ҳәлепшырўан елине.

Ҳаслым Бағдадыйдур мәскеним-жайым,
Мүсәпир йуртларға салды қудайым,
Ешиткил дадымны қәдир аллайым,
Йетишгейму енди бүлбил гүлине.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сырдашым дер эрдим, Шаҳсәнем, сени,
Йарым деген сениң Ғәрибиң қәни?
Гүлжамал дер, тәнри қоймасын мени,
Шул күн нәўбет йетсе әжел қолына.

Әлқысса, Ғәрибниң синлиси Гүлжамал бийшара зар-зар ағлаб, бу сөзни тамам етти. Анда Акша буларға тәселле берип, бир нешше йерлердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Йалғаншы паны дүнйада,
Ҳеш кимсе аман қалмады,
Йақшы кетип бу арада,
Өлмей ҳәм йаман қалмады.

Бу дүнйадын өтти Ҳатам,
Өлмейин қалмас ҳеш адам,
Шүкирни бил, өтер бу дәм,
Суд илә зийан қалмады.

Өзини базара салған,
Бир қул келип сатун алған,
Мысыр елинде падшаҳ болған,
Юсиби кәнъан қалмады.

Дүнйаны бир көзде көрген,
Әдил болып йуртын сорған,
Дәўпәрийниң дадын берген,
Шаҳы Сулайман қалмады.

Искендер дүнйадын кешти,
Не шаҳбазлар йуртдын көшти,
Жумлә әжел мәйин ишти,
Рустеми дәстан қалмады.

Ҳақның достыдур Муҳаммед,
Үммет ушын шекти мәҳнет,
Сен бу демни бил ғәниймет,
Шул Пәхри жаҳан қалмады.

Әбиў-Бәкир, Омар, Осман,
Рәсулиге едилер йаран,
Ҳәзирети Әлий, Шаҳымәрдан,
Ол Шаҳымәрдан қалмады.

Бу дүнйа бир көне сарай,
Нешше йыл кешти, нешше ай,
Нәўбет билән шаҳы-гәдай,
Йегленип заман қалмады.

Гүлниҳал дер, йанды йүрек,
Өлмесликке барму дәрек?
Бәрше адам өлмек керек,
Мунда келген жан қалмады.

Әлқысса, Акша бу сөзлерни тамам етип, Ғәрибниң анасы билә синлисине нәсийҳат етип, көңил берип қайттылар. Андын соң Шаҳсәнем Акшаға айтты:

— Әй, Акша апа, Ғәрибниң өлгенин өз көзим билән көрип келмесем болмас, бул хабарны ешитип мениң мунда пәрағат йатқаным лайық эрмәс, әжел йетип Ғәриб өлген йерде мен ҳәм өлейин. Әгәр йалған болса, өзим барып йүзин көрейин, — деп Ҳәлепшырўанға кетмекши болып, кәнизлерге қарап Шаҳсәнем бир сөз айтты:

— Емди мен кетермен Ҳәлепшырўана,
Ансыз бу йерлерде қарарым йоқдур,
Зәрре қайғу йемен емди бу жана,
Йарсыз бу жайларда қарарым йоқдур.

Барып йастанайын йарның мазарын,
Сийнем үзре тәўсыйқ хатын йазайын,
Тәнри отқа йақсун Бәкирдийарын,
Емди бу жайларға келәрим йоқдур.

Йарым тутты Ҳәлепшырўанда ўатан,
Йат еллерде йарым дүнйадан өткен,
Жан берип топырақны йастанып йатқан,
Йарны көрмей мунда турарым йоқдур.

Замана болубдур бетердин-бетер,
Күнде йүз қыйаллар башымдын өтер,
Пырақның мәйине тойғаным йетер,
Емди зәҳәр ишсем қумарым йоқдур.

Аман болса, йарым алып келмесем,
Йа барлығын, йа йоқлығын билмесем,
Өлген болса, мен ҳәм барып өлмесем,
Тақатым, әрамым, қарарым йоқдур.

Тирикликте ансыз жанны нетейин,
Истеп йарны әзми сапар етейин,
Емди турмай Ҳәлепшырўан кетейин,
Зәрре егленменем, турарым йоқдур.

Сәнем айтур, отқа йандым жаҳанда,
Зәрре ықтыйарым қалмады жанда,
Йарым өлген болса Ҳәлепшырўанда,
Мениң бу йерлерде қарарым йоқдур.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етти. Әмма шул әййамда шаҳ Аббасның бәргаҳында Бабахан шатыр деген бир гөне хызметкер бабасы бар эрди. Шаҳсәнемжан шул бабаны йолға сәрдар қылып кетмеге шақырып алып, халы-зарын бир-бир байан қылып Бабахан шатырға йалбарып, мени Ҳәлепшырўанға алып барғыл деп, Шаҳсәнем бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бир қарыщдын мени бағып бежердин,
Сендин өзге ғамгүзарым йоқ мениң,
Анамның орныға қой сүтин бердиң,
Сендин өзге эҳтибарым йоқ мениң.

Мениң мунда зәрре көңил хошым йоқ,
Күйип йығламақдын өзге ишим йоқ,
Сендин өзге сырым айтар кишим йоқ,
Колым тутар досты-йарым йоқ мениң.

Кел, мени сен элткил Ҳәлепшырўана,
Мунда көзим түшер йахшы-йамана,
Өмирим гүлин бердим бады хазана,
Енди ашылар лалазарым йоқ мениң.

Йарымның мазарын қушып йатайын,
Бу дүнйадын йар-йар дейип өтейин,
Өмризайа йулдыз киби батайын,
Бу ўатанда ҳеш турарым йоқ мениң.

Өмиримниң гүлине тушипдур талан,
Ақыры өтәдур, бу дунйа йалған,
Пәлек маңа дағы-айралық салған,
Мундын башқа аҳыў-зарым йоқ мениң.

Сәнем айтар, Ғәриб салды ҳижрана,
Маңа йол башлағыл Ҳәлепшырўана,
Шу күн өлсем әрман етмен бу жана,
Тирикликке эҳтибарым йоқ мениң.

Әлқысса, Шахсәнем Бабахан шатырға бу сөзни айтып, Ақшаны атасыға йибәрди:

— Маңа қырық күн мүҳлет берсин, көңлим шикәсте болупдур. Сәйир-саҳраға кетип шикар қылғым келур, — деди.

Анда Ақша Шахсәнемниң атасына барып мүҳлет алып келди. Бабахан шатыр билән қошылып, Шахсәнем Ҳәлепшырўанға кетер болды. Ол ҳалда Ақша бийшара, Әзберхожа йарына салам айтып бир сөз айтты:

— Мундын барсаң айтың қәўли йалғана,
Арадын муҳаббет кешти дегейсиз,
Йетише билмеди әҳди-пәймана,
Ўәделер узаққа түшти дегейсиз.

Эҳтимад қалмады йар билән йарда,
Мени мунда қойды ғамда, азарда,
Өзи анда гезип гүли-гүлзарда,
Кимлер билән башын қоштың дегейсиз.

Хожа деп баш қоштым әўел өзине,
Ықтыйар болмады айтқан сөзине,
Тоққыз йылдур, Гүлниҳалның йүзине,
Тәәссиф болып сепкил түшти дегейсиз.

Ҳәр кешкен күнлерим бир йылдан бетер,
Шеккен аҳым қашан ол йара йетер,
Даўамет аўқатым қан йығлап өтер,
Дәўлет қушы башдын ушты дегейсиз.

Әзберхожа мениң ҳалым билмесе,
Бу шеккен ҳижраным көзге илмесе,
Халымны сорайып мунда келмесе,
Йүз мың саўда баша түшти дегейсиз.

Гулниҳал дер, пәлек бизге қаст етер,
Бу айралық ығбалымны пәст етер,
Пырақның ағыўсы бизни мәст етер,
Бал орныға ағыў ишти дегейсиз.

Әлқысса, Ақша бийшара бу сөзни тамам етти. Анда Шахсәнем кәнизлерге қарап бир сөз айтты:

— Мен кетермен Ҳәлепшырўан,
Қарындашлар, хош қал емди,
Келур-келмесимдир гүман,
Ҳәм сырдашлар, хош қал емди.

Бизниң билән хылўәт тутан,
Ағыў, балны бирге йутан,
Ақша дебан ат көтерген,
Гүлниҳалым, хош қал емди.

Бәршени бир көзде көрген,
Ели-халықның дадын берген,
Әдил болып йурт сораған,
Шах Аббас хан, хош қал емди.

Тоққыз ай он күн көтерген,
Бағып кәмалға йетирген,
Сәҳәрлерде ақ сүт берген,
Ғәриб анам, хош қал емди.

Емди йара йетер шағым,
Қозғалыпдур дәрди-дағым,
Сейилгәҳим, бағ-шарбағым,
Ўатанларым, хош ҳал емди.

Қырық кәнизниң сәрўери,
Бу күн қурылды мәҳшери,
Йарым кеткен ўақтан бери,
Гезген гүлим, хош қал емди.

Бизни тәңри бойлә етти,
Йар өлди деб хабар етти,
Сәнем Ҳәлепшырўан кетти,
Дийарбәкир, хош қал емди.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам етип, кәнизлери билән хошлашып, Бабахан шатырны алдына салып йолға раўана болды. Бир нешше мәнзил йол йүрип, ўә бир нешше күнлер арадын өтти. Нәгаҳ

www.ziyouz.com kutubxonasi

йолда баратырып Бабахан шатырдың көңлине шайтан пейли түшип, Шахсәнемниң әптапдек йүзине бақып, көңли йаман қыйалға түшиб: Шахсәнемни Ҳәлепшырўанға алып барғунша, өзим алғаным йахшы эрмесму, ҳәзир мунда не ықтийар бартурур, — деп, Ҳәлепшырўан йолыны ташлап, қазақ йуртына жөней берди. Нәгаҳ узақдын бир минара көринди. Шахсәнем сорады:

— Бу көринген минара қайсы йуртның минарасы? — деп.

Анда Бабахан шатыр айтты:

— Ҳәлепшырўан минарасытурур.

Ол ҳалда Шахсәнемжан кудаға шүкир қылып, йарым өлген йерге келдим деп, зар-зар ағлап бир сөз айтты:

— Шүкир, емди келдим Ҳәлепшырўана,
Йарым ғәриб болған жайға йетиштим,
Йеккеликте телмурибан ҳәр йана,
Йарым ғәриб болған жайға йетиштим.

Етти йылдур, йарым мунда келипдур,
Өзин ышқның базарына салыпдур,
Мениң ушын әрман билән өлипдур,
Йарым топырақ болған жайға йетиштим.

Мениң ушын өзин салып ҳижрана,
Мусапырлық билән болып хәмхана,
Әйлемишдур етти йылны баҳана,
Йарым гүлдек солған жайға йетиштим.

Йар, йар дейип йарым салып зибана,
Өзим келдим излеп енди бул йана,
Гөззал йарым көрсем дейип ғайбана,
Әрман билән өлген жайа йетиштим.

Етти йыл қошылдым натаўан билә,
Көрише билмедим Ғәрибжан билә,
Йарым үлпет болып Қаразбан билә,
Йарым жапа шеккен жайға йетиштим.

Шахсәнем дер, йандым йарның дәртине,
Қайылмен Ғәрибниң эхтиқатына,
Йар, йар дейип минип әжел атына,
Жаназасын қылған жайа йетиштим.

Әлқысса, Шахсәнем зар-зар, чун әбри-нәўбәхәр йығлап бу сөзни тамам етти. Анда Бабахан шатыр айтты:

— Әй, Шахсәнемжан, мен сени Ҳәлепшырўанға келтиргеним йоқ, қазақ ўәлайатына алып келдим, сени өзгеге минәсип көрмей, өзиме минәсип көрдим. Мени өзиңге қабул қылғыл, сениң билән мурад ҳасыл қылсам керек, — деди.

Анда Шахсәнем Бабаны куда урғанын билип, бир хийле йетмек болды. Әгер муңа бу йерде бир сөз айтсам, иш өзге болар. Ҳәр не ҳәм болса көңлин алып бир сөз айтайын деп, кисесиндин теңге шығарып алып:

— Әй, баба, раст айтырсаң, өлик арысланнан тирик сышқан йахшыдур деген. Ҳәр не ҳәм болса мен ҳәм саңа көңил бердим. Әгер сен маңа раст көңил берген болсаң, ошбу қырық теңгениң ҳәр бирисиге бир мәрте қатнап, шәҳәрдин қырық түрли тағам келтир. Хоб тағам йеп, нахар қылып раҳатланып, андын соң мурад ҳасыл қылсаң керек, — деди.

Баба:

— Болар, сәўдигим, қырық мәртебе түгил йүз мәртебе десең ҳәм сениң ўақтыхошлығың билән бир ләхзеде барып келурмен, — деп, теңгени алып шәҳәрге йүгирип кетти.

Баба кеткендин соң Шахсәнемжанның көңлине бир қыйал кешип, зар-зар ағлап, өз ҳалына бир сөз айтты:

— Емди кешип ошбу паны дүнйадын,
Бир муршид етегин тутмасам болмас,
Қол көтерип емди хирси-хәўесдин,
Баш алып бир йана кетмесем болмас.

Йарны көрмек тәңри нәсип етмесе,
Жан барында жәсет йара етмесе,
Айтқанымны Бабаханым етмесе,
Ана бир ҳийлени етмесем болмас.

Мени қоймас хәргиз йара бармаға,
Йар йанында өз қәбримни салмаға,
Бул йерге келтирди өзи алмаға,
Мен мунын башына етмесем болмас.

Ҳәлеп деп келтирди қазақ дәштине,
Мени алмақ ушын көңил хошына,
Мен буның өмириниң ушар қушына,
Қурып дузақ билә тутмасам болмас.

Баба алдап мени мунда келтирип
Сухбет етмек мениң билә отырып,
Ҳийле билә бул бабаны өлтирип,
Ғәрибжанны излеп кетмесем болмас.

Кел Шахсәнем, емди шүкир ет бу дәмә,
Бойлә болдым дейип зәрре ғам йеме,
Емди мени көрмек йоқтур хеш кимә,
Бир йат үлкелерге йетмесем болмас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзлерни айтып пикир етип отырды. Әмма баба хәм шәҳәрге қырық барып, қырық келди. Йүкирә-йукир билән аза-әндамы сызлап, суў болып ақты. Шаҳсәнемдин хошамет сөз тәма етип отырды. Анда Шаҳсәнемжан бабаны мундан бетер хәм жанын алып, гириптар қылайын деп, жилўә билән бабаға қарап, бир неше хошамет сөзлерин айтып, Шаҳсәнемжан бир сөз айтты:

— Кел, бабажан, кир бу баға,
Келгил, гүлистана йүзлен,
Муҳаббат салып араға,
Бу күн айшы-ғамә йүзлен.

Шийрин-Фарҳатдек қозғалып,
Көнил берип, меҳриң салып,
Турмағыл мендин уйалып,
Жошып, гүл әндама йүзлен.

Бағыма кир, тер гүлимдин,
Қанду, әсел сор тилимдин,
Тут қолымдын, куш белимдин,
Айшы-әширет кәне йүзлен.

Тут сийнемде қоша нары,
Кетсин көңилниң ғубары,
Бағыш әйледим хәр не бары,
Хош сүргин, дәўрана йүзлен.

Бабахан, кир қайнап-жоша,
Йүзде қалым қоша-қоша,
Гүл йүзимдин алып поса,
Хоб-хоб зәнәхдана йүзлен.

Егленмегил саат заман,
Сүргил дәўран, берме аман,
Сийнем саңа тахтыраўан,
Шық, сүрер дәўрана йүзлен.

Шекер ләбдин йемишәли,
Доланышып, шырмашалы,
Өпишәли, қучышалы,
Кел бизе, долана йүзлен.

Сенде әжеп сүўрет-сыйақ,
Тиш төгилген, сақалың ақ,
Хулқың Ғәрибдин йақшырақ,
Кел, шийрин зибана йүзлен.

Бийкар Ғәриб деп шыққаным,
Қаш-қабағың алды жаным,
Мақсет саңа йолыққаным,
Йандырма, бу йана йүзлен.

Сәнем айтар қайнап-жошып,
Муҳаббет билән бел шешип,
Пәшек гүлдек шырмалышып,
Бел қушып долана йүзлен.

Әлқысса, Шаҳсәнемниң бу хошамет сөзлерине бабаның көңли көтерилип, ўә қатты кеўли хош болып, қаҳ-қаҳ урып күлип, Шаҳсәнемге мейил етер болды. Анда Шаҳсәнем айтты:

— Әй, баба, сен шәҳәрге қырық барып, қырық келдиң, бәдениң гәрд, ғубар билән кир болғандур. Ол чәшмеге барып, түшип тазаланып келгил, андын соң сениң билән мурад ҳасыл қылурмыз, — деди.

Бабахан шатыр «әжеп болур» деп чәшме башына барып, либасларын шешип, өзин чәшмеге ташлады. Бабаның бурын хәм иши питкен эрди. Қызғын бәденге чәшмениң суўық суўы тәсир йетип, қайтып чәшмедин шығарға мәжалы болмады. Шаҳсәнемге бақып:

— Мени қолымдын тутып шығарғыл, — деди.

Шаҳсәнем бу сөзни ешитиб йүкирип бабаға йақын барып, белинде пинҳаны бир қанжары бар эрди, чықарып қолыдын ушлаған кишиге ухшап, қанжар билән бабаның бағрын йарып ташлады. Бабаның жан ўәҳмидин не болғанын билмей, «Шаҳсәнемжан, назыңдын үргилейин» деп жан берди. Анда Шаҳсәнем бабаны өлтирип, көңли йүз мың әндийшеге түшип, «йаман-йақшы, шаҳу-гәда, хәркимниң башына бу өлим келсе керек» деп, бу шарқыпәлекниң гириптарлығыдын шикайат қылып, көңли бузылып, Шаҳсәнемжан бир сөз айтты:

— Дад әйлерем шарқыпәлек элиндин,
Шөйлә бир заманлы паны дүнйасан,
Кимлер келип, кимлер кетти қолыңдын,
Күнде йүз нышанлы паны дүнйасан.

Нешше ўақытлар хошлап, бир күн төгерсен,
Мудам бийўапалық туқымын егерсен,
Жан болған адамның қанын төгерсен,
Суды йоқ, зийанлы паны дүнйасан.

Хәр киши мурассағ тажыны кийер,
Мақтанар, дүнйаны мен алдым дийер,
Ақыр өлер, көзи топыраққа толар,
Шыны йоқ, йалғаншы паны дүнйасан.

Сениң хеш қолыңның расты болурму,
Ҳеш ким сени тутып ала билирму,
Саңа келген адам өлмей қаларму,
Суды йоқ, зийанлы паны дүнйасан.

Бир нешени көрсең алдап алурсен,
Аңа нешше меҳрибанлық қылурсен,
Ақыры башына саўда салурсен,
Мәккар, хош зибанлы паны дүнйасан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бабахан, мәкириңе сениң инанып,
Игри йолға йүрди, туўрыдан танып,
Максудқа йетмеди бу отқа йанып,
Ықрары йалғанлы паны дүнйасан.

Сениң бир ҳийлеңе тақат йетмеди,
Шахсәнемниң аңа кеўли кетмеди,
Шатыр өлди, мурадына йетмеди,
Биймәҳәл қазалы паны дүнйасан.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етти. Әмма Шаҳсәнем йол әсбабын тутқанда эркәк либас ҳәм пинҳамы алып шыққан эрди. Ошбу шаҳана либасларны кийинип, йигит сипәтинде болып, бир нешше дақийқа олтуруб, өзиниң сәргәрданлығына ҳәйраны-сәрәсима болып, қайан барарын билмей, ақыры нәйлаж болып, йолға түшип қазақ шәҳәрине келди. Қараңғы кеше эрди. Ол йан, бул йан йүрип, қайда түшерин билмей, атын қаланаң бир йериге байлап, өзи қаланың қорғанының үстине шығып хәр йана йүрди. Нәгаҳ миршәблер хабардар болды. Шаҳсәнем буларға не жаўап айтарман деп қашты. Миршәблер қуўып жетип ушлап, зинданға салды. Шәҳсәнем бийшара зинданда йекке, тәнҳа қалып, ғәриблик башына түшип, зар-зар ағлап бир сөз айтты:

— Шықтым Ләйли-Ләйли дейип,
Гезгеним шөлистан болды,
Зуләйҳадек Юсуп дейип,
Мәнзилгәҳим зиндан болды.

Мусапырлық түшти баша,
Зар болдым қаўмы-ғардаша,
Ағлап көзим толды йаша,
Ҳәм ерип бағрым қан болды.

Ғәриб дейип мен зар болып,
Ашылмаған гүлдек солып,
Йаўыз дәҳмет дәртке қалып,
Суд ишлерим зийан болды.

Пәлек салды йаўыз дәрде,
Зар болдым хәр бир намәрде,
Турсам өлермен бу йерде,
Қутылмағым гүман болды.

Кашки, маңа келсе әжел,
Бахтым қара рузы әзел,
Ғам ели ести биймәҳәл,
Өмирим гүли хазан болды.

Жаным айрылмас апатдын,
Шыға билмен кәсапатдын,
Башға түшкен мәламатдын,
Йақшы күним йаман болды.

Сәнем айтур, мискин башым,
Тынмай ағар көзден йашым,
Чаҳ ишинде ҳәм йолдашым,
Йылан билән шайан болды.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзлерни айтып, ағлап-ағлап йатты. Нәгаҳ уйқы келди, бир әндек әрам алды. Түшинде қаўмы-қарындашлары, ели-йурты көзине көринип, сачырап йериндин турып, өткен әўлийа-әнбийалардын мәдет истеп, ўә истиғанәт тилеп, алланың ҳаққы-ҳүрметин йүзине тутып, Шаҳсәнемжан бир сөз айтты:

— Йаратқан бийрубар, ешит панаҳым,
Өзиң йеткил аҳу-зарыма мениң,
Қысметим не болды, недур гүнаҳым?
Отлар йақтың кәри барыма мениң.

Бәршениң атасы ҳәзирети Адам,
Сизге пайғамбарлық болды мусәлләм,
Бу жайның ишинде қолым тут бу дем,
Рәҳим етегәр аҳу-зарыма мениң.

Андын соңра кәлам йазғанмыш Нәбий,
Сиздин кешип келмиш пайғамбар көби,
Дәшти топан йеткен йа Нуҳы Нәбий,
Рәҳим йетегәр халы-зарыма мениң.

Пайғамбарға ўәҳи ендирген Жәбирайыл,
Ибраҳим Ҳалил уғлы Исмайыл,
Ҳақның пәрманыға болыпдур қайыл,
Рәҳим етегәр халы-зарыма мениң.

Ҳақның бир рәсиўли Ҳәсирети Муўса,
Өз нурындын болған Ҳәзирети Ийса,
Төбесиге әрре қойған Зәкәрийа,
Арзым етир бирубарыма мениң.

Юсупниң атасы Ҳәзирети Яқуб,
Уғлының ҳижринде көз йашын төгип,
Ҳақның бәласына сабыр еткен Әйуп,
Рәҳим етегәр халы-зарыма мениң.

Йетмиш йыл өлибан тирилген жиржийс,
Өлмейин жай тутған беҳиште Идрис,
Йа ҳәзирети Сулайман, Мәҳбубы Былхыйс,
Рәҳим етегәр халы-зарыма мениң.

Юнус Нәбий ҳақдын тапты кәрамат,
Маҳының ичидин шықты саламат,
Йашыйып көр болып, көрген әламат,
Рәҳим етегәр халы-зарыма мениң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәдет берин, ҳасыл болғай бу максуд,
Қайда барсам ишим болмады бийҳуд,
Зәбурны хатм еткен ҳәзирети Даўыд,
Рәҳим етегөр ҳалы-зарыма мениң.

Зинданда болыпдур ғамым пәрўана,
Муҳаммет Мустафа йа пахри жаҳан,
Әбиўбәкир, Сыдық, йа Омар, Оспан,
Рәҳим етегөр ҳалы-зарыма мениң.

Мени бул зиндандын әйлеңиз халас,
Қызыр Илйас билән йа Қаўыс-Қыйас,
Пайғамбар сырдашы йа ибни Аббас,
Рәҳим етегөр ҳалы-зарыма мениң.

Ҳеш кимсе болмады бу йерде ғамхор,
Мусапырмен, ҳақтан өзге кимим бар,
Пирим Султан Уәйис, йа ибни Қаххар,
Рәҳим етегөр ҳалы-зарыма мениң.

Ҳәсен бирлә Ҳүсен екки шәҳийдын,
Мәканым болыпдур қараңғы зиндан,
Шаҳсәнемниң пири йа Шаҳымәрдан,
Рәҳим етегөр ҳалы-зарыма мениң.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етиб эрди, зинданбан ешитиб, йүкирип падшаҳыға барып айтты:

— Әй, султаным, өткен ақшам зинданға уғры деп бир йигитни салып эрдик. Ол йигит әўлийа-әнбийаларны қоймай йад етиб йығлап йатур, — деди.

Патшаҳ айтты:

— Андағ болса, ол йигитни алып кел, көрейин, — деди.

Зинданбан «әжеп болур» деп, Шаҳсәнемни шаҳның ҳузырыға алып келди. Анда шаҳ айтты:

— Әй, уғлым, қайдын келип ўә қайда барурсен? — деди.

Ол ҳалда Шаҳсәнем ҳал-аўҳалын бир-бир байан қылып, падшаҳға караб бир сөз айтты:

— Несип тартып мунда келип,
Әй, шаҳым, бул йана түштим.
Мәжнун киби Ләйли дейип,
Шөлдин шөлистана түштим.

Болды маңа биреў ҳәмдам,
Ишим болды күнде матам,
Йақшылық көрмедим бир дем,
Күн күндин йамана түштим.

Ақыр өлермен бу дәртдин,
Сәрдар йетип бир нәмәртдин,
Сәбеп шул, айрылдым йуртдын,
Йол ашып бул йана түштим.

Бир шатыр келтирди мунда,
Йуртымда шаҳ эдим анда,
Миршаб тутып қылды бенде,
Дөҳметдин зиндана түштим.

Ақыр өлермен бу ғамдын,
Дәртим артар дембе-демдин,
Айырылып ата-анамдын,
Жуда илә бул йана түштим.

Мени сорсаң, азадаман,
Бир пәрийге дилдараман,
Аббас уғлы шаҳзадаман,
Келип бағры кана түштим.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни байан еткендин соң падшаҳ Шаҳсәнемге иззети-икрамлар қылды. Бир неше күн Шаҳсәнем анда болды. Бир күн Шаҳсәнем өз йуртына қайтар болып, падшаҳдын рухсат алды. Падшаҳның Бабайы Палус деген шатыры бар эрди. Бир неше йигитлерни аңа нөкер қылып, Шаҳсәнемни оларға қошып йолға раўана қылды. Бир неше күн йол йүрип Дийарбәкир ўәлайатына йақын келди. Ол ҳалда Шаҳсәнем йанында бирге келген ҳәмраҳларыға рухсат берип қайтарып өз йуртына йиберди. Өзи көшкине келип қарар тапты. Анда Ақша бийшара келип Шаҳсәнемдин ҳал-*аўҳал* сорады. Эрсе Шаҳсәнем Ақшаға жаўап берип бир сөз айтты:

— Туғмағайдым, Ақша, әўел анамдын,
Бу дүнйаға келип раҳат көрмедим,
Ғәриб билән әҳди-пәйман еткели,
Қайғы-ғамдын өзге ниғмат көрмедим.

Ғәрибим кеткели Ҳәлепшырўана,
Мени койды қайғу билән ҳижрана,
Дәрдим көпдур, йеталмадым дәрмана,
Сырым айтышмаға үлпет көрмедим.

Бабахан йол башлаб сәрдар болмаға,
Ғәриб өлген йерге алып бармаға,
Йолдын адаштырды өзи алмаға,
Ҳешкимдин йақшылық нисбәт көрмедим.

Шатырды өлтирдим қырық йол йүкиртип,
Суўық суўға салып жазасын берип,
Өзим чаҳға түштим несийбем тартып,
Өмирим ичре бойлә меҳнәт көрмедим.

Куда рәҳим әйледи, зиндандын шықтым,
Күнде йүз мың мәламатқа йолықтым,
Ғәрибимни тапмай жанымды йақтым,
Бу ышқ ара зәрре ләззет көрмедим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәнем дийер, мың бәлаға йар болдым,
Түкәнмес саўдаға сазаўар болдым,
Бойлә өмирим кешти, хоры-зар болдым,
Бу дүнйада айшы-ишрет көрмедим.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам йетип, башындын өткенлерин байан қылып, пырақ отыға йанып, күндиз парахатлық, кеше рахатлық йок, Ғәрибтен белли үмитим үзип, хәр нешик кеўилин суўытарға майыл болар эрди, әмма хәргиз көңли суўымас эрди. Бәлки бурынғыдай халы өзге болар эрди, көңлине қайғы-хәсиретлер толып, гәха зар-зар ағлар эрди. Күнлерден бир күн Шахсәнем көшки үстине шығып, әйне сәхәр ўақта ағлаб олтурып эрди. Нәгах таңның шамалы ести, шул халда Шахсәнемжан таңның шамалына арзы-халын байан етип бир сөз айтты:

— Есип-есип келген таңның шамалы,
Мениң арзы-халым йарға дегейсең,
Өлмеге йетибдур Сәнемнин халы,
Йығлап-йығлап ол дилдара дегейсең.

Тәнрим өзи хәр кимсеге йар болса,
Зиндан гүлзар болур хәрчанд тар болса,
Шырўан ишре йарым Ғәриб бар болса,
Йанды йүрек-бағры нара дегейсең.

Дағларның башыны алыпдур думан,
Йалғаншы дүнйада саў болсын аман,
Йақасы түгмели, әбрүўси кәман,
Менин йығлағаным зара дегейсең.

Мениң көңлим хар қыйала кетипдур,
Йарым келер муддетийдин өтипдур,
Жаным шығар ўақытқа йақын йетибдур,
Қоймасын намысқа-арға дегейсең.

Мениң йарым пәрағатта йатыпму,
Ышқның оты шийрин жана өтипму,
Зары-хижран жигерине батыпму,
Сәнемнин бағрыны йара дегейсең.

Йетти йылдур, шектим ах илә зарын,
Башым үзре қурдым өлим базарын,
Өлген болса таўып йарым мазарын,
Ачыбан қәбрини йара дегейсең.

Йарым тириклиги болды гүмана,
Сөз болдым елимде йақшы-йамана,
Өткен күни дөнип ақырзамана,
Сийнеси ғам билән йара дегейсең.

Ярың қара бағры қанға толды де,
Пырақында гүл йүзлери солды де,
Кеше-күндиз халы өзге болды де,
Сәнемнин бахтыны қара дегейсең.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзлерни айтып зар-зар ағлаб олтурыб эрди, Сәнемнин бул аўазыны ешитиб Ақша йүгириб келиб:

— Саңа немә хал болды, ағлаб олтурубсен?

— Мен нешик ағламайын, — деп дәртин айтып бир аўыз сөз айтты:

— Мен саңа дийәйин, Гүлнихал апам,
Дәртим күшли болса, йығламайынму,
Бағым хазан урып, солыпдур гүлим,
Дәртим күшли болса, йығламайынму.

Күнбе-күн, дембе-дем ғамым зийада,
Дәртим күшли болса, йығламайынму.

Көзде йашым жәйхун сипәт болупдур,
Мениң йүрек-бағрым қанға толупдур,
Йа бир бийўапаға көңил берипдур,
Дәртим күшли болса, йығламайынму.

Йетти йылдур көрә билмен йарымны,
Хазан урды алма билен нарымны,
Емди тәрк әйледим намус-арымны,
Дәртим күшли болса, йығламайынму.

Халым көрип хеш ким йетмес дадыма,
Ғәрибим хәмийше түшер йадыма,
Әзел күнде ғам питилмиш атыма,
Дәртим күшли болса, йығламайынму.

Йар истедим, көринмеди көзиме,
Хижран нихалыны екти изиме,
Гәхи келсем, гәхи келмем өзиме,
Дәртим күшли болса, йығламайынму,

Шарқы пәлек йеткермеди мурада,
Кимге барай аның әлиндин дада,

Мен нәйлейин, бағрым пара болубдур,
Ғам отыдын сийнем йара болубдур,
Сәнем дийер, бахтым қара болубдур,
Дәртим күшли болса, ыйғламайынму.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам этди. Анда Ақша айтты:

— Сен йарыңдын айрылғаныңа йетти йыл болубдур. Мениң Әзберхожа йарымдын айрылғаныма он йыл болубдур. Мен душманға бир сөз айтқаным йоқтутур, сен мунша бийқарар болмағыл. Кел, екеўимиз пай тәхарәт қылып биразырақ йаталы, шайат уйқымызда бир зат көргеймиз, — деп йекеўи пай тәхарәт қылып, йеки рәкат намаз хажат оқып йаттылар. Нәгах таң мезгилинде Ақшаның түшинде бир бөлек пийрлерниң әрўағы хәзир болып келип:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәсен ўәзирнин уғлы Ғәриб тириктурур, ертең чашгәҳте бир бөлек кәрўанлар келип Ғәрибтен хабар берер, — деп көзден ғайып болдылар. Эрсә Ақша биишара йерийдин сачрап турып, көрген аўҳалын Шаҳсәнемге байан кылып бир сөз айтты:

— Йатурем, Сәнемжан, бир аўҳал көрдим,
Мәгәр Рәҳман ола шәйтан дегилдур,
Шад болып ойғанып сачрадым турдым,
Тақыйық тағийн көрдим, пинҳан дегилдур.

Ҳалқа-ҳалқа зулпы бардур белинде,
Тумағалы қушлар көрдим қолында,
Кәраматлы пийрлер сағу-солында,
Растдур бул сөзлерим, йалған дегилдур.

Бир бөлек пийр әрўақлары келдилер,
Келип мениң дегрә-дашым алдылар,
Ғәрибжанны аман-есен дедилер,
Пийрлер изхар етти йалған дегилдур.

Айтай көргенимни мен ҳәр не барын,
Көнлинде каст етер Бәкирде йарын,
Ертең чашгәҳ кәрўан берер хабарын,
Дейип пийрлер айтты, порхан дегилдур.

Сен мендин йешиткил пийрлер сөзини,
Мәдет тилеп сүрме қылғыл изини,
Аўҳалымда Ғәрибиңниң өзини,
Көрдим Шаҳсәнемжан, йаман дегилдур.

Ақша байан етти түште көргенин,
Пийрлер руҳы эрди хабар бергенин,
Гүлниҳал дер ҳәр не көрген-билгенин,
Сизге байан йетти, гүман дегилдур.

Әлқысса, Ақша бу сөзни байан йеткендин соң Шаҳсәнемниң көңли гүл-гүл ашылып, өлик тирилген йаңлы, қәстеге шыпа тапқан йаңлы болып, Ақшанын йүз-көзлерин өпиб, әгер бул көрген аўҳалың раст болып, Ғәрибжанды бир көрер күним болармекен деп, Ақшаға карап Шаҳсәнемжан бир сөз айтты:

— Ақша апа, әрман қалмас кеўилде,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим,
Зәрре ғамым болмас жан билән тәнде,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим.

Садаған болайын өзиңе бенде,
Ҳеш тақат қалмады жан билен тәнде,
Йарымны тиледим қудадын күнде,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим.

Қуда рәҳим әйлейип ашса бахтымды,
Ғәриб келип хош әйлесе ўақтымды,
Саңа бахш әйлермен тажы-тахтымды,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим.

Әрман етмен ғамлы өткен күниме,
Хош ҳаўазлық пайда болмыш үниме,
Шыққан жаным қайтып келер тәниме,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим.

Мунша көрген күнлер бир күнше болмас,
Бағым ишре гүлим ашылар, солмас,
Бу көңлимде зәрре әрманым қалмас,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим.

Йәне ҳәм көрсем йарымның йүзин,
Ҳәр ертеде таўап етермен өзин,
Ғәриб келип көрсе Шаҳ Аббас қызын,
Мурадым-мақсетим — көрсем Ғәрибим.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтып көзлери шар тәрепке телмирип, не йердин хабар келер эркән деп көшкниң үстинде көз тутып олтырды. Нәгаҳ Ҳәлепшырўан тәрептен бир бөлек кәрўан сарайға түше бердилер. Анда Шаҳсәнем кәрўанбашыны киши йиберип ҳузырына алдырып, Ҳәсен ўәзирниң уғлы Ғәриб дегеннен хабар билермусиз? — деп бир мухаммес айтты:

— Йетти йылдур, болмышам мен дәрбедәр, кәрўанбашы,
Маңа түшмишдур даўасыз дәрдисәр, кәрўанбашы,
Қайсы йуртдын келдиңиз әйлеп гүзер кәрўанбашы,
Сөзлегил дем болмайын, қылмай ҳәзер, кәрўанбашы,
Билдигиң болса Ғәрибжандын хабар, кәрўанбашы.

Ол Ғәрибим кеткели мундын болыпдур йетти йыл,
Күнбе-күн ҳалым зәбундур, раҳатым болды тахил,
Билмен, ол ҳалы нешикдур мунда харузы дил,
Өлди деп бир сөз ешиттим, йолыда болдым сәбил,
Көрген болсаң ол Ғәрибдин бер хабар, кәрўанбашы.

Билсеңиз, Ҳәсен ўәзирниң уғлыдур, аты Ғәриб,
Йетти йылдур йығларем хижринде аның сарғарып,
Сағлығын әйлең байан, гәр келсеңиз аны көрип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сағ болса, мунда келмей не қылур анда йүрип,
Сағмыдур, көрсеңиз Ғәрибдин бер хабар, кәрўанбашы.

Ол Ғәрибим қайда, билмен, аҳ, мунда дат етем,
Ҳижр дәштинде қалып мен, ағыў хәр күнде йутам,
Йа көрем йарым жамалын, йәки көрмейин өтем,
Ошбу кеше түш көрипмен, сағлығына көз тутам,
Сағму, көрсең Ғәрибимдин бер хабар, кәрўанбашы.

Кетти, билмен, келмеди, етти йыл эрди ўәдели,
Ушты бүлбил, солды гүл, пишмеди бағым мийўасы,
Тотылар сөзин унытты, кетти таўыс шийўәси,
Хижринде зар ағларам, мен йетти йылның пәйўәстәси,
Аҳы-зарым ол Ғәрибдин бер хабар, кәрўанбашы.

Йетти йыл хижран отыға өртенер жану-тәним,
Бағрым ичрә ғам отыдур, йығларам көзлерде нәм,
Күнде йүз мың дәрди-ғамдын ләҳзе бир айрылманам,
Йығлабан ҳалыны бир-бир сизге айтты Шаҳсәнем,
Сағмудур, көрсең Ғәрибдин бер хабар, кәрўанбашы.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу мухаммесни тамам етти. Анда кәрўанбашы айтты:

— Бизниң Ҳәлепшырўанда Бабанийаз қаразбан дегенниң үйинде бир дийхан бар эрди, өзи кәл, кеше-күндиз қараз ҳайдамақтын өзгә иши йоқтурур, гәҳа қаразға қошқан йабысына ғәззел айтып сөзлер. Өзи диўана сипет, дүнйаның суды-зийанындын хабары йоқ ўә ҳешкимге пайдасы ҳәм йоқ, гәҳа аўзына келген сөзин айтып өз ҳалына ағлар. Сизниң айтқан адамыңыз шул болса, сағтурур, өлген жоқ, әмма сизиң сорағаныңызға ол адамны минәсип көрмей турыпмыз, — деп бир-бир байан қылды.

Анда Шаҳсәнем айтты:

— Сизлерге дәли көринсе ҳәм өзимизге сағтутур, әмма сағлық хабарын билдиргениңизге алла разы болсын, — деп кәрўанбашыға зийапат қылып, үстине сарпай йапып ўақтын хош етип қайтарды.

Кәрўанбашы кеткендин соң Шахсәнемжан Ақшаға бақып, Ғәрибниң ҳалыны қайғырып зар-зар чун әбри-нәўбаҳар йығлап бир сөз айтты:

— Ўа, дарийғ, Ғәрибим бу ҳалда болса,
Мәгәр жиндин әскер йеткен болурму,
Ғәрипликте гүлдек йүзлери солса,
Жанына бир зәҳмет йеткен болурму.

Тақаты болмаса олтырып-турып,
Бахтым йықылғандур дарахтым қурып,
Ақылдын айрылып мәгәр жин урып,
Аңа зийан-зәҳмет йеткен болурму.

Қәсте болып йат еллерде қан жутып,
Ғам салдыму пәлек шадлығы өтип,
Жин әсери билән йарын унытып,
Келмей анда ўатан тутқан болурму.

Пәрўанадек хәр шуғлаға баш урып,
Пәрий зәҳмет қылып ақылдын шашып,
Қарын кийип, зәр кәкилин йашурып,
Өзин кәл сипетли йеткен болурму.

Кәрўанбашы бизге минәсип көрмес,
Дейур, Ғәриб суды-зийанын билмес,
Сағ болса себеп не излейип келмес,
Мәгәр ақлы-ҳушы кеткен болурму.

Телбелердек башын урып хәр йана,
Сөзлеп хәр түрли сөз келсе зибана,
Ақлын билмей барып ол каразбана,
Дийхан турып хызмет еткен болурму.

Бизден айрылғанда шахзада эрди,
Милайым тәбийат азада эрди,
Ҳүсни пәрийзаттан зийада эрди,
Ол шаны-шәўкетлер кеткен болурму.

Кәкили төгилип, гүл йүзи солып,
Жин әсери тийип, масўа болып,
Өлмесе ҳәм өлген қатары болып,
Шаҳсәнемдин дәрўан өткен болурму.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етип айтты:

— Әй, Ақша апа, мениң сабру-тақатым болмай, әгер сен мениң ҳалыма рәҳим етип сөзимни қабул әйлесең, мениң ушын Ҳәлепшырўанға барып, Ғәриб бар болса, өзини, йоқ болса, хабарын

www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып келсең, сендин өлгенше разы эрдим, — деп Шаҳсәнем Ақшаға қарап бир сөз айтты:

— Ақша апа, мениң ушын Ҳәлепшырўана барып кел,
Бәлки қоймай бәлент-пәстин, бирин-бирин ақтарып кел,
Тирик болса Ғәрибжаным, өзиндин қоймай алып кел,
Әжел йетип өлген болса, матам тутып үн салып кел,
Йа өликму, йа тирикму, ғәрез бир хабар алып кел.

Шырўан барып бил хабарын, йарым тирикму, өликму,
Бабанийаздын барып сор, аңа хәмдем болыпму,
Сағ йүрерму өз ҳалында, йәки мәгәр жин урыпму,
Жин әсери билен мунда келмекни билмей йүрүрму,
Йа қәстему йа сағмудыр, андын бир хабар алып кел.

Жин әсери йеткен болса ақлы-ҳушыны хеш бимес,
Сағ болса истер ўйсалым, гәрчи жин урса келмес,
Мениң көңлим Ғәриб өлген дийип үмитим үзилмес,
Жаным кетти гәр изийдин, көзлеримге бир көринмес,
Көзим нуры, тәнде жаным шулдур, бир хабар алып кел.

Дүри-гәўҳәр ҳәм зумәррет, ол йақуты-кәнни келтир,
Мен қәстеге излеп даўа, дәртиме дәрманны келтир,
Ҳәлепшырўанға сағ барсаң, болса Ғәрибжанны келтир,
Йетти йылдур айра түшкен арзыў-әрманны келтир,
Сәнемниң көңлини алып, йардын бир хабар алып кел.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ақша бийшара «әжеп болур» деп, еркек либасыны кийип, башыға суўсар телпек кийип, шашын төбесине түйип, йарақларын белине ҳәмайыл қылып, Хожазада сүўретинде болып, Шәҳсәнем билән хошласып йолға раўана болды. Нешше мәнзил-мәрайылларны тай қылып, нешше тағы-дәштлерни кәшт етип, бир нешше әййам, бир нешше күнде Ҳәлепшырўанға дақыл болды.

Ол йан-бул йан йүрип, ақыры Бабанийаз қаразбанныкин таўып Ғәрибниң йаныға барды. Анда Ғәриб Ақшаны бу ҳалда көрип танып, Шаҳсәнемниң ҳал-аўҳалын сорап, Ақша билән саўалы-жаўаплар айтышып бир сөз айттылар:

Ғәриб:
— Сөзле хожам чархы пәлек әлиндин,
Ешиткениң бир-бир бәйан дегейсен,
Шаҳсәнемниң аўҳалыдын, ҳалыдын,
Бир-бир қыссаларны әйан дегейсең.

Ақша:
— Мени сорсаң, Дийарбәкирдин келдим,
Сәнем көп йығлады келсин Ғәриб деп,
Себеп шул, өзимни бул сипет қылдым,
Сәнем көп йығлады келсин Ғәриб деп.

Ғәриб:
— Мени кетер дейип үмид етмегил,
Бул сөзлерни, хожам, маңа демегил,
Сәнем ушын көп хунаба йутмағыл,
Ғәрибниң кетмегин гүман дегейсең.

Ақша:
— Жәбри-жапа тартмақ хеш бундын өтмес,
Ашық болған машуқыны унытмас,
Жапа тартмай ашық мурада йетмес,
Сәнем көп йығлады келсин Ғәриб деп.

Ғәриб:
— Бир гүл едиң, Сәнем ушын солыпсаң,
Неше мәнзил йол азабын шегипсең,
Жәҳд әйлеп, хожам, мунда келипсең,
Ғәрибниң қәҳри көп йаман дегейсең.

Ақша:
— Ашық деген инсан шойлә болырму,
Өз йарыны қойып айра салырму,
Йарын бөйлә йығлатыбан қойарму,
Сәнем көп йығлады келсин Ғәриб деп.

Ғәриб:
— Ғәриб дер, мен саңа арзы әйлерем,
Үмит йетме, Шаҳсәнемге барманам,
Әжел йетип мунда қаза әйлерем,
Көрмен, болса ақырзаман дегейсең.

Ақша:
— Ақша айтур, хәр кимде бир қыйалы,
Сен бармасаң, шығар Сәнемниң жаны,
Қыйаметте мойныңдадур обалы,
Сәнем көп йығлады келсин Ғәриб деп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлкысса, бул саўал-жуўапларны айтышып болғандан кейин Ғәриб айтты:

— Әй, Акша, йетти йыл мен мунда зары-гирйан болып көзлеримдин йаш орныға кан төгип, ҳалым харап, жисмим пырап болып, дәли дийўана болып йүргенимде ҳалымдын хабар алмады, йа бир кимсе мендин хабар алмады, мен Сәнем йанына бармасман, — деди.

Анда Акша айтты:

— Әй, Ғәриб, сени Шаҳсәнем өлди деп ешитип, бир нешше күнлер аза тутып, кеше-күндиз зар ағлап матам билән күн кечирди. Йәне бир күн бир кәрўандын тири деген хабарыңны йешитип, қоймай мени йиберди, — деп, Шаҳсәнемниң башыдын өткенлерин бир-бир бәйан кылып, Акша Ғәрибдин мухаммес билән саўал сораб, Ғәриб жаўап берип, бир сөз айттылар:

Акша:
— Айтайын, ешит жана, бу нешик саламатдур,
Ол анда күйиб йығлар, аңа не пәрағатдур,
Ықрарыңа садық бол, йокса не кәбәҳатдур,
Башында аның гөйа ҳәр күнде кыйаметдур,
Ол анда жапа тартар, саңа бу не рәҳәтдур.

Ғәриб:
— Ол Сәнем диларамым жанымға жапа кылды,
Достларға кылып тағна, душманға ўапа кылды,
Дайыма мушаккатда маңа не ўапа кылды,
Бир зәрре шәпағат йок, өмиримни әда кылды,
Ғам бирле кылып ҳәмдем, кейнинде гәда кылды.

Акша:
— Ол анда қалып ҳайран, жаныны кылып курбан,
Ҳәсретде көзи гирйан, көңлинде эрур әрман,
Муштакы жәмалыңдур, дәрдиге керек дәрман,
Сен мунда эрсең налан, ол анда көзи гирйан,
Ол анда сәмендердек, аңа не пәрағатдур.

Ғәриб:
— Мен мунда кылыб налан, өмиримни кылыб талан,
Ол маңа бәлайы жан, күйдирди мени жәнан,
Қоймаса мени ол жан, не мүшкилу, не асан,
Бу дағы жудалыкта, көңлимге кылыб ҳижран,
Ол шаўхы жан пәйўәсте жанымға жәпа кылды.

Акша:
— Ол анда ки меҳнәтде, сен мунда ки рәҳәтте,
Ол анда пәрийшандур, сен айшу-пәрағатта,
Сен истер рәҳәтда, ол анда мәламатта,
Ышкында кеше-күндиз сийнеси жәрәҳәтде,
Йүргилки, кетәли тез, саңа не пәрағатдур.

Ғәриб:
— Дуўчары маңа салды ол йар жәпа пешә,
Маңа ситеми көбдур, ҳеш кылмады әндийше,
Ол ташы жәпа бирлә көңлимге урыб тешә,
Көңлимни не пәҳим етти, бу көңил эрур шийше,
Ғамның йүки бирләнким, кәддимни дута кылды.

Акша:
— Акша кыладур зары, йүргилки кетәли деб,
Ол дилбары жәнаны дәрдиге тәбиб тапыб,
Рәўшен кылурәм көзни, барсам сени мен алыб,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүлбилге болуб шәйда, гүл ышкыда сарғарыб,
Ол анда жәпа тартар, саңа не пәрағатдур.

Ғәриб:
— Айтур Ғәриб, әй, Акша, ышк мени хараб етти,
Башымға салыб саўда, бағрымны кабаб етти,
Ол йар не рәхим етти, не мунша азаб етти,
Ел ишире кылыб мәйусдек мени пираб етти,
Дайыма пыракында өмиримни әда кылды.

Әлкысса, Ғәриб билән Акша бу саўал-жуўапны айтышыб, көришиб, ҳал-аўҳал сорашыб Шаҳсәнемниң башыдын өткенлерин Акша бир-бир бәйан кылыб, Ғәрибниң көңлин алып кетер болды. Ғәриб ҳәм бир неше сөзни гийне кылып айтса ҳәм, Шәҳсәнемниң келсин деген хабарын ешитиб, йетти йылғы шеккен жәбри-жапасын зәрреше көрмей, йеридин сачыраб турыб, Бабанийаздын рухсат алып, Акша билән йолға раўана болдылар. Бир неше мәнзил йол йүриб, Ғәриб Шаҳсәнемниң дийдарын көрерменму деб бир сөз айтты:

— Нәсиб болуб Шаҳсәнемниң,
Дийдарыны көрерменму?
Раҳаты жану-тәнимниң,
Дийдарыны көрерменму?

Бағда ашылған гүлимниң,
Аўазы хош бүлбилимниң,
Сачы сийа сүмбилимниң,
Дийдарыны көрерменму?

Кирпиги ок, жәллад көзли,
Тажы сипет, шийрин сөзли,
Ғунша дәҳәнлы, гүл йүзли,
Дийдарыны көрерменму?

Йетти йыл мен чекип ҳижран,
Ғамда өткериб күнлерим,
Таўланған зүлпи чийнлерин,
Бир тарыны көрерменму?

Көрсем йарымның жамалын,
Емсем ләбиндин балын,
Ак йүзинде коша калын,
Несиб болуб көрерменму?

Ғәриб дер, ҳалым харабий,
Ағар көзлеримниң абы,
Сәнем колында шарабы,
Кәса алып ишерменму?

Әлкысса, Ғәриб бу сөзни айтыб, көзи йолда, Шаҳсәнемжанны кашан көрермен деп кыстаныб кела турсын. Емди Шаҳсәнемдин сөз йешитиң. Әмма Шаҳсәнем Акшаны йибергели бир неше ўакыт өтти, хеш хабар болмады. Екки көзи йолда болуб, зар-зар ағлап Шаҳсәнем бир сөз айтты:

— Келер муддетинен өтти кеш болып,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим,
Бағрым кәбаб болды кайғы ғам толып,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим.

Ансыз өткен күним думан, дағмадур,
Гезген йери шөлистанму, бағмудур,
Ғәрибжаным аман-есен сағмудур,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим.

Узак йолда мәйданларда калдыму,
Йа кәсте болдыму йаки өлдиму,
Йокса өзге дилбар көңлин алдыму,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим.

Йарым келмей, мунда өртейур мени,
Ол келмесе курур бағым гүлшәни,
Йокса раст болдыму йарым өлгени,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим.

Мен йығларам аның ҳижринде гирйан,
Көзимде канлы йаш, бағрымдур бирйан,
Йокса Акша тапмай йүрибму ҳәйран,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим.

Шаҳсәнем кыз дерлер мениң атыма,
Бир ах урсам пәлек йанар отыма,
Йараткан бирубар еткил дадыма,
Йа, рәб, нешик болды, келмес Ғәрибим.

Әлкысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтыб йолға караб турсын. Әмма Ғәриб бийшара ҳәм кыстаныб йол йүриб, ем ўактында кәбутер көрген каршығадек, йайдын шыккан ок киби зыңғып, йүргенде айағының зарбыдын йапыраклар шамалға шыңғыб, мәўж уруб акқан дәрйа киби жош етиб, бир неше ўакыт арадын өтместен бурын Ғәриб бийшара Дийарбәкир каласына дакыл болды. Келип Шаҳсәнемжанның көшкине кирди. Көрсе, Шаҳсәнем әндек әрам алып уйкылап йатур эркән. Анда Ғәриб Шаҳсәнемжанға караб бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Хублар ишире қызыл гүлим,
Сөзле шийрин тиллериңдин,
Йүзи гүл, сачы сүмбилим,
Хабар ал бүлбиллериңдин.

Кеўил гийнесин ачалы,
Жан билә сәрдин кечәли,
Кәса-кәса мәй ичәли,
Қуйыб бергил балларыңдын.

Мен сени тиледим хақдын,
Жәпа чектим айралықдын,
Бир поса бер әлйанақтын,
Әгер келсе қолларыңдын.

Әжеп уйқуда йатыбсен,
Өзиңни ғәплет йетибсен,
Сәнемжан уйқылап йатыбсен,
Өпсем сағу-солларыңдын.

Йүзлериң хуршидим, айым,
Ғәриб қулдур, сенсең шаҳым,
Руўзы қылса бир қудайым,
Қушсам нәзик беллериңдин.

Әлқысса, бу сөз үстинен Шаҳсәнем көзин ачыб көрдиким, Ғәриб келибдур. Дәрҳал йеридин сачыраб туруб Ғәриб билән көришиб, еккиси қучақлашып, гә күлишип, гә йығлашып, гә ҳал-аўҳал сорашты, еки ашық қошылыб, ақ йипек киби ешилиб, шадлық ешиги ачылыб, бүлбил гүлни, ғазлар көлни көргендей болуб, еки ашық қошылыб, ҳижран бәласындын қутылды. Шул турущдын еккилериниң ҳәм ҳуўшы кетиб йықылды. Нәгаҳ өзлерине келиб, бир-биридин хабардар болуб хабарлашты. Әрсе Ғәриб билән Шаҳсәнем әбришимдин қылған төшеклери зәр бирлә алтындын мунаққаш қылған паласлар үзре олтуруб, балдын ләҳзетли шәрабларны алтын пийала бирлә ичиб, айши-ишрәт, сазы-суҳбәт бирлә ўақытларын хош етиб, чәң-дутарны чалдырыб, кәнизеклерге хош аўазлық бирлә нағма қылдырыб, пәлекни қылған ойынларыға ҳайран қалдырыб, дүнйаның йахшы-йаманыдын ҳеш бир хабары болмай, бийқайғу алтын ҳүжиреде йатыб өпишиб-қучышыб, бир-бириниң мойынларыға қолларын салыб, муҳаббет посалар алышыб, йыландек толғанышыб, ышқы-пешек киби шырмалашыб, дәрткешке даўа, қәстеге шыпа тапқандек, дүнйаның бар-йоқыдын бийхабар болуб, пәлек имарат қунчлерин уруб, ушатыб мундағ заўқы-сапа бирлә йатыб, гәҳа бағ сәйриге чықыб гүллерни терип, саўсан-сүнбил, бәнафша гүллерниң ҳәр биридин үзиб, қызыл гүл, йашыл гүл, бахмал гүллерни аралап, терип чәмен бағлап, сайрамыш хош нағма бүлбиллерге аўазын қошыб, тотыларның тәкеллими буларның аўазыға тымсал болуб, сәрўи сайаға тартыб, сәнәўбер бойын көкке узатыб, буларның еткен ойынларыға қайыл болуб тамашасыға қарар эрдилер. Еккилериниң қолыда чәмен бағыны аралаб алма, әнжир, әнар, ғоз, писте, бу мийўелердин алып сәйр етиб келип сәрҳаўызның йаныда сәрўи ағашының сайасында олтурыб, Ғәриб бурынғы өткен күнлерин йад етиб бир муҳаллес айтты:

— Шүкир йетейин қудаға бизни йара етирди,
Өртеп дәрди пырақға бу гүлзара етирди,
Көңилде қалмас әрман, аҳу-зара етирди,
Йетти йыл ўәде еткен сәўер йара етирди,
Жәллад көзли, қашы йай, зүлпи тара етирди.

Айра түшиб йетти йыл биреў-биреўни көрдик,
Зәрре әрман қалмады, заўқы-сапаны сүрдик,
Меҳнәт чекип неше йыл, дәрди-пырқатта йүрдик,
Әшрет әййамы болды, ҳижранны отқа бердик,
Бәнақшалы лалазар бу гүлзара етирди.

Мары сийа зүлплериң зәнәҳдана доланмыш,
Мужганларың ништердур, көзлериң жан аланмыш,
Сәрўи сәнеўбер көкке кәметлери доланмыш,
Шархыпәлек мат болып, көрип ҳәйран қаланмыш,
Ләбде балу, йүзде қал, сәўер йара етирди.

Шүкир, әлҳәмдилулла, Сәнемжана йетищдик,
Әл алышыб ойнашыб сазы-суҳбет курущдық,
Ғүли гүлзар сәйир етиб заўқы-сапа сүриштик,
Алтын кәса қолында, бал орныға мәй иштик,
Дәрдим тапты дәрманны, себепкәра етирди.

Бизлерге бул дәўлетни игәм етти мийассәр,
Көңилге хошлық етти, йырақ кетти дәрдисәр,
Чеккен меҳнәт айрылды, зәрре қалмады әсер,
Өтиб ғамның күнлери, кетти емди қайғу-әсер,
Йетти йылдур аҳ шеккен интизара етирди.

Бул ачылған бағларда бүлбил пыған етерлер,
Чәшме суўы мәўж уруб, ҳәр йан ағып кетерлер,
Шәмшад, сәрўи сәнәўбер көкке бойын тутарлар,
Тәкәллимде тотылар таўыс жилўә етерлер,
Алма, әнжир, әнарлы бу гүлзара етирди.

Сениң йүзиң көрмекни куда мийассар етти,
Ғәриб тапты мурадын, қалмай әрманы кетти,
Йетти йылғы жәпасын, бәршесини унутты,
Зәрнигарлы көшк үзре гүлшәнде мәскен тутты,
Шөлде қалған бүлбилни мурғузара етирди.

Әлқысса, Ғәриб сәрўинин сайасында сайраған бүлбилдек болып бу ғәззелни тамам йетти. Әрсе Шаҳсәнем хәм Ғәрибке қараб, мойныны буруб, йүз мың муқам билән жилўә қылыб, Ғәрибнин бу

www.ziyouz.com kutubxonasi

айткан сөзини мәрапат қылыб, тәбессум бирлә сөзлеп, ғамзе бирлә күлип, Ғәрибжанға қараб бир сөз айтты:

— Кел Ғәрибим, сүргил зауқы-сапаны,
Йеткенде мақсудқа әрман не дәркар?
Хақның өзи берди дәртке дәрманны,
Дәртимдин әсер йоқ, дәрман не дәркар?

Ғәрибим, хошуахт бол, ғам йоқ арада,
Ғамда өткен күним салмағыл йада,
Мехнәт күни өтти, йеттик мурада,
Сүр Ғәрибим дәуран, әрман не дәркар?

Мениң емди йоқтур зәрре әрманым,
Жисмим рухы келди дәртке дәрманым,
Гәнжим келип курулмышдур дүканым,
Зәри-гәухар, гәнжи пинхан не дәркар?

Қайтадын ашылды бу солған гүлим,
Сәбзе қонды қурып қалған сүмбилим,
Гүлге қонды хош нағмалы бүлбилим,
Емди матам, аху-әпған не дәркар?

Рақибниң ашылған гүллери солсын,
Көриб бу ишлерни рәшкидин өлсин,
Тишлери төкилсин, қәдди бүгилсин,
Көңли минафыққа ийман не дәркар?

Қоша нара қол салып көр, хәбийбим,
Алма зәнәхданым болсун несийбиң,
Ақ сийнемни йат йастанып Ғәрибим,
Муңдын башқа тахты-рауан не дәркар?

Йетти йыл ынжылды жан бирлә тәним,
Ғам кетди, шад болуб қайғу емәнем,
Мурад тапыб, шад болубдур Шахсәнем,
Емди қайғу билән әрман не дәркар?

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзлерни тамам етти. Ол уақытта Ғәриб айтты:

— Уа, дарийғ! Менменге зауал деген сөз бар эрди, мурад тапыб шад болубдур уә Шахсәнем емди қайғу билән әрман не дәркар дедиң, халә алдымызда йүз мың кәтер бардур, бу сөзиң улуғ сөз болды. Бизлер йәне айралық бәласына гириптар болмасаң йахшы эрди, — деди.

Ол уақытта Шахсәнем айтты:

— Мениң атам өзиндин айрылып қалған Динар төбесинде үстиме келди. Ол халда қудайтаалаға минажат қылдым, алла қысмети, атамға өзге сүуретте көрсетти. Дәрхал атам мени көрип бийхуш болып атынан йықылды. Мен атамның атына минип шәхәрге келдим. Атам мени танымай хәйранасәрәсима болуб, ашықлық саудасы башыға түшиб, мени саңа бермегенине пушайман болуб, Ғәриб келсе, Шахсәнемди берур эрдим деб, сениң анаңға хәм, уғлыңны тапыб келсин деб киши йибәрип эрди, сендин хеш наму-нышан болмады. Емди бул уақытта атамның көңли билән болса хәм, өз рызалығы билә мени саңа берур. Сен қайғы емегил, — деб, андын соң айшы-иширетке мәшғул болдылар.

Әлғәрез, бу рәуиште арадан алты ай өтти. Көнлердин бир күн Ғәрибниң келгенин падшах ешитти. Дәркәхәр болуб айтты:

— Мен келсин дегенде келмей, мениң айтқанымны бәуәр қылмай, өз ыхтыйарынча келип, мендин бийхабар Шахсәнемниң бағына кирген болса, ол бәдбахтны Ғәриб билән алып келиң, — деб ғәзеп билән жәлладларға қараб Шах Аббас бир сөз айтты:

— Бағда болса Ғәриб билән Шахсәнем,
Барып тапыб алып келиң, жәлладлар,
Қолын бағлап арқасыға бәнт етип,
Бойныға ғул салып келиң жәлладлар.

Еккисини көрсеңиз, қойманыз, тутың,
Бағлап қолларыны мәхкемлеп чатың,
Йүз мың азап бирлә алдымға элтиң,
Әгленмей тез алып келиң, жалладлар.

Мен келсин дегенде аңа келмеди,
Мәгәр Ғәриб мени көзге илмеди,
Неге мениң падшахлығым билмеди,
Тутып пәрше-пара қылың, жәлладлар.

Тутың, писент әйлеп инанып турмаң,
Шахым рәхим әйлер деб хасла көп созмаң,
Жәхл әйлеңиз, ғапыл болуб қайғырмаң,
Бағлап тутып алып келиң, жәлладлар.

Көзге илмей менменликни қылыбдур,
Мәгер аның пәйманасы толыпдур,
Халын билмей хабарлашмай келибдур,
Халын билсин, алып келиң, жәлладлар.

Шах Аббас дер, турмай, жәлладлар, барың,
Тапмасаңыз, хәр тәрепке ахтарың,
Бәйлә жәпа бирлә сийнесин йарың,
Бағлап тутып алып келиң, жалладлар.

Әлқысса, палшах бу сөзни айтыб, жәллад йиберди. Емди сөзни Ғәриб билән Шахсәнемдин йешитиң. Ғәриб бирлә Шахсәнемге достийана адамлар келип, болған уақыйаларны бир-бир байан қылды.

— Бир пикир қылмасаңызлар, падшах қатты қәхәр әйледи, дәрхал жалладлар келур, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анда Ғәриб билә Шақсәнемжан мәсләҳәт қылыб, Ғәриб Бағдадқа кетер болып, пәлекдин шикайат қылып, зар-зар ағлап, еккиси бир-бирине қараб хошлашыб, ўәделешип, саўал-жуўаб қылып бир сөз айтты:

Ғәриб:
— Аҳ уруб, дад йетиб зарлап ағлайын,
Йығла Сәнем, айралықның кунидур,
Көзиңдин қан төгип бағрың дағлайын,
Йығла Сәнем, айралықның күнидур.

Шаҳсәнем:
— Пәлек йәне айралыққа башлады,
Йығла десең, зар йығлайын Ғәрибжан,
Мәламат қайғысын башға ташлады,
Сени қайдын сорағлайын Ғәрибжан.

Ғәриб:
— Мәлул болуб ҳәр тәрепке бақыбсаң,
Дал гәрденге тилла ҳәйкел тағыпсаң,
Қолларыңа қызыл қына йақыбсаң,
Йығла Сәнем, айралықның күнидур.

Шаҳсәнем:
— Сендин айра баш көтериб бақманам,
Матам тутам, тилла ҳәйкел тақманам,
Йүзге гүлап, қолға хына йақманам,
Матам тутыб зар ағлайын Ғәрибим.

Ғәриб:
— Айра түшиб ҳижран билән йүрерсен,
Емди биз кетермиз, жуўаб берерсен,
Емди бизни мәхшер күни көрерсен,
Йығла Сәнем, айралықның күнидур.

Сәнем:
— Емди жуўаб берсем, Бағдада барың,
Сағ болсам аларман истеп хабарың,
Қалмасын мәхшерге, йарым, дийдарың,
Аман-есен қошылғаймыз, Ғәрибжан.

Ғәриб:
— Сийа зулпың пәрийшана төзитме,
Бизни келер дейиб бойлә күзетме,
Сыр билдириб рақибларға сөз етме,
Йығла Сәнем, айралықның күнидур.

Шаҳсәнем:
— Тизден қуўат кетти, белдин мәдарым,
Қолдин кетти сабыр билән қарарым,
Емди тәрк әйледим намусым-арым,
Нетей, нәйлей, зар ағлайын Ғәрибжан.

Ғәриб:
— Ғәриб айтар, кетсем йоллар думандур,
Жамалың көрмесем арзыў-әрмандур,
Бу күн айралықта ақырзамандур,
Йығла Сәнем, айралықның күнидур.

Шаҳсәнем:
— Шаҳсәнем дер, бағрым пара қылырмен,
Ғунша гүлим ашылмайын солурмен,
Гүл йүзиң көрмесем ақыр өлермен,
Емди бағрым қан әйлейин Ғәрибжан.

Әлқысса, еккиси бу сөзлерни айтышыб, Ғәриб Шаҳсәнемге көп пәнду-нәсийҳат қылыб, көңил берип айтты:

— Әй, Шаҳсәнемжан, аман-есен болсақ, ақыр бир күн несип болса дийдар көришермиз, бар, сени аллаға тапшырдым, ҳәрне биздин разы бол, — деб хошласып Ғәриб бийшара йолға түшиб раўана болды. Әрсе падшаҳның жәлладлары Ғәрибниң изинче етиб келди. Шаҳсәнемниң шарбағыны ўә көшкини бир-бир ахтарыб, Ғәрибдин хеш нам-нышан тапмады, падшаҳның йаныға қайттылар.

Әмма Ғәриб бийшара нешше тағлардын ашып, нешше шөл-жәзийралардын өтип ўә нешше мәнзил йол йүриб, бир аз мүддетте Бағдадға дақыл болдылар. Ол шәҳәрде ашнасы йоқ эрди, қайда барарын билмей ҳәйраны сәрәсама болып, бир пәйекиниң йаныда әрам алды. Ол ўақытта шул ўәлаятның падшаҳының уғлы әсасы-салтанат бирлә келур эрди. Көзи Ғәрипге түшти, йахшы зеҳин етип қарады. Бир назенийн йигит шәҳзада сипет, қәдди-қәўмети зийба көринди. Падшаҳның уғлының көзиге зийада йахшы көринди. Ғәрибни алдыға шақыртырыб алып, анда Ғәрибдин сорды:

— Қайдын келурсен ўә қайда барурсен? ўә йәне ҳаслы-наслыңны бизге бир-бир бәйан қылсаңыз, — деди.

Анда Ғәриб Шаҳзадаға қараб ҳаслы-наслыны бәйан қылып бир сөз айтты:

— Шыққан йерим мениң Дийарбәкирдур,
Қастым Бағдад келур йерим, шаҳзадым,
Көңлимде йүз қайғу, йүз мың пикирдур,
Көпдур мениң дәрдисарым, шаҳзадым.

Атам аты Ҳәсен, мәканым Бағдад,
Бағдад шаҳы болуп тутубдур устад,
Пәлек гәжирлиги әйлейиб әпдад,
Элдин ғайры салмыш кәрим шаҳзадым.

Барып Шаҳ Аббасқа ўәзир болыпдур,
Анық инан-ыхтийарын алыпдур,
Падшаҳ қызын бизге бермек болупдур,
Бахшидам Шаҳсәнем йарым, шаҳзадым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атам өлди, мени йахшы көрмеди,
Ықбалым кәж болып, бахтым йүрмеди,
Ўәдесин унутты, қызын бермеди,
Сорсаң, шулдур дәрдисерим, шаҳзадым.

Ол Ҳәлепшырўанда йетти йыл гездим,
Көнлимге ашықлық ҳинжисин тиздим,
Сәнемнин бағынан келип гүл үздим,
Йетти маңа рәҳим игәм, шаҳзадым.

Андын соң Сәнемге болдым хәмүлпет,
Мурада йетишиб көб көрдим рәҳәт,
Бир күн падшаҳ билип, болды қабаҳәт,
Турмаға тар болды йерим, шаҳзадым.

Тура билмей қашып мен андын шықтым,
Қайғу-налыш әйлеп асмана бақтым,
Шәҳри Бағдад келип сизге йолықтым,
Шулдур келип турған йерим, шаҳзадым.

Дилбарым Шахсәнем, атымдур Ғәриб,
Сәнем деб нешше йыл гездим сарғарыб,
Қайда меҳнәт мени табар ақтарыб,
Көпдур шеккен аҳу-зарым, шаҳзадым.

Әлқысса, Ғәриб башыдын өткенлерин бир-бир бәйан қылды. Анда Ғәрибни атасының йаныға алып барып көрсетти ўә йәне атасыға Ғәрибнинң хаслы-затын ўә шаҳ Аббасның ўақыйасын бир-бир бәйан қылды. Анда падшаҳ йеридин туруб, Ғәриб бирлә көришти, ҳал-аўҳал сорашыб айтты:

— Сенинң атаң Ҳәсен Бағдадта падшаҳ эрди. Биз ўәзир эрдик, несиййбеси себеп бирлә Дийарбәкирде болды. Атаң кеткендин соң биз орныға падшаҳ болдық, — деб бәйан қылды. Ғәриб бийшараға иззет-икрамлар қылды. Анда падшаҳ айтты:

— Сенинң кәдиринни Шаҳ Аббас не билсин, биз билурмиз. Саңа Шаҳсәнем атлы қызын бермесе бермесин. Менинң бир қызым бардур, Шаҳсәнемдин йүз есе артық, қуда кәлесе аны саңа беремен, хатириң жәм болсын, — деб Ғәрибге иззет-икрам қылып, йахшы либаслар кийдирип, астына арғумақ ат бериб, сәрәпраз қылды. Ғәриб ҳәм шул рәўиште бир нешше күнлерни өткерди. Әмма Бағдад падшаҳы Абдулла ханның бир қызы бар эрди, атын Айсәнем дер эрди, андағ хошрей эрдиким: көзлери жәллад, кәмети шәмшад, қашлары ҳилал, ләблери абызилал, өзи сәрўи, сәнаўбердек бәркәмал, көргеннинң ақлы болур эрди лал. Йүзлери хүршиди рәўшандек, аҳу көзли, гүл йүзли, шийрин сөзли, тишлери дүрдек, ләблери гәўҳардек, зибаны жәўҳардек, қоллары сиймдек, йүзлерининң ҳалы лағлы-жәўәҳурдек, зүлплери дәсте-дәсте, даҳаны писте, көрмеген адамлар көрсем деп ҳәўесте, көргендин соң йәне қайтып көргенше болур еди қәсте. Шуңқар киби сүзилген, көргеннинң бағры езилген, зийнет ушын либасларыға ҳинжи-мәржан тизилген, беллери қылдын нәзик, қолында тилла йүзик, сашыға әбришимдин сачак, зәрдин сачбағ, қызларның ишинде ғошшақ, бағда питкен әнардек, көксинде қоша емчәк, беллери қыпша, билиўи шунча, ўаспы анча, тәбәссүм әйлегенде ағзы мисли ғуншадек ашылур эрди, сөзлесе ағзыдын дүрлер сачылур эрди. Ақыллы дана, данышмәнд-даўана, зүлплери чин-чин, халқа-ҳалқа. Ошбу қызны Ғәрибке бермек болып той әнжамын тутты. Той-тамаша ушын караргәҳлар тикти, зәр-зәрбапдын болған, мунаққаш бәргаҳлар түзетти. Пәррашлар йер сыпырып, саққалар суў сепиб, сазенделер саз етиб, мағныйлар хош ҳаўаз етиб, ҳәр түрли ўақтыхошлық билән өзлерин сәрепраз етип бир тәрепке болдылар. Баққаллар дүканын қурып, шершилер дәри-дәрмақларын йазып, бәззазлар ҳәр түрли маталардын толтырып, қулашлап гез урып, булар ҳәм бир тәрепте болдылар. Сейислер атларын суўғарып, суўын шайқаб, чапмаға етип тәб, йемлерин берип, арқа-мойынларын сыйпап, йетелеп гездирип, чапыб терлетип, булар ҳәм бир тәрепте болдылар. Палўанлар Рустем йаңлы ҳәр йана бақып, йүзлерин қызартып, көзлерин алартып, гүрешмек учын мәҳәттел болып, өзлерин тап етип, наҳарын ҳисап бирлә еп, гүрешке баб етип, булар ҳәм бир тәрепте болдылар. Жаршылар жарлап, жәми адамларның башдын айағын барлап, неше бир түрли тамашаларны еттирип, бәрше халайықларны йығып, той башлады. Нәгах бу той арасына еки жәҳәнгәште қәлендер келди. Ғәриб ҳәм Шаҳсәнемнинң пырақында зары-ҳәйран болып турып эрди. Ғәрип бу қәлендерлерни көрип, Дийарбәкирден келген болурму деб, әсте йаныға барып, Шаҳсәнем йарын сорап бир сөз айтты:

— Кәшт әйлеген қәлендерлер,
Шаҳсәнемни көрдиңизму?
Дийарбәкир бизиң жайлар,
Шаҳсәнемни көрдиңизму?

Йолында телмурттим көзи,
Зағпер әйледим гүл йүзи,
Шаҳсәнем шаҳ Аббас қызы,
Сәўер йарым көрдиңизму?

Қәлендерлер, ешит зарым,
Кеше-күндиз йоқ қарарым,
Көңил берген сәўер йарым,
Шаҳсәнемни көрдиңизму?

Көргенлер аны аҳ әйлер,
Андағ болмас пәрий-пәйкер,
Додағы бал, ләби шекер,
Шаҳсәнемди көрдинизму?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоты сипет, шийрин сөзли,
Қырмызы ләб, қамар йүзли,
Писте даҳан, жәрен көзли,
Шаҳсәнемдни көрдиңизму?

Ғәриб айтар, күйдим-йандым,
Бисмилдек қана буландым,
Күнбе-күн арттырған дәртим,
Шаҳсәнемди көрдиңизму?

Әлқысса, Ғәриб қәлендерлерге бу сөзни айтып турған ҳалда Айсәнем қыз ҳәм йанында қырық кәнизи билән пәнжәйи әптабдек болуп, көшкиниң үстинде Ғәрибни башдын айақ көрип туруп эрди. Қәлендерлер билән сөзлешкенин көрип, Айсәнем өз көңлине «тең теңи билән» деген сөз бар эрди, билмедим, бул нешик йигитдур, мәгәр дийўана, мәжнүн болмағай деб, йанындағы қызларға сырын билдирмей турып эрди. Айсәнемниң кәнизлериниң арасында Қайыл деген бир зийрек қыз бар эрди. Ғәрибниң башдын айақ ҳал-аўҳалын бир-бир бәйан етип, бир неше йерлерден тымсал келтирип, Айсәнемге қарап Қайыл бир сөз айтты:

— Айсәнемжан, көрдик сәўер йарыңны,
Қәдди-бойы әжеп зийба көринди,
Сабрың кетти, алды йар карарыңны,
Қулқы хош тәбийат, дана көринди.

Бул той ишире аның киби киши йоқ,
Нәзанин йигитдур, ҳасла иши йоқ,
Көңли ғусса киши билән иши йоқ,
Шектиги рәнж, жәбри жапа көринди.

Нагаҳындын келди екки дәрўиши,
Алар билән болды хуб сөзлемиши,
Қайғы-ғамда, йоқтур бир көңил хошы,
Көңли өзге бир бийўапа көринди.

Мәгер аның сизге хеш көңли битмес,
Өзине көп көрер, йа қолы йетмес,
Бир турушы, хеш тәрепке сәр йетмес,
Қыйалы өзгедур, капа көринди.

Қапа болма, шаҳым, ошбу сөзлерге,
Айтам сөз болсын деб бул кәнизлерге,
Бир йол тиклеп қарамады бизлерге,
Шул себепдин ол бийўапа көринди.

Әдепли, икрамлы, шәримли, ҳайалы,
Ҳуршийд сипет, йүзи-ройы сийалы,
Көңли нахош, өзге эрур қыйалы,
Өзге йардын көңли эга көринди.

Қайыл айтар, бийбим, болғыл хабардар,
Болған ухшар бир дилбарға гириптар,
Ўалла-аләм, мунын өзге йары бар,
Ышқ оты көңлинде ҳәмра көринди.

Әлқысса, Қайыл кәниз бу сөзни айтып тамам еткен ҳалда кәнизлерниң билгени билмегени:
— Қайыл раст айтур, бизлер айтмаға уйалып туруб эрдик — деп, екки-екки болып сыбырлашма бола бердилер. Шул ўакытта Айсәнемниң көңли рәнжир болып, кәнизлерге сырын билдирмей, бир неше йерлердин тымсал келтирип, кәнизлерге қарап бир сөз айтты:

— Кула ҳүкими өзге болмас, кәнизлер,
Ҳақ әмирине бойынсынмақ керекдур,
Пайдасыздур ҳәмме айтқан бу сөзлер,
Тәғдирге тән берип турмақ керекдур.

Ҳақ йаратты ҳәм бизлерни, сизлерни,
Таба билән сарғартмаңыз йүзлерни,
Сөзлемейин келер-келмес сөзлерни,
Өзиң саклап карап турмақ керекдур.

Төҳмет әйлеп, кызлар, етмең гұманы,
Бу сөзлерниң, билиң, көбдур зийаны,
Бир көрип билинмес йақшы-йаманы,
Ахырына бағып турмақ керекдур.

Йахшыму, йаманму, хеш бири билмес,
Бир көрип сынамай малыўмы болмас,
Йазын бир йазылар, екки йазылмас,
Тәғдирде не болса көрмек керекдур.

Шын ҳақыйқат әйлеп кудайым қошса,
Йүзим йүзге, меҳрим меҳрине түшсе,
Суҳбет курып, сөз сөзиме йарашса,
Шын ҳақыйқат дәўран сүрмек керекдур.

Билинмес йарымның сыры-пинҳанму,
Бегму, бегзадаму, шаҳзада, ханму,
Мен билменем, йахшымудыр, йаманму,
Суҳбет курып сынап көрмек керекдур.

Айсәнем дер, несийбемиз қошулса,
Йар ҳәмдем дослықны араға салса,
Өзге аның сәўер йары бар болса,
Ҳәр ким өз бахтынан көрмек керекдур.

Әлқысса, Айсәнем бу сөзни тамам еткен ҳалда кәнизлериниң хеш бири Айсәнемниң бу сөзине жуўап бера алмадылар. Нәгаҳ той тарқады. Айсәнемни Ғәрибке никаҳ қылып бердилер. Екеўи тилладын нақыш етилген көшкиниң үстинде әбришим билән пәрш қылынған төсек үстинде йатып өз ыхтыйарына болдылар.

Арадын үш күн өтти. Ғәрибжан Айсәнемге сөз ҳәм қатмады, қол ҳәм узатмады. Айсәнем үстине либасы гүлгинлерни кийип, зүлпиге шана уруп, тәбессум илә сөзлеп, Ғәрибни сөзлетмек ушын ҳәр

www.ziyouz.com kutubxonasi

түрли зийба сөзлерни шохлық етип айтар эрди. Гәҳа әлўан-әлўан таамларны пиширип, шийрин-шәрбеттен болған шараплардан азырақ нуш қылып хеш бир сөзлемес эрди. Ол ўақытта Айсәнемниң табы-тақаты қалмай, бийсабыр-бийқарар болып, Ғәрипке қарап «не себепдин бойлә бийдимағсен, көңлинде не мақсетиң бар?» деп зар-зар ағлап, Айсәнем қыз бир мухаммес айтты:

— Бойлә мениң бағрымны кәбап етме, нигарым,
Көңлим ғамлы, көзимни пирап етме, нигарым,
Зулмың бирлә қәҳәр әйлеп, итап етме, нигарым,
Салып даўасыз дәртни, бийтап етме, нигарым,
Рәҳим әйлегил ҳалыма, қарап етме, нигарым.

Билмен сениң ҳалыңны, көңлимде көп әрманым,
Сен бақмассан йүзиме, кетти тәннен дәрманым,
От йағылып жаныма, лал болубдур зибаным,
Пәрўаз етер тәнимдин шықмақлыққа бу жаным,
Йүрек-бағрым еритип шәрап етме, нигарым.

Дүрлер сачқыл тилиндин, әй, тотыйы шәкер ләб,
Не мақсетиң бар? Айтғыл, әйлеме мендин гизлеп,
Шад етермен көңлинди, мурадыңны мен излеп,
Әндек көңлим хош әйле, бир-еки ағыз сөзлеп,
Ҳалыңны билдир, ҳалым карап етме, нигарым.

Айтғыл, мендин гизнеме, не мақсетиң бар болса,
Малы-дүнйа, сийму-зәр, керек сәўер йар болса,
Тоты сөзли, гүл йүзли, керек зулпы тар болса,
Аның ушын шектигиң мудам аҳу-зар болса,
Ҳәм өзиңни, ҳәм мени бийтаб етме, нигарым.

Көрип сениң ҳалыңны, ақлы-хуўшым кетибдур,
Ҳәм йүрек, ҳәм бағрымдын ғам ништери өтибдур,
Зулмың билән, сәўер йар, жана жәпа етибдур,
Қамап көңлим қаласын ғам ләшкери тутубдур,
Чәшмимни хийра әйлеп, пираб етме, нигарым.

Қайғуда турма йарым, башыңны көтер, сөзле,
Әшкар йетип шадлықны, йашур әламны гизле,
Сөзле шәрҳий дилиңни, ўақтыхошлығың гөзле,
Олтурмағыл дем болып, мақсыўдың мендин изле,
Кесип бағрымны дузлап, кәбаб етме, нигарым.

Суўретиң хош милайым, сөзлегели тилиң йоқ,
Қуруғ бағқа мегзерсең, тәр ашылған гүлиң йоқ,
Гүлшен ара сайрамыш хош нағма бүлбилиң йоқ,
Мәгер бу ғам ичинде бир сачы сүмбилиң йоқ,
Айсәнемниң ҳалыны қарап етме, нигарым.

Әлқысса, Айсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ғәриб бийшара не илаж етерин билмей, ҳәйраны-сәрасийма болуп, әгер «Шахсәнем деген йарым бар» десе, Айсәнемниң көңли қалур болды, әгер айтмаса, көңли Айсәнем билән айшы-ишрәтке майыл эрмес эрди. Ахыр, әлем-әндийше билә айтты, «мен мунын көңлин қапа қылмайын, бир ўәж билән жаўаб алып болмасмекен» деб, Айсәнемге қарап, тәбессум билә сөзлеп:

— Әй Айсәнемжан, «Сүўретиң хош милайым, сөзлегели тилиң йоқ, бағында гүлиң йоқ» деген сөзиң бизни хеш бир йахшы-йаманның парқын билмеген адамға меңзетмиш болды. Ўә йәне бир сөзинде «мақсетиң сийму-зерму, йа сәўер йарму?» дедиң. Әгер мен малы-дүнйа излесем, бәзиргանлық

www.ziyouz.com kutubxonasi

қылур эрдим, әгер сәўер йар керек болса, сениң бирлә хәмсуҳбет болур эрдим. Әгер куруғ сүўрет болсам, келур-келмес сөзлерни айтур эрдим. Мениң көңлимде башқа бир мақсетим бар. Менин бир меҳрибан ғарры анам бар эрди деди. Мен ошбу тәрепке кетер болғанымда анам айтып эрди: — Әй, уғлым, сен бир дилбәрге көңил берип, мени йадыңдын шығарып кетмегил, — деб зинҳарлап қалып эрди. Мен анда анамға ўәде қылып эрдим, «қайтып келип сени көрмегунше, хеш дилбәрге көңил бермесмен» деб, шул шәртим йадымға түшиб не илаж етеримди билмей олтуруп эрдим. Сен мени өз халымға коймадың, — деб, Айсәнемге қарап: — Мени бойлә көрип пәрийшан болма, — деб Ғәриб бир сөз айтты:

—Бул дем мениң шул сөз түшиб йадыма,
Мени бойлә көрип пәрийшан олдың,
Өртенурдим шул Кәәбамның отына,
Төзмедиң сен йарым, пәрийшан олдың.

Сөз қатарсен, не мақсетиң бар дейиб,
Дем урмай ашупта бийкарар дейиб,
Көңлинде бир сәўер йар бар дейиб,
Бөҳтан әйлеп бизге бәдгуман олдың.

Неге сөзлемес деб өртенип-пишиб,
Мың әндийше бәдгумана еришиб,
Йүз мың тумән қайғу-ғамға чолашыб,
Көнлиң хәр йан кетиб пәрийшан олдың.

Қуруғ сүўрет дейиб әйлединң гүман,
Анда хәмдем болып ачмадым зибан,
Шул сөзиң қатты сөз, қабахәт йаман,
Бийсабырлық әйлеп пәрийшан олдың.

Ашыққа мундағ сөз көб уйат болур,
Бойлә сөздин көңил қалур, мат болур,
Бийсабыр кәмалға йетмес зат болур,
Бийтаҳатлық әйлеп бәдгуман олдың.

Көрдим сени, хүсниң йетмиш кәмала,
Сабыр әйлегил, кетме йүз мың қыйала,
Йүзиң алма киби, әнару, лала,
Неге мойның бурып пәрийшан олдың?

Сен дилбарсен, енди маңа не әрман,
Йүзиң әбтаб сипәт, хүсниң пәраўан,
Излесем табылмас сен киби жәнан,
Ғайры йар не дәркар, мехрибан олдың.

Ғәриб дер, бир йыл бер сен маңа мүхләт,
Барып әйлей Кәәбам-анам зийарат,
Разы етип алай анамдын рухсат,
Анласаң бу сөзим пәҳимдан олдың.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң Айсәнем инсап билән пәҳимлеп айтты:

— Хәр бир айтқан сөзлери өзимниң сөзимниң бәрабарында кинайа билән айтылғандур. Ўа дарийғ, бул йигит зийада саҳиб-ақыл әркән, мен бийсабырлық еткен эркәнмен, билмегенимди билдирди, йәне неше түрли сөзлер билән биймәлел етиб мендин рухсат тиледи, — деб тәхсин ўә апәрин қылды, емди йәне бир сөз десем, әўелгиден йарамас болса, бурынғыдын хәм қабахәт түшер деб, дем урмай ўә йәне көб үзүр қылып:

— Мен сени сөзлетмек ушын хәр түрли сөз айтып эрдим, гүнаҳымды кеширгил, саңа мендин биймәлал рухсат болсын. Әгер сен мундын кетсең, бир йыл рухсат бердим. Бир йылдын соң келгейсең, мени ҳижран бәласыға қоймағайсан, — деб зар-зар чун әбри-нәўбәҳәр йығлап, Ғәрибке қарап Айсәнем бир сөз айтты:

— Бар, рухсат, алла йар саңа,
Бир йылдын соң кел Ғәрибим.
Келмесең ҳижрандур маңа,
Муны тақыйық бил Ғәрибим.

Билме бул сөзимни йалған,
Бир йыл болды әҳдим қылған,
Истеб келип мениң билән,
Мудам ойнап кул Ғәрибим.

Келмесең чырағым өшти,
Мудам йығлап күним кешти,
Қылма гийне, мендин қашты,
Бир йарамас тил Ғәрибим.

Шул сөзимни гийне қылма,
Йар көңлиңе қатты алма,

Ҳа истеб кел, хақи келме,
Емди өзиң бил Ғәрибим.

Ҳалым харабдур келмесең,
Шикәсте ҳалым сормасаң,
Сәўир әйлейип бағқа кирсең,
Бағбан болып кел Ғәрибим.

Гүлим тергил кирип бағa,
Сендин бул жаным садаға,
Мен тапшурдым бир худаға,
Аман барып кел Ғәрибим.

Сенсең хәмдемим, йолдашым,
Йолуңға қоймышам башым,
Сен келмесең көзде йашым,
Суўдек ағар сел Ғәрибим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр күним бир айдан бетер,
Айым йылдек болып өтер,
Йыл өткенше ҳуўшым кетер,
Муны тақыйық бил Ғәрибим.

Дөнме бул сөзиндин, дөнме,
Рақип сөзине инанма,
Бир йыл өткен соң әгленме,
Бул ўәдеге кел Ғәрибим.

Айсәнемни әйлеп ғарәт,
Ышқ үйин қылдым имарәт,
Әйлеп ананды зийарәт,
Рухсат алып кел Ғәрибим.

Әлқысса, Айсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ғәрип бийшара Абдулла ханның ҳузыўрына барып, бир нечә зийба сөзлер билән биймәлел әйлеп рухсат алды. Қайтып Айсәнемнин йанына келип, йерге бақып турды. Анда Айсәнемжан зар-зар ағлап, бул ҳәм Ғәрипке рухсат берип:

— Бир йылдан соң кел Ғәрибим, та йыл өткунчә кечә-күндиз йолында интизар болып олтурырмен, бар, сени аллаға тапшурдым, — деб Ғәрибни йолға салып раўана қылды.

Ғәрибтиң Шаҳсәнем йары йадына түшип, ҳижран отыға йанып зар-зар ағлап келур эрди. Нәгаҳ йолы бир мәрекениң үстидин түшти. Ол мәрекениң басшылары қырық йигит эрди. Алар Ғәрибни бул ҳалда көрип, ҳал-аўҳал сорашып:

— Әй, йигит, сен не ушын ағларсен, қайдан келип, қайда барурсен? —дедилер.

Анда Ғәриб ағлағанының себебин бир-бир бәйан әйлеп, адамларға қарап бир сөз айтты:

— Әй, йаранлар, мусылманлар,
Мен бул зар учын йығлармен,
Дил ҳамразым, жан йолдашым,
Сәўер йар учын йығлармен.

Көрсем хылўетте хулқы хош,
Мен бир ғәрибмен көңли бош,
Дәрди жаным дәрйайы жош,
Шаҳсәнем учын йығлармен.

Ярдын өтип кетмек олмас,
Хунабалар йутмас олмас,
Қызыл гүлни сатмақ олмас,
Қарыйдар ушын йығлармен.

Мәй ичерлер толы-толы,
Шөйләдур ашықлық йолы,
Досты-йарлар көбдур ўәли,
Ўападар учын йығлармен.

Қанду-шәкер ләби баллы,
Зәнәхданлы йүзи қаллы,
Кирпиги оқ ҳәм кәманлы,
Сәўер йар ушын йығлармен.

Йигитлер айтмаң бу сөзни,
Гирйан етем екки көзди,
Шаҳсәнем Шаҳ Аббас қызы,
Шаҳсәнем ушын йығлармен.

Аның учын чеккен аҳым,
Көзим йашыдур гуўаҳым,
Қуда қошқан баш ҳәмраҳым,
Шаҳсәнем ушын йығлармен.

Үстиңиздиң йолым тушиб,
Келдим нәсийбәм йетишиб,
Ғәриб дер, өртенип пишиб,
Аҳу-зар учун йығлармен.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң ол мәрекениң адамлары айттылар:

— Сен бойлә ағлама, бу үлкеде көңлиңниң кәлеген қызы болса, саңа алып берурмиз, — дедилер.

Анда Ғәрибниң кәҳри келип, олтурған адамларға қарап бир сөз айтты:

— Йандурды жанымны, йақты бағрымны,
Жанға жапа ошбу сөзлериң сениң,
Пәрий-пәйкер дәркар емес ҳеш бири,
Отқа йансын гүлли қызларың сениң.

Ышқым заҳыр олды халқым, елиме,
Шум рақиблар түшмиш мениң йолыма,
Көзлеримдин аққан қанлы селиме,
Ғарқылдашып гезер ғазларың сениң.

Шаҳсәнемдин ғайры йарны нәйлерем,
Сәнемжансыз әҳл-әўладны нәйлерем,
Йүзи гүлгүн пәрийзатны нәйлерем,
Бийкар эрур ошбу сөзлериң сениң.

Йигитлер, Сәнемсиз сазың керекмес,
Бүлбил сипет хош ҳаўазың керекмес,
Маңа паслы баҳар, йазың керекмес,
Зимистанға дөнсин йазларың сениң.

Турман бийўапаның сүҳбет сазына,
Қулақ салман ғайры йарның разына,
Шаҳсәнемнин бир доланған назына,
Йетә билмес ошбу қызларың сениң.

Мен ашығам, ҳәзер етмен өлимдин,
Мен бүлбилем, пәрўаз етмен гүлимдин,
Әйлемең нәсийҳәт, коймаң йолымдын,
Тутылмас бу айтқан сөзлериң сениң.

Әлқысса, Ғәрип бу сөзни тамам еткендин соң мәрекедеги жәм болған адамлар:

— Ҳайрән ўә әпарин бу йигитке, шын ашық эркән, муңа ҳеш сөз суд етмес, ҳәр сөзи найза йаңлы жанындын өтер, өзи саҳиби ақыл эркән, — деб Ғәрибке рухсат берип йибердилер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб булардын кутылып, Шаҳсәнемниң ышқында өртенип-күйип йолға раўана болды. Дийарбәкир йуртына йүрмей, Ҳәлепшырўанға йүзленди. Бир нечә көчелерде сәйир қылып барур эрди. Нәгаҳ Әзберхожа алдынан дуўшар болды. Әзберхожа билән танышып, ҳал-аўҳал сорашып эрди. Анда Әзберхожа айтты:

— Әй, Ғәриб, Шаҳсәнемниң йанындағы Ақша йарымны излеп Дийарбәкирге барурмен, йетти йылны ўәде йетип кетип эрдим. Ҳәлан он йекки йыл болубтурур, сен мунда не ишлеп йүрерсен? — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Мен Шаҳ Аббас зулмындын қачып чықып Бағдадқа бардым. Анда бир ай болдым. Бағдалта турмай, ҳәзир мунда келдим. Сен Дийарбәкирге кетмекчи болсаң, мениң арзы-ҳалымды Шаҳсәнем йарымға айтқыл, — деп, зар-зар, чун әбри-нәўбәҳәр йығлап, Әзберхожаға қарап Ғәрип бир сөз айтты:

— Хожам, барсаң Сәнемге, бәйан ет арзы-ҳалым,
Толды көзлерим нәмге, кетти тәндин мәжалым,
Түшип дады пәрийада, кәйиш көрип зийада,
Бардым шәҳри Бағдада, Сәнемдедур қыйалым.

Бағдатта бир ай болдым, қайғу ҳәсиретке толдым,
Келдим, саңа қошылдым, билсең, ошбудур ҳалым.
Бағырханам сайрабдур, ҳижир отыға кәбабдур,
Билсең хожам, харабдур йарсыз ҳалы-аҳўалым.
Ҳәр күним айдек өтер, ҳәрдайым йылға йетер,
Йыл өткүнче көп кәтер, бултурур маҳы-салым,
Өзгени көзге илмен, мен анысыз ойнап-күлмен,
Сәнемдин өзгени билмен, қачан болур ўисалым.

Кесип бағрым дағлармен, йар ўисалын сорағлармен,
Мудам күлмей ағлармен, бугилди қәдди далым,
Ғәриб келди зибана, рәҳим йет аху-пығана,
Барсаң Шаҳсәнем жана, бәйан әйле бу ҳалым.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң Әзберхожа Ғәриб билән хошлашып йолға раўана болды. Бир неше күнлер йол йүрип Дийарбәкирге дақыл болды. Көчә билән йүрип, нечә тахтабәнт дүканлардын өтип, ҳеч йерде иркилмей, Шаҳсәнемниң көшкиниң астына саўдагер сипет болып, ҳәр түрли маталарны йазып, саўда еткен киши болып олтурды. Максети: Шаҳсәнем билә Ақша көшки үстинен көрип, мени таныр. Ҳәр нечик йарымның хабарын бул баҳана билән билейин, деп олтурды. Ақша бирлә Шаҳсәнем төменге қарап көрсе, көшки астында бир адам дүкан ачып олтурубтур. Шаҳсәнем йақшы-йақшы нәзер етип көрсе, Әзберхожаның өзитурур. Шул ҳалда Шаҳсәнемжан Ақшаға қарап сүйинши сорап бир сөз айтты:

— Бер сүйинши, Ақша апа,
Сени истеп йарың келмиш,
Емди сүргил заўқы-сапа,
Излеп ўападарың келмиш.

Ҳәлепшырўандын сорағлап,
Ҳижир отыға бағрын дағлап,
Матам тутып, қанлар ағлап,
Чеккен аҳыў-зарың келмиш.

Қошылурсен сәўер йара,
Бойың түзет, зүлпиң тара,
Элтиб өзиң сал базара,
Алур қарыйдарың келмиш.

Көшким астында олтурыб,
Көңлинди ғамға толтырыб,
Сен себепли дүкан қурыб,
Қызықлы базарың келмиш.

Йарың олтур ол арада,
Өткен күнни салма йада,
Ақша, йеттиң сен мурада,
Сүйикли дилдарың келмиш.

Ушлап қолына сийму-зәр,
Көшк астында дүкан дүзер,
Сениң чун болуп саўдагер,
Излеп гириптарың келмиш.

Сендин болып хабардарлы,
Үстинде дүкан базарлы,
Муўзайы башы дәстарлы,
Излеп ўападарың келмиш.

Алып матайын дәстине,
Сени көрмекниң қастына,
Баҳана шул көшк астына,
Сени истеп йарың келмиш.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шахсәнем дер, Акшажаным,
Хәм мунисим, меҳрибаным,
Хәм сырдашым, кәдирданым,
Сениң карыйдарың келмиш.

Әлкысса, Шахсәнем бу сөзни тамам етип, Акшаны бир пинхан жайда йашырып койып, бир кәнизни буйырды:

— Бар, шул дукан ачып олтурган хожаны мунда алып кел, — деп.

Дәрхәл ол кәниз барып, «Шахсәнемниң әмри» деп, Әзберхожаны ыхтийарына коймай йүкирттирип-йорттырып алып келди. Анда Шахсәнем айтты:

— Әй, бәзирген, сен көшк астында не учун дукан йазарсан, өзге базарларда сата билмедиңму, әгер баханаға келген болсаң, растыңны айт, әгер растыңны айтмасаң, сени мың пара кылдырсам керек, — деб ғәзеп алуд болды.

Ол халда Әзберхожаның хуўшы башыдын учып, хәмде растынан келип, Шахсәнемге карап «мениң излегеним Гулнихал эрди» деп, Әзберхожа бир сөз айтты:

— Хәлепдин чыкмышам бир йар йитирип,
Ошол йарым аты Гулнихал эрди,
Себеп шулдур, мунда келдим ахтарып,
Сорсаң, йарым аты Гулнихал эрди.

Матайымны йазып базара салдым,
Йар хәўеси учун бәзиргән олдым,
Бахана әйлеп көшкиң астына келдим,
Мениң истегеним Гулнихал эрди.

Хәлепдин чыкмышам ешитип шунда,
Алтмыш күн йол йүрип йетиштим мунда,
Йар сорағын алдым Сәнем көшкинде,
Мениң йарым аты Гулнихал эрди.

Йарымны йитирип сәргәрдан менәм,
Алтындын түзетмиш көшкини Сәнем,
Шул йарның ышкында өртенип йанам,
Ошол йарым аты Гулнихал эрди.

Шах Аббас йарымны кызым демишлер,
Сәнемге кошылып хәмра эмишлер,
«Акша келин» демек не йаман ишлер,
Мениң йарым аты Гулнихал эрди.

Бу дәрдисәр халым эйлесем дәптер,
Өзиң шахзадасан бу елге сәрўер,
Акшаны инам ет бизге мийассәр,
Максудым-мурадым Гулнихал эрди.

Әзберхожа деген бәзиргән олдым,
Мен саңа билиндим хуб мехман олдым,
Сәнемжан, йар ушын сәргәрдан олдым,
Маңа жапа салған Гулнихал эрди.

Әлкысса, Әзберхожа бу сөзни тамам еткеннен соң Шахсәнем тәбәссум билә сөзлеп айтты:

— Әй, хожам, мен сизге кәхр етмесмен, әмма кәхр етмек болып эрдим, сен мехманлығынны бәйан еттиң, эмди гунахыңны өттим. Йәне хәм кәўетериң жәм болсын, истеген йарың не йерде болса, тапыб берермен, сен Хәлепшырўаннан келген болсаң, бизиң Ғәрибтен хабар билермусен? — деди.

Анда Әзберхожа айтты:

— Әй, Шахсәнемжан, мен Дийарбәкирге йүрер болып турғанымда Ғәрип алдымдын чыкып, маңа арзы-халыны бәйан етип, саңа хәм көп саламлар айтты, — деди.

Анда Шахсәнемжан Әзберхожадан Ғәрибни сорап, Әзберхожа жаўап берип, еккиси бир йағлы-бәхәр айттылар:

Шахсәнем:
— Сөзле, әй, базирген, кайдын келурсен?
Көрсең-билсең Ғәрибжандын хабар бер,
Растын дегил, йокса, хожам, өлерсен,
Көрсең-билсең Ғәрипжандын хабар бер.

Әзберхожа:
— Мен чыкканда Ғәриб Хәлепде эрди,
Сениң учын ол хәм тәлепте эрди,
Зинхарлап саламын айтып йиберди,
Сабыр әйле Шахсәнем, келур Ғәрибиң.

Әзберхожа:
— Кылмышым не болды? Недур гүнахым?
Сабыр әйле Шахсәнем, келур Ғәрибиң,
Мәсгеним айтайын: Хәлепдур жайым,
Сабыр әйле Шахсәнем, келур Ғәрибиң.

Шахсәнем:
— Хәлепшырўан барсаң, болалы йолдаш,
Көзимдин актырдым кан орныға йаш,
Кабул еткил хожам, болалы ғардаш,
Көрсең-билсең, Ғәрибжандын хабар бер.

Шахсәнем:
— Ол кеткели ишим ах билән ўайда,
Бийкар ах әйлемегимдин не пайда?
Мен билмен Ғәрибниң йүдигин кайда,
Көрсең-билсең, Ғәрибжандын хабар бер.

Әзберхожа:
— Бизиң елге кетсең, атаңыз билер,
Хүким етер, беглери куткармас, алар,
Бизге шум өлимниң иснаты калар,
Сабыр әйле Шахсәнем, келур Ғәрибиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шахсәнем:
— Шунқар қушым, қаршығамны алдырдым,
Ғауғасына йүрек-бағрым тилдирдим,
Қызыл йүзим зағпәр киби солдырдым,
Көрсең-билсең Ғәрибжандын хабар бер.

Әзберхожа:
— Ол ҳәм әхдин бир ықрарға бағлайдур,
Сениң ушын йүрек-бағрын дағлайдур,
Кеше-күндиз аҳ шегибан йығлайдур,
Сабыр әйле Шаҳсәнем, келур Ғәрибиң.

Шаҳсәнем:
— Йа бир йат үлкеде сайыл болдыму,
Йа бир бийўапаға көнил бердиму,
Йа әжели йетип йарым өлдиму,
Көрсең-билсең Ғәрибжандың хабар бер.

Әзберхожа:
— Йарынның көңлинде дағы-ҳижирандур,
Сениң ушын иши аҳу-пығандур,
Өлди деп ғам йеме, йарың амандур,
Сабыр әйле Шаҳсәнем, келур Ғәрибиң.

Шаҳсәнем:
— Шаҳсәнем дер, пәлек айра салдыму,
Йа, билмен, йарымның көңли қалдыму,
Йа Ғәрибжан мунда келмес болдыму,
Көрсең-билсең Ғәрибжандын хабар бер.

Әзберхожа:
— Әзбер айтур, йарың жәпа шеккендур,
Көзлериндин қанлы йашын төккендур,
Сапар әйлеп йаки мунда чыққандур,
Сабыр әйле Шаҳсәнем, келур Ғәрибиң.

Әлқысса, Әзберхожа билән Шаҳсәнем саўал-жаўапларны айтышыб болғандын кейин Әзберхожа айтты:

— Әй, Шаҳсәнем, Ғәрибиң сағдур, сениң ушын ҳижранда турур. «Дийарбәкирге барсаң мениң арзы-ҳалымны Шаҳсәнемге айт» деб зинҳәрлап қалып эрди. Мениң эмди Ақша йарым қәне, йарыңны таўып берермен деп мениң көңлимни хош етип эрдиңиз, — деп Акша йарын сорап Шаҳсәнемге қарап, көздин қәтре-қәтре йаш төгип Әзберхожа бир сөз айтты:

— Тапылур деб хош еттиңиз көңлимни,
Қәни мениң сәўер йарым, Сәнемжан,
Истеп келдим чекип рәнжи әлемни,
Қәни мениң сәўер йарым, Сәнемжан?

Ашықма, табылур дедиңиз бизге,
Йалған сөзлемесдей инандым сизге,
Йарым не себепдин көринмес көзге,
Қәни мениң диләпкарым, Сәнемжан?

Истеп көре алмадым йарым қарасын,
Ким билур сийнемниң пинҳан йарасын,
Көзлейурмен кәнизлерниң арасын,
Көрә билмен, қәни йарым, Сәнемжан?

Йа мунда келмәсдек қәсте болдыму,
Йа бир өзге йерде, йоқса өлдиму,
Йа болмаса өзге билән болдыму,
Растын сөзле, қәни йарым, Сәнемжан?

Йа имтихан әйлеп, еттиңиз ҳәйран,
Мен аны көре алмай, көңлимдур ўәйран,
Көб ҳәйран әйлемей, әйлеңиз бәйан,
Қайда болур мениң йарым, Сәнемжан?

Ярымны көрмесем, тапманам ҳийле,
Растын айтың, ҳәйран етмеңиз бойлә,
Йа өлик, йа тирик хабарын әйле,
Барму, йоқму мениң йарым, Сәнемжан?

Көзимге көринмес ол сәўер йарым,
Әлимдин кетипдур гүлли ыхтийарым,
Көрмегунше йоктур сабру-карарым,
Сабрым алған қәни йарым, Сәнемжан?

Мен билменем сәўер йарның ҳалыны,
Келип көре алмадым қәдди-далыны,
Әзбер тәрк әйлейур дүнйа-малыны,
Тайын билгил, қәни йарым, Сәнемжан?

Әлқысса, Әзберхожа бу сөзни йүз мың әрман билән айтып турған ҳалда, Шаҳсәнем билән кәнизлер бирден қаҳ-қаҳ урып күлиштилер ўә йәне айтурлар:

— Әй, хожам, қарыйдар эркәнсиз, меҳнәтиңиз күйгендур, сен қайда, Ақша қайда, әййам сендин үмитин үзип, башқа биреўге берип йибердик, бу йыл он еки йыл болубдур, саңа йар керек болса, йарыңны излеп келур эрдиң, ҳәли өзиңниң пайдалы саўдаң ушын келип йарыңны бийганаўар сорарсаң, саңа Гүлниҳал йоктурур, — деб сәрзәниш қылдылар.

Анда Әзберхожа бу сөзлерни йешитип ҳуўшы башыдын учып, тәниге титретме пайда болуб, изтирабқа түшә берди. Шул ҳалда Шаҳсәнем айтты:

— Әй, хожам, раст ашық эркәнсең, йарыңны тапыб берсем не берерсең? — деди.

Анда Әзберхожаның тәниге қайтадын жан кирип:

— Әй, Шаҳсәнемжан, әгер йарымны тапыб берсең, көңлиңниң кәлеген затыны берейин, — деб Шаҳсәнемдин миннетдар болып, ол берген ўәдени бәўер етмей, Шаҳсәнем билән Әзберхожа бир йағлы-бәҳәр айттылар:

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әзберхожа:
— Ҳәр не десең алғыл көңил барынча,
Миннетдарәм, тапыб бергил йарымны,
Мени бойлә көрип тахат кылгунча,
Миннетдарәм, тапыб бергил йарымны.

Шаҳсәнем:
— Менин максетимни өзиң билмесен,
Ҳәйран етем, тапыб бермен йарыңны,
Мениң бир максетли ишим кылмасаң,
Гирйан кылам, тапыб бермен йарыңны.

Әзберхожа:
— Бу ишдин жаныма салмағыл ҳижран,
Башыңа үгрилсин дәўлетли заман,
Максетиңни худа берсин, Сәнемжан,
Миннетдарәм, тапыб бергил йарымны.

Шаҳсәнем:
— Әлбетте, максетке худа йеткерур,
Эрк өзинде, хәр не кылса ол кылур,
Көнлимде бир зәрре максет иш эрур,
Ол болмаса, тапыб бермен йарыңны.

Әзберхожа:
— Бойлә Сәнем хараб етмегил халым,
Көрип рәҳим әйлегил бу кәдди-далым,
Зәр-зийўәр берейин хәм дүнйа-малым,
Миннетдарәм, тапыб бергил йарымны.

Шаҳсәнем:
— Дүнйа-мал дегениң бисйары-бисйар,
Зәри-зийўәр менде көбдур бийшумар,
Маңа сениң сийму-зәриң не дәркар?
Бу сөз билән тапыб бермен йарыңны.

*Әзберхожа:*
— Акызма, Сәнемжан, көзимдин йашым,
Бергил тапыб мириўетли йолдашым,
Сәнем, ешикинде кул болсын башым,
Кулың болам, тапыб бергил йарымны.

Шаҳсәнем:
— Хожам, бу сөзиңе хеш көңлим толмас,
Бу сөз билән сәўер йарың табылмас,
Пайғамбәр әўладын кул етмек болмас,
Бу сөз билән тапыб бермен йарыңны.

Әзберхожа:
— Дүнйа-малым берсем, оны алмассаң,
Кул боларам десем, кабул кылмассаң,
Йарым тапыб бериб көңлим алмассаң,
Көңлим алып, тапыб бергил йарымны.

Шаҳсәнем:
— Мен нечук етермен көнил хошыңны,
Кул кыларсен хожазада башыңны,
Сөз айтурсаң хәнуз билмей ишиңни,
Бул сөз билән тапыб бермен йарыңны.

Әзберхожа:
— Менҳа нечик көңил хошың билейин,
Сөзим хош алмасаң, не иш кылайын,
Әзбер айтур, йарың алып келейин,
Миннетдарәм, тапыб бергил йарымны.

Шаҳсәнем:
— Сәнем айтур, әўел айтсаң бу сөзни,
Йарың тапыб, хошўақыт етердим сизни,
Алып кел Ғәрибни, шад әйле бизни,
Мен хәм шад әйлейин берип йарыңны.

Әлкысса, бул саўалы-жаўабларны айтышыб болғандын соң Әзберхожаның Шаҳсәнемге «йарыңны тапыб алып келейин» деген сөзиге Шаҳсәнем хошўахт, хуррам болып пәрйад кылды:

— Әй, Акша апа! Тез келгил, йарың ҳәлек болмаға йакын йетиб тур, — деди.

Ол халда Акшаның өзи ҳәм бийсабыр-бийкарар болып, бийсебеп шыкмаға уйалып турып эрди. Пинхам жайдан доланып, сәллана-мәстана айағын иба билән басып, йүз мың жилўа, мың шийўә билә Әзберхожаны йандырып өртемек болуп:

— Бу тарийка әхди билән хәргиз көришмен, — деп йүз дөндирип турды.

Анда Шаҳсәнемжан тәўелле кылып:

— Йарның өзи миннетдар болып излеп келгени машукның мурадыға еткенитурур, йарыңның көңлин калдырма, турып көришгил, — деб, Гулниҳални айландырып Әзберхожа билән көриштирип, бул ҳәм әдеп-икрам билән сорашып болғандын соң, еккисин бир ҳәли жайға узатып, бир-бириниң ўйсалыға йетишиб, мурад ҳасыл болдылар.

Әлғәрез, арадын бир неше күн өтти. Әзберхожа ҳәм саўдасын биткерип, Акша йарын алып Ҳәлепшырўанға кайтар болды. Шул арада шах Аббас хан Шаҳсәнемни Шаҳўәлетке бермек болып киши йиберди:

— Шаҳсәнем кызым Шаҳўәлетни кабул кылсын, — деб.

Анда Шаҳсәнем кабул йетмей десе, атасына напәрманлық болур, әгер кабул йеттим десе, көңли Шаҳўәлетке хәргиз кайыл эрмес. Ахыр нәйлаж болып жаўап берди.

— Шаҳўәлет етти ай, етти күн той берсин, анда кабул етурмен ўә әгер етти ай етти ай етти күн той бермесе, мен ҳәм кабул етмесмен, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзни айтқандын ғәрез, шул етти ай етти күн ичинде Ғәриб тирик болса бир йердин шығар, аңачә худа нени қәлесе көрермен деб айтып эрди. Әрсе Шаҳўәлет ҳәм шул шәртни қабул етип, тойның сәренжамын тутып, тойды башламақ билән болған эрди. Әзберхожа Акша йарын алып йүрмек болды. Анда Шаҳсәнем зар-зар, чун әбри-нәўбаҳар йығлап, Әзберхожадын Ғәриб йарына салам айтып бир сөз айтты:

— Хожам, бәйан әйле ошбу ҳалымны,
Мендин салам дегил, келсин Ғәрибим.
Ғам болуб бүкилмиш бу қәдди-далым,
Айтғыл, салам дегил, келсин Ғәрибим.

Бәзирген хожасы, Мәкке хажысы,
Зәҳрге меггзер талхы ағзым ажысы,
Ағламақтың көр болыпдур ажасы,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Бәзирген хожасы йүкин бағлады,
Ярға салам айтып Сәнем йығлады,
Алтмыш күнлик йолны үч күн чағлады,
Мендин салам дегил, келсин Ғәрибим.

Атам-анам пәрманыны тутмадым,
Ғәриб дейиб өзге йарға кетмедим,
Шаҳўәлетни ҳәргиз қабул етмедим,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Кетен көйлегимни гүлге сердилер,
Бағым ичире қызыл гүлим тердилер,
Бизни қоймай Шәҳўәлетке бердилер,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Ҳаўызлар қаздырып қәддин толтырдым,
Ғуншалықта қызыл йүзим солдырдым,
Ғәриб ушын зәрли төшек салдырдым,
Мендин салам дегил, келсин Ғәрибим.

Тапшырған саламым, хожамыз, сизге,
Болар охшар йардың йолымыз өзге,
Етти ай, етти күн той берер бизге,
Той өтместен бурын келсин Ғәрибим.

Етти ай, етти күн тойымны берип,
Алмақ болды айтқан шәртим питкерип,
Шул той өтмес бурын келмесе Ғәриб,
Дийдар көришмек йоқ, билсин Ғәрибим.

Қыйаматлық ағам, хожам дийәйин,
Айралық дағына та ки күйейин,
Гулниҳалдек сәўер йарың берейин,
Зинҳар-зинҳар хожам, келсин Ғәрибим.

Бир түшсе йүзиме йарымның йүзи,
Көрмесиң, көр болсын рақибниң көзи,
Шаҳсәнем йығлады Шаҳ Аббас қызы,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етип, Ғәриб йарына салам айтып, Гулниҳалны Әзберхожаға қошып, қошлашып йолға раўана қылды. Шаҳсәнемниң өзи көшкине келип қарар тапты. Әлғәрез, Әзберхожа Дийарбәкирдин шығып, бир неше мәнзил йол йүрип өз йуртына кирди. Хошўақыт коррам болып, етти кеше-күндиз той-тамаша етип, ҳәр йерде сазенде болғанларды жәм қылды. Бир күнлери Ғәриб Әзберхожаның келген хабарын ешитиб Шаҳсәнем йарының хабарын сорамақшы болып Әзберхожаның йаныға келип, ҳал-аўҳал сорашып, соң Шаҳсәнемдин хабар сорап, Әзберхожа жаўап берип, еккиси бир йағлы-бәҳәр айттылар:

Ғәриб:
— Сәриңе дөнейин гүл жүзли хожам,
Хожам, мениң йарым сен нечук көрдиң?
Ҳижран оты өртер күндизим-кечәм,
Хожам, мениң йарым сен нечук көрдиң?

Әзберхожа:
— Сениң ушын Шаҳсәнем ағлап йүрипдур,
Айралықта рәнжи меҳнәт көрипдур,
Бийықтыйар Шаҳўәлетке берипдур,
Мен сениң йарыңны шәйләче көрдим.

Ғәриб:
— Хожам, алдамағыл йалған сөз билән,
Бойлә эрмес йар ўәдеси биз билән,
Шаҳўәлетке бергенини көз билән,
Көрдиңизму, хожам, сен нечук көрдиң?

Әзберхожа:
— Шаҳсәнем қыз Ғәриб йарым бар дейиб,
Ықтыйар берген йоқ өртенип-күйиб,
Шаҳўәлетке ҳәргиз барманам дейиб,
Ғәриб деб аҳ шегер, шөйлечә көрдим.

Ғәриб:
— Йарымдур Шаҳсәнем, әзийздур башы,
Айралықта йоқтур бир көнил хошы,
Хошму, нахош, нешик эркән рәўиши,
Сен мениң йарымны қалайша көрдиң?

Әзберхожа:
— Шаҳсәнемниң сенсиз ҳижр илә дағы,
Арзыўы жәмалың көрсе бул дағы,
Ол шәҳри ўәлайат бәрчеси йағы,
Ҳәмийше хылўетте шөйлечә көрдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб:
— Пәрўаз йетип бизниң елге йүрдиңму?
Тәр ашылған таза гүлин тердиңму?
Йа бир кечә, хожам, дәўран сүрдиңму?
Хожам, мениң йарым сен нечук көрдиң?

Әзберхожа:
— Бир кәнизни елчи қылып араға,
Чарлатды көшкине алып бармаға,
Бизни қыйамәтлик оқынды аға,
Сәнем сиңлим болды, шөйлечә көрдим.

Ғәриб:
— Дағы-хәсирет қойдың көңлим ичинде,
Мүшки-әнбер йарның сийа сачында,
Мениң йарым етти пәрде ичинде,
Шул тарийқа йарым, сен нечук көрдиң?

Әзберхожа:
— Қыйамәтлик сиңлиң болайын деди,
Қуданы ортаға салайын деди,
Ғәрибни келтиргил, көрейин деди,
Мен сениң йарыңны шөйлечә көрдим.

Ғәриб:
— Йар ала кийипму йоқса қаралар,
Қанжар алып йүрек-бағрым паралар,
Бизге ҳарам болды йары-жоралар,
Сен мениң йарымны қалайша көрдиң?

Әзберхожа:
— Сәнемге йетипдур ышқның ҳаўасы,
Йардын айрылыбан бардур ызасы,
Кийгени аладур, мәшкин либасы,
Мен сениң йарыңны шөйлечә көрдим.

Ғәриб:
— Шығадурму әйўанына, көшкине,
Бойын түзеп аўд-әнбар мүшкине,
Баш қойыпму Шаҳўәлетниң ышқына,
Сен мениң йарымны қалайша көрдиң?

Әзберхожа:
— Ағыў ичер Сәнем сениң ҳижриңдин,
Шаҳўәлет бағының термей гүлиндин,
Үш күни қалыпдур етти айындын,
Мен сениң йарыңны шөйлечә көрдим.

Ғәриб:
— Гулжамал сиңлимдур, ол бажым анам,
Ғәриб Шаҳсәнем деп өртенип йанам,
Ҳижран зәҳрин йутыб мен бүгин қанам,
Бәйан әйле, йарымны сен нечук көрдиң?

Әзберхожа:
— Әзберхожа айтур, ошбу саўалдур,
Қайтагәр, Ғәрибжан, айни мәҳәлдур,
Йарым келмеди деп Сәнем бийҳалдур,
Интизардур саңа, шөйлечә көрдим.

Әлқысса, бу саўал-жуўабларны айтышыб болғандын соң Әзберхожа Ғәрибке Шаҳсәнемниң башындағы саўдаларны бир-бир бәйан етип айтты:

— Әй, Ғәрибжан, әгер сен шул той өтмес бурын бармасаң, Шаҳсәнем өзин ҳәлак қылар. Дийдарын көрә билмей бийнесип болып қаларсаң. Мен сени алып бармаға ўәде қылдым, өзим билән бирге алып кетермен, — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Әй, хожам, мен Ҳәлепшырўанда етти йыл болып, бир нечә адамлар билән йар-дост болдым, алар билән хошлашып келейин, сен йол үстиндеги Султаныттәбрийз әўлийаның йанына барып турғыл. Мен ҳәм тез йетишермен, — деп, Әзберхожадын айрылып, өзи қайтып келип, йар-достларын йығнап Бабанийаз қаразбандын рухсат тилеп: — Маңа Шаҳсәнем йарымдын хабар келди, Дийарбәкирге кетермен, — деб, Ғәриб бир сөз айтты:

— Мен кетерем Дийарбәкир елине,
Кетер болдым, жан еллерим, хош қалың,
Бүлбил болып қонам йарның гүлине,
Кетер болдым, қарындашлар, хош қалың.

Бизә мунда мәрхәматлар қылғанлар,
Пәрийшан ҳалыма нәзер салғанлар,
Мениң билән қаўмы-ғардаш болғанлар,
Кетер болдым, қәдирданлар, хош қалың.

Сәйир әйлейуб гездим қышы-йазлары,
Қарындашдек билур эрдим сизләри,
Ҳәлепшырўан қара көзли қызлары,
Кетер болдым, қарындашлар, хош қалың.

Етти йылдур мунда ўатан тутыпман,
Сәнемжан деп өзим отқа урыпман,
Ҳәр йана телмирип қанлар йутупман,
Көңил берген досты-йарым, хош қалың,

Емди мен кечмишем йоқы-барымдын,
Көргенлер йығлашур аҳу-зарымдын,
Шу күн хабар келди сәўер йарымдын,
Кетер болдым, жан еллерим, хош қалың.

Ғәриб айтар: рухсат бериң, кетурмен,
Пәрўаз йетип йар йанына йетурмен,
Йарым билән заўқы-сапа қылурмен,
Кетер болдым, қәдирданлар, хош қалың.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып болды. Шул арада бир нанбайның қызы бар эрди, Ғәрибке



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғайыбана ашық эрди. Ғәрибниң раст кетерин билип, жаныға от түшиб, йығламақ бирлә бола берди. Анда Ғәриб ол қызға караб, көңлини алып бир сөз айтты:

— Мен саңа диййәйин, гүл йүзли дилбар,
Саңа көңил берсем, анда йар йығлар,
Алыпсен сабрымны сен пәрий-пәйкер,
Саңа көңил берсем, анда йар йығлар.

Ҳәсирет оты бирлә жаным дағлаған,
Ышқ риштеси бирлә белин бағлаған,
Етти йылдур йолға караб йығлаған,
Саңа көңил, берсем анда йар йығлар.

Бойның буруб, бизни мәлул қылмағыл,
Ышқ қанжары билән бағрым тилмегил,
Өзиң Ләйли, бизни Мәжнун қылмағыл,
Саңа көңил берсем, анда йар йығлар.

Йығлап бойлә, етме аҳу-нәдамәт,
Бу кайғу-қулпетте болма даўамәт,
Қылмасынлар рақибларың мәламат,
Саңа көңил берсем, анда йар йығлар.

Сийа зулпың көп пәрийшан қылмағыл,
Өз-өзиңни бойлә хәйран қылмағыл,
Келгил йарым, чәшми-гирйан қылмағыл,
Саңа көңил берсем, анда йар йығлар.

Ғәриб дерлер, шын ашықның өзидур,
Жаным алған шум рақибниң сөзидур,
Мениң йарым шаҳ Аббасның қызыдур,
Саңа көңил берсем, анда йар йығлар.

Әлқысса, Ғәриб ол қызға бу сөзни айтыб көңлин алып, ҳәмме йар-дослардын рухсат алып хошласып, йолға раўана болды. Әмма бу Ҳәлепшырўанда Ашықы-чын деген бир баба бар эрди. Етти йылдын бери Ғәрибни көрмекке арзыў эрди. Асла көрә билмей йүрур эрди. Шул Ғәриб өз елине кайтар эмиш деген хабарны йешитиб, Ғәрибниң йолының үстинде олтуруб эрди. Эрсә Ғәриб Бабаның үстине етиб келди. Баба Ғәрибни көриб, қийас бирлә таныл, бир кәлийма сөз сорап, Ғәриб жуўап бергени:

Ашықы-чын:
— Әзм етип чықмышам халың билмеге,
Сорасам, жан балам, қайда барурсен?
Мунис ҳәмдемиң йок, бир өзиң йекке,
Сорасам, жан балам, қайда барурсен?

Ғәриб:
— Нийетимдур Дийарбәкир елинде,
Баба, қойабер, Сәнемжана бараман,
Мени көб еглеме, жаўабқа тутма,
Әглемегил, Сәнемжана бараман.

Ашықы-чын:
— Ашық болмас киши теңи болмаса,
Йамулмаслар тоның йеңи болмаса,
Сенде ашықлықның пәни болмаса,
Сорасам, жан балам, қайда барурсен?

Ғәриб:
— Дәнданың төгилген, сақалың ақдур,
Мениң аҳ шектигим дәрди-пырақдур,
Баба, көб еглеме, йолым узақдур,
Егленмейин Сәнемжана бараман.

Ашықы-чын:
— Мен сени йеглейиб сорармен саўал,
Ашық болсаң, жаўаб бергил биймәлал,
Көңилдегин айтғыл, недур қыйлы-ҳал,
Сорасам, жан балам, қайда барурсен?

Ғәриб:
— Бәўер әйле, баба, анла бу сөзни,
Қыстанурам, бийкар йеглеме бизи,
Йарымдур Шаҳсәнем, шаҳ Аббас қызы,
Қойбер баба, Сәнемжана бараман.

Ашықы-чын:
— Сабыр әйлегил, мунша болма пештаб,
Мурад табалмассаң өзиңни қыйнаб,
Тайақ йерсең, балам, еглен, бер жаўаб,
Мунша қыстанурсен, қайда барурсен?

Ғәриб:
— Қолдан келмес ишни бийкар дийерсен,
Қаҳар әйлеп ғәзеп тонын кийерсен,
Жәдел етме бабам, тайақ йийерсен,
Баба, қойбер, Сәнемжана бараман.

Ашықы-чын:
— Жаныңа түшипдур Сәнемниң ышқы,
Жош әйлер йүрекин, ләблериң әшки,
Алтмыш күнлик йолдур Сәнемниң көшки,
Чақламассен ҳалың, қайда барурсен?

Ғәриб:
— Көңлиме қәўетер әрман салурсен,
Суст әйлеп көңлимниң жошын алурсен,
Алтмыш күнлик йол деб билмей калурсен,
Егленмейин бир замана бараман.

Ашықы-чын:
— Ашықы-чын дерлер бабаның атын,
Ҳақ тағала берсин жумле мурадын,
Ашық айдын дерлер бабаң устадын,
Сорасам, жан балам, қайда барурсен?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб:
— Мени сорсаң, бу мәкана келипмен,
Етти йылдур, бу үлкеде йүрипмен,
Мениң атым сорсаң — ашық Ғәрибмен,
Қойбер баба, Сәнемжана бараман.

Әлқысса, бу саўал-жаўаблар тамам болғандын соң Ашықы-чын баба айтты:

— Сен шын ашық эркәнсең, мен сениң ҳал-аўҳалынды билдим, сен бул йерге ҳәмра билән келген болсаң, ҳәмра билән қайтғыл, әгер бир өзиң келген болсаң, шул йеккелигиң билән кетгил, сен ашықсан, иншаалла машуқыңға қошулырсен, алла йарың болсын, — деб ақ пәтийҳа бериб Ғәриб билән хошлашды. Эрсә Ғәриб Әзберхожаның йаныға келип айтты:

— Әй, хожам, мен йолда бир бабаға йолықтым. Ол маңа ўәсийат қылды тәнҳә кет деб. Сен өзиң мендин бурын йолға раўана болғыл, — деб Әзберхожаны йолға салды.

Ғәрибниң өзи тәнҳә йолға түшиб, бир неше мәнзил-мәрайылларны тай қылып келур эрди. Йолы бир бөлек аўылның үстинен түшти. Бир неше хатунлар тандырға от йақып турған эркәнлер. Алар Ғәрибни анча мусапыр көрип, йаныға чақырдылар, көрсе, Ғәрибниң қолында дуўтары бар. Анда хатунлар айтты:

— Яхшы йигит, қайда барурсен?

Ғәриб айтты:

— Дийарбәкирге барурмен.

Алар айтты:

— Сен узақ йерге барур эркәнсен, бир дем сабыр әйле, нан пишсин, нан йеб, андын соң кетерсең, бизлерге бир-екки ағыз саз етип, сөз айтыб бер, — деди.

Анда Ғәриб әжеп болур деб, әлине сазын алып, шул турған келин-хатунларны тәрип қылып бир сөз айтты:

— Хоп келишибдур бойларың,
Сәрўи илә нара мегземиш,
Гөззалларим, гүл йүзлериң,
Шуғласы айа мегземиш.

Сөзлеген шийрин сөзлериң,
Жан алур жәллад көзлериң,
Йүзимге түшкен йүзлериң,
Бир шийрин жана мегземиш.

Көб гөззаллар мәйлис қурған,
Ҳәр ким бир иште олтурған,
Йүзлериң нуры барқ урған,
Маҳы-сәтдарға мегземиш.

Тоты сипет кәламларың,
Бизге берген саламларың,
Хоп бәрнадур әндамларың,
Жан ичире жана мегземиш.

Бириң саўсан, бириң сүмбил,
Бириң тоты, бириң бүлбил,
Бириң лаладур, бириң гүл,
Зулплериң мара мегземиш.

Ҳәммелериң хубның-хубы,
Көңлимде йарның мәтлубы,
Ҳәр бириң бирниң мәҳбубы,
Муҳаббат жана мегземиш.

Бириң шәкирт, бириң устад,
Ҳәммеңиз бирдек ҳасыл зад,
Кирпигиң оқ, көзиң жәллад,
Әжеп хунхара мегземиш.

Жәм болғанмыш сырдашларың,
Тилла шаҳана башларың,
Сәнемдек қара қашларың,
Әбриў кәмана мегземиш.

Ҳәмсүхбет, ҳәмдем болышың,
Ақлымны ҳәйран қылышың,
Ҳалымдын хабар алышың,
Шаҳсәнемжана мегземиш.

Ғәрибниң ошбу келиши,
Намаз пешин жәм болышы,
Мудам мен Ғәрибниң иши,
Аҳыў-пығана мегземиш.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етиб эрди. Жәм болған хатунлар Ғәрибдин бул сөзни ешитиб ашығы-интизар болып Ғәрибке айттыылар:

— Әй, йақшы йигит, сен емди бизниң аўылдан кетме, ошбу қызларның ичинде көңлиңниң қәлеген қызын саңа алып берермиз, — дедилер.

Анда Ғәрип айтты:

— Мен өз йарымға қошылмағанча өзге йарға көңил берә билмесмен, — деди.

Анда шул турған қызлар айтты:

— Сениң йарың пәрийзад емесдур. Әгер адамзат болатурған болса, биздердин артық емесдур. Әгер сәўер йарың бизлердин артық болса, аны тәрип етип бир-еки ағыз сөз айтғыл, көрейик, артық

www.ziyouz.com kutubxonasi

йери бармекен, болмаса сениң бу сөзиң билән йибермесмиз, — деди.

Анда Ғәриб әлине сазын алып, кызларға қарап Шаҳсәнем йарын тәрип етип, бир неше йерлердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Ешикли, әйўанлы, бакчалы, бағлы,
Хоб әжеп жайлары бардур Сәнемниң,
Ашықны күйдирер гүлгүн жәмалы,
Йүзинде нышаны бардур Сәнемниң.

Ағзы мәнилидур, қолы сазлыдур,
Алғыр лашын қушлы бәҳәр базлыдур,
Бағлы, сәрҳаўызлы, қуба ғазлыдур,
Қолында шунқары бардур Сәнемниң.

Гөззалдан көп болур гөззалның парқы,
Буларға йетишмес аларның ныркы,
Атасы Шаҳ Аббас, пәлекниң чарқы,
Пәрийзат анасы бардур Сәнемниң.

Мен рыйза йолында жандын кечмеге,
Ғамзеси оқына сийнем ачмаға,
Дилбарым қолындын шарап ичмеге,
Тилладын кәсасы бардур Сәнемниң.

Йарымның жан берур өликке сөзи,
Ҳеш кимге мегземес Сәнемниң өзи,
Күнде йүз жан алур қаш билән көзи,
Қан төккен ғамзеси бардур Сәнемниң.

Жәмалы көргенни ҳәйран етмеге,
Кирпиги оқ эрур жандын өтмеге,
Көңлимниң қаласын ўәйран етмеге,
Қолында жүдасы бардур Сәнемниң.

Шаҳсәнем қыз деген мениң маҳымдур,
Ҳүсин ишинде султанымдур, шаҳымдур,
Ғәриб ашық дерлер, қублагәҳимдур.
Тилинде сәнасы бардур Сәнемниң.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етти. Қызлардың ичинде бир пәҳимдар қыз бар эрди. Ол айтты:

— Әй, қызлар билдиңизлерму? — Атасы шаҳ Аббас пәлекниң шархы, пәрийзат анасы бардур Сәнемниң, — деди. Йәне бир сөзиңде: — Пәрий билән пәрийниң хоб болур парқы, буларға йетишмес аларның ныркы, — деди. Шул сөз билән бизлерниң ҳәммемиздин зийада болды. Йәне ҳәм «Сәнасы бардур Сәнемниң» деди. Өзи ҳәм илим оқыған алым эркән. Ҳеш бир тымсалы бизлерге ухшаш болмады. Бул сөзи билән ҳәммемизге пәнт берди, — деб жәм болған қыз ўә жәўан, зәнан-марданлар: — Бар, машуқыңызға қошылып мурад-мақсудыңа йеткейсен, йарың өзиңе несип етсин, — деб Ғәрибке рухсат бердилер.

Ғәриб хошўахыт куррам болып йолға раўана болды. Нәгаҳ алдынан бир атлы чықып, атына миндирип, көз ашып жумғанша Дийарбәкирге йеткурди. Йәне ол атлы айтты:

— Әй, уғлым, бу атның басқан из топырағыдын алғыл, көр болған көзге сүртсе ачылур, — деп көзден ғайып болды. Әмма ол атлы Ҳәзирети Әлий Шаҳымәрданның руўхлары эрди. Ғәриб йүрип барыр эрди, алдынан бир көш шықты. Көште бир келин келур, мысалы салланып йүргени Шаҳсәнемге мегзер. Йүришиң йарыма мегзер, деб Ғәриб бир сөз айтты:

— Мәстана дилбар, йүришиң,
Йүришиң йарыма мегзер,
Тәмәнна әйлеп турышың,
Турышың йарыма мегзер.

Бүлбилем, қонам бағлара,
Чыдай билмен о дағлара,
О дағлардын бу дағлара,
Чықышың йарыма мегзер.

Қызыл гүлдек ачылышын,
Бир бақышта жан алышын,
Мениң ҳалымны билишин,
Билишин йарыма мегзер.

Сөзлеген шийрин сөзлериң,
Жан алур жәллад көзлериң,
Салланып йүрген назларың,
Назларың йарыма мегзер.

Аләмде йок сениң ҳүсниң,
Жан алмақта эрур қастың,
Өлтирди бул чәшми-мәстиң,
Көзлериң йарыма мегзер.

Қанду-набатдур сөзинде,
Жәлләд оқыдур көзинде,
Сийа зулпың ақ йүзинде,
Доланур, йарыма мегзер.

Көрип жанымны алышың,
Жилўа билән қозғалышың,
Ышқ отын жана салышың,
Мысалы йарыма мегзер.

Түгмеге мегзер башларың,
Кәманға мегзер қашларың,
Мүшки-әнбердур сашларың,
Сашларың йарыма мегзер.

Саллана бақып келишин,
Жилўа билән наз қылышын,
Йар, қаҳ-қаҳ урып күлишин,
Күлишин йарыма мегзер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрибни отқа йақышың,
Тилладын ҳәйкел тақышың,

Ҳәр йана, йарым, бақышың.
Бақышың йарыма мегзер.

Әлқысса, бу сөзни тамам еткен бәрабәринде ол көштеги келиннниң адамлары Ғәрибни дәлидийўана пәҳим қылып, қәҳри келип, Ғәрибни ура башладылар. Либаслары пара-пара болып Ғәриб бийшара ара-йерде тайақ еб, аўара болды. Қолындағы дуўтарын урып сындырдылар. Ғәриб өлим ҳәлетинде аларның қолыдын халас таўып, намазшамда өзиниң үйине келди. Қараса, анасының көзи ағлай-ағлай көр болубдур. Сиңлиси Гулжамалның ҳәм ағламақдын екки көзи ажыз болыпдур. Буларны көриб көңли бузылды. Өзиниң дуўтары ҳәнуз үйиниң төринде қазықта турған эркән. Ол дуўтарны алып бир-екки нама шертти. Анасы бирлә сиңлиси Ғәрибниң чалған сазын уғлының чалғанына мегзетип, дәртлери қозғалып, ағламақ билән бола бердилер. Аларның ағлағаныға Ғәрип өзин тоқтатып тура билмей айтты:

— Әй, мама, мен ҳәм сизлердин бетер мусапырлық чеккен ғәрипдурман. Сизлер ҳәм маңа ухшаш эркәнсизлер. Дәртлиниң халын дәрткеш билур. Келиң, бирге йығлашалы, — деб анасына қараб бир сөз айтты:

— Ғариб болған көзсиз мама,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын,
Қулақ сал аҳыў-налама,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Йаш башында ғамлы болған,
Зар ағлап гүл киби солған,
Рәўшан көзинен айрылған,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Ғамда сарғарған гүл йўзи,
Ажыз болған екки көзи,
Мамажан, ағлаттың бизи,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Қайғулы, әлемли башы,
Селге мегзер көзиң йашы,
Ағла, Ғәрибниң ғардашы,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Йығласаң көңлим бузылар,
Ғамның дәптери йазылар,
Дәртли ҳалын дәрткеш билер,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Мен ҳәм мусапыр меҳнәтли,
Қаўмы ғардашсыз ҳәсиретли,
Сен ҳәм дәртли, мен ҳәм дәртли,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Ҳәлепшырўандын келурмен,
Пақыр-бийчара эрурмен,
Дәртли, мен дәртиң билурмен,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Баша игәм дәртни салды,
Малы-мүлким бәрше қалды,
Көне дәртлерим қозғалды,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Бириң мама, йашың толан,
Бириң йашта ғамда қалған.
Қошылышып мениң билән,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Бириң уғлыңдын айрылған,
Бириң ағаңдын айрылған,
Көр болып меҳнәтте қалған,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Мусапыр дәрткешлик болур,
Зар ағлап налышлық болур,
Ғарры көзи йашлык болур,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Мен дайым ағлап йўрибмен,
Дәрти меҳнат көп көрибмен,
Мен уғлыңдек бир ғәрибмен,
Сен йығла, мен ҳәм йығлайын.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен ҳалда анасының көзи көрмесе ҳәм, тәни сезип, Ғәрибниң аўазын уғлының аўазына мегзетиб, меҳри келип, көңлинде ўақтыхошлық пайда болып, Ғәрибниң анасының көңли бузылып бир сөз айтты:

— Йетти йылдур, мен уғлымдын айрылдым,
Ситем йетти дәртли көзиме мениң,
Айралық дағына өзимди салдым,
Қашан түшер йўзин йўзиме мениң.

Сухбәтим тәң болып, сазым кетибдур,
Ҳәм паслы-баҳарым, йазым кетибдур,
Көрер көзим, йалғыз уғлым кетибдур,
Аўазың ухшайдур уғлыма мениң.

Сәнемниң бағынан баш алып кетти,
Сийнелер дәрт олып етти йыл өтти,
Сағ, бар болса, келер мүддети йетти,
Аўазың ухшайдур козыма мениң.

Айралықдын солды гүл киби йўзим,
Зар ағлап көр болды бул екки көзим,
Белимниң қуўаты, уғлым, йалғузым,
Мегзейурсен Ғәриб уғлыма мениң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўазың ешитип, сүйинди жаным,
Дизге қуўат келди, дәртке дәрманым,
Алғыр лашын қусым, шерим, арысланым,
Әпғаның ухшайдур уғлыма мениң.

Нешше йыллар зар ағладым сарғарып,
Қудадын тиледим ҳаққа йалбарып,
Етти йылғы кеткен йалғузым Ғәриб,
Мегзерсен шул Ғәриб уғлыма мениң.

Растын сөзле, балам, қайдын келурсен?
Етти йылғы дәртке шыпа берурсен,
Ўалла аләм мениң уғлым эрурсен,
Меҳрим сүти келди сийнеме мениң.

Уғлыма мегзейур әпғаның өзиң,
Шалған сазың билә ҳәм айтқан сөзиң,
Көзим йоқ көрмеге, танысам йүзиң,
Уғлымның өзисен көңлиме мениң.

Сен эрурсен Абаданның перзенти,
Сөзлериң ешитип жаным емренди,
Қатып қалған емшегиме сүт енди,
Сен ухшарсен Ғәриб уғлыма мениң.

Әлқысса, Ғәрибниң анасы бул сөзни айтыб, өлик тәнге жан киргендек, қәстеге даўа табылғандек көңли хош болып, бу сөзлерни айтыб болғандын соң Ғәрибнин синлиси Гүлжамал бийшара ошбу кечә ағасы Ғәрибни түшинде көргенин айтып, иншалла ағам келур деб, көңли хошўахт болып олтырыб эрди. Шул көрген түшине бул иш мақул келип, Гулжамал бийшара көрмен көзи болмаса ҳәм көңлидин қуўанып, «бу йигит Ғәриб ағама ухшар» деб, анасына қараб бир сөз айтты:

— Анажан, йатурдым бир аҳўал көриб,
Еренлер келдилер қашыма мениң,
Ҳәлепдин бир жыға келдилер алып,
Пирлерим саныштылар башыма мениң.

Бу күн пирлер аҳўалыма енипдур,
Шул көрген аҳўалым мениң болыпдур,
Ўалла аләм, йалғыз ағам келипдур,
Дәўлет қусы қонды башыма мениң.

Көзим ажыз, көрә билмен гүл йүзин,
Ағама ухшаттым сөзлеген сөзин,
Хулқы-пеғлы мисли ағамның өзин,
Ухшамыщдур шуңқар қусыма мениң.

Ағамның Шаҳсәнем сүйикли йары,
Сәнем көб қылмыщдур аҳ билән зары,
Етти йылдын бери болмас хабары,
Мегзейур шул емекдәшиме мениң.

Күйди жаным хижр отыға туташыб,
Ҳижранда өртенип ҳәм ақлым чашыб,
Сүт емишкен бир емчекдин талашыб,
Ухшайдур шул қарындашыма мениң.

Атам салып эрди йахшы имарат,
Тез йықылды, бизлер көрдик ҳақарат,
Бизлерде қалмады ҳәргиз пароғат,
Сен ухшайсан көңил хошыма мениң.

Гүлжамал дер, зәрре көңил хошым йоқ,
Йығламақдын ғайры өзге ишим йоқ,
Сәўбетим, баҳарым, йазыў-қышым йоқ,
Сен ухшарсен йазыў-қышыма мениң.

Әлқысса, Гүлжамал бийшара бу сөзни айтып тамам еткендин соң Ғәриб ойланды: әгер мен өзимни билдирсем, мени Шаҳсәнемниң тойына йибермеслер, йығлап бийтахат болурлар. Мениң ҳәм көне дәртлерим қозғалур. Андын соң Шаҳсәнемниң тойындын қалурман, — деб анасына сыр бермей:

— Әй, мама! Мен Ғәриб эрмәсмен сениң уғлың Ғәриб билән Ҳәлепшырўанда йетти йыл ҳәмра болдым, сазенде, гөйенде, суханўәрликни оғлындын үргендим, мениң аўазымның ухшатып турғаны шултурур, — деб мамаға қараб, мен ҳәм уғлың йаңлы ғәриб-бийшараман деб, өзин билдирмей Ғәриб бир сөз айтты:

— Қойбер, мама, өз йолыма,
Мама, мен дегилмен Ғәриб,
Қулақ сал арзы-ҳалыма,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Келдим Дийарбәкир елине,
Қонам Сәнемниң гүлине,
Мама, инансаң сөзиме,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Келдим неше тағдан ашып,
Ҳижр отыға йанып-пишип,
Келдим мунда йолым түшип,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Анажан, йүз қыйалдаман,
Ҳәсирет шегип әрмандаман,
Қәлендермен, дийўанаман,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Етти йылдур жуда болдым,
Сәнем ушын гәда болдым,
Күйип-йаныб әда болдым,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мени бир заман әглеме,
Ғәриб дейиб көп йығлама,
Йүрек-бағрымны дағлама,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Ғәриб билән ҳәмдам болдым,
Сазу-сөзни тәлим алдым,
Ҳөнерни андын үргендим,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Шул дуўтарны бергил қола,
Мен бақманам сағыў-сола,
*Уғлың келди мениң билә,*
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Мен болам Ғәриб орнына,
Баш урам Сәнем дарына,
Арзыўым бар дийдарына,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Узақ йоллардын келурмен,
Мамажан, ҳалың билурмен,
Әгленсем тойдан қалурмен,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Уғлың орнына мен болам,
Ғәриб йаңлы хызмет қылам,
Көп әглеме, тойдын қалам,
Мама, мен дегилмен Ғәриб.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етиб, бир сөзинде өзин билдирмей, йәне бир сөзинде билдирип, анасының көңлин йүз мың қыйалға салып турған ҳалда сәҳәр ўақты болды. Анда Ғәриб анасына айтты:

— Әй, мама! Бүгин Шаҳсәнемниң никаҳ тойытурур, мен бир ғәриб-бийшара сазеңде эрурмен. Тойға барып бир-екки кәлийма сөз айтып, саз етейин, әмма Шаҳўәлет ҳәмир етиб қойған эрмиш: — Ҳәр йерде сазенде-гөйенде болған Шаҳсәнемниң көшкининң астына барып бир-екки кәлийма сөз айтыб, саз етсе, мың теңге, бир сарпай берурмен ўә әгер сазенде болып, келмей қалса анын тухымын қуртармен, — дебдурур. Әй, ана! Ошал турған дуўтарны алып Шаҳсәнемниң көшкинин астына барып саз етип, сөз айтып, мың теңге, бир тонын алайын, ўә йәне Шаҳўәлетнин әмириндин қутылып, тонын өзим алып, теңгесин сизлерге келтирип берейин, — деди.

Анда анасы айтты:

— Бу дуўтар Ғәриб уғлымның дуўтарытурур, ҳәр ўақыт сыйпалап көргенимде уғлымны көргендек болурман. Сен қайтыб келтирип бермесең, нечик тақат қылурман? — деди.

Анда Ғәрибниң синлиси Гүлжамал айтты:

— Апа, бу дуўтарны бул йигитке берип йиберәли, мысалы ағамны көргендек көңлим хош эрур. Мен қыйал қылурман, гөйа ағамның өзитурур, — деб дуўтарны алып берди.

Эрсә Ғәриб дуўтарны алып Шаҳсәнемниң көшкине қарап раўана болды. Нәгаҳ Шаҳсәнемниң көшкине йақын келип, өзиниң бурынғы заўқы-сапа етиб йүрген йерлерин көрип, көңли бузылып Ғәриб бир сөз айтты:

— Қәдир алла, йарым билән,
Йүрдигим йерлерә келдим,
Ҳәсиретинде қанлар ағлап,
Турдығым йерлерә келдим.

Сәўер йарның шийрин тили,
Гүл йүзи, сачы сүмбили,
Сайратыб шәйда бүлбили,
Гездигим йерлерә келдим.

Бүлбиллер сайраб бу баға,
Муҳаббат салып араға,
Ярым билән ақ отаўға,
Кирдигим йерлерә келдим.

Ай киби йүзин көрсетип,
Наз әйлеп, көзлерин сүзип,
Шийрин ләблердин сорып,
Йаттығым йерлерә келдим.

Йол йүришип салланышыб,
Бир-биреўден айланышыб,
Сұҳбет йетиб доланышыб,
Қушдығым йерлерә келдим.

Йарым билән сапа туруб,
Мураду-мақсетке йетиб,
Ақ қолын мойныма салыб,
Турдығым йерлерә келдим.

Йүзин көриб ҳәйран болуб,
Ышқ отына бирйан болуб,
Йар қойнына урйан болуб,
Йаттығым йерлерә келдим.

Сәнемжан қызыл гүл киби,
Мен ышқында бүлбил киби,
Ышқ мәўж урғанда сел киби,
Ақдығым йерлерә келдим.

Йарым билән ҳәмраз олуб,
Бир-биреўге демсаз олуб,
Қыш кунлеримиз йаз олуб,
Йүрдигим йерлерә келдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Йолда чекип жәбриў-жәпа,
Келдим йарымға баўапа,
Ғәриб айтур, заўқы-сапа,
Сүрдигим йерлерә келдим.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтыб турған халда бир қәлендер дуўшар келди. Ол қәлендерниң атасы Ҳәсен ўәзир Бағдадта падшаҳ болып турғанда ол ўәзир эрди. Ол қәлендер Ғәрибни шул тойға келурмекен деген гүман биле Ғәриб келур йолын көзлеп туруб эрди. Эрсә, Ғәриб билә көришиб-танышыб, хал-аҳўал сорашыб болуб, еккилери қошылып Шаҳсәнемниң көшкиниң астында сазенде-гөйенделер болатурған йерде олтырыб, әлине сазын алып, халайықларға қараб, бүлбил йаңлы болып хош аўазлық билән Ғәриб бир сөз айтты:

— Ағалар, бул кечә Ҳәлепшырўандын,
Қуш болубан мунда уштым да келдим,
Йар йолында кечип бәлки бу жандын,
Бир йар саўдасына түштим де келдим.

Ҳәлепдин чықмышам мунда күн йерте,
Кәрбала шөлине келдим күн орта,
Бәлентте йүкириб, пәстлерде йорта,
Бийик-бийик дағдын аштым да келдим.

Пийрим Әлий бизге рухсат бердилер,
Алтын кәса билән шәрап сундылар,
Барғыл балам дейиб йолға салдылар,
Мәй ичип, әселдин таттым да келдим.

Әлимни мен бердим мәрдан әлине,
Сачрабан миндим мен дүлдүл белине,
Араз дәрйасының дашқын селине,
Ҳайдар нәжат берди, кештим де келдим.

Нечә йыллар гездим сәргәрдан болуб,
Ҳәр йетер-йетмеске сырым алдырыб,
Мақсудымға Шаҳымәрдан йеткериб,
Шийри-йәздан қолын туттым да келдим.

Намазшамда келдим күлбеханама,
Сырым билдирмедим бажы анама,
Қанжар йарасыны чекип сийнеме,
Жан билән сәримдин кештим де келдим.

Нәсимийдей терилерим соймаға,
Мансур киби келдим дара чықмаға,
Жиржийс киби ышқ отына күймеге,
Бәлки әзийз жандын кешдим де келдим.

Отлар йақтым йәне Ҳәлепшырўанда,
Ақлымны чашырып гездим хәр йанда,
Етти йыл болғунша көзим гирйанда,
Шаҳсәнем ышқына түштим де келдим.

Йүзини ухшаттым байрам айына,
Қәметин мезгеттим кәман йайына,
Дилбарымның бу күн қәдди бойына,
Бу жанымны қурбан еттим де келдим.

Дөнейин йарымның қыпча белине,
Қонарман деп келдим йарның гүлине,
Нәсип болып Дийарбәкир елине,
Рақиблар дийдесин бастым да келдим.

Шамлыбелде өзим тутмышам тезә,
Күн пешинде келдим Султан Тәбрийзә,
Халайықлар бәйан әйлесем сизә,
Лачын қуш сипетли уштым да келдим.

Сазымны көтерип кирсем ойына,
Қурбан болсам йарның қәдди-бойына,
Ғәриб ашық — Шаҳсәнемниң тойына,
Мәўлам қанат берди, уштым да келдим.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен халда йасаўыллар ҳәр тәрептен урҳа-ур билән Ғәрибниң тайақдын ишин питкериб, еки қолын мәҳкем бағлап, йүкирттириб-йорттырыб Шаҳўәлетниң хузыўрына алып барып:

— Әй, Шаҳым! Ошбу сазенде «Ғәриб ашық — Шаҳсәнемниң тойына, Мәўлам қанат берди, уштым да келдим» деб ҳәр түрли йарамас сөзлерни айтқандын соң сизнин әмириңизни тутыб бағлап келтирдик, — дедилер.

Анда Шаҳўәлет айтты:

— Әй, сазенде, мен әмир етип қойып эрдим: «ҳәр ким Ғәрибниң атын айтса ағзына қорғашын қуйдырурмен» деб, сен ешитмедиңму, не ушын Ғәрибниң атын айтурсаң? — деб дәрқәҳәр болды.

Анда Ғәриб айтты:

— Әй, Шаҳым, арзым бар. Мен бу кечә намазшамда Ҳәлепшырўандын келдим. Сизниң тойыңызнын аўазын ешитиб эрдим. Ҳәр ким бир сөз айтыб, саз етсе, мың теңге, бир сәрпай берур деп. Мен сизниң Ғәрибниң атын тутқанға азап қылатуғынынызны билмедим, әмма саз билән сөз арасында өз ғәриблигимни билдирип айтсам, мың теңге, бир сарпайдын ҳәм көбирек бермәсмукән деп нәпсим уғрына қашып айтыб эрдим. Әмма йасаўыллардын көрген азабым билән йеген таяғым мың теңгедин артығырақ болды. Ҳәмде өз ғәриблигимни айтыб, мың теңгедин ўә йәне бир сәрпайдын бийзар болдым, — деди.

Анда Шаҳўәлет айтты:

— Әй, йасаўыллар, бу бийшарага тегмең, бул өз ғәриблигин айтур эркән, ҳәрне айтқан сөзи кеширимли болсын, — деп Ғәрибке рухсат берди.

Ғәрибке Шаҳсәнемниң көшкиниң астына алып барып мың теңге, бир сарпайын алып бердилер. Ол ҳалда халайықлар сорадылар: — Бу йигит йәне бир-еки кәлийма сөз айтып, саз етсин, — деди. Йасаўыллар йәне саз етип, сөз айт деп қыстадылар. Анда Ғәриб әлине сазын алып, айтсам урып өлим ҳалына йеткерүрсизлер, айтмасам «айт» деп жаныма азар берерсиз — деп нечә йерлердиң тымсал келтириб бир сөз айтты:

— Бир сөзим бар, уйалурман демедин,
Десем өлтирүрлер, демесем өлем,
Ақ сийнең үстинде коша мәмедин,
Тутсам өлтирүрлер, тутмасам өлем.

Мен аны сәўермен жан билә дилдин,
Ол мени сәўмеге коркадур елдин,
Қытайы бармакдын, хыналы колдын,
Тутсам өлтирүрлер, тутмасам өлем.

Келин, кәшт йетәли йарның бағларын,
Тәрипин дийейин шәйда қызларын,
Йупка додакларын, бал ағызларын,
Йемсем өлтирүрлер, йеммесем өлем.

Кәман қашларына, жәллад көзине,
Қара сачларына, шәккер сөзине,
Бадам қабағына, гүлдек йүзине,
Бақсам өлтирүрлер, бақмасам өлем.

Шүкир Алла, көрдим йарның йүзини,
Көзлеримге сүрме қылам изини,
Шах Аббасның Сәнем атлы қызыны,
Алсам өлтирүрлер, алмасам өлем.

Пәлек ҳәйран қалур еткен ойнына,
Қолым салсам шул йарымның бойнына,
Ғәриб ашық Шаҳсәнемниң қойнына
Кирсем өлтирүрлер, кирмесем өлем.

Әлкысса, Ғәриб бу сөзин тамам еткен соң йасаўыллар айттылар:

— Пай, занғар, Шаҳўәлет рухсат бергендин соң ағзына келгенин кайтармай айта башлады, — деп күлиштилер.

Шул халда Шаҳсәнем көшк үстинде Ғәрибке мың теңге билә бир сарпай ташлады. Анда Ғәриб:

— Маңа зәр керек эрмәс, дийдарың керекдур, — деп Шаҳсәнемге караб бир сөз айтты:

— Мен ашығам, сырым хакка әйандур,
Маңа зер керекмес, дийдар керекдур.
Ҳалы-зарым хәр сөзимде байандур,
Маңа зер керекмес, дийдар керекдур.

Бул кимге той болса, ол маңа йасдур,
Көңил пәрўаз етер, таза хәўесдур,
Гүнаҳым бар олса дарыңа астыр
Маңа зәр керекмес, дийдар керекдур.

Бәршениң мурадын бирубар берсин
Ҳәрким йары билән ойнасын, күлсин
Ҳәрким мүхтаж болса, алсын, бай болсын,
Маңа зәр керекмес, дийдар керекдур.

Чын ашық аҳ чекер, өзгедур ҳалы,
Кечә-күндиз пикири йарның қыйалы,
Ашықлар нәйлесин дүнйаны-малы
Маңа мал керекмес, дийдар керекдур.

Маңа дәркар емес бу дүнйа-малың,
Мениң истедигим сениң ўисалың,
Дүнйаны нәйлейин, көрсем жәмалың,
Маңа мал керекмес, дийдар керекдур.

Етти йыл гезмишем, бағрымдур бирйан,
Көзим нәмде, көңлим қаласы ўәйран,
Жәмалың истермен телмүрип хәр йан,
Маңа мал керекмес, дийдар керекдур.

Ғәриб дийер, мениң бул сөзим растдур,
Йалан демек ашықларға хәбесдур,
Бир Алладын өзге маңа ким достдур,
Маңа мал керекмес, дийдар керекдур.

Әлкысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен ҳалда Шаҳсәнем айтты:

— Ўа, дарийғ, мың тилла билә бир сәрпай ташлап, ақлымдын айрылған эркәнмен, мен билмеслик еткен эркәнмен, мен әўел өзимни көрсетмегим лазым эркән, — деп, тоққыз пәрдениң ичийдин чықып өзин көрсетип, Ғәрибниң көңлин шийрин сөзлер билән алмақ болып, «Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсең» деб, Шаҳсәнем Ғәрибке қараб бир сөз айтты:

— Торға түшкен ақ қаршыға бақышлым,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсең,
Бул мениң жаныма отлар йақышлым,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсең.

Көңлим суўышмады йарның дәстидин,
Ҳәр ким излеп шығар досты-достыдын,
Қойған қәдемлериң дийдем үстидин,
Хош келдиң Ғәрибим, сапа келипсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бойлə бир иш садыр болмасын мендин,
Йүз миннетдар болдым жан билə тəндин
Ҳеш бир гийнем йокдур, Ғəрибжан, сендин,
Хош келдиң Ғəрибим, сапа келипсең.

Емди таза болды бағым гүлшени
Белим қуўатысан, көзим рəўшени,
Йүз мың шүкир ҳаққа, йеткүрди сени,
Хош келдиң Ғəрибим, сапа келипсең.

Несийбемиз түшти əжеп қайыма,
Игəм рəҳим əйлесин аҳу-ўайыма,
Жан пайаңдоз болсын хакипайыңа,
Хош келдиң Ғəрибим, сапа келипсең.

Етти йыллап ақты көзимдин йашым,
Бəрше йағы болды қаўмы-ғардашым,
Мурадым-мақсетим, ҳəмдем йолдашым,
Хош келдиң Ғəрибим, сапа келипсең.

Башыңа əўрилсин дəўлетли заман,
Хош болсын көңлиңе келмесин гүман,
Йолыңда пидадур сениң əзийз жан,
Хош келдиң Ғəрибим, сапа келипсең.

Шаҳсəнем дер, имди мурада йеттим,
Ғам лəшкерниң үстин бастым да өттим,
Сени көрип өзим сəрепраз йеттим,
Хош келдиң Ғəрибим, сапа келипсең.

Əлқысса, Шаҳсəнем қыз бу сөзни тамам етти. Анда Ғəрибниң көңли бул сөзлер билəн ҳəм толмады. Əўел келгенде Шаҳсəнемниң өзин көрсетмей, мың теңге билəн тон бергени Ғəрибке мəлал түшиб: — Сен əўелдин чықып өзиңни мəлим етип, йүзиңни көрсетмедиң, —деб Шаҳсəнемге гийне қылып бир нечə кинайалы сөзлер билəн Ғəриб бир сөз айтты:

— Себеп билəн келдим йүзиң көрмеге,
Баҳана əйлеп саңа келдим саз билəн,
Сен ар еттиң мени чықып көрмеге,
Тəкəббирлик етдиң əйлеп наз билəн.

Ҳəр ким ашық эрмəс, билмесе дəрдим,
Көб эрди көнлимде бул аҳу-сəрдим,
Өзим келген хабарымны йеткердим,
Саз етип, сөз айтып хош аўаз билəн.

Озал башта саңа билдирдим өзим,
Саңа бəйан болды саз билəн сөзим,
Мендин хабар алмай сарғарттың йүзим,
Сен өзиңни улуғ туттың наз билəн.

Пешўаз чықмасдын əйлединң ҳəзер,
Дүнйа бердиң, əйлеп дийдарың гүзер,
Ғарқылдашып көзим йашында йүзер,
Қошылышып келсе сонаң ғаз билəн.

Сендин бир зəрречe əйлемен миннет,
Истеп келип болдым хару мəзеллет,
Саз етип, сөз айтып əйлейин хызмет,
Қол қуўшырып турып сəрепраз билəн.

Сени истеп келип эрдим бу жайа,
Қайрылып бақмадың мискин, гəдайа,
Билə билмен өмир өткерип зайа,
Сендек мухаббетсиз сəрўиназ билəн.

Мен сениң болмышам ҳүсниңе бəнде,
Сениң йадың эрди жан билə тəнде,
Дийдарыңа муштақ болуп келгенде,
Неге сырың билдирмедиң раз билəн.

Ақ йүзиң бир көрмей өзим өлтирдим,
Тыйғы зəҳмет билəн бағрым тилдирдим,
Саңа келгенимни озал билдирдим,
Тилде ғəзел айтып, қолда саз билəн.

Əўел башта келгенимни билмейиб,
Йүз көрсетмей, теңге инам əйлейиб,
«Хош келипсең, сапа келипсең» дейиб,
Сен мени алдарсаң хош аўаз билəн.

Мен келипмен ҳəсиретинде қан йутыб,
Сен кетипсең мендин өзге йар тутыб,
Ярың шаҳ болғансоң мени унытыб,
Олтырған эркəнсен сəрепраз билəн.

Əлқысса, Ғəриб ҳəр сөзинде өзин көрсетмей, хабарлашмай дүнйа бергенин гийне қылып, жаныға от түшириб, Шаҳўəлетке бергенин ҳəм айтып тамам еткен ҳалда Шаҳсəнемниң иши күйип, «ўа, дарыйғ, йарымның келген ўақытта хабарлашмағаныма көңли ағрыған эркəн» деб Ғəрибке үзир айтып, «мен сениң əўел келгениңнен хабарым болмай қалды» деб, Шаҳсəнем Ғəрибке қарап бир сөз айтты:

— Йешит Ғəриб арзым билəн зарымны,
Сениң келгениңни билə билмедим,
Тəрк əйледим намыс билəн арымны,
Сениң келгениңни билə билмедим.

Сендин өзге билəн сүҳбет йетменем
Ақ йүзиме перделерим тутманам,
Шаҳўəлетни ҳəргиз қабул йетменем,
Йарым, келгениңни билə билмедем.

Саңа йетишмеге тапмадым ҳийле,
Йарым, қəҳр əйлейип етмгил гийне,
Маңа етме йаўыз төҳметиң бойлə,
Йарым, келгениңни билə билмедим.

Сен кеткели ҳəргиз күлмедим ойнап,
Ҳəсирет пырақына пишмишем қайнап,
Қанжар урма тəнге, жанымны қыйнап,
Йарым, келгениңни билə билмедим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен келсин деп етти ай тойны еттирдим,
Сазенде, гөйенде йығнап айттырдым,
Сендиң хабарым йок, ғапыл олтурдым,
Йарым, келгениңни билә билмедим.

Төҳмет билән наҳақ төкме қанымны
Сени деп тәрк еттим ханы-манымны,
Сен йандырма бурын йанған жанымны,
Йарым, келгениңни билә билмедим.

Көп төҳмет әйлерсең сен мени қыстап,
Башымға мəламәт йастығын йастап,
Әўелден келдиңму йарым деп истәб,
Йарым, келгениңни билә билмедим.

Етти ай болды бу тойларны қылғалы,
Бийыхтыйар Шаҳўәлетке бергели,
Бир келмедиң мени истәб көргели,
Йарым, келгениңни билә билмедим.

Йарым, бизге йетме төҳметлик сөзи,
Әйлеп гийне, зағпер қылма гүл йүзи,
От үзре от салып йандырма бизи,
Йарым, келгениңни билә билмедим.

Йарым, төҳмет билә бағрым тилдиңму?
Мени йандырмаға бөхтан қылдыңму?
Әўелдин бармедиң, йаңы келдиңму?
Йарым, келгениңни билә билмедим.

Той соңында келип көшким астына
Төҳмет әйлеп жаным алмақ қастына,
Сәнем өзин ташлар Ғәриб үстине
Көшк үстинде тақат қыла билмедим.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтып тамам етип, бийтақаты-бийарам болып, сабры-қарары болмай, көшк үстидин өзин Ғәрибниң үстине ташлар болды. Ол ҳалда Ғәриб Шаҳсәнемни йәне сынамақ учын Шаҳсәнемге қарап:

— Мениң учын өзиңни салма жәпаға. Сениң ушын Шәҳўәлет етти ай етти күн той берип ханы-манын сениң йолында пида қылған. Шаҳўәлетни қойып, мениң йаңлы ғәриб билә ҳәмдем болмақ ушын өзиңни өзиң өлимге берме. Сениң бул йалан сөзиңе ҳәргиз көңлим инанмас, — деб Ғәриб бир мухаммес айтты:

— Сабыр әйлегил Сәнемжан, ҳәлак етме өзиңни,
Көңлим мениң инанмас алдап айтқан сөзиңни,
Йарың сениң Шаҳўәлет сүрме қылсын изиңни,
Алдап мени мәкир етип, қылма гирйан көзимни,
Емди турмай кетермен, бәлки көрмән йүзиңни.

Күйип-йанып Шаҳўәлет, сени дейип йүрибдур,
Разы болып атаң ҳәм, өз қолындын берипдур,
Әйлеп сениң мурадын, мақсуда йеткерипдур,
Етти ай етип тойыңны, тамамын өткерипдур,
Бу күн ника тойындур, сақла Сәнем өзиңни.

Бу күнче сабыр ет Сәнем, никаҳыңны қыйдурур,
Екки шаҳид келтирип, рызалығын алдырур,
Ханзаданы хан алса, мурат деген шултурур,
Сени маңа бермеслер, атаң билсе өлтирур,
Мени дейип Сәнемжан, берме өлимге өзиңни.

Бүгин сабыр ет Шаҳсәнем, мурадыңға йетерсең,
Никаҳ қылса Шаҳўәлет, заўқы-сапа етерсең,
Мени десең Сәнемжан, раст өлимге кетерсең
Шаҳны қойып мениндек бийчараны нетерсең,
Мен пахырны алдама, қойғыл Сәнем сөзиңни.

Сен шаҳзада, ол шаҳдур, Шаҳўәлет сени алған,
Ханы-манын тәрк етип, етти ай саңа той қылған,
Шаҳдын йарың болған соң, биз пақыйр сандын қалған,
Сен деп өткен өмиримниң бәрчеси болды йалған,
Әўел истеп келгенде көрсетмедиң йүзиңни.

Емди ҳийле әйлеме мендек мискин гәдайа,
Шаҳны қойып болмассан мен пақырға ҳәмсайа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сендин үздим үмитим, йалбарам бир кудайа,
Шахүәлетниң мәхнетин Сәнемжан етме зайа,
Саат заман сабыр әйле, ташламағыл өзиңни.

Ғәриб дийер, Сәнемжан, сорсаң сауалы мендин,
Истеп сеүип келмишем мен сени жаны тәндин,
Бийкарға келген екенмен, әл чектим бул үатандын,
Сен бийүәпа екенсең, кештим Шахсәнем сендин,
Ғәриб дер, қайттым сендин, емди көрмен йүзиңни.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етиб, Шахсәнемге қәхр еткен киши болып, орныдын турып йолға рауана болды. Анда Шахсәнем Ғәрибниң бу имтихан сөзлерин раст қыйал етип, көшк үстинде бийсабры-бийқарар болып, «Әй, Ғәрибжан, мен билмеслик еткен эркәнмен» деб йалбарып, «қайт райындың, бери долан Ғәрибим» деб Шахсәнем бир сөз айтты:

— Билдим, гүнахымны алдым мойныма,
Қайт райындын, бери долан Ғәрибим,
Ғам ләшкерин киргизбегил қойныма,
Гийне әйлеп жаным алған Ғәрибим.

Жаным чықар тәндин, қайтып келмесең
Кетип, йарым, сөзим бауәр қылмасаң,
Қайтып келип мениң билән болмасаң,
Бул өмириме салма талан, Ғәрибим.

Шын ашықта намыс билән ар олмас,
Сөзин ар еткендин сәүер йар олмас,
Сен кеткенсоң көңлим бәрқарар олмас,
Қайт райындын, бери долан Ғәрибим.

Ашыққа керекдур гийне қылмаслық,
Аралыққа қабахәтлик салмаслық,
Кешир йарым, өтти бизден билмеслик,
Ашық эрмес гийне қылған, Ғәрибим.

Йарың Шәхүәлет деп аларсаң жаным,
Жана қанжар салып төгерсең қаным,
Шахүәлет маңа дәрт, сенсең дәрманым,
Дауасыз дәртиме дәрман Ғәрибим.

Йалбарып, Ғәрибим, чарлап келтирем,
Сен келмесең, көңлим ғамға толтырам,
Тақыйық бил, келмесең, өзим өлтирем,
Шахүәлетке өлмей барман, Ғәрибим.

Сөзге инанмассан нуқсандур дийинә,
Сөзге инан, маңа йетмегил гийне,
Йарым, төхмет етме, әпкардур сийне,
Қылма әпкар, бери долан Ғәрибим.

Ғәрибжаным, бақ доланып йүзиме,
Өз кемлигим, өз обалым өзиме,
Көп йандырма, инан ошбу сөзиме,
Билме бу сөзлерим йалған, Ғәрибим.

Бу күн Шахүәлетниң үәкили келур,
Келсе үәкил, Шахсәнем қыз не қылур?
Разы болмай Сәнем өзин өлтирур,
Сен қаларсен нахақ қана, Ғәрибим.

Әлқысса, Шахсәнем бу сөзни тамам еткен халда Ғәриб тәбессум әйлеп күлип, кетер қыйалында болмаса хәм, Шахсәнемни өртемек ушын, йәне хәм миннетдар қылайын деб, шул турған йериндин қозғалмай Шахсәнемге қарап Ғәриб бир сөз айтты:

— Билип гүнахыңны алып бойныңа,
Миннетдар олмасаң, барманам Сәнем,
Қозғалып орнымдың йүрип йаныңа,
Өз айағым билән барманам Сәнем.

Әүелде көп зәхмет бергенсең маңа,
Билип гүнахыңны үзир еттиң йаңа,
Үзир йетти деб йәне инанып саңа,
Айтқан сөзиң бауәр қылманам Сәнем.

Йарым уападарлық тухмын екмесең,
Әйлеп тәубе, көзде йашың төкмесең,
Мағзур әйлеп йүз мың мехнәт шекмесең,
Емди мен айналып барманам Сәнем.

Билип гүнахыңны етмесең хызмет,
Мағзурдарлық әйлеп чекмесең мехнәт,
Қуушырып қолыңны етмесең иззет,
Хүрмет әйлемесең, барманам Сәнем.

Билип гүнахыңны тәубе етмесең,
Башың ийип изим тауап етмесең,
Тахты-рауан билән мени элтмесең,
Өз айағым билән барманам Сәнем.

Мен көзге илменем беги-ханыңны,
Нәйлерем тәрк етсең ханы-маныңны
Пайандоз етмесең жисми-жаныңны,
Мен сени йандырам, барманам Сәнем.

Емди айақ басман бәлент-пәстине,
Көз тикмишем жан алмақның қастына,
Йәне қайтып емди көшкиң астына,
Көтерип элтмесең, барманам Сәнем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб айтур, гирйан әйлермен көзиң,
Болмасаң миннетдар, етменем сөзиң,
Емди мен барманам, келмесең өзиң,
Беги, ханың көзге илменем Сәнем.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен ҳалда йасаўыллар айттылар:

— Пай, заңғар Ғәриб, өзиңдин улуғ сөз ағзыңдын чықар, Сәнем чақырғанда бармай, әмирин тутмай, «тахты-раўан билән алып бармасаң, өз айағым билән барманам Сәнем, өзиң келмесең беги-ханыңны көзге илменем Сәнем» дерсең. Саңа тахты-раўан үш ағачның үстинде, Сәнемниң келмеги әжел йастығының астында. Йүр, заңғар, әгленме, ағзыңға келген сөзни көп сөзлеме, — деб йасаўыллар ҳәр тәрептин топылдылар.

Анда Ғәриб айтты:

— Әй, заңғарлар, ҳәр қайсыларың бир йаңдын таўық алмаға келген шағал йаңлы болып, көзлериңни қызартмаң, — деб йасаўылларға қарап бир сөз айтты:

— Йасаўыллар, ғаўлап басып топылып,
Йасаўыллар, менде не қастыңыз бар?
Не қылмышам мунча маңа ғам салып,
Йасаўыллар, менде не қастыңыз бар?

Түрпе қәҳәрленмиш райы-сийағың,
Топылурсыз тезлеп басып айағың,
Өзлериңде ҳүким, қолда тайағың,
Маңа тиймең, менде не қастыңыз бар?

Ҳәр қайсың бир йаңдын ҳүким әйлерсиз,
Ҳәр қайсың бир тәрси сөзни сөзлерсиз,
Қоймассыз ҳалыма, мени нәйлерсиз?
Не ҳаққыңыз менде, не қастыңыз бар?

Қойың йасаўыллар, сөзиң алманам,
Емди қайтып Шаҳсәнемге барманам,
Бәлки кетем, бу йерде ҳәм турманам,
Қойың мени, менде не қастыңыз бар?

Барсам Сәнем баўәр етмес сөзимни,
Өзим алып қачып эрдим өзимни,
Зағпер қылдыңызлар гүлдек йүзимни,
Қойбермессиз, менде не қастыңыз бар?

Бир Ғәрийбәм, ажыз неме ҳалым бар,
Ғам отына күйген жану-дилим бар,
Мени мунша ҳәйран етип залымлар,
Ғаўлап басып менде не қастыңыз бар?

Қаст әйлемең, сөзиң баўәр қылманам,
Өз-өзимни мәламатқа салманам,
Сәнем, Шаҳўәлетни пулға алманам,
Чиқарасыз, менде не қастыңыз бар?

Әўел бағлап Шаҳўәлетке элттиңиз,
Шаҳға алып барып мени неттиңиз?
Шаҳ дарқан әйледи, пәнт йеб кеттиниз,
Не кәрәсиз, менде не қастыңыз бар?

Ғәриб айтур, билсең сөзниң әзбери,
Көп надан ишинде ағрыпдур сәри,
Ҳәр йаңдын топылып Шаҳның ийтлери,
Ғаўлап басып, менде не қастыңыз бар?

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен ҳалда йасаўылларның кәҳри келип:

— Сениң көзиңе ийт көриндикму? Әне, ийтниң иши мундағ болур, — деб Ғәрибни тайаққа йатқызып, көрмеген азабын көрсетип, қолларының күчи йеткунче урып, балалықта емген сүтин ағзыңдын келтирип, Ғәрибни не әжеп азапларға салып, еки қолын мәҳкәм бағлап: — Сәнем билән Шаҳўәлетни бир пулға алмасаң, жазаңны таптың, ҳәр ким өз ҳалыңдын зийада сөзлеп, шундағ бәлаға ушыраса керек. Өзиң рас шорманлай эркәнсен. Өзиңе иззетни ылайық көрмей, көп көрдиң, — деб йасаўыллар урҳа-ур билән өз эркине қоймай Шаҳсәнемниң көшкиниң астына алып келдилер.

Муны көрип Шаҳсәнемниң табы-тақаты қалмай, әмма сырын билдирмей, кәҳр еткен киши болып:

— Әй, ғәриб бийшара, өз пеғлыңдын бул азапға гириптар болыпдурсен, емди шул турған йериңде бир-еки ағыз сөз айтып, саз еткил, — деди.

Анда Ғәриб әлине сазын алып, «Ашға дөнсин Шаҳўәлеттиң тойлары», деб бир сөз айтты:

— Тойға келип жана раҳәт көрмедим,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары,
Урып-тутар, өз эркиме йүрмедим,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары.

Бу тойда тапмадым меҳрибанымны
Урып, тутып азар берди жанымны
Суўдек ағыздылар қызыл қанымды,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары

Айтмасам, айт дерлер, ситем етерлер
Сөз сөзлесем ҳәм гүналы етерлер,
Олтурсам қоймаслар, кетсем тутарлар,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары.

Йасаўыллар алып сағы-солымны,
Тириклейин көрсеттилер өлимни,
Азап билән бағладылар қолымны,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нешик сөз айтурман емди бу тапда,
Көзим нәмде, ичи-бағрым кәбабта,
Той деп келип қалдым йүз мың азапта,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары.

Ҳәмме надан сөз мәнисин билмеслер,
Шаҳының буйырған әмирин қылмаслар,
Патшаҳның ийтлери мени қоймаслар,
Аша дөнсин Шаҳўәлетнин тойлары.

Ҳәрне жапа йетсе Сәнемдин йетти,
Ышқ отына бүгин тухым әйлеп екти,
Сәрўи шәмшат йаңлы қәддимни бүкти,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары.

Йасаўыллар мендин хабардар емес,
Ҳәр ким меҳнәт чекмей сәўир йар емес,
Ашықларға жәбри-жәпа ар емес,
Аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары.

Йасаўыллар жәраҳатлап тәнимни,
Маңа көб салмышлар рәнжи-әламны,
Бермей Шаҳўәлетке алсам Сәнемни,
Матам болур Шаҳўәлетниң тойлары.

Йасаўыллар, емди хоб таның мени,
Ҳәсен ўәзир дерлер мениң атамны,
Ғәриб айтур, емди алсам Сәнемни,
Йаса дөнсин Шаҳўәлетнин тойлары.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып тамам еткен ҳалда, йасаўыллар Ғәрибниң бурынғы айтқан сөзлерине қәҳри келип, урып, бағлап қойып эрди. Бу айтқан сөзлери жанларыдын найзайы-әбдәрдек өтип кетти. Ясаўыллар айтты:

— Пай, заңғар, жаныңға рәҳмиң келмейтурған шорманлай эркәнсен, сөзлериң зәҳәрдин аччық, әжелиңе өзиң ашыққан бир бийдәўлет эркәнсен. Ҳәли ҳәм болса райыңдын қайт. «Шаҳсәнемни Шаҳўәлетке бермей аларман» дерсең. Сени Шаҳўәлетке алып барып дарға шектирген билән ҳеш иш битмес. Бизлердин өзиңни тилеп, бир-еки кәлийма сөз айтып, саз еткил, сени азат етип, қолыңны ечәли, — деди.

Анда Ғәриб йасаўылларға қарап, «қорқып сизлердин өзимни тилемесмен» деб бир сөз айтты:

— Алладын тилермен ҳәрне тилекни,
Ғайрыға әҳтимад етмегим йоқдур,
Сизлер демеңизлер бойләче гәпни,
Накәслерге үзир айтмағым йоқдур.

Сәнем дейип төктим көзде йашымны,
Йолында қоймышам әзийз башымны,
Алсалар жанымны, қойса лашымны,
Башым эгип мағзур етмегим йоқдур.

Ақмақ йасаўыллар, болғыл хабардар,
Қудайым бар, Шаҳ болсаңыз не дәркар,
Өзи пана болса, маңа не ғам бар?
Өзгелердин үмит етмегим йоқдур.

Накәсликтин бағладыңыз қолымны,
Муўры-малаҳ йаңлы сағы-солымны,
Куршап бәнт еттиңиз йүрер йолымны,
Йүз дөндирип қайтып кетмегим йоқдур.

Бағласаң бағларсаң бул мениң қолым,
Ақмақлықдын бир аз әйлерсең зулым,
Игәм өзи ашса бәнт болған қолым,
Йүзимни ғайрыға тутмағым йоқдур.

Ибраҳим Халийлдек нара атсалар,
Жиржис киби пара-пара етселер,
Сойсалар тәнимни, дара ассалар
Жандың қорқып ҳәзер етмегим йоқдур.

Сүдиреселер тәним бәленди-пәске,
Жисмим параланса хар билән хәске,
Башым эгип сизлер киби накәске,
Билиң, мағзурлық етмегим йоқдур.

Йасаўыллар беглик сүрән бир пара,
Болыпсызлар ақмақлықдын аўўара,
Сизлер беги-бегзадаңыз шикара,
Баш эгип мағзурлық йетмегим йоқдур.

Ғәриб ашық дийер, ошбу дедигим,
Сәнем ушын қайғы-ҳәсирет эдигим,
Шаҳсәнем қыз қуда қошған сәўдигим,
Қошылмай Сәнемге кетмегим йоқдур.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни айтып тамам еткен ҳалда йасаўыллар айттылар:

— Пай, заңғар, раст мойны йуған эркәнсен, зийада қарышмал наинсап, қолыңдын келмеген сөзлер ағыздың шығар эркән. Сениң жазаңны Шаҳўәлет берсин, — деп ҳәр қайсысы бир тайақ урып, йүкиртип-йорттырып Шаҳўәлеттиң бәргаҳыға алып келди. Ол ҳалда Шаҳўәлет айтты:

— Бу бийшараның не гүнаҳы бар? Муны азапдын шығармадыңызлар, — деп күлди.

Ясаўыллар айтты:

— Әй Шаҳы әлам, бу бийшара көринсе ҳәм, тили зәҳәрдин аччық, өзи хырс йаңлы, айтсаң, айтқаныңны етмес, урсаң тайақ өтмес зийада кәж заңғар эркән. Шаҳсәнемниң көшкиниң астында сөз айтмай, қәҳәр етип кетти. Бизлер тур десек, Шаҳсәнемниң өзи келип арқасыға көтерип элтмесе бармасман, — деп бизлерге кәйиш етип, ўә йәне ҳәм «беги-ханыңны бир пулға алмасман, Шаҳның

www.ziyouz.com kutubxonasi

*өзи келсе ҳәм бармасман» дегендин соң тутып бағлап Шаҳсәнемнин көшкинин астына келтирип,* «бир нәўбет сөз айт» десек, «аша дөнсин Шаҳўәлетниң тойлары» деп, арасында Ғәриб, Ҳәсен ўәзирниң уғлыман» дер, бу сөзлерине ҳәм итибар етмей, сөзлетмек ушын «бизлердин өзиңни тилеп бизлерге бир-еки кәлийма сөз айтып, саз етип бер» десек, «йасаўыллар беглик сүрән бир пара, болыпсызлар акмаклыкдын аўўара», ўә йәне бир сөзинде «Ғәриб ашық дийер ошбу дедигим, Сәнем ушын қайғы-ҳәсирет едигим, Шаҳсәнем қыз қуда қошған сәўдигим, алмай Сәнемжанны кетмегим йокдур» деген сөзине карап, гүман билән Ҳәсен ўәзирнин уғлы Ғәриб болмасын деп, Сизниң хызметиңизге бағлап келтирдик, — дедилер.

Анда Шаҳўәлет Ғәрибке қараб айтты:

— Әй, сазенде, растыңдын кел, йасаўылларның айтқаны растму йа йалғанму? Әгер растыңдын келсең саңа зийан етмесмен, дархан қылурмен. Әгер йалған сөзлесең, сени дарға шектирүрмен, — деди.

Анда Ғәриб айтты:

— Әй, шаҳым, йасаўылларның ҳәм айтқаны растурур, әмма мениң ҳәм айтқаным растурур, әгер бир кашық қанымны бағышласаңыз, сизге дәлилин бәйан әйлейин, — деди.

Анда Шаҳўәлет:

— Қаныңны өттим, бәйан йет, — деди.

Ол ҳалда Ғәриб бийшара ҳийле билән ҳәр сөзинде бир перде қойып, Шаҳўәлетке қарап бир сөз айтты:

— Болған ўақыйаны бәйан әйлейин,
Айтқан сөзге қулақ қойсаң падшаҳым,
Бирин-бирин сизге әйан әйлейин,
Айтмыш эрдим ғәриблигим, падшаҳым.

Сен бар дедиң, бардым көшкиниң астына,
Сөз сөзледим инъам алмақ қастына,
Сәнем йипек румал алып дәстине,
Сөзлеримге қулақ қойсаң, падшаҳым.

Ғәрибмен деп, шаҳым, айттым дәстине,
Шаҳсәнем топылды мениң қастыма,
Көшк үстиндин ташлар болды үстиме,
Мен сөзлейин қулақ тутсаң, падшаҳым.

Үстиме ташласа мени өлтирур,
Өлмесем ҳәм шаҳтын өлим келтирур,
Дейиб қашмағымға себеп шултурур
Сөз ҳаслына өзиң йетсең, падшаҳым.

Мен өзимдин қорқтым, Сәнемдин қаштым,
Қайт дейиб урдылар, жанымдын кешдим,
От киби туташып, йандым да өштим
Ҳалым шулдур, сен ешитсең падшаҳым.

Йасаўыллар урып ишим ишледи,
Ҳәр қайсы бир йандын ийтдек тишледи,
Йылан, чайан йаңлы чақып, тишледи,
Ҳалым айттым, рәҳим етсең падшаҳым.

Өзим Ғәриб, Сәнем маңа сәўер йар,
Ҳәсен ўәзир деген мениң атам бар,
Сизни бир көрмеге болуб интизар,
Айтып эрдим, пәҳим етсең падшаҳым.

Сәнем сәўер йарым, ғайры болманам,
Өзим алып Шаҳўәлетке барманам,
Дедим: беги-ханың көзге илменем
Келмек ушын, пәҳим етсең падшаҳым.

«Аша дөнсин» десем мени нетерлер,
Шул сөз билән бағлап алып кетерлер,
Барыб шаҳға айтсам, арзым битерлер,
Деб айтмышам, қулақ қойсаң падшаҳым.

Йасаўыллар гирйан қылды көзимни,
Шүкир, бәргәҳиңе элттим өзимни,
Әўелден та ахыр айттым сөзимни,
Ғәриб дер, ықтийар етсең падшаҳым.

Әлқысса, Ғәриб бул сөзни тамам еткендин соң Шаҳўәлет күлип айтты:

— Саңа йасаўыллар көп азаб берген әркән, әгер шул айтқан сөзлериң раст болса, йасаўыллардын ҳақаратыңны алып берурмен, йоқ эрсә сени мың пара қылдырсам керек, — деп йасаўылларға қарап:

— Шаҳсәнем қыз ошбу сазендениң үстине өзин ташлар болғаны растму? — деди.

Анда йасаўыл айтты:

— Әй, шаҳым ўә лекин Шаҳсәнем муны масқара етмек учын айтып эрди, бу бийшара аны раст көрген эркән, — дедилер.

Анда Шаҳўәлет айтты:

— Бу сөзлери раст болса, өзге сөзлери ҳәм растурур. Сизлер бу бийшараға көп азап берибсизлер, — деп, Ғәрибни урған йасаўылларны өзлерининң урғаны йаңлы ҳәр қайсысына йүз елли тайақтан урып, Ғәрибнин ўақтыны хош етти. Ўә йәне Шаҳсәнем бу йаңлы ифласға көңил бермес деген қыйал бирлә айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, ғәриб биишара, сен йәне Шахсәнемниң көшкиниң астына барып бир-йеки кәлийма сөз айтып, саз ет, — деди. Ўә йәне: — Шахсәнем үстиңе ташларман болса, мендин қорқма, хасла қәўетер етме, Шахсәнемнин өзи қәлесе, мен саңа бақыш йеттим, — деди. — Көңлимдеги шул эрди, әгер Ғәрибниң өзи болса хәм мунның йаңлы падша турғанда шул йаңлы ифласны не қылсын, саз сөз билән көңлини хош етип, Шахсәнемниң көшки астында саз етип, сөз айтсын, — деп Шахўәлет Ғәрибке қарап:

— Мен сени азат етиб дархан әйледим, кәне, сен бизниң азат еткенимиз хаққында бир сөз айт, — деди.

Анда Ғәриб «әжеп болур» деп, әлине сазын алып «Әдил болып дадым берип, Шах азат әйледи бизни» деп бир сөз айтты:

— Әдил болып дадым берип,
Шах азад әйледи бизни,
Шады-қоррамға йеткерип,
Шах азад әйледи бизни.

Келдим шахға арзым айтып,
Залым рәнжи жандын өтип,
Әдиллик әйлеп, рәхим етип,
Шах азад әйледи бизни.

Тархан әйледи йолымны,
Қуткарды башдын өлимни,
Шешип бағланған қолымны,
Шах азад әйледи бизни.

Шахым қуткарды өлимдин,
Көңлимде ғам, көзде нәмдин,
Қорқынышым йоқдур хешкимдин,
Шах азад әйледи бизни.

Йасаўыллар азаб етти,
Шахға келдим, арзым битти,
Жаўаб берип дархан етти,
Шах азад әйледи бизни.

Рәнжи мехнәтдин өткерип,
Тыңлап арзымны биткерип,
Айшы-ишретке йеткерип,
Шах азад әйледи бизни.

Емди бол биймәлел дейиб,
Қорқмай болғыл хошхал дейиб,
Хош көрсе Сәнем, ал дейиб,
Шах азад әйледи бизни.

Ғәриб дер, Шах азад етип,
Келди шадлық, қайғы кетип,
Бизге Сәнемни бахыш етип,
Шах азад әйледи бизни.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етип, Шахўәлетдин рухсат алып келип, Шахсәнемниң көшкиниң астында қарар алды. Анда Шахсәнемжан Ғәрибниң аман-сағ келгенин көрип, ўақты хош болып, Ғәрибке қарап бир сөз айтты:

— Жапа билән кеткен йарым
Нахош болып қапа билән,
Көзим йолда күним кешти,
Ишим жәбру-жәпа билән.

Ахыма туташты дағлар,
Миййўасыз қурыды бағлар,
Ярындын айрылған ағлар,
Мудам субхи-сәба билән.

Мудамы халым зәбуний
Сен бол маңа рәхнәмуний,
Кечәдур ашықның күни,
Мудам жәбру-жәпа билән.

Ахыма дағлар туташды,
Сен келмедиң, ақлым чашды,
Билмен, нечик саўда түшти,
Йетишегәр ўәпа билән.

Көп қойдың бизә әрманы,
Ренжитдиң тән билән жаны,
Бизә қойдың дағы-хижраны,
Душманлара таба билән.

Айралықта чектим әрман,
Шүкир, дәрдим тапды дәрман,
Айшы-иширет сүргил дәўран,
Мудам заўқы-сапа билән.

Сенсизин йоқдур карарым,
Мудам шеккен ахыў-зарым,
Етти йылғы кеткен йарым,
Келдиң әхди-ўәпа билән.

Нечә йыллар етип әрман,
Хақ әйлесе бүгин пәрман,
Дәртиме табылды дәрман,
Кетди дәрдим даўа билән.

Мудам йалбарып игәмге,
Шүкир, йетишдик бу дәмге,
Йары қошылды Сәнемге,
Нечә жәбру-жәпа билән.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам еткен ҳалда Ғәрибниң көңлидин етти йылғы чеккен жәбру-жәпаларының зәҳмети кетип ҳәмде Шаҳўәлетниң бақыш еткенин раст қыйал етип, көңлинде зәрре қәўетер қалмай, Шаҳсәнемниң етти йылғы чеккен жәбри-жәпаларының зәҳметин сорап, Сәнемге қарап Ғәриб бир сөз айтты:

— Мен чекмишем етти йылғы меҳнәтни,
Сениң ҳалың нечик кешти сәўер йар?
Бир ләҳзе көрмедим жана рәҳәтни,
Сениң халың нечик кешти сәўер йар?

Ҳәр бир өткен күним бир йылдек өтти,
Тақат қыла алмадым, карарым кетти,
Күнде йүз мың жәпа жаныма йетти
Сениң халың нечик кешти сәўер йар?

Йақам ҳөл боландур көзде йашыма,
Пәлек зәҳәр салды ишкен ашыма,
Күнде йүз мың саўда түшти башыма,
Сениң халың нечик кешти сәўер йар?

Етти йыл тутмышам Ҳәлепте ўатан,
Күнде йүз мың жәпа жаныма йеткән,
Айралықның тыйғы көңлимде биткән,
Сениң халың нечик кешти сәўер йар?

Сен ҳәм мендек даўам ағлап йүрдиңму?
Йаки мәстан гезип, дәўран сүрдиңму?
Йаки йүз мың рәнжи меҳнәт көрдиңму?
Билмен, халың нечик кешти сәўер йар?

Көшкиңниң үстинде сазы-сүҳбетте,
Йүрдиңму етти йыл айшы-ишретте,
Күнде мениң күним дәрди-меҳнәтте,
Сениң халың нечик кешти сәўер йар.

Мудамы ишимдур аҳу-нәдамәт,
Өмирим өтти йығламакдын даўамәт,
Йүз мың ҳәсирет, йүз мың қайғы-әламәт,
Сениң халың нечик кешти сәўер йар?

Сен қырық кәниз билән сәйир етип мунда,
Мен мусапыр болдым Ҳәлепшырўанда,
Йа чөлде, йа елде йүрсем ҳәр қанда,
Йығлай-йығлай күним кешти сәўер йар.

Ғәриб дер, етти йыл айралық түшип,
Нары-ҳижран ичире өртенип пишип,
Шүкир ҳаққа, бүгин дийдар көришип,
Етти йылғы жәпа кешти, сәўер йар.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң Шаҳсәнем етти йылдын берли башыдын өткен күнлерин бәйан етмесе, Ғәрибниң кеўли қарар алмас деген қыйал билән, көрген азапларын бәйан етип, Шаҳсәнем бир сөз айтты:

— Көзим нәмде, көңлим йүз мың әләмде,
Бир дем шад олмадым, сен йар гедәли,
Жисмим ләрзандадур, жаным ситемде,
Раҳат көре алмадым, сен йар гедәли.

Йандырды, қул қылды айралық дағы,
Көзим хийра болып, сарғайды ағы,
Тәр ачылған мурғызарлы чарбағы,
Сәйран еталмадым, сен йар гедәли.

Солды шарбағымның гүлшени, гүли
Қалды хош нағмалы шайда бүлбили,
Зәрли жыға билән алтын ҳәйкели,
Тағынып чықмадым, сен йар гедәли.

Айралықның тыйғы бағрымны эзди,
Көңлим риштәсине ғам ҳинжи тизди,
Зәрли-зәрбап қамкам аршада тозды,
Кийинип чықмадым сен йар гедәли.

Алтын билезигим салмай қолыма,
Пәйда болды ғам ләшкери йолыма,
Хошҳал болып сағым билән солыма,
Қайрылып бақмадым сен йар гедәли.

Ғамда мәйус болды көңлим хирамы,
Бүтин сабрым кетти көңлим әрамы,
Он екки айда келген ҳайты-байрамы,
Сәйран еталмадым сен йар гедәли.

Тилладын йүзигим салмай дәстиме,
Әбришим либасым киймей үстиме,
Сәйран етип бәлентиме, пәстиме,
Көрмеге чықмадым сен йар гедәли

Ақтылар сел киби көзимниң әшки,
Ҳижран тыйығы етти хошлыққа рәшки,
Алтындын түзелген қырық қары көшки,
Шығып сәйир етмедим сен йар гедәли.

Ҳәр бир өткен күним бир йылдек кешти
Күн-күн ҳалым зәбиўнликке йетишти,
Мудам матам билән күнлерим кешти,
Бир дем шад олмадым сен йар гедәли.

Ғам ништери билән йарадур тәним,
Көнлим мың қайғыда, болды көзим нәм,
Арзы-ҳалын бәйан етти Шаҳсәнем,
Пәхм етсең, шул халым, сен йар гедәли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам етип, бийсабру-бийқарар болып, тақат қыла билмей, өзин Ғәрибнин үстине ташлар болды. Шул ҳалда Мағзенгүлим деген бир дийўанбеги кәнизи бар эрди. Ол айтты:

— Әй, Шаҳсәнемжан, әўел ташлар болғаныңны Ғәрибке билдиргенин көп йахшы болур, — деди.

Андын соң Шаҳсәнем көшк үстиндин ташлар болғанын Ғәрибке билдирип, Ғәриб ҳәм Шаҳсәнемге қарап еккилери бир саўалы-жаўаб айттылар:

Шаҳсәнем:
— Ғәрибжаным, емди болғыл хабардар,
Ташларам устиңе, гүманы болмас,
Сырым бәйан әйлеп етмесем изҳар,
Пәҳим әйле, сөзимнин ниҳаны болмас.

Ғәриб:
— Ташласаң, бәлентдур көшкиң ҳаўасы,
Жана зәҳмет тегип, зыйан келмесин,
Ҳақ өзидур бендесиниң панасы,
Шүкир әйле, көңлиңе гүман келмесин.

Шаҳсәнем:
— Көшким бәлент болса, көңлим йақындур,
Алла сақламаса, ишлер қыйындур,
Үстиңе ташларам, бул сөзим чындур,
Тағьин билгил, зәрре гүманы болмас.

Ғәриб:
— Ташласаң, алурман жаныма миннет,
Құдиретим йеткунше әйлеп мириўўет,
Мәбада жаныңа йетишиб зәҳмет,
Йақшы күнлер өтип, йаман келмесин.

Шаҳсәнем:
— Йақшы, йаман дейиб бермегил ҳәлел,
Мәрданалық әйлеп йетмесем жәдел,
Қайғы-ғам не дәркар, ҳаққа тәўекел,
Тәўекел ишиниң йаманы болмас.

Ғәриб:
—Дослықның шаныға аштым зыбаны,
Алла билур пайда билән зийаны,
Өтип башымыздын ғамның думаны,
Өзге қулпет билән зийан келмесин.

Шаҳсәнем:
— Йардын йар айырылып йыраққа түшсе,
Чекиб жәпа, өлер ҳалға йетишсе,
Несип болып бир күн дийдар көришсе,
Ашық мурады шул, әрманы болмас.

Ғәриб:
— Биз мурада йеттик дийдар көришиб,
Сөз сөзлешиб, ҳал-аўҳалны билишиб,
Шарқыпәлек кәжрәўликке еришиб,
Қайтадын көңлиңе әрман келмесин.

Шаҳсәнем:
— Нече йыллар бизлер ҳижранда қалған,
Ҳижран өтиб, раҳат мүддети болған,
Болмаса йар-пийрлер ўәдеси йалған,
Көңлимниң бир зәрре әрманы болмас.

Ғәриб:
— Куда тәғдирини хеч ким бузалмас,
Бенде болған өз еркине гезалмас,
Йазық бир йазылур, йекки йазылмас,
Тәғдирдин ташқары дәўран келмесин.

Шаҳсәнем:
— Көңлим хәўес етер сениң қастыңа,
Ийба билән турып алғыл дәстиңе,
Бахабар бол, ташлар йарың үстиңе,
Сәнемниң әгленер заманы болмас.

Ғәриб:
— Ташла йарым, сен келгунче көз тутам,
Аллаға йалбарыб, пийрә йүз тутам,
Ғәриб айтур, әл узатып тез тутам,
Саламат болғайсен, зыйан келмесин.

Әлқысса, Шаҳсәнем бирлә Ғәриб бу саўалы-жаўапларны айтышып болып, саат заман әгленмей, Ғәрибниң үстине қырық қары көшкиниң үстиндин мысалы пәтпелек йаңлы учып, алла деп Ғәрибниң үстине ташлады. Көз учында муаллақ урып келур. Йарының бул келишини көриб, Ғәриб таб-тақаты қалмай, аллаға сыйынып бир мухаммес айтты:

Ел учырған қағаздек көз учында келадур,
Гәҳи астын, гәҳ устин, гәҳ сәрнигун боладур,
Әгленмей түшсе йерге, недин жаны қаладур,
Сақламасаң қудайым, пара-пара боладур,
Өзиң әйлеб ҳимайат, аман йеткур йарымны.

Көк йүзинден муааллақ әйлеп келур даўамәт,
Сығынурмен бирубар, ишим аҳы-нәдамәт,
Өзиң рәҳим етмесең, бу иш болур қабаҳәт,
Йарым келур асманда, бу не деген әламәт,
Өзиң әйлеп саламат, аман йеткур йарымны.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Екки көзим йарымда, бақман сағыў-солыма,
Ғам ләшкерин кудайа, дуўшар етме йолыма,
Қондыр шайда бүлбили тәр ачылан гулиме,
Қуўыштырғыл саламат сәўер йарым қолыма,
Сақла кәўип-кәтердин, аман йеткур йарымны.

Мен өзиңе сығындым, йүзим туттым йалбарыб,
Ҳалын көрип йарымның, гүлдек йүзим сарғарыб,
Ағларман көкке бақып, олтурырмен музтарыйб,
Йа рәб, саңа сығынды зар ағлайын бул Ғәриб,
Хош ҳал етип Ғәрибни, аман йеткур йарымны.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткунчә Шаҳсәнем арқан бойы йақынлап келди. Ол ҳалда Ғәриб чусти-чабик турып, зәрре азар бермей, белидин көтерип алып йерге қойды. Қуда сақлаған йерде бәла йок. Еккиси аман-есен қуўышты. Бир-бирин қучақлап, ышқы-пәшек киби чырмалышты. Буларны көрген адам душлы-душына қашты. Еккиси ҳәм хүшыдын кетип йықылды. Әлғәрез, бу хабар Шаҳүәлетке йетди. Шаҳүәлет дәркәҳәр болып атланып, Ғәриб бирлә Шаҳсәнемниң үстине етиб келди, бәрше халайық шул йерде ҳәзир болды. Әзберхожа ҳәм дәрҳал йетиб келиб, Султантәбриз әўлийаның топрағыдын адамларның башына сача башлады. Адамлар әўлийаның топырағының шарапатыдын Ғәриб бирлә Шаҳсәнемге мехрибан болуб, буларның тәрепидин сөз айтурлар. Әзберхожа Шаҳүәлетниң ҳәм үстине топырақ сашты. Эрсә Шаҳүәлетниң ҳәм рәҳими келиб, аттан түшиб Ғәриб бирлә Шаҳсәнемниң баш ушында олтурды. Нәгаҳ Ғәриб хуўшына келип көзин ачып қараса, Шаҳүәлетке көзи түшти. Анда Шаҳүәлет Ғәрибке айтты:

— Мениң қәҳри-ғазебимдин қорқмадыңму? Бул не қылған ишиң? — деди.

Анда Ғәриб Шаҳүәлетниң өзиниң «әгер Шаҳсәнем сени кәлесе, саңа бақыш етдим» деген сөзлериндин тымсал келтирип, Шаҳүәлетке қарап бир сөз айтты:

— Игәм рәҳим әйледи, сен бағыш еттиң,
Қуда қошқан йарым Сәнемдур мениң,
Сәнем билән әўел руҳым қошылып,
Жупт әйлеген йарым Сәнемдур мениң.

Йасаўыллар бағлап элтдилер сизге,
Жәбр етмедиң лутфы кәрәмдын өзге,
Сен өзиң Сәнемни бағыш етдиң бизге,
Әй, шаҳым, бахшийдам Сәнемдур мениң.

Тәғдир болмай хеш ким нәсиб излемес,
Йазылған рақәмни хеш ким гизлемес
Шаҳ болған бир сөзлеп, екки сөзлемес,
Өз әмриң бахшийдим Сәнемдур мениң.

Нечә йыллар ағлап, йүкирип, йелип,
Айралықта әлип кәддим бүкилип,
Бүгин несип болып, қошылдым келип,
Қуда қошқан йарым Сәнемдур мениң.

Ҳижринде ақызған көзде йашымны,
Пырқатда йад әйлеб қарындашымны,
Жан берип йолында, берип башымды,
Аҳы-зарым, йарым Сәнемдур мениң.

Мен бир сона эрдим көлдин адашқан,
Неше йыл айралық дәштине түшкен,
Әйлейиб никаҳым түшимде қошқан,
Пийрлер берген йарым Сәнемдур мениң.

Ғәриб тилге муңдын өзге сөз алмас,
Бенде болған өз еркине гезе алмас,
Алланың тәғдийрин хешким буза алмас,
Қуда қошқан йарым Сәнемдур мениң.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен ҳалда Қудайтаала Шаҳүәлетниң көңлине рәҳим салып, Ғәрибке айтты:

— Раст айтурсен, қуданың тәғдирин хешким буза алмас, мен саңа Шаҳсәнемди мийассар көрмей, мениң йаңлы падшаҳ турғанда бу сипет иплас Ғәрибни не қылсын, деген қыйал бирлә сениң көңлиңни хош йетмек ушын, әгер сени кәлесе Шаҳсәнемни саңа бағыш етдим, деп эрдим. Эмди билдим, кудайтаала Шаҳсәнемни саңа әўелдин жупт әйлеген эркән, тәғдирге тән бермек керек. Етти ай, етти күн еткен тойым ҳәм сениң атыңа болсын, йәне ҳәм Шаҳсәнемни раст көңлим билен саңа бағыш еттим, хәтириң жәм болсын, — деди.

Анда Ғәриб ҳәм Шаҳүәлетке ошбу еткен мәртлигине:

— Мен ҳәм Гүлжамал исмли сиңлимди саңа бағыш еттим, — деди.

Ол ҳалда Ғәрибниң йолдашы кәлендер мың теңге билен бир сарпайы Ғәрибниң анасына элтип берип, болған ўақыйаны бирин-бирин айтып, ўақтын хош етти. Ўә йәне Әзберхожа барып Шаҳымәрданның дүлдилиниң из топырағындын шығарып берди. Ғәрибниң анасы билән сиңлиси көзлерине сүртип эрди, көзлери ачылып, бурынғыдын ҳәм рәўан болды. Әмма бу хабар шаҳ Аббасқа йетишти. Шаҳ Аббас хан Ғәрибни хузурына алдырып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, наинсап, бу немә қылған ишиңдур, ашық болсаң жаныңдын қорқма, шайыр болсаң шайырлық шер билән жаўаб бер. Йоқса саңа сийасат қылсам керек, — деди.

Анда Ғәриб шаҳ Аббас ханға жаўап берип, әлине сазын алып бир сөз айтты:

— Ўисал мәйин иштим, шаҳым, йарымдын,
Пырқат ичрә чеккен зар маңа нәйлер,
Кечипмен жанымдын, ҳәрне барымдын,
Емди намус билән ар маңа нәйлер.
Нәмек дейин, ҳәр қазанда қайнадым,
Түшип ышқның дәрйасына бойладым,
Әждарҳадек гәнж үстинде ойнадым,
Өзим әпсунгарәм, мар маңа нәйлер.

Нечә йыллар гездим аҳу-зарында
Шегип йар жәпасын өмрим барында
Мансурдейин Әнелҳақның дарында,
Зүлпиндин асылсам, дар маңа нәйлер.

Йалғанчының болмас әҳди-қарары,
Ашықларның болмас намысы-ары,
Бүлбил киби истеп гүли-гүлзары,
Гүлшәнде йастансам, хар маңа нәйлер.
Сәнемниң зүлпинде хинжу тизилмиш,
Ҳақғаный ашықмен, бағрым езилмиш,
Әзел күнде тәғдийр бизге йазылмыш,
Шаҳым әдил болса, зор маңа нәйлер.

Даўасыз дәртиме табылды шара,
Рақибларның йүзи болыпдур қара,
Өлимдин қәўип етмен емди дубара,
Өлтирсе өлтирсин, бар маңа нәйлер.

Қурбан олам Мустафаның адына,
Ҳәр кимни йеткурсин өз мурадына,
Ғәриб йанды Шаҳсәнемниң отына,
Пәрўайы дозақ йоқ, нар маңа нәйлер.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң шаҳ Аббас хан Ғәрибке тәсийин қылып айтты:

— Сен ҳақғаный ашық эркәнсен. Ўә ҳәм тоты йаңлы суҳанўер эркенсен, саўалымға жаўаб бердиң. Әзелде қуда қошқан жуптың Шаҳсәнем эркән, қуда тәғдирин тәбдийил этиб болмас, йарың өзиңге несип етсин. Сәнемни мен ҳәм саңа бахыш еттим, — деп никаҳы мусулманшылық билән Ғәрибке бердилер.

Әмма Ғәрибниң сиңлиси Гулжамалны ҳәм етти кечә-күндиз той-тамаша йетип Шаҳўәлетке бердилер.

Гәп әда. Сөз тамам. Еккилери мурад-мақсудиге йеттилер.

Ендиги сөзни Бағдад падшаҳы Абдулла ханның қызы Айсәнемдин ешитиң. Әмма Ғәриб Айсәнемни алып, ҳеш бир қол қатмай, бир йылны ўәде қылып, рухсат алып кетип эрди. Әлғәрез, Айсәнем күнде йүз аҳу-нәдамат бирлә бийсабру-бийқарар болып, нечә мушақғат бирлә Ғәрибниң ўәде йеткен ўақты толып, әмма Ғәрибдин ҳеш нам-нышан болмады. Ақыр Айсәнемниң ҳалы зәбун болып, қарары болмай, «йарым ўәдесине келмеди» деб зар-зар ағлап, Айсәнем қыз бир сөз айтты:

— Мен хабар сорайын кимдин,
Келмеди йарым, нәйлейин,
Көңлим рәнжибдур әлемдин,
Келмеди йарым, нәйлейин.

Ўәдеси эрди келмеге,
Мен билән ойнап күлмеге,
Ҳалымны мениң билмеге,
Келмеди йарым, нәйлейин.

Дөнди бу бахтым қараға,
Түшти суўықлық араға,
Қайан барайын сораға,
Келмеди йарым, нәйлейин.

Бир йыл болыпдур кетгели
Көзимни гирйан еткели,
Еткен әҳдине йеткели,
Келмеди йарым, нәйлейин.

Сағму, йа қәсте болдыму?
Я йаўыз дәртке қалдыму?
Я өзге билән болдыму?
Келмеди йарым, нәйлейин.

Келмеди Ғәриб йарымыз,
Шықмаға етти жанымыз,
Кетти тәндиң дәрманымыз,
Келмеди йарым, нәйлейин.

Айсәнемниң ҳалы қараб,
Ҳижир отыға бағры кәбаб,
Ўәдесине йарын сораб,
Келмеди йарым, нәйлейин.

Әлқысса, Айсәнем зар-зар йығлап бу сөзни тамам еткен ҳалда, Айсәнемниң Гүлимхан деген бир енекеси бар эрди. Ол айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, Айсәнемжан, падшахның қызына йар дәркар болубдур деб халық мәламат қылур. Сырыңны халыққа әшкара қылма, сабыр қыл. Ашықмағыл, хошўақытлық эшики сабыр билән ачылур, — деб тәсәлла бериб Гүлимхан бир сөз айтты:

— Садаған болайын Айсәнем,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң,
Қурбан саңа жану-тәним,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң.

Сабырдур ашықның иши,
Гәрчи ғамда йазу-қышы,
Сабыр хошлықның эшики,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң.

Екки йүзиң маҳи-пара,
Көзлериң мисли ситара
Сырыңны қылма әшкара,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң.

Ашыққан билән иш битмес,
Ашыққан мақсуда йетмес,
Ашыққа тезлик суўд етмес,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң.

Бөйлә ағлама даўамәт,
Көп чекип аҳу-нәдамәт,
Халық сени қылур мәламат,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң.

Чыққанча бу жаным тәндин,
Гүлимхан садаға сендин,
Пәнд ешитсең емди мендин,
Сабыр әйле, келур Ғәрибиң.

Әлқысса, Гүлимхан бу сөзни тамам етти. Ол ҳалда Айсәнем айтты:

— Әй, анажан, ақыл чырағдур, ышқ шамалдур. Шамал келсе чырағны сөндирер. Бул ўақытта ышқ ақылымны алыпдур. Сениң айтқан нәсийҳатың маңа пайда қылмас, — деб, өзиниң бийықтыйарлығын айтыб бир сөз деди:

— Тақатым йоқ, қарарым йоқ, анажан,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны,
Нала шегип зар ағларман ҳәр заман,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Айралықның мәйи бийҳуш етибдур,
Ҳәр күним мысалы йылдын өтипдур,
Жисмим ләрзан, ақыл-хуўшым кетибдур,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Йар болмаса ашық мақсуўда йетмәс,
Мудам ғамда болур, көңил хош йетмәс,
Анажаным, нәсийҳатың суўд етмәс,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Йарым ўәде еткен күнин кечирди,
Келмей маңа ғам шәрабын ичирди,
Ҳижран йели ақлым шәмғын өчирди,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Анажан, ешитиң мениң бу зарым,
Күндиз арамым йоқ, кечә қарарым,
Емди тәрк әйледим намусум-арым,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Тиздин қуўат кетип, мертилди белим,
Көзлерим сарғайып, лал болды тилим,
Гүлим хазан урып, ушты бүлбилим,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Анажан, харабдур Айсәнем ҳалы,
Көзден бир-бир ушты йарның жәмалы,
Ғамдын бүкилмишдур бу қәдди-далы,
Ышқ алыпдур, нәйлей, ықтыйарымны.

Әлқысса, бу сөзлерни тамам йетип, Ғәрибниң ҳижринде йанып, налайы-гирйан болуб олтуруб эрди. Әмма Айсәнемниң Пәйўәсте деген бир дийўанбеги кәнизи бар эрди. Ол айтты:

— Әй, Айсәнем, ғамның пайдасы йоқ, йериндин турғыл, көшкниң үстине шығып ҳәр тәрепке, әтирапларға нәзер салайық. Шайад әжайып-ғарайыбларын көриб, көңлиңе зәрре шадлық пайда болурмикән, — деб Пәйўәсте кәниз бир сөз айтты:

— Тур, Айсәнем, ғамгүн олма,
Көшкке чықалы-чықалы,
Ашылған гүл киби солма,
Көшкке чықалы-чықалы.

Чықсаң көшкниң үсти бәлент,
Олтурмағыл болып дәрбент,
Шайад көңлиң болғай хурсент,
Көшкке чықалы-чықалы.

Көп ғам чекме, қылғыл ҳәзер,
Өт ғам үстинен, қыл гүзер,
Шар тәрепке әйлеп нәзер,
Гөзлеп бақалы-бақалы.

Көшк башы чықмыш асмана,
Қарайлы чықып ҳәр йана,
Көз түшер йахшы-йамана,
Көшкке чықалы-чықалы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен ағларсен хижран чекип,
Ғамда әлип қәддиң бүкип,
Олтурма көздин йаш төкип,
Көшкке чықалы-чықалы.

Олтурмағыл, турғыл раўан,
Тамаша көшкте пәраўан,
Шайад көрингей бир кәрўан,
Көшкке чықалы-чықалы.

Нәзер әйлеп сағу-сола,
Көзлеп Ғәриб келер йола,
Зүлпке тақып гәўҳар-тилла
Көшкке чықалы-чықалы.

Айсәнемжан, дер Пәйўесте,
Зүлпин эрур чийн-чийн дәсте,
Олтурсаң болурсан қәсте,
Көшкке чықалы-чықалы.

Әлқысса, Пәйўәсте бу сөзлерни тамам етти. Ол ҳалда Айсәнемниң көңлиге зәрре тәскинлик пайда болуб, Пәйўәстеге қарап Айсәнем бир сөз айтты:

— Көшкке чықып нәзер қылсақ ҳәр йана,
Йар қарасы көрингейму көзиме,
Көңлимниң қаласы болды ўайрана,
Түшти сепгил қызыл гүлдек йүзиме.

Сәйир әйлеп көшкиниң үстине чықсам,
Зүлпке шана уруп, гәўҳәрлер тақсам,
Тамаша әйлейип әтирапқа бақсам
Йар қарасы көрингейму көзиме.

Айралық ҳижринде хунаба йуттым,
Ғам оғына ачып сийнемни туттым,
Йоқ карарым, ақлы-ҳуўшым унуттым,
Йарым келмей, мен келменем өзиме.

Өтти ҳижран оқы сийнемни тешип,
Қалдым ышқ отына өртенип-пишип
Екки ағыз сөзимниң бирине қошып,
Йығларман қанлы йаш алып көзиме.

Қапапәлек маңа ичирди ағыў,
Көңилде жай алды ҳәсиретли дағы,
Ошбу йақты жаҳан болды қараңғы,
Думан болып көринмейдур көзиме.

Айсәнем дер, көшкке чықсақ чықалы,
Шийрин жанны ышқ отына йақалы,
Нәзер әйлеп ҳәр тәрепке бақалы,
Көрингейму йар қарасы көзиме.

Әлқысса, Айсәнем бу ғәззелни тамам етип болып орныдын турып, таўысдек таранып, тотыдек сөзленип, көшкниң үстине ҳәр йана нәзер етип, әжайып-ғарайыбларны көрип, Дийарбәкирдин келетурған йолларға қарап олтурды. Көзиге ҳеч нәрсе көринмеди. Анда Айсәнем бийтақаты-бийарам, сабру-қарары болмай, Пәйўәстеге қарап зар-зар ағлап бир сөз айтты:

— Хабар алғыл бу ҳалымдын, Пәйўәсте,
Йарымның йолында интизар олдым,
Ҳалым зәбун, бийҳәд болупмен қәсте,
Дәртиме дәрман деп хоры-зар олдым.

Гәҳ ҳуўшым йоқ, гәҳ келермен өзиме,
Пәйўәсте, қулақ сал ошбу сөзиме,
Йар қарасы көринмеди көзиме,
Сабру-тақатым йоқ, бийқарар олдым.

Емди йарым табарменму сорағлап,
Күним кешти кеше-күндиз зар ағлап,
Нары-ҳижраныға бағрымны дағлап,
Йүзин бир көрмеге интизар олдым.

Тутсам йар қолыдын йүзин бир көрип,
Деб ағларман айралықта аҳ уруб,
Көшк үстинде ҳәр йан қарап телмирип,
Йар жамалын бир көрмеге зар олдым.

Йар деб ағар көзлеримдин қан йашым,
Ғам мунисим, қайғу-ҳәсирет йолдашым,
Айралық дәштиде қалып бу башым,
Йарымны көрмеге интизар олдым.

Әлқысса, Айсәнем бу сөзлерни тамам етип, сиймаб киби титиреп, айралық отыға өртенип-күйип, зар-зар йығлады. Ол ҳалда бир бөлек кәрўан Дийарбәкир терептин пайда болыб, келип кәрўансарайға түшти. Әрсе Айсәнем бир кәнизни йиберип, барып ол кәрўанның бир итибарлы кишисин мениң ҳуўзырымға келтиргил, — деди.

Ол кәниз барып кәрўанлардын сорап, белли бир данышмәнд адамын Айсәнемниң әмри деп, еркине қоймай Айсәнемниң бәргаҳийға келтирди. Анда Айсәнем кәрўандын саўал сорап, ол жаўаб берип, бир сөз айтты:

Айсәнем:
— Саўал сорсам емди сендин бәзирган,
Бер хабарың кәрўан, қайдын келурсен?
Қайда болур сениң мәканың-жайың?
Хабар бергил кәрўан, қайдын келурсен?

Бәзирган:
— Мендин хабар сорсаң, Бәкирдур жайым,
Қасты Бағдад әйлеп раўан келурмен,
Дәстимизге раўаж бергей қудайым,
Тужжар бәзирганлық әйлеп келурмен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айсəнем:
— Билурмисен, кимдур Бəкирниң ханы?
Башындағы дəўлетлиму заманы?
Пəрий йаңлық қызы, жану-жəнаны,
Бармудур, бəйан эт, нечик билурсен?

Бəзирган:
— Шаҳы Аббас дерлер Бəкирниң ханы,
Аның қызы дерлер Шаҳсəнемжанны,
Ғəриб ашық дерлер аны алғанны,
Бир йыл болды, аңдын нышан билурмен.

Айсəнем:
— Билурмисен, Ғəриб кимниң əўлады?
Атасы ким болур ҳəм ҳаслы-зады?
Не ўəж билəн алды ол пəрийзады?
Хабар бергил, нечик тағын билурсен?

Бəзирган:
— Ғəрибниң атасы Ҳəсен Бағдадий,
Билсең, Ғəриб — Ҳəсен ўəзир əўлады
Етти йыл ғам чекип ол пəрийзады,
Алды Ғəриб ашық, нышан билурмен.

Айсəнем:
— Сəнем қызның недур хулқы-əпғалы,
Бəйан йет, нечикдур ҳүсни-жəмалы,
Сəйри-салтанаты, мисли, əҳўалы,
Нечикдур, таҳқийқын қайдын билурсен?

Бəзирган:
— Хулқы хош милайым, ҳүсни пəраўан,
Сəйри-салтанатлы ол шаҳы-жаҳан,
Шийрин сөзли, хош милайым, хош зибан,
Йүзлерини маҳитабан билурсен.

Айсəнем:
— Сен бизге билдурдиң бөйлə хабарны,
Бу айткан сөзлериң растмудур бəри?
Ғəрибниң Сəнемдин ҳəм башға йары,
Бармудур, əйан ет, аны билурсен?

Бəзирган:
— Мен билменем өзге йарының барын,
Кетирипдур көңлиндеги ғубарын,
Билə билмен мундын артық хабарын,
Өзге йары барын гүман билурмен.

Айсəнем:
— Ошбудурму хабарыңның болғаны?
Тағықмудур Шаҳсəнемни алғаны?
Йоқму ошбу сөзлериңниң йалғаны?
Айсəнем дер, раст айт, йокса өлурсен.

Бəзирган:
— Айсəнемжан, ошбу хабарым растдур,
Əгер йалған айтсам, дарыңа астыр,
Қəҳир əйлеп, мойныма зəнжийриң бастыр,
Қасыд дер, бу сөзим əйан билурмен.

Əлқысса, Айсəнем Қасыддын бу сөзни ешитиб, бурынғы қапалығының үстине бу қапалық қошылып, ҳалы өзге болып, табы-тақаты қалмай, сабру-арамы болмай, ҳəйраны-сəрасима болып. гүл киби йүзлери солып, көзи нəмде, көңли əлемде, жаны ситемде аҳ уруб ағлап, ҳəр бир еткен демде Гүлимхан апасыға йалбарып, «Ғəрибжанны алып келсең не болур» деб бир сөз айтты:

— Жаным анам, көзим анам,
Барып Ғəрибжанны келтир,
Көзим нəмли, сийнем дағлы,
Дəртиме дəрманын келтир.

Мени ғам ичире ынжытты,
Ашыма ағыўлар қатты,
Ҳижран аҳы жандын өтти,
Қашлары кəманны келтир.

Йүзлери мисли гүлдəсте,
Курбан олам чəшми-мəсте,
Лəби хандан, ағзы писте,
Тишлери дүрданны келтир.

Турғунча артар ҳəўесим,
Йетишмей пəрйады-рəстим,
Бəҳри-уммадна ғаўўасым,
Ол гəўҳəрий кəнни келтир.

Ғам үйинде қылма мəлул,
Анажан, қыл сөзим қабул,
Тоты тəкəллим, йүзи гүл
Ол лəби ханданны келтир.

Ишлеридур заўқы-сапа,
Ҳəмдем мунисим баўапа,
Қəсте жаным тапсын шыпа,
Дəртиме дəрманны келтир.

Бу күн биздин айра салған
Өзге йарға ҳəмдем болған,
Дəрди-пырақы жан алған,
Арзыўы-əрманны келтир.

Айсəнем дер, өлгум емди,
Бир гүл эрдим, солғым емди,
Куруғ суўрет қалғым емди,
Бу жисмиме жанны келтир.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, Айсәнем бу сөзни тамам етти. Анда Гүлимхан айтты:

— Әй, Айсәнем, сен сабыр қыл, мен шәхәрниң ичин сәйир йетип келейин. Шайад бир хабар тапылғай, — деб шығып раўана болды. Нәгаҳ бир кәрўансарайға барып көрсе, кәрўанлар йүкин бағлап, Дийарбәкирге кетмекши болып турған эркән. Анда Гүлимхан ол саўдагерни еркине қоймай Айсәнемниң алдыға алып келди. Анда Айсәнем айтты:

— Әй, саўдагер, қайда барурсаң, атың ким? — деди.

Ол саўдагер айтты:

— Дийарбәкирге барурман, атым Үлпетхожа, — деди.

Анда Айсәнем Улпетхожаға қарап, Ғәрибке салам айтып бир сөз айтты:

— Мундын барсаң Дийарбәкир йуртына,
Хожам, салам дегил, келсин Ғәрибим,
Чыдай билмен айралықның дәртине,
Хожам, салам дегил, келсин Ғәрибим.
Бир йыл болыптурур андын жудамен,
Жудалық отыға күйген эдамен,
Бурун султан едим, эмди гәдамен,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Билмен, йарым не себепдин әгленди,
Пырқатның отыға сийнем дағланды
Бу мениң бахтыма қара бағланды,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Кечейи-күндизде йоқдур қарарым,
Тақатым Ғәрибим, йүрек, мәдарым,
Йандырды аләмни пәрйады-зарым,
Хожам, салам дегил, келсин Ғәрибим.
Нәйлей, ишим қыйлы-ҳала дөнибдур,
Ҳәр бир кешкен күним бөйлә болубдур,
Көзим йашы ағып селге дөнибдур,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Ҳәр саба йолына бақғум қараўлаб,
Ышқның қанжарына сийнем қаралаб,
Ол келмесе, өзим барғум сорағлаб,
Хожам, салам дегил, келсин Ғәрибим.

Айсәнем қыз дерлер мениң атыма,
Йардын өзге ҳеш ким түшмес йадыма,
Ҳеш киши йоқ мунда йетсе дадыма,
Барсаң салам дегил, келсин Ғәрибим.

Әлқысса, Айсәнем бу сөзни тамам етиб, зиңғарлап Үлпетхожаға белли зыйапат қылыб, рухсат берди. Үлпетхожа йолға раўана болды, нечә мәнзил-мәрайылларны тай қылып, кәрўан йүриши билән йол йүриб, Дийарбәкирге етишти. Малларын кәрўансарайға қойыб, өзи Ғәрибни излеб таўып, Айсәнемниң пәйғамын Ғәрибке бәйан етиб бир сөз айтты:

— Булдур, хабар десем Бағдад елиндин,
Салам деб йиберди бир маҳитабан,
Аты Айсәнемжан, пәлек ҳижриндин
Болыпдур пырқатта сийнеси бирйан.

Ғәриб дейиб әйлер күнде йүз ҳаўа,
Өзи келсе, халықтын әйлейдур ийба,
Сен бармасаң, бир күн келур йа саба,
Сениң ушын дағын көзлери гирйан.

Өртенибдур шум пәлектиң жәбрине,
Сүртедур көзлерин изиң гәрдине,
Шыдай билмей айралықның дәрдине,
Таба алмай ошол дәрдине дәрман.

Мақсети өлмекдур айрылып жандын,
Қол чекипдур ҳәме суўды-зийандын,
Бир нәзер қылмайын ол ханы-мандын,
Болса керек емди йер билән йексән.

Үлпет айтур, емди әгленме, барғыл,
Тәрәҳим әйлейип, ҳалыны сорғыл,
Сениң ушын қарап болғанын билгил,
Көрсе, саңа қылур жаныны қурбан.

Әлқысса, Үлпетхожа бу сөзни тамам етип болды. Анда Ғәриб пәлекдин шикайат қылып, еки йарның ортасында не илаж етерин билмей, «кетсем, бул ағлар, бармасам, ол ағлар» деб бир сөз айтты:

— Я, рәб, пәлекниң жәбридин,
Мени йүз бәлаға салдың,
Еки йарның саўдасындын,
Мени мубтәлаға салдың.

Аларны анда ағлатып,
Буларны мунда йығлатып,
Мени отларға дағлатып,
Ҳижран ара нара салдың.

Ол анда чеҳрәси ҳәмзад,
Бул мунда ышқ ара ҳәмдәрд,
Ҳеш меҳминге салма бу дәрд,
Мени бул ҳаўаға салдың.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мунша от йанымда сөнмес,
Көрмейин ҳешким инанмас,
Айтыб ҳәргизин тугенмес,
Бойлә мажәраға салдың.

Бәрче адамлар раҳатда,
Заўқы-сапа ҳәм ишрәтте,
Мен йүз әлем, йүз кулпетте,
Дағлар ара даға салдың.

Дағы-ҳәсирет тәнде-жанда,
Шад олмадым бир заманда,
Бул мунда йығлар, ол — анда,
Қайта дәрд араға салдың.

Ғәриб йарның ҳәўесинде,
Ғарқ олып ышқ дәрйасында,
Екки йарның арасында,
Түгенмес саўдаға салдың.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етип, Үлпетхожаның хабарын ешитиб, көңли ғамгүн болып, Айсәнемниң ҳалына рәҳми келип, бир нечә қапалыққа йолығып, Шаҳсәнемниң йанына келди. Шаҳсәнем Ғәрибниң йүзине бақыб көрсе, нәзери суст, көңли шийшедек сынған, Ғәрибни бу ҳалда көрип Шаҳсәнемниң табы-тақаты қалмай: —Саңа нәме ҳәдийсе болды? — деб Ғәрибке қараб бир сөз айтты:

— Бу пәлекниң тәшўийшидин,
Ғәрибжан, саңа не болды?
Бу замана гәрдишидин,
Ғәрибжан, саңа не болды?

Қәлемге мегзер қашыңыз,
Нечүн ағар көз йашыңыз,
Ашаға салып башыңыз
Ғәрибжан, саңа не болды?

Бу қайдағы ғаму-қайғу?
Көзлериндин ақадур суў
Қошып сен ашымға ағыў,
Ғәрибжан, саңа не болды?

Бузылмыщдур хулқы-ойың,
Ғам болубдур қәдди-бойың,
Сарғарыб рәңк илә ройың,
Ғәрибжан, саңа не болды?

Лутф әйлемиш саңа атам,
Қайдын етти мунша ситем?
Тутыб бөйлә қанлы матам,
Ғәрибжан, саңа не болды?

Йүзлериң пәлекниң маҳи,
Ғәриб көңлимниң хошгәҳи,
Не себепдин чектиң аҳи?
Ғәрибжан, саңа не болды?

Қызыл гүлдек йүзиң солыб,
Көңлиң қайғу-ғамға толыб,
Хошың кетип, ғамгүн болыб,
Ғәрибжан, саңа не болды?

Шаҳсәнем дер, йанды ота,
Мен кимге барайын дада,
Ағмалы паны дүнйада,
Ғәрибжан, саңа не болды?

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни тамам еткен ҳалда, Ғәриб бу сөзге ҳеч шара тапмай, Айсәнемниң айтыб йиберген дуўайы саламын бир-бир бәйан етиб, Ғәриб бир сөз айтты:

— Бир сөзим бар, айта билмен өртенип,
Айтсам өлтирурсен, айтамасам өләм,
Айсәнем йығламыш өртенип-йанып,
Кетсем өлтирурсен, кетмесем өләм.

Бағдад падшаҳының бир генже қызы,
Қабул әйлеп эрди әўелде бизи,
Ҳеч бир қол қатмадым, дейибан сизни,
Қатсам өлтирурсен, қатмасам өләм.

Ол хабар келтирмиш ҳалым қараб деб,
Ҳәсиретинде еки көзим пираб деб,
Йетишимесе, йанып болдым кәбаб деб,
Айтсам өлтирурсен, айтмасам өләм.

Анда бағлап қойдым аның бақтыны,
Хат этиб йибермиш тажы-тахтыны,
Анда кетмек ушын сапар рахтыны,
Тутсам өлтирурсен, тутмасам өләм.

Кел, Сәнемжан, бизге бергил ижазәт,
Келтирме көңлиңе зәрре қабаҳәт,
Келурмен үч айға, болсам саламат
Кетсем өлтирурсен, кетмесем өләм.

Көрибан Ғәрибниң ҳалы харабын,
Қәрам әйлеб, бергил кетер жуўабын,
Ләблериңни езип-езип шарабын,
Ишсем өлтирурсен, ишмесем өләм.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткен ҳалда Шаҳсәнемниң табы-тақаты қалмай, ҳалы пәрийшан болып, жаныға от түшиб, Ғәрибдин бир заман жуда болғаныға тақат қыла билмей, Ғәрибке жуўаб

www.ziyouz.com kutubxonasi

бермесе нәмәртлик болур, әгер жууаб берсе, өзининң ҳалы хараб болур, ақыр найлаж болып Ғәрибке рухсат берип, Шаҳсәнемжан бир сөз айтты:

— Пәлек йәне айралыққа башлады,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсен,
Айралық саўдасын баша ташлады,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсен.

Ғәрибжан дийермен саңа шын сөзим,
Келмесең, көр болур бул мениң көзим,
Үш айда келмесең, кетермен өзим,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Ижазат бермесем, мәлул болурсен,
Хазан урған қызыл гүлдек солурсен,
Бу мениң жаныма отлар салурсен,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсен.

Тез мени унытыб ғайры башлама,
Көңлиме ғам салып, көзим йашлама,
Үч айда келмейин ғамға ташлама,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсен.

Қапа болдым даҳаныңа, тилиңе,
Зағу-заған қонар болды гүлиме,
Үш айғача шығып бақам йолыңа,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсең.

Қурысын илаҳи Шаҳсәнем атым,
Күймек ушын йаратыпдур қудайым,
Сен келгенше болсын ғам үйи-жайым,
Бар Ғәрибим, сағлық билән келгейсен.

Әлқысса, Шаҳсәнем бу сөзни айтып зар-зар ағлаб, нәйлаж болып үч айға жууаб берди. Анда Ғәриб Шаҳсәнемге көңил берип, мен келгенше бийсабырлық қылма деб, Ғәриб бир сөз айтты:

— Сендин өзге йоқдур мениң сырдашым,
Сабыр әйле сәўдегим та мен келгенше,
Ҳәм бу дүнйа, ҳәм ахырет йолдашым,
Сабыр әйле сәўдигим та мен келгенше.

Сырыңны билдирме йахшы-йамана,
Сабыр әйле сәўдигим та мен келгенше.

Сәҳәрлер турыбан йығла қудайа,
Көз йашыңны тәңри етмегей зайа,
Иншаалла, емди келем үш айа,
Сабыр әйле сәўдигим та мен келгенше.

Сабырдур ашықның иши ҳәмийше,
Сабырдын өзге йоқ хеш йахшы пеше,
Мени келмес дейиб қылма әндийше,
Сабыр әйле сәўдигим та мен келгенше.

Ҳәр сәхәрлер турып йығла қудайа,
Мени келмес дейиб етме баҳана,

Ғәриб мундын кетиб әгленмес ҳәргиз,
Қалмасдур үш айға, бәлки келер тез,
Йығлаб йүрегиңни қылмағыл хунрез,
Сабыр әйле сәўдигим та мен келгенше.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етиб, Шаҳсәнем билән хошлашып йолға раўана болды. Бир неше күн йол йүрип, неше мәнзил-мәрайылларны тай қылып, Бағдад йуртына дақыл болды. Пәст көше, раст көше билән йүрип, әўел Бағдад йуртының ўәлайат падшаҳына келип, тағзыйм бәжа келтирип турды. Ўәлайат падшаҳы Абдулла хан Ғәриб билән ҳал-аўҳал сорашып болғандын кейин меҳманханаға түшириб, алдыға назы-ниғматлар қойды. Алардын нәҳар қылыб, андын соңра Айсәнемниң йаныға келди. Ўә Айсәнем бирлә көришиб, ҳал-аҳўал сорашыб, анча ҳәмсуҳбәт болдылар. Әмма Ғәрибнин Айсәнем бирлә айшы-әширетке мәшғул болмаға көңли майыл болмады. Нәгаҳ Ғәрибниң Шаҳсәнемге ўәде қылған үш ай мүддетиниң йақын келгени йадыға түшиб, бир аҳ шекти. Шул ҳалда Айсәнемжан Ғәрибнин бөйлә аҳ шеккенин аңлап:

— Әй, Ғәрибжан, бул ўақыт не себепдин аҳ шектиң? Мәгер мендин өзге йарың барму? Йокса бул тарийқа аҳ шекмес эрдиң, — деб Ғәрибке қараб бир сөз айтты:

— Ошбу кечә, әй, Ғәрибжан,
Билмен, нешик аҳға түштиң?
Көзлериндин ағызып кан,
Нешик аҳы-ўаҳға түштин?

Қалмады жанында раҳат,
Йығларсен шаҳым даўамәт,
Сийнемни әйлеп жәраҳат,
Дағлар үзрә дағa түштиң.

Гәҳ куйындек жунун болыб,
Көзде йашың жәйҳун болуб,
Ләйли дейиб Мәжнун болуб,
Сәҳрадын сәҳраға түштиң.

Сийнелериң эрмиш отлығ,
Ләблериң әселдин татлығ,
Мунда келип Бағдад атлығ,
Мәнзилу-мәкана түштиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аҳ шекиб сәҳәр чағында,
Қалдың ғамның шарбағында,
Йатып йарның қушағында,
Йарым, нешик аҳға түштиң?

Алдың сабырым ҳәм қарарым,
Сенсең мениң аҳу-зарым,
Йаңа қошылғанда йарым,
Не жәпа, не раҳға түштиң?

Айсәнемжан күйди, пишти,
Ҳәсирет шәрабыдын ишти,
Көңлимниң кәрўаны көшти,
Билмен, нешик аҳға түштиң?

Әлқысса, Айсәнем бу сөзни тамам еткендин соң Ғәриб айтты:

— Әй, Айсәнемжан, мениң көңлимде башқа мақсетим йоктурур, әмма йадыма мәнзил-мәканларым түшти. Шул себепдин аҳ шектим. Емди мундын Дийарбәкирге барсақ нешик болур? — деб Айсәнемге қараб бир сөз айтты:

— Емди мундын Дийарбәкир елине,
Барсаңыз, не әжеп сапалы жайдур,
Тәр ашылмыш анда бағы-бақшалар,
Тоты қуш нағмалы бағы сарайдур.

Бизниң йуртның әжеп заўқы-сапасы
Ашықның көп болур жәбри-жәпасы,
Шу күн йадқа түшти меҳри-ўәпасы,
Шул себеп шектигим аҳ билән ўайдур.

Әлмудам ашылмыш бағымда гүлим,
Тоты, таўыс, хош нағмалы бүлбилим,
Анам, қарындашым, урыўғым, елим,
Келмеди деб йолларымға қарайдур.

Бул үлкениң ҳаўасыдын кечәли,
Дийарбәкир шәрабындын ичәли,
Мунда турмай, емди анда көчәли,
Ҳәр бир ишке башлағусы қудадур.

Ғәриб дер, Айсәнем, емди нетәли?
Шады-қуррам ойнаб-күлиб өтәли,
Мундын барып анда ишрәт етәли,
Бул дүнйа, бил йарым, көне сарайдур.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам еткендин соң Айсәнем айтты:

— Әй, Ғәрибжан, сен не десең, аның билән болурман. Әмма атамдын биймәлал әйлеп рухсат алғыл, — деди.

Ғәриб «әжеп болур» деб, Абдулла ханның хузыўрына барып, еки қолын әлип-ләм етип, рухсат сорап, падшаҳға қараб бир сөз айтты:

— Әйа, шаҳым, рухсат бергил бизлерге,
Сал бизлерни туғры йола, султаным,
Рухсат алмақ биздин, сизден ижазәт,
Бизни көндир туғры йола, султаным.

Ҳәрне гүна йетсек, биздин кечиргил,
Муҳаббатниң шәрабындын ичиргил,
Айсәнемжан билән бизни көчиргил,
Хош сапалы улус-елге, султаным.

Айсәнем султандур болса ҳәр қанда,
Ол мениң шаҳымдур, мен аңа бәнде,
Тақатым йоқ, бу жан аманат тәнде,
Бизни салма йаўыз ҳала, султаным.

Берсең рухсат, мундын сапар қылалы,
Ойнап-күлип елге раўан болалы,
Барып Дийарбәкир ўатан туталы,
Қошылалы улуғ елге, султаным.

Қулақ салың шаҳым ушбу сөзлерә,
Сиз атасыз, бизлер перзент сенлерә,
Көнлиң билән дуўа әйлеп бизлерә,
Сал бизлерни туғры йола, султаным.

Несип болып мундын қылсақ ирадәт,
Еткургей бизлерни қуда саламат,
Ақ көнлиңиз билән берсең ижазат,
Ғәриб ашық келди тилә, султаным.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етти. Андын соң падшаҳ рухсат берип, алтын-күмиш, лағлы-йақут, дүр-жәўаҳир, қымбатбаҳа нәрселерин берип, зәрнигар ичире Айсәнемни салып, неше түрли дәсгаҳ салтанат бирлә неше кәнизни ҳәмраҳ әйлеп, Айсәнем ата-анасы, қәўми-қарындашлары билән хошлашыб, йолға раўана болдылар. Бир неше мәнзил-мәрайылларны тай қылыб келур эрди. Ол ҳалда Айсәнем айтты:

— Әй, Ғәрибжан, Дийарбәкир деген нешик жайдур? Бизге бәйан қылсаң, — деди.

Анда Ғәриб эл-халқын тәрийп етиб бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Айсәнем, бизниң жайларның,
Әжайып бағлары бардур,
Үсти тола ақ қаралы,
Боз думан тағлары бардур.

Шөллери бардур жәренли,
Сәхралары лала рәңли,
Бадам қабақ гүл бәденли,
Бөйлә ғошшақлары бардур.

Мийўасы пишиб төгилген,
Шақасы ашақ эгилген,
Әлўан-әлўан гүл егилген,
Тәр шәмен бағлары бардур.

Мәжлисинде чәң, рубабы,
Шийшке чекилген кәбабы,
Ичмеге гүлгүн шәрабы,
Тилла кәсалари бардур.

Пәрийзатлар гезер хәр йан,
Гөйаки хүр илә ғулман,
Зәрнигарлы көшки әйўан
Мунаққаш жайлары бардур.

Ғәриб ашық қайнап жошқан,
Ышқның дәрйасына түшкен,
Шахсәнем деб күйип-пишкен,
Сийнемниң дағлары бардур.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етип, нечә мәнзил-мәрайылларны тай қылып, Дийарбәкир ўәлайатына йетиштилер. Эрсә Шахсәнемниң көшки алыстан көзге елеслеп көрине берди. Ол халда Айсәнем Ғәрибке:

— Бу нешик ўәлайат эркән? — деди.

Анда Ғәриб Дийарбәкирге келгенин бәйан қылып, Айсәнемге қараб бир сөз айтты:

— Дийарбәкир йуртыдур бул,
Аңла, Айсәнем, аңлағыл,
Шахсәнемниң көшкидур бул,
Аңла Айсәнем, аңлағыл.

Неше йыллар шектим жәпа,
Халықдын көрдим тағны-таба,
Ақыр несип қылды ўәпа,
Аңла Айсәнем, аңлағыл.

Ошбу шәменниң гүлимен,
Мен гүллерниң бүлбилимен,
Шахсәнемниң мен қулыман,
Аңла Айсәнем, аңлағыл.

Та жаным бардур бу тәнде
Хеш ықтыйар йоқдур менде,
Сен султан, мен саңа бенде,
Аңла Айсәнем, аңлағыл.

Гездим жаханны ақтарып,
Пырқатта йүзим сарғарып,
Еккиңизге қулдур Ғәриб,
Аңла Айсәнем, аңлағыл.

Әлқысса, Ғәриб бу сөзни тамам етип болғандын соң Ғәриб бирлә Айсәнем Шахсәнемниң көшкиниң алдыға келди. Айсәнем тийўәсидин түшмей ешикте қалды. Ғәрибниң өзи ишкериге кирип, Шахсәнемге:

— Шығып көришгил, Айсәнем келди, — деди.

Шахсәнем:

— Мен чықмасмен, — деди.

Айсәнем хәм:

— Ол чықмаса, мен хәм тийўәмдин түшмесмен, — деб, Ғәриб бирлә үшеўи бир йағлы-бәхәр айтышдылар:

Ғәриб:
— Саңа арзым шулдур, Шахсәнем султан
Шықдағын көришгил, келмиш Айсәнем,
Қылмайын бу заман ақлымны хәйран,
Шықдағын көришгил, келмиш Айсәнем.

Ғәриб:
— Бир арзым дийейин сениң өзиңе,
Қурбан олам қашлариңа, көзиңе,
Сүртейин йүзимни гәрди изиңе,
Түш, Шахсәнем бирлә көриш, Айсәнем.

Шахсәнем:
— Бу сөзни демегил бизге Ғәрибжан,
Көришмен ол билән, хәргиз чықманам,
Йықылур сөзлериң, тутманам пәрман,
Көришмен ол билән, хәргиз чықманам.

Айсәнем:
— Келмишем Бағдатдын зар илә гирйан,
Жудалық отыға бағрымдур бирйан,
Не сөзлер дийерсен маңа Ғәрибжан,
Ол чықмаса, мен тийўәмдин түшменем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб:

— Кулақ сал сөзиме, әйлеме жедел,
Ләблериң шийриндур, қанд илә әсел,
Айсәнем турубдур ешикте мәҳтел,
Шықдағын көришгил, келди Айсәнем.

Шаҳсәнем:

— Ғәрибжан, әйлеме сөзиңни дәраз,
Сени деб ләҳзе болмадым сәрәпраз,
Йуртым улығ, мен чықманам пешиўаз,
Көришмен ол билән, ҳәргиз шықманам.

Ғәриб:

— Бардур саңа арзым, ешитгил зарым,
Шунқарым, лашыным ҳәм бәҳрим-базым.
Ол улуғ, сен кичиг, саңадур лазым,
Түш, Шаҳсәнем бирлә көриш, Айсәнем.

Айсәнем:

— Ол улуғ, мен кичиг, аны билмишем,
Пирқат қанжарына бағрым тилмишем,
Мендин лазым дегил, меҳман келмишем,
Ол шықмаса мен тийўәдин түшменем.

Ғәриб:

— Сен бир гүлсең келген бағы-ҳәйатқа,
Ләблериң мегземиш қанду-набатқа,
Шаҳсәнемжан, мени қойма уйатқа,
Шық ешикке, көриш, келмиш Айсәнем.

Шаҳсәнем:

— Ынжыттым көб сени, емди турайын,
Босаға алдыға йүриб барайын,
Андын ары өтмен, растын дийәйин,
Көришмен ол билән, ҳәргиз шықманам.

Ғәриб:

— Шаҳсәнем меҳман деб ҳүрметиң қылды,
Турып сениң билән көришмек болды,
Қозғалды жайыдын, ешикке келди,
Түшдағын, көришгил, шыкмыш Шаҳсәнем.

Айсәнем:

— Ошбу отқа күйиб, йаныб пишейин,
Бәҳри умман киби қайнап жошайын,
Сениң учын мен тийўәмдин түшейин,
Көришмен ол билән, ҳәргиз түшменем.

Ғәриб:

— Сенсең Шаҳсәнемжан бир ҳасылзада,
Ара йерде мени қылма ғам-бада,
Сен шаҳзада болсаң, ол ҳәм шаҳзада,
Шықдағын көришгил, түшмиш Айсәнем.

Шаҳсәнем:

— Ғәрибжан, сен қойдың сийнеме дағы,
Өртеди жисмимни қанжар пырағы,
Босағаға барып қойай айағы,
Андын ары өтмен, хәргиз шықманам.

Ғәриб:
— Урмышам башымны ышқның ташына,

Ҳеш рәҳмиң келмесму көзим йашына,
Шаҳсәнем келмишдур ешик қашына,
Түш тийўәдин, көриш, шықмыш Шаҳсәнем.

Айсәнем:

— Нечә ашық от түшибдур жанына,
Бойамышлар қолын ҳәсирет қанына,
Мен ҳәм барғум босағаңның йанына,
Андын ары өтмен, хәргиз барманам.

Ғәриб:

— Ҳәр заман болайын хулқыңа бенде,
Баш алып кетейин емди хәр қанда,
Ара йерде мени қылма шерменде,
Шық емди, қапыға келмиш Айсәнем.

Шаҳсәнем:

— Шаҳсәнем дер, емди әмриң тутайын,
Тәңриниң тақдийри болса нетейин,
Ол бери йүрсин, мен ҳәм йүрейин,
Ол йүрмесе, мен ҳәм ҳәргиз шықманам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәриб:
— Ғәриб дер, Айсәнем, йүргил бу йана,
Пинҳаны сырларың болсын әйана,
Үйдин шықсын дейиб еттиң баҳана,
Үйдин шықты Сәнем, көриш Айсәнем.

Айсәнем:
— Айсәнем дер, имди әмриң тутайын,
Аның ройы-жәмалыны көрейин,
Сәнем келсе, турып мен көришейин,
Ол шықмаса мен ҳәм ҳәргиз түшменем.

Әлқысса, үшеўлери бу сөзлерни айтып болып, Шаҳсәнем Айсәнемге қаршы йүрди. Еккиләри зордын қол учы көришиб, ҳал-аўҳал сорашыб болды. Достлар шад, душманлар ғамгүн болды. Андын соң ҳәр қайсылары өзлериниң жайларыда қарар қылды. Етти кечә-күндиз той-тамаша етип, шадықуррам болды. Ашықлар мурадыға йетиштилер..



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

62 - ТОМ



# ӨТЕШ БАТЫР

*Балтабай Юлдашев*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Кирис сөз**

Сөзимди тыңлаўшы ҳәм де оқыўшы,
Рухсат қылсаңыз иркилип киши,
Жазыў алды бир сөз тиркеп өтпекши,
Айтыўшының Ана тарийхы екен.

Әкемди билесиз, еситтиң атын,
Мен бөлгеним оқыўшының дыққатын,
Анамның туўысқан ҳәм жақын-жатын,
Жазып билдирмеклик ис мақул екен.

Анам қарақалпақ, аралбай қызы,
Қанлыкөлде туўылып өсипти өзи,
Сол дәўирде болған ҳәм соның сөзи,
Анам көзи көрип ҳәм билген екен.

Ата-ана қойған аты Улбосын,
Соның тарийхынан жазсам көбисин,
Кеширерсиз, жазсам, кетсе кемисин,
Қулақ еситип, көз көрмеген сөз екен.

Қоңырат қаласы белли тарийхта,
Қоңыратқа шығыс Хожели жақта,
Екеўине шегара орталықта,
Қанлыкөл атақлы жер болған екен.

Қанлыкөлде өз алдына тарийх бар,
Ибрайым жаздығой ол ушын хабар*,
Соның ушын менде басқа сөз жазар,
Сөз сол көлде болған ўақыя екен.

Тарийхшы-жазыўшы жазды бул ҳақта,
Сөз көп жазылмай келатқан жән-жақта,
Излеп таўып жазып қоссаң тарийхта,
Сол айтқан бир бөлек сондай сөз екен.

Нийетулла, Қутлымурат заманлас,
Қутлымурат беглербеги елге бас,
Бир отырған нешше руў аралас,
Қанлыкөлде бирге жасаған екен.

Нийетулла мениң шешемниң әкеси,
Бабамның сол гезде елиўде жасы,
Қанлыкөлли сондағы ел бәршеси,
Бабамды «аға» деп сыйлайды екен.

Қутлымурат шақырар екен күн сайын,
Бир ис қылса ойласар, айтар ойын,
Нийетулла айтар ойлап ис жайын,
Кейнинде ғалмағал ҳеш болмас екен.

Ҳәзирги ойласық шақырған себеп,
Айтсын, — деген екен, — Нийетулла кеп,
Жаңа қала салыў пикирде әдеп,
Соны Қутлымурат ойлаған екен.

Жаңа қала салса ойлаған ўақта,
Отырса Қутлымурат минип тахтта,
Ўәзирлери турса айланып жән-жақта,
Қутлымурат қыялында сол екен.

Нийетулла келди, айтты бул ойын,
Нийетулла тыңлап отыр арқайын,
Сөздиң тынғысында ҳәр сөзи сайын,
Қутлымурат жаўап сөз күтер екен.

Нийетулла отыр көп сөзди тыңлап,
Қутлымурат ойын-мақсетин аңлап,
Ойланып-ойланып өзини оңлап,
Жаўап сөзи мынадай болған екен.

— Дурыс айтасыз-аў, тутқа жоқ ханда,
Қанлыкөлли жүр дейсиз анда-мунда,
Сениң айтып отырғаның болғанда,
Не керек екенин бил, — деген екен.

Әўел баста шақырайық халықты,
Айырып көрейик қараны-ақты,
Айып болар ойлағаның ол ўақты,
Халыққа сүйенмек керек, — дер екен.

Себеби ханлыққа әмелдар керек,
Хан болғансоң қазна, сарайлар керек,
Нөкер, оған басшы сардар ҳәм керек, —
Нийетулла соларды ескерткен екен.

Бул пикирин айтты, кеўли орнасты,
Бектиң де қыялын усы ой басты,
Қутлымурат таслап аўзынан насты,
— Жүдә мақул, Нийетулла, — дер екен.

— Дурыс, Нийетулла, сениң ақылың,
Дәрриў сол әнжемди сиз таяр қылың,
Еркин бердим, қалған жағын сиз билиң, —
Деген сөзди бектен еситкен екен.

Шақырмақ Қанлыкөл дөгерек елин,
Тоғай араларын қалдырмай бәрин,
Кемпирин, қызларын, абысын, келин,
Бул жыйынға шақырмақ болған екен.

Қутлымурат айтты: —«Арзымбет қумнан»,
Егер зәрүр болса, оннан да арман,
Арқамыз «Шортан жап» ямаса «Дүрмен»,
Келсин, жыйналсынлар, — деп айтқан екен.

Шоманайдың келсин барлық адамы,
Келсин аўыл-аўыл, жәмәәт жәми,
Қәрежет, мал жәмлең, қалмасын кәми, —
Деди Қутлымурат мәс болған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарабайлы ҳәм де Қаратерең жаққа,
«Беглербеги шақырды» деп жән-жаққа,
Отырған үйлерге топламнан жекке,
Қалдырмастан айтаберин, — дер екен.

Қутлымурат, Нийетулла, басқасы,
Хожалығы саз ҳәм пүтин дасқасы,
Гүлли Қанлыкөлдиң бар кәтқудасы,
Усы мәсләҳәтти бир қылған екен.

Қутлымурат беглербеги — елбасы,
Өз алдына хан болыў мүддәасы,
Гүлли Қанлыкөлдиң ғарры ҳәм жасы,
Мәсләҳәтте олар не айтар екен?!

I бөлим

Қанлыкөлдиң бир шетиндеги қазақ байы Арзымбет деген киси үлкен журт жыйнап «Сүннет той» береди. Қутлымурат та сол тойға барады. Тойда жас жигит палўан Өтешке ҳәмме Қанлыкөл халқы таң қалады.Ол төмендегише баянланады.

Бул да сол жоқары дәстанның изи,
Соның бир бөлеги, сол сөздиң өзи,
Бирақта сөз ўақыяның негизи,
Бул Өтеш батырдың дәстаны екен.

Өтеш батыр халық ишинде дәстанды,
Өтеш туўрасында гүрриңлер кәнди.
Ҳәр ким айтар еситкенди, билгенди,
Бул да соның бир бөлимшеси екен.

Апай айтар еди жаслық гезимде,
— Өтешти көрдим, — деп, — мениң өзим де,
Қәте кетсе, жалған болса сөзимде,
Менде бир жаңылыў болғаны екен.

Нешше өтип атыр нәўбетме-нәўбет,
Биреў гедей, биреўлерде бай дәўлет,
Қанлыкөлде атақлы бай Арзымбет,
Сондай абыройлы бай өткен екен.

Халықты жыйнап, даңқы кеткен той берди,
Бундай той ҳеш жерде болмаған дерди,
Қурдың айланасы төрт танап жерди,
Қатар адам менен толтырған екен.

Не бир палўан келди Шаббаз, Хийўадан,
Бир жегенде қырық кило жер мийўеден,
Жүкти көтереди артық түйеден,
Ҳәр тойда бас байрақ алады екен.

Дегелей, шөгирме, сеңсең тон кийген,
Муртлары шыйрылып, қабағын үйген,
Қара үйге кирсе, шаңыраққа тийген,
Сондай ири палўанлар келген екен.

Ҳәр жегенде бир қой ети аўқаты,
Хорезмде белли палўанлық аты,
Он пут тасты көтереди қуўаты,
Буларға тең келер адам жоқ екен.

Солар қурға келип отырып алды,
Көрмегенлер көрип, көп ҳайран қалды,
Той жаршысы «Палўан, шық!» деп жар салды,
Уллы палўан ортаға шыққан екен.

«Дәўсебен» атанған гөнели палўан,
Хийўаның атақлы палўаны Мәўлен,
Руқсат болды басқарыўшы үлкеннен,
Палўанлар ортада гүрескен екен.

Хийўалы палўанның әмели басым,
«Дәўсебен»ге қылды бир неше қысым,
Жығылды Гөнениң палўаны Қасым,
Хийўалы бас байрақты алған екен,

Изинен де шықты бир неше киси,
Жығалмады хийўалыны ҳеш бири,
Жоқарының палўанының бул иси,
Қанлыкөл жигитин қыйнаған екен.

Биринши күн тойда усындай өтти,
Намыслы жигитлер жанына батты,
Мәсләҳәтке Өтешти де шақыртты,
Аты шыққан жигит жыйналған екен.

— Биз де бир жағалы елмиз, бирақ та,
Алпамыс әўлады дейди тарийхта,
Батыр перзент болғанлығың қаяқта?
Өзли-өзи ыза берискен екен.

Өтеш үндемди бир шетте турды,
Көпшилик алдында нәзерлеп қурды,
Буларға Қутлымурат мойынын бурды,
Ҳәмме турып төрден жай берген екен.

Қутлымурат қарап шықты бир шеттен,
Жигитлер ызалы, байқаса беттен,
Ҳеш нәрседен хабарсыздай Шерметтен,
— Бул не мәсләҳәт? — деп сораған екен.

Шермет болса аршыл жигитлер басы,
Және сондай белли ел кәтқудасы,
Шермет деди: — Жигитлер мүддәасы,
Ертең гүрес туўралы, — деген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қәне, сонда кандай реже дүздиң?
— Билмей турмыз, аға, ушы жоқ сөздиң,
Жақсы болды бунда келгениңиз сизиң, —
Деп бәрше мәсләҳәт сораған екен.

— Уллы палўанға шық! — деди Өтешке,
Жигитлерди айырды бөлип үшке,
— Артық емес олар да сизлерден күшке,
Гүреске қорықпастан шық! — деген екен.

Мәсләхәтди қойды жәмлеп бир жерге,
Аўқатланып отырды бәршеси бирге,
Ҳәммеси де қосылып усы пикирге,
Сол түни сол жерден тарқасқан екен.

Азан менен тойға «дабыл» қағылды,
Мал сойылып, қазанға от жағылды,
Гүреске бас байрақ хатқа алынды,
Бас байраққа нар түйе қойған екен.

Бүгин билинеди палўан беллиси,
Байрақ ушын палўанлардың еллиси,
Бәлки оннан да көп келген гүллиси,
Еситип байрақтан тәмедар екен.

Жаршы: —Уллы палўан, шық! — деп шақырды,
Өтеш те шешинип ортаға барды,
Барлық палўан оған бир нәзер салды,
Өтешти ҳеш көзге илмеген екен.

Хийўалының палўанының уллысы,
Биреўине «Шық!» деп еди гүллиси,
«Мен-мен!» деди шықты ишинен бириси,
Өтеш оның менен гүрескен екен.

Хийўалы Өтешке тоғанақ шалды,
Ары тарт, бери тарт, шаршап та қалды,
Өтеш Хийўалыны қайырып салды,
Шалқасынан жерге қулатқан екен.

Изли-изинен шықты тоғыз палўаны,
Жығылдылар, болды райлы қалғаны,
Ишиндеги уллы атақты алғаны,
Соңында ол ортаға шыққан екен.

Өтеш те бир кесе шай ишип алды,
Орнынан турмастан ол келип қалды.
Өтешке ызалы бир жамбас салды,
Өтеш оған азлап ҳаўлыққан екен.

Хийўалы жамбасы Өтешке батты,
Қызып алды және өзин тоқтатты,
Хийўалы палўанды қайтарып атты,
Екеўи қырынлап шар түскен екен.

Екеўи ажырасып қайтадан тутты,
Бул Бекжан палўанға ызалы батты,
«Жамбасын» қайтарды деген бул атты,
Биринши еситип көргени екен.

Өтешти услаўдан зыңбақшы болды,
Жағадан, бир қолын белбаўдан алды,
Баяғы жамбасты тағы да салды,
Өтеш енди өзин услаған екен.

Өтеш те услады Бекжан белинен,
Ҳаўалап көтерди турған жеринен,
Палўанлары бирге шыққан елинен,
Буннан аман шықпасын билген екен.

Гөне кийиминде серлемей ҳеш ким,
Өзи шықпағанда, зорламас бәлким,
Өтештиң қарыўын көрген соң ҳәр ким,
«Ал-ха, азаматым!» деп турған екен.

Бурын майда тойда гүрескен қолдан,
Бундай күш шығарын ойламай оннан,
Хийўада атақлы байрақдар ханнан,
Өтеш соған тең деп ойламас екен.

Екшеп көтергенде жоқары қарай,
Бекжаннан да ақты терлер сорғалай,
Тасламақты жерге, бир келсе қолай,
Бекжан Өтеш ойын аңлаған екен.

Бекжан билген екен Өтеш ыңғайын,
Өтеш мени жерге зыңыўы тайын,
Таслады қапталлап, түсти бир ийин,
Және де екеўи шар болған екен.

Дем алмаға қайтты Бекжан орнына,
Зорыққаны, қан келипти мурнына,
Ийни жара болды түсип қырына,
Өтешке қайрылып қарайды екен.

Өтеш кетпей турды қалса да ҳарып,
Өтеп тутты Өтеш қолынан барып,
Шай ишкизди оны ортаға алып,
Өтешке бәрше халық таң қалған екен.

Шай ишкен соң шықты Өтеш ортаға,
Шығанағын сыйпар әсте жортаға,
Бекжан келди, қол салысты жағаға,
Бул сапар шын гүрес басланған екен.

Өтеш те Бекжанның тәсилин билди,
Өзинше палўанлық әмелин қылды,
Жаға, белден услап, аяқтан илди,
Бекжан қолын Өтештен тартқан екен.

Палўанлардың бири қолын жаздырса,
Жерге аяқ-қолын таянып турса,
Гүресиўши яки бақлаўшы көрсе,
Гүрести сол мәҳәл тоқтатар екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлар шуўласып кышқырар бәрше,
— Әй! Геўде, сен! Палўанман деп жүргенше,
Үйиңде жат! Шықпа енди өлгенше!...
Ҳәр ким бир нәрсе деп шуўласқан екен.

Өтеш палўан алды қолыны тартып,
Бекжан жер таянып, көзин алартып,
Жерде топырақ болған қолыны артып,
Турды да Өтешке жабысқан екен.

Өтеш палўан минди жеделге қатты,
Услады белинен өзине тартты,
Шыргүбелек айлантырып бир атты,
Бекжан шалқасынан қулаған екен.

Айландырып шеп аяқтан урғанда,
Бекжан билди тек орнынан турғанда,
Басалмады шеп аяғы былғаңлап,
Шеп аяқ жиликтен айрылған екен.

Бекжан ол орнынан турды да жатты,
Шериклери Бекжан қасына жетти,
— Бекжан ака! — деди, көтерип қайтты,
Бекжан аяғынан айрылған екен.

Бекжанды көтерип кеттилер алып,
Гүрес даўам қылды басқалар қалып,
Өтеп, Сайытларди гүреске салып,
Өтеш бас байрақты бул алған екен.

Гүллән халық алғыс айтты Өтешке,
«Атасына рахмет! Бәрекелле күшке!»
Арзымбет Өтешти шақырып ишке,
Жақсы кийим менен сыйлаған екен.

Дөник шапан ҳәм де силкпе шөгирме,
Ақ пушта етик ҳәм белбеўге түрме,
Гөруғлының қуралындай сүйирме,
Өткир қылыш та қосып берген екен.

Кийинди кийимин, жарағын асты,
Өтешти танымай ҳәмме қарасты,
Кийген кийим, таққан қылыш жарасты,
Бәрше «қутлы болсын» деп айтқан екен.

Өтешке бул сыйлық күш-қуўат болды,
Халық ҳүрметине кеўили толды,
«Той үлесиң» дейип бергенин алды,
Жигитлер арыны арлаған екен.

Кутлымурат Өтешти шақырды, барды,
— Минерсен, иним, — деп тулпар ат берди,
Гүмис ер, мақпалдан терликти көрди,
Гүдары нокта да салынған екен.

Аты — өткен батырлардың тулпары,
Жабыўы жипектен, нокта гүдары,
Өзине жарасар, көрсеңиз бәри,
Өтеш көрип исенбей турған екен.

Ҳәр абзалы бир жорғаның баҳасы,
— Өзим болсам кәмбағалдың баласы,
Минсем, мен боларман бул атқа асы, —
Деп минбестен ойланып турған екен.

— Қутлы болсын, кәне, мин — деди, — атқа,
Не айтарын билмеди бул «кәраматқа»,
Қараса көз салып аламан жаққа,
«Минеғой, азамат» дегендей екен.

«Я пирим» деп минди сәкирип атқа,
Атқа минди, жетти мақсет-муратқа,
«Рахмет, дослар!» деди туўысқан журтқа,
Атты шаўып айланып келген екен.

Жынысы ҳайўан, бирақ аттың тулпары,
«Дүлдүл» деди мақтап көргеннин бәри,
Барлық жерге тарап бунын хабары,
Ел аўзында бир дәстан болған екен.

Той болған соң болар көкпар шабысы,
Көкпарда ойнады Өтеш ябысы,
Жеңип алды көкпарды да шабысы,
Гүрестей табысын мол еткен екен.

Өтеш «Өтеш батыр» болды сол тойда,
Еки адам, үш адам бирлескен жайда,
Мейли аўылда ма, мейли тоғайда,
Өтештиң дәстаны айтылған екен.

Соннан берли өтди арадан үш жыл,
Сол арада болды ўақыя хәр қыл,
Өтеш аралады Шаббазды,Төрткүл,
Жаўырыны хеш жерге тиймеген екен.

Ол қатнасты душпаннан өш алыўға,
Қоркпады Хийўаға жалғыз барыўға,
Исенди өзинде болған қарыўға,
Хеш жерде хеш кимнен қорқпаған екен.

Үш жыл өткергели Арзымбет тойын,
Бес ағайин үй ишинен арқайын,
Кутлымурат Өтешке ойласты ойын,
Өтешке де ол мақул түскен екен.

Кутлымурат арқа берди Өтешке,
Өтеш инилери, ондағы күшке,
Бир ойласық болса шақырып ишке,
Ишки сырларды бек ойласар екен.

Инилерден басқа жақын туўысқан,
Ар-намысқа белди беккем буўысқан,
Ҳәммеси баҳадыр шынықкан жастан,
Төреш, Зийнеш, Өтеп палўан бар екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Он бес жигит, басшы — Өтеш батырды,
Бир жерге барсалар бәри бир барды,
Өтеш батыр хабарласа хабарды,
Айтқан мәҳел ҳәммеси таяр екен.

Арзымбеттиң тойы өткели берли,
Он бес жигит жыйналды тек усы жерли,
Жақсы атлары бар, таяр тур ерли,
Жаў-жарағы, қылыш-мылтық саз екен.

II бөлим

Жунайыт хан деген шығыпты. Шәмми кәл менен жәнжел болыпты, өзли-өзи қырылысып, Жунайыт ханды Шәмми қашырыпты. Бирақ Жунайыт хан және келеди-мис, «Пәлен жерде пәлен-мис», Шоманайда бир үйди талапты, Гөнеде ямаса «Порсыда», «Булдумсаз»да көп адамларды талапты, Қаратереңнен өтиў қыйын, Қарабайлы тоғайында уры бар, — деген сөз ел ишинде таралып турған ўақлар көп болар еди.

Шоманайға жақынырақ, Қанлыкөлдиң қубласында отырған бир бөлек аўыл бар еди. Бул аўылды «қырық руў» деп те атар едилер. Сол аўылдың бир адамы Бердан деген болып, оның улы болмай, жалғыз қызы болды. Бул бөлим сол Берданның қызы туўралы. Ол төмендегише баянланады:

Өтеш жаңа турып еди азанда,
Шайы таяр, аўқат писер қазанда,
Биреў үйге кирди, түри азарда,
«Төрге шық» десе де шықпаған екен.

Орта жастан өткен, өзи шал сақал,
Келген екен Өтешке ол тәўекел,
Бүгин түнде болған бир жаман аўҳал,
Айталмай зар жылап жиберген екен.

Жылап турып деди: — Иним усындай,
Ул баладан бизди қысты бул құдай,
Ул болғанда қорланбас едим бундай, —
Деп изин айталмай жылаған екен.

Өтеш сорар: — Басқыл, ата, өзинди,
Еситейик, түсинейик сөзинди,
Ким, биреў алды ма зорлап қызынды?
Қыз да, ул да перзент ғой, — деген екен.

Әўели шубыртып турса да сөзин,
Өтештиң сөзинен ол басты өзин,
Үйинде бой жетип отырған қызын,
Зорлап үш жигит алып кеткен екен.

— Аты ким, қай елдиң жигити өзи?
Өтеш сораў берип аларды көзи,
— Билмеймен, түркменге уқсады сөзи.
Өтеш буған дым хайран болған екен.

Азырақ үндемей турды да және,
«Қыздың өзи сүйип кетти ме кәне?!»,
Өзинше ойлады: «Сорағанда не»,
Ямаса бул сөзим болар ма мәлел.

Ойшыл басын көтерип бир қарады,
Танымайсаң?... Өтеш әсте сорады,
Дедидағын тез орнынан турады,
Ғарры «жоқ» деп басын шайқайды екен.

— Жоқ, иним, ҳеш жерде көрмедим, — деди,
Өтеш келип салды атына ерди,
«Зийнеш, Төреш келсин» деп хабар берди,
— Тутамыз, ата, биз, қорқпа, — дер екен.

Ғаррының да минип келген аты бар,
Жүрегинде қайғы-ғамның оты бар,
Бәринде де жедел ашыў пәти бар,
Төртеўи тең атларға минискен екен.

Төртеўи ат шаўып қублаға кетти,
Бираз жүрип ғарры үйине жетти,
Үйдиң айланасын қарап сын етти,
Түндеги келгенлер үш атлы екен.

Тапты қызды сүйреп барған жерини,
Атқа жүклер ўақта аўған ерини,
Серлеп билди бул ўақыя бәрини,
Келгенлер ҳақыйқат баспашы екен.

Деди Өтеш: — Турмаң, ўақыт өтпесин,
Бул залымлар көп узақлап кетпесин,
Ол залымлар мақсетине жетпесин, —
Ғәзеп пенен атларға минген екен.

Ғарры дуўа қылды көзини жаслап,
Өтеш батыр кетти алдында баслап,
Батырларда ашыў шоғы ҳалласлап,
Изди қуўып тоғайдан бармақта екен.

Ғарры да бул ерип қалмады изден,
Өтеш көрип атты тоқтатты тезден,
— Қайтың, ғарры, жумыс қалмады сизде,
Ендиги ис бизиң менен — дер екен.

Ата, сиз қала бер, биз кеттик, —деди,
Табыўға залымды ант еттик, — деди,
Залымларды изинен биз қуўып жетсек,
Қызды алып қайтармыз, — деген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Из Шоманай жетпей күн батар кетти,
Бурында суў аққан өзектен өтти,
Сол жерде азырақ из де жаңылтты,
Бир из басқа тәрепке кеткен екен.

Азырақ тоқтады көп турмай Өтеш,
Ойланбаққа ўақты жоқ, қалады кеш,
— Сен қуў, — деди, — бар, анаў изди Зийнеш,
Көп излерди екеўи барлаған екен.

Зийнеш жалғыз атлы изини қуўды,
Қорқыўды ҳеш билмес, беллерин буўды,
Өзинше ойланды, ой-қыял шуўлы,
Ашыў тула бойын кернеген екен.

Жалғыз атлы изи бурылды тағы,
Қалың тоғай бүркеп кеткен жән-жағы,
Буғып өтер шатқа тийип тумағы,
Жүдә көп қыйыншылық көрген екен.

Бир мәҳел байлаўлы бир атты көрди,
Ҳақыйқат баспашы аты екен, дерди,
Ат үстинде жаман бастырық ерди,
Көрип соған ҳайран болған екен.

Баспашының бундай аты болмайды,
Баспашының минип кеўли толмайды,
Болғанда да ер-абзалын онлайды,
Бул болса бир әпиўайы ат екен.

Барды да жән-жағын бир қарап алды,
Ҳеш ким көринбегенге ҳайран қалды,
Дөгеректе айланып жерге сер салды,
Жүрип кеткен бир изди көрген екен.

Адымлатып бул да атты айдады,
Оны табайын деп тисин қайрады,
Бираз жүрип бүктен өтсе жайдары,
Қақыра жай, үш атты көрген екен.

«Зийнеш!» деген бир даўысқа оқталып,
Атының басыны тартып тоқтады,
Әсте бүк астынан биреў шоқланып,
Зийнеш қолы қылышқа барған екен.

Зийнешке ымлады, «бери кел» деди,
Мен жаў емес саған, достым, ел — деди,
Қыз ушын шыққанман тәўекел, — деди,
Зийнеш оған дәрриў түсинген екен.

Зийнеш те атыны кейинге бурды,
Жигит қапталына ол келип турды,
Қысқаша айтты да аттан түсирди,
Бул жигит ол қыздың ашығы екен.

Азанда еситти усы хабарды,
Еситкенннен қыздың үйине барды,
Алып кеткен залым ол сәўер ярды,
Сөйтип ярдың изин излеген екен.

Күн шығар алдында жеткен изинен,
Тасаланып залымлардың көзинен,
Үмитин үзбестен сүйген қызынан,
Қарама-қара изинен қалмаған екен.

Душпанлар ашықлық, тоғайдан келер,
Бул да бир қапталдан гә изине ерер,
Болды душпан қолында ол жан берер,
Тағы да сонына қараған екен.

Душпанлар қақыра жайға келипти,
Усы жерде тоқтайжағын билипти,
Сонсын атын ол кейинге бурыпты,
Алысырақ жерге байлаған екен.

Себеби, ат оқыранып киснеп қояр,
Сонсын булар адам келгенин туяр,
Қолдан кетсе бул жерден де сүйген яр,
Деген пикир басына келген екен.

Зийнеш те арманырақ атын байлады,
Екеў болып кеўиллерин жайлады,
Екеўи де бир пикирди ойлады,
Қақыраға бирден кирмекши екен.

Деди жигит: — Мениң атым Арзыўды,
Ойлап турман мен алдында барыўды,
Зийнеш, сен келдиң де бердиң қарыўды,
Маған соны ислеў қарыз, — дер екен.

Шынында Арзыўда тасқанды ғайрат,
Қақыраға умтылды бир неше рет,
Душпан менен келе ғойса бетме-бет,
Мал сойғандай соймақшы болған екен.

Зийнеш айтты: — Келди бул иске Өтеш,
Жетерли, Арзыўжан, сенде қарыў күш,
Сениң ярың ушын келдик болып үш,
Мурадыңа жетерсең, — деген екен.

Арзыўда тағы да сондай күш тасты,
Зийнештиң қасына келип жантасты,
Қушағына алып көкирегине басты,
Көзинен мөлтилдеп жас аққан екен.

Арзыў айтты: —Мен бир хабар алайын,
Баклайын, көрейин истиң қолайын,
Әгер бир ғалмағал болса, сен тайын,
Менде ҳеш қорқыныш жоқ, — деген екен.

Арзыўда бар екен еки жүзли қанжар,
Шыққанда алыпты хызметке жарар,
Билектей ағашты иркилмей шабар,
Жақсы полаттан ол исленген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўырып алды сол пышақты қолына,
Бир қарап алдында жүрер жолына,
Қарамастан оңына, я солына,
Қақыра жанына жетип барған екен.

Өтеш, Төреш бул жигитти көрипти,
Душпан ғой! деп өзинше пәм берипти,
Бирақ Зийнеш жигит изине ерипти,
Олар да жақынлап келген екен.

Буны көрип Өтеш әсте тоқталды,
Қылышын қынынан қолына алды,
Түсинбеди көрип мынаў аўҳалды,
Душпан десе, Зийнеш қасында екен.

Зийнешлер келгени күншығар-қубла,
Жигит қылар жедел қақыраға ҳәмле,
Өтеш ойлар, бул қандайын наркәлле,
Зийнешке қаяқтан жолыққан екен.

Өтеш жеткеннен соң арқа тәрептен,
Ҳайран болып турды бул сырлы сәттен,
Өтеш түсинбей тур: «Болмаса, әттең»,
Қақыраға хүжимди баслайжақ екен.

Сол ўақ ишкериден бир адам шықты,
Қақыраны паналап булар да буқты,
Ол адам арманырақ барып бир ықты,
Паналап отырды, «тәретке екен».

Арзыў тарса турып барды да басты,
Оннан шығармады ҳеш қандай басқы,
Зийнеш қақыраның есигин ашты,
Өтеш, Төрешлер де жетискен екен.

— Көтер қолыңды? — деп Зийнеш бақырды,
Қақыраның иши болды тақырлы,
Жүреги жарылып үш адам турды,
Ҳәммеси қолыны көтерген екен.

Зийнеш кести сол жердеги бир жипти,
—Арқаңа айлан! — деп биреўин тепти,
Еки қолын арқасына әкепти,
Жақсылап қолынан байлаған екен.

Қалған екеўин де сөйтип байлапты,
Бир жәм қылды кеўиллерин жайлады,
Төреш шығып дала жақты пайлады,
Арзыў душпан менен айқасар екен.

Арзыў басып қолын байлап атырса,
Душпанның қолайын таўыпты тарса,
Ашыў-ғәзеп пенен пышақты урса,
Пышақ тийместен тайып кеткен екен.

Бул душпан да жүдә епшил киси екен,
Баспашылық өмиринше иси екен,
Қолға бир түскени жаңа усы екен,
Арзыў жас та болса қарыўлы екен.

Еки мәрте басты оны қайырып,
Бирақ душпан алды өзин айырып,
Үшинши мәртебе басқанда барып,
Душпан илажсыздан бағынған екен.

Сол ўақтында келди Төреш те жетип,
Қылыш тийди баспашыға «шырп» етип,
Қай жақтан келгенин билмеди, нетип,
Қараса Төреш қылышын тартқан екен.

Турды Арзыў, душпан жан берер енди,
Төреш: — Бәрекелла азамат! — дерди,
Арзыўға узатты, қолыны берди,
Арзыў қушақласып көрискен екен.

Арзыў, Төреш келди Өтеш қасына,
Арзыў қолын тутты оған қысына,
Өтеш де Арзыўдың келип тусына,
Еки қолын берип көрискен екен.

Зийнеш таныстырды айтып Арзыўды,
Арзыў қысынды ма, бетин тер жуўды,
— Кешикпедиң иним, бахыт қусың, — деди,
Қызды қолы менен көрсеткен екен.

Қыз жатарды төрде, үсти жабылған,
Өлидей сести жоқ, есинен танған,
Өтеш қыз бетине орамал салған,
Себеби қыз көзин ашпайды екен.

Өтеш айтты: — Мине, бетин ашып көр,
Атын айтып бир-еки аўыз даўыс бер,
Сестиңди еситсе, мүмкин бир зат дер, —
Бәрше телмирисип қарайды екен.

Арзыў әсте барды қыздың қасына,
Барып отырды да қыз жанбасына,
Бетин ашып қолын қыздың басына
Қойып, маңлайына тийдирген екен.

Айўан-жайўан болған қыздың өрими,
Көп екен ғой бийшараның көрими,
Бетиниң шығыпты жырым-жырымы,
Жигит ойлап ишин күйдирген екен.

Жигит қыз бетине телмирип қарар,
Басын ийип қызға тақалып барар,
Қасындағыларды умытып сәўер яр,
Ышқында есинен айрылған екен.

Өтебийке «Ботам!» деп даўыслар әсте,
Гүлдей жайнап жатар қыз бети пәсте,
Жигит телмиргенин көрип Өтеш те,
Тақат қылып ҳеш туралмаған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш еки көзи қансырап кетти,
Әсте баспашылар қасына жетти,
Баспашы жағына бир муш қарс етти,
Баспашы тил қатпай жан берген екен.

Және биреўине келип жантасты,
Зийнеш оның әсте ийнинен басты,
Баспашы аяғын бүгип жүк түсти,
Өтеш онсын оны урмаған екен.

Жигит қарар еди қызға телмирип,
Өтеш барды олар қасына жүрип,
Еки ашық-машық аўҳалын көрип,
Қылыш сабына қолы барған екен.

Өтеш баспашыны шаппақшы еди,
Қыз сөйленди, бир нәрсе деп сес берди,
Өтеш жалт қарады, қызды кеп көрди,
Қыз кирпигин сәлпәл қағады екен.

Және бир нәрсе деп, әсте «суў» деди,
Қақырап жатыр барып көрсе суўкәди,
Арзыў жанын бермеге таяр еди,
Бул үйде бир жутым суў да жоқ екен.

Жалтаңлап төрт тәрепке қарады Арзыў,
Енди бир мақсети — ол да болса суў,
— Суў қайерде? Әй, баспашы, айт дәрриў! —
Деп Өтеш олардан сораған екен.

Баспашы: — Суў жоқ, — деди, — жақын жерде,
Мәскап пенен келтиремиз бизлер де,
Мәскап әне, илдириўли тур төрде, —
Деп ийегин силтеп көрсеткен екен.

Мәскабы териден дүзеткен ыдыс,
Жуўылмаған, кирлеп жатқан қалың ыс,
Ишин қарап еди, шықты бир ийис,
Көп турған гөнерген ол бир суў екен.

Тапты үйден излеп жаман тас зерен,
Тазалаймыз деп те ҳәлекленди кең,
Суўды қуйды зеренге зерен менен,
Қызға еки жутым ишрирген екен.

Басыны көтерип әсте сүйеди,
Суў иширип, басын жастыққа қояды,
Қыздың ҳалын көрген бәрше аяды,
Тек еки баспашы үндемес екен.

Бираздан соң қыз да көзин ашты,
— Келме, келме! — деди Арзыўдан қашты,
Дийўалға сүйенди, әсте босасты,
Арзыўды серледи, таныған екен.

— Арзыў! — деди, өзин таслап жиберди,
Арзыў қушақлады, «ҳаў жаным» дерди,
Шын ашық екенин үш батыр көрди,
Өтеш қуўанышын жасырмас екен.

Қызды алып шықты сүйеп далаға,
Қыз жабысып алған Арзыў балаға,
Аўлақ шығып: — Қандай түстим бәлаға?
Қутқарылғаным шын ба? — деген екен.

— Шын сүйиклим! Таныдың ба ағаңды?
Өтеш ағаң жоқлап келген арқаңды,
Биреўин өлтирип, екеўин таңды,
Баспашыдан қутылдың, — деген екен.

Қыз басын көтерди, бойын тикледи,
Дәртим шықсын дегендейин «уҳ» деди,
Қақыра есигине қараған еди,
Ет түршигип, басы айланған екен.

Жалт қарап Арзыўға асылды тағы,
Көзге түсти Арзыўдың қан бармағы,
Үстиниң де қан-қан ҳәмме жағы,
Қыз Арзыў жүзине қараған екен.

Шынында да сол өзинин Арзыўы,
Мүмкин емес ендиги бул қорқыўым,
Бирақ Арзыў үстиндеги қан жуғы,
Неден болған, енди гүман сол екен.

Ҳәмме жери саўдай, сонда-әм қарайды,
«Не қан?» деп сораўға тили бармайды
Өзин умытқандай оны аяйды,
«Бийшара-аў, мен ушын ҳәлек болған екен.

Қақырадан сес шықты — Өтеш жеркиўи,
Сол тәрепке қарады бул екеўи,
Баспашыны шығармастан иркиўи,
Өтеш олардан сорақ алар екен.

Булар тарийхынан түсиник берсем,
Айтпасам көплериң өтирик дерсең,
Исенбеген буны ҳәзирде көрсең,
Сол жерден ҳәзир белги тур екен.

Бул қақыра салыныўының сыры,
Үш баспашы еди, төрт болды, бири,
Сол үстинде шығар көплер пикири,
Қайдан пайда болды? Мәлимсиз екен.

Қақыраны сол үш баспашы салыпты,
Бирдей емес, ўақты мәкан қылыпты,
Тек үшеўи буның сырын билипти,
Усындай ўақытта келеди екен.

Ал биреўи ол тек бүгин қосылған,
Бурынырақ булардан хабары болған,
Бир неше мәртебе сөйлесип көрген,
Буның дәрти усы қыз болған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы қызды бурын айттырып көрген,
Қыз әкеси оған бермеймен деген,
Сонсын булар менен тил бириктирген,
Зорлық пенен алмақшы болған екен.

Өзи орта жаста, қырық бес шамасы,
Төрт ҳаял алыпты, өлген ҳәммеси,
Тойда көрип қыздан болып тәмеси,
Бул қыздың изине көп түскен екен.

Анық қыз атасы бермесин билип,
Ғаррының хеш кими жоқлығын көрип,
Қолайлы пайытты пайытлап жүрип,
Бүгин қызды қолға түсирген екен.

Әўлады қарақалпақ, өз аты Нарман,
Мәканы Шоманай, қублаға таман,
Атасы урыға болып атаман,
Ўақтында көп елди бүлдирген екен.

Атасы да өлген киси қолынан,
Өзи де хабардар аға жолынан,
Дүньясы, тапқаны киси малынан,
Жақсы жайы, мал-дүньясы көп екен.

Мине соның тапқан бул адамы,
Аўылы да, кәсиби бирге мудамы,
Усындай мақсетте басқан қәдеми,
Баспашылық-урлық ислеген екен.

Биреўи ол Ырыс — қазақ әўлады,
Буның көп ислерге жеткен қуўаты,
Урыларға басын қосып, әдети,
Урылар не қылса, соны қылған екен.

Атасары, Дурды — түркмен баласы,
Туўылған жерлери Гөне қубласы,
Булар кәри, кеўлинде муддасы,
Баспашылық ҳәм де урлық екен.

Булар: Ырыс, Дурды ҳәм Атасары,
Табысып жән-жақтан келгенди бәри,
Жоқарыда айтылды қылар кәри,
Нарманның аўылы мәканы екен.

Қупыя жайда қызды сақлап нешше күн,
Болмақшы мақсетте келтирген бүгин,
Нарманға бул қыз да түспеди тегин,
Қыз жолында көп дүнья шыққан екен.

Қолына түсирсе еплеп «мұңлысын»,
Дурдыға бермекши болды сиңлисин,
Көп дүнья шығарып қалған екеўин,
Керек десе, үйлендирмекши екен.

Мине сондай болған буларда ўәде,
Өзлери кеңесгөй, өзи кәтқуда,
Ислерди писирип, қайғысыз жүдә,
Бундай уллы исти баслаған екен.

Булар күндиз қызды ҳәм үйин көрген,
Неше күнлер барып ҳәм кетип жүрген,
Исти ҳәм қалдырмай жүдә писирген,
Өтешти ядына алмаған екен.

Бул сырға ол Нарман басшылық етти,
Кешелетип ол қупыя жерине жетти,
Сол жерде келисти, мәсләҳәт етти,
Нарман қалып, басқасы кеткен екен.

Атландылар қызды алып қайтпаға,
Қарағанда елдиң алды жатпаға,
Булардың исиниң бәрин айтпаға,
Жаза берсең көп ғой, таўсылмас екен.

Нарман қалды қақырада бир өзи,
Жолда күн шыққанша ол еки көзи,
Сәске ўақта келди ол сүйген қызы,
Геўдеде жаны бар, өлидей екен.

Алып келип жатқыздылар, еси жоқ,
Көзин ашпас, адам менен иси жоқ,
Бет-жүзинде қызлық хеш бир түси жоқ,
Тек өли жатқандай қыз жатқан екен.

Ҳәр жағына көрди аўдарып тартып,
Қайта өли түске кирер ағарып,
Енди илажсыздан тәўипке барып,
Қызды емлеттирмекши болған екен.

Атасары кетпек болды ортадан,
Соның ушын шыққан еди қақырадан,
Сол ўақтында келип Арзыў арқадан,
Жоқарыдағы ўақыя болған екен.

Қыз таслады аттан неше өзини,
Қанша айқастылар тырнап жүзини,
Топырақ шашып баспашылар көзине,
Қор қылыўына да аз қалған екен.

Мине соннан өнбей баспашы жолы,
Айқаса-айқаста көбиниң қолы,
Жараланып қаны тынбас келгели,
Қыз да шаршап есинен талған екен.

Буннан басқасыны жоқарыда жаздым,
Түсиндирип кетейин деп көп создым,
Оқыўшыға билгенимше көргиздим,
Жазбай кетсем түсиниксиз болар екен.

Атасары өлди Арзыў қолында,
Нарман да жан берди қыздың жолында,
Енди Ырыс, Дурды өлим алдында,
Қамыстай қалтырап отырған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш көп сорады буларды тергеп,
Айтажағы жоқарыда болған гәп,
Өлтирежақ еди, бирақ көрмей еп,
Елге алып кетпекши болған екен.

Екеўин байлады атқа миндирип,
Өлген екеўин сонда көмдирип,
Ел арасын ғалма-ғалдан тындырып,
Халық ушын пайдалы ис еткен екен.

Баспашыдан алды төрт қанжар пышақ,
Үш қылыш, бир мылтық, жетпис шақлы оқ,
Басқа көп нәрсеси болмады бирақ,
Өтеш үйди бираз қараған екен.

Мине, баспашыны беккемлеп ерге,
Басқыншының өзин аты менен бирге,
Еркекти, ҳаялды жыйнап бир жерге,
Баспашыны елге көрсеткен екен.

Халықтың қолында балта, бел-кетпен,
Баспашыны түртип, айбатлар еткен,
«Жерге кирип неге өлип кетпейсең?!»
Аўзына келгенди халық айтар екен.

Қыз жабысып жылар туўысқанларға,
Бундай ўақта мийирбанлық балаға,
Туўған анасы ҳәм жанажан аға,
Кеўли қорғасындай балқыған екен.

— Тиримисең! — деп жылайды ағасы,
Көзден аққан жасқа толды жағасы,
Толып қалды қыздың теңи-курдасы,
Қызды шыргүбелек айланған екен.

Ананы айтыўға сөз келип жетпей,
«Ана-анажаннан» ҳеш нәрсе өтпей,
Басына ис түсип көз жасы кеппей,
Ана күш-қуўаттан айрылған екен.

Берип таўысалмассаң ананың ҳақын,
Ана ҳәр нәрседен балаға жақын,
Мине сондай қыздың анасы бүгин,
Қызын қайта туўғандай болған екен.

«Қызың келди» деди, ана үйден шықты,
Қызын көрип қушақлаўға ынтықты,
Тетик ғой, бирақ та қыз дәрти жықты,
Екеўи абынып жығылған екен.

— Қарағым-қарағым, аппақ нәрестем,
Қурсын заман, биздей нашарға үстем,
Келдиң бе, өлиўге аз қалдым мен ҳәм,
Әй, дүнья, жақты күн бир келермекен!?

Усы налыс пенен қызына жетти,
Анаға қызы да жүгирип кетти,
Бул көринис ҳәммени де еритти,
Көзден жас ақпаған адам аз екен.

— Мине, — деди Өтеш, — көрдиң бе ҳалын?
Бийшара гүнасыз жанның аўҳалын?
Көзинде қанлы жас, аўзында жалын!
Көр болғыр баспашы, көриң, — дер екен.

Еки залым отыр төмен бүк түсип,
Көпшиликке Өтеш батыр көз тутып:
— Қәне, баспашыға недур мүнәсип?
Халық: — Атылсын! — деп шуўлаған екен.

Өтеш айтты: — Булар екеўи өлди,
Мине, бул екеўи сизлерге келди,
Бир бул емес, нешше бүлдирген елди,
Өлим залымларға еп, — деген екен.

Бирақ айтсын, еситейик сөзини,
Еситиңлер, көриң залым жүзини,
Ўәдесин еситип, қараң изини,
Айтсын өзлери, не дейди екен.

Түргелиң, қәне айт, жүзи каралар!
Шыныңды айт, соңғы сөз бул соралар,
Шыныңды айтпасаң, ыссы аралар,
Жүрегиңди сенлердиң! — деген екен.

Турдылар екеўи өкирип жылап,
Аяқта туралмай жығылды қулап,
Және де турғызды бир адам сүйеп,
Сонда олар мынадай деген екен.

— Сизге қарар бетимиз жоқ, халайық,
Не қылсаң да ол бизлерге ылайық,
Мәйли асың, биз жазаны алайық,
Бизики залымлық болған екен.

Түсинбедик, болдық ҳарам пикирде,
Жақсы ис қылмадық халыққа бир де,
Бизди жоқ қылыңлар, дәрриў өлтир де,
Бизге шыны өлим ылайық екен.

Өзлериңиз билиң, енди түсиндик,
Бирақ түсингенди өлерде билдик,
«Халық айтса, ғапыл айтпас», исендик,
Сонша жас дүньядан бос өткен екен.

Биз турыппыз, өли емес, тиримиз,
Бирақ өлген жақсы, өли биримиз,
Өзимизде айып, биз жуўапкермиз,
Бирақ бизди көплер алдаған екен.

Бизлер кирдик сол залымның сөзине,
Исендик беремен деген қызына,
Түсинбей қалыппыз истиң изине,
Не қылсаң өзлериң бил, — деген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ант беремиз, бизлер тәўбе қылдық,
Сиз кеширин, аяғына жығылдық,
Енди сиз достымыз, биз жаңа билдик,
Айтып болдық, — дейип жылаған екен.

Көпшилик булардың сөзин еситти,
Көп адамды булар сөзи жибитти,
Өтеш те ойланды, сөз тәсир етти,
Халық өтинишин тыңлаған екен.

Халық айтты: — Қәне сөзин көрейик,
Бул сапары босатып жиберейик,
Қайта қылса, жаза алар ылайық,
Және услаў ол аңсат, — деген екен.

Бул ўақыя тамам болды усында,
Арзыў ийеледи дәўлет қусын да,
Және алда нәўбет келген тусында,
Қалған жайы айтылмақ лазым екен.

Өтеш барып бул аўҳалды жайлады,
Ел арасы қуўаныштың қаймағы,
Арзыўды сол елге басшы сайлады,
Халық та қуўанып қарсы алған екен.

Үш батыр қайтты жамылып түнди,
Келип бола берди тыныш үйинде,
Бир күни бир қыял болып ойында,
Сол ойын жүзеге асырмақ екен.

III бөлим

Өтештиң ойы — қарыўлы батыр жигиттен ел аралап жигит табыў. Сол мақсетте жалғыз өзи дәрьяның арқа жағасын («Сүўенли»ни ол ўақтында халық «дәрья» дейди екен) аралап келиўи болды. Халық Әмиўдәрьяны «Жайхун-қыпшақдәрья» дер еди. «Шортан көл», «Сақый тал» деген жерлер болған. Ол жерлерде аўыл-топлам көпшилик болып отырып, өз алдына бир абырайлы киси ол елди басқарады. Бул еллер-аўыллар Қанлыкөлге қараслы болып, Қутлымурат беглербеги қол астында болған. Өтештиң туўылған жери «Көкли өзек» деген жер болған соң «Шортан көл»ди бурын аралап көрмеген еди. Бирақ көп мәрте еситкен. Мине сол елди аралаған Өтештиң көргенлерин төмендегише баянлаймыз.

Оқыўшы досларым! Сизлердиң дыққатыңызға бир нәрсе айтып билдирип кетемен, ол да болса мениң апамның туўысқан Мырзабийке деген қызапасы бар еди. Сол Мырзабийке апам маған «Сақый тал» туўралы гүрриң, ертек қылып айтып берген еди. Мен жас ўақтымда Қанлыкөлде жүргенимде әўлийе-қойымшылық ортасында ғарры «ешки тал»ды көрген едим.

Күн шықпастан бурын қараңғы еди,
Гөнелеў кийимин үстине кийди,
Адамлар турмастан кетпекши дейди,
Атқа гөне ер-турман салған екен.

Дийхан келбетинде кийинип алды,
Етик қонышына бир пышақ салды,
Буған ҳаялы да дым ҳайран қалды,
Бундай ҳеш ўақтында қылмайды екен.

Сораўға да ҳеш батына алмады,
Өтеш ҳеш ким менен иси болмады,
Жигитлерине де хабар қылмады,
Жалғыз өзи кетпекши болған екен.

Ел, адамлар өрмей, атына минди,
Арқа-күн батарға ат басын бурды,
Сүўенлиниң бойына келип турды,
Сүўенлиниң суўы азырақ екен.

Дәрьяны жағалап күн батар кетти,
Дәрьяның жағалаў жерине жетти,
Атын соған салды, арқаға өтти,
Қалың ол тоғайлыққа кирген екен.

Ири жыңғыл, нешше жигилдик те бар,
Арасы жол, бирақ жолы сондай тар,
«Телеген арба» сыйып жүрген из шығар,
Атлы зорға жүрип келмекте екен.

Өтеш келер, жән-жаққа қарар гезек,
Ишинде шалшық суў шықты бир өзек,
Сол өзекти жағалап жүристи тежеп,
Отынлы бир арбаны көрген екен.

Өзектен өтпекши болғанда батты,
Үстине жүкленген ол жыңғыл-шатты,
Өгизди арбадан шешти, босатты,
Өгизи де өзекке шөгинген екен.

Өтеш атын ирикти алысырақта,
Көмеклессембекен? Ойлап сол ўақта,
Және ойлап деди: — Көрейин, тоқта,
Қандай қылып тартып шығарар екен?

Қарап турды сөйтип арбашы жаққа,
Отыншы арбасы батар батпаққа,
Шөгип атыр, ойланды да тартпаққа,
Шешип бир жуўан жипти алған екен.

Арбаның арысын көтерди тикке,
Сөйтип еки арысты алды бир шетке,
Жипти алды, жеңин түрип билекке,
Жипти өгиз белинен ораған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтти де ол жипти ийнине салды,
Өгизди батпақтан шығарып алды,
Буны көрип Өтеш дым ҳайран қалды,
«Бәрекелла азамат» деген екен.

Өгизди байлады, арбаға келди,
Арбадағы алды ол балта-белди,
Тоғайдағы ол майдарақ жыңғылды,
Еки-үш баў көлемде байлаған екен.

Дегершик астына жыңғылды жайды,
Өзи сол арбаның астына кирди,
Арба көшеринен әсте көтерди,
Шөп үстине арбаны қойған екен.

Және бир мәртебе көтерди әсте,
Бир адым жылысты, алдына түсти,
Енди арба батпас, жайған шөп үсти,
Үш мәрте арбаны көтерген екен.

Келди өзек ернегине жақынлап,
Және бир көтерди раса шынлап,
Көрмегенлер айтар: бул сөйледи лап,
Арба ҳәм отынды көтерген екен.

Арба ҳәм отынды қоса көтерди,
Буның бул күшини Өтеш те көрди,
«Бул ҳақыйқат пил екен» деп сын берди,
Бундай күшти биринши көрген екен.

Жигит арбасына өгизди қосты,
Қағып турса үстиндеги ыласты,
Атлы келди, ол жигит сәлемлести,
Өтеш сәлемин әлик алған екен.

— Ҳарма иним, бул не, жақын тоғайда,
Отын жоқпа, қолайлы бул ыңғайда?
Қайдан келатырсаң, барасаң қайда? —
Деп әжиклеп Өтеш сораған екен.

— Тоғайдың отыны көби ырас ғой,
Ағай, бул тоғайдың отыны жас ғой,
Аўылда қыстаўлы болмақшы бир той,
Соған кеше кеш шықтым, — деген екен.

— Кеше шыққан едим кешке таман,
Тоғайдың жолы жоқ, жүриўге жаман,
Қайрақ жыңғыл шаптым келгенше шамам,
Бирақ мынаў өзек жаманлаў екен.

— Жолы жаман екен бул жүдә қазба,
Арбаңа көбирек тийепсең, саз ба?
Екеў шықпайсаң-аў, я адам аз ба?
Аўылың алыс па? — деп сораған екен.

— Бир арбаға еки киси не керек?
Тоғай алыс болды, болғанда берирек,
Түн ишинде биз айланып келерек, —
Деп арба айдаўға қолайласқан екен.

— Той қашан болады? — сорады Өтеш,
— Бүгин баслап, тамамланар ертең кеш,
Жаз күнинде той баслапты салып күш,
Өтешке бул той бир мәлимсиз екен.

— Қандай адам, ким өзи той бериўши,
Жигитттиң бул сөзге тырналды иши,
Иркилди, айтыўға жетпеди күши,
Суўық демин ишке бир тартқан екен.

Басын төмен басып өгизин тутты,
Бирақ Өтеш оннан жуўабын күтти,
Арбасын айдады, қапталда кетти,
Өтеш бунда «бир сыр бар» билген екен.

Аттан түсти, атын алды жетекке,
Ат жүўенин өткерди ол билекке,
Деди: — Иним сенде-менде жекке,
Гүрриңлесип бир кетсек болар екен.

Жигит келер еди еле ойланып,
Өтеш саўалына басы айланып,
Өтеш жаяў келген соң оңайланып,
Енди сөйлемекши болған екен.

— Ораз қазы деген той бериўшини,
Қарады «билерсең» дегендей оны,
Үйлендирмек болып атырмыз соны,
Мен соның асыранды улы, — деген екен.

— Жасы оның өткенде ме алпыстан?!
Таң қалғаны сонша, сорады әстен.
Хабарсыз ол жигит көзинде жастан,
Өтеш «астапурулла» деп келер екен.

Жигит жуўап бермей келмеди сөзге,
Бир мәҳәл сорады: — Таныс шығар сизге?
Өтеш көзи түсти жигиттеги көзге,
Жигиттиң көзинде жас көрген екен.

— Көп таныс емеспен, еситиўим бар,
Көп жерге берди ме бул тойға хабар?
Бақсы-жыраў болар, және ат шабар? —
Деп Өтеш жигиттен сораған екен.

Жигит деди: — Той қупыя өтеди,
Тек хабарды еки жерге етеди,
«Қутлымурат, Өтеш келсе жетеди»,
Кеңесинде сондай сөз болған екен.

— Ағаңыз қыз алып бергенди сизге?
Жигит мыйық тартып күлди бул сөзге:
— Ағам өзи toймай қыз қайда бизге!
Өтеш енди азлап түсинген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ата-анадан, ағайиннен кимиң бар?
Өгизге «шуў» деп арбасына қарар,
Саўалға ол бермегендей итибар,
Өгизге шуў-шуўлеп келмекте еди.

Жас болса да қыйнар ата-ана дәрти,
Сөйлеўге шама жоқ, томпайған урты,
Себеп, қайғы иште, тек пүтин сырты,
Ҳәр ким дәртин өзи биледи екен.

Сөйлеспей келеди, бираз ўақ өтти,
Арба, булар ашықлаў жерге жетти,
Жигит қолын төмен тутып көрсетти,
— Мынадайда ата-анам өлген екен.

— Жас ўақтымда олар дүньядан өтти,
Мине быйыл он сегиз жылға жетти,
Өзим толтыраман жигирма төртти,
Жақын ағайын, туўысқаным жоқ екен.

Жигит усы сөзди айтып тоқталды,
Ишки сырын айтпаққа бир оқталды,
Өтешке бир қарап көз қырын салды,
Өтеш те ол ойланып келер екен.

— Ораз қазы қызды қайдан алмақшы?
— Аўыл қызы, қыз әкеси «жамақшы»-
Сондай сулыў, жас қыз, сүўреттей жақсы, —
Жигит қызды айтып, гүрсинер екен.

— Мен түсиндим, иним, сениң ойыңды,
Несип болса, көрермиз ол тойыңды,
Төмен баспа басыңды ҳәм бойыңды,
Мурадыңа жетерсең, — деген екен.

— Иним кеттим, көрискенше хош, — деди,
Қапа болма, тәнде турса бас, — деди,
Саған берер нәсиятым үш, — деди,
Ҳайяр, пәнтхор, ладан болма, — дер екен.

Әлбетте, табаман ертеңге келип,
Исмин сорамаппан, кетейин билип,
Және ушырассақ бир несип қылып,
Айтып шақырмаға ол, — деген екен.

— Сорасаң, Еламан атымыз бизиң,
Мен де билип қалсам исмиңизди сизиң,
Қайерден келесиз, қаяқлы өзиң?
Көрген таныс-билис жақсы, — дер екен.

— Атым Арал, қубла жүздин адамы,
Қылар кәрим — ел аралаў мудамы,
Сендей жигит ағаңның жетпеси-кәми,
Ағаңның әрманы сол, — деген екен.

Өтеш Еламанға қолын узатты,
Қол алысты Өтеш тоқтатып атты,
Атына минди де жүўенин тартты,
Жолдан шығып тоғайға кирген екен.

Өтештиң изинен көп қарап турды,
Арба бираз жерге кеткенин көрди,
Соған жетпек болып әсте жүгирди,
Жигит көп нәрсени ойлаған екен.

Қызыр атамекен деп те ойлады,
«Тиленбедим» деп өзинше сөйледи,
Кетип қалды енди, жетпейди дады,
Ғаррылардың сөзин еслеген екен.

Егер айтсам кеўлимдеги барымды,
Өткенди, ҳәзирги барлық зарымды,
Қызыр қабыл қылса маған ярымды,
Пәтия берип, алып берер, — деген екен.

Еламан ойлады сондай ой қанша,
Отынды алып аўылына барғанша,
Яр ышқы жеңиллеп кеўлинен анша,
Көкиреги тасқынлаў болған екен.

Еламанда болды қанша ой-пикир,
Елден қызды алып қашпақ болды бир,
Не ислерин билмей ҳайран болып жүр,
Сол ўақта пикири сол болған екен.

Ораз қазы айттырған соң бул қызды,
Еламанда болған мақсетти бузды,
Ақырында қыздан үмитти үзди,
Себеби, қыз әкеси келискен екен.

Бир түнде келерди арбасын айдап,
Ойламаған гезде яры болды тап,
Еламан көрди де сол мәҳәл тоқтап,
Ярының қасына ол келген екен.

Қыз да турды жигитине телмирип,
Еламанның жүрегине күш кирип,
Құшақлады ярын келип жүгирип,
Қыз да Еламанға атылған екен.

Бираз турды екеўинде үн болмай,
Қыз жигит көкирегинен басын алалмай,
Жигит үнсиз турғанына шыдамай,
Қыз солқылдап әсте жылаған екен.

Деди жигит: — Илаж қылалмай ярың,
Усындай аўҳалға түсти тәғдириң,
Енди сениң билмекшимен пикириң,
Менде, сенде тәғдир сол болған екен.

Егер көнсең, сени алып кетермен,
Журттан шығып басыма таж етермен,
Орысият-Петргеше жетермен,
Енди мынаў басқа бир бәле екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ораз қазы алмақшы болған қызды,
«Алып қашты» дейип журт қарғар бизди,
Қарғыс жақсы емес ол екеўимизди,
Дүньяда саў қоймас яр, — деген екен.

Егер сени алмақ болса Хийўа хан,
Бермес едим, бул тәнимде турса жан,
Қыйын болды, маған ақыл бергил сен, —
Деп қызға телмирип қараған екен.

Он сегиз жыл бақты, атамдай болды,
Өгиздей жумсады, тартпадым қолды,
Енди ол алжыған ярымды алды,
Қудайым да соны билерме екен?!

Тарийхта болмаған таза жол ашсам,
Сени алсам, бул журтты таслап қашсам,
Ләбиңнен сорып ҳәм белиңнен қушсам,
Маған пүткил дүнья я күлермекен.

Алсам сени усы жердиң өзинде,
Турса ярым өткендеги сөзинде,
Не ғалмағал болса болсын изинде,
Ислесем қолымнан сол келерме екен.

Бул дүньяда сеннен намысым-арым,
Гәўҳарым-алтыным, қолымда барым,
Кеўлимде қуўаныш, сен едиң ярым,
Сол ярым изиме ерерме екен?

Кешсем залым байдан, туўылған елден,
Кетсек басты алып бул Қанлыкөлден,
Қол усласып бирге етектен-белден,
Сәўер ярым соған келисермекен.

Сен едиң қуўаныш, белимде мәдет,
Қуўаттан айырды бул жаман әдет,
Болса еди маған атамыз бир жат,
Бизлерге бул сирә жарасармекен.

Бул гәплер шыққалы жүдә қапамыз,
Енди тамам болды заўқы-сапамыз,
Кеўили яр еди, енди апамыз,
Жолда шығып түнде сорасармекен?

Жигиттиң сөзине зейин етерди,
Бул сөзден соң қыз да басын көтерди.
Қыз жигитке сөйтип кеңесин берди,
Қыз да өз дәртинен сөйлеген екен:

— Екеўимиз де усы елдиң баласы,
Көкке жетер мендей қыздың наласы,
Қаттыға кетсем мен боларман асы,
Яр, ойлайман өзиң, оны билерсең.

Мен таярман аспанғаша ушыўға,
Елди таслап, басқа елге қашыўға,
Белим таяр сендей ярым қушыўға,
Жүр кетейик, яр изиме ерерсең.

Ораз қазы дурыс аға болғаны,
Алпыс жаста ол төрт қатын алғаны,
Бул сөзимниң жоқ ғой, ярым, жалғаны,
Және қыз алмақшы, енди не дерсең?

Қызының қызлары ол меннен үлкен,
Өзиң ғой билесең, айтқыл ярым сен?
Сонда қандай оған ҳаял болып мен,
Шалға тийермен бе? Айтып берерсең.

Мен саған бағышлап қойған тәнимди,
Апа, деп жандырып жанған жанымды,
Селдей ағызбақ па тәннен қанымды,
Ярым жандыра бер, күлсең-күлерсең.

Егер тәғдир сеннен айралық салса,
Мени сол шал Ораз қазы алса,
Ырза бол, Бағдагүл көралмай қалса,
Өлгеннен соң шын кеўлимди билерсең.

Бул ушырасыў болды он күн шамасы,
Қыз жигиттиң, жигит қыздың наласы,
Үзилиске түсседағы арасы,
Бир түни сондай бир ушырасқан екен.

Сол ўақтында булар сырын айтысты,
Бирақ бир пикирге қоймады исти,
Биреў келип қалып, булар ажрасты,
Бир тоқтамлы пикир болмаған екен.

Мине, соннан берли өткен хәр күни,
Күндизи тыным жоқ, уйқысыз түни,
Қыздың үйде, жигит далада үни,
Хәр күн «аҳыў-ўайда» ол өткен екен.

«Ертең той» деген күн салып ийинге,
Балтасын, арқанын таҳлап, бейимлеп,
Отынға атланды қарап кейинге,
Бул иске хеш қандай исенбес екен.

Алып бермекшидей өзине қызды,
Жигит орынлайды буйрылған сөзди,
Сондай бир уялшаң, көтермес жүзди,
Не буйырса соны ислеген екен.

Тойда ушырасты Өтеш батырға,
Көп жергеше жолдас болғанды бирге,
Танымады, келмеди бир пикирге,
Кеўили хәр түрли қыялда екен.

Қарамады оның ким болыўына,
Сол мәҳәл ажырасып ол қалыўына,
Қыйналды келгенше өз аўылына,
«Қызыр» деп Өтешти ойлаған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш болса кетти тоғай аралап,
Көп жерлерден қайтты ойын саралап,
Түнде сол аўылда бир үй паналап,
«Қудайы қонақ» боп жайласқан екен.

Қонған үй ийеси дийхан бир киси,
Жазда егин, қыста балық аў иси,
Сондай тыным таппай жазы ҳәм қысы,
Өзин, хожалығын асырар екен.

Шығарды қонақты ол киси төрге,
Шай қайнады, ишти отырып бирге,
Өтеш «мени таныр» деген пикирде,
Қоңырат тилинде сөйлеген екен.

Аманияз екен бул киси аты,
Еллиден асса да тетик қуўаты,
Сақалы шын қара, қызыл жүз-бети,
Ашық кеўил және ҳәзилкеш екен.

Көп сөйлести әри-бери сөз таўып,
Өтеште бир нәрсе, ол болса қәўип,
«Мени танырмекен» деп ыңғайланып,
Тойдың гүресинен гәп қозғар екен.

— Той мереке болса, барып турсаңыз,
Жыраў, атшабарын, гүрес көрсеңиз,
Қайсы қызық, соннан айтып берсеңиз... —
Деп Өтеш көз астынан қараған екен.

— Иним, — деди Аманияз бир қозғалып,
Ҳеш тойды көрмедим мен сыртқа барып.
Қатынын көрсетти: — Жеңгенди алып...
Жибермейди мени... — деп күлген екен.

Шаш, сақал да баратыр бул ағарып,
Ҳәз қылмады, биз ағаңыз бир ғәрип,
Кеўилим толмайды жеңгеңе жарып...
Жеңгей күлип, қарсы бир қарар екен.

Иним, сондай өмир өтип баратыр,
Адамлар алпыста қыз алып атыр,
Кеўлимде көп нәрсе, ол толып атыр,
Бирақ... деп жеңгейге қарайды екен.

Жеңгенди он жети жасында алдым,
Жигирма жети жыл мен жолдас болдым,
Енди ажыраспайды, бәлеге қалдым,
Исенбейди, қыдыртпас, деген екен.

Быйыл толтыраман мен елиў үшти,
Жоқ қылмастан турып белимде күшти,
«Бир сәрўи нәзәлим, ядыма түсти»,
«Ҳа-ҳа-ҳа» деп ҳәз етип күлген екен.

Жеңгейдиң жүзинде өзгерис болмас,
Ериниң сөзини кеўлине алмас,
Күлип қайта ол да сондай болды мәс,
Өтештиң де ўақты хош болған екен.

Жеңгей атыны Гүлзийра дерди,
Сулыўлықта оның теңи жоқ еди,
Еринен Гүлзийра кеўли тоқ еди,
Жастан сүйип бирге қосылған екен.

Деди жеңгей: — Қойса, конақтан уял,
Кеўлинде нәрсе жоқ, бәрха бос қыял,
Баллары көзинше болсам жат ҳаял,
Уялмайды қәйним бул, — деген екен.

— Ағай, ағай... Келди даўыслап бир қыз,
Сулыў он екиде, мисли таң жулдыз,
Өтешке көз түсип отырды қыз тез,
Әкеси ийнине асылған екен.

— Қызым, не гәп, бунша ҳаўлығып келдиң?
— Сержан келди, кийик услапты, көрдим,
Аттан аласа, ешкиден де үлкен дым...
Қасында Өтен де бирге жүр екен.

Қызы әкесине жүгир деп атыр,
Шешеси қызынан өкпелеп атыр,
Қыз да болса өтлестирип баратыр,
Апай, деп келмейди деген екен.

Аўзынан бузылған бир әкеси бар,
Кишкене көрмесе сағынып қалар,
Бунысы не, ал анаўлар баллар,
Апай, деп келгенде болмайдымекен?...

Кимнен сен көресең сүймесе бала,
«Ишиң жанса, дуз алдағын дуз жала»,
Қыз болсын, ул болсын, сен көрме ала, —
Деп Аманияз қыз басын сыйпар екен.

Өтеш күлип отыр буларды көрип,
Сәлем берди бир жигит үйге кирип,
Көристи Өтеш те қолыны берип,
Жигит булардың үлкен баласы екен.

Изинен келди және бир бала,
Сәлемлести, жай бериcти қозғала,
Жүзлери қарайған, қарайтқан дала,
Бирақ шешесиндей дым сулыў екен.

Жаңа күн де батып бараткан еди,
— Балам, қонақ ушын қойды сой, — деди,
Өтеш «Сойман» дейип тәўелле берди,
— Кийик жақсы қойыннан, — деген екен.

Өтеш көп зорлады, зорға қойдырды,
Қойды қойып, аў кийикти сойдырды,
Гүртик қылды, курсақларын тойдырды,
Баллары ол жыраўға кеткен екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аманияз Өтешке бир қарап қойып,
— Сорассақ ағайын, қылмассаң айып?
Дәлкеклесип отырып ерли-зайып,
Сораспақлық та яддан шыққан екен.

Өтеш айтты: — Келемен мен алыстан,
Қоңыратлы Рахымбай болыстан,
Бос адам сорайман таныс, билистен,
Болыс бийге адам керек, — дер екен.

— Болыс сондай үлкен сарай салмақшы,
Соған бослаў адам болса алмақшы,
Сол ушын келемен, сорасқан жақсы, —
Деп Өтеш төменге қараған екен.

Жалған сөйлегени өзине батты,
Қыялап жастыққа сүйенип жатты,
Тәсир қылды өзине бул иси қатты,
Маңлайдан сорғалап тер аққан екен.

Аманияз қатынына қарады,
— Үй арқасын аштың ба? — деп сорады,
— Күн ыссы, үй иши жанып барады,
Және де көбирек аш, — деген екен.

Өтеш батыр әсте қозғалып қойды,
— Көрмейсиз бе, — деди, — сиз барып тойды?
Айтыўынша ол бир үлкен той дейди,
Сондай және аўылында болар екен.

— Иним, — деди бул Аманияз отырып,
Биреў мурад қылып, биреў қутырып,
Мине усындай Ораз алпысқа барып,
Қутырғаннан той берер, — деген екен.

Мурад ушын берген той ол басқаша,
Қатыны бар, биреў емес, жуп қоса,
Жасы болса еди я бир орташа,
Мине быйыл алпыс үш жаста екен.

Бәнеси: белинен улы болмапты,
Сол бәнеси болды, көп мақул тапты,
Қыз әкесин мал дүньяға жығыпты,
Алпыс үште жигит болмақшы екен.

Аўылда бир бийшара шопан болды,
Өзлери өлди де, соннан ул қалды,
Төрт жас еди бала, Ораз қазы алды,
Шопан қәўендерсиз, қостарсыз екен.

Сол жигит ер жетти арыслан янлы,
Соны үйлендирсин ол болса оңлы,
Ағайин бизики, түбимиз қаңлы,
Бунда ақыл-естен нәрсе жоқ екен.

Кеше кеңесине шақыртты мени,
Бармадым қысқасы, жақтырмай оны,
Иним, сенде айтшы, дурыс па, қәне?
Өтеш қосып қойды: алжыған екен!

Шынында да Өтеш өзгерткен түрин,
Өтеш деп ойламас көргенлер бурын,
Таслаған салтанат жүристиң бәрин,
Ҳәзир әпиўайы кийинген екен.

Аманияздың болса пәрўайы пәлек,
Адамға сыр берип болмайды ҳәлек,
Өтеш сезди, көп сөз енди не керек,
Өтеш «тойға барсақ» деп ойлар екен.

Өтеш айтты: — Тойға бирге барайық,
Басқасы турсын да, жыраў көрейик,
Алса алар, оның қызын нетейик, —
Деп Өтеш орнынан қозғалған екен.

Тойханаға булар бардылар жетип,
Адамлар ишинен ортаға өтип,
Өтеш қараңғыда қарар сер етип,
От жақтысы — тойдың шамы сол екен.

Бул Өтешке жүдә қолайлы болды,
Өзини қараңғы бир шетке алды,
Жән-жағына қарады ҳәм сер салды,
Тойда таныс хеш ким көринбес екен.

Тойда жыраў айтар екен «Шәрияр»,
Бәрше адам төмен қарап тыңласар,
Жас жигитлер қыз тәрепке қарасар,
Қызлар да сыбырласып сорасар екен.

*Өтеш қарар, излегени бир адам,*
Келген, кеткен болса қарар дембе-дем,
Бир мәртебе сыртқа шығып келди ҳәм,
Сирә Еламаннан дәрек жоқ екен.

Аўыр жатар болды, тамағын берди,
Енди Аманияз да: — Қайтайық, — дерди.
Сол арада Еламанды бир көрди,
Әсте төмен қарап баратыр екен.

Қараңғыда Өтеш изинен жетти,
Әсте услап еди, тоқтап сер етти,
Өтешти көрди де, қуўанып кетти,
— Ағай келипсиз ғой! — деген екен.

— Ағай, — деди, — мынаў турған бизиң үй,
Анаў болса Ораз қазы турар жай,
Таза жайда болып атыр бүгин той,
Бизиң үйге жүрин, аға, — дер екен.

— Мениң менен тек те үлкен апам бар,
Сизди айттым, апам сизди көрмек зар,
Сондай жақсы кемпир, сондай бийҳазар,
Соны да бир көрип кет, — деген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Аралбай, Аралбай» даўыслар Аман,
Сөйленип киятыр Өтешке таман,
«Кетип қалған ба бул қарамай маған»,
Сөйленип Өтешке жақынлар екен.

«Кете бер сиз, аға, бараман ҳәзир»,
Аманияз кетти, Өтеште пикир,
Не мақсетте екен, билейин кемпир,
Деп өзинше Өтеш ойланар екен.

Өтеш барды сөйтип кемпир қасына,
Кемпир менен көристи қол ушына,
Кемпир сөйлер болған исти қысына,
Еламан Өтешти таныстырған екен.

Өтеш атын кемпирден де жасырды,
Билмекши болған соң ол барлық сырды,
Ертең деди, Еламанға тапсырды,
Қыз пикирин билип қайт, деген екен.

Қыз пикири, — деди Еламан сонда,
Маған кеўли барын айтады күнде,
Мениң менен қашпақшы ол ҳәзир түнде.
Қыздың ойын Еламан айтқан екен.

Өтеш айтты: — Ҳеш қайда да сиз қашпаң,
Бул сырларды хешк имге де сиз ашпаң,
Бүгин жатың, не де болса атсын таң,
Ертең бир жайлы болар, — деген екен.

Көнди Еламан да «жақсы,-деди, — аға»,
Өтеш кетти қонақ жайға жатпаға,
Сол ўақ таң да мейил болды атпаға,
Уйықлап турса күн сәске болған екен.

Өтеш турып Аманиязды сорады,
Гүлзийра Өтешке күле қарады,
«Ораз қазы шақырып кетти», деди,
Кеткенине бираз ўақ болған екен.

Өтеш шығып дала жақты айланды,
Қорадағы атын суўғарып байлады,
Сөйтип болып бир қыялды ойлады,
Тойханаға өзи бармақшы екен.

Еламанға қызды алып берейин,
Және де ойлады, изин көрейин,
Қай ўақ болсам Еламанға қыз тайын,
Бул ғалма-ғал изи не болар екен.

Аманияз да келди, той сырын айтты,
Еки күннен берли буны жойыпты,
Мойнына көп хызметлерди қойыпты,
Қызға «мурындық әке» қылған екен.

Өтеш тойға барды байлы бармағы,
Шалғыш пенен танылған еки жағы,
Малақай көзине қуйылған тағы,
Аяғын да силтеп басады екен.

Тойхана жән-жағын айланар еди,
Қызды Еламанға алып бериў дәрти,
Қутлымурат бегдиң келгенин көрди,
Көринбестен изине қайтқан екен.

Қутлымурат келгеннен соң бул тойға,
Оны киргиздилер бир қара үйге,
Өтеш көрди, келди де қонақ жайға,
Атын қайта ертлеп алған екен.

Өтеш те жөнледи өзиниң түрин,
Жағындағы шешип байлаўдың бәрин,
Сондай қойды енди жөгилик кәрин,
Сөйтип болып атыны минген екен.

Өтеш батыр келди тойға ат пенен,
Баяғыдай емес жүдә пәт пенен,
Муртлары шаншылған сиясат пенен,
Төрт киси теңине жүгирген екен.

Қутлымурат жаңа шығыпты қурға,
Өтешти көргенлер турдылар өрре,
Ораз қазы менен көристи зорға,
«Келин тойың мүбәрек» деген екен.

Ораз қазы басын төменге басты,
Қутлымурат деди: Өтеш алжасты,
Ораз қазы ағаң жасартпақ жасты...
Өтеш оның сөзин бөлген екен.

— Жас алпыстан кейин он бес болмайды,
Ораз қазы бул жаста қыз алмайды,
Енди қыз дегенде алдар қудайды,
Келин түсер той бул — той, — деген екен.

— Ағай, сиз де асый болдың қудайға,
Келин түсер той ғой, бул той байға,
Мынаў халық айтсын келгенлер тойға, —
Өтеш көпшиликке қарап қойған екен.

Ораз қазы берер тойы келин той,
Ораз қазы ойлағаны дурыс ой,
Қартайғанда келин жумсап енди бай,
Ақлық көрип, ақлық сүймекши екен.

Бай ағай қатынды енди қойғанды,
Төрт қатынды алды, сирә тойғанды.
Келин алса шәриятқа да жойбарлы,
Қатын алмақ асылық, — деген екен.

Және Ораз қазы жайҳундай тасса,
Төрт қатынға және қатынды қосса,
Дурыс болар Ораз қазыны асса,
Шәриятты бузып алжыған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қартайған соң адамзат жас бола ма?
Соған түсинбей ме, бул бир бала ма?
Алпыс үште уялмай қыз ала ма?
Ер жеткен жигити болмаса екен.

Өтеш батыр көзи қансырап кетти,
Ораз қазы ишинен пушайман етти,
Қорыққаны бир жазым, сөз жүдә өтти,
«Бул той баланики ғой» деген екен.

Ораз қазы Еламанды шақырды,
Еламан ағасы қасына барды,
Сәлем берди, Арал ағасын да көрди,
Көзи жайнап, мурты шаншылған екен.

— Өтеш иним, мынаў бизиң баламыз,
Мине соған биз бүгин қыз аламыз, —
Деди Ораз қазы күшти саламыз...
Өтешке Еламан қарайды екен.

Адамлардың еситпеди сөзин де,
Жерди көрмес, нур қалмады көзинде,
«Есаўас болды ма» дейди изинде,
Еламан хеш бир түсинбес екен.

«Арал» ағай болды ол Өтеш батыр,
Түсинбедим, мийим айланып баратыр,
Ойынан мың қыял ол өтип атыр,
Жилли болыўына аз қалған екен.

Ораз қазы тартты, есине келди,
Адамлар ишинде турғанын билди,
Қолын тартып алдыдағы иркилди,
Хеш нәрсеге түсинбей ҳайран екен.

Жыйналды өзине бир түрли бир күш,
Аралды не ушын атады Өтеш,
Түсинбей қалдым ғой бул сырға мен хеш,
Деп және де ойланып турған екен.

Сол ўақтында «ҳаў, Еламан, жүр» деди,
Жигит айтты: — Ағай тоқтап тур, — деди,
Дөгереги адам толы, көр, —деди,
Бираз адам келип жыйналған екен.

— Мени не қыласаң, қайда бараман?
Өртемеңлер мени, өзим жанаман.
Елсиз, күнсиз мен бир бахтықараман!...
Тула бойын ашыў кернеген екен.

— Кет, — деди, мен саған бала емеспен,
Сени енди хеш ўақ аға демеспен,
Кеттим мен елиңнен, қайтып келмеспен, —
Дедидағын әсте кетпекте екен.

Еки адам Еламан изинен жетти,
«Қайтқыл иним» дейип тәўелле етти,
Еки киси еки қолынан тутты,
Оларды ийтерип таслаған екен.

Және де үш адам ол жетип барды,
«Өтеш батыр шақырады» деп көрди,
Бәрине де ер Еламан тәп берди,
Жолбарыстай сирә күш бермес екен.

Бир мәҳәли жетти бул Өтеш батыр,
Буған да қарамай кетип баратыр,
Деди Өтеш: — Иним, сен бир тоқтап тур,
Еки аўыз сөйлесип кет, — деген екен.

— Ҳәмме бул заманда алдаўшы жөги,
Адамлардың менде бар қандай кеги,
Еламанның жоқ хеш кимге кереги,
Маған гәпиңизди қой! — деген екен.

Өтеш бул жалынды, тыңламас сирә,
«Жөгилер» деп қояр ол ара-тура,
Қушақлады еки қолын қаўсыра,
Өтешти де бир пәтке зыңған екен.

Еламанның қылып турған бул кеги,
Өтештиң алдаўы, соннан ғой көби,
«Мени алдап жүрсең, болмаса неге,
Атың дурыс айтпай жасырған екен».

Өтеш те жаздырмай бираз асылды,
Көп айқасты ең изинде басылды,
Өтеш жибермесин Еламан билди,
Отырып сол жерде жылаған екен.

Өтеш сөйлеспекши болды отырып,
Сол ўақтында даўыс шықты бақырып,
Бирин-бири қол былғайды шақырып,
«Қыз жоқ, қыз жоқ» дейип даўыслар екен.

Өтеш ол жайынан өрре түргелди,
Еламан да қыздың қашқанын билди,
«Саў таппайды оны, қыз енди өлди»
Үмитсизлеў Еламан турған екен.

Өтеш алды Еламанды қасына,
Бирге тезде барды тойдың басына,
Адамды таратты тумлы тусына,
Ҳәр ким бир тәрепти қыдырған екен.

Қыз үйи аўылдың күн шығар шети,
Тораңғыллық тоғай үй арқа бети,
Үй аўлақ, қыз қашыў келди рети,
Аўлағында қыз үйден шыққан екен.

Өтеш батыр жәнжел шығарған ўақты,
Үйде адам қалмай сол жаққа ақты,
Бул пурсатты қыз жүдә мақул тапты,
Гөнелеў бешбентти жамылған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Той болған жер орта жери аўылдың,
Қыз да бир жәмлиги болды кеўилдиң,
Қарап көрди, жоқ дәреги қыз-улдың,
Қызға сол ўақты қолай келген екен.

Үш қулаштай алды бир жуўан жипти,
Қызды ҳеш бир адам серлемей қапты,
Қыз арқаға шығып тоғайға кепти,
Тоғайды аралап қыз кеткен екен.

Барды жүрип бир қыйсық тал астына,
Еплеп шығып алды талдың үстине,
Көз жиберип қарап еди пәсине,
Асылыўға жүдә қолайлы екен.

Қутылғандай демин раслап «уҳ» деди,
Қыдырғанда ҳеш ким таппас жер еди,
Халық буны «сағал жатақ» дер еди,
Сол жерге енди қыз жайласқан екен.

Қандай қылып асылыўды ойлады,
Жип бир ушын өз мойнына байлады,
Ели-журтын ойлап пәрияд әйледи,
Теңқур-яран менен хошласқан екен.

— Мениң туўып-өскен Қанлыкөл елим,
Бүгин сынды сенде өскен бой-белим,
Енди пүтин болмас жақса да желим,
Мениң соңғы мәкан жайым усы екен.

Мениң қыз болғаным бул сорлы басым,
Қамалға келместен ақты көз жасым,
Хош болыңлар бирге өскен қурдасым,
Мине келдим, мәкан маған усы екен.

Көралмастан қалдың жақыным-жатым,
Әкеме жетпеди бул мениң дадым,
Қыз болып шықпастан дүньяға атым,
Гүлдей солар мәкан жайым усы екен.

Ашылмаған мен бир таза гүл едим,
Шақама қоныўға бир бүлбил едим,
Киси отын жағып ашшы күл жедим,
Сонда маған соңғы нәсип усы екен.

Қызыл қаннан айырып сен сүт бердиң,
Қыз да болсам улдан да артық көрдиң,
Кеше-күндиз «аппақ, жан қызым» дердиң,
Хош анажан, енди жайым усы екен.

Апа, аяғымнан кетип тур дәрман,
Көз алдында көрип өлмекке зарман,
Әзелги нәсипте усындай пәрман,
Пәрман несип бизге усы жай екен.

Биз адам баласы, көп ғой қәтемиз,
Оны билмей бул дүньядан өтемиз,
Алданып, түсинбей қалған атамыз,
Маған несип қылған жайың усы екен.

Мен өлген соң, ата, пушайман жерсең,
Ҳәзир түсинбеген көзи ашық көрсең,
Мени аямастан бир шалға берсең,
Қызыңның мәканы усы жай екен.

Малға саттың мениң теңсиз басымды,
Көзден аққан көрмедиң көз жасымды,
Той деп бердиң бүгин мениң асымды,
Хош аллияр аға, несип усы екен.

Өз мойнымды өзим байлап қойыппан,
Залымлар зулымынан жанға тойыппан,
Бойымды тасласам болды, ғайыппан,
Ғайып болар жайым мениң усы екен.

Мениң жетпес ҳеш кимге аҳыў-зарым,
Мен қуўанар едим, намысым-арым,
Еламан ғой, дейип сиз сүйген ярым,
Хабарым алмадың, не болды екен?

Күттим түнде саған айтқан жайымда,
Не бир пикир ойлар болды ойымда,
Түн ишинде көрип қалып дайым да,
Болмаса түн иши жайым усы екен.

Сен бир ладан, яки гөдек баласаң,
Алып қашсаң болар еди, шаласаң,
Енди, ярым, хош бол, меннен қаласаң,
Шын айралық күн бүгинги күн екен.

Неше сапар айттым кеўлимди ашып,
Кетейик яр дейип бул елден қашып,
Сен ойладың айтады деп «алжасып»,
Ҳақыйқатлық күн бүгинги күн екен.

Мениң сондай аўыр тербенбес таўым,
Туталмайды енди қарақшы жаўым.
Нашарларға үстем бай, молла-кәўим,
Маған еркинлик берген күн бул екен.

Еркинлигим ол мойныма илинди,
Бойым жеңил тартып маған билинди,
Ели-журтым, тең-қурбылар хош енди,
Бүгинги күн шын айралық күн екен.

Сәўер ярым, салып жүрмен дәрт ишке,
Меннен айралықта қалдыңыз кешке,
Қыйсық тал шақасы қыйнамас ҳеш те,
Тәғдирим ендиги сол болған екен.

Жиптиң қалған ушын байлап терекке,
Қарамас ҳеш қайда қыз дөгерекке,
Өзин байлап болып түргелди тикке,
Бул исте қыз көп ҳәлек болған екен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Алды басындағы жаўлығын әсте,
Оны да байлады шақаға пәсте,
Хеш ҳақыл болмайды дегендей мәсте,
Қыз дүньядан үмитин үзген екен.

Турды жаўлығына телмирип қарап,
Көздиң жасы ағар жерге сорғалап,
Қолайлы бир жерге келди жағалап,
Енди өзин төмен атпақшы екен.

Соңғы мәрте қарар екен талына,
Талға жалынады мынаў ҳалына,
Жиптиң бир ушыны услап қолына,
Турған талы менен сөйлескен екен.

— Бир шақаң қостарлық әйледи маған,
Енди илинермен қыйсық тал саған,
Егер биреў излеп келселер, оған,
Мени адамзатқа хеш бермегейсиз.

Сен билесең, басқа билмес ҳалымды,
Мениң аўҳалларым саған мәлимди,
Меҳрибаным, қостарым сен талымды,
Адамзат сөзине сиз ермегейсиз.

Мен өлген соң келсе ол ойсыз ағам,
Ўақтын хош әйлесин, қылмай қайғы ғам,
Ертели-кеш залым ағам өзи ҳәм,
Мендей болмақлығын аян қылғайсыз.

Ағам сорағанда ғарры шалымыз,
Усылай болды деп айтың ҳалымыз,
Ҳарамға шықты ден қырық бес малыңыз,
Өзимдей боп ийимансызға күлгейсиз.

Ана бийшарада гүна жоқ ғой, ҳақ,
Меннен айра түсип арамыз жырақ,
«Дүньяда ерки жоқ нашар» дер бирақ,
Сиз шәрият шығарғанлар өлгейсиз.

Апама сондай де, ол ырза болсын,
Мениң қәбириме бир белги салсын,
Ол мени аңлатып изимде қалсын,
Соны айтты деп кеўиллик бергейсиз.

Ең соңғы айтарым, кейинги сөзим,
Жаслайымнан кеўил бергеним өзим,
Соны өлеримде бир көрмей көзим,
Кеттим оны, әрманым сол дегейсиз.

Сол сөзди айтты да көзини жумды,
Қыйсық тал басынан өзини зынды,
Еламан да излеп келип тоғайды,
Жаңа қарамаға баслаған екен.

Сол ўақтында шайқалды ол қыйсық тал,
Жүгирип барды, қызды көтерди дәрҳал,
Қыз мойнынан жипти алды, қыз бир ҳал,
Даўыс жоқ, көз жумық, өлидей екен.

Бүк астынан шықты көтерип сыртқа,
Сынды ма деп қарар мойны-омыртқа,
Еламан шыдамай ушырап бул дәртке,
Не қыларын билмей жылап тур екен.

Өтеш келди қызды көрип жүгирип,
Қызды Еламанның қолында көрип,
Үстиндеги шекпенин шешип берип,
Қызды бир саяда жатқызған екен.

Қыз басы астына қойды малақай,
Өтеш арманырақ барды бир талай,
Бир жигит ушырасты, ол болды қолай,
«Таўып алып кел» деп буйырған екен.

Келди қайтып Еламанның қасына,
Қолын қойды қыздың әсте басына,
Сәл қызыллаў шырай келген түсине,
Бирақ қыздың даўысы шықпас екен.

Еламан ҳәм Өтеш сөйлемейди хеш,
Өтеш иштен ойланады: «қалдық кеш»,
Сөйтип турғанда көкиректеги «өркеш»,
Булқ-булқ қылып қыймылдар екен.

Өтеш қалтасынан орамал алды,
Қыздың бетин желпип, басына салды,
Не қыларын билмей мынаў аўҳалды,
«Меннен болды» дейип өкинер екен.

Жән-жағына тоғайға сер салады,
Қыя өскен қыйсық талға қарады,
Қыйсық талдың астына жетип барады,
Қыз асылған жиплерди көрген екен.

Өтеш хеш қайсына қолын урмады,
Жүдә жақын қасына да бармады,
Қызды аяп, «бийшара қыз әрманы,
Ат басындай шығар» деп ойлаған екен.

Бираз турып Өтеш қайтты изине,
Еламаны телмирер қыз жүзине,
Буны көрип Өтеш кейир өзине,
«Меннен болды» дейип өкинер екен.

Қыздың алып барды аўзына қолын,
Қыз бийшара алар еди сәл демин,
Жылап жибериўдин таппай әмелин,
Қуўанғаннан өрре түргелген екен.

Қуўанғаннан аўыл жаққа жүгирди,
Жүгирип келатқан адамды көрди,
«Арба алып келиң!» Буйрықты берди,
Сөйтти де изине қайтқан екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келсе қыздың бетин Еламан желпир,
Қыз мурыны деми үмитти желбир,
Өтеш те қуўанып, гүдигин жени,
Зар жылаған даўыс еситкен екен.

Төренияз аға — қыздың ағасы,
Ҳөл болыпты көз жасына жағасы,
Жақынлаған ўақ көринип қарасы,
Өтеш оның алдына шыққан екен.

— Тоқта, — деди Өтеш мойының бурып,
Төренияз жылайды ол тоқтап турып.
Қарайды Өтешке динкеси қурып,
— Иним, мениң ақмақлығым, — дер екен.

Иним, жибер, жан қызымды көрейин,
Қызым өлсе, мен де изинен өлейин,
Әўели қызымды көрип алайын, —
Деп Өтешке жылап жалынған екен.

Өтеш жибериўди қадаған етти,
Төрт-бес адам ҳәм тез келип жетти,
— Ҳеш ким сес шығарман, — деди көрсетти,
Қыз енди ыңқылдап дем алар екен.

Тәўип айтты: — Ис айланды жеңилге,
Бир адамды жәрдем ушын бериңлер,
Бүгин емес, ертең келип көриңлер,
Жақсы болар ҳеш гәп болмас, — дер екен.

Қутлымурат, Ораз қазы келгенде,
Өтеш ғәзеп етти жылан көргендей,
Оның ашыўына кеўил бөлгенде,
Ҳәр адымда аяқ жерге синер екен.

Болды Қутлымурат бегдиң ҳүрмети,
Болмаса Ораздың түтилер ети,
Сондай сурланғанды Өтештиң бети,
Ораз қазы басын көтермес екен.

— Ораз қазы, берманырақ кел! — деди,
Сениң исиң не ис екен, бил, —деди,
Өзиң айт тәғдириң, зейин ил, — деди,
Бол шаққан! — деп Өтеш қышқырған екен.

Ораз қазы кеўли әбден қабарды,
Қорқа-қорқа Өтеш қасына барды,
Жағасынан тутып талға апарды,
Басқалар да ерип барған екен.

— Қара, көриң, мынаўды ким иследи?
Адамлардың бәри ләбин тиследи,
Ораздың мойнынан Өтеш услады,
Жипти оның мойнына салған екен.

Ораз қазы бирден жылап жиберди,
Қутлымурат арашалап, «қой!» дерди,
Қутлымурат сөзин жықпады, берди,
Болмаса Оразды аспақшы екен.

Бир мәҳәл Төренияз қасына келди,
Өзи де қыйнамақ болғанын билди,
Бунын да мойнына сол жипти илди,
«Ас мени, ас!» дейип жылаған екен.

Бирақ буны онша қыйнап турмады,
Тез жиберди, я ашытып урмады,
Сол арада қатынлардың пәрияды,
Тоғайдың ишини жаңлатқан екен.

Өтеш шығып, «жыламаң!» деп қышқырды,
Қышқырыў, жылаўдың ҳәммеси тынды,
Өтеш келди талға, бир адам минди,
— Алмаңлар ҳеш нәрсе, түсиң, — дер екен.

Өтеш турып адамларға қарады,
Қатын, балалар да жақын барады,
Қыз асылған терек басын көреди,
Ҳәмме бир матамда турғандай екен.

Ҳәмме турар еди сыбырлап қарап,
Қыздың халын биреў-биреўден сорап,
Қызды өлтирмеген талды сыйпалап,
«Сақый тал сақыйлық етти» дер екен.

— Қәне, халық, қандай сизиң ойыңыз?
Матамға айланды көрген тойыңыз,
Буннан былай бул әдетти қойыңыз,
Қыз перзент ол сизден болған емес пе?

Ҳаял-қызды «нашар» дейсиз кемситип,
Дүньядан пайғамбар, патшалар өтип,
Нешше билгир кәраматын көрсетип,
Солар да ҳаялдан туўған емес пе?

Мине биз ҳәзирги күнди алайық,
Ораз қазы сол қызға ма ылайық?
Айтың сизлер, ағайинлер-халайық,
Оразбай қатынға тойған емес пе?

Алайық Төренияз ағаның өзин,
Буның ойсаң да аз ол еки көзин,
Өзинен үлкенге берген жас қызын,
Маңлайға жуп көзди ойған емес пе?

Қандай күйеў дейсең Ораз қазыны,
Саған берермекен Ораз қызыны,
Ийт бәри ийт, бирақ көпек-тазыны,
Айрым атап атын қойған емес пе?

Сен — кәмбағал, Ораз қазы — бай адам,
Байлығынан саған пайда жоқ одан,
Сеннен артық болған бир ағарыдан,
Әзиз зордан қулап қалған емес пе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызынды алған соң танымас сени,
Жалған деген адам сынасын соны,
Ким болсаң да өзиң теңинди таны,
Ҳәр ким теңи менен болған емес пе?

Бай менен бай жарысады удайы,
Байдың малы берилмейди қудайы,
Туўысқан-туўғаны, дүньясы, жайы,
Дүньядан айрылса өлген емес пе?

Сен инанып жүрсең бунын сөзине,
Малы бар деп ерип едиң изине,
Мал таўсылса қыз көринбес көзине,
Байлар малға басын сатқан емес пе?

Сен дейди нәлетий бир тыйын бермей,
Өзиндей адамды адам деп билмей,
Әкесин-шешесин көзине илмей,
Дүньяны ҳарамнан жыйған емес пе?

Қәне, не айтасыз мениң сөзиме,
Адам иси емес мениң өзиме,
Ергенлер жаманлардың изине,
Баслары бөлеге қалған емес пе?

Өтеш батыр айтып сөзин питирди,
Қыз асылған терекке қол көтерди,
«Жәдигерликке турсын, тийменлер» дерди,
Халық бул сөзди мақул көрген екен.

Тәўип пенен Еламан қыз қасында,
Қыздың байлап мойнын хәм де басын да,
Қыз көзин ашпаған, жыймас есин де,
Бирақ демин алып жатырған екен.

Өтеш батыр, басқалар да қарап тур,
Айтқан сөзи кеўиллерге жарап тур,
Ғәлети жоқ түри-түсин сынап тур,
Өзи батыр және ақыллы екен.

Өтеш батыр келип көрди ол қызды,
Қутлымурат келди оған көргизди,
Қудай айдап келген Еламан бизди,
Болмаса қыз бийшара өлген екен.

Қутлымурат ол да басын шайқар,
Ораз қазы узақ, келмеге қорқар,
Қыз қасында әке-шешеси жылар,
Бул көринис сондай қайғылы екен.

Бир мәҳәл қыз жатып көзини ашты,
Отырған анасына көзлери түсти,
Қыз әсте сөйледи қарлыққан сести,
Узақлаўда турған еситпес екен.

Анам пақыр сен де бунда келдиң бе?
Мениң өлгенимди еситип билдиң бе?
Сөйтип мениң изимнен сен өлдиң бе?
Дийдар несип өлгенде де бар екен.

Адамлар айтарды тири гезимде,
«О дүнья бар» дейип көрдим өзим де,
Тири қалып едиң мениң изимде,
Келип турсаң, дийдар несип бар екен.

Қыз қамығып бираз сөзлер сөйледи,
Адамларды «периште» деп ойлады,
Көзлери сарғайып, көгерген ләби,
Жүзлери ағарған дәрмансыз екен.

Еси жоқтай сөйлер екен өзинше,
Төрт-бес аўыз сөйлеп соның изинше,
Еламанды көрди көптиң ишинде,
Еламанға мыйығын тартқан екен.

Еламан да еки көзин айырмас,
Умытқандай көпшиликти еки жас,
Түсинеди қыймылына ләб хәм қас,
Ым менен сөйлесип турғандай екен.

Бундай ўақыт сүйискенге ол мәлим,
Буны тәрийплеўге жетпейди ҳалым,
Сөзге шебер болып жазса бир алым,
Өткен Ләйли-Мәжнундей болған екен.

Бираз қарап қыз қысты еки көзин,
Көздиң жасы жуўды ол қыздың жүзин,
Айталмады тилиндеги жуп сөзин,
Қыздың кеўли сондай толықсыр екен.

Сол арада келди арба да жетип,
Қызды арбаға миндирдилер көтерип.
Арбаның изине көпшилик ерип,
Песин ўақта аўылға келген екен.

Төренияздың үйине хәммеси келди,
Қыз да өз үйине келгенин билди,
Бурынғыдай емес, есини жыйды,
Күн кеш болды, намазлыгер ўақ екен.

Қыздың мойны қозғалтпайды жән-жаққа,
Шалқасына жатыр қарап шаңараққа,
«Мени ким қутқарған қалып саўапқа»
Дейип, қыз өзинше ойланар екен.

Қыз қасында тәўип бирге отырар,
Әке-шеше болса тынбай зар жылар,
Қоңсылары, ағайин-туўғаны бар,
Басқалары кетип қалған екен.

Өтеш Еламанды алып қасына,
Кетти бирге кеше болған қосына,
Аманияз танысты Өтеш досына,
Бүгин ҳақыйқат қонақ болған екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутлымурат беглербеги де барды,
Жиберген соң келсин деген хабарды,
Ораз қазы көрди, жүдә азарды,
Сондай жаман азапты берген екен.

Түни менен кетти түрли пикирге,
Үйлери бир аўыл тийип тур ирге,
Сонда хәм кетпей Ораз қазы да бирге,
Аманияздың үйинде бир қонған екен.

Азанда ертеден орнынан турып,
Кетдилер ол қызды келмеге көрип,
Еламан Өтештиң изине ерип,
Қыз үйине екеўи барған екен.

Өтеш кирди қыздың үйине алдын,
Еламан изинде далада қалды,
Қыздың кеселиниң жағдайын көрди,
Қыз да кешегиден сергеклеў екен.

Қыз Өтешти көрди, бирақ танымас,
Ана айтар: — Өтеш ағаң ғой, таныс.
Өтеш айтар: — Қарағым, қылмағыл намыс,
Еламан да келди, — деген екен.

Жән-жағына қарар, Еламаны жоқ,
Изине айналды сол ўақтында тек,
Далаға шықты да кел, деди, берирек,
Далада Еламан отырған екен.

Еламан да келди жақын Өтешке,
Өтеш оған: — Кирсең-о, — дерди ишке,
«Кир, кир» деп ийтерген шыдамай күшке,
Еламан уялып киргени екен.

Жигит ишке кирди сәлемин берип,
— Кел, қарағым, — деди ана түргелип,
Қыз да жатыр жигитине телмирип,
Жаслар көзи-көзге уласқан екен.

Сөзсиз, бирақ ҳал сорасар көз бенен,
Тәрийп етип болмас сирә сөз бенен,
«Қушақласып көриссем» дер қыз бенен,
Уят, қыздың әке-шешеси бар екен.

Өтеш айтты: — Сиңлим, сени қутқарған,
Сени излеп изиңди таўып барған,
Асылған жериңнен сол мәҳәл алған,
Еламан, — деп ийнинен қағар екен.

Еламан бир шетке өзини алды,
Туралмай далаға кетти де қалды.
Қыз да жаталмады, бирден қозғалды,
«Қозғалма» деп тәўип жалынар екен.

Қыз қасына келди әке-шешеси,
Қыздың басы айланып, талды еси,
— Қыймылдама, сорлы қыздың бул неси, —
Деп ана қызына кейинер екен.

Қыз сондай ыңырсып көзден жас ағар,
Мойны аўырар, және яр ышқы да бар,
Түсинбейди әке-шеше, бийхабар,
«Жигит кетпесе» деп қыз ойлар екен.

Өтеш ол тәўипке тапсырды қатты,
«Қыз жақсы болғанша кетпе» деп айтты.
Сол аўылдан алып бир жақсы атты,
Еламанды алып кетпекши екен.

Қутлымурат бәрше адамды жәмлетти,
Еламанға қызды «пәтия» етти,
Хошласып Қутлымурат үйине кетти,
Өтеш батыр сол жерде қалған екен.

## IV бөлим
## «Шортан көл»

Оқыўшы қәдирданлар! Ўақыя сондай болғаны анық. Сөздиң басында ўақыяны және биреўден еситип жазғанымды «сондай болған екен» деп билдирдим.

Енди сөзимде екен-екен деп, билдире бериўди мақсетке муўапық таппай отырман. Төртинши бөлимде «Сақый тал» ўақыясы тәсирленди. «Шортан көл»де еки бахадыр туўысқан Пирлепес, Ерлепес деген болып, Пирлепес ағасы, Ерлепес иниси. Сол Ерлепес Гүлзийба деген қызға ашық болады. Өтеш өзине нөкер жигит қыдырып жүргенин билесиз. Биз төменде «Шортан көл» ўақыясын баянлаймыз.

Рахмет айтып Аманияз ҳүрметине,
Өтеш батыр минди «тулпар» атына,
Ырза болып хошласып қалды олар,
Бул елге көрсеткен зор хызметине.

Өтештиң қасында Еламаны бар,
Еламан кеўлинен шықпас сирә яр,
Еламанға Өтеш қарап қояды,
Өтеш батыр Еламаннан хабардар.

Шортан көлге келип жетти песинде,
Балықшыны көрди көлдиң ишинде,
Бурында көп мәрте еситкени бар,
Балықшы ўақыясы Өтеш есинде.

Бир қайық жағаға жақынлап келди,
Басқалар жүзип жүр айдынлы көлди,
Гилең сары сазан илинген торға,
Жылымды тартып тур түринип женди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Балықшылар бир қайықта екеўи,
Булардың жағаға шығып келиўи,
Балық ушын келген адам бар екен,
Кетпекши болыпты соның биреўи.

Бир қапшықтан алып балықты салды,
Бул сыртқа шықты да биреўи қалды.
Өтештиң топарын көрди ол адам,
Ҳәм булардың қапталына тоқталды.

— Иним, — деди, — келдим кеше қубладан,
Баллар сорпасырап қулақ тынбаған,
Ағайиниме келип көрейин дедим,
Балық алдым тойдырсам деп қармадан...

Өзи сондай бир сөйлемшек киси екен,
Бунық кәри дийханшылық иси екен,
Көп жыл болған сирә келмеген бунда,
Балық ушын келгени бир усы екен.

Өтеш қулақ салып сөзин тыңлады,
Кеўли ашық киси екенин аңлады,
Ешегин әкелди жағада байлы,
Ешекке ол жүклеп жүкти теңледи.

Қарсы арқасына қарап баратыр,
Буларды «хәким» деп ойлады я бир,
Қорықты ма я өзи сондай киси ме,
Өтеш ҳәм Еламан күлисип атыр.

Балықшы жигит айдап кетти қайығын,
Айланып ескектиң таўып қайымын,
Булар да атларын айдады әсте,
Беккемлеп босасып кеткен айылын.

Еламанда болды қызық бир пикир,
Адамлар не «Шортан көл» деп айтып жүр?
Не ушын Шортан көл атаған екен?
Шортан емес, балығы бар неше түр.

Сорамақшы болды Өтеш батырдан,
Сораўға да кеўли бармады бирден,
Сонда өз ишинен келер ойланып,
Айландырып қыялын бираз жерден.

Өтеш Еламанның билгендей ойын,
Жөтелип қойды да тикледи бойын,
Шортан көл тарийхын баслады сөйтип,
Еситкен қулаққа болмаған тойым.

Лақабы «Шортан көл» балығы басқа,
Мен де ойлар едим: қойған алжасқа,
Бабам көл балығын аўлаған қанша,
Бизлер де келгенбиз бирталай жасқа.

Бабам жас гезинде дәрья дым тасқан,
Бул жерлердиң хәмме жерин суў басқан.
Сондай жаман болған суўдын ғәзеби,
Қашып жүрип бир-биреўден адасқан.

Бираз күнде дәрья суўы қайтады,
Жайлар, дийханшылық суўға кетеди,
Тиришилик қылыў халыққа керек,
Енди қандай аўқатсыз күн өтеди.

Бийик жерлер кеўип, шуқыр жерде суў,
Жыйналып қалғанда керек күнелтиў,
Сол суўларда қалған балықты аўлап,
Халқымыз күн көрген исин үдетип.

Шортан болған тутқан балық ҳәммеси,
Қайық болмай «сал»дан болған кемеси,
Көл жағасын «жер төле» деп жай еткен,
Адамлар ҳәм қоныс басқан жәмлесип.

Бир-бирине «қайда барасаң» десе,
«Шортан аўға», дейди жанына пеше,
Биз де барып шортан алып қайтайық,
Қазан қайнатайық тағы бир кеше.

Дүркин-дүркин халық сол көлге барып,
Көлдиң шортанларын қапшықлап алып,
Шортанлар халықтың аўқаты болған,
Соннан сол атанған «Шортан көл» болып.

Көлдиң арқа шети «Қыпшақ» дәрьясы,
«Жайҳун» дәрья дейди журтқа жәриясы,
Күн шығар-қубласы ол анаў тоғай,
Бизлер келатқан жер күн батар басы.

Көл болған ол ўақта халыққа ғәзийне,
Алтыннан қәдирли көринген көзге,
Халық көлдиң атын көкке көтерген,
Ырысқал болғаннан соң тамақ жоқ өзге.

Күнде үш мезгилде балық аўқаты,
Гүриш астан кем болмаған қуўаты,
Шортан ети сондай мазалы тамақ,
Татымы масқара, шортан ғой аты.

Күни-түни жегенде де шықпаған,
Ел ишинде нақыл да болып қалған.
«Шортан жеген тоқ болар» сондай,
Еситтик белгили саған да, маған.

Егер келсе бул үйлерге бир қонақ,
Бир шортаны орнын тутқан бир ылақ,
«Онын да хеш қайғы-ғамы жоқ» деген,
Бир аяқ ямаса бир қолы шолақ.

Жылма-жыл тутады азаймас балық,
Оңысар балықтан көлден көп халық,
Бурынғы саллар да жоқ болып кетти,
Енди қайық таптты көлге ылайық.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шортан емес, ҳәзир түрли балық бар,
Көлден көп жерлердиң халқы хабардар,
Ҳәтте сондай бай-дәўлетли болса да,
Балықларын дәнге алмаслап алысар.

Сонда тәрийпледи биреў бир байын,
Көрмеге табалмай жүрем қолайын,
Өзин көрмекшимен ҳәзир барыста,
Бүгин сонда бирге қонақ болайын.

Өтеш еситкенин айтып болғанда,
Жәмлести балықшылар да солманда,
Ҳәмме кеш болғанда қайтады екен,
Батыўға жақынлап күн қызарғанда.

Бир нешелер түн ишинде де тынбас,
Әсиресе, ай жарық күндизге уғрас,
Көл ишинен адам ажыралмайды,
Ай жарық түн болса бәрше баса-бас.

Көлдиң иши гей жери қалың қамыс,
Гей жерлери айдын ашық суў тегис,
Көлде жарасықлы мәнзерелер көп,
Ушып, қонып ғаңқылдасар түрли қус.

Кеш болды, баратыр күн енди батып,
Келди балықшылар аўылына жетип,
Қонақ үйи аўыл ортасы екен,
Сорадылар бир адамды тоқтатып.

Ортасы — жол, еки жағы — қатар үй,
Үйдиң көриниси бәршеси бир күй,
Шарбақ қылып орап қойылған шаттан,
Арқасы шат пенен қоршалған ылғый.

Ойнап жүрген жас баллардың даўысы,
Сән береди кеўиллерге қаўышып,
Топ-топ, тең-теңинде жыйналған бәри,
Көрсең ҳеш кеми жоқ яки аўысық.

Атлар жүрип келер көше ортадан,
Өтеш атын әсте айдар жортадан,
Ҳәр бир үйге көзин салып қарайды,
Көргенлерге сәлем берип, жол таман.

Қара үй алдында салланған қызлар,
Көргенде жигиттиң балтыры сызлар,
Қыялап наз бенен қарар буларға,
«Кел бери» дегендей ол сәрбиназлар.

Таза түскен келиншеклер де шығар,
«Қайнаға» дегендей дизесин бүгер,
Ҳеш үндемей өтиў Өтешке уят,
«Көп жаса» деген сөз Өтештен шығар.

Шал-кемпирди көрсе Өтеш туралмас,
Неше болса сәлем берер баспа-бас,

Ең болмаса ийек қағысар жүрип,
Ушырасса ол өзине заманлас.

Жақсы, жаңа, қатар үш үй тигилген,
Бурын көрмегенде бай үйин билген,
Сол ўақтың өзине ылайық болған,
Көргенге белгили ол үйлер үлкен.

Байда жарлылардан өзгешелик көп,
Әмелдар да келер байға «аға» деп,
Бир ис қылса байсыз қылынбас еди,
Халық та сол байға ойласар әдеп.

Мине сонда Өтеш, Еламан келди,
Бай улы екенин көргеннен билди,
Шетки үйден бир адам шығып келди,
Аттан түспей үй алдында иркилди.

Өтеш пенен ол адам кеп көристи,
Көрисип болды да кейнине бәсти,
Және келип ат жүўенин услады,
Өтеш, Еламан да атынан түсти.

Өтеш атын ол киси тез услады,
Мал қораға алып кете баслады,
Еламан да байлады бирге барып,
Атты байлап алдына шөп таслады.

Бул киси ол байға хызметкер киси,
Бай шәрўасы бунық ислейжақ иси,
Байдың ағайинлеў адамы еди,
Қарар отын-шөп, малға жаз-қысы.

Күн батқан болса да, ал дала жақты,
Сол ўақта Өтемис үйинен шықты,
Өтеш батыр менен көристи келип,
Шекпенин желбегей ийнине сапты.

Өтешти көрди де ҳеш танымады,
Сонда да далада иркип турмады,
— Үйге кириң қонақлар, — деди де әсте,
Мийман қәдемине ҳеш налымады.

Өтеш батыр кирди байдың изинен,
Көрпешелер төсеўли тур дизинен,
Бай үйинде бир ҳаялға көзи түсти,
Ҳәм бир қызға қаны тамған жүзинен.

Сәлем берип кирди Еламан үйге,
Жақсы төсеклерден төселди тийге,
Бай үшеўи қатар болып отырды,
Өтештиң қасында Еламан бирге.

Аманлық-есенлик сорасып болды,
Сорасты бир-бири танысып алды,
Өтемис бай хызметкерин шақырып,
Өтеш келгенине қуўанып қалды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әстелеп оларға бир нәрсе айтты,
«Жақсы» деп хызметкерлер изине қайтты,
Қонаққа таярлық көрилер болды,
Ҳаялы, қызы да баслады «ҳайтты».

Далада самаўыр қайнар шай ушын,
Төселер басқа үй қонақ жай ушын,
Ҳәр ким бир жумысты ислемек пенен,
Хызметкер көбейди, абырай бай ушын.

Бай ҳаялы келди байдың қасына,
— Қонақларды, — деди ҳаял қысына,
Аркайын отырса жақсы боларды,
Киргизсеңиз анаў жайдың босына?...

Билмегендей бай да «ҳе жақсы» деди,
Бай Өтешке мирәт қылды, түргелди,
Үй сондай безелип төселген екен,
Ортадағы үйге ҳәммеси келди.

Шыра жанған жайдың иши жап-жарық,
Анаў үйден бул жай қылар көп парық,
Бундай үй ҳеш кимде болмаған еди,
Көргенге шын, көрмегенге өтирик.

Ең тийге төселген ақ шашақ палас,
Үстине жайылған гилемлер тутас,
Әдепте шешинип төрге өтесең,
Үстин басып қылмайын десең ылас.

Пәр төсек, пәр көпшик қатар қойылған,
Бир шетине жипек көрпе жыйналған,
Ҳәр түр жипек кийимлер толы төрде,
Кийимге «тар ағаш» толып ийилген.

Үйдиң керегеси жаңа соғылған,
Сондай сулыў, балық майы жағылған,
Ҳәмме қурылысы ылайық өзге,
Үзик жиби тек жипектен тағылған.

Үйдиң үсти ақ кийизден жабылған,
Ойлайсаң, бул затлар қайдан табылған.
Бул затты ҳеш жерде көрмеген Өтеш,
Қанша бундай байлар үйинде болған.

Бай ҳаялы алып келди дәстурхан,
Иши толған бийдай уннан, сүтли нан,
Кеселери сулыў шынныдай екен,
Қызы шай әкелди бир шайнек үлкен.

Қонақлардың әўел қолын жуўдырды,
Бул тәртипти Өтеш биринши көрди,
Бай қызы қолларды жуўдырар еди,
Таң қалып ишинен «әжайып» дерди.

Байдың қызы шай қасында отырды,
Сөйтип қонақларға шай қуйып берди,
Айтыўға тәрийплеп сөз жетпес қызға,
Өтеш, Еламан да ол қызды көрди.

Тулым шашы қатар-қатар өрилген,
Шекеден арқаға жуплап терилген,
Өзине ҳәммеси жарасқан сондай,
Шашқа сондай жақсы пардоз берилген.

Он сегиз, он тоғыз ол қыздың жасы,
Көзлери үлкенлеў, жарасқан қасы,
Буннан зыят ҳеш ким өтпеген шығар,
Дәстанда мақталған қыз да муддасыл.

Бир тартымы қойылып тур қасына,
Кийген кийими жарасықлы жасына,
Көз астынан әсте қарап қояды,
Шай тутқанда қонақларға қысына.

Кийимине сес береди сырғасы,
Мыйық тартса, жүзде алмалық сырласы,
Шырайына шырай қосады, көрсең,
Жүзде күлекеши, керилген қасы.

Жүзин қыздың сүўретшилер салғандай,
Бетинде еки қал ойып қойғандай,
Ҳеш қандай мини жоқ келискен пишим,
Қарасаң көзиңниң нуры тойғандай.

Айтпай кетип болмас оның ийегин,
Көрген көп ғой шебер ҳаял жийегин,
Мысалға, сулыўлық усындай десең,
Оған теңеўдиң де өзи кийели.

Мойны да ақ тамақ, узынлаў келген,
Неше шайыр бурын тәрийплеп берген,
Бәлким сол шайырдың жазғаны дерсең,
Соларды оқыған, көз бенен көрген.

Қызыл жипек үстиндеги көйлеги,
Жеңинен көринер аппақ билеги,
Ким биледи, қандай ол жумбақ сыры
Қыздың әрманы жоқ, бирақ, тилеги...

Жеңсиз бешбент түйме белин қысып тур,
Толысқан көкирек бешбент ысып тур,
Барлық кийим қызға сондай жарасқан,
Гиршиксиз алмадай бағда писип тур.

Беллери жиңишке, узынлаў бойы,
Бойына ылайық келбети-ойы,
Өзи байдың қызы бола турса да,
Менменлик дарымас, кемтар удайы.

Алдынан қарасаң, айдың бөлеги,
Изинен қарасаң, жигит жүреги,
Қандай жигит болса қызға интизар,
Қыз қолынан табар бәрше керегин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуқа ерин, аппақ гәўҳардай тиси,
Оймақтай аўзында нәпеси писип,
Турғанын мақтаса ким қандай жазар,
Тил жетип айтыўға жетпейди күши.

Өкше бийик, аяғында қара етик,
Сулыў сын-сымбатын суңғақтай етип,
Бастан аяғына сер салып көрсең,
Оған баҳа берер шайыр жоқ жетик.

Ақылынды алар қыздың езиўи,
Ол көрген жигиттиң жаннан безиўи,
Көрсениз өзине қаратпай қоймас,
Кеўилге жайғаспас әрман гезиўи.

Бәрше қыздың өз ылайық назы бар,
Жылдың қысы, гүзи, бәҳәр-жазы бар.
Мысал алсақ, көп сөз айтыў не керек,
Сөздиң сөзи, бузығы я сазы бар...

Өтеш батыр сын қылды ол солайша,
Қызға сөз айтпаў да ҳәзир онайсыз,
Шынында да, қыздың мини жоқ еди,
Үндемей қалыў да әбден қолайсыз.

Шайды бираз ишти тойды қанғанша,
Сезбеди Өтешлер ишкенин қанша,
Қыз әкеси Өтемис сөз сөйлемес,
Шай ишсин деди ме қанып болғанша.

Қыз жыйнады шәйнек пенен кесесин,
Ҳүрмет қылып турды кирген шешесин,
Қыз далаға кетпекши болғанда енди,
Шешеси отырды, қызға не десин.

— Гүлзийба, жеңгеңе көмеклес — деди,
Ананың сөзине қайрылған еди,
Ана ҳәм қызға жаңағы сөзи,
— Аўқат писириңлер жеңгең менен, — деди.

Үй иши ай бултқа киргендей болды,
Бултлардың арасы нурларға толды,
Жасы қырық беслердиң шамасы екен,
Анасы да сулыў келбети оңлы.

Өтемис ашылып кеўлин бойлады,
Ҳәр жерлерден түрли сөзлер ойлады,
Ҳәммеси урыўлас ағайин екен,
Аўылын тәриплеп сирә қоймады.

Кенегес-қыяттан бизде адам бар,
Бирақ, аў тәсилин көп билмес олар,
Қарап отырмайды, ҳөнерли қолы,
Қамыс, жекен тоқып базарға сатар.

— Өтеш иним, — деди бай бир қозғалып,
Қолтыққа көпшикти қысыңқырап алып,

Бир әке-шешеден олар туўысқан,
Еки жигитим бар жүр, журт таң қалып.

Келгенде өзлери сондай аш еди,
Әке-шешеси бар, баллар жас еди,
Балалардың әкеси мийнеткеш екен,
Түни-күн иследи жаны тас екен.

Қатты суўықларда муз ояр ғәрип,
Ҳеш ким шығалмаған ол көлге барып,
Бундай мийнеткешти көрмеди ҳеш ким,
Балық аўлар сол музларды аўдарып.

Балларын да сол мийнетке үйреткен,
Енди баллар өсип-өнип ер жеткен,
Үш-төрт маллы, үй дасқасы саз болды,
Мийнет себебинен жақсы күн өткен.

Өткен жылы үлкен улы үйленди,
Кишкене улы да кәмалға келди,
Шынында, баллардың ерлик иси көп,
Таң қалдырды баҳадырлар бул елди.

Өткен қыста бир қызықлы ис болды,
Қатты самал, қар боранлы қыс болды,
Ерегис бир үйде басланған болып,
Еки ағайин арасында бәс болды.

Қасында да аўыл жигитлери көп,
Булардан басқалар мақтанған әдеп,
Ерегистиң басы соннан басланған,
Биреў анаў қылдым, биреў мынаў, деп.

Пирлепес сөйлеген бергенлер дыққат,
«Егер кимде болса, деген күш-қуўат,
Бүгин биз соныкин артықмаш деймиз,
Бүгин балық услап берсин зыяпат».

Дала боран, үйден-үйге баралмас,
Бир адым жердегин киси көралмас.
«Мен тутып келемен» деп айтқан сонда,
Пирлепестиң бул сөзине Ерлепес.

Инисине депти: — Есирмегил сен,
Қолыңнан ис келмес аброй төгерсен.
Бул сөзи жеделге-жедел қосыпты,
— Төксем-төгермен деп, кеттим, депти мен.

Пирлепес үлкени Юсуп баласы,
Ерегиске кимниң болар шарасы,
Жедел менен Ерлепес шығып кетипти,
Аўыл менен көлдиң бираз арасы.

Алып келген балық ол тири болсын,
Көлдиң балығының үш түри болсын,
Және де бир қанша шәртлери болған,
Сазан, сүўен және бекире болсын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерлепес бир балта, бир шолпы алған,
Үш қулаш жипти де белге байлаған,
*Хеш кимниң сөзи де қулаққа кирмей,*
*Балық аўлап қайтыўды тек ойлаған.*

Ойған барып көлдиң қалың музыны,
Орынлаўға көпке айтқан сөзини.
Муз ойып үкиге салар шолпыны,
Шаққан бала билер истиң көзини.

Майдалаў отыздан балық услаған,
Жипке тығып үш-төрт балық таслаған,
Ерлепес арқайын болған балықтан,
Сууға салып қамысқа жип байлаған.

Қалың қамыслықтың қасына барып,
Муз үстинен қалың қарларды артып,
Музды ойып турса келер бир ҳайўан,
Туўра бала турған ол жерге тартып.

Ешек шығар дейип Ерлепес турса,
Жабайы жалғызақ тутасы қурсақ,
Дәрҳал бийғам болмаў жағын ойлаған,
Паналаўға жер жоқ ҳәм де жоқ пурса.

Қалынлаў қамысты тасалап жатқан,
Шошқа да баланың үстине атқан,
Шошқа музға тайып бир жамбасынан,
Хеш зыян көрмеген жанына батқан.

Бала да сол ўақта шаққанлық етип,
Шошқа қыймылдамай турғанда тетик,
Күш пенен балтаны шошқаға урған,
Шапшаң қыймылдаўға ақылы жетип.

Жан ҳәлетте шошқа көкке секирген,
Балта тийген ўақта шошқа бөкирген,
Тағы да бир-еки балтаны урып,
Шошқаны солайша музға шөгирген.

Шошқаны өлтирип жип салып белден,
Исин бәржай етип, адымлап кеңнен,
Тутқан балықларын, алған олжасын,
Арқалап бир өзи аўылға келген.

Буны көрген адамлар да таң қалды,
Мақтанды-мақталды елге жар салды.
Шәртлескен жигитлер аўҳалды көрип,
«Бизлер жеңилдик», деп оны қарсы алды.

Өтеш Өтемистиң тыңлады сөзин,
Және болса тыңламақшы еди изин,
Кирди ишкериге бай қызы және,
Тамақ писти, дейип етилди изим.

Байдың ҳаялы да отаўдан шықты,
Қызының асыққан пейилин уқты,

«Қонақ асы» таярлап Хансулыў келин,
Үлгисин көрсетти бул сыйласақтың.

— *Қонақлардың қолын жуўдыр, қыз,* — деди,
Анасына қызы айтты сиз деди,
Гөш, гүртикти табақларға салайық,
Өзиң жуўдыр, билемиз ғой биз, — деди.

Қызына анасы қарады сондай,
Таң қалды қызына, емести бундай,
Ашыўлы және де таң қалып қарар,
«Қызым сөзим қайтармасты хәр қандай».

Ол ана сөйленип, «бар Жолдас» деди,
Қыздың қылығының билмеди шегин,
Жолдас ушып турды «хәзир мине» деп,
Ләген, қуман алып түрди билегин.

Қыздың бармаўына бир себеп болды,
Хансулыў бул қызды көп ермек қылды,
Шынында да, буннан гүман бар еди,
Еламанды қызға «күйеўиң» деди.

Бир мәртебе далаға шыққан ўақытта,
Үй артына барды қараңғы жаққа.
Қыз жөнинде гәп-сөз болмаса да ол,
Гәпти илип алды жеткен қулаққа.

Үй арқасы бир ший менен қойылған,
Самал кирсин деп басқасы жыйылған,
Басқа хеш әңгиме сөйленбес еди,
Гәп сүйгени Ерлепеске туйылған.

Еламанды соннан анықлап көрди,
«Ерлепеске меңзер екен-ғой» дерди,
Ерлепестен айрылдым ба, шынында,
Ерлепесим сулыў ғой деп сын берди.

Ерлепес түскенде ядына қыздың,
Ханасын толтырды сууы еки көздиң,
Изине қайтқан қыз ойланып келер,
«Изин тутып көрейин бул гәп-сөздиң».

Гүлзийба түрленген жеңге сөзине,
Жоқ ашыў да пайда болды өзине,
Ҳайран болып өкпелеп жүрген анасы,
Қыздың қылығына баўры езилер.

Нурзийбаның әўпилдейди жүреги,
Табылғандай жойтқаны, я кереги,
Анасы қызына өкпелеп сөйлеп,
Айтты кеўлиндеги нийет тилегин.

— Ҳәмме қонақ бирдей бола бермейди,
Шақырсаң да, бундай адам келмейди, —
Деп және қызына сөйленер ана,
Қызы түскир буны сирә билмейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қуўан сен де, шәўкилдесин жүрегиң,
Бой жеткенде жоқ па сениң тилегиң.
Сөзин қызға ана өткизип айтар,
— Бултланасаң, көтермейсең ийегиң.

Хансулыў да мақуллайды деп «аў-ўа»,
«Қойсаңыз да», деп оларға Гүлзийба.
Нурзийба аўқатты табаққа салар,
Басқа сөз айтпады, қыз қылды ийба.

Сөйдеди де шықты бул қыз далаға,
«Не дегени булардың қыз балаға»,
Деп ишинен қыз сөйленеди өз-өзи,
Қыздың кеўли болған көп алағада.

Гүлзийба далада муңайып турса,
Еки киси аттан түстилер дүрсе,
«Гүлзийба» деп биреў даўыс шығарды,
Ишке кирмек болып қыз енди жүрсе.

Даўысынан таныды: бул дайысы,
Билмеди, қараңғы, дайысы қайсы?
Бири алда, бири изинен келер,
Қыялы тур талдай болып майысып.

Үй есиги ашық жарық түсип тур,
Жарықта қыз ол дайысын күтип тур.
Пикир келди қызға сол ўақта дәрхал,
«Қонақ жайға кирсин аўқат писип тур».

Сәлем берди: — Дайы, бери жүр, — деди,
Қонаққа бар, мынаў үйге кир, — деди,
Қонақ жайдың есигине жақынлап,
Ағам қонақ қасында отыр, — деди.

Қыз олар кирген соң изине қайтты,
Анасына «дайым келди», деп айтты,
Бираздан соң Жолдас келди аўқатқа,
Табақларға етти молдан жайыпты.

Туўысқаны Нурзийбаның Бекимбет,
Қыдырыспа емес, келди бул рет,
Жән-жақтан адамлар тындырмас еди,
Қызы бой жеткен соң бурыннан әдет.

Қасындағы келген ол да бай киси,
Өтемистен кем еместей турмысы,
Бай киси екенин көрсетер еди,
Кийген кийими ҳәм жүрис-турысы.

Өтемислер қазаяқлы руўдан,
Урыў сораў дәстүр болған бурыннан,
Қалмаған хеш бул әдети халықтың,
Ушырасса сорап баслар сулыўлап.

Аўқатты жеп болды руў сорасты,
Кейнинен сорасты жылын ҳәм жасты,
Отырыспа бираз ўаққа созылды,
Сөздиң кейни «күйеў-келин»ге уласты.

Халмурат бай оның урыўы қыят,
Келгенлигин айтты: — Бир жақсы нийет,
Келин түсириўге қызын сорап,
Ағайин болайық, — деди Халмурат.

Өтемис те гәп анығын түсинди,
Үндемей отырып иштен исинди,
Өтеш қызға келген шығар, дер еди,
Билдирмеди олар бундай пишимди.

Ойланып отырып бай сондай деди:
— Хасен улым Хожелиге кетип еди,
Сол келген соң мәлим болар бул исиң,
Билмедим айланып қашан келеди...

Бул жуўабы: «қыз бермеймен» дегени,
Пушқа шықты Халмураттың келгени,
Усы менен гәп-сөзлер тамам болды,
Өтемистиң ишинде өз билгени.

Азанда турдылар, шай да ишилди,
Бай «бүгин болың» деп мирәт де қылды,
Мерекеге айтылған екен кеше,
«Тойымыз бар», деди бузбастан сынды.

Гүзек болмай бүгинлери ол не той,
Бир нәрсе себебли қыстаў болған ғой,
Халмураттың саўалына Өтемис,
Жуўап айтты тигирек сөз толған ой.

Бекимбет, Халмурат қайтарман болды,
Кетейик бизлер, деп жуўабын алды,
Булар кетти, қалған еки қонақты —
Өтеш, Еламанды жибермей қалды.

Өтеш батырдың да мақсети усы,
Ел аралаў, ел ишинде жүриси,
Той-мереке қыдырыўы себепли,
Питеди мақсети, белгили иси.

Керек жигитиниң еситти атын,
Бүгин тойда сынап көрмек қуўатын,
«Жақсы» деп Өтемис сөзин тыңлаўы,
Сол себебли қабыл қылды мирәтин.

Тойға барды, бәрше тәртибин етти,
Ерлепес, Пирлепес күшин көрсетти,
Ерлепеске усы тойда бир ыза,
Жүрегине әрман, жанынан өтти.

Мынадай ўақыя болғанды тойда,
Жоқ екен хеш кимде хеш қандай ойда,
Кишкене мереке, өзи мезгилсиз,
Соған Өтеш келер деген ой қайда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық Өтешти көрип тойда таң қалды,
«Өтеш келди» деп өзли-өзи жар салды,
Ҳеш қандай саз, я сәўбетсиз той болмас,
Тамашалы қылыўға журт қозғалды.

Ойлағанын тойда иследи олар,
Себеби ишинде Өтеш батыр бар,
Өтештиң мақсети өзине мақул,
Ерлепести гүрестириў интизар.

Ойлаған ойы да болмай қалмады,
«Гүреске шығың!» деп жаршы жарлады,
Әўели Пирлепес шығып гүрести,
Бир нешшени жығып күшин аңлады.

Бир мәҳәл Ерлепес ортаға шықты,
Еламанды «шық» деп Өтеш те түртти,
Еламан орнынан түргелди дәрҳал,
Булардың гүресин көпшилик күтти.

Өтеш той жаршысын шақырды берман,
— Гүрессин Ерлепес пенен Еламан,
Ҳәммеге мақул қыл, еситсин өзи ҳәм,
Шықсын, — деди, — Еламанға талабан.

Өтеш айтқанындай жаршы шақырды,
Өтеш Еламанға жақынлап барды.
Еламанның қулағына сыбырлап,
— Қолдан берме,-деди, — ол намыс-арды.

Ерлепес, Еламан теңемик жаста,
Екеўине ҳәмме болды ҳәўесте,
Елге тамашаны көрсетпек ушын,
Екеўи еки жерден шығыпты әсте.

Қара күшке күшли Еламан жүдә,
Ерлепес күш десе жанлары пидә,
Биринен-биреўи ҳеш қайтар емес,
Күш барын жумсады билекте, қолда.

Еки жас гүресте тутыса турсын,
Сырттағы бир ўақыяның болысын,
Орынлы киргизип кетпесек болмас,
Гүлзийба ҳәм жеңгесиниң турысын.

Гүлзийба, Хансулыў жеңгеси бирге,
Булар да келгенди бүгинги тойға,
Гүлзийбаны сөйлетиўге жеңгеси,
Өзинше кеткенди ҳәр түрли ойға.

Гүлзийбаға мәлим жеңгедеги ой,
Кеше түнде айтқаны бар «бийкеш қой,
Бундай жигит саған сирә табылмас,
өзи айдай, келисипти сымбат-бой...».

Соннан берли тек қараса жеңгеси,
Терлеп кетер тула бойы селлесип,

Бул сапар да сондай болды, қарады,
Айтпай-ақ мәлим ғой қалған өңгеси.

Жеңгеге қараса мыйығын тартар,
Сол ушын жеңгеге әдаўат артар,
Өз ишинен Гүлзийба да ойлайды,
«Бул неге билмейди, менде сүйген бар».

Хансулыў қарады Гүлзийба қызға,
Деди: — Әсте жықса ол жеңгенизге,
Қанша байрақ берер екен бийкешим,
Бийкеш, қалтам толар ақ теңгеңизге...

Ашыўланса да ол жеңгеси коймас,
Жеңгениң сөзине өзи де ҳәўес,
Жүзи жылап иштен қуўанар еди,
Гей ўақлары өз-өзинен болып мәс.

Жеңге сөйлемесе ол өзи тийер,
Гүлзийба қолайлы гәп баслап берер,
Гүлзийба жеңгеси қурдастай болып,
Биреўин-биреўи дым жақсы көрер.

Арасында еки жас бар болғаны,
Ағасының бир жыл болды алғаны,
Апалы-сиңлили жасап келеди,
Айтысып үйренген ана-мынаны.

Үйинде де айтысқаны айтысқан,
Туўысқан ағаға еркелеп өскен,
Жеңгеси де билип алған «ерке қыз»,
Аға көзинше де неше тартысқан.

Жеңге билер бийкешиниң сырыны,
Ерлепеске кеўилиниң барыны,
Дуўшар қылған ўақты да көп болған,
Қупияда жерде Гүлзийбаға ярыны.

Өтеш батыр келгеннен соң үйине,
Еламанды ертип алып кейнине,
Үй иши қуўанған «қызға келди» деп,
Жеңгейдиң де сол пикири-түйини.

Жеңге бул аўҳалдың ҳәммесин билген,
Түнде Еламанды «байың» деп күлген,
Енди Ерлепести қой деген сонда,
Шешеси пикирин ойына илген.

Ерлепес, Еламан гүреске түсти,
Соның ушын жеңге қызға дегишти,
Гәп таўып ол қызды сөйлетпек болып,
Жеңгеси өзинше сынар бийкешти.

Еламанға ол Өтештиң гәпи бар,
«Сен де, ол да жассаң, болың хабардар»,
Жеңге де изинен хабардар қылды,
Бирақ, деди қолдан берме намыс-ар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерлепес Еламанға жанбасты салды,
Жанбасқа Еламан хәўлығып қалды,
Өтеш буны көрип ҳайран болады,
Жығылып барып зорға тикленип алды.

Еламан гүресте және алжасты,
Ерлепес жанбасқа қайырып басты,
Шар болып қайтадан тутысты олар,
Ерлепестиң жүдә күши де тасты.

Еламан шынлады енди бул сапар,
Жаман екен көп ишинде намыс-ар,
Ерлепес шыр-пырын шығарды енди,
Өтеш батыр айтқан нәсияты бар.

Өтеш енди ажыратпақ болғанда,
Өтемисти Пирлепес тоқтатты сонда,
«Халыққа тамаша көрсетсин булар,
Ҳақыйқат жеңисти киргизип қолға».

Бәрше халық анталап тур қарасып,
Бойы-бойға, күши-күшке минәсип.
Халыққа тамаша көрсетти сондай,
Екеўиниң гүреси дым жарасып.

Халық ырза болды«ҳадал гүрес» деп,
Шынында да, ҳадал гүрес болды көп.
Ерлепести тикке көтерди сондай,
Еламан онайға шырмап алып кеп.

Көтериўден жерге басты қушақлап,
Бирақ та жаўырын тиймеди таңлап,
Жерге жаўрын анық тиймеген себеп,
Ерлепести түсти деди жанбаслап.

Өзлери-ақ мәлимсиз тутысты және,
Ҳеш қайсы қылмады ҳеш қандай бәне,
Бәрше қайта-қайта шаўқым салысты,
«Усы сапар айыр! Болады, кәне...».

Шынында, Еламан сондай күш етти,
Ерлепестиң белине қоллары жетти,
Оны қол ушына ныќлап көтерип,
Кәраматты қур ишинде көрсетти.

Ийнинен асырып көтерип турды,
Өтеш, «таслама!» деп қышқырды сырлы,
Өтештиң сөзини тыңлап турмады,
Шынтлап шалқасынан жерге бир урды.

Еламан қолынан тартып турғызды,
Не билсин барлығын тойдағы қыздың,
Ерлепес жайына жуўырып баратыр,
Қыз жаққа қарайды кеўили сызлы.

Ерлепестиң иши толған от болды,
Шаққан кийинди де, кетти, жоқ болды.
Қурдан шығып кеткенине жигиттиң,
Өтеш ҳайран болды, ойы шоқ болды.

Ерлепес жеңилип соған ар етти,
Қурдан өз басына шықты да кетти,
«Енди мени қыз сүймейди» деп ойлап,
Сол кетиўден көлдиң бойына жетти.

Арман-берман барып-келип жүрипти,
Жолдас келер, бала оны көрипти,
Жолдас онын берген сәлемин алды,
Ерлепес Жолдасқа сәлем берипти.

Жолдас кеўли ашық, мүләйым киси,
Соның Ерлепеске қарап келиси,
Әлбетте, бир сөзи бар шығар оның,
Ойлап тур Ерлепес «бар ғой жумысы».

Шынында да, ол буйрық алғанды байдан,
Ерлепести табыў, болса да қайдан,
Өтемис, Өтештен буйрық болған соң,
Той соңынан шықты тойхана жайдан.

Ерлепестиң досларынан сорады,
Олар, «көл жақта» деп силтеў алады,
Соннан туўра көл бойына келгенде,
Оны Жолдас бирден көрип қалады.

Ерлепес те көргеннен соң жолдасты,
Ойлаған гүманы жанға от ести,
Сорамақшы еди кеўлинде ойын,
Не себеп келгенин батыр Өтештиң.

Өтештиң қасында бар жас жигити,
Еламанға қыз излеўши бағыты,
Анығын Жолдастың билиўи керек,
Соны анықлаўдың келди рети.

Шынында да, Жолдастың билиўи анық,
Жолдас байға ат қосшы елин таныҡ,
Үйиндеги хәр бир истен хабардар,
Байдың ишки-тысқы сырына қанық.

Ойланып тур бир қырынлап Жолдасқа,
Кеўлинде пикир жоқ усыдан басқа,
— Қыдырып келдим, — деди, — Ерлепес сени.
Жолдас сөйлер қарап ол тумлы-тусқа.

Жолдастың сөзлери қулаққа кирмес,
Өзинше ойлайды ҳеш нәрсе демес,
Ерлепес айтпақшы сораўдың жөнин,
Жолдас күтер, ол жуўап берер емес.

— Ерлепес иним, кәне, не дейсең маған,
Не өзи? Ерлепес қарады оған,
— Сени келсин деди байдың үйине,
Өтеш, Өтемеслер жиберди саған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа уйқысынан оянған тәриз,
Жолдасқа қарады айталмай арыз,
«Жақсы аға, шақырса барайық онда,
Жасы үлкен буўрығы биз ушын парыз».

Жолдасқа жақынлап және тоқтады,
«Аға» деп айтыўға тағы оқталды,
Бир неше мәртебе ойланды қайта,
Уят сорамаққа гүман жоқ барды.

«Айт, иним» дегендей қарап турыпты,
Ерлепеске қарап басын бурыпты,
Шын сөз Ерлепестиң ойлаған ойы,
Туўрасын сораўды қолай көрипти.

— Жолдас аға, мени жақсы билесиз,
Сол ушын тилегим жөнин излесиз,
Өтеш батыр не ушын келипти екен?
Жолдас аға ағайинбиз екеўмиз.

— Иним, мен билмедим шынында анық,
Өтеш батыр деген ел-журтқа танық,
«Батыр атты бир тойда алған» дейди,
Көрдим ҳәзир ғана нәзерди салып.

Батырдың тарийхын билерсең сен де,
Айтысар еки адам қосылған жерде,
«Өтеш батыр болса еди» деп қояр,
Жәнжел, урыс яки той болса елде.

Бул келиўи мениңше той ушын емес,
Өзи де сөз ашып ҳеш нәрсе демес,
Тойға барып қайтайық, — деди, — бүгин,
Азанда шай ўақты оған тегинге кемес.

Соны айтты маған бүгин азанда,
Ҳаялы Нурзийба, ойладым сонда.
Батыр қызды көрип келген қусайды,
Пикири усындай тек Гулзийбада.

— Өзим де ойлайман, гүманым да бар,
Қыз ушын келмесе бул батыр егер,
Той ушын келмеген мениң билиўим,
Той ушын бермеген батырға хабар...

— Жетпейди мендеги буған ҳеш ақыл,
Не билсин хызметте жүрген бир пақыр,
Әлбетте, жумысы бар шығар бунда,
Батырдың жүриси жай емес ақыр.

Бул сөз Ерлепестиң гүманы ушын,
Қыз анасы сондай десе, бул сөз шын,
Қызды алыў бизге несип қылмайды,
Мен Өтештиң қайтаралмаспан күшин.

«Жақсы ийт өлигин далаға таслар»,
Дейди халық, кетсе меннен намыс-ар,

Деп арланып ишинен ойлап өзинше,
Енди жүрип мынаў елимде нем бар...

Бул пикирге келди Ерлепес енди,
Жүзлери сурланып, ашыўы жеңди,
«Елден шығып кетейин» деп ойланып,
Тәғдирдиң исине илажсыз көнди.

— Аға, мен бараман, барабер өзиң,
Кетер болса енди Гүлзийба қызың...
Әлбетте, бараман, ҳәкисинше айтты,
Ҳеш жумыс қалмаған ҳеш жерде бизиң...

Мени айтпа ол үйине кетти деп,
Бармасам, бүлдирер, алар үйге кеп,
Үй жақтан айланып бараман ҳәзир,
Азырақ исим бар үй жақта себеп.

Жақсы де де, басқа бирер сөз айтпа,
Шақырып кел десе, изиңе қайтпа,
Себеби, мен өзим барып қаларман,
Келеди де, басқаларды муңайтпа.

«Жақсы иним» дейип жөнине кетти,
Жолдас сол келиўден үйине жетти,
Өтеш, Өтемис те жатып қалыпты,
Ерлепестиң сөзин баян етти.

Енди Ерлепестен еситиң сөзин,
Қыздан айрылғанға салған соң өзин,
«Шортан көл»ден шығып кетпекши болды,
Көрмейин, деп енди ҳеш кимниң жүзин.

Үйине барды да кийимин алды,
Анасы балаға нәзерин салды.
Жүзиниң сурланып кеткенин байқап,
Анықлап сер қылып ол ҳайран қалды.

Ана шыдамады, келди қасына,
— Қарағым, не болды?... әсте қысына,
Ана мийрибанлық көрсетип турып,
Сөзин айтып қолын басты басына.

Анасының кеўлин алмас Ерлепес,
Анасы телмирер, бала серлемес,
Бийшара анасы пәрўана болар,
Қанша жалынса да ол сөйлер емес.

Кийимлерин алып далаға шықты,
Анасы қолайсыз жүристи уқты.
Кетип барар, сирә изге қарамас,
«Балам, тоқта!! дейип жасларын сықты.

Өзи билер қайда барар жерини,
Анаға да айтпай иште шерини,
Делбелердей үйден кетти Ерлепес,
Үмит үзип таслап, буўып белини.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көлик минбей жаяў кетип барады,
Күн батарды бағдарына алады,
Сүўенлиден жүзип қублаға өтти,
Таўып суўдан жасқалаў бир алабын.

Ерлепес бул жолда ол кететурсын,
Баянлайық изде истиң болысын,
Ерлепес еле жоқ, күн батып қалды,
Өтеш қәўетерде қалды сол ушын.

Өтемис Жолдасты шақырып алды,
Ерлепес ағасын есине салды,
Ол шақырып кел деп айтпақшы екен,
Ерлепестиң әкесин өзинен алдын.

Жолдас шығып кетти байдың үйинен,
Бай қышқырды «тез келин» деп кейнинен,
Көрингенге сер салып қарар Жолдас,
Бир адам көринсе қарар зейнинен.

Алдынан Ерлепес шықпады сирә,
Көрингенге қарар ол бара-бара,
Юсуп баба өзи келер түн иши,
Излегени алдынан шыққанын қара.

— Шырағым, Ерлепес екен деп едим,
Бир жақлардан күн батқанда кеп едим,
«Ерлепесим кетти» дейип анасы,
Келер, қайда кетеди ол, — дегеним.

Анасы «келмейди» дер, «келеди» десем,
«Басын айланбаса, туўған әкеси ең,
Сен отыр, мен излеп кетемен» деди,
«Излеймен өзим-ақ, өлейин өлсем».

Соған шыдамастан шығыпты үйден,
Хабар да алыпты ол дәрья бойдан,
Өтемиске хабар бериўге келер,
Табылмағаннан соң бала ҳеш қайдан.

Жолдас айтты: — Өтеш шақырды оны,
Ерлепести хәм де, ал, аға сени,
Соның менен келмектемен екинши,
Екеўи келсин деп жиберди мени.

Бүгин тойда көрип едим өзим де,
Бир ғалаўат болар деп те изинде,
Себеби, бунындай аршыл баланы,
Көрмедим мен жақты дүнья жүзинде.

Көрдим де сезгендим журттан кетер деп,
Жықса ҳеш гәп, ал жығылса нетер деп,
Ойлағаным дурыс келди ме деймен,
Жүрип едим бир әндийше етер деп.

Себеп неге ашыў менен кетеди,
Мени усы жағы ҳайран етеди,
Сол жақлары гүман неге айланар,
Қандай ыза неге оған өтеди.

Ата-бабасынан қалған кәр емес,
Кәр болғандәм жығылғаны ар емес,
Палўан бирде жықса, бирде жығылар,
Ар қылса гүресиў ҳеш дәркәр емес.

Юсуп баба сондай деди Жолдасқа,
Қарап арасында дөгерек-дашқа,
Келатқан баласын көретуғындай,
Көринбес ҳеш ким де, турыпты босқа.

— Аға, менде бир кишкене гүман бар,
Бир жыл болды мен олардан хабардар,
Өтештен де көп гүманы бар екен,
Өтемис қызына балаң қарыйдар.

Бағана песинде айтты бир ушын,
Өтеш қасындағы хызметкер ушын,
Бай қызына саўшы болып келген деп,
Байдан қызды алар салып бар күшин.

Мине сондай балаңыздың сөзи бар,
Балаңызда сондай кектиң изи бар,
Мениң билиўимше, бала кеўлини,
Ер жеткен соң соны билмегиң дәркәр.

Бул исине мен түсинбей жүриппен,
Өтемис ким, теңимиз бе, дейиппен,
Бир неше мәртебе бетине айтып,
Билгенимше нәсиятым бериппен.

Байға сөз салыўға өзиңе қара,
Ел ишине болмасын бул әшкара,
«Уят саған, уят» дедим балаға,
Үмитин үзбеген балам бийшара.

Еситкенмен бул гәплерди бир ўақта,
Жәрия болмағай бул гәп жән-жаққа,
Сорлы балам, ладан балам, ершилим,
Басың аўып жүрипсең сен қай жақта?

Жүр Жолдас, барайық байдың жайына,
Нелер түсип шақырыпты ойына,
Илаж қанша, шақырғанға бармаўға,
Биз хызметкер заманның бай-байына.

Бай үйине барды, көрди Юсупти,
Жас үлкен деп, сәл қозғалып көристи,
Аманлық-түўенлик сорасып болып,
Еситти Юсуптен ол болған исти.

Өтеш айтты: — Бәрше дәрҳал турайық,
Жаяў кетсе, дөгеректи қарайық,
Жаяў киси қаяққа ол барады,
Жақын аўыл арасына барайық.

Бәршеси де мақул көрди сол сөзди,
Юсупке қарады: — Ал, баба, сизди
Шақырғанда... Өтеш сөзин кести де,
Изин айтпай, деди: «Кешириң бизди».

Бабадан хеш қандай дыбыс шықпады,
Шынында, не десин, неге жетсин дады,
Баба үнсиз турдыдағы орнынан,
Босағадан сыртқа адым атлады.

Күнде батты, қараўытқан аспан да,
Жулдыз да көринген анда-санда.
Бираз жерге барды қыдырып жаяў,
«Көрдик» деген жан болмас сорағанда.

«Азанда қарайық» деп қайтты изге,
Қараңғы, көринбес хеш нәрсе көзге,
Илажсыз келдилер қонақ жайына,
Не қылсын түн иши усыннан өзге.

Пирлепес сес берип: — Аға, мениңше,
Балыққа кеткенди, өзи айтты кеше,
Айтса пикиринен қайтпайды өжет,
«Түнде ислеў қызық» дерди көбинше...

Ата айтты: — Билмеген ғой жоқ балам,
Ўақтында ислейди өз исин ол хәм,
Елден шығып кетти өзимше ойым,
Бар еди «Жиңишке» бойында балам...

Ата-бала келди солай сөйлесип,
Хәр нәрсени айтып бирге ойласып,
Пирлепес те, Юсуп баба да ҳайран,
Жас баладай неге кетти журт асып.

Түн иши анаға уйқы келмеди,
Юсуп бабаға да уйқы бермеди.
«Тур, ағасы, күн шығыўға аз қалды»,
Таң ағарып жақты түспекте еди.

Юсуп баба турып шықты далаға,
Ҳайран еди не болды деп балаға,
Өтеш, Еламан да атлы жетисти,
Баба болып турғанда алағада.

Пирлепести жибердилер бир жаққа,
Өтип қайтпақ болды Өтеш хәр жаққа,
Түс қайта жыйналмақ болды бир жерге,
Шығарып баланы барға, я жоққа.

Өтеш, Еламанды қасына алды,
Юсуп баба болса аўылда қалды.
Аўыл араларын, дөгерек-дашты,
Қарап қайтыў ушын баба қозғалды.

Өтешлер қыдырып көп жерлер асып,
Ҳеш дәрек таппады сонша жол басып,
Көрдик-билдик деген киси болмады,
Қайта изге жән-жағына қарасып.

Түс қайта аўылға келдилер қайтып,
Ерлепес жоқлығын дәрегин айтып,
Түстен кейин Өтеш хошласып қайтты,
Ҳайран болып Еламанды ертип...

## V бөлим

Өтеш батыр «Шортан көл»ден келгенине он күндей болды. Отырып парахаты, жүрип кеўли болмады. Қандай да болса Қоңырат жақларға барып, Юсуп баба айтқан «Жиңишке бойы» деген еллерди аралағысы келди. Ол дәўирде атлы кисиге Қоңырат пенен Қанлыкөлдиң арасы көп жол еди. Қалың тоғай болып, ел жүдә сийрек. Ол еллер Қоңыратқа жақын жерлерде болып, олардың да «Жаман қоңырат», «Қарыс бойы», «Шийше көл» тағы басқа атлары болды.

Қоңыратқа жақын жерлерде өзбеклер де, қазақларда, ал, Қоңыратта Мойнақтан келген руслар да ушырасар еди. Қоңыраттағы өзбеклерде де қарақалпақлардай руўлары бар: «қара қурсақ», «айран», «тазлар» хәм т.б. қарақалпақ урыўларының атлары да ушырасады. Русларда қарақалпақ, қазақ тиллеринде сөйлегенде хеш қәтесиз сөйлеўшилери табылады.

Ҳүрметли досларым! Усы жерде сөз жазыўды көбейтиўдеги мақсетим — аз да болса оқыўшы баста не оқыўын түсиниўи ушын ямаса додалаўшыны жолға түсириў ушын болды.

Өтеш батыр бир жигити менен жолға шықты. Сол туўралы жазамыз. Жалықпасаңыз, жазыў биз бенен, оқыў сиз бенен. Өтеш Қоңырат тәрепте нелерди ушыратқанын баянлаймыз.

### ЖОЛДА

Өтеш болды өз үйинде неше күн,
Ерлепес ойында болды күни-түн,
Қыдырып қайтсам деп ойланып жүрди,
Излеў нийетинен үзбей үмитин.

Жаў жарағын асынды Өтеш батыр,
Қасында бир жигит Төреш баратыр,
«Шортан жап»тың жағалады қубласын,
Бираз жүрди, шықты алдынан көпир.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шат көпирден өтти күн батар-арка,
Тоғайлық арасын карайды бәрха,
Қарағанда коркып баратырған жок,
Максети — жолығыў ел көрсе жолда.

Бирақ та ушыраспас жаяў да киси,
Еситилмес хәтте ийттиң даўысы.
Ашық дала, гәй жер тақыр, гәй тоғай,
Қарабарақ, шорлақ жерлер көбиси.

Жоқары қараса көкте гүбирли,
Атлар аяқ басар солғын дүбирли,
Төреш те сөйлемей киятыр изде,
Көкке нәзер таслап тағы тигилди.

Сийрек қара бултлы туңғыйық аспан,
Қара көлеңкелер өтеди әстен,
Тоғай иши қандай ыссы болса да,
Дем алыў жағдайлы, ыңғайлы пәсте.

Тоғай жери боз топырақ ағарған,
Өтеш жүрип бундай жерди тәң алған,
Қоңыратта иси болсын, болмасын,
Усындай тар жолда бир неше барған.

Неше түрли бул тоғайдың шөби бар,
Өсип жатқан шоқ жыңғылдың тобы бар,
Қыйсайысып кеўип жатыр көбиси,
Торанғыл, жигилдик, шөптиң көби бар.

Тек көринбес кемиси ел ишинде,
Сәске еди, ўақыт болды песин де,
Үйден шығып бул тоғайға киргели,
Тоғай таўсылмады, соқпақ есилген.

Қала адамы көрсе мынаў тоғайды,
Салсам екен дейди усы жерге жайды,
Себеби тоғайда отынды көрген,
Қолға алып, услап көрмей болмайды.

Қәне, тоғай жерин алсаң егинге,
Жеткерер күн кимлердиң бар шегинде,
Деген, көп адамның әрманы усы,
Отын алып қайтпақшылар тегинге.

Үндемей бараткан ол Өтеш батыр,
Ишинен өзинше ойлап баратыр,
Көпшиликти жыйнап тоғайды ашса,
Алтындай бул жерлер бостан-бос жатыр.

Өткен жылы Қоңыратқа барғанда,
Бир шарбакта шай ишип отырғанда,
Аўшы оральский Богадек деген,
Таныс болды, гүрриңлести солманда.

Ол гүлли Қоңыратқа белгили еди,
Өтеш шай ишиўге сол жерге келди,
«Қанлыкөлде аң бар ма?» деп сораған,
Богадекке «табылады, көп» деди.

— Онда жора, мени бирге ала кет,
Тоғайынды, аң бар жерлерди көрсет.
— Көрсетейин, апарайын жүр, — деди,
Шын кеўилден оған қылғанды мирәт.

Бул Богадек Үшсай жақтың адамы,
Атасы балықшы екен мудамы,
Өзи де Мойнақта туўылған екен,
Қарақалпақша нак сөйлейди жутаныл.

Аты да бар екен, мылтық ийнинде,
Жақсы аўшы ийти де бар кейнинде,
Өтеш пенен жолға шықты қосылып,
Аң аўласам деген пикир кейпинде.

Төрт-бес адам бирге қайтқан жол усы,
Киятырған адамлардың көбиси,
Тоғай жерин мақтап, әрманын айтқан,
Өтештиң ойында сол гәптиң мәниси.

Богадек те айтқан еди пикирин,
«Мынаў тоғайлардың ашсаңыз бәрин,
Салма жарып суў әкелип суўғарып,
Баслағанда дийханшылықтың кәрин...»

Деген еди усы жерди көргенде,
Мамыйдың майданын көре бергенде,
Ҳайран болып ол Өтештен сораған,
Және де бир сораў бар деген менде.

— Мынаў қандай дала бир шөп жоқ айдын,
Жән-жағы тоғайлық, ортасы ой дым,
Қол менен тоғайды шаўып қойғандай,
Көп жер ғой бул жатқан далалық жайлым...

Богадек аң аўлап жүрген гезинде,
Дерди «дийхан болсам» ҳәр бир сөзинде,
«Усы тоғай астындай жер аз болар,
Мынаў Әмиўдәрья еки жүзинде...»

Өтеш пенен Богадек те дос болды,
Богадек Өтештен ўақты хош болды,
Ўәделести келип-кетип турыўды,
Қолы тийсе яки ўақты бос болды.

Бес күн жатып еки-үш шошқа атты,
Көлик берип Қоңыратқа апартты,
Буған Богадектиң ўақты хош болып,
Бир-биреўге мийирбанлығы артты.

Богадек те келип-кетип турыпты,
Қоңыратқа барғанда да көрипти,
Себеп пенен танысқан бул еки дос,
Мәңги қатнасыўға ўәде берипти.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгин бул шығыўы Ерлепес ушын,
Басқа пикирлердиң ойласын несин,
Жалықты ма ат үстинде отырып,
Шыққаны сәскеде, күн болды песин.

«Жиңишке бойына» жақынлап қалды,
Минекей, кишкене бир аўыл алды,
Дад салып жылаған бир ҳаял сести,
Өтеш те сол сеске қулағын салды.

Атының жылаўын тартып турды да,
Төрешке қарады мойнын бурды да,
— Не ғалма-ғал болып атыр билип кел!
Төреш кетти атқа қамшы урды да.

Шаўқым шыққан үйге атыны бурды,
Есикке жақынлап кеселеп турды,
Сол ўақта бир еркек кисиниң сести,
Қатты шықты ҳәм хаялға лап урды.

Төреш ол адамның гәпин еситти,
Ҳаялға жаман сөз айтып қорқытты,
Есиктеги турған атлы адамды,
Көрди ме, есикти биреў бекитти.

Төреш те далада қарап турмады,
Изине қайтыўға атын бурмады,
Аттан ырғып жерге түскен бул Төреш,
Атын байлап, ишкерилеўди ойлады.

Өтештен көп тәлим алған бул Төреш,
Шаққанласты қалмайын деп сырдан кеш,
Есикти ашты да ишке қарады,
Турған үй ишинде адам көп емес.

Ишке кириўдиң де бар кесепаты,
Батыр болатура бул сыясаты,
Есик капталына келген үш адам,
Оннан қәўипленди, қайттылар пәти.

«Хабарласың!» деди Төреш даладан,
Қәўипленип, қорқты ма бул баладан,
Қылыш, мылтық тағып алған Төрешти,
Буны келген нөкер деди қаладан.

Үшеўи де келди есикке жақынлап,
Қолға түсирмек пе Төрешти алдап,
Биреўи жасырынып турды капталда,
«Киреберин ишке!» деди ой аңлап.

Кеўлинде жоқ емес жаманлық және,
Ишке кирсе болды, таппақшы бәне,
Есик жаққа жақын келди бир ҳаял,
Басына бешбентин жаўып бүркене.

Ол ҳаял изинен жекирди бири,
«Кеталмайсаң бизден қутылып тири»,
Деген сөзди ол ҳаялға айтқанын,
Еситип Төреш билди: жаман пикири.

Ийнинен мылтығын қолына алды,
Төреш ишке кирди, олар қозғалды,
«Кейниңе қайт!» деди Төреш жекиринип,
Кейин бәсип ҳәммеси қорқып қалды.

Ҳаял жылар еки көзден жас ағып,
Далаға кетпекши болды ылағып,
Төреш «Тоқта!» деди қолынан услап,
Ҳаял Төрешти де жиберди қағып.

Күш пенен тоқтатты зорға ҳаялды,
Билмекши мақсети бул ғалма-ғалдың,
Не ўақыя маған айтып берсеңиз?
Ҳаялдың басынан бешбентин алды.

Ҳаял орта жаста, қырық бес шамасы,
Бар екен жигирма жаста баласы,
Алмақшы болыпты соны нөкерге,
Келген екен соның ушын ҳәммеси.

Баласы еситип жаман хабарды,
Хожели жақта туўысқанлары барды,
Кеше Хожелиге қашып кетипти,
Соның ушын берер екен азарды.

Бес-алты жыл болған, ери өлипти,
Сол еринен жалғыз бала қалыпты,
Ҳеш кимге тийместен баланы сақлап,
Жалғыз бала қәўендери болыпты.

Ҳаял арзын айтса тыңламас сөзин,
Бийлердиң алдына ҳаялдың өзин,
Алып бармақ ушын қыйнайды екен,
Ҳаял таўып бермесе ол жалғызын.

— Бес-алты балалы адамлар толы,
Олардың жетеди көклерге қолы,
Мениндей тул ҳаял баласын алар,
Неге алынбайды бай-молла улы.

Мине сондай екен ҳаялдың даўы,
Бул келип турғанлар ҳаялдың жаўы,
Биреўи ақсақал, еки жасаўыл,
Солардың ҳаялды мынаў қыстаўы.

Ҳаялдың өтипти жүдә жанынан,
— Қорықпайман бий түўе, ҳәтте, ханыңнан, —
Деди күйип-писип ҳаял бийшара,
— Кештим, — дейди, — енди мал ҳәм жанымнан.

Ҳаялдың бешбентин салғаны басқа,
Ийбе қылғаны екен бийге, болысқа,
Бий, болыс, ҳәмелдар көрмеген екен,
Келгенинше бул ҳаял усы жасқа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонын ушын бармайман деп жалынса,
Көз жасына еки бети малынса,
Келгенлер ишинен ақсақал залым,
Депти «барлық маллары да алынса...»

Шыдамаған хаял өртенип-жанып,
Шаўқым салған екен соған қарғанып,
Қанша датламасын хаял бийшара,
Кетпекши болыпты хаялды алып.

Төреш билип алды бул сырдың бәрин,
Өтешке бермекши болды хабарын,
Сол ой менен ол далаға қарады,
Билдирместен турғанларға өз сырын.

Адамлардан сорамады хеш нәрсе,
Ўақыт та өтежақ көп тура берсе,
Өтеш батыр ат үстинде турыпты,
Төреш барып есиктен қарап көрсе.

Төрешти көрди ме, я өзи солай,
Атын бери бурды үй жаққа қарай,
Үй алдына келип атынан түсти,
Атын байлап үйге кирди ҳайда-ҳай.

«Не гәп!» деди, ол Төрешке қарады,
Төреш гәп қысқасын айтып береди,
Өтеш батыр адамларға қараса,
Турған Кәрим ақсақалды көреди.

Кәрим кәтик деген ақсақал еди,
Өтеш батыр оны көрген, биледи,
Кәрим кәтик Өтешти де таныйды,
— Ассалаўма-әлейкум, Өтешжан! — деди.

Өтеш батыр аты айтылған еди,
Өтештиң қасына ол хаял келди,
— Айнанайын сеннен, Өтешжан иним,
Залымлар бузды ғой бул тыныш елди.

Өзлери бермейди, төрт-бес баласы,
Биз муңлының көкке жетти наласы,
Қашан теңлик заман келип бизлерге,
Жоқ болар ма екен журттың аласы?

Жалғызымды меннен тартып алмақшы,
Малыма да көз тигип келди қарақшы,
Мен не гүна қылдым мынаў залымға,
Мени бул ҳәкимге алып бармақшы!?

Ғаррым өмиринше бай малын бақты,
Дүньяда көрмеди еркинлик жақты,
Бир неше баладан жалғызы қалып,
Өлди бул баласы ер жеткен ўақта.

Жалғыз бала менен отырсам зорға,
Келди ҳәмелдарлар минисип жорға,
Жалғызды нөкерге алып кетпекши,
Мени қойды шыдамаслық азарға.

Балам кетти бир жақларға адасып,
Билмеймен, не болды балама нәсип,
Кеше түнде шығып кетти аўылдан,
Балам менен ажырастым жыласып.

Жалғызым себепли бармадым ерге,
Балам ушын алсын мени нөкерге,
Барып мен айтаман ханы болса да,
Баламды мен жибермеймен ҳеш жерге.

Бул қандай залымлық не қылды ханға,
Бир тислем жемеге зар болып нанға,
Түсиндирип айтып берер деп турман,
Мендей сорлы апаң болғыш қурбанға?

Сыртыңнан таныйман мен иним сени,
Халық кәўендери-журттың султаны,
Қудай қайдан алып келген үйиме,
Қысынғанда, тайынғанда ултаным.

Кет десе кетейин, бул елди таслап,
Баламның билегин мен өзим услап,
Өлсек биз өлермиз далада қаңғып,
Қайғырар кәўендер жоқ бизди еслеп.

Былдырап ўақтыңды алмайын иним,
Көрдиң себеп пенен бул мениң күним,
Сен де тыңламасаң өзиң билесең,
Кеўлиңе келмесин мынаў айтқаным.

Өтеш батыр тыңлады хаял сөзин,
Ақсақалға қарсы жиберип көзин,
Соңғы сөзин айтып болғанша хаял,
Үндеместен тутып турғанды өзин.

Көз астынан ақсақалға қарады,
«Бул не қысым?» Ақсақалдан сорады,
Өтештиң жүзине қарап туралмай,
Кәримди қара тер басып барады.

Биреўге тигилип қараса Өтеш,
Өтешке ҳеш ким де қарай алмас ҳеш,
Сондай сыясатлы бул батыр еди,
Серли және сырлы, сондай мийзамкеш.

«Қарыс бойы», мынаў «Жаман қоңырат»,
Өтеш батыр аралаған әтирап,
Ҳәзир жолы түсип келип турыпты,
Даўысын еситип хаялдың ўай-дад.

Өтеш көп айтысып турмады сорап,
Және сөйлеўшиниң алдыны орап,
«Қой» деди, «сөзинди барып айт» деди,
Жасаўыл ҳәм ақсақалларға қарап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәзир иркилместен буннан қайт, — деди,
Ҳәкимиңе, бийиңе де айт, — деди,
Өтеш гүўа болып алып келди де,
Саған мәсләҳәтим әне сөйт, — деди.

Егерде, екинши бир сөзди айтсаң,
Ямаса және де изиңе қайтсаң,
Меннен қутылмайсаң сен тири аман,
Күниң питер, тилим алмай муңайтсаң.

— Жақсы иним, — деди Кәрим ақсақал,
Үйден шықты жасаўыл менен дәрҳал,
Өтеш Қурбангүлге деди: апай сен,
Саған айтар мәсләҳәтим қабыл ал.

Қанлыкөлге дәрҳал сен көшип барғыл,
Қай жер болғанда да бәршеси тарғыл,
Бирақ та ол жерде тыныш жасарсаң,
Зорламайман, айтқанды итибарға алғыл.

Ҳаял айтты: — Ҳәзир-ақ көшер едим,
Көлик жоқ, жалғыз ат балаға бердим,
Кеше Хожелиге түнниң ишинде,
Сол атқа миндирип оны жибердим.

— Жақсы, — деди, — көлик таўып беремен,
Отыра тур, көликти жиберемен,
Бүгин Жиңишкеде болып, ертеге,
Сәске түске я өзим-ақ келемен.

Булар мине сондай мәсләҳәт етти,
Ҳаялдың үйинен атланып кетти,
Күн бата батырлар қонақ жайына,
Төреш пенен Өтеш те келип жетти.

VI бөлим

## ҚОНАҚ ЖАЙДА

Өтеш келген үйи аўылдың шети,
Хорезм жайындай жайдың келбети,
Қубладан дәрўаза үлкен жай еди,
Жаз есик, жаз айўан ол арқа бети.

Жай үстине отын-шөплер басылған,
Жай сыбаўы майда-майда осылған,
Ҳәзир жай дийўалын ызғар алыпты,
Жаңа болған ўақты жақсы жай болған.

Күн батар арқасы орай шарбағы,
Сырты ылай пақса, ишинде бағы,
Қубла күн шығары ашықлық екен,
Орта жол, егиншилик еки жағы.

Қубла жақта үш айна тур кишкене,
Күн шығар жағында бир айна және,
Қолайсызлаў көринип тур айналар,
Зәўлим үлкен жайға киши үскене.

Өтешлер келгенде қаўып шықты ийт,
Сол арада жайдан шықты бир жигит,
Өтешти көргеннен «Өтеш әке!» деп,
«Ата! Өтеш әкемлер!» деди иркилип.

Мурат келип Өтеш атын услады,
Мураттың атасы Дәўлетяр еди,
Өтештиң атыны еситкен заман,
«Ырас па, қаякта ол бала?» деди.

Сөйленип үйинен далаға шықты,
Дала күн батса да ол еле жақты,
Өтеш, Төреш аттан түсип көристи,
«Қәне үйге кириң!» деди сол ўақта.

Дәўлетяр ол өте кеткен бай емес,
Бирақ ол ҳеш кимнен ҳеш зат сорамас,
Бир бай киси ол үйине шақырса,
Бәне таўып оның үйине бармас.

«Неге бай шақырса бармайсаң?» десең,
— Байдикине барсаң кийип бар сеңсең,
Менде киймеге жоқ ондай сеңсең тон,
Сеңсеңсиз әдепте пушайман жерсең.

Және де бир жаман жери бар айтсаң,
Байдыкине барып үйиңе қайтсаң,
Ең таппаса бир күн көмек сорайды,
Басқа бәле, барсаң, бармайман сонсоң.

Сондай жаман көрер екен байларды,
Беккем услар ол бәрҳа намыс-арды,
Өзи де азарсыз киси адамға,
Жүдә жақсы сондай әдети барды.

Адамға сөз айтса жағады майдай,
Үйине ким барса қаяқтан қандай,
Сөйлесели мирәт қылып «келиң» деп,
Төринен жай берер ағаң ҳайда-ҳай.

Өтеш ҳәм Дәўлетяр бурыннан таныс,
Көп жыллардан берли бар барыс-келис,
Буннан бир жыл бурын ушыраған еди,
Дәўлетяр басында сондай жаман ис.

Мурат үйленбекши болған ўақытта,
Өтеш болды тап сол үйде қонақта,
Урланды Мураттың алажақ қызы,
Сол ўақ хабар тарап кетти жән-жаққа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш те еситип суўық хабарды,
Қыздың әкесиниң үйине барды,
Өтеш келсе булар жыласып отыр,
Өзлери көрмекте жүдә азарды.

Өтеш билип алды бул истиң көзин,
Қашан, қай ўақта истиң болғанын,
Кимнен хабары бар, қандай не ушын,
Қаслық пенен қыздың урланғанын.

Қыз үйине Өтеш әйне сол мәҳәл,
Ҳәмме жер тынышлық уйықлап атыр ел,
Ешмурат Ерманның үйине келип,
Қыздың кеткен жерин айтты тәўекел.

Гүман қылған жетип барды үйине,
Қәҳәрленип ашыў келип күйине,
Кирип барды ишкериге пәт пенен,
Оралған бир нәрсе көрпе тийине.

Урылардың жаңа келген ўақты екен,
Таң ағарған, дала бираз жақты екен,
Өтешти бул үйге ертип келген,
Ол Мурат далада қалыпты екен.

Еки жигит тикке турды орынынан,
Пыснап дәмин алар еди мурнынан,
Түринен де мәлим бул ким айтпай-ақ,
Бирин теўип жықты Өтеш қарнынан.

Екиншиси пышақ алды қолына,
Анық түсти қанхорлардың қолына,
Өтеш оны түсинген соң турсын ба,
Ғәзеп пенен келди оның жанына.

Пышақлы қолыны көтерди урды,
Өтеш қорықпай қасына келди де туўры,
Пышақты Өтешке силтеген ўақта,
Тутты билегинен сурланды туўры.

Пышақлының қолын Өтеш услады,
Шеп қол менен бүйирине таслады,
Уры да күшли екен, шыдады мушқа,
Өтеш пенен айқасыўды баслады.

Жығылып жатқанда қозғалды әсте,
Емпеңлеп келерди Өтешке пәсте,
Сондай ашыў менен урыны урды,
Ол уры жығылды сол тийген мушқа.

Пышағы да кетти бир жаққа ушып,
Жип алды төрден пышақ пенен кесип,
Бираз жип байлаўлы тур екен төрде,
Қолларын байлады қайырып қосып.

Қанша ашыў болса Өтеште сол ўақ,
Хеш қайсысына пышақ урмады бирақ,
Өтештиң қарыўын билди урылар,
Жатыр ғой байлаўда мисли бир ылақ.

Қыздың басы көринер ол кийизден,
Қыдырды бул жайдың ийесин үйден,
Урылардан басқа адам көринбес,
Үйдиң ишин қарап шықты көз тийден.

Қызды ол ораған кийизди шешти,
Байлаған жиплерди пышақ пенен кести,
Қыз жатыр ораўдың үстинде ессиз,
Даладағы Мурат ядына түсти.

Муратты даўыслап ишке шақырды,
Атты байлап Мурат ишкери кирди,
Бети ашық жатыр қалыңлығының,
Үйге атлап кирген ўақытта көрди.

Байланып еки адам жатыр аларып,
Мурат та олардың қасына барып,
Ҳайран қалды Өтеш батыр күшине,
Ол еки урыны ҳәм қызды танып.

Жигит ол Өтештен уялды әдеп,
Хеш нәрсе көрмеген жас бала себеп,
Сонда да ол қызды көрген ўақытта,
Ярына телмирди жақынлап келип.

Өтеш айтты: «Басын жоқары көтер,
Сондай қылып қызға азырақ суў бер»,
Мурат қыздың басын әсте көтерди,
Қыздың маңлайынан ағар еди тер.

Өтеш сарқым менен суўды әкелди,
Азырақ суў берди, есине келди,
Көзин ашып өз жигитин көрди де,
Тентиреклеп кетип әсте түргелди.

Далада бир даўыс шықты сол мәҳәл,
«Булар мында! Ерманжан-аў мында кел!»,
Деп қышқырған шықты биреў даўысы,
Жылап ишке кирди көзден ағып сел.

«Ата!» деп қышқырды сөзсиз турған қыз,
Әкесине сесленди қыз сол ўақ тез,
— Қызым, жаным, тиримисең, бармысаң!?
Залым урыларды, ол қайда, көргиз,

Қыз жабысар еди ол атасына.
Ата қолын қойын қыздың басына,
«Жылама, жан қызым, жылама» дерди,
Тыйым салалмастан өз көз жасына.

Дәўлетяр оның менен еки адам,
Үйге кирди ҳәммеси болды бир жәм,
Бәршеси ол урыларға қарайды,
Урылар байлаўлы жатыр ол беккем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәғдири Өтештиң қолында булар,
Енди бул урылардың қанша күши бар,
Биреўи өзинше сөйлей баслады,
«Мени урмаң, өлтирмең» деп жалынар.

Мени үгитлеген «Жаман қоңырат»,
«Сен жақсы көресең қызды Шамурат,
Сол қызды мен саған алып беремен»,
Деди мынаў байлы жатырған Полат.

Бизлер бирге гәплесип қойдық биреўин,
Усы үйге келдик кеше-кешқурын,
Бул үйде бир жалғыз ҳаял жасайды,
Ол ҳаялға айттық бул сырдың бәрин.

Ағайин болған соң бул ҳаял маған,
«Не десең де тайынман» деди саған,
Апамыз да жайын бермекши болды,
Қуўанысып кеттик екеўимиз оған.

Бардық түнде Ерман аға үйине,
Жаттық кирип турған отын тийине,
Бир мәҳәл Шүкиржан жалғыз өзи,
Шықты, екеўимиз де турдық сүйине.

Шүкиржан ол ийтжалаққа ас салды,
Бизлердиң барғанды ол билмей қалды,
Полат арқасынан билдирмей барып,
Аўзынан басты да көтерип алды.

Сөйтип бир үйдиң жанына бардық,
Ешмурат дегенге жолығып қалдық,
Екеўимизди жақсы билер еди ол,
Ҳеш кимге айтпаўға ўәдесин алдық.

Ол сол жерден таўып берди еки ат,
Сөйтип бизге берди жақсы күш-қуўат,
«Ал атларды жибер мынаў баладан,
Азанға қалмасын» деди Ешмурат.

Сөйтип ол бизлерди жиберди берман,
Атлар жайдақ, жоқ ҳеш қандай ер-турман.
Бизлерди жиберип, өзи Ешмурат,
Хабар берген екен ағаға Ерман.

Қызды байлап алып гөне кийизге,
Бир кесе шай ишип келгенимизге,
Мингесип келген ол баладан жаңа,
Атларды қайтардық келгеннен изге.

Сөйтип жаңа үйге кирген шағымыз,
Қызды да шешпестен сол қойғанымыз,
Есик пәтли ашылып биреў кирди,
Айқаспақшы болдық онық менен биз.

«Қысқарт!» деди Өтеш алартып көзин,
Айттырмады басқа сөзиниң изин.

Қәне қайтың Ерман, Дәўлетяр аға,
Өзим тексеремен, деди негизин.

Ерман ол Дәўлетяр басқалар бирге,
Рыйза болып қайтты, келмеди тилге.
Олар кеткеннен соң бул Өтеш батыр,
Жақынлады байлаўдағы «әсир»ге.

Өтеш келип булар қолыны шешти,
Үндемес әсирлер, шықпады сести.
«Қәне, сиз жигитлер әрманлы қалмаң,
Урыссаңыз турың», деп кейин бәсти,

—Енди не қылсаң да аға өзиң бил,
Жибер ямаса өлтирип жоқ қыл,
Ислеп қойдық әўел ҳәзил, кейни шын,
Усындай бир жаман исти намақул.

Өтеш айтты: жақсы барың, кетиңлер,
Және қылсаң, жақсылықты күтпеңлер.
Қайта сизлер хызмет қылып халық ушын,
Ер болсаң, ел ушын ис көрсетиңлер.

Табаман мен сени керек гезинде,
Сиз боласыз барлық адам көзинде,
Егер бир жаманлық ис қылсаң және,
Тири жүралмайсаң дүнья жүзинде.

Мине сондай болған еди хызмети,
Өтеш келсе усы үйдиң иззети,
Дәўлетярға туўысқаны келгеннен,
Зыят қылып ислейди ол ҳүрметти.

Бүгин де усындай күтилди булар,
Қонақ ушын айрым қонақ жайы бар,
Өтешти сол жайға киргизди сыйлап,
Үй ишлерин, аманлықты сорасар.

Шүкир ҳәзир усы үйдиң адамы,
Жыйналысар Өтеш келгенде жәми,
Туўысқан ағадан зыят көреди,
Өтеш те сиңлим деп сыйлар мудамы.

Сүйисип қосылған бул Мурат яры,
Шүкирдиң кеўлине тиймес ҳеш бири,
Шүкиржан ҳәм үй адамлары жақсы,
Ҳеш қайсысының болмас жаман пикири.

Көргенниң ҳәўеси келер буларға,
Көнликкен ҳәммеси жоққа ҳәм барға,
Дәўлетяр қырық жыл ҳаял алғалы,
Бир мәрте ҳәм қалдырмаған азарға.

Сонда да ҳаялы «мәтибий» емес,
Дәўлетяр не қылса ҳеш нәрсе демес,
Сондай татыў өмиринше жасайды,
Сен яки мен деген ол сөзге келмес.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны айтқандағы сөздиң мәниси,
Болмаса ҳаялға байының иси,
«Байым қорқады» деп ойлап ол ҳаял,
Азар берер ол байына көбиси.

Небир еркеклердиң ҳаялы жуўас,
Ол ҳаял көзинен тынбас сирә жас,
Себеби, ҳаялды жөнсиз азарлар,
Күнде урыс, күнде жәнжел басабас.

Оларда бундай күн бир күн болмаған,
Бир-биринен ҳеш ўақ кеўли қалмаған,
«Дос болған достының сырын аңламас»,
Деген сөзлер мине буларға болған.

«Дос ашытып айтар, душпан күлдирип»,
Деген сөзди бир нешелер қайтарып,
Достым ғой деп ол ашытып сөз айтып,
Душпанға айланар ақыры барып.

Себеби түсинбес бирине-бири,
Гей бир ерли-зайыплылардың пикири,
Бир ҳаял бар «зор» болсам дер еринен,
Бирақ, зор болажақ ҳаялға ери.

Мине соннан шығар жәнжелдиң басы,
Турмысты көп көрген жас үлкен-жасы,
Жасларға нәсият қылыў орнына,
Жәнжелге себепкер өз қара басы.

Дәўлетярды теңлеп көрсең буларға,
Ҳеш жағынан қусамайды оларға,
Хожалықта ҳәмме нәрсе тәртипли,
Тазалығы кирген дейсең гүлзарға.

Өтеш ғой үйиндей ҳәз етер келсе,
Бул үйде жаңалық бир нәрсе болса.
Әлбетте, Өтешке хабар жиберер,
Өтеш келер, өкпелейди келмесе.

Бул сапар хабарсыз келди тосаттан,
Келатыр ма ямаса бул бир жақтан,
Жүрис еди бурын бундай қураллы,
Қорықты ма я ҳәзирги аўыр ўақтан.

Биреўдиң үйинде жақсы зат болса,
Сол затты урылар түн иши алса,
Ҳеш кимниң қолынан ҳеш нәрсе келмес,
«Кет» дейди ҳәкимге сорасып барса.

Сондай иллетлерден қәўипли шығар,
Ямаса бир жерде урыс-жәнжел бар.
Өзи айтар ўақты менен сөз келсе,
Деп, өзинше ойланады Дәўлетяр.

Аманлық-есенлик сорасып болды,
Шай иштилер бираз деминде алды.
Енди ел ишиниң ишки сырынан,
Гәп сол туўрысында басланып қалды.

Өтеш жанбаслады көпшикке таслап,
Дәўлетярдан хабар сорарды баслап,
— Не жаңалық, жақсылық бар аўылда,
Еситип отырсақ кеўилди хошлап...

— Иним, меннен сорасаңыз жаңалық,
Өзим де еситтим, айтып атыр халық,
Уры-баспашылар көбейип кетти,
Ғалаўыт көбирек болып тур анық.

Бир күни урланса бир үйдиң аты,
Қыдырып табыўға жетпес қуўаты,
Себеби, ҳәкимлер жәрдем бермейди,
Халықтың көбейди ол ишки дады.

Бир ўақыя болды «Қарыс бойында»,
Ҳеш кимниң жоқ еди ол ис ойында,
Қумарпазлар жыйналысқан төртеўи,
Қумарды ойнапты Сәтим жайында.

Сәтим уттырыпты барлық затыны,
Жайыны, үй дасқа, өгиз-атыны,
Ең соңында ойнаўға зат таппаған,
Қойылыпты сол ойынға қатыны.

Сәтимниң қатынын Аллаш утыпты,
Үйинен сол түни шығып кетипти,
Үйинен айрылып қаңғырып басы,
Изленип ертеси қазыға кепти.

Қазы да Сәтимди қуўып салыпты,
Утқанлар затларын бөлип алыпты,
«Барарға жер, батыўға суў таппаған»,
Сәтимниң қатыны ол да қалыпты.

Бирақ ҳаял ол Аллашты қуўыпты,
Тынышлыққа ақыр заман туўыпты,
Айта берсең барып турған шерменде,
Шерменделер шермендеше жүрипти.

— Изи, — деди Дәўлетяр сөзини созып,
Сәтим ол өзинше шежире дүзип,
«Достым» депти ол Аллашқа жалынып,
Аллаш та сезикли қарайды сезип.

Сеннен Аллаш мениң сондай тилегим,
Екеўимиз жорамыз, ал «ақ билегим»,
Ол өзимде қалсын, өзимди қул қыл,
Пайда келтиремен, болар керегим»...

Аллаш оған «гәпиң болмайды» депти,
Бул жәнжел кем-кемнен билмеди шекти,
Ақыры үлкейип булар үйине,
Жыйнады елдеги жасы үлкен көпти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көпшилик не қылсын, ақылын айтқан,
Ақыры болмаған, тарқасқан қайтқан,
Булардың жәнжели үлкейип кетип,
Илажсыздан ҳаял қашып та кеткен.

Ҳәзир екеўиниң қолында қурал,
Майыражақ бир-биреўин сол мәҳәл,
Мине сондай, иним, аўыл арасы,
Басқа да усындай жүдә көп аўҳал.

VII бөлим

АЗАНДА

Азанда шай ишип отырар еди,
Өтеш ойын ашық айтқысы келди,
Сораса Дәўлетяр ағадан соны,
Аўылы ғой ҳәмме жерди биледи.

— Дәўеке қыдырып шыққаным ҳәзир,
Кеўлиме келгенди сондай бир пикир,
Сизлерди көрейин ҳәм аўыл ишин,
Шыққаным тағы да себеп болды бир.

«Шортан көлге» барып едим жақында,
Бир ўақыя дуўшар болғанды онда,
Юсуп баба деген киси бар екен,
Баллары себебли таныстым сонда.

Кишкене баласы Ерлепес екен,
Пирлепес дегени ол оннан үлкен,
Екеўи де қайтпас батыр ер жигит,
Қыдырып барып анық өзин көрдим мен.

Биракта, ол Ерлепес қашып кетти,
Билмедим не ушын ол сондай етти,
Бир күн, күни менен қыдырып таппай,
Әкеси ол усы жақты көрсетти.

«Жиңишке бойын»да балам бар еди,
Мүмкин бала сол жаққа кеткен, —деди,
«Келсе маған хабар бериң» дегендим,
«Келмеди жоқ» деген хабарын берди,

Соны да бир жағы излеп шықтым мен,
Не себептен қашып бунда жүргенин,
Көрсем сөйлемейин деген ой менен,
Шықтым сорайын деп көрген-билгенин.

— Жиңишке бойы да бираз ел, иним,
Келип те, кетип те жүрипти ҳәр ким,
Бул жерлердиң көпшилиги өзбек ғой,
Қарақалпақ болса Бекмурат, бәлким.

Оннан басқа ким бар екен қарақалпақ,
Басын қасып: аўа, және Есиркеп,

Солардың үйинен хабар алынса,
Муратты жиберип астыртын әдеп.

Биз оны зинданға салмаймыз ондай,
Табыў да ол мақсет емес қайда-қай,
Жолшыбай табылса табылып қалар,
Шығар алдымыздан келер бир қолай.

Ҳаўлығып ол Мурат кирди даладан,
«Не гәп?», сорар отырғанлар баладан,
— Өтеш аға, қубла жаққа көп атлы,
Атларын шабысып барар қаладан.

Өтеш ол жастықтан тикледи бойын,
Отыр еди киййинбестен арқайын,
Орнынан турды да кийимин кийди,
Ҳәр-түр пикир бийлеп алғанды ойын.

Төреш ол далаға шықты жүгирип,
Қарады қубла жақ мүйешке барып,
Шынында да, бираз атлы баратыр,
Қала сарбазлары, таныды көрип.

Ишкериге қайтып кирди көрди де,
Өтешке көргенин айтып берди де,
Дәрҳал кийинди де, далаға шықты,
Өтеш алда, Төреш бирге ерди де.

Мурат ол Өтештиң жанына келди,
Төреш болса атын шешип әкелди,
Өтешке сын берип қарады булар,
Өтештиң арқайын екенин билди.

«Атыңызды аға» дегенде Мурат,
«Керек емес, турсын жайда бизиң ат»,
Деди Өтеш, сирә қозғалар емес,
Төрештен де қайтты жедел ҳәм ол пәт.

Төрештиң ойы ол минсе атына,
Кирип барса сарбазлар бир шетине,
Не ушын сарбазлар шабысып барар,
Қосылып түсинсе ол нийетине.

Барайық та қуўып сарбаз изинен,
Демеге Өтештиң өтпей жүзинен,
Ишинен өз-өзи ойланып турып,
Жаўап күтти Өтеш батыр өзинен.

Өтеш айтты: қәне соңын күтейик,
Жаманлық ис болса, бармақ ылайық,
Уят болар билмей қуўсаң биреўди,
Буларға не бар деп, күлер халайық.

Мурат қосшым, сен изинен барып қайт,
Сорас барып, билип келип бизге айт,
Жақынласып жетип бар тез изинен,
Сора биреўинен таўып қолай пайт.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлерди бар деп те хеш кимге айтпа,
Ал анығын билмей бостан-бос қайтпа,
Қандай себеп пенен неге баратыр,
Соны сора, басқа гәпти молайтпа.

«Жақсы» деди Мурат, атыны минди,
Ат туяғы көтерди шаң-орпаңды,
Ат изинде көтерилген шаңғытлар,
Бираз көтерилип және жерге синди.

Узақтан мылтықтың даўысы шықты,
Буны еситкен Төреш және даўрықты,
«Айтпадым ба» дегендей ол өзинше,
Қолға алды ийниндеги мылтықты.

Мылтыққа оқ салып сыйпап-сылады,
Дийўалға илгекке оны иледи,
Өтештиң де ол мылтығын қолға алып,
Затворларын ашып ишин көреди.

Оның да жән-жағын сыпырып артты,
Затворын бир басып кейинге тартты,
Тағы да қайырып төменге басып,
Кручокты басты, мылтық «шырқ» етти.

Өтеш, Дәўлетяр сөйлесип бир шетте,
Жайдың қубла мүйешли болған жақта,
Ара-ара бир-бирине қарайды,
Бир қыялда емес кеўли бул ўақта.

Себеби не ушын мылтық атылды,
Әлбетте, жақсылық емесин билди,
Себеби мылтықты жай атпас хеш ким,
Және тез-тез сес шығып тур тақылды.

Бир сааттай турды булар далада,
Хабар жоқ, келмеди кеткен бала да,
Төрешке «енди сен бар» демек болды,
Хайран болды турып алағадада.

Сол ўақыт қубладан шаңғыт көринди,
Жақынлады, өзи көринди енди,
Шыдамсыз көтерди, қандай хабарын,
Мурат жақынлады шабысы тынды.

Келди де атынан ырғыды түсти,
Баланың көзинде көрдилер жасты,
Бала сөйлемеге шамасы келмес,
Зорға деди: өлтирипти Жолдасты.

— Не дейсен! Ким екен өлтирген оны?
Шақырды Дәўлетяр қалтырап саны,
Өтеш иним, саған айттым, Ярылқап,
Соның хаялының иниси, соны...

Ўақ, бийшара, жап-жас ғана бала еди,
Мураттың досты еди, тез-тез келерди,
Жақында ол бизиң үйге келгени,
Муратбайға күн бойы жәрдем берди.

Муратқа айтарды ол барлық сөзин,
Бийшара алғанды Есенниң қызын,
«Ата!» деди Мурат, көзинде жасы,
Кести Дәўлетярдың сөзиниң изин.

Өтеш басқа сөзди тыңлап турмады,
Басқалардың неге жетерди дады,
Мылтығын ийнине қағып салды да,
Аты байлы қора жаққа қарады.

— Өзим әкелейин атыңды, аға, —
Деди Мурат, Өтеш қарады балаға,
Дәрўазаны ашып ишкери кирди,
Атлар турған ол байлаўлы қораға.

Қорада атыны шешти де минди,
Дәўлетяр қасына келип иркилди,
Дәўлетяр соңындай түсимпаз адам,
Өтештиң мақсетин сол ўақта билди.

Хақ жол, бахтың ашық, бар жолың болсын,
Саған мәдет болып, залымлар өлсин,
Халықтың арыны арласаң, иним,
Мәңгиге тарийхта аўазаң қалсын.

Төреш, Мурат изине ерди,
Бетин сыйпап Дәўлетяр жуўап берди,
Атлар шаўып бираз жерге барғанда,
Нөкерлердиң қашып келисин көрди.

Хаўлығысып келер атлылар шаўып,
Изине қарайды, изинде ме қәўип,
Өтеш ойлап: Жаўлар көпшилик болып,
Келатқан қусайды буларды қуўып.

Өтеш шықты жигитлердиң алдынан,
Қылышын шығарып алды қынынан,
Атлылар атының жылаўын тартты,
Үмит үзип киятырғанлар жанынан.

Қорғанға жеткендей қуўанды нөкер,
«Қәне алға!» деген ўақытта батыр,
Нөкерлер атының басын бурды,
Сүртип таслап көзге тамған маңлай тер.

Атлар шаўып барар Өтеш алдында,
Жалтылдайды полат қылыш қолында,
Келатқан ат шаўып хеш ким көринбес,
Нөкерлердиң қашып қайтқан жолында.

Өтеш әсте тартты атының басын,
Жүрместен тоқтады нөкер жеткен соң,
«Не гәп?» деди жигитлерге жүзленип,
Хеш нәрсениң көрмеген соң қарасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң атпастан хабар келди болысқа,
Жаў қуйылып қалды деди, «Қарыс»қа,
«Қарыс бойы» ҳаял-қызларын алды,
Жесир қылып алып кетти алысқа.

Дегени бойынша биз жетип келдик,
Шын екен, келген соң анығын билдик.
Бир жигит алыпты, бир қыз жоқ екен,
Жаўларды қуўмаға атларды миндик.

Анаў көринген ол дөңге жеткенде,
Атты шаўып жаңа оннан өткенде,
Жети-сегиз адам көринди ойда,
Қәўиплендик енди тоқтай бергенде.

Бизлерге қарата мылтық атылды,
Бизлер кейин қаштық, атыў иркилди,
Соннан қаштық изге бираз жер келип,
Жигитлер иркилип мәсләҳәт қылды.

Жаў үстине жаяў жетип барайық,
Атлы барып батырлықты қояйық,
Деп жаңа атлардан түсе бергенде,
«Жаў келди, атларға минин, қашайық»

Деди биреў, атқа миндик те кеттик,
Атлары жүйриклер алдыға түстик,
Сол қашыўдан келер едик көз жумып,
Сизиң даўысқа биз көзлерди аштық.

«Ақмақлар» деп Өтеш бетини бурды,
Ишинен өзинше ойланып турды.
Ақмақ суў көрместен етик шешеди,
«Қәне, жүриң» деди Өтеш ойланып.

Алға жүрди атын бурып айланып,
Сарбаз айтқан жаққа атын айдады,
Издегилер барар албырап-қорқып,
Дүйт десе қашажақ қыялы да бар.

Өтеш сезип барар болып хабардар,
«Қәне, қайда, көрсет қашқан жеринди,
Мында кел алдыма, қасыма, Айдар»,
Айдар деген еди сарбаз басшысы.

Оның болса мынаў қашып келиси,
Дүйт десе қашажақ соның дәл өзи,
Жаўдан қашқанына келмес намысы,
Өтешти ғой билер еди ҳәммеси.

Өтешти көргени бир емес усы,
Қолында жарағы, бойында күши,
Өтеш қутылады, биледи көрген,
Орап алған жаў болса тумлы-тусы.

Алды далаң таўдай Үстүрт көринер,
Күн шығар арқада бир аўыл да бар,
Онша жақын емес аўыл арасы,
Булар шығып ашық далаға барар.

Сарбаз айтқан жақынлады жайына,
Өтештиң бир пикир түсти ойына,
Атты байлап усы сайдың ишине,
Жаяў бармақ болды душпан сайына.

Ойға түсип ол Төрешке қарады,
Өтештиң жанына Төреш барады,
«Сен барып хабарын билип кел» деди,
«Атлы ма, я жаяў ма? деп сорады.

Атлы барма, алыс емес ғой ара,
Билмесең бағдарын Айдардан сора,
Буғып бар, анаў ғой, деген Айдарға,
Қайтып барыўымды билемен жора.

Деди, оған ҳәкис айтып сөзини,
Сай ишине урып кетти өзини,
Сайдың бир қолайлы жерине шығып,
Тапты адамлардың жүрген изини.

Излер гөне емес, таза из еди,
Келатырса үш төрт адам көреди,
Адамлар Төрешти көрмеди себеп,
Төреш қалың шөпте буғып келеди.

Көрди қолларында мылтығы да бар,
Турды аңлып, қәне булар не қылар,
Мылтығын ийнине салды биреўи,
Сөйтип Төреш турған сай жаққа келер.

Төреш турған жайда қалың шөп өскен,
Төреш буғып жатыр ҳеш үндеместен,
Қасынан ол адам өтебергенде,
Арқасынан тутып шалды жамбастан.

Астына басты да қолын қайырды,
Сестин шығармастан аўзын айырды,
Аўзына тықты да бир шүберекти,
«Өлтиремен, үндеме!» деп буйырды.

Қолыны байлады белбаўы менен,
Душпан ойлап деди: күшли екен меннен,
Болмаса бир пәтке айқасып көрди,
Тынышланды, «жеңилдим» деди, - сеннен.

Быктырып алдына салып ҳайдады,
Қолы байлы, неге жетерди дады.
Өтешлер қасына алып келеди,
Аташ екен бунық сораса аты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш бул адамнан сорақ алады,
Әўели баспашы тәсил салады,
Сөйле деп, Өтеш бир урды оны,
Жудырық пәтине қулап қалады.

Жатқан жайдан Төреш сүйеп турғызды,
— Өлтирме, жан аға, айтқаныңызды,
Айтайын барлығын сорасаң, аға,
Кимлер бунда келтиргенлигин бизди.

Ярылқап бизлерди жетирген еди,
Мениң биреўлерде қастым бар деди,
Соны питкерсеңиз көп нәрсе бережак,
Биз қайдан билемиз бул сиздиң елди.

Кеше түнде келип бир үйди бастық,
Түн ишинде көп нәрсеге шатастық,
Ярылқаптың сиңлисин алып қашқан,
Жолдас дегенди туттық ҳәм астық.

— Қыз қайда? — жекиринип сорады Өтеш,
Өтештиң көзинен сескенип Аташ,
Өтеш ашыўланса анық жүзине,
Адам қарап турыў мүмкин емес ҳеш.

Соныңдай Аташ та Өтешти көрип,
Өлтирер деди ме мени бир урып,
Ысытпа тутқандай қалтырап кетти,
Қорыққаны соншелли, жылар өкирип.

«Билмедим-билмедим» дерди жалынып,
Анаў-мынаў буннан сорақ алынып,
Өтеш айтты: Келген қанша адамсыз?
«Сегиз, сегиз» деди көзлери тынып.

— Ҳәмме бир жерде ме, басқа-басқа ма?
— Жоқ аға, келгенлер бир жерде ҳәмме.
— Енди неге иркилисип қалдыңыз?
— Кетип барар едик азанда ҳәмме.

Бизди сизлер ме я басқа ма, қуўды,
Басымызға жүдә аўыр күн туўды,
Енди бизди аман жибермес дедик,
Бизлер аттық, олар изге қашқанды.

Қашты деп биз турсақ, изине қайтты,
Басшымыз ол Араз буйырып айтты,
— Сен барып хабар, ал келгенлер кимлер,—
Мени жиберип өзлери буғып жатты.

Сизден хабар алыўға мен барардым,
Өзимди бул жигит астында көрдим,
Аспаннан түсти ме, жерден шықты ма,
Жан алғыш өзимше сол шығар дедим.

Өтештен басқалар мыйығын тартты,
Баспашы сол ўақта көз жасын артты,
Бирақ Өтеш бир турысын бузбады,
Өтештиң минези соныңдай қатты.

— Ким басшыңыз, Жолдасты ким астырды?
Оның үйин билип ким баслап барды?
— Араз деген еди басшымыз бизиң,
Сол береди кимге берсе азарды.

— Бар ма өзи оның усы арада?
— Өзи мен кеткенде қалды, бар еди.
Өтеш бир жигитке тапсырып буны,
Басқаларға тикленип бир қарады.

Баспашылар булар келгенин көрген,
Жақынлап келиўин қарасып турған,
Бирақ булар сайға түсип шықпады,
«Сырттан бақла» деп Аташты жиберген.

Аташ болса сондай гүмансыз келер,
Төреш барын ол қаяқтан не билер,
Түсип қалды жан алғыштың қолына,
Билмейди турыпты ол қашан өлер.

Өтеш жигитлерди ертип изге,
«Буғып барар, көринбең» дейип көзге,
Өтеш жигитлерге буйрық берди де,
«Мурат, сен қал, ерме» деди бизге.

Қылышын қынынан суўырып алды,
Ғәзеп пенен Өтеш алға умтылды,
Бир шақырым шықпас душпан турған жер,
Төреш бир қапталдан жағалап келди.

«Алға!» деди Өтеш душпанды көрип,
Душпан өзин алалмады оңғарып,
«Қолыңды көтер!» деп бақырды Өтеш,
Қылыш урар Төреш қулашын керип.

Төреш еки-үшеўин қулатты жерге,
Душпан қол көтерди бәршеси бирге,
Ғәзеп пенен қылышын услап турды,
«Баспашы жарағын жыйнаңлар» деди.
«Бәршесиниң қолын байлаңлар» деди,
«Қосақлап бул залым баспашыларды,
Аўылға қарата ҳайдаңлар» деди.

Баяғы қорқақлар болды баҳадыр,
Биреў-биреўге дейди «былай тур»,
Байлап душпан қолын арқа қайырып,
Аямайды, байлап болып урып жүр.

Жудырықты көтереди биреўи,
Бирине жабысып урар екеўи,
Душпанлардың қуралларын алған соң,
Сондай өсти сарбазлардың кеўили.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ Өтеш оны көпке созбады,
«Болды, қойың» деди, хеш урғызбады.
Қылыштан жарадар болған үшеўи,
Биреўи өлипти, көмилсин, деди.

Анаў екеўинин жарасын танды,
«Көтер» деди баспашыға жарақты,
Өзин өзлерине көтертип Өтеш,
Деди: халыққа көрсетемен бәриңди.

Буларды Төрешке Өтеш тапсырды,
Жолдастың аўҳалы еси де, дәрти,
Қасына Муратты алып екеўи,
Олар Жолдас үйине кете берди.

Жолдас туўрасында хеш сөз болмады,
Аташ айтыўы да үзилип қалды,
Соның ушын түсиндирип кетейик,
Жолдас қандай бул иске дуўшар болды.

Жолдас белгили ғой кимлиги оның,
Ярылқап ҳаялы иниси соның,
Булар ерегисип белгили баста,
Ерегиске себеп болғаны нениң.

Сол ушын ўақытты алмайық босқа,
Не ушын асылды, айтайын қысқа,
Жолдастың өзи де қумарлаў еди,
Анаў-мынаў болағойса урысқа.

Бирақ, шынында да сүйер бир қызды,
Баста бул туўралы да еситкенсизди,
Ярлықапқа руўлас Есен дегеннин,
Қызына байласып қойғанды сөзди.

Мине соның қызы ол Талўасханды,
Алты күн болғанды қудай қосқанды,
Бурыннан да қас жүрген ол Ярылқап,
Еситип өртенди хәм күйип жанды.

Баспашылар Ярылқапқа таныс ты,
Арын алмақ ушан бәнелеп исти,
Кеше түнде келген еди үйине,
Баспашылар бирлесип хәм кеңести.

Кеңес: қызды қайтарыў — бул биринши,
Ҳаял байын өлтириў —бул екинши,
Жолдан келер «Қарыс» адамын талап,
Қарсы шықса бәрин қырыў — үшинши.

Мәсләҳәт сол болды, Ярылқап басшы,
Он киси келдилер сол түнниң иши,
Мақсети де солай еди дүзилген,
Жолдастың үйини басты биринши.

Үйиниң ишиниң бар затын алды,
Жолдастың мойнына «сыртмақ»ты салды,
Үй алдында шығар оның маслығы,
Соған асқан болды, кетти де қалды.

Жолдастың ҳаялы Талўасты болса,
Баспашылар биреўлери қәлесе,
Соларға бермекши ойында болып,
Өлтирмекши, егер бир нәрсе десе.

Ярылқап Талўасты сүйреп шырлатып,
Жағасынан услап кийимин жыртып,
Баспашылар қашып қызды алып кетти,
Түнниң иши бир жақларға сүйретип.

Ярылқап жиберген ҳаялының үйи,
Енди соны талаў булардың ойы,
Соның менен барып көрсе ҳаялын,
Жоқ үйинде өзи хәм барған байы.

Әри күтти, бери күтти, келмеди,
Таң да атып кетти, енди болмады,
Үйдиң есигиниң хәм қулпын бузды,
Алды үйдиң затын, заттан қалмады.

Алғанлар тийеп ешекке, атқа,
Арасында қарап қойды сыртқа,
Себеби күн шығар ағарып кетти,
Қашыў керек аўылдан сырт бир жаққа.

Ярылқап Талўасты өзи алып кетти,
Баспашы хәммеси жарлыққа жетти,
Атларды, ешекти байлап бир жерге,
Келип усы жарлықты мәкан етти.

Биреўи бийикке шығып қараса,
Көп атлы киятыр бийиктен аса,
Хабар берди: қуўып келер бизлерди,
Нөкер шығар, деди Араз сораса.

Ярылқаптан, қыздан басқалар еди,
Тоғыз киси үш мылтығы бар еди,
Биреўи затлардың қасында қалды,
Басқалар қуўғыншы алдына барды.

Нөкерге жетпестен оқ атты қарап,
Нөкерлер изине қаштылар тарап,
Тоқта-тоқта деп қышқырдылар баспашы,
Оннан кейин қашты нөкер тырқырап.

Сонсын қараң бастағы ўақыяға,
Сөз изи бөлинип түрли қыялға.
Жолдас пенен қыз Талўасқа не болды,
Толық хабар бермекшимиз аўҳалға.

Жолдасты шығыр маслығына асты,
Баспашылар ол асыўды алжасты,
Алжасқаны — аяқ-қолы бос Жолдас,
Шығар көмешине аяғын басты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолы менен беккем жипти услады,
Мойнындағы жипти алып таслады,
Баспашылар қараңғыда сезбеди,
«Астық ғой» деди де тарқасып кетти,

Жан хәўлети Жолдас буннан босады,
Шығыр салма менен буғып қашады,
Қанша умтылмасын, мәдары кеткен,
Аннан-саннан зорға аяқ басады.

Баспашылар шықты Жолдас үйинен,
Не келгенин иследилер қолынан,
Жолдастың затларын қалдырмай алып,
Кете берди кишкене жап бойынан.

Жолдас халдан тайып жығылды барып,
Турыўға халы жоқ, қалыпты харып,
Сол жатқаннан жата берди салмада,
Таң саз берди күн шығар жақ ағарып.

Жолдастың анасы бир жаққа кеткен,
Бул хабар таң ата оған да жеткен,
Тек өлмеген, бирақ бийшара кемпир,
Басынан жаман сөз зардабы өткен.

Узақ емес еди кеткен жери де,
Кемпирге еситилди сөздиң бәри де,
Әсиресе, Жолдасты асты дегени,
Өзим өлмей не аўҳал деп тириде.

Дад салған жылаған кемпир наласы,
Аяққа турғызды аўыл арасын,
Жылатпай қоймайды тас болсам кеўил,
Еситкен хәр адамзаттың баласын.

Гей жерде отырып, гей жерде турып,
Келатқан кемпирди ол Мурат көрип,
Не болды апай деп сораса Мурат,
Жолдасты асыпты, — дейди өкирип.

Кемпир аўҳалына Мурат та жылап,
Кемпирди әкелди үйине сүйеп,
Қараса, үй иши шашылып жатыр,
Инанбасқа гүман қалмады себеп.

Соннан Мурат қайтты үйине келди,
Қайтып келип Өтешке хабар қылды,
Баспашылар келип аўыл ишине,
Бүлдирип кеткенин Өтеш те билди.

Кейинги ислерге таныссыз баста,
Аўыр жағдай болғанын еки жаста,
Айралыққа түсти, изи не болды,
Әсиресе, жас хаял ол Талўасқа.

Талўасты Ярылқап өзи алып кетти,
Ағасына сондай қайырхомлық етти,
Есенге үйини аштырып түнде,
Мине қызың, ийе бол, — деп көрсетти.

Ярылқапқа жақсы қылдың демеди,
Қызға да, буған да хеш үндемеди,
Қыздың анасы да еситти сөзин,
Билсе де үндемей жатырған еди.

Ярылқап ишкери сөйленип кирди,
«Кише» деди оятқан боп кемпирди,
— Турсаң бойма, қызыңды мен әкелдим,
Бизди тири көмген бул урныққырды.

Кемпир өз қызына сөйлеген болды,
Қыздың кийим басларына сер салды,
Шашы әлбе-дәлбе, жыртылған кийим,
Бешбенттиң жеңлери көйлекти алды.

Кемпир Ярылқапқа сондай қарады,
Ярылқаптан әри-бери сорады,
Не жумысың бар биз бенен, дегендей,
Ярылқапты кемпир ишинен ғарғады.

Есен әке, Бағдаш анасы қыздың,
Көп сөз неге керек, қысқасы сөздиң,
Ярылқаптан басқа хәмме мақуллар,
Мақтар «қоса тарындай» деп қобыздың.

Не қылсын, мынаўдың қылығы жаман,
Бир зат десе, буннан қутылмас аман,
Соның ушын анаў-мынаў демеди,
Жолдасқа не болды, сол жағы гүман.

«Үйден шығарман» деп ол буйрық етти,
«Ертең келемен» деп шықты да кетти,
Ярылқап кеткен соң кемпир, ғаррыд а,
Қызға сондай мийирманлық көрсетти.

Жолдас қайда, тийме ди ме балаға?
Талўас шыдай алмай турған анаға,
Өкирип жылады өзин туталмай,
— Мойнына жип салып шықты далаға.

Соннан соң билмедим қандай болғанын,
Тири ме, я душпанлардан өлгенин, —
Деди Талўас еки көзин жас жуўып,
Айталмады оннан соңғы көргенин.

Ана да қосылып жылады әстен,
— Жан балам, азапқа шатыстың жастан,
Балам бахты ашылды ма деп едим,
Ажыратып алмас едик Жолдастан.

Әкеси Есен де қыйналар қызға,
Ләнеттиң жәрдеми не керек бизге,
Ким буннан жәрдемди сораған екен,
Соны айтып кемпир қосылды сөзге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң да атты, тыным болмады үйде,
Жыласар кемпир, қыз, Жолдас ғой ойда,
Қолдан келер оларда хеш илаж жоқ,
Тамнан тасласа да, оннан не пайда.

Таң атты, Есен шал үйинен шықты,
Қоңсылардан биреў келди, жолықты,
Түнде баспашылар Қарыс бойында,
Еки үйдиң барлық затын алыпты.

Хәзир ғана хабар келипти соннан,
Жолдас айрылыпты геўдеде жаннан,
Түнде шығыр маслығына асылып,
Анығын еситкен азанда таңнан.

Буны еситкен соң Есен түрленди,
Қыйналды, қысталды, ашыўы келди,
Ары турды, бери турды далада,
Шыдап туралмады, байлады белди.

Үйине кирди де шекпенин алды,
Кемпир менен қызына да сер салды,
Далада еситкен барлық сөзлерди,
Кемпир, қызына да айтпақшы болды.

Және де ойлады, айтыўды қойды,
Сонда да, Балданка, кемпир мен, — деди,
Хәзир анаў жаққа барып қайтаман, —
Деп далаға шығып кетпекте еди.

Кемпир изинен шықты далаға,
— Ярылқап келер, азар берер балаға,
Соның ушын тезирек кел, ағасы,
Өзин жуўап айтарсаң ол бәлаға.

Жақсы яки жаман демеди ғарры,
Ишинде еситкен, билгенниң бәри,
Бир киширек таяқ алды қолына,
Сондай өзгергенди Есенниң түри.

Нийети Жолдастың үйине барыў,
Не аўҳаллар болды көз бенен көриў,
Қызын алып қашқан болса да Жолдас,
Жолдастың әкеси досты еди Зәриў.

«Зәриў» деп те қойған Есенниң өзи,
Зәримбет еди исми оның негизи,
Сораганға берер еди бар затын,
Өзи зәриў болып жүрерди изи.

Зәримбет ол палўан еди жасында,
Есен досты бәрха бирге қасында,
Бирақ ол Зәримбет өлип те кетти,
Елиў жасқа толар толмас тусында.

Өлгенине мине он жылдай болды,
Зәримбеттен жалғыз Жолдас қалды,

Басқа да балалары болған еди,
Бирақ балларының барлығы өлди.

Соңғы улым Жолдас болсын өзиме,
Қәўендер хәм қостар болсын изиме,
Деп өзиниң қойған баланың атын,
Билер аўылында таныған хәмме.

Жолдас ол өзиде қарыўлы болды,
Хәр жерден пайыны айырып алды,
Егер биреў жөнсиз жәнжел шығарса,
Жаманлар басына қара күн салды.

Есен қызын Жолдас жақсы көрерди,
Жолдастың анасы айттырып барды,
Бермеймен демеди, қалың көп салды,
Бул қалыңды таўып бералмас еди.

Ары жүрди, бери жүрди ойланып,
Қалың мал табалмай жүдә қыйналды,
Бир күн қызды көрди Жолдастың өзи,
Әўел турды айталмайын уялып.

Қыз да уялса да жақсы көрген соң,
Жастан ол Жолдасқа кеўил берген соң,
Кеталмады жигитиниң қасынан,
Жигит жанына жақын келген соң.

Қыялап наз бенен қарар Жолдасқа,
Бул турыс мәлим ғой айтпай-ақ жасқа,
Кеўлиндегин айтпақшы болған жигит,
Айталмады хеш қандай сөз Талўасқа.

Талўастың ол өзи баслады сөзин,
Жигитине күлип ойнатып көзин,
— Қабағыңнан қар жабады бәрхәма, —
Деди, — сөйлең, еситейик сөз негизин.

— Талўас, — деди бираздан соң ол Жолдас,
— Булайша жүриўге шыдамым болмас,
Мәйли, әкең бермес қалыңды салды,
Табаман сен ушын саў болса бул бас.

Егер әкең душпан сөзине ерсе,
Ләбзин жутып сени басқаға берсе,
Онда мениң қыз алмастан өткеним,
Излеймен мен сени қайда жиберсе.

Қыз әўели ойламады ол жағын,
Қалың малдай бир бәлениң барлығын,
Бир қырын Жолдасқа қарап турған қыз,
Билмеди Жолдасқа жалт қарағанын.

— Жолдас, — деди, — мениң саған кеңесим,
Ертең кел аўылға күн бата геўгим,
Хеш кимниң көзине көринбей келгил,
Сонда көрсетемен мен саған сәўтим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизин үйдин аркасында ларға кел,
Мени сүйсен саған интизарға кел,
Исенемен саған әлбетте, ярым,
Исенген өзиңе сәўер ярға кел.

Мени десең, маған өзиң таяр кел,
Душпаннан корыксаңыз таңда сәхәр кел,
Мен таярман, сени сүйгеним сонша,
Мен күтемен ярым сени, зинхар кел,

Мен сени билемен, таныспан жастан,
Екеўимизди шайыр жазса бир дәстан,
Сени билген әкем мени сынады,
«Баскаға беремиз,-деди Жолдастан».

Мен үндемей далаға кеттим,
Бирак та шынында мен кәўип еттим,
Әкемниң шешеме айтканы болды,
Мен туўралы айткан сөзин еситтим.

Сол ушын ертеңге кояйық сөзди,
Бир косылып турмыс қылған соң бизди,
Не деп айтса айта берсин адамлар,
Ер болсаң күтемен айткан ўак сизди.

Талўас хошласпастан кетти де қалды,
Жолдастың кеўлине ғалаўыт салды,
Инанарын, инанбасын билмеди,
Өзинше хакыйкат ўәдеге алды.

Ертең күн бойына Жолдас ойланды,
Түрли қыялларға басы айланды,
Ол кешеги қызға берген ўәдеси,
Гә куўанды, гә ўақлары қыйналды.

Куўанғанның, қыйналғанның жөни бар,
Жас та болса көп ислерден хабардар,
Қыска ойлап, изи шатак болмаса,
Бүгин алып қашып кетсем сени яр?

Түске жакын айтты анаға сырын,
Ана да ойланып айтты пикирин,
Қыздың өзи кайыл болса, алып кел,
Көрермиз соңында бахытта барын.

Барды түнде қыздың айткан жайына,
Түрли пикир келди Жолдас ойына,
Жолдас бир саттай болды келгели,
Бир мәхәли кыз да келди сүйине.

Талўастың қолында түйиншик те бар,
Кушак ашып көристилер интизар,
Ол кыз жигит мойнына ернин қойды,
Кушактағы ярға жигит куўанар.

Ярдың колын босатып өз мойнынан,
Кыз басын көтерди жигит ийнинен,

— Басла, кеттик, ойын-күлки табылар, —
Деди Талўас шығып Жолдас койнынан.

Мине сөйтип қосылыскан еки жас,
Душпан арасына түсип калды кас,
Бир-биринен ажырасты екеўи,
Билмейди аўхалды Жолдас хәм Талўас.

Еки жастың арасында болған сөз,
Қыскашасын усылай тамам қылдық биз,
Сөз үзилип калған жерди жалғайық,
Жалықпаслық ушын оқыўшымыз сиз.

Күн сәскеге келди, Өтеш хәм Мурат,
Жолдас үйи алдында токтатты ат,
Адамлар жыйналған жайдың қасына,
Кемпир жылап шаўкым салар ўай-дад.

Өтеш атын байлайдылар келип,
Өтешти келген ол хәким деп билип,
Индеместен Өтеш кирди ишкериге,
Хайран болды Өтеш ишкери кирип.

Жолдас кайда? деп сораўға қысынды,
Қысынғанын сонда тек Мурат билди,
Себеп Өтеш жән-жағына каранар,
Жолдас жок, азырак турып иркилди.

Адамлар ойларды, жаў алып кеткен,
Кула дүзде Жолдас атылған өлген,
Жолдас сондай дүзде өлген деп ойлап,
Адамлар Жолдастың үйине келген.

Бирак Өтеш ойлар еди баскаша,
Мурат айткан Жолдас халын кыскаша,
Жолдастан дерек жок, өли, я тири,
Көринистен көринип тур өзгеше.

Узак ойланбаған бул истиң паркы,
Қандай болған соралмаған алды-арты,
Өтештиң өзи де қысынды жүдә,
Мураттың колынан далаға тартты.

Мурат пенен шығып кетти бир шетке,
Бул кандай дегендей карар Муратка,
Мурат та үндемей төмен карайды,
Ол өзинше калдым ба деп уятка.

Күн батар жак биреў болғанды пайда,
Гә жүреди, гә отырар хәр жайда,
Өтеш батыр көзи түсип карады,
Бери карап жүрип келерди ойда.

Анаў ким, ол берман келмекте, Мурат,
Өтеш караған жакка карады жалт,
Мурат карап еди, келмекте Жолдас,
«Жолдас, Жолдас» деди бир неше рет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтти де, Жолдасқа жүгирип кетти,
Жолдас деген сөзди көплер еситти,
Мурат Жолдас пенен сөйлесип келер,
Булардың қасына көп адам жетти.

Балам тири, әне киятыр кише,
Кемпир «рас па?» деп ентикти неше,
Еки-үш жығылды үйдин ишинде,
Даладағы есикке ол жеткенше.

«Балам-балам» деген ана даўысы,
Өзин туталмады еситкен киси,
«Биреў қуўанып, биреў қыйналып жылар»,
Деген халық мақалы шынында да усы.

Көзден жас ақпаған адам көринбес,
Көз жылап турса да, адам кеўли мәс,
Жолдас адамларға жақынлап келди,
Өлип қалды деген келатыр Жолдас.

— Балам, балажаным, бармысаң тири,
Бир сүйейин маңлайыңнан, кел бери,
Айнанайын өзиңнен ҳәм елиңнен,
Сениң ушын қыйналды журттың бәри—

Деп ана көзинен төгилгенди жас,
Үймелесип қалды адамлар тутас,
Адамлардың арасына қарайды,
Жолдас табалмады ярыны Талўас.

Жолдастың бир күнде солыпты жүзи,
Зорға шығар еди аўзынан сөзи,
Жүзинен қан қашып сарғайып кеткен,
Ағы көринбейди қызарған көзи.

Жолда айтты Мурат Өтеш батырды,
Өтеш душпанлардың бәрини қырды,
Өтешти еситкен Жолдас әзелден,
Өтештиң жанына жақынлап барды.

Жолдас жақын келди Өтешти көрди,
Жолдас келип Өтешке сәлем берди,
Кемпир, Өтеш кирдилер бирге үйге,
Жолдас, басқалар да изинен ерди,

Кемпир төсек салды адамлар ушын,
Адамлар толтырды ол үйдиң ишин,
Адамлар көз айдын айтып атыр,
Бәршемизге бирге, — деди Гүлпаршын.

Гүлпаршын жеңгейге көз айдын айтты,
Көп адамлар сыймай изине қайтты,
Себеби үй адам менен толған соң,
Ишкери кириўге мүмкин емести.

Жолдастың анасы Гүлпаршын кемпир,
Бунын да, кемпир де ҳәм Өтеш батыр,

Ҳеш ўақыт бир-бирин көрмеген еди,
Өтеш ким екени кемпир ушын сыр.

Таныс емес Өтеш батырға қарар,
«Бул не қылған киси, не жумысы бар»,
Баласының аманлығын билген соң,
Енди Өтеш туўрысында ойланар.

Өтеш ол далаға шықты көп турмай,
Бир адам сол жерде деди «япырмай,
Мынаў жигит палўан ямаса батыр»,
Деди бир киси үйге киралмай.

Мурат айтты: — Танымайсыз ба сизлер?
— Көрмесек қаяқтан таныймыз бизлер?
— Өтеш батыр деп еситкен шығарсыз,
Әне сол батыр ғой көрмесеңизлер.

Ҳәмме бирден ол Муратқа қарады,
Өтеш дейсең бе? деп қайта сорады,
Көрмесе де Өтеш атын еситкен,
Адамлар Муратқа жақын барады.

— Батыр онда душпанларды услайды,
Услағанда қоймай, езип таслайды, —
Дегенлер сөзини тоқтатып Мурат,
«Тутты ғой!» деп көптиң кеўлин хошлайды.

— Батыр түнде қаяқтан билген деди,
Түнде бизиң үйде қонақта еди,
Азанда еситти усы хабарды,
Еситип келди де жазасын берди, —

Дегенде Муратқа исенбей турды,
«Қойсаңа!» деп көплер жүзини бурды,
Сол арада шаўқым шықты далада,
Аяқ даўыслары, аттың дүбири.

— Әне, тутылғанлар келип те жетти, —
Деп Мурат далаға шықты да кетти,
Адамлар да шықты қалмай далаға,
«Әне» деди Мурат қолын силтепти.

Дөгерегин орап алған он атлы,
Ийтерер, гә тебер душпанды пәтли,
Биреў урса, биреў жаман сөгеди,
Баспашылар байлы, булар қуўатлы.

Тоғыз баспашыны отыртты жерге,
Ярылқап та отыр қосылып бирге,
Дөгерегин көпшилик орап алды,
«Келсин» деди Жолдасқа ҳәм кемпирге.

Екеўи де шығып келди үйинен,
Әўел Жолдас, кемпир оның кейининен,
Мурат келип ол Жолдасты сүйеди,
Көпти көрип Жолдас ядына түсти,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дем бермей, өкпеси көкирек қысты,
Еки-үш адым атып олар қасынан,
Және әсте-әсте кейнине басты,
Жолдас өз-өзинен сондай қыйналды.

Көзи тынып ҳәм басы да айналды,
Өтеш бул аўҳалды дәрриў сезди де,
Душпан менен сөйлесиўди ойлады,
Ярылкаптың көзи Жолдасты көрди,

Басын көтералмай жер сызар еди,
Өтеш Ярылкапты танымас еди,
— Ярылкап дегениң қайсыңыз? — деди.
Еситсе де үндеместен отырар,
Ғәзеп пенен оған адамлар қарар,
Як, деген батырдың ашшы даўысы,
Ярылкапка тийгендей болды қанжар.

Орнынан турғанын билмей-ақ қалды,
Өтеш «берман кел» деп шақырып алды,
Узынлаў бир жипти дәрриў алдырып,
Оны Ярылкаптың мойнына салды.

Жерге көмиң тирилей, — деди биреў,
Адамлар даўысқа қарады дәрриў,
Қараса, қыз әкеси Есен екен,
Не қылып жүрипти, дейисти мынаў?

Есен, Өтеш қасына жақын келди,
Ярылкап ғаррыға сондай тығылды,
Қызымды таўып бер дегендей буған,
Кеше түнде үйге қызды әкелди.

Түни менен қан қуйылды үйиме,
Бундай ислер келмегенди ойыма,
Хеш нәрседен хабарсыз жатыр едим,
Ярылқап келди мениң жатқан жайыма.

Еситтим хабарды таң атқан ўақта.
Еситкеним жаман хабар бирақ та,
Келсем, ол хабарым өтирик шықты,
Қуўанғаннан көзимди жас жуўмақта.

Зәримбет, Гүлпаршын қәдирдан маған.
Он қызым болса да беремен оған,
Меннен көрип турған шығар биразлар,
Ярылқапты жиберген ғой деп соған.

Қызым кеткен күни, дурыс, қыйналдым,
Бул үйге келгенин еситип алдым,
Нийет қылғаным да усы болған соң,
Кемпирим, өзимде қуўанып қалдым.

Дурыс, журт дәстүри қалың салғаны,
Бирақ оннан бир сом да жоқ алғаным,
Қызымды бул бала алып қашса да,
Билмедим мен бунда келип қалғаным.

Себеби еситтим жаман хабарды,
Шыдамадым қойдым ол намыс-арды,
Көзим менен көрейин деп келгеним,
Жесир кемпир, жетим мынаў балларды.

Өтеш иним, мениң ол саған арзым.
Зәримбетке бар еди ләбиз қарзым,
Ел-журттың ишинде болмаған дәстүр,
Мен мутка беремен, Жолдасқа қызым.

Қозғалысып қойды турған адамлар,
Адамлар ойларды, Жолдасты айтар,
Қызын алып қашқан, жәбир көргенин,
Дерди, Өтешке айтып шағынар.

Сөйтип Ярылқапты ақлар, деп еди,
Баска да ғаррыдан қәўип көп еди,
Көпшиликтиң ойлағаны болмады,
Шыннан ғарры ҳақ нийетке кеп еди.

— Ағайин бе саған мынаў Ярылқап?
— Ағайин болғаны қурысын буның тап!
Жаман сөзлер айтпақшы болған еди,
Өтеш саўалына ойланды токтап.

— Буны ассақ қандай көресиз өзиң,
Үйинде қалды ма, келди ме қызың?
— Өтеш иним, ағайиниң бе дейсең,
Дурыс, бул руўлас ағайин бизиң.

Егер буйырық болса, өлтирсем өзим,
Үй жақтан алдырсам, ал келсе қызым,
Қызым да бийшара ырза боларды,
Кәламулла урсын, шын мениң сөзим.

Буны өлтиргенде қыйнап өлтириң,
Болмаса өлтир деп, сиз маған бериң,
Зәримбеттиң қызын алып бергенмен,
Халық, досларым билесиз бәриң.

Бийшара Саятхан гүнасыз еди,
Биреў менен «ойнаслық» қылды деди,
Буның ол ҳийлеси биреўден көриў,
Оны дуйым журттың бәри биледи.

Саятхан қутылып тийди басқаға,
Мәлим бәршемизге, елмиз бир жаға,
Өзи қуўды, енди не жумысы бар,
Изин қуўа берип маныў «қасқаға».

Буған хәр не қылсаңыз да аз болар,
Тири жерге көмсеңиз де саз болар,
Бизден соңғы әўладлар хеш көрмесин,
Бирақ, ибрат болып дүньяда қалар...


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғаррының сөзи де аўзында қалды,
Бир ҳаял жақынлап ўай-ўайын салды,
Қасында бир жигит муңайып келер,
Адамлар қарасты: тағы не болды?

Жылап киятырған Саятхан екен,
Азанда екеўи үйине келген,
Есиги бузылып, заты қалмапты,
Жолдасты еситип бул жерге желген.

«Жығылғанға жудырық» дегени усы,
Саятханның қалмапты ҳеш түри-түси,
Үсти-үстине болды сондай ўақыя,
Өзиниң де бузылған ғой турмысы.

Соны ойлап сондай хорлығы келер,
Жолдас саў қалғанын қаяқтан билер,
«Жолдасты асқан» деп еситкени сол,
Басқа ҳеш нәрсени ойламас олар.

Адамларға қарап келди аралап,
Адамлар ишинде Жолдасты барлап,
Жолдасты көргеннен қушағын жайды,
«Қарағым, қарағым» дерди қушақлап.

Басқа сөз айтыўға тили бармасты,
Қушақлап жылайды көкирекке басты,
Көп жыл көрмегендей жибермес сирә,
«Айланайын, қарағым» деп Жолдасты.

Бул ўақыя түскеннен соң араға,
Өтештиң де пикири аўып оларға,
Ярылқаптың мойнына жип салынып,
Асылмастан тоқтап қалғанды дарға.

Ярылқапқа көзи түсти Саяттың,
Мойнында жип, қолы байлы сурбеттиң,
Дәрҳал ол түсинди усыдан болған,
Мойнына қыл арқан түсипти ийттиң.

Кеўлинен өткизди усы сөзлерди,
Өлтирмекши болған екен бизлерди,
Үйде болмағаным жақсы болыпты,
Шүкир, құда жарылқағаны дерди.

Бирақ буны кимлер қаяқтан тутқан,
Батыр екен қаҳарманлық көрсеткен,
Халық ғамын ойлағанға рахмет,
Биздей бүлингенге ғамхорлық еткен.

Жолдас айтты: Өтеш ағаға айтсаң,
Оның менен сен бурыннан таныссаң,
Залымларды бул жерлерде аспасын,
Мурат достым соны сен айтып қайтсаң.

Саятхан Өтештиң атын еситип,
Адамлар ишинен алдына өтип,
«Иши жанса, жанып өлсин» дегендей,
Турды өзин Ярылқапқа көрсетип.

Көз астынан Ярылқап бир қарады,
Қарағанда неге жетерди дады,
Өтеш Саятханға бир қарап қойып,
Ярылқаптан сондай саўал сорады:

— Ярылқап, сен адамларға айт кәне,
Адамлар бәрибир сеннен кәм тәме,
Бул аўҳалды бираз киси еситти,
Бирақ жалған сөйлеп булғытпа және.

Ярылқап не айтсын, төмен қарап тур,
Дөгеректе жыйналғанлар болып қур,
Ғәзеп пенен Ярылқапқа қарайды,
Басқа баспашылар бүк түсип отыр.

Саятханға «бери кел» деп шақырды,
Саятхан Өтештиң жанына барды.
— Қәне, қарындасым сен не айтасаң?
Көп көргенсең бул залымнан азарды.

— Өтеш ағай, мен ғой көп көрдим азар,
Гүнасыздан мени қуўғаны да бар,
Өзи қуўды түрли ғарамет тағып,
Дуйым журттың мине бәри хабардар.

Кеше кисим менен қыдырып кеттик,
Алыслаў болған соң азанда қайттық,
Келсек, үйди уры талап кетипти,
Көп затлар бар еди, бәрини жойыттық.

Сөйтип турсам жаман хабар еситтим,
Жүрегим жарылды, мен сондай қорықтым,
Жойылған нәрселер көзге көринбес,
Жүгире-жүгире бул жерге жеттим.

Келсем, мине көрип турман сизлерди,
Өлген деп иниминиң хабарын берди,
Иним аман екен, құдайға шүкир,
Енди әрманым жоқ, өз көзим көрди.

Бирақта тилегим сизлерден менин,
Тыңлаң, тыңламаңыз өзлериң билиң,
Мынаў залымлардың ишини жарып,
Ишиндеги тас жүреклерин тилиң.

Сондай болса екен деймен залымды,
Билип турсыз мынаў мениң ҳалымды,
Кеше түнде бизлер үйде болғанда,
Бизге не болары сизге мәлимди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тири қалса көп адамды заялар,
Ел-журттан айрылған бул сырғыялар,
Әсиресе, мынаў залым Ярылқап,
Жоқ қылынса деймен көзден, ағалар.

Сол жердеги турған ҳәмме адамлар,
Бир-бирине: Саятхан дурыс айтар,
Қырыў керек залымлардың бәршесин,
Мойнында буларға өлим жаза бар.

— Араз, берман шық! — деди Өтеш қатты,
Бул сөз ол Араздың жүрегинен өтти,
Баспашылар арасынан түргелип,
Ярылқаптың қатарына кеп жетти.

— Қаяқтан танысып жүрсиз Ярылқап?
Жуўап айталмастан турды қалтырап,
— Неге сөйлемейсең! — деди жақынлап,
Өтеш Ярылқапқа тикленип қарап.

Гүнасы мойнында, сөз жоқ айтарға,
Өтеш буйрық берди барлық нөкерге:
— Сизлер алып барың бәрин Қоңыратқа,
Қалада асамыз буларды дарға.

Нөкерлер буйрықты бежериў ушын,
Араласып турған адамлар ишин,
Баспашыны айдадылар қалаға,
Көпшилик ишинде алмақшы өшин.

Өтеш пенен Мурат иркилип қалды,
Бир жақлы қылмаққа мынаў аўҳалды,
Баспашылардың урлаған затлары,
Толып жатыр Жолдас үйиниң алды.

Жолдас ол Муратқа айтқаны болды,
Өтеш еситти ме? деп ҳайран қалды,
Сол мәҳәл Муратты шақырды Өтеш,
Мурат жуўырып Өтеш қасына келди.

— Мурат, сен ҳеш қайда кетпе, бунда кел,
Ал, сен Жолдас, затларынды танып ал,
Жолдастың ҳаялын тезде алдырың,
Той баслаймыз адамлар тарқамай.

Есен баба өзиң, қәне, той басла,
Еки жастың ўақтын өзиң хошла,
Анаў-мынаў өткен сөз болса кешир,
Ағажан, бәршесин шығарып тасла.

Саятхан затларын апарып бериң,
Бәршеңиз туўысқан бир елсиз, барың,
Жақсылап той баслаң, ўақыт хош болсын,
Шығып кетсин барлық көрген азарың.

Гүлпаршын апайға көз айдын айтың,
Ойлаған мақсетке жеткерип қайтың,
Той әнжәмин жәмлең, қалмасын кеми,
Мен айланып келемен, деди ертең.

Гүлпаршын жеңгей де келди сол жерге,
Көп рахметлер айтты бул Өтеш ерге.
— Рахмет, жан балам, еситтим сөзиң,
Жәрдем бергениңе мендей кемпирге.

Бир мен емес, балам, халық айтар сизди,
Халыққа жақсылық хызметиңизди,
Қанлыкөл, Қоңыратта бәрше мақтайды,
Өтеш батыр қолтықлайды, деп бизди.

Өзиңди көрмедик, еситтик атың,
Қудай берген тасаберсин қуўатың,
Ҳәмме ўақыт хызмет қылсаң халық ушын,
Жетискейсең, болғай мақсет-мурадың.

Мынаў қызым, анаў бир жалғыз улым,
Әкеден айрылып он жылдай бурын,
Көп баладан қалып турған екеўи,
Балаларым саў болғай, қуўатым, шыным.

Анаў-мынаўды мен нетейин айтып,
Ўақтыңды алдым-аў гәпти молайтып,
Бәршесин еситип, көрип атырсыз,
Қалғанын айтарман келген соң қайтып.

Бирақ, мениң айтажақ бир сөзим бар,
Мен соннан айтайын еки аўыз хабар,
Себеби, ол меннен де болған екен,
Балам, келиним де көп көрди азар.

Балама мен өзим келисим бердим,
Себеби, ол қызды тәўир көрер дым,
Тез арада қалың таўып бермесем,
Басқа алып кетеме деп қорқар едим.

Балам қызды алып қашаман деди,
Келисим бергеним сол болған еди,
«Балам, алсаң алып келе ғой» дедим,
Кейинги аўҳалы усындай болды.

Ханым деген сиңлим келди сүйине,
Сөйтип Ханым алып кетти үйине,
«Келиниң бар, бизикине жүр» деди,
Азанда еситсем усы аўҳал мине.

Мен болсам ғой болмас еди демеймен,
Келиним бийшара не болды деймен,
Келинди келисип алғанда еди,
Бундай аўҳал болмас деп те ойлайман.

Бундай жәнжел, бунай аўҳал болмасты,
Мениң мынаў сорлы басым алжасты,
Ғаррылық алжасы мениң өзимде,
Қаяқта жасадым усынша жасты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келиним бийшара қаяқта жылар,
Меннен болғанлығын қаяқтан билер,
Келиниме қыйын болды бәринен,
Мен гүналы, ҳәмме бәле менде бар.

Өтеш батыр кемпирдин сөзин кести,
«Апай сизде ҳеш гүна жоқ» дести,
Бул жерде гүналы жазасын алды,
Және жазалаймыз ол есипәсти.

Есен аға бир жигитке ымлады,
Жигит жақын келип гәпти тыңлады,
— Келди ме? — деп ол жигиттен сорады,
Өтеш те ол сыбырлыны пәмледи.

— Бардым аға, шығып кетипти қызын,
Шал менен кеткен ғой, — деди кемпирин,
Қайта кемпир сорап атыр меннен де,
Қыз да барма? дейди ол жерде бизиң.

Мен айттым: — Сол қызға шалың жиберди,
«Өтирик айтпа» деп маған бақырды,
— Шалдың изин ала қыз шығып кетти,
Соннан берли келмеди ғой қыз, — дерди.

Сондай, аға, қыздың хабарын айтсам,
Атты шаўып барып сиз жақтан қайтсам,
— Қайда барып, киятырсаң ат шаўып? —
Деди маған анаў Досеке самсам.

Сөйтип турып өз-өзинен күледи,
Мениңше, ол бир нәрсени биледи,
Өзи де киятыр, жақынлап қалды,
Тез арада шалдың өзи келеди.

«Әне, әне» деди ол шалды көрип,
Биреў қолын алды сәлемин берип,
Баладан бир нәрсе сорады ол шал,
Қулақшынның қулағыны көтерип.

Бала да ийегин көтерди бери,
«Әнекей турыпты» дегендей бәри,
Адамлардың арасынан киятыр,
Сәлем берип, сәлем алып бир ғарры.

Бул ғарры баллар менен ойнады өзи,
Баллар ашыўына тийеди мәзи,
Биреў ашыўланса, биреўи күлер,
Сонсын бул ғаррыны «самсам» дер изи.

Баласы жоқ, жалғыз кемпир менен шал,
Бирақ жеткиликли шалда дүнья-мал,
Бул аўҳалды еситипти биреўден,
Еситиўден жолға шығыпты дәрхал.

Досеке Есенниң қасына келди,
Сәлемлести және жағдайды билди,

— Бизиң қызды көрмедиң бе, Досеке?
Есенниң сөзине Досан иркилди,

— Мынаў «жалпылдағын» айтпады ма ол?
— Досеке, дәлкектиң ўақты емес бул,
Адам өлип, қырылысып атырмыз,
Залымлар себебли бүлинди ғой ел.

— А, солай де, онда айтайын саған,
Атай билип кел, деп жалынды маған,
Келалмапты адамлар көп болған соң,
Зар жылады қыз, хабаршыман оған.

Қызың отырыпты кемпир қасында,
Сырттан келип-кетипти усында,
Бирақ, билалмапты ҳеш қандай хабар,
Көп отырған анаў жайдың тусында.

Бул хабарды еситкенниң ҳәммеси,
Жыйналып турғанлар ғарры ҳәм жасы,
Қорқып жүрген шығар келалмай Талўас,
Не ойламас қорыққан адамның басы.

Ҳәмме мақул көрип, еки киси кетти,
Досеке үйине тез жуўырып жетти,
Қызға бәрше истиң жағдайын айтып,
Болған ўақыяны тез баян етти.

Сөйтип, олар Талўас пенен қайттылар,
Қалған умытқанын жолда айттылар,
Гүлпаршын да шықты келин алдына,
Қыз келиўин бәрше адам күттилер.

Талўас уялады, кеўлинде қайғы,
Түни менен, күни менен удайы,
Жылай-жылай еки көзи қызарған,
Дәрманы жоқ, зорға басылар аяғы.

Кемпир Талўасты көкирегине басты,
Талўас та көзинен тыялмас жасты,
Жолдас көпшиликтиң ишинде турар,
Талўас бир қараўдан тапты Жолдасты.

Уялады әкеси Есеннен баста,
Қарап тур адамлар олардан баска,
Көпшиликтиң мийирбанлығы артып,
Айра түсип қосылған еки жасқа.

Талўас келер еди кириўге ишке,
Жеңиллести, толысқандайын күшке,
Бес-алты кисилер бир турған екен,
Ийилип сәлем берди қорқып Өтешке.

Хабаршылар айтқан Өтеш батырды,
Қыз өтип барарда Өтешти көрди,
Көрмегенде бир көргеннен таныРды,
Батыр көриниси өзгеше еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәршениң де кеўли жәм болды бүгин,
Душпанлардан алды қалдырмай кегин,
Бәршеси де Өтеш батыр хызмети,
Енди той басламақ таўып керегин.

Шақырды байларды, жас уллы бәрин,
Көп жерге жиберди тойдың хабарын,
Байлардан жетпесин алдырып берди,
Умыт қылмақ болды көрген азарын.

Тойдағы жағдайды билгеннен кейин,
Аўқат жеди, шайда ишти арқайын,
Муратты жиберип хабар алдырды,
«Және билип кел» деп тойдың жағдайын.

Мурат тойға барып аралап жүрсе,
Палўаннан-палўанның сарасын көрсе,
Палўансымақ болса қасына барар,
Алдына шығар терис қарап турса.

Қур сыртына қарап жүрип даланы,
Мурат тапты излеген ол баланы,
Төрешти де көрди айланып қайтқан,
Барып, көрип келген Қоңырат қаланы.

Мурат атын минип үйине барды,
Өтешке жеткизди барлық хабарды,
Мурат айтып отыр көрген, билгенин,
Бирим-бирим болған ўақыяларды.

Той басланды, болды үлкен өзгерис,
«Жиңишке» бойлары, Қәлимбет болыс,
«Өтеш бар» деп бәри келди жән-жақтан,
Тойдан табылмады хеш қандай кемис.

Қәлимбет болыс ол басшылық етти,
Барлық ел-журтларда хызмет көрсетти,
Песинде басланды Жолдастың тойы,
Өтеш болса қонақ жайына кетти.

Бақсы-жыраў, гүрес хәммеси болды,
Еситкен дөгерек адамы келди,
Бәршеси де Өтеш батыр хүрмети,
Тынышлады мынаў бүлинген елди.

Келип аттан түсти, үйге кирген соң,
Мурат деди, енди той жаққа барсаң,
Ерлепес те келер Қоңыратта болса,
Маған хабарын бер егерде көрсең.

Өзин танымассаң, атын билерсең,
Көреғойсаң дәрҳәл мунда келерсең,
Егер Төреш Қоңыраттан келсе ол,
Мени дем алмақта үй жақта дерсең.

Дәўекең Өтештиң қасына келди,
Күни менен шаршағанлығын билди,
Аўқат жеди, демин алды кеш болды,
Өтеш бираз жатып уйқыға кетти.

Күн шығып та әллен ўақыт болыпты,
Бир қараса, Мурат тойдан келипти,
Кеше түнде хәм азанғы жағдайды,
Сорастырып Өтеш батыр билипти.

Мурат айтты жүдә жақсы хабарды,
«Излегениң келди, аға, жүр» деди,
Төреш келген жоқ па қайтып қаладан,
Төрештиң де келген хабарын берди.

Сизди сорап еди, үй жақта дедим,
Тойды мен де аралап жүрген едим,
Гүрес жаңа басланған дәўир еди,
Гүреске жас жигит шыққанын көрдим.

Бул ким деп сорасам, «Ерлепес» деди,
Және биреў ортаға шыққан еди,
Ол палўанды көтерип жерге урды,
Ерлепеске хәмме де ҳайран қалды.

Жақсы барып ол палўанды көрейик,
Атты шығар биз тезирек жүрейик,
Әзелги аўылдан шыққанда мақсет,
Усы бала еди, анығын билейик.

## VIII бөлим

Өтеш пенен Мурат той жайға жетти,
Атын байлап келип тойға сын етти,
Ерлепестиң қайда отырған жайын,
Муратта Өтешке ымлап көрсетти.

Өтеш қур сыртынан барып сын берди,
Ерлепестиң отырғанлығын көрди,
Мурат, Өтеш барды оның қасына,
Ерлепес орнынан секирип турды.

«Ассалаўма-әлейкум, аға» дерди,
Көрисип бәршеси бирге отырды,
Әсте көз астынан қарар Өтешке,
Өтеш пе, басқа ма, қәўпи де барды.

Бираз отырған соң билди анығын,
Билмейди батырдың неге келгенин,
Ерлепес қасына Өтеш келген соң,
Болыс, бийлер толтырарды жән-жағын.

Ерлепес орнынан әсте түргелди,
Сыртқа шығып тойдан кетпекши болды,
«Ерлепес, хеш қайда кетпе, бери кел»,
Деди, Өтеш батыр шақырып алды.

Илаж не деп отырды жайға,
Өтеш сыбырлады ол Муратбайға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерлепести ҳеш қайда да жиберме,
Бирге алып кетемиз, деди үйге.

Көп ўақыт өтпеди, той да тарқады,
«Ерлепес, сен кетпе ҳеш қайда» деди.
«Мени не қылады», деди ишинен,
Ойланады, кетиўге де қорқады.

Кемпирге, Жолдасқа ушырасты барып,
Жолдас та, кемпир де Өтешти көрип,
Қандай миннетдарлық айтыўды билмес,
Өтешти көрген соң кеўли жаңарып.

Кемпирдиң аўзында қуўаныш сөзи,
Қуўаныштан жасланар ол еки көзи,
— Қутлы болсын, апай, келиниң, тойың,
Жарасқай үйиңе аяғы, изи.

— Бәршеге, балам, бул бәршеге бирге,
Умытылмас бахыт бердиң өмирге.
— Жақсы, апай, бизлер енди қайтамыз, —
Сөзин бөлип, сондай деди кемпирге.

— Рахмет, балам, рахмет, ел-журтым сизге,
Мийирбанлық қылдыңыз келип бизге,
Соннан басқа не айтайын, қарағым,
Бериўге нәрсе жоқ, сөзимнен өзге.

— Жоқ, апай, саў болың, ҳеш зат керек емес,
Саў-саламат өмир сүрсе еки жас,
Барлық ел-елатта тынышлық болып,
Саў болса болғаны Жолдас ҳәм Талўас.

Хошласып бәршеси шықты далаға,
Көз жиберди ол Ерлепес балаға,
Төреш, Муратлардың қасында екен,
Не жаздым, дер иркилип, Өтеш ағаға.

Сол ўақтында Өтеш келди қасына,
Қолын қойды Ерлепестиң басына,
— Қәне, қошшым, бизиң менен жүресең, —
Деп өзине тартты оны асыға.

«Жоқ» деўге ҳеш қандай бәне таппады,
Өтеш атын биреў әкеп тақлады,
Атқа минген Өтеш ат басын тартып,
— Атың бар ма? — дейип сөзин шақлады.

— Бар, аға, атым да анаў жерде тур.
— Тез атыңды мин де, айда, бери жүр.
— Жақсы, — деп Ерлепес атына кетти,
Бәршеси қосылысып жүрип киятыр.

Сол ўақта Қалмурат болыс та жетти,
«Өтеш, үйге жүр» деп көп мирәт етти,
— Жоқ, ертең ямаса бир күн келермиз, —
Деди де иркилмей жүрди де кетти.

Атын алда айдап ол Өтеш батыр,
Ерлепес, Төреш те бирге киятыр,
Мурат болса алда ат шаўып кетти,
Ерлепес ойлайды: қайда баратыр?

Жолдың еки жағы майда шат тоғай,
Күн батарда дөңес жапты жағалай,
Топлам-топлам қара үйлер көринер,
Арасында ылайдан салынған жай.

Ийтлер үрип, қоразлар да қышқырар,
Атлар үркип, мурынлары пысқырар,
Жолдың жағасынан жақынырақ жерден,
Жабайы шошқа ма, сағал ма қашар.

Тоғайда көп жүрген буларға мәлим,
Атта отырыўға жастан-ақ алым,
Ат бирден тоқтаса я үркип кетсе,
Беккем услап алар атының жалын.

Өтеш кешегидей сөзде сорамас,
Төрешке де, Ерлепеске де қарамас,
Аты әсте адымба-адым киятыр,
Бирақ ҳәр қыялда келер Ерлепес.

Дәўлетярдың үйине келип жетти,
Мурат келип Өтеш атын тутты,
Аттан түсти, қонақ жайға кирдилер,
Бәрше аўқат таяр, қонақта күтти.

Отырың-отырың деди Дәўлетяр,
Отырып айтысты ҳәр түрли хабар,
— Мынаў бала ма излеп жүргениң?
Дегенге Ерлепес Өтешке қарар.

Өз сөзин ол өзи кескендей болды,
Айтылмай кеўлинде көп сөзи қалды,
Өтешке қарады көтерип басын,
Өтеш Дәўлетярға бир қарап алды.

Сөйтти де, сол сөзди баслады әсте,
Ағай, зорға аман қалды Жолдас та,
Жүдә көп қайғырдық еситип оны,
«Өлди» дегеннен соң еситип баста.

Урылар тутылды, қамаққа алдық,
Душпанның басына қара күн салдық,
Ярылқап қосылған баспашыларға,
Неге сондай дегенлерге таң қалдық.

Көп киси билмесе керек аўҳалды,
«Мынаў Ярылқап ғой» дегенлер болды,
Баспашылар менен қоса байланды,
Соны көрип «бул не» деди, таң қалды.

Барып Қоңыратта қараймыз исин,
Жазалаймыз баспашылар бәршесин,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Халықты жаўынан қутқарыў керек,
Бүгин ерте барып ямаса песин.

Шай ишип сөйлесип отырған ўақта,
Пирлепес көринди ол есик жақта,
Сәлем берип кирип келди есиктен,
Қамшы қолында, турыпты таққа.

Жай берди, Пирлепес отырды келип,
— Қаяқтан сен келдиң, бизлерди билип?
Өтеш саўалына жуўап береди:
— Излеген Кәбаны тапқан, — дер күлип.

Бүгин келип едим бунда қыдырып,
Балам Ерлепестиң хабарын берди,
Тойдың хабарын еситип бардым,
Усы жақта деди силтеп жиберди.

Ҳәр ким айтып атыр хәр түрли сөзди,
Бираз ўақыяны айтып көргизди,
Ерлепести жибермеди ҳеш қайда,
«Тутып алып кеттилер» деди сизди.

Мен сизлерге бир қызықты айтайын,
Ерлепестиң қашып жүрген ҳал жайын,
Сүйер екен Өтемистиң қызыны,
Алалмаса екен өлиўге тайын.

Ерлепес көз астынан қарап қойды,
Пирлепес сөзини даўам еттирди,
— Бай қызы жолында бул болған, —дейди,
Баяғы сизлердиң келгениңизди,
Айттырып келген деп сизлерди қызды,
Өтеш батырға мен тең келалмаспан,
Еламанды күйеў, аға деп сизди,
Ойлап соны аўылдан келгени екен.
Үйини-елини тәрк еткен екен.

Өтеш батыр басын көтерип қарар,
— Соңын билмеген соң ғалаўыт табар, —
Деп Өтеш өзинше ойланып турды,
Және бала ғой, деп пикирин бурды,
Дегендей сөйлемей үнсиз отырды.

Пирлепес ҳәммесин айтты қалдырмай:
— Әкеси-шешеси тилини алмай,
Жылатып анасын кеткенин қара,
Үлкен жигит болып еди уялмай, —

Дегенде Ерлепес қызарып кетти,
Соңғы сөз Ерлепес жанынан өтти,
Уялғанын билип ол Өтеш батыр,
Ерлепеске сондай қостарлық етти.

— Ерлепес шынында азамат екен,
«Намыссыз адам, адам емес» деген,
Ар-намысты ырас беккем услаған,
Не билсин бул бала, намысы келген.

Бизиң Еламанның сүйген қызы бар,
Мутқа берсеңиз де өзгени егер,
Алмайды, ол жигит қызын көрсеңиз,
Перизат, Шасанем, Зухраға мегзер.

Сол ўақта Ерлепес тикленип қарап,
Тилдиң ушы менен ернини жалап,
«Аға, қайтарып айт» демекши болды,
Жас баладай жибермекши де жылап.

Бирақ та Ерлепес өзини тутты,
Еки-үш мәртебе түкиригин жутты,
Өтеш сөйлеп болғанша шыдап отыр,
Тула бойын жайлар қуўаныш қутлы.

кирип келип әсте отырды,
Пирлепести бурын далада көрди,
— Ҳа, Мурат? Дәўлетяр сорады әстен,
— Аўқат писти, — дейип хабарын берди.

Аўқат таярланар еки қазанда,
Ўақты белгисиз түсте-азанда.
Үйдиң иши қыйналыўды билмейди,
Аўқаты мазалы, шебер «пәзенде»,

Аўқаттың ўақтында гүррин болмады,
«Алың-алың» деген мирәт салмады,
Мирәт қылса, Өтеш жаман көреди,
Жақсы жеди, аўқаттан зат қалмады.

Табақ толған аўқат, қурсақ аш болса,
Қолың болса ол байлаўсыз бос болса,
Өтириктен неге ал ҳа-ал, дейсең,
Нохат жеп отырсын, қонақ дос болса.

Деп нәсият қылған Дәўлетяр өзи,
Сол ушын тәкирарланбас «ал» деген сөзи,
Аўқат жеген ўақта қарамас еди,
Соқырға қусарды Дәўлетяр көзи.
Сөздиң изин әсте баслады баска ҳеш,
Пирлепеске, Ерлепеске бир қарап,
Ири даўыс өзбекшелеп деди «хош!»

Сөйтип Ерлепести қыдырып келдиң,
Бизлер менен жүргенлигин еситтиң,
Иниңди де таптың ендиги мақсет,
Анығына келейин, туўрысы гәптиң.

Пирлепес сөйледи: аға өзиң бил,
Сизиң айтқаныңыз бизлерге мақул,
Бирге Қоңыратқа барып қайтайық,
Ямаса, бөлеңниң үйинде күткил, —

Деди. Ерлепестен сорайық сөзди:
—Көп ҳәлекке қойдың ағанды, бизди,
Қайтасаң ба саған қыз алып берсек,
Өзиңниң сүйгениң Гүлзийба қызды.

Қызарып Ерлепес отырар еди,
Ҳеш нәрсе демеди, белгили бәри,
Өтеш батырға да белгили бәри,
— Кетейик, — деп енди орнынан турды.

Дәўлетярға тапсырды ол Қурбанды:
— Муратқа бериңиз қосып арбанды,
Қанлыкөлге жиберсең тез арада,
Бизлер Қоңыратқа кетемиз енди.

Дәўлетяр да ўәде берди «жақсы» деп,
Қурбан ўақыясын еситкен әдеп,
Өтештен «ким өзи» деп сорамады,
Өтеш келген күни айтқанды себеп.

Бирге бармақ болды еки бала да,
Жумысы да бар екен сол қалада,
Атқа минбей турып бәри ойласты,
Өтеш, Төреш ҳәм Пирлепес далада.

Булар төрт атлы болып жолға шықты,
Жолда болыс Кәлимбетке жолықты,
Олар үшеў, булар төрт атлы болып,
Ҳәммеси сол жолда бирге бирикти.

Қосылып ҳәммеси Қоңыратқа келди,
Өтештиң келгенин «Балабий» билди,
Адамлар жыйналды, үлкен ашықлық,
Қамақтағы баспашыны әкелди.

Қоңырат ҳәкими «Бала бий» отыр,
Бир қапталда бирге бул Өтеш батыр,
Төре қазы жуўап алар Араздан,
Басқалар Араздың қасында тик тур.

Араз Ярылқапты жаманлап айтар,
Анаў-мынаў деп өзин ақлап айтар,
«Урының изи қуўыс» деген гәп бар,
Арасында өтирикке жылап та айтар.

Өтеш саўал берди тигилип қарап,
Өтеш айбатынан қорқар қалтырап,
Өтештиң сондағы берген саўалы:
— Қашан Жолдас болды саған Ярылқап?

Бул жүрис сизлерге пайдалы шығар,
Пайдасы болмаса келип неңиз бар,
Сизлердиң де биреў үйиң таласа,
Қандай көрер едиң сол ўақта, егер?

Ярылқаптан сен көресең келгениң,
Бәрше бәле ишинде тур билгениң,
Сен бул исти ырза болып баслаған,
Билмедиң бе бул жүристе өлгениң?

Араздың таңлайға тығылды тили,
Әўел шығып турған еди «бүлбили»,
— Булар асылсын, — деп Өтеш буйырды,
Дурыс деп қышқырды турғанлар бәри.

— Асылсын-асылсын, залымға өлим,
Усылар себепли бүлинди елим, —
Деди, ол ортаға шығып бир ғарры,
Халықтың талабы болғанды мәлим.

Қазы ҳәким Ярылқап ҳәм Аразды,
Асып өлтириўге пикир жүргизди,
«Рахмет» деп бәрше мақуллап турды,
«Урылардан қутқардыңыз» деп бизди.

Алқысса, екеўи сол күни асылды,
Басқасының қол бармағы кесилди,
Басқасына сондай жаза берилип,
Екеўинен басқасын азат қылды.

Молла Турсын ийе болды үйине,
Ойлаған мақсети болып ойына,
Ярылқапты жоқ қылдырыў мақсети,
Ийе болыў малына ҳәм жайына.

Қутлымурат мирәт қылды Өтешке,
— Қалсаңыз, зияпат қылайық кешке.
— Болсақ болайық, — деп айтады батыр,
Қоңыратта базар, кирдилер ишке.

Булар сөйтип тарқастылар сол жерден,
Пирлепес ойлады Өтеш батырдан,
Жуўап сорап қайта ғойса қыялы,
Айтыўға қысынар оқта-шоқ бирден.

Өтештиң қасына жақынлап келди,
Пирлепестиң сөзи барлығын билди,
«Не гәп?» деди Пирлепеске ол Өтеш,
Пирлепес не дерин билмей иркилди.

Иркилип турса да сөйледи сөзин,
— Өтеш аға, — деди басынқырап өзин,
— Бизлер қайта берсек Ерлепес пенен,
Кемпир-ғарры жолға тигип тур көзин.

Бизлер бармағанша парахат жатпас,
Күни батып, түнде ҳеш таңы атпас,
Жолың түссе өзиң барып кетерсиз,
Ырза болыў ушын анаў Өтемис.

— Жақсы, — деди Өтеш, — сиз кете бериң,
Иркилмей ғаррылар алдына барың,
Өзиндики енди, қашып та жүрме,
Алып беремен мен ол сәўер ярың.

Ерлепес қызарып бир күлип қойды,
— Быйыл гүзек өткеремиз қыз тойды,
Соның ушын таярлыққа кирисин,
Көндиремиз барып Өтемис байды, —

Деди Өтеш еки жигитке қарап,
Жигитлер Өтештен жуўапты сорап,
Атларына минип екеўи сол күн,
Жиңишке бойына әйледи талап.

Жиңишке бойына айдады атын,
Тулпар дойнағына жол деген татым,
Екеўине қыйын бир атта кетиў,
Атты шаўып барар жаздырмай пәтин.

Келсе ағайини үйинде екен,
Сораса атыны «минип кет» деген,
Әне сондай қылып еки ағайин,
Сол күни кешлетип үйине жеткен.

Келген күни түнде Ерлепес барды,
Гүлзийба да Ерлепестен хабарлы,
Тәмедар қыз түнде далаға шықты,
Ерлепести көрди, сағынған ярды.

Қушақлап баўырына басты Ерлепес,
«Қойса» деген шығар еди назлы сес,
Бирақ та жигитке тығылар өзи,
Бир-биринен сирә ажралар емес...

IX бөлим

Өтеш өз үйинде бираз күн болды,
Инилери, ҳаялы ҳайран қалды,
Бурын үш күн үйинде болмас еди,
Қыдырып келерди дөгерек елди.

Жаңа қала салыныўы қызық та,
Қутлымурат өзи басшы бирақ та,
Өтеш те хабардар, еситип те жүр,
Адам жыйнар барып-келип жән-жаққа.

Қутлымурат болса ол жайға басшы,
Өтешти сыйлайды барлық ел иши.
Қоңыраттан тартып Хожелигеше,
Бәршеси Өтештиң абройы күши.

Өтешти билмейжақ ел жоқ қублада,
Өтеш десе таныр ҳаял-бала да,
Үстүрт жақта қой-мал баққан падашы,
Өтешти таныйды жүрген далада,

Өзин көрмесе де атын еситкен.
Өтеш деп ҳаўаза жән-жаққа кеткен,
Халыққа жаралған себеп халық ушын.
Елдиң арасында көп servis еткен.

Дәрья арқасында Бөршиге шекем,
Дәўқара жақлардың бәршеси, бәлким,
Күн шығары Төрткүл, Шааббаз қала,
Өтештиң даўрығын айтысар ҳәр ким.

Қанлыкөлдей елдиң алыс тарийхы,
Бирақ заманның көп заманнан парқы,
Ол ўақтағы дәстүр менен ал ҳәзир,
Айырмашылық көп, басқаша халқы.

Себеби, ол ўақта Қанлыкөллилер,
Бөз қайерде, товар атын ким билер,
Ҳәзир мине «мая-сатын» басқа да,
Ҳәр түрли товарлар аўылға келер,

Бул товарды саўдагерлер келтирер,
Еки баҳасына сатады олар,
Халық оның баҳасыны билмейди,
Байлар, пулы барлар айтқанына алар.

Айтсаң неше түрли-түрли өзгерис,
Биреўи оңына, биреўи терис,
Ол ўақта Қанлыкөл адамларында,
Белгили мәкан жоқ, белгили қоныс.

Ҳәзир ондай емес, қоныс жайы бар,
Ел басшы, молла, ийшан, байы бар,
«Жаңа қала» Қанлыкөлдиң орайы,
Қаласы бар, даласы бар, сайы бар.

Буннан Хийўа ханы да ол хабардар,
Тыңшылары өрден-ыққа шабарлар,
Илажы болмаған салдырмаслыққа,
Өтеш батыр болғаннан соң ҳүкимдар.

Хан әмелдарына басқа не қылсын,
Жай салғанда Өтеш ойын не билсин,
«Ханнан келген әмелдармыз» десе де,
Демеди оларға «сен нетип жүрсең».

Олар да батынып бир сөз айталмай,
Хан буйрығын питкизип я қайталмай,
Ары жүрди, бери жүрди әмелдар,
Өтеш батырдан ол жуўап алалмай.

Бир күни әмелдар беглербегиге,
Қутлымурат бегде бардай кеги де,
Қутлымурат үйи, Өтеш жоқ еди,
Жақсы болды Өтеш батыр жоғы да.

Егер Өтеш болса не қылар еди,
Отырғанлар бул жағын билер еди,
Хасанали сондай есирип сөйлер,
«Қызбаң тақсыр» дейип бег күлер еди.

Хасанали бегдиң ойын билмести,
Булар үндемесе ол қорықты дерди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутлымурат ең соңында болмады,
Келер-кетер сөзлерден айтып берди.

Булар ортасында болды көп гәплер,
Хасанали өз сөзинде сондай дер:
— Сизлер уллы ханды көзге илместен,
Уллы патша билсе гүнаңды егер.

Алды менен сизге Қутлымурат бег,
Пашша жаза берер өзгенеңе тек,
Жайды салыў ушын Хийўаға барып,
Әўел уллы ханды көрмегиң керек.

Ертең бир күн мен Хийўаға қайтаман,
Мынаў ислериңниң бәрин айтаман,
Беглербеги, мынаў отырған беглер,
Ҳеш бириң бул ушын қалмайсаң аман.

Сизлердиң басқа да бираз исиң бар,
Ханнан басқа ким исенген кисиң бар,
Бәршесин мен көрип ҳәм билип жүрмен,
Өз алдына хан болыўға бәсиң бар,

Менмен Қанлыкөлдиң бүгинги ханы,
Мен келгеннен билип алмадың оны,
Усы бүгингеше танымай жүрген,
Танытып қояман өзиме сени!

Мен келгеннен билдиргенмен өзимди,
Өтеш болса тыңламады сөзимди,
Көрсетемен мен сизлерге күшимди,
«Хатыныңдең белден болған қызымды».

Өтеш ҳәддинен асып кетипти,
Қанлыкөлге өзин султан етипти,
Бул аўҳалды уллы патша еситкен,
Патша сарайына бул сөз жетипти.

Халыққа рухсатсыз салық салыпсыз,
Үй басынан бир адамнан алыпсыз,
Жыйнағанды бериў керек патшаға,
Сизлер айыпкерсиз, сизлер парықсыз.

Бирақ, патша көп айыбыңды кешти,
Сизлердиң ойларың, мақсетиң пушты,
Бәриңди патшаға жазалатаман,
Керек десең, астыраман Өтешти.

— Хасанали, — деди Қутлымурат турып,
— Хасанали, көп сөйледиң қутырып.
Биз сизге жаманлық қылмадық, тақсыр,
Неге бизди қорқытасаң лап урып?!

Айтқаның ол ойлағаныңдай емес,
Жай салсақ биз оған рухсат керекмес,
Себеби, бос жатқан тоғайдың иши,
Султан да бул ушын ҳеш нәрсе демес.

Халыққа көп салық салыпсаң, дейсең,
Ҳәр үйден бир адам алыпсаң, дейсең,
Жыйнағанды бериў керек патшаға,
Бермей өзиң алып қалыпсаң, дейсең.

Бул сөзлериң бизге бәршеси жалған,
Халықтан ҳеш нәрсе, ҳеш ким жоқ алған,
Халық өзи келди көмекке бизге,
Сөйтип халық усы қорғанды салған.

Қорған халық ушын пайдалы бир жай,
Быйыл салып питкермекши ҳайнақай,
Сыртқы орай үш пақсадан аспақта,
Бирақ, халық кеңейтпекши бир талай.

Жайды баслап салған ол Өтеш емес,
Өтеш жай қасына бир күн де келмес,
Халықтан да сорап көрсе болады,
Халық Өтешти «айыплысаң» дей алмас,

Бирақ еситпесин Өтеш бул сөзди,
Ол еситсе аман жибермес сизди,
Өтеш ушын ҳеш ис келмесе қолыңнан,
Буның арасына қоспаңыз «қызды».

Сол түн сондай ерегисли түн болды,
Хасанали енди үндемей қалды,
Айтылған соңғы сөз тәсир қылды ма,
Жән-жағына әсте нәзерин салды.

Хасанали ойлар: шынын айтайын,
Билдирместен кеширим сорап қайтайын,
Ырас мынаў гәпти Өтеш еситсе,
Дәрҳал өлтиреди, өлиўим тайын.

«Ер елеўсиз болмас» деген өткенлер,
Аңқаў болып, шуғыл болып кетпенлер,
Жақсылық шықпаған басынан өткен,
Нақыл қылып айтар тәўбе еткенлер.

«Батыр аңқаў, ер гөдек» деп те айтар,
Бундай неше-неше нақыл-мақал бар.
Хасанали қусаған бул ҳийлекер,
Аңқаў кисилерди алдаўға таяр.

Сөз қуўыспай кетти, бирақ изи бар,
Сол жағына берип өтиң итибар,
Қутлымурат үйиндеги болған сөз,
Сол жердеги бир кисини қуўантар.

Ол адам да Өтеш батыр дайысы,
Хасанали менен болды қатнасы,
Буннан бир жыл бурын ҳәким келгенде,
Танысып та еди берип бир «қонақ асы».

Хасанали келсе сол үйге келер,
Қанлыкөл жағдайын ол айтып берер,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмирзақ Хасанның хәр бир сөзине,
Исенер хәм соның сөзине ерер.

Өмирзақ Өтештиң жақын дайысы,
Өмирзақтың Өтештен көп өкпеси,
Бир себеплер менен өкпелер еди,
Күннен-күнге күшейер еди даўасы.

Өмирзақ Өтешти табалар бәрхә,
Айтар Хасаналиге сүйенип арқа,
Хасанали хошаметлеп қоярды,
Өйтемен-бүйтемен деп алдап жорта.

Соған бул Өмирзақ исенер еди,
Жай туўралы Өмирзақ хабар берди,
«Өтеш салық салып халықтан алды,
Бермесе аттырып жиберер» деди.

Хасанали «ақмақ» дерди ишинен,
Бирақ айрылмаўды ойлар «күшинен»,
Келгенде Қанлыкөл сырын билмеге,
Пайдалансам болды, не кетер меннен.

Өмирзақ Өтештен өкпелеў жөни,
Қысқаша баянлап кетейик соны,
Өтеш батыр еситти бир хабарды,
Өзи де ашыўлы отырған күни.

Өмирзақтың еки улы бар еди,
Бирин Мырза, бирин Ырза дер еди,
Үлкени Мырзасы ер жеткен жигит,
Аўлында бир қызға интизар еди.

Ол қыз сүймес еди бирақ Мырзаны,
Мырза түнде қасына алып Ырзаны,
Қыздың үй-ишини бүлдирген еди,
Өтешке билдирди бир киси соны.

Өмирзақ та арқа берип Өтешке,
Түпирип қоярды көкирекке-төске,
Анаў-мынаў киси сөзин тыңламас,
Сондай гәрдийерди дем толып ишке.

Сондай болып жүрсе де бул исинип,
Өтеш еситкен соң ашыўға минип,
Өмирзаққа көпшиликтин ишинде,
— Неге қутырасаң, кимге исенип?

Мырзанды, Ырзанды, өзинди қосып,
Екинши ислесең көзинди осып,
Сизлерди «ақ үйли» етемен, — деди, —
Керек десең аяқ-қолынды кесип.

Кимди сен ойнайсаң хәддиңнен асып,
Журтты, адамларды аяққа басып,
Кимсең өзиң, не себептен сөйтесең,
Болар саған тезде «үш ағаш» нәсип

Саған қыз бермейди мынаў туўған ел,
Мен саў болсам, саған қыз жоқ, соны бил,
Бир тийинге алмайман ким болсаң да,
Сениң дайы болғаның маған бир пул.

Көпшилик ишинде айтылды бул сөз,
Бул гәплер тарқады барлық елге тез,
Басқа бир жигитке турмысқа шықты
Мырза сүйип жүрген бул баяғы қыз.

Ғаўасат сол күннен басланып кетти,
Соннан берли арадан бир жыл өтти,
Хасанали үйине барған пайытта,
Өтеш берген хорлықты баян етти.

Қутлымурат беглербеги үйинде,
Хасанали сөйледи сөз жайында,
Өмирзақ та отыр еди еситип,
Өтешти жеңгендей болды ойында.

Хасанали Өмирзақ пенен бир келген,
Өтештиң аўылда жоқлығын билген,
«Қонақ асты» жәнжел менен жедилер,
Жеп болғансоң бәрше қайтыўға турған.

Хасанали жатпады бек үйинде,
Жаман пикир болғаннан соң мийинде,
Не де болса, сыртырақта жатайын,
Өтеш келсе маған мушы түйилген.

Бул ўақыя Өтеш жоқ ўақта болған,
Өтеш келген күнлер ол кетип қалған,
Өтеш Қоңыраттан қайтып келген соң,
Үйинен шықпастан бираз дем алған.

Қутлымурат бек те туралмас үйде,
Журт қыдырып жүрип излейди пайда,
Хожелиге кетер я басқа жаққа,
Иркилип қалмастан бир барған жайда.

Ондай ўақытта Нийетулла хожайын,
Жайдың салыныўын, оның хал-жайын,
Басқарады және өзи де уста,
Өзи қояр еди пақса ылайын.

Өтеш болса келди Қоңыратқа барып,
Кишкене иниси Зийнешти көрип,
Жайдың салыныўы, жағдайын сорап,
Билип алды өз үйинде отырып.

Зийнеш болған аўхалды айтып берди,
«Бәрше жай желиси жақсы, аға» дерди,
Жаңа қала менен Өтештиң үйи,
Он еки шақырым шамасы барды.

Жайдың басы жақсы, үлкен қосы бар,
Ислеп жатқан жүзге жақын киси бар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн батары арқа жағында адам,
Күн шығары, қубла жақтың босы бар,

Еки жақта түнде адам болмайды,
Еки жағы мегзетеди ол тойды,
Биреў қосық айтса, биреў саз шертер,
Биреўлер аўқатқа сояды қойды.

Төрт-бес жерге ойып отын қалаған,
От жалыны дөгерегин жалаған,
Ҳәмме жер жап-жарық, от сирә өшпес,
Таң қаларлық оған сырттан қараған.

Жайдың басына да Өтеш келмеди,
Қутлымурат беглербегин көрмеди,
Өтти мине бир айлардың шамасы,
Көргенлери ой түбине төрледи.

Төреш қала басына барып қайтты,
Қурылыс аўҳалы Өтешке жетти,
«Нийетулла атам сорады сизди»,
Деген соң Өтеш те сол жаққа кетти.

Барды жайдың басына уллы сәскеде,
Жумыс қызып атқан еди бул жақта,
Биреў ылай тасып, бири жер қазып,
Бир нешшелер тақлап жайға атпақта.

Нешелер пақсаға ылайды қояр,
Нешелер пақсаны бел менен жонар,
Өтеш келип Нийетулланың қасына,
— Ҳарма, ата! Мен ислеўге не ис бар?

Күлип Өтеш Нийетуллаға қарап,
Сәлемлесип, саў-саламат ҳал сорап,
Жай пақсасы үстинде Нийетулла,
Пақсаны тегислер кепшени орап.

Өтеш Нийетулланы жақсы көрер,
Бир-бирине сондай жақсы исенер,
Нийетулла айтса керек нәрсесин,
Өтеш қолынан келгенше питкерер.

Өтеш аралады жайдың ишини,
Көрди, сәлемлести үлкен-кишини,
Жай ишин аралап қублаға шықты,
Көрди атлы киятырған төрт-бес кисини.

Оларға итибар бермеди көрип,
Күн шығарға қарап баратыр желип,
Күн шығар мүйешке шықты да Өтеш,
Қарады дийўалға жағалай берип.

Жайдың бул қапталы жақсы шығыпты,
Еки-үш жерден ылай жерге ығыпты,
Түскен ылайларды жыйнап бир жерге,
Жақсылап тегислеп тақлап қойыпты.

Нийетулла түсип келди пақсадан,
*Ислеп жүрген көмекшиге қусаған.*
Еки қолы менен көрисип Өтеш,
Қайта сәлем берди жақынлап оған.

Күн шығар қапталдан екеўи бирге,
Тоқтап қарап барар еди ҳәр жерге,
Күн шығар есикке жаңа барғанда,
Биреў келди бети сорғалап терге.

— Өтеш аға, төрт-бес атлылар келди,
Жыйнамақта ислеп атырған белди,
Төреш олар менен урысып атыр,
Тез жүрмесең жүдә шатақ боп қалды.

Өтеш ғырлап турған изине қайтты,
Ол келген кисилер жанына жетти,
Төреш те оларға сиясат қылар,
Сол арада Өтеш өзин көрсетти.

Бирақ Өтеш қызбады, барды әсте.
Атлылар да аттан түсип тур пәсте,
Өтешти көрген соң кейин шегинди,
Жумыс тоқтап қалған ол тумлы-туста.

— Не гәп? — деди жеркип жақынлап келип,
Келгенлер сол мәҳәл Өтешти билип,
Хасанали шығарды бир қағазды,
— Хан ҳүкими, — деди сәл-пәл иркилип.

— Оқы, — деди көзи сондай аларып,
Хасанали оқыр ҳаўаз шығарып,
— Ҳүким қыламанким Хасаналиге,
Қанлыкөлге ҳәким қылдым мүнәсип.

Ҳәкимнен рухсатсыз жайды салыўшы,
Соннан рухсатсыз салық алыўшы,
Жуўапкер есаплап ҳүким қыламан,
Дарға асыладур кесент қылыўшы.

Қутлымурат беглербеги, Өтешин,
Қанлыкөлдиң ықтияры ел-ишин,
Тәртиплеўди Хасанали төреге,
Тапсыраман ҳәким болғаны ушын.

Ҳүкимнен бас тартқан кимде-ким болса,
Хақы бар не қылса, қасасты алса,
Ҳүкими қаттыйдыр Хийўа султаны,
Гүналыны асса, я сойып шалса.

— Мине, бежермесликке ҳақыңыз жоқдур,
Уллы патша ҳүкими шәриятта ҳақдур,
Ҳүкимге ийилип мойын иймеклик,
Пухаралар ушын ўажып ҳәм бақдур.

— Маған бер, көрейин, — деди ол Өтеш,
Бермеўге төреде илаж болмай ҳеш,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш барып қалған еди қасына,
Бүклеп еди ол қағазды еки-үш.

Өтештиң қолына услатты сол ўақ,
Адам менен толы дөгерек жән-жақ,
Қағазды мылтықтың ушына илип,
Атып жибергенде даўыс шықты «тақ».

Оқтың пәти менен қағаз да ушты,
Сол жердеги барып бир суўға түсти,
— Айтып бар исенген Хийўа ханыңа!
Халық көрип, алғыслайды Өтешти.

— Жумысқа, жигитлер, жумысқа, — деди,
Төреш ол баллардың қасында еди,
Адамларға алың деди беллерди,
Беллерин адамлар қолына берди.

Адамлар да кетти исли-исине,
Өтеш келип Хасанали тусына,
Ашыў менен бир шаншылып қарады,
Қорқып кетти, көзи түсти жүзине.

Сарбазлар да қорыққанлығын жасырып,
— Айтамыз исинди султанға барып,
Не ҳақың бар, патша хатын қорлаўға? —
Деди, Хасанали ол да тасынып.

Өтеш тутты Хасанның жағасынан,
Телпегин де алып зынды басынан,
Хасанали қасындағы төрт адам,
Жәрдем сөзин еситер ағасынан.

Сарбазлар Өтешке жақынлап келди,
Өтеш те булардың ыңғайын билди,
Хасаналини бир урып жықты да,
Үстине сарбазды гүдилей берди.

Төртеўин де басты Хасан үстине,
Төреш келип сол ўақлары дәстине,
Сарбазлардың бар қуралын алады,
Қолын таўлар, басын түрип астына.

Төреш алмақ болды кийимин шешип,
Сарбазлар қорқады жанынан кешип,
Нийетулла келип ажыратпақ болды,
Тиймен деди, енди араға түсип.

Өзлерин «ҳәким» деп келген сарбазлар,
Өтештиң астында жаўдырар көзлер,
Жалынбаққа қарадылар зар жылап,
«Қойдық, индемедик, не десең сизлер».

Нийетулла түскеннен соң араға,
Қолыны жаздырды тутқан жағаға,
Сарбазлар орнынан түргелди бәри,
Үсти былғаныпты күйген қоғаға.

Өтеш те Төрешти тоқтатты зорға,
Жүдә азар берди Төреш оларға,
Нәрсе қоймай қурал-жарағын алды,
Шыдамады бул хорлыққа, азарға.

Атларын да шешип айдап жиберди,
«Атларға тиймеңлер, ағалар» дерди.
Қутлымурат жетип келди сол ўақта,
Хасанали ҳәм сарбазларды көрди.

Хасанали Қутлымуратты көрди,
Көргеннен отырған орнынан турды,
Қутлымурат бекке сыясат қылып,
Хасанали күйип-жанып қутырды.

— Биз мынаў Өтешке ҳүкимди айтсақ,
Ханның ҳүкимини биз оқып берсек,
Мылтықтың аўзына салып атқанын,
Биз ханға айтамыз Хийўаға барсақ.

Ханның «пәтегин» де қабыл алмады,
Бизиң сөзимизге қулақ салмады,
Қурал-жарақларды оны талады,
Атты алды, бизде хеш зат қалмады.

Өтешти, өзинди алдырып ханға,
Жаза бериледи Өтешке, саған,
Қанша азар берсең ҳәзир беребер,
Қолыңнан келгенин ислей бер маған.

Өтеш булар сөзин тыңлап турмады,
Жайды көриў ушын ишке киреди,
Қутлымурат адамларды шақырып,
Сарбазлардың атын тутып береди.

Хасанали менен сөйлести жайлап,
Бул истиң ақырын, келешекти ойлап,
— Мен жоқ едим, егер өзим болғанда,
Күтерем сизлерди қатырып сыйлап.

Уллы патшаға мен тәзим қыламан,
Султан ҳүкими ҳақ, жақсы билемен,
Хасанали, көпти көрген адамсыз,
Жақсы емес ашыўланған сен ҳәммен,

Ислеп жатқан адамларда не гәп бар,
Маған айтсаң бойма ханнан не хабар,
Мениң орынлаўға қолымнан келер,
Сол жағына бермепсиз дә итибар.

Халықта не гүна, буйырсаң келер,
Елге басшы болған сизлер ҳәм бизлер,
Жәнжел неге керек, бәри болады,
Ҳәлек болыпсыз дә сиз ҳәм сарбазлар.

Тақсыр, өзиң сондай ақыллы един,
Баяғы келгенде баслай бер дедиң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған арқа берер едим жан достым,
Ишинде бирден-бир Хорезм елдиң.

Сениң себебиңнен жайды басладым,
Саған дослығымды берик усладым,
Хийўа хан алдында сени бар дейип,
Бәрше ўақыт мен кеўлимди хошладым.

Хасанали таңлайына тигилип қалды,
«Саған арқа берер едим» деген соң,
Арман-берман барып келип қозғалды,
Өзиниң дәртлерин биреў жеген соң.

«Ағайиннен сени артық көрердим,
Ақыллы едиң ғой арқа берердим»,
Дегеннен соң Хасан өзгергенди тез,
Қайтадан бой тиклеп көзи елерди.

«Ҳәкисти марапат, ешекти хар-хар
өлтиреди» деген сондай нақыл бар,
Хасанды хошаметлеп сондай деди:
— Сөйлесемиз, аўыл жаққа жүр сәрдар.

Хошаметке ҳәммесин де көндирип,
Алып кетти атларына миндирип,
— Нийетулла! Өтеш пенен бар, — деди,
Үйине ол кеткенлигин билдирип.

Булар кете берди, Өтешлер қалды,
Өтеш жай ишине нәзерин салды,
Жайдың ишин өлшеп шығып адымлап,
Бөлек-бөлек неше бөлмеге бөлди.

Қубласында арқасында дәрўаза,
Жайдың иши-сырты бир шөп жоқ, таза.
Төрт мүйеште жүдә үлкен гүңгире,
Көрик берер жайға сондай пәкизе.

Жай ишинде үлкен-үлкен қоралар,
Қара үй тикпеге айўанша да бар,
Бул жайдың ишини он танап дейди,
Ҳәр жерде көринер ылай өрелер.

Шынында да он танаптан аз емес,
Қоңыратта буған ҳеш жай тең келмес,
Қырық-елиў хожалық сыяр ишине,
Питип келер жайды Өтеш көрип мәс.

Төрт мүйеште топдың орны ойылды,
Айқас-уйқас кесе тесик қойылды,
Үш пақсадан ол тесиклер тесилген,
«Мылтық атыў мерген тесик» дейилди.

Жайдың тырнағына қамыс қойылған,
Дийўалларға ағаш қойып ийилген,
Атларды байлаўға сондай қолайлы,
Билмеген сорайды, қазық дер билген.

Еки жерде жай ишинде қудық бар,
«Тас қудық» қылыў да Өтеш ойы бар,

Жай ишине не қылса да болады,
Не ислесе бәрше ис қолайлы болар.

Қолайлы Өтештиң сәрдар өзине белли,
Беллиси бул жайға көп Қанлыкөлли,
Кирип мәкан қылса суўы да тайын,
Сыртқа шығып жүрмес ол жекке қоллы.

Керек нәрсе ушын белгилеп жай қойды,
Ҳәр жағынан ойлап салмақта жайды,
Бәршесин ўақтында питкизип барар,
Жай менен тең питкиземиз биз,-дейди.

Жаңа қала қалың тоғай арасы,
Бирақ жайдың дөгерек айналасы,
Тереги шабылған жүз аршын келер,
Жай менен ол тоғайлықтың ортасы.

Қубла жағы жақын «Мамый майданы»,
Жоқарыда айтып өткенбиз оны,
Күн батары да сийреклеў тоғай,
Күн шығары қалың тоғайдың кәни.

Арқасында тоғай, дәрьясы да бар,
Тоғай жолларының арасы да тар,
Егер қыс айларда жүрмекши болсаң,
Жолларды жоқ қылып жиберерди қар.

Себеби, адамлар аз жүрер жолдан,
Тоғай ишиндеги аз сийрек елден,
Соны билген Өтеш өзинше ойлар,
Жолды кеңейтиўди келгенше қолдан.

Кимге отын керек болса алдырды,
Жолдың еки шетин, отынлы жерди,
Тоғайға жолларға бажбанлар қойды,
Олар жолдың шетин кеңейтер еди,

Баяғыдай емес, жол да кеңейди.
Бираз жерден көресең жаңа жайды,
«Жаңа қала» әне, «биз келдик» дейди,
Өтеш жайдың барлық кемисин көрди.

Нийетулла оған кеңесин берди,
Жең менен сыпырып маңлайда терди,
Бәрше исти питкерген соң кешқурын,
— Енди аўыл жаққа кетейик, — дерди.

Өтеш те қайтыўды ойлап жүр еди,
— Жақсы аға, онда қайтайық, — дерди,
Сөйтип Нийетулла Өтеш екеўи,
Қутлымурат бегдиң үйине келди.

Хасанали сарбазлар да бар екен.
Зыяпат қылмақта буларға үлкен,
Нийетулла менен Өтеш те барды,
Аўылдан да бираз үлкенлер келген.

Нийетулла Өтешке жолда айтқан,
Өтеш те жақсы деп ырайдан қайтқан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш Хасанали қасына барды,
Хасан ойлар «меннен қорқып келатқан»,

Еки жылдай болды, Өтеш батырға,
Жарағын қалдырмас ийнинде бәрҳа,
Үйге киргенде де мылтық қолында,
Қылышы қапталда, отырды төрге,

Соннан бир жағы қорқар қонақлар,
Жаман сөз айтыспас, өзини сақлар.
Хасанали сөз баслады ортадан,
Сөзинде ол өзин сонындай ақлар.

— Билмедим, султанға ким хабар қылған,
Мен барсам, қашанлар хан өзи билген,
Мени султан сондай азапқа қойды, —
Деп Хасан сөзинде сөйледи жалған.

Ханның бунын ушын неси кетипти,
Арзын тыңлап, арзын қабыл етипти,
Төрт сарбазды берди Хасаналиге,
Сол сыясат пенен бул жерге жетипти.

Келгенде Өтешти қорқар деп Төре,
Хан берген пәтекти қылғанды өре,
Келген еди Қанлыкөлге пәт пенен,
Жолбарыстай айбатланып өкире.

Ол айтқаны болмас, айбаты қайтты,
Өтештин алдында жақсы сөз айтты,
Өтеш үндеместен тыңлайды сөзин,
Хасанали сөзди сондай молайтты.

— Мениң үйренискен көп жылғы жерим,
Бар дердим, бул жерге Өтештей ерим,
Адамлары таныс, даласы таныс,
Мени сыйлар деймен ҳәм хызметкерим.

Өзим айттым, салып алсын жай, дедим,
Белгили жай болар хайнахай, дедим,
Жай салыўға күши жетер елинин,
Адамлары жақсы және бай, дедим.

Мен сондай десем де ҳүким алған соң,
Ҳүким пәти менен келип қалған соң,
Азырақ та болса таяқ жеп қалдық,
Жақсы болды Қутлымурат келген соң.

Қутлымурат Хасан сөзини бөлди:
— Жыйнаў неге керек, тақсырым, белди,
Басшы бар ғой, айтыў керек басшыға,
Басшы басқарады белгили елди.

Нийетулла, Өтеш бар ғой ол жерде,
Ханнын ҳүкимин басшыға бер де,
Бирақ пуқараға тиймеўиң керек,
Күтип турың мени, сөйле мен барда.

Елдиң басшысының ғошшысы болар,
Биреўи болмаса биреўи қонар,

Сырттан келген басшылардың удайы,
Сол ғошшыдан әбден кеўили толар.

Сен соны узақтан ойламапсаң ҳеш,
Жәнжел шығарған соң өкингениң кеш,
Жай басында егер де мен болмасам,
Сөйлесең боларды, жер екен Өтеш.

Жай жөнинде Өтеште ҳеш гүна жоқ,
Мен шақырсам барып кетер соған тек,
Болмаса ол жайдың қасына бармас,

Не ис болса маған айтыўың керек.
Хасанали ҳеш бир нәрсе демеди,
Ишинен өзинше ойланар еди,
«Хан алдына барағойсам көрермен»,
Өзинше-өзине усындай дерди.

Бүгин түн жәнжелсиз өтти усылай,
Басқа да талай сөз айтылды талай,
Таң атты, азанда шайларын ишип,
Кетти сарбаз Хасан Хийўаға қарай.

Өтеш, Қутлымурат булар да кетти,
Үшеўи атланып қалаға жетти,
Дөгерек-дашларға көз таслап қарап,
Қаланың ишинде мәсләҳәт етти.

Өтеш, өзиң жай басында тур, деди,
Қаланы тез питкермек керек, деди,
Мине Хасанали жағдайын көрдиң,
Саған да, маған да көп азар берди.

Хасанали кеткен менен жарасып,
Және де келеди ҳәддинен асып,
Адамларды көбейтейик екеўимиз,
Гүз де келип қалды ол жақынласып.

Шоманайға, Қоңыратқа хабар бер,
Сол жақлардан шақырайық хызметкер,
Бизлер шақырғанда өзлери келсин,
Адам алып сол елдеги әмелдар.

Мен өзим де мынаў дөгерек елге,
Хабар жиберемен бар Қанлыкөлге,
Қарыўли кисилер шақыртып алып,
Ислетиўди тапсырамаң Теңелге.

Теңелди билесең, жан берер иске,
Жумсап көрдим неше рет егиске,
Нийетулла ҳәм басқалар басқарар,
Аўқат аялмасын кеште де, түсте.

Бир айдың ишинде питкериў керек,
Барлық елге соны жеткериў керек,
Өзлеримиз барып ол басшыларын,
Қылмаса айтқанды өткериў керек.

Өтеш мақул көрип Қутлымурат сөзин,
Шынында жақсы да болмас деп изин,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлық елге хабар қылмақты ойлап,
Турды ол қысыңқырап қос үлкен көзин.

Өтеш батыр егер алартса көзин,
Қарап көриў мүмкин емести жүзин,
Мурты қулағынан серели артық,
Қалың сондай бадхайбатлы хәм узын.

Мурын танаўына мушың сыйғыдай,
Сыртқы келбети де келискен сондай,
Мойны гейде менен тутасып кеткен,
Ийегинде сақалы бар азғантай.

Еки қабат үстиндеги саўыты,
Балтырға түсип тур етектиң шети,
Көкиректе жарқырайды дуўлыға,
Қара түри және семизлеў бети.

Ийнинде отырса адам жайғасар,
Ҳәр ийин арасы бир газден асар,
Бойы да узынлаў, келискен келбет,
Барлық мүше бир-бирине жарасар.

Батырлық салтанат таққан қуралы,
Қылыш-мылтық, қанжар белинде бәри,
Тасламайды ҳәзир қаяққа барса,
Бираз жыллар болды жанында жәми.

Өтеш усы келбет пенен ҳәзир де,
Бираз ойланып ол сондай пикирде,
Төрешти Қоңырат, Зийнеш Шоманай,
Жибериўди ойлады ол сол жерде.

Төреш хәм Зийнешти шақыртып бери,
Белгиленген жайды билдилер бәри,
Еки күнге келип жетип қалаға,
Маған айтың, деди қандай хабары.

Шортан көл жаққа да кетти бир адам,
Жәрдем ушын адам соратып одан,
— Ораз қазы қараўының жигитин,
Баслап келсин, барып айтың Еламан.

Шортан көлде барып айтың Өтемис,
Анаў-мынаў айтқан силтеўи өтпес,
Он, он бес қой басқа қарежет келсин,
Соны алып Пирлепес хәм Ерлепес.

Жиңишке бойына бир адам кетти,
Дәўлетяр ағаға хәм хабар етти,
Түсиндирип хабаршыға тапсырды,
Хабарда жағдайды толық көрсетти.

Қутлымурат беглербеги өз елин,
Шақыртты, жыйнады елиниң бәрин,
Қасындағы әмелдарман деп жүрген,
Тарқатты жән-жаққа бар хызметкерин.

Үшинши күн адам келе баслады,
Қутлымурат бегдиң кеўлин хошлады,
Алып келген дүнья малдың ҳәммесин,
Бир жерге жыйнады, үйип таслады.

Адам келди және қой менен мал да,
Гүриш майы менен сөк пенен ун да,
Ислеўшилер ислеў қуралы менен,
Жатып ислемеге келгенлер мунда.

Көрпеси, төсеги, қазан-ошағы,
Дузы-пиязы, бурыш, не керек тағы,
Ҳәммесин де ала келген жигитлер,
Ҳәр үйимниң айрым қасық-табағы.

Зийнеш жетип келди Шоманай жақтан,
Изинде киятыр кәрўаны тартқан,
Көп зат пенен адам өзлери келди,
Қосқа түсип жатты келип жән-жақтан.

Кешке жақын келди Қаратереӊ жақтан,
Қутлымурат шығып көрди шарбақтан,
Булар да көп нәрсе менен келипти,
Адам көринеди ҳәр шаңарақтан.

Аўқат ушын маллар бир пада болды,
Ун менен гүришке бир төле толды,
Ҳәр қостың өзинде затлары айрым,
Адамлар да көп нәрсе менен келди.

Төртинши күн түс қайта болған ўақта,
Сести еситилди Төрешлер жақтан,
Көп заманнан берли болмаған бундай,
Ылғый көмекшилер жыйынға аққан.

Қутлымурат барлық адамды топлап,
Адамның санларын алты жүзге шақлап,
— Сизлерден тилегим, мақсетим дослар,
Кеўилге толып тур ықласты бақлап.

Усы жайды баслаған едик бизлер,
Сизлер буны питкериўге медеткер,
Бул жай ушын жәнжелимиз көбирек,
Жайды тез питкериў сизлерден тилек,

Ағайин-туўысқан усы сизлерди,
Көмекке шақырттық үмит үзбедик.
Соның ушын жанбазлық қылыңлар бизге,
Көптен-көп рахмет айтайық сизге,
Баслап едик, питкерип шықсақ жайды,
Той-тамаша қылсақ ишинде гүзге.

Қутлымурат қысқа сөзин сөйледи,
Еламан, Пирлепес олар да келди,
Ерлепес те келген, Мурат хәм Арзыў,
Булар да ҳәр иске басшылық парызы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул исти баслады қызғын пәт пенен,
Жыйналған жән-жақтан, күш-қуўат пенен,
Бөлип алды хәр қайсы бир жумысты,
Бәрше бирге болып ел-елат пенен.

Бир күн болып ертеңине арыз етти,
Қутлымурат бегдиң алдынан өтти,
Келген әмелдарлар жуўабын алып,
Ертеңине аўылларына кетти.

Хеш қайда кетпеди, Өтеш те жүрди,
Жумыстың бағдарын, барысын көрди,
Көп жыйын ишинде хәр түрли киси бар,
Жаманларын ол тәртипке шақырды.

Қудыққа қара тас алдырды таўдан,
Қамыс келди көбирек үш мың баўдан,
Қудыққа тас, қамыс жай бастырыўға,
Көп қуўанды Өтеш буны көриўден.

Қанша ақ тереклер келтирди сырттан,
Тоғайдан шабылды, жыйналды журттан,
Кептирилип үйип жыйнап қойыпты,
Питкен жайды бастырып барар шеттен.

Он күнниң ишинде жай сырты питти,
Енди барлық адам ишине өтти,
Ишинде бөлинди барлық адамға,
Арбалар шуй-шуйге қағысып жатты.

Жүз-елиўден артық бар еди арба,
Қосылған ат-өгиз күшли оларға,
Ылайды қәндектен толтырып қайтар,
Өгиз-атлар тартар арбаны зорға.

Шоманай, Қоңырат бийлери келди,
Қаланы көрдилер, жағдайын билди,
«Бәрекелла, ақылыңызға биз қайыл»,
Деп беглер-бегине хошамет қылды.

Мине, соннан берли өткен он күнде,
Жүдә көп өзгерис болғанды бунда,
Адамлар да кетиўге дым асығады,
Бир нешелер ислер уйықламай түнде.

Себеби, ислери белгили бөлим,
Питкерсе тезирек қайтыўы мәлим,
Соны да ойласып көп жигит бирге,
Иследи түнде де, болмады тыным.

Еламан басшы отыздайын жигитке,
Өзи де ислеп жүр шықпастан шетке,
Исте де басқаға өрнек көрсетти,
Жалқаўдың айыбын айтады бетке.

— Бир ағайин, бир туўысқан өзимиз,
Сондай екен, болмас аўыр сөзимиз,
Гәп қысқасы, ўазыйпаны питкизип,
Журт алдында айдын болсын жүзимиз,

Булар иси жайға ылай таярлаў,
Жигитлер ишинде болмады жалқаў,
Истиң жанбасына тигилген отаў,
Қутлымурат, Өтеш те ыразы соннан.

— Хармаң азаматлар! Харманлар! — деди,
Өтеш өтип баратырып жанынан,
Өтеш өтип кетип тоқтаған еди,
Изине Еламан жаққа арыдан.

— Еламан, берман кел, — деди даўыслап,
Еламанды Өтеш сыртқа шақырып,
Еламан Өтештиң қасына барды,
Сорайжағын билди ол сәўер ярды.

Бул жерге келгели сөйлесе алмады,
Сөйлесиўге Еламан өзи де зарды.
Қыялыны байқап Өтеш батырдың,
Ойы толқып кетти, кеўли жаңарды.

— Қандай, иним, қыздың аўҳалы қалай?
Қашан баслаймыз тезде үлкен той?
Хабар да алалмай жумыслар шығып,
Баралмадым сизлер жаққа хайда-хай.

— Аға, сиз кеткели үйде болмадым,
Қыз қасына барыўға жетпейди дадым,
Биреўдиң бир жайын сорап алғандым,
Сонда болмақтаман мен жалғыз, хағым.

Бирақ та, мен сырттан көп хабардарман,
Қыздың келди дейди аяғына дәрман,
Кеше-күндиз жүрмен қыздың ышқында,
Әлбетте, ол маған өлгенше әрман.

Мениң күнелтиўим қыйын ол жерде,
Ораз қазы маған қалған өмирде,
Хеш ўақта жақсылық қылмайды енди,
Өзимше мен келдим сондай пикирге.

Мен оның дүньясын-малын нетейин,
Бирақ, малсыз маған үйлениў қыйын,
Соны ойланаман, аға, өзимше,
Қыздың ықласларын қалай өтейин?

Аўыл жигитлери жәрдем бермекши,
Олар маған хәмме ўақта көмекши,
Сондай болса да сора деп еди,
Сизиң пикирди де олар билмекши.

— Иним, ол қыз саған аталған ўақта,
Бәрше оны көрди, билер жән-жақта,
Енди неге оннан қәўип қыласаң,
Сениң мойнына түскени «ошақ та».



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қызға хеш қандай қалың болмайды,
Әкеси де сеннен қалың алмайды,
Пәтия қылынды сениң өзиңе,
Ҳеш ким енди хеш нәрсе қылалмайды.

Жақсы түсинемен сениң ҳалыңды,
Сенде жоқ екени дүнья-малыңды,
Дүнья ушын қайғырмаўың да керек,
Билесең өзиңниң жүрер жолыңды.

Саған мениң баяғы айтқан сөзим,
Тағы да ойланып қарап көр өзиң,
Жай питкен соң бәрше көшип келемиз,
Сонда көрерсең кемисимизди бизиң.

Той қыламыз Жаңақала ишинде,
Ярың менен өмир сүрерсең сен де,
Мине, иним, саған мәсләҳәт усы,
Жигитлерге айтқан пикирди менде.

Қәне, өзиң қандай пикирге келдиң?
Енди жас емессең барлығын билдиң,
Жыйналып бир жерге биз күшти қосып,
Арын арлаў керек туўылған елдиң.

Халық әрман қылар бираз нәрсени,
Бостан-бос жатырған жерлер қаншелли,
Бәржай болар халқымыздың әрманы,
Бир мақсетке бирлестирсек бәршени.

Мениң де ойымда жоқ еди бул сөз,
Биреў менен дос болдық биз екеўмиз,
Сол жигит хақылы, сол айтты маған,
Қала салын усы жерге деди тез.

Мынаў жайды салдым соның сөзинше,
Аралап еллерди көрди бир неше,
Егер деди, суў әкелип ексеңиз,
Түрли егин болар, деди, мениңше.

Болмаса бул жерди көргеним мениң,
Ойымда жоқ еди пайдаланыў деген,
Сол рус жигити айтқалы берли,
Соның мәсләҳәти шықпас кеўлимнен.

Баслап көрмектемен соның биразын,
Қуўатлап сол айтқан достымның сөзин,
Бизлер баслап қолымыздан келмесе,
Әлбетте, әўладлар басқарар изин.

— Аға, адам қылдыңыз сиз мени оңлап,
Жақынлардан берли мағанасын аңлап,
Не десең де, аға, өзиң билесең,
Рәҳәтленемен мен сөзинди тыңлап.

Өтеш Еламанның жаўрынан қақты,
— Халықтың ығбалы, елимниң бахты,
Еркинлик күн келип халық бахтына,
Бирлестирсек деймен қарақалпақты.

Сол ушын хызметкер керек халыққа,
Биз жыйналып атлар шаўып жән-жаққа,
Сыртқы жаўдан тыныш сақласақ елди,
Душпанды киргизбей қарақалпаққа.

Әне, сонда болар халық ушын жәрдем,
Халықты сақласақ сен менен мен ҳәм,
Бәри де халыққа жәрдем бергенин,
Аўызбирлик пенен биз турсақ беккем.

Жақында Қоңыратқа биз барған едик,
Жаман аўылларды жән-жақта көрдик,
Баспашының туттық бизлер биразын,
Оларға тийисли жазасын бердик.

Жақсы, иним, мақсетимиз болсын ҳақ,
Пирлепес, Ерлепес олар да ортақ,
Бизге көмекши көп, бираз боламыз,
Рус, өзбек, қазақ ҳәм қарақалпақ.

Қутлымурат беглербеги бай киси,
Бир нешшелер ойлар: Өтештиң иси,
Қутлымурат бегдиң пайдасы ушын,
Ислеп жүр ғой, деп те айтар көбиси.

Мениң жек көргеним бай менен болыс,
Бирақ оны жоқ қылыўға жетпес күш,
Байлар мениң айбатымнан қорқады,
Сөйтип мени дейди «Өтешжан, Өтеш».

Оны жақсы түсинемен мен, бирақ,
Бир нәрсени ойланаман көбирек,
Бек пенен болыслар ханның адамы,
Солардың биреўи Қутлымурат бек.

Сол ушын тиккелей қарсы болыўға,
Бизде күш жоқ бир жақлардан алыўға,
Әсте биз жыйналып күшти жәмлесек,
Бийлерге қара күн болар салыўға.

Ҳеш кимге, хеш нәрсе айтыўшы болма,
Ҳеш нәрсе ойлама, кеўлиңе алма,
Сени өзим дейип айтып атырман,
Және де өзиңше ойларға талма.

Әне, иним, саған айтпақшы сөзим,
Ярдан қайғы қылма, ярыңды өзим,
Тойыңда мен өзим бас болып турып,
Той ислермен, жүрсем жумылмай көзим.

Өтеш соны айтып кетти жөнине,
Еламан жигитлер келди жанына,
Жигитлер де Еламанға таң қалды,
Келгенде ол ўақты хош боп қуўана.

Жайдың иси қызар күннен-күн сайын,
Жүзеге асырар мақсетиң ойын,
Бир ай шамасында қала да питти,
Көпшиликтиң күши менен арқайын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамларға жуўап берди тарқасты,
Өтеш, Пирлепести ҳәм Ерлепести,
Алып келип бирге үшеўи шетте,
Бираз нәрселерди айтып кеңести.

Жақында тойды да өткермек болып,
Өтештен Пирлепес жуўапты алып,
Ҳәммеси де кетти үйли-үйине,
Ислер беглербеги адамы қалып.

Булар да аз емес, еллидей киси,
Жайдың табылады қалған көп иси,
Ишиниң сыбаўы, кемис-кетиги,
Қурылды төрт жақта төрт дарўазасы.

Өтеш те ол жайдың басынан кетти,
Соннан берли мине он күндей өтти,
Кемис-кетик жайдың ислеў жағдайын,
Қутлымурат бегдиң өзи көрсетти.

Жай да таяр болды, кирсе де болар,
Жайды көрген киси ол ҳайран қалар,
Қабат-қабат есик қатар қурылған,
Кеш қандай кемис жоқ, бәршеси таяр.

Қутлымурат көшип келе баслады,
Белгиленген жайға затын таслады,
Қутлымурат бегдиң ғошшының өзи,
Төрт-бес өжиреден көпке аспады.

Еки күн өткен соң Өтеш те келди,
Қутлымурат пенен қоңсылас болды,
Өтеш инилери ҳәм де басқа да,
Қаланың ишине ҳәмме жәмленди.

Алды менен Еламанды алдырды,
Қаланың ишинен бир жайын берди,
Қызды гүзек алып бериў мақсети,
Тойды болса жаз өткенге қалдырды.

Еламанның жүдә ўақты хош болды,
Жақсы ат, жаў-жарақ бәршесин алды,
Саўыт кийип, жаў-жарағын тағынып,
Батыр айбатына көрген таң қалды.

Мийнетте шыныққан Еламан тәни,
Зийнеш болса, жигитлердиң султаны,
Еламан да сондай баҳадыр жигит,
Тез билип аларды ол көрсе нени.

Ҳәр түрли өнерди билди тез күнде,
Теңи жоқ күш Еламанның күшинде,
Өтеш өзи сынап еди бир күни,
Хаўлықтырды Өтешти де шынында.

Өтештен кем емес, қылыш ойнап жүр,
Көлди жаңғыртады урғанда ҳәр бир.
Шынтлап көрди Өтеш қылышты силтеп,
Еламан шаршамас, шаршады батыр.

«Жарайды, жарайды» дерди ишинен,
Ырза болып Еламанның күшинен,
Қылышты қойды да, гүресип көрди,
Бир-бириниң услап қолы ушынан.

Төртеў болды батыр липасын кийген,
Төрт ағайин дейди буларды көрген,
Төртеўи бир форма кийген кийими,
Өтеш батыр сондай форманы берген.

## XI бөлим

Есиңизде болса керек, Берданның қызы Өтебийке ҳәм оның жигити Арзыў ҳаққында болған ўақыяны баста оқығаныңыз. Сол Арзыўға Өтеш батыр қылған ўәдеси бар еди. Той қылып, қызды сизге өзим алып беремен, деген ойы хеш ядынан шықпады.

Бир күни азанда Өтеш ойлады,
Арзыў аўылына бармақшы болды,
Бир өзи барыўды еп көрмей Өтеш,
Еламанды жолдас қылып алады.

Еламан да минип алды атына,
Ат бели ийилди жигит пәтине,
Өтеш алда, бул изинде баратыр,
Жаңа кирген еди тоғай шетине.

Төрт-бес атлы көринди ол тоғайда,
Өтеш атын бурып, алып оңайға,
Билмекши: не атлы, қайдан келеди?
Кимлер өзи булар, барады қайда?

Турды қалың тоғайда булар ат үстинде,
Келатқанлар сырын билиў қастында,

Бес атлы бул жердиң адамы емес,
Үш атлы бар және олар қасында.

Хасанали таныс көрди ишинде,
Өмирзақ дайысы болар қасында,
Өтип барар еди Өтештиң тусынан,
Өтеш көрип ҳайран болды шынында.

Хожелиден қосылғанбекен дайым?
Ишинен ойлады, бар еди уўайым,
Адамлардан еситкен көп сөзи бар,
«Дайың сени келтиралмай жүр қайым».

«Өтеш батыр өзиң хабардар болғыл,
Дайың душпан, батыр, сен соны билгил»,
Деген адамлардың сөзине Өтеш,
Кеўлине келтирмей жүргенли пүткил.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мынаў келисине ойланар ҳәзир,
Кеўлинен өткенди ҳәр түрли пикир,
Сөйтип турып Еламанға бир қарап,
Өз жолына атын айдады батыр.

Қайтармекен деп те ойлар Еламан,
Жоқ қайтпады, кетти алдына таман,
Бираз жерге барып қублаға жүрди,
Тоғай иши жол жоқ, бар жолда жаман.

Қалың тоғайлықты аралап барар,
Жаман жол, гей жерге зорға ат сыяр,
Өтеш алда, Еламан ол изинде,
Еламан жән-жаққа бир қарап қояр.

Азырақ жүрген соң шықты шат тоғай,
Соқпақ жол бурылды күн батар қарай,
Қарабарақ, жыңғыл, басқа да майда,
Ҳәр түрли шоқ келер соны аралай.

Тоғай арасынан ушар қырғаўыл,
Тоғайдан келатыр көринбес аўыл,
Бираз жүрди, Өтеш те ҳеш сөйлемес,
Көтериле баслады пәтли даўыл.

Үйден шыққандағы ол епкин самал,
Даўылға айланды тап усы мәҳәл,
Өтеш те тезлетип атын айдайды,
Жайылып жүрген шықты алдынан көп мал.

Бир мәҳәл ол маллар болды тасырлы,
Тоғай иши шаўқым уллы пасырлы,
Өтеш, Еламан да қарады дәрҳал,
Жолбарысты көрип бойын жасырды.

Жолбарыс та сезди тоқтады әсте,
Майда шат тоғайлық, ойпатлаў пәсте,
Жолбарыслар менен алысыў сырын,
Көп еситкени бар Еламан жаста.

Ойланып турыўға ўақты болмады,
Сол мәҳәл ийнинен мылтығын алды,
Аттан екеўи де түстилер жерге,
Атларды ағашқа тезде байлады.

Еламан, Өтеш те бүгип киятыр,
Жолбарыс алдында бир ойда жатыр,
Адамның атлардан түскенин көрип,
Адам киятқанын көрип те атыр.

Өтеш батыр атпақ болды ,ойланды,
Билди ме жолбарыс, бери айланды.
Жолбарыс шапшыйжақ, Еламан көрип,
Ойланып турыўға ўақыт жоқ енди.

Еламан мылтығын суўырып алды,
Мылтығын таслады ол жерде қалды.
Буғып жолбарысқа баратыр әсте,
Өтеш Еламанды тоқтатпақ болды.

Тоқта деп айтыўға ўақыт таппады,
Мылтық атыўға да пурсат болмады.
Еламанды жүдә қайғырды Өтеш,
Енди сөз сөйлеўге ўақыт қалмады.

Себеби, жолбарыс әдисин билер,
Изиңе қарадың, жолбарыс алар.
Сол ушын жолбарыс көрген адам,
Көзин оннан жаздырмай туўры барар.

Сол ушын ғалма-ғал қылыўға болмас,
Еламан да билер, изге қарамас,
Еки жүздей адым қалған ўақтында,
Еламанға атты өзин жолбарыс.

Жолбарыс атқанда төменге бүкти,
Қылышын жолбарыс бүйирине тықты,
Белден қушақлады, сындырды белин,
Өтеш дәрҳал сол ўақыт келип жетти.

Жолбарысқа Өтеш те қылыш сұқты,
Жолбарыстың қаны жерге атлықты,
Жолбарыс күшиниң кеткенин билип,
Жолбарысты Еламан жерге жықты.

Батырлар жолбарыс басыны кести,
Терисин алайық биз сылып, дести,
Еламан пышағын алып қолына,
Еки жаққа айырды кесип төсти.

Жолбарысты айырдылар териден,
Бас тери, аяқ тери бәринен,
Етиниң үстине бир баў шөп басты,
Шөпти жыйнап, шаўып ары-бериден.

Терини алып келди атлар қасына,
Атлар үркер аяқларын тепсине,
Өтеш атын минди анаў терини,
Таслады ат ериниң кейнине.

Мылтық жарақларын асынып алды,
Өтеш Еламанға жүдә таң қалды,
Таң қалып ишинен үндемей келер,
Ойламаған жерде болған аўҳалды.

Ўақыя қысқаша болыпты, дерсиз,
Жолбарысты услайғойды азарсыз,
Буның ушын тоқтап өтсек боларды,
Бирақ алды бир тоқталып отырмыз.

Бир аўылдың көринди ол қарасы,
Бир шақырым бар ма, жоқ па арасы,
Бул аўыл ол сол баяғы азанда,
Қызы урланған аўыл екен шамасы.

Өтешлердиң келатқаны сол аўыл,
Усы жерде тоқтап турсын енди бул,
Қалған сөздиң изин жалғастырайық,
Оқыўшым, оқыўды қылсаңыз қабыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

63 - ТОМ



# МАЛИКАЙЫ ЗУҲРИЯ

*Араб имласынан көширген: А.Идрисов*
*(2012-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Би-сми-ллаҳи-р-раҳмани-р-раҳийм.

Әмма раўийлар андағ риўайат қылурларким, Зулмат шәҳринде бир падшаҳ бар еди. Ол падшаҳның ...ыға Қайтус дер едилер. Кафир бутпараст еди. Әмма төрт шәҳәр аның қәләмруйы еди. Гүржистан ...ә Иракыстан Зулматның табиъи еди. Әмма күнлерде бир күн халийфадын нама келди, мусылман ...олсун деп. Келген уламаларға Қайтус шаҳ айтты:

— Әй, елши уламалар, худайыңыздын маңа бир уғыл тилеп алып бериң. Андын соң мусылман ...олурмен — деп ўәде қылды. Ислам тәрәфдин келген уламалар:

— Хош болғай, иншааллаҳ уғлың болур, — дедилер.

Әмма арадын тоққуз ай, тоққуз күн, тоққуз саат кечди, падшаҳның хатуны қыз туғды. Алами ...ужудға келгени ҳәмана йүзинде нуры субҳан жила берур еди. Ол қызның атын Мәлийкәйи Зуҳрийійа ...ойдылар. Әмма падшаҳ:

— Қыз му, уғул му — деди.

Айттылар:

— Қыз болубду.

Ерсә мәлик Қайтусның қәҳри келип айтты:

— Әй, жәллад, шығарып мусылманларның уламаларының худайынан тилеп алып берген қызын ...ир жәзийрәйи майданға ташлағыл, бөрилер йесун — деп әмр қылды.

Жәллад «Хош болғай» деп ол қызны алып барып бир бийабанға ташладылар. Әмма бир отыншы ...абаның гүзары ол жайдан түшти. Көрсе, бир нарасийде уғлан йығлап йатыпдур. Баба турып қулақ ...алса «йа ху йа ман ху ла илаҳа иллаҳу» деген аўаз келур. Ол баба мусылман еди. Әмма ол аўаз ...бабаға тәсир қылып ол уғланны көтерип үйине алып келди. Бабаның бир зайыфасы бар еди. Ол ...әм мусылманы кәмилә еди. Зайыфасы айтты:

— Әй, баба, уғлан мәлик Қайтусның майданға ташлаған қызы турур. Бу қыз сәбәбли падшаҳның ...әзәбиға гирифтар болурсен, — деди.

Анда баба айды:

— Әй, нашар, ҳәр иш болса Худаның тәкдийридин кәмиў-зийада болмас, бу бәшени имди ...әрбийат қыла бергил, — деди.

Арадын он төрт йыл өтти, ол балиға болуб кәмалға йетти. Он төрт йашыға йеткен соң, андағ ...зийба жәмал болды ким ол заманда аңа барабар қыз йоқ ерди. Көңлиниң бостанына илми ҳал ўә ...илми қал жарый болған еди. Әмма ол қызға ҳәр тарафдын саўшы шыға башлады. Баба ол қызны ...атасының хызмәтийға алып барурман деб зайыфасы билен мәсләҳәт қылдылар. Әлбетте, бир башқа ...адамға берсек, падшаҳның қулағына йетсә, аның ғәзебиғә гирифтар болурмыз, — деди.

Әмма, андын соң, әл-қысса, отыншы баба Зуҳрийійажанны атасы мәлик Қайтусның хызмәтиға ...алып барды. Қыз аталық ҳүрмәтин тутып падшаҳға сәлем берди.

Анда падшаҳ айтты:

— Әй, баба, бул не қыз турур?

Анда баба айтты:

— Әй, падшаҳым, бу нашар сизиң жигәргөшеңиз турур, муңа мени себеп қылған Худа турур, — ...деди.

Анда падшаҳ айтты:

— Әй, баба, сен надан екенсең, ол бала фәний болғаныға он төрт йыл болды. Бу қызны мениң ...йолымға тарта келтургән болсаң, саңа қәддиң барабар зер берурмен — деди.

Ол бийшара: — Өзиңниң фәрзәндиң, — деп жуўап берди. Андын соң баба падшаҳдын рухсат ...алып үйиге қайтты. Әмма қыз бийшара падшаҳ залымның қолында қалды.

Әлғәрез, падшаҳ айтты:

—Әй, мәлийкәйи Зуҳрийійажан, не болғай мениң бирлен дәўран сүрсеңиз, — деп қызның бойныға ...қол салур болды. Қыз зар-зар йығлап бир сөз айтты:

— Сал қулақ сөзиме, кәфирлер шаҳы,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети,
Ғәрип-мискинлерниң Ҳақдур панасы,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

Мен бир нашарман, көңлим Кәбатулладур,
Йоқдын бар әйлеген бизни Аллаҳдур,
Ҳүмметмен, панаҳым расулуллаҳдур,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

Әбүў-Бәкир Сыддық үммете дәрман,
Осман Зун-нурайны жәмиъу-л-Қуран,
Худаның шеридур ол Шаҳымәрдан,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

Бенде болған қолын үзмес имандын,
Қоркмас му сен, кәфир, қәҳри Субҳандын,
Мени жуда қылма ҳүўри ғылмандын,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислам пири мәдед берсун бу заман,
Худайым бәладын сақлағай аман,
Саңа тайын болды дозахда мәкан,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

Мен бир ғәрийп, көзи йашлы нашарам,
Көз йашымдын әшки гүлгүн сашарам,
Шәҳийд өлсем дин йолыны ашарам,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

Зуҳриййа дер, бети қара болубмен,
Өз атамдын жәбри жафа көрибмен,
Фатима Зуҳрийййаны шәфий тутубмен,
Тийме маған, бир Алланың ҳүрмети.

Әлқысса, андын соң Мәлийкәйи Зуҳриййа бу ғәзәлни тамам қылды, Мәлик Қайтус кәфир қәҳри келип, зийада мүшәддид болды, қоррандозлар ўә әкабирлер айтты:

— Әй, падшаҳы әлам, бу қыз қырық күн бутға сәжда қылсын, андын соң бу сөзни қабул қылур — дедилер.

Әмма Мәлийкәйи Зуҳриййаны мисли бәндедек бутханаға алып барып қамап, үстинен қулып уруп қойдылар. Қыз бийшара зар-зар чун әбри нәўбаҳар йығлап айтты:

— Пәка-пәрўәрдигара, ҳаййу-қаййума, әй қәдир Зул-жалал, ўә әй Кәриймм биймәлал, ўә әй данайы зыллы ҳал, әй Султаны әбәдул-әбәд, бир тикен урақын бәндеңниң айағына раўа көрмессен, мен русийаны өз фазлы кәрамың билән бу кәфир залымның қолынан халас қылғайсан, — деп бир мунажат қылды:

— Зиндан ишинде Алла әрманда қылып қойма,
Кәфир қолында Раҳман дәрманда қылып қойма,
Қәҳринди көтер Субҳан, гирйанда қылып қойма,
Бу кәфир тарсаны шадманда қылып қойма.
Мен русийа болдым наланда қылып қойма.

Йақуб киби аҳ тартып гирйанда болып қалдым,
Дийни шамға мен имди пәрўана болып қалдым,
Мансуры «әнал-Қақ»дек әрманда болып қалдым,
Мен Йусуфи Кәнъандек зинданда болып қалдым,
Кәфир қолында Алла дәрманда қылып қойма.

Рәҳмиң салыбан мәўлам бу ҳал пәрийшана,
Қойма мени зинданда рәҳим әйле бу налана,
Қиммет берибан Алла қылғыл мени мәрдана,
Тәўфийқ ата қылғыл бу кәфири ҳайўана,
Зиндан ишинде Аллаҳ әрманда қылып қойма.

Ғар ишре ўатан қылған гөйаки шәмен гүлмен,
Кәфир қәфәси ишре зиндандағы бүлбүлмен,
Алла маңа рәҳмиң сал бир руйи сийаҳ қулмен,
Жәннетге хумарым көп бир әжиз талыбмен
Аллаҳ бу Зуҳриййаны матамда қылып қойма.

Әлқысса, Мәлийкәйи Зуҳриййа бу мунажатны тамам қылды, күн кеш болды, қараңғыў ахшамны Аллаҳ таала мунаўўар қылды. Та таң атғунша қыз бийшара хатмы Куръан қылып пийриў устазларның әрўаҳына бахыш қылды. Төрт кеше күндиз тәйаммум билен намаз оқыды. Әмма бешләнши күни бутхананың ешикинә бир қәлендер келди, «ҳу йа ман ҳу» деп аўаз қылды. Қәлендерниң аўазы Мәлийкәйи Зуҳриййаның қулақыға йетип көңлигә тәсир қылды. Бутларға ләъли жаўаҳырдын ўә гәўҳардын зеби зийнет берип еди. Мәлийкә йеридин турып бир қысым жәўәҳир алып қәләндәрға берди. Ол қәләндер базар башыға алып барып сатты. Ол жәўәҳирләрни алған кишиләр қәләндәрни тутып Мәлик Қайтусның йаныға алып бардылар. Падшаҳ айтты:

— Әй, бәңи қәләндәр, бу жәўаҳырларны сен қайдын алдың?

Қәләндер инъам берген бийшара мәлийканы Мәлик Қайтусға байан қылып бир сөз айтты:

— Ешит арзым шаҳ Қайтус,
Бир жананның хайрыдур бу,
Тилде сәна оқур қуддус,
Бир жананның хайрыдур бу.

Сүрмедур қашы көзи,
Он төрт күнлик айдур өзи,
Мәлик Қайтусның қызы,
Зуҳриййаның хайрыдур бу.

Үммет ерур Мустафаға,
Достдур Әбуў-Бәкир сафаға,
Кәнийз Фатимәйи Заҳраға,
Фәрзәндиңниң хайрыдур бу.

Сөзим айтурмен ҳаққаный,
Сен шаҳым Худаны таны,
Зиндан етме бу жаҳанны,
Бағры қанның хайрыдур бу.

Шаҳ Қайтус бол хабардар,
Дозахға болма сазаўар,
Қәҳр етер ўәҳидул-Қаҳҳар,
Фәрзәндиңниң хайрыдур бу.

Қәлендер тилде сәнайым,
Бағышла кешир гүнайым,
Бендемен, ҳақдур панайым,
Әҳли жәннет хайрыдур бул.

Әлқысса, қәлендер бу сөзни тамам қылғандын соң, Мәлик Қайтусның қәҳри андағ тез болдыким, ҳәр түклери шаргез тикендей либасларыдын бийран болды. Андын соң тамамы мәҳрамларыны

www.ziyouz.com kutubxonasi

йаныға алып бутхананың қапусыға барып көрсе, Мәлийкәйи Зухриййа зиндан ишинде мисли қафасдеги тоты кушдек нала қылур, гүл йүзлери заъфарандек солып турур, башын сәждәға қойып зар-зар йығлап йатып дур. Аның учун ким кеше аҳўалыға Расулы Худа билән Бийби Фатимайи Захра кирип айттылар:

— Әй балам, қоркма, дийниңни қолындын берме. Әгәр дийниңни қолдан берсең, атам Расулуллаҳның шафаатыдын маҳрум қалурсен ўә Худаның рәҳмәтидин наумийд болурсең, — деп насийҳат қылып еди.

Әмма кәфир Мәлийканың бу ишин көрип айтты:

— Әй, нашар, менин кәҳри ғәзебимнен қоркмасмусен, сәждеге баш қойарсен, бутға сәжде қылмассаң, — деди.

Анда Мәлийкәйи Зуҳриййажан зар-зар йығлап түшинде көрген заты шәрийфлерни тәрийф ҳәм тәўсийф қылып түшин байан қылып бир сөз айтты:

— Сөзиме қулақ сал, кәрәмли шаҳым,
Бу дүнйа фаныйдур, пайаны болмас,
Фәрзәндин, ҳақдур мениң гуўаҳым,
Бу сөзимниң асла йалғаны болмас.

Түшимде еранлар дуўа қылдылар,
Анҳәзирет балам деп нышан бердилер,
Үмметим қоркма деп, нәзер салдылар,
Шәрийат йолыдын йетарым болмас.

Мусылман болғайсен, қылайын дуўа,
Фәрзанд атасыға болурмы раўа,
Киргил туғры йолға сен бахты қара,
Бу дүнйа фаныйдур, бақасы болмас.

Ҳүўри ғылман жилўа берер көзиме,
Атам, ғубар келтүрмәгил йүзимә,
Теңлеслерим йығлашурлар сөзиме,
Көзде йашым тынмақ имканы болмас.

Зухриййа дер, фәрзәндиңмен бийкәсмен,
Өлсем шәҳийд өлем, диним бермесмен,
Худаның әмридин қолум үзмесмен,
Ҳақдын өзге мениң панаҳым болмас.

Әлқысса, бу сөзлерни мәлийкадын ешитип Мәлик Қайтус қәҳри келип айтты:

— Әй, нашар, мениң қәҳри-ғәзебимнен қоркмаймусен, бутға сәжда қылмай тофрақға сәжде қылурсен?

Анда Зухриййа бийшара зар-зар йығлап айтты:

— Мениң атайы мехрибаным сен зулмат ишинде қалыпсаң, Худайы таала бир аты ўәҳидул-Қаҳҳардур, андын қоркмассен ўә дозах ишиндеги Қариш атлығ йыландын қоркмассен — деди. — Ўә бутға сәжда қылурсен ўә мен Худайы Тааланың бир әжиз бендесидурмен. Қәр не әшйаны тамаша қылсам, Худаны ҳәзир көрермен, андын қорқармен, аның хакиға баш қойармен, ўә анҳәзретниң тәрәфигә қарап сәжде қылурмен, — деди.

Мәлик Қайтус айтты:

— Әй, Мәлийкажан, бу сөзлериңни қойғыл, кел, мениң бирле болғыл, — деп қызның бойныға қол салып заўқы шаўқ қылар болды. Ол нашар: — Ўә дарийғ, әй Худайым, бу кәфирға өзиң инсафы тәўфийқ берип, мени мундын өзиң халас қылмасаң, ҳалым мүшкил болды, — деп зар-зар йығлап мәлик Қайтусға қарап бир сөз айтты:

— Худаның бирлигин билмеген кәфир,
Қызы атасыға раўа болурмы,
Шәрийъат әмриға болмағыл мункар,
Қызы атасыға раўа болурмы.

Сен залымсен, мен мазлум, йоқтур қарарым,
Бир Аллаға йетгәй налайы зарым,
Худадын өзге ҳеш йоқтур панаҳым,
Нашар атасыға раўа болурмы.

Сора, залым, уламайы замандын,
Шәрийатда барму әўўәл әййамдын,
Сен кәфирсең, қорқғыл дозах мәкандын,
Беҳиштий дозахыйға раўа болурмы.

Өзим Зухриййадур, өзим бийшара,
Қайтмасман динимдин астурсаң дара,
Әжиз фәрзәндиңмен бир бахты қара,
Қызы атасыға раўа болурмы.

Мәлик Қайтус бу сөздин соң айтты:

— Әй, нашар, мени қабул қылмасмусен? — деди.

Мәлийкәйи Зухриййа айтты:

— Әй, кәфир, Худаның бирлигин билген киши нешүк өз атасын қабул қылур? — деди.

Анда Мәлик Қайтусның кәҳри келип айтты:

— Әй, жәллад, тыйғы абдарны алып келгил. Бу нашарның өмириниң гүлшәнин хазаныға дөндиргил, — деди.

Жәлладлар колларыға тыйғларын алып келдилер. Зухриййа бийшара кәфирлерниң тыйғыдан

www.ziyouz.com kutubxonasi

қорқып йықылды. Мүбәрек йүзи афтабы табанны хыйра қылур еди, зәъфарандек болды. Бираз замандын соң ҳуўшыға келип көзин ашты.

Мәлик Қайтус айтты:

— Енди қабул қылдыңму? — деди.

Ол ўақытта жәллад ҳәм тыйығын ҳәўала қылды. Мәлийкә аҳ тартып Худайы Тааланың улуғ атларын йад қылып асманға нәзер салды. Көрерким, ҳүўри ғылманлар беҳишти анбари сәриштдин келип мәлийкәйи Зуҳрийийаға қарап қулашларын ашып, айтуб ишарат қылурлар: — Әй, мәлийкә, дин шырағын қолыңнан берме.

Бу нышананы көргәч қыз бийшара Худаға шүкир қылып, мениң ҳәм ҳиммәтим бар екен деп, нала қылып йығлады.

— Жәллад, кәфир кишигә керак екки қолы, мунын сағ қолын бәндидин кесгил, — деди.

Жәллад «хош болғай» деп, Зуҳрийийа бийшараның сағ қолына тығын шалды. Зуҳрийийа бийшараның көңли бузылып, Худаға йалбарып бир мунажат оқыды:

— Йоқдын мени бар әйлеген бийрубар,
Нечун мени бахты қара әйледиң?
Не гүнаҳ әйледим саңа бирубар?
Бөйле бәлаларға дуўшар әйледиң.

Бу кәфир дәстине берипсен раўаж,
Мени қылдың бийкәслердей наилаж,
Кәрәм қылып мениң көңлим қулфын аш,
Көзде йашым тынмас, раўан әйледиң.

Ҳәзирети Адамдур бәршеге ата,
Пир болған мүрийдниң қолыны тута,
Шайх Басрий пийрим, йа Палўан ата,
Қолым тутғыл, йолда ҳайран әйледиң.

Бу дүнйада сәйр етмеге бағым йоқ,
Арзы-ҳалым айтушмаға Кәбам йоқ,
Бириўбарым, сеннен өзге панам йоқ,
Йахты рузғарымны зиндан әйледиң.

Зуҳрийийа дер, нәсийб тақдийрә тартар,
Қайғыўны көп етсен, мийнетиң артар,
Айралықның жәбри өлүмдин бәттар,
Өз атамны маңа душман әйледиң.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылды, ерсе, пәрўәрдигары әламдын Хызыр әлейҳиссаламға әмир болды:

— Бир бәндәмгә өз атасы жафа қылып турур, сағ қолын бәндидин кести, әзел тәкдийр ол бәндәмге шул еди. Бәндәм ҳеш азар тапмасын.

Андын соң Хызыр әлейҳиссалам Маъфа атлығ йылан сүўретинде болып Қайтус кәфирниң бәргаҳыға келип, Зуҳрийийажанның қолының кесилген жайыға ҳәзир болды, қолын ол йыланнын алдыға ташладылар. Йылан пәнжени алып ғайып болды. Кәфир Қайтус айтты:

— Қызны елтип жәзийрәйи майданға ташлаң.

Әлқысса, елтип бир жәзийраға ташладылар, Зуҳрийийа бийшара зар-зар йығлап йатды. Үш күн арадан өтти, ол нашар жафа көргенине көзлеринен гүлгин сәршәк сашып йығлар еди. Хусусан қолының ызасыдын сабыр тақаты қалмады, төрт күнеше ашлық ҳәм суўсызлықтан ҳәлакат мақамыға йетүшди. Майданда арысланларның ўә ҳәр тайыфа ҳайўанларның аўазы келур еди. Ўә ҳәм ғалыб болып өткен әзийзлерниң арўаҳларыға Қуран оқып бахш қылып йығлап ҳәзирети Шаҳымардандын мәдед ўә истианат тилеп бир мунажат оқыды:

— Не йаўыз күн түшди мениң башыма,
Шаҳымәрдан, нәзер салың ҳалыма,
Худайым рәҳим етгәй көзде йашыма,
Бүзириг пирлер, нәзер салың ҳалыма.

Ҳәзирети Әлийнин чун нуры айны,
Кәрбалада шәҳийд болған Ҳүсейни,
Қоша тағ игәси ўәйс ал-Қараний,
Ҳәзирет Әлий, нәзер салың ҳалыма.

Бу саўдалар билән болып мен ҳайран,
Шах Нақшбанд пийрим ол бәлагәрдан,
Мәдед сиз сәййид Абдулла Нарынжан,
Гирчик пийрим нәзер салың ҳалыма.

Әўўел Қайтус билен қалдым бәлаға,
Арз етермен ол йаратған Худаға,
Имди машғул болсам зикри сәнаға,
Бәри пирлер, нәзер салың ҳалыма.

Зуҳрийийа дер, мениң пийрим Сәййид ата,
Кәнизегим дегей Фатима Зуҳрийийа,
Мәрҳәмәтләр қылса қолымдын тута,
Шафаатгаҳ, нәзер салың ҳалыма.

Әлқысса, бу сөздин соң қыз бийшара ҳиммет қылып төрт күн йол йүрип, дәрийайы Жайҳунның кенарыға барды. Ол жайда башыға пана ушын шөптен бир күлбейи әҳзан қылып отырды.

Имди сөзни башқа бир тарафдын ешитиң.

Көҳне Үргениш падшаҳының атыға Ҳасанхан дер едилер. Күнлерден бир күн Ҳасанхан мың атлығ

www.ziyouz.com kutubxonasi

ләшкер билен шикар кылып йүрүр едилер, бәнагаҳ көзине узақтан ол шатпаның йанында бир қыз көринди. Ҳасанхан падшаҳ екки мәҳрәмға әмр қылды, андын хабар алың деп. Ол екки мәҳрам падшаҳ тарафыдын мәлийка Зуҳриййаның мәканына барды. Аларға мәлийка өзин көрсетпеди. Андын соң ол еки мәҳрам падшаҳның йаныға барып айттылар:

— Ол көринген бир қыз екен, әмма бизлерге өзин көрсетпеди, — деди.

Андын соң падшаҳ айтты:

— Андағ болса, екки улама барсын, аның ушын ким мастура болса ҳәм қазыға ўә уламайы заманға көринур, шәрийатда дурыстдур.

Ўә йәне айддылар:

— Әлбетте, ол қыз маңа барсун, йоқ ерсе ертең үстинде уруш ўә ғаўға көрсин, — деди.

Андын екки улама мәлийка Зуҳриййаның йаныға бардылар ўә падшаҳ тарафыдын саўшы сөзин айттылар. Қыз тәрептен аўаз келди:

— Әй, уламалар, мен бир русийа бенде, өз атамдын жафа көрдим, шадман емеспен, ғамгин турурмен, сағ қолым бәндиден йоқтур. Мен ол Ҳасанханға мүнәсип емеспен.

Андын соң келгенлер айттылар:

— Әй, нашар, Ҳасанханның атының айағы астында қалдың. Ертең тамамы ләшкери менен үстиңе келер, — деди.

Андын соң уламалар қайттылар. Андын соң қыз бийшараны йәне ўәҳима басты ўә йәне тамамы пийрлерини шафий келтирип бир сөз айтты:

— Күн-күннен беттер болды бу ҳалым,
Мениң пийрим шаҳымәрдан бармусен,
Не себептен пәс түшибдур ықбалым,
Мениң пийрим Шаҳымәрдан бармусен.

Сығыныпмен саңа кәба Худасы,
Қабул болғай бенделерниң дуўасы,
Ҳәзирет Әлий мискинлерниң панасы,
Шери дәргаҳ ер Муртаза бармусен.

Мен келипмен майдан ишре амана,
Бу бәладан кутулмақым гүмана,
Мәдед сизден шаҳ Нақшбанд дийўана,
Бахауддин саҳиб кулаҳ бармусен.

Мен ғәрийбмен көзи йашлы бийшара,
Ҳасанхан қаст етип астырса дара,
Қолым йоқ, йүзим йоқ мен бахтықара,
Илйас хожа мәдедкерим бармусен.

Ҳайран болдым, енди жанға раҳат йоқ,
Йанымда ҳәмдамым, тәнде қуўат йоқ,
Мен русийаҳ болдым, сабры тақат йоқ,
Көңил берген ер арысланым бармусен.

Жаббар игәм Зуҳриййаға бер пана,
Тәниме қуўат бер, тилиме сәна,
Бир нашарам, ғамда қалған бийгүна,
Сыддық пийрим, хош аўазым бармусен.

Әлқысса, бу сөздин соң қыз бийшара та таң атғунша Худайы Таалаға йығлап мунажат қылып шықты. Әмма намазы бәмдадны оқып болып еди, дәрйаның ләбиға қырқ заты шәрийф ҳәзир болдылар. Тамамы әҳли дәстйар еди. Ҳәммелери таҳараты таза қылып, намазы бамдадны оқып фарығ болғандын соң мәлийканың йаныға келдилер. Мәлийка ол әзийзлерге тәзим таўазығ бирлен салам берди. Олар әлик алдылар, ўә айттылар:

— Балам, қоркма, Худайы тааланың әмри бирлен бизлер саңа мәдед бергели келдик, — деп көңлин шад қылдылар.

Ўақты чаштгәҳ еди, мағрып тәрепинен Ҳасанхан ҳәр мәнзилде нешше тофларны атып тағы ташларны титретип келер еди. Мәлийкәйи Зуҳриййа мунша ҳашаматларны көрип йығлар еди. Анда келген әзийзлер қоркма деп тәселли бердилер. Андын Ҳасанхан йәне саўшы йүбәрди.

— Келсин, егер келмесе, қәҳри ғәзебиме гириптар болар, — деди.

Анда ҳәм мәлийка қабул қылмады. Айтты:

— Мен бийшара турурмен, Ҳасанханға мүнәсип емеспен, — деди.

Андын сон бу сөзни Ҳасанхан ешитип, дабыл қақтырып майданға кирди. Қыз көп бийтақат болып йығлады. Андын соң қыз тәрепинен қырқ заты шәрийф майданға кирди. Пәрўәрдигардын әмри менен йер йүзин думан тутып қараңғыў болды. Кәраматы әўлийа бәрҳақ турур. Ҳәрким әўлийа сөзиге инанмаса гүнакар болур. Қырқ әзийз майданға киргендин соң Ҳасанханның ләшкеринде кесилген баш йоқ, төгилген кан йоқ, Аллатаала Ҳасанханның ләшкерине ўәҳимә салды. Ләшкер дағылып, туғ жилўа берип, өз шәҳриге қарап бәдәр кетти. Қырық заты шәрийф ҳәм көздин ғайып болды. Зуҳриййа бийшар зар-зар йығлап күлбәйи аҳзан ишинде өзиниң бийкәс ўә бийшаралығын йадыға салып әўлийалардын мәдед истианат тилеп сөз айтты:

— Шүкир Ҳақның дәргаҳына
Пийрим Шаҳымәрдан келди
Йүзим урдым бәргайына,
Пийрим Шаҳымәрдан келди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәниймдин арым алмаға,
Ләшкерге талан салмаға,
Дин қылышын шалмаға,
Зулфиқары бурран келди.

Мен болупмен йәне шадман,
Кетти күлфәт шүкри Субҳан,
Ғәмгин болсын бәри душман,
Ҳүрлер билен ғылман келди.

Тойы тамашалар қурған,
Сазы-сүҳбетлер сүрген,
Түшимде шараб иширген,
Жәннет сақыйлары келди.

Зухриййа дер, көңлим тажы,
Ҳүсним алур айдын бажы,
Айдын ашықның сыражы,
Сәййид Хәлфем ҳәзир келди.

Әлқысса, бу сөздин соң Ҳасанханнан сөз ешитиң. Қырық шилтен ләшкерине басқы бергеннен соң өз шәҳрине барды. Ҳасанханның анасы бар еди, зийада ақыллы еди. Уғлыдын хабар сорады:

— Әй, жаным балам, көңлимниң хушгәҳы, сизге не ўақыйа рой берди ўә кимдин басқы таптың?

Ҳасанхан айтты:

— Әй, жаным анам, мен бир нашардын басқы таптым. Тамамы ләшкерим басылды. Кесилген баш йоқ, төгилген қан йоқ. Қырық заты махфий тыйғ ҳаўала қылдылар, ләшкерим басылды, — деп көп бийтақат болды ўә ах ура башлады.

Анда анасы бийқарар болып айтты:

— Әй, балам, маңа рухсат берсең, анық йаныға барып ҳал-аўҳалын билсем.

Анда Ҳасанхан айтты:

— Мехрибаным анам, анық йаныға барсаңыз, бир жәзийрәйи майдандадур, — деп бир сөз айтты:

— Барсаңыз барың йанына,
Дүзде мәканлары бардур,
Йекке деп барма анық йанына,
Шилтен мәдедкәри бардур.

Бирин көрдим Шаҳымәрдан,
Қырқын көрдим Қаўсы заман,
Баҳауддин бәлагардан,
Шаҳ Нақшбанд пири бардур.

Бир киши келмес көрмеге,
Балам деп нәзер салмаға,
Динниң қылышын шалмаға,
Ҳайдары Кәррары бардур.

Мениң жаным аңа қурбан,
Хызметинде болсам ҳәман,
Йолдаш болғай нуры ийман,
Кәўсар сақыйлары бардур.

Барсаңыз айтың сәламый,
Тилинде Ҳақның кәламый,
Аңа сарф етей дүнйаный,
Ханым нышанлары бардур.

Шаҳ Ҳасан дер, мехрибаным,
Ғәниймет руўҳы рәўаным,
Йүзи гүл маҳытабаным,
Сашы сүнбиллери бардур.

Әлқысса, бу сөздин соң Әркана аналық Ҳасанхандын рухсат алып, шөли бийабанға қарап раўана болды. Имди сөзни Әркана аналықдын ешитин.

Төрт кеше күндиз маъафада отырып йол йүрип мәлийка Зухриййажанның мәканыға йетүшди. Мәлийка бийшара алдыға пешўаз шығып сәлам берип: — Мен руйысийахны истеп келген әзийз меҳманларым, — деп зар-зар йығлап: — Хош келдиңиз ўә қәдеми сафа келтирдиңиз, — деди.

Андын Әркана аналық айтты:

— Әй, мәлийка, мен сиздин ҳижаб қылурмен, йоқ ерсе сизге бир арзым бар еди, — деп бир неше алып келген туҳфә ўә ҳәдийаларын мәлийканың алдына қойып айтты: — Әй ,мәлийкайы Зухриййа, Ҳасанханның анасы болурмен, жаўап берсеңиз, Ҳасанхан бирле Худайытаала сизни қошған болса, той тамаша қылсам дермен, — деди.

Анда мәлийка Зухриййа айтты:

— Әй, әзийз меҳманым, мен бир әжиз ўә шикаста хатыр турурмен ўә бир қолумны бәндидин атам деген кәфир кесипдур. Мен падшаҳға мүнәсип емеспен — деди.

Анда Әркана аналық айтты:

— Ҳәр нешик болсаңыз ҳәм қабул қылдуқ, ҳәр не ҳажатыңыз болса айтың балам, — деди.

Анда Мәлийка Зухриййа Ҳасанханға анасы бирле сәламнама қылып бир сөз айтты:

— Барып сәлам айтың ол Ҳасанханға,
Қырық бир гүмбез қәдди зийба йүбәрсүн,
Йалбарып сығынсун шаҳымәрдана,
Йәнә қырық бир хүсни зийба йүбәрсүн,

Нешше бир улама, нешше бир беклер,
Нешше қәдди зийба сашы сүмбиллер,
Гүлшәндә сырлашур шәйда бүлбүллер,
Бәри бүлбүл хошаўазын йүбәрсүн.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нешше бир улама, нешше бир ийшан,
Нешшелер хошўақытдур, нешшелер пәрийшан,
Тамашалар көрсин хүр иле ғылман,
Қырқ бир ийшан сахиб кулах йўбәрсүн,

Бир шәхәр әйлесүн сүтини гүлдин,
Қызыў-жаўан келсүн қаладан, елден,
Хош нама йўбәрдим китабий тилден,
Қырқ кәнийзи қәдди зийба йўбәрсин.

Адым Зухриййадур, өзим бийшара,
Ҳасанхан болсунлар бизе ғамхора,
Қайтус шахдын нелер шектим азара
Өзимдек бир бағры пара йар йўбәрсүн.

Әмма, бу сөздин соң Әркана аналық мәлийкәйи Зухриййадын рухсат алып Ҳасанханға падшаҳға қарап кетер ўақта айтты:

— Әй, ана, аман-есен барсаңыз Ҳасанханға айтың, мениң сағ қолым йоқдур, анын ушын хижалат тартармен. Әмма, маңа шул йерде бир қала бина қылсун, бу йер ҳәм өзиниң йуртыдур, — деди.

Әркана хош болғай деп Ҳасанхан тәрәфға раўана болды. Имди Әркана мәлийканы маъафа бирлен екки мәхрам алып Ҳасан ханның йанығa бардылар. Әркана фәрзәндиниң алдыға барып сәлем берди. Падшах әлик алды ўә айтты:

— Әй, анажаным, йар мәканыға барып келдиңизму, не хабар бар турур?

Анда анасы айтты:

— Әй, уғлым, мәлийкайы Зухриййаның йанығa қырқ кәнийз барсун ўә қырқ бир ийшан сахыбы кәрамат йўбәрин йәне ҳәм шул йерде бир қала бина қылурсен. Қалайы зәрнигардын зийада болсын, сүтинлери гүлдин болсын, йаныда бир бағы жәннат мысал ҳәм бина қылурсен ўә ол бағның ичинде көшки әйўанлар ҳәм бина қылғайсан. Мәлийкәйи Зухриййа ол жайда болур, — деп мәлийканы тәрийфиў тәўсийф қылып бир сөз айтты:

— Тәрийф етсем Зухриййаның өзини,
Гүл йүзлери маҳытабана меңзер,
Бәлендпәрўаз екен, көрдим өзини,
Шул әбриў ҳилалы кәмана меңзер.

Қаматы туўбийдур, бойлары далдур,
Тиллери сүшикдур, ләблери палдур,
Сөзлер жан алур, көзлери хунхар,
Бир сыфаты саҳыбқырана меңзер.

Қырқ да бир кәнийзи зийба алсунлар,
Зухриййаның хызметигә барсунлар,
Сонаның алдыда сазын курсынлар,
Бир сыфаты бәлентпәрўаза меңзер.

Сәҳәрлер зикридур йад етер Қуран,
Худаның ышқыда көзлери гирйан,
Көб ниъматлар барсун, болсун пәраўан,
Бир зайыйфий Ҳатам нышана меңзер.

Кәнийзлер барғанда сәлем әйлесин,
Йахшы тиллер билен кәлам әйлесин,
Қол қаўшырып әдәб икрам әйлесин,
Бир сыфаты Әниўширўана меңзер.

Әркана, сөзимни әйледим тамам,
Қырық мәхрам йўбәриң көп берип сәлем,
Шәхәр бинйад етип, қурылсын нызам,
Бу келген дәўлетиң бақаға меңзер.

Әлқысса, бу сөздин соң Ҳасанхан падшаҳ кәнийзәкләр ўә бир неше қызларға көп-көп зерзийўар, инамлар берип мәлийкайы Зухриййа йанығa йўбәрди. Ҳасанханның өзи тамамы ләшкәриға баш болып нешше мәхрам ўә улама ўә машайых ийшанлар бирле туғларын бәрпа қылып шәхәрден шығып қала салсун деген жайға келип түшдилер. Кеше анда йатып ертең намазы бәмдадны оқуп болғандын соң падшаҳ мәсләҳат қылып айтты:

— Әй, улуғлар, бу йерде бир қала бина қылың, сүтини гүлден болсын ўә бинасы қалайы зәрнигардын зийада болсун, көшки әйўанлары мунаққаш болсун, ўә бир йаныда бағы жәннат мысал болсун, ўә бағның ортасунда бир ҳәўиз болсун ўә алдыда бир шәрдәрәйи алыйа бина қылың ўә суўағыға зәрхәл қылың, — деп буйурды.

Әлқысса, Хорезм ўәлайатының тамамы устад, меъмар, мүҳәндислерини, ўә әҳли ҳөнерлерини жәмъ қылып қала бинасыға машғул болдылар. Шул ҳалда Ҳасанхан аларға қарап бир сөз айтты:

— Бир қала қылыңлар, сүтини гүлдин,
Бинасы қалъайы зәрнигар болсын,
Гүмбези мәрмәрдан, пештақы көктен,
Ҳаўасы хош келсин, чун бәҳар болсын.

Дүнйа фаный болса, кетмесин аты,
Кәўсардан суў алың, жәннеттен бадый,
Рәўшан болсын көңиллерниң зулматы,
Бу шәхәр ҳәмийше бәрқарар болсын.

Бу қала адыға Гүлүстүн дерлер,
Сашыңлар көшкине мүшки әнбарлар,
Зухриййа алдыда маҳы әнўарлар,
Бу қала ишинде сәрафраз болсын.

Бир бағ бина қылың алмадын, нардын,
Бүлбүллер кетмесин бу мурғызардын,
Бир пәрийдур айтур зулфи биймардын,
Бу бағ бүлбиллери хош аўаз болсын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рахҗаны тартынлар ҳәр йандын қарап,
Имаратлар қылың болмасун харап,
Суҳбатлар қурылсын, ишилсин шарап,
Бу бағ Зухриййаның мәканы болсын.

Ҳасанхан дер, беглер болынлар аман,
Сүринлер дәўранны, шекмеңлер әрман,
Той етип қалада, етиңлер иҳсан,
Бу шәҳәр қалъайи зәрнигар болсын.

Әмма, бу сөздин соң падшаҳның әмри бирле бир нешше усталар қала бинасыға машғул болып ҳөнерлерин харж қылыб башладылар. Бир неше күнде қала бинасы итмамыға етти. Андын соң бағның бинасыға машғул болдылар. Бир неше күнде бағ ҳәм итмамға етти. Бу бағ бағы сәмәнден зийада болды. Дәрўаза ўә бағдадый қапуғлар қурдылар. Көшки әйўанларының нақш ўә ислиймкарлықлар қылып ўә хашаб фуруш дәнданаларыны ҳәм түзәтип тамам қылдылар. Андын соң Ҳасанхан тамамы мәҳрамлары ўә уламалары билен қаланың ишигә кирип мүбарекбадлық фатиҳасын оқып әрам қылдылар. Андын падшаҳ йәне әмр қылды:

— Қырық қыз ўә кәнийзлер барып мәлийкәйи Зухриййаны маъафаға салып қалаға алып келиң, — деди.

Мәлийкәйи Зухриййаны барып алып келдилер. ўә йәне Ҳасанхан әмр қылды қырқ күн той тамаша қылыңлар деп.

Имди булар тойға машғул болып турсынлар, имди сөзни мәлийкәйи Зухриййадан ешитиң. Бийшара зар-зар йығлап Худайы тааланың дәргаҳына мунажат қылып пәка-пәрўәрдигара, әҳада-самада, ҳәййу-Қаййума, әй қәдир Зул-жалал, ўә әй Кәрийми ла йазал, мен бийшара шикәсте бендеңди таңла халайық ишинде ўә падшаҳның алдыда мени шерменде қылмағайсаң деп бир сөз айтты:

— Йоқдын мени халқ әйлеген бириўбар,
Қойма мени бөйле әрман ишинде,
Өзиң Қазықдурсен сен маңа ғамхор,
Қойма мени бөйле әрман ишинде.

Сығындым мен саңа йаратқан Худа,
Анҳәзретге болғай бу жаным фида,
Кәнийзәгим дегей Фатима Заҳра,
Қойма мени бөйле әрман ишинде

Мениңдей нешшени шадман әйледиң,
Нешшениң көңлине дәрман әйледиң,
Өз атамны маңа душман әйледиң,
Қойма мени бөйле әрман ишинде.

Хызыр бабам келип қылса дуўаны,
Ҳақ кәрәм әйлейуб берсе шыфаны,
Бәндә деп мениңдек руйы сийаны,
Қойма мени күлли исйан ишинде.

Шәрийат әмрине болыпмен қурбан,
Истедим дәртиме бергейсең дәрман,
Биҳаққи ҳүрмети ол Шаҳымәрдан,
Қойма мени, игәм, әрман ишинде.

Зухриййа тәңриге қылды мунажат,
Ешитгил арзымны қазыйул-Қажат,
Мен бийшара бендең бергил сен нәжат,
Қойма мени бөйле әрман ишинде.

Әлқысса, Зуҳриййа бу мунажатны тамам қылып еди, таң атып күн шықты. Худайытаала мәлийканың мунажатын қабул қылды. Ўақыт чәштгаҳ болып еди, ҳәзрет Хызыр әлейҳиссалам бир ақсақаллық баба сүўретинде ҳәзир болды. Айтты:

— Әй, халайықлар, билиң ўә әгаҳ болың, мен табийбман, ҳәр йерде қол ўә айақы кесилген болса, сынған болса Аллатааланың изни бирле мен аңа шыфа ўә сыҳҳатлық берурмен, — деди.

Ҳасанхан ешитип айтты:

— Әй, баба, мәлийкәйи Зуҳрииййаның қолыға шыфа берсең, саңа қәддиң барабары зер берермен — деди.

Әлқысса, бабаны башлап мәлийканың йаныға алып бардылар. Ол баба дуўа қылды. Мәлийканың кесилген қолының пәнжеси ғайыптан ҳәзир болды. Хызыр әлейҳиссалам пәнжени орнына қойып мүбәрек ағызлары суўын сүрттилер. Орныдын бир биләзүк пайда болды. Хызыр әлейҳиссалам Худайытаалаға мунажат қылды, қыз әмийн, әмийн деп йығлады. Кәраматы әўлийа ҳақ турур. Аллаҳтала мәлийкәйи Зуҳриййаға шыфа берди. Шул ҳалда ол баба көзден ғайып болды. Билдилерким, Хызыр әлейҳиссалам екен. Андын соң қырық кеше-күндүз Гүлүстүн қаласында тойы тамаша қылып, мәлийканы ақды никаҳ қылып Ҳасанханға жуфты қылдылар. Бир неше күнлер айшы-ишрет қылып отырдылар та ками дил ҳасыл болды. Бир күни Ҳасанхан мәлийканың тизине башын қойып йатып, мүбәрек йүзлериге тамаша қылар еди. Бәнәгаҳ шамал есип зулфларын қайтарып ақ ўә қызыл реңли йүзлериниң үстине салды. Мүшк ийисли қара зулфлары маҳы әнўар йүзләри бирлен алышып ҳәр түрлик әлўанға жилўа берип йалафлап, көзин хийра ўә ақлыны тийре қылур еди. Көксиндеги қоша әнары ҳәм нәфийс көйлекни көтерип тәажжуб көринер еди. Ҳасанханның ҳәўеси кетип бир сөз айтты:

— Қырқ күн болды сениң ушын зар едим,
Шүкир Аллаҳ, йүзиң көрдим перийзат,

Йүзиң көрмей ғайыбана йар едим,
Шүкир Аллаҳ, йүзиң көрдим перийзат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳүсниң гүли қайсы бағда ашылған,
Мүбәрек ағзындын дүрлер сашылған,
Йүзиң көрдим мисли шараб ишилген,
Шүкир Аллаҳ, йүзиң көрдим перийзат.

Қызыл гүлйүзинде дана халың бар,
Ләбинден әжайып тамар балың бар,
Бир нышана ақ сийненде нарың бар,
Шүкир жамалынды көрдим пәрийзат.

Бад сийа зулфларыңа тикибдур,
Жамалың ханжары жанға тийипдур,
Та көрмесем руўҳым пәрўаз етипдур,
Шүкир Аллаҳ, йүзиң көрдим перийзат.

Рухсат бер Қайтусқа қылсам адаўат,
Болмаса халайық қылур мәламат,
Салурмен башыға руўзы қыйамет,
Шүкир Аллаҳ, йүзиң көрдим перийзат.

Мен Ҳасанхан йетип турмен мурада,
Такдийри нәсийбә қылды ирада,
Зухрийийажан, өмириң болсын зийада,
Шүкир Аллаҳ, йүзиң көрдим перийзат.

Әлқысса, бу сөздин соң булар Гүлүстүн шәҳринде бир неше күн заўқы сафада айшы-ишретте болып турсынлар, имди сөзни башқа йердин ешитиң.

Ҳасанханның әўўелги зайыфасының атына Меҳрибан дер едилер. Ол Ҳасанханның әўўелги қаласында қалып еди. Бир күни ешиттиким, Ҳасанхан үйленипти, ўә Гүлүстүн деген қала бина қылыпты. Анда заўқы сафа қылып таза келин биле дәўран сүрип йатқан ермиш деп. Йаныға қырқ кәнийзни алып, қайдасаң шәҳри Гүлүстин деп раўана болды. Бир неше күн йол йүрип, шәҳри Гүлүстүнға йетишүб, Ҳасанхан билен мәлийкәйи Зухрийийаның йаныға кирип сәлам берди. Мәлийкәйи Зухрийийа орныдан турып икрам қылды. Меҳрибан отырып мүбәраклап фатиҳа оқыды. Андын соң қырық кәнийзге баш болып башқа бир үйде болды. Күн кеш болып йарым ахшамғаша сазы сүҳбет қылып отырдылар. Андын уйқыў мүддәти болды. Меҳрибан бийке ҳәм Зухрийийа биле падшаҳның йаныға кирип отырды. Ҳасанхан қараса, Зухрийийа бирлен Меҳрибан екеўи ай менен күн туўғандай үйни рәўшан ўә мананды гүлшан қылып бир-бирлериге қаршыў отырыпты. Еккисиден ҳәм көңил үзе билмей бир сөз айтты:

— Меҳрибаным Зухрийийажан, қайсыңа меҳман болайын?
Бириң ҳүрсең, бириң ғылман, қайсыңа меҳман болайын?

Сыйаҳ зулфа шамал есер ашықларның бағрын езер,
Бириң сақый, бириң кәўсар, қайсыңа меҳман болайын?

Бириң шәмен, бириң гүлзар, бириң сона, бириң марал,
Бириң алма, бириң анар, қайсыңа меҳман болайын?

Бириң палсаң, бириң шарбәт, бириң нәзик, бириң тыйнәт,
Бириң бәләнд, бириң рифъат, қайсыңа меҳман болайын?

Бириң сона, бириңиз ғаз, бириң бәҳәр, бириңиз йаз,
Бириң сухбәт, бириңиз саз, қайсыңа меҳман болайын?

Ҳасанхан дер, шекмең әрман, бириң шыфа, бириң дәрман,
Бириң оқсаң, бириң кәман, қайсыңа меҳман болайын?

Андын соң үшеўи та йарым ахшамғаша бир-бирлеринин ҳүсни жамалыны тамаша қылып отырдылар, Меҳрибан аналық мәлийкәйи Зухрийийаның ҳүрметин сақлап айтты:

— Әй, падшаҳым, бүгүн ўә бу кеше ҳәм Зухрийийажанның меҳманы болын.

Анда Зухрийийа Меҳрибанның сөзине ўақты хош болып, бу күн Меҳрибанның меҳманы болың, деп бир сөз айтты:

— Мениң ғәмгин көңлим әйлесең абат,
Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың,
Ҳасанхан, көңлиңиз болмасун нашад,
Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың.

Меҳрибандур сона бойлы мәстана,
Қыссайы Йусуфдур назмы дәстана,
Сәйр етиң бу кеше бағы бостана,
Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың.

Бүлбүллер сайрашур сәҳәр шағында,
Алмалары бардур Қасан бағында,
Шул сона қалмасун ҳижран дағында,
Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлүстүн шәҳрине болыптур меҳман,
Ғәниймет әййамдур, сүриңиз дәўран,
*Нәсиййҳатым будур сизе Ҳасанхан,*
*Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың.*

Меҳрибандур сенин чун нәўбәҳәрин,
Шаҳымәрдан пийрим, худадур йарың,
Шаҳым, мен алдында бир хызметкериң,
*Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың.*

*Адым Зухрийййадур, бул бағ мәканым,*
Сөзим қабул еткил, әй, йары жаным,
Иззетли икрамым, руўҳы-рәўаным,
Бу күн Меҳрибанның меҳманы болың.

Әлқысса, бу сөзни айтып тамам қылған соң Ҳасанхан бирле Меҳрибан бийке шул кеше ишретке машғул болдылар та ками дил ҳасыл болды. Андын соң Меҳрибан өз мәканыға қайтып кетти. Ҳасанхан бирле мәлийкайы Зухрийййа бир неше күн заўқы шаўқта болдылар.

Арадан бир неше күн өтип мәлийкәйи Зухрийййа ҳамиладар болды. Тоққыз ай, тоққыз күн ўә тоққыз саат өтип бир жума кешеси қамар саатында бир уғыл туғды. Мисли афтаб талъат жамалы барқ урар еди. Андын сон Ҳасанхан бир неше күн той тамашалар қылып уламалардың дуўасын алып уғлыға ат қойдырды. Улама ийшанлар Шаҳаламы Хорезм ат қойдылар. Йәне арадан бир неше мүддет өтип Алам төрт йашыға кирди. Сүннет қылып моллаға елтип тапшурдылар. Бир неше күнде көп илим ҳасыл қылды.

Имди сөзни башқа йердин ешитиң.

Бир күни Ҳасанханға халийфадан нама келди, ләшкерин тайар қылсын, кафир үстиге ғазатға барурмыз, деп. Ҳасанхан ләшкерин әнжам қылып кетер болғанда Шаҳалам атасының алдыға келип әдеп икрам бирле отырды. Ҳасанхан уғлының йүзини көрип көп-көп йығлады. Анда Ҳасанханның анасы айтты:

— Әй, уғлым, не себептен йығларсаң?

Ҳасанхан айтты:

— Әй, ана, адамийзадның миййўасы фәрзәнд болур. Шаҳалам мениң фәрзендим, мен сизин фәрзәндиңизмен, имди мен ғазатға кетермен, Шаҳаламны әўўел Худаға тапшурдым, андын сизге тапшырдым, — деп бир сөз айтты:

— Нәсиййҳатдур сөзим, меҳрибан анам,
Баламның ҳалыдан хабардар болың,
Бир йалғыздур, көпдур аның душманы,
Төремниң ҳалынан хабардар болың.

Ғәнийметдур, билсең, дәўлетли заман,
Ғафыл болсаң, қалур көнилде әрман,
Йалғызларның пийри ол Шаҳымәрдан,
Баламның ҳалыдан хабардар болың.

Йигитниң көңлиниң фәрзентдур шады,
Тилимде заҳырдур Худаның йады,
Йалғыз йигит өлсе, йоқ болур аты,
Йалғызым ҳалынан хабардар болың.

Биймәҳәл өмирини хазан урмасын
Гүл йүзлери заъфарандек солмасын,
Бәйакбарий руўҳым гәда болмасын,
Баламның ҳалыдан хабардар болың.

Ҳасанхан дер, тамам еттим сөзимни,
Қара қылғай душманларның йүзини,
Өзим өлсем, руўҳым қоллар сизни,
Төремниң ҳалыдан хабардар болың.

Әлқысса, бу сөздин соң кәфир үстине йүриш қылур болды. Ол ўақытта анасынан рухсат алып йәне ҳәм Зухрийййа бирле Шаҳаламниң ҳалынан хабардар болың деп анасыға көп-көп сипареш қылып нәсиййҳат қылды.

Имди падшаҳ ғазатға кетсин, Шаҳалам бирле анасы ўә мамасы Әркана аналық булар Гүлүстин шәҳринде қалсын.

Бир неше күн арадан өтти, бир күн Ҳасанханның әўўелги зайыфасы Меҳрибан деген қарабахт бир нама йазып Ҳасанханның мүҳридек мүҳр қаздырып ол намасыға басып Ҳасанханның тили болып айтты:

— Сөз олким, меҳрибан анамыз Әркана бийбиға. Мен мунда кәфир қолында гирифтар болдым, имди ойласам, шул майдандан тапып алған хатунның айақ йүзи маңа йарашмады. Шуның кәсафатыдын мундағ бәлаларға гирифтар болдым деп гүман қылурмен. Ҳәр нешик болса ҳәм мәлийкәйи Зухрийййаны уғлым билә еккисини ҳәм шәҳәрде қоймай чықарып қуўлап йүбәргәйсиз. Уғлымдын кешдим. Нама тамам ўассалам, — деген хат турур.

Әркана бийби бул хатны көрип зар-зар йығлап, мәлийкәйи Зухрийййаның йаныға барды. Шул ҳалда Шаҳалам ҳәм келди. Әркана бийби айтты:

— Әй, фәрзәндим Шаҳалам, анаң биле сениң ушын фәрзәндим Ҳасанхан кәфирләрниң бәндиға гирифтар болып қалыпты. Ўә йәнә сизлерни қаладан шығарып йүбәрсин деп маңа хат йазып мүҳрин

www.ziyouz.com kutubxonasi

басып әмр қылып йазыпты, — деди.

Мәлийкәйи Зухрийа бу сөзни ешитиип ишине от түсип ҳайран болып Шаҳалам қолынан тутып зар-зар йығлап шығып кетер болған ҳалда мамасы Әркана бийби бийтақат болып йығлап айтты:

— Әй, бар Худайа, Ҳасанхан баламнан айрылған болсам ўә йәне булардын ҳәм айрылсам ҳалым нешик болур. Бу күн нешик күн болды матам үстине матам, ғам үстине ғам хырман болды, — деп ҳайран сәрәсима болып Шаҳалам биле мәлийканы Худаға аманат тапшуруб бир сөз айтты:

— Шаҳалам Халиқи йактаға тапшурдым сени,
Дайыма ўақифи әсрара тапшурдым сени,
Бәнде кәни мағфират ғуфрана тапшурдым сени,
Чун неъмати Раҳмана тапшурдым сени,
Барғыл, әй, жаным балам, Аллаға тапшурдым сени.

Әй, Худайа, ҳеш кишиким ханаўайран болмасын,
Айрылып фәрзәндийдин, чун дийде гирйан болмасын,
Ол Ҳасанханым илаҳа ханаўайран болмасын,
Рәҳбәрийдин айрылып шөллерде ҳайран болмасын
Шаҳалам, барғыл әй, Аллаға тапшырдым сени.

Әўўәлә ол ҳәзрет Раҳман йарың сениң,
Соңра Әбулқасым Қурайший болса ғамхорың сениң,
Ҳәм Әбүў-Бәкриў, Омарыў, Осман, Әлий йарың сениң,
Ҳәм Ҳасан бирле Ҳүсейн болғайким ҳәмраҳың сениң,
Шаҳалам, ўақифи әсрара тапшырдым сени.

Булбүлим чун әшйанымдын жуда болды бу күн,
Йүзи гүл, көзи хумарымдын жуда болды бу күн,
Тоты йаңлығ гүлистанымдын жуда болды бу күн,
Нәйлейин, Ҳақ әмри болса, мен рыза болдым бу күн,
Шаҳалам, ўақифи әсрара тапшурдым бу күн.

Ҳәзрет ўәжиби таалалын тилермен ҳәр заман,
Бу мүбәрек гүл йүзиңни имди көрмекдур гүман,
Истәйүб гүлдек йүзиңни мен бақармен ҳәр қайан,
Аҳыў фәрйадым ешитип йығлашурлар инсиў жин,
Шаҳалам, ўақифи әсрара тапшурдым бу күн.

Бийриўбарым рәҳим қылғай бәндәйи бийшараға,
Әл-хусусан йолда қалған мен киби уфтадаға,
Атымыз Әркана, биздек йүрәги садпараға
Қыл кәрам Тәңри тәбарак бу екки шаҳзадаға,
Барғыл, әй, жаным балам, Аллаға тапшурдым сени.

Әл-қысса бу сөздин соң Шаҳалам Хоразмий анасы бирлен қол тутышып, зар-зар әбри нәўбаҳар йығлап Гүлүстүн шәҳриден шығып майданға кетер болғанда Әркана бийби мамасы айтты:

— Барың балам, сизлерни худаға аманат тапшурдым, — деп, көп бийтақат ўә бийқарар болып йығлап узатып йүбәрди.

Булар бийабанға йүз тутуп барур еди. Йетти күн йол йүрип дәрйайы Жәйҳунның кенарыға йетүшдилер. Дәрйаны йақалап барур едилер, бәнагаҳ Пәрўәрдигары аламнын әмри билен йахты әлем дүт думан болды. Худаның тәқдийри билен Шаҳалам суў ишмекши болып дәрйаның кенарыға түшип еди, қолын суўға узатқан мәҳәлде дәрйаға кетип ғарқ болды. Ағып баратыр еди, суў йүзинде кәкиллери ҳәр йанға йазылып барар еди. Шул ҳалда думан йуўылып, әлем мунаўўар болды. Бәнагаҳ мәлийкәйи Зухрийа бийшараның көзи фәрзандыға түшип көп-көп бийтақат болып айтты:

— Пәка Пәрўәрдигара, Әҳада самада, Қаййу-Қаййума, әй қәдир зул-жалал, ўә әй данайы күлли ҳал, әй кәриими кар саз ўә әй Рәҳийм нде наўаз, мүсафырлықта йалғыз баламны өзиң панаҳында аман сақлап бу дәрйайы хунхордын аман шығарғайсаң, — деп бу мунажатны оқыды:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дәрйа пири Ғаўсы ғыйас, тартың баламны қыраға,
Мәдед сизден Хызыр Илйас, тартың баламны қыраға.

Заҳыры кәрамат пирлерим, хоб нышаналы шерлерим,
Султан Ҳүбби ер пирлерим, тартың баламны қыраға,

Ҳәзрети Әлий шерри Жаббар, әмр әйлегей пәрўәрдигар,
Өзи саҳыбы Зулфиқар, тартың баламны қыраға.
Жаббар игәм салма ғара йеткәнмукән ўақты қаза,
Мәдед сизден имам Рыза, тартың баламны қыраға.

Зуҳриййа дер, болдым ҳайран, Шаҳалам ғарқы умман,
Баҳауддин бәлагәрдан, тартың баламны қыраға.

Әмма, бу сөздин соң Аллатаала мәлийканың мунажатын дәргаҳында қабул қылып шамалға әмр қылды. Шамал дәрйаның йүзигә есип еди, толқын пайда болып, шаҳзадайы Шаҳаламны қыраға шығарды. Анасы шаҳзаданың йанына барып, тартып шығарып қолтығына алып көрсе, мисли өликлердей нәфеси келмей йатур. Өзинен асла хабары йоқ. Мәлийкайы Зуҳриййа уғлының бул ҳалын көрип Худаға йалбарып мунажат қылып бир сөз айтты:

— Гүлшән гүлзарым, бағы бостаным,
Биймәҳәл өмириңни хазан урмасын,
Сәрўи гүландамым, рүстемнышаным,
Биймәҳәл өмириңни хазан урмасын.

Йалғызлықда қолым тутар қолдашым,
Ғамгин күнде көңлим алған сырдашым,
Нурыдийдем балам, қәўми қардашым,
Биймәҳәл өмириңни хазан урмасын.

Йүз тутып мен саңа ҳәзрети Субҳан,
Көринмәс көзиме бу йахты жәҳан,
Пирйар ўәлий уғлы ҳәзрети Палўан,
Йалғызым бағымны хазан урмасын.

Дәрйалар пийридур ҳәзрети Илйас,
Кәраматын бәрҳақ йа Ғаўсы Ғыйас,
Мәдед сизден пийрим йа шайхы Аббас,
Фәрзәндим бағыны хазан урмасын,

Атым Зуҳрийййадур, өзим бийшара,
Рәҳим әйлегил көзи йашлы нашара,
Мениндек барму екән бир бағры пара,
Биймәҳәл өмириңни хазан урмасын.

Әлқысса, бу сөз тамам болғандын соңра Аллатаала Шаҳаламға шыфалық берип көзин ашты. Мәлийкәйи Зуҳриййа Шаҳаламны қушағына алып Худайытаалаға шүкри сәна қылды. Андын соң майдан әтрафыға раўана болдылар. Бираз йол йүрип йәнә дәрйаның кенарыға келип арам алып отырдылар.

Имди сөзни башқа тарафдын ешитиң.

Бир неше күнден соң Ҳасанхан сафардан сағ-саламат қайтып тамамы ләшкери бирле шәҳри Гүлүстүне келдилер. Мунда қалған тамамы беклер падшаҳның қашыға саламға келдилер. Анасы ҳәм келди. Падшаҳ анасыға қарап айтты:

— Меҳрибан анам, саламат бармысызлар ўә Шаҳалам ҳәм сағ барму? — деди.

Әркана аналық падшаҳға қарап бийтақат болып йығлап айтты:

— Әй, уғлым, өзиң хат мүҳр йүбәрипсең, Шаҳалам биле анасыны шәҳәрдин шығарып қуўлап йүбәриң, «мен мунда шулар себепли кафир қолына гирифтар болып бәнди зиндан болып йатыпман» деп. Имди йәнә сорайдурсен, мен билмәдим аларның ҳал-аўҳаллары нешик кешти, — деп йығлап хатны шығарып берди.

Падшаҳ хатны көрип зар-зар әбри нәўбәҳар йығлап айтты:

— Әй, анажан, бу ишни душманлар қылғандур, мениң асла хабарым йок, — деди. — Имди мен Шаҳалам биле мәлийкәйи Зуҳрийййаны қайдан табарман?

Аларны истемек ушын қәлендарана либас кийип дәрҳал бийабанға шығып йүрә берди. Аларның фырақыда өртенип «ху йа манҳу ла илаҳа иллаҳу» деп барар еди. Алдынан қырық нәфәр шопан йолықып қәлендарның ҳалын бир нышан көрип айттылар:

— Әй, қәлендер, қайда барурсыз?

Анда падшаҳ айтты:

— Мен бир фәрзәндимдин жуда болдым, — деп, шопанларға байан қылып бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, шопанлар, сәйри сахрада гәда болдым бу күн,
Дағы фәрзәнд ҳәсрәтийдин мен ада болдым бу күн,
Айырылып мен бүлбүлимдин бийнаўа болдым бу күн,
Ҳақ маңа әмр әйледи, сахыб ғара болдым бу күн,
Нәйлейин, мен Шаҳаламдын жуда болдым бу күн,
Тоты йаңлығ хош аўазымдын жуда болдым бу күн,
Нәйлейин, Йусуф нышанымдын жуда болдым бу күн,
Нәйлейин, ол меҳрибанымдын жуда болдым бу күн,
Бүлбил шийрин мақалымдын жуда болдым бу күн
Тоты йаңлығ хош аўазымдын жуда болдым бу күн.

Әмма бу сөзни шопанлар ешитип йығлашдылар.

Анда Ҳасанхан айтты:

— Әй, шопанлар, не ушын йығларсызлар?

Анда шопанлар айтты:

— Бизлер қырық шопан сизниң шопаныңызбыз, сиз бизлерни танымадыңыз, бизлер сизни таныдық.

Ўә йәнә айттылар:

— Әй, шаҳым, әгәр шаҳзада биле мәлийканы тапсаңыз, бизлерге не берерсиз?

Анда падшаҳ айтты:

— Тамамы қойларны сизге Шаҳалам ушын тасаддуқ қылып берурмен, — деди.

Шопанлар шадман болып фатиҳа берип қалдылар. Йәне падшаҳ бу сүўретте йетти кеше күндиз йол йүрип бир жайға барды. Узақтан бир шатпа көринди. Падшаҳ ол күлбеге қарап жүрди, барып көрсе, мәлийке Зухриййа бирле Шаҳалам екен. Ҳасанхан Шаҳаламны көрип бийтақат болып йығлап Шаҳаламны қушақыға алып сүйер болды. Шаҳзада атасын танымай қорқып қашты. Анда падшаҳ зар-зар әбри нәўбаҳар йығлап бир сөз айтты:

— Қашпа меннен нурыдийдем, фәрзендим,
Мен сениң жамалын көрмеген келдим,
Қырқ күн болды сендин жуда болыпмен,
Малыў мүлким саңа әйлейин фида,
Қәлендер болыпмен йолында гәда,
Мен сениң қурбаның болмаға келдим.

Саңа нәсийб еткей сәршәмен бағлар,
Сәйргәҳың болғай пийшейи тағлар,
Досларың шад болып, душманың йығлар,
Фәрзәндим, жамалың көрмеге келдим.
Шәҳри Гүлүстүн дер бир әжеп жайдур,
Сениң ушын салған турфа сарайдур.
Ҳүснин сениң йәне бир толан айдур,
Мүбәрек жамалың көрмеге келдим,

Ҳасанхан дер, шүкир әйледим Худаға,
Имди машғул болсам зикри сәнаға
Мен болғаймен, балам, сендин садаға
Көзге хаки пайың сүрткели келдим.

Әмма, падшаҳ бу сөзни айтғандын соң шаҳзада айтты:

— Әй, сен бу сөзлер билен бизлерниң күлбейи ахзанымызға қәдем қойа билмессен, — деди.

Шаҳзада атасыны танымады. Анда падшаҳ айтты:

— Әй, Шаҳаламжан, сен мени танымадың, ишкериге кирип анаңа айтғыл, — деди.

Шаҳзада кирип анасыға айтты:

— Әй, ана, ташқарыға бир қәлендер келип, «сениң атаңман, атым Ҳасанхан» дер ўә мени йаш көрип сениң йаныңа киреждақ, —деди. Йәне айтты: — Әй, анажаным, бизлер падшазада едик, Худа хаҳлаб гәда болыпмыз, — деп көп-көп йығлады.

Анасы айтты:

— Жан балам, ол қәлендерге бийжай сөз айтма, ҳақарат болур, әлбетте, ол қәлендер атаңыз болса, бизлерни излемек ушын өзин бу сүўретте қылған болғай, — деп бир сөз айтты:

— Сенин, мениң гәдалар болып,
Арқа тағың ерур келген қәлендер,
Малыў-мүлки анда бардур бийҳисап,
Интизарың ерур келген қәлендер.

Балам деп көңилде, тилдедур зарый,
Меҳрибан залымда бардур қәҳәрий,
Ҳимайаты шайх Кабийр бар пийри,
Мәдедкәриң ерур келген қәлендер.

Кеше күндиз сәна қылған Субҳана,
Башын урған ол раўзайы ризўана,
Пири аның Баҳауддин дийўана,
Саҳиби шаҳ ерур келген қәлендер.

Қырық күн болды йолға болған раўана,
Сениң фырақында болған дийўана,
Жудалықдан бағры болған бирйана,
Қыблагәҳиң ерур келген қәлендер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мунажат әйледи Худаға йығлап,
Ҳижранның отыға йүрәгин дағлап,
Ҳиммәтнин кәмәрин белине бағлап,
Бағры қаның ерур келген қәлендер,

Атаң бир бүлбүлдур ҳүсниң бир гүлзар,
Ҳәрким дилазардур бир Худа сезер,
Зуҳриййа дер, балам, бермегил азар,
Хош аўазың ерур келген қәлендер.

Әмма, мәлийкәйи Зуҳриййа бу сөзни тамам қылғандын соң шаҳзада атасының йаныға келип қолларын әлиф-ләм қылып сәлам берди. Бир-бирлеринин қолларын алып ўә қушысып зар-зар йығлашып андын соң падшаҳ мәлийкәйи Зуҳриййа йаныға кирди. Мәлийка бийшара йеридин турып таўазығ ўә әдәб билен сәлем берди. Падшаҳ әлийк алып бир-бирин көрип йығлашдылар. Андын падшаҳ мәлийкәйи Зуҳриййа бирле шаҳзаданы алып йолға түшип халайықдын пинҳан кешелери йол йүрип төрт-беш күн дегенде Гүлүстүн шәҳриға келип кирдилер. Әркана бийби мамасы шаҳзаданы көрип шадман болып, шаҳзаданың келгенине Худаға шүкир қылып бир сөз айтты:

— Шүкир, ҳақның дәргаҳына тахт үзре султаным келди,
Йүзим урдым бәргаҳына, арзыўы әрманым келди,

Йар-дослар болың шадман, кетти ғулфет шүкри Субҳан,
Аның пири Шаҳымәрдан, Рустәми дәстаным келди.

Қолымдын ушқан бүлбүлим, сашы сыйаҳы сүмбилим,
Шаҳалам ҳәм келиним, ол йусуфнышаным келди.

Тиллери зикри Кәламда, қоллары әдеп-икрамда,
Мәнзили дар ус-саламда, ол ҳүўри ғылманым келди.

Нийети бардур шикара, үмийд әйлеп бириўбара,
Йүрәки болған сад пара, шәменли гүлзарым келди.

Ҳасанхан дер, хошаўазым, шунқарым, бәленд пәрўазым,
Бири сона, бири ғазым, екки сәрўиназым келди.

Әлқысса, бу сөздин сон Ҳасанхан мәлийкәйи Зуҳриййа бирлен ышратқа машғул болдылар.

Имди бу дәстан шаҳзада хуруж қылып бабасы мәлик Қайтусның үстигә ләшкар тартып барып урышып мусаххар қылғаны.

Бир күни Шаҳаламы Хоразмий анасыға айтты:

— Әй, меҳрибаным анам, сениң қолыңны ким кести ўә ким зинданға салды ўә ким бийабанға ташлады, маңа анша болған ишлерни байан қыл, — деди.

Анда анасы айтты:

— Әй, жаным дәрманы балам, Зулмат шәҳринде Қайтус шах деген кәфир мениң атам еди. Андын маңа мунша жафалар тийди, ўә ыза ҳақаратлар тийди, — деп байан қылды ўә көп-көп йығлады.

Шаҳзада көңил берип айтты:

— Имди мен шул кәфирден барып сениң хусуматларынны алмасам, маңа бу шәҳәрдә болмақ ҳарам болсын, — деп қәсемйад қылды.

Андын соң ата-анасынан рухсат алып, он мың киши алып ләшкарға бу баш сәркарда болып Зулмат тарафыға раўана болып Қайтус шаҳның үстиға йүриш қылды. Шул ўақытта Ҳасанхан уғлыны узатып йолға салып фатиҳа берип, зар-зар йығлап, худайытаалаға аманат тапшурып бу сөзләрни айтты:

— Ат үстине минен рүстемнышаным,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын,
Йүрәгим қуўаты, дәрди дәрманым,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын,

Дин қылышын кәфирларға шалурсен,
Қайтусшаҳдын хусуматын алурсен,
Кәфирлер шәҳрине талан салурсен,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын.

Қайтусның шәҳрине барсаң саламат,
Салурсен башына руўзы қыйамет,

Имам Рыза болсын саңа ҳимайат,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын.

Шәҳийд болған имамларға йүз урсаң,
Муртаза раўзасын зийарат қылсаң,
Үш айға саў барып, саламат келсең,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын.

Мәдәдкәриң болғай ол шайхы Кәбийр,
Кәфирлер қолында болмағыл әсийр,
Ол Қайтус кәфирни қылғайсен йасийр,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳасанхан дер, өзиңни иҳтийат әйле,
Урушға киргенде фарасат әйле,
Саўашда Әлийни йығлап йад әйле,
Бар балам, ғазатың мүбәрек болсын.

Әлқысса, Ҳасанхан бу сөзни тамам қылғандын соң шаҳзада Шаҳалам Хорезмий он мың аламан бирлен бирнеше туғ ўа йалаўларны ўә неше тоф тофхана, неше мылтық ўә шәмшийрлерни алып ләшкерге баш болып атланды. Шулўақытта падшаҳ шаҳзадаға қарап: «Йолың ақ йолдашың хақ болсын сафарың бийхәтер болсын сени худаға аманат тапшурдым» деп көп-көп фатиҳа берип йолға узатты.

Әлқысса, шаҳзада шәҳри Зулматға қарап йүриш қылды. Бир неше мәнзил йол йүрип Қайтус шахның қаласына бардылар. Қаланың йақыныда бир йерге шадыр ўә сара пәрдәләрни бәрпа қылып түшдилер ўә арам алдылар. Андын соң шаҳзада бир нама йазып төрт кишини елши қылып бабасыға йүбәрди ўә айтты:

— Маңа шәҳәрни берсүн ўә мениң алдымға пешўаз шықсын, Худайы таалаға ийман келтирип мусылман болсын, йоқ ерсе шәҳрин башыға зиндан қылурмен, — деп бир сөз айтты:

— Худаны бир билип исбат әйлесин,
Болмаса шәҳрини зиндан етермен,
Ийман арыз қылып мусылман болсын,
Болмаса шәҳрини зиндан етермен.

Шәрийатқа кирип болсын мусылман,
Худаны бир билип келтирсин ийман,
Мәдед берсе маңа ол Шахымәрдан,
Шәҳрин бәрҳәм урып ўайран етермен.

Худаны бир билип разы болмаса,
Бутпараст дийнидин периз болмаса,
Балам деп алдыма пешўаз шықмаса,
Болмаса шәҳрини зиндан етермен.

Бизә ләшкер келур Румдын, Иракдын,
Шәҳәр ләрзам болур дағы фыракдын,
Қырық сәркарда келур шәрдин, қазақдын,
Йахты рузгәрини зиндан етермен.

Маңа шығып берсин дәстүр хыражын,
Башыдын ташласын мурассаъ тажын,
Баш ғамыны көрип етсин илажын,
Болмаса шәҳрини ўайран етермен.

Шаҳалам дер, тәўеккелим Аллаға,
Йүз тутурмен ол расули Худаға,
Айтың, динә кирсун ол Қайтус шаҳға,
Болмаса шәҳрини зиндан қылурмен.

Әлқысса, шаҳзада бул сөзни тамам қылғандын соң елшилер Зулмат шәҳрине раўана болдылар. Бираз йол йүргендин соң шәҳәрнин ишине дахыл болдылар. Андын Шаҳ Қайтусның алдыға барып сәлам бердилер, айттылар:

— Шаҳ Ҳасанханның уғлы он мың аламан бирле келди, — деп хабарларын айтып наманы хәм берип ләшкерге қайтып келдилер.

Имди сөзни мәлик Қайтусдан ешитиң.

Наманы оқытып көрип айтты:

— Ҳәрким шул уғланны тутып зәнжирбәнд қылып мениң алдымға келтүрсе, қәдди барабар зәр берурмен, — деп ўәде қылды.

Шул ўақытта кәфирләрнин арасында Фаталы деген бир паҳлаўан бар еди, «мен бағлап келтирермен» деп рухсат алып, мың аламанға баш болып, майданға шығып, сурнай-кәрнай шертип, топ атып, қаладан шығып Шаҳаламы Харезмийниң барабарында келип туғ тикди. Шаҳалам хәм бу тарафдын туғын барпа қылды. Күн кеш болды. Ол кеше екки ләшкер карсазы жәң етип, жайлы жайында арам қылдылар. Ерте таң атты, ўақты шәштгәҳ болып еди, екки тәрепдин кош накаралар урып баҳадырлар майданға йүриш қылдылар. Әўўел бир-бир майданға кирдилер. Андын екки-екки, андын үш-үшден, йүз-йүзден йүриш қылдылар. Андын соң мың-мыңнан екки тарафдын кирдилер. Шаҳалам хәм худаның атын йад қылып «Бисмиллаҳи Аллаҳу акбар» деп майданға кирди. Андын соң тамамы ләшкер бирден майданға кирип жәни мағлуба қылдылар. Худайытаала ислам ләшкерине мәдед йеткуруп, кафирларның ләшкери басылып, қайдасаң шәҳри Зулмат деп қашып шәҳәрге кирдилер. Фаталы кирип шаҳ Қайтусқа айтты:

— Әй, шаҳы сәрўәри жаҳан, пәрўара латманат йарың болсын, ол келген ләшкерге мен илаж қыла билмедим, — деп зар-зар йығлады.

Андын соң Малик Қайтусның қәҳри келип, он екки мың ләшкерге баш болып қаладын шығып топ атып, тофанбазлық қылып келур еди. Ҳайбатыдын йеру көк титирер еди. Ўақты шаштгәҳ күншығар тарафдын шаҳ Қайтус келип алам ўа туғларын бәрпа қылды. Суйы мағрыбдын Шаҳалам Харезмий алам ўә туғларын барпа қылды.

Әлқысса, бу кеше еки ләшкер өз жайыда арам алдылар. Таң атып, мусылманлар намазы бамдадны оқып дуўа қылдылар, намаздын фарығ болғандын соң афтаб найза бойы шықты. Екки тарафдын баҳадырлар майданға йүриш қылдылар. Әўўел бәтәртип йигирма күн урыш болды. Андын соң жәң мағлуба болды. Мусылман ләшкери кафир ләшкеридин шикаст тапты. Андын соң Қайтус шаҳдын йигирма күнәшә мүҳләт алдылар. Шаҳалам бийшара атасыға ўә Харезм йуртыда қалған бөклер ўә

сәрдар баҳадырларға нама йазып киши йүбәрди ўә бу сөзни айтты:

— Хоразм шәҳринде қолы қуўатлы,
Башы топ жығалы беклерим келсин.

Урушға киргенде жаныдын кешип,
Йутар аждарҳадек ағзыны ашып,
Мәст болып ағзыдын көпиклер шашып,
Булутдек күкрәшип нарларым келсин.

Бир нешшеси бардур аслы бек уғлы,
Қолы қызыл йайлы, бели садақлы,
Атлы, базлы, тилла пышақлы,
Әҳди пайманында барларым келсин.

Шаҳалам дәртин деди бир пара,
Мунажат әйледи Ҳақ бириўбара,
Бир хәстемен, қулақ салып бу зара,
Йахшы кәраматлы пирлерим келсин.

Әлқысса, бу сөздин соң он адам Шаҳаламдын рухсат алып он күнлик йолны төрт күнде қатъ қылып Хоразм ўәлайатыға дахыл болдылар. Андын Гүлүстин шәҳриға йетип Ҳасанханның алдыға барып сәлам берип турдылар. Анда падшаҳ сорады:

— Әй, беклер, аман-сағ келдиңиз му, ҳәмме саламатмусызлар, — деди.

Алар қол қаўшырып таўазығ бирле қуллық деп Шаҳаламның намасын шығарып падшаға бердилер. Андын соңра айттылыр:

— Әй, падшаҳы алам, ўә әй султаны бакарам, маълумыңыз болсын, уғлыңыз Қайтус шаҳның басқы берип еди. Андын соңра Қайтусның өзи он мың ләшкерлери билен келди. Йигирма күн уруш қылдық, бизлер кәфирлерге әжизрақ келдик ўә йәне йигирма күне мухлат алып келдик, — деп ҳәммеси бийтақат болур бирден йығлап қойа берди.

Андын соң Ҳасанхан тамамы йаныдақы беклерге қарап айтты:

— Әй, әкабирлер, тамамы Хоразм ўалайатының адамлары, Худаны бир билген ўә Расулы Худаны бәрҳақ билген ғошшақ йигитлер жәм болсунлар, — деп әмр қылды.

Дәрхал йасаўыллар хәмме йуртға хабар бердилер, ләшкер жәмъ болды. Ҳәмме ләшкер оттыз мың сан ләшкер болды. Андын Ҳасанхан әкабирларға ўә бекләрге қарап бир сөз айтты:

— Хоразм йуртының бекиў султаны,
Беклерим ғазата кетмәсәк болмас,
Шаҳыаламжанның көптур әрманы,
Барыбан арыны алмасақ болмас.

Атланың беглерим кәфир үстине,
Ғош йигитлер найза алсын дәстине,
Мен барурмен Қайтус кәфир қасдына,
Барып шәҳрин зиндан етмесек болмас.

Шаҳ Қайтус дер ол накасның адын,
Ўайран етиң барып шәҳри Зулматын,
Отқа йақың аның латыманатын,
Шәҳрини мусулман етмесек болмас.

Беглерим алыңлар найзайы қалқан,
Садаққа оқ алың шәмшийри нардан,
Топ атып шәҳрини қылыңлар ихсан.
Бир тамаша әшкар етмесек болмас.

Шайхы Кабийр пийрим мәдед берселер,
Ереңлер жәм болып нәзер салслар,
Баҳадырлар саф-саф болып турсалар,
Аллаху Акбар деп шапмасақ болмас.

Шаҳ Ҳасан дер, беклер шәпик турыңлар,
Шаҳзадаға барып арын алыңлар,
Кәфирнин шәҳрине талан салыңлар,
Барып мүлкин ўайран етмесек болмас.

Әлқысса, бу сөзни айтғандын соң падшаҳ ләшкерин бәрпа қылып ғазатға кетер болған ҳалында анасынан хәм мәлийкәйи Зухриййадан рухсат алмақшы болып ҳәремге кирди. Падшаҳ көрди: мәлийкәйи бийшара Худайы таалаға сәжда қылып мунажат етип айтадурким: — Пәка пәрўәрдигара он сәккиз мың аламны йоқдын бар қылған, балам шаҳзаданы саңа тапшурдым, — деп йығлап тур екен. Шул ҳалда падшаҳ кирип айтты:

— Мәлийкә, рухсат ўә фатиҳа берсеңиз, ғазатға барурмыз, — деди.

Анда мәлийка бийшара Ҳасанханға қарап фатиҳа берип бир сөз айтты:

— Падшаҳым, ғазатың мүбәрек болсын,
Дин йолында ғазый болың султаным,
Мурадыңны берсин тәңри тәбарак,
Дин йолында ғазый болың султаным,

Ўахшат атлығ бир майдана барурсыз,
Наъра тартып орта майдан кирерсиз,
Ҳәзирет Әлий пийрни йада салурсыз,
Шери дәргаҳ йарың болсын султаным

Қабул болғай бәнделерниң дуўасы,
Тилимдедур дайым ҳақның санасы,
Фәрзәнд екен адамзадның мийўасы,
Төрелере өмир берсин султаным.

Худа учун қайтмаң динниң йолында,
Ғошшақларым бардур Хорезм елинде,
Саўашда йалғузым Зулмат шәҳриндне,
Аҳыў-надаматда ерур султаным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Худа ушын қайтмаң диннниң йолынан,
Ғошшақларым бардур Хорезм елинде
Саўашда йалғызым Зулмат шәхринде,
Аҳыў-надаматда ерур султаным,

Ләшкерни жәм етип барың саўаша,
Талан салың барып ол қызылбаша,
Худайым рәҳим еткей көзлерде йаша,
Сағ барып саламат келиң султаным.

Зухриййа, сөзимни әйледим тамам,
Ғәрийп бийкәслерге көп берип инам,
Шаҳзада алдында әйлесе икрам,
Аңа пийрлер йарый берер султаным.

Әмма, бу сөзни мәлийкәйи Зухриййа тамам қылғандын соң падшаҳ анасы Әркана бийбиден рухсат алып қырық мың ләшкерге баш болып қайдасаң шәҳри Зулмат деп йолға раўана болдылар. Шикар қылып бир неше мәнзиллер йол йүрдилер. Он төрт күнде бир айлық йолны қатъ қылып Ўәҳшат атлығ майданға барып түшдилер.

Имди сөзни Шаҳаламдын ешитиң.

Қайтус кафирден мүҳлет алған күни тамам болып күн шығардын келип Қайтус дабылы жәң қаға башлады. Ол ўақытта шаҳзада Худайытаалаға мунажат қылып айтур еди:

— Әй, пәрўәрдигарым, атам бирле Хорезм беклери бирле тамамы ләшкерни йеткүргәйсән, — деп йығладылар.

Бәнәгәҳ күнбатар тарафдын нешше туғ ўә нешше мың йалаўлар ўә нешше мың аламан бирле узақдын Ҳасанхан көринди. Шаҳзада Худаға шүкри сана қылып бир сөз айтты:

— Шүкр ҳақның дәргаҳына, беклер көринди, көринди,
Сығындым заты пәкине, ханлар көринди, көринди.

Ислам жафасыны шекип, рақийблер жаныны йақып,
Байдақ-байдақ шаң шығарып, ханлар көринди, көринди.

Рустами дәстан болмаға, майданда наъра урмаға,
Ғаниймдин арым алмаға, ләшкер көринди, көринди.

Ғош йигитлер жандын кешип, ғаниймниң қаныны ишип,
Әждарҳадек ағзыны ашып, шерлер көринди, көринди.

Келдилер жандын кешмеге, батыл йолларны ашмаға,
Ағзыдын көфик шашмаға, нарлар көринди, көринди.

Ҳақ ушын таат қылмаға, ғәниймин бәрин қырмаға,
Бизге көмекни бермеге пирлер көринди, көринди.

Әлқысса, бу сөздин соң суйы мағрибдер ләшкер көринди. Шаҳзада Худайытаалаға шүкир қылып атасының алдыға пешўаз шықып сәлам берди. Падшаҳ әлийк алды ўә айттыким:

— Әй, балам, кәфирлердин не жафа көрдиң?

Шаҳзада башыдын өткен ўақыйаны байан қылды.

Әлқысса, бу күн кеш болды. Ләшкер өз әрамгаҳыда фарағат таптылар. Ертең, афтаб шыққаш ол тарафдын Қайтус кәфир туғын бәрпа қылды. Бу тарафдын Ҳасанхан туғын көтерди. Ўақты шәштгәҳ болып, ҳәр тарафдын баҳадырлар майданға кирдилер. Бул тәртип пенен он төрт күн уруш болды. Андын соң Қайтусның бир уғлы бар еди. Адыға шаҳ Мамат дер еди. Беш йүз киши бирле майдан меники дур деп майданға шықты. Мусылман тарафдын Шаҳалам атасыдын рухсат алып бул ҳәм беш йүз киши билен майданға кирип саф-саф болып дабылы жәң қақып урышқа кирдилер. Шаҳалам он беш кишиниң жаныны жаханнамға йүбәрди. Худайытаала Шаҳаламға ҳимммет ҳәм нусрат берип Қайтусның уғлы шаҳ Маматның башын екки нимтәйи барабар қылды. Қайтус уғлы өлгеннен соң жәң мағлуба қылды. Андын Хорезм беклери ҳәм пийрлерни йад қылып майданға кирдилер. Әлғәрез, йигирма күн жәң мағлуба болды. Худайытаала мусылманларға нусрат берип, кәфырларға ҳәзиймат берди. Шаҳ Қайтус тақат қылмай қырықмың аламан бирле шәҳри Зулмат қайдасаң деп йүз дөндирип қашып барып қаласыға қамалды. Имди шул майданға Ҳасанхан ләшкерге баш болып турсын, Шаҳалам он мың баҳадурға баш болып шәҳри Зулматға қарап раўана болды. Барып топ атып дәрўазаларны йықытып қалаға кирип йүре берди. Андын үш мың баҳадыр болып Шаҳалам Қайтусның үстиге бардылар. Кафыр шаҳзаданы көрип тахтыдын ташлап, шаҳзаданың айақыға йықылып, гүнаҳын тилеп бир сөз айтты:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өт гүнаҳым Шаҳалам балам, әл-аман, балам, әл-аман,
Жигергөшем, будур налам, балам, әл-аман, әл-аман.

Инә шәҳрим болсаң меҳман, бир неше күн сүрсең дәўран,
Мениң йуртым болды ўайран, балам, әл-аман, әл-аман.

Шаҳалам сениң атың, шаҳзададур сениң затың,
Латманатым ҳәм йарың, балам, әл-аман, әл-аман.
Қырық күн болды саўаш еттиң, нешше беклерни лаш еттиң,
Шәҳримни қырып бош еттиң, балам, әл-аман, әл-аман.

Зуҳрийийадур жигербәндим, Шаҳаламжан хурсандым,
Нурыдийдем, жан фәрзендим, ал-аман, ал-аман,

Шаҳы Қайтус шекме әрман, ҳәр бир сөзиң дәрде дәрман,
Шаҳаламжаным балам, әл-аман, әл-аман.

Андын соң Шаҳалам айтты:

— Әй, мәҳрамлар, мусылман болың, йоқ ерсе өлерсизлер, — деди.

Алар ҳәмме мусылман болды. Әмма Қайтус мусылман болмады. Екки қолын аркасыға бағлап, айағына кишен салып қойдылар. Андын соң Ҳасанхан тамамы Харезм беклери биле шаҳзаданың йаныға келип, шәҳри Зулматның ишинде қырық кеше-күндиз той-тамаша қылып тамамы шәҳәр халқыны муслман қылып, бутханаларны йықып, орныға масжид ўә мәдрәсә бина қылдылар. Ўә йәне өзидин ҳәким қойып, бешйүз түйеге зәр-зийўар йүклеп, дәстури хыражын алып, тамамы ләшкерге баш болып шәҳри Хорезмгә қарап йүриш қылды. Әмма шаҳзада ғазатға шығар ўақытта қәсемйад қылып еди: егер Қайтус кәфирни тирик ушлап келмесем Гүлүстүн шәҳри маған ҳарам болсын, — деп. Аның ушынким Қайтусны бәнд қылып Гүлүстүн шәҳрине қарап раўана болды. Бир нешше күн йол йүрип сағ-саламат Хорезм ўалайатыға дахыл болдылар. Андын Мәлик Қайтусны Мәлийкәйи Зуҳрийийаның мәканыға алып бардылар. Шаҳзада анасыға айтты:

— Ассаламу алайкум, анажаным, сағ-саламат бармусыз, — деди.

Анасы әлийк алды ўә айтты:

— Әй, балам, меҳрибаным, сағ-аман келдиңиз му? — деди.

Ҳал-аўҳал сорашдылар. Анда шаҳзада анасыға айтты:

— Әй, анажан, сениң қолыңны кесип, өзиңни зинданға салған кафирни алып келдим, — деп, Қайтусны көргезди. Андын олтурур болуп қолыға шамшийр абдарны алып еди, Қайтус зар-зар әбри нәўбәҳәр йығлап бир сөз айтты:

— Шаҳалам, бу сөзиме қулақ сал,
Тийме маңа, бир Алланың ҳүрмети,
Әмириңни әйлесүн Йаратқан узақ,
Тийме маңа, бир Алланың ҳүрмети.

Ол шәҳри Зулматны әйледиң хараб,
Тилиме, жаныма түшди изтираб,
Рәҳим әйлегил мениң ҳалыма қарап,
Тийме маңа, бир Алланың ҳүрмети.

Шаҳзада болғайсен сағыў-саламат,
Бузулған көңлимни әйле имарат,
Түшибдур башыма руўзы қыйамат,
Тийме маңа, бир Алланың ҳүрмети.

Менҳәм өзим шәҳримниң султаны едим,
Нешше дәрдлилерниң дәрманы едим,
Шаҳ Маметжан өлди, қурбаны едим,
Тийме маңа, бир Алланың ҳүрмети.

Қайтусшаҳ дер, бир нәсийҳат айтарман,
Рухсат берсең, өз йуртыма кетермен,
Қабул етсең, пинҳан сөзим айтарман,
Тийме маңа, бир Алланың ҳүрмети.

Әлқысса, Қайтус шаҳ бу сөзни айтғандын сонра шаҳзада айтты:

— Әй, ата, игри йағаш ҳәргиз туғры болмас екен, — деп Қайтусның бойныға тыйғы абдарны андағ урды. Андын соң Ҳасанхан қырық кеше-күндиз той тамашалар қылып, ғәрип бийшараларға хайры иҳсанлар қылдылар. Андын соң ҳәмме Гүлүстүн шәҳринде айшы ишретте болып фарағатлық таптылар. Имди ҳәрким өз жайлы-жайында әрам алсунлар. Андын соң Шаҳаламы Хорезмий беш йүз мәҳрам бирле алғур куш, йүгүрүк тазыларны ўә әребий бедеў атларны алып минип шикарға шығып кеттилер.

Бу дәстан шаҳзада Сона деген бир пәрийзадны түшинде көрип ашықы бийкарары болып излеп

шул пәрийзадның мәканыға барғаны.

Раўий айтур күнлерде бир күн шикар қылып ҳарып кеше бир жайда әрам алып йатып едилер. Шаҳзадаға әндек уйқы ғәләбә қылып аўҳалында алты заты шәрийфни көрди. Шаҳзаданың әтрафын алып турдылар. Бәнагаҳ суйы мәғрибдин қырық бир пәрийзад тамамысы нықабдарлар келип нықабын алып сәлам бердилер. Шаҳзада әлийк алды. Шул пәрийларның жамалыға тамаша қылып, арасыдан бириге ашық болды. Ол ўақытта әрўаҳлар шаҳзадаға айттылар:

— Әй, Шаҳалам, Шаҳзийўарның қызы саңа нәсийп болды, — деп фатиҳа оқып көзидин ғайып болдылар. Шаҳзада уйқыўдын ойғанып көзин ашып қараса ҳешким йаныда йоқдур. Бийқарар, бийарам сарасима ўә ҳайран болып тамамы бек ўә маҳрамларыға қарап зар-зар әбри нәўбәҳәр йиғлап бир сөз айтты:

— Әй, йаранлар, мәсләҳәт қылыңлар
Бир бөлек пәрийлер салама келди,
Мунажжимлер китап алып бақыңлар
Билмем, не себепдин салама келди?

Алдыма келдилер ол пәрийзадлар,
Бойы тууўбы киби қәдди шәмшадлар,
Кийгени йашылдур пәрде нықаблар,
Тиллериде зикри кәлама келди.

Алты киши келди қолы асалы
Бир киши көрмишем сөзи адалы,
Қырқ пәрий нықабдар қолы хыналы,
Бир шәмен дәсте гүл инама келди.

Қырқ перийзад аҳўалымда келдилер,
Мениң ақлыў-хыйалымны алдылар,
Соңра көрдим, башқа нықап салдылар,
Бәри зулфи сәман сәллана келди.

Бир пәрий сөзледи ағзыны ашып,
Бириси ағзыдин дүрлерни сашып,
Йүзә перде шекди бириси қашып
Әлеме йахшылық нышана келди.

Шаҳзада дер, имди ҳайран болубмен
Ҳүсниў нытақына ҳайран қалыбмен,
Көрип гүл йүзини гирйан болыпмен
Шәнелеп зулфыны сәллана келди.

Әмма, шаҳзада бу сөзни айтып зар-зар йиғлап сабрыў тақаты қалмады.

Имди булар бу ҳал биле шикар қылып йүрсүнлер сөзни башқа тарафдын ешитиң.

Хақаны Шыйн ўәлайатында бир шәҳәр бар еди. Атына Мүшкинрабат дер еди. Аның падшаҳына Зийўаршаҳ дер еди. Аның бир қызы бар еди, атына Сонна пәрийзад дер еди. Шаҳзада түшинде көрип ашық болғаны шул қыз еди. Йаныдағылар қырқ мәҳрем кәнийзи еди. Шаҳалам түш көрген кешеси Сонна пәрийзад ҳәм түш көрди. Алты заты шәрийф Сонаның әтрафын алып мүбаракбадлық фатиҳа оқып айттылар:

— Әй, Сонажан, сени Хорезм ўәлайатының уғлы Шаҳаламға жуфты қылурмыз, — деп Шаҳаламның сүўретин көргезип көзден ғайып болдылар. Орнынан турып қараса, ҳеш ўақыйа йоқтур. Көшк үстинде Сонажан бир аҳ урды йәне көзине уйқы келди. Түш көрди, түшинде қолына бир шәмен гүл алмыш. Бәнагаҳ ҳаўадан бир бүлбүл пайда болып келип минқары биле Сонажанның қолыдағы шәмендин йүз жилўа бирлен төрт йафрағ үзип алды. Йәне ҳаўаға ушып бәдер кетти. Сонажан уйғанып көрсе, гүл ҳәм йоқ бүлбүл ҳәм йоқ. Айтты:

— Әй, кәнийзлерим, мен ҳала бир түш көрдим, түшимде бир шәмен гүл алдымға алдым, бәнагаҳ бир бүлбүл ҳаўадан пәрўаз етип келип минқары биле шәменнен төрт йафрақны йулып алып қашты, — деп көп бийтақатлық қылып йиғлады.

Шул ўақытта кәнийзлернин ишинде бир тәбиршиси бар еди. Ол айтты:

— Сонажан, сениң ҳүсниң бир шәмен гүлдур. Йарың бир бүлбүлдур. Хорезм ўалайатының уғлыға сизни нисбет қылып фатиҳа оқып кеткен пирлерден мениң ҳәм хабарым бардур, — деди.

Анда Сонажан айтты:

— Бүлбүлнин мәканы бағларның ишинде бир шәменли гүлзарда болур. Мен бир гүл болсам, ол бүлбүл болса, не ушын мен бүлбүлимнен жуда түшүбмен, — деп бир сөз айтты:

— Ҳүсним бир гүл болса, йарым бир бүлбүл,
Мунда келип бу гүлзара сайрасун,
Йүзим анар болса, сашларым сүмбил,
Мунда келип хошаўазым сайрасын,

Тотыға меңзашур аның аўазы,
Суҳбәт илә өтер йаз илә қышы,
Бүлбүлигәйадур йарым аўазы,
Хошаўазым бу гүлзара сайрасун.

Ким барып келтирсе, болурман қурбан,
Ол Йусуф нышаным дәрдиме дәрман,
Аты аның Шаҳалам, назанын уғлан,
Ашық болса, йар бағында асырасын,

Қолымға бир шәмен келдим ҳәмана,
Бүлбүл бәргин алып ушты асмана,
Имди йүзин көрмек маңа гүмана,
Мунда келип ашықана сайрасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғафыл болып йүрмәй шөли майданда
Дилбәрим қалмасын дағы ҳижранда,
Бүлбүлниң мәканы бағы бостанда,
Бүлбүл болса, бостан ишре сайрасын,

Сонажан, түшимде көрдим жамалын,
Тилермен тәңридин аның ўисалын,
Мен биле алмадым аның хыйалын,
Бүлбүл қушым ашықана сайрасын.

Әлқысса, Сонажан бу сөзни тамам қылғандын соң бийтақат болып йығлап айтты:

— Ҳәр кишиким шул йигитни тапып мениң бағы айшымға келтүрсе, аңа қәдди барабары зер берүрмен, — деди.

Әмма, кәнийзеклерниң арасында бири бар еди. Атына Зийба дер еди, ол айтты:

— Әй, Сонажан, ол айтған сениң йарыңны адыға Шаҳзадайы шаҳалам дерлер. Аның йуртыға Хорезм дерлер. Ол бу йерден қырық күнлик йол турур. Жуўап болса, иншааллаҳ ,биз тапып келурмиз, — деди.

Сонажан айтты:

— Егер алып келсең, саңа қәддиң барабары зер берурмен, — деди.

Әмма, аларның дәстүринде сехри жадыўлықны билер еди. Илми нужум бирле Сонажан бир дуўа оқып дем салды, ол кәнийзек дәрҳал бир йашыл қуш сүўретинде болды. Қайдасаң ўалайаты Хорезм деп қанат қағып ҳаўаға өзин алып, бир демде көзден ғайып болды.

Сонажан қырық кәнийз бирлен көшкниң үстинде ҳәр тәрафға интизар болып турсун. Имди бир-екки сөзни Зийба кәнийздин ешитиң.

Қуш болып ушып кеткендин соң төрт саатда шаҳзаданың ләшкериниң арасына барып қонды, йарым ақшам ўақты еди. Шаҳзаданың йанығa барып өзине бир дем берди. Дәрҳал қыз болды. Қараса, шаҳзаданың йүзлери он кешелик айдек шәр әтрапқа шуғла урар еди. Зийба кәнийз шаҳзадаға бир дуўа оқып дем берди. Андын соң бир сандыққа салып дәрйаға ташлап, сандық көбик мысалы дәрйа йүзинде барур еди. Зийба өзине дем берип, бир ақ қуш сүўретинде болып сандықның үстине минип, қайдасаң Мүшкинрабат деп раўана болып, сәҳәр бирле дуўа оқып йәне төрт саатта қырық күнлик йолны алып, Сонажанның бағына йақын барып, илми сеҳр бирле дәрйадын сандықны алып Сонажанның бағыға көтерип барды. Андын соң Зийба өзине дем салып қыз болды.

Әлғәрез, андын соң Сонажанға барып сәлем берип таўазыйғ қылды. Сонажан:

— Аман-саў алып келдиң му? — деп сорады.

— Алып келдим, — деди. — Бағда гүлзар арасында, сандықның ишинде турур, — деп байан қылды.

Дәрҳал Сонажан қырық кәнийзиге баш болып бағқа йүриш қылдылар. Қашиға барып сандықны ашып көрсе, шаҳзада онтөрт кешелик болып йатур еди. Сонажан Шаҳзаданы көрген заман ашықы бийқарар болды. Бир афсун оқып дем салып, хуўшына келтирди. Шаҳзада көзин ашып көрсе, қырқ пәрийзад әтирапын алып олтурур. Өзи бағ ишинде йатур. Ҳайран болып пәрийзадларға қарап бир сөз айтты:

— Әй, шох пәрийзадлар, бу бағa не бағ дерлер?
Шул қаматы шәмшадлар, бу бағa не бағ дерлер?
Рухсары шәмен гүллер, бу бағa не бағ дерлер?
Гәҳи гүли сүмбиллер, бу бағa не бағ дерлер?
Ҳайранда болып қалдым, бу бағa не бағ дерлер?

Бу бағ игәси кимдур, күйинде гәда болдым,
Билмем, не әжайыпдур, күйинде әда болдым,
Бәс шәмъи жамалына мен имди фида болдым,
Өз мүлки дийарымдын ҳақ әмри жуда болдым,
Ҳайранда болып қалдым, бу бағa не бағ дерлер?

Ким айтар Ҳасанханға бу аҳыў фығанымны,
Ол ҳалы пәрийшана бу сыры ныҳанымны,
Маълум ким айтар бу йуртға нышанымны,
Аллаҳ өзи йеткургәй Кәбамға жамалымны,
Ҳайранда болып қалдым, бу бағa не бағ дерлер?

Шаҳзадайы Алам дер, бу бағa өзим меҳман,
Аллаҳ маңа йардам бер, көңлимде мениң әрман,
Әй, йары пәрийзадлар, мен йары жаныңыза қурбан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақлымны тамам алған бу бағ илә бу бостан,
Ҳайранда болып қалдым, бу баға не бағ дерлер?

Әлқисса, шаҳзада бу сөзни тамам қылғандын соң қызлар айтты:

— Әй, шаҳзада, бу баға Мүшкинрабат дерлер, Сонажанның бағы турур. Атасыға шаҳ Зийўар дерлер.

Шаҳзада айтты:

— Пәрийзатлар, Сонажан деген қызны маңа көрсетиң, анның ушынким, әрўаҳлар аны маңа түшимде көргезип едилер.

Анда қызлар «хош болғай» деп, парийзадның йүзидин нықабын алып шаҳзаданың қаршысында тутып турдылар. Бир-бирин көрип андақ ашықы бийқарар болдылар, мисли Фарҳады Шийриндек. Андын соң шаҳзаданы көшкке ертип дәўран сүрер ўақытта шаҳзада айтты:

— Әй, Сонажан, мен бешйүз ғылман бирле шикар қылып йүрер едим. Андын ғылман атамға барып айтсалар, алар мениң фырақымда сәргардан боларлар, — деди. — Анның илажы нешик болар екен?

Анда Сонажан айтты:

— Әй, шаҳзада, ол ғылман сениң йоқ болғаныңны барып атаңа айттылар. Алар сени тапмай уйқыўға майыл болдылар.

Анда шаҳзада бийтақат болып йығлады. Анда Сонажан айтты:

— Әй, Шаҳалам, сен бир нама йазып мүҳриңни басып бергил, мен бир сеҳргөй кәнийзим бирле атаңа йўбәрүрмен, — деди.

Анда Шаҳзада қолына қағаз ўә қәлем алып хат йазып айтты:

— Сөз олким, қибләгәҳымызға ўә меҳрибан анамызға, мен кәмийне фәрзендлериңиз Мүшкинрабат шәҳринде шаҳ Зийўарның қызы Сонажанның бағында сағ-саламат айшы ишрет қылып йатыпман. Иншааллаҳ, үш айға қайтып барурман, — деп йазып мүҳрин басты.

Сонажан Зийбакәнийзге берип айтты:

— Тез барып келгейсең, — деди.

Шул ўақытта шаҳзада кәнийзге қарап тилден ата-анасыға сәлем айтып бир сөз айтты:

— Мундын барсаң ол Гүлүстүн шәҳрине,
Матам нышанларға сәлем дегейсең,
Мениң ушын көзлеринен йаш төккен,
Матам нышанларға сәлем дегейсең.

Мен мунда шегермен аҳыў-нәдамат,
Алар анда болғай сағыў-сәламат,
Достыў-душман қылар маңа мәламат,
Матам нышанларға сәлем дегейсең.

Бирнешше күн мунда меҳман боларман,
Бу пәрийниң хыйалыны билурмен,
Сағ болсам, үш айға йәне барурмен,
Йарыў-досларымға сәлем дегейсең.

Мениң ушын дуўа қылсын еранлар,
Йуртымдағы саҳыбдуўа ийшанлар,
Перзентим деп бағры бирйан болғанлар,
Руўҳы-рәўаныма сәлем дегейсең.

Мен мунда келипмен тәғдийр Алладур,
Үмметмен, панайым Расулуллаҳдур,
Мүсафырмен, көңлим Кәбатуллаҳдур,
Барлық әзийзлерге сәлем дегейсең.

Шаҳзада дер, мунда болыпмен ҳайран,
Жудалық дәртинен көзлерим гирйан,
Шәҳримниң игәси ҳәзрет Пахлаўан,
Ол шайхы Кәбийрге сәлем дегейсең.

Әмма, шаҳзада бул сөзни тамам қылғанан соң Зийба кәнийз сеҳир оқып өзине дем салды. Дәрҳал бир қуш болып Шаҳзаданың намасын ҳаўаға пәрўаз қылып көзден ғайып болды. Үш саатта Хорезм йуртыға келип Гүлүстүн шәҳрине барып Ҳасанхан бирле мәлийкәйи Зухриййаның башына барса, еккиси ҳәм уйқыўда йатурлар. Зийба Шаҳзаданың сәлемнамасын атасының баш ушында қойып қайтты. Имди йәне үш саатта қайтып келип бир әфсун оқып өзине дем салды. Дәрҳал қыз болды. Андын соң хызмет йеткергенине бийбисинен инам алды. Андын соң Сонажан биле Шаҳзаданың көңиллери жәм болып, Мүшкинрабат бағда көшк үстинде дәўранға машғул болдылар. Шаҳзада Сонажанның жамалына нәзер қылып ҳәўеси кетип айтты:

— Сонажан, сениң зулфыңның ҳәр бир тарын жәҳән хыражыға бермесмен, — деп бир сөз айтты:

— Сонажан, ҳәр бир зулфың жәҳән хыражы емес му,
Ақ йүзләриңниң жәҳән хобы жәннет нышаны емес му.

Салланып сәлем бергениң, ашықның көңлин алғаның,
Күлип қушаққа киргениң мың қыз баҳасы емес му.

Бағ ишинде шәмен гүллер, сайрашур шәйда бүлбүллер,
Сашлары сийаҳ сүмбиллер, ҳүсниңе мухтаж емес му.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәрийзадым, билдим ҳалың, ләблериңнен тамар балың,
Ақ йүзинде дана халың нүктейи Қуран емес му.

Мүшкинрабатта еллериң, Йүзмың әлўандур беллериң,
Бу сениң нәзүк беллериң, нуры йетти гәрдан емес му.

Шаҳзада дер, сөзим тамам, хызмет етсем әлад-даўам,
Сонажаным қылды икрам, Әсәри ийман емес му.

Әлқысса, бу сөздин соң екки ашық мәнзил ара көшкниң үстинде андағ дәўранға машғул болдылар, та ками дил (жүрек тилеги) ҳасыл болдылар. Әлқысса, шаҳзада биле Сонажан кеше-күндиз дәўран ишинде болдылар. Бир күни Сонажан шаҳзаданың жамалына нәзер қылып қараса, мисли заъфарандек болып турур. Билдиким, шаҳзада уйқыға хумар болыпты. Сонажан айтты:

— Йарыў-жаным, мениң бул бағым қырк танап бағдур. Мунда мениң екки көшким бардур. Йәне бириниң адыға Мәнзилара дерлер, бириниң атыға Мүшкинрабат дерлер. Сиз мунда болың, мен Мүшкинрабатта болурмен ўә сизге тағам тайар қылурмен, — деп турып қызларға баш болып кетти.

Әмма, Сонажанның бир шәгирти, йағный хызметкер кәнийзи бар еди. Аты Шәхрибаныў дер еди. Ол көңилин шаҳзадаға мейил қылған еди. Ахыр бир күн хылўетте өзимни арыз қылурмен деп йүрер еди. Әмма бир күн бийбисин ғафыл тапып, шаҳзаданың йаныға келип еди, көрсе, шаҳзаданың сийнесин шамал ашыпты. Сүттен ҳәм ақдур ўә йүзлери он төрт кешелик айдек болып йатур. Шахрибаныў шаҳзаданың бул ҳүсни жамалын көрип беттер ашық болды ўә қушақыға кирди. Шаҳзада Сонажан хыйал қылып уйқысында қушағына алды. Көзин ашып көрсе Сонажан емес, кәнийзи Шәхрийбаныў екен. Шаҳзада айтты:

— Ҳәй, Шахрибаныў, Сонажандын қорқмасмусен, мениң қушағыма кирерсең?

Шахрибаныў айтты:

— Әй, шаҳзада, сен шамъсаң, мен пәрўанаман, йанып өлсем әжеп емес, — деди. — Йәне ҳәм сениң жамалыңны көргендин соң не болғанымны билмеймен, — деп шаҳзадаға қарап бир сөз деди:

— Шаҳзада, қурбаның болсам ҳәр заман,
Мен ҳәм сениң харыйдарың болурмен,
Худайым сақласун бәладын аман,
Мен ҳәм сениң интизарың болурмен.

Рәҳим әйлегил үзир қылған гәдаға,
Йүз тутарман ол йаратған Худаға,
Төрем, мениң жаным саңа садаға,
Мен ҳәм сениң дуўагөйиң болурмен.

Ашық болған ҳәзер қылмас өлүмдин,
Бағбан болып терсең таза гүлимдин,
Йарым болып қушғыл нәзүк белимдин,
Мен ҳәм сениң харийдарың болурмен.

Шахрибаныў, зары гирйан болубмен,
Үмийд әйлеп хызметиңе келипмен,
Шаҳзада, ҳүсниңе ҳайран болупмен,
Мен ҳәм сениң харийдарың болурмен.

Әлқысса, Шахрибаныў бу сөзни айтғандын соң шаҳзада зар-зар йығлап отыр еди, Сонажан қызлар бирлен тоққуз түрлик либас ўә тоққыз түрлик таамларны таййар қылып шаҳзаданың йаныға алып келип көрсе, шаҳзаданың көзлеринен әшки гүлгүн толып турур. Сонажан айтты:

— Сизге не болды, әй йары жаным? — деп үш мәртебе сорады.

Шаҳзада ҳеш жуўап бермеди. Сонажан шаҳзадаға қарап бир сөз айтты:

— Қурбаның болурмен гүл йүзли йарым,
Сөзле нәўжаўаным, сизе не болды?
Тәнимниң қуўаты, сабрыў-қарарым,
Ҳалы пәрийшаным, сизе не болды?

Көзиндин сашмағыл ҳәр заман йашый,
Башыма тегмәсүн мәламат ташый,
Сиздин өзге йоқтур көнлимниң хошый,
Сөзле интизарым, сизе не болды?

Шәҳри Хорезмийдин келген меҳманым,
Йуртымның игәси, дәўлет нышаным,
Иззетли икрамым, руўҳы-рәўаным,
Айт, Йүсүф нышаным, сизе не болды?

Бир сөз биле мендин жафа көрдиң му?
Йа болмаса шорыйда түш көрдиң му?
Йа ата-анаңны йада салдың му?
Әй, әзийз меҳманым, сизе не болды?

Маңа бу күн пинҳан сөзиң айтурсен,
Йа болмаса бағрым ота салурсен,
Дәм урмасаң, бил, қаныма қалурсен,
Әй, бәлендпәрўазым, сизе не болды?

Әмма, Сонажан бу сөзни тамам қылғандын соң, шаҳзада айтты:

— Әй, Сонажан, саңа бу бағы бостан ўә көшки әйўан қутлы болсун ўә маңа әзми майдан қутлы

www.ziyouz.com kutubxonasi

болсун, имди жаўап берсәң, өз шәхримға қайтармен, нешунким, атам-анам мениң ушын көзлери гирйан ўә бағырлары бирйандур, — деди.

Анда Сонажан:

— Әй, йары жаным, мендин не сәбәбдин көнлүңиз қалды? — деп қолларын шаҳзаданың бойныға салып зар-зар йығлады.

Анда Сонажанға айтты:

— Әй, йары мехрибаным, мен сендин екки дүнйада ҳәм көңил үзмәсмен. Әмма мен уйқыўда йатсам Шәхрибаныў мениң қойнымға кирипти. Мен азар тарттым, — деди. Ўә мен улуғ падшаҳзада болсам, бу шоры өзини маңа тең қылғаныға ўә сизни иба қылмағаныға көп-көп дилтәң болдым, — деп йығлады.

Ол ўақытта Сонажанның қәҳри келип кәнийзларыға буйырды:

— Шәхрибаныўға сексен қамшы урың, сазайы, киши өз ҳәддини билмей мундағ нашайыста ишни қылғай, — деди.

Әлғәрез Шәхрибаныўны андағ урлыларким, өзидин кетти.

Андын соң Сонажан биле шаҳзада йәне айшы ишретге машғул болып турсынлар, имди сөзни Шахрибаныўдан ешитиң.

Тайақ егендин соң йәне хуўшыға келип шәпик орныдан турып шаҳ Зийўарның алдыға барып сәлем берип:

— Дад падшаҳым, — деп йығлады.

Анда падшаҳ сорады:

— Кимдин дад истеп йығларсаң?

Анда Шәхрибаныў айтты:

— Айтсам, сизден қорқармен, айтмасам, жанымға дәрд болур, — деди.

Анда падшаҳ айтты:

— Ҳәр не сөз болса айтғыл, — деп әмр қылды.

Шәхрибаныў хош болғай деп бир сөз айтты.

— Шаҳым, барсаң Сонажанның бағына,
Ашықларның тамашасын көрерсең,
Сал барып аларны дағы ҳижрана,
Бир төрениң нышанасын көрерсең.

Қырық күн болды, бағ ишинде бир уғлан,
Сона бирле алар сүрерлер дәўран,
Өзи нәзүк бәден бир Йусуфнышан,
Ол йигитниң тамашасын көрерсең,

Исми ағзам билен келди әўлийаға,
Шаҳым, мен болғаймен сиздин садаға,
Шул күн шәпик барың Мәнзилараға,
Сонажанның тамашасын көрерсең.

Қырық күн болды, бийҳад дәўран сүрдилер,
Бир-бириниң бойныға қолын салдылар,
Көп урыбан мени ыза бердилер,
Залымларның ҳәңамасын көрерсең,

Йалған айтур, шаҳым, барсаң бу заман,
Дәўран ушын анда қурылған нызам,
Бадалар таййардур йанында әлўан,
Ашықларның тамашасын көрерсең.

Әлқысса, бу сөз тамам болғандын соң Шәхрибаныў айтты:

— Әй, падшаҳы әлам, бүгүн қырық күн болды, қызыңыз Хорезмийшаҳның уғлы бирлен Мүшкинрабат бағыда айшы ишретге машғул турурлар йәнә ҳәм мени көп урды, — деп йығлады.

Ол ўақытта падшаҳ андағ ғәзәбнак болдыким, ҳәр түги нәйзәйи абдардек болып либасларыдын буран болды. Андын соң падшаҳ қырқ жәллады тыйғабдарны алдыға салып йолға раўана болып айтты:

— Әй, жәлладлар, Сонажанның бағыда ҳәрким болса қәтлим қылың, — деп, йәне ҳәм екки қоррандозны ҳәм алдыға салып Сонажанның бағыға қарап раўана болсын, имди сөзни Сона пәрийзаддын ешитиң.

Шәхрибаныў урғандын соң бу бәдбахт бир ишниң үстиндин шығар деп иҳтийат йүзидин екки коррандозға қурра салдырды. Қоррандозлар башлап көрип айттыларким:

— Атаңыз қырқ жәлладға баш болып андағ ғәзебнек болып келурким, Сонажанның бағыда еркекден ҳәрким болса дүнйадын бийнамыў нышан кеширүрмен дер, — деп байан қылып, Сонажанға қарап бир сөз айтты:

— Сонажаным, ғафыл болмаң,
Бир ўәҳшәтли ғаўға көрдим,
Бу мәнзилде әрам алмаң,
Сүҳбәтиң мен йаман көрдим.

Турмаң енди, залым келур,
Келсе, бу ҳалларны билур,
Қырс болғанлар жуда болур,
Ҳақның кәламында көрдим.

Бардур сениң әзийзлериң,
Нешше саҳыбтәмийзлериң,
Изинде қырық кәнийзлериң,
Матам нышаныда көрдим,

Имди, достым, болмаң ҳайран
Көб йығладым көзүм гирйан,
Атаң алдында Сонажан,
Қырық шәмшийри абдар көрдим.

Зимистана дуғасын йаз,
Имди қурмаң сүҳбәти-саз,
Үстинде әйлеген пәрўаз,
Әжәл шамалыны көрдүм.

Фәрзана дер, сөзим ада,
Сизе жаным болсын фида,
Бир-бириңнен болың рыза,
Жудалық нышанын көрдим.

Әлқысса, бу сөздин соң Сонажан айтты:

— Әй, кәнийз, пәрийзадлар ўа әй, қоррандозлар, бу сөз мениң жанымға дәрд болды. Ўақыйа не турур?

Анда қоррандоз айтты:

— Әй, Сонажан, атаңыз қырық жәлладға баш болып келур, — деди.

Шул ҳалда алар бағқа кирип еди, қоррандоз айтты:

— Әй, бийбижан, бизлерден разы болың, — деп көп бийқарар болып йығладылар.

Анда шаҳзада айтты:

— Ўа дарийғ, атам, анам хыйшы ақрабаларымдан ҳешкимни көрмей өлер болдым, — деп көп зарыйлық қылды.

Анда Сонажан айтты:

— Әй, шаҳзада, сен бул ишлерге ғамгийн болмағыл, иншааллаҳ, бу ишлернин илажын көрермен, — деп шаҳзадаға қарап бир сехр оқып дем салды. Дәрҳал бир қуш болды. Шаҳзаданы бир қәфасға салып бир дарахтан асып қойды. Анда падшаҳ дәрғәзеп болып Сонажанның бағына кирди. Сонажан атасыға турып сәлем берди. Падшаҳ әлийк алмады. Айтты:

— Әй, Сона, раст сөзле, йоқ ерсе өлерсең, — деди.

Анда Сонажан айтты:

— Әй, султаным, не сорасаңыз растлық бирле жуўап берурмен, — деди.

Анда падшаҳ айтты:

— Бу бағқа келген уғлан қәне? — деди.

Сонажан айтты:

— Әй, падшаҳым, бу бағқа қуш келсе қанаты күйер, қулан келсе туйағы күйер. Ҳеш кишиниң ҳәдди болғаймуким, мениң бағыма келгей, — деп узрхаҳлық қылды.

Падшаҳның йаныды екки қоррандозы бар еди. Әмр қылды:

— Қурра ташлаң, ол уғланның келгени растму йа йалғанму?

Қоррандозлар мәсләҳәт қылдылар: — Әгәр шаҳзаданың келгенин раст десек, падшаҳ Сонажанны рәсўа қылур, имди ҳәрнешик болса Сонаға бир йахшылығ қылалы, — деп:

— Әй, шаҳы әлам, уғланның келгени раст емес, йалғандур.

Ол ҳалда падшаҳның ўақты хош болуб, Сонажанға қарап бир сөз айтты:

— Бу бағда болсын мәканың,
Көпдур изинде душманың,
Сенсең мениң мехрибаным,
Инандым қозым, инандым.

Пәклигинди билдим, жаным,
Фәрзендим, көңил мәдарым,
Керек болса сиймыў зарым
Инандым саңа, инандым.

Мәканындур Мүшкинрабат,
Мәнзилара болсын абат,
Душманларын болсын нашад,
Инандым балам, инандым.

Шаҳ Зийўар дер, болың аман,
Имди менде йоқ ҳеш гүман,
Саңа йолдаш болғай ийман,
Инандым балам, инандым.

Әлқысса, падшаҳ бу сөзни тамам қылғандын соң Сонажан атасыға қуллық қылып отырды. Падшаҳ мәканыға қайтты. Сонажан шаҳзаданы қәфасдын алып бир дем салды. Йәне аўўалғыдек болып айшы-ишретге машғул болдылар. Әмма, кеше өтип таң атты. Сонажан падшаҳға сәлемге бармақшы болды. Ол ўақытта шаҳзада айтты:

— Имди сен кетсең, мени аман қоймаслар, — деди.

Анда Сонажан айтты:

— Әй, йарым, атам келгенде сени тоты қылып халас қылдым, йәне бир илаж қылурмен, — деп йәне бир дем салды. Шаҳзада бир шәмен гүл болды. Сонажан башыға саншып атасының бәргасына

www.ziyouz.com kutubxonasi

барып кәнийзлери билен сәлем берди. Падшаҳ әлийк алды. Әмма, Шәҳрибаныў кәнийз Сонажан урғандын соң барып падшаҳның хызметиде болып йүрүб еди. Ол ўақытта Сонажан башыдағы гүлни көрүб айтты:

— Әй, шаҳым, сиз ҳәм шәмен гүллер бина қылыпсыз, әмма Сонажанның башыдағы гүлдек емес. Нешунким, ол гүл сизге мүнәсипдур.

Шул ўақытта Сонажанның йүзлери заъфарандек болды. Падшаҳның ўәзийрлери айтты:

— Ҳеш ўақытта ўә ҳеш мазҳабда барму, қызының гүлини атасы алған, — деп нәсийҳат қылдылар.

Ол ўақытта падшаҳ айтты:

— Сонажанның йүз мың шәмен гүли болса ҳәм бирисин алмасмен, — деди.

Андын соң атасыдын рухсат алып қайтты. Падшаҳ айтты:

— Әй, Шахрибаныў, Сонажанны иззет-икрам бирле узатғыл, — деди.

Шахрибаныў шығып узатур болған ҳалда Сонажанның қәҳри келип бир дуўа оқып Шәҳрибаныўға дем салды. Дәрҳал бир ешек болды. Аны бир хирасманға тапшырып, қырық кәнийзға баш болып өз мәканыға келип, башыдын шәменни алып дәм салды. Йәне аслыға келди. Еккилери бир-бирлерининң жамалыға муштарак болып отырды. Ол ўақытта Сонажан айтты:

— Әй, шаҳзада, менин ҳөнерлеримни тамаша қылып көрдиңму, сениң йуртыңда ҳәм мундағ әжайып ўә ғарайып ишлер барму? — деди.

Анда Шаҳзада йуртыны тәриф қылып Сонажанға қарап бир сөз айтты:

— Сонажан, бизиң еллердиң сафалы бағлары бардур,
Бағшаларда йүзмың әлўан сәршәмен гүллери бардур.

Шәкерден шийрин сөзлери, нәргисдек қара көзлери,
Халыс айнадек йүзлери, саадат қызлары бардур.

Өрдеклери ғаза меңзер, суҳбетлери саза меңзер,
Қыш күнлери йаза меңзер, хошҳаўа еллери бардур.

Ҳақ йолында таат қылған, ғанийимлардын арын алған,
Балам дейуб йығлап қалған, Хорезмий шаҳлары бардур.

Нәфсине қылған мәламат, ийманлары бәсаламат,
Өзлери әҳли кәрамат, мүкаммал пийрлери бардур.

Шаҳзада дер, ақлым алған, мисли жәннет нышан болған,
Еккимиз ушун ухшалған Гүлүстүн шәҳәрлери бардур.

Әмма, шаҳзада бул тәрийфлерни айтғандын соң Сонажан пәрийзад ҳәм ҳәўес болды. Әмма, нешше күн айшы-ишретте болдылар. Бир күн Сонажан шаҳзадаға айтты:

— Сиз мунда бир заман раҳат алың, мен сизге Мүшкинрабатдын либас келтирейин, — деп йолға раўана болды.

Шаҳзада Мәнзиларада йатсун, имди сөзни падшаҳдын ешитиң.

Бир күни базы мәҳремлери билен сәйр қылып Сонажанның бағына бардылар, андын Мәнзилара көшкине бардылар, көрдилерким, бир назанин йигит тахт үстиде йатыпдур. Падшаҳның нәзери түшти, дәрғәзеп болып буйурдыким:

— Әй, жәлладлар бу уғланның посты касайы сәрийдин тартың, — деди.

Анда Сонажандын пинҳаны инъам аладурған қоррандозлар айттыларким:

— Әй, падшаҳым, бу уғланны не себептен бийгүнаҳ өлтирерсиз?

Анда падшаҳ айтты:

— Гүманым бу ким, кәнийз айтған уғлан шул болғай.

Анда қоррандозлар айттылар:

— Әй, шаҳыалам, бу йерге адам келсе, бизлер қурра бирле билур едик. Мәгар бу уғлан бу жайның қадаған екенин билместен, хош ҳаўа көрип йатған болғай, йа бир кәрўаннан айырылып қалған болғай. Не билсин сизниң бағыңыз екенин, — деп падшаҳға тәселли бердилер.

Падшаҳ айтты:

— Андағ болса зинданға салың, — деди.

Дәрҳал шаҳзаданы елтип салдылар. Ол зинданның атын Чаҳмаран дер ерди. Анын ушынким, ол

www.ziyouz.com kutubxonasi

зиндан йылан ўә шайанның мәканы еди. Шаҳзада бийшара ол йыланлығ зинданға түшкендин соң кеше-күндиз өзини билмей йатсун, имди Сонажандын сөз ешитиң.

Қырық кәнийзге баш болып келип көрсе, шаҳзада йоқтурур. Бағбандын сорады.бағбан айтты:

— Мен билмесмен, әмма падшаҳ келип бир уғланны көшкден тапып, елтип Чаҳмаранға салдылар, — деди.

Сонажан бу сөзни ешитгендин соң қызларға қарап бир сөз айтты:

— Келиң жанлар, бир мәсләҳәт қылыңлар,
Мениң йарым гирйандадур, гирйанда.
Чаҳ ишинден бир хабарын алыңлар,
Мениң төрем зиндандадур, зинданда.

Йарым еди мениң жаным хурсәнди,
Өзи Хорезмшаҳның бир жигербенти,
Ҳәзрет Йаъкубның жана пәйўәнди,
Мыср әзийзи зиндандадур, зинданда,

Аллаҳым сақлағай йарымны азад,
Өзи шер сийнели, мисли пәрийзад,
Бойы сәрўә меңзер, қаматы шәмшад,
Зиндандадур нәзик уғлан, зинданда.

Йаратғана йығлап қылурмен зарый,
Қалмады көңлимниң зәрре мәдарый,
Сонажанның досты хәр зулфы тарый,
Чаҳ ичинде әрмандадур, әрманда.

Хорезмий йуртыдын келген бир уғлан,
Бир нешше күн сүрди ол мунда дәўран,
Аның йары болғай ҳәзрет паҳлаўан,
Шаҳ фәрзәнди зиндандадур, зинданда.

Сона йығлап айтты, қылурмен дуўа,
Бахш еттим тәнимни, болыңлар гўўа,
Йарымның жайыдур жәннатул-мәъўа,
Зиндандадур жәннет гүли, зинданда.

Әлқысса, Сонажан бул сөзни тамам қылғандын соң қырық кәнийз бирлен дуўаға машғул болып өзлерине дем салып, қырқы ҳәм куш сүўретинде болып, бағдан пәрўаз қылып келип зинданның үстине қондылар. Әмма зинданның екки төреси бар еди, падшаҳ аларны бәнд қылдырып қойып еди, йәне ҳәм қоррандозлр қойып еди. Алар сеҳр оқып Сонажанның сеҳриниң йолыны бәнд қылып қойдылар. Аның ушынким, падшаҳның әмри еди йәне ҳәм зинданның қапуғларыға кулф салып қорғашын куйып бәнд қылдырып еди.

Әмма, Сонажан бу ҳалны көрүп-билип, «ўа, дарийға, судури тыйғ» деп бағыға қайтып келип йығлап отырсын, имди сөзни башқа тарафдын ешитиң.

Зәңистан ўәлайатында Шаҳмамат деген кәфир отыз мың аламан биле келип шаҳ Зийўарға елши йўбәрди.

— Маңа Сонажанны берсүн, — деп. — Йоқ ерсе уруш жайын таййар қылсун, Мүшкинрабат шәҳрини башыға зиндан қылурман, — деди.

Елши ўә саўшылар келип бу сөзни шаҳ Зийўарға айттылар. Падшаҳның қәҳри келип йуртыға жар урды, уруш әнжамын қылын деп. Дәрҳал йигирма мың аламан жәм болдылар.

Шаҳ Зийўар кәфир алдыға ғазатға шықа турсын, имди Сонажандын сөз ешитиң.

Қырық қызға баш болып, қара кийип матам нышан болып, зинданның қапысыға келип зинданбанға айтты:

— Зинданның қапысын ашғыл.

Зинданбан айтты:

— Падшаҳ екки қоррандоз қойыпдур. Алал-хусус падшаҳдын көп қорқаман, ашмасман, — деди.

Анда Сонажан айтты:

— Зиндан ишинде неше бәнди бар?

Анда Зинданбан:

— Әй, Сонажан, бу күн йетти күн йетти түн болды, бир шаҳзаданы зинданға салдылар. Төрт күнеше йығлаған аўазы келди, андын соң аўазы шықмады, — деди.

Хусусан Сонажан бу сөзни ешитгәндин соң зар-зар чүн әбри нәўбаҳар йығлап зинданбанға йалбарып бир сөз айтты:

— Йалбарурман саңа зинданбан, көргүзгил аны,
Бир көрип йарым жамалын, тағы көргүзгил аны,
Бир худаның ҳүрмәтийдин зар көргүзгил аны.

Шаҳ Зийўар салды зиндан ишре йарымны мениң
Имди зинданбан ешитгил аҳыў-зарымны мениң,
Бу жудалықдын өләрменким, сәбәбкарым мениң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Йәне бир көрсем жамалын, йоқтур әрманым мениң.
Бир худаның ҳүрметийдин маңа көргизгил аны.

Йолда мен сарф етермен малыў-дүнйа ҳәр заман,
Сал қыйаметлик араға, имди болғыл меҳрибан,
Қалмады тән мүлкийда, шықты бу күн руўҳы-рәўан,
Көрмесем шаҳзадажанымны, өлермен бу заман
Бир худаның ҳүрметийдин маңа көргизгил аны.

Әй, Худайа, нәйлейин, әрманда қалдым ушбу күн,
Йарымыз зиндандадур, гирйанда қалдым ушбу күн,
Кеше-күндиз халқ ара әфсана болдым ушбу күн,
Бу жудалық дәрдийдин дийўана болдым ушбу күн,
Бир Худаның ҳүрмәтийдин маңа көргезгил аны.

Чаҳ ичинде йатған ол дәрдимге дәрманым мениң,
Хорезмийдин келген ол иззетли меҳманым мениң,
Ҳәм бу дүнйайыў о дүнйа интизарымдур мениң,
Тән ара тутған ўатан, сабрыў-қарарымдур мениң,
Бир Худаның ҳүрметийдин маңа көргезгил аны,

Имди зинданбан ешитгил, ушбу дүнйа бийпайан,
Йарымыз зиндан болса, биз өлермиз бийгүман,
Билсең, зинданда Сонаның йарыдур әбриў кәман,
Аламан ҳижрат әйле ўә меҳнәтдин аламан,
Бир Худаның ҳүрмәтийдин бизге көрсетгил аны.

Әмма, Сонажан бу сөзни айтғандын соң зинданбанның рәҳми келип айтты:

— Әй, нашар, сен зиндандағы шаҳзаданы көре билмессең, бийҳүўда көп йығлама, — деди.

(ортада бир бет жоқ)

...саўаш қылып, андын соң шаҳ Зийўар шаҳ Маматдин әжиз келип басылды. Кәфирден он төрт күне мүхлет алды. Шәҳриге келип йығлап, тамамы ўәзийр, мәҳрам, қоррандозларын жәм қылып қуръа ташлатды. Бу кафирниң илажын ким көрер екен деп. Анда қоррандозлар айтты:

— Әй, шаҳы алам, бизлер қуръада көрермиз шаҳзадайы Хорезмийким зинданда йатур, илажыны ол көрер.

Падшаҳ айтты:

— Андағ болса, зиндандын шығарыңлар.

Дәрҳал шығардылар, көрсе, шаҳзаданың гүл йүзлери заъфарандек сарғайыпты. Келип падшаға қарап сәлем берди. Падшаҳ әлийк алып айтты:

— Шаҳзада, сен шул кәфирни дәфъ қылсаң Сонажанны саңа берурмен, — деди.

Шаҳзада:

— Хош болғай, — деди.

Андын соң қырық мың аламан бирле шаҳзада ғазатға барар болды. Сонажан көшкниң үстинде шаҳзаданы көрип, худаға йалбарып, зар-зарәбри нәўҳәр йығлап шаҳзадаға қарап бир сөз айтты:

— Мундын йалғуз барып кирсең саўаша,
Ҳәзрет Әлий йарың болсын, жан төрем,
Қылыш ур, кәфирлер болсын баш-баша,
Шери дәргаҳ йарың болсун, жан төрем.

Мурадыңны бергей йаратған Субҳан,
Баҳауддин пийриң ол бәлагәрдан,
Хорезмниң игәси ол ҳәзрет Палўан,
Султан Ўайс йарың болсын, жан төрем.

Шәҳийд болған Хорезмде ераңлар,
Сенин ушын Ҳаққа зарый қыланлар,
Әбүў Мүслим аты Саҳыбқыранлар,
Барлық пийрлер йарың болсын, жан төрем.

Аллаҳым бендени қылғай сәрафраз,
Бир Аллаға йетгей налайы аўаз,
Шәҳриңизде йатған ўәлий төрт шаҳбаз,
Төрт әзийзлер йарың болсын, жан төрем.

Сонажан дер, йығлап қылдым мунажат,
Саңа йарый берсүн Қазыйы ҳажат,
Бир әзийз бар ермиш өзлери бир зат,
Сыддық пирим йарың болсын, жан төрем.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Имди сөзни шаҳзададан ешитиң. Зәңистан кәфири шаҳ Мамат билен йигирма күн саўаш қылдылар, Аллаҳтала шаҳзадаға қуўат ўә нусрат берди. Кәфир басылды. Шаҳзада «аллаҳу акбар» деп Худайытааланың улуғ адын йад қылып шаҳ Маматның башын кесип, екки нимтәйи барабар қылды. Андын соң кәфирлерни та йуртға барғунша изидин қуўуп қырды. Андын кейин шаҳ Зийўар қырық кеше-күндиз той-тамаша қылып Сонажанны Шаҳзадаға никаҳ қылып берди. Падшаҳ айтты:

— Әй, шаҳзада, имди мунда турсаң шәҳримни ўәлайатның ыхтыйарын саңа тапшурурмен, — деди.

Ол ўақытта шаҳзада рухсат тиледи. Андын соң шаҳзада биле Сонажанны беш йүз түйе мал бирле маафаға салып Хорезм ўалайатыға рәўана қылдылар. Йәне мың атлығ кишигә әмр қылды, йуртыға барғунша ҳәмраҳ болып узатып барың деп.

Әлқысса, күн йол йүрип Хорезм йуртыға йақын келдилер. Ҳасанхан атасы, Мәлийкәйи Зухриййа ўә ҳәмме улуғ-кишик шаҳзаданың алдыға пешўаз шығып көрүшүб, иззет икрам билен қалаға келтирип түширдилер. Андын Ҳасанхан шаҳзада билен Сонажан сағ-саламат келгенлерине ўақты хош болып, қырық кеше-күндиз той тамаша қылып берди.

Әлғәрез, ҳәмме фарағатлық билен Гүлүстүн шәҳринде қарар таптылар. Ҳасанхан, мәлийка Зухриййа, шаҳзада ўә Сонажан айшы-ишретге машғул болып мурады-мақсудларыға йетдилер.

Илаҳа тамамы мүминлерни ўә бийшараларны ўә ғәрийплерни ҳәм өзиң мурадларыға йеткергейсең. Әўмийн ўә раббулаламийн. Биҳаққи саййидил-мурсалийн.

Таммат ал-китаб би-аўнил-маликил-ўаҳҳаб.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

64 - ТОМ



# ҚАРАБЕК

*Құрбанбай Саменбетов*
*Жазып алған: Қ.Мақсетов*
*(1960-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул илгери замандағы гәп-ғо.

Бурынғы әййем заманда, сол заманның кәдиминде бир патша куда ҳәмири менен журт сорап отырады. Көп жасаған ўақтында патша ғамгүн болып, перзент ядына түседи. Жуптысы менен екеўи нийетине жетиўге талап етти. Шайыққа, әўлийеге сыйынып, дүнья алып, жолына түсип перзент излеп көреди. Бир әўлийедеги шайықтың қазанына садақа айткан малын апарады. Әўели түйени жетеклейди, кейнинен атты жетеклейди, көп мал жетеклеп апарып, шайықтың қазанына сойып салады. Шайықтың қазаны етке толмайды. Бир серкеси қалады. Қазан гөшке толмады. Ҳаялы патшаға өкпелеп оны таслап кетеди.

Патша бир өзи серке менен узақ жоллар асады, таўдан өтеди, жүдә қапа болып кете береди. Ырғалысып мунарланған мешиттиң қасына жетеди. Мешиттиң қасында бир адамның изин көреди. Лаппа кейнине айналады. Патша атынан түсип, қолында қамшысы менен мешитке келеди. Геўишлерди далаға қойып, ишке, даўыс шыққан жерге сәлем берип киреди.

Бир адам отыр, сәлем алса да қарамай. Ол адам жазып отыра берди, патша тура берди. Бир ўақта баяғы адам, «бизики кустанышылық болған екен» деп патша менен сәлемлести. Екеўи кублаға қарап отырады. Бағанағы адам патша менен жол болсын сорасады.

— Бул жерге инсан шөлден келе алмайтуғын еди, қалай келдиң, сөйле, — деди.

Патша басынан кеширген ўақыяларды бир-бир баян етти.

— Серкени садақа айтып усы жерге бас алып келдим, — деди.

— Бәрекелла, балам-ай, бизге келсеңиз, пәтиямызды берип, рухсат аларсыз, — деди баяғы киси.

Патша ушып түргелип «қуллық тақсыр» деп тәзим етти. Баяғы киси қолындағы ҳасасы менен пақсаны урып:

— Балаларым, қонақ келди, хызмет етиң, — деди.

Ғайыптан балалар сәлем берип тайын болды. Ғарры қонаққа хызмет етиўди айтады. Патша көринген ўақыяға ҳайран қалады.

Патша ойланып турып, суў орнына сүт ишиўди қәлейди.

— Балам, не ишесең? — дейди ғарры.

— Сүт ишемен, сағындым, — дейди патша.

— Барып, пәленше бийкеден сүт әкелип бериң, — деди балаларына.

Сүт тайын болды. Патша пискен сүтти қанып ишти, қалғанын ыдысқа салып қоя берди.

Ғарры:

— Ерик жейсең бе? — деди.

Ишинен «ериги бар дейсең бе» деп ойлап:

— Жеймен, — деди патша.

— Балаларым, патшаға ерик әкелиң, — деди.

Балалар әкелип берди.

Ғарры:

— Балық жейсең бе? — деди патшаға.

Патша балықты жейтуғынын билдиреди. Балаларды балыққа жумсайды. Бир ләген балық таяр болды. Патша «сүт те, ерик те, балық та қалай таяр болды?» деп ҳайран болады. Патша жуп балықты алады. Ғарры буған қарап мыйығын тартып күледи. Патша:

— Ата, жылағанды сорма, күлгенди сор, деген еди, бизики әбеший болды ма? — деди.

— Жоқ, балам, ҳәўес еткениңизди айта бер, — деди ғарры. — Күлгенимниң мәниси, сени қорқыңқырап отырыпты дедим. Қазаға ырза, өлимге майыл, хәр нәрсеге қайыл болыў керек, — деди ғарры. — Бизлер перилердиң бабасы, — деди. — Бизиң қазанымыз қырық малға толатуғын еди. Сиз қудаға жыладыңыз, көз жасыңыз бенен бир ылақтың гөшине қырық маллық қазан толды.

Адамлардың кеткени, киргени елеспесиз, белгисиз. Патша қойылған тағамлардан жей берди. Ғарры тағамнан кейин балларына рухсат берди. Баллар қонақтың атын жайластырды. Патша серлеп қараса, жоңышқа гүдиниң қапталында аты отлап тур. Патша атының отлап турғанын көрип ҳайран қалады. Патша «ат суўсынғар шығар» деп ойласа, бирден жақын жерде суў пайда болды.

Патша кеўли жай болып, мешитте уйқылады. Түн жарпында патшаға түсинде биреў бир қолына гүл берди, бир қолына ул берди. Патша қуўанып, қымырсынған ўақтында бирден оны жолбарыс қуўды. Кейнине қашып киятырғанда алдынан таў қарнынан бөри шықты. Патша қаша берди, ҳаплығып бир суўдың бойына келди. Келсе, алдында дем шеккен айдарҳаны көрди. Қылышын қолына алып

www.ziyouz.com kutubxonasi

силтегенде патша ҳаўлығып оянып кетти. Түргелген ўақытта баяғы ғарры да турды. Патша көрген түсин ғаррыға бир-бир баян етти. Патша түсин айтты, ғарры:

— Гүлиң — қыз, улың — ул, көрген аўҳалың қутлы болсын, — деди.

Патша:

— Бәрекалла, ата, — деди. — Жолбарыс қуўды, бөри қуўды, айдарҳа көринди, бул не? — деди патша ғаррыға.

Ғарры:

— Ҳаялың да сол күни түс көрип, оның жолбарысқа, тарлан бөриге жерийтуғыны екен, айдарҳаға да жерийди екен. Сен оларды қолға түсирген екенсең. Ҳаялың он төрт айда туўады, балаң адам болады, бизге келген зияратыңыз қабыл болады, — деди ғарры.

Патша ғаррыдан рухсат алып кеткиси келди. Рухсат алып патша атына минди де қайтты. Патша аты менен аз жүрип, мол жүрип өз елиндеги ҳаялына дуўшар болды. Көрген ўақыяны ҳаялына бастан баян етти. Ҳаялы қуўанып қалды, ҳаял жолбарысқа, тарлан бөриге, айдарҳаға жеригенлигин айтты.

Патша ҳайўанлардан ҳаўлықса да, қазам болса өлермен деп, жолға раўан болды. Бир жерде бир жолбарысқа дуўшар болды, жолбарыс патшаны қуўды, бир жерге келгенде жолбарыс патшадан қашып жатты. Патша жолбарысты атып алады.

Патша бир ўақытта қараса, қусты қуўған тарлан бөрини көрди, буны ҳәм патша қолға түсирип алды. Бир ўақытта патша айдарҳаны сезип, қылышын тең тутып турды. Патша айдарҳаның деми менен оны тең бөлди. Айдарҳаның сырт қайсын, көкирегин кесип алды. Патша булардың ҳәммесин ҳаялына алып барды. Ҳаялы жерик асын жеп, жүрек баўыры жазылып елине келди. Ҳаялы бийкешлерине, абысынларына қуўанышын билдирип былай деди:

— Бизлер жүкли болдық, бийкеш абысын,
Көрип келдик қалың көлдиң қамысын.

Арадан он төрт ай он күн өткенде балалар туўылды. Баланың атын Қарабек, қыздың атын Ханбийби қойды. Әкеси төрелик етип отыра берди. Патша тамашаға батты. Еки бала өсти, бир күнлери сөйледи, ержеткеннен соң оларды мектепке берди.

Бул патшаның бир қалмақ деген душпаны бар екен. Алпыс жылдан бери душпаны жизия алады екен. Балалар туўылды деген соң душпаны аяқ баспайды.

Кәрўанлардан патшаның баласы басқа бир елдиң балаларының асық ойнап атырғанын еситеди. Бала қасына қырық түйени ертип, өзи де атын минип, алтын сақа, гүмис геже алып кете береди.

Барған жериндеги еллердиң балалары көплик етип, оның асығын утып алған күнлери де болады. Он омпадан бир омпа балаларға қояды. Балаларға патшаның баласы зорлық етти, зорлығына қасындағы балалар шыдамады. Оны сабаймыз дегенде де ол кеўил бөлмеди, таўдың тасы менен көп баланың алдына шықты.

Қорғасындай ериген,
Анасы аш бөриге жериген,
Бала таўдан тасты алады,
Балаларды қуўады,
Еки көзи алақлап,
Аш бөридей жалақлап,
Кейнинен қуўып барады.

Бир ўақта таўдың жырасында еки таз баланы көрди. Еки бирдей таз баланың қулақ-мурнын кесип, қайтарып жиберди. Бул еки бала Қаплан патшаның елине келди. Қаплан патша еситип қәҳәрленди.

— Жери қалың тоғайдың, өскен екен баласы ноғайдың, — деди Қаплан патша. — Муннан барайын, басына дөҳмет салайын, ер жеткен айдай қызын қатынлыққа алайын, — деп Қаплан атланады.

Қәдирхан патша түс көрди: душпан патшаның жалғыз улын, жалғыз қызын алып кетежақ екен. Патша қызынан кешип, оны он күншилик жолдағы Тасбулақ деген жерге қасындағы адамлары менен орналастырады.

Қаплан патша келе берсин. Ендиги гәпти ханның баласы Қарабектен еситиң. Ол аршын баслы қула атына минип, қалаға келди. Бурынғы ўақытта дәрўаза бекитиўли, онда шындаўыл турады екен.

— Ханның улы төресең, таң атқан соң ата-ененди көресең, — дейди.

Таң атқан соң, күн шашырап шыққан соң Ерик қалаға Қарабек келип, атын жиберип, дем алып жата берди. Уйқылап жатып Қарабек түс көрди, сиңлисиниң он күнлик жолға шығып кеткенлигин билди. Астында ала аты бар Қаплан қалмақты көрди. Орнынан қарғып турып, атына минип жүре берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Көлде қалың мырза бол,
Қулақта гәўҳар сырға бол,
Жан бар жерде қаза бар,
Өлсем, жоралар ырза бол, —

деп рәўан болып кете берди.

Ат басына күн туўса, суўлығы менен суў ишер, ер басына күн туўса, етиги менен суў кешер. Сиңлисине Қарабек келе берди. Елпең-елпең өрилди, узақтан қара көринди. Қарабек жолды кесип өтеди. Буны қыз сезеди, ағасының кетип баратырғанына ҳайран қалады.

Ҳақ бар жерде пана екен,
Мына йағына қараса,
Шөп шықпаған дала екен,
Бала узаққа карады,
Узақтан таў көринди.
Астында ала аты бар екен,
Түси жаман бәледей,
Мурынына қарасаң,
Еңбеклеген баладай

душпанды көрди.

Қаплан патша баланы көрип, жолболсын сорады.

Қарабек:
— Сал қулағың, едирек,
Атаңа нәлет, бәдирек,
Ханның улы төремен,
Ығбалға жылай беремен,
Мен алланың қулыман,
Қәдирхандай патшаның,
Тилеп алған улыман,
Сен ким боласаң? — деди.
— Қаплан патша мен деди,
Қәдирханға бараман,
Ханбийби атлы қызларын,
Ҳаяллыққа аламан,
Қарабектиң баласын,

Байлап қолға аламан, — деди.

Сонда турып:

— Қарабек деген биз, — деди.

Қарабек пенен Қаплан найзаласты. Биреўин биреўи өлтире алмады. Әрмансыз атысып өлгеннен гүресип өлген жақсы деп,

— Белге шылбарды буўайық,
Батырлық жолды қуўайық, — дести.
Қармақ киби қайысып,
Бақалағы майысып,
Бала ғайрат салады,
Ер еңбеги күйгенде,
Маңлай жерге тийгенде,
Ғайры деп қалай айтыўға болады,
Ҳәркимниң бар бабасы.
Айғыр киби айқасып,
Буйра киби шайқасып,
Гүресги қатты салады,
Тоғанақ ҳәмели менен,
Қарабектей мәрт палўан
Қапланды көтерип урады.

Қарабек дәўдиң көкирегине минип, шалмаға қайыл болады. Қаплан оны алдап: — Байлап елиңе апар, — деп жалынады.

— Буўын, буўын кес, қасықлап қанымды иш, — дейди ол.

Арадан әдеўир ўақыт өткен соң көп жол жүрип Қарабек Ханбийби отырған жерге дәўди айдап келеди. Ханбийби Қапланды саўғаға сорайды. Қарабек:

— Асар бийик аўымды, қозғама мениң жаўымды, — дейди.

Бирақ Қарабек сиңлисиниң кеўлин қыймай Қапланды саўғаға береди.

Қарабек атланып елине барады. Арадан ўақыт өткеннен кейин Қаплан түс көрип, оны Ханбийбиге баян қылады:

— Ат қуйрығын тарайман,
Ҳәр сегбирге жарайман,
Мына самал ишинде,
Жаңбыр жаўып баратыр,
Арасында қызыл қан,
Жаман өтип баратыр.
Ҳа, Ханбийби, Ханбийби,
Мына турған аўҳалды,
Енди сеннен сорайман.
Жипектен нәзик торқаман,
Шайырлыққа шорқаман,
Мына қызыл қанның тамғанынан,
Ханбийби нашар, қорқаман,
Бул аўҳалдан қорқаман,
Жанымды пидә етемен,
Басымды алып кетемен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айбат қатты, жан татлы,
Нашары қурсын, Ханбийби,
Басымды алып кетемен, — деди.

Сөйтти де Қаплан жолға рәўана болды. Нашар айқайды салып ақырды, орамал менен қол былғап, қыйқыўды салып шақырды.

Әне, нашар шақырып тура берсин.

Бул аўҳалдан хабардар болған Қарабек сезикленип бул жерге келип турған еди. — Шыбығынан шыртайын, қыршынынан қыяйын, жан шығардан атайын, — деп жатады.

Қаплан қайғыланып:

— Әй, бабаларым, булардың алдына қапы бол, — деп жалбарынды.

Аңызак көлдиң саласы,
Мусылман жоқ, бөтен жоқ,
Хәр кимниң де сол ўақта
Қоллаўшы екен бабасы,
Мустажап болды тобасы,
Аржағына сол ўақытта,
Өткерип салды бабасы,
Душпанынан қутылып,
Қаплан кетти жайына.

Буны көрип Қарабек Қапланның кеткенин билип:

— Мынаў ердиң изи бар, қарындасым азат қылып жиберген екен ғо. Азат қылғанға кимниң сөзи бар, — дейди.

Ер жигит сойерден түргелип, қарындасының үйине келди. қарындасы ағасына хызмет етти. Әне, батыр белине жарақ шалды, қашанғы отырсын.

Астындағы бедеў ат,
Астында турмай туўлады,
Мынаў турған мәрт жигит,
Таўға барып кийик, қулан аўлады.

Жигит усылайынша карындасының үйинде бола берди.

Ханбийби белине түрме шалады,
Қарабектиң душпаны,
Қапланнан хабар алады,
Бес күн жүзи толғанда,
Геў сандықты соқтырып,
Қаплан атлы батырды,
Геў сандыққа салады,
Геў сандықты апарып,
Боз үйине алады,
Көкиреги нашардың,
Жай болған соң,
Ағаға жәнжел салады:
— Тасбулақ деген жайлаў бар,
Малдың жайы деседи, — деп,
Нашар қыңырлық қылады,
Көшпеге қайыл болады.

Ағасы «көшпеймен» дейди, «елатқа көшейик» дейди. Қыз «Тасбулаққа көшейик» дейди. Батыр оған ўәж айтты, нашар оған кенапаттай сөз айтты. Ер жигит «жылатпайын сиңлимди, қыз да болса инимди» деп, сол булаққа көшеди.

Булаққа конды. Малын отлы жерге салды. Атын минип алып ер жигит жақын жерде жаў бар ма, таў бар ма деп жән-жақты серлеп, қарындасының үйинде бола береди.

Батыр жән-жағына қарайды,
Қарындасы, сиңлисинен,
Неге азып кеттиң? деп,
Сол ўақытта сорайды.

Сол ўақытта қарындасы:

— Кеше күндиз назғанам,
Еки қолымды созғаным,
Бала күнди, ойынды сағынып,
Усылай ғана азғаным.

Кеше күндиз жайлайман,
Белимди беккем байлайман,
Бала күндеги ойынды,
Сениң менен ойнайман.

Қол гүрмек деген ойынды,
Тас булақтың бойында,
Ағам, басында ойнайман, —деди.
Батыр еки қолын байлатты,
Қол гүрмек ойынын ойнатты.
Ағам үзип кетер деп,
Маған зәлел етер деп,
Солқылдаған сым менен,
Беккем қылып байлады,
— Тартшы, аға, тарт, — дийип,
Ханбийби нашар ойнады.
Тартып батыр көреди,
Үзе алмасын биледи,
Ер маңлайын жыйырып,
Қағып, тартып көреди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийниндеги сымлары,
Таслады мәрттиң,
Терилерин сыйырып.
Мынаў сөзлер жағады,
Батыр туўған жигиттиң,
Етинен қанлар ағады,
Ағасының қыйналғаны,
Ханбийби атлы нашарға,
Сарымайдай жағады.
Сонда батыр:

— Ҳә, қарағым, қарағым,
Ханбийби атлы шырағым,
Ескен самал өтеди,
Душпанның қалың шети еди,
Еки қолым шеш, сиңлим,
Қолым байлаўда турғанда,
Мынаў турған көп душпан,
Сени алып кетеди.

Үзилмесин биледи,
Ханбийбидей сиңлиси,
Ғарқылдап кеп күледи.
Ат қуйрығын тарамай,
Ер кеўнине қарамай,
Ханбийбидей сум нашар,
Үйге жүрис қылады.
Есикти Ханбийби түреди,
Сандыққа қарап жүреди,
Геўсандықтың аўызын,
Ханбийби нашар ашады.
Ерте туўған мазыдай,
Ишинен шықты Қапланын,
Кисиге шабар тазыдай,
Шашларына қарасаң,
Қырқылмаған қозыдай,
Жолдың шаңын суўырып,
Жарағын алып қолына,
Қаплан келди жуўырып.

Таң мезгили тәризли,
Қаплан патша еди,
Қарабектей батыр ер,
Патшаға салды арызды:
— Өз тыйығым өзиме,
Көринбей кетсин шийрин жан,
Әдыра қалғыр көзиме,
Жаў қуралы беш қурал,
Бешеўин барып ал, — деди,
Оқ атым жерге бар, — деди.
Өз тыйығым өзиме,
Көринбесин шийрин жан,
Қаплан, мениң көзиме,
Инанабер сөзиме,
Инансаң мениң сөзиме,
Жаў-жарағымды ал да,
Ата бер мениң өзиме, — деди.

Сонда Қаплан:
Сары жайды алады,
Қорғасынлы оқларды,
Ол гириске салады,
Тартып келип қалады,
Аңызақ-аңызақ жебени,
Алдындағы төбени,
Аўдырып келип киятыр.
— Қәдир ҳақлы илайым,
Нашарға жоқ гүнайым,
Яр болды маған қудайым.
Оклар тиймей қалады,
Қудайы пана болады,
Сонда турып дәўлериң,
Қуйылған оқ қорғасын,
Ол қолына алады,
Ақ мылтықтың аўзына,
Биссимилла демей-ақ,
Әрли-берли салады,
Қаплан атқан оқлары,
Ол ҳәм тиймей қалады.

Енди ҳәр жеринен қазандай қулақ шығарған шоқмары бар, алтмыш батпан темирден, он сегиз батпан көмирден ериткен устасының жағдайы бар. Ақ шоқпарды Қаплан қолына алады, «майда-майда қылайын» деп батырдың қасына барады. Қолына гижинип турып шоқпарды ҳақыйқат алады, шүй төбеге салады, шоқпар тасқа тийгендей кәр етпей шоқпар турады. Қайқайып Қаплан турады, үш мәртебе урады, өлтире алмасын биледи, ғарқылдап душпан күледи. Сонда Қаплан:

— Бәнт қылмағай хеш ўақыт,
Сениң енди қолыңды,
Алла ашсын жолыңды,
Мен шешейин қолыңды, — дейди.
Анда турып Қарабек:
— Аттың басы қағысқан жерде,
Бетиме салық қыларсаң,
Шештирмеймен қолымды, — деди.
Сонда Қаплан:
— Бетке салық қылмайман,
Еки қолың шешкеним,
Шийрин жаннан кешкеним,
Мени, батыр, өлтир, — деп,
Маған ийман келтир, — деп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шешилгенин шешеди,
Шешилмесин кеседи,
Сөйтип жүрип батырдың,
Еки қолын шешеди,
Шийрин жаннан кешеди.
Онда да бар бес жарақ,
Мунда да бар бес жарақ,
Күйгелектей күйеди,
Мынаў турған жарақты,
Алдына әкеп үйеди.

Сона Қарабек:
— Қайғылы күн көп болмас,
Сени өлтирген менен,
Айдарҳалы қара жер толмас,
Буғырақым мәртлик қылып един,
Сени өлтирип болмас.
Сабуў гүллер тергеним,
Ашна болған ярыңды,
Саған, Қаплан, бергеним,
Сабуў гүлди тергеним,
Булақтағы малымның,
Бир жағын да бергеним.
Кеше-күндиз журтыңа,
Ҳеш бир адам келмесин,
Ашныңды да ал, малыңды да ал,
Қайта бер Қаплан журтыңа.
Енди Қаплан:
— Ҳеш нәрсе келмес журтыма,
Өлтирмесең, қайтпайман,
Қарабек батыр, журтыма.
Мени усы жерде өлтирип,
Таўда жайлап қойып кет,
Әўлийе етип көмип кет,
Оннан бөтен сени,
Жибермеймен мен, — дейди.

Қарабек:
— Дағда гүлди тергеним,
Малымды, қарындасымды,
Бар-жоғын, Қаплан, саған бергеним,
Қайта бер, — деди, — елиңе.

Енди Қапланның қайтпасын биледи, ғарқылдап батыр күледи. — Мәрт екен ғо бул заңғарым, — деп Қапланды Қарабек босатып жибереди. Қарабек елине қайтады.

Ендиги сөзди Қарабектиң елинен еситиң. Қарабек киятырса, Ажырық деген қулды ушыратады. Ол Қарабекти көрип қашады. Қарабектен қашып, бир оқпанға тығылып, батырдан қорқады.

Қарабек:
— Оян-буян қарайман,
Ҳәр сегбирге жарайман,
Қәдирхандай патшаның,
Пайтақ елин сорайман.

Ажырық:
— Қайғу билен солурман,
Көрмегенге көп гүман,
Сен бир несин сорайсаң,
Басқа түсти ақырзаман.

Қарабек:
— Кешеги күнниң әнисин,
Айтып бер гәптиң мәнисин.

Ажырық:
— Қайғу билен думанды,
Күнде көрип турғанбыз,
Мудам ақырзаманды,
Батыр елден кеткенде,
Сол булаққа жеткенде,
Соннан бери ай жүзи,
Басымызға күн туўды.
Сағыў күнде сорлықты,
Патшаның үлкен қулы еди,
Қодар қулдан, қәйтейик,
Көрип турмыз қорлықты.
Таўда қайнар булаққа,
Кемпириң салды ылаққа,
Кеше күндиз Қатшаны,
Қой бақтырды, қәйтейин,
Қәдирхандай патшаны.
Айырлы күн муз туўды,
Қарабек елден кеткели,
Барша атлы анасы,
Қаныша деген қыз туўды,
Қыз туўғалы, қәйтейик,
Басымызға күн туўды.
Кеше-күндиз гүллия,
Қәдирхандай патшалар,
Қасықлап жыйнаған дүнья,
Дәрья кепли тасып тур,
Қодар қулдай жездемиз,
Ханның енди қасықлап ,
Жыйнаған бул дүньясын,
Бир шөмишлеп шашып тур.
Қабуў күнлер қалмақта,
Қодар қулдың еси-дәрти,
Қаныша қызды алмақта.

Қарабек бул жерде хабарды еситип, Ажырық қулды таслап, шопанларға жетти. Шопанларға барып:
— Малымды баққан малшысаң, жанымды баққан жаншысаң, маған кийиминди берип тур, қарағым, — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Балалар кийимимизден айырылып қаламыз деп қорқады. Бир бала тәўекел қылып, кийимсиз-ақ қалайын, деп кийимин шешип береди, болажақ исти бир алладан көреди. Кийимди кийип алып Қарабек шопан мысалында Қодар жатқан үйге томпаңлап жорта береди. Қарабек патшаның үстине барды.

— Тақсыр ханым, дат — деди.

— Арзың болса, айт, — деди.

Қарабек:
— Есик алды мешитим,
Тасбулақ деген булақта,
Қарабек деген батырдың,
Өлгенин бир кәрўаннан еситтим.
Енди өзим орайман,
Шүйинши сеннен сорайман.

Сол ўақытта жездеси басын көтерип:
— Ырас болса усы сөзиң, шырағым,
Дағда гүлди тергеним,
Нақ инимдей көргеним,
Даладағы қырық қазан,
Қырық қазаннан бир қазан,
Шүйиншиге бергеним.

— Қуллық, — деп бала шығып кетеди. Бала оян-буян жарайды, қырық қазанды қарайды. Киндигин кескен шешеси бар еди, кемпир от жаққыш болған екен. Сол шешесин таўып алып оннан қазан сорайды. Кемпир сонда не дейди:

— Жипектен нәзик торқамыз,
Патшамыздан қорқамыз,
Ырас болса сөзиңиз,
Иркилип тур өзиңиз,
Барып соған келейик,
Әрли-берли өзимиз.

Әне, сол ўақлары бала,
Бир қазаннан өтеди,
Кемпир сорайын деп кетеди,
Қазанның қолайын Қарабек алады,
Оң қолы менен салады,
Шеп қолы менен хәм салады,

Батырдың дәстине түскен қазан,
Неғып аман қалады?!
Батыр ишиндегини жеп,
Қазан қаңырап босқа қалады.
Топар-топар жигиттиң,
Даңқырап айтқан сөзине,
Батыр қулақ салады.
Сыпсың-сыпсың жигитлер,
Сөз сөйлесип барады:
— Қарабек атлы батырдың
Қарындасын бир бала таўып
Айтыстырсақ қалай болар
Екен, — деп сөйлесик қылады.

Қарабек қулақ салады. «Мен Қаныша менен айтысайын» деп мәрдикары болып турады. Әне, қорқпай-үркпей бала айтысыўға барады. Қарабек Қаныша жатқан үйге барған ўақтында баслап сөзди айтады:

— Әўел айың,
Аўзы нәхән қуба нар шөлге қайым,
Қаныша, олай-былай қыйсаңлама,
Өзиңе қутлы болсын Қодар байың.

Қаныша:
— Әўел айым,
Аўзы үлкен қуба нар шөлге қайым,
Ағамды тас булақта өлтирипти,
Қәйтейин, ҳақ яратқан бир қудайым.

Таў гүлин гия қылып терер едим,
Ағамды сол өлтирген Ханбийбини,
Яратқан тири босам көрер едим.
Ағамды тири деген хабар келсе,
Жанымды шүйиншиге берер едим,
Өлтирген урғашыны көрер едим.

Есиктиң алды мешитти,
Жақсы-жаман хабарды,
Қодар қул патша еситти.
Енди бирдей күн туўды,
Қозылы қойдан жүн туўды,
Қодар қулдай патшаның,
Бул басына күн туўды.
Қашпаққа болды талабан,
— Қашқан менен әлеўмет,
Енди қайда бараман?
Талан-тараж етейин,
Жылқы баққан жериме,
Кең қайырға кетейин,
Жанға ҳамал етейин,
Шоқ жылқыма жетейин, —
Деп Қодар қул кетеди.

Шоқ жылқыға Қодар қул бара берсин. Ендиги сөзди Қарабектен еситиң. Қарабек балалардың кийимин кийген аршын баслы қула атқа минип Қодарды қуўады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Изинен қуўып ер султан,
Қарабектей арыслан,
Қодар қулдың кейнинен,
Жетип барды сол заман,
Қарабек атлы палўан
Сонда батыр сөйледи:

— Мынаў турған немеси,
Аялы қолдан май берди,
Тар төсектен жай берди,
Болды ма енди майданда,
Сол анамның кемиси?
Пияда бизди жүргизбей,
Ат мингизди хан атам,
Патшалықтың жемиси,
Неден болды, қәйтейин,
Сорлы атамның кемиси?

Ойлап келип қарасам,
Қул қутырса майданда,
Қармақ салар, деп еди,
Қул қутырса, шырағым,
Көтиңе бармақ салар, деп еди,
Орайлы түп ойнына,
Гүнанды қойдым мойныңа,
Сабуў күнлер сатамның,
Қурышы қансын атамның, — деп,
Геллесин қырқып алады.

Қодардайын қуллардың,
Лашы сонда қалады,
Қурышы қансын атамның деп,
Қодардайын қуллардың,
Кесип алып геллесин,
Бөктергиге таңады,
Сабуў күнде саралап,
Таўы-тасты аралап,
«Қайерде отыр бу ғарры,
Бир төбени паналап» деп
Қарабектей батыр ер,
Атасын излеп барады.

Аршын баслы қула атын бир жерге байлап, ғаррыға шықты қолайлап.

Белге кәмар шалады,
Қәдирхандай патшаның,
Аяғына маңлайын
Тийгизип турып,
Қарабектей ер жигит,
Қолынан барып алады.

Сонда патша сөйледи:
— Сабуўлы күнниң саллары,
Күнде алдап турыпты
Усы журттың баллары.

Қарабек:
— Қызыл гүллер лөкбеди,
Батыр туўған баланңның,
Ҳеш нышаны жоқпеди?

Патша:
— Қошқар болып жаныр-ем,
Көрсем балам таныр-ем,
Бедеўдиң қыңыры питкен жаллары бар,
Баламның маңлайында қаллары бар,
Өзиниң мың кисилик ҳаллары бар.

Бала атасына жақынлап, өзиниң басын көрсетти. Қәдирхандай патша баласы екенин таныды. Күйгелектей күйди, баласын сүйди. Патшадан ес кеткенин батыр билди. Батыр ғаррыны оң ийнине салды, арқалап алды.

Тулпар менен иси жоқ,
Хабарласар киси жоқ,
Қарабек анасын излейди.
Излеп киятырса,
Бир төбениң басында,
Дым адам жоқ қасында,
Анасын көрди.
Ғәрип туўған анасы,
Көзде жасын булайды,
Жалғызым елде ме, — деп,
Емшегим ийип баратыр ғой, — деп,
Ботадай бозлап жылайды.
— Жалғызым елге келгенде,
Бедеў минип желмес пе,
Бизлерди излеп келмес пе, — деп,
Еңиреп жылай береди,
Баршагүл атлы анасы.

Қарабек батыр анасының жылап турғанын көрип, баўыры езилип:

Арқасында атасы,
Сөзиниң өмиринде жоқ қатасы,
Суўдай тынық санасы,
Алдына жетип барады,
Қарабек атлы баласы.

Баланы көрип анасы перзенти екенин бирден таныды. Анасы «шырағым» деп көзиниң жасын моншақлап, қулыным деп қушақлап, Баршагүлдей анасы есинен танып жығылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Омыраўда көбик алқалап,
Еки бирдей қарияны,
Қайта берди Қарабек,
Ийнине салып арқалап.
Кеше-күндиз жол жүрип,
Жаўға минген тулпарын,
Қайта берди жетелеп.
Енди буннан келатыр,
Баяғы Қодар қул аламан деген,
Қаныша деген қыз бар,
Еси аўып жығылып қалғанын,
Өлең айтысып батырдың
Өзи көрип кетип еди ғо,
Көрип кеткен ер жигит,

Ендиги гәпти Қарабек атлы батырдан еситиң.

Қайғылы күнди күлдирди,
Қәдирхандай атасын,
Алтын тахқа миндирди,
Қарабек атлы ер султан
Батырлығын билдирди.

Ендиги гәпти Қанышадан еситиң.

— Өлсем өлип қалайын,
Ханбийби атлы апамды,
Қарқыратып шалайын.

Қарабек:
— Қайғылы күн қалайын,
Гәпине қулақ салайын,

«Нашардың сөзи ырас па,
Өтирик пе» деп сынамаға киятыр.
Келип көрди ер султан,
Ели есин жыйнай алмай,
Жатыр екен нашар жан,
Еки бирдей қарияны,
Сол майданнан арқалап,
Үстине келди нашардың,
Қарабектей мусылман.
Ақ жипектей есилди,
Үш те муңлы қосылды,
Сол үшеўи қосылып,
Әрманның дәрти басылды.

Кең Қайыр деген далада,
Қодар қулды өлтирди,
Баяғы достысы Қаплан ер,
Достын елге келтирди,
Қаплан менен дос болды,
Басқа менен қас болды.

Бирге туўған курмаған,
Ханбийби атлы нашарды,
Сеннен тилеп алайын,
Оған тийме, шырағым,
Екеўиңизге де бирдей,
Мен пәрмана болайын.

Әне, батыр муны айтқан соң Қаныша ағасына бата алмады, Ханбийбини өлтире алмады. Батыр еки қарындасын жарастырды. Ғаррыларына бир келин алып бериўди ойлады.

Қарабек:
— Орай түби ой болды,
Онын кейни, жигитлер,
Уллы майрам той болды.
Биреў арман жүреди,
Биреў берман жүреди,
Санаўлы күни курысын,
Зыңлап өте береди.
Арадан енди, жигитлер,
Нешше күнлер өтеди,
Қайғылы күнлер жетеди.
Қарабек атлы батырдың
Ханбийби атлы сиңлиси,
Қула дүзде сол жүрип,
Егиз перзент ул туўады.
Ай жарқырап, күн туўды,
Кешеги күнги булытты,
Ханбийби атлы нашарын,
Қарабек атлы ағасын,
Қып-қызыл отқа атса да,

Соншама дәртин умытты.
Айдын көлден суў алды,
Қарабек атлы ер султан,
Сиңлиси еки ул тапқан соң,
Шешеси еки ул тапқандай,
Ўақты хош боп қуўанды.
Быйыл бир жыл өтеди,
Жарын хәм бир жыл өтеди,
Оннан соң жыллар өтеди,
Үш жылға күнлер жетеди,
Үш жасына шыққанда,
Алла берген сол баллар,
Жуўырып ойнап кетеди,
Қарабек атлы батырдың,
Төбеси көкке жетеди,
Қәдирхандай атаға,
Жас жигитлик жетеди.
Ақлық көрген аталар,
Қорғасындай ериди,
Ақлық көрмей кеткенлер,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрман менен өтеди,
Ҳеш нәрсе көрмей кеткенлер,
Жылаў менен кетеди,
Сөйте-сөйте, жигитлер,
Күн бес жылға жетеди.
Күн бес жылға жеткенде,
Ханбийби атлы сум нашар,
Бир сумлыққа кетеди,
Ҳийле менен Ханбийби,
Жылқы алып батырдан,
Журтына қашып кетиўге,
Енди ҳамал етеди.
Қайғылы күн неп болмас,
Бес жылқы алсам көп болмас,
Және бес жылқы алсам көп болмас,
Қарабек атлы ағамнан,
Еншимди алсам шеп болмас.
Қайғылы күн көп болмас,
Айтқан сөзим шеп болмас,
Жол азыққа, кәнекей,
Он жылқы алсам көп болмас.
Бәрин енди есеплеп,
Отызға жетти алғаны,
Алған барлық жылқылар,
Ханбийбиге көп болмас.

Сонда турып Ханбийби
Патшаның журтын жайлады,
Хәрқыйлы сумлық ойлады.
Жанды пидә етеди,
Ханбийби атлы қыз нашар,
Едирейген суўпының,
Елаты бар сойақта,
Соған енди кетпекке,
Ханбийби талап етеди,
Қалай шығып кетеди?
Оян-буян тарады,
Тулпар күнге жарады,
— Қабақларың үйилип,
Сарғайып кеттиң, шырағым, — деп,
Арсыз туўған ержигит,
Сиңлисинен сорады.

Ханбийби:
— Сарғайғанның себеби,
Бардур, аға, себеби,
Сарғайғанның себебин,
Енди саған айтайын,
Айтпай саған қәйтейин.
Садаққа салған емкәрдиң,
Ана киши сиңлиңнен,
Мени оннан кем көрдиң.
Пайтах жатқан елиңде,
Сиңлиң жүр туўған елинде,
Кеше-күндиз дийдиңде,
Жантақлы-жапан жеринде,
Мен жүриппен, жан аға.

Батыр Қанышаға барады:
— Ҳа, қурағым, қурағым,
Таўда қайнар булағым,
Екеўиңе де майданда,
Теңдей болған шырағым,
Үлкен адам өкпесин,
Айта қойды шырағым,
Қуўмасаң бойма аўылдан?

Қаныша:
— Батыр аңқаў, ер гөдек,
Гөдеклигиңди билемен,
Соншама душпанлық,
Ханбийбиге қайырхомлық,
Қылған жериңе,
Ғағырлап, аға, күлемен...

Оны батыр аңламай, айтқан сөзин тыңламай, жүре береди екен, «Ханбийби маған душпанлық қылып не қылады екен» деп. Әне, өзенли суўда өткеншек, екеўи де жеткиншек. Сол жеткиншеклер саў болса, Ханбийби маған душпанлық қылып не қылсын, — дейди екен батыр. Ханбийби ишинен:

— Сайыўлы күн жетирермен,
Қалай батыр болсаң да,
Ҳийле менен, хан аға,
Ақырсында өлтирермен, — дейди екен.

Оян-буян шаптырып,
Жоқ затыңды таптырып,
Еки балам саў болса,
—деп ойлайды екен.
Келлеңди, аға, алармаң,
Қай ўақта да шаптырып, — дейди екен.

Муннан енди Қыртыңнан,
Шығынағойса балларымды,
Алып енди журтыңнан,
Бирим-бирим қалдырмай,
Жулдырарман муртыңнан,

Әне, Ханбийби Егизбай менен Сегизбайды ертти, батыр жоқта отыз жылқыны алып қашады. Жол-жөнекей жылқыларды сойып жеп кете береди. Баяғы қалмақтың елине барады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қапланның елине барып, Ханбийби еки баланы темир үйге салады. Буяқтан изинен қуўып Қарабек барады, Қарабек қалаға барып хабарласады. Ханбийби қалаға қараўыл қояды.

— Ағамның аты да, өзи де келмесин, умтылғандай болса, атып өлтириң, — дейди.

Батыр буны биледи. Узақтан қашыңқырап турады. Ханбийби далаға әскер менен шығады. Егизбай, Сегизбай бәнтте жатады. Батырды Ханбийбиниң әскерлери қоршап алады. Батыр ай бетине, күн бетине жарақ силтеп, сол халықты қорқытады. Көп көплигин қылып, ерге шашыраған оқ тийип, жарадар болады. Бирден қулап жығылмады. Ханбийбиниң жығыны қалаға барып тығылды. Батырдың бойы суўыды, аттан қулайтуғын болды. Астындағы атқа минип, Шымдыған деген булаққа келди. Батыр өлер ҳалатқа келди. Қалмақлар қаласын қоршап жатады. Қарабектиң ҳаялынан бала дөрейди. Тири жетим Шымдыған деген булаққа атасын излеп келеди, ол атасына тез барып, аллаға жылап, атасы қәддине келеди. Атасы «қайтайық» десе де баласы:

— Бир кисиге бир көп, ҳақтың алған тәңриси Ханбийбини алып қайтайық, оны шалып қайтайық, — дейди.

Қараша сол журтқа атланады. Қараўыллар турады. Еки батырға дадыман айта алмай ҳайран болды. Қарабектиң аты ырғып, Қарашаның аты да ырғып, қарғалыққа минеди. Еки бөри қаланың ишине еңтерилди.

Қарыўлы ғайрат салады,
Қорқақ өлип қалады,
Еки бөри кирген соң,
Пайтақ жатқан қаланың,
Неси аман қалады?
Дәрўазадан шубырысып,
Аламан деп қалмақлар,
Бағыныўға мәслаҳат қылады.

Қалмақлар бағынды. Оқ атпаслыққа тәўбе қылды. Тирисин Қарабек журтына айдады. Саўашқа түскен адамлар күйеди де писеди. Қарашаның ядына Егизбай менен Сегизбай сол ўақытта түседи. Қараша оларды излейди. Сол ўақлары жердиң астында Егизбай менен Сегизбайдан саза келеди. Әне, Қараша жердиң астын бузып, Егизбай менен Сегизбайды шығарып алды. Үшеўи Қарабектиң үстине барды.

Қалада адам қалдырмай,
Аўыр жүкке жигитлер,
Өмирде қолын талдырмай,
Жолға рәўан болады.
Қайғылы күн келе алмай,
Ҳеш нәрсени биле алмай,
Еки бирдей баладан
Ханбийби ерип киятыр,
Басқа жақта қала алмай.
Арадан күнлер өтеди,
Тойтөбе деген төбеге,
Көшти айдап жетеди,
Тойтөбеге келгенде,
Ғамгүн дүнья ғаўлайды,
Қараша атлы баланы,
Енди қыял таўлайды.
Кеше-күндиз геллесин,
Алмаға қыял баслайды,
Ханбийбиниң геллесин,
Қылыш сермеп изине,
Қарамады нашардың,
Өмиринде жүзине.

Қарабек:

— Мынаў турған кең дала,
Кеше-күндиз суў шала,
Өлтирип келгил сиңлимди,
Кишкене ғана жас бала.

Қараша:

— Еки қолынды байлады,
Қол гүрмек ойын ойнады,
Күниң толмай, түн толмай,
Бир қазаға айдады.
Ҳаўадан жамғыр тырламас,
Султан сүйек қорламас,
Лашын қарға менен қузғынға,
Берип келдим, хан аға,
Келлесин алып келемен,
Қызыл, қызыл, қызыл гүл,
Келлесин алдым апаңның
Ендигисин өзиң бил, — деди.

Қарабектиң ишине дәрти сыймады,
Шабайын десе майданда,
Баланы көзи қыймады.
Бала аман қалады,
Қудайы пана болады,
Ханбийбиниң лашлары,
Тойтөбеде қалады.
Қолға алған душпанын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айдап жолға салады,
Жаманның гәпи ем емес,
Төртеў болды батырлар,
Биринен бири кем емес,
Айдап жолға салады,
Саў-саламат елине,
Отыз күнде барады.
Кеткени, жүргени,
Алты айға жеткен екен,
Мына турған елаты,

Ботадай бозлап жылады,
Мынаў турған батырлар,
Қәдирханның елине,
Аман-есен қулады,
Ғәрип-қәсер қушақласып,
Көзиниң жасын булады,
Дослар бирге болады,
Қуўанышлы күн туўады,
Ертедеги усы сөз
Дәстан болып қалады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

65 - ТОМ



# БЕКИМБЕТ БАҚЫНЫҢ БАЯЗЫ

*Рәмберген Хожамбергенов*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Ылақалы» Қоңырат жаптың бойында,
Шоманайлы Еримбеттиң тойында,
Ережеп ертекшил деген ғаррының,
Айтқанлары көз алдымда, ойымда.

Еситкеним еле есте толық тур,
Жазбағаным көкирегимде толып тур,
Ишиндеги "мынаў қалай" дегенин,
Жәриялаўға кеўилим қумар болып тур.

Тыңлағаным қулағыма қонып тур,
«Қонған гәпке халықларды молықтыр,
Жуғымлы сөзинди жасыра бермей,
Жүйрик болсаң, журтшылыққа жолықтыр.

Халықлар оқысын китап, хатыңды,
Журтшылық билсин хаттан атыңды,
Шайыр болсаң шығарып кет халыққа,
Ишиндеги сөзлеринди татымлы».

Деген қыял кеўилимди тербеди,
Қәлемим қолыма ерк бермеди,
Ерип алып қәлемимниң кейнине,
Қыялым жоқары қарап өрледи.

Олай болса, журтшылығым, ал енди,
Тил қозғалып, көмекейге жан енди,
Ой-қыялым бирдей келип, қолдағы,
Жолға салып қоя бердим қәлемди.

Айтыўшыда хеш кемис жоқ, ал бирақ,
Бизден қалып қойыў мүмкин албырап,
Болғанлықтан бул биринши мийнетим,
Кемисин кеширип, халқым, сал қулақ.

Айтқанларын алжаспадым, бузбадым,
Қысқартсам — қысқарттым, бирақ созбадым,
Ережептиң бир ертегин ел ушын,
Қызыл тилге күш салдым да қозғадым.

Халықларым, көптен бизиң ойдағы,
Еситкен ертегим мынаў сондағы,
Кемпир, ғарры, әсиресе жасларым,
Тыңлай бериң, қулағынды қойдағы.

***

Дасларым, бурынғы өткен заманда,
Мәгер болса, қала емес, жабанда,
Залымлар зор болып, бийлеп жәҳәнди,
Жарлылар зар жылап жүрген табанда.

Бул айтылған сөз емес тек сағымға,
Шымбай қаласының арғы жағында,
Не ақыллар, не даналар өтпеген,
Халықлардың саўатсыз, надан ўағында.

Бизиң қарақалпақлардың елинде,
Еллериниң ең бир толық жеринде,
Берги жағым — Шымбай, аржағы — Тахта,
Екеўиниң нағыз орта белинде.

«Қараой» дегенди алған қойынға,
«Бозатаў» дегенниң арқа бойында,
Жақын болса керек сол жерлердеги,
«Қарабуға» менен «Қарамойынға».

Дөрелип атадан, туўылып анадан,
Жақты жалғаншыға шығып жаңадан,
Бир күни Бекимбет деген бир адам,
Жаратылып бул дүньяға келипти.

Атасын, анасын серлеп билиўден,
Қәддин тиклеп диңкесине ениўден,
Ойнап-күлип камалына келиўден,
Бекеңниң басына бахыт қонып ты.

Бахыт қоныўдан-ақ келип нәўбети,
Қапталынан қалмай сазы-сәўбети,
Басына берк орнап байдың дәўлети,
Қорасы мал менен лыққа толыпты.

Жолдас болып журттан асқан хан менен,
Сырлас болып сыпайылық сән менен,
Уралары толып түрли дән менен,
Заманында асқан бир бай болыпты.

Аяқ жетер жерге кетип атағы,
Атағы өрлеген, шықлай шатағы,
Буннан да армаған өтип лақабы,
Төрт түлиги тең сайма-сай болыпты.

Басына қонып зор дәўлет,
Дәўлетти берген қудирет,
«Кимсең» десе «Бекимбет»,
Болыпты да турыпты.

Биреўи шықса апалап,
Биреўи шыққан аталап,
Мийўасы питип шақалап,
Өзи де өсип-өнипти.

Аз ғана емес, көп екен,
Балаға кеўли тоқ екен,
Перзенттен кеми жоқ екен,
Үш ул, үш қыз болыпты.

Күн көрген қыйнамай жанды,
Жүрмеген жыйнамай малды,
Балаларының ең алды,
Тоғыз жасына келипти.

Ортаншы улы жетиде,
Ер жетти бала жетиле,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қан жуўырды бетине,
Жети жасына кирипти.

Кишкене улы бесинде,
Ҳеш нәрсе жоқ есинде,
Балаларының ишинде,
Бул да ойнап жүрипти.

Үш қызы бар үшинде,
Бәри де өз күшинде,
Билинбей басқа кисиге,
Үшеўи де жуўырып жүр,
Усы үйдиң ишинде,
Алдынан қылып үмитти.

Бекең белди буўынған,
Тил менен көзден туйынған,
Жуўырысып жүрген үш қыз да,
Айшагүлдиң қарнынан,
Бир күнде егиз туўылған,
Жарқыратып булытты.

Ҳийлени Айша асырып,
Қоңсы-қобадан қашырып,
Көз бенен тилден сақланып,
Егизек бул үш қызды,
Жүрди халықтан жасырып,
Алдап-арбап бул журтты.

Қызға қәлем тартпадым,
Тартыўға да батпадым,
Атасы менен анасы,
Журттан жасырып жүрген соң,
Мен де атын айтпадым,
Билген соң минез-қулықты.

Жалған демең бул сөзди,
Билгенлер айтар үш қызды,
Билмегенлер тек ғана,
Үш улы бар деп жүрипти.

Баласы жоқ бесикте,
Таң қалмаң халқым несипке,
Гилем, палас есикте,
Төселиўли турыпты.

Минекей бул үш бала,
Атаға болып күш ғана,
Дәўлетке болып дус ғана,
Ес-ақылына енипти.

Үш ул, үш қыз жас бала,
Қайғысыз-ғамсыз мәс бала,
Ойнап-күлип мәс ғана,
Тоқсан түрге дөнипти.

Балаларды «пырағым» деп,
Гил қызларды «шырағым» деп,
«Мақсет пенен мурадым» деп,
Ата-анасы жүрипти.

«Қол-қанатым, қарағым» деп,
«Бой сыныңа қарадым» деп,
«Узақ жаса, шырағым» деп,
Балаға кеўилин берипти.

Келгенде елдиң шетине,
Ғайрат кирер етиңе,
Балаң күлсе бетиңе,
Босатпай ма берикти.

Жарлы болсаң қыйынды,
Көре алмайсаң жыйынды,
Адамның сәни кийимди,
Кекилине зерден өрипти.

Атаға дәўлет қонған соң,
Балаға кеўили толған соң,
Кекили зерден болған соң,
Байлады баллар көрикти.

Шыққанда орта жасына,
Қурбысын ертип қасына,
Атаға тартып басына,
Қағып кийди бөрикти.

Баланы қосып қатарға,
Жүрсин деп шалқып қатарда,
Жылаўын таққан ат-арба,
Миндирди сазлап көликти.

Бирдей хорлық көриў жоқ,
Зорлыққа мудам көниў жоқ,
Ҳәмме ўақыт күлиў жоқ,
Тириге өлим серикти.

Түсип гүзар жолына,
*Жолдың шығып солына,*
«Қурығын» алып қолына,
Бир күни ажал келипти.

Ажалдың қулап жар тасы,
Шайпалыпты ортасы,
Анасы менен атасы,
Екеўи бирден өлипти.

Тоқсанына толмай-ақ,
Жүз жасына бармай-ақ,
*Ақлықтан шаўлық көрмей-ақ,*
Өмири тамам болыпты.

Қарай ма ажал илимге,
Илим менен билимге,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Не илаж бар өлимге,
Тәғдир солай дөнипти.

Атасы менен анасы,
Ғамхоршысы, панасы,
Қос өлиге баласы,
Не қыларын билмей қалыпты.

Бекимбеттиң алғаны,
Қағып төсек салғаны,
Үш ул, үш қыз болғаны,
Сегизи отырып қалыпты.

Балалары қасында,
Алды он бес жасында,
Сегизи ошақ басында,
Ойласықты салыпты.

Ақылласларға аға жоқ,
Сырласарға ини жоқ,
Ағасыз ердиң күни жоқ,
Қапаланып қамықты,

Өли жатыр көсилип,
Бекимбет отыр қысылып,
Айшагүл буған түсинип,
Хабарлады халықты.

Еллери еситип билгенше,
Халқына хабар бергенше,
Журт жыйналып келгенше,
Бекен жүдә тарықты.

Еллердиң ерек-алысы,
Жолдың да бурыў-шалысы,
Еситкенше танысы,
Тарығып Бекен зарықты.

Айшагүлдиң хабары,
Тум-тусқа кетти шабары,
Еситкенлер ығылды,
Жерге тиймей табаны.

Жап бойы бир сағалы,
Инили менен ағалы,
Тум-тусы қалың ел еди,
Бир отырған жағалы.

Жеткен соң хабар айланып,
Журтшылық келди жыйналып,
«Бурынырақ билмей қалдық» деп,
Көпшилик турды қыйналып.

Қонсы...
Аўылдың ашықлығына,
Өкингенлер көп болды,
Булардың жасықлығына.

Адамлар тур аянып,
Қос бүйирин таянып,
Үйден шықты далаға,
Қашанғы турсын қамалып.

Журтшылық күнге жарады,
Бирине бири қарады,
Қылыў ушын ойласық,
Бекенди шақырып алады.

Бекен жетип барады,
Қонсыға кеўили толады,
Жай-жағдайын жумыстың,
Ортасына салады.

Бекен ырза болады,
Ақыллыға санады,
Халықлары қонсының,
Жумысты қолға алады.

Тум-тусқа ат шаптырды,
Жоқ затларды таптырды,
Аўыл-аймақ, тамыр-таныс,
Қалдырмастан айттырды.

Сөзи өткир алмастан,
Бекен де талай қар басқан,
Хабар тийген халықлардың,
Келди бири қалмастан.

......................
Төрткүллеп ошақ ойдырды,
Қаракесек гил гөшке,
Келгенлерди тойдырды.

Мал семизин сойдырды,
Төрткүллеп ошақ ойдырды,
Гилкилдеген май гөшти,
Екеў-ара қойдырды.

Мал семизин сойдырды,
Төрткүллеп ошақ ойдырды,
Халықтың кеўилиндеги,
Тилегин толық болдырды.

Мал семизин сойдырды,
Төрткүллеп ошақ ойдырды,
Жаздың күни болса да,
Саррас уш күн қондырды.

Хызметке бәри сайланды,
Жең түрип бели байланды,
Табанынан тапжылмай,
Тобығынан айланды.

Ғәрежет деген молшылық,
Биринен-бири зор шығып,
Елиниң жигитлерине,
Рахмет айтты көпшилик.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәршембиниң күни еди,
Пийшенбиниң түни еди,
Намазы оқылып болыўдан,
Көтерилип мәйит жөнелди.

Хызметке -------- бурады,
Барлығы таққа турады,
Ақ жуўып, арыў кепинлеп,
Мәйитти дәпин қылады.

Бекеңе бул ис унады,
Қоңсыға ырза болады,
Усының менен өлиниң,
Жумысын тамам қылады.

* * *

Айша қалды ана болып,
Бекең қалды пана болып,
Қәпелимде екеўи,
*Ата менен ана болып,*

Сөз еситиң баладан,
Айырылған ата-анадан,
*Ата-ана кеткели,*
*Талай жыл өтти арадан.*

Қуўанып ата-анасы,
Көзиниң ағы-қарасы,
*Жигирма үшке шығыпты,*
Әдепки туңғыш баласы.

Атағы елге тараған,
Атаға иси жараған,
Ортаншысы баланың,
Жигирма бирге қараған.

Балаға баўыры ерипти,
Анасы кеўилин берипти,
Ең кишкене бала да,
Он тоғыз жасқа келипти.

Теңселип қыз, ул турды,
Шайқатылып бир турды,
Егиз туўған үш қыз да,
Он жетини толтырды.

Қудай берген буны да,
Бахты зор, ашық жолы да,
Жигит болды жетилип,
Бекеңниң үш улы да.

Кимсең Бекең атанып,
Бекимбет «бақый» ат алып,
Балалары қатынсыз,
Қашанғы жүрсин қақайып.

Бай дәўлети бар жерден,
Қарастырып хәр жерден,
Қуда түсти қыз таўып,
Үлкенине бир жерден.

Қәлем қаслы, қой көзли,
Гүл шырайлы, нур жүзли,
Үлкенине үш улдың,
Алып берди бир қызды.

Ойласып ағасына да,
Сүт берген анасына да,
Бермекши болды қыз алып,
Ортаншы баласына да.

Болса дүнья-мал кимде,
Қыз атаның мүлкинде,
Перзент кетпес атаның,
Айтқанынан шығып бул күнде.

Тийе бермес хәр кимге,
Қыз атаның еркинде,
Үйлендирди буны да,
Өткерип қалың төркинге.

*Теңселтип еки келинди,*
Кемпир созылып керилди,
Тойларын да тарқатып,
Жәмледи Бекең кеўилди.

Он тоғыз жасар бала ма,
Ағадан ини қала ма,
Атадан рухсат болмаса,
Баланың өзи ала ма?

Өзи кеткен бола ма?
Кеткен бала оңа ма?
Басын ап кетсе баласы,
Атаның кеўили тола ма?

Қыз керек болып балаға,
Бала шапты далаға,
«Бизге сулыў керек» деп,
Хабар салды қалаға.

Өз айтқаны болмады,
Өзгеге нәзер салмады,
Ата менен ананың,
Көрсеткен қызын алмады.

Бар деген жерге бармады,
Өз билгенинен қалмады,
Ылайықлы қыз таппай,
Бираз жерди шарлады.

Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Таба алмады бир қызды,
Хабаршыға қарт жоллап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўшы жумсап жақынға,
Көйлек берип қатынға,
Кеўили сүйген сулыўын,
Түсире алмады тақымға.
Теңине жүр тап болмай,
Тап болса да бап болмай,
Оңысса жақсы изинен,
Ийегин тислеп «қап» болмай.

Кишкенеси болған соң,
Бала изде қалған соң,
Ағаларының иси жоқ,
Өзлери қатын алған соң.

Дусласқан менен ойнады,
Ойынға сирә тоймады,
Қашып теңин тапқанша,
Қыдырғанын қоймады.

Алшаңлап аяқ басып жүр,
Жигитим толып-тасып жүр,
Биримлеп бериў орнына,
Қосыўыслап шашып жүр.

Ҳәддинен жигит асып жүр,
Баланың мийи сасып жүр,
Орынсыз кеткен дүньяға,
Өзиниң де иши ашып жүр.

Бала елди шолып жүр,
Кейнинде қатын толып жүр,
Бийкешлерин көрсетип,
Қәрежетли болып жүр.

Енди айтсам анықты,
Қыдырды тәўир-ақ халықты,
Бес сыйырдың пулынан,
Бир көйлеклик қалыпты.

Бир талай жерге барыпты,
Барып шаршап-харыпты,
Болдырып келип бир күни,
Атасына дарыпты.

Атасы билип қалады,
Иши оттай жанады,
«Сыйырдың пулы қайда?» деп,
Баладан есап сорады.

Бала өксип жылады,
Көзиниң жасын булады,
«Қатынға кетти пулың» деп,
Ғаррыға баян қылады.

Ғаррысы бақырып алады,
Тутлықса қақырып алады,
Күйингеннен алдына,
Балларын шақырып алады.

Балалары келеди,
Зейинлери иледи,
Бес сыйырдың пулының,
Жоқ болғанын биледи.

Кейниндеги еркени,
Гүжирейтип желкени,
«Пул қайда?» деп инисин,
Тергеўге алды үлкени.

Жуўырып келди қасына,
Қойып қалды басына,
Урмақшы болды тағы да,
Қарамай көздиң жасына.

Орынларынан туражақ,
Бир ғырта-ғырт болажақ,
Мал ашыўы — жан ашыўы,
Ғаррысы да уражақ.

Табылды жәнжел сәл жерден,
Әңгиме шықпай бир жерден,
Барлығы бир балаға,
Көтерилип атыр ҳәр жерден.

Урыс деген қыйын ба,
Болып қалды жыйында,
Қыз қыдырған баланың,
Аўҳалы түсти қыйынға.

Үлкени шеннен асады,
Астына бүклеп басады,
Иниси жылап, ортаншы,
Ағасына қарап қашады.

Таслады барып аяққа,
Қашарын билмей қаяққа,
Тас баўыр ортаншысы да,
Инисин алды таяққа.

Қыламан деп шығынлы,
Таяқтан бала жығылды,
Ақыр соңы атаның,
Қолтығына барып тығылды.

Атасы да урады,
Орнынан бала турады,
Ақыр соңы ананың,
Алдына барып қулады.

Барғаннан соң анаға,
Рәҳим келип балаға,
«Бул қандай мийримсизлик?» деп,
Ана түсти араға.

Болған соң киши баласы,
Көзиниң ағы-қарасы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баланың басын сыйпалап,
Сөйлеп берди анасы.

— Сақалы күнге ағарып,
Мийи ашып алжыған,
Еки бетиң куўарып,
Жасың жетип қажыған.

Изинен неге қалмайсаң,
Балам толып-тасты деп,
Сөзине қулақ салмайсаң,
Орынсыз дүнья шашты деп.

Не қылады шашқанда,
Дүньяны балаң далаға,
Кеўилиң неге аспанда,
Қыз алып бермей балаңа.

Қыздың белин усламай,
Баланың кеўили тола ма?
Баланың кеўлин хошламай,
Ата-ана бола ма?

Сүйгенин алып бермесе,
Онда ол ата-ана ма?
Қәлегенин сүймесе,
Атадан туўған бола ма?

Сырғаўылдай бойы бар,
Қарап көр, ғаррым, балаңа,
Бойына ылайық ойы бар,
Ағаларынан қала ма?

Балаң бала бола ма,
Қатарынан қалғанда?
Иниси қарап тура ма,
Ағасы қатын алғанда?

Баланың кеўили қалғанда,
Онда ол ана-ата ма?
Ағасы қатын алғанда,
Иниси қарап тура ма?

Жыйнады ғой өз есин,
Бул да кәддин дүзесин,
Қашанғы жатсын кушақлап,
Балаң еки дизесин.

Ғәлет болса сөзимде,
Ақылың менен ойлап көр,
Ақыллысаң ғой өзиң де,
Қулақты салып тыңлап көр.

Азаматтан алыслап,
Енди нени бийлейсең?
Малының к... қарыслап,
Не бетиң менен сөйлейсең?

Кемпирдиң бул сөзлери
Ғаррыға өтти бир ўақта,
Оттай жанып көзлери,
Сөйледи Бекең сол ўақта.

— Кемпирим-аў, сениң атың қатынды,
Қатын деп айтыўға болмас атынды,
Ақылыңа бәрекелла, шабазым,
Қайтардың-аў сөзиң менен пәтимди.

Шашың узын, ақылың келте, енағар,
Ақылыңнан ашыўың тез, келлеғар,
Түсинген адамға хәр бир сөзлериң,
Ханның қызы Қырмызыға барабар.

Он өлшеп, бир кесип, танып айтасаң,
Күн бурын сайынға салып тартасаң,
Тыңлаған адамның қулағын қойып,
Тәннен жанын суўырып алып қайтасаң.

Гей ўақта көз қысып, ойнап айтасаң,
Ойнағаныңды да ойлап айтасаң,
Сөзди қайық, таяў етип тилиңди,
Түби көк теңизди бойлап айтасаң.

Сөздиң ең ҳасылын сайлап айтасаң,
Нышананы нағыз байлап айтасаң,
Алғаным, аўзыңнан шыққан сөзиңуиң,
Жайғасқандай жерин жайлап айтасаң.

Өткир сөзиң менен курттың ҳалымды,
Гейдемнен суўырып алдың жанымды,
Сениң сол сөзлериң ушын, шабазым,
Қойдым ашыўымды, кештим малымды, —

Деди де кешикпей кишкене улын,
Бердидағы дәрриў сораған пулын,
Сүйген сулыўына жаўшы жиберди,
«Билмей жүр едим, — деп, — мен буны бурын».

Көриўден хаўлығып баланың түрин,
Сездидағы Бекең сөзлердиң сырын,
Қәлеген қызына қалың өткерип,
Үйлендирди дәрриў үшинши улын.

Билген Бекең баратырған бағытты,
Бала ушын дүнья-малын ағытты,
Гернайлар тарттырып, сырнай шерттирип,
Келиншектиң тойларын да дағытты.

Биринши бас атқа тигип түйени,
Екинши тет атқа тигип байлап бийени,
«Сүт курткан баламның тойы еди» деп,
Ғарры менен кемпир жүдә ийеди.

Басқа өгиз тигип гүрес туттырды,
Әззилерин күшлилиге жықтырды,
Тоқсан жигит тарқатқанша бул тойды,
Тапжылмастан табанынан тақ турды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Салымға тай тигип ылақ ойнатты,
Қыз бенен жаўанның көзин жайнатты,
Өзиниң зәңгилес қатарындағы,
Бай, бий, болысларды қатты ойлантты.

Себеби бул тойда өнер арттырды,
Жоқ затларды сорастырып таптырды,
Ийинине шапан жаўып атақлы,
Еки шабандозға ылақ тарттырды.

Қызыққа көз тоймайтуғын қараса,
Қызық болды қарағанға жараса,
Айтысты тойына барған халықлар,
«Болды, — деп, — биз көрген тойдан тамаша».

Ойлай бериң карада,
Арысландай үш балаға,
Үш келинди түсирип,
Кеўили жай болыпты.

Бахыт қонып басына,
Жүрим дарып жасына,
Егинге жери қайысып,
Урасы дәнге толыпты.

Дәўлети асып басынан,
Күннен-күнге тасыған,
Туўылып өскен елинде,
Белгили бай болыпты.

Дәнге толып урасы,
Нанға толып қорасы,
Ақ бийдайдын нанына,
Дәстурханы да толыпты.

Елинде асқан бай болып,
Төрт түлиги сай болып,
Аўылында кимсең — Бекимбет,
Болыпты да турыпты.

Журтты жайлап алғаны,
Қағып төсек салғаны,
Аржақлы қыз Айшагүл,
Изли-изинен туўыпты.

Қол менен санап алғандай,
Көргенлер ҳайран қалғандай,
Туўғанлары әдепки,
Үзликсиз үш ул болыпты.

Жигирма бесте үлкени,
Жигирма үште тетеси,
Жигирма бирде кишиси,
Бағ-дәўлетке молықты.

Арқасынан байлықтың,
Салтанатынан барлықтың,
Үш улына ап-аңсат,
Үш келиншек жолықты.

Келинниң ақыл, наданын,
Жақсы менен жаманын,
Қәйин ене, қәйин ата,
Әбден сынап билипти.

Қызығы менен үш улдың,
Үш келинниң алдында,
Айшагүл менен Бекимбет,
Шалқайып жүре берипти.

Танысып жүргенлерине,
Кеўлиниң сүйгенлерине,
Қызларын да узатып,
Буннан да ақлық көрипти.

Көргенли жерден келин алсаң,
Орынынан тура сала,
Үйдиң ишин жыйыстырып,
Есиктиң алдын сыпырыстырып,
Кийинип пайдаға қарайды.

Көргенсиз жерден келин алсаң,
Орынынан тура сала,
Жатқан орнын жыймастан,
Бет-қолын да жуўмастан,
Жуўырып барып айнаға қарайды.

Айнаға қараған келиннин,
Бармағын тислеп, басын шайқап,
Келинниң пәмсиз пасонлығын байқап,
Әсте келип туў сыртынан,
Сығалап қайнаға қарайды.

Ғажжа-ғаж жумыстың ўақтында,
Шашын тарап турған келин,
Ис жақпай айнаға қарап турған келин,
Қәйин ата менен қәйин енени,
Жаманлап саймаға қарайды.

Адамды сырттан сайған келин,
Өзиниң жаман пейлинен,
Ийилип түскен елинен,
Келиншек болған жеринен,
Табаны таймаға қарайды.
Деген халықтың нақылы,
Нақыллап айтқан ақылы,
Сөзлердиң зил түбине,
Түсинип тыңлағанларға,
Тап усы жерде тарайды.

Бекеңиң үлкен келини,
Шүртийип алып ерини,
Қасарысқан жерден қан алған,
Урысқақ болып шығыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәйниге мурнын жыйырған,
Бийкешке ернин шыйырған,
Шурт минезли, ашыўшақ,
Тырысқақ болып шығыпты.

Ийбеси кем өзинде,
Шынлығы жоқ сөзинде,
Женил минез, шарп аўыз,
Жылысқақ болып шығыпты.

Арқа берип көркине,
Жүрген өзиниң еркине,
Табанында турақ жоқ,
Суўысқақ болып шығыпты.

Сөзге қулақ салмаған,
Ордадан үлги алмаған,
Озансақының дал өзи,
Урысқақ болып шығыпты.

Жекиринип қәйин атаға.
Жол салған уллы қатаға,
Мүнжийтуғын енени,
Жулысқақ болып шығыпты.

Ашылмаған соң қабағы,
Кимге керек тамағы,
Үйине келген ренжип,
Кетип турды қонағы.

Қыз болып ойнап өскен жерине де,
Белгили бул туўылған елине де,
Бекимбеттиң екинши келини де,
Жан екен урыс десе қайтпайтуғын.

Хош мулақат жақсы гәп айтпайтуғын,
Айта ғойса қақшаңлап қайтпайтуғын,
Сурбет екен қәйин ата-қәйин енеден,
Қырқылғыр қызыл тилин тартпайтуғын.

Көп қатын буннан абырай таппайтуғын,
Еки ели аўызын жаппайтуғын,
Белгили бетиқара болып шықты,
Кеш болғанда шаңғытпай жатпайтуғын.

Сөзиниң дузын жандар татпайтуғын,
Айтқан гәп етине де батпайтуғын,
Ери менен бақырысып-шақырыспай,
Таңлары да жуўықта атпайтуғын.

Өскен ели бир белгили журт екен,
Нәсиятты алмайтуғын гүрт екен,
Ең кишкене келини де Бекеңнин,
Ашыўшақ? минези тик, шурт екен.

Теңиз жағалаған елдиң баласы,
Аралдан көп қашық емес арасы,
Жаңылмасам, аты Бийбимәрийам,
Бийбисәнем еди туўған анасы.

Биймәрийам биймәлел сөз айтпады,
Жәнжелли сөзлерден тилин тартпады,
Ашшы тилли, минези шурт болған соң,
Бул келини де Бекимбетке жақпады.

Тик минез, шарп аўызлығын қоймады,
Көбейтсе көбейтти, бирақ қоймады,
Үлкен бала менен үлкен келинин,
Бекең тезирек бөлеклеўди ойлады.

Урыспай турып оңғарыўға бул исти,
Бекең кемпир менен ғана келисти,
Басқа шығармақшы болды балларды,
Басламастан бурын урыс-кейисти.

Басқа шығарыўдың жеди де ғамын,
Отаўын тиктирип, салдырды тамын,
Байлыққа не сөз бар келсе қолыңнан,
Ысырып қоя берди шығармай шаңын.

Бекимбет, Айшагүл шақлады ҳалын,
Ортаға шығарып қолында барын,
Көрпе-төсек, қазан-табақ? дән менен,
Бөлип берди үлкен баланың пайын.

Енди басқа шығып келин күтинди,
Қапа болма деп бғйына өтинди,
Өйтти-бүйтти, кәпелимде екеўи,
Кемпир менен ғаррыдан да қутылды.

Дәнлерин аштырып алып урадан,
Малларын да санап берип қорадан,
Басқа шыққанына үлкен улының,
Бес айдай-ақ ўақыт өтти арадан.

Басқа шығып кеўилли питти келиннин,
Изи ада болды алым-бериминиң,
Улға қыз әперип, қызды күйеўге,
Бериў ең бас ўазыйпасы елиминиң.

Ҳәр ким үмит етер жақсы порымнан,
Қыз алсақ деп бир белгили орыннан,
Басқа шыққан айып емес балларға,
Киятырған жол болған соң бурыннан.

Енди биз келейик тетки келинге,
Бул да белгилиниң бири елинде,
Алдындағы жол көрсетип берген соң,
Бул келин де бузылысты кейнинде.

Ис буйырса бир гиржиймей бармайды,
Бир бүйирлеп айтқан тилди алмайды,
Бир кеўили келген гезде болмаса,
Зарласаң да сөзге қулақ салмайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дигирман тартпайды, кели түймейди,
Суўды тасыўды да кеўили сүймейди,
Қәйин ата, қәйин ененин сөзлери,
Қулаққа кирмейди, етке тиймейди.

Жүргендей-ақ үй жумысын аўырлап,
Я отырып, я жатар жер баўырлап,
Ийининен ийтермесең қозғалмас,
Тийип қалған кемелердей қайырлап.

Аўырыў дейин десең, асқа тоймайды,
Бийтап дейин десең, күлип-ойнайды,
Жумысқа буйыра ғойсаң бәнагах,
Қашан түргелер деп сорың қайнайды.

Өз айтқаны болмағанша сөз алмас,
Қалша қарап уялмас, я қызармас,
Барып кел деп буйырсаң бир жумысқа,
Бир, еки, үш айтпағанша қозғалмас.

Тил алмаған жасы киши оңар ма?
Оңбайтуғын жанды үйде қояр ма?
Баланның хаялы усындай болса,
Қәйин ене, қәйин ата шыдап турар ма?

Келиниң көргенсиз болса тура бер,
Ийттей ырылдасып үйде бола бер,
Жалғызына бир жалмаўыз тап болса,
Қақ маңлайға ғаршылдат та ура бар.

Келин жаланқая болса жылай бер,
Зар еңиреп көздиң жасын булай бер,
Пәмсиз пасон, көргенсизге тап болсаң,
Ерте оңайынды ал да қулай бер.

Сол ўақлары Бекимбет,
Айшагүл атлы хаялын,
Алдына шақырып алады,
Сезгенлерин денинин,
Бастан-аяқ қалдырмай,
Кемпирге айтып салады.
Үлкен келин ондай деп,
Ортаншысы бундай деп,
Усыған иши жанады,
Баланы байқап билген соң,
Келинниң түрин көрген соң,
Кимнен тәме қылады.
Жай салып, отаў тиктирип,
Буны да басқа шығарып,
Жибермекши болады.

Алты арба жиберип,
Тоғайдың қалың жеринен,
Үйлик ағаш алдырды,
Гүмбирлеген ақ отаў,
Алпыс күнде питкерип,
Жети қат жайды салдырды.

Жети қат жай, ақ отаў,
Мүлтиксиз болып питкен соң,
Ашыў-гийне арадан,
Талай сапар өткен соң,
Бала менен келиннин,
Малын берди қорадан,
Аш болғанда ишер деп,
Дәнин берди урадан.
Қалай деген менен де,
Ата менен ана ғой,
Затларын берди сораған.
Алды нәрсе қалдырмай,
Бел, орақ, кетпен, балтадан,
Ғәрежетке саўар деп,
Ақша да берди қалтадан.
Баласы менен келини,
Үйип отыр қабағын,
Кемпир менен ғаррыда,
Қалды деп қасық-табағым.
Өтирик болса бул сөзим,
Көргенлер бәрин санасын,
Келини алды қалдырмай,
Әтешкүр, пышақ, шанашын.
Келини менен баласы,
Жаңылмады есептен,
Бөлип алды бир-бирлеп,
Көрпе менен төсектен,
Сораганын берип тур,
Бекимбет бенен Айшагүл,
Қутылайын деп өсектен,
Бала менен келини,
Пайын алды қалдырмай,
Басқасын санап ешектен.

Үлкен келини ондай болды,
Ортаншы келини бундай болды,
Айланып келип Бекимбеттин,
Ҳал-аўҳалы қандай болды.

Үлкен бала, үлкен келин,
Кемпир-ғаррыны таслап кетти,
Иниси менен келинге,
Үлгили жол баслап кетти.

Үлкен бала, үлкен келин,
Кетти өзиниң жолы менен,
Ата-ана қалып еди,
Қос келин, жуп улы менен.

Үлкен келин кеткеннен соң,
Ортаншыға нәўбет жетти,
Үлкен бала кеткеннен соң,
Ортаншы улға дәўлет жетти.

Хожа болып үлкен үйге,
Дүнья менен мүлкин алды,
Еркин алып барлық заттың,
Гилти менен қулпын алды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаялдан ҳаял қала ма,
Басқа шығып бул да кетти,
Ҳаялының изине ерип,
Бул ортаншы ул да кетти.

Ендиги сөзди еситиң,
Ең кишкене баладан,
Тоңқылдайды ҳаялы,
Бала келсе даладан.
Азғырады қатыны,
Қойнындағы күйеўин,
Ата менен анадан,
Қолындағы сүйеўин.

Күйеўиниң алдына,
Ҳаялы бойын таслады,
«Жәбир көрип жүрмен» деп,
Еки көзин жаслады.

Ҳаялының сөзлерин,
Байы жүдә хошлады,
Күйеўи хошлағаннан соң,
Ҳаялы сөзди баслады:

— Сен сорлы узақ күн малды бағасаң,
Малды бағып жанды отқа жағасаң,
Жанды қыйнап сонша малды өсирип,
Айтшы маған, қандай пайда табасаң?

Жасы жеткен кемпир-ғарры сенде бар,
Жумыстың ең аўыр жағы менде бар,
Бир киндиктен үш ул, үш қыз едиңиз,
Бундай мийнет сеннен басқа кимде бар?

Сумлық ойлап ағаларың кетип тур,
Сени бундай дәртке дуўшар етип тур,
Қостарым-аў, сениң көрген азабың,
Мениң жети жүйемнен де өтип тур.

Мен ҳәр күни бир батпан дән тартаман
Қамыр ийлеп жабаман деп жортаман,
Көрген қыйынлығың жаныма батып,
Жүргеннен соң күйгенимнен айтаман.

Ҳәр бир күни еки желпим тартаман,
Бир мийнеткеш болып шықтым ортадан,
Келген қонақ пенен кеткен мийманның,
Кеўили қала ма деп те қорқаман.

Дигирман тарпайын десем аз-аздан,
Қонақ келип қалған үй бул бираздан,
Тамақ, аўқат, наны ушын қонақтың,
Болдым ғой, қостарым, белли қаразбан.

Қайнағалар сирә қайғы жемес пе,
Инимиздиң күни қандай демес пе,
Ортадағы кемпир менен ғаррымыз,
Алтаўымызға да теп-тең емес пе?

Абысын-ажынлар көзин салмас па,
«Келин, қалайсаң?» деп хабар алмас па,
Ҳеш болмаса ийилип түскен жерине,
Айында бир келип кетсе болмас па?

Қайнаға билип жүр аўзынның босын,
Аўзыңның босына күлип жүр досын,
Ағаларың кемпир менен ғаррыдан,
Ҳәз етип жүрипти бөлеклеп қосын.

Айтшы, ағаларың жүрипти қайда?
Бир хабар алмайды бес-алты айда,
Малын баққан менен кемпир-ғаррының,
Ойла, буннан өнер саған не пайда?

Ғаррың өлсе, барлығын да сояды,
Келген сорпа ишип, гөшке тояды,
Қостарым, дым буннан саған пайда жоқ,
Аўысқаның кемпирине қояды.

Биз бүгиннен баслап алдын алайық,
Күлсе қайнағаға күлер халайық,
Ирет бенен бағыў кемпир-ғаррыны,
Балалардың бәрине де ылайық.

Ағаңның алдаған тилине ерме,
Алдаў тилге, жаным, кеўлинди берме,
Биз де бахтымызды сынап көрейик,
Ағаларыңнан ҳеш алдана көрме.

Басқа шығып бөлек дүнья табайық,
Пайға тийген малымызды бағайық,
Алтаўымыз тең келип ҳәм тең кетип,
Кемпир-ғаррымыздың отын жағайық.

Үш ул менен үш қызы бар, ол аз ба?
Аз да болса үш жыл бақтық, бул аз ба?
Еки бала басқа жүрип мал табар,
Кемпир-ғарры бир балаға мураз ба?

Күйеўлер атаға сәлем берместен,
Қызлар келип анасын бир көрместен,
Жүргенине үш жыл болды шанақтай,
Ақ сүт емген жерине бир келместен.

— Отыр, — деп бала, — жайыңа,
Сөйлетпеди ҳаялын.
Ҳаялы айтты байына,
Пайда менен зыянын.
«Не айтып отырғаның?» деп,
Ҳаялына урыспады,
Жигиттиң аўзы былшырап,
Қатынның сөзин дурыслады.
Қарамай пайда, зыянға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигитим кетип қыялға,
Қатынның гәпин қуўатлап,
Сөйледи ери ҳаялға:

— Билмей жүрген екен мен,
Айтқаның ырас, ал, қатын,
Енди мениң сөзиме,
Сен де қулақ сал, қатын.
Сөйлесе берсек бул жерде,
Созыла берер гәп, қатын,
Бул баслаған исиңниң,
Илажын өзиң тап, қатын.
Айтқаныңа турайын,
Не десең де мен, қатын,
Тезирек басқа шығайық,
Илажын көр сен, қатын.
Не қылсаң да өзиң бил,
Саған бердим жол, қатын,
Енди мениң айтарлық,
Нәсиятым сол, қатын.

Ардақлап алған қостары,
Байының сөзин тыңлады,
Айтқанға ери жүрген соң,
Қатынның иши ғымлады.
Оқыўшым тыңлап тур енди,
Қулақларынды түр енди,
Атасы менен анасын,
Баласына қатынның,
Жаманлаўын көр енди.

— Өзинен өзи айырылып,
Кетти ғой еки баласы,
Айында бир көрмейди,
Баласын ата-анасы,

Солардай болып бизлер де,
Тезирек басқа шығайық,
Жыйнап-тергенимизди,
Бөлек қосқа тығайық.

Кемпир менен ғаррының,
Жумысынан-ақ өлдим ғой,
Аз да болса алдында,
Үш-төрт жылдай болдым ғой.

Кемпир менен ғаррылар,
Меннен кемис табалмас,
Еки бала турғанда,
Бизлерге сын тағалмас.

Сениң ағаларың да,
Хеш бир жаққа қашалмас,
Қудайлыққа қараса,
Бизлерге аўзын ашалмас.

Ата менен анам деп,
Иретине турып хәр адам,
Олар да бақса үш жылдан,
Алты жыл өтер арадан.

Ағаларыңа айтып бар,
Бул сөзлерди шын билсин,
Алты жыл анық өткенше,
Ким бар, ким жоқ, ким билсин!

Қысынаман қымырылып,
Қатарымды көриў жоқ,
Қурбы-қурдаслар менен,
Ойнап-күлип жүриў жоқ.

Екеўи бирден түнерип,
Отырады, күлиў жоқ,
Қаншама хызмет қылсам да,
Жақсылығымды билиў жоқ.

Кемпир менен ғаррыға,
Ашыўланбайын, урыспайын,
Қартайған кемпир-шал еди,
Айтқан сөзин дурыслайын.

Тарқағанша қумардан,
Шалқып қыдырып шығайын,
Қутылыў ушын булардан,
Мен бир ҳийле табайын.

Жатырған көрпе-төсектен,
Сәскеге шекем турмайын,
«Түргел келин» десе де,
Мойынымды бурмайын.

Ыңқылдыны гүжитип,
Жортаға аўырыў болайын,
Тойынайын тамаққа да,
Ўақыттың таўып оңайын.

Сыр билдирмей буларға,
Ыңырсып та алайын,
Екеўиниң жақпас жағына,
Шығып та бир қарайын.

Суўық суўға ун былғап,
Көрсетейин қусықты,
Алдаўыш тәўип кемпирге,
Шығартайын усықты.

Әбден үндемегенге,
Ойнап жүр булар ким менен,
Кемпирге ертең суўды да,
Тасытайын дүң менен.

Балалар келсе алдыма,
Шымшыйын да урайын,
Аўлақта тойып тамаққа,
Ыңқылдыны қурайын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қақсайды деп аяғым,
Санымды шымшып бурайын,
Өзимниң ғана дийдиме
Жеткен ўақта турайын.

Жататуғын ўақтында,
Төсеклерин салмайын,
Буйырса бир жумысты,
Айтқан тилин алмайын.

Дәрет суўын жылытпайын,
Ерте турып азанда,
Пискен тамақ қоймайын,
Табақ пенен қазанда.

Қудай берген өзимниң,
Маңлайым менен бағыма,
Кемпир менен ғаррының,
Шығайын жақпас жағына.

Ылақ-қозының отына,
Кемпирди ғана айдайын,
Гежирлигин келинниң,
Көрсетейин қандайын, —

Дедидағы Айшагүл,
Жаманлыққа бас урды,
Сумлық пенен ҳийлени,
Күннен-күнге асырды.

Кеткиси келген қатынның,
Қыялы бузық болады,
Қыялы бузық қатынның,
Сөзлери қызық болады.

Басқа шығар келинниң,
Басым болар қырсығы,
Қырсығы басым келинниң,
Ҳәлленлейди уршығы.

Айрылатуғын қатынның,
Айры шығар сөзлери,
Айры сөзли қатынның,
Ала болар көзлери.

Бийениң пейли бузылса,
Кейнине ерип мөнтеңлеп,
Сүт емип жүрген қырық күнлик,
Тайын тебер деп еди.

Қатынның жолы бузылса,
Балалы болып отырған,
Қойнындағы қырық жыллық,
Байын тебер деп еди.

Байын тепкен қатынның,
Сүйгени тамның сыртында,
Муртын таўлап, қол былғап,
Тайын турар деп еди.

Деген нақыл бурыннан,
Халық аўзында жүр еди,
Сол айтқан халықтың нақылы,
Тап усы жерде келеди.

Еки бала еки жерден жай алды,
Жүз қызартып атасынан пай алды,
Хызметин қылдырмай ата-ананың,
Басқа шығып ертип кетти ҳаялды.

Еки бала уялмастан елинен,
Хабар алмай ақ сүт берген жеринен,
Қәпелимде кемпир менен ғаррыны,
Екеўи айырды еки келиннен.

Еки бала уялмастан халқынан,
Атасынан хабар алмай шалқыған,
Қалған бир келини шыдап тура алмай,
Бул да бузылып сала берди артынан.

Гәпти езип түп-түбине жеткерди,
Гежирликти күннен-күнге өткерди,
Басласа биймәлел бир гәптиң басын,
Изги жағын урыс пенен питкерди.

Таттырды кемпирге сөздиң зәҳәрин,
Тынышлықта иштирмеди нәҳәрин,
Азап-ақырет берди кемпир-ғаррыға,
Күннен-күнге бәлентлетип қәҳәрин.

Кемпирге қарайды тикшейтип көзин,
Жанына батырып айтады сөзин,
Ақмаққа есаплап кемпир-ғаррыны,
Ақыллы-данаға санайды өзин.

Қәйин атадан сирә тилин тартпайды,
Әңгимени ийбе сақлап айтпайды,
Айтқаны болмаса сол ўақ өзиниң,
Урысып-жулысыўдан да қайтпайды.

Ықтыяр берген соң ҳаялға байы,
Кемпир-ғаррының да алынды айы,
Азап пенен ақыретинен келинниң,
Жүрекке батпады нан менен шайы.

Ерте түргелмейди, отын жақпайды,
Қәйин енесиниң кеўлине таппайды,
Буйырса бир иске кемпир-ғаррысы,
Бурынғыдай кеўилин ашып шаппайды.

Ерте турып дәрет суўын жылытпайды,
Сандық пенен аршаларды қулыплайды,
Сонша айтты түсиндирип енеси,
Бирақ бунның қулағына жуқпайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Жоқ бол, қыршын» деп баласын урады,
Өз кәмине келген гезде турады,
Аўлақта тойынып алып тамаққа,
«Ўай, өлдим» деп ыңқылдын қурады.

Көзине түпирик жағып, жылап алады,
«Алла» деп те айғырықты салады,
Ернин шүртийтип, көзин гиртийтип,
Ыңқылдыны келистире қалады.

Қайлардағы жоқ нәрсени табады,
Моллалардан дуўа алып тағады,
«Кесел баспалатты» деп айтсын деп,
Бетине де азмаз күйе жағады.

Суўық суўға унды былғап «қусық» деп,
Дигирде суў бығырлатты «усық» деп,
Енеси еңбеклеп чайын тасып жүр,
«Келин балам, бүгин халың нешик?» деп.

Зорға турып қолы менен жер тиреп,
Жеймен деген асын писирип келтирип,
Енеси жүр күни-түни бүкшеңлеп,
Келин түргелгейдағы, деп ертерек.

Кемпир бүкшеңлеп жүр қазан-табақта,
Гүби писип, айран қуйып қабаққа,
Ыңқылдыны қурып жатып келини,
Тоймайды қурдымдай ишсе тамаққа.

Майқабағын алып жортып жуўазға,
Дәнлерин арқалап қатнап қаразға,
Бекимбет жүр жүк арқалап солқылдап,
Жас жетип қартайған жанға бул аз ба?

Жорта «аўырыўман» деп алдап тәңирди,
Жатып атырып та не жиликти кемирди,
Аз да болса келин алпыс күн жатып,
Ыйығы гүпшектей болып семирди.

Жаўырыны жалпайды аршындай болып,
Қарыны жалпайды қаршындай болып,
Кемир менен ғаррысы жүр хызметте,
Жалынып-жалбарынып жалшыдай болып.

Төсеўине төсек, жатыўға жай көп,
Писириўине тамақ, ишиўге чай көп,
Ыңқылдыны қурып жатқан кеселдиң,
Жейтуғыны мәйек, қуймақ, гил майсөк.

Соған қарап кемпир дәрриў серледи,
Келиннин қылўасын жақсы көрмеди,
Ене сезип сыйқырлығын келинниң,
Чай қайнатып, тамақ писирип бермеди.

Кемпирдиң келини де буны серледи,
Ушып түргелди де жеңин шермеди,
Билегин сыбанып, белин буўынып,
Қазан-табақ жаққа қарап өрледи.

Келинниң бул исине,
Кемпир пақыр түсинди,
Түсинсе қәйтсин, ана ғой,
Ғаррысынан да қысынды.

Тентеклеў еди ғаррысы,
Көтерилме ҳопбайым,
Айтама деп те қорқады,
«Келини қурысын қудайым».

Кемпир пақыр ғаррыдан,
Келинниң сырын жасырды,
Жасырған сайын қысымды,
Келини қурғыр асырды.

Қысымына келиннин,
Енди кемпир шыдай ма?
«Ким жаман болса, тапсырдым,
Бир яратқан қудайға».

Деди де кемпир жылады,
Көзиниң жасын булады,
Қолына алып жаўлығын,
Ғаррысының алдына,
Келе сала қулады.

Ҳәдийсе деп бул қандай,
Кемпирге ғарры қарады,
«Неге жылап келдиң?» деп,
Кемпирден ғарры сорады.
Бурынғы жылаў жылаў ма,
Анықлап кемпир жылады,
Усы келин келгели,
Көргеним бирдей хорлық деп,
Көзиниң жасын булады.
Белден кетти мәдерим деп,
Дизден кетти димарым деп,
Узынына түсип қулады,
Қулап атырып келиннен,
Көрген хорлық-зорлығын,
Ғаррыға баян қылады.

— Жаңа билдим бул дүньяның жалғанын,
Көтердим пәлектиң басқа салғанын,
Баянлайын бастан аяқ арзымды,
Қулақ салып тыңла, айтсын алғаның.

Жаңа билдим бул дүньяның жалғанын,
Көтердим пәлектиң басқа салғанын,
Бүгин маған мәлим болды, қостарым,
Халық ишинде қатарыңнан қалғаның.

Жаңа билдим бул дүньяның жалғанын,
Көтердим пәлектиң басқа салғанын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Билесең бе, билмейсең бе қостарым,
Балларыңның рәҳимсиз болғанын.

Бир күни туўылдық, бир күн өлермиз,
Гә бүлермиз, гә күлермиз, жүрермиз,
Рәҳимсиз болса баллар, қостарым,
Айтшы, буны бизлер кимнен көрермиз?

Әдеп үлкен балаң жолды баслады,
Сайлап алғанының кеўилин хошлады,
Өзиниң кеткени менен де турмай,
Иниге де үлгили жол баслады.

Бизиң аўырмасын басымыз нағып,
Көзлерден ақпасын жасымыз нағып,
Исенген ортаншы балаң жүрипти,
Ядында бизлер жоқ, геллесин бағып.

Үйде қалған ең кишкене келин де,
Бул да бузылысайын деди кейнинде,
Сыбырласып ери менен екеўи,
Бизлерди алмай жүр хеш бир зейинге.

Ғаррым, сениң буннан хабарың бар ма?
Балларың қарамас намысқа-арға,
Не қылады асырап ақ сүт бергенди,
Бас қосып алған соң өмирлик ярға.

Енди бул да бизден басқа шығажақ,
Жыйнап тергенлерин бөлек тығажақ,
Қара журтқа таслап кемпир-ғаррынын,
Хожалығын буннан бетер жығажақ.

Келин басын бөлек алып кетпекши,
Бар хызметин күйеўине етпекши,
Баланы айырып ата-анадан,
Келин мақсет-мурадына жетпекши.

Көп күн болды, айтқан тилди алмайды,
Сөзиме де онша қулақ салмайды,
Сен билмесең, мен билемен, қостарым,
Кишкене келин де үйде турмайды.

Көп күн болды, дигирман да тартпайды,
Соның ушын сыпырада ун артпайды
Күнде тартылып турмаған соң дигирман,
Дәстурханда нан да үйилип жатпайды.

Көп күн болды, келини де түймейди,
Бурынғыдай жумысты да сүймейди,
Күйе-күйе хорлығынан келиннин,
Беллерим бүкшийип, бойым иймейди.

Көп күн болды, суў да келмес ўақтында,
Бул да, қостарым-аў, мениң бахтым ба,
Өлер болдым исин ислеп келиннин,
Төсекте талтайып отырар шақтымда.

Көп күн болды, сыйырды да саўмайды,
Болғаны есиктен төрге аўнайды
Келип жүр бизлерден бөлек шыққысы,
Питежақ жумысты шепке таўлайды.

Көп күн болды, төсегин де жыймайды,
Жыйыў ушын уйқысын да қыймайды,
Ишимдеги жалынымды шығарсам,
Лаўлап жанып жер жәҳәнге сыймайды.

Көп күн болды, писилмейди гүби де,
Тартып урып, түсип қалды түби де,
Байланса шешилмей сыйырларың да,
Шыйратылып үзилип қалды жиби де.

Сәске болмай түргелмейди орнынан,
Барып силкип тартпағанша бурымнан,
Чайын демлеп оятаман ҳәр күни,
«Түргел келиним» деп шымшып мурнынан.

Үш-төрт айтпағанша исти қылмайды,
Қылғанын да бир бүйирлеп тыңлайды,
Шарам бар ма, келин гежир болған соң,
Кемпириң бүкшенлеп сирә тынбайды.

Айта берсем ишимде сөз толып жүр
Бир күн емес, кемпир күнде өлип жүр,
Қостарым, келинниң ҳайярлығынан,
Ғарры басқа жигит еңбек болып жүр.

Өлетуғын болып күн-түни истен
Ақыры айырылдым ақылыў-естен,
Жасыраман деп келинниң жаманын,
Тислене-тислене қалмады тистен.

Кемпириңе жаппай ғана жаланы,
Оншама көп соза бермей араны,
Аўызыңның татлы дәмин кетирмей
Басқа шығара ғой келин баланы.

Бекимбет сөзлерди мақул тыңлады,
Гәпке түсинди де, иши ғымлады,
Киси еди көтерилме, бир соғар,
«Енди қәйтемиз?» деп бетин тырнады.

Сонда турып Бекимбет те жылады,
Көздиң жасын етегине булады,
Мийримсизлигине күйинип баллардын,
Жылап-жылап еси кетип кулады.

Күйинип-күйинип естен танады,
Еси аўып жығылып қулап қалады,
Уллы сәске ўақта жатқан жеринен,
Түс болғанда есин жыйнап алады.

Кемпирдиң колынан беккем услады,
Екеўи де қапа кеўилин хошлады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийримсизлигине перзентлеринин ,
Бекең күйинип мына сөзди баслады:

— Қарасам өзимдей ғарры-шалларға,
Ҳәз етип жүр ҳазар бермей жанларға,
Ғарры басқа жигит еңбек, жанларым,
Япырмай, не болған бизиң балларға.

Қайырылмаған балаларды атаға,
Ғарғай қойсақ, кетсек асый хатаға,
Баллар жатса алып койыў саяны,
Бизлер жүрсек пут тырнатып путаға.

Үлкен балам ерип келин тилине,
Байлады келинди беккем белине,
Бәдәр кетти ертип алып ҳаялын,
Қайрылмастан ақ сүт берген жерине.

Үлкенине ерип ортаншы ул да,
Ата-анасына қарамай бул да,
Бул да кетти ертип алып ҳаялын,
Кишкене баланы қалдырып қолда.

Ортаншы кетиўден кишкенеси де,
Бурын билмей, енди енди есине,
Ойласыққа келди келин екеўи,
Сыбырласып күндиз бенен кешине.

Күн-күннен шығарып түрли қылықты,
Сылтаў етип сызлаўыққа сынықты,
Кирпидей жыйрылып, мийдей бүрисип,
Терисине таўлап мойынтырықты.

Иси жақпай ийилип түскен есиктиң,
Ойлады: «мен неге бунда кешиктим»,
Беллерин байлады басқа шығыўға,
Тәўир көрип дузын бөлек есиктиң.

Күйгеннен екеўи бөлек турмаққа,
Бел буўды баллардан басқа болмаққа,
Кемпир менен от басында ойласып,
Ақыры келтирди сөзди жуўмаққа,

Бөлек болып тарқатсын деп қумарды,
Қапа қылып қоймайық деп буларды,
Отаўын тиктирип, жайын салдырып,
Кишкене улын да басқа шығарды.

Басына өз ўазыйпасын өткерди,
Барлық кемис-кутықларын жеткерди,
Үш жерге қондырып үш баланы да,
Олардың ойлаған ойын питкерди.

Турғаннан соң бир-бирине тамсанып,
Берди ақыр үй тиктирип, жай салып,
Бәдер кетти үш баласы үш жерге,
Басқа шығып ата-анадан тайсалып.

Басқа шықты, саясын да салмады
Бала, келин бурынғыдай болмады,
Өз хожалығының гүйбеңи менен,
Ата-анасынан хабар алмады.

Улға атасының кеўили толмады,
Үшеўиниң бири қолда болмады,
Әдеби қуўаныш болғаны менен,
Кейнинде атаға қайғы орнады.

Арадан өтти күнлер де,
Күнлер менен түнлер де,
Баласы қайырылмаған соң,
Дадын айтсын кимлерге.
Ай да өтти арадан,
Жыл да өтти арадан,
Ҳеш қандай хабар болмады,
Келини менен баладан.
Бир пул болды сәл жерде
Аналық бенен аталық,
Оң менен түстей жүргени,
Бекимбет "бақый" атанып.
Ата менен анаға,
Балалар қылды хаталық.
Кемпир менен ғаррыны,
Алдастырды жолынан,
Қайғылық пенен қапалық.
Ажар кетти жүзден де,
Димар кетти дизден де,
Кийимлери де гөнерип,
Берекет уша баслады,
Үйинен де, дүзден де.
Өзлери кетип ҳалдан да,
Айрылып намыс ардан да,
Ҳәр күни қашар, тана жоқ,
Түўеллеўге шама жоқ,
Айырылды бираз малдан да.
Қасқырлар шапқан буныки,
Жолбарыслар қаққан буныки,
Басқаларға бәле жоқ,
Батпаққа батқан буныки.
Тоғайда бүлген буныки,
Жол таппай жүрген буныки,
Суўға кетип қайдағы,
Ҳарам өлген буныки.
Хорланған да буныки,
Сорлаған да буныки,
Аўылы менен даладан,
Урланған да буныки.
Отлай алмай аштан-аш,
Буралған да буныки,
Қазықтағы жибине,
Оралған да буныки.
Қорасынан мал кетти,
Урасынан дән кетти,
Урасынан дән кетип,
Дәстурханнан сән кетти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы байлық ҳал кетти,
Ҳалдаяр болған жан кетти,
Уўайым кирип үйинен,
Жарқырап атқан таң кетти.
Қайғыланып түнерди,
Билмейди басқа өнерди,
Қамқа менен паршалар,
Жыртылып, тозып гөнерди.
Тыңлаўшыларым, қулақ сал,
Қулаққа қонса аңлап қал,
Екеўи бирден қартайып,
Әбигер тартты кемпир-шал.
Таўсылды үйдиң буйымы,
Тозды гил жаңа кийими,
Кемпир менен ғаррының,
Ашылды көкирек-ийини.
Тислери түсип, сөзи де,
Жаслары минип, көзи де,
Әбигер тартты оғада,
Кемпир-шалдың өзи де.
Суўық бар ма қыспаған,
Арқа-мойнын ыспаған,
Айрылып геўиш-мәсиден,
Аяққа кийди тыштабан.
Балалары мийримсиз,
Болғаннан соң Бекимбет,
Жүрисинен жаңылды,
Қартайғанда кемпир-шал,
Қапаланып илажсыз,
Қайғының тонын жамылды,
Шобыты ағып ийниниң,
Барған жеринде тамаққа,
Тоймайды атқа таңылды.
Тыштабанын сүйретип,
Төгеди деп абырайды,
Қурбылар да қағынды,
Өлим-житим, тойларға,
Ертбестен бул Бекенди,
Өзлери ғана ағылды.
Кийиминиң гөнелигинен,
Бекимбет пенен Айшагүл,
Талай жерден шағылды,
Излерине ертпестен,
Биз билмедик, бул Бекен,
Ғаррыларға нағылды?!
Кийимлери гөнерип,
Еки көзи мөлерип,
Қыдырып қалған кемпир-шал,
Отырыспаларды сағынды.
Қапалықтың дәртинен,
Қартайып демде өзи де,
Гүңгирт тартып көзи де,
Иледи зорға сағымды.
Илажы қанша инсанның,
Дәстурханнан нан кетип,
Үй ишинен сән кетип,
Ғаррылыққа табынды.

Маллары кетип қорадан,
Дәнлери кетип урадан,
Бекимбет пенен Айшагүл,
Жарлылыққа бағынды.
Ғаррылыққа табынып,
Жарлылыққа бағынып,
Бекимбет еңиреп жылады,
Қурбыларын сағынып:

— Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы сени нетейин,
Гей биреўлер кейнимде,
Иним жоқ деп жылайды.
Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер көрерге,
Күним жоқ деп жылайды.

Гей биреўлер мал бағып,
Кеше-күндиз зар қағып,
Еки қол, еки аяққа,
Тыным жоқ деп жылайды.

Гей биреўлер сыпырада,
Жутыўыма бир жутым,
Ийлеўиме бир шылым,
Уным жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер алдымда,
Ағам жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер сүйерге,
Панам жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреў ақыл айтарға,
Анам жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер наданман,
Билимим жоқ деп жылайды.

Қайғылар болып басымда,
Оқымай қалдым жасымда,
Өнер менен қолымда,
Илимим жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер алданшыққа
Улым жоқ деп жылайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийим-кеншек, таўарға,
Базарда шалқып саўарға,
Гей биреўлер қалтамда,
Пулым жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер алдымда,
Балам жоқ деп жылайды.

Болыў ушын балалы,
Ул, қыз бала-шағалы,
Қудиретине қуданың,
Шарам жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер қорамда,
Малым жоқ деп жылайды.

Малды жайғастырыўға,
От салып байластырыўға,
Кемпир менен үйимде,
Шалым жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреў дәстурханымда,
Наным жоқ деп жылайды.

Наным болмағаннан соң,
Кеўилим толмағаннан соң,
Бурынғыдай үйимде,
Сәним жоқ деп жылайды.

Дүнья, сени қәйтейин,
Ялғаншы, сени нетейин,
Гей биреўлер урамда,
Дәним жоқ деп жылайды.

Дәним болмағаннан соң,
Артып турмағаннан соң,
Баяғыдай өзимниң,
Мәним жоқ деп жылайды.

Әй, паянсыз дүнья,
Әй, алдаўыш ялғаншы,
Өзиң айт та, өзиң қой,
Саған мен не деп жылайын.
Ҳалым жоқ деп жылаўға,
Кудайыма мың шүкир,
Бир адамдай ҳалым бар,
Малым жоқ деп жылаўға,
Үш баламның үйинде,
Өрис толған малым бар,
Дәним жоқ деп жылаўға,
Жүўернемеклеримниң,
Ураларында дәним бар.
Наным жоқ деп жылаўға,
Өзимниң де үйимде,
Дәстурхан толы наным бар,
Балам жоқ деп жылаўға,
Ҳәр бири жүз балаға,
Татыйтуғын балам бар,
Үш балам турса алдымда,
Жол жағымда панам бар,
Аман болса өлимнен,
Жаў жағымда қалам бар,
Ата деп турса балларым,
Таўды жығар шамам бар,
Гүна менен саўапты,
Саўал менен жаўапты,
Билмесе де балларым,
Өлшестирер адам бар.

Мен әдеп басқа шыққанда,
Ҳәр балам бақса бир жылдан,
Болады ғой деп едим.
Үш балам бақса таласып,
Балаларыма кеўилим,
Толады ғой деп едим.
Арқаларынан баллардың,
Қартайғанда да бақ басқа,
Қонады ғой деп едим.
Ата менен анам деп,
Балаларым табанда,
Турады ғой деп едим.
Ата-анасын өзиниң,
Маңлайындағы көзиниң,
Қарашығы балларым,
Қылады ғой деп едим.
Таўсылғанша тақаным,
Жумылғанша еки көз,
Үш ул, үш қыз пәрмана,
Болады ғой деп едим.
Аллаға асый болыппан,
Түсимди бузық жорыппан,
Ол айтқанларым болмады.
Баллар басқа шыққалы,
Ата менен анаға,
Мойынларын бурмады,
Бир, еки, үш айдан,
Хеш болмаса бизлерге,
Келинлер келип турмады,
Ақыйрын бергей қудайым,
Ата менен ананы,
Баллар жаман хорлады,
Қартайып ҳалдан кеткенде,
Жас жетписке жеткенде,
Басыма қайғы орнады,
Мийиримсизлигинен қолдағы,
Балларымның, халықларым.
Маңлайым әбден сорлады.
Әзирайылды жиберип,
Алдырсаң жанды, ой алла,
Қаламан сөзсиз көмиўсиз,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Балалар басқа шыққалы
Асып кетти жылынан,
Жатырман бир көриўсиз.
Бүгиннен баслап мен буған,
Журтшылық таң қалғандай,
Бир ҳийлени табайын,
Балалары усындай.
Болағойса бул истен,
Үлги алсын ағайин.

Деди де Бекең алдына,
Шақырып алды ең үлкен,
Бекберген атлы баласын.

— Әй, қарағым Бекберген,
Ең бир тәўир көретин,
Үлкен улым сен едиң,
Сени күтип әлпешлеп,
Камалыңа келтирген,
Балам-аў, атаң мен едим.
Мен баяғы Бекимбет,
Болып турғанларымда,
Қарақалпақтың қайсысы,
Бекимбетинен кем едим?
Шешилместей даў болса,
Даўласатуғын жаў болса,
Ҳәммеден бурын атланып,
Мен барайын дер едим.
Аўызда тисим барында,
Қолымда исим барында,
Белде күшим барында,
Елде белли ер едим.
Бирге өскен ел менен,
Елимдеги ер менен,
Ежеспели жерлерде,
Жағаласқан шер едим.
Елдеги белли ерлердей,
Жағаласқан шерлердей,
Атым шыққан аўылға,
Бекимбет "бақый" мен едим.
Енди, балам, не пайда,
Сөйлеп турман көпирип,
Тыңлағанларға өтирик,
Ғаррылық келип жүдедим,
Балларым кирмей қойныма,
Қартайғанымда мойныма,
Сизлердиң жаманлығыңнан,
Жарлылық басып үдедим.
Алдымдағы үш балам,
Белимдеги күшғанам,
Бир атаны хор қылмай,
Бағар ма екен деп едим.
Мениң бул айтқанларымнан,
Балларым, шыққаныңыз жоқ,
Дуз емес екен, муз екен,
Жастағы ишип жегениң.
Мен айтпай-ақ, қарағым,
Бул ислердиң ақыйрын,
Ҳәмме инсан биледи,
Сен атаңа не қылсаң,
Қартайғанда алдыңа,
Тап сол, балам, келеди.
Улларың ер жетеди,
Қызларың бой жетеди,
Бизге келген күн, балам,
Сизге де сөзсиз жетеди.
Маған ислеп, анаңа,
Қылған қысымларыңды,
Улларың менен қызларың
Саған да, балам, етеди.
Кемпир менен ғаррыдан,
Хабар алып қайтқыл деп,
Хеш болмаса келинди,
Жиберип турсаң нетеди?
Бермей-ақ қой жәрдемди,
Ҳәр хәптеде бир келип,
Сәлем берип кетсең де,
Мениң кеўлим питеди.
Ара-тура келмесең,
Келип сәлем бермесең,
Ендиги қалған өмирим,
Жылаў менен өтеди.
Жас жетип қартайғанымда,
Балаларым, сизлердиң,
Мийримсизликлериңнен,
От болып ишим түтеди.
Балалар келип турмаса,
Келинлер мойның бурмаса,
Өзиң де ойла, шырағым,
Бизлерди ким күтеди!?
Атаңның қатарларынан ,
Тақаны таўсылғалары,
Иркилмей кетип баратыр,
Таң атқан сайын атаңның,
Желкесине жас минип,
Өмири өтип баратыр,
Атаңның да тақаны,
Күннен-күнге азайып,
Бизге де, балам, ажалдың,
Нәўбети жетип киятыр.
Дем питип, тақан таўсылып,
Көз жумылар гез келсе,
Атаңды ажал қоя ма,
Қатардың бәри кеткенде,
Сениң атаң, қарағым,
Дүньяға тулға бола ма?
Шақырып алып алдыма,
Айтып турған сөзлерим,
Қулағыңа қона ма?
Атаның айтқан ақылын,
Қулағына қондырып,
Алмаған перзент оңа ма?!

Ал, шырағым, мен сени,
Шақырғанымның себеби,
Малларды сатып қалаға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлығын теңге қылғанман.
Тилла қылып теңгени,
Шығанақ бойлы бир шанаш,
Қалтаға ғана нушқыртып,
Қалдырмастан салғанман.
Тилла толған ишине,
Шығанақ бойлы сол шанаш,
Қалтаны тығып қойныма,
Аўлақта үйге барғанман.
Тилласы менен сол шанаш,
Шығанақ бойлы қалтаны,
Оң жақтағы алақшынның,
Астына ғана көмгенмен.
Сизлердей болған баллардың,
Бизлердей болған ғаррының,
Бул өмирдиң ишинде,
Талайларын көргенмен.
Бекимбет «бақый» атаңды,
Әнейи билме, шырағым,
Сизлер тыңламасаң да,
Талайға ақыл бергенмен.
Тилла толы шанашты,
Сениң ушын, қарағым,
Оң жақтағы алақшынның,
Қубла бети басына,
Тилланы көмип қойыппан,
Мәнисине келтирип,
Сол шанашты толтырып,
Өзимниң ғана қасыма.
Ҳәр бир куни чай ишип,
Отырып өз қолым менен,
Қайта-қайта сыйпалап,
Белгилеп көрип қойыппан,
Кийиз бенен орап ғана,
Тумлы-тусын бурап ғана,
Жақсылап көмип қойыппан.
Мен өлгеннен кейин сен,
Арадан үш күн өткерип,
Күн шықпастан көп бурын,
Тап сол жерге келерсең,
Атаңның жақсы-жаманын,
Ақыл менен наданын,
Сен сол ўақта билерсең,
Тилла толы қалтаны,
Ашып алып ериксиз,
Мыйықты тартып күлерсең,
Шанаш толы тилланы,
Хожалығыңа жумсасаң,
Өсерсең де, өнерсең,
Атаңнан қалған гөмбени,
Шанаш толы теңгени
Көзиң менен көрерсең,
Көби менен азына,
Азы менен сазына,
Шүкирлик қылып көнерсең,
Шығанақ бойлы қалтаны,
Билдирместен хеш кимге,
Өзиң ашып аларсаң,
Ашып алып тилланы,
Көрсетпестен тилланы,
Аршаңа ғана саларсаң,
Тилланы басып баўырыңа,
Арқасынан атаңның,
Бир ғәний бай боларсаң,
Түўели менен сол тилла,
Түсеғойса қолыңа,
Дүньяға батып қаларсаң.
Маған қылған сыйың менен,
Иззетлериңди, балам-ай,
Есиң болса, сол ўақта,
Ядыңа бир аларсаң.
Мениң усы сөзимди,
Билдирип жүрме, шырағым,
Аўылдағы ағаға,
Сездире көрме, қарағым,
Келин, кемпир, үйдеги,
Майда бала-шағаға.
Инилериң еситип,
Бизлер де бир паймыз деп,
Тырмаспасын жағаға,
Шанаш толы тилланы,
Өзиң аш та, өзиң ал,
Келеғойса шамаңа,
Баладан сен бил, шырағым,
Атадан мен билейин,
Сездирип жүрме анаңа,
Жаратқан билсин тек ғана,
Басқа жандар билмесин,
Қуйып ал сөзди санаңа.

Әне, енди Бекеңниң,
Бекберген атлы баласы,
Көкирегин айырып,
Басынан асып шадлығы,
Үйине қарап жол тартты,
Еки пешин қайырып,
Бүрисип жүрген жигитим,
Тилланы еситип тумақтын,
Етегиндей жайылып,
Ернинин еки езиўи,
Жыртылғанша ыржыйып,
Қырсығынан айылып,
Қойнына сыймай қуўаныш,
Келди жигит үйине,
Гә сүринип-абынып,
Жигитим еки аяғын,
Аннан-саннан бир басып,
Үйине қайтып кетти енди,
Сүт писирим жол жүрип,
Аз ғана емес мол жүрип,
Жолды мәскан етти енди,
Маржан таққандай мойнына,
Қуўаныш сыймай қойнына,
Үйине де жетти енди.
Бекберген бала үйине,

Толқынланып келиўден,
Қатынға пәрман етти енди:

— Ғаррыдай төрде тарбайып,
Кемпирдей отқа ошарылып,
Отырысың қалай, енеғар,
Бүгиннен баслап сен қатын,
Кемпир менен ғаррыдан,
Хабар алып, келлеғар,
Кемпирдиң шашын тарап бер,
Басының бийтин қарап бер,
Жуўыстырып кирлерин,
Жыртықларын жамап бер.
Таўары болса, тигип бер,
Тиккени болса, бүгип бер,
Порсып кеткен суўларын,
Таза суў қуйып төгип бер.
Дәни болса тартып бер,
Үйиниң ишин артып бер,
Не ишип, не жейсең деп,
Түсиндирип айтып бер.
Уны болса, жаўып бер,
Сыйырларын саўып бер,
Үйиниң ишин қарастыр,
Жоқ затларын таўып бер.
Баўлығы болса сабап бер,
Малларын байлап, қамап бер,
Хәр бир күни екеўине,
Үш-төрт мезгил тамақ бер.
Кир-пири болса, жуўып бер,
Май сөги болса, уўып бер,
Писипти сипсе тарысы,
Бес-алты сипсе буўып бер.
Отынын, суўын тасып бер,
Жерине суў ашып бер,
Не ишип, не кийемен десе,
Писирип-түсирип асып бер.
Азанлы-кешли барып тур,
Кемпирден хабар алып тур,
Байлап берип малларын,
Жем берип, отын салып тур.

Деп жигитиң қатынды,
Тежеп еди тексерип,
Изине түсип қунтыйып,
Жол етип еки ортаны,
Солқылдап күнде жортады,
Жаўлығына ун түйип,
Алып барған тамағын
Жеп отырды екеўи,
Бир-бирине қоспай тымпыйып,
Кемпир менен ғаррыдан,
Алып турды хабарды,
Отырған қатын сымпыйып,
Мәтибий болды келинге,
Еки бүгилип төринде,
Жатырған кемпир жымпыйып,
Қатып қалған кемпир-шал,
Барғанды жеп барғандай,
Қарыны шықты гүмпийип,
Қатық қатқан мәшаба,
Ишип өзи қайттыға,
Иши шықты дүмпийип.
Ертип барып қалаға,
Жақсылық түсип балаға,
Басына құраш кийдирди,
Сол базардың маңлайы,
Шуўда салған ишине,
Ийнине гүпи илдирди,
Қарамай ояқ-буяққа,
Сатып алып аяққа,
Геўиш-мәси кийдирди,
Қулашлап турып қалада,
Төрт қары атпадан,
Белине белбеў буўдырды,
Бекимбеттей атаға,
Бекбергендей баласы,
Перзентлигин билдирди,
Көкирегин ағартып,
Шар базарда баласы,
Атасын сыйлап күлдирди.

Әне, енди Бекимбет,
Көкиреги ағарып,
Бурынғыдан өзгерди,
Баста құраш, аяқта,
Геўиш-мәси, ийнинде,
Гүпилерди көз көрди,
Бурынғыға қарағанда,
Үсти-басы жаңарып,
Жарқылдаңқырап жүз берди.
Бахыты жатқан Бекеңе,
Дем сәаттиң ишинде,
Тазадан дәўлет гез келди,
Отырғанда ойланып,
Кеткен дәўлет айланып,
Бекимбетке тез келди,
Кеўлиниң көтерилип,
Өзиниң қуўанғанына
Кеўлине қыял сөз келди:
— Ақылымды алдың-аў
Түрли жолға салдың-аў,
Паяны жоқ жалғаншы,
Дузақ болды қурғаның,
Азап болды бергениң,
Гейдеден жанды алғанша,
Дүнья болып ермегим,
Аяққа тыным бермедим,
Қарныма қашан салғанша.
Бийкарға жанды қыйнаппан,
Көз көрген затты қыймаппан,
Қызығып саған, ялғаншы,
Ағайин менен урыстым,
Қоңсым менен қырылыстым,
Исенип саған, ялғаншы,
Жоралар менен жулыстым,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейнини билмей бул истиң,
Паяны жоқ, ялғаншы.
Өзиме соны унаттым,
Талайларды жылаттым,
Әй, паянсыз ялғаншы,
Анық билип көзимниң,
Дүньяға тойматуғынын,
Қол жаўлық қылып жумсадың,
Қушағына алғаншы.
Дүнья ушын паянсыз,
Беттиң арын кетирдим,
Қолымды жайып отырдым,
Қарыныма салғаншы.
Әй, паянсыз ялғаншы,
Геўдеден жанды алғаншы,
Шалқытады екенсең,
Паяны жоқ дүньяның,
Пулларының пуўына,
Балқытады екенсең.
Қызыққанды дүньяға,
Ақыйрында халықтан,
Қалқытады екенсең.
Билдим жалғанларыңды,
Көтердим салғанларыңды,
Абайладым мен бүгин,
Қатар ғаррыларымның,
Кейнинде қалғанларымды.
Бир балама айтқанда,
Көрдиңиз бе, халықларым,
Мынадай болғанларымды.
Буннан да бетер болайын,
Сөздиң таўып қолайын,
Қалған балларымды да,
Шақырып алып алдыма,
Қулақларына салайын.
Бир балама билдирип,
Қапа кеўлимди күлдирип,
Қустай қылып ийнимди,
Кетти кийим кийдирип.
Жаңаланып кийимим,
Пүтинленди ийиним,
Хәр күни келин үш қатнап,
Дүзеди сәнин үйимниң.
Буннан да бетер болайын,
Истиң таптым оңайын,
Сездирмей Сарбайжанның да,
Қулағына қуйып қояйын.

Деп ортаншы улын да,
Көмиўли жатқан пулын да,
Шақырып алып оңаша,
Қулағына қуйды буның да.

Ортаншы улы атаның,
Өз аўзынан айтқан,
Еситип алып сөзди енди,
Ата менен анаға,
Еки ғамхор панаға,
Бурды жигит жүзди енди.
Қондырып сөзди мийине,
Жетип келди үйине,
Ашып жумып көзди енди,
Шығанақ бойлы шанашта,
Иши толы тилланың,
Бар екенин билди енди.
Билгенлигин соннан бил,
Исенгенлигин буннан бил,
Мыйығын тартып күлди енди,
Пышыққа бермей от басын,
Ошарылып отырған,
Қатынға жетип келди енди.
Келе сала жигитиң,
Отырсаң деп не қылып,
Қатынға әмир қылды енди:
— Түйип берип келисин,
Тартып дигирманларын,
Писирип бер тамағын,
Ата менен анамның,
Еки ғамхор панамның,
Шыттырып жүрме қабағын,
Дәнлерин тартып унларын,
Жаўып берип күнбе-күн,
Аш қылып жүрме тамағын.
Жаның барда геўдеңде,
Маған қарамасаң да,
Екеўине қарағыл,
Жағып берип отларын,
Бийтин қарап ғаррының,
Кемпирдиң шашын тарағыл.

Ериниң сөзин еситип,
Қарамай хәйле-пәйлеге,
Қатын турды орнынан,
Уйқылап қалып еринип,
Турмаған күни керилип,
Турғызды тартып мурнынан,
Ери айтпай қатыны,
Туратуғын болғанда,
Бармас па еди бурыннан.
Бул келин де тынбастан,
Хәр бир күни үш қатнап,
Берип турды тамақты,
Писирип өз қолынан.
Өз қолынан писирип,
Бермей қәйтсин қатыны,
Бардың ба деп күйеўи,
Зиңкилдеп тур соңынан.
Тынбай қатнап қос келин,
Бола қалды дос келин,
Кемпир менен ғаррының,
Жели турды оңынан.
Алдындағы базардан,
Кийиндирди бир қатар,
Кийимлери де я узын,
Келте емес бойынан.
Шығанақ бойлы бир шанаш,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалта толы алтынның,
Арқасынан табылды,
Атасының ойынан.

Бурынғыға қарағанда,
Өзгерилди не дәўир,
Үй ишиниң буйымы,
Қустай болып Бекеңниң,
Ҳәп заматтың ишинде,
Тазаланды ийини,
Шығанақ бойлы шанаштың,
Арқасынан Бекеңниң,
Жаңаланды кийими,
Дүньяға толы ортасы,
Ақшаға толы қалтасы,
Болмаса да тыйыны,
Хабар алып келинлер,
Кийиндирди балалар,
Кетти истиң қыйыны,
Бекеңниң көз алдына,
Елеслеп бурынғылары,
Келди гәптиң тийими,
Бурынғы менен соңғыны,
Кешеги менен бүгингини,
Баян етти Бекимбет,
Жаңаланып кийими:

— Ой, алла, кеше абырайсыз,
Болып қалып едим ғой,
Бүгин басқа бақ қонды,
Ғаррыларға ере алмай,
Жолда қалып едим ғой.
Қайтадан күш тап болды.
Ереғойсам ғаррыларға,
«Табақты жейди тақырлап»,
Деген бизге гәп дөнди,
«Тоймайтуғын тамаққа,
Жуқа мешкей Бекимбет»,
Деген ат бизге шақ болды,
Дәўлетим тайып басымнан,
Кетип еди қәдирим,
Ағайинлерим жат болды,
Аз да болса жети жыл,
Жапа шеккен күнлерим,
Көкирегиме хат болды,
Кийимим тозып ийнимде,
Қалғанымда қатардан,
Дос қапа, душпан шад болды.
Қатардан қалып қойғалы,
Жуқа мешкей болғалы,
Енепаттай ўақ болды,
Шығанақ бойлы шанашты,
Айтқанда еки балаға,
Басыма бундай бақ болды,
Көмиктеги жатырған,
Шығанақ бойлы шанашым,
Астыма минер ат болды,
Қудайыма мың шүкир,
Еситкенде екеўи,
Басыма бундай бақ қонды.
Енди қырыққа толды ғой,
Қырық бир болсын дегендей.
Еситеғойсын қалғаны.
Шанаш толы тилланы,
Алағойсын ашсын да,
Қайсысы бурын барғаны.
Ийиниңнен түспестен,
Турады екен желкеңде,
Алланың басқа салғаны,
Байқамай жүрген екенмен,
Көринди бүгин көзиме,
Бул дүньяның жалғаны.
Бендеде қылар шара жоқ,
Қарсы турар шама жоқ,
Алланың болар пәрманы,
Ишиңнен шықпас өмириңше,
Билмеслик пенен ислеген,
Өкиништиң әрманы.
Бул дүньяның қызығы,
Тыныш жүриў екен ғой
Шайқамай ғана жарманы, —

Деди де Бекең алдына,
Шақырып алды үшинши,
Ең кишкене баласын,
Келиўден-ақ алдына,
Билип алды Бекимбет,
Баласының шамасын,
Ошағының басында,
Екеўғанасы отырды.
Далаға қуўып анасын.
Бурынғы еки балаға,
Айтқанларын буған да,
Сездирди созбай арасын,
Баласы билди сол ўақта,
Көмиктеги тилладан,
Атасының данасын,
Жоқары қылған хәммеден,
Қартайғанда Бекеңниң,
Ақыл, билим, санасын.
Бала билди көмикте,
Атасының жатырған,
Шығанақ бойлы шанаштың,
Барын билди сыйлады,
Атасы менен анасын.
Тасбаўыр ул атаға,
Мийримсиз қыз анаға,
Қайырсыз келин енеге,
Бул сөзди серлеп қарасын!
Мине, қараң, халықларым,
Үшинши улы ғаррының,
Ең кишкене баласын,
Жуўырып шығып далаға,
Көптен бери көрмеген,
Қушақлады анасын.
Анасы да жылады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қалай келдиң бүгин?» деп,
Кушақлап турып баласын.
Әдисин тауып жумыстың,
Өзине Бекең қаратты,
Үш келин, үш ул баласын.

Сол күннен баслап үш келин,
Кемпир менен ғаррыдан,
Ҳәр күни үш ўақ хабарды,
Алдып турды елпилдеп,
Үш келиннин алдында,
Кемпир менен ғарры да,
Отыра берди илпилдеп,
Үш келиннен үш табақ,
Азанлы-кешли келип тур,
Үстинде майы гилкилдеп,
Келгенлерин-келгендей,
Кемпир-ғарры екеўи,
Жеп отырды шуңкилдеп.
Ўақтынан қалмай келип тур,
Қатық қатқан мәшаба,
Тостаған толып шилкилдеп,
Шилпилдетпей қәйтеди,
Келинлердиң кейнине,
Түсип тур баллар шиңкилдеп.
Келинлердиң кейнине,
Түскен сайын байлары,
«Бардың ба?» деп динкилдеп.
Оннан сайын қатнайды,
Келинлердиң аяғы,
Жерге тиймей зиңкилдеп.
Кемпир байқап бул сырды,
Ғаррысына қояды,
Ара-тура гүңкилдеп,
Бекимбет жүр балларға,
Шығанақ бойлы шанашта,
Алтын бар деп гүмпилдеп.
Баллар да жүр алтынды,
Алыў ушын асығып,
Иши-бауыры дүмпилдеп,
Шығанақ бойлы шанаштың,
Иши толып тиллаға,
Турса анық шимпилдеп.
«Жатып жеўге болады»,
Деп балалар күледи,
Бирине-бири билдирмей,
Өзинен -өзи кеңкилдеп.

Булар сөйтип жүргенде,
Аз да болса арадан,
Жети жыл ўақ өтеди,
Онлаған жыл ортада,
«Ҳә-пә» деймен дегенше,
Өтеди де кетеди,
Күнлерден бир күнлерде,
Сум өлимниң нәўбети,
Бекимбетке де жетеди,
Үш бала, үш келиннин,
Иззетинде болса да
Мүддетли ўағы питеди
Әзирайыл атлы жан алғыш,
Иззеттеги Бекеңнин,
Жанын қабыл етеди,
Тәғдийирге шара бар ма,
Жанға турар ара бар ма?
Белгили «бақый» Бекимбет.
Бул дүньядан өтеди.
Кеўилин ашып қолдағы,
Барын төкти аямай,
Бас-көзине қарамай,
Бекберген — үлкен баласы.
Аямастан атадан,
Бул да барын сарп етти,
Ортаншы улы Сарыбай.
Көзиниң ағыў-карасы,
Қалмайман деп ағамнан,
Бул да барын шығарды,
Екеўинен кишкене,
Сапарбай атлы баласы.
Хызмет қылды үшеўи,
Бир-бири менен жарысып,
Абырайға ат салысып,
Жеткенине шамасы.
Сандықтың аўзын ашып тур,
Тапқанды әкеп басып тур,
Атасының жолына.
Иниси менен ағасы,
Диңкелери курып тур,
Шығанақ бойлы шанаштың,
Ишиндеги көмиўли,
Тилла болып таласы,
Тилла ушын баллардың,
Тириде хабар алмаған,
Өлисине атаның,
Ат салыўына қарашы.
Үш баласы жарысып,
Ортаға барды салысып,
Малларды түрлеп сойдырды,
Гилкилдеген майлы гөш,
Шилпилдетип табақты,
Екеў-ара қойдырды,
Ғарры менен жасын да,
Ким барса да қасында,
Аппақ май гөшке тойдырды.
Еки батпан, үш батпан,
Гүришлерди демлерге,
Он алты қарыс қазанға,
Төрткүллеп ошақ ойдырды.
Хызмет қылды аянбай,
Өлместен бурын атадан,
Еситкенлери бойынша,
Билгенлери ишинде,
Еситтирмейди кисиге,
Ҳәр қайсысы өзинин ойынша,
Жүрген екен үшеўи,
Аламыз деп алтынды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атамның көзи жойылса,
Ким алады биз алмай,
Еки көзи атамның,
Ашылмастай болып жумылса,
Шанашты көмген шуқырға,
Үш күннен соң келемиз,
Бүгин гөрге қойылса, —
Деп үш бала алтынды,
Көмиктен ашып алмақшы,
Бирине-бири билдирмей,
Өзлериниң ойынша.

Келгенге берди аямай майлы етти,
Ет пенен керегинше ғарежжети,
«Халайықлар, қарныңның тойғанын бил,
Жесеңиз тағы келип алың» депти.

Қант, чайларды қутылап қойып атыр,
Маллардың хәр түринен сойып атыр,
Аппақ май, гилкилдеген семиз етке,
Келген өзи қайыттыға тойып атыр.

Қулағы еситкенлер барып атыр,
Барғанның аўызы асқа жарып атыр,
Кимсеси екеў-ара, кимселери,
Дараўара тамаққа дарып атыр.

Гилкилдеген ақ майды тартып атыр,
Жеген жеп, жемегени артып атыр,
Шамалы тақырланған табақлары,
Көбиси жары желинип қайтып атыр.

Буйырған дузынан дәм татып атыр,
Дәм татқаны қызыққа батып атыр,
Бир барған еки барып, еки барған,
«Гәп бунда екен ғой» деп жатып атыр.

Аш болып барған тойып қайтып атыр,
Таўсылар емес, тамақ артып атыр,
Тамаққа қарны тойған қарриялар,
Алғысын қайта-қайта айтып атыр,

Қасық май, шөмиш те май, табақ та май,
Қол да май, қарын да май, тамақ та май,
Рахмет Бекимбеттиң балларына,
Мерекеси болды бир шылқылдамай.

Дәўранаға боталы түйе берди,
Исхатына қулынлы бийе берди,
Шанаштағы алтынды аламыз деп,
Балалары атаға ийе берди.

Уламалар сарпайды кийе берди,
Балалардың баўыры ийе берди,
Шанаштан хабары жоқ қатынлардың,
Берген сайын ишлери күйе берди.

Алғанлары айланып келе берди,
Ғабырысып келгенлерге және берди,
Балалардың шанаштан хабары бар,
Болмаса бунша затты неге берди?!

Бекениң үш келини,
Әри-бери қабағын,
Байларына үйеди.
Үйген сайын ерлери,
Пәйүендеки муш пенен,
Тумсығына түйеди.
Түйиўиниң себеби,
Шанаштағы тилланы,
Алыўды балалар сүйеди.

Айтсам сөзди жуўмақлап,
Келген намазшыларды,
Жақсылап баллар күтеди,
Шақырылып барғанлар менен,
Шақырылмай барғанларға да,
Аянбай хызмет етеди,
Тамырлар менен таныстың,
Жақынлар менен алыстың,
Кеўиллери питеди.
Өлиниң оң қапталда,
Жатырғанына көсилип,
Еки күн анық өтеди,
Малларды сойдырғанына,
Халықларды тойдырғанына,
Үшинши күнге жетеди,
Сәршенбиниң түнинде,
Пийшенбиниң күнинде,
Өлини дәпин етеди.
Мәйитти жайғастырған соң,
Намазшылардың барлығы,
Үйлерине кетеди,
Ескен самал тымғанша,
Ашқан көзди жумғанша,
Арадан үш күн өтеди,
Атаның айтқан ўақыты,
Балалардың үшеўине де,
Аттан анық питеди.
Питкенин билип ўақыттың,
Орнынан ушып түргелди,
Үлкен улы жетеди,
Айтқан жерин атаның,
Қазып еки тебикти,
Үшиншиге жетеди,
Үшиншисин питкерип,
Төртиншисин тепкенде,
Ортаншы улы жетеди,
Екеўи бири-бирине,
Олыйысып қарап турғанда,
Үшиншиси де жетеди,
Биреўиниң орнына,
Үшеўи де келип тур,
Енди булар нетеди?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағайинлы үш бала,
Төбелесип қалар деп,
Халыққа күлки болар деп,
Анасы да жетеди.
Анасын көрип үлкени,
«Атам айтып еди маған,
Ал буларға тап анам,
Айтқан» деп гүман етеди.
«Билдирмесем болмас» деп,
«Булардың кеўили толмас» деп,
Үлкен улы ойланып,
Түрли ойға кетеди.
Тийдирмей жерге өкшени,
Сырыққа саплап кепшени,
Үшеўи де келип тур,
Ойланбай жигит нетеди.
Аң-таң болып үш бала,
Анасы менен төртеўи,
Отырып-отырып ақыры,
Ой түбине жетеди,
Ағасы түсип араға,
Еки ини балаға,
Айтқанларын атаның,
Бир-бир баян етеди:

— Алдында ағаңыз мен, сизлер иним,
Келип турсыз алдыма бирим-бирим,
Бир кепше хәр қайсыңның қолларында,
Ҳайран болдым бул истиң билмей сырын.

Билейик, келиң бери, сырын бунын,
Ишинде сыр сақламай сөйлең иним,
Сарыбай менен Сапарбай екеўиңиз,
Кәнекей, әңгимениң айтың шынын.

Сөйледи Сапарбай турып сонда,
Узын сапқа сапланған кепше қолда:
— Атамның шанаш қалта толы алтынын,
Ашыўға қумар болып келдим бунда.

Атам мени алдына шақырып алып,
Көмиктеги тилланы ядқа салып,
Шығанақ бойлы шанаш қалтаның да,
Көмилген жерин айтып еди анық.

Сол ушын белди узын сапқа саплап,
Өткир етип кепшениң жүзин таплап,
Тилланы алыў ушын келип турман,
Атамның айтқанларын ядда сақлап.

Досты қуўант, душпанды күлдирме деп,
Жаманға аяғыңнан илдирме деп,
Алтынды өзиң ашып, бир өзиң ал,
Өзиңнен өзгелерге билдирме деп,

Бетимнен сүйип, қолдан тартып еди,
Тартқаны мениң ушын әртип еди,
Қәдирин билалмадым тирисинде,
Атамыз хәр нәрседен артық еди.

Кемлик пенен дүньядан қайтып еди,
Мийнети қартайғанда артып еди,
Атам мени алдына шақырып алып,
Өлериңнин алдында айтып еди.

Шырағым өзиң ашып аларсаң деп,
Басын бузбай аршаңа саларсаң деп,
Сыр бермей сандығыңа салып алсаң,
Халық ишинде ғәный бай боларсаң деп.

Мен, аға, шынын айтсам, соған келдим,
Ал сизлер айт, бул жерге не келдиң?
Атаның көмигине төбелесип,
Сермендеси болмайық туўған елдиң.

Деген ўақта ортаншы баласы да,
Атаның көзиниң ақ-қарасы да,
Қолындағы кепшесин тартып урып,
Бул да түсти бул сөздиң арасына:

— Аға, ини үшеўимиз айландырған,
Бәримизди де бул ис ойландырған,
Шанашты шаңда ширип кетпесин деп,
Атамыз ертеректен ғамластырған.

Келиңлер, көмикти тез ашайық биз,
Алтынды алып, толып тасайық биз,
Хан билсе, ғәзийнеге алар-кетер,
Сыр шашпастан сандыққа басайық биз.

Үшеўимиз бөлисип алайық биз,
Үшеўимиз де бөлиўге ылайықпыз,
Шанаш толы тилланы бөлип алып,
Буннан да бетеррек бай болайық биз.

Ағаның айтқанынан қашпайық биз,
Ағаға қарсы аўыз ашпайық биз,
Атамыздың алтынды көмген жерин,
Келиңизлер, тез қазып баслайық биз.

Бул сөзди хәммеси де ақыл көрип,
Ақыл айтқан инини жақын көрип,
Келисти көмикти ашып алыў ушын,
Журтқа сездирмеўди мақул көрип.

Жетисти ағасы үш тепкен жерге,
Үш теўип бираз хызмет еткен жерге,
Шығанақ бойлы шанаш қалта толы,
Тилланы ата көмип кеткен жерге.

Үш бала көмикке күш салды енди,
Қолына кепшелерин алды енди,
Ошақтың басын қазды жуўан саннан,
Көп болғанда бир тебик қалды енди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шуқанақтың қазыўы питпей атыр,
Арадан босқа ўақыт өтпей атыр,
Шығып атыр гүрпилдеп гөне топырақ,
Тазаға белдиң нышы жетпей атыр.

Ал енди төрт қыршымдай бес тебиктен,
«Дәрек жоқ» деп турғанда ҳеш тебиктен,
Тийди бир былқылдаққа белдиң нышы,
Қалдық-аў деп турғанда бос көмиктен.

Баллардың мийнетиниң ҳақы шықты,
Орап көмген кийиздиң қаты шықты
Төрт қатлаған кийиздиң арасынан,
Бир өгиздиң қақайған шақы шықты.

Көмиктен балалардың ҳақы шықты,
Бир өгиздиң қақайған шақы шықты,
Шақтың ишин тексерсе, қулығынан,
Бекеңиң жазып тыққан хаты шықты.

Көмиктен балалардың ҳақы шықты,
Бир өгиздиң қақайған шақы шықты,
Бир қулаш қосық жазып шаққа тыққан,
Қағаздан Бекимбеттиң аты шықты.

Көмиктен балалардың ҳақы шықты,
Кейинги ғаррылардың мәпи шықты,
Кемпир менен ғаррының мәпин айтып,
Шаққа тыққан Бекеңниң гәпи шықты.

Көмиктен ақылдың дәл көзи шықты,
Түсингенге ақылдың өзи шықты,
Кейинги ғаррыларға ақыл айтып,
Шаққа тыққан Бекеңиң сөзи шықты.

Шақтан хатты суўырып алып салып
Көпшилик көз алдына жайып салып,
Журтшылық жүрген жерде оқый берди,
Зарланып саз даўысқа салып халық.

Оқылып аўыл менен қалаларда,
Тыңлатылды не ақыл-даналарға,
Пайда болды баладан, келининен,
Хорланып жүрген ата-аналарға.

Оқылып аўыл менен қалаларда,
Пайдасы тийди ата-аналарға,
Шақтағы сөз недәўир тәсир етти.
Мийримсиз қыз-келиншек, балаларға.

Өкпелесип шүртийискен еринлери,
Пикири бузық, қара кеўиллерге,
Шақтағы сөз недәўир пайда етти,
Ерине терис қараған келинлерге.

Желпилдеп жегилип жүрген женгелерге,
Желиккенге жел берген ениелерге,

Шақтағы сөз бақ болды, келининен,
Күйинип жүрген ата-енелерге.

Мойынсынбай менменлик етип ерге,
Қаратып кеткен ерин қара жерге,
Шақтағы сөз недәўир қайыр болды,
Жеңгеден күйинип жүрген қәйинлерге.

Қуўанды халық көмиктен шыққан шаққа,
Алтын деп бүклеп шаққа тыққан хатқа,
Мийримсиз перзент пенен келинлердиң,
Қулағына қуйып жүр айтып ядқа.

Тыңлаған келиншеклер пәске қайтып,
Менменге нәсиятын жүрди айтып,
Мийримсиз баллар менен пәмсиз пасон,
Келинлерге недәўир болды тәртип.

Бул шақты ҳәмме мақсет-мурат дести,
Шанаш толы алтынға турады дести,
Халықтың қарилары Бекимбетти,
«Өтирикши емес» деп сөзди кести.

Даналық сөз бурыннан халықтан шыққан,
Халықлардың ишиндеги қарттан шыққан,
Елдеги еситкенди еңиретти,
Алты тахта ақ қағаз шақтан шыққан.
Қайтарды хат мийримсиз перзентлерди,
Ата менен анасы ядтан шыққан,
Шақтағы хатты оқып ойланды көп,
Белгили келинлер де тахтан шыққан,
Ата менен анаға айланыпты,
Алағайым атлары хаттан шыққан.
Бул қағаз көмиктеги шақтан шыққан,
Шақ Шымбай, Тахтакөпир жақтан шыққан,
Бала менен келинге қосық жазып,
Алты бет ақ қағазды бүклеп-бүклеп,
Бекимбет күйингеннен шаққа тыққан.
Оқыўшыларым менен тыңлаўшылар,
Сондағы қосықлары мынаў екен,
Алтын болып шақтағы хаттан шыққан:

— Тыңлаң халқым, терең сыр бар сөзимде,
Алыстағын аңғармайды көзим де,
Перзентлерим қәдиримди билмеди,
Тәнимнен диңкемниң кеткен гезинде.

Жасы қурығыр алпыстан да асып тур,
Жетпистиң желкесин толық басып тур,
Қолымдағы улым менен қызларым,
Қартайғанлығымды билип қашып тур.

Тасбаўыр мийримсиз Бекберген балам,
Жедирип ҳадалдан, таттырмай ҳарам,
Сақлап камалына келтиргенимде,
Мени таслап кетти, буған не шарам?!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Билмедим, бузылды неге қыялы,
Ядына алмады өскен уяны,
Басқа шыққан күннен баслап келмеди,
Тийгендей тап атасының зыяны.

Екинши улымның аты Сарыбай,
Сарабайды асырап едим ҳарымай,
Бағып-қағып келе қылған ўақтымда,
Бул да кетти атасына дарымай.

Мен де жүрген дығы бардай бурында,
Билмеслиги басым болды бунын да,
Әсиресе бунын мийримсизлиги,
Жеги болып түсти, халқым, жулынға.

Үшинши қулыным Сапарбай еди,
Турқын көрсем тоғыз улға тай еди,
Бул да бузылысты қатын алған соң,
Бойдақ ўақта кеўили маған жай еди.

Не болды бахтыма менин, япырмай?
Қайдасаң генжетай улым Сапарбай?
Бәдер кеттиң, балам, басқа шығыўдан,
Ҳеш болмаса келинди де апармай.

Жанының ҳәзлигин билген екенсең,
Үйде жүргенинде бүлген екенсең,
Бурын билмей, бүгин билдим балам-ай,
Бизден қутыла алмай жүрген екенсең.

Атлары айтылған усы үш балам,
Сөзлеримниң мәнисине түс, балам,
Сизлердиң мийримсизлигиңизден,
Болды қайғы атаңызға дус балам.

Көзди ашып-жумғанша үш қулыным,
Жоқарыға көтерисип мурынын,
Бизден бөлекленип шықты да кетти,
Атасына сыйпалатып орынын.

Халықларым, күйгеним сонша булардан,
Баян етип бир шығайын қумардан,
Жарпақсыз, саясыз сояўы шыққан,
Бир ағаш болдым да қалдым қуўраған.

Ондай жүдә көштен қалған емеспен,
Тамақтан, кийимнен қайғы жемеспен,
Келинлер де шыға берди суўрылып,
Ҳеш болмаса «хош бол, ата» деместен.

Қақайған қарабас қаңғыға қусап,
Баласыз жалғыз бас адамға усап,
Қарадым да қала бердим кейнинен,
Баўырым ылжырап, буўыным босап.

Жалғыз өзим далбып үйге сыймадым,
Кемсеңлетип аўызымды жыймадым,
Баллардан тирилей айрылғаныма,
Көпке дейин көздиң жасын тыймадым.

Күлки болғаныма арланып көпке,
Қылып улым менен қызыма өкпе,
Үш-төрт рет қыялландым күйгеннен,
Қолымды терис жайып ғарғайын деп те.

Кемпир қолды қағып қайыл болмады,
Мениң ашыўыма кеўили толмады,
Қалай күйинсем де қолды терис жайып,
Ғарғаўыма аўыз қурғыр бармады.

Аңғарған адамға гәпимниң артын,
Ескерген жасларға сөзимниң парқын,
Баллардың бәрин де болдым баянлап,
Енди мен айтайын қызлардың атын.

Қалжан еди ең үлкени қызымның,
Тәўир көретуғын қызым өзимниң,
Бир хабар алмайды келип ҳалымнан,
Алдында жүрсе де еки көзимниң.

Ул-қызлары болғаннан соң қойнында,
Жеткиликли деп машқалам мойнымда,
Пәрўайы-пәнсери қызым жүрипти,
Ата-ана жоқ бунын ҳеш бир ойында.

Екинши қызымның аты Гүлбазар,
Былтыр келип, болып кетти бир базар,
Атасы болсам да үш ул, үш қыздың,
Ҳәзир болып отырыппан қуўмазар.

Кеткени ме намыстың да, ардың да,
Шайқатылып жүрсе де көз алдымда,
Айында бир айланбайды артына,
Атасы-анасы жоқтай ядында.

Гүлбазар қызымның сиңлиси Улжан,
Геўдеден шығыўға жақынлап тур жан,
Атасынан алмаған соң хабарды,
Буларды жақсы дейип айтпайды бир жан.

Ақ сүт берген анасынан тойғандай,
Бир жалмаўыз қулағына қуйғандай,
Айланбайды еки айлап, үш айлап,
Байлары аяғын тусап қойғандай.

Қалжан, Базар, Улжан арқа сүйеўим,
Әлпешлеп жүрипти күтип күйеўин,
Жиберип турмайды күйеў баллар да,
Ҳеш болмаса үш-төрт айда биреўин.

Дөреген қыз болса анық өзимнен,
Айыпларын аңлар керек сөзимнен,
Қалжан, Базар, Улжан атлы қызларым.
Бир-бир уштыңыз ғой еки көзимнен.

Бирин таслап, барды демең бирине,
Сөз келип тур ең тийимли жерине,
Демим питип, өлгенимше өкпем көп,
Қолыма түсирген келинлериме.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жығагүл атлы ең үлкен келиним,
Келин десем шұртийтеди еринин,
Бизиң келинимиздиң ата-анасы,
Ең абырайлы яшуллысы елиниң.

Келин ата-анасына тарпаған,
Я үй иши оңлы бол деп айтпаған,
Мийримсиз тасбаўыр жасы үлкенге,
Келип-келип дус болар ма тап маған.

Қашан көрсең қас-қабағы үйиўли
Жарқылдап жүрмейди, иши күйиўли
Гүбирленип сөйлеп өзинен өзи,
Күйеўине гижинип, мушы түйиўли.

Екиншисин шақырағойсам Гүлбийлеп,
Орнынан турады зордан өйбейлеп,
Күлмеген адам жоқ қоңсы-қобамда
«Исжақпаслар жыйналыпты ылғый» деп.

Сен сорама, мен айтпайын келинди,
Келиўден-ақ кемпир менен илинди,
Басы писпей басқа шығып бес айдан,
Жақсы-жаманының өзи-ақ билинди.

Питип қалған келбет пенен порымнан,
Истен ығыр болғандай тап бурыннан,
Кегирдекти кериңкиреп үш рет,
Айтпағанша түргелмейди орынан.

Үшиншисин шақырағойсам келин деп,
Өжетленип даўыс берер «өлим» деп,
Қулақ қурғыр еситсе де «өлгир»ин,
Мен сорлыны әкетпей жүр өлим кеп.

Буның да бир минези бар оңбаған,
Сол қылўасын қартайғанша қоймаған,
Көркин көрсең көз тойғандай бир нашар,
Айтқан нәсият қулағына қонбаған,
Урысқан күни үйдиң ишин көтерип,
Төркинине таслап келди, оңбаған.

Ара-тура шығағойса қалалап,
Шаршысына затты салып шамалап,
Төркинине таслайды да қайтады,
Жолдан шығып жүрип жапты жағалап,
Қылт етсе арқалап үйине тасып,
Үйди де жуқарта келди далалап.

Мәгәр бахтым жатып, дәўлет қайтып тур,
Бул ис бизге күннен-күнге батып тур,
«Урысқан күни үйге кел» деп қызына,
Қудамыз да нәсиятын айтып тур.

Усы қудамыздың аты Мәтқурбан,
Урыс десе мушына түпирип тақ турған,
Күйеўинин үйиндегин арқалап,
Қызының алып барғанларын жақтырған,
Тап усындай ашкөз арсыз қудаға,
Мени оңбай кеткир Ораз тап қылған.

Қудағайымның да аты Мария,
Күйгенимнен буны да еттим жәрия,
Жуўқылдап ернине ерни тиймейди,
Сөзге келсе ағып турған дәрия,
Буның барып, көрмеген де жери жоқ,
Дейсең, нағыз көп жасаған қария.

Жасы кишилерим болса нетейин,
Олардың кеўлине қалай жетейин,
Аўызым қызған гезде күйеў баллардың,
Атларын да баян етип кетейин.

Үлкен күйеў балам Қәллимуратдур,
«Үйиңе барма» деп қызды бурап тур,
Аз да болса үш ай өтти арадан,
«Ата қалайсаң?» деп келместен-ақ бир.

Жолына қарай-қарай көзим сүзилди,
Келеди деп ой-баўырым езилди,
Бизиң балаларымыздай буның да,
Атаға мийримсизлиги сезилди.

Тетки күйеў балам Бабажан деген,
Қызымды аларда «ағажан» деген,
Уллары ержетип, қызы бой жетти,
Қатыны қойнында, тарықсын неден.

Көз жибермей хәр бир истиң ўақтына,
Бирден бақырып кететуғын қаттыға,
Гил мийримсиз бенен өңшең тасбаўыр.
Тап бола берер ме мениң бахтыма?

Ең кишкене күйеў балам Хайытбайды,
Жасы киши ғой деп тилин тартпайды,
Егер ашыўланағойса қызымды,
Үйде сөгип сабаўдан да қайтпайды.

Үйге шақырсам да «балам, кел» дийип,
Жигитим жүрипти келмей гердийип,
Мирәәтсиз мен барыўға үйине,
Тартынаман сақал-муртым ербийип.

Жас ўақтымда дәўлет дарып, бақ қонды,
Бекимбетке «бақый» деген ат қонды,
Бизди буннан бетеринен сақлағай,
Талайыма усындайлар тап болды.

Айтып өттим барлығының атын да,
Енди хеш кимим жоқ алды-артымда,
Шайыр болсаң усы аўхалларымды,
Сөйле қызыл қырқылғыр тил, тартынба.

Үйлендирдим балларымның бәрин де,
Қатын алып берип еттим кәрин де,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосып өзлериниң қәлегенине,
Келистирдим қызларымның сәнин де.

Ҳеш бирине кирли кийим кийдирмей,
Етине шаң, бетине тил тийдирмей,
Күни-түни қыйнап шийрин жанымды,
Келе қылдым қас-қабағын үйдирмей.

Гил ҳасылдан кийиндирип ийинге,
Үсти-басын малындырып кийимге,
Өзлериниң қатар-қурбыларынан,
Алда қылдым, қалдырмадым кейинге.

Сөйтип сақлап әлпешлеген балларым,
Билместен жүр ата-ананың ҳалларын,
Қартайған ғаррысын журтта қалдырған,
Перзент қалай оңар екен, жанларым?!

Балларым мәс болып қарнына шертип,
Келиншеклерин жүр кейнине ертип,
Мезгилинде май шайнап, бал жесе де,
Мен отырман кемпир менен күн елтип.

Перзентлерим атам бар деп келер ме,
Я хабар алмастан жүре берер ме,
Улым, қызым, келиним, күйеў балларым,
Шетинен мийримсиз бола берер ме?

Урада дән, қорада мал көп еди,
Кийим пүтин еди, қарным тоқ еди,
Пейилимнен дейин десем бул исти,
Пейилимниң бузық жери жоқ еди.

Үш келин, үш күйеў алты болады,
Үш ул, үш қыз он екиге толады,
Бир қора жан бир ғаррыны бақпаса,
Айтшы халқым, олар қалай оңады?!

Он екиси кеўилимди таппай жүр,
Тапқанлары зейиниме жақпай жүр,
Мен булардың бәрин бақтым бир өзим,
Енди бәри жыйылып мени бақпай жүр.

Мен отырман бәрин де өз балам деп,
Денлери саў болса ғамхор панам деп,
Күни-түни тилегинде жүрсем де,
Олар бир келмейди ата-анам деп.

Болмайды екен ғой ўақты хошларың,
Перзентиң мийримсиз болса, досларым,
Үш жылдан төрт жылға анық қарады,
Көзден әжиз болып қалды қостарым.

Кемпир менен бизиң аўҳал усындай,
Келин мүнжип, болып қалдым усындай,
Ата тилин алмаса да балларым,
Қатын айтса, қәлпелердиң қусындай.

Созылып зергердиң тартқан мысындай,
Ағайинлер, сөзди тыңлаң қысынбай,
Үш ул менен үш қызы бар ғаррының,
Ел-елатым көрген күни усындай.

Халықларым турғанда қайғы жемеспен,
Ел ишинде хор боламан демеспен,
Диңке кетип, қартайғаным болмаса,
Ҳәзир ҳеш нәрсеге мүтәж емеспен.

Келгенге-кеткенге ашық жайым тур,
Отырғанға төселиўли тайын тур,
Ел-халқымның садағасы кетейин,
Тойдан орным, үлеслерден пайым тур.

Қант ҳәм конфет, аўқат-чайым тур,
Қапта уным, даңғырымда майым тур,
Есикте отыным, кисемде пулым,
Ишип-жеўге түрли тамақ тайын тур.

Кемисим болмаса күштен-қуўаттан,
Кийимим бар төрт-бес, алты қабаттан,
Халқымның қәдирлеп-әлпешлеўинде,
Мүлк-әсбап жағынан да абатпан.

Айтып ада қылалмаспан барлығын,
Егип алып турман жердиң байлығын,
Жатсам да, турсам да бирдей тилеймен,
Елдиң тыңышлығын, халықтың саўлығын.

Ағайинлер, тыңласаңыз сиз бүгин,
Барынша ағыттым сөздиң дизгинин,
Шыдай алмай шақ арқалы шығардым,
Баланың, келинниң мийримсизлигин.

Жазып жерге көмдим, ашып алсын деп,
Мийримсиздиң қулағына салсын деп,
Атасын хорлаған бизиң баллардай,
Тасбаўырлар оқып мийри қансын деп.

Жас гезимде жан қорқса да атымнан,
Ал ҳәзир қартайып, қайттым патымнан,
Қылған қылўаларын бизиң баллардың,
Билерсизлер шақтан шыққан хатымнан.

Көпке белли мен Бекимбет «бақый»ман,
Балалардың ҳәдден гүзар ақыйған,
Атаға не қылғанларын билерсиз,
Өгиздиң шығанақ бойлы шақынан.

Қосық жазып терең ойдан-ақылдан,
Шықтым керек балларымның ҳаққынан,
Ашқан ўақта суўырып алып оқырсыз,
Өгиздиң шығанақ бойлы шақынан.

Баршаға белгили Бекимбет атым,
Қапалық гезлесип, қайтты қуўатым,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шақтан билиң бизиң бала, келинниң,
Минез-қулқын, туўылып өскен елатым.

Шаққа тыққан сөзлеримди алтын деп,
Ашып алып оқырсызлар, халқым, кеп,
Оқығаның билерсизлер сол шақтан,
Шыққан шығарманы нағыз алтын деп.

Билмегениң айтарсызлар «уят» деп,
«Бала, келин қалай елде турар» деп,
Билгенлериң айтарсызлар «шақтағы,
Мына сөзлер алтыннан да зыят» деп.

Бурған перзентлерге анаға бүйирин,
Атаңның сөзлери шекерден шийрин,
Жығагүл ҳәм Гүлбий, Улжан келинлер,
Буны оқысын да қандырсын мийрин.

Ҳәр бир перзент кемпир-шалын өзиниң,
Қәдирин билип «қулыным» деген сөзинин,
Күтиў керек ата менен ананы,
Қас-қарашығындай қылып көзиниң.

Қай перзент билмесе қәдирин атаның,
Ең жаманы усы болар хатаның,
Сүт берген ананы сыйламамағанлар,
Ким исенер сүйеди деп Ўатанын.

Айтың, усындай-әм перзент болар ма?
Асырап-сақлағанды сөйтип қояр ма?
Қартайғанда күтпей ата-ананы,
Хорлаған ул, келин, қызлар оңа ма?

Гей кемпир-шал ғарғап жүр өз баласын,
Гей баллар хорлап жүр ата-анасын,
Гей келинлер айырып жүр уялмай,
Бала менен ата-ананың арасын.

Гей бир мийримсизлер шыйырып муртын,
Атаға-анаға томпайтып уртын,
Таслап кетип кемпир менен ғаррысын,
Жийиркендирип жүр ел менен журтын.

Бундай әдет ушыраспасын аўылға,
Жайылмасын жас әўлад, жас баўырға,
Бизиң күйеў баллар менен келиндей,
Сөзим тәсир етер ме тасбаўырға?!

Ул менен қыз ата-ана, ағасын,
Ең қәдирли ҳүрметлиге санасын,
Ул өсирип, қыз сақлаған келинллер,
Бул иске ойланыңқырап қарасын.

Зая болып сонша жылғы иззетим,
Күйип кетип қәдирлеген хызметим,
Өзиң жақсы көрерсиз бе келинлер,
Қартайғанда таслап кетсе перзентиң?

Елде бундай мийримсизлер жоқ емес,
Бар, бирақ та ол айтқандай көп емес,
Бекберген, Сарыбай, Сапарбайлардың,
Бетлерине басып қойған шеп емес.

Жолдан шығып ким түссе де соқпаққа,
Ондайлар тап болар сөзсиз тоқпаққа,
Түртип ғана айтып қойған шеп емес,
Қалмурат, Бабажан, Ҳайытбай ақмаққа.

Бундай аўҳал ушыраспасын араға,
Ушырасса жоқ болсын турмай арада,
Мен бул шақты көмдим тәмби болсын деп,
Бизиң ул-қыз бенен келин балаға.

Бундай аўҳал жолықпасын ортаға,
Жолықса жоқ болсын турмай ортада,
Ҳаққынан шығыўға мийримсизлердиң,
Алтын деп шақ көмип едим жортаға.

Ғарры менен кемпирлерге қонсын бақ,
Басларында гүл-гүл жайнап турсын ўақ,
Атаны хорлаған бизиң баллардай,
Перзентлердиң баўырына кирсин шақ.

Шын атым Бекимбет, лақабым «бақы»,
Балада көп ата-ананың ҳақы,
Атаға мийримсизлердиң баўырына,
Буннан да жуўанлаў өгиздиң шақы.

Көп сөйлеп қашырмай сөздиң мазасын,
Енди мен айтайын гәптиң тазасын,
Шанаштағы алтынды тез алыўға,
Тилегенлер әкесиниң қазасын.

Тутса керек сөзлериме алданып,
Өлеғойсам атасының азасын,
Ашағойса көмиктеги шанашты,
Хатты оқығаннан алар жазасын,
Атаны-ананы бизиң баллардай,
Хорлағанлар тартқайдағы сазасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

66 - ТОМ



# ГҮЛ – СӘНИЎАР

*Айтбай Балтабай улы*

*Жазып алған: К.Әбибуллаев*

*(1960-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмма, рәуият қылып турурларким, Шын ўәлаятының бир патшасы бар еди, оның атыны Куршида дерлер. Нешше жыл патшалық қылды. Оннан ҳешбир перзент болмады.

Әлқысса, күнлерден бир күн Куршида аҳ урып, өзине-өзи айтты:

— Мен ким ушын патшалық қыларман, өзим өлсем, тахтыма ким ийе болар екен, — деп көп қапа болып жылап отырар еди. Солай етип, жылап жүрген күнлеринин биринде қудайтаала тилегин қабыл етти, бир уғыл берди. Ол уғылға мүнәжжим уламалар жыйналып, Сәниўар деп атын қойды. Ол Сәниўар жети жасына келди. Атасы Куршида баласы Сәниўарды қолынан тутып, мектепке апарып моллаға берди. Ол молладан Сәниўар он төрт жасына келгенше илим-билимди үйренди. Әмма, молла патша Куршидаға айтты:

— Мен Сәниўарды оқытып болдым, муннан былайғы жағына мениң шамам жетпейди, — деди.

Әне, Сәниўар он төрт жасында оқыўды тамамлады. Он жети жасына шыққанша атасы Куршиданың қасында болды ҳәм пуқараны әдил сораўды үйренди. Әлҳасыл, Сәниўар ержетип, жигитлик кәмалына жетти. Күнлерден бир күн қасына қырық жигит алып, жақсы атларға минип, қолына алғыр қус алып, таўлық, қумлық ҳәм бир шөл жәзийраға аўға шықты.

Әлқысса, Сәниўар қырық жигити менен сәйир-тамаша қылып жүрип еди, уйқы ғалаба қылды. Атынан түсип, шатырының ишине кирип, ҳасыл төсеклерге жатты. Көзи уйқыға кетти. Сәниўар бир түс көрди. Қараса, бир гүлзардың ишинде бир перийзат қызды көрди. Сондай ҳүсни-жамалын көрген барабарында Сәниўардың кеўлине ашықлық муҳаббаты түсип, Сәниўар саўал сорап, перийзат жуўап айтып бир сөз дегени:

Сәниўар:
— Пери лашын бакышлым, жәбирейли пәрлим,
Таза нәўжуўаным, қайдан болурсаң?
Шәмсиқамар йүзли маҳы әнбарым,
Көзлерим-мәсканым, қайдан болурсаң?

Перийзат:
— Мени сорсаң, перийзаттың шаҳыман,
Ҳаслы шәҳри Шабыстаннан болурман,
Пәм әйлесең мени Ҳалы Маҳысаң,
Қазаны йоқ гүлистаннан болурман.

Сәниўар:
— Басыңа кийипсең мурассаң тажы,
Көрген адам болур йүзиң мүтажы,
Көзимниң рәўшаны, басымның тажы,
Ғамзасы бийганам, қайдан болурсаң?

Перийзат:
— Ашықлық мискинниң мәламат басы,
Жамғырдай ағызма көзимниң жасы,
Мискинниң келиси дүйшемби басы,
Мени сорсаң Пәрий жаҳаннан болурман.

Сәниўар:
— Қыналы қолларың бояпсаң қана,
Зәрәпшан зулпыңды асыпсаң шана,
Юсуп киби салма мени зиндана,
Зилийҳа нышанлым, қайдан болурсаң?

Перийзат:
— Яқып киби келдим сизди сорағлап,
Ҳәсиретиннен мен ҳәм сийнемди дағлап,
Келдим мен жолыға белимди байлап,
Бир тотыман, шәккар гәдый болурман.

Сәниўар:
— Қанжар урып бағрым қанға толдырма,
Қызыл йүзим запырандай солдырма,
Нәзик дилбар, ғамзаң менен өлдирме,
Кәрамлық султаным, қайдан болурсаң?

Перийзат:
— Әзирейил ҳәмдамы дәрьядан маҳы,
Әламды яндырды ашықтың аҳы,
Ҳаслымды сорсаңыз, пәрийлер шаҳы,
Яқытлы, гәўҳарлық кәндин болурман.

Сәниўар:
— Көзлериң нәркисдур қәўметиң киби,
Назлы дилбар ҳаслы жәҳән маҳбубы,
Нешше жыллық мәнзил йолыңның киби,
Сөзлегил жуўаным, қайдан болурсаң?

Перийзат:
— Ҳаслым перийзатдур, жоқдур нышаным,
Әшкара әйлесем сырыў-мәҳаным,
Үш йүз жыллық йолдур мениң мәканым,
Билсең, шәҳри Шабыстаннан болурман.

Сәниўар:
— Куршиданың улы, атым Сәниўар,
Ҳәсиретинде қәсте кеўлим миннетдар,
Мәлак сүўретли гүл йүзли дилбар,
Ырасын айтқыл ярым, қайдан болурсаң?

Перийзат:
— Пурханшаның қызы, атымыз Гүлдур,
Ғамлық билен шайда болған бүлбилдур,
Таҳы өлгенше қылай ықырарым шулдур,
Пәм әйлесең, бул мәканнан болурман.

Әлқысса, бул сөзлерди дегеннен кейин перийзат Сәниўарға бир гүл тутып ийискетти. Ийискеген ўақта ояныш кетти. Қараса, түси екен. Ишине пәрийшанлық түсип тур, онда ашығының шиддети тәмин қылды ҳәм бийшара Сәниўар ҳайран ҳәм сәргардан болып турып орнында отырды. Өзини тоқтата билмей зар-зар жылап, ол перийзатты яд қылып, бул бәйитти оқыды:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ғамзасы жан алып кеткен перийзат,
Ғулпың кийип яна-яна кел енди,
Шәмсиқамар йүзли, қәүмети шәмшат,
Қанжар урып бу кел енди, кел енди.

Бул қайсының мехринде күйди Сулайман,
Яқып улы ушын дәдеси гирян,
Бийшара ашықпан, жолында ҳайран,
Рәҳим әйлеп нәўжуўаным кел енди.

Шийрин ушын жапа көп шекти Фарҳад,
Бул дүньяны кешти бул зары нәшад,
Мәстана көзликим, қәүмети шәмшат,
Қулақ салғыл, бул ығбалым не болды.

Бундай ашық болып гезерде ҳайран,
Ләлиниң ышқында яғлады шәндан,
Рәҳим әйле ҳалыма шаҳы кубан,
Ғарқ әйлейип дана-дана кел енди.

Юсуптиң үйлиги журди нешше жыл жылап,
Ашықтың дәртинде бағрыны дағлап,
Мурасса белине шиддетлер бағлап,
Қоллары қыналы ярым кел енди.

Мүшк тартар қәдди бойы, не ҳалым,
Ғамзасы жан алар, көзлери залым,
Сәниўар ҳамдамы опалық ярым,
Рәҳим әйлегил, бул ярыңа кел енди.

Әлқысса, бул сөзлерди айтып, зар-зар жылап Сәниўар үйге кирип жатты. Ўәзирдиң улы Зийўарша кирип көрсе, бийҳал, жанып тур Сәниўар. Аўҳалын Зийўар сорап, Сәниўарға қарап бир бәйит оқыды:

— Сулайман дәўлетли, ҳүрметли шаҳым,
Сөйле, ҳалың пәрийшаным, не болды?
Көзимниң рәўшаны, иззетли шаҳым,
Баян қылғыл бул аўҳалың, не болды?

Нәркистей көзиңнен яшың ағылмыш,
Қызыл йүзиң запырандай сарғаймыш,
Әлиптек қәүметиң жайдай бүгилмиш,
Ырасын айтқыл, бул ҳалыңа не болды?

Юсуптиң атасы Ҳәзирети Яқып,
Я йығламадың тазайы маҳбуб,
Пырағында жылайды көп налынып,
Сөйле көзим, аққан жасқа не болды?

Көңиллериң қанлы жасқа толтырма,
Гүл жүзинди жапырақтай солдырма,
Досыңды күйдирип, душман күлдирме,
Таўсылмас ҳәсиретлик ҳалың не болды?

Гүлшаның толып тур қазан бағына,
Бир сөзим бар, аңла қарап сағына,
Қулақ салғыл Зийўар қулдың дағына,
Сөйле шаҳым, пәрийшаным, не болды?

Әлқысса, андын кейин Сәниўар түсинде көргенин ата-анасына ҳәм жигитлерине бир-бир баян қылып, бул бәйитти оқыды:

— Бир сөзим бар, ағаларым, беглерим,
Түсимде көринди бир пәрий жүзлим,
Әлиптен қәүмети, гүл жүзли дилбар,
Аның ышқында мен болдым бийҳал.

Бузылған кеўлимде қылды имарат,
Дилбар пәрий бақыш қылды ишарат,
Көзлери жан алар, ғамзасы апат,
Зулпы зарапшанлық бир пәрий көрдим.

Бир гүл берип, дилбар қылды мәстана,
Ол шийрин сөзидур бәрҳа айтқана,
Үш йүз йыл ант қылып, берди нышана,
Бир ғумша даналық шайтанды көрдим.

Алдымда отырып ныкабын атып,
Сәниўар деп турды сийнесин ашып,
Тоты яңлы сөзден шәкерлер шашып,
Бир ҳимай бақышлық пәрийди көрдим.

Әлқысса, Сәниўар атасы ҳәм анасынан рухсат алып айтады:

— Ата, өзимде ықтияр жоқ болып тур, қайда барарымды билмеймен, ҳәр не болса Ҳақтағаланың рухсаты болар, — деп ағлап турды.

Атасы айтты:

— Улым, сабыр қылың, өз жаныңызға өзиң жапа қылма, мениң жанымды отқа жандырма, сизден айырылып көрген күним не болар, ол пәрийлердиң жайы, ели узақ болар, үш жүз жыллық жолдур, сениң өмириң оған жетпес, жолда қаларсаң, ҳеш киси сеннен маған хабар бермес, мени шерменде қылмасаң, — деп зар-зар жылады. Әмма, Сәниўар атасының нәсийҳатына қулақ коймай, өз ҳалына бул бәйитти оқыды:

— Бир нәсийҳат берсең, әдалат шаҳым,
Қайтадан шад болсын мың пара кеўлим,
Жаны-дил қуўанып, сақаўат шаҳы,
Сөзиңнен болмасын әўселе кеўлим.

Көзимнен кетпесдур ол жаҳаны дилбар,
Жанымның апаты, ғашдалық дәркар,
Кеўилим ҳәр заманда яра талпынар,
Талпынып йош урар бийшара кеўлим.

Мени мат етпеңлер енди бу йолдан,
Жүзимди қайтармаспан ол қублагәдан,
Тилермен осалны Қәдир Алладан,
Ҳәрдайым көп йүрер бу ғәрип көңлим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ярсыз зиндан болар тахты жаҳаным,
Ҳәсиретиңнен күйер бу қәсте жаным,
Әйлесе пырағым гүл йүзли ярым,
Сәниўар айтар ол, мың пара кеўлим.

Әлқысса, атасы уғлының бул сөзин еситип, бес жүз жигитти жанына қосып Зийўаршаны басшы қылып жиберди ҳәм перзентин узатып жибергеннен кейин жудашылықтан бийтақат болып улының пырағында атасы бул бәйитти оқыды:

— Бул гүлшан өмиримде гүлбар қазаным сен единң,
Дәрьяйы шекер-қантым, ылғарым сен единң,
Ақыл-ҳуўшым, рәҳәтим, перзентжаным сен единң,
Барғыл балам, бир Аллаға тапсырдым сени.

Мен нешик тақат қылай, ҳижринде жан уғыл,
Жылап қылсам минажатымды, ҳақ қылғай қабыл,
Дайым болсын илаҳым ким мәдеткарым Расул,
Барғыл жаным балам, бир Аллаға тапсырдым сени.

Сен кетерсең башың алып, әйлеп мени қыямет қарап,
Ҳәсиретинде бул йүреким, болар баўырым кәбап,
Пырақыңдан енди жылар маған жоқты машақат,
Барғыл жан балам, бир Аллаға тапсырдым сени.

Мен атаң Куршида, әжел жоқ аҳыў-апқан әйлесем,
Ҳәр заман ядыңдаман шаҳы гирибан әйлесем,
Балам деп ҳәр тәрепке зары-гирян әйлесем,
Барғыл балам, бир Аллаға тапсырдым сени.

Әлқысса, атасы бул сөзди тамам қылғаннан соң улы Сәниўар менен хошласып, жигитлерге хошамет берип сөзин тамам қылды. Әмма Сәниўар ели-журтына қарап бир бәйит оқыды:

— Мен кетермен ярым излеп,
Досларым, хош қал енди,
Бу ҳәсиретте бағрым дузлап,
Келген жанлар, хош қал енди.

Мәжилисте қолында сазы,
Лапызы бүлбил ҳаўазы,
Мәмдана атлы бәрпазы,
Нәўжуўанлар, хош қал енди.

Бизиң менен ҳәмдам болған,
Дийдарлары пирян болған,
Журтымызда бирге жүрген,
Тахты демлер, хош қал енди.
Атамыз пәләктиң шаҳы,
Беглер, ханлар, хош қал енди,
Ҳақыйқат шарабын ишкен,
Мәжилислерде дурлер шашқан,
Мағрыйпет базарына қушқан,
Яқшы дослар, хош қал енди.

Сәниўар дер, опадарым,
Еситиңлер аҳыў-зарым,
Бәрше келген яры-досым,
Меҳрибанлар, хош қал енди.

Әлқысса, Сәниўар әлўидағ қылып, жолға рәўана болды. Нешше күн жол жүрип еди, бир дәрьяға ушырады. Әмма, қараса, ол дәрьяның ушы-қыйыры ҳәм шети көринбейди. Сәниўар бес жүз жигитлери менен Аллаға тәўекел қылып кемеге минди. Кеме менен алты ай дәрьяда жүрди. Дәрьяның бир гирдабына тоқтап қалды. Сәниўар бетин ҳаўаға қаратып, дуўаға қол көтерди, зар-зар, абы-нәўбәҳәр жыласып, ҳәммелери қолларын көтерди. Ҳазара илаҳы буларға йүзленип, бир даўыл келип кемелерге урды. Кемелер суўдың ишинде пара-пара болып, бес жүз жигит дәрьяға ғарқ болды. Сәниўар менен Зийўарша бир тахтапарада қалды. Сәниўар бул дүньяның бийпаян екенлигине бул минажатты оқыды:

— Мен кимге айтайын арзы-ҳалымды,
Бүгин маған ақырзаман болып тур,
Яратқан пирим бар, есит дадымды,
Бүгин маған ақырзаман болып тур.

Жаныма қаст етмиш, дәрьяйы апат,
Буннан қутылмаққа жоқты саламат,
Бүгин маған келди уўайым-қыямат,
Бүгин маған ақырзаман болып тур.

Жағамды шах урып, жылайман пәрияд,
Жыласын, бузылсын бул шарқы намат,
Кетти нәўжуўанлар қәўмети шәмшат,
Бүгин маған ақырзаман болып тур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәниўар, ҳәмдамым қудиретли раҳман,
Мени бу ғамларда қойма сәргардан,
Әўел дем-ди аман, ақыйры ийман,
Бүгин маған ақырзаман болып тур.

Әлқысса, Сәниўар бул минажатты оқып жылағаннан соң, қудайтаала кеңшилик берди. Екеўи дәрьяның шетине шықты. Ол кеште анда қонды. Зийўаршаның аўҳаллары төмен болып, Сәниўар сорап, Зийўарша жуўап берди:

Сәниўар:
— Сүйикли ҳәмдамым, әдалат ярым,
Мени көп жылатпа, ҳалың нешикдур,
Рамақ бу нәслим, ишки мәдарым,
Мири дәдем шаның ҳалың нешикдур.

Зийўарша:
— Мениң ҳалым болды бетерден-бетер,
Әжелдиң мийнети жанымнан өтер,
Әжел бир айдарҳадур, ақыры жутар,
Ғәниймет бул дәўран екен, бил енди.

Зийўарша:
— Арзымды еситкил, әзиз шахым,
Мен сөйлейин, қулақ салып бил енди,
Бул дарға түсиппен, жокты даўасы,
Мен өлермен, сен бул жолда қал енди.

Сәниўар:
— Сәниўар дер, енди бағрым езилди,
Саған ҳақтың қысыўмети жазылды,
Сениң ушын жаным жәсет үзилди,
Юсуби кәмалым, ҳалың не болды?

Сәниўар:
— Саған пидә болсын бул шийрин жаным,
Тассадық жаныңа руўҳы-рәўаным,
Сенсең тириликте шад-шадыманым,
Меҳрибаным, бул ҳалыңа не болды?

Зийўарша:
— Зийўар айтты, жаныма от түсипти,
Келгил, көргил, кеўлимди қанға бояпты,
Жаным шығып, өлер ўақтым жетипти,
Жылап кетей, жылап, сен хош қал енди.

Әлқысса, Сәниўар Зийўарша менен бул сөзлерди еситип, зар-зар жылап, бир аҳ урып, жанын ҳаққа тәслим қылды. Сәниўар Зийўаршаның басын дизесине алып отырып, зар-зар жылап ғәрипликте бул бәйитти оқыды:

— Ғәриплер жолында ғәриплер киби,
Мениң ушын ғәрип өлген Зийўарым,
Гүлдек йүзи запырандай сарғайып,
Мениң ушын ғәрип өлген Зийўарым.

Ҳәсирет билен бул ығбалың ашылмай,
Бул дүньяның шарабынан ише алмай,
Мийнет шегип мурадына жете алмай,
Мениң ушын ғәрип өлген Зийўарым.

Шийрин сөзлер менен кеўлимди алып,
Өртенген отларға жанымды салып,
Сәниўар менен ўәделер қылып,
Мениң ушын ғәрип өлген Зийўарым.

Әлқысса, андын кейин Сәниўар Зийўардың намазын оқыды, «аҳ» деп дәпин қылды. Әмма, Сәниўар белине ғайрат кәмарыны бағлап, Кудайтаалаға тәўекел қылып, тәнҳа жолға рәўана болды. Нешше күн жол жүргеннен кейин көзине бир бағы-бостан көринди. Андақ мурғызар екен, бағы-бейишке усар, бүлбиллер, тотылар шәккар пешаплар қылып тур, мийўалары писип турған. Әмма, Сәниўар бул мурғызарды көрип, ишки муҳаббаты ғалаба қылып, өзиниң жалғызлығынан бул пәрийзатты яд қылып, бул қус ҳәм бүлбиллерге қарап шайда болып, бул бәйитти оқыды:

— Гүлистанда жүрген тоты,
Хабар бериң, ярым бар ма?
Шәмендеги бүлбил куслар,
Хабар бериң, ярым бар ма?

Ҳаслы оның пәрийзатты,
Ҳаслы жүрер Ҳуршид дады,
Кеше-күндиз менде яды,
Хабар бериң, ярым бар ма?

Сәниўар қалды ҳайранда,
Менде кеўил пәрийшанда,
Жаным бар ма бул бостанда?
Хабар бериң, ярым бар ма?

Әлқысса, Сәниўар ол кеше сонда қонды. Түн ярымында көзи уйқыға барып еди, орнынан шашырап турды. Ерсе, бағдың ортасында бир шынар көринди. Әмма, ол бағ қараңғы еди, бәлки күндизи кешке усаған еди. Бағдың ортасында бир дәрья көринди, бир ўақлары ол дәрьядан өгиз гәўҳарды тислеп алып шығып, шасыпаға қойып, өзи отламаға жүрди. Әмма, гәўҳардын жақтылығы он төрт күнлик туўған айдай бағдың иши жақты болды. Әмма, Сәниўар қорқып, шынардың үстине шығып, Кудайтааланың қудиретине тамаша қылып, гәўҳардың шадлығына бул бәйитти оқыды:

— Ғаўўасдек жанынан кешип, досларым,
Шүкир Алла, ырайлы күнге жетистим,
Сақыйдың қолынан шараплар ишип,
Қайта бастан шыққан жана жетистим.

Бир жан ушын бу жайларда сарғайып,
Мийнет шегип запырандай сарғайып,
Сурпа болдым дүри қумай ақтарып,
Шүкиралла, Бадақшанға жетистим.

Бақышлым жулдызы болып көринди,
Үмитим, тилегим енди ашылды,
Муҳаббат шарабы енди ишилди,
Ярым жүрген гүлистанға жетистим.

Сәниўар, өткерме усы дәўранды,
Қолыңнан бермегил бу гәўҳар дүньяны,
Ҳақ миясар етти бул бостанды,
Яқытлы, гәўҳарлы кәнге жетистим.

Әлқысса, Сәниўар ол дарақтың үстинде отырып, жапырақларыны үзип, усы гәўҳардың үстине таслап, жапырақ пенен гәўҳарды көмди. Бир ўақыттан кейин ол өгиз отлағанды қойып, дәрьяға түсип кетти. Сәниўар кудайтаалаға шүкирлик қылып дарақтан жерге түсип, ол гәўҳарды алып, ўақты хошлығына бул бәйитти оқыды:

— Көрдим бир өгиз, аўзында гәўҳар,
Бул мийнет менен, ағарды дәрья омман,
Отламаққа келди бул бир хайўан,
Ол қойды жер үстине бир бөлек гәўҳар.

Әлқысса, Сәниўар өз-өзине айтты: — Бул қәўетерли жай екен. Бул жерде турып болмас, ашығымды излейин, — деп, перийзатты яд қылып, жолға рәўана болып, бирнешше биябанға жетти. Қарап көрсе, бирқанша соналар ушып баратыр еди, Сәниўар соналарға жалбарынып, ашығыма сәлем дегейсең деп, соналарға қарап бул бәйитти оқыды:

— Қаратаўдан ушып өткен соналар,
Арзы-ҳалым сәўер ярға дегейсең,
Шабыстан шәҳрине барған соналар,
Сәлемимди сәўер ярға дегейсең.

Айланай ярымның қара көзинен,
Писте мурын, шийрин-шекер сөзинен,
Ҳайрандурман қарап қәдди-бойынан,
Әлбетте ярыма сәлем дегейсең.

Сәниўарман, қалдым ярдан айырылып,
Қанатларым сынды және қайырылып,
Қалып турман бул шөллерде телмирип,
Сәўер ярға барып сәлем дегейсең.

Әлқысса, Сәниўар бирнеше күн жол жүрип бир шарбаққа жетти. Қарап көрсе, барлық жери зафарандан еди. Сәниўар қыял қылды — «Ашығымды излейин» деп. Жай мәниси де екен: бул жай жадыўлардың мәканы еди. Сәниўар билмей, кудайтаалаға шүкирлик етип, қәдем урып ол бағдың ишине кирди. Ортада бир алтын тақ тур екен. Бул жайға ҳешким келген жоқ еди. Сәниўар көрип тамаша қылып жүрер еди. Сонда аспан тәрепинен бир хаўаз еситилди:

— Ҳа, адам, өзиңе хабардар бол!

Сәниўар жоқарыға қараўы менен, жадыў Сәниўарға бир уўыс топырақты басына шашты. Сәниўар кийик сүўретинде болып қалды. Әмма, Сәниўар зар-зар жылап, аллатааланың қудиретине бир бәйит оқыды:

— Қәдир Алла, сенсең мениң панайым,
Мениндей ҳешкимди ҳайран әйлеме,
Бир әсий қулыңман, көпдур гүнайым,
Рәҳим әйле, қолымды тут, гирян әйлеме.

Мен келермен бул несийбем тартып,
Айралық қанжары бағрымды жыртып,
Ҳешкимди мениндей зары-гирян етпесин,
Ғумшадай рәңкимди қазан әйлеме.

Күннен күнге ҳалым болды зияда,
Ғәрипликтен мен ҳәм болдым пияда,
Ҳешкимди мениндек қылма дүньяда,
Ярым ушын мени ҳайран әйлеме.

Мен қайда барайын енди бас алып,
Кимге дат етейин көксимди жарып,
Ҳешкимниң басына мендей күн салып,
Сәниўардың ҳалын жаман әйлеме.

Әлқысса, Сәниўар зар-зар жылап жүрип, бир бәргайы имаратқа жетип келди. Есиктен кирип қараса, тақ үстинде бир пәрий қыз отыр еди. Сәниўар ол қызды көрип бул бәйитти оқыды:

— Қамар жүзли, шекер сөзли пәрийзат,
Шаҳы гирийбаны ғәрип жерлерде,
Кийгениң қырмызы, қәўметиң шәмшат,
Ҳалы пәрийшаным ғәрип жерлерде.

Ашықлық бул дәрти жанымнан өтер,
Бул бағры гирянман ғәрип жерлерде.

Ҳешким мендек ярдан жуда болмасын,
Яр күйинде жылап ада болмасын,
Бул жерлерде мендек гәда болмасын,
Шаҳы гирийбаным ғәрип жерлерде.

Қапапәлек салды қәтерли жолға,
Мени тапсырдылар сансыз бәлеге,
Минажат әйледим қәдир кудаға,
Адасқан кәрўанман ғәрип жерлерде.

Ҳәр күним болып тур бетерден бетер,
Кеше-күндиз жылап, аўҳалым өтер,

Куршида ша уғлы, атым Сәниўар,
Бир яр ушын көп әлемдур сынақлар,
Бир жадыў қолыға түшкен бенделер,
Сарғайып қалғаным ғәрип жерлерде, —


www.ziyouz.com kutubxonasi

деп Сәниўар сол перийзаттың есигине келди. Жадыў қыздың аты Мири нәҳәнғыр еди. Сәниўар ол қыздың алдына барып, көзиниң жасын сүртип, перийзатқа қарап жылап турды. Әмма, ол қыздың иши күйип, бир уўыс топыраққа бир исмияд оқып, Сәниўардың басына шашты, дәрҳал Сәниўар ҳаслығна келди. Ол қыз сорады:

— Сен бул кәраға қай жерден келдиң? — деди.

Әмма, Сәниўар қызға басынан өткен ўақыйғаларды баян қылып еди. Мири нәҳәнғыр бу Сәниўарға ашық болып, ҳеш сабырыў-тақаты қалмады. Мири нәҳәнғыр Сәниўарды миймандарлыққа мәжилис әресте қылды. Әмма, Сәниўар қыял қылды: «Бу дәўлет, иззет ҳешкимге опа етпеди» деп, кеўлин бу қызға байламасқа нәсийҳат қылып, бу бәйитти оқыды:

— Қуўанба кеўилим, қуўанба,
Бу дүнья ҳешкимге опа етпеди,
Биреўге кийдирдиң тажы қыражы,
Биреўди ел ишинде гәда әйледиң.

Ҳәргиз қуўанба дүнья-малыға,
Ибадат етпегил маўы салыға,
Биреўди жеткерип яр осалыға,
Биреўге мың түрли жапа әйледиң.

Бу дүньяда ҳәрким менменлик етти,
Пәлектиң ақыры басыңа жетти,
Бирнешше ашықлар мурада жетти,
Бирнешшени ярдан жуда әйледиң.

Бул дүньядан өтти нешше дәўранлар,
Қазандыйн қутылмас бағы-бостанлар,
Әжелдиң әлгиден беги, султанлар,
Ақыры ҳәсирети қарап әйледи.

Ашықлар не қылсын ярсыз бул жанды,
Зиндандур көзигә тахты жаҳаны,
Сәниўардек ярның дағы ҳижридан,
Әлийдек қәўметиң дута әйледи.

Әлқысса, Сәниўар менен Мири нәҳәнғыр бирлә ўәделесип, қайтарсын таслап кетмеймен, деп Сәниўар ўәде қылды. Қыз айтты:

— Таслап кетип, ҳайран ўа сәргардан қылып, кеўлимди өзгеге йүз қылма, мени умытып қалмағыл, — деп ол қыз зар-зар жылап, жүзин, көзин Сәниўардиң аяғына сүртип, бирнешше ўәделерди айтып жылады. Әмма, Мири нәҳәнғырға тәселле бермек ушын Сәниўар бир бәйит оқыды:

— Сүмбил киби қара шашын шырмаған,
Аҳыў көзлик Шабыстаным, хош енди,
Жудалықтан баўырларын дағлаған,
Шийрин сөзлик сәўер ярым, хош енди.

Мени кетти дейип болма пәрийшан,
Көзлериңнен төкпе жасынды ҳәман,
Болсын қәсте жаным жолында қурбан,
Қамар жүзли лалазарым, хош енди.

Не себепли қара көзиң сүзилди,
Қызыл жүзиң запырандай бузылды,
Жылама дилбарым, баўырым езилди,
Хош қылықлы опадарым, хош енди.

Сәниўар дер, ўаспың опадур ярым,
Пида болсын саған руўхы-рәўаным,
Көзимниң рәўшаны, опадар ярым,
Орта бойлы сәўер ярым, хош енди.

Әлқысса, Сәниўар бул сөзлерди айтып, Мири нәҳәнғыр менен ўәделесип, жолға рәўана болды. Оннан шығып отыз сегиз күн жол жүрип, алдынан бир таў көринди. Ол таўдың үстине шығып қудайтааланың сүннетине тамаша қылып, хәр тәрепке көзин таслап қарап турып еди. Қараса, бир тәрепте гүмбез көринди. Сәниўар дәрҳал сол гүмбезге қарап жүрип кетти. Сәниўардың қыялы бул едиким, бул гүмбезге барып бир пасыл гүмбезде отырып истираҳат қылмақ болды. Барып көрселер, ол гүмбез шилтенлердиң мәнзили еди. Сәниўар жатып уйқылап қалды. Түсинде шилтенлер нәзер қылып, бир кәса мәй берди. Ол мәйди ишкеннен кейин көзине ҳәр бир нәрсе көрине баслады. Сәниўар бул мәйди ишип, мәс болып, көзи көрген әлеўметлердиң хаққына бу бәйитти оқыды:

— Арзымды еситиң, әзиз ийшанлар,
Әўел шилтенлердиң бәрини көрдим,
Қолымда пияла, жанымда тур бақып,
Анда қырық қәлендер ғаррыны көрдим.

Бир кәса мәй берип қылды мәстана,
Алыбан мәй ишип болдым дийўана,
Назара әйледим, бақтым аспана,
Жетти қат аспанның бәрини көрдим.

Олардың ишинде тола периште,
Бәнтли йүз адамлар көрдим ҳәр иште,
Түби дарақларды көрдим бейиште,
Анда бүлбиллердиң сазыны көрдим.

Расулини мен көрдим ҳүммет бағында,
Сабалар жанында кәўсар ләбинде,
Ҳәркайсы йаны кәса қолында,
Расулиниң төрт сәўер ярыны көрдим.

Төртинши аспанда Расулы Ийса,
Төртинши пәлекте мәсжийт әкси,
Бул муқамға жеткен жумла әнбия,
Жәбирәйли мәканлы ол жайды көрдим.

Бул дүньяны көрдим, жоқдур опасы,
Ғәниймет дәртимниң жоқдур даўасы,
Ҳәзирети Муўсаның қолда ҳасасы,
Минажат әйлейип жүргенин көрдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәй ишибан, жаным болды ошал күн,
Кеше-күндиз тынбай шығарды түтин,
Ибраҳим халилди күлдирмес ушын,
Нәмәрттиң жандырған нарыны көрдим.

Нәсимийдиң терисини сойдылар,
Сабан тығып дәрўазаға қойдылар,
Басын кесип көшелерге қойдылар,
Мансурдың асылған дарыны көрдим.

Сәниўар дер, тынбай пыған әйлеген,
Ҳақтааладан пана еткинди тилеген,
Ағзын ашып, дүри-сәна әйлеген,
Қуданың қулының бәрини көрдим.

Әлқысса, Сәниўар мәс еди. Енди қудаға тәўекел қылып жолға рәўана болды. Алпыс күн жол жүргеннен кейин бир бағ көринди. Ол бағдың ишине кирип гүлзарларды тамаша қылып жүрер еди. Әмма, ол бағ зәңгилердиң жайы еди. Бәнеги зәңгилер көрип Сәниўарды тутып бағлап, патшасының алдыға алып барды. Сәниўар өзин бәнтте көрип, ярының ышқы ядына түсип, бу бәйитти оқыды:

— Ышқы отыға жана-жана,
Гүл жүзим солды, нәйлейин,
Өртенип тур хижрине,
Пайманам толды, нәйлейин.

Қолымнан кетти дәрманым,
Қазан болды гүлистаным,
Жыласып ярыў-яраным,
Рәҳимлер қылды, нәйлейин.

Нелер гездим тағыў-дүзини,
Тапалмадым яр жолыны,
Бул сум пәлектиң гүлини,
Таптырмаса нәйлейин.

Өлдим жыраклық күйинде,
Келдим ғәриплик жолында,
Еки көзим яр жолында,
Телмиреп қалдым, нәйлейин.

Түсимде көрдим бир пәрий,
Мойныма салды қолларын,
Шанышты ишке қанжарын,
Ярдың осалын нәйлейин.

Сәниўар дер, бу-дур пурсат,
Билмедим кейин не пурсат,
Бизге бу жазылған қысмет,
Алладан келди, нәйлейин.

Әлқысса, бул сөзлерни айтып болғаннан кейин ол зәңгиниң қызы есиктен кирип келди. Сәниўарды көрди. Ашықлық муҳаббети қыздың сийнесине жай болды. Қыз атасына бир кисини жиберди. Айтты:

— Бул киси бүлбилдей екен, сайрайтуғын екен.

Буған бир алтын қәпес қурдырып берди. Сәниўарды қәпеске салып, мәккем бекитти. Кеше-күндиз өзи менен ҳәмра етти. Ол қыз көрсе, Сәниўарды қәпес ишинде қапа болып отырар еди. Қыз аңда:

— Бул не ҳалдур, алтыннан жасалған қапа болып отырмағыл, енди маған бир сайрап бергил, — деди. — Я мениң шәўкетиме бир бәнт айтғыл, — деди.

Сәниўар зәңгиниң қызының тәрийпин айтып, бу бәйитти оқыды:

— Тәрийпиң айтайын жумла мәстана,
Қазандай қарадур жүзлериң сениң,
Шамыў дини бирле айтай бу дәстана,
Мерездур, жарадур көзлериң сениң.

Шашың арғымақдур, қәддиң минара,
Қулақларың уқсас шақалы шынара,
Маған бағып көп сөйлеме, бийхая,
Зәҳәрден ашшыдур сөзлериң сениң.

Қәддиңе кийипсең қара липасың,
Мусырманлар ушын болдың санасы,
Қолыңды узатпа, көпдур ызасы,
Дийиўға уқсайды назларың сениң.

Сәниўарды уят өлтирди дағың,
Ажайы бадамдур бастан аяғың,
Қараңғы гөрге уқсар көрсем ағызың,
Зимистанға уқсар жазларың сениң.

Әлқысса, зәңгилер Сәниўардан бул сөзди еситип, қол-аяғыны мәккем байлап, қәпеске салып қойды. Сәниўар өзин бул ҳалда көрип, белини мәккем байлап бу бәйитти оқыды:

— Мен нәйлейин, нәзик қолым байланды,
Яр жүзини көрмес болдым, нәйлейин,
Бу зәңгилер өлтирмекке қас болды,
Яр жамалын көрмес болдым, нәйлейин.

Қапапәлек ақ уў қосты асыма,
Таўсылмас саўдалар түсти басыма,
Ҳеш рәҳим етпес қанлы яшыма,
Яр жамалын көрмес болдым, нәйлейин.

Жудалықтан мениң бағрым езилди,
Пешанама сум қысметлер жазылды,
Енди билдим, жан жәсеттен үзилди,
Яр жамалын көрмес болдым, нәйлейин.

Сәниўардың пири, я Шаҳымардан,
Зәңгилер қолында қалдым мен ҳайран,
Раҳим әйле, қолым тут, қойма сәргардан,
Яр жамалын көрмес болдым, нәйлейин.

Әлқысса, Сәниўар бул минажатты оқып жылағаннан кейин, ғайыптан бир қол пайда болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәпеси менен көтерип, бир биябанға таслады. Сәниўар қәпести жыртып, қәпестен шығып кудайтаалаға тәўекел қылып, жолға рәўана болды. Үш кеше-күндиз жол жүрип бир шеңгелликке кирди. Әмма, ол шеңгеллик жыланның мәнзил жайы екен. Бәнеги шеңгел ишинен жол жүрип баратыр еди, рудаполар келип Сәниўардиң үстине минип, басынан аяғынаша шырмалды. Зияда дәрт қылды, бәнеги шул аўҳал менен бирле барған ҳәман өзин отқа таслады. Рудаполар күйип ҳәлек болды. Сәниўардың өзи саў-саламат шығып, кудайтаалаға шүкирлигин бисяр келтирип, бу пәлекниң бу опалығына шикаятлар қылып, бу бәйитти оқыды:

— Бир бәледен қашып едим, жүз мың бәлеге ушырадым,
Ҳәр заман мың бәле бирлә жанаға ушырадым,
Қан жутып қарлуқзада, дәрди бийдаўаға ушырадым,
Қашайын, әй дослар, рудаполарға ушырадым.

Шум пәлекниң гәрдиши ҳәргиз мени ,
Қәсте кеўлимди бәлайы-ғамнан азат етпеди,
Йер түштим, ярыў-иним мени хеш шад етпеди,
Мен киби хешким сени бу тәрки нашад етпеди.

Мен ғәрип жалғызлығымда рудаполарға ушырадым,
Бу мениң ҳалымны көрсе бар ма, жаман жылар маған,
Дад етейин, бийгина ҳәм ашына жылар маған,
Аҳыў-наласыны көрип, шаҳыў, гәда жылар маған.

Рәҳим етип ҳаслымға ким берсе не жылар маған,
Бу бәлеге жетпеспеди, рудаполарға ушырадым,
Йа, Кудая, әйлегил ғамдин Сәниўарды ийба,
Хеш мусылман болмасын ғамға мениңдек муптала.
Болмасдур пана ишире гириптару бәла,
Лутпы етти, я Қызыр пайғамбар, кәрам әйлең раба,
Нәйлейин мен дослар, мен рудапоға ушырадым.

Әлқысса, Сәниўар бул сөзден кейин қолыға таяқ алып қалған жыланларды урып өлтирип ғазапланды, кейин бу бәйитти оқыды:

— Жылысагәр рудаполалар, болды ақырзаман саған,
Көп ян барса сүт әйлемес, енди ақырзаман саған,
Мойныңды кесермен бул саат, салып қыямет саған,
Пикир қылмышым не ҳәжет, енди ақырзаман саған.

Сениң башыңны кесермен, шийрин жаныңны алarман,
Тәнлериңды қылып пара, көргизермен нышан саған,
Сәниўар, дослар өлмесин, рақыплар ҳәргиз қалмасын,
Ҳақ таалаға руўзы әйлесин, жәҳаннам мәкандур саған.

Әлқысса, аннан кейин Сәниўар ол шеңгелде рудаполарды өлтирип тамам қылып, бир нешшесин дараққа асып қойды. Оннан соң пикир қылды-ки, бул жерден кетпесем болмас деп, тәўекел қылып, жолға рәўана болды. Жети күн жол жүргеннен кейин бир таў көринди. Ол таўдың үстине барса, бир ғар бар екен. Ол ғарға кирип жатты. Әмма, ҳәр күн түс мәҳәлинде суймурық ол ғардың аўзына қонып, раҳатланып кетер еди. Түс ўақты болды, суймурық келип ғардың аўзына қонды. Сәниўар арқасынан барып кустың үстине минип беккем тутты. Кус ушып ҳаўаға пәрўаз қылды. Сәниўарды аспаны-шарқыпәлекке алып кетти. Сәниўар қорқып, он жанымнан бир жаным қалмас деп, Кудайталлаға сыйынып нала қылып, бу бәйитти оқыды:

— Кудирет пенен әлемди жаратқан яббар,
Хеш бендениң бахтым жаман әйлеме,
Кудирет пенен мени қылдың пәрийшан,
Рәббим әйле, қолым тут, гирян әйлеме.

Жыламақтан көз яшларым қан болды,
Бағрым қаным суў болыбан езилди,
Яқып пайғамбар деп Юсубим қалды,
Мениндек дийдасын гирян әйлеме.

Ибраҳим халилге әйледиң китап,
«Курбан қыл улыңды» деди ол ўақып,
Исмайыл дәртинен сийнелер кәбап,
Мениңдей дийдасын гирян әйлеме.

Бул жолда өттилер Юсуби қайқан,
Зылийха ҳижринен жылады шәндан,
Әлемди жаратқан кудирети раҳман,
Мениндек ҳешкимди ҳайран әйлеме.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ләйли билән Мәжнүн ашығы жәўлан,
Бул пәний дүньядан өттилер гирян,
Ҳеш адам уғлына, қудиретли раҳман,
Сәниўар ашықдек ҳайран әйлеме.

Әлқысса, бул сөзлерди айтқаннан соң айттыким, баяғы ол қус ғарға қайта қонды. Сәниўар Суймурықтың тәниге қарап, өз ҳалына жылап, бу бәйитти оқыды:

— Тахт үстинде жатып едим бир кеше,
Түсимде бир турпа йағы таш көрдим,
Тәрийпин айтайын бирнешше онын,
Ҳусни нуры маҳытабан көринди.

Қашлары ҳимайдур, көзлери мәстан,
Көрген адам болар ҳүснине ҳайран,
Ол салды басыма таўсылмас ҳижран,
Маған бир дәўлетли султан көринди.

Пәрийдур, кийгени ийни қырмызы,
Аты Гулдур, шаҳы Пурханның қызы,
Шекерден мазалы бир айтқан сөзи,
Менға бир ғумшалық жанан көринди.

Бир әжеп көринди сүўрети дилбар,
Қолы тарқаналы, ҳүсни минәўар,
Сөйлегенде шийрин тиллери шәкар,
Шунда сәршәмелик жанан көринди.

Сәниўар дер, бу-дур аҳыў-ауҳалым,
Кеше-күндиз бу-дур пикири-қыялым,
Нәзеримнен кетпес көзлери залым,
Сондай бир пейиши дәўран көринди.

Әлқысса, Сәниўар бу аўҳаллар менен зар-зар жылады. Суймурыққа жалынып, өз аўҳалларын баян қылып бу бәйитти оқыды:

— Сулайман суймурығым нышаны қубан,
Ҳәмийше дәўлетиң бәрқарар болсын,
Саған бир нешше жыл болсын бу дәўран,
Әламда кәмалың бирубар болсын.

Мәнзилгәйиң болсын мешити Ақса,
Төртинши пәлекте Ҳәзирети Ийса,
Ашықлар сәрдары Юсуп-Зылийха,
Олар келип саған мәдеткер болсын.

Ҳәзирети Қызыр Ильяс, Ғаўыс пайғамбар,
Хызметиңде болсын олар ҳәм ша ықырар,
Әбиўбәкир, Омар, Османы, Ҳайдар,
Мәдаткарың сениң Шәрияр болсын.

Тәңиримниң ҳәбиби Ахмети, Мухтар,
Душпанларың келип саған яр болсын,
Атым Сәниўардур, мен бир пақырман,
Нешше жылдур ғам қолында әсирмен,
Басыңнан үргилай саған дермен,
Саған бул сөзлерим итибар болсын.

Әлқысса, суймурық бул сөзлерди еситкеннен кейин рейими келип:
— Ондай болса, сөзиң мақул. Сен енди шикар қылғыл. Жолда азық-аўқат керек болур, кийиклерди тулыплап сойып, суў салурмыз, бағзысына гөш салурмыз, — деди. Сәниўар: «хош болғай», деп шикар қылып, нешше кийиклерди тулыплап сойып, ыдысларға суў толтырып, аўызларына гөш салып, теңлеп бир жағына гөш, бир жағына суў қойды. Өзи ортасына минип, аллаға тәўекел қылып отырды. Ол күни пәрўаз етип жолға рәўана болды. Бирнешше отлар жанып турған таўлардан өтти. Сәниўар қыял қылды. «Суймурық ушырамаса жетиўим мәҳал екен» деди. Суймурық оңға қараса суў берип, шепке қараса гөш берер еди. Усының менен қырық күн тамам жол жүрип Шабыстан шәҳри көринди. Шәҳәрге жақын жерге апарып түсирип айтты:
— Сәниўар, маған бул шәҳәрге кирмекке жол жоқ, — деди.
Суймурық Сәниўардан руқсат алып кейнине қайтты. Енди Сәниўар жалғыз жүрип шәҳәрге кирди. Көрсе, тамамы дәўлер уйқыда екен. Дәўлердиң арасынан өтип, пәрийзаттың ордасыға кирди. Көрсе, машығы тахтың үстинде уйқылап жатыр. Ашығын көрип, жаныға ләрзе түсип, жамалыға нәзер қылып, зар-зар абы-нәўбәҳәр жылап бир бәйит оқыды:

— Мәжнүн болып гүлистанда гәшт әйлеп,
Шүкир Алла, бул саўдаға жетиппен,
Бир Ләйлиниң ҳәсиретинде қан жылап,
Ғумшалық бостанлық жайға жетиппен.

Зимистан қасында болып тур жазы,
Бәҳәрим келип тур кемиссиз жазы,
Бәршеси қойыпдур жүзин намаза,
Бир қызыллық тамашаға жетиппен.

Ақылы менен лал етип ақыр қыялы,
Шекерден шийриндур ләбиниң балы,
Бир пәрийдур ҳусни ҳүри мысалы,
Аҳыў көзлик сәўер ярға жетиппен.

Бирисидур мәлак, бири гүлистан,
Гүли жәннетдур, ҳүр ила ғулман,
Ешкилик ҳайўанлы гүлшанлы бостан,
Турпатлы әйне бу сәнаға жетиппен.

Тахт үстинде жатыпты әжайып дилбар,
Зүлпине байлаптур бийбаҳа гәўҳар,
Шаҳы Куршида уғлы, атым Сәниўар,
Бир әжайып Шабыстанға жетиппен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмма, саатыдан кейин пәрилер оянысып, ҳәзир болып, деди:
— Бүгин кимниң басына әжел жетти екен. Қылышымыз барадур, — деп ҳәзир болдылар. Сәниўар бир үйге кирип шөгип жатып қалды. Мийнетинен қутыла алмағанлығы ушын бул бәйитти оқыды:

— Ғамнан қутылмаған мийнетли басым,
Күнде жүз ҳижиранға толды, нәйлейин,
Опасы жоқ шум пәлектиң гәрдиши,
Таўсылмас саўдаға салды, нәйлейин.

Бағман болып гүллеринди термедим,
Бүлбүл болып гүл шақаға қонбадым,
Ярға жетип шекер ләбин сормадым,
Кеўлимде әрманым қалды, нәйлейин.

Яқшылық иследим жүрдим ҳәр яна,
Ҳәмме саўда ислерим болды зыяна,
Бир қыя бақышы дәрди яқана,
Ақылымны лал етип алды, нәйлейин.

Басыма ҳәр заман түсер саўдалар,
Зулпыға байлапдур бийбаҳа гәўҳар,
Көзлеримнен ағар қанлы жас дерлер,
Ғарқ әйлеп жәҳәнди алды, нәйлейин.

Сәниўар дерлер мениң атымды,
Шум пәлек бермеди кеўли шадымды,
Ҳеш аңламас кимге қылай дадымды,
Жақсы кеўлим жаман болды, нәйлейин.

Әлқысса, мәликайы Гүл перийзат оянып, бул хабарды аңлап, бир хызметкерди жиберип, жасырынып жатқан Сәниўарды алдырып келип қарап көрсе, өзиниң излеген яры турар. Гүл Сәниўардың аяғына жығылып зар-зар жылап, бул бәйитти оқыды:

— Хош келипсиз сәўер ярым,
Қутлы болсын мәкан сизге,
Түшимде көрген дилбарым,
Садаға болсын бул жан сизге.

Ҳижринде тынбай жыладым,
Кейин баўырым қанға түстим,
Жүрип нышаның изледим,
Табалмадым нышан сизге.

Тәрк әйлейин дүнья-малым,
Өпкил ләбимниң палын,
Ашқыл сийнемниң бәнтин,
Кетти әрманым мениң.

Сенсең дәртимниң дәрманы,
Бул тақ кеўлимниң әрманы,
Жолында бул шийрин жаным,
Мен әйледим қурбан сизге.

Бир кеўлим сениң дәстинде,
Болмасын рақыплар қастында,
Та өлгенше ҳәм ўаспында,
Болайын қурбаның сизге.

Әлқысса, мәлийке бул сөзлерин айтып, ордасын әресте қылдырып, бул еки дилбар бир-бирине муўасыл болды. Ҳәрким ашық жолыға бел бағласа мурадына жетер депдур. Әмма, Сәниўар мундай айшы-әширетте отырып кеўиллеринде бир күн «аҳ» тартты. Мәлийкениң кеўли бузылып, Сәниўардан сорады:
— Жаным, меннен бөтен машығың бар ма?
Сонда Сәниўар ол ҳәм жылай баслады. Әмма, Сәниўар перийзатқа кеўлин билдирмек ушын бу бәйитти оқыды:

— Нәгаҳан дедим мәсти-мәстана,
Шәшме жәдиўгерим ядыма түсти,
Ҳүсни-жамалына болып пәрўана,
Зәрепшан кеўилим ядыма түсти.

Нәгаҳан көриппен Гүлдиң қашында,
Сәрўи қыраманым көрдим шәменде,
Қол салыппан келдиң гүлдиң ишинде,
Қәдди бир кәмалың ядыма түсти.

Мен саған ашықлық лашыны урдым,
Нешше жыллар жылап ҳижринде жүрдим,
Айдай жамалыңның тәмини көрдим,
Ләблериң қаллары ядыма түсти.

Қуршида шаның улы, атым Сәниўар,
Сен яр ушын қәсте жаным муккадар,
Қәтиремнен шықпас жақсы ҳәмдамлар,
Мусаппа беглерим ядыма түсти.

Әлқысса, мәлийке бул сөзлерди аңлап, перийзаттың кеўили тасқын болып, бир-биреўине ҳәмир қылдылар. Енди Мәлийке алтыннан тахт дүзетип, бул еки дилбар тахт үстинде отырды. Мәлийке ели-журты менен хошласып, Сәниўардиң журтына кетпекши болды. Дәўлерге «тахты көтериң» деп ҳәмир қылды. Дәўлер асман барабары көтерип, шөл-саҳраға қарай рәўана болды. Жолда Мири нәҳәнғырдың жайына жетип келгенде Сәниўар Мәлийкеге келип ҳалыны айтты, ҳәм бир сөз деди:

— Нәзик дилбар, арзы ҳалым айтаман,
Шарықтың көркини жала әйледи,
Биреўге кийдирип тажы-тахтыны,
Биреўди ел ишинде гәда әйледи.

Биреўге жеткерип бу қәдди қулпет,
Биреўдиң бахтыны қара әйледи,
Иниси ерди жақсы ағадың,
Ҳәсирет билен өтти пәни дүньядан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызларын айырып мөмин анадан,
Атаны улыдан жуда әйледи,
Жайылып ҳәр заман сәмий әйледи,
Пәлек меҳри менен рахман әйледи.

Бир қысым топырақтан адам жаратты,
Жүз жигирма төрт мың пайғамбар өтти,
Расули билен Сыдық әламдын өтти,
Омардың орныға Ийша әйледи.

Биреўге иширди ләли көп шарап,
Биреўдиң бағрыны бир яныў кәбап,
Биреўдиң кеўлини әйледи сайран,
Яр ушын кеўлини қарап әйледи.

Ашық Зуҳра билен Шийрин-Фарҳад,
Бул пәний дүньядан өттилер нашад,
Пәлектиң алдында дад әйле пәрияд,
Ҳәр кимге бир түрли жапа әйледи.

Ләйли менен Мәжнүн ашығы шайда,
Булардың башыға түсти мың ғаўға,
Бул дүнья қылмады ҳешкимге опа,
Ақыры жумласын пана әйледи.

Ҳәзирети Даўыттың улы Сулайман,
Билқасның ҳижиринда жылады шәндан,
Яқып улы ушын дийдасы гирияң,
Юсупти Зылийхадан жуда әйледи.

Ҳәзирети Расулиниң улы Ибрайым,
Жамалына муш ердилер ҳәрдайым,
Әмир етти, жанын алды қудайым,
Сүйикли перзенттен жуда әйледи.

Биреўди әйледи ўасылы дәўлет,
Бирнешшеге берди дәрт ила мийнет,
Бирнешше қылыплар айшы-әширет,
Бирнешшени ярдан жуда әйледи.

Сениң ышқың менен қылды дийўана,
Ғамыңнан бас алып кеттим ҳәр яна,
Шыдамай жолында жүрдим гирьяна,
Бес жүз жигит маған ҳәмире әйледи.

Сенсең Сәниўардың опалық яры,
Пида болсын саған руўҳы рәўаным,
Муқтасер әйледим ошбу сөзлерди,
Паный дүнья кимге опа әйледи.

Әлқысса, пәрийзат Сәниўардың бу сөзини аңлап, кеўлине мақул етип қыял қылды. Бул жерде бир нәрсеси бар, деп жылап отырды. Әмма, Сәниўар перийзаттың кеўлин алып бул бәйитти оқыды:

— Қамар шекер сөзлик дилбарым,
Сенден өзге сәўер ярым жоқ мениң,
Таза гүлистанда маҳыў әнбарым,
Ҳәсиретинде ҳеш қарарым жоқ мениң.

Мениң кеўлим сени көрсе болар шад,
Жамалың ышқында болады азат,
Саған пидә болсын бу шийрин жаным,
Бир заман көрмесем жоқдур қарарым.
Мениң тажысарым, руўҳы-рәўаным,
Сеннен өзге лалазарым жоқ енди.

Сәниўардың яры, гүл жүзли дилбар,
Саған пидә болсын ҳүри пәрийлер.
Ышқында болыппан мысал қәлендер,
Сеннен өзге гүл йүзлерим жоқ мениң.

Әлқысса, Сәниўардиң бул сөзин аңлап, перийзаттың кеўли тәскин тапты. Енди Сәниўар Мири нәҳәнғырдың қылған опалығыны бир-бир баян қылды. Оннан кейин ол қызды алдырып келип, бу еки дилбар тахты үстинде отырды. Енди Сәниўар бул еки дилбардың шәни-шәўкетине бул бәйитти оқыды:

— Еки дилбар тахт үстинде отырар,
Түри оның бир дәўлетли имая,
Еки ярны бир миясар әйлейин,
Бири күндур, бири жаҳан ай киби.

Бириниң басында мурасса тажы,
Бириниң үстинде көркем қыражы,
Мен болыппан бул екиниң мүтәжи,
Асман әйлеп мени салды китаба.

Сәниўардың Гул пәрийзат яры бар,
Уқсайман бир бүлбили шайдасы бар.

Әлқысса, андын соң бу сөзлер менен жолға рәўана болды. Нешше күн жол жүрип дос-яранларының ғарқ болған дәрьясыға жетти. Ол дәрьяның алдына шатыр бәрганы тикти. Нешше күн ол жерде айшы-иширетке майыл болды. Әмма, Сәниўар қыял қылдыки. атасыға бир адам буйырды, «барып атама мениң хабарымды йеткизесең» деп жиберди. Ол киси барып атасына хабар берди.

Әлқысса, патша улының хабарын еситип, тажы-кәмарын сүйиншиге берип, қудайтаалаға шүкир сәна келтирип, зар-зар жылап, мурадына жеткенине бу бәйитти оқыды:

— Шүкирилла, хақ дәргайында мақсудым ҳасыл болды,
Бизден кеткен дәўлет қушы қайта нәзил болды,
Көтерилди ҳижирим шабы, тапылды кеўлим матлубы,
Шықты бахтымның көби, жанды бири қабыл болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ешитиңлер аҳыў-зарым, хош болыңлар досты-ярым,
Рақыпларым ҳәсирет шекип дәлил болды,
Келди бирнешше дәўлеткус қонып қәўми-қарындас,
Бүлбүл болур кеўил хошы бүгин шандан мәйил болды.

Жолында мен интизарың, ҳижиранында бул қарарым,
Куршида айтар, булдур зарым гүл жүзикли зәҳир болды.

Әлқысса, Куршида шәўки-шикары менен бес күнлик жолдан улының алдына шықты. Улы билен саў-саламатлықта көристи. Әмма, Сәниўар шәҳәрдеги яранларының, ҳәмме қарындас-туўысқанларының аманлығын сорап билди. Атасыға жолларда жапа тартқанларын айтты. Бул сөзлерди дегеннен кейин патша улына шәҳәрге тәмин берди. Әмма, Сәниўар қыжалат тартып, жүзин атасының аяғына сүртип көп жылады, айтты:

— Ата, мен шәҳәрге нешик карарман? Мениң менен шыққан яранларым бу дәрьяға ғарқ болып ҳәлек болды, — деди.

Атасы айтты:

— Көп зар қылма, кудайтаалладан сорасаң, берур, — деди.

Әлқысса, Сәниўар жүзини ҳақыйқый нидәлетке сорап минажат қылды. «Мени бенделердиң қатарында көрсең, ғарқ болған яранларымды сағыў-саламат қайтарып берсең», деп бу минажатты қылып, тамамы пайғамбарлардың атларын атап, бул ғәззелди оқыды:

— Қәдир Алла, сенсең мениң панайым,
Мүшкилим аңсат ет, қойма бу зара,
Бир әсий кулыңман, көпдур гүнайым,
Мүшкилим аңсат ет, қойма бу зара.

Бир исминиз сениң ҳәзирети Сама,
Адам жайда болды сансыз мың ўәлий,
Ибрайым, Исмайыл, Яҳия, Нәбий,
Мүшкилим аңсат ет, қойма бу зара.

Кәбаның сүтини ...,
Налышымнан титирер бу жети қат аспан.

Пайғамбар Ибрайым халил Раҳман,
Мүшкилим аңсат ет, қойма бу зара.

Әбиўбәкир, Омар әламға сәрдар,
Расули дослары Османы Ҳайдар,
Бийбипатма Ҳайдары карар,
Мүшкилим аңсат ет, қойма бу зара.

Ҳасан бирлә Ҳусан шаҳиды әлам,
Сениң дәргайыңда болды мукаррам,
Сәниўарға раҳым ет баққы кәттам,
Мүшкилим аңсан ет, қойма бу зара.

Әлқысса, Сәниўардың бул қылған минажаты кудай тааланың дәргайында қабыл болды. Ҳәзирети Қызыр алайҳиссалам дәрьяға ғарқ болған халайықларын бар дүньясы билен шығарып алдына қойды. Әмма, Сәниўар булар менен көрисип, мүбәрекбадлық қылып және қыял қылды. Зийўарша достым қайда қалды екен, деп сол пикирди ойына алып отыр еди, бир тәрептен пешин қайтарып шықып келди. Айтты:

— Ҳа, жаным, бирадарым, сен кудайтаалладан жәмийки яранларыңды тиледиң, мени не ушын яд қылмадың? — деди.

Бир-биреўлери менен көрисип, ҳәммесиниң кеўиллери көтерилди. Оннан кейин Сәниўар перийзатларын өз шәҳәрине мирәт етти. Ал, қысқасы үш жүз жыллық жолды пәрийлер қырық күнде өтип, Шын шәҳәрине киргизди. Булар ҳәммеси саў-саламат шәҳәрге кирип, ата-анасы биләң, ярыў-жоралары биләң көрисип, мүбәрекбадлық қылып, қырық күн той-тамашалар қылды. Сәниўардың оң қолыға Гүл пәрийзатты, шеп қолыға Мири нәҳәнғырды неке қыйып алды. Оннан кейин ўақтыхошлықта патша өз мурадына жетти.

Усының менен Сәниўар қыссасы тамам болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## Дәстанлардағы гейпара сөзлерге түсиниклер

### «Едиге» дәстаны

**ағыр журт** — *толы журт*
**айбалта** — *балтаның жүзи ярым ай түриндеги, еки ушы иймек, дәстеси узын бир түри (жаўынгерлик қурал)*
**аққула** — *қырманнан берилетуғын ырым*
**ақша жүзли** — *ақ жүзли*
**аламан** — *халайық*
**аланыйы отаў** — *үлкен, көрикли отаў*
**арыс** — *арбаның ат қосатуғын ағашы*
**аталық** — *ханлықтағы лаўазым ийеси*
**ат қатырыў** — *атты шаршатыў, майырыў*
**ашақ** — *алшақ, төмен*
**әшкара болыў** — *жәрия болыў*
**байбәтше** — *бай баласы*
**бәддуўа** — *қарғыс, терис дуўа*
**бәргаҳ** — *хан ордасы, сарайы*
**биймәлел** — *зәлелсиз, аўырсынбай, тартынбай*
**бууыршын ат** — *жас, күшли ат*
**гәрдиш** — *тәғдир, қысмет, пешана*
**ғайра** — *безек, нағыс*
**ғайры** — *жат, бийтаныс*
**ғаўға** — *даў, урыс-жәнжел*
**ғаўдан** — *көкшөп, майса*
**ғубба** — *гүмбез (б/ж: қустың томағасы мәнисинде)*
**ғулам** — *бала хызметкер, қул*
**дады жетпеў** — *күши жетпеў*
**дақыл етиў** — *сөз айтыў, ҳәзиллесиў*
**далбай** — *қусларды қолға үйретиў, шақырыў ушын арналған тулып*
**датқажай** — *арыз сорайтуғын жай*
**датқашы** — *арыз етиўши*
**дәндан** — *пил сүйеги*
**дәргаҳ** — *хан ордасы, сарайы*
**дийўанбеги** — *хан сарайында кеңсе жумысларын басқарыўшы*
**Едил** — *дәрьяның аты, орысша — Волга*
**Ерен** — *кәмбил пир, ғайбана қоллаўшы*
**Ерик** — *ханның қорғаны*
**Жайық** — *дәрьяның аты, орысша — Урал*
**жалаў** — *туў, байрақ*
**жандар** — *тири жан, жәниўар*
**желек** — *келиншеклер басына жамылатуғын орамал*
**Жылқышы ата** — *жылқының пири*
**заманасын қуўырыў** — *зәрресин алыў*
**заўал** — *апатшылық, қайғы*
**зәртең-зәбертең** — *жүдә тез, шаққан*
**кәдик** — *қәўип*
**кәпарат** — *гүнаны жуўыў, гүнаны жуўыў ушын берилетуғын садақа*
**кебеже** — *ағаш сандық*
**кепше** — *белдиң кишкене түри*
**көнек** — *тери ыдыс*
**күстанат** — *жаманат, күстаны*
**қалас болыў** — *қутылыў*
**қәтиржам** — *қайғысыз, тыныш*
**қыраж** — *алым, салық*
**қолүз** — *пайғазы, сыйлық*
**лаш** — *өли дене*
**лалаў** — *қыйғырысқан даўыс*
**мажазый** — *уллы дәрежели*
**маң-маң** — *талтаң*
**мәремик** — *перișте*
**мәдар** — *күш-қуўат*
**мәлле** — *сары шапан*
**мәрдикар** — *талапкер, күнликши*
**мүстажап** — *қабыл болыў деген мәниде*
**мүрипат** — *мүриўбет, ҳүрмет-иззет*
**мүритей** — *б/ж: қараўыл, сақшы*
**мысқал** — *ески аўырлық өлшем бирлиги (4,26 гр)*
**пәрең** — *европалы*
**пеш** — *үст кийимниң етеги, шалғайы*
**пинҳам** — *жасырын*
**пырақ** — *әпсанаўый ушқыр ат*
**садақ** — *сарыжай*
**саўмал** — *жаңа саўылған қымыз*
**сәрўан** — *түйекеш*
**сона** — *үйректиң қоразы*
**тәқәббил** — *уқсас, мегзес*
**тассадық** — *садақа, қуда жолына қайыр етиў*
**тәрк етиў** — *ўаз кешиў, бас тартыў, таслап кетиў*
**ўажып** — *орынланыўы мәжбүрий ўазыйпа, миннет*
**хош мулаққет** — *хош мүлайым*
**шаншыўлатыў** — *арқасында аязы болыў*
**шапқат етиў (найзаға)** — *найза ушына илдириў*
**шапшақ** — *тери ыдыс*
**шарайна** — *төрт бөлек темирди бириктирип жа-салатуғын, саўыт үстинен көкирек ҳәм желкеге тағылатуғын қорғаў масламасы*
**шаят** — *итимал, бәлким, мәгәр*
**шекиў** — *илдириў, қыстырыў*
**шәндан** — *сонша*
**шүрегөй** — *дилўар, шешен*

### «Мәспатша» дәстаны

**арбаў** — *алдастырыў*
**арбашы** — *б/ж: арбаға жегилетуғын ат*
**аспа** — *асыў, белес*
**ашамай ер** — *еки қасының усы айқастырылып исленген, ашақ ер*
**әзел** — *б/ж: тәғдир*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**әшия** — *буйым, зат*
**байқас етиў** — *байқаў*
**баўәр қылыў** — *исениў*
**бәржайлаў** — *орынлаў, питкериў*
**беглербеги** — *ханлықтағы ҳәкимшилик атақ ҳәм лаўазым; ўәлаят ҳәм үлкен қалалардың ҳәкими*
**бийдайық** — *жыртқыш қустың бир түри*
**буйым салыў** — *б/ж: сораў, жәрдем сораў*
**гүла** — *қәлендерлер кийетуғын төбеси сүйир қалпақ*
**ғайрыресим** — *өзгеше, өзге журтлы*
**ғарғалық** — *қаланың сыртқы дийўалының ең бийик үстиндеги оқжай atatуғын жер*
**ғаў** — *1. қарсылық, тосқынлық. 2. жүдә үлкен, бийик*
**дәрбәдер** — *сарсаң-сергиздан, гезенде*
**дүзеў** — *б/ж: тағыншақ*
**дүпен** — *мылтық*
**жапан** — *б/ж: далаңлық, шөлистан*
**жапсар** — *қара үйдиң оң ямаса шеп қапталы*
**жараған** — *қутырған*
**жәнде** — *дәрўиш ҳәм қәлендерлердиң жамаў-жамаў үст кийими*
**жәҳил** — *надан, ақылсыз*
**жөргек** — *нәрестени астына төсейтуғын кишкене жаялық*
**жут** — *от-жем жоқлығы себепли маллардың ашлықтан ғалаба набыт болыўы*
**зулхандер** — *б/ж: қылыш*
**иттипақ** — *б/ж: мақул, келисим*
**көнек** — *бийе саўыў ушыр арналған тери ыдыс*
**күшиген** — *жыртқыш қус*
**қақ** — *тақыр жерде жыйналған жаўын-шашын суўы*
**қаста** — *қәсте (б/ж: қапа)*
**қаўыз** — *ишине көбинесе тары кепеги салынған бесик төсеги*
**қәдди-бәст** — *қәдди-қәўмет*
**қәсем** — *ант, ўәде*
**қосақ** — *қостар, зайып, жупты*
**қурмаў** — *қоршаў*
**қусбеги** — *хан сарайында бас ўәзир яки ҳуқықы ўәзирге тең болған ири әмелдар*
**қуслаў** — *қус салыў*
**қушнаш** — *палкер, тәўип*
**қызыл** — *б/ж: алтын, тилла*
**қыстақ** — *қыстаў*
**ләбиз** — *ўәде, ықырар*
**мар** — *жылан*
**мәдде қурыў** — *базар ҳәм көше-гөйде адам топ-лап, диний мазмунда ўаз, пәнди-нәсиятлар айтыў*
**мәлимсиз** — *белгисиз, биймәлим*
**мәскан** —*мәкан*
**мәўрит** — *ўақыт, пайыт, мүддет*
**мехтер** — *хан сарайындағы жоқары лаўазымлы адам, сыртқы ислерге жуўапкер*
**мүрәжәт салыў** — *биреўге сoраныn, илтимас қылып сөз айтыў*
**мой** — *жүн*
**мустажап** — *қабыл*
**мүдәрис** — *муғаллим*
**наныў** — *инаныў*
**нан сындырысыў** — *неке тойы қәделериниң бири: қыз тәрепи саўшы жиберген тәрепке өзлериниң ыразылығын берген нен соң, усы ыразылық белгиси сыпатында нан сындырылыўы*
**нәзеркәрда** — *сыйқыршы, порхан*
**паны дүнья** — *өткинши дүнья*
**паррал** — *шоқмар*
**парталға алыў** — *жетекке, қосаққа алыў*
**паттақ қус** — *шырайлы пәрли қус*
**пилте** — *орам, келеп, жип. б/ж: жиңишке, нәзик*
**питисиў** — *келисиў*
**пушты панаҳ** — *ең исенимли қорғаўшы, қәўендер*
**пырақ** — *әпсанаўый ушар ат, тулпар*
**раўа көриў** — *мүнәсип көриў*
**рең-үрейи** — *түр-пешенасы*
**сақаллас** — *б/ж: теңлес, қурдас*
**сарпай** — *кийим менен берилген сыйлық*
**сарсық** — *б/ж: қапалық, айралық*
**сағы-саҳадат** — *саў-саламат*
**сәркарда** — *ләшкербасы*
**сүлиңгир** — *арық*
**сүрдеў** — *бағдар*
**сыбай (сыбайлас)** — *қатар, қоңсылас, иргелес*
**сыран** — *б/ж: оғыры ыссы, саратан*
**сырқыя** — *сум, жалатай*
**сияқ** — *бет-әлпет*
**тайлық** — *ат пенен тай байраққа қосылғанда тайға берилетуғын жеңиллик (киши қашықлық)*
**тақымкеш** — *б/ж: шабадноз*
**талай** — *бахыт, тәғдир*
**таўап қылыў** — *б/ж: сүйиў*
**таўдың қары** — *таў түсерлиги, жанбаўыры*
**телезиў** — *қапа болыў*
**тилла жам** — *шарап ишиўге арналған алтын кесе*
**түлек** — *б/ж: ҳайўан*
**бир түмен** — *он мың*
**түнек түсли** — *қара түсли, қабағы қатыўлы*
**улапа** — *қәде, сыйлық, үлес*
**найза уңғысы** — *найзаның ушының сап орнатылған тесиги*
**уша** — *мүше (мойынның арқа тәрепи)*
**үлек** — *бир өркешли еркек түйе*
**хақандоз** — *гүрекше (совок)*
**ҳалқа** — *б/ж: қур, жыйын*
**ҳийлепаз** — *ҳийлекер*
**шал шекпен** — *жүннен тоқылған қалың кийим*
**шатыў** — *байлаў*
**шәдде** — *тепки, соққы*
**шәпәәт етиў** — *жәрдемлесиў, қоллап-қуўатлаў*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**шәўкер (ат)** — *ала-ала, қара меңлери бар жылқы*
**шейин** — *дейин*
**шер-татаў** — *муң-қайғы*
**шоқлық** — *жылқы жалының ыйығы менен тутасқан жери*
**шубҳалы ас** — *б/ж: ҳарам, мийнетсиз ас*
**шуўал** — *қап*

### «Ғәрип ашық» дәстаны

**аб** — *суў (б/ж: көз жасы)*
**ағуў** — *уў, зәҳәр*
**алийҳиммет** — *сақаўатлы, ҳеш кимнен жәрдемин аямайтуғын*
**аҳуў** — *кийик*
**ашупта** — *сүйип қалған, шайда, ашық*
**әбришим** — *жипек*
**әбрүў** — *қас (әбрүўси кәман)*
**әзмайыш** — *сынаў, билиў мақсетиндеги ҳәрекет*
**әндәлиб** — *бүлбил*
**әпған** — *дад-пәряд, зар*
**диләпкар** — *ғам шегип кеўли бузылған, қайғылы, муңлы*
**әрз** — *жер шары*
**әрмәни** — *армянин*
**әрре (арра)** — *жарғы, пышқы*
**әҳди мәжазый** — *жалған, қыялый ўәде*
**баққал** — *азық-аўқат, майда буйымлар сатыўшы*
**баҳаққы** — *қуда ҳаққы*
**бәднам** — *жаман ис пенен ат шығарған, жаман-атлы болған*
**бәззаз** — *гезлеме сатыўшы*
**бәшәр** — *инсан, адам, адамзат*
**бийдад** — *қәҳәр, ғәзеп*
**бийсар болыў** — *тынышсызланыў, бийтақат болыў*
**бийшумар** — *есап-сансыз, жүдә көп*
**бойлә** — *булай, бундай, бүйтип*
**гәнж** — *ғәзийне, байлық*
**гәрд** — *шаң-тозаң, кир*
**гәшт етиў** — *сейил етиў*
**ғамгүзар** — *мийирбан, ғамхор*
**ғамзе (ғамза)** — *жилўа, наз*
**ғәзебнақ** — *ғәзепли, қәҳәрли*
**ғубар** — *шаң-тозаң, кир*
**ғул** — *айыпкердиң мойнына, аяқларына кийгизиле-туғын жазалаў әсбабы, кисен*
**ғышт** — *гербиш*
**дағы-пуркат** — *ҳәсиретли айралық*
**дақыл болыў** — *келиў, таяр болыў*
**дамад** — *күйеў*
**дәм (дем)** — *ўақыт, дәўир*
**дәстар** — *сәлле*
**дәстгир** — *мәдеткер, жәрдемши*
**дәҳән (даҳан)** — *аўыз*
**дем урыў** — *айтыў, сөйлеў*
**дилтәң** — *қапа, бийтақат, муңлы*
**дута** — *ийилген, бүгилген, бүкшейген*
**жа болыў** — *беккем орналасыў, жайласыў*
**жәннети ризўан** — *сегиз бейиштиң бири, ыразылық ҳәм қуўаныш жәннети*
**жәрен (жейран)** — *кийик*
**Жиржийс** — *еврей пайғамбарларының бириниң аты (Святой Георгий)*
**жунун** — *жиллидей, ақылдан азғандай*
**журъәт етиў** — *қорқпастан, сескенбестен ҳәрекет етиў*
**жүзгир** — *қағаз салып қоятуғын ыдыс*
**Забур** — *Алла тәрепинен Даўыт пайғамбарға жиберилген муқәддес китап*
**зәбун** — *ҳәлсиз, күшсиз*
**зәбуний (зәбун)** — *аўыр, мүшкил*
**зәнәхдан** — *алма жүзли*
**зәрд** — *сары*
**зәхбар** — *шынжыр, қулп*
**ижазат** — *рухсат*
**истығпар** — *Алладан гүнаны кешириўди сораў, тәўбе етиў*
**илә** — *менен*
**инжә** — *нәзик, б/ж: жуқа, жипек*
**истиқамәт қылыў** — *жасаў*
**ишғал** — *бәнт етиў, ийелеў*
**йақасын чак етиў** — *жағасын жыртыў*
**йас** — *матам, қайғы*
**кәж** — *қыйсық, терис, надурыс, шеп*
**кәўкәб** — *жулдыз*
**кетен** — *жуқа гезлемеден тигилген көйлек*
**қабахәт** — *бийәдеплик, жарамас ис-ҳәрекет*
**қаҳыш** — *дәрт, тәшўиш*
**қәдди-рәптар** — *қәдди-қәўмет*
**қәлемдан** — *қәлем салып қоятуғын ыдыс*
**қәўли** — *лебиз, ўәде*
**қәҳрәба** — *сары реңли тас (запыран реңли)*
**қушайыш** — *қыйын исти жеңил питкериў*
**ләтапат** — *гөззаллық, нәзиклик, сулыўлық*
**ләҳзе** — *көз ашып-жумғанша, тезде*
**маҳы-сал** — *ай-жыл*
**мәлаҳәт** — *гөззаллық*
**мәҳўеш** — *ай жүзли, гөззал*
**муаллақ** — *аспанда ҳеш нәрсеге асылмай, тиймей турып қалған*
**мужган** — *кирпик*
**мунис** — *үлпет, ҳәмдам, дос*
**мунтәзир** — *интизар*
**мурассағ** — *қымбатбаҳа таслар менен безелген*
**мусәлләм** — *тән алынған, мақулланған*
**мухтәбәр** — *итибар, дыққат*
**мүрчәмийан** — *қумырысқа бел, қыпша бел*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**муршид** — *пир, шейх, устаз*
**муўзайы** — *безелген, зийнетленген*
**налан** — *ғам, дәрт шегиўши*
**наныў-немек** — *ас-дуз, дуз-дәмек, аўқат*
**нар** — *1. от, жалын; 2. анар (ағашы, мийўеси)*
**наўҳа** — *дад-пәряд*
**не кәрәсиз?** — *не исиң бар?*
**нечун** — *не ушын, не себептен*
**ниҳан** — *жасырын, қупыя*
**нуш әйлеў** — *ишиў, қаныў*
**одаға** — *сәрдар, баслық*
**олсын** — *болсын*
**ошбу** — *сол, сондай*
**пәйўәсте** — *тутасқан, бириккен, б/ж: ашық, кеўил берген*
**пәйғам (пәйям)** — *тапсырма, хабар*
**пәйкан** — *үшкир оқ*
**пәрраш** — *сипсекеш*
**пәрш қылыў** — *төсеў*
**пештаб болыў** — *асығыў*
**пириб әйлеў** — *алдаў, ҳийле қылыў*
**пырқат** — *ҳәсирет, қайғы*
**раўақ әйлеў** — *көкирегине аяқ қойыў*
**рахна** — *тесик*
**раҳ** — *жол*
**рәпиқ** — *жолдас, шерик, дос*
**рәҳнәмуний (рәҳнәма)** — *жол баслаўшы, басшы*
**руйисияҳ** — *жүзи қара (жаман нийетли адам)*
**рухсар** — *бет-әлпет, жүз*
**саққа** — *суў тасыўшы*
**сарғарыў** — *сарғайыў*
**саўсан** — *гүл түри*
**сәба** — *таң самалы*
**сәбзә** — *жасыл майса шөп*
**сәд** — *сан: жүз*
**сәма (само)** — *аспан, космос*
**сәр** — *бас, гелле*
**сәрәпраз** — *қандай да бир мәртебеге көтерилген, иззетке сазаўар болған, шадлы, кеўилли*
**сәргәрдан** — *сергиздан, дийўана*
**сәрнигун** — *аўдарылған, аяғы аспанда болған*
**сәррап** — *пул алмастырыўшы (валютчик)*
**сериў(сермек)** — *жайыў*
**сиймин** — *гүмис киби, гүмистей*
**симаб** — *сынап*
**субҳи-сәба** — *таң сәҳәр, ерте таң*
**субҳи-шам** — *ертели-кеш*
**сүдиреў** — *сүйреў*
**сүмбил** — *гүл түри*
**суҳәк** — *сүйек*
**таассиф** — *пушайман*
**тағайюр** — *өзгериў, басқа түске ениў*
**тағна** — *өсек*
**тажы-сәр** — *бастағы таж*
**тақыйд қылыў** — *тастыйықлаў*
**тәкәллум** — *сәўбет, сөйлеў*
**тәр** — *таза*
**тәрәҳҳум етиў** — *рейим етиў, мәрҳамат етиў*
**тәшне болыў** — *шөллеў*
**тегрә-даш** — *әтирап, дөгерек*
**тийўә** — *түйе*
**тужжар** — *саўдагер*
**түрпе (турфа)** — *әжайып, гөззал*
**умара** — *ҳәмелдар*
**ун (үн)** — *даўыс, сес*
**үзүр** — *кеширим*
**хаб** — *уйқы*
**хакипай** — *аяқ астындағы топырақ, б/ж: басқан излер*
**хар** — *ешек*
**хар-хәс** — *ҳәр түрли патаслық, шөп-шар*
**хатм** — *жетик билиў, ийелеў*
**хеш-әқрабалар** — *туўған-туўысқанлар, дослар*
**хийлә** — *көп, узақ*
**хийре (хира)** — *қараңғы, гүңгирт*
**хунаба** — *қанлы көз жасы*
**хун наҳақ** — *гүнасыз төгилген қан*
**хунхор** — *қанхор, залым, б/ж: қайғы-муң*
**хыжыл** — *ар-намыс, уят*
**ҳәмсая** — *қоңсы (б/ж: қостар, зайыпа)*
**ҳәмхана** — *ғам-қайғыға, азапқа дуўшар болған*
**ҳәрчанд** — *қанша, қаншелли*
**ҳәўизи Кәўсер** — *жәннет ҳәўизи*
**ҳижаб** — *нықап, перде*
**чархы кәж** — *әдалатсыз дүнья*
**чашгәҳ** — *сәске*
**чаҳ** — *қудық (б/ж: зиндан)*
**чәң** — *музыка әсбабы*
**чәшми-бәст** — *қәдди-бой*
**чикара** — *не дәркар? жол болсын?*
**чусти-чак** — *урман-пурман, тезлик пенен*
**шанә** — *тарақ*
**шатыр** — *патша, ханның атын жетелеп услап жүриўши нөкер, жылаўдар*
**шәб** — *түн, б/ж: қараңғылық*
**шәҳд** — *мум аралас пал*
**шевә қылыў** — *жилўа, наз қылыў*
**шерши** — *дәри-дәрмақ сатыўшы*
**элтиў** — *апарыў*
**эмди** — *енди*
**эркән** — *екен*
**эрди** — *еди*
**эрсе** — *болса*
**эҳтибар** — *ҳүрмет-иззет, абырой*
**эхтимад йетиў** — *ўәдесинде турыў*
**эҳтимад (эътимод)** — *көзде тутылған, күтилген үмит, исеним*

www.ziyouz.com kutubxonasi

### «Өтеш батыр» дәстаны

**азар** — *биреўге берилген физикалық яки руўхый азап, жәбир*
**ақ пушта етик** — *өкшеси бийик ақ етик*
**әдеп** — *алдын, бурын*
**әжиклеп сораў** — *пухталап, бирме-бир сораў*
**әнжем (әнжам)** — *керекли нәрсе, буйым*
**байлы** — *байлаўлы*
**белли** — *белгили*
**бир күй** — *б/ж: уқсас*
**болдамлығы** — *бойы, сын-сымбаты*
**бүрилис** — *мүйеш*
**гәлмегел** — *ғалмағал*
**гүзек** — *гүз*
**гүлли** — *ҳәмме, барлық, пүткил*
**гүңгире** — *гүмбезсымақ тирепберди*
**ғәремет** — *жала, дөҳмет*
**далғаў (алғаў-далғаў)** — *тарқап, түтелип кетиў, былғасық*
**дасқа** — *дәске, үй-рузгершилик буйымлары*
**дөник шапан** — *жылтырақ гезлемеден тигилген шапан*
**дуўлыға** — *әскерий бас кийим*
**енеге** — *туўғызыўшы ҳаял*
**жамбасын қайтарыў** — *гүрес тәсилин қайтарыў*
**жанбазлық** — *мәртлик, пидәкерлик*
**жаныклы** — *бийзар болған, безген*
**жәдигерлик** — *естелик*
**жеркиў** — *бақырыў*
**жүк түсиў** — *дизерлеў, ийилиў, жүгиниў*
**зерен** — *үлкен ағаш табақ*
**зыңбақ (зыңыў)** — *ылақтырыў, зыңғытыў*
**кәм** — *кем, кемис*
**кән** — *көп, мол*
**көмеш** — *б/ж: шығыр дегершигиниң ортасы*
**қайнақай** — *ҳәр қалай*
**қайтарман болыў** — *қайтпақшы болыў*
**қақыра** — *қамыстан салынған жай*
**қулақшын** — *малақай*
**мажара** — *мәселе, машқала*
**маслық** — *шығыр дегершигиниң жоқарғы тәрепи*
**мәнзере** — *көринис, пейзаж*
**мәскап** — *суў салатуғын тери ыдыс*
**мурға** — *б/ж: тилек, нийет*
**оқта-шоқ** — *топа-торыстан, күтилмегенде*
**пәзенде** — *аспаз*
**пеше** — *жәрдемши*
**пут** — *пуд*
**самсам** — *ақылсыз, ладан*
**сарбаз** — *нөкер, әскер*
**сеңсең** — *қой терисинен ислеңген тон*
**серели** — *айырықша, анағурлым, әдеўир (узынлық өлшеми)*
**сөздиң тынғысы** — *сөз арасындағы иркилис*
**суўкәди** — *суўқабақ*
**сырғыя** — *гезенде, дийўана*
**сыртмақ** — *гүўенленген жип, асаў атларды услай-туғын жипли маслама*
**тар ағаш** — *кийим илдиргиш*
**теңемик** — *тетелес, теңлес*
**тий** — *асты*
**тоғанақ** — *гүрес тәсили*
**топлам** — *б/ж: аўыл-аймақ*
**туйыў** — *түсиниў*
**уллы палўан** — *б/ж: бас палўан*
**ҳайнаҳай** — *дәл ўақтында*
**ҳақта** — *б/ж: ҳаққында*
**шар түсиў** — *теңбе-тең болыў (гүресте)*
**шөгир** — *арба сайманларының тутасқан жери*

### «Маликаи-Зухра» дәстаны

**адаўат** — *душпанлық*
**афтаб** — *қуяш*
**ахды никаҳ** — *некелеў*
**Әбулқасым Қурайший** — *Муҳаммед әлейҳи-с-салам*
**әкабир** — *жасы үлкенлер, сарай әмелдарлары*
**әнал-ҳақ** — *Мен ҳақпан деген мәнисте. Бул жерде белгили тасаўўуф ўәкили Мансур Халлажға ишара бар*
**«әҳада-самада, ҳәййу-қайййума, әй қәдир Зул-жалал, әй Кәриййми ла йазал»** — *Аллатааланың сыпатлары*
**әҳли ҳөнерлер** — *өнер ийелери, өнерментлер*
**әшки гүлгүн** — *қанлы көз жаслар*
**бад** — *самал*
**бақа** — *мәңгилик*
**балиға** — *ержеткен, кәмалға келген қыз*
**бәше** — *бала*
**бөйлә** — *бундай*
**данайы зыллы ҳал** — *ҳәмме нәрсени билиўши (Алланың сыпатларынан)*
**дәрманда** — *жәрдемсиз қалыў*
**Зул-жалал** — *уллылық ийеси (Алланың сыпатларынан)*
**Зун-нурайны** — *еки нур ийеси (Осман халийфаның сыпаты)*
**жәмиъу-л-қуран** — *қуран сүўрелерин жыйнаўшы (Осман халийфаның сыпаты)*
**жарый болған** - *кирген, енген*
**жәзийрә** — *атаў, шөлистан*
**илми қал** — *сыртқы заҳирий илимлер, яғный фиқҳ, ақийде ҳ.т.б.*
**илми ҳал** — *ишки батиный илим яғный тасаўўуф илими*
**итмам** — *тамам*
**«йа ҳу йа ман ҳу ла илаҳа иллаҳу»** — *Алланы*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*еслеп зикр қылатуғын текстлер*
**Йусуфи Кәнъан** — *Кәнъанлы Йусуф пайғамбар*
**ками дил** — *жүрек тилеги*
**кәмилә** — *толық*
**кәрам** — *сақыйлық, қолы ашықлық*
**қазыйул-ҳажат** — *ҳәжетлерди орынлаўшы (Аллатааланың сыпаты)*
**қәләмру** — *қол астындағы жерлер*
**қамар** — *ай аты*
**Кәўсар сақыйлары** — *сөзбе-сөз: Кәўсар булағының суўын қуйып бериўшилер*
**ләъли жаўаҳыр** — *қымбат баҳалы таслар*
**мананд** — *уқсас*
**мастура** — *намәҳрамға өзин көрсетпейтуғын, пәк*
**мәлик** — *патша*
**меъмар** — *архитектор*
**мунаўўар** — *жақтылы*
**мурғызар** — *қуслар сайрап турған бағ*
**мүҳәндис** — *инженер*
**мүшәддид** — *күшейиў, артыў*
**нар** — *әнар*
**нуры субҳан** — *Аллатааланың нуры*
**рифъат** — *жоқары*
**русийа** — *қара жүзли*
**саҳиб күлаҳ** — *күлаҳ ийеси (күлаҳ — суфийлардың бас кийими. Бул жерде тасаўўуф ўәкиллери нәзерде тутылмақта)*
**сәршәк** — *тамшы, көз жасы*
**сипареш** — *тапсырма*
**Субҳан** — *Аллатааланың атларының бири*
**табиъ** — *бағыныўшы, қол астында*
**табыл** — *дабыл*
**тарса** — *басқа диндеги адам*
**тәйаммум** — *суў жоқ жерде топырақ пенен пәклениў*
**тәўфийқ** — *бул жерде: «туўры жол көрсетип табысқа ерисиў» мәнисинде*
**ўәҳидул-қаҳҳар** — *Алланың сыпатларынан*
**фатиҳа** — *пәтия*
**фәний** — *өткинши*
**ҳазық** — *дана, данышпан*
**ҳак** — *топырақ*
**халқ әйлеген** — *жаратқан*
**хатмы қуръан** — *қуранды бастан ақырына оқып шығыў*
**ҳаййу-қаййум** — *бәрқулла тири ҳәм бар болыўшы (Алланың сыпатларынан)*
**ҳүўри ғылман** — *бейиште жасаўшы жас жигит-қызлар*
**шаргез** — *төрт гез*
**шафаат** — *қоллаў, тәрепин алыў*
**шәфий** — *қоллаўшы, тәрепин алыўшы*
**шилтен** — *қырық ўәлий, пир*

## **«Қарабек»** дәстаны

**геже** — *кишкене асық*
**геўсандық** — *үлкен сандық*
**жизия** — *жер салығы, жан салығы*
**жупты** — *қостар, ерли-зайып*
**жығын** — *б/ж: ләшкер*
**қолгүрмек** — *ойын түри*
*омпа* — *асықтың аша жағы төмен қарап тик түсиўи*
**сақа** — *үлкен асық*
**таў қарны** — *үңгир, жыра*

## «Бекимбет бақының баязы»

**ағытыў** — *б/ж: шашыў, жумсаў*
**ажал** — *әжел*
*баўлық* — *орылған ғәлле, пишен ҳәм т.б. байлаў ушын өсимлик пақалынан есип таярланған нәрсе*
**бәнагаҳ** — *бирден, тосаттан*
**ныш** — *өткир нәрсениң ушы*
**бөрик** — *ийленген териден тигилген бас кийим*
**бурыў-шалыс** — *қәте-қыйсық, шәлкем-шалыс*
**гөмбе** — *көмик, көмбе*
**гүпи** — *қалың пахта салып сырылған үст кийим*
**даңғыр** — *дүңгир (ыдыс)*
**дәпин қылыў** — *жерлеў*
**ерек** — *жырақ, аўлақ, бөлек*
**жағалы ел** — *сыбайлас қоныс басқан ел-елат*
**жалаңқая** — *суғанақ, жалатай, симсик*
**жеги** — *кеселлик аты (гангрена), б/ж: аўырманлық, қайғы*
**кәми** — *дийди, қәлегени*
**қажыў** — *қартайыў, болдырыў*
**қаразбан** — *қараз айдаўшы, дигирманшы*
**қурбы** — *яр-дос, жора-жолдас*
**мәйит** — *өли дене, лаш*
**мураз** — *мийрас*
**озан-сақы** — *жыршы-жыраў*
**өңшең** — *ылғый, гилең*
**салым** — *көкпар байрағы*
**серик** — *шерик*
**сырғаўыл** — *узын сырық*
**талай қар басқан** — *көпти көрген, көп жасаған*
**таяў** — *қайықты жылыстырыў қуралы, сырық*
**тет (тете)** — *кишкене, кейинги*
**тумақ** — *малақай, қулақшын*
**шабар** — *б/ж: шабарман, хабаршы*
**шылым (бир шылым ун)** — *салым*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## «Гүл — Сәниўар» дәстаны

**абы-нәўбәҳәр** — *бәҳәр басындағы сел яңлы*
**арғымақ** — *б/ж: арқан (арғымша)*
**асы** — *ўәсий (ўасы)*
**аҳыў-апқан** — *аҳ шегиў*
**әлеўмет** — *көпшилик (әлеўмент)*
**әме/әмме** — *бирақ, лекин*
**әмет** — *әўмет*
**әнбия** — *кәраматлы инсанлар*
**әсир** — *бенде, қул*
**бақышлы** — *буйрықлы (тәғдири бир болыў, буйы-рылған) яр*
**бәнеги** — *жаңағы*
**бирле** — *бирге*
**бир пәсил** — *б/ж: бирдем, биртыма*
**гүлшадлық** — *гүлбайрам, гүл сейили киби*
**ғар** — *үңгир, жар*
**ғаўўас** — *суўға сүңгиўши (водолаз)*
**дайым** — *ҳәмийше, ҳәрдайым*
**датшы** — *арызгөй, даўагер*
**дәде** — *әке*
**дийўа** — *дуўа*
**дут** — *тут (тут ағашы)*
**дута** — *ийилген, бүгилген, бүкшейген*
**дүри-сәна әйлеў** — *қудайдың атына айтылған мақтаў сөзлер*
**жадыў** — *сыйқыршы, жәдигөй*
**жәзийра** — *жазықлық, кең дала*
**жудашылық** — *айралық*
**жумла** — *бәрше*
**жуўан** — *бул жерде: ҳаял-қыз*
**зафаран** — *сары рең*
**зәрепшан** — *зернышан, зер-нурлы, алтын яңлы*
**зәңги** — *қара тәнли (негр)*
**зулпы** — *б/ж: тулымшақ, зүлпи*
**зумрат** — *ҳасыл тас: зумрет (изумруд)*
**исмияд** — *дуўа*
**истираҳат қылмақ** — *дем алыў*
**кәнан** — *данышпан, кең ойлы (кенен)*
**кәримлик** — *келбетли, саўлатлы*
**кәсип** — *талап*
**қәпес** — *тор, абақ*
**қәтире** — *сана, ес*
*қутлы-гәўҳарлық — б/ж: ҳасылзада, текли*
**ләпес** — *б/ж: лапыз, сес*
**мағрыйпет** — *суўпылық жолы: ағартыўшылық*
**маҳал** — *екиталай (әмримәҳәл)*
**мәй** — *шарап*
**мәлийке** — *патша қызы, патшазада*
**муккадар** — *бағынышлы, садаға*
**муңдар** — *муңлы*
**мурақ** — *ҳасылзадалар бас кийими (ақ-жасыл түс аралас қалпақ)*
**мурғызар** — *б/ж: аң-қуслар бағы*
**мүтәжа** — *мүтәж, зәрүр*
**нар** — *б/ж: дозақ оты*
**наят** — *инаят*
**Нәсимий** — *халық шайыры*
**нышаны қубан** — *қупнышанлы, нышандар*
**ошал** — *сол*
**пәри** — *пери*
**пәризат** — *пери қызы (перийзат)*
**рәңк** — *реңк, түр-түс*
**рудапо (рўдапо)** — *ишек сыяқлы аяқлары бар маќлуқ, сегизаяқ*
**сама** — *көк, аспан (галактика)*
**сәршәмен** — *шәмензар*
**сона** — *үйректиң қоразы*
**тақты-демлер** — *ҳәмдем күнлер*
**тәлим** — *б/ж: ақыл-кеңес*
**тәрки нашад** — *қапалықтан қутқарыў*
**үргилиў** — *айланыў (еркелетиў мәнисинде)*
**ҳалақ** — *набыт*
**ҳәзир** — *таяр*
**ҳәман** — *ҳәмийше*
**ҳәмме** — *б/ж: көпшилик, масса*
**ҳәси** — *ҳәсий (ҳасы), ҳәсилик етиўши*
**Шабыстан** — *географиялық атама*
**шад-шадыман** — *б/ж: қуўаныш, сүйиниш*
**шақыс** — *шахс*
**шашыраў** — *б/ж: тез қыймылдаў*
**шәкер** — *шекер*
**шәмси-қамар** — *қуяш, ай*
**шән-шәўкет** — *сән-салтанат, даңқ*
**шәңгел** — *шеңгелзар*
**шәр** — *шәҳәр*
**шиддет** — *күш-ғайрат*
**шүкир-сана** — *шүкирлик*
**яр күйинде** — *яр дәртинде*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

*Көп томлық*

57-66-томлар

*Нөкис «Илим» 2013*

Редактор *А. Альниязов*
Художник *Б.Айтмуратов*
Тех.редактор *В. Султангулова*
Компьютер дизайны *Б. Исмаилов*

Баспахана лицензиясы: AI №137,27.04.2009.Басыўға 10.02.2013-ж.рухсат етилди.
Қағаз форматы 60x84$^1/_8$.Tayms гарнитурасы.Офсет усылында басылды.
Шәртли б.т.49,29.Есап б.т.53,5. Жәми 2000 нусқа.Буйыртпа № 2797.

«Илим» баспасы.Нөкис қаласы,Бердақ гүзары,41-үй.Шәртнама 8/24.

**«Sharq» баспа-полиграфия акционерлик компаниясының баспаханасында басылды. 100000. Ташкент қаласы, Буюк Туран көшеси, 41-үй. 2013**

www.ziyouz.com kutubxonasi